Alkitab
Bahasa Sunda

Perjanjian Lama
(Kejadian s.d. Ayub)

Kejadian

1 [1] Nalika Allah nyiptakeun jagat raya,
[2] harita bumi teh teu puguh wangunna,
kaayaanana kacida matak geueumanana.
Sagara motah ngaliputan satangkaraking
jagat. Alam poek ngajumbleng. Pangawasa
Allah murba saluhureun sagara.
[3] Lajeng Allah ngandika, "Sing caang," bray
bae caang.
[4] Seug ku Allah ditilik sarta kamanah. Eta
caang ku Mantenna dipisahkeun tina poek.
[5] Caang dingaranan "Beurang", ari poek
dingaranan "Peuting". Peuting geus kaganti
ku isuk: Poe nu kahiji.
[6] (1:6-7) Allah ngandika, "Sing aya
kelewung, geusan misahkeun cai sina jadi
dua tempat." Seug bae jadi. Allah geus
ngadamel kelewung, anu misahkeun cai di
sahandapeunana ti cai nu aya di saluhureun
kelewung tea.
[7] (1:6)
[8] Eta kelewung ku Mantenna dingaranan
"Langit". Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu
kadua.
[9] Allah ngandika, "Cai nu aya di sahandapeun
langit sing ngumpul jadi satempat, sangkan
tembong taneuh." Seug bae jadi.

10 Taneuh tea ku Mantenna dingaranan
"Darat", ari pakumpulan cai dingaranan
"Laut". Seug ku Allah ditilik sarta kamanah.
11 Allah ngandika, "Di darat sing aya
rupa-rupa tatangkalan, boh nu ngabijilkeun
sisikian, boh nu baruahan." Seug bae jadi.
12 Di darat jadi aya rupa-rupa tutuwuhan,
boh bangsa sisikian boh nu baruahan, seug
ku Allah ditilik sarta kamanah.
13 Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu
katilu.
14 Allah ngandika, "Di langit sing aya sumber
caang, geusan misahkeun beurang jeung
peuting, jeung geusan nangtukeun mangsa,
poe, taun jeung hari raya kaagamaan.
15 Eta sumber-sumber caang sina raang di
langit, sangkan nyaangan ka bumi." Seug bae
jadi.
16 Allah geus ngadamel dua rupa sumber
caang anu galede, nya eta: Panonpoe, keur
nyaangan ti beurang, jeung bulan, keur
nyaangan ti peuting. Jaba ti eta dipidamel
oge bentang-bentang.
17 Kabeh ku Mantenna dipernahkeun di
langit, sina nyaangan bumi,
18 ngarajaan beurang, ngaratuan peuting,
sarta misahkeun caang tina poek. Seug ku
Allah ditilik sarta kamanah.
19 Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu
kaopat.

20 Allah ngandika, "Di cai sing pinuh ku rupa-
rupa sasatoan nu harirup, ari awang-awang
sing pinuh ku rupa-rupa manuk."
21 Allah ngadamel mahluk-mahluk laut
anu galede katut sagala rupa sasatoan anu
harirup di laut, kitu deui sagala rupa bangsa
manuk. Seug ku Allah ditilik sarta kamanah.
22 Ti dinya ku Mantenna diberkahan kabeh,
nu harirup di laut ditimbalan sing nepi ka
minuhan laut, manuk-manuk ditimbalan sing
ngarekahan baranahan.
23 Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu
kalima.
24 Allah ngandika, "Di darat sing aya
rupa-rupa sasatoan, sato piaraan, sato
leuweung, nu galede, nu laleutik." Seug bae
jadi.
25 Sanggeus dipidamel, ku Allah ditilik sarta
kamanah.
26 Allah ngandika, "Ayeuna Urang nyieun
manusa, masing nyeples sarimbag jeung
Urang. Urang sina murba ka bangsa lauk, ka
bangsa manuk jeung ka bangsa sasatoan,
boh sato piaraanana, boh sato leuweungna,
nu galede, nu laleutik."
27 Lajeng Allah ngadamel bangsa manusa
nyeples Mantenna. Ngadamelna lalaki jeung
awewe.
28 Geus kitu diberkahan, timbalana-Na,
"Masing loba anak, turunan maraneh sing
nepi ka minuhan ieu bumi sarta murba ka

eta. Maneh ku Kami dikawasakeun murba ka
bangsa lauk, ka bangsa manuk, kitu deui ka
bangsa sasatoan leuweung.
29 Maneh ku Kami geus disadiaan sagala
rupa sisikian jeung bubuahan keur dahareun.
30 Ari bangsa sasatoan jeung bangsa manuk
ku Kami dibere jujukutan jeung dangdaunan
keur hakaneunana." Nya kitu kajadianana.
31 Sakur anu geus dipidamel-Na tea kabeh
ku Allah ditilik sarta pohara kamanah-Na.
Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu kagenep.
2 1 Ku kituna jagat raya jadi lengkep
sampurna.
2 Dina poe nu katujuh, Allah liren tina sagala
padamelana-Na sabab geus rengse.
3 Poe nu katujuh teh ku Mantenna diberkahan
tur diiwalkeun ti poe-poe sejenna, lantaran
dina poe eta Mantenna geus nyampurnakeun
sagala padamelan ciciptan-Na sarta terus
reureuh.
4 Kitu hal dijadikeunana jagat raya teh.
Waktu langit jeung bumi keur dipidamel
keneh ku GUSTI Allah,
5 di bumi can aya pepelakan, can aya
binih nu jadi, lantaran Mantenna teu acan
nurunkeun hujan, tanah tacan aya nu ngolah,
lantaran can aya jelema.
6 Kakara aya cai anu kaluar ti jero taneuh,
ngabaseuhan beungeut bumi.
7 Ari manusa, dipidamelna ku GUSTI Allah
teh nya eta tina taneuh. Sanggeus diwangun

mangrupa jelema, tuluy ditiupkeun napas anu
matak hirup kana liang irungna, seug manusa
teh ngajadi mahluk hirup.
8 Geus kitu GUSTI Allah ngadamel hiji taman
di tanah Eden beulah wetan. Manusa teh
dipernahkeun di dinya.
9 Mantenna ngajadikeun rupa-rupa
tatangkalan nu aralus, jaradi di dinya jeung
baruahan. Di tengah-tengah taman aya
tangkal. Nu hiji tangkal kahirupan, nu hiji
deui tangkal nu mere pangarti geusan
ngabedakeun nu hade ti nu goreng.
10 Eta taman meunang cai ti hiji walungan
anu aya di tanah Eden. Ti beh girangna eta
walungan nyagak opat.
11 Nu kahiji ngaranna Walungan Pison,
ngocorna ngurilingan tanah Hawila,
12 kawentar ku emas murnina, wawangian
kitu deui batu-batu mulya.
13 Nu kadua ngaranna Walungan Gihon,
ngocorna ngurilingan tanah Kus.
14 Nu katilu ngaranna Walungan Tigris,
ngocorna ka tanah wetaneun tanah Asur. Nu
kaopat ngaranna Walungan Eprat.
15 Nya di dinya manusa dipernahkeunana teh
ku GUSTI Allah, sina ngurus jeung ngajaga.
16 Timbalana-Na ka manusa, "Bubuahan
tangkal nu mana bae di ieu taman, meunang
didahar,
17 kajaba ti tangkal anu mere pangarti
geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng.

Eta buahna teu meunang didahar, sabab mun didahar, poe eta keneh maneh paeh."
18 GUSTI Allah ngandika, "Teu hade manusa hirup sorangan. Ku Kami rek dibere batur anu pantes, sina ngabaturan."
19 Tuluy Mantenna ngadamel sagala rupa sasatoan jeung rupa-rupa manuk tina taneuh, geus kitu sina daratang ka manusa tea. Mantenna palay uninga kumaha rek dingarananana eta sasatoan teh. Ku jalan kitu kabeh sasatoan teh sina baroga ngaran masing-masing.
20 Seug eta sagala rupa manuk jeung sasatoan teh ku manusa dingaranan. Tapi sahiji ge taya nu pantes geusan jadi batur hirupna.
21 Ti dinya eta manusa ku GUSTI Allah disina sare tibra. Sabot sare, tulang igana dicabut sahiji, ari urutna ditutupan ku daging.
22 Eta tulang iga ti lalaki teh diwangun sina mangrupa awewe, tuluy dibawa ka eta manusa.
23 Seug eta lalaki teh ngucap kieu, "Tah geuning, ayeuna mah aya anu sabangsa jeung aing. Tulangna asal ti aing, dagingna nya kitu keneh. Awewe bakal disebutna, sabab asal ti lalaki."
24 Eta sababna, lalaki teh baris ninggalkeun sarta misah ti indung bapana, seug ngahiji jeung bojona, sarta hirupna jadi satunggal.

25 Boh nu lalaki boh nu awewe duanana
taranjang tapi teu ngarasa areraeun.
3 1 Aya sato damelan GUSTI Allah anu
pangjailna, nya eta oray. Eta oray
ngomong kieu ka awewe tea, "Na enya
saur Allah, anjeun teu meunang ngadahar
bubuahan nu aya di ieu taman?"
2 Jawab awewe, "Bubuahan di ieu taman, ti
tangkal mana bae oge meunang didahar,
3 kajaba ti tangkal anu di tengah-tengah
taman. Geus dielingan ku Allah yen teu
meunang didahar, dicabak ge ulah, sabab
mun ngadahar eta tangtu paeh."
4 Ceuk oray, "Teu kitu. Hamo matak paeh.
5 Allah sasauran kitu teh pedah uninga,
yen upama aranjeun ngadahar eta buah
kapinteran, aranjeun bakal mapakan
Mantenna, bisa terang kana hade jeung
goreng."
6 Seug tangkal teh ku eta awewe dipelong,
pohara endahna, buahna bangun pohara
ngeunahna. Ceuk pamikirna, tada teuing
ahengna mun bisa terang kana sagala hal.
Tuluy bae metik buahna seug didahar. Sok
carogena dibere, tuluy milu ngadahar.
7 Harita keneh, sanggeus ngadahar eta
buah, duanana kaancikan ku pangarti, sarta
terus sadar yen taranjang. Tuluy maranehna
ngantet-ngantetkeun daun kondang dipake
apok.

8 Pasosore, waktu GUSTI Allah ngaroris ka
eta taman, ku maranehna kadarengeeun,
tuluy bae nyarumput kana sela-sela
tatangkalan.
9 Nu lalaki ku GUSTI Allah digentraan,
"Maneh di mana?"
10 Walonna, "Ku abdi kakuping Anjeun aya di
taman. Abdi nyumput margi ngaraos gimir
rehna taranjang."
11 Allah mariksa, "Nyaho ti saha yen
ditaranjang? Na maneh ngadahar buah anu
ku Kami dilarang?"
12 Walonna, "Sumuhun, dipaparin ti awewe
paparin ti Anjeun tea."
13 GUSTI Allah mariksa ka awewe, "Naha
maneh mana kitu?" Ari walonna, "Neda eta
buah teh margi ditipu ku oray."
14 Ti dinya GUSTI Allah nimbalan ka eta
oray, "Eta kalakuan maneh kudu dihukum. Ti
antara sasatoan, ngan maneh nu ku Kami rek
disapa. Ti semet ieu maneh baris ngengsod
ku beuteung maneh sarta saumur-umur bakal
ngahakan kekebul.
15 Maneh jeung eta awewe baris silih
pikaceuceub. Bangsa manusa jeung bangsa
oray baris mumusuhan sapapanjangna.
Manusa baris ngaremukkeun hulu maneh, ari
maneh mo weleh ngarah-ngarah rek macok
keuneung manusa."
16 Ti dinya Mantenna nimbalan ka awewe
tea, "Kanyeri maneh ku Kami rek ditambahan

sajeroning eukeur kakandungan, kitu keneh
kanyeri dina waktu ngajuru. Sanajan kitu
maneh mo weleh cumantel ka salaki, sanajan
kudu tetep kumawula ka dinya."
17 Timbalana-Na ka lalaki, "Maneh geus
kabawakeun ku pamajikan ngadahar buah
anu ku Kami dilarang. Ku sabab eta, ieu
bumi baris keuna ku panyapa. Mun hayang
kaala hasilna geusan dahareun maneh
sacukupna, maneh saumur-umur kudu
digawe tisusut-tidungdung.
18 Sabab tanah teh baris ngabijilkeun
jujukutan, hama jeung bangsa cucuk, nepi ka
maneh kapaksa kudu ngadaharan tutuwuhan
leuweung.
19 Maneh kudu luut-leet kesang heula
sangkan bumi bisa mere hasil. Kitu bae
sapapanjangna, nepi ka maneh mulang deui
kana taneuh, asal maneh tea. Ku sabab
maneh dijieun teh tina taneuh, nya kudu balik
deui ngajadi taneuh."
20 Ku Adam, bojona dijenenganan Hawa,
tegesna indung sakabeh kaom manusa.
21 Aranjeunna ku GUSTI Allah
dipangdamelkeun anggoan tina kulit
sato, sina diaranggo.
22 Geus kitu GUSTI Allah ngandika, "Ayeuna
manusa teh geus nyaho ka nu goreng jeung
ka nu hade, teu beda ti urang. Ku sabab eta
teu meunang deui ngadahar buah tina tangkal
kahirupan, bisi harirup sapapanjangna."

23 Tuluy manusa teh ku GUSTI Allah diusir
kaluar ti Taman Eden, sangkan ngusahakeun
tanah nu jadi asal wiwitanana.
24 Di beulah wetan eta taman, di hareupeun
panto asup, Mantenna nempatkeun
sababaraha mukarabin, kalayan make pedang
hurung muter nguwak-ngawik ka unggal jihat,
megatan sing saha anu rek ngadeukeutan
kana tangkal kahirupan.
4 1 Geus kitu Adam sapatemon jeung
geureuhana. Seug geureuhana bobot,
tuluy babar, putrana pameget. Anjeunna
sasauran, "Berkah pitulung PANGERAN,
aing ayeuna boga anak." Seug putrana teh
dijenenganan Kain.
2 Babar deui, pameget, dijenenganan Habil.
Habil jadi tukang ngangon, Kain jadi tukang
tani.
3 Hiji mangsa Kain ka PANGERAN
nyanggakeun sabagian tina hasil panenna,
dijieun kurban.
4 Habil ge nyanggakeun kurban, anak
domba cikal. Anu dihaturkeun daging anu
panghadena. Kurban Habil ku PANGERAN
kaanggo,
5 kurban Kain ditolak. Kain jadi ngentab,
murukusunu bakat ku ambek.
6 Ngandika PANGERAN ka Kain, "Ku naon
murukusunu, kucem beungeut?
7 Coba lamun tas migawe anu bener mah
tangtu beungeut teh marahmay. Tapi ku

sabab tas migawe anu goreng, tuh di
lawang panto, dosa eukeur ngadodoho,
arek kumawasa ka maneh. Ku maneh kudu
dielehkeun."
8 Geus kitu saur Kain ka Habil rayina, "Adi,
hayu urang ka tegal." Ari geus araya di tegal,
rayina ditarajang, dipergasa nepi ka maot.
9 Mariksa PANGERAN ka Kain, "Mana Habil
adi maneh?" Ari walonna, "Duka! Na abdi teh
kedah ngangasuh adi?"
10 Dawuhan PANGERAN, "Na maneh
teh jahat-jahat teuing? Getih adi maneh
sasambat ka Kami di jero taneuh, semu
menta dipangmaleskeun.
11 Maneh ayeuna katulah, hamo deui bisa
ngolah taneuh. Sabab taneuh geus kaserepan
ku getih adi maneh. Barang adi maneh
dipaehan, taneuh teh lir nyalawakkeun
sungut, geusan narima adi maneh.
12 Ana maneh nyoba pulak-pelak, taneuh teh
moal mere hasil. Maneh baris uprak-apruk,
moal boga enggon nyiruruk."
13 Piunjuk Kain ka PANGERAN, "Eta hukuman
teh kalintang abotna, abdi hamo kiat
nandanganana.
14 Mana diusir ti ieu tanah, mana ditebihkeun
ti payuneun Anjeun. Mana kedah uprak-apruk
teu gaduh enggon nyiruruk, tangtos abdi
dipaehan ku jalma nu pareng manggihan."
15 Tapi PANGERAN ngawaler, "Hamo.
Saupama maneh aya nu maehan, tujuh

nyawa pigantieunana, kaasup anu maehan ka maneh tea oge baris dipaehan." Ti dinya Kain teh dicirian ku PANGERAN geusan jadi tanda ka sing saha bae yen Kain teh teu meunang dipaehan.
16 Los Kain mungkur ti payuneun PANGERAN, tuluy matuh di hiji tempat anu disebut Nod, anu hartina ngumbara, di wetaneun tanah Eden.
17 Kain jeung garwana puputra, dijenenganan Hanok. Ti dinya Kain ngadamel hiji nagara, seug dingaranan ku jenengan putrana.
18 Hanok puputra Irad, Irad puputra Mehuyael. Mehuyael puputra Metusael. Metusael puputra Lamek.
19 Lamek geureuhana dua, Adah jeung Silah.
20 Adah ngababarkeun Yabal, karuhun jelema-jelema tukang maliara ingon-ingon sarta maratuhna di kemah-kemah.
21 Dulur Yabal ngaranna Yubal, karuhun ahli-ahli tatabeuhan, ahli-ahli ngacapi jeung nyuling.
22 Ari Silah ngababarkeun Tubal-Kain, tukang nyieun sagala rupa paparabotan tina parunggu jeung beusi. Saderek Tubal-Kain anu istri jenenganana Naamah.
23 Ngalahir Lamek ka dua geureuhana, "Adah, Silah, dengekeun! Akang tas maehan hiji jajaka, bongan neunggeul ka Akang.

24 Anu maehan Kain, kudu nebus ku tujuh
nyawa, anu maehan Akang mah kudu nebus
ku tujuh puluh tujuh nyawa."
25 Adam jeung geureuhana kagungan putra
deui. Saur geureuhana, "Allah maparin deui
anak, gaganti Habil anu dipaehan ku Kain."
Seug putrana teh dijenenganan Set.
26 Set puputra Enos. Ti harita, jelema-jelema
teh mimiti nyarebut jenengan PANGERAN
upama nyarembah.
5 1 Ieu daptar turunan Adam. (Allah
midamelna manusa teh numutkeun
kumaha rupi Mantenna.
2 Dipidamelna lalaki jeung awewe. Ku
Mantenna diberkahan, jeung dingaranan
"Manusa".)
3 Sanggeus yuswana 130 taun, kenging
putra, anu rupina siga anjeunna,
dijenenganan Set.
4 Ti semet eta, Adam masih jumeneng
keneh 800 taun, sarta kenging deui putra
sababaraha urang.
5 Pupusna dina yuswa 930 taun.
6 Set, sanggeus yuswana 105 taun, kenging
putra Enos.
7 Ti semet eta jumeneng keneh 807 taun,
sarta kenging deui putra sababaraha urang.
8 Pupusna dina yuswa 912 taun.
9 Enos sanggeus yuswana 90 taun kenging
putra, Kenan.

10 Ti semet eta jumeneng keneh 815 taun,
sarta kenging deui putra sababaraha urang.
11 Pupusna dina yuswa 905 taun.
12 Kenan, sanggeus yuswana 70 taun
kenging putra, Mahalalel.
13 Ti semet eta jumeneng keneh 840 taun,
sarta kenging deui putra sababaraha urang.
14 Pupusna dina yuswa 910 taun.
15 Mahalalel, sanggeus yuswana 65 taun
kenging putra, Yared.
16 Ti semet eta jumeneng keneh 830 taun,
sarta kenging deui putra sababaraha urang.
17 Pupusna dina yuswa 895 taun.
18 Yared, sanggeus yuswana 162 taun
kenging putra, Hanok.
19 Ti semet eta jumeneng keneh 800 taun,
sarta kenging deui putra sababaraha urang.
20 Pupusna dina yuswa 962 taun.
21 Hanok, sanggeus yuswana 65 taun,
kenging putra, Metusalah.
22 Ti semet eta jumeneng keneh 300 taun,
ibadah ruket jeung Allah, sarta kenging deui
putra sababaraha urang.
23 Yuswana nepi ka 365 taun.
24 Sapanjang jumenengna raraketan jeung
Allah, geus kitu gaib, karana dicandak ku
Allah.
25 Metusalah, sanggeus yuswana 187 taun
kenging putra, Lamek.
26 Ti semet eta jumeneng keneh 782 taun,
sarta kenging deui putra sababaraha urang.

27 Pupusna dina yuswa 969 taun.
28 Lamek, sanggeus yuswana 182 taun
kenging putra.
29 Pok misaur, "Ieu budak bakal ngajait
urang tina gawe beurat migawe taneuh anu
geus keuna ku panyapa PANGERAN." Ku
sabab eta, putrana teh dijenenganan Enoh.
30 Ti semet eta Lamek jumeneng keneh 595
taun, sarta kenging deui putra sababaraha
urang.
31 Pupusna dina yuswa 777 taun.
32 Enoh, sanggeus yuswana 500 taun
kenging putra tilu: Sem, Ham jeung Yapet.
6 1 Manusa geus mencar ka mana-mana,
sarta barudak awewe geus lalahir.
2 Aya sawatara urang putra-putra surgawi
anu barogoheun ka eta barudak awewe,
kawantu gareulis. Tuluy bae nyarokot hiji
sewang, sakabogohna-sakabogohna.
3 Ngandika PANGERAN, "Jelema-jelema teh
ku Kami moal sina hirup sapapanjangna.
Kabehanana sipat pipaeheun. Ti semet
ayeuna umurna moal sina leuwih ti 120 taun."
4 Di jaman eta, malah sanggeus jaman eta
oge, di ieu bumi teh loba jelema raksasa,
turunan manusa awewe jeung putra-putra
surgawi tea. Eta raksasa-raksasa teh baheula
jaradi jelema anu kacida garagahna tur
kamashur.

5 Ana PANGERAN uninga yen tiap manusa
di dunya geus sakitu jarahatna, sarta
pipikiranana salawasna pohara kalotorna,
6 Mantenna ngaraos hanjakal geus ngadamel
sarta merenahkeun maranehna di bumi. Ku
hanjakal-hanjakalna,
7 Mantenna ngalahir kieu, "Eta umat ciptaan
Kami teh mending dibasmi ku Kami, kitu deui
sasatoan jeung manuk. Kami hanjakal geus
nyieun maranehanana."
8 Tapi ari ka Enoh mah PANGERAN misuka.
9 (6:9-10) Ieu carita Enoh. Anjeunna
kagungan tilu putra, Sem, Ham jeung Yapet.
Di jaman anjeunna harita, ngan anjeunna
jelema nu hade teh. Hirupna rumaket ka
Allah.
10 (6:9)
11 Salian ti anjeunna mah kabeh oge goreng
katingalina ku Allah, katelengesanana geus
sumebar ka mana-mana.
12 Dunya teh ku Allah diteuteup, tetela geus
ruksak, kawantu kalakuan jelema-jelemana
geus raruksak kabeh.
13 Ngandika Allah ka Enoh, "Kami geus
nyieun putusan, jelema teh kabeh rek
dianggeuskeun umurna. Rek ditumpes sama
sakali, sabab dunya teh geus dedet ku
kalakuan maranehanana anu telenges.
14 Maneh kudu nyieun kapal tina kai kibeusi,
kamar-kamarkeun, lampudan luar jerona ku
ter.

15 Ukuran panjangna eta kapal 133 meter,
rubakna 22 meter, luhurna 13 meter.
16 Kudu make hateup, jeung sisi-sisina bere
antara 44 sentimeter. Jieun tilu umpakan,
sisina pantoan.
17 Ieu bumi ku Kami arek dibasmi ku caah.
Sakur mahluk anu kumelip arek ditumpes.
18 Tapi ka maneh mah Kami seja mere
jangji. Maneh saanak pamajikan jeung
minantu-minantu, kudu asup ka eta kapal.
19 (6:19-20) Bawa deuih saban rupa
golongan sasatoan, masing-masing hiji
jaluna, hiji bikangna; kitu keneh manuk,
supaya karaksa.
20 (6:19)
21 Bebekelan ulah kari, keur maneh jeung
sasatoan."
22 Eta timbalan Allah ku Enoh dijalankeun.
7 1 Ngandika PANGERAN ka Enoh, "Maneh
sakulawarga, geura arasup ka kapal. Ku
Kami geus kanyahoan, ngan maneh jelema di
ieu dunya anu bener kalakuan.
2 Bawa ka kapal saban rupa golongan sato,
anu halal masing-masing tujuh jodo, anu
haram sajodo-sajodo bae.
3 Oge saban rupa golongan manuk masing-
masing tujuh jodo. Pek geura pigawe,
sangkan eta bangsa sato jeung manuk anu
sakitu teh karaksa hirupna, geusan bibit ka
hareup.

4 Tujuh poe deui Kami rek nurunkeun hujan
lilana opat puluh poe opat puluh peuting, rek
dipake numpes sakur anu kumelip jijieunan
Kami."
5 Eta sagala timbalan PANGERAN teh ku
Enoh dijalankeun.
6 Dina waktu der caah, yuswa Enoh geus
genep ratus taun.
7 Anjeunna, geureuhana, putra-putrana
jeung mantu-mantuna, arunggah ka kapal
nyingkahan caah.
8 Sasatoan, manuk, nu haram, nu halal,
masing-masing hiji jalu hiji bikang ti saban
golongan,
9 arasup jeung Enoh ka kapal, sakumaha
anu ditimbalkeun ku Allah.
10 Tujuh poe ti harita caah geus mimiti der.
11 Nincak kana genep ratus taun yuswa
Enoh, dina tanggal tujuh belas, bulan kadua,
sungapan-sungapan cai anu rongkah di
jero taneuh, kabeh mararudal tingburial,
lawang-lawang cai di langit kabeh maruka,
12 breg hujan turun ka bumi, opat puluh poe
opat puluh peuting.
13 Poe eta keneh Enoh, geureuhana, tilu
putrana nya eta Sem, Ham, jeung Yapet,
jeung bojo-bojona, arunggah ka kapal.
14 Dibarengan ku sasatoan, sato ingu,
sato leuweung, nu gede, nu leutik, manuk,
masing-masing ti saban golongan.

15 Ti saban golongan mahluk anu kumelip,
masing-masing hiji jalu hiji bikang, arasup
jeung Enoh ka kapal,
16 sakumaha anu ditimbalkeun ku Allah.
Geus kitu panto kapal teh ditutup ku
PANGERAN.
17 Caah lumangsung terus nepi ka opat puluh
poe. Cai geus ngaluhuran, geus kuateun
ngampulkeun eta kapal nepi ka ngambang.
18 Cai terus beuki luhur, soloyong eta kapal
maju.
19 Cai geus kacida luhurna, mani geus laput
gunung-gunung anu pangluhurna,
20 tapi masih naek keneh bae, nepi ka tujuh
meter luhurna ti puncak-puncak gunung.
21 Sakur mahluk nu kumelip di bumi, manuk,
sato, jelema, kabeh tiwas.
22 Tiap mahluk bumi nu boga ambekan,
paeh.
23 Tiap mahluk anu kumelip di bumi,
manusa, sato, manuk, kabeh ku PANGERAN
dibasmi. Anu dikarikeun hirup ngan Enoh
jeung anu marilu ka anjeunna ka kapal.
24 Cai henteu orot-orot nepi ka saratus lima
puluh poe lilana.
8 1 Allah teu lalieun ka Enoh jeung ka
sasatoan anu di kapal. Seug Mantenna
ngagerakkeun angin niup cai. Cai mimiti
rodrodan surud.

2 Sungapan-sungapan di jero taneuh,
kitu keneh lawang-lawang hujan di langit
ngalalingkup deui. Hujan raat,
3 cai beuki lila beuki surud di jero saratus
lima puluh poe.
4 Dina tanggal tujuh belas bulan nu katujuh,
kapal teh nyangsang di hiji puncak jajaran
Gunung Ararat.
5 Cai surud terus, sarta dina tanggal hiji
bulan kasapuluh, puncak-puncak gunung
mimiti tarembong.
6 Opat puluh poe ti harita, Enoh mukakeun
jandela,
7 pur ngaleupaskeun manuk gagak. Gagak
teh teu balik deui, terus bae ngalayang
kukurilingan nepi ka saatna cai.
8 Sabot kitu, pur deui Enoh ngaleupaskeun
japati, seja naksir cai geus orot atawa acan.
9 Tapi ku sabab bumi kakeueum keneh, eta
japati teu manggih pieunteupeun. Kalayang
balik deui ka kapal, ku Enoh ditewak.
10 Anjeunna ngantos deui saminggu, pur
japati teh dileupaskeun deui.
11 Pasosore eta manuk balik deui, mawa
pucuk jetun seger keneh dina pamatukna.
Ayeuna Enoh uninga, yen cai geus orot.
12 Anjeunna ngantos deui saminggu, japati
dileupaskeun deui. Teu balik deui ayeuna
mah.
13 Nincak kana 601 taun yuswa Enoh,
dina tanggal hiji bulan nu kahiji, cai geus

saat. Enoh muka hateup kapal, rarat-reret,
katingalieun taneuh geus mimiti tuus.
14 Dina tanggal dua puluh tujuh, bulan anu
kadua, bumi geus tuhur pisan.
15 Ngandika Allah ka Enoh,
16 "Geura kaluar ti kapal saanak pamajikan
jeung minantu.
17 Kaluarkeun deuih manuk jeung sasatoan
sejenna, gede leutik, sina baranahan tuluy
malencar ka sakuliah jagat."
18 Ti dinya Enoh saputra garwa jeung mantu
kaluar ti kapal,
19 kitu deui sasatoan jeung manuk, kalaluar
papasangan, nurutkeun golonganana.
20 Ti dinya Enoh ngadamel altar haturan
PANGERAN. Tuluy ngurbankeun sasatoan
jeung manuk anu halal, sasiki-sasiki ti tiap
golongan, diduruk dina eta altar.
21 Seungitna eta kurban matak bingah ka
PANGERAN, seug Mantenna sasauran lebeting
manah, "Kami hamo nyapa-nyapa deui bumi
ku tina kalakuan manusa. Kami nyaho,
pipikiranana teh geus kotor ti ngongorana.
Moal deui-deui Kami ngabasmi sakabeh
mahluk anu nyawaan saperti ayeuna.
22 Sapanjang jagat gumelar, kudu aya usum
pepelakan, aya usum panen. Sapapanjangna
kudu aya panas, aya tiis, aya usum halodo,
aya usum hujan, aya beurang, aya peuting."
9 1 Allah ngaberkahan ka Enoh jeung
putra-putrana. Lahirana-Na, "Sing laloba

anak, sangkan turunan maraneh ngeusian sakuliah jagat.
2 Sasatoan, manuk, lauk, bakal mikasieun ka maraneh. Maraneh kawasa ka dinya.
3 Ti semet ayeuna, eta ku maraneh bisa didahar cara pepelakan anu harejo. Kop bae pikeun dahareun.
4 Anu teu meunang didahar ngan sarupa, nya eta daging anu ngandung keneh getih. Kami ngalarang, lantaran dina getih teh aya dat hirup.
5 Lamun aya anu ngala pati manusa tangtu dihukum. Sato anu maehan manusa, ku Kami baris dihukum paeh.
6 Manusa teh dijadikeunana sarimbag jeung Kami. Ku sabab eta, sing saha anu maehan manusa, baris dipaehan deui ku sasama manusa.
7 Maraneh sing laloba anak, sangkan turunan maraneh ngeusian sakuliah jagat."
8 Ngandika Allah ka Enoh jeung putra-putrana,
9 "Kami ayeuna arek nyieun perjangjian ka maneh saturun-tumurun,
10 kitu keneh ka sakabeh mahluk anu nyawaan manuk jeung sasatoan sagala rupa bae, anu kalaluar ti kapal reujeung maraneh.
11 Kieu ikrar perjangjian Kami ka maraneh: Kami jangji, moal deui-deui sakabeh mahluk anu nyawaan ku Kami dibasmi ku caah; moal aya deui caah gede anu ngaruksak jagat.

12 Pikeun tanda eta perjangjian Kami anu
langgeng ka maraneh jeung ka sakabeh
mahluk anu nyawaan,
13 Kami baris masang katumbiri dina mega.
Eta tandana perjangjian Kami ka alam dunya.
14 Samangsa-mangsa Kami ngalaput langit
ku mega tuluy timbul katumbiri,
15 eta tanda Kami eling kana jangji ka
maraneh jeung ka sasatoan, yen hamo
deui caah ngabasmi sakabeh mahluk anu
nyawaan.
16 Samangsa-mangsa dina mega tembong
katumbiri, tangtu tembong ka Kami, sarta
Kami tangtu inget kana jangji Kami anu
langgeng, antara Kami jeung sakabeh mahluk
anu kumelip di jagat.
17 Kitu tandana perjangjian Kami ka sakabeh
mahluk hirup di bumi."
18 Putra-putra Enoh anu kaluar ti kapal, nya
eta: Sem, Ham jeung Yapet. (Ari Ham teh
karuhun urang Kanaan.)
19 Ieu putra nu tiluan, jadi karuhun sakabeh
manusa sajagat.
20 Enoh teh tukang tani. Nya anjeunna
jelema anu pangmimitina melak anggur.
21 Sabada ngaleueut anggur, anjeunna
mabok, seug ngalaanan anggoan terus
ngagoledag di jero tenda bari purucul.
22 Ari Ham, karuhun urang Kanaan tea,
ningali rama purucul kitu teh anggur
wawartos ka dua saderekna.

23 Sem jeung Yapet nyandak kampuh,
kampuhna dicepeng dikapungkurkeun. Geus
kitu lalebet ka jero tenda, angkatna mundur,
rup ramana dikampuhan bari mungkur
ngalieuskeun raray, sangkan teu ningali kana
kaayaan rama anu purucul.
24 Barang Enoh geus emut tur uninga kana
kalakuan putra nu panganomna kitu ka
anjeunna,
25 pok ngalahir, "Si Kanaan sing katulah!
Dirina baris jadi badega dulur-dulurna.
26 Puji PANGERAN Allahna Sem! Si Kanaan
baris jadi badega Sem.
27 Mugia Allah nambihan berekah ka Yapet,
kalayan ngalegaan panganjrekanana. Mugia
turunan Yapet runtut-raut jeung turunan
Sem! Si Kanaan baris jadi badega Yapet."
28 Ti sanggeus caah gede tea, Enoh
jumeneng keneh 350 taun.
29 Pupus dina yuswa 950 taun.
10 1 Ieu turunan Sem, Ham jeung Yapet,
putra-putra Enoh. Ieu anu tilu,
karagunganana putra teh ti sanggeus caah
gede tea.
2 Putra-putra Yapet nya eta: Gomer, Magog,
Madai, Yawan, Tubal, Mesek jeung Tiras
aranjeunna karuhun jelema-jelema anu
marake eta ngaran.
3 Turunan Gomer nya eta bangsa Askenas,
Ripat jeung Togarma.

4 Turunan Yawan nya eta bangsa Elisa,
Sepanyol, Siprus jeung Rodes;
5 eta jadi karuhun-karuhunna bangsa anu
caricingna di sapanjang basisir jeung pulo-
pulo. Tah eta turunan Yapet, jadi rupa-rupa
kaom, beda-beda nagara, beda-beda basa.
6 Putra-putra Ham nya eta: Kus, Mesir,
Libia jeung Kanaan, aranjeunna karuhun
jelema-jelema anu marake eta ngaran.
7 Turunan Kus nya eta bangsa Seba, Hawila,
Sabta, Raama jeung Sabteka. Turunan Raama
nya eta bangsa Syeba jeung Dedan.
8 Kus puputra Namrud, Namrud teh anu
pangmimitina jadi tukang naluk-nalukkeun
dunya.
9 Tur kalawan pareng ti PANGERAN,
jadi paninggaran anu kamashur, nepi ka
jadi kacapangan, "Sing diparengkeun ku
PANGERAN, anjeun jadi paninggaran nu
kamashur kawas Namrud."
10 Karajaanana anu mimiti nya eta: Babul,
Erek, Akad, kabehanana di tanah Babilonia.
11 Ti tanah eta Namrud terus ka tanah Asur,
tuluy ngadegkeun nagara Ninewe, Rehobot Ir,
Kalah,
12 jeung Resen, anu perenahna antara
Ninewe jeung nagara gede Kalah.
13 Turunan Mesir nya eta: bangsa Lidia,
Anam, Lehab, Naptuh,
14 Patrus, Kasluh jeung Kreta. Kreta
nurunkeun bangsa Pelisti.

15 Putra-putra Kanaan nya eta: Sidon,
anu cikal, jeung Het aranjeunna karuhun
jelema-jelema anu marake eta ngaran.
16 Kanaan oge jadi karuhun bangsa Yebus,
Emor, Girgas,
17 Hiwi, Arki, Sin,
18 Arwad, Semar jeung Hamat. Rupa-rupa
kaom Kanaan pabalencar,
19 nepi ka wawatesan Kanaan teh legana ti
Sidon terus ngidul ka Gerar deukeut Gasa,
terus ngetan ka Sadumu, Gomora, Adma
jeung Seboim deukeut Lasa.
20 Tah eta turunan Ham, jadi rupa-rupa
kaom, beda-beda nagara, beda-beda basa.
21 Sem, rakana Yapet, jadi karuhun bangsa
Ibrani.
22 Putra-putra Sem nya eta: Elam, Asur,
Arpaksad, Lud, jeung Aram anu jaradi
karuhun bangsa-bangsa anu marake eta
ngaran.
23 Turunan Aram nya eta bangsa Us, Hul,
Geter jeung Mesek.
24 Arpaksad puputra Selah, Selah puputra
Eber.
25 Eber puputra dua. Nu hiji ngaranna Peleg,
dumeh keur jaman eta bangsa-bangsa di
dunya di pecah-pecah; nu hiji deui ngaranna
Yoktan.
26 Turunan Yoktan nya eta bangsa Almodad,
Selep, Hasar Mawet, Yarah,
27 Hadoram, Usal, Dikla,

28 Ebal, Abimael, Syeba,
29 Opir, Hawila jeung Yobab. Eta turunan
Yoktan.
30 Tanah pangancikanana ti semet tanah
Mesa nepi ka Separ di pagunungan beulah
wetan.
31 Tah eta turunan Sem, jadi rupa-rupa
kaom, beda-beda nagara, beda-beda basa.
32 Eta bangsa-bangsa kabeh turunan Enoh,
sabangsana-sabangsana, nurutkeun garis
turunanana masing-masing. Ti semet caah
gede tea, bangsa-bangsa di dinya teh kabeh
turunan ti putra-putra Enoh.
11 1 Asalna mah basa teh ngan hiji.
Jelema-jelema sadunya, ngaromongna
sabasa, kecap-kecapna sarua.
2 Sanggeus ngaprak ka tebeh wetan,
maranehna narepi ka hiji wewengkon di
Babilonia, seug maratuh di dinya.
3 Geus kitu maranehanana silih ajak pada
batur, pokna, "Anggur urang nyieunan bata,
urang beuleum sing alus." Terusna bata
geus loba keur nyieun adegan, ter keur
pamageuhna nya kitu keneh.
4 Terus ceuk maranehna, "Ayeuna urang
nyieun nagara. Urang make munara anu
puncakna nepi ka langit, sangkan urang
kamashur jeung supaya ulah papencar ka
mana-mendi."

5 Lajeng PANGERAN lungsur seja ningalian
eta nagara jeung munara anu keur
diadegkeun.
6 Mantenna ngandika, "Ayeuna eta jelema-
jelema teh sabangsa jeung ngaromongna
kabeh sabasa. Ayeuna maranehna kakara
mimiti barang jieunna. Moal lila deui mah
maranehna tangtu bisa ngalaksanakeun
sagala pamaksudanana.
7 Hayu Urang turun, Urang kusutkeun
basana, sina ulah ngarti batur pada batur."
8 Eta jelema-jelema ku PANGERAN
dipaburencaykeun ka sakuliah dunya,
pagaweanana nyieun nagara tea jadi bangkar.
9 Eta nagara dingaranan Babul, lantaran
di dinya PANGERAN ngusutkeun basa
manusa, sarta ti semet harita, manusa teh
ku Mantenna dipaburencaykeun ka sakuliah
dunya.
10 Ieu turunan Sem. Dua taun ti sanggeus
caah gede, waktu Sem yuswa 100 taun,
kagungan putra hiji, Arpaksad.
11 Ti semet eta, Sem jumeneng keneh 500
taun deui, sarta puputra deui sababaraha
urang.
12 Arpaksad, dina yuswa 35 taun, puputra
hiji, Selah.
13 Ti semet eta anjeunna jumeneng keneh
403 taun deui, sarta puputra deui sababaraha
urang.

14 Selah, dina yuswa 30 taun, puputra hiji,
Eber.
15 Ti semet harita anjeunna jumeneng keneh
403 taun deui, sarta puputra deui sababaraha
urang.
16 Eber, dina yuswa 34 taun, puputra hiji,
Peleg.
17 Ti semet harita anjeunna jumeneng keneh
430 taun deui, sarta puputra deui sababaraha
urang.
18 Peleg, dina yuswa 30 taun, puputra hiji,
Rehu.
19 Ti semet harita anjeunna jumeneng keneh
209 taun deui, sarta puputra deui sababaraha
urang.
20 Rehu, dina yuswa 32 taun, puputra hiji,
Serug.
21 Ti semet harita anjeunna jumeneng keneh
207 taun deui sarta puputra deui sababaraha
urang.
22 Serug, dina yuswa 30 taun, puputra hiji,
Nahor.
23 Ti semet harita anjeunna jumeneng keneh
200 taun deui, sarta puputra deui sababaraha
urang.
24 Nahor, dina yuswa 29 taun, puputra hiji,
Terah.
25 Ti semet harita anjeunna jumeneng keneh
119 taun deui, sarta puputra deui sababaraha
urang.

26 Terah, dina yuswa 70 taun, jadi ramana
Abram, Nahor jeung Haran.
27 Ieu turunan Terah, ramana Abram, Nahor
jeung Haran. Haran puputra Elut.
28 Haran pupus di tanah asalna, kota Ur di
Babilonia, waktu ramana jumeneng keneh.
29 Abram nikah ka Sarai. Nahor nikah ka
Milka putra Haran. Aya keneh putra Haran
anu lalaki, nya eta Yiska.
30 Sarai henteu kagungan bae putra.
31 Geus kitu Terah ngantunkeun kota Ur di
Babilonia, seja ka tanah Kanaan. Abram,
putrana, Elut putuna anu ti Haran, Sarai
mantuna geureuha Abram, dicandak. Ari
sarumping ka tanah Haran, tuluy tumetep di
dinya.
32 Terah pupus di dinya, dina yuswa 205
taun.
12 1 Ngandika PANGERAN ka Abram,
"Maneh kudu pindah. Lemah cai,
baraya-baraya, eusi imah bapa, tinggalkeun.
Jugjug hiji nagara anu engke rek dituduhkeun
ku Kami.
2 Maneh rek dibere turunan loba, anu
pijadieun bangsa gede. Kami seja mere
berkah ka maneh, sarta ngaran maneh ku
Kami seja dijieun kamashur, nepi ka maneh
pijadieun berkah.
3 Kami baris ngaberkahan ka anu
ngaberkahan ka maneh. Baris nyapa ka anu

nyapa ka maneh. Kabeh bangsa ku Kami baris diberkahan, ku jalan maneh."
4 Nincak kana yuswa tujuh puluh lima taun, Abram mimiti kaluar ti tanah Haran, tumut kana timbalan PANGERAN. Elut ngiring.
5 Jadi anu dicandak teh Sarai geureuhana, Elut suanna, sagala harta bandana, kitu deui badega-badega asal urang tanah Haran, tuluy miang seja ka tanah Kanaan. Sanggeus sumping ka tanah Kanaan,
6 Abram ngideran eta tanah nepi ka hiji tangkal karamat di More, hiji tempat karamat di wewengkon Sekem. (Harita mah urang Kanaan teh araya keneh di eta tanah.)
7 Lajeng PANGERAN nembongan ka Abram sarta ngandika ka anjeunna, "Tah ieu nagara anu ku Kami arek dibikeun pikeun turunan maneh teh." Deg di dinya Abram ngadamel altar haturan PANGERAN anu geus nembongan ka anjeunna.
8 Geus kitu anjeunna ngalih ka beulah kidul ka tanah pagunungan wetaneun kota Betel sarta masang tenda antara Betel di beulah kulon, jeung kota Ai di beulah wetan. Di dinya oge anjeunna ngadamel altar sarta ngabakti ka PANGERAN.
9 Ti dinya anjeunna ulah-alih bae, majeng ka Kanaan beulah kidul.
10 Tapi Kanaan pareng katarajang paceklik teu kira-kira, nepi ka Abram terus ka nu

leuwih kidul deui, ka Mesir, seja cicing di dinya saheulaanan.
11 Barang arek lebet ka wates Mesir, pok sasauran ka Sarai geureuhana, "Nyai teh geulis.
12 Ana engke urang Mesir narenjo, tangtu ceuk maranehanana teh euleuh itu pamajikanana. Tangtu Akang teh dipaehan ari Nyai mah moal.
13 Bejakeun bae yen Nyai adi Akang. Mun dibejakeun kitu mah Akang tangtu salamet, jeung diaku hade-hade ku maranehanana, da mandang ka Nyai."
14 Sanggeus anjeunna aya di jero wates Mesir, geureuhana ku urang dinya digeulis-geulis.
15 Aya sawatara ponggawa karaton anu narenjoeun kageulisanana, seug arunjukan ka raja yen aya istri geulisna kawanti-wanti. Tuluy Sarai diboyong ka karaton.
16 Abram ku raja diangken darehdeh ku karana Sarai, jeung dipaparin ganjaran, domba jeung embe, sapi, kalde, badega-badega, jeung onta.
17 Tapi raja nyandak Sarai teh ku PANGERAN diterapan panyawat pikapaureun pisan, urang karaton salianna oge nya kitu deui.
18 Seug raja ngutus ponggawa ka Abram. Kieu dawuhanana, "Ku naon maneh kitu peta ka kami? Ku naon henteu terus terang yen ieu teh bojo maneh?

19 Ku naon diaku yen adi, nepi ka ku kami
dipigarwa? Heh ieu pamajikan maneh tarima,
tuluy ingkah!"
20 Raja marentah ka ponggawa, seug
Abram digiring kaluar ti eta nagara, jeung
geureuhana katut sagala kagunganana.
13 1 Ti Mesir Abram angkatna ngaler ka
pakidulan tanah Kanaan, geureuhana
jeung sagala kagunganana dicandak, kitu
deui Elut.
2 Abram kacida beungharna, loba dombana,
embena, sapina, kitu deui emas jeung
perakna.
3 Ti dinya majeng deui, majeng deui,
ngajugjug ka Betel. Geus kitu sumping ka hiji
tempat antara Betel jeung Ai urut anjeunna
bareto ngadegkeun kemah
4 jeung altar tea. Seug anjeunna di dinya
ngabakti ka PANGERAN.
5 Elut oge kagungan domba, embe jeung
sapi, sarta kagungan baraya-baraya ku
anjeun, jeung badega-badega.
6 Ku sabab kitu, ari dipake ku duaan mah
tanah pangangonan di dinya teh moal cukup,
kawantu ingon-ingon masing-masing sakitu
reana.
7 Kajadianana, jelema-jelema anu ngurus
ingon-ingon Abram jeung ingon-ingon Elut
sok garelut bae. (Harita teh tanah masih
dicicingan ku bangsa Kanaan jeung bangsa
Pares.)

8 Saur Abram ka Elut, "Urang teh jeung
dulur. Jelema-jelema anu ngurus ingon-ingon
hidep jeung anu ngurus ingon-ingon Uwa ulah
nepi ka cekcok.
9 Leuwih hade urang misah. Pek hidep rek
milih tanah nu mana, terus misah ti Uwa.
Mun hidep ngenca, Uwa ngatuhu, mun hidep
ngatuhu, Uwa ngenca."
10 Elut rarat-reret ka sakurilingna, breh
katingalieun sakuliah Walungan Yordan
ngembat manjang ka Soar, daerah sugih
ku cai lir taman Allah atawa lir tanah Mesir.
(Harita mah nagara Sadumu jeung Gomora
acan diduruk ku PANGERAN.)
11 Seug Elut milih eta lebak Walungan
Yordan, geus kitu bral ngalih ka beulah wetan,
misah ti uwana.
12 Abram mah tetep di tanah Kanaan. Ari
Elut ngababakan di antara kota-kota di lebak
nepi ka deukeut nagara Sadumu,
13 anu jelema-jelemana jarahat, doraka ka
PANGERAN.
14 Sadikantunna ku Elut, PANGERAN
ngadawuh ka Abram, "Cik, lieukan ti lebah
maneh nangtung ka sakurilingna.
15 Eta tanah sakurilingna ku Kami
rek dibikeun ka maneh salalawasna,
turun-tumurun.
16 Turunan maneh ku Kami rek pohara
dijembarkeunana, nepi ka lobana moal bisa

kaitung, sarua jeung lobana kekebul taneuh moal bisa kabilang.
17 Geura sadia, ideran eta tanah teh sakurilingna, sabab ku Kami rek diserenkeun kabeh ka maneh."
18 Sanggeus kitu Abram mindahkeun pakemahanana tuluy matuh di deukeut tatangkalan karamat tempat ibadah di Mamre deukeut Hebron, didinya anjeunna ngadegkeun altar haturan PANGERAN.
14 1 Hiji mangsa, Amrapel raja di nagara Babilonia, Ariok raja nagara Elasar, Kedorlaomer raja nagara Elam, jeung Tidal raja nagara Goyim,
2 perang ngalawan lima raja: Bera raja nagara Sadumu, Birsa raja nagara Gomora, Sinab raja nagara Admah, Semeber raja nagara Seboim, jeung raja ti nagara Bela atawa Soar.
3 Ieu lima raja jadi sabeungkeutan, sarta natakeun balad-baladna di Lebak Sidim, anu kiwari mah disebut Laut Paeh.
4 Tadina ieu lima raja teh taluk ka Raja Kedorlaomer, lilana dua belas taun. Ari dina katilu belas taunna tuluy barontak.
5 Dina taun kaopatbelasna Raja Kedorlaomer sakancana mepek balad, terus ngelehkeun urang Repaim di Asterot Karnaim, urang Susim di tanah Ham, urang Emim di padataran Kiryataim,

6 jeung urang Hor di pagunungan Edom, nepi
ka El Paran anu pernahna di rarambu tanah
gurun.
7 Ti dinya terus balik deui ka Kades anu
saterusna disebut En Mispat, ngelehkeun
tanah urang Amalek sagemblengna, kitu deui
ngelehkeun urang Emor anu araya di Hasason
Tamar.
8 Ti dinya raja-raja ti nagara Sadumu,
Gomora, Admah, Seboim, jeung Bela mepek
balad-baladna ka Lebak Sidim,
9 ngalawan raja-raja Kedorlaomer ti Elam,
Tidal ti nagara Goyim, Amrapel ti nagara
Babilonia, jeung Ariok ti nagara Elasar. Lima
ngalawan opat.
10 Ari di Lebak Sidim teh loba pisan sumur-
sumur aspal. Raja Sadumu jeung Gomora
nyoba-nyoba arek kabur ti pangperangan,
tapi tigalebrus kana sumur-sumur aspal tea.
Nu tiluan kalabur ka pagunungan.
11 Raja-raja anu opat terus ngaranjah ka
nagara Sadumu jeung Gomora, ngarampas
sagala rupa katut bahan-bahan dahareun,
terus marulang.
12 Ari Elut suanna Abram milu kaboyong
katut sagala kakayaanana, kawantu matuh
deukeut Sadumu.
13 Kabeneran aya anu bisa lolos saurang,
bebeja ka Abram, urang Ibrani tea, anu aya di
deukeut tatangkalan karamat tempat ibadah

milik Mamre, urang Emor, dulurna Eskol jeung
Aner, anu geus ngahiji jeung Abram.
14 Barang Abram ngadangu yen suanna
kaboyong, sakur jelema anu aya di
pakemahanana dikumpulkeun, nya eta jelema
anu ahli perang, lobana 318 urang, tuluy
ngudag opat raja tea nepi ka kota Dan.
15 Di dieu dipencar jadi sababaraha barisan.
Sanggeus peuting terus musuh ditempuh
nepi ka eleh, dibeberik nepi ka Hoba kalereun
Damsik.
16 Barang-barang anu dirampas ku musuh
dicandakan deui. Kitu deui Elut katut sagala
milikna jeung jelema-jelema nu sejenna deui
awewe lalaki.
17 Satengahing mulih jurit tas ngelehkeun
Raja Kedorlaomer saparakancana, Abram
dipapag ku raja Sadumu di Lebak Sawe
(katelah oge Lebak Raja).
18 Kitu deui Melkisidik, raja ti nagara Salem
sarta jadi imam Allah Nu Maha Agung, mapag
ka Abram ngahaturanan roti jeung anggur.
19 Anjeunna ngaberkahan ka Abram,
pilahirna, "Mugi-mugi Abram ginanjar berkah
Allah Nu Maha Agung, anu ngadamel bumi
sareng langit.
20 Sagala puji ka Allah Nu Maha Agung, anu
parantos nyelehkeun eta musuh ka pangersa
salira." Anjeunna ku Abram dihaturanan
sapersapuluh tina barang-barang hasil
perang.

21 Geus kitu raja Sadumu tea sasauran ka
Abram, "Mugi anjeun kersa mulangkeun eta
rahayat sim kuring. Dupi barang-barang
mah mangga candak sadayana, sumeja
ngahaturanan."
22 Waler Abram, "Sim kuring sumpah di
payuneun PANGERAN, Allah Nu Maha Agung,
anu ngadamel langit sareng bumi,
23 hamo bade ngagaduh-gaduh kana barang-
barang anjeun, benang salambar atanapi tali
tarumpah sacewir oge moal, bisi engke saur
anjeun: Aing geus ngabeungharkeun Abram.
24 Sim kuring pribadi mah moal ngabantun
naon-naon iwal ti anu parantos kaanggo ku
balad. Nanging ieu mitra sim kuring tiluan,
Aner, Eskol sareng Mamre, sawios sina
ngabarantun bagianana."
15 1 Geus kitu PANGERAN ngandika ka
Abram dina titingalan. Dawuhana-Na,
"Tong sieun, Abram! Ieu Kami anu jadi
kepeng maneh. Ganjaran pikeun maneh taya
wiwilanganana."
2 Abram ngawangsul, "Nun PANGERAN Nu
Maha Agung, kangge naon ganjaran, da abdi
teh teu gaduh anak. Ahli waris teh mung pun
Elieser, urang Damsik tea.
3 Ku margi Gusti henteu maparin anak,
rajakaya abdi baris ragragna teh tangtos ka
salah sawios gandek abdi."

4 Gentra PANGERAN kadangu deui,
dawuhana-Na, "Lain eta nu baris jadi ahli
waris teh, tapi anak maneh pituin."
5 Ti dinya Abram ku PANGERAN dicandak ka
luar. PANGERAN ngadawuh deui, "Cik tanggah
ka langit, itung itu bentang ari bisa mah. Tah
turunan maneh teh bakal sakitu lobana."
6 Abram percanteneun kana dawuhana-Na.
Sikep Abram kitu ku PANGERAN kamanah
sarta katampi.
7 PANGERAN ngadawuh deui, "Ieu Kami
PANGERAN, anu nginditkeun maneh ti Ur di
Babilonia, sangkan maneh narima ieu tanah
Kami."
8 Abram ngawangsul, "Nun PANGERAN Nu
Maha Agung, kumaha abdi nya piterangeun,
yen abdi baris ngamilik ieu tanah?"
9 Dawuhan PANGERAN, "Kami
pangnyokotkeun sapi bikang, embe
bikang, jeung embe jalu anu umur tilu taunan
hiji-hiji, tikukur hiji, japati hiji."
10 Seug sato-sato anu ditataan teh ku
Abram dicandak haturkeuneun ka Allah,
terus dipeuncit dibeulah-beulah dua.
Eta beulahan-beulahan dientep, diatur sina
pahareup-hareup jeung pada beubeulahanana
masing-masing. Tapi manukna mah teu
dibeulah.
11 Ti dinya aya manuk-manuk nu sok
ngahakan bangke tarurun, tapi ku Abram
digebahan.

12 Ari dina wanci surup panonpoe Abram
kapulesan tibra naker, di dituna katarajang
sieun anu pohara.
13 Lajeng PANGERAN ngadawuh ka anjeunna,
"Kanyahokeun! Turunan maneh baris jaradi
jalma asing di nagara deungeun, di dituna
bakal jaradi jalma anu diereh ku deungeun
jeung dikaniaya, 400 taun lilana.
14 Tapi bangsa anu nganiayana ku Kami baris
dihukum. Sanggeus kitu turunan maneh baris
kaluar ti eta nagara bari marawa rajabrana
kacida lobana.
15 Tapi maneh pribadi mah baris cukup
nya umur, maot oge engke ari geus kolot
kabina-bina, tur mulang kalawan senang.
16 Turunan maneh anu baris marulang deui
ka ieu tanah teh nya eta turunan anu kaopat.
Nya harita bangsa Emor teh ku Kami baris
dikaluarkeun, diusir, nya eta lamun kajahatan
eta bangsa enggeus nepi ka jucungna."
17 Geus kitu, sanggeus panonpoe surup
pisan sarta geus poek, ujug-ujug breh aya
parapen, haseupna ngebul, jeung aya obor
hurung nyorang ka lebah sato-sato beunang
ngabeulahan tea.
18 Dina poe eta PANGERAN ngadamel hiji
perjangjian jeung Abram, dawuhana-Na,
"Kami jangji, rek mikeun ieu tanah pikeun
turunan maneh, legana ti semet wates tanah
Mesir nepi ka Walungan Eprat,

19 ngurung tanah-tanah urang Keni, urang
Kenas, urang Kadmoni,
20 urang Het, urang Pares, urang Repaim,
21 urang Emor, urang Kanaan, urang Girgas
jeung urang Yebus."
16 1 Sarai garwa Abram tea, teu kagungan
putra bae. Anjeunna kagungan emban,
hiji wanita urang Mesir ngaran Hajar.
2 Hiji mangsa Sarai sasauran ka Abram,
"Abdi ku PANGERAN teu dikersakeun gaduh
anak. Kumaha upami Akang ngarangkep
sareng Hajar? Upami bae manehna ngajuru,
budakna bade diaku ku abdi." Abram sapuk
kana usul Sarai.
3 Tuluy Hajar teh ku Sarai diserenkeun ka
Abram sina ditikah. Eta kitu teh sanggeus
Abram sapuluh taun ayana di Kanaan.
4 Abram sapatemon jeung Hajar. Geus kitu
Hajar teh ngandung. Barang ngarasa yen
keur kakandungan, Hajar jadi unggah adat,
malah ngahina ka Sarai.
5 Ari Sarai nempuhkeun ka Abram, saurna,
"Mana manehna wantun ngahina ka abdi ge
Akang nu lepat. Hanas ku abdi diserenkeun
ka Akang, ari heug nembe oge ngawitan
kakandungan parantos wantun ngunghak
ka abdi. Mugia PANGERAN anu jadi hakim,
antawis urang duaan saha nu leres."
6 Ari saur Abram, "Ari kitu mah ku Akang
dipulangkeun deui bae ka Nyai. Rek dikitu rek
dikieu kumaha Nyai, da tadina oge emban

Nyai." Ti dinya Hajar ku Sarai dikejeman nepi
ka ahirna kabur.
7 Sanggeus nepi ka hiji cinyusu di gurun
keusik deukeut jalan anu terus ka tanah Sur,
Hajar ditepangan ku Malaikat PANGERAN.
8 Eta Malaikat sasauran kieu, "Hajar, emban
Sarai, maneh ti mana jeung rek ka mana?"
Hajar ngawangsul, "Abdi teh kabur ti juragan
Sarai."
9 Saur Malaikat, "Balik deui ka ditu,
kumawula deui ka Sarai."
10 Malaikat ngalahir deui, "Kami baris
maparin ka maneh pirang-pirang lobana anak
incu, nepi ka moal aya saurang oge anu bisa
ngitung maranehna.
11 Moal lila deui maneh baris ngalahirkeun
budak lalaki; seug ngaranan Ismail, karana
PANGERAN geus ngadangu panyambat
maneh.
12 Adat eta budak jagana lir ibarat
kalde leuweung, ka saha-saha ngalawan,
kitu deui tiap jalma baris ngalawan ka
manehna. Hirupna baris mencil ti sakabeh
babarayaanana."
13 Hajar nanya ka dirina, "Kutan ieu teh Anu
Maha Tingali?" Seug pajenengan PANGERAN
anu nembongan teh ku Hajar disebut "El Roi",
hartosna "PANGERAN Nu Merhatoskeun".
14 Ari sumurna pada nyarebut "Sumur Lahai
Roy", anu hartina "Cinyusu Anu Jumeneng

Anu Ningalieun ka Kuring", ayana di antara
Kades jeung Bered.
15 Geus kitu Hajar ngalahirkeun hiji putra
pikeun Abram. Seug ku Abram dijenenganan
Ismail.
16 Yuswa Abram harita dalapan puluh genep
taun.
17 1 Mangsa yuswa Abram salapan puluh
salapan taun, PANGERAN nembongan
deui sarta ngandika, "Ieu Kami, Allah Nu
Maha Kawasa. Masing anut ka Kami ulah aya
kuciwana.
2 Kami rek meungkeut perjangjian jeung
maneh. Turunan maneh baris loba."
3 Bruk Abram sujud nyium taneuh. Allah
ngadawuh deui,
4 "Kieu perjangjian anu rek dibeungkeut
jeung maneh teh: Kami jangji, maneh baris
jadi karuhun bangsa-bangsa loba pisan.
5 Ti semet waktu ieu ngaran maneh lain
Abram, tapi Ibrahim. Sabab ku Kami baris
dijadikeun karuhun bangsa-bangsa loba
pisan.
6 Turunan maneh baris pohara reana,
malah aya nu baris jaradi raja. Pohara baris
reana turunan maneh teh, nepi ka ngajadi
bangsa-bangsa.
7 Ieu jangji ka maneh saanak incu nu
baris gumelar, baris dipageuhan ngajadi
perjangjian anu langgeng. Kami baris jadi

Allah maneh jeung Allahna turunan-turunan maneh.
8 Ieu tanah, tempat maneh ayeuna ngumbara, baris dibikeun ka maneh jeung turunan-turunan maneh. Salegana tanah Kanaan baris milik maneh salalawasna, sarta Kami Allahna."
9 PANGERAN ngandika deui, "Sabalikna maneh saanak incu nu bakal gumelar masing tuhu kana ieu perjangjian ti Kami, turun-tumurun.
10 Maneh jeung sakumna turunan maneh anu lalaki kudu disunat.
11 Teu kaiwalkeun jalma-jalma anu karumawula ka maneh, boh anu asal lahir di maneh, boh anu beunang meuli ti nu sejen, kudu disarunatan.
12 Ti semet ayeuna, sakur budak lalaki, umur dalapan poe kudu disunatan. Ieu hal pikeun nuduhkeun yen Kami jeung maneh geus nyieun perjangjian.
13 Masing-masing kudu disunatan, pikeun ngajadi tanda dina awak, anu nuduhkeun langgengna perjangjian Kami ka maneh.
14 Sakabeh lalaki nu teu disunatan moal dianggap umat Kami, sabab manehna geus cidra kana perjangjian Kami."
15 Aya deui pangandika Allah ka Ibrahim, "Pamajikan maneh ulah disebut deui Sarai. Ngaranna ayeuna mah Sarah.

16 Kami baris ngaberkahan, manehna
baris ngajuru hiji budak lalaki anu baris
dibikeun ku Kami ka maneh. Enya, Kami
baris ngaberkahan Sarah, manehna baris
jadi karuhun bangsa-bangsa. Di antara
turunanana baris aya raja-raja."
17 Bruk Ibrahim sujud nyium taneuh, tapi
bari gumujeng, sabab ceuk manahna: "Karah
jelema geus umur 100 taun rek boga anak?
Sarah nu geus 90 taun, karah baris anakan?"
18 Tapi ari unjukanana mah kieu,
"Disuhunkeun, mugi Ismail dipangraksakeun
supados lulus mulus."
19 Tapi Allah ngandika, "Lain kitu.
Sarah pribadi, pamajikan maneh, baris
ngandung anak maneh, lalaki. Ku maneh
kudu dingaranan Ishak. Eta budakna
kaasup kana perjangjian Kami, kitu deui
turunan-turunanana, keur salalanggengna.
20 Pamenta maneh ngeunaan Ismail, ku Kami
tangtu dimakbul. Ku Kami rek diberkahan.
Satuluyna baris anak baranahan loba turunan.
Baris jadi karuhun dua welas kapala kaom,
ari turunanana ku Kami baris dijadikeun hiji
bangsa nu gede.
21 Ngeunaan anak maneh Ishak, anu baris
lahir ti Sarah taun hareup kira-kira tepung
waktu ieu, perjangjian Kami tetep moal
barobah."
22 Sanggeus ngandika kitu, lajeng Allah
angkat ngantun Ibrahim.

23 Poe eta keneh, Ibrahim nyepitan
putrana, Ismail. Kitu deui jelema-jelema anu
karumawula, boh anu asal lahir di dinya, boh
anu meunang ngagaleuh, cindekna sakur
lalaki kabeh ku anjeunna disarunatan, tumut
satimbalan Allah.
24 Harita, waktu Ibrahim disepitan, yuswana
geus 99 taun,
25 ari Ismail putrana geus 13 taun.
26 Ibrahim disepitanana sapoe reujeung
jeung putrana,
27 (17-26b) bareng jeung sakabeh
jelema-jelema anu karumawula ka anjeunna.
18 1 PANGERAN sumping deui ka Ibrahim,
liren di deukeut tatangkalan karamat
tempat ibadah di Mamre. Harita Ibrahim keur
calik, ngangin di palataran hareupeun panto
kemah, kawantu poe keur papanasna.
2 Ana cengkat, breh katingali di beulah
ditu aya nu keur ngaradeg tiluan. Anjeunna
terus nepangan mani gura-giru. Sanggeus
pajonghok, anjeunna terus sujud kana
taneuh,
3 bari sasauran, "Juragan-juragan mugi
kersa sindang heula ka rorompok reureuh.
Abdi sumeja ngalalayanan.
4 Saparantos wawasuh sampean, leleson di
dieu handapeun tangkal.
5 Samemeh angkat taruang heula supados
kiat salira. Ku margi Juragan-juragan
sarumping teh ka dieu, tawis mihormat

ka sim abdi, abdi sumeja ngalalayanan."
Tamu-tamu ngawaler, "Nuhun, katarima
pisan."
6 Ibrahim geuwat ka kemah, saurna ka
Sarah, "Nyai, geuwat nyieun roti buleud.
Tipungna anu pangalusna, kira-kira
sakantong."
7 Ti dinya geuwat indit ka tempat
ingon-ingon, newak anak sapi anu keur
meumeujeuhna tur lintuh, terus dipasrahkeun
ka bujangna sina buru-buru direcah.
8 Tamu-tamu dituangkeun, susuguhna:
kiju, susu jeung daging. Sabot tamu-tamu
taruang, anjeunna ngalalayanan teu jauh ti
tamu, di handapeun tatangkalan tea.
9 Geus kitu tamu teh mariksakeun Sarah,
saurna, "Ari Sarah bojo maneh, aya?" Saur
Ibrahim, "Aya, di lebet kemah."
10 Saur tamu nu saurang, "Kami ngajangjian,
salapan bulan deui Sarah bakal boga anak.
Waktu eta Kami baris ka dieu deui." Eta
kasauran tamu ku Sarah oge kadangueun, da
keur aya di tukangeun panto.
11 Ibrahim jeung Sarah teh geus sarepuh
pisan, sarta Sarah geus liren tina adat biasa
istri.
12 Ku sabab kitu Sarah teh gumujeng
sajeroning batinna, saurna: "Aing anu geus
kolot jeung pareot kieu, naha hayang keneh
kitu kana kikituan? Salaki oge sarua geus
kolot."

13 Tapi PANGERAN ngadawuh ka Ibrahim,
"Ku naon Sarah nyeungseurikeun, jeung
nyebutkeun: Aing nu geus sakieu kolotna,
baruk rek boga anak?
14 Keur PANGERAN mah euweuh nu mustahil.
Dina mangsana, salapan bulan deui, Kami
baris ka dieu deui. Tangtu Sarah geus boga
anak, lalaki."
15 Ku sabab sieun, Sarah mungkir, saurna,
"Da abdi mah henteu seuri." Diwaler ku
PANGERAN, "Puguh enya, seuri."
16 Ti dinya tamu teh angkat, ngabujeng
hiji tempat anu ngemplong awas ka nagara
Sadumu, dijajapkeun ku Ibrahim.
17 PANGERAN ngalahir sajeroning manah:
"Kami moal ngarasiahkeun ieu maksud ka
Ibrahim.
18 Turunanana pijadieun bangsa anu kuat,
sarta sakabeh bangsa di bumi bakal marenta
berkah Kami anu geus dibikeun ka Ibrahim.
19 Manehna ku Kami geus diperih sangkan
ngadidik anakna jeung turunan saterusna,
sina ngestokeun parentah Kami, sangkan
bener hirupna. Upama kitu, sangkan anu
geus dijangjikeun ku Kami ka manehna bisa
dilaksanakeun."
20 Geus kitu Mantenna ngadawuh, "Geus
kacida poharana sora-sora anu rarumahuh ku
karana nagara Sadumu jeung Gomora. Eta
nagara geus kacida dorakana.

21 Kami rek turun ka dinya, hayang nyaho,
naha sakur anu ku Kami kadenge teh enya
atawa henteu. Ku Kami rek disidikkeun
heula."
22 Ti dinya tamu nu dua angkat ka nagara
Sadumu. Ari PANGERAN ngantos di dinya
jeung Ibrahim.
23 Ibrahim nyaketan ka PANGERAN, tumaros,
"Leres kitu jalmi anu leres oge ku Gusti bade
dibasmi, disamikeun sareng anu daroraka?
24 Upami di eta nagara aya lima puluh urang
anu teu aya kalepatanana, naha eta nagara
teh cios bae ditumpurkeun sama sakali?
Kumaha ku Gusti moal dihapunten tina
ngemutkeun ka lima puluh jalmi anu taya
dosana?
25 Tangtosna oge jalmi-jalmi anu taya
kalepatanana mah ku Gusti moal ngiring
dibasmi, moal disamarutkeun sareng nu
daroraka. Ceuk raraosan mah mustahil!
Tangtosna oge moal dugi ka kitu. Jalaran
upami dugi ka kitu teh, atuh anu taya dosana
oge sami bae ditumpurkeun sapertos anu
jarahat. Piraku! Kapan anu jadi hakim sabumi
teh kedah nyepeng hukum adil."
26 PANGERAN ngawaler, "Upama aya lima
puluh urang jalma hade di Sadumu, eta
nagara hamo dibasmi, lantaran inget ka nu
lima puluh."
27 Ibrahim unjukan deui, "Hapunten, abdi
kumawantun unjukan deui, Gusti. Rumaos

abdi teh ukur manusa, teu wenang nyanggem kitu kieu.
28 Nanging kumaha upami nu leres mung
opat puluh lima, sanes lima puluh, naha
eta nagara teh bade dibasmi bae, dumeh
kirang lima urang ti lima puluh?" PANGERAN
ngawaler, "Moal tulus, lantaran inget ka opat
puluh lima urang nu bener."
29 Ibrahim miunjuk deui, "Kumaha upami
mung opat puluh?" Waler-Na, "Moal tulus,
lantaran inget ka nu opat puluh urang."
30 Ibrahim, "Pamugi teu jadi bendu, Gusti,
abdi unjukan deui. Kumaha upami mung aya
tilu puluh?" Waler-Na, "Moal tulus najan ngan
aya tilu puluh oge."
31 Ibrahim, "Hapunten, abdi kumawantun
keneh. Kumaha upami mung aya dua puluh?"
Waler-Na, "Moal tulus dibasmi eta nagara teh,
najan nu benerna ngan dua puluh."
32 Piunjuk Ibrahim, "Nyanggakeun sewu-
sewu bebendu, abdi sumeja nyanggem sakali
ieu deui. Kumaha upami mung aya sapuluh
urang?" Mantenna ngawaler, "Moal tulus
dibasmina, sanajan ngan sapuluh urang."
33 Sanggeus ngadawuh kitu ka Ibrahim,
PANGERAN lajeng jengkar, Ibrahim mulih ka
kemah.
19 1 Wanci sareupna, dua malaikat tea
geus sarumping ka Sadumu. Waktu eta
Elut keur calik-calik di gapura nagara, tempat
nu lalar liwat. Ningali aya nu sumping teh

geuwat cengkat tuluy mapagkeun. Anjeunna sujud payuneun tamu,
2 tuluy miunjuk, "Juragan-juragan, mugi sindang ka rorompok, sim kuring sumeja ngalalayanan. Wengi ieu sae karulem di abdi bae, cai kanggo wawasuh sampean mah sayagi. Enjing nembe lajeng deui." Waler tamu, "Nuhun, kami mah rek meuting di alun-alun bae."
3 Tapi bawaning ku dikeukeuhan, aranjeunna terus ngariring ka bumi Elut. Terus dituangkeun, katuanganana bangsa anu raraos.
4 Barang tamu-tamu rek karulem, burubul urang Sadumu dararatang ngepung bumi Elut, mani pinuh, boh nu kolot boh nu ngora.
5 Breng tinggorowok ka Elut, "Mana eta jelema-jelema anu keur meuting di dinya? Kaluarkeun, arek dijima ku kabehan!"
6 Elut kaluar, panto ditutupkeun.
7 "Dulur-dulur!" saurna. "Ulah kitu ka tatamu, teu hade.
8 Kieu bae. Kuring boga anak awewe dua, parawan keneh. Pek bae rek dikitu rek dikieu oge, asal ulah ka tatamu. Tamu kuring eta teh, wajib ku kuring dibelaan."
9 "Halik silaing, urang deungeun! Jadi naon di dinya teh wani-wani mamagahan ka kami? Halik, bisi beak disasaak!" ceuk maranehna bari ngadorong Elut, rek ngaruksak panto.

10 Geuwat Elut ku tamuna dibedol ka jero,
pantona terus ditulakan.
11 Ari jelema-jelema nu di laluar ku
aranjeunna dijieun lalolong, sina talag-tolog
teu bisa neangan panto.
12 Saur tamu ka Elut, "Maneh boga baraya di
dieu? Maneh kudu kaluar ti ieu nagara. Anak
minantu, kitu deui baraya nu sejen-sejenna
arajak.
13 Ieu nagara sakeudeung deui baris
dibasmi ku kami. Rumahuhna jelema-jelema
ku karana ieu nagara geus kadangu ku
PANGERAN, sarta kami diutus ku Mantenna
kudu ngabasmi ieu nagara."
14 Ti dinya Elut nepangan pimantueunana
nu duaan, saurna, "Ujang, buru-buru urang
kalaluar ti dieu, sabab ieu nagara sakeudeung
deui rek dibasmi ku PANGERAN." Tapi ceuk
pamikir pimantueunana tangtuna oge eta
mah ukur lulucon.
15 Wanci subuh, malaikat ngageugeuwat ka
Elut, saurna, "Buru-buru! Anak pamajikan
bawa kaluar ti dieu, gancang, bisi kabawa
cilaka jeung ieu nagara."
16 Tapi Elut kaleked pisan, tungtungna
anjeunna saputra garwa dikekenyang
dicandak kaluar ti jero nagara, bawaning
ku watir-watirna PANGERAN ka anjeunna.
Sanggeus aya di luareun nagara, terus ditilar.
17 Saur malaikat nu saurang ka Elut,
samemeh nilarkeun, "Gancang ka ditu

lumpat, supaya salamet. Ulah nyoreang ka tukang, jeung ulah eureun di lebak. Kudu terus ka pagunungan, supaya teu milu musna."
18 Tapi saur Elut, "Sanes kitu, Juragan!
19 Leres Juragan teh sakitu mikarunya ka abdi. Juragan kalintang saena, kersa nyalametkeun ka abdi. Nanging pagunungan teh sakitu tebihna. Samemeh tepi ka ditu oge tangtos abdi-abdi paeh manten kaudag ku eta kacilakaan.
20 Kumaha upami ka kota nu itu bae, kota leutik? Ka dinya mah tangtos kabujeng da teu sabaraha tebihna. Ku Juragan ge katingali kotana alit. Widian ka dinya bae, supados abdi-abdi salamet."
21 Walerna, "Heug. Eta kota ku kami moal milu dibasmi.
22 Geuwat, lumpat sing tarik! Kami moal waka bisa nanaon samemeh maneh nepi ka dinya." Ku sabab ku Elut disebut leutik, eta kota dingaranan Soar.
23 Wanci meletek panonpoe, Elut geus dugi ka Soar.
24 Ti dinya PANGERAN ngaragragkeun hujan walirang hurung ti langit, ka nagara Sadumu jeung Gomora.
25 Eta dua nagara katut salegana lebak ku PANGERAN dibasmi. Jelema-jelemana kitu deui sagala tutuwuhan di eta nagara katut daerahna beak teu aya nu ngari.

26 Ari istri Elut anggur ngalieuk ka tukang,
sarta harita keneh jleg bae ngajadi tihang
uyah.
27 Poe isukna, poek keneh, Ibrahim
gagancangan muru ka tempat kamari
sasarengan jeung PANGERAN tea,
28 seja nempo Sadumu jeung Gomora kitu
deui lebak. Ana breh teh salegana tanah mani
mulek ku haseup, tingpeledug lir bijil tina
liang pameuleuman anu pohara gedena.
29 Sajeroning Allah ngabasmi eta dua nagara
katut tanah lebak lemparna, manahna tetep
mikaemut ka Ibrahim, sarta ku karana eta
Mantenna ngawidian Elut salamet kaluar ti
dinya.
30 Ku sabab teu wantun cicing di Soar, Elut
ngalih ka pagunungan jeung dua putrana,
ngadon matuh di hiji guha.
31 Hiji poe, ceuk putra nu kolot ka raina,
"Ama geus sepuh. Heug di dieu taya pisan
lalaki. Atuh urang teh moal aya anu ngawin
cara galibna di dunya supaya boga anak.
32 Urang kieu bae: Ama urang sina mabok,
sina ngagaulan ka urang, supaya ti Ama boga
anak."
33 Peuting eta Elut ku putra-putrana
dihaturanan leueuteun anggur nepi ka
mabok, tuluy pagaul jeung putrana nu
cikal. Tapi teu uningaeun yen kikituan jeung
putrana, kawantu mabokna pohara.

34 Poe isukna, ceuk nu cikal ka adina, "Tadi
peuting, aceuk anu digarap ku Ama. Peuting
engke giliran nyai. Amana urang sina mabok
deui. Supaya urang pada-pada boga anak ti
Ama."
35 Tuluy ramana dimabokan deui, sarta
peutingna Elut pagaul jeung putrana nu
kadua. Tapi teu uningaeun yen kikituan,
lantaran mabokna pohara deui bae.
36 Ti dinya putrana duanana ngarandung ti
ramana keneh.
37 Anu cikal, anakna lalaki, dingaranan Moab,
anu engkena jadi karuhun bangsa Moab
kiwari.
38 Ari adina, anakna sarua lalaki, dingaranan
Ben Ami, anu engkena jadi karuhun bangsa
Amon.
20 1 Ti Mamre Ibrahim ngalih ka daerah
Kanaan beulah kidul, ngababakan
antara Kades jeung Sur. Waktu anjeunna
mukim di daerah Gerar,
2 Sarah geureuhana ku anjeunna diangken
yen raina. Atuh Sarah diboyong ka karaton ku
Abimelek, raja tanah Gerar.
3 Peutingna Allah nembongan ka eta raja
dina impenan, sarta ngadawuh, "Maneh bakal
paeh, sabab Sarah teh awewe boga salaki."
4 Tapi harita Sarah teh ku raja acan di
deukeutan. Anjeunna ngawaler kieu, "Naon
margina abdi sareng bangsa abdi kedah
binasa, da teu gaduh kalepatan naon-naon?

5 Saur Ibrahim eta teh raina. Sanggem Sarah
nya kitu, majar Ibrahim teh rakana. Niat abdi
estu beresih, jadi asa teu aya lepatna."
6 Allah ngawaler, "Enya Kami ge nyaho niat
maneh teh beresih; pang ku Kami dicegah
ulah ngaganggu Sarah oge supaya maneh
ulah nepi ka nyieun dosa ka Kami.
7 Pulangkeun deui ka salakina. Salakina
teh nabi, tangtu baris mangnedakeun
hampura pikeun maneh, supaya ulah tulus
paeh. Lamun henteu dipulangkeun, maneh
sakulawedet tangtu paeh."
8 Isukna isuk-isuk pisan Abimelek
ngempelkeun para ponggawa, nyarioskeun
hal eta. Maranehna kacida sarieuneunana.
9 Ti dinya Abimelek nyaur Ibrahim, sarta
saurna, "Ku naon anjeun mana kitu? Lepat
naon sim kuring ka salira, nepi ka sim kuring
katut rahayat sanagara nandangan musibat?
Nu sanes mah moal aya nu wantun kitu ka
sim kuring, sapertos salira.
10 Cobi, naon margina?"
11 Waler Ibrahim, "Lantaran panyangka sim
kuring teh sieun di dieu mah taya nu sieun ka
Allah, ana heug urang dieu harayangeun ka
pun bojo, heug bae sim kuring pada maehan.
12 Nanging leres pun bojo teh adi, sabapa
mung misah indung, nu matak ku sim kuring
ditikah.
13 Kitu nu mawi, waktos Allah nimbalan sim
kuring kedah ngantunkeun babakan pun

bapa ngumbara ka nagri sanes, pun bojo teh
ku sim kuring sok dipesen kieu, Nyai sing
bela ka Akang, di mana bae oge Nyai kudu
nyebutkeun yen Akang teh lanceuk."
14 Ti dinya Sarah ku Abimelek dipulangkeun
ka Ibrahim, malah bari ditambahan ku
domba, sapi jeung jelema-jelema purah
kumawula.
15 Saurna ka Ibrahim, "Saena mah tetep-
tetep bae sareng urang dieu. Tanah mah
kantun milih nu mana copna, da sugri nu
katingali ku salira teh sadayana oge tanah
gagaduhan."
16 Ari saurna ka Sarah, "Sim kuring
ngahaturanan ka tuang raka sarebu uang
perak, kanggo panyecep ka sugri anu
reureujeungan sareng Nyai, sina nyakseni
yen salira taya kuciwa."
17 Geus kitu Ibrahim mangnedakeun
Abimelek ka Allah. Seug Abimelek jeung
geureuhana ku Allah dicageurkeun, sina iasa
puputra sakumaha mistina.
18 Satadina PANGERAN geus mepet
kandungan wanita-wanita saeusi bumi
Abimelek dumeh Abimelek midamel kitu ka
Sarah geureuhana Ibrahim.
21 1 PANGERAN netepan jangji-Na ka
Sarah.
2 Sarah bobot terus ngababarkeun putra
pameget ti Ibrahim, waktu Ibrahim geus

sepuh pisan. Ari dilahirkeunana cocog dina waktu anu geus didawuhkeun ku Allah.
3 Ku Ibrahim dijenenganan Ishak.
4 Sanggeus yuswa dalapan poe, murangkalih ku Ibrahim disepitan numutkeun timbalan Allah tea.
5 Yuswa Ibrahim waktu Ishak lahir saratus taun.
6 Sarah sasauran sorangan, "Aing ku Allah dipaparin kabungahan, tapi pikaseurieun. Sarerea oge mun ngadenge ieu kajadian tangtu sareuri kawas aing."
7 Saurna deui, "Bareto mah saha nu rek amang-omong ka Ibrahim yen Sarah bakal nyusuan anak sorangan? Tapi ayeuna, waktu Ibrahim geus sakitu sepuhna, geuning aing bisa boga anak, heug budak teh lalaki deuih."
8 Murangkalih beuki ageung. Sanggeus waktuna disapih, ku Ibrahim dipestakeun, hajat gede.
9 Dina hiji poe, Ismail putra ti Hajar urang Mesir, ameng jeung Ishak putra ti Sarah.
10 Ana katingali ku Sarah, seug Sarah sasauran ka Ibrahim, "Hajar teh sareng anakna tundung bae. Anakna ulah dipasihan warisan naon-naon. Ka anak abdikeun sadayana, warisan mah."
11 Atuh Ibrahim pohara ngungun manahna, kawantu Ismail oge putra.
12 Tapi aya pangandika Allah ka Ibrahim, "Hajar jeung anakna teu kudu dipake

susah. Pamenta Sarah turutkeun bae.
Sabab memangna oge nya Ishak anu baris
ngarundaykeun turunan anu ku Kami disebut
dina perjangjian Kami teh.
13 Tapi budak anu ti Hajar oge ku Kami
tangtu dibere turunan nu rendey, malah baris
jadi hiji bangsa, da eta oge anak maneh."
14 Isukna isuk-isuk keneh Ibrahim
nyayagikeun roti jeung cai sakimpul
dipaparinkeun ka Hajar. Ismail ku anjeunna
dipangkon tuluy disina dipunggu ku Hajar
sarta Hajar dijurung laku. Hajar miang,
satuluyna kasasar di tanah gurun Bersyeba.
15 Barang cai bekelna geus beak pisan, sot
Hajar ngecagkeun Ismail di handapeun hiji
rungkun, tuluy leumpang ngajauhan.
16 Sanggeus jauhna kira-kira sapamaledog,
brek bae diuk bari ngomong sajeroning
batinna: "Aing moal kuat nenjo anak paeh."
Segruk bae Hajar teh ceurik.
17 Eta budak teh ceurik sarta kadangu ku
Allah. Lajeng malaikat PANGERAN ti langit
ngagentraan ka Hajar, saurna, "Ku naon
Hajar nalangsa? Ulah susah-susah. Allah geus
ngadangu ceurikna eta budak.
18 Geura cengkat, pangku budak teh, combo.
Eta budak rek dijadikeun hiji bangsa gede."
19 Ku karana Allah, bray panon Hajar
jadi awas, breh ningal aya hiji cinyusu.
Geuwat Hajar nyiuk cai kana kimpul, terus
murangkalih teh diinuman.

20 Eta murangkalih ditangtayungan ku Allah
nepi ka sawawa, hirup matuh di tanah gurun
Paran, jadi paninggaran anu ahli.
21 Ku ibuna dijodokeun ka hiji mojang ti
Mesir.
22 Geus kitu Abimelek nepangan ka Ibrahim,
disarengan ku Pikol, panglima angkatan
perangna, seug sasauran ka Ibrahim, "Sugri
anu dipidamel ku salira, kenging berkah ti
Allah.
23 Kitu nu mawi, disuhunkeun supados salira
jangji kalayan sumpah demi Allah yen moal
midamel curang ka sim kuring, ka anak-anak
sareng incu buyut sim kuring. Sim kuring
parantos nawiskeun persetya ka salira. Salira
oge mugi nawiskeun persetya ka sim kuring
sareng ka ieu tanah tempat salira ngumbara."
24 Seug Ibrahim sumpah, "Sim kuring
jangji."
25 Geus kitu Ibrahim ngagugat perkara hiji
sumur anu direbut ku ponggawa-ponggawa
Abimelek.
26 Waler Abimelek, "Sim kuring teu terang
yen aya perkawis kitu. Nembe nguping
ayeuna da tadi-tadina henteu wawartos."
27 Ti dinya Ibrahim nyandak domba jeung
sapi sababaraha sele, diserenkeun ka
Abimelek. Terus aranjeunna meungkeut hiji
perjangjian.
28 Ibrahim misahkeun deui tujuh sele domba
kagunganana.

29 Ku Abimelek ditaros, "Dupi eta kanggo
naon?"
30 Waler Ibrahim, "Ieu anak domba tujuh
sele mugi ditampi ku salira, kanggo tawis yen
salira teu kaabotan ku perkawis eta sumur,
yen sim kuring anu ngalina."
31 Ku kituna eta sumur pada nyarebut
Bersyeba, dumeh eta dua jalmi pada
meungkeut sumpah di dinya.
32 Sanggeus mareungkeut perjangjian di
Bersyeba, Abimelek jeung Pikol panglima
angkatan perangna marulih deui ka tanah
Pelisti.
33 Ari Ibrahim di Bersyeba ceb melak
hiji tangkal korma, nya ti mangsa harita,
eta tempat dipake nyambat pajenengan
PANGERAN, Allah Nu Maha Langgeng.
34 Ibrahim lila pisan matuhna di eta tanah
Pelisti.
22 1 Hiji mangsa Allah nguji ka Ibrahim,
timbalana-Na, "Ibrahim!" Ibrahim
ngawaler, "Nun, aya pikersaeun naon?"
2 Timbalan Allah, "Anak kadeudeuh maneh
anu ngan hiji-hijina, Ishak, bawa ka tanah
Moria. Kurbankeun ku maneh ka ditu, duruk di
hiji gunung anu ku Kami baris dituduhkeun."
3 Isukna, isuk-isuk pisan Ibrahim nyelaan
kalde, meulahan suluh keur engke ngaduruk
kurban. Bral angkat, nyandak Ishak jeung
badega duaan, ngajugjug tempat anu
dimaksad ku PANGERAN.

4 Nincak kana poe katiluna, tempat anu
dijugjug teh geus tembong celak-celak.
5 Ibrahim ngalahir ka badegana, "Maraneh
mah ngadaragoan di dieu bae, tungguan
kalde. Kami jeung si Encep rek terus ka ditu,
rek ngalampahkeun ibadah. Engke ge balik
deui ka dieu."
6 Ishak ku anjeunna dipiwarang manggul
suluh nu rek dipake ngaduruk kurban.
Ibrahim ku anjeun ngajingjing gobang jeung
areng ruhay, bral deui arangkat paduduaan.
7 Teu lila pok Ishak unjukan, "Ama!"
Diwaler, "Naon Ujang?" Ishak, "Suluh
nyandak, seuneu nyandak, dupi domba
pikurbaneunana mana?"
8 Ibrahim ngawaler, "Enung, eta engke
disayagikeun ku Allah ku manten." Ketruk
arangkat deui paduduaan.
9 Sumping ka tempat anu dimaksad ku
PANGERAN, Ibrahim ngadegkeun altar, terus
suluhna ditumpukkeun di dinya. Reketek
putrana diborogod, sok digolerkeun dina
tumpukan suluh luhureun altar.
10 Kek Ibrahim kana gobang, seja meuncit
putrana.
11 Sabot kitu, ngeng aya gentra malaikat
PANGERAN ti langit, "Ibrahim, Ibrahim!"
Anjeunna ngawaler, "Nun, ieu abdi!"
12 Gentra, "Ulah dipaehan budak teh,
ulah digunasika! Ayeuna Kami nyaho,
maneh sakitu nurutna ka Allah. Anak ngan

sasiki-sikina dipenta ku Kami, ku maneh teu dikoretkeun."
13 Barang Ibrahim ngareret ka gigir, bet
ningali aya domba jalu, tandukna kagubed ku
areuy-areuyan. Tuluy ditewak, dipeuncit sarta
diduruk dijieun kurban, gaganti putrana.
14 Ti dinya eta tempat ku Ibrahim disebut
"PANGERAN Nu Nyayagikeun". Nepi ka kiwari
oge disarebutna teh "Di Gunung PANGERAN
Mantenna Nyayagikeun".
15 Malaikat PANGERAN ti langit ngagentraan
deui ka Ibrahim,
16 "Kieu timbalan PANGERAN: Ku sabab
maneh geus sakitu nurutna, nepi ka teu
ngoretkeun anak anu ngan sasiki-sikina
dipenta ku Kami,
17 Kami jangji, Kami seja mere berkah
tanpa wilangan. Seja ngarundaykeun turunan
maneh, lobana lir bentang-bentang di langit,
lir keusik di basisir. Turunan maneh baris
mampuh nundung musuh-musuh.
18 Bangsa-bangsa saalam dunya baris
mareunang berkah ku lantaran turunan
maneh, sabab maneh tuhu kana parentah
Kami."
19 Geus kitu Ibrahim nepangan badegana,
tuluy bareng mulih ka babakanana di
Bersyeba.
20 Hiji mangsa sanggeus kajadian di Gunung
Moria tea, Ibrahim kenging wartos, yen

Nahor, raina kagungan putra dalapan urang ti
Milka, garwana.
21 Us cikalna, terus nungturun: Bus, Kemuel
bapana Aram,
22 Kesed, Haso, Pildas, Yidlap jeung Betuel,
23 ramana Rabeka tea. Milka ngowokeun
putra-putra dalapan urang lalaki ti Nahor
carogena, saderekna Ibrahim.
24 Ari putra-putra ti garwa anu kadua, Ruma,
nya eta: Tebah, Gaham, Tahas jeung Maaka.
23 1 Sanggeus Sarah yuswana 127 taun,
2 Sarah pupus di Hebron di tanah
Kanaan. Ibrahim anu dikantun, midangdam
taya hinggana, lajeng sasayagian keur
ngurebkeun.
3 Layon ku anjeunna dikantun nepangan
heula urang Het anu maratuh di dinya.
Saurna,
4 "Dulur-dulur, sim kuring teh kawantu anu
ngumbara, padumukan oge teu acan jinek.
Ayeuna butuh lahan keur nguburkeun pun
bojo. Kumaha upami meser ti dulur-dulur?"
5 Jawab maranehna,
6 "Kieu eta mah, Juragan! Juragan teh kapala
anu kawasa di dieu. Atuh sumangga tuang
geureuha teh kurebkeun di salah sawios
makam milik anu utami di dieu. Saurang
ge moal aya nu kaabotan makam milikna
dianggo keur ngurebkeun tuang geureuha."
7 Ibrahim dongko hormat ka maranehanana

8 sarta ngalahir, "Upami leres rarido sim
kuring nguburkeun pun bojo di dieu,
pangmundutkeun ka Epron, putra Sohar,
9 supados Guha Makpela kagunganana anu
di sisi humana tea diical ka sim kuring. Bade
dipeser sapangaosna kalayan disaksian ku
aranjeun, supados eta pamakaman teh sah
kagaduhanana ku sim kuring."
10 Ari Epron harita keur ngariung jeung
urang Het di gapura kota. Pok Epron nyarita
ka Ibrahim, kadenge ku sakur anu araya di
dinya,
11 "Kaom sim kuring jaradi saksi yen
eta huma katut guhana, ku sim kuring
disanggakeun sangkan Juragan tiasa
ngurebkeun tuang bojo."
12 Ibrahim dongko ka hareupeun urang
dinya,
13 pok ngawaler ka Epron, kadarenge
ku sarerea, saurna, "Hatur nuhun kana
kasaean Saderek. Nanging ku sim kuring
tetep bade dipeser, sadayana. Pun bojo
bade dikuburkeun di dinya. Mangga ieu
pameseranana ditampi."
14 Walon Epron,
15 "Kitu oge sae. Nanging da tanah mung
sacangkewok, sayaktosna kanggo urang
naon hartosna. Mangga tuang geureuha teh
kurebkeun di dinya. Dupi pangaosna mah 400
uang perak."

16 Ibrahim rujuk. Bari disaksian ku bani Het
anu araya di dinya, perak keur mayarna terus
ditimbang ku timbangan anu sah diparake
ku para sudagar, jumlahna 400 uang perak
sakumaha pamenta Epron.
17 Ti dinya, eta lahan Epron anu di
Makpela wetaneun Mamre teh geus sah jadi
milik Ibrahim katut guhana, malah katut
tatangkalanana, nepi ka tungtung-tungtung
wawatesanana.
18 Ku bani Het geus diaraku kalawan sah,
yen eta lahan teh geus jadi milik Ibrahim.
19 Ti dinya Ibrahim ngurebkeun Sarah
geureuhana di eta guha di tanah Kanaan.
20 Jadi eta tanah anu tadina milik urang Het,
ayeuna geus sah jadi milik Ibrahim, dianggo
tanah makam.
24 1 Ibrahim geus kacida sepuhna. Sagala
lampah hirupna ku Allah diberkahan.
2 Dina hiji poe ngalahir ka badega
pangkolotna, purah ngurus kakayaan
anjeunna, "Pernahkeun leungeun maneh ka
antara tetepokan kami.
3 Kudu sumpah demi PANGERAN, Allah
nu kagungan langit jeung bumi, yen keur
pijodoeun anak kami maneh moal neangan
awewe urang dieu, urang Kanaan.
4 Teangan pijodoeun anak kami Ishak ti
lebah babarayaan kami di tanah asal kami.
Jadi maneh kudu ka ditu."

5 Badega ngawangsul, "Kumaha upami
piistrieunana teu kersaeun dicandak,
hoyongeun tetep di ditu? Naha tuang putra
kedah ka ditu ka tanah asal Juragan?"
6 Waler Ibrahim, "Ulah! Kahade, anak kami
ulah dibawa ka ditu!
7 PANGERAN, Allah nu kagungan langit,
nginditkeun kami ti lingkungan bapa jeung
baraya. Mantenna geus jangji ka kami
nganggo sumpah, baris masrahkeun ieu
tanah keur turunan kami. Mantenna baris
ngutus malaikat-Na nuyun ka maneh,
sangkan hasil meunangkeun pijodoeun anak
kami.
8 Saupama pijodoeunana embungeun milu,
maneh geus henteu kabeungkeut ku jangji.
Pokona mah anak kami ulah nepi ka kudu ka
ditu."
9 Seug badega teh mernahkeun leungeunna
ka antara tetepokan Ibrahim dununganana,
tuluy sumpah seja tuhu kana pamundut.
10 Ti dinya nyadiakeun onta sapuluh anu
dununganana, kitu deui barang-barang nu
aralus. Bral miang ka nagara tempat Nahor
jenatna di Mesopotami.
11 Sanggeus nepi ka nu dijugjug, seug
ngareureuh deukeut hiji sumur luareun
kota. Pasosore awewe urang dinya rabul rek
ngarala cai.
12 Badega teh seug neneda, "Nun
PANGERAN, Allah juragan Ibrahim. Mugi

abdi dinten ieu ditepangkeun sareng anu
nuju dipilari. Mugi Gusti emut kana jangji ka
dunungan abdi.
13 Abdi sumeja ngantos dongkapna barudak
awewe ti kota ngarala cai ka dieu,
14 bade nyanggem ka salah saurang: Cik
nyuhunkeun caina, Bapa halabhab. Upami
wangsulanana: Mangga, malah onta-onta oge
urang inuman, nya manehna anu ku Gusti
kamanah baris pijodoeun juragan Ishak. Eta
jadi tawis pikeun abdi, yen jangji Gusti ka
dunungan abdi tetep pageuh."
15 Sabot manehna neneda keneh, jol aya
hiji mojang nyuhun buyung wadah cai. Eta
mojang teh Rabeka putra Betuel, putuna
Milka garwa Nahor raina Ibrahim.
16 Rupana teuing ku geulis jeung parawan
keneh. Jut turun ka sisi sumur ngeusian
buyung, cat unggah deui.
17 Badega nyampeurkeun, pok ngomong,
"Cik nyuhunkeun caina, Bapa halabhab."
18 Ari wangsulanana, "Mangga bade
ngaleueut mah," bari buru-buru nyangkeh
buyung di dengdekkeun. Regot manehna
nginum.
19 Geus kitu eta mojang teh ngomong,
"Onta-onta oge sae urang inuman. Keun
caina ku abdi dipangalakeun."
20 Cai tina buyung dicicikeun kana
panginuman nepi ka kosong, terus lumpat

ngeusian deui. Kitu jeung kitu bae, nepi ka onta-onta kabeh ngarinum.
21 Manehna bati bengong, ngawaskeun barina repeh, hayang nyaho, naha pamaksudanana teh baris diluluskeun ku PANGERAN atawa moal.
22 Geus kitu manehna ngaluarkeun anting emas jeung geulang emas sapasang, seug diterapkeun ka nyi mojang.
23 Pok nanya, "Eulis putra saha? Bapa hayang terang. Kumaha kinten-kintenna tuang rama kersaeun nampi Bapa sabatur-batur ngadon mondok barang sawengi?"
24 Ari wangsulanana, "Abdi putra Betuel, putu Eyang Nahor sareng Eyang Milka.
25 Kantenan di rorompok aya tempat. Jarami sareng parab onta oge sayagi."
26 Badega teh terus sujud, muji sukur ka PANGERAN.
27 Ari kedalna, "Sagala puji kagungan PANGERAN, Allah panutanana juragan Ibrahim. Mantenna satia nyepeng jangji-Na ka dunungan sim abdi. PANGERAN parantos nuyun sim abdi, nuduhkeun jalan ka bumi saderekna dunungan sim abdi."
28 Ari nyi mojang lumpat ka bumi, seug wawartos ka ibuna.
29 (24:29-30) Cacariosna kadangu ku raina, Laban, malah katingalieun yen nganggo anting emas jeung geulang emas, raina terus lumpat, seja neang jelema anu dicarioskeun

tea. Kasampak keur nangtung deukeut onta-onta sisi sumur.
30 (24:29)
31 Saur Laban, "Haturan Bapa, nu diberkahan ku PANGERAN! Ku naon linggih di dieu bae, sanes teras ka ditu. Mangga urang sareng ka rorompok, tempat parantos sayagi, kangge onta oge aya."
32 Badega teh terus milu. Sanggeus tepi onta-onta ku Laban dicuculan, diberean jarami jeung parab. Geus kitu disadiakeun cai keur eta badega Ibrahim sabatur-batur kukumbah suku.
33 Barang disina dalahar, manehna unjukan, "Nyuhunkeun widi, sateuacanna neda bade aya pisanggemeun heula." Saur Laban, "Mangga saurkeun bae."
34 "Sim kuring teh badegana juragan Ibrahim," pokna.
35 "Anjeunna ku PANGERAN dikersakeun kalintang beungharna sareng mulyana. Ingon-ingonna teu kinten seueurna, domba, embe, sapi, onta, kalde, kitu deui emas perak sareng badega-badega awewe lalaki.
36 Ti geureuhana, juragan Sarah tea, kenging putra pameget hiji. Dibabarkeunana saparantos juragan istri kalintang sepuhna. Ku ramana dipukpruk-pukpruk, sagala dipasihan.
37 Sim kuring ku juragan pameget diperih kedah milarian pijodoeun putrana. Saurna:

Maneh kudu sumpah heula yen moal neangan
parawan urang Kanaan.
38 Anak kami kudu dipangneangankeun jodo
ti rerehan bapa kami, ti lebah baraya-baraya
kami di tanah asal kami. Upama lain ti ditu,
maneh sing ulah jamuga.
39 Sanggem sim kuring, Kumaha upami
piistrieunana teu kersaeun ngiring?
40 Waler juragan: PANGERAN, anu dibakti ku
kami, baris ngutus malaikat-Na nuyun jeung
nulung ka maneh, sangkan gawe maneh
hasil. Tangtu maneh bakal manggih eta
pijodoeun anak kami ti rerehan bapa kami, ti
lebah wargi-wargina.
41 Upama ieu pamenta kami diestokeun,
maneh moal tulus keuna ku supata kami. Kitu
deui upama usaha maneh ku baraya kami teu
ditarima, maneh bebas tina eta supata.
42 Tadi sadongkapna ka sisi sumur, sim
kuring neneda kieu, Nun PANGERAN,
Allah Ibrahim dunungan abdi, mugi kersa
ngalaksanakeun ieu ihtiar.
43 Abdi sumeja ngantos di dieu di sisi sumur.
Upami aya mojang anu dongkap rek ngala
cai, abdi bade nyuhunkeun nginum tina
buyungna.
44 Upami masihan, sarta ka onta-onta oge
mangbantunkeun cai, mugi nya eta tawisna
anu ku Gusti dipilih kangge pijodoeun putra
dunungan sim abdi.

45 Sabot sim kuring neneda jeroning ati, euis
Rabeka sumping bari munggu buyung, teras
ka sisi sumur ngala cai. Sanggem sim kuring
ka anjeunna: Cik Bapa pasihan caina.
46 Anjeunna enggal nurunkeun buyung,
sarta saurna: Mangga bade ngaleueut mah,
malah onta-onta ge urang inuman. Rot sim
kuring nginum, ari anjeunna teras nginuman
onta-onta.
47 Sanggem sim kuring: Euis putra saha?
Walerna: Abdi putra Betuel, putu eyang Nahor
sareng eyang Milka. Ti dinya sim kuring
ngabantun anting emas sareng geulang
emas, dianggokeun ka anjeunna.
48 Saparantos kitu sim kuring sideku
muji sukur ka PANGERAN, Allahna juragan
Ibrahim, wireh Mantenna parantos kersa
maparin jalan pitepangeun sareng saderekna
juragan Ibrahim, ditepangkeun sareng
putrana nu istri, keur pigarwaeun putrana.
49 Ku margi kitu, sim kuring nyuhunkeun
katangtosan. Upami eta kapalay juragan sim
kuring karujukan, atuh sumangga saurkeun.
Henteu bae karujukan, saurkeun keneh,
supados puguh cekeleun sim kuring."
50 Waler Laban jeung Betuel, "Ku margi
ieu teh pangersa PANGERAN, piraku kedah
ditolak.
51 Mangga Rabeka candak ka ditu, tikahkeun
ka putra dunungan anjeun, sakumaha
timbalan PANGERAN tea."

52 Sanggeus aya ikrar kitu ti pribumi, brek
badega Ibrahim teh sujud, sumembah ka
PANGERAN.
53 Geus kitu ngaluar-luarkeun perhiasan tina
emas jeung perak jeung anggoan-anggoan,
keur Rabeka. Saderekna jeung ibuna
karenging tawis kagegelan.
54 Sanggeus kitu kakara eta badega sabatur-
batur teh dalahar nginum. Terus marondok.
Isukna sanggeus harudang, manehna menta
amit ka pribumi yen: "Bade wangsul ayeuna."
55 Walon ibu jeung saderekna Rabeka, "Ulah
waka ayeuna. Engke bae saminggu deui
atanapi sapuluh dinten, nembe pun anak
candak ka ditu."
56 Ari jawabna, "Moal tiasa. PANGERAN
parantos ngaberkahan perjalanan sim kuring
dugi ka hasil anu diseja. Jadi ayeuna kedah
enggal-enggal ngadeuheus ka dunungan."
57 Ceuk pribumi, "Urang saur heula bae
Rabekana. Keun kumaha manehna."
58 Rabeka disaur seug dipariksa, "Daek
ngiring ka ditu?" Wangsulanana, "Ngiringan."
59 Karujukan ku saderek-saderekna, Rabeka
dijurungkeun, dibarengan ku pangasuhna,
sina dibawa ku eta badega sabatur-batur,
60 bari pada ngadoakeun kieu, "Didoakeun
sing jadi ibu ti mangrebu-rebu! Turunanana
sing bisa ngarebut nagara musuh-musuhna!"

61 Sanggeus sagala tarapti, Rabeka jeung
para inangna dicandak kana onta, terus
ngiring ka ditu ngantunkeun lembur.
62 Ishak anyar sumping ka lebah Sumur
Lahai-Roy, anu hartina "Cinyusu Anu
Jumeneng Anu Ningalieun ka Kuring".
63 Isuk-isuk keneh pisan, waktu keur
ngalanglangan huma, anjeunna ningali
aleutan onta.
64 Rabeka oge geus awaseun ka Ishak, tuluy
turun tina onta,
65 sarta mariksakeun ka badega, "Saha
itu pameget anu nuju ka dieukeun?" Ceuk
badega, "Juragan anom." Top Rabeka kana
tiungna terus dicindungkeun.
66 Ti dinya badega teh ngunjukkeun sagala
lalakonna ka Ishak.
67 Rabeka ku anjeunna dicandak ka kemah,
satuluyna ditikah, kacida dipikacintana. Ku
kituna Ishak teh manahna kabangbalerkeun,
henteu cumantel teuing ka ibuna nu geus teu
aya.
25 1 Ari Ibrahim nikah deui. Garwa nu
ayeuna Keturah.
2 Ngababarkeun: Simran, Yoksan, Medan,
Midian, Isbak jeung Suah.
3 Yoksan puputra Syeba jeung Dedan. Ari
putra-putra Dedan nya eta: urang Asur, urang
Letus jeung urang Leum.

4 Midian puputra Epa, Eper, Hanok, Habida
jeung Eldaa. Sakitu turunan anjeunna ti
Keturah.
5 Ibrahim ngahibahkeun sagala kakayaanana
ka Ishak.
6 Tapi samemeh anjeunna pupus, putra-putra
ti garwa nu lianna oge dipaparin bagian.
Sanggeus mareunang bagian ku anjeunna
dijarurung laku ka tanah wetan, sina jarauh ti
Ishak.
7 Ibrahim yuswana nepi ka 175 taun.
8 Jadi pupusna teh sanggeus sepuh pisan.
9 Ku Ishak jeung Ismail dikurebkeun di Guha
Makpela, anu pernahna di hiji lahan wetaneun
Mamre, bogana Epron bin Sohar, urang Het.
10 Eta lahan ku Ibrahim geus digaleuh
ti urang Het. Nya di dinya anjeunna
dikurebkeunana. Sarah oge, geureuhana,
dikurebkeunana teh di dinya.
11 Sadikantunna ku Ibrahim, Ishak
diberkahan ku Allah, matuhna deukeut Sumur
Lahai Roy.
12 Ari Ismail, putra Ibrahim ti Hajar urang
Mesir, embanna Sarah tea,
13 kagungan sababaraha putra lalaki.
Ieu ngaran-ngaranna, nurutkeun parelean
umurna: Nebayot, Kedar, Adbel, Mibsam,
14 Misma, Duma, Masa,
15 Hadad, Tema, Yetur, Napis jeung Kedma.
16 Aranjeunna jaradi karuhun ti dua belas
kaom, sarta ngaran-ngaranna diparake

ngaran-ngaran pakampungan-pakampungan
jeung tempat-tempat pakemahanana.
17 Ari Ismail yuswana 137 taun, tuluy pupus.
18 Turunan anjeunna hirupna di wewengkon
antara Hawila jeung Sur, wetaneun Mesir,
sapanjang jalan anu brasna ka tanah Asur.
Harirupna misah ti nu jadi dulur.
19 Ieu lalakon Ishak putra Ibrahim.
20 Nikahna dina yuswa opat puluh taun,
ka Rabeka putra Betuel urang Aram ti
Mesopotami, saderekna Laban.
21 Ku sabab garwana henteu bae kagungan
putra, ku anjeunna dipangnedakeun ka
PANGERAN. Panedana dikabul, Rabeka bobot,
22 bobotna kembar. Waktu keur dikandungna
keneh, eta dua sakembaran teh papaduk-
paduk. Saur Rabeka, "Ku naon aing teh nepi
ka nyorang nu siga kieu?" Seug anjeunna
neneda ka PANGERAN, neda bongbolongan.
23 Ku PANGERAN diwaler, lahirana-Na, "Di
jero kandungan maneh aya dua bangsa. Di
mana gumelar, baris jadi dua kaom anu silih
lawan. Nu hiji leuwih kuat batan nu sejen,
sarta cikalna baris ngawula ka adina."
24 Nepi ka waktuna, Rabeka babar, putrana
kembar.
25 Anu kaluarna ti heula kulitna beureum
jeung pinuh ku bulu, nu matak dingaranan
Esau.

26 Anu kaluar pandeuri, leungeunna ngeupeul
pageuh kana keuneung Esau, nya dingaranan
Yakub. Harita, yuswa Ishak geus 60 taun.
27 Sanggeus sawawa, Esau jadi paninggaran
anu ahli, purah ngencar ti imah, ari Yakub
adatna cicingan, karesepna di imah.
28 Ishak resep ka Esau, da sedep daging
beubeunangan Esau moro. Sabalikna Rabeka
resep ka Yakub.
29 Dina hiji poe waktu Yakub keur popolah,
jol Esau balik tas moro. Ku sabab lapar,
30 pok ngomong ka Yakub, "Cik Akang
menta eta anu beureum-beureum, lapar mani
leuleus." (Nya ti harita Esau teh meunang
lalandian Edom.)
31 Ari tembal Yakub, "Mangga. Tapi kudu
ditukeuran ku hak cikal Akang."
32 Ceuk Esau, "Heug! Akang mah dareukeut
kana paeh ieuh; jadi naon untungna keur
Akang hak kacikalan teh?"
33 Jawab Yakub, "Sumpah heula yen rek
mikeun hak cikal Akang." Seug Esau sumpah,
terus hak cikalna dijual ka Yakub.
34 Geus kitu ku Yakub diberean roti jeung
kaolahan kacang beureum tea. Beres dahar
nginum, Esau cengkat terus indit. Kitu Esau
mah, luas miceun hak cikalna.
26 1 Hiji mangsa eta tanah katarajang
deui paceklik, saperti bareto keur
jaman Ibrahim. Ishak angkat ka Gerar
nepangan Abimelek raja urang Pelisti.

2 PANGERAN nembongan ka Ishak sarta
ngandika, "Maneh ulah ka Mesir. Cicing bae di
tanah anu geus dituduhkeun ku Kami.
3 Saheulaanan di dieu bae, ku Kami
dibarengan jeung bakal diberkahan. Sabab
ieu tanah ku Kami bakal dibikeun ka maneh
jeung turunan maneh. Kami tetep mageuhan
jangji ka bapa maneh.
4 Maneh rek dibere turunan anu lobana lir
bentang di langit, sarta maranehanana ku
Kami bakal diserenan tanah sawewengkon
ieu. Bangsa-bangsa kabeh bakal marenta
diberkahan ku Kami cara ngaberkahan ka
turunan maneh.
5 Kami bakal ngaberkahan ka maneh,
lantaran Ibrahim geus nurut jeung
ngestokeun parentah-parentah Kami."
6 Tuluy Ishak matuh di Gerar.
7 Urang dinya naranyakeun hal garwana. Ku
anjeunna diwaler yen: "Eta teh pun adi." Teu
wantuneun ngangken yen garwana, sieun
dipaehan ku urang dinya, kawantu garwana
geulis kabina-bina.
8 Hiji mangsa, anjeunna katingali tina
jandela ku Abimelek raja tanah Gerar, keur
nyacapkeun kasono jeung Rabeka.
9 Ishak ku anjeunna disaur, dipariksa, "Moal
lepat deui, eta istri teh tangtos garwa salira!
Naon margina diangkenkeun rai?" Waler
Ishak, "Ku emutan, upami disebatkeun pun
bojo, tangtos sim kuring aya nu maehan."

10 Abimelek, "Teu sae kitu. Da saupami
kitu mah gampil bae tuang geureuha teh
digunasika ku salah saurang rahayat sim
kuring, matak lepat ka sadaya urang dieu."
11 Ti dinya Abimelek marentahkeun ka
rahayatna, "Ieu juragan reujeung garwana,
ulah aya anu ngaganggu. Sing saha nu
kumawani, tanwande dihukum pati."
12 Di eta tanah Ishak teh ngahuma. Barang
dipanenan, hasilna saratus kalieun, kawantu
diberkahan ku PANGERAN.
13 Anjeunna jadi kacida beungharna, sabab
usahana beuki maju, beuki maju.
14 Barang urang Pelisti nyarahoeun yen Ishak
kagungan ingon-ingon embe, domba, kitu
deui badega-badega sakitu lobana, seug jadi
malik sirik.
15 Heug bae sumur-sumur anu bareto
beunang ngali badega-badega Ibrahim
ramana teh ku maranehanana diarurugan.
16 Saur Abimelek ka Ishak, "Ku margi ayeuna
mah salira jadi leuwih kuat ti batan urang
dieuna, sae ngalih bae ti dieu."
17 Ishak terus ngalih, ngababakan di hiji
lengkob di Gerar, ngendek di dinya meunang
sawatara lila.
18 Sumur-sumur anu dikali di jaman ramana,
anu diarurugan ku urang Pelisti sanggeus
ramana pupus, ku anjeunna dikalian
deui, malah dingaranan deui numutkeun
ngaran-ngaran ti ramana.

19 Hiji mangsa badega-badega Ishak ngali
hiji sumur di eta lengkob, cinyusuna mani
buburialan.
20 Tapi tukang-tukang angon urang Gerar
ngajak cekcok ka tukang-tukang angon
Ishak. Aromongna, "Ieu sumur anu kami!"
Seug eta sumur teh ku Ishak dingaranan
"Esek", anu hartina cekcok.
21 Badega-badega Ishak ngali deui sumur
sejenna. Ieu oge jadi pacekcokan. Nya ku
anjeunna dingaranan "Sitna" anu hartina
mumusuhan.
22 Ishak ngalih deui jauh ti dinya, jeung ngali
deui hiji sumur. Ieu mah berekah henteu jadi
pacekcokan. Seug ku anjeunna dingaranan
Rehobot, hartina "Kaluginaan". Saurna,
"Nya di dieu urang ku PANGERAN dipaparin
kaluginaan. Di dieu urang baris jadi makmur."
23 Hiji mangsa Ishak angkat ka Bersyeba.
24 Peutingna PANGERAN nembongan sarta
ngandika, "Kami, Allah panutan bapa maneh
Ibrahim. Ulah sieun Kami aya jeung maneh.
Maneh bakal diberkahan, dibere loba turunan,
ku karana abdi Kami Ibrahim."
25 Ishak ngadegkeun altar, seug ngabakti
ka PANGERAN. Geus kitu masang kemah,
badega-badegana ngarali sumur.
26 Abimelek sumping ka Ishak ti Gerar,
disarengan ku Ahusat juru nasehatna jeung
Pikol, panglima balatantara.

27 Saur Ishak ka anjeunna, "Aya pikersaeun
ka sim kuring? Kapan kapungkur mah sakitu
henteu saena ka sim kuring, dugi ka ngusir!"
28 Walerna, "Ayeuna mah parantos terang,
salira disarengan ku Allah. Ku emutan, urang
kedah meungkeut hiji perjangjian anu kiat.
Salira kedah jangji
29 yen moal ganggu ka pihak sim kuring.
Sim kuring oge kitu moal ngaganggu ka pihak
salira. Geuning kapungkur oge sim kuring teu
kieu-kieu ka salira. Nalika angkat ti ditu salira
henteu disisikudi. Geuning ayeuna salira
diberkahan keneh ku PANGERAN."
30 Ti dinya Ishak sasayagian seja nyukakeun
tamuna, brak taruang leueut.
31 Isukna isuk-isuk keneh, aranjeunna
masing-masing ngikrarkeun jangjina kalawan
sumpah. Sanggeus beres, tamu-tamu
dijurung marulih. Dina paturay tineungna,
aranjeunna geus pada silih mimitran.
32 Poe eta badega-badega Ishak daratang,
bebeja ka anjeunna perkara ngali sumur tea,
pokna, "Caina parantos kapendak."
33 Eta sumur ku anjeunna dingaranan
"Syeba". Ku sabab eta, eta tempat teh tetep
dingaranan Bersyeba.
34 Ari Esau sanggeus yuswa opat puluh taun
nikah ka Yudit, anak Beri urang Het. Jaba ti
eta nikahna teh ka Basmat, anak Elon, urang
Het keneh.

35 Ishak jeung Rabeka bati susah sajeroning manah.

27 1 Ishak kacida sepuhna, socana geus teu ningali. Hiji mangsa nyaur Esau, putra cikal, sarta saurna, "Ujang!" "Kulan!" wangsulanana.
2 Ishak, "Ama teh geus kolot, geus tereh maot.
3 Mana pakarang Ujang, gondewa jeung panah, Ama pangmorokeun.
4 Terus olahkeun ku Ujang, jieun kaolahan kasedep Ama, seug bawa ka dieu. Engke ku Ama didahar. Memeh Ama sah ti dunya, hayang ngaberkahan heula ka Ujang."
5 Kasauran Ishak ka Esau kadangueun ku Rabeka. Sanggeus Esau indit moro jang ramana,
6 Rabeka sasauran ka Yakub, "Bieu Ibu ngadenge Ama sasauran ka Esau, saurna:
7 Ama pangmorokeun, terus olahkeun jang Ama. Engke ku Ama didahar. Memeh Ama sah ti dunya, hayang ngaberkahan Ujang heula di payuneun PANGERAN.
8 Ayeuna kieu kasep, turutkeun omongan Ibu.
9 Jung ayeuna newak embe dua anu ngora, urang olahkeun, jieun rupa-rupa kaolahan kasedep Ama.
10 Sanggakeun ku Ujang, sina dituang ku Ama, engke Ujang ku Ama diberkahan, samemeh Ama pupus."

11 Wangsul Yakub ka ibuna, "Nanging
kumaha, Ibu, kapan Esau mah pinuh ku bulu,
dupi kulit abdi mah limit.
12 Boa engke Ama ngarampaan awak abdi,
uningaeun we panginten yen abdi ngabohong.
Upami kitu mah abdi teh ti batan diberkahan
anggur disapa."
13 Saur ibuna, "Panyapana mah nu kumaha
bae ge keun Ibu nu nyangga. Turut bae Ibu,
jung ka ditu tewak embe, bawa ka Ibu."
14 Yakub newak embe, disanggakeun ka
ibuna, terus diolahkeun didamel kaolahan
kasedep Ishak.
15 Geus kitu Rabeka nyandak pakean Esau
anu disimpen di bumi, rap dianggokeun ka
Yakub.
16 Leungeun jeung punduk Yakub anu henteu
katutup ku eta pakean, dibulenan ku kulit
embe tea.
17 Kaolahan nu raraos teh dipiwarang
disanggakeun ku Yakub jeung rotina ka
ramana.
18 Ku Yakub disanggakeun ka ramana.
Saurna, "Ama!" Walerna, "Saha eta? Anak
anu mana Ujang teh?"
19 Yakub ngawangsul, "Abdi Esau, putra Ama
anu cikal. Pamundut Ama parantos sayagi.
Geura gugah. Tuang ieu daging kenging abdi
moro. Saparantos tuang, abdi berkahan."

20 Ishak, "Geuning tereh pisan
beubeunangan, Ujang?" Yakub ngawangsul,
"Allah panutan Ama parantos nulung ka abdi."
21 Saur Ishak deui, "Ser atuh ka dieu, urang
rampa ku Ama, na enya Ujang teh Esau anak
Ama?"
22 Ser Yakub ngadeukeutan ka ramana. Saur
ramana sanggeus ngarampaan, "Sorana mah
sora Yakub, tapi dirampa leungeunna asa
leungeun Esau."
23 Anjeunna teu uningaeun yen eta
teh Yakub, kawantu leungeun Yakub
karaos buluna cara Esau. Barang rek prak
ngaberkahan,
24 anjeunna mariksa deui, "Na enya ieu teh
anak Ama, Esau?" "Leres," wangsulna.
25 Saur Ishak, "Sok atuh daging teh
asongkeun, ku Ama urang dahar. Engke Ujang
diberkahan." Sor ku Yakub disanggakeun,
sakalian jeung anggur keur leueuteunana.
26 Geus kitu ramana ngalahir, "Ser Ujang ka
dieu, Ama cium."
27 Yakub nyampeurkeun ka ramana, seja
nyium. Pakeanana ku ramana diangseuan.
Pok ramana ngucapkeun berkah, "Ieu bau
anak Ama, matak seger karasana, seungit
tanah nu pinuh ku berkah Allah.
28 Mugia Allah ka hidep nurunkeun ibun
ti langit, tanah teh mangka subur mangka
makmur, sing dipaparin ceuyah ku gandum
ceuyah ku anggur.

29 Bangsa-bangsa ka hidep mangka taraluk,
sararujud tararunduk. Baraya-baraya, ka
hidep mangka ngawula, anak-anak indung
hidep, ku hidep mangka kapurba. Mangka
kasapa sakur nu ka hidep nyapa, mangka
jamuga, nu ka hidep ngadudunga."
30 Cacap Ishak ngucapkeun berkahna, Yakub
geus undur. Ana torojol Esau rakana, tas
moro.
31 Anjeunna ge popolah, terus disanggakeun
ka ramana. Pok unjukan, "Ama, geura gugah.
Geura tuang, ieu dagingna, kenging abdi
putra Ama. Saparantosna, abdi berkahan."
32 Ishak mariksa, "Saha Ujang teh?"
Wangsulanana, "Abdi Esau, putra Ama anu
cikal."
33 Per Ishak ngadegdeg salirana. Mariksa
deui, "Ari bieu saha atuh, ka Ama nyuguhan
beunang moro? Ku Ama didahar, memeh
Ujang datang. Malah ku Ama geus diberkahan,
tur berkahna tetep tumetep."
34 Gauk Esau ngajerit tarik, terus nangis
semu nalangsa kabina-bina. Pok unjukan,
"Ama, atuh abdi ge berkahan!"
35 Waler Ishak, "Adi Ujang geus nipu ka
Ama, nyokot berkah anu Ujang."
36 Wangsul Esau, "Parantos dua kali sareng
ieu manehna nipu ka abdi. Surup ka ngaranna
Yakub. Hak cikal ku manehna dirampas ti
abdi, ayeuna berkah anu abdi oge dirampas.
Na teu aya deui berkah ti Ama pikeun abdi?"

37 Waler Ishak ka Esau, "Yakub ku Ama geus
diberkahan sina murba ka Ujang, sakabeh
barayana baris jaradi kawulana. Ku Ama geus
disina beunghar ku gandum jeung anggur.
Jadi kudu kumaha atuh Ama ka Ujang teh?"
38 Esau ngeukeuhan ka ramana, "Naha
Ama kagungan berkah teh mung hiji-hijina?
Berkahan abdi oge, Ama!" saurna, bari segruk
bae nangis.
39 Geus kitu saur Ishak, "Tanah hidep hamo
subur hamo makmur, ti langit mo ngambeu
ibun.
40 Hirup hidep ngan ku pedang, ka adi baris
ngawula. Tapi upama hidep usaha bebeakan,
engke bisa bebas tina kakawasaanana."
41 Esau kacida ngunek-ngunekna ka Yakub,
dumeh berkahna enggeus dirampas. Heug
bae mikir, "Mo lila deui ge Ama ngantunkeun.
Beres eta, dipaehan si Yakub ku aing!"
42 Tapi eta niat Esau teh kauningaeun ku
Rabeka. Yakub ku anjeunna disaur, "Ujang!
Esau lanceuk Ujang ngarah, rek maehan ka
Ujang.
43 Ayeuna turutkeun papatah Ibu. Geura
sasadiaan, terus kabur ka Haran, ka dulur Ibu
anu ngaran Laban.
44 Di dinya bae heula, nepi ka sirepna
amarah lanceuk Ujang,
45 moal nginget-nginget deui kalakuan Ujang
ka manehna. Mun geus kitu, Ibu tangtu
ngajurungan saha bae ka ditu, neang Ujang

mulang deui ka Ibu. Ku naon atuh Ibu teh
tepi ka kudu ditinggalkeun ku anak duanana
sapoe reujeung?"
46 Ti dinya Rabeka nepangan Ishak, saurna,
"Abdi teh parantos bosen ningal bojo-bojona
Esau, teu sabangsa sareng urang. Upami
Yakub oge dugi ka bojoan ka urang dieu,
bangsa Het, langkung sae pondok umur bae
abdi mah."
28 1 Yakub ku Ishak disaur. Sanggeus
dibageakeun, diomat-omatan, saurna,
"Ulah boga pamajikan ka urang Kanaan.
2 Ayeuna geura sasadiaan, terus indit ka
Mesopotami. Tepungan Eyang Betuel ramana
Ibu. Heug kawin ka urang ditu, ka putra
Emang Laban.
3 Muga rumah tangga hidep meunang berkah
Allah Nu Maha Kawasa, bisa reuay anak,
sangkan jadi karuhun ti bangsa loba.
4 Hidep saturun-tumurun, sing meunang
berkah PANGERAN cara berkah ka Ibrahim.
Ieu tanah, tempat hidep dijurukeun, anu ku
Allah geus dipaparinkeun ka Ibrahim, masing
jadi milik hidep."
5 Geus kitu Yakub dijurung laku, indit ka
Mesopotami, dipiwarang nepungan Laban
putra Betuel urang Aram. Laban teh raina
Rabeka ibuna Yakub jeung Esau.
6 Esau terangeun, yen Yakub diberkahan
deui jeung diiangkeun ka Mesopotami, sina
neangan jodo di ditu. Terangeun, yen waktu

keur diberkahanana diomat-omatan teu meunang kawin ka wanita urang Kanaan.
7 Terangeun, yen Yakub indit ka Mesopotami teh lantaran nurut ka rama ka ibu.
8 Ras bae kapikir, yen ramana teu resep ka wanita urang Kanaan.
9 Ku sabab eta manehna terus nepungan Ismail, putra Ibrahim tea, terus nikah jeung Mahalat adina Nebayot, putra Ismail.
10 Yakub iang ti Bersyeba, ngajugjug ka tanah Haran.
11 Barang jol ka hiji tempat, panonpoe enggeus surup. Yakub tuluy pasang kemah, dug ngedeng dina anggel batu, ti dinya reup bae mondok.
12 Bet ngimpi ningal taraje, nanggeuh ti bumi ka langit, dipake unggah turun ku para malaikat.
13 Breh deui ningal aya PANGERAN, ngadeg di gigireunana, nimbalan kieu, "Kami, Allah panutan Ibrahim jeung Ishak. Ieu tanah anu keur dikedengan ku maneh, baris jadi milik maneh, turun-tumurun.
14 Turunan maneh bakal loba liwat saking, tinanding keusik di bumi. Ari wewengkon tanahna, bakal terus ngalegaan, ka kulon, ka wetan, ka kidul, ka kaler. Bangsa-bangsa bakal mareunang berkah ku lantaran maneh sarta turunan maneh.
15 Satemenna, Kami seja nyarengan ka maneh. Ka mana bae nya indit, ku Kami

tangtu diraksa, sarta baris dibalikkeun deui
ka ieu tanah. Maneh moal ditinggalkeun, nepi
ka laksana saomong Kami ayeuna."
16 Korejat Yakub hudang, tuluy ngomong,
"PANGERAN di dieu! Aing teu nyaho Mantenna
aya di dieu!"
17 Yakub jadi sieuneun sarta tuluy ngomong
deui, "Ieu tempat teh pikasieuneun! Ieu
tangtu bumina Allah; tangtu ieu teh lawang
asup ka sawarga."
18 Poek-poek keneh Yakub geus hudang.
Top kana batu nu entas dipake anggel, seug
ditangtungkeun, dijieun tugu pangeling-
ngeling, cur dikucuran minyak rek dibaktikeun
ka Allah.
19 Seug eta tempat teh ku Yakub dingaranan
Betel. Tadina ngaranna Lus.
20 Geus kitu Yakub ikrar sumpah ka
PANGERAN: "Saupami Gusti nyarengan
sareng ngaraksa ka abdi salebeting
perjalanan, salajengna maparin sandang
sareng pangan,
21 sareng ngawangsulkeun deui abdi ka
pangkonan pun bapa, Gusti teh nya Allah
panutan abdi.
22 Ieu batu pangeling-eling anu
ditangtungkeun ku abdi, bakal jadi
tempat paranti ngabakti ka Anjeun. Sareng
abdi sumeja nyanggakeun sapersapuluh ti
sugri anu ku Gusti dipaparinkeun ka abdi."

29 [1] Yakub jung deui lumaku, kebat
angkat ka tanah Wetan.
[2] Ti dinya jol ka hiji sumur, ayana di tengah
tegal. Deukeut sumur aya domba tilu gunduk
keur darepa, ngadago dibarere nginum. Ari
sumurna ditutupan keneh ku batu gede.
[3] Upama domba geus karumpul kabeh,
kakara diarinuman, batu panutup sumurna
diangkat babarengan. Mun geus beres
nginuman, batuna ditutupkeun deui kana
urutna.
[4] Yakub terus uluk salam sarta saurna,
"Punten, dulur-dulur anu ti mana?" Dijarawab
yen ti Haran.
[5] Yakub, "Manawi kenal sareng Laban putra
Nahor?" Dijarawab yen kenal.
[6] Yakub, "Kumaha anjeunna damang?"
Dijarawab, "Damang. Tuh geuning Rahel
putrana, ngagiringkeun domba ka dieu."
[7] Saur Yakub, "Siang keneh, can meujeuhna
ngandangkeun. Ku naon teu enggal-enggal
dibere nginum, sina nyaratuan deui?"
[8] Jawabna, "Ngantos kumpul heula
sadayana. Ayeuna mah can tiasa, margi
batuna kedah diangkat babarengan, nembe
tiasa nginuman."
[9] Sabot Yakub sasauran, Rahel datang
ngagiring domba ramana, kawantu Rahel oge
kabagian kudu ngangon.
[10] Ana jol Rahel datang ngagiring domba
anu emang Laban, Yakub buru-buru muru ka

sumur, gulipak batuna digulingkeun, terus eta
domba-domba disina ngarinum.
11 Ti dinya gabrug ngarangkul ka Rahel bari
sumegruk.
12 "Akang teh," saurna, "putra ti Ibu Rabeka,
wargi tuang rama." Deregdeg Rahel lumpat
rek wawartos ka ramana.
13 Sanggeus diwartosan yen aya Yakub
putra rakana, Laban gura-giru mapagkeun.
Gabrug ngarangkul bari nyiuman, terus Yakub
dikaleng, dicandak ka bumi. Ti dinya Yakub
cacarios ngunjukkeun sagala nu kaalaman.
14 Saur Laban, "Enya, hidep teh tunggal getih
daging Ama." Saterusna Yakub di pamanna
geus meunang sabulan.
15 Geus kitu saur Laban ka Yakub, "Kumaha
hidep teh, digawe teu dibayar pedah
kulawarga keneh. Cik hidep menta sabaraha
bayaran?"
16 Ari Laban kagungan putra istri dua, Lea
rakana, Rahel raina.
17 Lea alus panonna, tapi Rahel mah awakna
camperenik jeung rupana geulis.
18 Yakub nu cinta ka Rahel ngawalon, "Abdi
seja babantu di Emang tujuh taun, asal
dipaparin Rahel, putra Ama anu anom."
19 Saur Laban, "Nya mending dika-aguskeun
eta anak Ama teh, tinimbang ka nu sejen
mah. Heug, hidep didieu bae jeung Ama."

20 Digawe tujuh taun keur meunangkeun
Rahel, karaosna ku Yakub mah ukur popoean
bae, awahing ku cinta-cintana.
21 Tutup anu tujuh taun, Yakub unjukan
ka Laban, "Abdi nagih perjangjian, putra
Ama tikahkeun ka abdi, margi parantos seep
waktosna."
22 Prak Laban hajat, urang dinya kabeh
diondang.
23 Tapi peutinganana, anu dianteurkeun ka
Yakub teh lain Rahel, tapi Lea, seug salulut.
24 Lea ku Laban dibere emban saurang,
ngaranna Silpa.
25 Isukna ku Yakub kakara katangen,
sihoreng eta teh Lea. Yakub ngadesek ka
Laban, "Geuning kitu Ama mah, ngabobodo!
Abdi ngawula teh hayang Rahel!"
26 Walon Laban, "Di dieu mah teu lumrah adi
dikawinkeun miheulaan lanceuk.
27 Sabar heula saminggu ieu nepi ka bubar
hajat, kakara Rahel ku Ama diserenkeun. Tapi
hidep kudu digawe di Ama tujuh taun deui."
28 Yakub satuju. Sabubarna hajat kawinan,
Rahel diserenkeun ka Yakub.
29 Rahel oge ku ramana dibere emban
saurang, ngaranna Bilha.
30 Yakub jeung Rahel enggeus salulut, tur
asihna ka Rahel leuwih ti batan ka Lea. Yakub
ngawula ka Laban tujuh taun deui.

31 PANGERAN uninga yen Lea teu dipikacinta.
Seug ku Mantenna sina boga anak, sabalikna
Rahel mah sina gabug.
32 Seug Lea kakandungan terus ngalahirkeun
putra lalaki. Terus dingaranan Rubin, sabab
saurna, "PANGERAN geus ningali kasusah
aing. Ayeuna mah salaki tangtu nyaaheun."
33 Geus kitu kakandungan deui. Ana lahir
putrana pameget, tuluy dingaranan Simeon,
sabab saurna, "PANGERAN maparin deui
anak, uningaeun aing teu dipikacinta."
34 Ngandung deui, ana lahir putrana
pameget, seug dingaranan Lewi, sabab
saurna, "Ayeuna mah salaki tangtu layeut ka
aing, da aing geus mere tilu anak."
35 Ngandung deui, ana lahir putrana
pameget, seug dingaranan Yuda, karana
saurna, "Aing muji sukur ka PANGERAN." Ti
dinya pet teu putraan deui.
30 1 Ku sabab henteu bae kagungan putra
ti Yakub, Rahel jadi sirik ka nu jadi
raka. Ti dinya unjukan ka Yakub, "Abdi menta
anak! Kieu bae mah langkung sae pondok
umur!"
2 Bawaning jengkel ka Rahel, Yakub
ngawalon, "Na Akang teh gaganti Allah? Nyai
teu boga anak teh kapan ku pangersa-Na!"
3 Walon Rahel, "Kapan abdi gaduh inang,
Bilha. Kawin ku Akang sina ngandung, anakna
jang abdi, sarta abdi jadi indung ku jalan
kitu."

4 Seug Bilha, inangna, diserenkeun sina
salulut jeung carogena.
5 Ti dinya Bilha nyiram, terus ngalahirkeun
pikeun Yakub.
6 Saur Rahel, "Allah geus midamel kaadilan
ka aing, ngamakbul paneda aing, maparin
anak." Seug orok teh dingaranan Dan.
7 Bilha inang Rahel nyiram deui, terus
ngalahirkeun putra pameget ti Yakub.
8 Saur Rahel, "Aing tas tarung jeung
lanceuk. Aing anu meunang." Seug orok teh
dingaranan Naptali.
9 Ari Lea, sanggeus pet teu putraan deui,
seug nyerenkeun Silpa inangna, sina ditikah
ku Yakub.
10 Ti dinya Silpa ngalahirkeun putra pameget
ti Yakub,
11 terus dingaranan Gad. "Sabab mawa
untung!" saur Lea.
12 Silpa inang Lea ngalahirkeun deui putra
pameget ti Yakub.
13 Saur Lea, "Bagja temen ieu aing! Aing
bakal disebut jelema bagja ku sakabeh
awewe." Ku sabab kitu eta putrana teh
dingaranan Aser.
14 Hiji mangsa keur usum panen gandum,
Rubin ka huma, beh manggih buah, ngaranna
buah asihan. Seug diserenkeun ka Lea, ibuna.
Rahel menta, "Cik abdi menta eta buah
asihan panimu anak aceuk."

15 Lea ngawalon, "Acan puas ngarebut salaki
aceuk? Ayeuna prak deui, menta buah asihan
panimu anak aceuk!" Ari walon Rahel, "Engke
wengi, aceuk kenging kulem sareng Kang
Yakub, asal abdi dipasihan eta buah."
16 Pasosore Yakub sumping tas ti huma,
Lea mapagkeun sarta saurna, "Engke wengi
Akang kulem di abdi, margi parantos disewa
ku abdi ku buah asihan panimu anak abdi."
Peutingna Yakub kulem di Lea sarta salulut.
17 Allah ngamakbul paneda Lea. Lea nyiram
deui, tuluy ngalahirkeun putra anu kalima ti
Yakub.
18 Saur Lea, "Allah ngaganjar ka aing,
lantaran aing ngabaktikeun inang aing ka
salaki." Seug putrana dingaranan Isaskar.
19 Ti dinya nyiram deui, terus ngalahirkeun
putra anu kagenep ti Yakub.
20 Saurna, "Allah ka aing maparin nugraha.
Ayeuna mah salaki teh tangtu daekeun deui
ka aing, da aing geus genep ngajurukeun
anakna anu lalaki." Ku sabab kitu eta budak
teh ku Lea dingaranan Sebulun.
21 Ti dinya ngalahirkeun deui, istri,
dingaranan Dinah.
22 Geus kitu Allah emut ka Rahel. Paneda
Rahel dikabul, dipaparin kasempetan kana
puputra.
23 Seug nyiram terus ngalahirkeun putra
lalaki. Pok sasauran, "Allah geus ngajait aing
tina kahinaan teu boga anak.

24 Mugi-mugi Mantenna maparin deui anak
ka aing." Seug putrana dingaranan Yusup.
25 Sanggeus lahir Yusup, Yakub neda amit ka
Laban, saurna, "Ama, abdi widian mulang ka
bali geusan ngajadi.
26 Pun bojo, anu dikengingkeunana ku jalan
abdi ngawula ka Ama, kitu deui pun anak,
sadayana bade dibantun. Ku Ama parantos
kauninga, abdi digawe di Ama teh sakitu
temen wekelna."
27 Walon Laban, "Hidep sing karunya ka
Ama, enya ku Ama ge karasa, pangna Ama
sakieu diberkahanana ku PANGERAN teh nya
hidep lantaranana.
28 Bisi hidep hayang dibayar, sabaraha oge
ku Ama tangtu dibayar."
29 Walon Yakub, "Ku Ama tangtos karaos,
kumaha suhudna abdi ngawula. Ingon-ingon
Ama oge jadi sakitu gereyekna saparantos
diurus ku abdi mah.
30 Memeh ku abdi diurus mah mung saeutik,
ayeuna parantos jadi mangpirang-pirang.
Sajleg abdi aya di Ama, sakitu diberkahanana
Ama ku PANGERAN. Meujeuhna ayeuna mah
abdi ngemut-ngemut kapentingan rumah
tangga pribadi."
31 Saur Laban, "Mere naon atuh Ama ka
hidep?" Walon Yakub, "Ama teu kedah
maparin naon-naon. Heug abdi ngurus
deui ingon-ingon Ama, upami Ama satuju
sarat-saratna.

32 Dinten ieu abdi bade mariksa ingon-ingon.
Mana-mana domba anu bulu hideung, embe
anu totol-totol sareng anu belang, bade
dipisahkeun, keur buruhan abdi.
33 Kitu teh supados ka payunna Ama gampil
mariksana, bilih palay uninga abdi jujur
henteuna. Jadi upami mendakan dinu bagian
abdi aya embe anu buluna henteu belang
atanapi totol-totol, atanapi domba anu sanes
bulu hideung, tangtos eta kenging maling ti
Ama."
34 Walon Laban, "Ama akur. Kumaha hidep
bae."
35 Tapi poe eta keneh Laban buru-buru
misah-misahkeun embe-embe badot anu
kendit jeung anu belang, embe-embe bikang
anu totol-totol jeung nu belang, kitu deui
anu bodas. Jaba ti eta, domba-domba bulu
hideung kabeh dipisah-pisahkeun. Geus kitu
dipasrahkeun ka putra-putrana sina dijaga.
36 Ti dinya anjeunna angkat ngajauhan
Yakub, jauhna kira-kira lalakon tilu poe. Jadi
ingon-ingon Laban anu diurus ku Yakub mah
sasesana bae.
37 Ti dinya Yakub mesekan dahan-dahan
anu harejo, dahan kimenyan, dahan jarak
jeung dahan caringin. Dipesekna dipontrang-
pontrang sina tembong nu bodasna, jadi
udat-udat belang.
38 Eta dahan-dahan teh diteundeunna dina
jolang-jolang paranti embe ngarinum. Ana

embe dararatang rek ngarinum, sok ngaradon
lakian di dinya.
39 Ku lantaran keur waktu kituna narenjoeun
kana dahan-dahan nu dibelang-belang
tea, ana ngajaruru anakna teh tararotol,
kararendit jeung barelang.
40 Ari domba-domba jalu ku Yakub
dipisahkeun, sina ngudag-ngudag bikang
anu warna kendit jeung hideung anu Laban.
Ku anjeunna dipisah-pisahkeun, henteu
dihijikeun jeung anu Laban. Kitu carana Yakub
nambahan ingon-ingonna, sarta henteu
dihijikeun jeung anu Laban.
41 Jeung ana embe domba anu barodas
rek lakian, jolang-jolang paragi ngarinumna
diteundeunan dahan-dahan beunang
montrang. Atuh embe domba teh lakianana
nyalanghareup kana dahan-dahan tea.
42 Ari embe domba anu halengker mah
henteu dikitukeun. Kajadianana, Laban
kabagian nu halengkerna, ari Yakub meunang
nu karuat tur sarehat.
43 Atuh Yakub teh gancang naker jadi
beunghar, embe dombana mangpirang-
pirang, onta, kalde, jeung badega-badega teu
kurang-kurang.
31 1 Hiji mangsa Yakub ngadangu diupat
ku putra-putra Laban, cenah, "Yakub
geus ngarampogan sagala rupa ti bapa urang.
Beunghar soteh bane beunang nyokotan ti
bapa urang."

2 Jeung deui ku Yakub ge geus kajudi, yen
bubuden Laban ka anjeunna geus henteu
cara kamari mangkukna.
3 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka anjeunna,
"Geura mulang ka tanah karuhun maneh, ka
kaom sorangan. Heug ku Kami dibaturan."
4 Seug Yakub miwarang nyusulan Rahel
jeung Lea sina ka tegal pangangonan.
5 Saurna ka Rahel jeung Lea, "Bubuden rama
nyai ka Akang ayeuna mah geus henteu cara
bareto-bareto. Tapi Allah panutan bapa Akang
teu petot-petot nyarengan ka Akang.
6 Akang digawe di Ama teh estu dug hulu pet
nyawa, ku Nyai ge tangtu karasa.
7 Tapi Ama ka Akang kalah ka ngalicikan,
buruhan Akang ku anjeunna dihala-hili nepi
ka sapuluh kali. Ngan teu diwidian bae ku
Allah ari nepi ka nyilakakeun mah ka Akang
teh.
8 Mun ceuk anjeunna, Bagian hidep anu
totol-totol, embe domba aranakanana teh
totol. Mun ceuk anjeunna, Bagian hidep
ayeuna mah anu barelang, heug aranakanana
teh barelang.
9 Jadi embe domba anu Ama teh ku Allah
sasat dicandakan dipasihkeun ka Akang.
10 Hiji mangsa, dina usum embe domba
lakian, Akang teh ngimpi: Embe domba jalu
anu keur mararacek teh kararendit, tararotol,
jeung barelang.

11 Dina eta impian Akang teh dilahiran ku
Malaikat Pangeran, saur-Na, Yakub! Nun,
ceuk Akang.
12 Tuh awaskeun, lahirana-Na deui, itu
badot-badot anu keur mararacek teh karendit,
tararotol jeung barelang. Eta dihaja ku Kami,
lantaran Kami nyaho kumaha kalakuan Laban
ka maneh.
13 Kami, Allah anu nembongan ka maneh
di Betel, enggon maneh bareto nyieun tugu
pangeling-ngeling anu dikucuran ku minyak,
tempat maneh bareto ngucapkeun nadar.
Geura sasadiaan geusan incah ti ieu tanah,
balik ka bali geusan ngajadi."
14 Rahel jeung Lea ngawangsul, "Abdi ti Ama
teh parantos moal kenging nanaon.
15 Ku anjeunna parantos dijieun deungeun-
deungeun. Abdi ku anjeunna sasat dijual, ari
ladang ngajual abdi dikeukeuweuk nyalira
bae.
16 Ieu sagala rupi kakayaan nu aya di urang
ayeuna, anu ku Allah dicandakan ti Ama,
sayaktosna gaduh urang sareng anu anak
urang. Eta dawuhan Allah teh ku Akang
tumutkeun."
17 Prak Yakub sasadiaan. Putra-putra jeung
garwa-garwa sina naraek kana onta.
18 Sanggeus tarapti, leugeudeut mimiti maju,
seja mulang ka pangkonan rama di tanah
Kanaan. Sagala harta bandana anu meunang

ti Mesopotami taya nu kari. Ingon-ingon
embe domba sina digiring ti heula.
19 Harita Laban keur teu aya, keur nyukuran
domba. Sabot sepi, batarana dipaling ku
Rahel.
20 Jadi Yakub teh angkatna ngabokong ka
Laban, urang Aram tea, henteu wawartos yen
seja mulang ka asal.
21 Sagala rupa anu jadi milikna dicandak
kabur. Angkatna geus meuntasan Walungan
Eprat, terus maju ngajugjug pagunungan
Gilad.
22 Sanggeus meunang tilu poe, Laban kakara
kawartosan yen Yakub kabur.
23 Laban ngeprak jalma-jalmana. Gurudug
nyusul Yakub. Sanggeus meunang tujuh poe,
kakara kasusul di pagunungan Gilad.
24 Peutingna Laban meunang impian,
ngimpen disumpingan ku Alah sarta nimbalan
kieu, "Inget, poma maneh ulah nyieun
kitu-kieu ka Yakub."
25 Yakub, anu harita geus masang kemah
di hiji gunung, ku Laban enggeus kasusul.
Laban nyeblokkeun kemah di pagunungan
Gilad.
26 Saur Laban ka Yakub, "Ku naon
ngabongohan, anak Ama dibawa kitu
bae kawas awewe beunang ngajarah ti
pangperangan?
27 Pang ngabongohan Ama teh ku naon, nepi
ka indit henteu amitan heula? Coba upama

terus terang, meureun ku Ama dirame-rame ku tatabeuhan, genjring jeung kacapi bari dikawihan.
28 Ama teu dibere nyium-nyium acan ka incu-incu, teu ngomong-ngomong acan ka anak. Ku asa kacida teuing maneh teh!
29 Ama bisa bae nyilakakeun hidep. Tapi tadi peuting Allah panutan bapa maneh ngomat-ngomatan ka Ama, saur-Na, Poma maneh ulah kitu-kieu ka Yakub.
30 Ku Ama oge kamalum, pangna maneh kabur teh lantaran geus teu tahan hayang manggihan bapa. Heug. Tapi ku naon batara Ama diringkid?"
31 Yakub ngawangsul, "Puguh abdi teh ngarasa risi. Ku emutan, putra-putra Ama moal diwidian marilu, heug bae jadi rebutan.
32 Perkawis batara Ama, mun kapendak jelemana anu maling, paehan bae. Mangga garadah, saksina kulawarga urang masing-masing. Upama aya barang Ama naon bae, candak!" Yakub teu uningaeun Rahel maling batara ramana.
33 Ti dinya Laban ngagaradah kemah Yakub, kemah Lea, kemah inang nu duaan, tapi weleh batarana teu kapendak. Ti dinya sup ka kemah Rahel.
34 Ari ku Rahel eta batarana geus disumputkeun, dibebeskeun kana kakasuran luhur onta, seug dicalikan. Saeusi kemah ku Laban digaradahan.

35 Saur Rahel ka ramana, "Ama, ulah bendu,
abdi teu tiasa mantuan, teu werat cengkat,
ieu nuju haid." Laban hantem gagaradah, tapi
weleh batarana teu kapendak.
36 Yakub ilang kasabaran, ngong ka Laban
sasauran bangun napsu, "Ama! Naon
kajahatan abdi? Naon dosa abdi mana Ama
kitu-kitu teuing?
37 Cobi eta barang-barang mani diubrak-
abrik. Cik, naon barang Ama anu kapendak?
Jengjrengkeun, sina ditarongton ku jelema-
jelema ti abdi jeung ti Ama! Keun sina
dibaruktikeun, saha di antawis urang anu
leres.
38 Dua puluh taun abdi ngawula ka Ama,
ngurus embe domba kagungan Ama. Nu
bikangna can aya nu burung ngajuru, nu
jaluna can aya anu ku abdi dipeuncit didahar
dagingna.
39 Anu digusur ku kerud, tara ditembong-
tembong ka Ama, dumeh abdi nu talobeh,
digantian ku nu sorangan. Nu dipaling boh ti
beurang boh ti peuting, salawasna tara teu
digantian.
40 Remen nandangan balangsak, ti beurang
kapanasan, ti peuting katirisan, rajeun tara
bisa mondok.
41 Kirang kumaha abdi teh nya bela,
ngadukduk nepi ka dua puluh taun. Keur
meunangkeun tuang putra, opat belas taun
kumawula ka Ama. Keur meunangkeun

ingon-ingon, genep taun dibujangkeun, parandene Ama masih tega ngahala-hili buruhan abdi, nepi ka sapuluh kali.
42 Cacak upami henteu ditangtayungan ku Allah panutan pun bapa, Allah panutan Eyang Ibrahim, Allah nu dibakti ku Ishak, tangtu abdi ku Ama ditundung, kudu balik ngaligincing. Kabalangsakan sareng pagawean abdi, Allah nu langkung tingali. Geuning tadi peuting Ama dipepelingan ku Mantenna."
43 Walon Laban, "Eta anak, duanana anak Ama. Eta barudak, kabeh incu-incu Ama. Eta ingon-ingon, kabeh anu Ama. Malah sakur nu katenjo di dieu, kabeh Ama anu boga. Ama arek kua arek kieu ka anak atawa ka barudakna, naon halanganana!
44 Ayeuna urang nyieun perjangjian antara urang. Urang numpukkeun batu minangka keur jadi saksi."
45 Seug Yakub nyandak hiji batu, ditangtungkeun dijieun tutunggul.
46 Jung miwarang kulawarga sina ngarumpulkeun batu terus ditumpuk, geus kitu dalalahar dina eta tumpukan batu.
47 Eta tumpukan ku Laban disebut Yegar Sahaduta, ari ku Yakub disebutna Galed.
48 Saur Laban, "Ieu tumpukan batu, kiwari ngajadi saksi antara Ama jeung hidep." Kitu asalna pangna dingaranan Galed.

49 Saur Laban deui, "Jeroning urang papisah,
mangka kasaksi ku Allah." Eta sababna eta
tempat dingaranan Mispa.
50 Laban sasauran keneh, "Mun hidep
nganyenyeri anak Ama, atawa boga deui
pamajikan, sanajan Ama teu nyaho, inget aya
Allah nu ngawaskeun, Saksi ti urang duaan."
51 Saurna deui ka Yakub, "Tah ieu tumpukan
jeung tutunggulna beunang Ama.
52 Ieu dua rupa tanda jadi saksi yen: Ama
moal rek ngaliwat ieu wates geusan nempuh
ka hidep. Hidep oge ulah ngaliwatan ieu
wates geusan nempuh ka Ama.
53 Allah panutan Ibrahim jeung Allah panutan
Nahor baris jadi Hakim nu ngahukum, upama
ieu ku urang dirempak." Geus kitu Yakub
ngikrarkeun sumpah demi pajenengan Allah
nu dibakti ku Ishak ramana.
54 Terus Yakub meuncit kurban
disembahkeun di pagunungan eta,
sarta kulawargana dicandak ngariung dahar.
Sanggeus dalahar, peutingna mondok deui di
eta gunung.
55 Isukna isuk-isuk keneh Laban sosonoan
jeung putu-putu, diciuman, andum salam
jeung putra-putra, amit mundur terus
mulang.
32 1 Yakub sarombonganana maju deui.
Di satengahing jalan Yakub ningali aya
para malaikat Allah.

2 Pok bae misaur, "Ieu tangtu balad Allah."
Ku sabab kitu eta tempat ku anjeunna
dingaranan Mahanaim.
3 Ti dinya Yakub ngirim sawatara utusan sina
leumpang miheulaan anjeunna, sina ka Esau
rakana, di nagri Edom.
4 Anjeunna titip saur keur Esau rakana, kieu,
"Jisim abdi, Yakub, badega nu laip, sumeja
unjuk uninga ka Juragan Esau, yen nembe
tiasa wangsul deui ayeuna, saparantos lami
nya matuh di Paman Laban.
5 Wangsul teh babantunan, sapi, kalde,
domba sareng embe, sarawuh badega-
badega. Sakitu nu kapiunjuk, taya sanes
mung sumeja nyuhunkeun piwelasna."
6 Sanggeus baralik deui, para utusan teh
unjukan ka Yakub, "Sareng Esau tuang raka
parantos tepang. Anjeunna keur ka dieukeun,
nyandak balad opat ratus."
7 Yakub sakalangkung gugup bawaning
ngaraos gimir. Jalma-jalmana dibagi dua
bagian, kitu deui domba, embe, sapi jeung
onta.
8 Dina manahna, "Bisi upama pareng
digempur ku Esau, sugan bae anu sabagian
deui bisa lolos."
9 Yakub neneda, "Nun Allah panutan Aki
Ibrahim, Allah panutan pun Bapa Ishak!
GUSTI kapungkur nimbalan, Maneh geura
mulang ka kaom sorangan di bali geusan.
Kami baris hade-hade ngurus ka maneh.

10 Sayaktosna abdi Gusti henteu layak
nampi kasaean sareng kagetenan Gusti anu
parantos-parantos. Abdi mios meuntasan
Walungan Yordan mung ukur kadua iteuk,
wangsulna abdi sareng ieu rombongan, anu
ayeuna dibagi dua bagian.
11 Jait abdi, nun Gusti! Abdi sieun ku pun
lanceuk Esau. Abdi gimir sieun anjeunna
ngagempur abdi sadaya katut para wanita
sareng barudak.
12 Mugi Gusti emut kana jangji, Kami baris
hade-hade ngurus ka maneh. Turunan maneh
baris loba tanpa wilangan, tinanding keusik di
sapanjang basisir."
13 Sanggeus ngarereb peuting eta di
lebah dinya, isukna anjeunna nyadiakeun
pangruruba keur nyecep manah rakana,
Esau.
14 Embe, bikangna dua ratus, jaluna dua
puluh. Domba, bikangna dua ratus, jaluna
dua puluh.
15 Onta nu keur nyarusuan tilu puluh,
sakalian katut jeung anak-anakna. Sapi,
bikangna opat puluh, jaluna sapuluh. Kalde,
bikangna dua puluh, jaluna sapuluh.
16 Seug dititipkeun ka badega-badega, hiji
badega hiji rombongan. Kieu saurna ka
badega-badega, "Jung ka ditu ieu sato-sato
barawa ti heula. Atur, ti rombongan ka
rombongan deui sing aya antara anu cukup
anggangna."

17 Badega anu kahiji diamanatan, "Upama
tepung jeung dulur kami Esau sarta anjeunna
mariksa, Saha juragan maneh, arek ka mana,
ieu ingon-ingon saha,
18 ku maneh kudu dijawab kieu, Sumuhun
gaduhna pun Yakub, badega gamparan, seja
kahaturkeun ka pangersa dunungan, Juragan
Esau. Yakubna di pungkur keneh."
19 Ka badega nu kadua, katilu jeung
saterusna sakur anu dititipan rombongan
sato-sato tea, amanatna kitu keneh. "Kitu
pipokkeun maraneh ka Esau upama geus
amprok.
20 Seug sebutkeun, Leres, Yakub badega
gamparan nyusul ti pungkur." Ceuk Yakub
dina manahna, "Aing rek nyoba ngaleehkeun
hatena ku panyecep, sato-sato anu sina
diinditkeun ti heula. Malak mandar upama
geus tepung, anjeunna kersaeun ngahampura
ka aing."
21 Sato-sato keur panyecep enggeus
diinditkeun ti heula, ari anjeunna peuting eta
ngarerebna masanggrahan di lebah dinya.
22 Peutingna, Yakub nyandak garwa
duanana, inang duanana jeung sabelas
putrana, meuntasan Walungan Yabok ka
peuntas ditu.
23 Sanggeus kitu meuntaskeun sagala
kakayaanana.
24 Beres meuntas-meuntaskeun sagala
rupa, anjeunna kantun nyorangan di peuntas

dieu. Ari geus nyalira, dumadakan datang
hiji jelema, terus galungan jeung Yakub
sapeupeuting, nepi ka wanci balebat.
25 Sanggeus eta jelema ngarasa moal baris
meunang dina gelutna, Yakub diteunggeul
tetepokanana nepi ka misalah.
26 Saur eta jelema, "Leupaskeun kami!
Kaburu bray beurang!" Diwaler ku Yakub,
"Kuring moal ngaleupaskeun Juragan, kajabi
upami Juragan ngaberkahan kuring."
27 "Saha ngaran maneh?" saur eta jelema.
"Yakub," walerna.
28 Saur eta jelema, "Ngaran maneh lain
Yakub deui. Maneh geus gelut jeung Allah,
oge jeung manusa, kalawan unggul, ku sabab
eta ngaran maneh jadi Israil."
29 Saur Yakub, "Dupi salira, saha tea?" Ari
walerna, "Naon perluna nanyakeun ngaran
kami?" Seug Yakub ku eta jelema diberkahan.
30 Saur Yakub, "Aing geus nenjo pameunteu
Allah. Ieu aing hirup keneh." Tuluy eta tempat
ku anjeunna dingaranan Peniel.
31 Panonpoe enggeus meletek, Yakub
ngantunkeun Peniel, angkatna jadi pincang
lantaran tetepokanana misalah.
32 Nya ku karana eta, tug nepi ka kiwari
turunan Israil pantrang ngadahar daging
urat panjang anu nyambungkeun tetepokan,
sabab nya lebah tetepokanana Yakub
diteunggeul nepi ka misalah.

33 [1] Esau jeung opat ratus baladna
geus beh katembong. Gancang
Yakub ngabagi-bagikeun putrana ka ibuna
masing-masing, ka Lea, ka Rahel jeung ka
emban-emban.
[2] Emban-emban jeung putra-putrana
ditempatkeun beulah hareup. Lea jeung
putra-putrana satukangeun eta. Rahel jeung
Yusup pangtukangna.
[3] Ari Yakub maju pangheulana seja nepangan
Esau. Ti kajauhan keneh anjeunna sujud deui
sujud deui nepi ka tujuh kali.
[4] Tapi Esau lumpat muru, terus ngarangkul
jeung nyiuman. Aranjeunna silih tangisan.
[5] Ret Esau ka wanita-wanita jeung
marurangkalih, pok mariksakeun, "Ari eta
saha, rai?" Walon Yakub, "Sumuhun pun
anak, paparin Allah ka jisim abdi."
[6] Ser dua emban jeung marurangkalih
ngadareuheusan ka Esau, terus marando.
[7] Ser deui Lea jeung marurangkalih,
seug marando. Ahirna Rahel jeung Yusup,
ngadeuheusan.
[8] Esau mariksa deui, "Tadi Akang ningal
rombongan sejen. Kumaha eta teh
maksudna?" Walon Yakub, "Sumuhun, eta
sumeja kahaturkeun ka gamparan, pamugi
ditampi."
[9] Saur Esau, "Akang geus ngarasa cukup.
Sing tetep-tetep bae eta mah di rai."

10 Walon Yakub, "Sanes kitu. Saupami
leres gamparan ngangken ka jisim abdi, eta
pangbakti mugi ditampi. Ningal pameunteu
gamparan, jisim abdi mah asa ningal
pameunteu Allah.
11 Ulah dugi ka teu ditampi eta pangbakti
ti jisim abdi. Jisim abdi ku Allah parantos
dipaparin pirang-pirang berkah, dugi ka
gaduh sagala rupi." Ku sabab dikeukeuhan,
tungtungna ku Esau ditampi.
12 Saur Esau, "Hayu atuh urang terus, Akang
ti hareup."
13 Tapi saur Yakub, "Gamparan langkung
tingali, eta barudak parantos lalungse. Domba
sareng sapi sanesna eta oge jadi emutan,
tur anak-anakna aralit keneh. Upami dipaksa
dibantun gancang, sadinten oge tangtos
pararaeh sadayana.
14 Mangga gamparan mulih ti payun.
Abdi tangtos nuturkeun lalaunan,
sagancang-gancang lakuning barudak
sareng ingon-ingon, seja ngetruk dugi ka
panglinggihan gamparan, di Edom."
15 Saur Esau, "Lamun sapuk, ieu balad
Akang sawareh sina maturan." Walon Yakub,
"Kasaean gamparan estu katampi. Nanging
teu perlu dugi ka kitu."
16 Poe eta keneh Esau mulih deui ka Edom.
17 Tapi Yakub anggur terus ka Sukot. Di
dinya anjeunna ngadamel bumi kitu deui
kandang-kandang keur ingon-ingon. Nya ku

lantaran kitu eta tempat disebut Sukot, anu hartina kandang.
18 Ti dinya, samulihna ti Mesopotami teh Yakub cunduk ka kota Sekem di tanah Kanaan. Tuluy masanggrahan di hiji lahan hareupeun eta kota.
19 Saterusna eta lahan digaleuh sabagian ti rundayan Hemor, bapana Sekem, ku pangaji saratus potong perak.
20 Ti dinya anjeunna ngadamel altar, dingaranan "El, Allah Panutan Israil".
34 1 Hiji mangsa Dinah, putra istri Yakub ti Lea, nganjang ka mojang-mojang urang dinya.
2 Katingal ku Sekem, putra Hemor urang Hiwi, gegeden di dinya. Dinah dipaksa dibawa, seug diperkosa.
3 Tapi saterusna Sekem jadi malik asih, Dinah dililipur sabisa-bisa.
4 Ti dinya Sekem unjukan ka Hemor ramana, "Ieu istri bade dipirabi, ku Ama panglamarkeun."
5 Yakub uningaeun yen Dinah geus bahla. Tapi anjeunna henteu geruh, ngantos heula putra-putrana anu keur di taregal jeung ingon-ingon.
6 Hemor ramana Sekem sumping ka Yakub seja badami.
7 Meh bareng jeung anjeunna, putra-putra Yakub oge daratang ti tegal. Pohara ngajarenghokna ku kajadian anu tumiba

ka raina, sarta pada amarah. Anggapanana
ngageugeuleuh putra Yakub sarua jeung
ngahina luar biasa ka kaom Israil.
8 Hemor ramana Sekem misaur ka
Yakub, "Pun anak, Sekem, cinta ka tuang
putra, maksadna bade leres-leres ditikah.
Nyuhunkeun ridona, mugi kawidian.
9 Urang sakalian bae nalikeun kawargian.
Pala putra anu istri tikahkeun ka anak-anak
sim kuring anu lalaki. Anak-anak sim kuring
anu awewe, jodokeun ka pala putra anu
pameget.
10 Salajengna mugi tetep renggenek di dieu.
Tanahna mah kantun milih palay nu mana.
Bade dagang, atanapi kagungan milik naon
bae, teu aya pamenganana."
11 Ti dinya Sekem nyundul pihatur. Kieu
saurna ka Yakub sapala putra, "Mugi aya
sih citeres ka sim kuring. Mundut naon ge
sumeja dicumponan.
12 Mangga salaurkeun palay naon.
Perkawis mas kawinna sakumaha bae
mangga sebatkeun. Sapamundut sumeja
ditumutkeun, asal sim kuring kajodokeun ka
anjeunna."
13 Putra-putra Yakub ngawalon ka Sekem
jeung Hemor, tapi ngandung tipu daya arek
ngabales ku hal raina.
14 Salaurna, "Teu doa gaduh dulur ditikah ku
nu kulup, matak penal sakulawargi.

15 Kajabi ku sarat ieu: Anjeun, kitu deui
sakur lalaki di anjeun, kedah disarunatan
heula sapertos kaom sim kuring.
16 Ari parantos kitu mah taya pamenganana
lalaki kaom anjeun ngajarodo ka awewe
kaom sim kuring, lalaki ti kaom sim kuring
ngajarodo ka awewe kaom anjeun, sarta
kaom sim kuring sumeja tetep renggenek di
aranjeun, ngajadi sakaom.
17 Upami ieu sarat henteu karujukan, teu
kersa disarunatan, pun dulur bade dibantun
wangsul ti ditu."
18 Ku pamendak Hemor jeung Sekem eta
sarat geus sapantesna.
19 Nonoman Sekem, anu di kulawargana
jadi pangutamana, henteu panjang
nimbang-nimbang, harita keneh nyatujuan.
20 Geus kitu Hemor jeung Sekem arangkat
ka tempat gempungan di gapura kota,
sasauran ka warga kotana, saurna,
21 "Aranjeunna jalma-jalma nu harade hate.
Keun sina maratuh saenggon di tanah urang,
bebas wara-wiri. Tanah urang lega keneh,
cukup keur aranjeunna oge. Anak-anakna
anu awewe karawin ku urang, anak-anak
urang anu awewe sina dikarawin ku itu.
22 Maranehna daraekeun maratuh ngahiji
jeung urang, ngan aya saratna sarupa, nya
eta lalaki urang kabeh kudu disarunatan
sakumaha maranehanana.

23 Lain bakal jadi anu urang ingon-ingonna
jeung sagala kabogana teh? Anu matak keun
maranehanana sina caricing di urang."
24 Warga eta kota kabeh satuju kana
kasauran Hemor jeung Sekem kitu, sarta
seug sakur anu lalaki mah kabeh disarunatan.
25 Tilu poe ti sanggeus maranehna
disarunatan, keur meumeujeuhna nyeri,
aya putra Yakub duaan, Simeon jeung Lewi
raka-rakana Dinah tea nyulumun ka jero
kota ngajingjing gobang, sarta terus ngamuk
maehan lalaki-lalaki urang dinya,
26 kaasup Hemor jeung Sekem, ari Dinah
dibawa balik ti imah Sekem.
27 Sanggeus eta putra-putra Yakub nu
sejenna ngaranjah kota mangmaleskeun
saderekna anu istri anu geus dinajiskeun.
28 Maranehna nyarokotan embe jeung
domba, sapi, kalde, jeung sagala rupa deui
boh nu dijero kota, boh nu di tegalan.
29 Rajakaya harta banda urang dinya, kitu
deui wanita-wanita jeung barudak dirayah
dijarah, imah-imah urang dinya sagala eusina
diringkid.
30 Simeon jeung Lewi ku Yakub
diseukseukan, saurna, "Maraneh wungkul
nyusahkeun ka Ama. Urang dieu, urang
Kanaan jeung urang Pares bakal ngamusuh
ka Ama. Upama maranehna sakait ngahiji
terus ngabales ngagempur, urang kabeh
bakal tumpur, sabab balad Ama henteu loba."

31 Tapi putra-putrana ngawalon, "Abdi
henteu suka gaduh adi digeugeuleuh sapertos
ka awewe palacuran bae."
35 1 Allah ngandika ka Yakub, "Maneh
kudu pindah ka Betel, urut maneh
nyieun altar keur ka Allah, anu nembongan
basa maneh kabur nyingkiran dulur maneh
Esau."
2 Ti dinya Yakub marentahkeun kulawargina
jeung sakabeh jelema anu caricing di
anjeunna, saurna, "Kumpulkeun sagala
patung anu ku maraneh sok dipiallah. Terus
maraneh marandi, salin ku nu bersih.
3 Urang pindah ti dieu ka Betel, tempat kami
bareto ngadegkeun altar paranti ngabakti
ka Allah, anu geus nulung kami mangsa
keur kabalangsak, jeung teu kendat-kendat
nyarengan boh di mana, boh di mendi."
4 Tuluy patung-patung sesembahan teh
diserenkeun ka Yakub, kitu deui masing-
masing papaes ceuli. Ari ku anjeunna terus
dikubur di handapeun tangkal kiara anu
pernahna deukeut ka Sekem tea.
5 Yakub sapala putra enggeus leut
ngaleugeudeut seja ngalih. Kota-kota
sakuriling eta pada ngarasa gimir, nu matak
caricing bae teu daek ngudag.
6 Aleutan Yakub geus cunduk ka nagri Lus,
anu ayeuna mah disebutna teh Betel, di tanah
Kanaan.

7 Anjeunna ngadegkeun altar di dinya, sarta
tempatna dingaranan El-Betel, hartina Allah
anu disembah di kota Betel. Dumeh keur
basa anjeunna kabur nyingkahan saderekna
tea, Allah nembongan ka anjeunna di dinya.
8 Geus kitu Debora, emban Rabeka, maot,
dikuburkeun di landeuheun tangkal kiara
di Betel, sarta tempatna dingaranan "Kiara
Panyeungceurikan", ayana kiduleun Betel.
9 Basa Yakub mulang ti Mesopotami tea,
Allah nembongan deui ka anjeunna sarta
maparin berkah.
10 Pangandika-Na harita ka anjeunna,
"Ngaran maneh Yakub. Tapi ti semet ieu
ngaran maneh teh Israil." Nya ti harita
jenenganana teh Israil.
11 Kieu deui pangandika-Na ka anjeunna,
"Kami, Allah Nu Maha Kawasa. Maneh sing
reuay anak. Maneh baris loba turunan, aya
nu baris jaradi raja. Turunan maneh baris
mangpirang-pirang lobana, baris jadi bangsa.
12 Tanah anu ku Kami dibikeun ka Ibrahim
jeung Ishak, ka maneh oge, nya kitu deui ka
turunan maneh, rek dibikeun."
13 Sanggeus ngandika kitu, Allah
ngantunkeun Yakub.
14 Ti dinya Yakub nangtungkeun hiji batu
keur pangeling-eling, tuluy ditahbiskeun,
dikucuran anggur jeung minyak jetun.
15 Nya tempatna ku anjeunna dingaranan
Betel.

16 Ti Betel leut deui ngaleut. Sanggeus
lalampahanana kira-kira sajongjonan deui
ka nagri Eprata, Rahel babar. Babarna hese
beleke.
17 Dina keur meumeujeuhna nyeri, parajina
ngalilipur kieu, "Kedah sabar. Murangkalihna
pameget deui."
18 Tapi Rahel geus taya harepan. Memeh
cekleuk panungtungan kabujeng keneh
maparin ngaran ka murangkalih, Ben Oni.
Tapi ku ramana dingaranan Binyamin.
19 Sanggeus Rahel pupus, dikurebkeunana
di sisi jalan ka Eprata, anu ayeuna mah
disebutna teh Betlehem.
20 Kuburanana ku Yakub diberean tutunggul.
Eta tutunggul kuburan Rahel aya tepi ka
kiwari.
21 Ti dinya Yakub maju deui, deg ngadegkeun
pasanggrahan di hiji tempat anu paeunteung-
eunteung jeung munara Eder.
22 Waktu Israil matuh di eta tanah, Rubin
jinah jeung salah sahiji parekan ramana nu
ngaranna Bilha. Sanggeus kauninga, Yakub
pohara benduna. Putra-putra Yakub kabehna
dua belas.
23 Anu ti Lea: Rubin, cikalna, terus: Simeon,
Lewi, Yuda, Isaskar jeung Sebulun.
24 Putra ti Rahel: Yusup jeung Binyamin.
25 Putra ti emban Rahel nu ngaranna Bilha:
Dan jeung Naptali.

26 Putra ti Silpa emban Lea: Gad jeung
Aser. Eta putra-putrana nu pameget anu
dilahirkeun di Mesopotami.
27 Yakub sumping ka Ishak ramana di
Mamre, deukeut Hebron, panglinggihan
Ibrahim jeung Ishak bareto.
28 Ishak pupus dina yuswa 180 taun.
29 Anjeunna pupus dina yuswa geus kacida
sepuhna. Dikurebkeunana ku Esau jeung
Yakub, putrana.
36 1 Ieu turunan-turunan Esau, anu
disebut oge Edom:
2 Esau nikah ka urang kanaan, ka Adah binti
Elon urang Het, jeung ka Oholibama binti
Ana, putu Sibeon urang Hiwi,
3 jeung ka Basmat binti Ismail, rayina
Nebayot.
4 Putra Esau ti Adah nya eta Elipas, ti Basmat
putrana teh Rehuel.
5 Ari ti Oholibama putrana teh Yehus, Yalam
jeung Korah. Eta putra-putra Esau anu lalaki,
dilahirkeunana kabeh di tanah Kanaan.
6 Ti dinya garwa-garwana, pala putra
lalaki awewe kitu deui sakabeh jiwa eusi
bumina, katut ingon-ingon jeung sakabeh
babandaanana beubeunangan ti tanah
Kanaan, ku Esau dicandak ka tanah sejen,
ngantunkeun Yakub rayina.
7 Pangna ngalih, lantaran eta tanah geus taya
petana bisa dicalikan reureujeungan, kawantu

rajakaya jeung ingon-ingon masing-masing
kacida lobana.
8 Ku sabab kitu Esau matuhna teh di
pagunungan Edom.
9 Ieu turunan Esau, karuhun bangsa Edom.
10 (36:10-13) Elipas, putra ti geureuha nu
ngaran Adah, kagungan putra lima lalaki nya
eta: Tman, Omar, Sepi, Gatam jeung Kenas.
Aya deui putra lalaki ngaranna Amalek,
ieu mah putra ti parekan, Timna. Rehuel,
putra Esau ti geureuha nu ngaran Basmat,
kagungan opat putra lalaki nya eta: Nahat,
Serah, Syama jeung Misa.
11 (36:10)
12 (36:10)
13 (36:10)
14 Ari ti geureuha nu ngaran Oholibama binti
Ana putu Sibeon, putrana Yehus, Yalam jeung
Korah tea.
15 Ieu kaom-kaom turunan Esau: Putra Esau
anu cikal, Elipas tea, jadi karuhun kaom
Tman, kaom Omar, kaom Sepo, kaom Kenas,
16 kaom Korah, kaom Gatam, jeung
kaom Amalek. Eta kabeh turunan Esau ti
geureuhana nu ngaran Adah.
17 Ari putrana anu jenengan Rehuel, jadi
karuhun kaom Nahat, kaom Serah, kaom
Syama jeung kaom Misa. Eta kabeh turunan
Esau ti geureuhana nu ngaran Basmat.

18 Turunan Esau ti geureuhana nu ngaran
Oholibama binti Ana nya eta kaom Yehus,
kaom Yalam jeung kaom Korah.
19 Eta kaom-kaom kabeh turunan Esau,
Edom tea.
20 (36:20-21) Pribumi asli tanah Edom dibagi
ku kaom-kaom nurutkeun ngaran luluhurna,
putra-putra Seir urang Hori, nya eta: Lotan,
Sobal, Sibeon, Ana, Dison, Eser, jeung Disan.
21 (36:20)
22 Lotan jadi karuhun kaom Hori jeung
kaom Heman. (Lotan kagungan saderek istri,
Timna.)
23 Sobal jadi karuhun kaom Alwan, kaom
Manahat, kaom Ebal, kaom Syepo jeung
kaom Onam.
24 Ari Sibeon kagungan dua putra lalaki, nya
eta: Aya jeung Ana. (Ana teh anu manggih
sababaraha cinyusu di gurun keusik basa
keur ngangon kalde anu ramana.)
25 (36:25-26) Ana teh ramana Dison,
karuhun warga-warga Hemdan, Esban,
Yitran, jeung Keran. Ana kagungan oge putra
istri, jenenganana Oholibama.
26 (36:25)
27 Ari putra-putra Eser nya eta Bilhan,
Saawan jeung Akan.
28 Ari putra-putra Disan nya eta Us jeung
Aran.

29 (36:29-30) Ieu ngaran kaom-kaom Hori di
tanah Edom, nya eta: Lotan, Sobal, Sibeon,
Ana, Dison, Eser, jeung Disan.
30 (36:29)
31 (36:31-39) Samemeh anak putu Israil
boga raja, tanah Edom teh patuturut
diparentah ku raja-raja bangsa Edom. Raja
anu mimiti marentah di tanah Edom nya eta:
Bela bin Beor, ti Dinhaba. Yobab bin Serah ti
Bosra. Husam ti wewengkon Tman. Hadad bin
Bedad ti Awit, anu ngelehkeun urang Midian
di tanah Moab. Samla ti Masreka. Saul ti
Rehobot sisi walungan. Baal Hanan bin Akbor.
Hadad ti Pahu (garwaanana ka Mehetabel
putra Matred putuna Mesahab).
32 (36:31)
33 (36:31)
34 (36:31)
35 (36:31)
36 (36:31)
37 (36:31)
38 (36:31)
39 (36:31)
40 Ari kaom-kaom Edom turunan Esau,
nurutkeun kaomna masing-masing, tanah
pamatuhanana masing-masing, sanagarana-
sanagarana, nya eta: Kaom Timna, kaom
Alwa, kaom Yetet,
41 kaom Oholibama, kaom Ela, kaom Pinon;
42 kaom Kenas, kaom Tman, kaom Mibsar,

43 kaom Magdiel, kaom Iram. Ngaran-ngaran
tanah pamatuhan tiap-tiap kaom katelah ku
ngaran kaomna masing-masing.
37 1 Ari Yakub matuhna di tanah tempat
ramana ngumbara, Kanaan tea.
2 Ieu lalakon anjeunna saterusna. Yusup
geus jadi nonoman yuswa 17 taun. Sok
ngiring ngangon jeung saderek-saderekna
anu lahir ti parekan ramana, Bilha jeung Silpa
tea. Mun aya kalakuan saderek-saderekna
anu goreng, ku anjeunna sok dicarioskeun ka
ramana.
3 Yakub nyaahna ka Yusup leuwih ti
batan ka putra-putra sejenna, kawantu
dilahirkeunana sanggeus anjeunna sepuh.
Seug dipangdamelkeun raksukan anu
warna-warni.
4 Ku sabab sakitu diugung-ugungna,
saderek-saderekna pohara mikangewana,
nyaritana oge ka Yusup mah tara aya
leuleuy-leuleuyna.
5 Hiji mangsa Yusup nyarioskeun impian.
Saderek-saderekna beuki arijideun.
6 Kieu saur Yusup, "Abdi ngimpi.
7 Urang keur marangkek gandum di huma.
Dak dumadak beungkeutan gandum abdi
hudang terus nangtung. Ari beungkeutan-
beungkeutan gandum nu Akang terus
ngararubung sarta sarujud ka nu abdi."
8 "Jadi maneh teh ngira rek jadi raja
jeung marentah ka dewek kabeh?" saur

saderek-saderekna anu beuki arijideun,
pedah Yusup ngimpi kitu jeung nyaritakeun
eta impian ka maranehanana.
9 Teu lila, Yusup nyarioskeun impian deui
ka saderek-saderekna, "Abdi ngimpi deui.
Panonpoe, bulan sareng bentang sawelas
sarujud ka abdi."
10 Ka ramana oge dicarioskeun, atuh
diwewelingan, saurna, "Ngimpi naon eta teh!
Piraku Ibu, dulur-dulur, kitu deui Ama kudu
sarujud ka Enung?"
11 Saderek-saderekna beuki ngunek-ngunek.
Tapi ari ramana mah teu weleh ngamanahan.
12 Dina hiji poe, waktu saderek-saderek
Yusup keur ngangon embe jeung domba
ramana di Sekem,
13 Yakub ngalahir ka Yusup, "Dulur-dulur
Enung keur ngarangon di Sekem. Enung ku
Ama arek dititah ka ditu." "Mangga," saur
Yusup.
14 Saur ramana deui, "Jung longok dulur
teh ku Enung, naha calageur, kumaha
ingon-ingon marulus? Geus kitu Enung
mah balik deui bae, bebeja ka Ama." Bral
Yusup angkat ti Hebron, piwarangan ramana.
Cunduk ka Sekem,
15 Yusup udar-ider milarian. Jol aya nu
nyampeurkeun, terus nanya, "Neangan saha,
Ujang?"

16 Yusup, "Milarian dulur-dulur, nuju
ngarangon di wewengkon ieu. Manawi uninga,
di mana?"
17 Jawabna, "Geus parindah. Kadengena
mah badamina teh rek ka Dotan." Ku Yusup
disusul ka Dotan, kapendak.
18 Ti kajauhan keneh ku saderek-saderekna
geus katembong. Seug pada sakait, Yusup
rek dipaehan.
19 Salaurna, "Tuh si tukang ngimpi!
20 Urang paehan, bangkena alungkeun ka
jero sumur. Bejakeun bae dihakan ku sato
galak. Hayang nyaho impianana teh bukti
atawa moal."
21 Omongan maranehanana kadengeeun ku
Rubin sarta manehna hayangeun nulungan
Yusup. Pok ngomong, "Ulah dipaehan.
22 Asupkeun bae ka ieu sumur di tanah
gurun, ulah dirogahala." Maksud Rubin, Yusup
rek dihanjatkeun ririkipan sina terus mulang
ka ramana.
23 Barang Yusup cunduk, bol-bol dijewang
raksukanana ku saderek-saderekna.
24 Kek direjeng, tuluy diasupkeun kana
sumur saat.
25 Tas kitu, saderek-saderekna terus
bararang dahar. Sabot ngariung, aya kapilah
kaom Ismail ngaliwat, tas ti tanah Gilad.
Onta-ontana pinuh dimomotan ku damar
jeung bungbu-bungbuan rek dibawa ka Mesir.

26 Saur Yuda, "Naon untungna maehan dulur
tur kudu rarasiahan?
27 Mending urang jual si Yusup teh tuh
ka kaom Ismail, ti batan dipergasa mah.
Di lain-lain oge manehna teh dulur urang,
tunggal sagetih sadaging." Dulur-dulurna
rempug.
28 Sanggeus sudagar-sudagar urang Midian
tea dareukeut, Yusup dihanjatkeun ku
saderek-saderekna, terus dijual ka eta
sudagar-sudagar, pangaji dua puluh potong
perak, terus dibawa ka Mesir.
29 Rubin ka sumur deui, terus nempoan.
Barang katangen yen Yusup geus teu aya,
Rubin nyosoek pakeanana awahing ku
sumpeg.
30 Terus mariksa ka saderek-saderekna,
saurna, "Dikamanakeun budak teh? Kumaha
ari geus kieu?"
31 Sanggeus badami, maranehna meuncit
embe hiji. Raksukan Yusup dicelupkeun kana
getih embe.
32 Tuluy disanggakeun ka ramana bari
akon-akon, "Abdi mendakan ieu. Leres kitu
ieu teh raksukan putra Ama?"
33 Ramana apal kana eta raksukan, tuluy
ngalahir, "Enya geuning pakean anak kami!
Anak kami dihakan ku sato galak! Moal salah
Yusup geus disasaak!"
34 Yakub nyosoeh anggoanana awahing
ku nalangsa, tuluy salin ku anggoan tina

kaen karung. Lila pisan anjeunna ngaraos
nalangsana ku hal Yusup teh.
35 Putra-putrana istri pameget kabeh
ngalilipur, tapi anjeunna teu kersaeun dililipur,
sarta saurna, "Masing nepi ka dug ka kubur
oge kami arek terus nyeungceurikan eta anak
kami." Jadi anjeunna terus bae kaleleban ku
Yusup putrana.
36 Ari Yusup, di Mesirna ku urang Midian teh
dijual ka Potipar, kapala kawal karaton raja.
38 1 Harita Yuda indit ninggalkan dulur-
dulurna, ngadon cicing di hiji jelema
anu ngaran Hirah, anu asalna ti Adulam.
2 Hiji mangsa nenjo hiji wanita, anakna
urang Kanaan nu ngaran Sua, tuluy dikawin.
3 Sanggeus kakandungan terus ngalahirkeun,
anakna lalaki, dingaranan Er.
4 Boga deui anak, lalaki, dingaranan Onan.
5 Anakna anu katilu lalaki deui, dingaranan
Selah. Waktu Selah lahir, Yuda geus pindah
ka Kesib.
6 Pikeun bojo putra cikalna anu ngaran Er,
Yuda milih Tamar.
7 Tapi Er nyieun pibendueun PANGERAN,
nyieun hiji kajahatan. Ku sabab kitu ku
PANGERAN dicabut nyawana.
8 "Eta randa akangna teruskeun pirabi ku
maneh," ceuk Yuda ka Onan dulurna Er.
"Wajiban sakumaha mistina, neruskeun
kawajiban akangna, supaya lanceuk maneh
aya turunanana."

9 Ari Onan, ku sabab nyaho yen anak ti
eta awewe lain eukeurna, nu matak unggal
sapatemon jeung eta, cimanina sok dikana
taneuhkeun, ngarah lanceukna teu boga
turunan.
10 PANGERAN bendu, nu matak Onan oge
dicabut nyawana.
11 Ceuk Yuda ka Tamar, "Balik bae heula
ka bapa Nyai, ngadago Selah anak bapa
akil baleg." Nitah kitu soteh pedah risi,
bisi Selah oge dicabut nyawana kawas
lanceuk-lanceukna. Tamar balik ka bapana.
12 Rada lila ti harita, bojo Yuda tea maot.
Sanggeus waktu-waktu sungkawana kaliwat,
Yuda indit ka Timna, duaan jeung Hirah
sobatna, urang Adulam tea, rek nyukuran
domba.
13 Aya nu bebeja ka Tamar, pokna, "Mitoha
Nyai ayeuna keur ka Timna, rek nyukuran
domba."
14 Tamar dangdan, papakean rarandaanana
diganti ku pakean biasa, ari beungeutna buni
make cindung. Bral leumpang ka Enaim, hiji
lembur sisi jalan ka Timna, tuluy ngajanteng
di lebah kaca-kaca. Tamar geus nyahoeun
yen Selah anak Yuda nu lalaki ayeuna geus
sawawa, tapi tacan bae diamprokkeun ka
manehna.
15 Ana katenjo ku Yuda, panyanana awewe
bangor. Teu wawuheun kawantu buni
dicindung.

16 Ku Yuda disampeurkeun ka sisi jalan.
Ceuk Yuda, "Nyai, urang pelesir." Panyanana
lain minantuna. Tembal Tamar, "Bade ku naon
mayarna?"
17 Ceuk Yuda, "Ku embe bae, engke ku
Akang dikirimkeun." "Mangga," tembal Tamar,
"nanging kedah nganggo barang tanggungan,
kangge tawis moal jalir."
18 Ceuk Yuda, "Hayang ku naon?" Tembal
Tamar, "Ku eta bae, cap sareng rantayna,
sareng eta teteken." Sok barangna
diserenkeun, tuluy sapatemon. Lila-lila Tamar
ngandung.
19 Harita Tamar tuluy balik, cindungna
dibuka, rap make deui pakean rarandaanana.
20 Ti dinya Yuda ngirimkeun embe keur
pamayar, dianteurkeun ku sobatna urang
Adulam tea sarta barang nu dipake
tanggungan kudu dipenta. Tapi anu diteang
teu kapanggih.
21 Seug ditanyakeun, "Di mana rorompokna
awewe bangor urang Enaim teh?" Jawabna,
"Da di dieu mah ti kapungkur oge teu aya
awewe bangor."
22 Sobat Yuda balik, bebeja, "Teu kapanggih.
Ceuk katerangan, ti bareto oge di dinya mah
teu aya awewe bangor."
23 Ceuk Yuda, "Kajeun atuh. Hanas barang
lapur, geus bae teu kudu dipapay, bisi matak
disaleungseurikeun. Boro dikirim embe, ari
heug henteu kapanggih."

24 Heuleut tilu bulan aya anu bebeja ka
Yuda, pokna, "Nyi Tamar, mantu Bapa, gaduh
kalakuan sapertos awewe bangor, ayeuna
keur ngandung." Jawab Yuda, "Duruk awakna,
sina paeh."
25 Waktu rek diduruk, Tamar nitahan jelema
sina ngomong ka mitohana, kieu, "Abdi
ngandung teh ku lalaki anu gaduh barang
ieu: Cap sareng rantayna, sareng teteken.
Mangga barangna tingalian."
26 Yuda ujug-ujug wawuh kana barangna.
Ceuk Yuda, "Bener manehna, aing nu salah.
Henteu buru-buru dikawinkeun ka Selah anak
aing." Ti harita, tetep Yuda henteu sapatemon
deui jeung Tamar.
27 Barang geus deukeut kana waktuna
Tamar ngalahirkeun, kanyahoan yen
kakandunganana kembar.
28 Waktuna keur diheujeunkeun, orok nu hiji
kaluar leungeunna heula. Ceg ku parajina
dicekel, tuluy leungeunna dibeungkeut ku
benang beureum, sarta ceuk parajina, "Ieu
lanceukna."
29 Tapi eta leungeun teh ngalepot deui, ana
borojol anu kaluar teh orok nu hiji deui.
Ceuk parajina, "Na utun, bedas-bedas teuing
ngaborojol teh!" Ku kituna seug dingaranan
Peres.
30 Ti dinya kakara nu hiji deui kaluar, anu
leungeunna geus dibeungkeut ku benang
beureum tea. Tuluy dingaranan Serah.

39 [1] Geus dicaritakeun yen Yusup ku kaom
Ismail dibawa ka Mesir, terus digaleuh
ku Potipar, kapala kawal karaton.
[2] Tapi Yusup disarengan ku PANGERAN,
sagala lampahna mulus. Ari cicingna di
gedong juraganana, urang Mesir tea.
[3] Juraganana geus waspada yen Yusup
ditangtayungan ku PANGERAN, da sagala
cabakna ngan kabiruyungan bae.
[4] Ngagandekna ku Potipar kaanggo pisan,
nepi ka diangkat jadi purah ngurus gedong
katut eusina sapuratina.
[5] Ti semet diurus ku anjeunna rajakaya
jeung harta banda eta urang Mesir teh aya
berkah ti PANGERAN, boh nu aya di gedong
boh nu aya di kebon.
[6] Saniskara urusan ku Potipar diselehkeun
ka Yusup, anjeunna mah geus tara pipilueun,
iwal ti urusan tuangeun keur salirana. Ari
Yusup nya kasep nya tegep dedeganana.
[7] Lila-lila geureuha juraganana kapincut,
ka Yusup rajeun melong, tungtungna waleh,
saurna, "Urang ngedeng jeung kami."
[8] Ku Yusup ditolak, saurna, "Abdi ku juragan
pameget parantos dipercanten ngurus gedong
saeusina, anjeunna mah tara milu-milu
uninga. Sagala kagunganana sina diurus ku
abdi.
[9] Sagala rupi di ieu gedong dikawasakeun
ka abdi, teu aya anu diulahkeun, lintang ti
ka juragan istri, geureuhana. Paliyas abdi

ngabales ku lampah anu sakitu kotorna tur matak dosa ka Allah."
10 Unggal-unggal poe eta istri teh ngagoda bae, tapi Yusup tagen teu kasasarkeun, pangajak juragan istri teu didangu.
11 Ari dina hiji poe, waktu Yusup rek nedunan papancen, di gedong teh sepi teu aya sasaha.
12 Gep juragan istri ngajewang ka Yusup kana anggoanana, sarta saurna, "Sok, urang ngedeng jeung kami." Yusup nerejel terus lumpat kaluar, kari raksukanana bae dicecepeng ku juragan istri.
13 Barang eling yen keur nyenyepeng eta raksukan sarta Yusupna lumpat,
14 juragan istri ngagorowok ka pagawe-pagawe gedong. Ti dinya saurna, "Deuleu ieu! Juragan pameget ngasupkeun eta urang Ibrani ka gedong, kari-kari eta jelema teh jadi kurang ajar. Bieu asup ka kamar kami, ngajak serong. Kami jejeritan.
15 Ku sabab kami jejeritan, manehna ngagurinjal terus kabur kaluar. Ieu bajuna, katinggaleun di gigireun kami."
16 Eta raksukan ku anjeunna disimpen nepi ka juragan pameget sumping.
17 Nyariosna ka carogena oge kawas tadi bae, saurna, "Eta badega Akang, urang Ibrani tea anu ku Akang dicandak ka gedong, tadi asup ka kamar abdi bari teu uni, niatna ngaheureuyan ka abdi.

18 Ku margi abdi jejeritan, manehna kabur
kaluar, papakeanana tinggaleun di kamar."
19 Dunungan Yusup pohara benduna.
20 Yusup ku anjeunna ditangkep terus
diselehkeun ka panjara, paranti ngabui
sakitan-sakitan anu dihukum ku raja.
21 Tapi Yusup ditangtayungan ku PANGERAN
nepi ka jadi kanyaah sipir, meunang kurnia,
22 dipercaya ngurus sakitan-sakitan sejenna.
Yusup enya-enya pisan ngajalankeun
papancenna.
23 Sipirna mah geus tara nyaho-nyaho, kabeh
kumaha Yusup bae, tina katembong mulus
sagala lampahna, lantaran ditangtayungan ku
PANGERAN.
40 1 Hiji mangsa, mantri nu ngurus
leueuteun jeung mantri nu ngurus
katuangan raja Mesir baroga dosa ka gustina.
2 Raja pohara benduna ka eta dua ponggawa.
3 Duanana diselehkeun ka panjara anu
ayana di gedong kapala kawal karaton tea,
nu dipake ngerem Yusup.
4 Ku eta kapala, Yusup dibakukeun purah
ngalalayanan aranjeunna. Eta dua ponggawa
dipanjarana teh teu wudu lila.
5 Hiji peuting, eta ponggawa-ponggawa raja
Mesir teh ngarimpi, anu pihartieunana teu
sarua.
6 Isukna ku Yusup kasampak keur
tingharuleng.

7 Seug ditaros, "Ku naon Juragan teh
sapertos anu ngarangluh?"
8 Walonna, "Puguh tadi peuting ngimpi. Ku
taya anu bisa nerangkeun ilapatna." "Allah
anu maparin katiasa pikeun nerangkeun impi-
impian teh," saur Yusup. "Cobi carioskeun
ngimpen naon."
9 Mantri nu ngurus leueuteun raja nyarita,
"Kami ngimpi aya tangkal anggur, ujug-ujug
jadi di hareupeun.
10 Dahanna aya tilu, sarta harita keneh
daraunan, karembangan, terus baruahan nepi
ka asak.
11 Ari kami keur nyekel lumur raja, seug
anggur teh ku kami dipetik terus diperes kana
lumur, geus kitu dihaturkeun ka raja."
12 Saur Yusup, "Tilu dahan hartosna tilu
dinten.
13 Tilu dinten deui Juragan bakal
dikaluarkeun, dipaparin ampun ku raja sareng
dijenengkeun deui nyepeng damel sapertos
tadina, jadi deui mantri nu ngurus leueuteun
raja.
14 Saupami Juragan parantos mendak deui
kagenahan, mugi sing emut ka sim abdi.
Unjukkeun perkawis abdi teh ka raja, manawi
jadi lantaran abdi dikaluarkeun ti ieu bui.
15 Sayaktosna abdi teh dipaling ti tanah
Ibrani. Ayeuna aya di jero panjara oge
sayaktosna mah teu gaduh kalepatan
naon-naon."

16 Ngadenge eta katerangan sakitu genahna,
pok mantri nu ngurus katuangan raja oge
nyaritakeun impianana, "Kami mah ngimpi
nyuhun tilu tetenong.
17 Dina tetenong nu pangluhurna aya
rupa-rupa katuangan hancengan raja. Tapi
eta katuangan teh kabeh diparacokan ku
manuk."
18 Saur Yusup, "Tilu tetenong hartosna tilu
dinten.
19 Tilu dinten deui Juragan oge bakal
dikaluarkeun, nanging teras dihukum, ditugel
mastaka. Salira Juragan bakal digantung di
luhur tangkal teras diparacokan ku manuk."
20 Tilu poe ti harita raja ngajamu mantri-
mantri, sabab meneran poe weweton
anjeunna. Mantri nu ngurus leueuteun jeung
mantri nu ngurus katuangan disaur sina ka
payuneun mantri-mantri sejenna.
21 Satuluyna mantri nu ngurus leueuteun
dijenengkeun deui.
22 Ari mantri nu ngurus katuangan mah terus
digantung, cocog jeung anu diterangkeun ku
Yusup.
23 Tapi mantri nu ngurus leueuteun teh
ari geus kitu mah lat bae ka Yusup teu
inget-inget acan.

41 1 Dua taun ti harita, raja Mesir ngimpen
ngadeg di sisi Walungan Nil.
2 Anjeunna ningali aya tujuh sapi lalintuh
naker haranjat ti walungan terus nyaratuan.

3 Beh deui ningali tujuh sapi sejen,
rarangkebong awahing ku begang-begangna,
haranjat ti walungan, nyalampeurkeun ka
sapi anu lalintuh.
4 Seug nu lalintuh teh ku eta dileglegan taya
nu ngari. Nyah raja lilir.
5 Ana kulem deui, ngimpen deui, ningali
gandum tujuh ranggeuy tina satangkal, nya
baleuneur nya parepel.
6 Beh ningali tujuh ranggeuy deui barijil tina
satangkal, nya harapa nya parerang lantaran
katebak angin ti gurun keusik.
7 Eta tujuh ranggeuy anu harapa teh
ngaleglegan ka nu baleuneur nepi ka beak.
Korejat raja tanghi, emut yen ngimpen.
8 Nepi ka isukna manahna guling-gasahan.
Geus kitu, tukang-tukang sihir, jelema-jelema
pinter ti sa-Mesir diangkir kudu nerangkeun
impenan, tapi weleh taya nu sanggup.
9 Ti dinya mantri nu ngurus leueuteun tea
miunjuk ka raja, "Kapungkur, nalika abdi
Gusti gaduh dosa,
10 ku Gusti dihukum dikabuikeun, ka panjara
anu di gedong kapala kawal karaton, bareng
sareng mantri nu ngurus katuangan.
11 Hiji wengi abdi sareng pribadosna masing-
masing kenging impenan, masing-masing aya
hartosna.
12 Eta impenan disanggemkeun ka hiji
nonoman urang Ibrani, sami-sami sakitan,
gandekna kapala kawal karaton. Ku eta

nonoman, impian abdi masing-masing diterangkeun pihartoseunana.
13 Bet leres, kateranganana kabuktosan:
Abdi Gusti dijenengkeun deui, pun mantri nu sanesna digantung."
14 Raja miwarangan supaya Yusup disaur. Gancang Yusup dikaluarkeun ti panjara, diparasan jeung disalinan, tuluy dideuheuskeun ka raja.
15 Timbalan raja ka Yusup, "Kami ngimpi, euweuh nu bisa nerangkeun. Aya nu nyarita ka kami, yen maneh bisa nerangkeun impian."
16 Wangsulan Yusup, "Abdi Gusti mah teu pisan-pisan. Anging Allah nu iasa nerangkeun, sareng bakal kamanah ku dampal Gusti."
17 Timbalan raja, "Kami ngimpi keur nangtung di sisi Walungan Nil.
18 Beh aya tujuh sapi lalintuh naker haranjat ti walungan terus nyaratuan.
19 Aya deui tujuh sapi garoreng patut, bararegang kari tulang. Di sa-Mesir, kami mah kakara nenjo aya sapi begang-begang teuing.
20 Eta sapi nu baregang teh seug ngaleglegan nu lalintuh.
21 Tapi sakitu tas ngalegleg hiji ge taya nu jadi lintuh, angger bae rangkebong jiga tadina. Nyah kami lilir.

22 Sakali deui kami ngimpi, nenjo aya
gandum tujuh ranggeuy dina satangkal,
baleuneur jeung parepel, meujeuhna asak.
23 Beh tujuh ranggeuy deui tina satangkal,
hararapa jeung parerang katebak angin ti
gurun keusik.
24 Ieu tujuh ranggeuy nu harapa ngaleglegan
ka nu baleuneur. Ku kami geus diomongkeun
ka dukun-dukun, tapi saurang ge taya nu
sanggup nerangkeun."
25 Piunjuk Yusup ka raja, "Impenan
Gusti, duanana sami hartosna. Allah
parantos mintonkeun ka dampal Gusti naon
pikersaeuna-Na.
26 Tujuh sapi nu lalintuh, hartosna tujuh
taun, sareng tujuh ranggeuy gandum anu
pepel, eta oge nawiskeun tujuh taun.
Duanana sahartos.
27 Saparantos eta, tujuh sapi kuru sareng
tujuh ranggeuy gandum anu hapa tur perang
katebak angin ti gurun keusik, hartosna tujuh
taun paceklik.
28 Sapertos anu bieu ku abdi Gusti kapiunjuk:
Allah parantos mintonkeun ka dampal Gusti
naon pikersaeuna-Na.
29 Di salebet tujuh taun, nagara Mesir bakal
nyorang kamakmuran.
30 Saparantos eta, bakal katarajang ku
paceklik anu kalintang bangetna, lamina tujuh
taun, dugi ka kamakmuran di salebet tujuh

taun nu kalangkung teh teu aya urut-urutna, tigerat di sakuliah nagara.
31 Mangsa-mangsa makmur moal kaemut-emut deui, ku hebat-hebatna paceklik anu nuturkeunana.
32 Gusti ngimpen dugi ka dua kali, nun Gusti, eta nawiskeun yen Allah parantos ngadamel kapastian pijadieunana, tur bade enggal-enggal dibuktoskeun.
33 Dampal Gusti kedah milari hiji jalmi, nu tarampil tur wijaksana, kanggo nyangking sareng ngatur bahan pangan rahayat Mesir.
34 Sareng kedah ngangkat padamel-padamel purah ngatur-ngatur. Saperlima tina hasil tatanen salebet tujuh taun kamakmuran, kedah disimpen.
35 Eta padamel-padamel kedah ngempelkeun katedaan samangsa taun-taun kamakmuran nu bakal dongkap. Eta sadayana kedah aya dina panalingaan dampal Gusti. Bahan-bahan tedaeun kedah disimpen sae-sae di gudang-gudang nagara sareng dijagi.
36 Maksadna taya sanes, kanggo pibekeleun sanagara di mana paceklik anu tujuh taun tea dongkap ka ieu nagara, supados rahayat Mesir ulah kantos maraot ku langlayeuseun."
37 Eta rarancang ku raja Mesir katut mantri-mantrina kamanah pisan.
38 Dawuhan raja ka mantri-mantrina, "Saha deui jelema nu kawas ieu, kalinggihan Roh Allah?"

39 Geus kitu dawuhanana ka Yusup, "Eta
katerangan-katerangan maneh tetela asal
ti Allah. Hamo aya anu leuwih pinter jeung
wijaksana kawas maneh.
40 Maneh pantes ngatur di karajaan kami,
ditarurut ku sakumna rahayat. Euweuh nu
leuwih luhur ti maneh kajaba kami, raja."
41 Dawuhanana deui, "Maneh ayeuna ku
kami diangkat jadi kawasa di sakuliah Mesir."
42 Raja nyabut lelepen cap karajaan tina
remana, dianggokeun ka Yusup. Rap Yusup
dianggoanan anggoan tina linen lemes,
tenggekna dianggoanan kangkalung emas.
43 Clak ditunggangkeun kana kareta kadua
tutungganganana raja. Heulaeun kareta aya
palatuk purah ceceluk: "Hormat, bere jalan!"
Kitu carana Yusup diangkat geusan mangkon
kawasa di sakuliah Mesir.
44 Ngadawuh deui raja ka anjeunna, "Kami
raja. Tapi tanpa idin ti maneh, di sakuliah
Mesir teu meunang aya nu ngajalankeun
pokal naon-naon."
45 Yusup ku anjeunna dipaparin jenengan
bangsa Mesir, Sapnat-Paaneah, tuluy
direndengankeun ka Asnat, putra istri
Potifera, imam kota On. Geus kitu Yusup
ngideran satanah Mesir.
46 Basa mimiti ngabdi ka raja Mesir yuswa
Yusup geus tilu puluh taun. Damelna
papariksa ka sakuliah nagara.

47 Sajero tujuh taun nagara teh mani
lubak-libuk subur makmur, sagala tatanen
ngajadi, cukul mucekil beunghar ku hasil.
48 Sapanjang taun-taun anu makmur, sagala
hasil bumi ku Yusup disimpen di gudang di
kota-kota. Di unggal kota aya gudang hasil
bumi ti wewengkon masing-masing.
49 Hasil gandum mani kawas banjir,
tinanding salobana keusik jero sagara,
nepi ka teu ditaker-taker acan da geus lain
taker-takereun.
50 Memeh usum paceklik datang, Yusup geus
kagungan dua putra ti Asnat geureuhana.
51 Duanana pameget. Nu cikal dijenenganan
Menase, sabab saurna, "Ku kersaning Allah,
aing geus hanjat tina balangsak, geus paler
tina inget ka bapa sapala putra."
52 Nu kadua dijenenganan Epraim, karana
saurna, "Di nagara urut aing kabalangsak, ku
Allah dipaparin anak."
53 Ti dinya, musim makmur tujuh taun di
Mesir enggeus wekasan.
54 Musim paceklik nu tujuh taun mimiti
narajang, cocog sakumaha panorah Yusup.
Di mana-mana, di nagara sejen geus meh
taya dahareun, sabalikna di Mesir mah cukup
kabina-bina.
55 Tapi di Mesir oge saterusna mah geus
mimiti aya bahla kalaparan. Rahayat jumerit
ka raja. Ari dawuhan raja ka rahayatna,

"Maraneh ka Yusup bae, turut kuma
dipetakeun ku anjeunna."
56 Sanggeus sakuliah nagara keuna ku
paceklik, tur paceklikna beuki rosa, Yusup
muka gudang-gudang gandum, dijualan ka
rahayat Mesir.
57 Jalma-jalma ti nagara-nagara sejen oge
murubul ka Mesir ngaradon meuli gandum,
kawantu paceklik teh geus nerekab ka unggal
nagara.
42 1 Yakub geus ngadangu yen di Mesir
loba gandum. Seug nyaur pala putra,
sarta saurna, "Ulah jarongjon bae, ku naon
teu alihtiar?
2 Bejana di Mesir loba gandum. Cik ka daritu
meuli, supaya urang ulah nepi ka paraeh ku
kalaparan."
3 Bral sapuluh saderek-saderek Yusup arindit
ka Mesir rek mareuli gandum.
4 Tapi Binyamin, rayi tegesna Yusup mah teu
dibikeun milu, sieun kuma onam.
5 Pala putra Yakub geus carunduk ka Mesir,
bareng jeung abrulan sejen-sejenna nu pada
arek ngaruyang, sabab sakuliah Kanaan oge
katarajang paceklik.
6 Yusup, anu mangkon kawasa di satanah
Mesir, ngicalna gandum ka unggal bangsa
bae. Saderek-saderekna geus aya di
payuneunana, sararujud ka anjeunna.
7 Barang gok ge Yusup teh jol-jol wawuh
bae, tapi teu nyirikeun anjeun. Pok mariksa

bengis pisan, saurna, "Maraneh nu ti mana?"
Wangsulanana, "Sumuhun ti Kanaan, sumeja
ngiring meser tedaeun."
8 Maranehna mah kalinglap, teu saperti
Yusup ka maranehna.
9 Ras Yusup emut ka nu kaimpenkeun
ngeunaan maranehna. Pok ngalahir deui,
"Maraneh mata-mata rek ngintip kalemahan
nagara kami."
10 Wangsulanana, "Sanes, Gusti! Pang
dongkap teh sumeja meser tedaeun bae.
11 Abdi Gusti sadayana padudulur. Sadayana
jalmi-jalmi jujur, sanes pisan mata-mata."
12 Waler Yusup, "Ah puguh maraneh teh arek
ngintip melengna nagara kami!"
13 Piunjuk maranehna, "Gusti, abdi-abdi teh
sadayana mah dua belas, tunggal sabapa,
di tanah Kanaan. Anu bungsu dikantun di
lembur sareng pun bapa, dupi anu hiji deui
parantos tilar dunya."
14 Waler Yusup, "Geus! Ceuk kami tadi,
maraneh mata-mata!
15 Pangakuan maraneh rek diuji. Demi
asmaning raja Mesir, kami sumpah: Maraneh
moal dileupaskeun, upama dulur maraneh
anu bungsu teu didatangkeun ka kami.
16 Meunang balik saurang, sina nyokot eta
adi, bawa ka dieu. Nu sejen-sejenna ditahan,
rek dijaga masing keras, ngadago bukti
omongan maraneh. Upama teu bukti, demi
jayaning raja, tetela maraneh mata-mata."

17 Tutas sasauran kitu, geblus saderek-
saderekna diasupkeun ka jero panjara,
meunang tilu poe.
18 Dina katilu poena anjeunna sumping,
saurna, "Kami teh nyembah ka Allah. Nu
matak, mun maraneh hayang lila hirup kudu
kieu:
19 Buktikeun kajujuran. Maraneh meunang
balik, meunang mareuli gandum keur
dahareun sakulawarga anu keur kalaparan.
Tapi saurang tetep di tahan di dieu.
20 Maraneh kudu daratang deui mawa
dulur anu bungsu, geusan bukti benerna
pangakuan maraneh, sangkan kami ulah nepi
ka maehan maraneh." Saderek-saderekna
kapaksa ngiringan.
21 Ti dinya seug ngaromong pada dulur,
"Enya, talajak urang bareto ka Yusup teh
telenges pisan, teu tolih kumaha nalangsana
hatena basa menta dipikarunya. Ayeuna
karasa wawalesna."
22 Ceuk Rubin, "Nu matak ceuk Akang ge
bareto, ulah dikaniaya eta budak teh. Tapi
maraneh teu ngagarugu. Ayeuna urang kudu
naur wawales patina."
23 Teu nyarahoeun yen sagala caritaanana
kahartos ku Yusup, kawantu ari miunjuk ka
anjeunna teh make juru basa.
24 Yusup ngajengkat ka nu singkur, ngadon
nangis heula. Sanggeus leler kakara nemonan

deui, ceg bae nyepeng ka Simeon. Red Simeon dibarogod hareupeun dulur-dulurna.
25 Sanggeus kitu Yusup miwarangan supaya karung-karung maranehna diareusian. Ari duit pameulianana kudu diasupkeun kana karung masing-masing, jeung dipiwarang dibekelan dahareun keur di jalan. Prak dilalampahkeun.
26 Geus kitu bral saderek-saderekna marulang marawa gandum beunang meuli, dimuatkeun kana kalde.
27 Ari nepi ka panganjrekan, aya nu muka karung bawana rek maraban kalde. Ana gorehel bet aya duitan.
28 Atuh hariweusweus ka dulur-dulurna, pokna, "Ieu duit kuring mah bet dipulangkeun, aya di jero karung!" Atuh mani ngararenjag bari silih tenjo beungeut dibarung ku keketegan. Aromongna, "Ya Allah, bade dikumahakeun abdi-abdi teh?"
29 Sanggeus cunduk ka Kanaan puk-pok nyaritakeun pangalaman ka ramana,
30 "Nu nyepeng kawasa di ditu teh mariksana bengis pisan, malah nuding yen abdi sadaya mata-mata nu keur ngintip nagarana.
31 Nya teras unjukan deui, Abdi-abdi jalmi jujur, sanes mata-mata.
32 Abdi-abdi sadayana mah dua belas padudulur tunggal sabapa. Nu hiji parantos tilar dunya, nu hiji deui dikantun sareng pun bapa.

33 Tapi saurna teh, Hal eta ku kami rek
diuji, enya henteuna maraneh jelema jujur.
Dulur maraneh ku kami rek ditahan saurang,
sesana meunang baralik mawa gandum,
dahareun maraneh sakulawarga anu eukeur
kalaparan.
34 Kudu daratang deui ka kami, bawa
eta dulur anu bungsu. Mun geus bukti,
kakara kami percaya yen maraneh jujur,
lain mata-mata. Mun kitu heug, maraneh
meunang nyorang ieu nagara, sarta dulur
maneh nu ditahan dibikeun deui."
35 Ti dinya karung-karung dibarukaan
rek dibudalkeun. Ana gorehel dina karung
masing-masing aya duitan. Sarerea, kitu deui
ramana mani sarepa.
36 Pok ramana sasauran, "Ari maraneh bet
nyieun-nyieun sangkan Ama kaleungitan
anak. Yusup geus euweuh di kieuna. Simeon
ditahan. Ayeuna Binyamin arek dibawa! Ama
anu kudu kaleleban!"
37 Pok Rubin mihatur ka ramana, "Saupami
Binyamin teu kabantun wangsul deui, anak
abdi lalaki anu dua paehan ku Ama. Sing
percanten, Binyamin tangtos kabantun deui
wangsul."
38 Waler Yakub, "Ulah, anak kami anu ieu
mah moal dibikeun. Lanceukna geus ajal,
kari ieu anak kami teh. Kumaha mun cilaka
di jalan nepi ka hanteuna. Kami geus sakieu
kolotna, hamo kuat nandangan prihatin

balukar ti maraneh. Paeh kami teh kitu-kitu teuing mah!"
43 1 Paceklik di Kanaan beuki parna.
2 Bahan dahareun pamili Yakub beunang bareto meuli ti Mesir geus koredas. Yakub sasauran ka pala putrana, saurna, "Mareuli deui dahareun ka ditu."
3 Ditembal ku Yuda, "Ama, kapungkur oge abdi-abdi diancam ku nu kawasa di ditu, teu kenging datang deui upami henteu sareng si bungsu.
4 Upami si bungsu diwidian mah milu, mangga ka ditu deui oge, meser tedaeun.
5 Moal, abdi-abdi moal wantun ka ditu upami si bungsu henteu diwidian milu mah, margi saur nu ti ditu: Ulah datang-datang deui mun dulur maraneh nu hiji deui henteu kabawa."
6 Saur Yakub, "Naha atuh bebeja boga keneh dulur sejenna? Nyieun pisusaheun Ama bae!"
7 Dijarawab, "Ituna keukeuh naletekeun pamili urang saurna, Ari bapa maraneh aya keneh? Maraneh boga deui dulur? Kapaksa diwangsul satarabasna, manawi teh moal dugi ka marentah ngabantun pun adi."
8 Yuda unjukan deui ka Yakub ramana, "Titipkeun Binyamin ka abdi, supados tiasa mios ayeuna keneh. Diengke-engke mah bilih urang maraot manten ku langlayeuseun, nya Ama, nya abdi-abdi, nya barudak.
9 Perkawis Binyamin, ditanggel ku abdi. Abdi sumeja naruhkeun pati, ngabelaan. Upami

manehna teu tiasa kabantun deui wangsul
kalayan salamet sarta walagri, abdi sing ulah
jamuga satutup umur.
10 Cobi upama teu talangke mah, tangtos
ayeuna teh parantos baralik deui ti ditu kadua
kalina."
11 Waler Yakub, "Nya ari geus teu beunang
diulah-ulah mah dalah dikumaha. Tapi kudu
babawaan ti dieu, keur tanda soca, bangsa
hasil ieu tanah sarwa saeutik, nu pangalusna:
kismis, madu, bungbu-bungbuan, muncang,
jeung buah badam.
12 Duit kudu mawa dua kalieun. Duit nu
bareto dipulangkeun kudu dibayarkeun, bisi ti
ditu kaliru.
13 Heug si bungsu bawa, los geura bral.
14 Mugi-mugi ku pitulung Allah Nu Maha
Kawasa, eta jelema teh sing aya welasna
ka maraneh, kersaeun ngaleupaskeun dulur
maraneh anu ayeuna ditahan di ditu, sarta
mulangkeun deui Binyamin. Mun kudu nepi
ka leungit anak, ari geus teu bisa sumingkir
deui mah Ama kari pasrah."
15 Seug eta sadudulur teh nyadiakeun keur
kikintunan jeung duit dua kalieun, geus kitu
arindit ka Mesir jeung Binyamin. Sacundukna
ka Mesir, terus ngadareuheusan ka Yusup.
16 Ana ningali yen Binyamin oge aya, geuwat
Yusup marentah hiji gandek, juru kawasa
bumina, saurna, "Ieu semah kami bawa ka

bumi. Meuncit sato hiji, maranehna ku kami
rek dibawa tuang engke beurang."
17 Gandek tumut ka parentah, semah-semah
dibawa ka gedong Yusup.
18 Ari maranehna dibawa ka gedong teh
bati rarisi. Ceuk pikiran maranehanana, "Boa
dibawa ka gedong teh dilantarankeun ku duit
anu bareto dipulangkeun tea. Boa ujug-ujug
breg bae diraponan terus dijieun budak
beulian, kalde-kalde dirampas."
19 Nu matak, sanggeus nepi ka lawang
gedong, maranehna ngomong ka juru kawasa
bumi tea, pokna,
20 "Juragan, abdi-abdi teh kapungkur meser
tedaeun ti dieu.
21 Ari dongkap ka lembur, artos
pameseranana teh bet aya di lebet
karung masing-masing, palih luhur, tur
teu aya nu coceng. Ayeuna eta artos teh
dibantun.
22 Artos kangge meser deui oge ngabantun.
Kapungkur teh duka saha anu ngalebetkeun
eta artos kana lebet karung."
23 Ari jawabna, "Tong jadi pikir. Teu kudu
dipake risi. Anu neundeun eta duit ka jero
karung teh tangtu Allah panutan aranjeun,
panutan bapa aranjeun, da duit pamayaran
tea mah bareto geus katarima." Geus kitu
eta jelema teh ngaleupaskeun Simeon,
dipasrahkeun deui ka maranehna.

24 Sanggeus araya di gedong Yusup, eta
jelema mawakeun cai keur maranehna
karukumbah suku, ari maranehna terus
maraban kalde.
25 Sabot nunggu Yusup sumping palolohor,
maranehna nyadiakeun keur tanda soca
tea. Geus nyarahoeun yen engke beurang
maranehna baris dalahar di dinya.
26 Jol Yusup sumping, brek maranehna
sarujud, terus nyanggakeun tanda soca.
27 Pok Yusup papariksa, "Kumaha, calageur?
Sabaraha taun umurna bapa maneh anu
dicaritakeun bareto teh? Kumaha aya keneh,
cageur?"
28 Wangsulanna, "Pun bapa, gandek dampal
Gusti, aya keneh sareng wilujeng." Bruk deui
maranehna sarujud.
29 Ret Yusup ka Binyamin, rayina teges,
pok ngalahir, "Euh ieu, nya, adi bungsu anu
dicaritakeun teh? Anaking, sing aya berkah ti
Allah."
30 Geus kitu gura-giru ka nu singkur, tina teu
kawawa ku ngahelas ningali rayina. Cisocana
meh teu kaampeuh, nu matak enggal ka
kamar, segruk bae nangis.
31 Sanggeus ditamas kaluar deui bari
mereketkeun anjeun, terus nimbalan sangkan
sadia tuangeun.
32 Yusup misah meja, saderekna meja nu
hiji deui, urang Mesirna anu bareng milu
ngariung, misah deui, kawantu pikeun urang

Mesir mah ngahiji dahar jeung urang Ibrani teh hina.
33 Meja Yusup sina paeunteung-eunteung jeung meja saderek-saderekna. Ari dariukna diatur dipanta-panta, ti nu pangkolotna panungtungan di nu pangorana. Diatur nurutkeun panta-panta umurna teh maranehna bati silih teuteup bari harookeun.
34 Ari kadaharanana diberean tina meja Yusup. Hancengan keur Binyamin mah mani lima kalieun keur lanceuk-lanceukna. Brak balakecrakan, dalahar nginum jeung Yusup.
44 1 Ti dinya Yusup marentah ka juru kawasa bumi, saurna, "Eusian karung-karungna sing dedet, sina kabawa ku sataker tanagana. Duit pameulianana asup-asupkeun deui ka jero karung masing-masing, teundeun pangluhurna.
2 Lumur perak kami asupkeun kana karung anu bungsu, sakalian jeung duit pameulian gandumna." Prak dilampahkeun.
3 Isukna, barang bray beurang maranehna geus dijurung laku, bral arindit nungtun kalde masing-masing.
4 Sanggeus maranehna rada anggang ti kota, Yusup marentah ka juru kawasa bumi, saurna, "Gancang jelema-jelema nu tadi teh udag. Mun geus kaudag, maneh kudu ngomong kieu: Ku naon ari maraneh, mulang jahat ka nu mikanyaah?

5 Ku naon maling lumur perak kami? Eta
lumur paranti gusti kami ngaleueut, jeung
paranti anjeunna norah. Kacida teuing eta
kalakuan teh!"
6 Sanggeus kasusul, seug gandek teh
malikan kalimah gustina.
7 Ari tembal maranehna, "Kumaha, Juragan?
Naon maksadna eta kasaurah teh? Sageuy
abdi-abdi gaduh emutan kana kitu.
8 Dalah artos anu kapendak di lebet karung
tea oge geuning disanggakeun deui ka
Juragan. Teu wararantun teuing pulang-paling
emas atanapi perak ti gedong panutan
Juragan.
9 Saupami eta lumur kapendak ti salah
sawios abdi sadaya, jalmina paehan bae,
sesana sumeja masrahkeun diri, rido jaradi
badega."
10 Jawabna, "Hade. Tapi nu rek dijieun
badega mah saurang bae, anu malingna. Nu
sejenna bebas."
11 Cag karung-karungna diecag-ecagkeun
kana taneuh gagancangan, terus dibaruka ku
masing-masing.
12 Gandek Yusup mariksa mani taliti, mimiti
ti karung nu cikal nepi ka karung nu bungsu.
Gorehel, lumur teh kapanggih tina karung nu
Binyamin.
13 Bawaning ku ngenes-ngenesna,
maranehna nepi ka nyarosoek papakean.

Geus kitu karung-karung teh dimuatkeun deui kana kalde, tuluy baralik deui ka kota.
14 Sacundukna Yuda sadudulur ka gedong Yusup, kasampak anjeunna keur ngantos. Bruk bae sadudulur teh pada meubeutkeun maneh kana taneuh payuneunana.
15 Yusup ngalahir, "Nahaon eta kalakuan kitu teh? Na teu kataksir yen eta kalakuan maraneh teh ku jelema saperti kami mah baris katorah?"
16 "Gusti, kumaha abdi-abdi nya kedah unjukan?" wangsul Yuda. "Kumaha nya bade mungkir? Kumaha nya kedah nembongkeun yen abdi-abdi beresih? Allah parantos nembrakkeun kalepatan abdi-abdi. Mangga sadayana damel badega, sanes mung anu kapendak nyumputkeun lumur bae."
17 Waler Yusup, "Hamo! Kami hamo kitu! Saurang bae anu rek dijieun badega mah. Anu sejen jung baralik ka bapa maraneh, aman, moal dikumamahakeun."
18 Cong Yuda nyembah, pok deui miunjuk, "Nun Gusti, manawi aya paidin, abdi Gusti sumeja nyanggakeun ieu piunjuk. Mugi Gusti teu jadi bendu. Gusti sasat Piraon ku manten.
19 Gusti kapungkur mariksa, Kumaha maraneh boga keneh bapa, atawa boga deui dulur?
20 Wangsul abdi-abdi, Gaduh. Pun bapa parantos kolot, dulur saurang deui, bungsu, anu lahirna saparantos pun bapa kolot pisan.

Kaka teges eta barudak parantos tilar dunya. Jadi ti biang tegesna mah mung kantun eta, ku pun bapa kalintang dipideudeuhna.
21 Dupi pilahir Gusti, Bawa ka dieu, kami hayang nyaho.
22 Ku abdi-abdi diunjukkeun ka Gusti, yen eta budak teu kenging lesot ti pun bapa. Saupami dugi ka papisah, tinangtos pun bapa puput umur.
23 Nanging pilahir Gusti, Lamun dulur maraneh nu eta henteu kabawa, maraneh ulah nete-nete deui ka dieu nemonan kami.
24 Sadongkapna ka pun bapa, gandek dampal Gusti tea, sugri pilahir Gusti teh disanggemkeun.
25 Lami-lami pun bapa ngajurung deui abdi-abdi meser tedaeun ka dieu.
26 Sanggem abdi-abdi henteu wantun, reh diancam ku Gusti teu kenging deui ngadeuheus, upami henteu sareng pun dulur. Si bungsu kedah kabantun, nembe abdi-abdi wantun mios. Kitu sanggem abdi-abdi ka pun bapa.
27 Ari sanggem pun bapa, Maraneh nyaho, Ama boga anak ti indung tegesna teh ngan dua.
28 Nu saurang enggeus hilang, moal salah disasaak sato galak, lantaran taya beja-bejana.
29 Ayeuna, lamun anu ieu oge kudu leupas ti Ama, sarta nepi ka henteuna, atuh kami nu

geus sakieu kolotna teh sasat diturihan nya hate ku maraneh, sina buru-buru paeh.
30 Nun Gusti, upami ayeuna abdi-abdi wangsul henteu sareng eta budak, pisakumahaeun teuing remukna hate pun bapa, jalaran nyawana parantos kacangcang ku eta budak.
31 Tinangtos pun bapa teras ngalenggerek dumugi kana patina. Nya tangtos abdi-abdi keneh nu jadi lantaran pun bapa anu sakitu kolotna gudawang hatena, temahna ajal sapisan.
32 Sajabi ti kitu, abdi Gusti parantos ikrar ka pun bapa, nanggel yen eta budak baris salamet. Saupami eta budak henteu kasanggakeun deui, abdi parantos sumpah sing ulah jamuga satutup umur.
33 Kitu nu mawi, nun Gusti, abdi bae gegentosna, anu ku Gusti kedah disiksa. Pun adi mah sanget-sanget nya panuhun mugi diwidian wangsul sareng lanceuk-lanceukna.
34 Kumaha nya wangsul, saupami henteu sareng eta budak? Abdi Gusti moal kiat ningal pun bapa ngalaman nasib sial."

45 1 Yusup meh-mehan bae teu kiat mereketkeun anjeun di hareupeun para pagawena. Pok ngalahir bari ngagorowok, "Pagawe-pagawe kabeh kalaluar!" Sanggeus pagawe-pagawe teu aya saurang-urang acan, brak bae Yusup nembrakkeun anjeun ka saderek-saderekna.

2 Brah cisocana bedah, nangis mani
ngagukguk satarikna, kadarenge sumegrukna
ku urang Mesir. Atuh gancang pisan bejana
ka karaton raja.
3 Ceuk Yusup ka saderek-saderekna,
"Kuring teh Yusup! Kumaha Ama, bapa
kuring, jumeneng keneh?" Maranehna
anggur tingpoyongkod sarieuneun, nepi ka
jarempling teu bisa ngajawab.
4 Saur Yusup deui, "Ka darieu, sing
dareukeut." Esod, esod, maranehna
ngadareukeutan. Saur Yusup, "Kuring teh
dulur aranjeun. Anu ku aranjeun dijual ka
dieu ka Mesir.
5 Ulah reuwas-reuwas. Jeung teu perlu
nyalahkeun maneh pedah bareto ngajual
kuring ka urang dieu. Eta saenyana geus
kitu diaturna ku Allah. Ku Mantenna, kuring
dikirim ti heula ka dieu, sangkan numbu umur
aranjeun.
6 Sabab ieu paceklik teh kakara dua taun.
Lila keneh, lima taun deui, tur sapanjang eta
moal aya usum melak, moal aya usum dibuat.
7 Allah ngutus kuring ti heula ka dieu teh
sangkan puguh bisa nulungan aranjeun
ulah nepi ka pegat turunan. Kuring disina
ti heula ka dieu, sangkan aranjeun loba
anu katulungan ku kuring, jeung sangkan
aranjeun ulah nepi ka paregat umur.
8 Jadi, pangna kuring aya di dieu teh
lain ku dumeh dipiceun-piceun teuing ku

aranjeun, tapi geus diatur ku Allah. Ku
pitulung Mantenna, kuring ayeuna di dieu teh
sasat jadi ramana raja Mesir, nyekel urusan
sanagara, nyekel kawasa sanagara Mesir.
9 Ayeuna geuwat marulang buru-buru.
Bejakeun ka bapa kuring, kieu kituh ceuk
Yusup putrana, Abdi ku Allah parantos
dijadikeun anu kawasa di sakuliah nagara
Mesir. Ama kedah enggal-enggal sumping ka
abdi, ulah dilami-lami deui.
10 Kangge pamatuhan parantos di sayagikeun
di Gosen, supados Ama saputra putu pacaket
sareng abdi. Embe, domba, sapi, sagala rupa
bae kagungan Ama, candak.
11 Di Gosen mah Ama tiasa ditalingakeun
ku abdi. Paceklik teh lima taun deui; abdi
moal ngantep Ama sakulawargi dugi ka
langlayeuseun, kitu keneh ingon-ingon."
12 Yusup ngalahir deui, "Ayeuna dulur-dulur,
jeung hidep oge, Binyamin, tangtu geus
tenget enyaan yen kuring teh Yusup, lain nu
lian.
13 Bejakeun ka Ama, yen kuring di Mesir
manggih kamulyaan tur kawasa kabina-bina.
Sagala rupa anu ku aranjeun kasaksian di
dieu, caritakeun ka Ama. Jung buru-buru
Ama teh sina sumping ka dieu."
14 Tutas sasauranana, gabrug anjeunna
ngarangkul ka Binyamin rayina bari nangis.
Binyamin oge ceurik bari montel ka anjeunna.

15 Geus kitu raka-rakana oge pada dirangkul
diciuman jeung ditangisan.
16 Beja yen Yusup tepang jeung saderek-
saderekna geus tepi ka raja di karaton. Raja
sapara mantri sami-sami ngiring bingah.
17 Seug raja ngalahir ka Yusup, "Eta
dulur-dulur kang putra sina ngamomotan
sato umbalna, sina buru-buru marulang deui
ka Kanaan.
18 Bapana kudu buru-buru dibawa ka dieu.
Kitu deui maranehna sakulawarga kudu ka
darieu deui, ngadeuheus ka kami. Ku kami
rek dibere pigeusaneun matuh, tanah anu
panghadena di Mesir. Perkara dahareunana,
kami anu ngabayuan, tina hasil bumi anu
panghadena.
19 Sina mawa kareta ti dieu, tumpakaneun
anak pamajikanana, sarta bapana ulah teu
kabawa.
20 Perkara pakaya-pakaya anu ditinggalkeun
di ditu teu kudu dipake lebar. Rek dibere
gagantina, tanah-tanah anu pangsuburna di
satanah Mesir."
21 Pala putra Israil tumut parentah. Ku
Yusup dibahanan kareta sababaraha hiji,
sakumaha timbalan raja. Bekel keur di jalan
oge dicukupan.
22 Jaba ti eta pada dibere pisalin sapangadeg
sewang. Malah ka Binyamin mah aya
leuwihna, jaba ti papakean lima pangadeg
teh masihan perak 300 potong.

23 Ari keur ramana, kalde sapuluh pinuh
ku muatan hasil bumi Mesir nomer hijina,
sapuluh kalde deui dimuatan gandum,
roti jeung warna-warna katuangan, baris
tuangeun ingkang rama di jalan nuju ka Mesir.
24 Geus kitu saderek-saderekna dijurung laku
sarta saurna, "Di jalan teu kudu salempang."
25 Bral marulang ka Kanaan, ka Yakub
ramana.
26 Sadatangna pada hariweusweus, "Yusup
hirup keneh. Nu nyekel kawasa satanah
Mesir teh horeng manehna!" Bis bae Yakub
kapiuhan, reuwas jeung ku awahing teu
percanten.
27 Tapi sanggeus sagala pihatur Yusup tea
dicaritakeun ka anjeunna, turug-turug beh
kareta-kareta anu dibahankeun ku Yusup
kanggo anjeunna angkat ka Mesir, pangacian
anjeunna kumpul deui.
28 Pok ngalahir, "Kami sugema kaliwat
saking. Anak kami, Yusup, hirup keneh! Kami
rek indit, rek manggihan, meungpeung hirup
keneh."
46 1 Yakub ngepak barang-barangna,
bral angkat ka Bersyeba, terus
ngahaturkeun kurban ka Allah, panutan Ishak
ramana.
2 Peutingna, dina tetenjoan, Allah nimbalan,
dawuhana-Na, "Yakub, Yakub!" Diwaler, "Nun,
ieu abdi."

3 Dawuhana-Na, "Kami Allah. Allah panutan
bapa maneh. Ulah asa-asa rek indit ka Mesir
teh. Rundayan maneh ku Kami rek dijieun
bangsa gede di ditu.
4 Maneh ku Kami rek dianteur indit ka Mesir.
Ari turunan maneh baris dipulangkeun deui
ka dieu. Mun maneh datang ka ajal, baris
katungkulan ku Yusup."
5 Bersyeba ku Yakub enggeus dikantun.
Yakub, putu-putuna, jeung para wanita
mantu-mantuna, ku pala putrana sina
tarumpak kareta anu dikintun ku raja Mesir.
6 Ingon-ingon katut sagala harta banda
meunang ti Kanaan milu diakut ka Mesir.
Kabeh nu jadi rundayan ku Yakub dicandak
ngalih, nya eta:
7 pala putra nu lalaki nu awewe, para putu
nu lalaki nu awewe.
8 Anggota kulawarga Yakub anu arindit ka
Mesir jeung anjeunna nya eta Rubin, putrana
anu cikal,
9 jeung putra-putrana: Hanok, Palu, Hesron
jeung Karmi.
10 Simeon jeung putra-putrana: Yemuel,
Yamin, Ohad, Yakin, Sohar, jeung saurang
deui, ngaranna Saul, anak Simeon ti hiji
wanita urang Kanaan.
11 Lewi jeung putra-putrana: Gerson, Kahat
jeung Merari.
12 Yuda jeung putra-putrana: Selah, Peres
jeung Serah. (Putra-putra Yuda sejenna

anu lalaki, Er jeung Onan geus maraot di
Kanaan.) Putra-putra Peres nya eta Hesron
jeung Hamul.
13 Isaskar jeung putra-putrana: Tola, Pua,
Ayub jeung Simron.
14 Sebulun jeung putra-putrana: Sered, Elon
jeung Yahlel.
15 Eta putra-putra Yakub ti Lea anu
dijurukeun di Mesopotami. Jeung hiji putra
istri, Dinah. Jumlah turunan anjeunna ti Lea
aya tilu puluh tilu urang.
16 Gad jeung putra-putrana: Sepon, Hagi,
Suni, Esbon, Eri, Arod, jeung Areli.
17 Aser jeung putra-putrana: Yimna, Yiswa,
Yiswi, Beria, jeung Serah dulur maranehanana
anu awewe. Putra-putra Beria nya eta Heber
jeung Malkiel.
18 Ieu anu genep belas urang turunan Yakub
ti Silpa, asalna emban pamere Laban ka Lea
putrana.
19 Putra Yakub ti garwana nu ngaran Rahel,
nya eta Yusup jeung Binyamin.
20 Di Mesir, Yusup kagungan dua putra
pameget ti Asnat geureuhana putra Potifera,
imam di kota On, nya eta Menase jeung
Epraim.
21 Putra-putra Binyamin nya eta: Bela, Beker,
Asbel, Gera, Naaman, Ehi, Ros, Mupim,
Hupim jeung Arda.
22 Ieu anu opat belas urang turunan Yakub ti
Rahel.

23 Dan jeung putrana, Husim.
24 Naptali jeung putra-putrana: Yahsel, Guni,
Yeser jeung Silem.
25 Ieu anu tujuhan turunan Yakub ti Bilha,
asalna emban pamere Laban ka Rahel
putrana.
26 Jadi jumlah turunan Yakub anu landes,
basa mimiti ngalih ka Mesir teh aya genep
puluh genep jiwa, jaba deui bojo-bojo pala
putrana.
27 Diitung jeung dua putra ti Yusup anu
dilahirkeun di Mesir, pamili Yakub teh kabehna
tujuh puluh jiwa.
28 Yakub ngajurung Yuda ti heula, sina
ngawartosan ka Yusup yen anjeunna mundut
diantosan di Gosen. Sanggeus aleutan Yakub
cunduk ka wates Gosen,
29 Yusup angkat kana kareta, rek nepangan
ingkang rama. Barang gok patepang, gabrug
ngarangkul, pananganana meulit kana
tenggek ramana. Gauk nangis lila pisan bari
tipepereket nangkeup ka ramana.
30 Geus kitu Yakub ngalahir ka Yusup, "Bagea
teuing Enung! Geuning Enung teh hirup
keneh. Ayeuna mah Ama teh paeh ge rido, da
jeung Enung geus papanggih."
31 Ti dinya Yusup ngalahir ka saderek-
saderek jeung wargi-wargi ramana, saurna,
"Kuring kudu ngadeuheus unjukan ka raja
yen aranjeun jeung Ama sakulawarga geus
daratang ti Kanaan, araya di kuring.

32 Rek diterangkeun yen aranjeun tukang
ngangon, maliara ingon-ingon, sarta eta
pipiaraan kabeh dibawa ka dieu.
33 Upama engke aranjeun ku raja disaur
jeung dipariksa pagawean,
34 ngajawabna ulah salah yen aranjeun
ti bubudak hirup tina miara ingon-ingon
sakumaha karuhun. Ku jalan kieu raja tangtu
ngidinan aranjeun matuh di Gosen." Maksud
Yusup mamatahan kitu teh lantaran urang
Mesir mah kabeh oge henteu raresepeun ka
tukang ngangon.
47 1 Yusup ngadeuheus ka raja nyandak
saderekna limaan, seug unjukan
kieu, "Pun bapa sareng dulur-dulur parantos
darongkap ti Kanaan. Pipiaraanana oge
sareng sagala kagaduhna dibarantun ka dieu,
ayeuna parantos araya di Gosen."
2 Geus kitu Yusup ngunjukkeun saderek-
saderekna tea ka raja.
3 Raja mariksa, "Naon pagawean maraneh?"
Wangsulanana, "Abdi Gusti sadayana tukang
angon, tumut ti karuhun.
4 Darongkap ka nagara Gusti, sumeja
ngiring cicing di Mesir, wireh tanah Kanaan
katarajang paceklik hebat, parantos teu
aya jukut-jukut acan kangge ingon-ingon.
Nyuhunkeun piwelas Gusti, sumeja ngiring
cicing di tanah Gosen."

5 Raja ngalahir ka Yusup, "Rama jeung
dulur-dulur kang putra geus araya di kang
putra.
6 Tanah-tanah di Mesir aya dina kawasa
kang putra. Pilih anu pangsuburna keur
anjeunna jeung dulur-dulur. Harayangeun
matuh di Gosen, teu aya halangan. Jeung
upama ti dulur-dulur kang putra aya anu boga
kamampuhan, hade sina ngurus ingon-ingon
kami."
7 Yusup ngadeuheuskeun oge Yakub ramana,
ka raja. Yakub ngucapkeun wilujeng ka raja.
8 Ku raja dipariksa, "Sabaraha taun umur
Bapa?"
9 Waler Yakub, "Sumuhun parantos 130
taun, salamina mung ngumbara. Upami
dibandingkeun sareng karuhun-karuhun anu
sami-sami tukang ngumbara, umur Bapa
mah kalintang pondokna, sareng teu kendat
dipuuk ku kasusah."
10 Tutas ngadeuheus, Yakub neda undur ti
payuneun raja.
11 Anjeunna ku Yusup geus dipatuhkeun di
Mesir, kitu deui saderek-saderekna, dipaparin
tanah milik anu pangalusna, pernahna di
Rameses, numutkeun timbalan raja.
12 Keur kaperluan tedaeunana, boh ramana,
boh saderek-saderekna, katut sakumna
pamili ramana nepi ka anu pangorana,
dibayuan ku Yusup.

13 Paceklik beuki hebat. Saalam dunya teu
boga dahareun. Rahayat Mesir jeung urang
Kanaan, awakna enggeus lalungse nandangan
kalaparan.
14 Ti dinya Yusup ngumpulkeun duit
sisimpenan urang Mesir jeung urang Kanaan,
anu disimpen keur mareuli gandum, tuluy
dicandak ka karaton raja.
15 Sanggeus urang Mesir jeung urang Kanaan
teu baroga deui duit sama sakali, urang Mesir
daratang ka Yusup. "Nyuhunkeun tedaeun,"
pokna. "Abdi-abdi ulah diantep sina paraeh
langlayeuseun. Artos oge parantos teu gaduh
pisan. Tulungan, Gusti!"
16 "Bawa ingon-ingon maraneh. Ke ku kami
ditukeuran ku kadaharan ari geus teu baroga
duit mah," waler Yusup.
17 Ahirna maranehna murubul marawa
ingon-ingon ka Yusup, nu mawa kuda,
nu mawa domba atawa embe, nu mawa
sapi, nu mawa kalde, ditalukeurkeun kana
bahan pangan. Sataun lilana kitu jeung kitu
ngabagi-bagi bahan panganna, ditukeur
jeung ingon-ingon.
18 Dina taun sanggeusna, rahayat pada
waleh ka anjeunna, pokna, "Gusti, abdi-abdi
waleh bae. Artos seep, ingon-ingon seep,
sadayana parantos kacepeng ku Gusti.
Abdi-abdi parantos teu gaduh serenkeuneun
deui, kajabi ti tanah sareng badan sakujur.

19 Abdi-abdi ulah diantep sina maraot, enggal
jait! Tanah abdi-abdi ulah dugi ka gaplah
jeung gapong. Ieu diri abdi-abdi galeuh,
tanah abdi-abdi candak, liron sareng tedaeun.
Sawios jadi badega raja sinareng lahan
sawios jadi kagunganana, asal dipaparin
binih, sangkan ulah maraot ku kalaparan,
sareng lahan ulah kantos jadi keri."
20 Seug sakabeh lahan di Mesir ku Yusup
digaleuh baris ka raja, kawantu ku nu
barogana dijarual, ku tina banget-bangetna
paceklik. Sakabeh tanah sakuliah nagara
geus jadi kagungan raja.
21 Ari rahayat, ti tungtung Mesir nepi ka
tungtung Mesir deui ku Yusup digarawekeun
jaradi kuli.
22 Tanah anu teu digaleuh ngan tanahna para
imam. Para imam mah teu kungsi ngajarual
tanah, kawantu mareunang sokongan anu
baku ti raja.
23 Pilahir Yusup ka rahayat, "Poe ieu,
maraneh jeung lahan-lahan maraneh enggeus
dibeuli ku kami, haturan raja. Ieu binih keur
maraneh, lahan-lahan teh pelakan.
24 Lamun geus panen, kudu diserenkeun
pikeun raja, saperlimana. Sesana pake
keur ngabinihan deui, jeung keur dahareun
maraneh katut sanak kulawarga."
25 Rahayat ngajarawab, "Gusti parantos
mintonkeun kasaean, numbu umur abdi-abdi.

Abdi-abdi sumeja pasrah diri jadi kuli-kulina raja."
26 Ti dinya Yusup ngadamel undang-undang tanah pikeun nagara Mesir, nya eta saperlima tina hasil tanah kudu diserenkeun ka raja. Ieu undang-undang tug nepi ka kiwari jalan terus. Ngan tanahna para imam anu henteu jadi milik raja teh.
27 Urang Israil enggeus tumetep di Mesir di wewengkon Gosen. Geus balaleunghar jeung anak baranahan.
28 Ari Yakub mukimna di Mesir tujuh belas taun, nepi ka yuswa 147 taun.
29 Yakub geus ngaraos baris tereh-tereh pupus, tuluy nyaur Yusup putrana, pok ngalahir, "Ama menta Enung sumpah. Tumpangkeun leungeun Enung kana tetepokan Ama, tuluy ikrar masing enya-enya, yen Enung seja ngestokeun wasiat Ama. Ama ulah dikubur di Mesir.
30 Ama hayang dikubur di makam karuhun. Ama kudu dipindahkeun ti Mesir, kubur di makam para luluhur." Yusup ngawaler, "Wasiat Ama tangtos diestokeun pisan."
31 Saur Yakub, "Sumpah heula ka Ama, yen Enung seja ngestokeun." Ti dinya Yusup sumpah. Terus Yakub tumungkul dina pangkulemanana lajeng ngucap sukur.

48 1 Teu lila ti harita Yusup kenging wartos yen ramana teu damang.

Bral anjeunna angkat seja ngalayad Yakub
disarengan ku putrana Menase jeung Epraim.
2 Barang Yakub terangeun yen putrana Yusup
geus sumping seja ngalayad maksakeun calik
dina pangkulemanana.
3 Ti dinya saurna ka Yusup, "Allah Nu
Maha Kawasa bareto nembongan sarta
ngaberkahan ka Ama di Lus, di tanah Kanaan.
4 Kieu dawuhana-Na, Maneh ku Kami baris
dibere anak loba pisan, sarta turunan maneh
baris pijadieun rupa-rupa bangsa; tanah ieu
ku Kami rek diserenkeun ka turunan maneh
geusan jadi milikna salalawasna."
5 Saur Yakub deui, "Yusup, dua anak hidep,
Epraim jeung Menase dijurukeun di Mesir
samemeh Ama aya di dieu, duanana oge rek
diaku anak, sakumaha Rubin jeung Simeon.
6 Upama hidep boga deui anak, Ama
moal rek mikahayang; ari warisan mah
maranehanana oge baris meunang ti Epraim
jeung Menase.
7 Maksud Ama kitu teh lantaran inget ka ibu
hidep Rahel. Basa ibu hidep maot di tanah
Kanaan teu jauh ti Eprata, keur Ama balik
ti Mesopotami, Ama teh kacida nalangsana.
Ibu teh ku Ama dikurebkeun di sisi jalan nu
ka Eprata." (Eprata teh kiwari mah katelah
Betlehem.)
8 Barang ret Yakub ningal ka putra Yusup
anu dua tea, seug mariksa, "Ari ieu barudak
teh saha?"

9 Waler Yusup, "Ieu teh duanana oge pun
anak, nu diganjarkeun ka abdi ku Gusti Allah
di dieu, di tanah Mesir." Ari saur Yakub,
"Asrogkeun ka Ama, ku Ama rek diberkahan."
10 Ari Yakub teh socana geus teu pati
awas bakat ku sepuh. Ku Yusup barudak
dicaketkeun ka ramana. Tuluy barudak teh
dirangkul bari digalentor.
11 Ti dinya saur Yakub ka Yusup, "Satadina
Ama teh geus taya harepan yen baris
pipanggiheun deui jeung hidep. Kari-kari
ayeuna ku Allah ditepungkeun pisan jeung
anak-anak hidep sagala."
12 Ti dinya barudak teh ku Yusup dicandak
tina pangkonan ramana, seug anjeunna sujud
di payuneun ramana.
13 Geus kitu Epraim ku Yusup diperenahkeun
di kiwaeun Yakub ari Menase di tengeneunana.
14 Tapi Yakub teh bet anggur numpangkeun
pananganana nu tengen kana sirah Epraim
anu umurna leuwih ngora; ari panangan
kiwana ditumpangkeun kana sirah Menase,
lanceukna.
15 Tuluy Yusup diberkahan ku anjeunna,
saurna, "Mugia ieu barudak diberkahan ku
Allah, anu disembah ku aki jeung bapa kaula
Ibrahim jeung Ishak! Mangka maranehna
diberkahan ku Allah nu geus nyarengan kaula
nepi ka ayeuna!
16 Mangka diberkahan ku malaikat, nu geus
ngajait kaula tina sagala bahla! Mugia ngaran

kaula, kitu deui jenengan Aki Ibrahim jeung
Bapa Ishak masing bisa tuluy-tumuluy ku
lantaran ieu barudak! Mugia maranehna sing
loba anak, ceuyah turunan!"
17 Barang Yusup ningali yen panangan
ramana anu katuhu ditumpangkeun kana
sirah Epraim, anjeunna ngarenjag; tuluy
panangan ramana dipindahkeun kana sirah
Menase,
18 bari saurna ka ramana, "Sanes kitu,
Ama! Anu ieu anu langkung kolot; panangan
Ama anu tengen kedah ka anu ieu
ditumpangkeunana!"
19 Tapi ceuk ramana, "Ama oge nyaho,
anaking, nyaho. Turunan Menase ge pijadieun
bangsa gede. Tapi turunan adina bakal leuwih
punjul ti manehanana sarta turunanana bakal
pijadieun bangsa-bangsa gede."
20 Seug eta barudak anu dua teh poe
eta diberkahan. Saurna, "Ngaran maraneh
bakal dipake ku urang Israil dina keur
ngucapkeun berkah. Piucapeunana: Muga
maraneh ku Allah dikersakeun ngajadi saperti
Epraim jeung Menase." Jadi berkah anu
dipaparinkeun ku Yakub ka Epraim teh leuwih
mulya ti batan nu dipaparinkeun ka Menase.
21 Geus kitu saur Yakub ka Yusup, "Anaking,
Ama teh moal lila deui oge mulang ka
kalanggengan, tapi hidep baris tetep
disarengan ku Allah sarta bakal dipulangkeun
ka tanah karuhun hidep.

22 Tanah Sekem anu subur, beunang Ama
ngarebut ti urang Emor ku pedang jeung
gondewa teh pikeun hidep, lain pikeun
dulur-dulur hidep."
49 1 Yakub ngumpulkeun putra-putrana
tuluy ngalahir, "Ka darieu kumpul, Ama
rek ngucapkeun hal-hal anu bakal kasorang
ku maraneh engke ka hareup:
2 Ka darieu kumpul, regepkeun, he anak-
anak Yakub. Regepkeun ieu bapa maraneh
Israil.
3 Rubin, anak kami anu cikal, maneh wujud
kabedasan kami anak kahiji ti kalalakian
kami. Pangangkuhna jeung pangbedasna ti
antara anak-anak kami.
4 Maneh saibarat caah rongkah, tapi hamo
jadi anu pangutamana, sabab maneh geus
ngedengan selir kami ngunghak kana
pangsarean kami.
5 Simeon jeung Lewi adi lanceuk.
Maranehanana nyikep pakarang pikeun
katelengesan.
6 Kami moal miluan rarasiahanana, moal
miluan babadamianana, sabab sajeroning
ambek maranehanana maehan jalma
jeung ngabajegan sapi-sapi sakadar keur
karesepan.
7 Ambekna sing kasapa, tina kacida
bengisna, amarahna sing kasapa, tina kacida
kejemna. Ku kami rek disina pabencar di

satanah Israil. Disina pabuyar di tengah bangsana.
8 Yuda, maneh bakal dipuji ku dulur-dulur.
Musuh-musuh ku maneh dicerek pundukna.
Dulur-dulur ka maneh bakal rarengkuh.
9 Yuda saibarat singa, maehan mamangsanna
seug asup kana dungusna, ngendorkeun urat
seug ngagelehe. Taya nu wani ngaganggu.
10 Yuda bakal nyangking iteuk karajaan,
turunanana bakal marentah salalawasna.
Bangsa-bangsa bakal marere upeti tunduk
deku di hareupeunana.
11 Seug manehna nyangcang kalde ngora
kana hiji tangkal anggur, anu buahna
pangalus-alusna. Ngupyakkeun pakeanana
kana cianggur anu warnana beureum getih.
12 Panonna sumorot euceuy ku nginum
anggur, huntuna bodas ku nginuman susu.
13 Sebulun bakal matuh di sisi laut. Basisirna
jadi palabuan kapal-kapal. Wewengkonna
nepi ka Sidon.
14 Isaskar mo leuwih senang ti kalde, keur
depa ge teu lesot tina momotna.
15 Tapi nyahoeun yen tempat reureuhna
hade tur tanahna pikaresepeun. Seug
ngajurungkunung ngangkat momotanana
kawantu nu kumawula, tukang nadah gawe
beurat.
16 Dan bakal kawasa marentah rahayatna.
Maranehanana ge kawas kaom-kaom Israil
sejenna.

17 Dan bakal saibarat oray di sisi jalan,
oray matih di jalan gupit. Macok kana
keuneung kuda, nepi ka anu tumpakna ragrag
tijengkang.
18 Abdi ngantos salamet ti Anjeun,
PANGERAN.
19 Gad bakal ditempuh ku gorombolan
rampog, tapi bakal malik ngudag ka nu
nempuh.
20 Aser, tanahna bakal beunghar ku
dahareun. Bisa ngayakeun anu surup keur
tuangeun raja.
21 Naptali saibarat uncal bikang anu lumpatna
lugina, anak nu bakal dijurukeunana bakal
lalucu.
22 Yusup saibarat kalde linghas sisi cinyusu.
Saibarat anak kuda giras di lamping pasir.
23 Musuh-musuhna nempuh kacida rosana,
ngudag bari mawa gondewa reujeung panah.
24 Tapi gondewa Yusup angger tanggoh,
leungeunna aya anu ngabedaskeun, bedas ku
kawasa Nu Maha Kawasa, Allahna Yakub, ku
nu jadi Pangangon, Panyalindungan Israil.
25 Allah bapa maneh anu mitulung ka
maneh, Allah Nu Maha Kawasa anu ka maneh
ngaberkahan ku hujan ti awang-awang
jeung cai anu jarero ti jero bumi, dipaparin
pirang-pirang sapi jeung anak,
26 dipaparin gandum jeung kekembangan,
dipaparin gunung-gunung jaman purwa,
dipaparin kabetah ti pasir-pasir abadi. Ieu

berkah-berkah masing tumetep mayungan
sirah Yusup, ngauban halis jelema nu
pangunculna ti sakabeh dulur-dulurna.
27 Binyamin saibarat ajag anu kacida
galakna. Isuk, sore, ngarubuhkeun jeung
ngahakan mamangsan."
28 Sakitu dua belas kaom Israil teh.
Kitu ungelna ucap pamitan ramana anu
dilahirkeunana saluyu keur masing-masing
dirina.
29 Ti dinya Yakub wewekas, "Ama ayeuna rek
mulang, nyusul warga-warga Ama ka alam
kubur. Layon Ama hijikeun jeung bapa Ama
di guha kuburan di tanahna Epron urang Het,
30 di Makpela wetaneun Mamre, di tanah
Kanaan. Eta guha jeung tegalan ku Ibrahim
geus digaleuh ti Epron keur tanah kuburan.
31 Ibrahim jeung Sarah geureuhana, Ishak
jeung Rabeka, kitu deui Lea, nya di dinya
dipendemna.
32 Eta tegalan jeung guhana geus dibeuli ti
urang Het. Kuburkeun Ama di dinya."
33 Tamat Yakub wewekasna, seug ngagoledag
kereles bae pupus.
50 1 Gabrug layon teh ku Yusup dirangkul,
ditatangkeup ditangisan, rarayna
digalentoran.
2 Yusup marentahkeun tabib-tabib
bawahanana, sina ngabalsem ramana.

3 Lilana ngabalsem opat puluh poe,
sakumaha biasana. Urang Mesir kabeh barela
sungkawa meunang tujuh puluh poe.
4 Sanggeus liwat mangsa sungkawa, Yusup
ngalahir ka mantri-mantri raja, saurna,
"Pangunjukkeun ieu pisanggem ka raja:
5 Nalika pun bapa bade dug pupus, mundut
supaya abdi sumpah yen bakal ngurebkeun
layonna di makam kengingna ngadamel di
tanah Kanaan. Ku margi kitu jisim abdi mugi
diwidian mios nguburkeun pun bapa, upami
parantos beres tangtos wangsul deui."
6 Waler raja, "Kami idin. Kurebkeun rama
kang putra sakumaha pamundutna."
7 Yusup jengkar seja ngurebkeun ramana.
Nu jarajap mangpirang-pirang lobana:
mantri-mantri raja, para sesepuh karaton,
para sesepuh nagara,
8 wargi-wargina ku anjeun, raka-rakana
jeung wargi-wargi ramana. Anu teu marilu
jajap ngan barudakna anu laleutik keneh,
ditinggalkeun di Gosen jeung ingon-ingon:
embe, domba jeung sapi.
9 Anu marilu ngiringkeun teh aya oge anu
tarumpak kareta jeung kuda, jadi aleutan anu
kacida gedena.
10 Sanggeus narepi ka tempat pangirikan
di Atad, wetaneun Walungan Yordan, ger
careurik aluk-alukan lila pisan. Eta upacara
bela sungkawa diayakeunana ku Yusup tujuh
poe.

11 Urang Kanaan anu narenjo eta jelema-
jelema maridangdam di Atad, ngaromong,
"Kacida hidmatna nya upacara bela sungkawa
urang Mesir mah!" Ku sabab kitu eta tempat
dingaranan Abel Misraim.
12 Piwekas Yakub enggeus dilaksanakeun ku
pala putrana.
13 Layonna dibawa ka Kanaan, dikurebkeun
di guha Makpela di wetaneun Mamre, urut
lahan Epron urang Het, anu digaleuh ku
Ibrahim keur tanah pakuburan.
14 Tarapti ngurebkeun, Yusup mulih deui ka
Mesir jeung raka-rakana kitu deui sakur nu
ngariring jajap.
15 Sapesna ditilar pupus, raka-raka Yusup
ngaromong kieu, "Kumaha mun Yusup tetep
neuteuli? Kumaha lamun manehna ngabales
kadengkian jeung kajahatan urang bareto?"
16 Seug maranehna nitah jalma, titip omong
pikeun Yusup, kieu, "Tuang rama memeh
pupus ngalahir kieu,
17 Bejakeun ka Yusup, Ama menta sangkan
hidep daek ngahampura dulur-dulur,
kajahatan jeung dosana ka hidep. Ku margi
kitu, mugi-mugi sim kuring sadaya, abdi-abdi
ka pangersa Allah panutan tuang rama,
dihapunten samudaya kalepatan." Sanggeus
dihaturkeun, Yusup ngadanguna nepi ka
nangis.
18 Geus kitu saderek-saderekna daratang,
bruk sarujud, pok arunjukan, "Sim kuring

sadaya, gandek-gandek anu hina kagungan gamparan."
19 Ari saur Yusup, "Ulah sieun ku kuring. Kuring moal ngangkat diri jadi Allah.
20 Enya bareto kuring ku aranjeun dicilakakeun. Tapi ku Allah geus dibalikkeun jadi pitulung, sangkan kuring bisa nyambung umur sanak baraya anu sakitu lobana, nya geuning ayeuna bukti aranjeun bararisa keneh hirup. Nya ti dinya lantaranana.
21 Geus ulah sieun-sieun. Aranjeun saanak incu ku kuring baris diurus." Pilahir sakitu genahna, matak nengtremkeun raka-rakana, nyerep genah karasana, plong hatena ngararemplong.
22 Nepi ka pupusna dina yuswa 110 taun, Yusup tetep ngariksa saderek-saderekna di Mesir.
23 Anjeunna kungsi ningali heula putu ti Epraim putrana, nepi ka turunan nu katilu. Ti Menase ge kagungan putu ngaranna Makir. Makir puputra sababaraha urang, kabeh ku Yusup dilebetkeun kana rerehan kulawargina.
24 Ti dinya anjeunna wewekas ka saderek-saderekna, "Umur kuring moal lila deui. Tapi aranjeun baris tetep diraksa ku Allah, tur engke dicandak budal ti ieu nagara, dipulangkeun ka tanah anu ku Mantenna geus dijangjikeun ka Ibrahim, Ishak jeung Yakub."
25 Geus kitu eta putra-putra Yakub ku Yusup sina sarumpah, saurna, "Aranjeun kudu

sumpah, yen mun geus aya pitulung Allah
budal ti dieu, tulang-taleng kuring kudu
dibawa."
26 Yusup pupus dina yuswa 110 taun.
Layonna ku maranehanana dibalsem, terus
disimpen dina peti mati.

Keluaran

1 [1] Yakub ngungsina ka Mesir teh sapala
putra, masing-masing jeung saanak
bojona. Putra-putrana nya eta:
[2] Rubin, Simeon, Lewi, Yuda,
[3] Isaskar, Sebulun, Binyamin,
[4] Dan, Naptali, Gad, jeung Aser.
[5] Jumlahna aya tujuh puluh urang turunan
Yakub. Ari putrana nu jenengan Yusup mah
geus ti heula aya di Mesir.
[6] Yusup pupus, saderek-saderekna parupus,
kitu deui jalma-jalma anu saentragan jeung
Yusup.
[7] Kari turunan-turunanana, nya eta urang
Israil. Ieu bangsa laloba anakna, jumlahna
beuki ngarekahan sarta jadi kuat, Mesir geus
pinuh ku maranehna.
[8] Geus kitu ngadeg hiji raja anyar nyangking
Mesir, anu henteu uningaeun ka Yusup.
[9] Eta raja nimbalan ka rahayatna, saurna,
"Urang Israil kacida lobana jeung kuat. Urang
jadi kaancam.
[10] Mun aya perang palangsiang maranehna
biluk ka musuh merangan ka urang tuluy
kalabur ti dieu. Ayeuna urang akalan supaya
ulah ngalobaan."
[11] Seug urang Israil teh ku urang Mesir
ditarik, dipaksa kana gawe beurat, nu dipalar

supaya paeheun pikir. Urang Israil dipaksa
gawe nyieun kota pagudangan pikeun raja,
nya eta kota Pitom jeung Raamses.
12 Tapi beuki dikaniaya kalah ka beuki
loba, sumebar di sakuliah nagara, kacida
dipikainggisna ku urang Mesir.
13 (1:13-14) Atuh beuki dikaniaya, kacida
diteungteuinganana, sina nyarieunan
bata jeung rupa-rupa pagawean di
tegalan-tegalan, teu pisan diomberan.
14 (1:13)
15 Malah raja Mesir marentah ka Sipra jeung
Pua, dua paraji anu sok marajian ka awewe
urang Ibrani, timbalanana,
16 "Lamun marajian awewe urang Ibrani,
orokna lamun lalaki paehan, mun awewe
meunang dihirupan."
17 Tapi eta dua paraji teh mikasieun ka Allah,
parentah rajana henteu diturut. Teu aya orok
lalaki anu dipaehan.
18 Ku raja disalaur jeung dipariksa, "Ari
maraneh kumaha? Ku naon orok-orok lalaki
diantep bae sina harirup?"
19 Piunjuk paraji, "Awewe urang Ibrani
teu sapertos awewe Mesir. Awakna kariat,
ngajuruna garampil, memeh paraji dongkap
orokna parantos brol manten."
20 (1:20-21) Nu matak eta dua paraji teh
mareunang kurnia ti Allah, nepi ka barisa
imah-imah kurenan. Ari urang Israil terus bae
ngalobaan, beuki kuat.

21 (1:20)
22 Tungtungna raja Mesir marentah ka
sakabeh rahayatna, timbalanana, "Rampas
sakabeh orok lalaki urang Ibrani, palid-
palidkeun ka Walungan Nil. Nu awewe
ingkeun, hirupan."
2 1 Aya hiji jelema kaom Lewi, nikah ka hiji
istri sakaom keneh.
2 Seug eta istri ngalahirkeun hiji anak
lalaki. Orokna teh teuing ku kasep, tuluy
disumputkeun. Sanggeus meunang tilu bulan,
3 orok teh geus teu bisa disumput-sumput
deui. Tuluy dipangnyieunkeun kandaga tina
wawalinian, dibalur ku ter supaya teu asup
cai. Sok orok teh diasupkeun kana eta
kandaga, tuluy diteundeun di sisi walungan,
di antara jujukutan anu jarangkung.
4 Ceuceuna ngawaskeun ti kajauhan
hayangeun nyaho kumaha orok teh
pijadieunana.
5 Putri raja sumping arek ngebak di
walungan, inang-inangna leuleumpangan
turut-turut sisi. Ret putri ningali aya kandaga
di bunian ku jujukutan, seug dipiwarang
dicandak.
6 Kandaga dibuka, eusina orok. Orok teh
gogoaran, putri ngahelas pok sasauran,
"Tangtu ieu teh orok urang Ibrani."
7 Torojol ceuceu eta murangkalih marek ka
putri tuluy miunjuk, "Kumaha upama ku abdi

dipangmilariankeun awewe urang Ibrani anu
nuju nyusuan?"
8 "Enya, jig," waler putri. Leos nyi lanjang
indit, teu lila geus datang deui jeung ibuna
murangkalih tea.
9 Saur putri, "Pangnyusuankeun ieu orok,
engke ku kami digajih." Murangkalih ku ibuna
dibawa mulang, dirorok sakumaha biasa.
10 Sanggeus rada ageung disanggakeun ka
putri. Ku putri diangken putra. Ceuk putri
dina manahna, "Ieu budak ku kami dibedol ti
cai. Ngaranna kudu Musa."
11 Dina hiji poe sanggeus akil baleg
Musa angkat nepangan bangsana, urang
Israil. Katingalieun yen bangsana sakitu
diteungteuinganana, digawekeun sakitu
beuratna. Malah katingalieun aya urang Israil,
bangsa anjeunna, anu dipaehan ku urang
Mesir.
12 Musa luak-lieuk. Sanggeus tetela yen
moal aya anu nangenan, habek urang Mesir
teh ku anjeunna dipaehan, mayitna diruang
dina keusik.
13 Poe isukna anjeunna ka dinya deui. Beh
ningali dua jelema papada urang Israil keur
garelut. Ku anjeunna dipisah, nu salahna
dielingan, "Ku naon ka bangsa sorangan
mahala?"
14 Eta jelema nambalang, "Na maneh
teh dunungan kami? Rek jadi hakim? Rek
maehan deuih ka kami, cara kamari maehan

urang Mesir?" Musa ngagebeg sarta ceuk panggalihna, "Ana kitu perkara aing kamari maehan teh geus kautara!"
15 (2:15-16) Eta warta kadangu ku raja, seug raja ihtiar arek nelasan Musa. Tapi Musa ngejat manten ka tanah Midian, sarta rek terus matuh di ditu. Dina hiji poe Musa keur calik deukeut hiji sumur. Torojol aya mojang tujuhan, putra-putra imam di Midian anu jenenganana Yitro. Eta mojang-mojang tuluy narimba ngareusian jolang, rek nginuman domba-domba jeung embe-embe ramana.
16 (2:15)
17 Torojol deui tarukang ngangon lalaki, mojang-mojang teh disuntrung-suntrungkeun. Ku Musa dibelaan, angonanana sina ngarinum.
18 Ti dinya mojang-mojang teh baralik. Ku ramana dipariksa, "Sinarieun bisa tereh baralik?"
19 Tembalna, "Dibantuan ku hiji urang Mesir, anu ngabelaan ngalawan tarukang ngangon, mangnimbakeun, sareng manginumankeun ingon-ingon urang."
20 Saur ramana, "Di mana ayeuna jelemana? Ku naon ditaringgalkeun? Teang, sina ka dieu urang ajak dahar."
21 Musa kersaeun diandeg sarta terus matuh. Saterusna ku Yitro ditikahkeun ka Sipora, putrana,

22 seug puputra, lalaki. Saur Musa sajeroning
manah, "Aing di dieu teh ngumbara. Jadi ieu
budak ngaranna kudu Gersom."
23 Geus kitu lawas ti lawas raja Mesir pupus.
Tapi urang Israil mah angger bae ripuh, mani
tingjarerit menta tulung, sasambat ka Allah.
24 Ku Allah kadangu sarta Mantenna emuteun
kana perjangjiana-Na ka Ibrahim, Ishak,
jeung Yakub.
25 Kasangsaraan urang Israil ku Mantenna
katingali sarta diperhatoskeun.
3 1 Dina hiji poe waktu ngangon domba
jeung embe kagungan Yitro, mertuana,
imam di Midian tea, Musa nyandak
angonanana meuntasan gurun keusik. Jol ka
Sinai, hiji gunung karamat.
2 Breh malaikat PANGERAN nembongan
ka anjeunna, jiga seuneu, ngagedur dina
rungkun cucuk. Katingalieun ku Musa eta
rungkun cucuk teh ngagedur ku seuneu, tapi
weuteuh bae henteu kahuru.
3 Ceuk panggalihna, "Aneh! Ku naon
eta rungkun teh teu kahuru? Cing rek
dideukeutan."
4 Katingalieun ku PANGERAN yen Musa
ngadeukeutan, seug Mantenna ngagentraan
ti tengah rungkun cucuk, "Musa! Musa!"
Wangsul Musa, "Nun, kaulan!"
5 Allah nimbalan, "Ulah deukeut-deukeut ka
dieu. Laan tarumpah, sabab anu ditincak ku
maneh teh tanah suci.

6 Kami teh Allah karuhun maneh, Allah
panutan Ibrahim, Ishak, jeung Yakub." Musa
meungpeun, sieuneun ningali Allah.
7 Ti dinya PANGERAN nimbalan, "Kami geus
waspaos yen umat Kami di Mesir kacida
dikakayana. Sasambatna ku polah jelema-
jelema anu ngagarawekeunana ku Kami
geus kadangu. Kami uninga kasangsaraan
maranehanana.
8 Nu matak Kami teh lungsur rek ngajait
maranehna ti urang Mesir. Arek dikaluarkeun
ti Mesir, rek dibawa ka hiji tanah anu nya
lega, nya mukti, nya lendo, anu ayeuna keur
dicaricingan keneh ku urang Kanaan, urang
Het, urang Emor, urang Pares, urang Hiwi,
jeung urang Yebus.
9 Enya ku Kami geus kadangu sasambatna
umat Kami teh, katenjo yen kacida digencetna
ku urang Mesir.
10 Maneh ku Kami rek diutus ka raja Mesir,
supaya bisa nungtun umat Kami kaluar ti
nagarana."
11 Piunjuk Musa ka Allah, "Abdi teh jalmi
batan sakieu. Pimanaeun werat mendakan
eta raja sareng ngaluarkeun urang Israil ti
Mesir?"
12 Timbalan Allah, "Ku Kami tangtu
direujeungan. Pikeun tanda yen maneh ka
ditu teh diutus ku Kami, engke ana umat Kami
geus kaluar ti Mesir, maneh bakal bisa ka dieu
deui, ngabakti ka Kami di ieu gunung."

13 Tapi piunjuk Musa, "Upami parantos
pendak sareng urang Israil sarta nyanggem
yen diutus ku Allah panutan karuhun
maraneh, seug maranehna nanyakeun, Saha
jenengana-Na? kedah diwangsul kumaha?"
14 Timbalan Allah, "Kami teh Anu Jumeneng.
Sebutkeun kieu, Kami diutus ku anu
ngangkenkeun ANU JUMENENG.
15 Sebutkeun yen anu ngutus maneh teh
Kami, PANGERAN, Allah panutan karuhunna,
Allah panutan Ibrahim, Ishak, jeung Yakub.
Kitu salalanggengna jenengan Kami teh;
turunan anu bakal datang ari nyebut Kami
teh kudu kitu.
16 Jung tepungan kokolot-kokolot Israil.
Bejakeun yen Kami PANGERAN, Allah panutan
karuhunna, Allah panutan Ibrahim, Ishak,
jeung Yakub, enggeus nembongan ka
maneh. Bejakeun yen Kami geus ngalayad ka
maranehna, geus ningali katelengesan urang
Mesir ka maranehna.
17 Kami tangtu engke ngaluarkeun
maranehna ti Mesir, ti anu neungteuinganan,
rek dibawa ka hiji tanah anu lendo jeung
gemah ripah, tanahna urang Kanaan, urang
Het, urang Emor, urang Pares, urang Hiwi,
jeung urang Yebus.
18 Umat Kami tangtu percayaeun ka maneh.
Maneh jeung kokolot-kokolot Israil kudu
madep ka raja Mesir, bejakeun ka eta raja
kieu, PANGERAN, Allahna urang Israil, geus

ngebrehkeun salira-Na ka kaula. Kaula
menta idin tilu poe rek ka tanah gurun, seja
ngahaturkeun kurban ka PANGERAN, Allah
kaula.
19 Ku Kami geus kauninga, kumaha bae ge
raja moal ngidinan, kajaba lamun dipaksa
kudu kitu.
20 Tapi Kami oge rek ngagunakeun
kakawasaan, ngahukum Mesir ku rupa-rupa
balahi. Geus kitu kakara eta raja bakal
ngidinan indit.
21 Urang Mesir ku Kami rek disina serabeun
ku maneh, nepi ka umat Kami arinditna teh
moal aya anu lengoh.
22 Tiap awewe urang Israil kudu datang
ka awewe urang Mesir tatanggana. Ka
maranehanana, kitu deui ka awewe urang
Mesir anu saimah reujeung, kudu marenta
papakean, perhiasan-perhiasan tina emas
jeung perak. Beubeunanganana sina
diparanggul ku anak-anakna lalaki awewe.
Akut harta banda urang Mesir teh."
4 1 Ngawangsul deui Musa ka PANGERAN,
"Nanging kumaha upami urang Israil
henteu palercayaeun, henteu nolih kana
pisanggem abdi? Kumaha upami sanggemna
pamohalan Gusti nembongan ka abdi?"
2 PANGERAN mariksa, "Eta maneh nyekel
naon?" "Sumuhun iteuk," wangsul Musa.

3 Timbalan PANGERAN, "Alungkeun kana
taneuh." Ku Musa dialungkeun, seug jadi oray
nepi ka Musa ngejat.
4 PANGERAN nimbalan ka Musa, "Tewak
buntutna!" Ku Musa ditewak, seug jadi deui
iteuk.
5 PANGERAN nimbalan, "Gunakeun eta
pikeun ngayakinkeun ka urang Israil yen
maneh enya geus ditembongan ku Kami,
PANGERAN, Allah karuhunna, Allahna
Ibrahim, Ishak, jeung Yakub."
6 PANGERAN nimbalan deui ka Musa,
"Asupkeun leungeun maneh kana jeroeun
jubah." Musa ngasupkeun pananganana ka
jeroeun jubah; ari dikaluarkeun deui bet geus
katerap ku kasakit, baruntusan rupana bodas
kawas salju.
7 PANGERAN nimbalan, "Asupkeun deui ka
jeroeun jubah." Sup diasupkeun deui, sarta
barang ditarik deui bet geus pulih cara sasari
kawas anggahota lianna.
8 PANGERAN nimbalan, "Upama maranehna
teu palercayaeun, henteu bisa diyakinkeun ku
mujijat nu kahiji, ku nu kadua mah tangtu
bisa diyakinkeun.
9 Tapi upama ku eta dua mujijat tetep
maranehna teu palercayaeun, tetep
arembungeun malire kana omongan maneh,
maneh kudu nyiuk cai Walungan Nil,
bahekeun kana taneuh. Eta cai bakal robah
jadi getih."

10 Tapi piunjuk Musa, "Nun PANGERAN,
ulah abdi anu diutus. Abdi teh sanes jalmi
anu pinter nyarita, boh ti kapungkur, boh ti
saparantos Gusti sasauran ka abdi. Abdi mah
jalmi heurin ku letah, sok asa-asa."
11 Timbalan PANGERAN ka anjeunna, "Saha
anu maparin letah ka manusa? Saha anu
ngersakeun manusa torek atawa pireu? Saha
anu ngersakeun manusa boga panenjo atawa
merem? Nya Kami, PANGERAN.
12 Bral bae ka ditu, Kami anu bakal nyebutan
piomongeun maneh."
13 Tapi piunjuk Musa, "Nun PANGERAN, sae
ku nu sanes bae."
14 PANGERAN jadi bendu ka Musa lajeng
nimbalan, "Kumaha lamun Harun, dulur
maneh, urang Lewi tea? Kami uninga,
manehna ahli nyarita. Manehna ayeuna
keur ka dieu rek manggihan maneh, tangtu
atoheun papanggih jeung maneh.
15 Caritakeun ka manehna, terangkeun
naon anu kudu diomongkeun. Boh maneh
boh Harun, tangtu ku Kami dibantuan
nyarita, dituduhan naon-naon anu kudu
dilampahkeun.
16 Harun kudu jadi lalambe maneh,
ngawakilan maneh nyarita ka jalma rea.
Jadi maneh ka Harun teh minangka Allah,
nyebutan sakur anu kudu diomongkeun.
17 Eta iteuk bawa, pakeeun di ditu paranti
nembongkeun mujijat-mujijat."

18 Sanggeus kitu Musa mulih ka Yitro
mertuana seug unjukan, "Putra sumeja
nepangan dulur-dulur di Mesir, hoyong terang
naha harirup keneh." Ku Yitro karujukan,
tuluy dijurung.
19 Sabot Musa di Midian keneh, PANGERAN
nimbalan ka anjeunna, "Geura ka Mesir deui,
sabab jelema-jelema anu ngarah pati ka
maneh kabeh geus paraeh."
20 Bral Musa angkat ka Mesir, garwana,
putra-putrana dicandak, ditumpakkeun kana
kalde. Iteukna dicandak sakumaha timbalan
Allah.
21 Ngandika deui Allah ka Musa, "Maneh
ayeuna kudu ka Mesir deui. Ku kami dibere
kawasa nembongkeun mujijat-mujijat Kami
tea ka raja Mesir. Lampahkeun. Ari raja ku
Kami rek dihaja dibedegongkeun, sina teu
mikeun urang Israil indit.
22 Geus kitu bejakeun ka manehna, kieu
kituh timbalan Kami, PANGERAN, Israil teh
putra cikal Kami.
23 Ku Kami geus dipundut ka maneh sangkan
diidinan indit ngabakti ka Kami. Ku sabab
maneh teu ngidinan, anak cikal maneh ku
Kami rek dipaehan."
24 Di satengahing jalan di pangrereban,
Musa ku PANGERAN dipegat kersa-Na rek
dipaehan.
25 (4:25-26) Seug Sipora garwa Musa
nyandak hiji batu seukeut, tuluy ngeureut

kokocop putrana, seug eta kulit kokocop teh diusapkeun kana sampean Musa. Ku karana eta sunat, Sipora sasauran kieu ka Musa, "Akang teh pikeun abdi salaki getih." Ku hal eta Musa ku PANGERAN teu tulus dicabut nyawana.
26 (4:25)
27 Sajeroning kitu PANGERAN nimbalan ka Harun, "Tepungan Musa di gurun." Bral Harun angkat rek nepangan Musa di gunung karamat. Sanggeus patepung tuluy ngarangkul.
28 Musa cacarios yen ditimbalan mulang ka Mesir ku PANGERAN. Sagala timbalana-Na oge dicarioskeun, kitu deui mujijat-mujijat PANGERAN anu kudu dilampahkeun engke di Mesir.
29 Musa jeung Harun kebat ka Mesir. Sanggeus sarumping tuluy ngumpulkeun kokolot-kokolot Israil.
30 Sagala timbalan PANGERAN ka Musa ku Harun dicarioskeun ka maranehna, sarta Musa nembongkeun mujijat-mujijat tea ka jalma rea.
31 Jalma rea palercayaeun. Barang dicaritaan yen maranehna geus dilayad ku PANGERAN, sarta kabalangsakanana geus katingali ku Mantenna, maranehna sarujud ngabakti.

5 1 Musa jeung Harun arangkat marek ka raja Mesir. Tuluy arunjukan, "Kaula ngemban timbalan PANGERAN, Allahna urang

Israil. Kieu timbalana-Na, Umat Kami idinan
indit ka gurun keusik, geusan ngayakeun
pesta ngamulyakeun ka Kami."
2 Lahiran raja, "Saha PANGERAN teh? Naha
aing kudu nurut kana parentah-Na, kudu
ngidinan urang Israil iang? Aing teu wawuh ka
PANGERAN. Aing moal ngidinan urang Israil
arindit."
3 Waler Musa jeung Harun, "Allahna urang
Ibrani parantos mendakan ka kaula. Kitu
nu mawi mugi kaula sadaya diwidian
leumpang ka gurun, lamina tilu dinten, seja
nyanggakeun kurban ka PANGERAN, Allah
karuhun kaula sadaya. Upami teu kitu tangtos
Mantenna bendu ka kaula sadaya, narajang
ku kasakit atanapi ku perang."
4 Timbalan raja, "Kumaha ari pipikiran
maraneh? Na urang Israil teh sina nunda
pagaweanana? Geura baralik ka ditu, sina
digarawe deui eta abid-abid teh!
5 Bangsa maneh di dieu geus heurin
usik, leuwih loba ti batan urang Mesir.
Bet ku maraneh rek disina naringgalkeun
pagaweanana!"
6 Harita keneh raja marentahkeun ka urang
Mesir tukang-tukang ngagawekeun jeung ka
mandor-mandor urang Israil, timbalanana,
7 "Jelema-jelema anu nyarieunan bata teh
ulah dibere deui jarami, keun sina arusaha
neangan sorangan.

8 Tapi beubeunangan nyieun bata kudu
angger lobana sakumaha sasari, hiji ge teu
meunang kurang. Mana marenta idin rek
ngurban ka Allahna ge tangtu lantaran geus
kurang pagawean!
9 Garawekeun leuwih beurat, sing leuwih
ripuh, tong dibere tempo geusan nanggap nu
bohong."
10 Seug tukang-tukang maksa ngagawekeun
teh jeung mandor-mandorna ngabejaan ka
urang Israil, pokna, "Saur raja, maraneh moal
dibarere deui jarami.
11 Saurna jarami nareangan sorangan ti
mana bae meunangna, tapi beubeunangan
nyieun bata kudu angger sarua lobana jeung
nu enggeus-enggeus."
12 Urang Israil riab nareangan jarami ka
sakuliah Mesir,
13 bari digegentak ku tukang-tukang
ngagawekeunana, kudu anggeus nyieun bata
sarua lobana jeung basa keur dibarere keneh
jarami.
14 Mandor-mandor urang Israil nepi
ka ditareunggeulan ku tukang-tukang
ngagawekeun, jeung dicararekan pokna, "Ku
naon maraneh teu nyumponan jumlah bata
cara sasari?"
15 Seug mandor-mandor teh melas-
melis arunjukan ka raja, pokna, "Nun
Kangjeng Raja, ku naon abdi-abdi sakieu
diteungteuinganana?

16 Ongkoh teu dipaparin jarami, nanging
ngadamel bata kedah teras. Abdi-abdi dugi ka
diteunggeulan, padahal nu lepatna jalmi-jalmi
gamparan."
17 Timbalan raja, "Dasar pangedulan, mumul
kana gawe! Paingan atuh marenta idin rek
ngabarakti ka PANGERAN.
18 Hayoh digarawe deui ka ditu! Jarami moal
dibere, bata beubeunangan kudu angger!"
19 Geus tetela ka mandor-mandor yen
dirina carilaka, dikudukeun saban poe
nyumponan jumlah bata sarua lobana jeung
nu enggeus-enggeus.
20 Di jalan maranehna papanggih jeung Musa
jeung Harun anu ngahaja ngarantosan.
21 Pok maranehna ngaromong kieu,
"PANGERAN langkung uninga, ieu teh
gara-gara aranjeun. Sing dihukum aranjeun
ku Mantenna, parantos ngalantarankeun
kuring dipikasengit ku raja jeung ku
mantri-mantrina. Ieu mah sarua bae jeung
dititah dipaehan!"
22 Musa marek deui ka PANGERAN sarta
miunjuk, "Nun PANGERAN, ku naon umat
kagungan teh ku Gusti sakitu dibengisanana?
Sareng ku naon abdi anu ku Gusti diutus teh?
23 Saparantos abdi marek ka raja
ngemban timbalan Gusti, raja jadi wuwuh
neungteuinganan ka maranehna. Ku Gusti
diantep teu ditulungan!"

6 1 PANGERAN ngandika ka Musa,
"Tenjokeun ku maneh rek dikumahakeun
eta raja teh ku Kami. Saenya-enyana, ku
Kami rek dipaksa nepi ka manehna kapaksa
ngaluarkeun umat Kami ti nagarana."
2 Allah ngandika ka Musa, dawuhana-Na,
"Kami teh PANGERAN.
3 Kami nembongan ka Ibrahim, ka Ishak,
jeung ka Yakub teh sok nyebut diri Kami Allah
Nu Maha Kawasa, tara mere nyaho jenengan
Kami anu suci, nya eta PANGERAN.
4 Jeung deui Kami geus ngadamel perjangjian
jeung maranehna, jangji yen maranehna ku
Kami rek dibere tanah Kanaan, nya eta tanah
urut maranehna ngumbara.
5 Ayeuna urang Israil tinggarerung lantaran
diperbudak ku urang Mesir. Jumeritna ku
Kami geus kadangu, sarta Kami inget kana
eta perjangjian.
6 Mana bejakeun ka urang Israil, kieu
kituh timbalan Kami, Kami teh PANGERAN.
Maraneh ku Kami bakal dijait, dibebaskeun
tina siksaan urang Mesir. Kami rek metakeun
panangan Kami anu digjaya. Urang Mesir
ku Kami rek dihukum ku siksaan-siksaan
anu kacida beuratna, sarta maraneh tangtu
dirahayukeun ku Kami.
7 Maraneh rek dijadikeun umat Kami pribadi,
sarta Kami bakal jadi Allah maraneh. Engke
ku maraneh kanyahoan lamun geus leupas

tina genggeman urang Mesir, yen Kami teh
PANGERAN Allah maraneh.
8 Maraneh ku Kami rek dibawa ka tanah anu
ku Kami geus diikrarkeun rek dibikeun ka
Ibrahim, Ishak, jeung Yakub, jeung pikeun
maraneh, jadi tanah milik maraneh. Ieu Kami
teh PANGERAN."
9 Eta timbalan ku Musa dicarioskeun ka
urang Israil, tapi ku maranehna teu didarenge
lantaran geus paregat harepan, ku beurat-
beuratna nandangan paneungteuinganan.
10 Demi timbalan PANGERAN ka Musa,
11 "Datangan deui raja, idinan kituh umat
Kami ninggalkeun nagarana."
12 Piunjuk Musa, "Pisanggem abdi teh ku
urang Israil ge parantos henteu dipalire,
komo ku raja, da teu tiasa nganggit-nganggit
carios."
13 Timbalan PANGERAN ka Musa jeung
Harun, "Bejakeun ka raja, kitu deui ka urang
Israil, yen maraneh diparentah ku Kami
mingpin urang Israil budal ti Mesir."
14 Rubin putra cikal Yakub tea puputra opat:
Hanok, Palu, Hesron, jeung Karmi, jaradi
karuhun warga-warga anu marake ngaran
eta.
15 Simon puputra genep: Yemuel, Yamin,
Ohad, Yakin, Sohar, jeung Saul putra ti
hiji wanita urang Kanaan, jaradi karuhun
warga-warga anu marake ngaran eta.

16 Lewi puputra tilu: Gerson, Kahat, jeung
Merari, jaradi karuhun warga-warga anu
marake ngaran eta. Lewi yuswana 137 taun.
17 Gerson puputra dua: Libni jeung Simei,
turunanana loba.
18 Kahat puputra opat: Amram, Yishar,
Hebron, jeung Usiel. Yuswa Kahat 133 taun.
19 Merari puputra dua: Mahli jeung Musi. Eta
warga-warga Lewi katut turunan-turunanana.
20 Amram nikah ka Yokebed, embina, ari
putrana nya eta Harun jeung Musa. Yuswa
Amram 137 taun.
21 Yishar puputra tilu: Korah, Nepeg, jeung
Sihri.
22 Usiel oge puputra tilu: Misael, Elsapan,
jeung Sitri.
23 Harun geureuhaan ka Elisaba saderekna
Nahson, putra Aminadab. Putra-putrana nya
eta: Nadab, Abihu, Elasar, jeung Itamar.
24 Korah puputra tilu: Asir, Elkana, jeung
Abiasap, jaradi karuhun bangsa-bangsa
Korah.
25 Elasar putra Harun nikah ka binti Putiel,
ari putrana nya eta Pinehas. Eta kabeh
jaradi lulugu ahli karuhun kaom Lewi
sabangsana-sabangsana.
26 Anu ku PANGERAN ditimbalan mingpin
urang Israil budal ti Mesir teh nya Musa jeung
Harun.

27 Nya aranjeunna anu arunjukan ka raja
Mesir, anu mundut supaya urang Israil
dibebaskeun.
28 Basa PANGERAN nimbalan ka Musa di
tanah Mesir,
29 kieu dawuhana-Na, "Kami teh PANGERAN.
Bejakeun ka raja sakur anu ku Kami rek
diandikakeun ka maneh."
30 Tapi piunjuk Musa, "Gusti langkung tingali
abdi teh sanes jalmi anu pinter nganggit
carios, pimanaeun raja ngagugu ka abdi?"
7 1 Ari dawuhan PANGERAN, "Maneh ku
Kami rek dijieun minangka Allah ka eta
raja. Ari Harun minangka nabi maneh, anu
bakal ngawakilan maneh nyarita.
2 Naon-naon anu ku Kami diandikakeun
ka maneh, tepikeun ka Harun anu kudu
neruskeun eta pangandika ka raja, menta
sangkan urang Israil dibikeun ninggalkeun
nagarana.
3 Tapi eta raja ku Kami rek dijieun bedegong,
sina ulah daekeun ngagugu ka maneh. Najan
sakumaha beuratna Mesir ku Kami dihukum
ge eta raja moal mirosea.
4 Geus kitu Kami bakal narajang Mesir ku
rupa-rupa balahi, ti dinya Kami bakal mingpin
umat Kami budal ti eta nagara.
5 Urang Mesir bakal nganyarahokeun yen
Kami teh PANGERAN, lamun kami geus
ngangkat panangan ka maranehna, jeung
geus ngaluarkeun urang Israil ti eta nagara."

6 Timbalan PANGERAN ku Musa jeung Harun
dijalankeun.
7 Harita, waktu aranjeunna ngadareuheus ka
raja, yuswa Musa dalapan puluh taun, yuswa
Harun dalapan puluh tilu taun.
8 PANGERAN nimbalan ka Musa jeung Harun,
9 "Lamun raja nitah maneh nyieun mujijat,
Harun bejaan yen kudu ngalungkeun iteukna
ka hareupeun raja, eta iteuk bakal jadi oray."
10 Bral Musa jeung Harun ngadareuheus ka
raja sakumaha ditimbalanana ku PANGERAN.
Harun ngalungkeun iteukna ka hareupeun
raja sapara mantrina, seug iteukna jadi oray.
11 Sabalikna raja nyaur jelemana anu
palinter jeung tukang-tukang sihirna. Seug
maranehna oge nyarieun anu sarupa kitu ku
sihirna,
12 narurutan ngaralungkeun iteuk sarta
iteukna jaradi oray. Tapi orayna dileglegan ku
oray ti Harun.
13 Parandene kitu raja teu kersaeun tunduk,
cocog sakumaha anu diandikakeun ku
PANGERAN yen eta raja moal ngagugu ka
Musa jeung Harun.
14 PANGERAN ngandika ka Musa, "Bener eta
raja teh bedegong, teu mikeun urang Israil
indit.
15 Tepungan isukan isuk-isuk, waktu
manehna arek mandi ka Walungan Nil,
dagoan di sisi eta walungan. Iteuk anu tas
jadi oray tea bawa.

16 Omongkeun kieu ka eta raja, Kalawan
timbalan PANGERAN, Allahna urang Ibrani,
kaula parantos nyuhunkeun supados
kangjeng raja ngawidian urang Israil iang
ngabarakti ka Mantenna di gurun keusik.
Dugi ka ayeuna kangjeng raja teu kersa
ngabulkeun.
17 Kangjeng raja! Dawuhan PANGERAN,
kangjeng raja bakal uninga leres-leres saha
Mantenna, saparantos ningali dadamelana-
Na, sakedap deui. Tingalikeun, ieu walungan
ku kaula bade digebug ku ieu iteuk, caina
bakal robah jadi getih.
18 Laukna bakal paraeh, caina jadi bau
biuk, urang Mesir moal kariat nginum cai ieu
walungan."
19 Dawuhan PANGERAN ka Musa, "Harun
sina ngungkulkeun iteukna ka walungan-
walungan, susukan-susukan, jeung situ-situ
di Mesir. Caina bakal robah jadi getih, kitu
deui cai di mana-mana di sakuliah ieu tanah
bakal jadi getih. Nu dina tahang jeung dina
kendi ge bakal jadi getih."
20 Timbalan PANGERAN ku Musa jeung
Harun dijalankeun. Kalawan kasaksian ku raja
sapara mantri, Harun ngungkulkeun iteukna
terus diteunggeulkeun ka walungan, seug
caina jadi getih.
21 Laukna paraeh, caina jadi bau kabina-bina,
urang Mesir taya anu kuat nginum ti dinya. Di

mana-mana di sakuliah Mesir, cai geus jaradi getih.
22 Tapi tukang-tukang sihir raja oge maretakeun sihirna, nyarieun anu sarupa kitu. Jadi eta raja teh angger teuas manahna, cocog jeung anu didawuhkeun ku PANGERAN yen eta raja moal ngagugu ka Musa jeung Harun.
23 Anjeunna kalah ka ngaleos ka karaton. Eta kajadian nepi ka kitu teh ku anjeunna teu ditolih.
24 Urang Mesir pahibut ngarali taneuh sisi-sisi eta walungan nareangan cai, da teu kadarugaeun nginum cai ti eta walungan.
25 Ti barang PANGERAN ngagebug eta walungan, kaayaanana terus bae kitu nepi ka tujuh poe.
8 1 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa, "Tepungan deui raja. Bejakeun kieu timbalan Kami, Umat Kami idinan iang sina ngabarakti ka Kami.
2 Lamun maneh baha, nagara maneh ku Kami rek disiksa dipinuhan ku bangkong.
3 Walungan Nil bakal pinuh ku bangkong, arunggah ti dinya tuluy arasup ka karaton maneh, ka jero kamar, kana enggon hees, ka imah-imah rahayat maneh, ka imah-imah para mantri maneh, kana pangbakaran roti, kana adonan-adonan dina panci,

4 nararaek kana awak maneh, kana
awak rahayat maneh, jeung kana awak
mantri-mantri maneh."
5 Nimbalan deui PANGERAN ka Musa, "Harun
titah ngungkulkeun iteukna ka walungan-
walungan, susukan-susukan, jeung situ-situ,
sina arunggah ti dinya bangkong-bangkong
minuhan sakuliah tanah Mesir."
6 Prak Harun ngungkulkeun iteukna kana cai
di sakuliah Mesir, breg bangkong nararanjak
ti cai minuhan sakuliah Mesir.
7 Tapi tukang-tukang sihir Mesir oge
metakeun elmuna ngayakeun bangkong,
nararanjak minuhan tanahna.
8 Geus kitu raja nyaur Musa jeung Harun, ti
dinya timbalanana, "Kami pangnedakeun ka
PANGERAN, pangnyingkirkeun ieu bangkong-
bangkong. Geus kitu jelema-jelema teh ku
aing tangtu diidinan iang sina ngurban ka
PANGERAN."
9 Waler Musa, "Sumangga bade
dipangnedakeun. Iraha kaula kedah
mangnedakeun raja sapara mantri sareng
rahayat teh? Bangkong-bangkong tangtos
leungit, kantun anu di Walungan Nil."
10 Lahiran raja, "Isukan kami
pangnedakeun." Piunjuk Musa, "Sumangga.
Engke ku Gusti kauninga yen taya deui allah
anu sapertos PANGERAN, Allah kaula sadaya.
11 Bangkong-bangkong teh tangtos musna ti
gamparan, ti para mantri sareng ti sakumna

rahayat. Moal aya anu nyesa, kajabi anu di Walungan Nil."
12 Geus kitu Musa jeung Harun kaluar ninggalkeun raja tuluy neneda ka PANGERAN, neda dipangmusnakeun bangkong-bangkong anu ku Mantenna ditarajangkeun ka eta raja.
13 Paneda Musa ku PANGERAN dimakbul. Bangkong-bangkong teh nu di imah-imah, nu di buruan-buruan, anu di kebon-kebon, pararaeh.
14 Bangkena ku urang Mesir diunggul-unggulkeun manggunung-gunung, bauna nyambuang ka mana-mana.
15 Sanggeus uninga yen bangkong-bangkong teh geus paraeh, raja neuaskeun deui manahna, cocog jeung pangandika PANGERAN yen eta raja moal ngagugu ka Musa jeung Harun.
16 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa, "Harun titah neunggeulkeun iteukna kana taneuh ngebul. Peledugna bakal jadi rambetuk minuhan sakuliah tanah Mesir."
17 Harun neunggeulkeun iteukna kana taneuh ngebul. Dadak sakala kekebul di sakuliah Mesir robah ngajadi rambetuk, napuk ka jelema jeung ka sasatoan.
18 Tukang-tukang sihir tea ge metakeun elmuna rek nurutan ngabijilkeun rambetuk, tapi teu barisaeun. Rambetuk narapuk di mana-mana.

19 Tukang-tukang sihir Mesir arunjukan
ka raja pokna, "Saleresna ieu teh mujijat
Allah!" Tapi raja tetep neuaskeun manahna,
cocog jeung pangandika PANGERAN yen eta
raja moal kersaeun ngagugu ka Musa jeung
Harun.
20 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Isukan isuk-isuk maneh kudu nepungan deui
raja, pegat waktu manehna rek ka walungan.
Bejakeun kieu kituh timbalan Kami, Umat
Kami idinan iang ngabakti ka Kami.
21 Lamun maneh henteu ngagugu tangtu
dihukum diamuk ku seungseureudan: diri
maneh, mantri-mantri, jeung rahayat maneh.
Imah-imah urang Mesir bakal pinuh ku
seungseureudan, ka taneuh-taneuh bakal
pinuh ku seungseureudan.
22 Tapi tanah Gosen tempat umat Kami mah
rek dijaga, eta seungseureudan moal nepi
ka dinya, supaya maneh nyaho yen Kami,
PANGERAN, aya di ieu tanah.
23 Kami rek ngabedakeun umat Kami ti
rahayat maneh. Ieu mujijat isukan tangtu
bukti."
24 Tuluy PANGERAN midamel kitu,
seungseureudan tingsalebrung ka karaton
raja, ka imah mantri-mantri. Sakuliah Mesir
datang ka ruksak ku seungseureudan.
25 Raja nyaur Musa jeung Harun, ti dinya
timbalanana, "Heug arek ngabarakti ka Allah
maraneh mah, tapi di dieu bae, di nagara."

26 Piunjuk Musa, "Sanes kitu. Upami urang
Mesir naringal satona anu dijieun kurban
ka Allah kaula tangtos asa kahina. Upami
ngurbanna di dieu sarta kataringal ku urang
Mesir, kaula sadaya tangtu pada ngabenturan
ku batu.
27 Ku perkawis eta, ngurban ka Allah kaula
sadaya teh kedah di gurun keusik, lalampahan
tilu dinten ti dieu. Kitu timbalan Mantenna."
28 Lahiran raja, "Jig, aing ngidinan maraneh
ngabakti ka PANGERAN Allah maraneh di
gurun keusik, tapi ulah jauh teuing, jeung
aing pangnedakeun."
29 Waler Musa, "Sae. Samiosna ti dieu kaula
rek neneda ka PANGERAN. Seungseureudan
teh enjing tangtos nyingkah ti gamparan,
ti para mantri sareng ti rahayat gamparan.
Nanging gamparan ulah cidra deui, ulah
ngahalang-halang kaula iang ngabakti ka
PANGERAN."
30 Musa angkat ti raja tuluy neneda ka
PANGERAN.
31 Paneda ku PANGERAN dimakbul.
Seungseureudan teh nyalingkir ti raja, ti para
mantri, jeung ti rahayat, taya deui anu kari.
32 Tapi ayeuna ge eta raja teh neuaskeun
manah deui bae, teu kersaeun ngidinan iang.
9 1 PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Tepungan deui raja. Kieu kituh timbalan
Kami, PANGERAN, Allahna urang Ibrani, Umat
Kami idinan iang sina ngabakti ka Kami.

2 Lamun maneh deui-deui teu ngidinan,
3 maneh tangtu dihukum, ingon-ingon
maneh, kuda, kalde, onta, sapi, domba,
embe, bakal digebug ku sasalad.
4 Kami rek ngabedakeun ingon-ingon urang
Israil ti ingon-ingon urang Mesir. Ingon-ingon
urang Israil hiji ge moal aya anu paeh.
5 Kami PANGERAN, tangtu ngabuktikeun hal
eta isukan."
6 Poe isukna PANGERAN midamel kitu.
Ingon-ingon urang Mesir kabeh gempar
paraeh, sabalikna ingon-ingon urang Israil
mah taya nu paeh hiji-hiji acan.
7 Raja mariksakeun eta kajadian, seug
diunjukkeun yen ingon-ingon urang Israil teu
aya nu paeh. Tapi anjeunna keukeuh henteu
ngidinan urang Israil iang.
8 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa
jeung Harun, "Maraneh kudu ngarawu lebu
sacanggeum ti pameuleuman. Awurkeun ku
Musa ka awang-awang hareupeun raja.
9 Eta lebu bakal terus nyebar ka sakuliah
tanah Mesir, di mana-mana bakal nyebarkeun
kasakit bisul sarta barucat, tumerap ka
jelema jeung ka sasatoan."
10 Prak aranjeunna ngarawu lebu terus
dicandak ka raja, tuluy ku Musa diawurkeun
ka awang-awang. Jalma-jalma jeung sasatoan
katerap ku kasakit bisul saluar awak, barucat.
11 Tukang-tukang sihir teu karuateun
nagenan Musa, sabab maranehna oge katerap

ku eta kasakit, teu beda ti urang Mesir sejenna.
12 Tapi manah raja ku PANGERAN diheuraskeun, sakumaha anu geus diandikakeun ku Mantenna yen eta raja moal ngagugu ka Musa jeung Harun.
13 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa, "Isukan isuk-isuk pisan tepungan raja. Bejakeun kieu kituh timbalan PANGERAN, Allahna urang Ibrani, Umat Kami idinan iang sina ngabakti ka Kami.
14 Sakali ieu anu rek disiksa lain ngan mantri-mantri jeung rahayat maneh bae, maneh pribadi ge ku Kami tangtu disiksa, sangkan nyaho yen di saalam dunya euweuh nu saperti Kami.
15 Upama Kami geus ngangkat leungeun ngagebug maneh jeung rahayat maneh ku hiji kasakit, maneh tangtu tumpur lebur.
16 Tapi maneh kudu nyaksian kakawasaan Kami, sangkan Kami kamashur ka sakuliah jagat. Ku sabab kitu maneh rek dibere keneh hirup.
17 Parandene maneh mo weleh adigung, moal ngidinan umat Kami iang.
18 Tenjokeun, isukan wayah kieu Kami rek nurunkeun hujan es anu kacida hebatna. Dina sapanjang sajarah Mesir, balahi kawas kitu kakara ayeuna bakal aya.
19 Pek ayeuna parentahkeun sangkan ingon-ingon maneh jeung naon bae anu

keur dikencarkeun di tegalan, kandangkeun.
Sabab naon bae anu araya di nu muka,
jelema, sasatoan, tangtu paraeh katinggang
ku hujan es."
20 Sawatara mantri raja sarieuneun ku
eta timbalan PANGERAN, tuluy pahibut
ngampih-ngampihkeun badega-badegana
jeung ingon-ingonna.
21 Tapi anu salianna mah teu malire kana eta
timbalan teh, abid-abid jeung ingon-ingonna
diarantep di luar.
22 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Acungkeun leungeun maneh ka langit,
engke turun hujan es ka sakuliah tanah
Mesir, ninggang ka jelema, ka sasatoan, kana
pepelakan."
23 Musa ngacungkeun iteukna ka awang-
awang, breg PANGERAN nurunkeun hujan
es dibarung ku guludug nyamberan bumi.
PANGERAN nurunkeun
24 hujan es kacida hebatna reujeung kilat
tingsalamber. Ti baheula kakara harita Mesir
katarajang hujan sakitu ributna.
25 Sakuliah Mesir, sakur anu di laluar mah
burak-barik, jelema-jelema jeung sasatoan
tariwas. Pepelakan rarebah, tatangkalan
rarungkad, ruksak beak diamuk ku hujan es.
26 Hiji-hijina tempat anu henteu kadatangan
ku eta hujan es ngan Gosen, tempat urang
Israil.

27 Raja nyaur Musa jeung Harun, timbalana,
"Sakali ieu aing rumasa dosa. PANGERAN
bener, aing jeung rahayat salah.
28 Aing pangnedakeun ka PANGERAN! Sina
enggeus ieu guludug jeung hujan es teh.
Aing jangji ngidinan iang, maraneh teu kudu
lila-lila deui araya di ieu nagara."
29 Piunjuk Musa, "Saparantos kaula kaluar ti
jero kota bade nadahkeun leungeun neneda
ka PANGERAN. Guludug bakal rerep, hujan
es bakal sirep, supados Gusti uninga yen
sakuliah jagat teh PANGERAN anu kagungan.
30 Nanging ku kaula parantos kajudi,
gamparan sapara mantri teu acan keneh
ngaraos sieun ku GUSTI Allah."
31 Pelak haramay jeung gandrung ruksak,
lantaran gandrung geus arasak, ari haramay
keur parucukan.
32 Tapi pelak gandum mah teu aya anu
ruksak lantaran asakna pandeuri.
33 Musa undur ti raja. Sanggeus aya di luar
dayeuh anjeunna nadahkeun panangan,
neneda ka PANGERAN. Jep gelap jempe,
hujan es eureun, hujan geus teu ngucur deui.
34 Ana raja uninga yen bahaya geus sirep
seug ngadosa deui. Anjeunna sapara mantri
tetep neugtreug,
35 cocog jeung dawuhan PANGERAN ka Musa
yen eta raja moal ngidinan urang Israil iang.
10 1 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka
Musa, "Tepungan raja. Eta raja sapara

mantrina ku Kami rek disina neugtreug,
sabab Kami rek nembongkeun mujijat ka
maranehna,
2 jeung supaya maneh boga caritakeuneun
ka anak incu hal petaning Kami ngagejulkeun
urang Mesir ku mujijat-mujijat. Sangkan
maraneh nyaho yen Kami teh PANGERAN."
3 Musa jeung Harun marek ka raja tuluy
miunjuk, "Kieu timbalan PANGERAN, Allahna
urang Ibrani, Maneh teh rek keukeuh embung
tunduk ka Kami? Umat Kami idinan iang sina
ngabakti ka Kami.
4 Lamun keukeuh henteu nurut, isukan
nagara maneh ku Kami rek ditarajang ku
simeut,
5 mangpirang-pirang lobana datang ka
beungeut taneuh katutup. Anu henteu
diruksak ku hujan es bakal diruksak ku
simeut disaregetan, tatangkalan oge moal
disesakeun.
6 Karaton maneh, imah-imah para mantri,
imah-imah rahayat, kabeh bakal pinuh ku
simeut, anu ngagalaksakna leuwih-leuwih ti
batan simeut keur jaman karuhun maneh."
Geus kitu Musa malik tuluy angkat.
7 Para mantri arunjukan ka raja, "Bade
diantep bae eta jalmi nyesahkeun ka urang?
Urang Israil sae diwidian ariang ngabakti ka
PANGERAN Allahna. Na teu katingali Mesir
jadi sakieu reksakna?"

8 Musa jeung Harun diudag dibawa marek
deui ka raja. Saur raja ka aranjeunna, "Jig
geura ariang ngabakti ka PANGERAN Allah
maraneh. Tapi saha anu rek ka daritu teh?"
9 Waler Musa, "Sadayana, bade mios katut
barudak sareng anu parantos karolot. Kitu
deui anak-anakna nu lalaki nu awewe, domba,
embe sareng sapi. Margi sadayana kedah
ngurban ngamulyakeun ka PANGERAN."
10 Timbalan raja, "Demi PANGERAN, kami
sumpah moal ngidinan awewe jeung barudak
dibawa! Tetela maneh boga maksud teu uni
ana kitu mah.
11 Teu! Lamun enya ka daritu teh rek
ngabakti ka PANGERAN, meunang, tapi lalaki
bae wungkul." Geus kitu Musa jeung Harun
ditundung ti payuneun raja.
12 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Ungkulkeun leungeun ka tanah Mesir pikeun
ngadatangkeun simeut tea, sina ambreg
nyaregetan sarupaning tutuwuhan anu
henteu diruksak ku hujan es."
13 Musa ngungkulkeun iteukna, hiuk
PANGERAN ngadatangkeun angin ti wetan
ka sakuliah tanah, ngagelebug sapoe eta teu
eureun-eureun, terus nepi ka sapeuting jeput.
Ari bray isuk eta angin teh mawa simeut
14 kaliwat saking lobana, ambreg ka sakuliah
nagara. Ti baheula kakara harita aya simeut
sakitu lobana, tur ka hareupna oge moal aya
deui anu siga kitu.

15 Beungeut taneuh saluluar datang ka
liput katutup ku simeut, warnana datang ka
belewuk. Sagala rupa anu disesakeun ku
hujan es tea beak digalaksak, bubuahan katut
ka tangkal-tangkalna. Tatangkalan jeung
tutuwuhan di sakuliah tanah Mesir datang ka
boleklak geus teu aya anu hejo-hejo deui.
16 Raja rurusuhan nyaur Musa jeung Harun
sarta timbalanana, "Aing tarima dosa ka
PANGERAN Allah maraneh, jeung dosa ka
maneh ongkoh.
17 Sakali ieu mah aing menta ampun, jeung
pangnedakeun ka PANGERAN Allah maraneh,
ieu siksaan ka aing anu sakieu bangetna teh
eureunkeun."
18 Musa undur ti raja, tuluy neneda ka
PANGERAN.
19 Seug angin ti wetan teh ku PANGERAN
dirobah jadi angin ti kulon, rongkah kacida.
Saayana simeut kakeduk terus digebruskeun
ka laut di Teluk Sues. Simeut di satanah Mesir
beak taya anu nyesa.
20 Tapi raja ku PANGERAN disina neugtreug,
teu ngidinan urang Israil iang.
21 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Jungjungkeun leungeun ka langit, sakuliah
tanah Mesir bakal jadi poek mongkleng."
22 Musa ngajungjungkeun pananganana
ka langit, reup sakuliah Mesir poek mani
ngajumbleng, lilana nepi ka tilu poe.

23 Urang Mesir teu barisaeun patenjo pada
batur, sarta sajeroning kitu taya anu kaluar
ti imah. Ari di pilemburan urang Israil mah
biasa bae caang.
24 Raja nyaur Musa, timbalanana, "Geura
arindit ngabakti ka PANGERAN. Awewe
jeung barudak ge meunang dibawa.
Tapi ingon-ingon, domba, embe, sapi,
tinggalkeun."
25 Waler Musa, "Kedahna mah malah
gamparan ngabahanan sato keur kurban
sareng keur kurban beuleuman kangge
PANGERAN Allah kaula.
26 Pipiaraan bade dibantun, saceker ge
moal aya anu dikantun. Sarengna deui anu
bade dikurbankeun ka PANGERAN Allah
kaula teh satona kedah ditangtoskeun
heula. Sateuacanna dongkap ka ditu mah
kaula tacan terang naon satona anu kedah
disanggakeun ka Mantenna teh."
27 Manah raja ku PANGERAN disina
neugtreug, keukeuh henteu ngidinan.
28 Lahirna ka Musa, "Geura jor mantog ti
dieu! Sing ulah kadeuleu-deuleu deui ku kami.
Lamun kadeuleu deui ku aing dipaehan!"
29 Waler Musa, "Cocog! Anjeun memang
moal kungsi nenjo deui ka kaula!"
11 1 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka
Musa, "Kari sarupa deui siksaan anu ku
Kami rek dikeunakeun ka raja sarahayatna.
Geus kitu manehna bakal ngidinan iang,

malah maksa sangkan maraneh kabeh budal ti ieu nagara.
2 Bejakeun hal ieu ka kabeh bangsa Israil. Jeung bejakeun deui, engke urang Israil kudu barang penta ka tatanggana urang Mesir barang-barang perhiasan emas jeung perak."
3 Geus kitu urang Mesir ku PANGERAN dikersakeun halormat ka urang Israil. Ari Musa dianggapna ku para mantri jeung ku rahayat Mesir teh jelema anu kacida punjulna.
4 Ti dinya Musa miunjuk ka raja, "Kieu timbalan PANGERAN, Engke kira-kira tengah peuting, Kami rek ngider ka sakuliah Mesir.
5 Tuluy sakabeh anak cikal urang Mesir anu lalaki bakal paraeh, ti cikal anak raja anu digadangkeun naek tahta, nepi ka cikal anak jariah purah ngagiling, kitu deui sakabeh cikal sasatoan.
6 Sakuliah Mesir bakal pinuh ku sora anu aluk-alukan. Kajadian sarupa kitu ti bareto tacan aya, ka hareupna ge moal aya deui.
7 Sabalikna di Israil mah bakal jempe-jempe bae moal aya sora anjing-anjing acan, pipiaraanana moal disarada. Engke kanyahoan ku maneh yen Kami PANGERAN, ngabedakeun antara urang Mesir jeung urang Israil."
8 Musa nutup piunjukna kieu, "Kabeh mantri-mantri anjeun engke bakal tingsampoyong ka kaula, menta-menta sangkan sakumna bangsa kaula ku kaula dibawa kaluar ti ieu

nagara. Sanggeus kitu tangtu kaula indit."
Tuluy Musa undur ngantunkeun raja, kacida
benduna.
9 PANGERAN geus nimbalan ka Musa, "Eta
raja bakal tetep ngaberung, moal ngagugu
ka maneh, sangkan Kami ngayakeun deui
mujijat di Mesir."
10 Musa jeung Harun geus nembongkeun
rupa-rupa kaahengan ka raja, tapi manah raja
ku PANGERAN diheuraskeun, teu ngidinan
urang Israil ninggalkeun nagarana.
12 1 Aya deui timbalan PANGERAN
ka Musa jeung Harun di Mesir.
Timbalana-Na,
2 "Bulan anu ieu ku maneh kudu dijieun
bulan anu kahiji.
3 Parentahkeun ka sakumna bangsa Israil
kieu: Dina tanggal sapuluh bulan ieu, unggal
lalaki urang Israil kudu milih anak domba
atawa anak embe, saimah hiji.
4 Anu cacah jiwa imahna saeutik nepi ka
moal kuat meakkeun anak domba hiji, kudu
menta dibantuan ka tatanggana, bagi-bagi
meujeuhnakeun, sameujeuhna keur dahareun
masing-masing.
5 Satona meunang domba meunang embe,
asal kudu anu jalu, ulah aya cacad naon-naon
jeung umurna anu sataun.
6 Dina maleman tanggal opat welas, unggal
imah kudu meuncit eta embe atawa domba.

7 Getihna sawareh kudu dipake ngulasan dua
tihang panto jeung tarang panto saban imah,
tempat ngadahar eta peupeuncitan.
8 Dagingna panggang, terus dahar peuting
eta keneh. Didaharna kudu make lalab pait
jeung roti teu make ragi.
9 Teu meunang didahar atah, jeung
teu meunang dikulub. Kudu dipanggang
bae kabeh jeung sirahna, sukuna jeung
jeroanana.
10 Jeung teu meunang nyesa nepi ka isuk.
Upama kapaksa nyesa kudu diduruk.
11 Ngadalaharna kudu rurusuhan, sabab
kudu terus tarapti geus rap pakean rap
tarumpah ceg iteuk. Eta teh Paska pikeun
ngamulyakeun ka Kami PANGERAN.
12 Dina peuting eta Kami rek ngideran
sakuliah Mesir, rek maehan sakabeh cikal
lalaki, boh jelema boh sato, sarta nerapkeun
siksaan ka sakabeh allah nagara Mesir. Kami
teh PANGERAN.
13 Getih anu dina tihang panto baris jadi
tanda yen eta imah maraneh. Anu make
tanda eta getih ku Kami bakal diliwat moal
dikua-kieu, sarta Kami bakal tuluy nerapkeun
siksaan ka urang Mesir.
14 Poe anu eta saterusna ku maraneh
kudu dijieun poe pesta kaagamaan, pikeun
pangeling-eling kana padamelan Kami,
PANGERAN. Ka hareupna kudu dilampahkeun
saperti kitu deui, sapapanjangna."

15 PANGERAN nimbalan, "Tujuh poe lilana
maraneh teu meunang ngadahar roti anu
make ragi. Jadi dahar teh rotina teu meunang
make ragi. Ti poe nu kahiji keneh ragi kudu
geus disingkirkeun ti imah. Sing saha anu
di sajero tujuh poe eta dahar roti anu make
ragi, moal diaku umat Kami.
16 Dina poe nu kahiji jeung dina poe nu
katujuhna, maraneh kudu ngadegkeun
kumpulan ngabakti. Dina poe-poe eta teu
meunang aya anu digarawe, ngan meunang
nyadiakeun keur dahareun bae.
17 Ieu poe roti teu make ragi kudu
diarestokeun, sabab nya dina poe eta pisan
Kami ngabudalkeun kaom-kaom maraneh
ti Mesir. Sarta ka hareupna poe eta kudu
dieling-eling jadi poe anu dimulyakeun.
18 Ti mimiti maleman tanggal opat welas
bulan kahiji, nepi ka tanggal dua puluh hiji,
teu meunang dalahar roti anu make ragi.
19 (12:19-20) Tujuh poe lilana di saban imah
teu meunang aya ragi. Saha-saha anu dahar
roti anu make ragi, boh pribumi boh nu lain
pribumi bakal dieuweuhkeun ti pakumbuhan
umat Kami."
20 (12:19)
21 Musa ngumpulkeun sakabeh pamingpin
Israil. Geus kitu saurna, "Aranjeun masing-
masing kudu nyokot anak domba atawa anak
embe jalu hiji pikeun ngalampahkeun Paska.

22 Getihna wadahan kana bokor, ulaskeun
make hisop sabeungkeut kana dua tihang
panto jeung kana tarang panto masing-
masing. Peutingna nepi ka bray isuk ulah aya
anu kaluar ti imah.
23 Dina waktu PANGERAN ngideran sakuliah
Mesir pikeun maehan urang Mesir, ana
ningali tanda getih dina tihang panto jeung
dina tarang panto, Mantenna moal ngidinan
Malakalmaot asup sarta maehan maraneh.
24 Ieu katetepan kudu diestokeun ku
maraneh saanak-anak sapapanjangna,
25 kudu dijaralankeun di mana maraneh geus
arasup ka tanah anu bakal dipaparinkeun ku
PANGERAN tea.
26 Lamun barudak nanyakeun, Naon
maksudna eta aturan?
27 terangkeun, Ieu teh kurban Paska tanda
muji sukur ka PANGERAN, lantaran basa
Mantenna maehan urang Mesir, imah bangsa
Israil mah ku Mantenna diliwat, nu matak
urang mah salamet." Urang Israil tuluy
sarujud ngabarakti,
28 ti dinya baralik sarta ngajalankeun sakur
anu diparentahkeun ku Musa jeung Harun.
29 Sanggeus wanci tengah peuting,
PANGERAN maehan sakabeh cikal lalaki di
Mesir ti cikal putra raja anu digadangkeun
naek tahta, nepi ka cikal anak sakitan di jero
panjara, kitu deui cikal sasatoan.

30 Raja gugah, mantri-mantri lalilir, urang
Mesir kabeh nyararing. Mesir sakuliahna
midangdam aluk-alukan, sabab taya hiji imah
anu henteu katinggal paeh ku anak cikal.
31 Peuting harita keneh raja miwarang nyaur
Musa jeung Harun, geus kitu timbalanana ka
aranjeunna, "Buru-buru geura arindit ti dieu,
maraneh kitu deui sakumna bangsa Israil!
Tinggalkeun nagara aing. Jig geura ngabarakti
ka PANGERAN, sakumaha pamenta maraneh.
32 Ingon-ingon oge bawa, domba, embe,
sapi. Geura bral, sarta aing pangnedakeun
berkah."
33 Urang Mesir mani mararaksa supaya urang
Israil buru-buru indit ti nagarana. Pokna, "Bisi
kuring paraeh kabeh ari aranjeun teu arindit
mah.
34 Urang Israil pakepuk ngawadahan
adonan anu tacan diragian tuluy dibaruntel,
diparanggul.
35 Urang Israil ka urang Mesir marenta
barang-barang perhiasan emas jeung perak
kitu deui papakean, sakumaha parentah Musa
tea.
36 Urang Israil ku PANGERAN dikersakeun
dipikaserab ku urang Mesir, naon bae
sapamentana ditedunan. Harta banda urang
Mesir mani beresih diakut ku urang Israil.
37 Brul urang Israil ngabrul ti Raamses,
laleumpang badarat ka Sukot. Aya 600.000
jalma lalaki, jaba awewe jeung barudak.

38 Malah kacampuran ku jalma-jalma sejen
loba pisan, anu marilu ka maranehna sarta
marawa ingon-ingonna, domba, embe, jeung
sapi.
39 Adonan bawa ti Mesir tea dijarieun kueh
tanpa ragi, sabab adonanana can kaburu
diragian di Mesir, kawantu arinditna ti ditu teh
sasat disurung-surungkeun ku urang Mesir,
tur dadak-dadakan pisan, nepi ka taya waktu
keur nyadiakeun bebekelan.
40 Urang Israil caricingna di Mesir teh 430
taun.
41 Dina poe panutup taun ka 430, kabeh
kaom-kaom urang Israil ku PANGERAN
dituyun kaluar ti Mesir.
42 Dina peuting eta ku PANGERAN dianggo
caringcing ngaping umat-Na kaluar ti
Mesir. Pikeun ka hareupna, peuting anu
eta ku urang Israil salawasna kudu dijieun
peuting caringcing, pikeun ngamulyakeun ka
PANGERAN.
43 PANGERAN nimbalan ka Musa jeung
Harun, "Ieu papakon Paska. Jelema anu lain
urang Israil teu meunang milu dahar jamuan
Paska.
44 Bangsa budak beunang maraneh meuli
meunang milu ngadahar, tapi kudu disunatan
heula.
45 Jelema anu majikna ngan pikeun
saheulaanan, kitu deui kuli-kuli, teu meunang
milu ngadahar.

46 Jamuanana kudu didahar di imah anu
nyadiakeunana, teu meunang dibawa kaluar
ti dinya. Tulang-tulang eta sato hiji ge ulah
aya nu potong.
47 Sakumna jamaah Israil wajib nekanan
Paska.
48 Anu henteu disunatan henteu meunang
milu ngadahar jamuan Paska. Jelema anu
lain urang Israil anu geus sagulung-sagalang
jeung maraneh, upama hayangeun milu
nekanan Paska ku sabab hayangeun milu
ngamulyakeun ka PANGERAN, kudu disunatan
heula katut sakabeh lalaki anu di imahna,
saruakeun jeung hak pribumi, kakara
meunang milu.
49 Jadi eta anu lain pribumi teh tunggal
sapapakon jeung urang Israil asli."
50 Sakur anu ku PANGERAN diandikakeun ka
Musa jeung Harun ku sakabeh urang Israil
diestokeun.
51 Geus kitu poe eta PANGERAN
ngabudalkeun urang Israil ti Mesir.
13 1 PANGERAN ngandika ka Musa,
2 "Sakabeh anak cikal lalaki kudu
dibaktikeun ka Kami. Unggal anak cikal urang
Israil anu lalaki, kitu deui cikal sato jalu, eta
kagungan kami."
3 Musa misaur ka jalma rea, "Poe ieu poean
maraneh kaluar ti Mesir, ti tempat maraneh
diperbudak, kudu dieling-eling. Karana poe
ieu PANGERAN ngaluarkeun maraneh ti

eta nagara kalawan digjaya. Dina poe ieu
maraneh teu meunang ngadahar roti make
ragi.
4 Ayeuna, poean maraneh ninggalkeun Mesir
teh nya eta dina bulan Abib, bulan kahiji.
5 PANGERAN geus ikrar ka karuhun maraneh,
yen maraneh bakal dipaparin tanah urang
Kanaan, tanah urang Het, tanah urang
Emor, tanah urang Hiwi, jeung tanah urang
Yebus. Lamun maraneh ku Mantenna geus
diasupkeun ka eta tanah anu gemah-ripah,
hal sarupa kieu kudu dilampahkeun
saban-saban bulan kahiji, unggal-unggal
taun.
6 Tujuh poe lilana maraneh kudu dalahar
roti teu make ragi, sarta poe katujuhna kudu
dipestakeun ngamulyakeun ka PANGERAN.
7 Tujuh poe lilana maraneh teu meunang
ngadahar roti anu make ragi. Sajeroning kitu,
di satanah maraneh teu meunang aya roti
anu make ragi atawa anu dihaseuman.
8 Dina ngamimitian pesta, maraneh kudu
nerangkeun ka anak, yen eta pesta teh
pikeun mieling sagala dadamelan PANGERAN
waktu maraneh budal ti Mesir.
9 Hal ieu kudu dijieun pepeling, lir tanda anu
dicangreudkeun dina leungeun atawa dina
tarang maraneh anu bakal ngingetan sangkan
maraneh terus nyaritakeun jeung ngulik
ieu Papakon PANGERAN, lantaran maraneh

ku Mantenna geus dikaluarkeun ti Mesir ku
kakawasaana-Na anu digjaya.
10 Lampahkeun eta pesta teh dina waktuna,
saban-saban taun."
11 "Maraneh ku PANGERAN bakal dicandak
ka tanah Kanaan, sakumaha sumpah-Na ka
maraneh jeung ka karuhun. Lamun eta geus
dipaparinkeun,
12 maraneh kudu nyanggakeun sakur anak
cikal anu lalaki ka PANGERAN. Anak sato-sato
maneh anu cikal sarta jalu, eta kagungan
PANGERAN.
13 Tapi cikal jalu anak kalde mah kudu
ditebus ku anak domba. Lamun teu ditebus
kudu ditekuk. Anak cikal maraneh oge anu
lalaki kudu ditebus.
14 Engke jaga lamun anak maraneh
nanyakeun naon maksudna eta kamistian,
kudu diterangkeun, Geusan pangeling-eling,
yen ku karana kadigjayaan PANGERAN, urang
dijait ti Mesir, ti bangsa anu ngabudakkeun ka
urang.
15 Sanggeus raja Mesir henteu ngidinan bae
urang kaluar ku lantaran hatena tetep teuas,
sakabeh cikal di satanah Mesir boh jelema
boh sato ku PANGERAN ditiwaskeun. Kitu
sababna pang urang ngurbankeun unggal
cikal jalu anak sato teh, tapi cikal-cikal lalaki
anak urang mah kudu ditebus.
16 Ieu teh geus jadi kamistian, pikeun
ngingetan urang lir tanda anu digantelkeun

dina leungeun atawa ditapelkeun dina tarang,
sangkan urang salawasna inget yen ku karana
kadigjayaan PANGERAN geus bisa ucul ti
Mesir."
17 Jalma-jalma anu ku raja geus diidinan
naringgalkeun Mesir teh ku Allah henteu
dicandak nyorang jalan anu brasna ka
basisir tanah Pelisti, sanajan eta jalan
pangdeukeutna. Sabab panggalih Allah kieu,
"Kami teu hayang ieu jelema-jelema rarobah
pikiran sarta baralik deui ka Mesir upama
nyarahoeun yen kudu tarung."
18 Dituyunna teh nyandak jalan anu belot
jeung nyorang tanah gurun anu brasna ka
Laut Beureum. Urang Israil kabeh nyaroren
pakarang.
19 Layon Yusup oge ku Musa dicandak
sakumaha piwekasna ka urang Israil, piwekas
kalawan sumpah saurna, "Lamun Allah geus
ngajait ka maraneh, layon kami oge kudu
dibawa kaluar ti ieu tanah."
20 Urang Israil geus ngaliwatan Sukot, tuluy
masanggrahan di Etam, di rarambu tanah
gurun.
21 Mun ti beurang PANGERAN aya di heulaeun
maranehna dina hiji tihang mega nuduhan
jalan. Mun ti peuting aya di heulaeunana dina
hiji tihang seuneu, nyaangan pijalaneunana.
Jadi eta jelema-jelema teh bisa terus
laleumpangna beurang peuting.

22 Kitu bae terus, tihang mega paranti
ti beurang jeung tihang seuneu paranti
ti peuting teh salawasna aya di heulaeun
maranehna.
14 1 Geus kitu PANGERAN nimbalan ka
Musa,
2 "Parentahkeun ka urang Israil sina maralik
deui, tuluy masanggrahan di Pi Hahirot,
antara Migdol jeung Laut Beureum palebah
Baal Sepon.
3 Raja bakal nyangka urang Israil kapaider di
luareun nagara kakurung ku tanah gurun.
4 Eta raja ku Kami rek disina terus
ngaberung, tangtu ngudag ka dieu. Eta raja
sawadya baladna ku Kami rek diserenkeun
geusan jadi kamulyaan Kami. Urang Mesir
kudu nyaho yen Kami teh PANGERAN." Seug
urang Israil maralik deui.
5 Ari raja Mesir sapara mantri sanggeus
diuningaan yen urang Israil geus budal,
ngadadak rarobah deui pikiranana. Pokna,
"Naha urang teh bet ngantep bae urang Israil
kalabur. Atuh urang ayeuna mah geus teu
boga jalma badega!"
6 Raja gancang natakeun kareta perang
jeung wadya balad.
7 Raja Mesir kaluar jeung sakabeh kareta
perangna, malah aya genep ratus kareta anu
panghadena katut reujeung para senapatina.

8 Eta raja ku PANGERAN disina ngaberung,
semprung ngudag ka urang Israil anu geus
unggul bisa ucul tina genggemanana.
9 Wadya balad Mesir lengkep jeung
pasukan serdadu kuda jeung pasukan kareta
tingsalebrut ngobrot urang Israil anu harita
keur masanggrahan di sisi Laut Beureum
deukeut Pi Hahirot jeung Baal Sepon.
10 Barang urang Israil nyarahoeun keur
diudag ku raja Mesir sabalad-balad, kacida
sarieuneunana. Tuluy tingjarerit marenta
tulung ka PANGERAN.
11 Seug ngaromong ka Musa, "Na di Mesir
teh parantos teu aya tanah jang kuburan?
Kuring dibantun ka dieu teh sina tariwas
di gurun keusik? Bet kieu geuning jadina
dikaluarkeun ti Mesir teh!
12 Sanes parantos disanggemkeun ti
samemehna ge ka Bapa yen tangtos kieu
temahna? Pan ceuk kuring oge tadina keun
bae kuring teh antep di Mesir, teu nanaon jadi
jelema budak oge. Nya mending jadi jalma
budak tinimbang kudu tiwas di gurun mah."
13 Waler Musa, "Tong sarieun, sing taleger.
Tenjokeun engke kumaha PANGERAN
ngarahayukeun maraneh poe ieu. Eta urang
Mesir teh ku maraneh moal katenjo-tenjo
deui.
14 PANGERAN bakal mangmerangankeun
maraneh. Maraneh mah teu kudu naon-naon."

15 PANGERAN nimbalan ka Musa, "Ku
naon maneh sasambat bae? Urang Israil
parentahkeun sina terus kebat.
16 Ungkulkeun iteuk maneh ka luhureun
laut. Cai laut bakal beulah ngenca ngatuhu.
Pudunkeun urang Israil sina mareuntas di nu
tuhur.
17 Ari urang Mesir ku Kami rek disina
ngaberung, sina ngarudag ti tukang. Raja
Mesir sabalad-balad katut pasukan kareta
jeung pasukan serdadu kudana ku kami rek
dielehkeun di dieu, pikeun kamulyaan Kami.
18 Geus kitu kakara eta urang Mesir teh
bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN."
19 Geus kitu Malaikat Allah anu tadina aya di
hareupeun pasukan Israil pindah ka beulah
tukang. Tihang mega tea oge pindah jadi aya
di tengah-tengah,
20 antara pasukan urang Mesir jeung
pasukan urang Israil. Ari megana ka urang
Mesir matak poek, ka urang Israil tetep
caang, jadi eta dua pasukan teh sapeuting
jeput teu bisa padeukeut.
21 Musa ngungkulkeun iteukna ka luhureun
laut, hiuk PANGERAN ngadatangkeun angin ti
wetan kacida rongkahna, siak cai laut miak.
Angin terus ngagelebug sapeupeuting, datang
ka cai laut teh miak nepi ka dasarna, caina
jadi dua bagian.

22 Urang Israil marudun nyorang dasar laut
anu geus tuus, kenca katuhueunana cai
ngadingding.
23 Urang Mesir oge tuturubun ka dinya,
ngudag pandeurieunana jeung pasukan
kudana, pasukan karetana katut kusir-
kusirna.
24 Barang geus meh janari, PANGERAN
nyoreang ka balad Mesir tina tihang seuneu
jeung tihang mega, seug balad Mesir teh ku
Mantenna digujrudkeun.
25 Kikiping kareta-karetana mararacet nepi
ka meh teu bisa laju. Ceuk urang Mesir,
"Gancang urang ngejat! Urang dilawan ku
PANGERAN anu mangmeranganken urang
Israil!"
26 PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Ungkulkeun deui iteuk maneh ka laut, caina
bakal liput ngalingkup deui, ngarungkup urang
Mesir katut kareta jeung jelema-jelemana."
27 Musa ngungkulkeun deui iteukna ka
luhureun laut, sarta wanci rek bray isuk cai
laut geus liput deui sabiasana. Urang Mesir
pahibut arek buru-buru ngarejat ti jero cai,
tapi kabeh ku PANGERAN dilelepkeun di laut.
28 Cai laut liput deui. Kareta-kareta, nu
tarumpakna, sawadya balad Mesir anu
ngudag ka urang Israil kabeh tiwas diteureuy
ku laut, taya anu kaiwalkeun.

29 Teu cara urang Israil anu tumaninah
nyorang dasar laut, dihapit ku cai anu
ngadingding kenca katuhu.
30 Poe eta PANGERAN ngarahayukeun urang
Israil tina ancaman urang Mesir, anu geus
kari bangkena bae ngalalumbuk di basisir,
katarenjoeun ku urang Israil.
31 Sanggeus nyarahoeun kana kadigjayaan
PANGERAN numpes urang Mesir, urang
Israil jadi mikasieun ka PANGERAN, sarta
palercayaeun ka Mantenna kitu deui ka Musa,
abdi-Na.
15 1 Geus kitu Musa jeung sakumna
bangsa Israil ngawihkeun ieu pupujian
ka PANGERAN, "Kuring seja ngawihkeun
puji ka PANGERAN, nu geus unggul kalawan
pinunjul. Kuda jeung nu tarumpakna
dilelepkeun di sagara.
2 PANGERAN teh pangbela kuring nu
tanggoh, anu geus ngarahayukeun kuring.
Mantenna teh Allah panutan kuring, kuring
seja muji ka Mantenna, Allah panutan karuhun
kuring, seja ngawihkeun kaagungana-Na.
3 Mantenna prajurit anu lineuwih, PANGERAN
jenengana-Na.
4 Balad Mesir jeung pasukan karetana,
dikunclungkeun ka sagara. Para senapatina
anu garagah, dikubur di Laut Beureum.
5 Kabeh diteureuy ku laut, jeg batu ngalelep
nepi ka dasar.

6 Panangan tengen Gusti nun PANGERAN,
teguhna pikahelokeun. Musuh rangsak
disasaak.
7 Gusti unggul kaliwat saking, musuh dugi
ka pating koleang. Amarah Gusti lir seuneu
ngagedag, musuh dihuru lir jarami garing.
8 Laut ku Gusti ditiup dugi ka nyiak, caina
ngadingding nanjeur sapertos kuta. Kalbu
laut jadi padet lir ngabata.
9 Musuh susumbar, Jalma-jalma ku aing arek
diudag, barangna arek direbut, dirampasan
sakahayang. Aing rek metakeun pedang,
dipake ngaburak-barik.
10 Nanging ku Gusti ditiup, mung sakeak
urang Mesir gulagepan, tingkerelep lir timah
kaceot ku cai nyedot.
11 Nun PANGERAN, batara mana anu
sapertos Gusti? Saha nu tiasa nandingan ka
Gusti, anu pikahelokeun bawaning ku suci?
Saha anu tiasa ngadamel mujijat sareng
kaahengan sapertos kenging Gusti?
12 Gusti ngulangkeun panangan tengen, les
musuh dicapluk bumi.
13 Gusti pengkuh kana jangji, nuyun umat
anu kenging nebus, dituyun ku panangan anu
digjaya, dianteurkeun ka tanah Gusti nu suci.
14 Kakuping wartana ku bangsa-bangsa,
seug galumeter sadayana. Urang Pelisti
kadatangan ketir ati.

15 Para kekentong Edom pating rarempod,
para satria Moab pating sareblak, urang
Kanaan kasingsieunan.
16 Sadayana sami tagiwur hatena, ningal
kadigjayaan Gusti, nun PANGERAN, ilang
daya kapupul bayu. Umat Gusti nu kenging
ngarebut ti nu neungteuinganan, tumaninah
ngaliwatan wewengkon maranehna.
17 Urang Israil ku Gusti dicandak ka
pigunungan, lajeng dipelak di ditu, di tanah
kenging Gusti nyayagikeun, caket Bait
kenging Gusti ngadegkeun.
18 Gusti teh nun PANGERAN, nu jumeneng
Raja salalanggengna."
19 Urang Israil salamet ngambah dasar
laut. Sabalikna urang Mesir, barang pasukan
karetana jeung pasukan kudana katut anu
tarumpakna tuturubun ka laut, kabeh tiwas
tikerelep, sabab cai laut ku PANGERAN
diliputkeun deui sabiasana.
20 Ti dinya nabi istri, Miryam, saderekna
Harun, nyandak terebang, diturutan ku
sakabeh wanita, narabeuh terebang bari
ngarigel,
21 dikawihan ku Miryam, kieu, "Urang
ngarawih, muji ka PANGERAN, anu geus
unggul kalawan pinunjul. Pasukan kuda
musuh reujeung anu tarumpakna ku
Mantenna dikunclungkeun ka sagara."
22 Ti dinya Musa mingpin urang Israil ti
Laut Beureum ka gurun keusik Sur. Tilu poe

laleumpang ngambah gurun keusik tacan
keneh manggih cai.
23 Sanggeus nepi ka hiji tempat anu disebut
Mara, aya cai, tapi caina pait teu bisa diinum.
Nya ku sabab kitu eta tempat teh dingaranan
Mara.
24 Urang Israil ngarasula ka Musa pokna,
"Naon nu bisa diinum atuh?"
25 Seug Musa neneda ka PANGERAN, nemen
pisan sasambatna. Ku PANGERAN dituduhan
kai sateukteuk. Ku Musa dianclomkeun kana
cai pait tea, seug caina jadi bisa diinum. Di
dinya PANGERAN maparin pikukuh ka urang
Israil sarta terus diujikeun ka maranehna.
26 Timbalana-Na, "Upama maraneh
enya-enya nurut, ngalampahkeun anu
bener dipayuneun Kami, jeung ngestokeun
timbalan-timbalan Kami, maraneh moal
katerap ku sagala kasakit anu ku Kami
dikeunakeun ka urang Mesir, sabab nya Kami
PANGERAN anu nyageurkeun maraneh."
27 Ti dinya maranehna maju deui nepi
ka Elim. Di dinya aya dua welas cinyusu
jeung tujuh puluh tangkal korma, tuluy
masanggrahan sisi cai.
16 1 Ti Elim maju deui. Dina tanggal
lima welas bulan ka dua ti sanggeus
naringgalkeun Mesir, narepi ka gurun keusik
Sin antara Elim jeung Sinai.
2 Di dinya maranehna gegelendeng ka Musa
jeung ka Harun,

3 pokna, "Mending dicabut nyawa keur di
Mesir keneh we ku PANGERAN teh! Di ditu
mah bisa keneh ngariung dalahar daging,
dahareun-dahareun bae mah loba. Ari
ayeuna, bet dibawa apruk-aprukan ka gurun
keusik, sina paraeh kalaparan!"
4 PANGERAN nimbalan ka Musa, "Kami
rek nurunkeun hujan kadaharan ti langit
pikeun maranehna. Pulungan unggal poe.
Ngumpulkeunana kudu sameujeuhna bae
keur sapoeeun. Diwatesan teh rek didoja, rek
ngesto atawa moal kana katangtuan ti Kami.
5 Dina poe kagenep ngumpulkeunana kudu
dua kalieun poe-poe sejen."
6 Musa jeung Harun misaur ka urang Israil,
"Engke sore maraneh bakal nyaraho yen
anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir teh estu
PANGERAN.
7 Isukan isuk-isuk maraneh bakal narenjo
cahaya PANGERAN. Maraneh gegelendeng
teh didangukeun ku Mantenna. Maraneh
gegelendeng teh ka PANGERAN, sabab
parentah ti Bapa teh ti Mantenna."
8 Saurna deui, "Unggal sore maraneh bakal
dipaparin lauk, isuk-isuk dipaparin roti
sacukupna. PANGERAN anu maparin eta
kadaharan teh, da kadangueun maraneh
sakitu gegelendengna ka Mantenna. Maraneh
gegelendeng ka Bapa teh saenyana mah ka
PANGERAN."

9 Musa misaur ka Harun, "Wartoskeun
ka sadayana sina kempel ka payuneun
PANGERAN, margi Mantenna ngadangu
maranehna gegelendeng."
10 Barang Harun misaur ka jalma-jalma sarta
maranehna geus nyalanghareup ka gurun
keusik, bray cahaya kamulyaan PANGERAN
tembongngagebray dina hiji mega.
11 PANGERAN ngadawuh ka Musa,
12 "Kami geus ngadangu gegelendengna
urang Israil. Bejakeun, wanci sariak layung
maranehna bakal nyaratu lauk, isuk-isuk
bakal dalahar saseubeuhna. Sangkan
nyarahoeun yen Kami PANGERAN, Allah
maranehna."
13 Wanci pabuburit, brul aya manuk
puyuh kacida lobana mani nakleuk
saluluar pasanggrahan. Isukna, sakuriling
pasanggrahan uyuh-ayah ciibun.
14 Sanggeus ibunna nyaab, dina beungeut
taneuh aya anu tingguruntul semu garing,
rasana ngeunah ngerekes.
15 Barang urang Israil narenjoeun aya anu
kitu, seug silih tanya lantaran teu nyarahoeun
ngaranna. "Naon eta?" cenah. Saur Musa,
"Eta dahareun maraneh ti PANGERAN.
16 Timbalana-Na, pek parulungan sakumaha
perluna, nurutkeun lobana cacah jiwa tiap
kulawarga, sajiwa dua liter."
17 Seug urang Israil marulungan, aya nu
leuwih aya nu kurang.

18 Tapi bareng ditaker, nu leuwih teu jadi
kalobaan, nu kurang teu jadi kasaeutikan,
masing-masing tiba cukup sakumaha perluna
bae.
19 Saur Musa, "Ulah disesakeun nepi ka
isuk."
20 Tapi sawatara urang bandel teu narurut
kana weweling Musa, nyaresakeun keur
isuk. Ari isukna barang diilik bet geus bau
jeung bilatungan. Anu nyarimpenna ku Musa
diseuseul.
21 Kitu bae saterusna unggal isuk, masing-
masing marulunganana saperluna bae. Jeung
ari geus rada beurang mah anu aya keneh
dina taneuh teh laleeh.
22 Dina poe nu kagenep ngarumpulkeunana
dua kalieun, sajiwa opat liter. Hal eta ku para
pamingpinna diunjukkeun ka Musa.
23 Saur Musa, "Geus ditimbalan ku
PANGERAN, sabab isukan mah poe anu
kudu dimulyakeun, poe reureuh kagungan
PANGERAN. Naon-naon anu rek dipanggang
atawa dikulub, dipigawena kudu poe ieu.
Leuwihna simpen keur isukan."
24 Parentah Musa ditarurut, sarta masing-
masing nyaresakeun keur poe isuk. Tapi harita
mah teu kungsi buruk atawa bilatungan.
25 Saur Musa, "Pek anu ieu dalahar ayeuna,
sabab poe ieu teh poe Sabat, poe reureuh
kagungan PANGERAN, jadi maraneh ulah
mulung naon-naon ti luareun pasanggrahan.

26 Mulungan dahareun teh genep poe. Poe
katujuhna poe reureuh, di tegal moal aya
pulunganeun."
27 Tapi dina poe nu katujuh teh aya bae anu
kalaluar rek marulungan, tapi teu maranggih
naon-naon.
28 Seug PANGERAN ngadawuh ka Musa, "Rek
angger bae kitu eta jelema-jelema teh, teu
narurut kana parentah Kami?
29 Sing areling atuh! Kami, PANGERAN, mere
hiji poe pikeun maraneh reureuh. Nu matak
dina poe nu kagenep dahareun teh ku Kami
disadiakeun keur dua poeeun, kitu saterusna.
Unggal jelema dina poe nu katujuh kudu
caricing di imah, ulah kalaluar."
30 Ku sabab kitu dina poe nu katujuh
jelema-jelema teh teu digarawe.
31 Eta kadaharan ku urang Israil disebutna
manna, bangunna kawas siki pedes, rupana
bodas, rasana saperti kueh madu.
32 Musa ngalahir, "Aya timbalan PANGERAN,
saur-Na urang kudu nyimpen manna saeutik
keur simpeneun saterusna, tenjoeun turunan
urang engke, sangkan nyarahoeun rupa
kadaharan anu ku Mantenna dipaparinkeun
ka urang di gurun keusik, basa ku Mantenna
dikaluarkeun ti Mesir."
33 Ari lahiranana ka Harun, "Nyandak
goci, eusian manna dua liter, teras simpen,
teundeun payuneun PANGERAN, titinggal
keur anak incu."

34 Prak timbalan PANGERAN ka Musa teh ku
Harun dilampahkeun, goci anu dieusi manna
teh disimpen gigireun Peti Perjangjian supaya
aman.
35 Sapanjang opat puluh taun, nya eta
samemeh narepi ka tanah Kanaan sarta
maratuh di ditu, anu didalahar ku urang Israil
teh nya eta manna tea.
36 (Takeran keringan anu diparake ku
maranehna eusina sarua jeung dua puluh
liter.)
17 1 Urang Israil arindit deui ti gurun
keusik Sin, pundah-pindah bae
kumaha ditimbalanana ku PANGERAN, tuluy
masanggrahan di Repidim. Di dinya teu aya
cai keur nginum,
2 seug gegelendeng ka Musa, "Menta cai,
hayang nginum!" Waler Musa, "Ku naon
gegelendeng? Rek ngadoja ka PANGERAN?"
3 Tapi maranehna geus kacida arauseunana,
gegelendengna ka Musa teu eureun-eureun,
pokna, "Naha atuh make diinditkeun ti Mesir
kuring teh? Rek disina paraeh ku halabhab
kitu ieu kuring, anak, jeung pipiaraan teh?"
4 Musa sasambat ka PANGERAN, "Kumaha
pipetaeun abdi ka eta jalmi-jalmi? Sakedap
deui ge moal teu maledogan ku batu ka abdi."
5 Timbalan PANGERAN ka Musa, "Maneh
kudu indit miheulaan jalma rea, bawa
sawatara pamingpin Israil. Iteuk anu dipake
neunggeul Walungan Nil bawa.

6 Kami rek ngadeg gigireun hiji batu cadas di
Gunung Sinai. Teunggeul eta cadas, tangtu
engke bijil cai ti dinya keur eta jelema-jelema
ngarinum." Ku Musa dilampahkeun, disaksian
ku para pamingpin Israil.
7 Ti dinya eta tempat dingaranan Masa jeung
Meriba, lantaran urang Israil gegelendeng
sarta ngadoja, pokna, "Aya atawa euweuh
PANGERAN teh di urang?"
8 Urang Amalek murubul ka Repidim
narajang ka urang Israil.
9 Musa ngalahir ka Yosua, "Hidep kudu
milih jalma-jalma, isukan bawa merangan
urang Amalek. Isukan Bapa rek nangtung di
luhur pasir nyekel iteuk anu ku PANGERAN
dipiwarang dibabawa ku Bapa."
10 Yosua kaluar ngayonan urang Amalek,
ngalampahkeun parentah Musa. Ari Musa
unggah ka puncak pasir jeung Harun jeung
Hur.
11 Geus kitu lamun Musa ngacungkeun
panangan, urang Amalek perangna kadeseh,
lamun Musa nurunkeun panangan, urang
Israil anu kadeseh.
12 Lila-lila panangan Musa cangkeweng
ngacung bae. Ku Harun jeung Hur
dipangneangankeun batu tuluy sina calik,
sarta pananganana ditanggeuy ku duaan
supaya ulah ngulapes. Kitu bae nepi ka surup
panonpoe,

13 nepi ka perang teh Yosua anu unggul,
urang Amalek eleh bebeakan.
14 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Ieu kaunggulan catet supaya henteu
kapopohokeun. Bejakeun ka Yosua, eta urang
Amalek ku Kami rek dielehkeun sama sakali."
15 Musa ngadegkeun hiji altar, dingaranan
"PANGERAN bandera kuring".
16 Saurna, "Tanjeurkeun terus bandera
PANGERAN! PANGERAN bakal merangan
urang Amalek sapapanjangna!"
18 1 Yitro, imam di Midian mertuana Musa,
geus meunang warta hal dadamelan
Allah nulungan Musa jeung bangsa Israil
waktu ku Mantenna dicandak kaluar ti Mesir.
2 Anjeunna ngalayad ka Musa, nyandak
Sipora, garwa Musa anu dikantun di Midian.
3 Dua putra Musa oge, Gersom jeung Elieser
dicandak. (Putra Musa nu hiji dingaranan
Gersom, sabab saurna bareto, "Aing teh
jalma ngumbara di lembur batur."
4 Nu hiji deui nu matak dingaranan Elieser
lantaran saurna bareto, "Aing salamet ti
raja anu ngarah pati, diluputkeun ku Allah
panutan bapa aing.")
5 Yitro geus sumping ka gurun keusik
jeung garwa Musa katut dua putrana ka
pasanggrahan Musa di gunung karamat.
6 Yitro ngiberan ka Musa ngawartosan yen
sumping.

7 Musa mapagkeun, geus tepung cong
nyembah ka mertua tuluy ngarangkul.
Sanggeus silih taros damang henteuna tuluy
arangkat ka kemah Musa.
8 Musa ka mertuana nyarioskeun sakur anu
dipidamel ku PANGERAN ka raja jeung ka
urang Mesir waktu ngaluputkeun urang Israil.
Kabalangsakan urang Israil di jalan jeung
hal ditulunganana ku PANGERAN, eta oge
dicarioskeun.
9 Yitro milu bungah,
10 sarta saurna, "Sagala puji ka PANGERAN,
anu geus ngarahayukeun hidep tina ancaman
raja jeung urang Mesir! Sagala puji ka
PANGERAN anu geus ngajait umat-Na ti anu
neungteuinganan!
11 Ama jadi terang, PANGERAN teh
estu pinunjul ti sakabeh batara, iasa
ngaleupaskeun urang Israil ti urang Mesir anu
sakitu neungteuinganana."
12 Geus kitu Yitro nyanggakeun kurban ka
Allah, diduruk kabeh, kitu deui kurban-kurban
sejenna. Harun jeung sakabeh pamingpin
Israil calik ka anjeunna, ngajalankeun
upacara ibadah, ngariung tuang eta jamuan
suci.
13 Poe isukna Musa calik mutus perkara
jalma rea, teu liren-liren ti isuk nepi ka burit.
14 Ningali Musa sakitu repotna Yitro mariksa,
"Jang naon hidep mayunan eta jalma-jalma
teh? Sareng naha mung nyalira bae mayunan

jalmi-jalmi sina narangtung ti enjing-enjing nepi ka burit?"
15 Waler Musa, "Abdi kedah kitu. Margi jalmi-jalmi darongkap ka abdi haroyongeun terang hal pangersa Allah.
16 Upami aya anu padu, dongkapna ka abdi. Abdi anu mutus mana anu lepatna, mana anu leres. Salajengna dipaparin terang pikukuh sareng papakon Allah."
17 Saur Yitro, "Carana sanes kitu,
18 matak ripuh sarerea. Hidep cape, jalma rea cape. Keur hidep ge beurat teuing.
19 Ama seja mituahan, sareng mugia Allah nyarengan ka hidep. Leres hidep kedah ngawakilan jalma rea ka payuneun Allah sareng mutus perkarana.
20 Hidep kudu ngajarkeun pikukuh-pikukuh Allah ka maranehanana, ngajarkeun lakuning hirup sareng nuduhan pilampaheunana.
21 Nanging kajabi ti kitu teh hidep kedah milih jalma-jalma anu cakep, jenengkeun kapala anu nyangking jalmi sarebuan, nu saratusan, nu lima puluhan, sareng nu sapuluhan. Nu dipilih kedah jalmi-jalmi anu garaduh kasieun ku Allah, tiasa dipercaya, tahan ku pangruruba.
22 Bakukeun jadi hakim-hakim rahayat. Perkara-perkara anu karasana ku maranehna beurat, sina diteruskeun ka hidep, anu arenteng sina diputus ku maranehna bae. Hal

ieu tangtos matak enteng ka hidep lantaran
pada ngarojong.
23 Upami diatur kitu nanging kitu soteh
upami sapagodos sareng timbalan Allah
hidep moal ripuh teuing, tur jalma-jalma
oge perkarana tiasa kalayanan sadayana,
warangsulna sarugema."
24 Pituah Yitro ku Musa ditampi.
25 Anjeunna milih jalma-jalma anu cakep
ti bangsa Israil, diangkat jaradi kapala
anu nyangking sarebuan, saratusan, lima
puluhan, jeung sapuluhan,
26 jadi hakim-hakim rahayat anu baku.
Perkara-perkara anu beurat diteruskeun ka
Musa, anu babari diputus ku maranehna bae.
27 Geus kitu Yitro mulih ka Midian,
dipileuleuyankeun ku Musa.
19 1 (19:1-2) Ti Repidim urang Israil
arindit deui. Dina tanggal hiji bulan
katilu ti sanggeus kaluar ti Mesir, narepi ka
Gunung Sinai, tuluy masanggrahan di gurun
keusik Sinai.
2 (19:1)
3 Musa unggah ka eta gunung seja
ngadeuheusan ka Allah. PANGERAN ngandika
ka anjeunna ti luhur gunung, miwarang
supaya anjeunna misaur kieu ka urang Israil,
turunan Yakub,
4 "Maraneh geus narenjo anu ku Kami,
PANGERAN, dijalankeun ka urang Mesir,
geus nyaraho petaning Kami mawa maraneh

lir galudra anu mawa hiber anakna dina
jangjangna, nepi ka dieu ka payuneun Kami.
5 Lamun maraneh narurut kana perjangjian
Kami, tanwande bakal jadi umat Kami pribadi.
Jagat saeusina memang kagungan Kami,
ngan ari maraneh mah ku Kami diunculkeun
6 geusan jadi milik Kami, dijadikeun
imam-imam anu ngabarakti ka Kami."
7 Musa lungsur ti gunung, ngumpulkeun
kapala-kapala. Sakur timbalan PANGERAN ka
anjeunna tea disaurkeun.
8 Jalma-jalma narembalan, "Sagala timbalan
PANGERAN bakal diestokeun." Ku Musa tuluy
diunjukkeun ka PANGERAN.
9 PANGERAN nimbalan ka Musa, "Kami rek
datang ka maneh dina mega kandel, rek
cacarios jeung maneh, sina kadarengeeun
ku jalma rea, supaya ti ayeuna maranehna
palercayaeun ka maneh." Jawaban
jalma-jalma tea ku Musa diunjukkeun ka
PANGERAN,
10 sarta Mantenna ngadawuh, "Bejaan
jalma-jalma, poe ieu jeung isukan kudu
dipake susuci geusan ngabakti. Parentahkeun
sina nyareuseuh papakean,
11 pakeeun pageto. Pageto Kami rek lungsur
ka ieu Gunung Sinai, bakal tembong ku jalma
rea.
12 Turut-turut sisi ieu gunung kudu
diwatesan, teu meunang diliwatan. Omat-
omatkeun supaya jalma-jalma ulah unggah

ka ieu gunung, ulah deukeut-deukeut acan.
Sing saha anu liwat tina eta wates kudu
dipaehan,
13 baledogan ku batu atawa dijamparingan,
awakna teu meunangkacabak. Boh jalma
boh sato kudu dikitukeun, misti dipaehan.
Lamun geus aya tangara tarompet, kakara
maranehna meunang arunggah."
14 Musa lungsur ti gunung, ngawartosan
jalma-jalma sina sasadiaan pikeun ngabakti.
Prak jalma-jalma nyareuseuh papakean.
15 Ti dinya Musa ngalahir, "Pageto maraneh
kudu geus tarapti. Jeung sajero waktu kitu
teu meunang sapatemon heula."
16 Dina poe pagetona isuk-isuk aya kilat
ngajorelat dituturkeun ku sora gugur
ngageleger. Pucunghul di luhur gunung
aya mega angkeub ngabelegbeg, sengek
aya sora tarompet tarik pisan. Jalma-
jalma sapasanggrahan mani kokoplokan
sarieuneun.
17 Tuluy ku Musa dijejeran kaluar ti
pasanggrahan rek dicandak marek ka Allah.
Reg ngarandeg heula deukeut suku gunung.
18 Gunung Sinai buni kabulen ku haseup,
sabab PANGERAN lungsurna ka dinya teh dina
seuneu hurung, haseupna ngabulak-bulak
kawas haseup tina tungku gede. Jalma-jalma
ngagaleter awakna sarieuneun beak karep.

19 Sora tarompet beuki tarik, beuki tarik. Pok
Musa miunjuk, diwaler ku Allah ku sora gugur
ngageleger.
20 PANGERAN lungsur ka puncak Gunung
Sinai, tuluy ngagentraan ka Musa. Seug Musa
unggah ka puncak.
21 PANGERAN nimbalan ka anjeunna, "Turun
heula, jalma-jalma elingan ulah liwat tina
kalang dumeh harayang nenjo Kami, sabab
tangtu bakal loba anu paraeh.
22 Kajeun para imam, memeh ngadareuheus
ka Kami teh kudu susuci heula, bisi ku Kami
disamber."
23 Piunjuk Musa, "Sumuhun, jalmi-jalmi
moal warantuneun ngaliwat tina wates pedah
harayang ningal ka Gusti, reh ku Gusti
parantos diemutan yen ieu gunung kedah
diwatesan sareng disucikeun."
24 Waler PANGERAN, "Geura jut mudun,
jeung Harun bawa ka dieu. Para imam jeung
jalma lianna pacuan liwat tina wates, ulah
naranjak harayang teges ka Kami, supaya ku
Kami henteu disamber."
25 Musa mudun, ngawartoskeun timbalan
PANGERAN ka jalma rea.
20 1 Ti dinya Allah nimbalan, kieu
timbalana-Na,
2 "Kami teh PANGERAN Allah maraneh,
anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir tempat
maraneh dibudakkeun.
3 Ulah ngabakti ka aallahan salian ti ka Kami.

4 Ulah nyieun titironan saniskara anu
aya di langit, atawa di bumi, atawa di cai
sahandapeun bumi.
5 Poma ulah nyembah atawa ngabakti
ka brahala. Sabab ieu Kami, PANGERAN
Allah maraneh. Kami moal aya hampura ka
sakur anu ngalawan. Kami bakal nyiksa ka
sakur anu mikagiruk ka Kami, kitu deui ka
turunanana, nepi ka turunan katilu jeung
kaopat.
6 Sabalikna bakal mikaasih ka rebuan
turunan, ka sakur anu mikanyaah ka Kami
sarta ngestokeun hukum-hukum Kami.
7 Ulah nyebut jenengan Kami geusan
teu puguh, sabab Kami, PANGERAN Allah
maraneh, moal henteu nyiksa ka sakur anu
nyumahkeun jenengan Kami.
8 Masing gumati kana poe Sabat, kudu
disucikeun salalawasna.
9 Aya genep poe pikeun maraneh barang
gawe,
10 ari poe nu katujuh eta teh poe reureuh,
poe kagungan Kami. Dina poe eta ulah aya
anu digawe, boh maraneh, boh anak, boh
badega, boh sato, nya kitu keneh jalma asing
anu ngadon hirup di nagri maraneh.
11 Di jero genep poe Kami PANGERAN
ngadamel bumi, langit, laut, jeung saniskara
eusina. Dina poe nu katujuh Kami reureuh.
Ku sabab kitu poe Sabat diberkahan jeung
disucikeun ku Kami, PANGERAN.

12 Masing hormat ka bapa jeung ka indung,
supaya awet nya hirup di tanah anu rek
dipaparinkeun ku Kami.
13 Ulah maehan.
14 Ulah ngaranyed.
15 Ulah maling.
16 Ulah jadi saksi palsu.
17 Ulah mikahayang imah batur; ulah
mikahayang pamajikan batur, atawa
mikahayang badegana, sapina, kaldena,
atawa naon bae sakur nu jadi milik batur."
18 Sanggeus jalma-jalma ngadarenge sora
tarompet jeung narenjo kilat kitu deui
gunung anu kabulen ku haseup, kacida
sarieuneunana, terus ngarejat narangtung ti
kajauhan bari tingdaregdeg.
19 Pok arunjukan ka Musa, "Kuring sadaya
teu wantun nguping pangandika Allah,
tangtos paraeh. Pangandika-Na lahirkeun ku
Bapa bae, tangtos diestokeun."
20 Waler Musa, "Tong sarieun. Allah ngan rek
ngadoja ka maraneh, jeung supaya maraneh
salalawasna boga kasieun ku Mantenna, nepi
ka moal marigawe dosa."
21 Tapi maranehna marugen, narangtung
bae ti kajauhan. Seug Musa angkat nyalira,
nyaketan mega angkeub anu dilinggihan ku
Allah.
22 PANGERAN nimbalan ka Musa, miwarang
nyaurkeun kieu ka urang Israil, "Maraneh

nyaho yen Kami PANGERAN ngandika ka
maraneh ti sawarga.
23 Ulah nyieun sesembahan gaganti Kami,
boh tina perak boh tina emas.
24 Kudu nyieun hiji altar tina taneuh pikeun
Kami, paragi maraneh ngurbankeun domba
jeung sapi anu kudu diduruk kabeh jeung
geusan kurban panarima. Kami bakal
sumping ka saban tempat anu ku Kami
ditangtukeun pikeun tempat ngabakti ka
Kami, rek ngaberkahan ka maraneh.
25 Upama rek nyieun altar batu, batuna teu
meunang aya anu dibeulah. Sabab lamun
batuna kaungkulan ku pahat, nista pikeun
Kami.
26 Jeung altarna teu meunang make
hambalan paranti mancat, bisi ana maraneh
mancat ka dinya heug tembong orat."
21 1 "Bikeun ieu papakon ka urang Israil:
2 Lamun maraneh meuli jelema
bangsa Ibrani pikeun jadi badega, eta jelema
ngabadegana kudu genep taun. Dina taun
katujuhna kudu dimerdikakeun, teu kudu
mayar naon-naon.
3 Lamun keur waktu dibeulina tacan kawin,
kaluarna kudu mawa dirina bae. Tapi lamun
keur dibeulina geus boga pamajikan, kudu
dimerdikakeun jeung pamajikanana.
4 Lamun bogana pamajikan teh dikawinkeun
ku dununganana, sarta boga anak awewe

lalaki, anu dimerdikakeun teh manehna bae,
anak pamajikanana mah boga dununganana.
5 Tapi lamun eta badega teh nyebutkeun
nyaah ka dununganana, pamajikanana
jeung ka anak-anakna sarta embungeun
dibebaskeun,
6 ku dununganana kudu dibawa ka tempat
paranti ngabakti, tekenkeun ceulina kana
panto atawa kana tihangna tuluy tiir, tanda
yen jadi badega dununganana saumur hirup.
7 Badega awewe anu dijual ku kolotna ulah
dibebaskeun, teu cara badega lalaki.
8 Lamun dijualna terus dipibojo ku
dununganana, upama dununganana geus teu
resepeun, kudu dijual deui ka bapana, teu
meunang dijual ka jalma sejen, sabab ari kitu
mah neungteuinganan.
9 Lamun aya anu meuli badega awewe seug
dijodokeun ka anakna, hakna eta badega
kudu disaruakeun jeung anakna anu awewe.
10 Anu enggeus boga pamajikan, lamun
boga pamajikan hiji deui, hak pamajikanana
anu kahiji kitu deui sandang panganna,
teu meunang kurang, kudu angger saperti
samemehna.
11 Lamun eta kawajiban teu dicumponan,
pamajikanana kudu dibebaskeun, sarta
salakina teu meunang nyieun parurugi
naon-naon."
12 "Anu ngarogahala nepi ka paeh kudu
dipaehan.

13 Tapi lamun maehanana teh geus tariking
cilaka, lain ku karana niat, kudu kabur ka
hiji tempat. Pitempateunana ku Kami bakal
diayakeun.
14 Sabalikna lamun maehanana ku karana
amarah atawa neuteuli, sanajan kabur kana
altar Kami kudu dipaehan.
15 Anu neunggeul ka bapa atawa ka indung
kudu dipaehan.
16 Anu nyulik, boh keur jualeun boh keur
badega sorangan, kudu dipaehan.
17 Anu nyumpahan ka bapa atawa ka indung
kudu dipaehan.
18 (21:18-19) Lamun aya anu gelut, pek
anu saurang neunggeul make batu atawa
nonjok lawanna, teu nepi ka paeh ngan
nepi ka matak ngalonjor di enggon, jeung
bisaeun deui leuleumpangan di luar sanajan
bari kundang iteuk, anu neunggeulna henteu
manjing disiksa, tapi kudu ngurus jeung kudu
ngongkosan diubaranana nepi ka cageurna.
19 (21:18)
20 Lamun aya dunungan neunggeul make
panggebug ka badega lalaki atawa ka badega
awewe nepi ka paeh di dinya keneh, pasti
kudu dibales.
21 Lamun badegana tea hirup keneh nepi ka
tilu poe, dununganana teu kudu dibales, da
eta badega teh duitna.
22 Upama aya anu garelut sababaraha urang,
heug anu saurang neunggeulna teh kalepasan

keuna ka wanita anu eukeur kakandungan
nepi ka kakandunganana kaluron, lamun
awewena teu nepi ka kumaonam, nu
kalepasan neunggeulna kudu didengda,
sapamenta salakina kudu ditedunan, sarta
mayarna kudu disaksian ku nu wajib.
23 Sabalikna lamun awewena nepi ka
kumaonam, anu kalepasan neunggeul teh
katempuhan: Nyawa bayar nyawa,
24 mata bayar mata, huntu bayar huntu,
leungeun bayar leungeun, suku bayar suku,
25 tutung bayar tutung, bohak bayar bohak,
benjut bayar benjut.
26 Lamun dunungan neunggeul kana panon
badega anu lalaki atawa anu awewe, nepi
ka panonna teu bisa dipake, badegana kudu
dimerdikakeun, gaganti panonna.
27 Atawa upama neunggeulna kana huntu
nepi ka punglak, badegana tea kudu
dimerdikakeun, gaganti huntuna."
28 "Lamun sapi hiji jelema neunggar jelema
sejen nepi ka jelemana paeh, sapina kudu
dipaehan, benturan ku batu, dagingna teu
meunang didahar. Anu bogana kudu dihukum.
29 Tapi lamun sapina memang galak sok
teuteunggar bae, jeung nu bogana teu
beunang diingetan, sapina diantep dikencar
nepi ka neunggar jelema datang ka paeh,
sapina kudu dipaehan, benturan ku batu, nu
bogana ge kudu dipaehan.

30 Tapi upama anu bogana dimeunangkeun
nebus nyawana sorangan, nya kudu mayar
sakumaha gedena oge.
31 Upama neunggarna ka budak, lalaki atawa
awewe, katangtuan hukumna sarua jeung
eta.
32 Lamun neunggarna ka badega, lalaki
atawa awewe, nu boga eta sapi kudu mayar
ka dunungan eta badega tilu puluh uang
perak, sapina paehan.
33 Upama aya sapi tigebrus kana lombang
lantaran tutup lombangna aya anu ngangkat,
atawa lantaran aya anu nyieun lombang teu
ditutupan,
34 anu boga gawena kudu ngagantian ku duit
ka nu bogana, sapi paehna meunang dicokot
ku manehna.
35 Lamun sapi si Anu neunggar sapi batur
nepi ka paeh, sapi anu hirup keneh kudu
dijual ku duaan, duitna bagi dua, sapi paehna
peuncit, dagingna bagi dua.
36 Tapi lamun sapi anu maehanana tea
memang harak ka nu sejen jeung ku nu
bogana diantep bae dikencar, kudu dibikeun
ka anu paeh sapina, sapi paehna ajang
manehna."
22 1 "Jelema anu maling sapi atawa
domba heug dipeuncit atawa dijual,
kudu ngagantian, sapi hiji gantina lima,
domba hiji gantina opat.

2 (22:2-4) Pasti nu maling mah kudu ngagantian barang anu dipalingna. Lamun jinisna taya kaboga, dirina kudu dijual jadi badega, keur mayar nu dipalingna. Lamun sato anu dipalingna kapanggih aya keneh di manehna, boh sapi boh kalde atawa domba tur hirup keneh, kudu ngagantianana teh dua kana hiji. Bangsat anu kacerek keur ngabobok imah ti peuting terus dipaehan, anu maehanana teu kaasup maehan. Tapi lamun kajadianana ti beurang, anu maehanana manjing hukum maehan.
3 (22:2)
4 (22:2)
5 Lamun aya sapi diabur asup ka kebon batur, upamana ka lahan anggur, terus ngaranjah pepelakanana, dunungan eta sato kudu ngaganti ku hasil tina lahanna sorangan, atawa tina hasil kebon anggurna.
6 Lamun aya jelema ngadurukan dina lahanna heug seuneuna ngarambat kana jukut anu aya di kebon batur, nepi ka ngahuru pelak gandumna anu keur jadi, atawa ngahuru tumpukan gandumna beunang mibuatan, anu ngadurukanana kudu ngaganti anu ruksak ku seuneu tea.
7 Jalma anu katitipan duit atawa barang-barang mahal lianna, lamun heug eta titipan aya anu maling ti imahna, lamun bangsatna kapanggih, eta bangsat kudu ngaganti dua kalieun.

8 Lamun bangsatna henteu kapanggih,
jelema anu dititipan eta duit atawa barang
mahal tea kudu dibawa ka tempat ngabakti,
sina sumpah di dinya yen manehna henteu
maling barang titipan batur.
9 Lamun aya dua jelema hoghag parebut
banda, silih aku yen eta banda teh anuna,
naha sapi, naha kalde, domba, pakean,
atawa naon bae, duanana kudu dibawa ka
tempat ngabakti. Mana-mana anu ku Allah
disalahkeun kudu ngaganti dua kalieun ka nu
saurang deui.
10 Jalma anu katitipan ingon-ingon, kalde,
sapi, domba atawa salian ti eta, heug eta
sato paeh atawa cilaka atawa aya anu
ngarampog, sarta waktu kajadianana euweuh
anu nyahoeun,
11 eta jelema kudu sumpah ka PANGERAN di
tempat ngabakti yen teu maling eta titipan.
Anu bogana kudu tarima, anu dititipanana
teu kudu ngaganti.
12 Sabalikna lamun tetela manehna anu
malingna, kudu ngaganti.
13 Upama titipan tea dihakan ku sato
leuweung, sesa bangkena kudu dituduhkeun
pikeun bukti ka nu boga, teu kudu ngaganti.
14 Lamun aya jelema nginjeum sato batur
heug satona paeh atawa cilaka, teu kasaksian
ku nu bogana, kudu ngagantian.
15 Kajaba lamun dina waktu kajadianana
kasaksian ku nu bogana, teu kudu ngagantian.

Lamun eta sato teh disewa, najan lapur oge
bakal kabual ku harga sewaanana."
16 "Upamana, aya lalaki ngaheureuyan
parawan anu tacan babakalan, terus reujeung
sapatemon. Eta lalaki kudu mayar mas kawin
kontan, awewena kudu terus dikawin.
17 Upama bapa awewena teu mikeun anakna
dikawin, eta lalaki tetep kudu mayar mas
kawin sakumaha mas kawin ka parawan.
18 Awewe anu migawe sihir kudu dipaehan.
19 Jalma anu ngajima sato kudu dipaehan.
20 Jalma anu ngurban ka aallahan ongkoh ka
Kami ongkoh, kudu dibasmi.
21 Ulah neungteuinganan atawa ngagencet
ka jelema anu ngumbara, da maraneh oge
kungsi ngumbara di Mesir.
22 Ulah nyusuker ka randa atawa ka nu
pahatu.
23 Upama maraneh nyusuker, seug
maranehna sasambat menta tulung ka Kami,
tangtu ku Kami dimakbul,
24 tur Kami tangtu bendu datang ka maraneh
ku Kami disina paeh ku perang, pamajikan
jadi randa, anak jadi yatim.
25 Lamun nginjeumkeun duit ka umat
Kami anu kabalangsak, ulah kawas tukang
nginjeumkeun, ulah make dianakan.
26 Upama maraneh nyekel gadean baju batur,
memeh surup panonpoe kudu dipulangkeun
heula,

27 karana bajuna ngan eta-etana
paranti ngahaneutan awakna. Upama teu
dipulangkeun heula heesna make naon?
Lamun manehna sasambat menta tulung ka
Kami pasti ku Kami dimakbul, sabab Kami
welas asih.
28 Ulah ngagogoreng ka Allah, jeung ulah
nyumpahan para gegeden pamingpin rahayat.
29 Hasil kebon maraneh, gandum, cianggur,
minyak jetun, kudu aya anu dibaktikeun ka
Kami, jeung ulah diengke-engke. Anak cikal
maraneh baktikeun ka Kami.
30 Baktikeun ka Kami cikal ingon-ingon
maraneh sapi jeung domba. Cikal jaluna
ingkeun heula di indungna tujuh poe, dina
kadalapan poena sanggakeun ka Kami.
31 Ku sabab maraneh teh umat Kami,
maraneh teu meunang ngadahar daging sato
anu paeh ku sato leuweung. Parabkeun bae
ka anjing."
23 1 "Ulah ngaliarkeun beja teu puguh.
Ulah daek biluk ka nu salah, nyimbutan
kasalahanana.
2 Ulah tuturut ka jalma rea anu marigawe
kasalahan, atawa lamun maranehna
nyerongkeun urusan jeung kaadilan.
3 Nguruskeun perkara jelema anu malarat
ulah beurat sabeulah.
4 Upama maraneh pareng nenjo sapi
atawa kalde musuh leupas ka mana-mana
pangnewakkeun, anteurkeun ka nu bogana.

5 Upama kalde musuh maneh tea ngudupruk
ku momotanana, bantuan ngahudangkeun,
ulah api lain.
6 Upama aya jalma malarat datang ka
pangadilan ngunjukkeun urusanana,
uruskeun sakumaha mistina, ulah nyimpang
tina kaadilan.
7 Ulah nyieun panuding palsu nepi ka anu
teu salah meunang hukum pati. Kalakuan kitu
kacida jahatna, ku Kami pasti disapa.
8 Ulah beunang ku pangruruba, sabab
pangruruba teh sok ngalolongkeun rasa
bebeneran, ngaruntuhkeun hak nu tanpa
dosa.
9 Ulah neungteuinganan ka jelema anu
ngumbara, da maraneh oge kungsi ngumbara
di Mesir, nyaho kumaha rasana jalma
ngumbara."
10 "Lahan dipelakanana genep taun genep
taun, hasilna kumpulkeun.
11 Dina katujuh taunna lahan kudu
diperekeun sarta tutuwuhanana ulah diala,
nu kitu mah keur bagian anu mariskin, ari
sesa ngalaan anu mariskin keur bagian sato
leuweung. Pon kitu keneh kebon anggur
jeung kebon jetun.
12 Barang gawe kudu genep poe genep poe
bae, supaya badega-badega jeung anu karuli
di maneh nyareunghap heula. Malah sasatoan
oge kudu direureuhkeun.

13 Gumatikeun ieu timbalan Kami,
PANGERAN. Jeung maraneh ulah neneda ka
allah-allah sejen, ulah nyambat-nyambat
acan ngaranna."
14 "Tilu kali dina sataun maraneh kudu
ngayakeun pesta pikeun ngamulyakeun ka
Kami.
15 Kahiji dina bulan Abib, nya eta bulan
maraneh ninggalkeun Mesir, kudu ngayakeun
Pesta Roti Teu Make Ragi sakumaha anu ku
Kami diandikakeun tea, lilana tujuh poe.
Sapanjang pesta maraneh teu meunang
dalahar roti anu make ragi. Maraneh ngabakti
ka Kami teh teu meunang lengoh.
16 Pesta kadua nya eta Pesta Panen,
dilampahkeunana waktu mitembeyan
panen. Pesta katilu nya eta Pesta Saung,
dilampahkeunana dina usum ngala buah
anggur jeung bubuahan lianna.
17 Dina eta pesta anu tilu rupa, sakabeh
lalaki kudu ngadareuheus jeung ngabarakti
ka Kami, PANGERAN Allah maraneh. Kitu bae
unggal-unggal taun.
18 Lamun maraneh ngurbankeun sato ka
Kami, rotina teu meunang nu make ragi.
Jeung sato-sato nu dikurbankeun ka Kami
sapanjang pesta, gajihna teu meunang nyesa
nepi ka isuk.
19 Unggal-unggal taun, hasil lahan maraneh
anu diala pangheulana kudu dibaktikeun
ka gedong panglinggihan PANGERAN Allah

maraneh. Ngulub daging anak domba atawa
anak embe teu meunang ku cisusu indungna."
20 "Kami rek miwarang hiji malaikat heulaeun
maraneh, sina ngaraksa di jalan nepi ka
datang ka tempat beunang Kami nyadiakeun.
21 Sing hade-hade, naon parentahna turut,
ulah baha, sabab eta piwarangan Kami.
Lamun dilawan moal aya hampurana.
22 Sabalikna lamun maraneh nurut kana
parentahna sarta ngalakonan sagala timbalan
Kami, ieu Kami anu bakal merangan
musuh-musuh maraneh.
23 Malaikat Kami bakal aya di hareup
heulaeun maraneh mawa asup ka tanahna
urang Emor, urang Het, urang Pares, urang
Kanaan, urang Hiwi, jeung urang Yebus. Eta
bangsa-bangsa ku Kami bakal dibasmi.
24 Pacuan maraneh nyembah atawa ngabakti
ka allah-allah maranehna, jeung ulah nurutan
tata ibadahna. Aallahan-aallahanana basmi,
pilar-pilar batu karamatna gempur.
25 Upama maraneh ngabarakti ka Kami,
PANGERAN Allah maraneh, tanwande
diberkahan, dicukup dahareun dicukup cai,
jeung lamun katerap ku kasakit, Kami nu
bakal ngaleungitkeun panyakitna.
26 Di tanah tempat maraneh moal aya awewe
kaluron, moal aya anu gabug, jeung maraneh
bakal dipanjangkeun umur.
27 Bangsa-bangsa lawan maraneh rek disina
ngompod sarieuneun ka Kami. Bangsa anu

merangan ka maraneh rek disina guyur
tagiwur, musuh-musuh sina kalabur.
28 Musuh-musuh maraneh ku Kami rek disina
garugup. Urang Hiwi, urang Kanaan jeung
urang Het, ana ku maraneh geus dijorag
ku Kami rek dijongklok-jongklokkeun sina
nyaringkah.
29 Tapi disingkahkeunana moal disakalikeun
di jero sataun, sabab lamun kitu tanahna
bakal suwung jeung diareusian ku sato-sato
galak, tangtu matak susah ka maraneh.
30 Diusiranana rek ditungtut saeutik-saeutik,
nepi ka maraneh cukup waktu pikeun
ngarebut tanahna.
31 Wawatesan tanah maraneh nya eta ti
semet Teluk Akaba kebat ka Walungan Eprat,
jeung ti semet basisir Laut Tengah nepi ka
gurun. Upama ku maraneh geus dijorag,
pribumina ku Kami rek disina kadeseh ku
maraneh datang ka kalalabur.
32 Maraneh ulah nyieun perjangjian
naon-naon ka maranehna, sumawonna ka
allah-allah sesembahanana.
33 Ulah dibere cicing di nagara maraneh,
supaya ulah jadi lantaran maraneh migawe
dosa ka Kami. Lamun maraneh ngabakti ka
allah-allah sesembahanana, geus tangtu
maraneh kajiret terus carilaka."
24 1 PANGERAN ngandika ka Musa,
"Maneh kudu ka puncak ngadeuheus
ka Kami, maneh, Harun, Nadab, Abihu, jeung

tujuh puluh kokolot Israil. Ti kajauhan keneh
kudu geus sarujud ka Kami.
2 Anu meunang datang deukeut ka Kami
ngan maneh sorangan, nu sejen teu meunang
kitu deui jalma loba teu meunang arunggah."
3 Eta timbalan jeung sakabeh aturan ti
PANGERAN teh ku Musa dicarioskeun ka jalma
rea. Maranehna ngajawab, "Sagala timbalan
PANGERAN seja diestokeun."
4 Ti dinya timbalan-timbalan PANGERAN
teh ku Musa diseratkeun. Isukna, isuk-isuk
pisan Musa ngadegkeun hiji altar di suku eta
gunung, jeung nangtungkeun batu dua welas
siki, masing-masing ngalambangkeun tiap
kaom Israil anu dua welas.
5 Geus kitu anjeunna miwarang barudak
bujang nyanggakeun kurban anu dibeuleum
haturan PANGERAN, jeung mareuncit sapi
sababaraha siki keur kurban panarima.
6 Getih sato-sato kurban ku Musa dicandak
saparona, diwadahan, anu saparona deui
dikana-altarkeun.
7 Sanggeus kitu anjeunna nyandak kitab
perjangjian anu eusina timbalan-timbalan
PANGERAN tea, tuluy diaoskeun ka jalma
rea. Pok maranehna miunjuk, "Kuring seja
tumut ka PANGERAN, sagala timbalana-Na
seja diestokeun."
8 Geus kitu Musa nyandak getih dina bokor
tea, tuluy dikepret-kepret ka jalma rea, bari
saurna, "Ieu getih ngukuhkeun perjangjian

anu dipidamel ku PANGERAN ka maraneh hal
sakabeh pangandika-Na anu bieu dibaca."
9 Ti dinya Musa, Harun, Nadab, Abihu, jeung
tujuh puluh urang kokolot Israil naranjak ka
gunung,
10 sarta aranjeunna naringal Allah Israil.
Sampean Mantenna kawas ngadampal ka nu
jiga lante tina batu nilem warna biru langit,
herang ngagenclang.
11 Eta para kapala Israil teh ku Allah henteu
dikieu-kieu, sarta sanggeus naringal Allah
aranjeunna dalahar leueut bareng.
12 PANGERAN nimbalan ka Musa, "Hiap ka
Kami, ka puncak. Sabot maneh di dieu ku
Kami rek diserenan dua papan batu anu
ditulisan ku pikukuh-pikukuh, anu kudu
ditarurut ku urang Israil, beunang Kami
nuliskeun."
13 Seug Musa sasadiaan jeung Yosua anu
ngabantu ka anjeunna, tuluy unggah ka eta
gunung anu suci.
14 Saur Musa ka para pamingpin, "Antosan
di pasanggrahan nepi ka kaula jeung
Yosua dongkap deui. Harun sareng Hur oge
ngantosan di dieu bae, upama aya anu boga
urusan sina datang ka aranjeunna."
15 Musa unggah ka Gunung Sinai, gunungna
tuluy diliputan ku mega.
16 (24:16-17) Gebrayna cahaya kamulyaan
PANGERAN nyinaran eta gunung. Tembongna
ka urang Israil eta cahaya teh kawas seuneu

hurung di puncak gunung. Eta gunung
kaliputan ku mega genep poe lilana. Dina
katujuh poena PANGERAN ngagentraan ka
Musa, nyaur ti jero mega.
17 (24:16)
18 Musa nanjak ka puncak eta gunung
nembus mega, sarta terus aya di dinya opat
puluh poe opat puluh peuting.
25 1 PANGERAN nimbalan ka Musa,
2 "Bejakeun ka urang Israil, kudu
marere pangbakti ka Kami. Tarimaan
barang-barangna ku maneh, naon bae anu
diridokeun ku maranehna,
3 nya eta: emas, perak, tambaga;
4 lenen lemes; wol biru, wol wungu, wol
beureum; baju tina bulu embe;
5 kulit domba jalu celepan beureum, kulit
lemes; kayu pilang;
6 minyak lampu; wawangian pikeun minyak
pangistrenan jeung pikeun seuseungitan anu
arum;
7 batu angkik jeung batu permata lianna
pikeun naretes epod jeung oto Panghulu
Agung.
8 Jeung kudu nyieun hiji kemah suci pikeun
Kami, sabab Kami rek linggih reureujeungan
jeung maranehna.
9 Jieun, lengkep jeung paparabotanana anu
engke ku Kami ditembongkeun contona ka
maneh."

10 "Jeung sina nyieun hiji peti tina kayu
pilang, panjangna 110 sentimeter, rubakna
66 sentimeter, luhurna 66 sentimeter.
11 Luar jerona kudu disaput ku emas murni,
sisi sakurilingna kudu dielis ku emas keneh.
12 Dina opat sukuna kudu diberean
geugeulangan emas sabeulahna dua-dua.
13 Jeung kudu nyieun rancatanana tina kayu
pilang disaput emas,
14 corokkeun kana geugeulangan eta peti,
sabeulahna hiji rancatan.
15 Rancatanana kudu diantep nyorok kana
geugeulanganana ulah dicabut-cabut.
16 Dua papan batu ti Kami anu ditulisan
papakon-papakon tea asupkeun kana eta
peti.
17 Jieun tutupna, panjangna 110 sentimeter,
rubakna 66 sentimeter.
18 Tuluy nyieun mumukarabinan dua siki tina
emas ketokan,
19 pasangkeun dina tutupna, sabeulahna
hiji-hiji. Masangkeunana kudu dihijikeun kana
tutup peti tea.
20 Eta mumukarabinan kudu pahareup-
hareup, beungeutna masing-masing
tungkulkeun kana tutup peti, jangjangna sina
meber ngauban petina.
21 Dua papan batu tea teundeun di jero eta
peti, tutupna terapkeun ti beulah luhur peti.
22 Nya di dinya Kami baris patepung jeung
maneh, ngandikakeun papakon-papakon

Kami pikeun urang Israil ti luhureun turub
pangrapih nya eta tutup peti tea, antara dua
mumukarabinan."
23 "Jeung kudu nyieun hiji meja tina kayu
pilang, panjangna 88 sentimeter, rubakna 44
sentimeter, jangkungna 66 sentimeter.
24 Kudu dilapis ku emas murni, sisi
sakurilingna kudu dielisan ku emas.
25 Titimbirna sakuriling rubakna 75 milimeter,
sisina kudu dielis ku emas.
26 Dina opat sukuna unggal juru kudu
diberean geulang emas hiji-hiji paranti
ngagotong eta meja.
27 Geulang-geulang paranti nyorokkeun
rancatan lamun eta meja rek digotong,
diterapkeunana kudu deukeut kana titimbir
mejana.
28 Rancatanana oge kudu ku kayu pilang
dilapis emas.
29 Tuluy nyieun piringna, cangkirna, kendina,
jeung pingganna paranti ngahaturanan
cianggur. Kabeh kudu tina emas tulen.
30 Eta meja diteundeunna kudu di hareupeun
Peti Perjangjian, sarta salawasna kudu dieusi
ku roti anu geus disucikeun pikeun Kami."
31 "Kudu nyieun suku palita tina emas
tulen. Tihang jeung dadamparna kudu emas
ketokan. Berean papaes anu direkakeun
kembang-kembang, lengkep katut kuncup
jeung daun kembangna, hijikeun kana
tihangna.

32 Tihangna kudu cabang genep, sabeulahna
tilu-tilu.
33 Unggal cabang kudu dihias ku tilu papaes
anu direkakeun kembang kanari, lengkep
katut kuncup jeung daun kembangna.
34 Tihangna oge kudu dihias ku opat papaes
anu direkakeun kembang kanari, lengkep
katut kuncup jeung daun kembangna.
35 Handapeun unggal cabang kenca katuhu,
masing-masing kudu diheuleutan ku papaes
anu direkakeun kembang sapentol.
36 Pentol-pentol kembangna, cabang-
cabangna, kitu deui tihang lampuna dijieunna
kudu tina emas ketokan tulen sarta asal tina
sagebleg.
37 Kudu nyieun palitana tujuh siki, pasang
dina cabang-cabangna, seungeut, caangna
ka hareupkeun.
38 Kudu nyieun cacapitna jeung tatadahna
tina emas tulen.
39 Emas pikeun nyieun eta suku palita katut
papaesna emas tulen, beuratna kudu tilu
puluh lima kilo.
40 Sing ati-ati, nyieunna kudu cocog teu
meunang mencog tina conto anu ku Kami
diterangkeun di gunung."
26 1 "Ari Kemah Suci, Kemah Tepangan
Kami, ti jerona kudu make reregan
sapuluh gebar tina lenen lemes anu digintir
tina wol biru, wungu, jeung beureum.

Rereganana kudu make sulaman-sulaman
anu direkakeun mukarabin.
2 Gebaranana kabeh saukuran, panjangna
12 meter, rubakna 2 meter.
3 Anu lima gebar sambung-sambungkeun,
jait sagebarkeun, pon kitu anu lima gebar
deui.
4 Kudu nyieun kakantet-kakantet tina lawon
biru, terapkeun kana tungtung-tungtung luar
tiap gebaran.
5 Gebaran kahiji kakantetna lima puluh,
nerapkeunana sing meneran kana lima puluh
kakantet dina gebaran kadua.
6 Dikantetkeunana kudu make kakantet tina
emas, lobana lima puluh siki.
7 Kemah pongpok kaler ti luhurna kudu
dikeput ku lawon tina bulu embe, sawelas
gebar,
8 masing-masing ukuranana kudu sarua,
panjangna 13 meter, rubakna 2 meter.
9 Anu lima gebar sambung-sambung, jait
sagebarkeun, pon kitu anu genep gebar deui.
Gebar anu kagenep tilep dua di lebah Kemah
bagian hareup.
10 Tungtung lambaran anu hiji dina sisina
kudu diberean lima puluh kakantet, kitu
keneh lambaran sejenna dina tungtung sisina
kudu diberean lima puluh kakantet.
11 Kudu nyieun lima puluh kakait tambaga,
tuluy terapkeun kana kakantet-kakantet

tea pikeun nyambungkeun supaya anu dua lambar teh jadi disalambarkeun.
12 Reregan anu sapotong deui gantungkeun dina tukangeun Kemah.
13 Leuleuwihna dina dua tungtung ka panjangna anu masing-masing 50 sentimeter, gantungkeun dina gigir Kemah dua beulahanana sina nutupan.
14 Kudu nyieun dua deui pikeun tutup pangluarna, hiji tina kulit domba jalu beunang ngabeureuman, hiji deui tina kulit anu lemes.
15 Pikeun Kemahna kudu nyieun papan-papan kayu pilang, sing lalempeng,
16 anu ukuranana masing-masing panjangna opat meter, rubakna 66 sentimeter,
17 sarta kudu make dua pupurus supaya bisa diranjing-ranjingkeun. Kabeh papan kudu dipupurusan.
18 Papan pikeun sisi kidul lobana dua puluh,
19 make dadampar opat puluh siki tina perak, sapapanna dua-dua pikeun nahan pupurusna.
20 Pikeun sisi kaler dua puluh papan,
21 dadampar perakna opat puluh, sapapanna dua-dua.
22 Pikeun sisi tukang beulah kulon genep papan.
23 Dina tiap juruna dua-dua papan.
24 Ieu papan-papan pojok dipasangna di handap kudu pasambung terus nepi ka luhur. Papan anu dua lambar anu ngawangun dua popojok, dijieunna kudu kitu.

25 Jadi kudu aya dalapan lambar papan,
katut genep belas dadampar perakna, unggal
papan dua-dua.
26 Kudu nyieun pikeun papalangna lima
welas siki tina kayu pilang, lima keur papalang
papan-papan Kemah sisi anu sabeulah,
27 lima keur papalang papan-papan sisi
anu sabeulah deui, lima deui keur papalang
papan-papan tukang beulah kulon.
28 Papalang panengah cicingna kudu
satengah tangtung papan jeung kudu kebat ti
tungtung nepi ka tungtung.
29 Papan-papanna kudu dilapis ku emas,
jeung kudu diberean geulang-geulang
tina emas keur imah papalang. Papalang-
papalangna oge kudu dilapis ku emas.
30 Jieun eta Kemah sing cocog jeung anu ku
Kami ditataan ka maneh di gunung.
31 Rereganana nyieun hiji deui, lenen anu
ditinun jeung benang wol warna biru, wungu,
jeung beureum, sarta kudu dihias ku sulaman
anu direkakeun mukarabin.
32 Eta reregan gantungkeun dina opat tihang
kayu pilang lapis emas anu dadamparna
perak, cocogkeun jeung kakait-kakaitna.
33 Dipernahkeunana handapeun jajaran
cacantel anu dina lalangit Kemah, kait-
kaitkeun rereganana kana eta. Peti
Perjangjian anu dieusi dua papan batu tea,
teundeun di tukangeun eta reregan. Gunana

eta reregan pikeun wates anu misahkeun
Kamar Suci ti Kamar Pangsucina.
34 Tutup pangrapihna pasang dina luhur Peti
Perjangjianana.
35 Ari meja tea diteundeunna kudu di luareun
Kamar Pangsucina, nyanghareup ka sisi kaler,
ari suku palita diteundeunna nyanghareup ka
sisi kidul.
36 Lawang asup ka jero Kemah kudu
ditetebengan ku reregan tina lenen lemes anu
ditinun jeung benang wol warna biru, wungu,
jeung beureum, dihias ku sulaman.
37 Rereganana kudu make lima tihang tina
kai pilang anu dilapis ku emas. Tatapakan
tihang-tihangna kudu ku tambaga."
27 1 "Kudu nyieun hiji altar tina kayu
pilang, pasagi, panjangna jeung
rubakna masing-masing 2,2 meter,
jangkungna 1,3 meter.
2 Dina opat juru luhurna kudu make
tatandukan dihijikeun kana altarna. Altar
katut tatandukanana saluluar kudu dilapis ku
tambaga.
3 Kudu nyieun dulangna pikeun wadah lebu,
sosodokna, bokor-bokor, garpuhna, jeung
piring-piringna pikeun wadah ruhak. Kabeh
dijieunna kudu ku tambaga.
4 Kudu nyieun panggarangan tina tambaga,
unggal juruna kudu diceulian keur cecekel
tina tambaga.

5 Teundeun eta panggarangan handapeun
biwir altar, beungeut luhurna kudu nepi ka
satengahna tina jangkungna altar.
6 Kudu nyieun rancatan altar tina kayu pilang
anu dilapis ku tambaga.
7 Corokkeun rancatanana kana ceuli altar
dua beulahanana lamun eta altar rek
dipindahkeun.
8 Altarna dijieunna ku papan
dikolowongkeun, sakumaha anu ku
Kami diterangkeun ka maneh di gunung."
9 "Kemah Tepangan Kami teh kudu make
palataran anu dikubeng ku reregan tina lenen
anu lemes. Panjang reregan palataran sisi
kidul kudu 44 meter,
10 dipasangna kana dua puluh tihang
tambaga anu masing-masing make
tatapakan tambaga. Kakait tihangna jeung
papalang-papalangna tina perak.
11 Latar sisi kaler oge sarua kudu kitu.
12 Reregan palataran sisi kulon panjangna
22 meter, tihangna sapuluh, tatapakanana
sapuluh.
13 Palataran sisi wetan, anu aya lawangna,
rubakna 22 meter.
14 (27:14-15) Reregan kenca katuhueun
lawangna masing-masing 6,6 meter, tihangna
tilu-tilu, tatapakanana tilu-tilu.
15 (27:14)
16 Reregan lawangna panjangna kudu 9
meter tina lenen lemes anu ditinun jeung

benang wol warna biru, wungu, jeung beureum, jeung kudu disulam, tihangna opat, tatapakanana opat.
17 Tihang-tihang anu ngurilingan palataran kudu disambungkeun ku papalang-papalang tina perak, kakait-kakaitna tina perak, tatapakan-tatapakanana tambaga.
18 Ukuran palataran panjangna kudu 44 meter, rubakna 22 meter, luhurna 2,2 meter. Rereganana kudu lenen lemes, tatapakanana tambaga.
19 Paparabotan anu dipake di jero Kemah, kitu deui pancuh-pancuh Kemah jeung pancuh-pancuh palataranana kabeh tambaga."
20 "Parentahkeun ka urang Israil kudu marere minyak jetun anu pangherangna, pikeun ngaminyakan palita di Kemah, supaya bisa diseungeut unggal peuting.
21 Eta palita di Kemah Tepangan Kami anu pernahna di luareun reregan hareupeun Peti Perjangjian, diseungeutna kudu ku Harun saanak-anak. Seungeut eta palita payuneun Kami, kudu hurung terus ti sore nepi ka isuk. Ieu kamistian kudu dijalankeun sapapanjangna ku urang Israil turun-tumurun."
28 1 "Harun, lanceuk maneh jeung anak-anakna, Nadab, Abihu, Elasar jeung Itamar, calukan. Pisahkeun ti urang

Israil sina jaradi imam purah ngawulaan Kami.
2 Harun lanceuk maneh kudu dipangnyieunkeun pakean imam, ciri pangkat jeung martabatna.
3 Calukan sakabeh tukang anu ku Kami geus dibere kaahlian, titah nyieun pakean pikeun Harun, supaya manehna bisa disucikeun jadi imam anu ngawulaan Kami.
4 Maranehna titah nyieun oto, epod, jubah, kameja songket, dastar, jeung solempang. Maranehna sina nyieun eta pakean imam pikeun Harun jeung anak-anakna lalaki, paranti ngimaman ngawulaan Kami.
5 Bahanna kudu wol warna biru, wungu jeung beureum, benang emas, jeung lenen lemes.
6 Bahan pikeun epod lawonna tina wol warna biru, wungu jeung beureum, benang emas jeung lenen lemes. Epodna kudu disulam.
7 Jeung kudu make tali taktak dua kenca katuhu,
8 kitu deui tali beulitkeuneun kana cangkeng, dua jeung kudu dirara, bahanna sarua jeung bahan epodna.
9 Nyokot batu permata dalima dua siki, ukir dina eta batu ngaran dua welas anak Yakub,
10 nungturun nurutkeun panta-panta umurna, hiji batu genep ngaran.
11 Percayakeun batu permata dalimana ka juru ukir permata sina diukiran ku ngaran

dua welas anak Yakub, tuluy sina dicangkok
ku emas.
12 Terapkeun dina tali epod anu kana taktak
pikeun ngalambangkeun dua welas kaom
Israil. Ku kituna ngaran maranehna teh
diemban dina taktak Harun, sangkan Kami
salawasna mikainget ka umat Kami.
13 Kudu nyieun cangkok emasna dua siki,
14 kitu deui rantayna dua tina emas dirara.
Batu-batu permata dalima cangkok emas tea
gantelkeun kana eta rantay."
15 "Pikeun Imam Agung kudu nyieun baju
oto, gunana pikeun nganyahokeun pangersa
PANGERAN. Bahanna sarua jeung bahan
epod, pon kitu sulamanana kudu sarua.
16 Potonganana kudu masagi jeung kudu
dirangkep. Panjangna jeung rubakna
masing-masing 22 sentimeter.
17 Taretes ku batu-batu permata opat
jajar. Permata jajaran kahiji: mirah dalima,
manikem koneng, batu dalima.
18 Permata jajaran kadua: jambrut, nilem
jeung inten.
19 Permata jajaran katilu: pirus, angkik,
kucubung.
20 Permata jajaran kaopat: ratna-campaka,
permata dalima jeung widuri pandan.
Batu-batu permatana kabeh kudu dicangkok
ku emas,

21 jeung dina permatana kudu diukiran ku
ngaran-ngaran anak Yakub, hiji permata hiji
ngaran, ngalambangkeun kaom-kaom Israil.
22 Kudu nyieun rantay tina emas murni
dirarakeun cara tali, pikeun oto.
23 Kudu nyieun dua ali-ali emas, tuluy
pasang dina dua tungtung oto beulah luhur,
24 sina ngagantel dina rantay emas anu dua
tea.
25 Tungtung rantay emas anu sabeulah deui
cantelkeun kana cangkok emas anu dina
taktak epod beulah hareup.
26 Nyieun deui dua ali emas anu kudu
diterapkeun dina tungtung-tungtung oto
beulah handap dina sisi jero luareun epod.
27 Nyieun deui dua ali emas, terapkeun dina
taktak epod kenca katuhu ti handap beulah
hareup deukeut kelinna, luhureun beubeur
epod.
28 Ali-ali oto tea beungkeutkeun kana ali-ali
epod ku pita biru, nepi ka otona bener
terapna luareun epod moal lesot.
29 Tiap-tiap Harun asup ka Kamar Suci, eta
oto anu make ngaran kaom-kaom Israil kudu
dipake, sangkan Kami PANGERAN salawasna
inget ka umat Kami.
30 Simpen dina eta oto palebah angen,
Urim jeung Tumim, supaya ana Harun asup
ka tempat Kami anu suci, eta dua barang
salawasna kabawa. Nya dina waktu-waktu
kitu eta oto teh kudu dipakena ku Harun

pikeun nganyahokeun pangersa Kami ka
urang Israil."
31 "Jeung kudu nyieun baju kurung pikeun di
luareun epod. Bahanna kudu wol warna biru;
32 ti luhurna liangan paragi ngasupkeun
sirah. Pinggiran liang beuheungna kudu
dikelin ku lawon tinun supaya ulah soeh.
33 (28:33-34) Kelin beulah handap
sakurilingna kudu diterapan dadalimaan
tina wol warna biru, wungu jeung beureum,
dipaselangkeun jeung genta-genta emas.
34 (28:33)
35 Ana Harun keur ngimaman eta baju kudu
dipake, supaya ari manehna asup ka tempat
Kami di Kamar Suci, kitu deui dina waktu
kaluarna, genta-gentana kadenge disarada,
supaya manehna ulah tiwas ku Kami.
36 Kudu nyieun hiji jamang emas murni,
ukiran ku kalimah Suci kangge PANGERAN.
37 Gantelkeun eta jamang dina dastar lebah
tarang ku pita biru.
38 Sina dipake ku Harun dina tarang
supaya barang-barang pangbakti ti urang
Israil ka Kami ku Kami ditarima, sanajan
upama urang Israil aya kasalahan dina hal
ngabaktikeunana.
39 Kamejana, dastarna, dijieunna tina lenen
lemes, kitu deui solempangna oge tina lenen
lemes jeung kudu dihias ku sulaman.
40 Pikeun anak-anakna kudu
dipangnyieunkeun kameja, solempang,

jeung kerepus, ciri pangkat jeung martabatna.
41 Sina diparake eta teh ku Harun, dulur maneh, jeung ku anak-anakna, tuluy jarenengkeun, minyakan ku minyak suci, jaradikeun imam purah ngawulaan kami.
42 Jeung deui Harun saanak-anakna kudu dipangnyieunkeun calana pondok ti semet cangkeng tepi ka pingping keur nutupan oratna.
43 Ana Harun, kitu deui anakna, asup ka Kemah Tepangan Kami nyampeurkeun altar pikeun ngimaman di Kamar Suci, eta calana salawasna kudu dipake supaya ku Kami teu dipaehan dumeh tembong oratna. Ieu jadi pikukuh pikeun Harun salalawasna, turun-tumurun."
29 1 "Pikeun kaperluan ngistrenan Harun jeung anak-anakna jadi imam, nya eta: Sapi jalu ngora hiji, domba jalu dua, kabeh ulah aya cacadna.
2 Jeung tipung tarigu anu panglemesna tapi ulah diragian, sawareh jieun roti anu make minyak jetun, sawareh deui jieun kueh-kueh sejen anu diulasan minyak jetun,
3 wadahan ku karanjang tuluy sanggakeun ka Kami jeung sapina jeung dombana.
4 Harun saanak-anakna bawa ka lawang Kemah Tepangan Kami. Ku maneh kudu dikucuran ku cai, mandi suci.

5 Dangdanan Harun ku pakean imam:
kameja, epod, baju kurung epod, oto,
beubeur.
6 Dastarna terapkeun. Jamang suci anu make
kalimah Suci kangge PANGERAN gantelkeun
dina dastarna.
7 Sirahna kucuran minyak suci ciri yen
diistrenan.
8 Anak-anakna pakeanan kameja,
9 solempang beulitkeun kana cangkengna,
pakekeun kerepusna. Kitu petana maneh
ngistrenan Harun jeung anak-anakna.
Maranehna saturunanana kudu jaradi imam
salalawasna, ngawulaan Kami.
10 Sapi tungtun ka hareupeun Kemah
Tepangan Kami. Harun jeung anak-anakna
sina narumpangkeun leungeun kana sirah eta
sapi.
11 Eta sapi peuncit di payuneun Pangeran di
hareupeun lawang Kemah.
12 Getihna sawareh kepret-kepret ku maneh
make ramo kana tatandukan altar. Getih
sesana tamplokkeun kabeh kana dasar liang
altar.
13 Gajihna anu mulen jeroan laanan, kitu
deui babagian ati anu panghadena jeung dua
giginjelna katut gajihna, beuleum dina altar
jadi kurban pikeun Kami.
14 Dagingna, kulitna, jeung peujitna, duruk
luareun pasanggrahan, jadi kurban pikeun
nebus dosa imam.

15 Domba cokot hiji, Harun jeung anak-
anakna sina narumpangkeun leungeun kana
sirah eta domba.
16 Peuncit dombana, getihna sawareh
kepret-kepret kana opat pongpok altar.
17 Dagingna recah; jeroan jeung pingping
tukang duanana kumbah, tuluy teundeun
luhureun sirahna jeung babagian sejenna,
18 beuleum kabeh dina altar jadi kurban
kadaharan. Seungitna eta kurban baris
kamanah ku Kami.
19 Domba anu hiji deui, domba pangistrenan,
cokot. Harun jeung anak-anakna sina
numpangkeun leungeun kana sirah eta
domba.
20 Peuncit dombana, getihna ulaskeun
saeutik kana daun ceuli Harun jeung kana
daun ceuli anak-anakna, nu katuhu, kana
indung leungeunna nu katuhu, jeung kana
indung sukuna nu katuhu. Getih sesana
siramkeun kana opat pongpok altar.
21 Getih anu dina altar cokot saeutik, jeung
minyak suci saeutik, kepretkeun ka Harun
jeung kana papakeanana, kitu deui ka
anak-anakna jeung kana pakeanana. Ku hal
eta Harun, anak-anakna, katut papakeanana
baris jadi suci pikeun Kami.
22 Domba tea laanan gajihna, gajih buntut,
gajih anu ngalampud jeroan, babagian ati
anu panghadena, giginjelna duanana katut
gajihna, jeung pingping tukang nu katuhu.

23 Eusi karanjang anu geus dibaktikeun ka
Kami tea cokot sarupa-sarupa hiji-hiji: roti
anu make minyak jetun hiji, anu teu make
minyak jetun hiji, kuehna hiji.
24 Teundeun kana dampal leungeun Harun
jeung anak-anakna, sarta ku maneh titah
sanggakeun ka Kami, jadi pangbakti anu
peryoga.
25 Cokot deui tuluy beuleum dina altar dina
luhur kurban beuleuman anu tadi, jadi kurban
kadaharan pikeun Kami. Angseuna eta kurban
bakal katarima ku Kami.
26 Dada domba jalu tea cokot, sanggakeun
ka Kami jadi pangbakti anu peryoga. Eta teh
bagian pikeun maneh.
27 Kitu petana hal ngabaktikeun dada jeung
pingping domba anu dipake ngistrenan imam
ka Kami, jadi pangbakti anu peryoga, geus
kitu eta pangbakti teh jadi bagian imam.
28 Hal ieu ku Kami geus dijieun pikukuh anu
teu meunang dirobah, nya eta lamun umat
Kami nyieun kurban panarima, dada jeung
pingping sato kurban teh ajangkeun pikeun
imam-imam, ngandung harti umat teh mere
pangbakti ka Kami, PANGERAN.
29 Lamun Harun geus tilar dunya, pakean
imam kudu turun ka anak-anakna, sina
dipake ana maranehna diistrenan jadi imam.
30 Anak Harun anu diistrenan jadi imam
gantina, anu baris baku asup ka Kemah
Tepangan paranti Kami pikeun ngawulaan di

Kamar Suci, kudu make eta pakean tujuh poe lilana.
31 Daging domba anu dipake ngistrenan Harun jeung anak-anakna tea kudu dikulub di tempat anu suci.
32 Tuluy didahar jeung roti anu aya keneh dina karanjang tea, didaharna kudu di lawang Kemah Tepangan Kami.
33 Jadi anu dipake kurban panebus dosa waktu maranehna diistrenan teh kudu didalahar. Anu meunang ngadalahar ieu kadaharan ngan imam-imam wungkul, sabab eta kadaharan teh kaayaanana geus suci.
34 Lamun daging atawa roti tea nyesa teu kadahar nepi ka isukna kudu diduruk, teu meunang didahar sabab geus disucikeun.
35 Jalanna upacara ngistrenan Harun jeung anak-anakna, lilana kudu tujuh poe jejeg, sakumaha anu ku Kami geus diandikakeun ka maneh.
36 Unggal poe maneh kudu ngurbankeun hiji sapi jalu pikeun panghampura dosa. Hal ieu bakal ngamurnikeun altar. Geus kitu altar teh minyakan ku minyak jetun sina jadi suci.
37 Kitu bae saterusna nepi ka tujuh poe. Lamun geus kitu, altar teh kaayaanana jadi kacida sucina, nepi ka sing saha anu nyabak atawa antel kana eta tangtu cilaka kasamber ku pangaruh kasucianana."

38 "Ka hareupna, saban poe kudu
ngurbankeun dua anak domba umur sataun
kana eta altar,
39 isuk hiji sore hiji.
40 Anu hiji dikurbankeunana kudu jeung
tipung tarigu anu lemes sakilo beunang
ngadonan ku minyak jetun anu herang saliter,
jeung ditambah ku kurban cianggur saliter,
kucurkeun.
41 Nu hiji deui dikurbankeunana pabuburit,
jeung tipung, minyak jetun, jeung cianggur,
lobana sarua jeung anu dikurbankeun
isuk-isuk. Ieu jadi kurban kadaharan pikeun
Kami, anu angseuna bakal kamanah ku Kami,
PANGERAN.
42 Eta kurban beuleuman kudu dilampahkeun
sapapanjangna ka Kami, di lawang Kemah
Tepangan Kami, payuneun Kami. Nya di
dinya Kami bakal nepungan umat Kami sarta
ngandika ka maneh.
43 Nya di dinya Kami bakal nepungan urang
Israil, sarta gebrayna cahaya kamulyaan
Kami bakal nyucikeun eta tempat.
44 Kami bakal nyucikeun eta Kemah jeung
altarna, sarta Harun jeung anak-anakna ku
Kami rek dipisahkeun, dijadikeun imam purah
ngawulaan Kami.
45 Kami bakal cicing di urang Israil, baris jadi
Allahna.
46 Urang Israil kudu nyaraho yen Kami
PANGERAN Allahna, anu ngaluarkeunana ti

Mesir, kersa linggih jumeneng di maranehna.
Kami teh PANGERAN Allahna."
30 1 "Kudu nyieun altar tina kayu pilang
paranti ngukus.
2 Ukuranana kudu pasagi, panjang jeung
rubakna masing-masing 45 sentimeter,
jangkungna 90 sentimeter. Berean
tatandukan di opat juru luhurna hijikeun kana
altarna.
3 Beungeutna, badanna sakurilingna pon
kitu tatandukanana, kudu disaput ku emas.
Pinggiran biwirna kudu diwengku ku emas
sakurilingna.
4 Di handapeun wengkuna kudu diceulian
kenca katuhu paranti nyorokkeun rancatan
ana kudu digotong dipindahkeun.
5 Rancatanana kudu kayu pilang keneh,
disaput ku emas.
6 Dipernahkeunana kudu di luareun reregan
hareupeun Peti Perjangjian, tempat Kami
patepung jeung maneh, engke.
7 Unggal isuk, waktu Harun datang ngurus
palita, Harun kudu meuleum seuseungitan
anu arum dina eta altar.
8 Pon kitu saban pabuburit, dina waktuna
nyeungeut palita. Nyanggakeun kurban
seuseungitan teh kudu mayeng dina waktuna,
teu meunang belang betong.
9 Eta altar teu meunang dipake pikeun
kurban seuseungitan atawa kurban sato,

atawa kurban gandum, jeung teu meunang
dikucuran cianggur.
10 Sataun sakali eta altar kudu disetrakeun
ku Harun, nya eta opat tatandukanana
kudu diulasan getih sato anu dijieun kurban
panghampura dosa. Kitu bae saterusna
saban-saban taun. Eta altar kudu suci sama
sakali, sembahkeuneun ka Kami, PANGERAN."
11 PANGERAN nimbalan ka Musa,
12 "Lamun maneh geus ngitung cacah jiwa
urang Israil, unggal jelema kudu mere upeti
ka Kami pikeun panebus nyawa, sangkan
dina waktu keur dicacahkeun ulah keuna ku
balahi.
13 Unggal jelema anu dicacahkeun kudu
mayar duit upeti, jumlahna nurutkeun
patokan anu ilahar. Unggal jelema wajib
mayar eta upeti ka Kami,
14 nya eta anu geus manjing dicacah, anu
umurna ti dua puluh taun ka luhur.
15 Gedena upeti pameuli umur teh kabeh
sarua kudu sakitu, nu beunghar ulah mayar
leuwih, nu miskin ulah mayar kurang.
16 Pupul duitna ti urang Israil, gunakeun
pikeun ongkos miara Kemah Kami. Jadi
eta duit upeti teh pikeun tandon umur
maranehanana, sangkan ku Kami dipikainget
sarta bakal ditangtayungan."
17 PANGERAN nimbalan ka Musa,

18 "Kudu nyieun jolang tambaga, anu make
dadampar tambaga. Tuluy pernahkeun antara
Kemah jeung altar, eusian cai.
19 (30:19-20) Memeh asup ka Kemah atawa
nyampurkeun altar rek ngurban kadaharan,
Harun jeung anak-anakna kudu make eta cai
keur ngumbah leungeun jeung suku. Ku cara
kitu maranehna moal kungsi tiwas.
20 (30:19)
21 Perlu maranehna ngumbah heula leungeun
jeung suku supaya teu nepi ka paeh. Ieu
jadi pikukuh pikeun maranehna saanak incu,
turun-tumurun."
22 PANGERAN nimbalan ka Musa,
23 "Maneh kudu nyokot bahan-bahan
wawangian lulugu, nya eta emur encer genep
kilo, kayumanis wangi tilu kilo, tiwu wangi tilu
kilo,
24 jeung kiamis genep kilo (timbangan
beuratna kudu cocog kabeh jeung timbangan
patokan), jeung minyak jetun opat liter.
25 Eta bahan-bahan kudu diaduk dijieun
minyak bauran anu seungit, minyak suci
paranti ngistrenan.
26 Eta minyak kudu dipake ngaminyakan
Kemah Tepangan Kami, Peti Perjangjian,
27 meja sapuratina, ajug lampu jeung
paparabotanana, altar pangukusan,
28 altar kurban beuleuman sapuratina, jeung
jolang paranti beberesih katut dadamparna.

29 Eta barang-barang kudu diistrenan kitu
petana, sanggeus kitu kaayaanana bakal jadi
suci kabina-bina, sing saha anu nyabak atawa
antel tangtu cilaka ku pangaruh kasucianana.
30 Geus kitu Harun jeung anak-anakna kudu
diminyakan ku eta, diistrenan, disucikeun
jaradi imam purah ngawulaan Kami.
31 Caritakeun ka urang Israil, eta minyak
teh minyak suci pikeun kaperluan ngawulaan
Kami, pakeeun sapapanjangna.
32 Teu meunang dipake ngaminyakan
sambarang jelema, jeung teu meunang aya
anu nurutan nyieun minyak anu campuranana
sarua jeung eta. Tegesna eta teh minyak suci
anu kudu dipupusti kasucianana.
33 Sing saha anu nurutan nyieun, atawa
make eta minyak ka jelema anu lain imam,
ku Kami moal diaku deui umat."
34 PANGERAN nimbalan ka Musa, "Maneh
kudu nyieun deui arum-aruman, bahanna
menyan putih, onik, getah rasamala arum,
jeung dupa anu tulen, masing-masing lobana
kudu sarua.
35 Campurkeun kabeh jieun dupa sakumaha
nyieun seuseungitan, tambahan ku uyah
sangkan kaayaanana tetep murni tur suci.
36 Sawareh kudu digerus masing lembut
tuluy bawa ka Kemah Kami, awur-awur
hareupeun Peti Perjangjian. Ieu seuseungitan
kudu dipupusti, suci kaliwat saking.

37 Ulah aya anu nurutan nyieun anu
campuranana saperti eta keur diri sorangan.
Kudu dipupusti sakumaha ka barang suci
baktikeuneun ka Kami.
38 Saha-saha anu nurutan nyieun keur
pakeeunana, ku Kami moal diaku deui umat."
31 1 PANGERAN nimbalan ka Musa,
2 "Kami geus milih hiji jelema ti kaom
Yuda, ngaranna Besalel bin Uri, incu Hur,
3 dieusian pangawasa Kami, dibere pangarti,
kaahlian, jeung pangabisa kana juan-jieun
rupa-rupa barang seni,
4 mahir ngareka-reka jeung migawe
barang-barang karajinan tina emas, perak,
jeung tambaga;
5 mahir meulah inten, ngukir kayu, kitu deui
sarupaning barang-barang seni.
6 Pikeun batur digawena ku Kami geus
dipangmilihkeun Oholiab bin Ahisamak ti
kaom Dan. Malah jalma-jalma ahli karajinan
anu sejen oge ku Kami geus dibere pangabisa
anu punjul, sina nyarieun naon bae sakur anu
ku Kami diparentahkeun kudu dijieun, nya
eta:
7 Kemah Tepangan Kami, Peti Perjangjian
katut tutup pangrapihna, barang-barang
perhiasan Kemah,
8 meja sapuratina, suku palita sapuratina
tina emas murni, altar pangukusan,
9 altar kurban beuleuman sapuratina, jolang
katut dadamparna,

10 pakean agung imam pikeun Harun jeung
anak-anakna parantina ngimaman,
11 minyak pangistrenan, jeung seuseungitan
anu arum pikeun di Kamar Suci. Dijieunna ku
maranehna teh kabeh kudu cocog sakumaha
anu ku Kami geus diandikakeun ka maneh
tea."
12 PANGERAN nimbalan ka Musa
13 supaya misaur ka urang Israil, "Maraneh
kudu ngagumatikeun poe Sabat, poe reureuh
Kami, karana eta poe teh jadi tanda di antara
Kami jeung maraneh turun-tumurun, anu
nandakeun yen maraneh geus dipilih dijieun
umat Kami.
14 Ieu poe reureuh teh suci, ku maraneh
kudu disucikeun. Saha-saha anu henteu
ngestokeun, saha-saha anu barang gawe dina
poe eta, kudu dipaehan.
15 Pikeun maraneh barang gawe teh genep
poe. Poe nu katujuh poe reureuh anu hidmat
anu kudu dibaktikeun ka Kami. Saha bae, anu
barang gawe dina poe eta kudu dipaehan.
16 Poe Sabat ku urang Israil kudu
digumatikeun, karana eta teh tanda tina
perjangjian tea,
17 tanda anu tetep antara urang Israil jeung
Kami. Karana Kami, PANGERAN ngajadikeun
langit jeung bumi di jero genep poe, ari
dina poe nu katujuh Kami reureuh, liren tina
sagala damel."

18 Sanggeus ngadawuh ka Musa di Gunung
Sinai, Allah ka Musa maparinkeun dua papan
batu tea, anu dieusi ku papakon-papakon
kenging nyeratkeun Allah ku manten.
32 1 Sanggeus sakitu lilana Musa henteu
lungsur-lungsur ti gunung, jalma-jalma
teh karumpul ka Harun sarta miunjuk kieu
ka anjeunna, "Duka katarajang naon Juragan
Musa anu nginditkeun kuring sadaya ti Mesir
teh, teu lungsur-lungsur. Ku margi kitu kuring
sadaya pangdamelkeun hiji allah anu bakal
mingpin."
2 Saur Harun ka maranehna, "Laanan
anting-anting anu diparake ku pamajikan,
ku anak lalaki, ku anak awewe, kumpulkeun
terus bawa ka Bapa."
3 Seug maranehna ngaralaanan anting
emasna tuluy diserenkeun ka Harun.
4 Ku Harun dicandak tuluy dilebur kabeh
dicitak jadi hiji sasapian emas. Ceuk
jalma-jalma teh, "Eh urang Israil, tah ieu
allah urang, anu ngaluarkeun urang ti Mesir!"
5 Harun tuluy ngadamel hiji altar, diadegkeun
hareupeun eta sasapian emas, tuluy
ngembarkeun kieu, "Isukan kudu pesta,
ngagungkeun PANGERAN."
6 Isukna isuk-isuk keneh jalma-jalma geus
rabul marawa sasatoan, sawareh keur
kurban beuleuman, sawareh deui keur
dijieun dahareun pikeun kurban panarima.
Brek jalma-jalma dariuk, tuluy pesta

curak-curak nyaratu nginum, pestana robah
jadi borak-borak jeung cabul.
7 PANGERAN nimbalan ka Musa, "Geuwat
turun ayeuna keneh. Jalma-jalma meunang
maneh ngaluarkeun ti Mesir teh marigawe
dosa, murtad ti Kami.
8 Pituduh laku anu ceuk Kami kudu dilakonan
geus teu diparake pisan. Malah geus nyarieun
sasapian emas dicitak, disarembah, dibere
kurban. Carekna eta teh allahna, anu
ngaluarkeunana ti Mesir.
9 Eta jalma-jalma teh saenyana kacida
ngaralawanna.
10 Ku Kami rek dibasmi, amarah Kami
geus teu katahan. Maneh ulah nyoba-nyoba
mondah Kami. Lamun maranehna geus
dibasmi, maneh jeung turunan maneh rek
dijieun hiji bangsa gede."
11 Tapi Musa kacida muntang-muntangna
ka PANGERAN Allahna, piunjukna, "Nun
PANGERAN, naon damelna Gusti bendu dugi
ka kitu ka eta jalmi-jalmi kenging Gusti
ngajait ti Mesir, kenging ngarebut ku kawasa
sareng kadigjayaan?
12 Mana teuing piomongeun urang Mesir!
Tangtos carekna mana eta umat kagungan ku
Gusti dikaluarkeun ti Mesir teh bade ditumpes
di pagunungan, bade dibasmi sama sakali.
Mugi ulah kateterasan bendu. Sing hawatos
ka maranehna, ulah dugi ka dicilakakeun.

13 Mugi emut ka abdi-abdi Gusti, Ibrahim,
Ishak, sareng Yakub. Gusti parantos ikrar
kalayan hidmat bade ngajembarkeun turunan
aranjeunna dugi ka seueurna sapertos
bentang-bentang di langit, tur bade dipaparin
tanah anu parantos dijangjikeun tea yen bade
dimilikkeun ka maranehna salalanggengna."
14 PANGERAN lemper, teu tulus ngancamna
ka umat-Na.
15 Musa lungsur ti gunung, nyandak dua
papan batu anu dua beulahanana bulak-balik
geus ditulisan papakon-papakon.
16 Anu ngadamel eta papan batu jeung anu
ngukur papakon-papakonna PANGERAN ku
manten.
17 Yosua ngareungeu sora anu surak, unjukan
ka Musa, "Kakupingna di pasanggrahan teh
sapertos keur perang."
18 Saur Musa, "Eta lain sora surak unggul,
lain sora jerit anu eleh. Eta mah sora anu
ngarawih."
19 Musa geus deukeut ka pasanggrahan.
Katingalieun jalma-jalma keur ngarigel.
Sasapian tea ge geus katingalieun. Anjeunna
kacida benduna, nepi ka papan batu candakna
teh dibeubeutkeun di dinya keneh, di suku
gunung.
20 Ti dinya sasapian teh ku anjeunna
dicandak tuluy dilebur dijieun bubuk lembut,
cur dicaian, tuluy sina diarinum ku urang
Israil.

21 Geus kitu anjeunna mariksa ka Harun,
"Akang teh dikumahakeun ku eta jalmi-jalmi,
dugi ka ngantep maranehna marigawe dosa
sakitu dorakana?"
22 Waler Harun, "Mugi rayi ulah bendu. Rayi
langkung uninga, ieu jalmi-jalmi teh parantos
bakatna kana awon.
23 Kawitna maranehna nyanggem kieu
ka Akang, Duka katarajang naon Juragan
Musa anu ngaluarkeun kuring ti Mesir teh,
teu lungsur-lungsur. Mana kuring sadaya
pangnyieunkeun hiji allah anu bakal mingpin.
24 Ku Akang dititah nyarerenkeun perhiasan-
perhiasan emasna. Sakur anu garaduheun
mah sadayana nyarerenkeun, seug ku Akang
dilebur dina seuneu, nya jadi eta sasapian!"
25 Geus kauninga ku Musa, yen pangna eta
jelema-jelema jadi kawas kuda leupas ti
gedogan teh lantaran dikencar kahayangna
ku Harun, ngarerakeun maneh di hareupeun
musuh.
26 Ti dinya Musa ngadeg di lawang
pasanggrahan, tuluy sasauran bedas,
"Saha anu mihak ka PANGERAN, hiap
nyampeurkeun!" Seug sakabeh urang Lewi
nyalampeurkeun.
27 Musa ngalahir ka maranehna, "Timbalan
GUSTI Allah, Panutan Israil ka maraneh,
soren pedang. Ideran pasanggrahan ti lawang
ka lawang. Dulur, sobat, tatangga, paehan!"

28 Prak urang Lewi ngajalankeun parentah
Musa. Poe eta aya tilu rebu urang anu
diparaehan.
29 Saur Musa ka urang Lewi, "Poe ieu
maraneh geus nyarucikeun diri sakumaha
kuduna imam, ngalakonan gawe pikeun
PANGERAN, geus rarido najan dititah maehan
anak sorangan jeung baraya sorangan. Nu
matak maraneh ku Mantenna diganjar ku
berkah-Na."
30 Poe isukna Musa ngalahir ka jalma rea,
"Maraneh geus marigawe dosa anu doraka
kabina-bina. Parandene kitu kami rek ka
gunung deui ngadeuheus ka PANGERAN,
sugan kami bisa mangmentakeun hampura
pikeun maraneh."
31 Sanggeus kitu Musa unggah deui marek
ka PANGERAN. Piunjukna, "Jalmi-jalmi
teh parantos midamel dosa kalintang
ageungna, nyarieun aallahan tina emas
sareng disarembah.
32 Mugi dosana dihapunten. Upami Gusti
teu kersa maparin hapunten ka maranehna,
langkung sae ngaran abdi kenging Gusti
nyeratkeun dina daptar ngaran-ngaran umat
Gusti tea dipupus."
33 PANGERAN ngawaler, "Anu rek dipupus
ngaranna tina kitab Kami, nya anu geus
marigawe dosa ka Kami.
34 Ayeuna mah anteurkeun eta jelema-
jelema teh ka tanah anu ku Kami geus

diandikakeun tea. Jeung inget, maneh
bakal dipingpin ku malaikat Kami. Tapi eta
jelema-jelema teh tangtu ku Kami dihukum
ku karana dosana."
35 Ti dinya PANGERAN ngadatangkeun balahi
ka eta jelema-jelema, anu geus maraksa ka
Harun mangnyieunkeun sasapian emas.
33 1 PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Jelema-jelema anu ku maneh
dikaluarkeun ti Mesir teh bawa indit ti dieu,
anteurkeun ka tanah anu ku Kami geus
dijangjikeun ka Ibrahim, Ishak, jeung Yakub,
pikeun turunanana.
2 Malaikat Kami tangtu nyarengan ka maneh.
Urang Kanaan, urang Emor, urang Het, urang
Pares, urang Hiwi, jeung urang Yebus, bakal
disingkahkeun.
3 Anu keur diteang teh tanah anu gemah
ripah. Tapi Kami mah pribadi moal milu
bareng, bisi ana maranehna baha heug ku
Kami dilebur di tengah jalan."
4 Barang urang Israil ngadarenge aya
timbalan kitu, kacida naralangsaeunana, nepi
ka teu daraekeun marake deui perhiasan.
5 Wantu-wantu PANGERAN nimbalan ka
maranehna ku Musa, timbalan-Na, "Maraneh
jalma-jalma basangkal. Lamun Kami bareng
jeung maraneh, sakeudeung ge tangtu
maraneh ku Kami dilebur. Mana ayeuna mah
ulah marake deui perhiasan, engke Kami rek
nangtukeun kudu kumaha ka maraneh teh."

6 Anu matak barang bring ti Gunung Sinai,
urang Israil geus teu marake deui perhiasan.
7 Unggal-unggal urang Israil masanggrahan,
Kemah suci teh ku Musa dicandak, tuluy
dipasang rada anggang ti pasanggrahan.
Eta Kemah disebutna Kemah Tepangan
PANGERAN. Saha-saha anu hayang
ngadeuheus ka PANGERAN, kudu ka dinya
asup.
8 Ana Musa kaluar angkat ka eta kemah,
jalma-jalma kudu narangtung di lawang
kemahna masing-masing bari mencrong, nepi
ka Musa lebet.
9 Ana Musa geus lebet, tihang mega tea
turun tuluy nanjeur di lawang eta Kemah,
sarta PANGERAN bakal nimbalan ka Musa tina
eta mega.
10 Lamun geus narenjo tihang mega tea
turun jeung nanjeur di lawang Kemah,
jalma-jalma kudu buru-buru sarujud.
11 PANGERAN ngadawuh ka Musa teh
papayun-payun, cara jelema cacarita jeung
sobatna. Sanggeus kitu Musa mulih ka
pasanggrahan. Tapi budak ngora pangbantu
Musa, Yosua bin Nun tea, tetep aya di eta
Kemah.
12 Musa miunjuk ka PANGERAN, "Timbalan
Gusti abdi kedah nganteurkeun eta jalmi-jalmi
ka tanah di ditu, nanging saha anu ku Gusti
bade diutus nyarengan abdi, ku Gusti teu
diwartoskeun. Ongkoh saur Gusti ka abdi teh

kenal pisan, sareng nyaurkeun yen abdi teh
ku Gusti dipisuka.
13 Upami leres mah abdi mendak kurnia
dina soca Gusti, atuh wartoskeun pangersa
teh bade kumaha, supados abdi tiasa
ngawulaanana, sareng supados tetela yen
leres abdi teh kamanah. Mugi diemut,
ieu bangsa teh ku Gusti parantos dipilih
dijadikeun umat Gusti."
14 PANGERAN ngadawuh, "Kami kersa
nyarengan, maneh rek dibere kaunggulan."
15 Piunjuk Musa, "Upami Gusti teu kersa
nyarengan, atuh abdi sadaya ulah dipiwarang
mios ti ieu tempat.
16 Margi kumaha bakal katawisna Gusti
mikurnia ka umat kagungan sinareng ka diri
abdi, upami teu kersa nyarengan? Katawisna
abdi sadaya dipunjulkeun ti bangsa-bangsa
sajagat teh upami Gusti aya di tengah abdi
sadaya."
17 Dawuhan PANGERAN, "Hade, sapamenta
maneh rek diturut, lantaran Kami ka maneh
teh geus teu asa-asa jeung resep."
18 Piunjuk Musa, "Upami kitu, abdi hoyong
ditembongan kamulyaan Gusti."
19 PANGERAN ngawaler, "Heug, sagala
kamulyaan Kami bakal ngaliwat ka hareupeun
maneh, sarta jenengan Kami anu suci rek
disebut. Kami, PANGERAN, rek nembongkeun
katresnan jeung kawelas ka jelema anu
kaanggo ku Kami.

20 Tapi pameunteu Kami mah moal
ditembongkeun, sabab moal aya anu kuat
nenjo, tangtu tiwas.
21 Ieu di gigireun Kami aya gunung karang,
pek engke maneh ka dieu, nangtung dina ieu
gunung karang.
22 Dina waktu kamulyaan Kami katembong
liwat ngagebray, maneh rek diasupkeun
kana guha dina eta gunung karang, sarta
panangan Kami rek dipindingkeun ka maneh
nepi ka Kami enggeus ngaliwat.
23 Lamun panangan Kami geus diangkat, anu
bakal katenjo ku maneh ngan pungkur Kami
bae, pameunteu mah moal ditembongkeun."
34 1 PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Maneh kudu nyieun papan batu
saperti anu ti heula, dua gebleg. Ku Kami rek
ditulisan deui papakon-papakon tina batu anu
ti heula anu ruksak ku maneh.
2 Isukan isuk-isuk kudu geus aya, bawa
unggah ka puncak gunung Sinai, ngadeuheus
ka Kami.
3 Ulah mawa saha-saha. Teu meunang aya
anu ngalanto ka ieu gunung lebah mana
bae. Malah domba jeung sapi oge ulah sina
nyaratuan di suku ieu gunung."
4 Musa ngadamel papan batu dua gebleg,
isukna isuk-isuk dicandak unggah ka
puncak Gunung Sinai, sakumaha timbalan
PANGERAN.

5 Ti dinya PANGERAN lungsur nitihan mega,
ngadeg palebah Musa bari nyebatkeun
jenenganana nu suci: PANGERAN.
6 Geus kitu lar PANGERAN ngalangkung ka
payuneun Musa bari ngagentra kieu, "Kami
PANGERAN, nya eta Allah anu sipat welas,
sipat karunya, tara barangasan, sugih kaasih,
sipat satuhu.
7 Teguh kana jangji ka rebuan turunan,
satia ngahampura dosa jeung kadorakaan.
Parandene kitu moal teu ngahukum ka anak
incu jelema-jelema anu marigawe dosa, nepi
ka turunan katilu jeung kaopat."
8 Bruk Musa sujud kana taneuh, ngabakti ka
Mantenna.
9 Pok miunjuk, "Nun PANGERAN, upami
yaktos Gusti mikurnia ka diri abdi, mugi
kersa angkat nyarengan ka abdi sadaya.
Leres jalmi-jalmi teh barahula, nanging mugi
dosa sareng kadorakaanana dihapunten. Abdi
sadaya mugi ditampi jadi umat Gusti."
10 PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Ayeuna Kami rek ngayakeun perjangjian
pikeun urang Israil. Kami rek ngadamel
mujijat-mujijat di hareupeun maranehna,
kaahengan-kaahengan anu di mana-mana
ge tacan katarenjo ku bangsa-bangsa di
sakuliah jagat. Eta jelema-jelema teh rek
dibere nenjo mujijat-mujijat anu araheng
dadamelan Kami, PANGERAN, sabab Kami rek

ngayakeun perkara-perkara anu pikahelokeun kabina-bina.
11 Estokeun pikukuh-pikukuh ti Kami, anu
poe ieu rek diserenkeun ka maneh. Dina
waktu maneh geus prung ngarurug ka ditu,
Kami rek nyingkahkeun urang Emor, urang
Kanaan, urang Het, urang Pares, urang Hiwi,
jeung urang Yebus.
12 Poma, ulah ngayakeun perjangjian
naon-naon jeung pribumi eta tanah anu bakal
diasupan ku maneh, bisi jadi pangjiret anu
nyilakakeun.
13 Anggur bongkaran altar-altarna,
burak-barik pilar-pilar brahalana, kitu deui
lambang-lambang Dewi Asera, tuaran.
14 Pacuan ngabakti ka aallahan batur anu
mana bae. Sabab Kami PANGERAN, moal
nyabaran ka nu nandingan.
15 Anu matak teu meunang nyieun
perjangjian jeung bangsa-bangsa eta nagara
teh, bisi diondang diajak ngabakti jeung
ngurban ka brahala-brahalana, bisi kagoda
milu ngadahar kurban anu disuguhkeun ka
aallahan-aallahanana.
16 Jeung supaya anak maraneh ulah nepi
ka baroga pamajikan ka awewe eta bangsa,
heug engke kabawa nyembah ka brahalana,
murtad ti Kami.
17 Ulah nyitak aallahan, ulah nyembah ka nu
kitu.

18 Kudu nekanan Pesta Roti Teu Make Ragi
sakumaha timbalan Kami tea. Dina eta pesta
maraneh kudu dalahar roti anu teu make ragi,
tujuh poe lilana. Ari waktuna nya eta dina
bulan Abib, sabab dina bulan Abib maraneh
budal ti Mesir.
19 Sakabeh cikal lalaki jeung cikal jalu sato
piaraan, kagungan Kami.
20 Tapi cikal kalde mah kudu ditebus, diganti
ku anak domba dikurbankeun. Lamun teu
ditebus kudu ditekuk. Anak cikal anu lalaki
kabeh kudu ditebus. Jeung ari ngadareuheus
ka Kami teu meunang lengoh, kudu mere
pangabakti.
21 Pikeun barang gawe, maraneh boga waktu
genep poe. Dina poe nu katujuh, sanajan
keur usum ngawuluku atawa usum dibuat,
teu meunang digarawe.
22 Kudu nekanan Pesta Panen, waktuna dina
ngamimitian panen gandum. Kudu nekanan
Pesta Saung, waktuna dina usum mupu
bubuahan.
23 Tilu kali dina sataun sakabeh lalaki kudu
daratang ngabakti ka Kami, PANGERAN, Allah
Israil.
24 Sanggeus Kami nyingkahkeun bangsa-
bangsa tea engke, jeung geus ngalegakeun
wewengkon tanah maraneh, sapanjang
maraneh keur nekanan eta pesta anu tilu
rupa, moal aya musuh anu wanieun ngarurug
ka nagara maraneh.

25 Waktu ngurbankeun sato ka Kami,
ulah nyuguhkeun roti anu make ragi. Sato
peuncitan anu dikurbankeun dina Pesta
Paska, dagingna teu meunang disesakeun
nepi ka isukna.
26 Unggal-unggal taun, ka gedong
panglinggihan Kami kudu marawa hasil panen
gandum anu diala pangheulana. Ngulub
daging anak domba atawa anak embe, teu
meunang ku cisusu indungna."
27 PANGERAN nimbalan deui ka Musa,
"Tuliskeun eta timbalan-timbalan anu bieu
teh, sabab eta timbalan-timbalan teh jadi
dasar perjangjian anu ku Kami rek dipidamel
ka maneh jeung ka urang Israil."
28 Ari Musa ayana di PANGERAN teh opat
puluh poe opat puluh peuting, teu tuang
teu leueut. Saungeling perjangjian, nya eta
Sapuluh Timbalan, ku anjeunna diseratkeun.
29 Geus kitu Musa lungsur ti Gunung Sinai
nyandak papan batu Sapuluh Timbalan tea.
Jeung ku sabab geus sasauran jeung Allah,
rarayna mani moncorong. Tapi anjeunna mah
henteu ngaraoseun.
30 Orokaya Harun jeung jalma rea barang
narenjoeun raray anjeunna ngempur teh
kacida sarieuneunana, nepi ka henteu
waranieun deukeut.
31 Ku Musa disalaur. Sanggeus Harun jeung
para pamingpin Israil nyalampeurkeun, Musa
cacarios.

32 Ti dinya mah jalma rea nyalampeurkeun
ngalingkung ka anjeunna. Musa ngalahirkeun
sakabeh pikukuh ti PANGERAN anu
diandikakeun ka anjeunna di Gunung Sinai.
33 Sanggeus tamat ngalahirna, Musa nutupan
rarayna ku cindung.
34 Dibuka-dibuka sanggeus lebet ka Kemah
Tepangan PANGERAN. Ana kaluar ti dinya
rek ngumumkeun sakur anu ku PANGERAN
didawuhkeun ka anjeunna pikeun urang
Israil,
35 rarayna anu moncorong teh dicindungan
deui, nepi ka lebetna deui ka jero Kemah
baris unjukan ka PANGERAN.
35 1 Musa ngumpulkeun sakumna bangsa
Israil, geus kitu ngalahir, "Kieu
timbalan PANGERAN anu ku maraneh kudu
diarestokeun:
2 Maraneh kudu digarawe teh genep poe bae.
Poe nu katujuh poe suci, poe reureuh anu
hidmat pikeun Kami, PANGERAN. Saha-saha
anu barang gawe dina poe eta pasti kudu
dipaehan.
3 Dina poe Sabat mah teu meunang
ngahurungkeun seuneu-seuneu acan di
imah."
4 Ngalahir deui Musa ka sakumna bangsa
Israil, "Kieu anu didawuhkeun ku PANGERAN.
5 Maraneh kudu mere derma haturan
PANGERAN, saha bae anu rido, naon bae

mana suka, naon anu rek didermakeun:
emas, perak, tambaga;
6 lenen lemes, wol biru, wol wungu, wol
beureum; lawon tina bulu embe;
7 kulit domba beunang ngabeureuman; kulit
lemes; kayu pilang;
8 minyak pikeun palita; bahan-bahan
wawangian keur minyak pangistrenan jeung
pikeun seuseungitan anu arum;
9 batu angkik jeung sarupaning batu permata
lianna, tareteskeuneun dina epod jeung oto
Imam Agung."
10 "Sakur anu baroga kaahlian barang jieun,
kudu nyarieun barang-barang pamundut
PANGERAN, nya eta:
11 Kemah, lapisna, tutup luarna, cacantel-
cacantelna, papan-papanna, papalang-
papalangna; tihang-tihangna jeung
tatapakan-tatapakanana;
12 Peti Perjangjian, tutup pangrapihna,
rancatanana jeung unak-anikna;
13 meja, rancatanana, paparabotanana
sapuratina katut roti suci haturan Allah;
14 suku palita salengkepna jeung palita-
palitana kitu deui minyakna;
15 altar pangukusan, rancatanana, minyak
pangistrenan, jeung seuseungitan anu arum;
reregan pikeun lawang Kemah;
16 altar paranti kurban beuleuman katut
panggaranganana tina tambaga, rancatanana,

kitu deui pakakas-pakakasna; jolang paranti kukumbah jeung dadamparna;
17 reregan palataran, tihang-tihangna katut dadamparna, reregan pikeun lawang palataran;
18 pancuh-pancuh Kemah jeung tambang-tambangna; kitu deui pancuh-pancuh jeung tambang-tambang pikeun di palataranana;
19 pakean agreng para imam paranti babakti di Kamar Suci, nya eta pakean suci pikeun Imam Harun jeung anak-anakna."
20 Ti dinya urang Israil bubar ti payuneun Musa.
21 Geus kitu murubul deui marawa pangabakti haturkeuneun ka PANGERAN sasukana-sasukana, nya eta bahan-bahan pikeun nyieun Kemah Tepangan, pikeun nyieun paparabotan paranti ngabakti, kitu deui bahan pikeun nyieun pakean imam.
22 Anu daratang teh awewe lalaki sakur anu rido ngahaturkeun pangbakti ka PANGERAN. Aya anu mere panitih, anting, ali, kongkorong, jeung perhiasan emas lianna, dibaktikeun ka PANGERAN.
23 Aya anu mere lenen lemes, wol biru, wol wungu, wol beureum; lawon bulu embe, kulit domba beunang ngabeureuman, jeung kulit anu lemes.
24 Anu kuatna mere perak atawa tambaga, merena eta, dibaktikeun ka PANGERAN. Anu

boga kayu pilang pikeun dijieun naon bae,
merena eta.
25 Para wanita anu barisa ngagintir,
nyaranggakeun benang lenen anu lemes,
jeung benang wol warna biru, wungu, jeung
beureum, beunang maranehna ngagintir.
26 Maranehna nyarieun oge benang tina bulu
embe.
27 Para pamingpin aya anu mere batu
ratna-campaka, aya anu mere batu-batu
permata lianna, tareteskeuneun dina epod
jeung oto;
28 aya anu marere bahan-bahan wawangian
jeung minyak pikeun lampu, pikeun
nyieun minyak pangistrenan, jeung pikeun
seuseungitan anu arum.
29 Urang Israil rarido ngabakti ka PANGERAN,
pikeun nyieun barang-barang anu ku
PANGERAN geus diandikakeun ka Musa.
30 Geus kitu Musa ngalahir ka urang Israil,
"PANGERAN geus nyaur Besalel bin Uri, incu
Hur, ti kaom Yuda.
31 Ku Allah geus dieusian ku pangawasa-Na,
dipaparin kabinangkitan jeung pangabisa,
ngarti kana nyieun sarupaning barang seni,
32 ahli ngareka barang-barang tina emas,
perak, tambaga, reujeung migawena;
33 ahli meulah inten pikeun diukir dijieun
barang-barang perhiasan, ahli ngukir kayu
jeung sarupaning barang seni.

34 Manehna jeung Oholiab bin Ahisamak
ti kaom Dan geus disina saranggupeun
ngajarkeun pangabisana ka anu sejen.
35 Oholiab ku PANGERAN dipaparin pangabisa
nyieun sarupaning barang ukiran, nyieun
model-model, migawe lenen lemes, wol biru,
wol wungu, wol beureum jeung lawon lianna.
Duanana sanggup nyieun rupa-rupa barang
jeung mikiran model-modelna.
36 1 Besalel, Oholiab, jeung tukang-
tukang anu sejen, anu ku PANGERAN
geus dipaparin pangabisa jeung kanyaho,
anu ngalarti kana sagala rupa anu tumali
jeung kaperluan nyieun Kemah Suci, kudu
nyieun eta barang-barang sakumaha timbalan
PANGERAN."
2 Geus kitu Musa nyaur Besalel, Oholiab,
jeung tukang-tukang anu sejen, anu ku
PANGERAN geus dipaparin pangabisa tur iklas
ngabarantu barang gawe, ditimbalan mimiti
digarawe.
3 Barang-barang pangbakti ti urang Israil
pikeun kaperluan nyieun Kemah Suci tea ku
Musa diserenkeun ka maranehna. Tapi unggal
isuk urang Israil teh merul keneh bae marawa
pangbakti ka Musa.
4 Anu matak tukang-tukang teh
5 arunjukan ka Musa, "Hatur uninga,
derma ti jalmi-jalmi teh parantos seueur
teuing, langkung ti anu kedah dianggo

ngadamelan barang-barang anu dipiwarang
ku PANGERAN."
6 Ti dinya Musa miwarang ngiderkeun
parentah ka pasanggrahan, yen derma pikeun
Kemah Suci teh eureunan bae, tong aya anu
derma deui. Geus kitu kakara jelema-jelema
teh eureun dermana.
7 Ari derma-derma anu geus asup geus
leuwih ti cukup pikeun nganggeuskeun sagala
rupa barang anu kudu dijieun.
8 Ari Kemah Tepangan PANGERAN dijieunna
teh ku tukang-tukang anu pangpinterna.
Mimitina nyieun rereganana, tina lenen lemes
sapuluh gebar, anu ditinun jeung wol warna,
biru, wungu, beureum, tuluy disulam ku
sulaman-sulaman anu direka mukarabin.
9 Tiap gebar saukuran, panjang dua welas
meter, rubak dua meter.
10 Anu lima gebar diranjingkeun, dijait
dijieun sagebar. Pon kitu anu lima gebar deui.
11 Sisi luar gebaran unggal setel ku
maranehna diberean kakantet-kakantet tina
lawon biru,
12 lima puluh kakantet dina gebaran nu
hiji setelan kahiji, dicangreudkeun kana
lima puluh kakantet anu aya dina tungtung
gebaran setelan anu kadua.
13 Maranehna nyieun lima puluh kakait
emas, tuluy anu dua gebaran teh dihijikeun
ku eta kakait-kakait.

14 Tuluy nyieun lapis Kemah tina lawon bulu
embe sawelas gebar,
15 kabeh saukuran, panjang tilu welas meter,
rubak dua meter.
16 Anu lima gebar diranjingkeun dijait dijieun
sagebar, pon kitu anu genep gebar deui.
17 Dina sisi gebaran panungtung setelan
nu hiji ku maranehna diberean lima puluh
kakantet, kitu keneh dina sisi gebaran setelan
nu hiji deui lima puluh kakantet.
18 Ti dinya nyieun kakantet-kakantetna tina
tambaga, lima puluh siki pikeun ngantetkeun
eta anu dua gebar sina ngahiji.
19 Seug nyieun deui lapis, dua gebar, nu hiji
tina kulit domba beunang ngabeureuman, nu
hiji deui tina kulit lemes, pikeun tutup Kemah
beulah luar.
20 Geus kitu nyieun papan-papan anu
lalempeng tina kayu pilang, pikeun Kemah.
21 Ukuran masing-masing panjang opat
meter, rubak genep puluh genep sentimeter,
22 marake dua pupurus supaya bisa
diranjing-ranjingkeun. Unggal papan kabeh
make pupurus kitu.
23 Papan pikeun pongpok kidul nyieun dua
puluh lembar,
24 katut opat puluh tatapakanana tina
perak pikeun nahan dua pupurus handap,
sapapanna dua tatapakan.
25 Pikeun kemah pongpok kaler nyieun dua
puluh papan,

26 katut tatapakan perakna opat puluh,
sapapanna dua tatapakan.
27 Pikeun pongpok Kemah beulah tukang beh
kulon nyieun genep papan.
28 Pikeun popojok-popojokna masing-masing
dua papan.
29 Papan dina popojok diranjingkeunana
tina dasar nepi ka congo luhur. Kitu petana
masang papan pojok, sina nyiku.
30 kabehna aya dalapan papan pojok katut
genep welas tatapakan perakna, sapapanna
dua tatapakan.
31 Ti dinya nyieun papalang-papalangna
tina kayu pilang. Pikeun nahan papan-papan
pongpok Kemah beulah ditu lima papalang,
32 pikeun nahan papan-papan pongpok
beulah dieu lima papalang, pikeun nahan
papan-papan pongpok tukang beulah kulon
lima papalang.
33 Papalang-papalang anu panengah
dipalangkeunana satengahna tina luhurna
papan-papan, malang ti tungtung Kemah
beulah dieu nepi ka tungtung beulah ditu.
34 Papan-papanna kabeh dilapis ku emas,
kabeh marake imah tulak tina emas
paragi nyorokkeun papalang-papalang.
Papalang-papalangna oge kabeh dilapis ku
emas.
35 Ti dinya nyieun deui reregan tina lenen
lemes anu ditinun jeung wol warna biru,

wungu jeung beureum, sarta disulam ku
sulaman-sulaman anu direkakeun mukarabin.
36 Geus kitu nyieun tihang reregan opat tina
kayu pilang lapis emas, make kakait-kakait
tina emas, jeung opat tatapakanana tina
perak.
37 Reregan pikeun lawang kemah lawonna
lenen lemes anu ditinun jeung wol warna biru,
wungu, jeung beureum, dihias ku sulaman.
38 Pikeun tihang rereganana nyieun lima,
make kakait-kakait. Congo-congo tihang
jeung papalang-papalangna kabeh dilapis ku
emas, katut lima tatapakanana tina tambaga.
37 1 Besalel nyieun Peti Perjangjian
tina kayu pilang, panjangna 110
sentimeter, rubakna 66 sentimeter,
jangkungna 66 sentimeter.
2 Luar jerona dilapis ku emas, sarta
sakurilingna diwengkuan ku emas.
3 Opat sukuna kenca katuhu make
geugeulangan emas paranti ngagotong,
sabeulahna dua-dua.
4 Tuluy nyieun rancatanana tina kayu pilang
disaput emas,
5 seug dicorokkeun kana geugeulanganana
kenca katuhu.
6 Ti dinya nyieun tutupna tina emas tulen,
panjangna 110 sentimeter, rubakna 66
sentimeter.
7 Geus kitu nyieun dua mukarabin tina emas
ketokan,

8 dipasang dihijikeun kana tutup peti
tungtung pada tungtung,
9 disina pahareup-hareup tarungkul kana
tutup peti, jangjangna maleber mayungan.
10 Geus kitu Besalel nyieun meja tina kayu
pilang, panjangna 88 sentimeter, rubakna 44
sentimeter, jangkungna 66 sentimeter,
11 saluluarna dilapis ku emas, sisi-sisina
dielis ku emas,
12 sarta sakurilingna make titimbir rubakna
75 milimeter, terus diwengku ku emas.
13 Dina opat popojok lebah sukuna make
geugeulangan emas paranti ngagotong.
14 Eta geugeulangan paranti nyorokkeun
rancatan supaya mejana bisa digotong,
diterapkeunana deukeut kana garis sisi.
15 Tuluy nyieun rancatanana tina kayu pilang
dilapis ku emas.
16 Paparabotan pikeun eta meja kabeh
tina emas: piring, cangkir, kendi, jeung
bokor-bokor paranti ngahaturkeun cianggur.
17 Geus kitu Besalel nyieun suku palita
tina emas tulen. Dadampar jeung tihangna
tina emas ketokan. Papaesna direkakeun
kembang-kembang, lengkep katut kuncup
jeung daun kembangna, ngahiji kana
badanna.
18 Cabangna kenca katuhu aya genep,
sabeulahna tilu-tilu.

19 Unggal cabang genepanana make tilu
papaes direkakeun kembang kanari, lengkep
katut kuncup jeung daun kembangna.
20 Tihangna make opat papaes anu
direkakeun kembang kanari, lengkep katut
kuncup jeung daun kembangna.
21 Handapeun unggal cabang kenca katuhu,
masing-masing diheuleutan ku papaes anu
direkakeun kembang sapentol.
22 Pentol-pentol kembangna, cabang-
cabangna, jeung tihangna, kabeh emas
ketokan anu ngajadi sahiji bagian.
23 Sanggeus kitu tuluy nyieun palitana tujuh
pasangkeuneun dina eta suku palita. Ti dinya
nyieun cacapitna jeung tatadahna tina emas
tulen.
24 Emas tulen anu dipake nyieun eta suku
palita lengkep jeung parabotna, beuratna 35
kilo.
25 Geus kitu Besalel nyieun altar tina kayu
pilang pikeun pangukusan. Ukuranana
pasagi, panjangna 45 sentimeter, rubakna
45 sentimeter, jangkungna 90 sentimeter,
tatandukanana dihijikeun ka dinya di opat
juruna.
26 Beungeutna, badanna sakurilingna jeung
tatandukanana disaput ku emas, biwirna
sakurilingna diwengku ku emas.
27 Tuluy diceulian kenca katuhu handapeun
wengkuna paranti ngagotong, dicorok ku
rancatan.

28 Rancatanana tina kayu pilang dilapis ku
emas.
29 Geus kitu Besalel nyieun minyak suci
paranti ngistrenan, kitu deui seuseungitan
anu arum anu tulen dicampur cara buatan
tukang wawangian.
38 1 Altar pikeun ngaduruk kurban
dijieunna tina kayu pilang, ukuranana
pasagi, panjang jeung rubakna masing-
masing 2,2 meter, jangkungna 1,3 meter.
2 Di opat pojok luhurna diberean tatandukan
anu dihijikeun kana altarna. Saluluarna dilapis
ku tambaga.
3 Tuluy nyieun paparabotanana: dulangna,
sosodokna, bokor-bokorna, garpuhna,
jeung piring ruhakna. Kabeh dijieunna tina
tambaga.
4 Geus kitu nyieun panggaranganana tina
tambaga, diteundeunna handapeun biwir eta
altar, jangkungna satengah tina jangkungna
altar.
5 Tuluy nyieun opat geugeulangan pikeun
nyorokkeun rancatan, diterapkeunana di opat
juru eta altar.
6 Seug nyieun rancatanana tina kayu pilang
dilapis ku tambaga,
7 dicorokkeun kana geugeulanganana kenca
katuhu. Eta altar dijieunna make papan
dikolowongkeun.
8 Geus kitu Besalel nyieun jolang tina
tambaga, dadamparna oge tina tambaga. Ari

tambagana beunang ngumpulkeun, nya eta
eunteung-eunteung para wanita purah lalayan
di lawang Kemah Tepangan PANGERAN.
9 Geus kitu Besalel nyieun reregan pikeun
ngabudeur palataran Kemah Tepangan
PANGERAN tina lenen lemes. Panjang reregan
pikeun sisi kidul 44 meter.
10 Tihang rereganana tambaga, lobana dua
puluh tihang katut tatapakanana dua puluh,
tambaga keneh. Kakait-kakait tihangna kitu
deui papalang-papalangna tina perak.
11 Palataran sisi kaler oge ukuranana sarua
jeung anu beulah kidul.
12 Reregan pikeun sisi kulon panjangna
22 meter. Tihang rereganana sapuluh,
tatapakanana sapuluh, kakait-kakaitna jeung
papalang-papalangna tina perak.
13 Palataran sisi wetan anu aya lawangna,
rubakna sarua jeung nu beulah kulon, 22
meter.
14 (38:14-15) Reregan kenca katuhueun
lawang panjangna masing-masing 6,6 meter,
tihang rereganana kenca katuhu tilu-tilu, nya
kitu deui tatapakanana kenca katuhu tilu-tilu.
15 (38:14)
16 Reregan anu dipake ngubengan palataran,
lawonna kabeh lenen lemes.
17 Tatapakan tihang-tihang rereganana
kabeh tina tambaga, kakait-kakait jeung
papalang-papalang tihangna kabeh tina
perak, kitu deui congo-congo tihangna oge

dilapis ku perak. Tihang-tihang reregan
sakurilingeun palataran, nu hiji ka nu hiji deui
disambungkeun ku papalang tina perak.
18 Reregan pikeun lawang palataran bahanna
lenen lemes ditinun jeung wol warna biru,
wungu, jeung beureum, dihias ku sulaman.
Panjangna 9 meter, jangkungna 2 meter,
sarua jeung reregan palataranana.
19 Tihang rereganana opat, tatapakanana
opat tina tambaga, kakait-kakait jeung
papalangna perak, congona dilapis ku perak.
20 Pancuh-pancuh Kemah kitu deui pancuh-
pancuh sakuriling palataranana kabeh tina
tambaga.
21 Ieu daptar lobana logam anu dipake di
jero Kemah Tepangan PANGERAN, tempat
nyimpen dua papan batu anu ditulisan
Sapuluh Timbalan tea. Anu miwarang nyieun
ieu daptar teh Musa, ari nu migawena
jalma-jalma urang Lewi anu diatur ku Itamar
putra Imam Harun.
22 Barang-barang anu dipundut ku
PANGERAN tea kabeh geus anggeus dijieunna
ku Besalel bin Uri incu Hur ti kaom Yuda,
23 anu dibaturan ku Oholiab bin Ahisamak
ti kaom Dan, ahli ngukir, ahli nyieun model,
ahli ninun kain lenen jeung wol warna biru,
wungu, jeung beureum.
24 Lobana emas anu dibaktikeun ka
PANGERAN pikeun Kemah Suci, beuratna

sarebu kilo, nurutkeun patokan timbangan resmi.
25 Lobana perak tina upeti cacah jiwa aya
3.430 kilo nurutkeun patokan timbangan resmi.
26 Jumlahna cocog sakumaha anu kudu
dibayar ku nu geus meujeuhna dicacahkeun
tea, mayarna masing-masing sakumaha
diwajibkeunana, ditimbangna nurutkeun
patokan resmi. Anu dicacahkeunana nya eta
lalaki anu umurna ti dua puluh taun ka luhur,
jumlahna aya 603.550 urang.
27 Perak tea anu 3.400 kilo dipake nyieun
saratus tatapakan pikeun Kemah Suci jeung
pikeun tihang-tihang reregan, hiji tatapakan
beuratna 34 kilo.
28 Anu 30 kilo deui ku Besalel dipake ngalapis
congo-congo tihang.
29 Lobana tambaga anu dibaktikeun ka
PANGERAN 2.425 kilo.
30 Ku Besalel dipake nyieun tatapakan
lawang Kemah Tepangan PANGERAN, dipake
nyieun altar katut panggaranganana, dipake
nyieun paparabotan altar,
31 dipake nyieun tatapakan tihang-tihang
sakuriling palataran jeung di lawang
palataran, kitu deui pancuh-pancuh Kemah
jeung pancuh-pancuh sakuriling palataran.
39 1 Ari pakean agreng pikeun imam-
imam keur pakeeun ari babakti di
Kamar Suci, bahanna wol biru, wungu, jeung

beureum. Prak we tukang-tukang teh nyieun
pakean imam pikeun Harun, nurutkeun
sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.
2 Nyieun epodna tina lenen lemes, wol biru,
wungu, jeung beureum, jeung benang emas.
3 Sarta eta tukang-tukang teh ngetok
emas sina meber tuluy diguntingan aripis,
diterap-terapkeun kana kaen lenen lemes
jeung kana wol warna biru, wungu, jeung
beureum tea.
4 Geus kitu nyieun tali taktakna dua,
dijaitkeun kana tungtung-tungtung epod
ti luhur kenca katuhu supaya eta oto bisa
dipageuhan.
5 Tuluy nyieun tali beubeurna tina bahan
anu eta keneh, dijaitkeun kana epodna sina
ngahiji, sakumaha timbalan PANGERAN ka
Musa tea.
6 Ti dinya nyadiakeun batu-batu permata
dalima tuluy dicangkokan ku emas
disusunkeun, sarta batuna diukiran ku dua
welas ngaran putra-putra Yakub, kacida
alusna,
7 seug diterapkeun dina tali taktak epod
kenca katuhu, ngalambangkeun dua welas
kaom Israil, sakumaha timbalan PANGERAN
ka Musa.
8 Ari otona bahanna sarua jeung bahan
epod, sulamanana oge sarua.
9 Bangunna pasagi jeung dirangkep.
Panjangna 22 sentimeter, rubakna oge sakitu.

10 Eta oto ditaretes ku batu-batu permata
opat jajar. Permata jajaran kahiji: mirah
dalima, manikem koneng jeung batu dalima.
11 Permata jajaran kadua: jambrut, nilem
jeung inten.
12 Permata jajaran katilu: pirus, angkik
jeung kucubung.
13 Permata jajaran kaopat: ratna-campaka,
permata dalima, jeung widuri pandan.
Permatana kabeh dicangkok ku emas.
14 Unggal batu permatana diukiran ku
ngaran pala putra Yakub, ngalambangkeun
dua welas kaom Israil.
15 Otona make dua rantay emas murni anu
dirarakeun siga tali,
16 dua cangkok emas, jeung dua ali emas. Ali
emasna dijaitkeun dina tungtung oto beulah
luhur kenca katuhu,
17 sarta rantay emas tea dicantelkeun kana
eta dua ali.
18 Ari tungtung rantay nu sabeulah deui
duanana dicantelkeun kana dua cangkok
emas anu ayana dina tali taktak epod beulah
hareup kenca katuhu.
19 Nyieun deui dua ali emas, dijaitkeun dina
tungtung-tungtung oto beulah handap dina
sisina beulah jero luareun epod.
20 Nyieun deui dua ali emas, tuluy dijaitkeun
kana puhu tali taktak epod beulah hareup
deukeut kelinna, luhureun tali beubeur epod
kenca katuhu.

21 Sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa,
ali-ali oto jeung ali-ali epod dirempetkeun
tuluy dibeungkeut ku pita biru, supaya otona
bener cicingna di luhureun tali beubeur jeung
supaya henteu lesot.
22 Ari baju kurung anu baris dipake luareun
epod bahanna kabeh wol biru.
23 Pinggiran beuheungna sakurilingna dikelin
ku lawon tinun supaya henteu soeh.
24 (39:24-26) Tungtung handap nu
ngarumbay sakurilingna dirarawisan ku
dadalimaan tina lenen lemes jeung wol
biru, wungu, beureum, dipaselangkeun
jeung genta-genta laleutik tina emas tulen,
sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.
25 (39:24)
26 (39:24)
27 Jeung nyieun kameja pikeun Harun jeung
putra-putrana pameget,
28 dastar, kerepus, calana pondok tina lenen
lemes;
29 nyieun solempang tina lenen lemes jeung
tina wol warna biru, wungu jeung beureum,
dimamanis ku sulaman, sakumaha timbalan
PANGERAN ka Musa.
30 Jeung nyieun perhiasan jamang suci tina
emas murni, diukiran kalimah "Suci bade ka
PANGERAN".
31 Eta perhiasan digantelkeun kana dastar
beulah ti hareup ku tali warna biru, sakumaha
timbalan PANGERAN ka Musa.

32 Sagala rupa pagawean anu tumali jeung
Kemah Tepangan PANGERAN geus anggeus
kabeh. Ku urang Israil dijieunna kabeh cocog
jeung timbalan PANGERAN ka Musa.
33 Geus kitu Kemah teh disanggakeun ka
Musa jeung sakabeh paparabotanana: kakait-
kakait, papan-papan, papalang-papalang,
tihang-tihang katut tatapakan-tatapakanana;
34 tutup tina kulit domba beunang
ngabeureuman, tutup tina kulit lemes;
reregan aling-aling;
35 Peti Perjangjian anu dieusi dua papan
batu, rancatanana, tutupna;
36 meja jeung sakabeh paparabotanana
katut roti haturkeuneun ka Allah;
37 suku palita tina emas tulen, palita-
palitana, sakabeh paparabotanana katut
jeung minyak lampuna;
38 altar emas; minyak pangistrenan;
seuseungitan anu arum; reregan lawang
Kemah;
39 altar tambaga katut panggarangan
tambagana; rancatanana jeung sakabeh
paparabotanana; jolang paranti kukumbah
jeung dadamparna;
40 reregan-reregan palataran, tihang-tihang
katut tatapakan-tatapakanana; reregan
lawang palataran jeung tambang-tambangna,
pancuh-pancuh Kemah, sakabeh paparabotan
pakeeun di jero Kemah;

41 pakean agreng imam paranti babakti di
Kamar Suci, nya eta pakean suci pikeun
Imam Harun sapala putra.
42 Eta kabeh dijieunna ku urang Israil teh
cocog jeung pangandika PANGERAN ka Musa.
43 Seug eta barang-barang teh ku Musa
dipariksaan hiji-hiji. Sanggeus kauninga
yen kabeh cocog sakumaha pamundut
PANGERAN, seug sakabehna ku Musa
diberkahan.
40 1 PANGERAN nimbalan ka Musa,
2 "Kemah Tepangan PANGERAN teh
adegkeun dina tanggal hiji bulan kahiji.
3 Peti Perjangjian anu dieusi Sapuluh
Timbalan tea simpen di eta Kemah, halangan
ku lalangse ti hareupna.
4 Meja ka jerokeun, parabotna tatakeun.
Suku palita asupkeun, palita-palitana
terapkeun.
5 Altar emas pangukusan teundeun
hareupeun Peti Perjangjian, lawang Kemahna
alingan ku lalangse.
6 Altar kurban beuleuman teundeun
hareupeun Kemah.
7 Jolang paranti kukumbah teundeun antara
Kemah jeung altar, eusian cai.
8 Jieun palataran Kemah, kubeng, lawangna
alingan ku lalangse.
9 Kemah jeung paparabotanana istrenan,
lisahan ku minyak suci supaya jadi suci.

10 Tuluy altar jeung paparabotanana
istrenan, lisahan ku minyak suci, tanwande
jadi suci.
11 Pon kitu jolang paranti kukumbah jeung
alasna, sucikeun saperti kitu.
12 Harun jeung anak-anakna bawa ka lawang
Kemah, tuluy sina mandi suci.
13 Harun dangdanan ku pakean imam,
lisahan sangkan jadi suci, layak jadi imam
anu ngawula ka Kami.
14 Anak-anakna kamejaan,
15 tuluy lisahan saperti bapana, supaya jaradi
imam ngawulaan Kami. Ieu pangistrenan
bakal ngukuhkeun maranehna jeneng imam
saterusna."
16 Musa ngajalankeun piwarangan
PANGERAN.
17 Dina tanggal hiji bulan kahiji, taun kadua
ti barang kaluar ti Mesir, Kemah Tepangan
PANGERAN geus nangtung.
18 Ku Musa geus dilantean, dipapanan,
dipapalangan,tihang-tihangna geus
ditangtungkeun,
19 lapis-lapis Kemah beulah jero jeung tutup
luarna geus diterapkeun sakumaha timbalan
PANGERAN.
20 Papan batu anu dua gebleg tea ku Musa
geus diasupkeun ka jero Peti Perjangjian,
rancatan petina geus dicorokkeun kana
geugeulanganana, tutup petina geus
dipasang di luhurna.

21 Petina disimpen di jero Kemah, jeroeun
lalangse aling-aling, jadi eta Peti Perjangjian
teh dibunikeun, sakumaha dipiwarangna ku
PANGERAN.
22 Ari meja diteundeunna di jero Kemah teh
di sisi kaler luareun reregan,
23 sarta roti haturan PANGERAN ditata
dina eta meja sakumaha dipiwarangna ku
PANGERAN.
24 Ari suku palita diteundeunna di Kemah teh
di sisi kidul, paeunteung-eunteung jeung eta
meja,
25 sarta palita-palitana geus diseungeut
di payuneun PANGERAN, sakumaha
dipiwarangna ku Mantenna.
26 Altar emas ku anjeunna diteundeunna di
jero Kemah, hareupeun reregan,
27 seug dibeuleuman seuseungitan anu arum
sakumaha timbalan PANGERAN.
28 Lawang kemah geus dialingan ku lalangse,
29 sarta di hareupeun lalangsena Musa
neundeun altar paranti kurban beuleuman
jeung kurban gandum, sakumaha
dipiwarangna ku PANGERAN.
30 Jolang paranti kukumbah diteundeunna di
antara Kemah jeung eta altar, dieusian cai.
31 Musa, Harun, jeung putra-putra Harun,
kudu wawasuh heula panangan jeung
sampean ku cai tina eta jolang,

32 samemeh lebet ka jero Kemah atawa
nyampeurkeun altar, sakumaha timbalan
PANGERAN.
33 Palataran sakuriling Kemah jeung altar ku
Musa geus dipidamel, lawang palataranana
geus dialingan ku lalangse. Geus kitu sagala
padamelan Musa teh beres.
34 Geus kitu Kemah teh diliputan ku mega
bray aya cahaya matak serab nandakeun yen
PANGERAN hadir ngeusian eta Kemah.
35 Ku hal eta Musa jadi teu iasa lebet.
36 Ari urang Israil, samangsa-mangsa
eta mega unggah ti Kemah, bral parindah
masanggrahanana.
37 Sapanjang eta mega tacan unggah
mah maranehna tacan waka parindah
masanggrahanana.
38 Sapanjang maranehna ngalalakon di jalan,
eta mega anu nandakeun yen PANGERAN
hadir teh mun ti beurang katembong
mayungan Kemah, mun ti peuting katembong
ngagebur luhureun Kemah.

Imamat

1 [1] Musa ku PANGERAN disaur ti jero Kemah
Tepangan PANGERAN tuluy dipaparin
aturan
[2] tina hal kurban pikeun urang Israil. Kieu:
Lamun aya anu ngurbankeun sato, meunang
sapi atawa domba atawa embe.
[3] Lamun anu rek dijieun kurban beuleuman
teh sapi, kudu anu jalu sarta mulus. Jogokeun
sapina hareupeun lawang Kemah Tepangan,
sina kamanah ku PANGERAN.
[4] Tumpangkeun leungeun nu boga kurban
kana sirah eta sapi, geus kitu kakara bakal
katampi keur kurban pamupus dosa.
[5] Peuncit di dinya, getihna sanggakeun
ka PANGERAN ku imam turunan Harun,
kepret-kepret kana sakuriling altar anu aya di
lawang Kemah.
[6] Kulitna sisit, awakna potongan.
[7] Imam kudu nyuluhan altar, sakalian
ngahurungkeun suluhna.
[8] Sapi beunang motongan teh tumpangkeun
luhureun seuneu katut sirah jeung gajihna.
[9] Jeroan jeung pingping tukang duanana ku
nu boga kurban kudu dikumbah sing beresih,
tuluy teundeun ku imam kana altar, hijikeun
jeung baturna. Jadi kabeh kurbankeun. Ieu

kurban kadaharan, anu bakal katampi ku PANGERAN nya eta seungitna.
10 Lamun pikurbaneunana domba atawa embe, sarua keneh kudu jalu tur mulus.
11 Peuncit gigireun altar sisi kaler, kepret-kepret getihna ku imam kana sakuriling altar.
12 Awakna potongan ku nu boga kurban, sagala babagian katut sirah jeung gajihna teundeun ku imam kana altar.
13 Jeroan jeung pingping tukang duanana sina dikumbah ku nu boga kurban, kakara haturkeun ku imam ka PANGERAN, beuleum kabeh dina altar. Anu bakal katampi ku PANGERAN nya eta seungitna.
14 Lamun manuk, kudu manuk japati atawa tikukur.
15 Eta manuk ku imam kudu dibawa kana altar, beuheungna palitekkeun, sirahna beuleum dina altar. Urutan getihna sina ngeclak kana biwir altar.
16 Telih jeung eusina piceun alungkeun kana tempat lebu wetaneun altar.
17 Cekel puhu jangjangna, sowehkeun dadana sina beulah, tapi jangjangna ulah nepi ka semplak. Beuleum dina altar. Anu bakal katampi ku PANGERAN nya eta seungitna.
2 1 Lamun ngahaturkeun kurban tina gandum ka PANGERAN, gandumna kudu ditipungkeun heula. Tipungna kucuran minyak jetun, tumpangan dupa.

2 Bawa ka imam turunan Harun. Ku imam
eta tipung comot sakeupeul jeung minyakna
saeutik, dupana cokot kabeh, tuluy beuleum
dina altar, pikeun sarat yen eta kurban geus
dihaturkeun kabeh ka PANGERAN. Anu bakal
katampi ku PANGERAN nya eta seungitna.
3 Tipung sesana keur imam, sarta
kaayaanana jadi kacida sucina lantaran asal
tina hancengan PANGERAN.
4 Saupama kurban kadaharan teh beunang
meuleum, henteu meunang make ragi. Anu
kandel, ngadonanana kudu ku minyak jetun,
anu ipis ulasan ku minyak jetun.
5 Lamun bangsa dadar, ngadonanana kudu
ku minyak jetun, teu meunang make ragi.
6 Geus didadar kudu diremuk-remuk
heula, tuluy kucuran minyak jetun, kakara
kurbankeun.
7 Lamun dibuburkeun, adonanana kudu
make minyak jetun.
8 Bikeun eta adonan ka imam sina dibawa ka
altar, haturkeuneun ka PANGERAN.
9 Ku imam adonanana kudu dicokot saeutik,
tuluy sina dibeuleum dina altar, pikeun sarat
yen eta kurban geus dihaturkeun kabeh ka
PANGERAN. Anu bakal katampi ku PANGERAN
nya eta seungitna.
10 Sesana keur imam, sarta kaayaanana jadi
kacida sucina, sabab asal tina hancengan
PANGERAN.

11 Sagala rupa kurban kadaharan tina
gandum ulah diragian. Pacuan tutuangeun
haturan PANGERAN mah ulah make ragi
atawa madu.
12 Saban metik panen, indung panen kudu
disanggakeun ka PANGERAN, tapi ulah dibawa
kana altar, lain keur beuleumeun.
13 Sagala rupa kurban tina gandum kudu
make uyah, sabab uyah teh jadi ciri
perjangjian antara maraneh jeung Allah. Jadi
sagala rupa kurban kudu diuyahan.
14 Lamun rek nyanggakeun kurban tina
gandum panen munggaran, kudu anu geus
disanggray atawa tipungna.
15 Tuluy campuran ku minyak jetun jeung
tumpangan dupa.
16 Sabagian eta tipung jeung minyak katut
dupana kabeh ku imam kudu dibeuleum,
pikeun tanda yen kabeh geus dihaturkeun ka
PANGERAN, dijieun kurban kadaharan.
3 1 Lamun aya anu ngahaturkeun kurban
panarima, sarta anu rek dikurbankeunana
teh sapi, jalu meunang bikang meunang, tapi
kudu anu mulus.
2 Tumpangkeun leungeun kana sirah eta
sapi, peuncit sapina di hareupeun lawang
Kemah Tepangan PANGERAN. Kepret-kepret
getihna ku imam turunan Harun kana
sakuriling altar.
3 Tuluy sanggakeun pikurbaneunana, jieun
kurban kadaharan haturan PANGERAN.

Babagian anu kudu dihaturkeun nya eta
kabeh gajih jeroan,
4 giginjel duanana jeung gajihna, jeung
babagian ati anu pangalusna.
5 Beuleum kabeh dina altar ku imam,
hijikeun jeung baturna anu geus aya dina
altar. Anu bakal katampi ku PANGERAN nya
eta seungitna.
6 Lamun pikurbaneunana domba atawa
embe, jalu meunang bikang meunang, tapi
kudu anu mulus.
7 Upama domba,
8 tumpangkeun leungeun nu boga kurban
kana sirah eta domba, peuncit dombana
hareupeun Kemah Tepangan. Kepret-kepret
getihna ku imam kana sakuriling altar.
9 Haturkeun pikurbaneunana, jieun kurban
kadaharan haturan PANGERAN. Babagian anu
kudu dihaturkeun nya eta gajih, buntutna
saweuteuhna anu pinuh ku gajih anu dipotong
tina bagalna, sakabeh gajih anu ngabulen
eusi beuteungna,
10 giginjel duanana jeung gajihna, jeung
babagian ati anu pangalusna.
11 Beuleum kabeh dina altar ku panghulu,
jieun kurban kadaharan haturan PANGERAN.
12 Upama embe,
13 tumpangkeun leungeun nu boga kurban
kana sirah eta embe, peuncit embena
hareupeun Kemah Tepangan. Kepret-kepret
getihna ku imam kana sakuriling altar.

14 Babagian anu kudu dihaturkeun keur
kurban kadaharan nya eta sakabeh gajih anu
ngabulen eusi beuteungna,
15 giginjel duanana jeung gajihna, jeung
babagian ati anu pangalusna.
16 Beuleum kabeh dina altar ku imam jieun
kurban kadaharan, anu bakal katampi ku
PANGERAN. Gajihna haturkeun kabeh ka
PANGERAN.
17 Urang Israil sanajan di mana bae teu
meunang ngadahar gajih atawa getih. Ieu
katangtuan kudu digumatikeun saumur-umur
ku urang Israil.
4 1 Aya deui pangandika PANGERAN ka
Musa.
2 Musa kudu ngembarkeun ka urang Israil,
yen lamun aya anu boga dosa lantaran
ngalanggar cegahan PANGERAN teu kahaja,
kudu nekanan ieu aturan.
3 Upama anu boga dosa teh Imam Agung,
anu geus tangtu mawa ka sakumna rayat,
manehna kudu ngurbankeun sapi jalu ngora
anu mulus ka PANGERAN, pikeun nebus
dosana.
4 Jogokeun sapina di hareupeun lawang
Kemah Tepangan, tumpangkeun leungeun
kana sirah eta sapi, peuncit sapina di dinya
payuneun PANGERAN.
5 Imam Agung kudu nyokot getihna saeutik
bawa asup ka jero Kemah.

6 Anclomkeun ramona kana eta getih,
kepret-kepret getihna tujuh kali ka hareupeun
lalangse suci.
7 Sawareh deui oles-oles kana juru
tatandukan pangukusan di eta Kemah. Getih
sesana bahekeun kana dasar liang altar anu
di lawang Kemah, pikeun kurban beuleuman.
8 Sapi teh ala kabeh gajihna, gajih anu
ngabulen eusi beuteung,
9 giginjel duanana jeung gajihna, jeung
babagian ati anu pangalusna.
10 Gajihna beuleum ku imam dina altar,
kurbankeun sakumaha halna gajih sato
kurban-panarima.
11 Ari kulitna, kabeh dagingna, sirahna,
sukuna, jeroanana, peujit jeung eusina,
12 bawa ka luareun pasanggrahan ka tempat
beberesih, nya eta tempat miceun lebu,
beuleum di dinya make suluh.
13 Upama anu dosana sakumna bangsa
Israil, sarta jadi kasalahan anu ngalanggar
cegahan PANGERAN ngan teu kahaja,
14 ti barang eta dosa kanyahoan, jalma kabeh
kudu nyokot sapi keur kurban pamupus dosa.
Bawa sapina ku maranehna ka hareupeun
Kemah Tepangan.
15 Para kokolot kudu narumpangkeun
leungeun kana sirah eta sapi, tuluy peuncit
sapina di dinya.
16 Getihna sawareh kudu dibawa ku Imam
Agung ka jero Kemah Tepangan,

17 celupkeun ramona kana eta getih, tuluy
kepret-kepret ka hareupeun lalangse tujuh
kali.
18 Sawareh deui ku Imam Agung kudu
dioles-oles kana juru tatandukan altar
pangukusan di eta Kemah. Getih sesana
bahekeun kana dasar liang altar anu di
lawang Kemah, pikeun kurban beuleuman.
19 Gajihna kabeh kudu dibeuleum dina altar.
20 Prakprakanana sakumaha halna
ngurbankeun sapi jalu pikeun kurban
pamupus dosa. Ku jalan kitu rahayat
sakumna dipangurbankeun ku imam tangtu
dosana dihampura.
21 Awak sapina bawa ka luareun
pasanggrahan tuluy beuleum sakumaha
kurban pikeun nebus dosa imam. Kitu carana
kurban pikeun nebus dosa sakumna rayat.
22 Upama anu boga dosa teh gegeden, teu
kahaja ngalanggar salah sarupa cegahan
PANGERAN,
23 ti barang ngarasa yen boga dosa, eta
gegeden kudu buru-buru nyokot embe jalu
anu mulus keur kurban.
24 Eta gegeden kudu numpangkeun leungeun
kana sirah eta embe, tuluy embena peuncit
gigireun altar beulah kaler, paranti meuncit
kurban beuleuman. Eta teh kurban pamupus
dosa.
25 Imam kudu nyelupkeun ramo kana getih
eta embe, tuluy getihna oles-oles kana

tatandukan altar. Getih sesana bahekeun
kana dasar liang altar.
26 Kabeh gajihna ku imam kudu dibeuleum
dina altar sakumaha gajih sato kurban
panarima. Ku jalan kitu eta gegeden teh ku
eta imam dipangnyieunkeun kurban pikeun
nebus dosana, tangtu dihampura.
27 Upama anu boga dosana rayat biasa, teu
kahaja ngalanggar salah sarupa cegahan
PANGERAN,
28 ti barang dibejaan yen salah kudu
ngahaturkeun embe bikang anu mulus.
29 Tumpangkeun leungeun kana huluna,
peuncit gigireun altar sisi kaler paranti
meuncit sato kurban beuleuman.
30 Imam kudu nyelupkeun ramo kana eta
getih embe, oles-oles kana juru tatandukan
altar. Getih sesana bahekeun kana dasar liang
altar.
31 Gajihna kabeh ala sakumaha sato anu
dijieun kurban panarima, tuluy beuleum
dina altar, seungitna bakal katampi ku
PANGERAN. Ku jalan kitu eta jelema teh ku
imam dipangnyieunkeun kurban dosa, tangtu
dihampura.
32 Upama sato kurban pamupus dosa teh
domba, kudu nu bikang jeung mulus.
33 Tumpangkeun leungeun kana sirah
eta domba, peuncit dombana di gigireun
altar beulah kaler paranti meuncit kurban
beuleuman.

34 Imam kudu nyelupkeun ramona kana
getih eta domba, tuluy oles-oles kana juru
tatandukan altar. Getih sesana bahekeun
kana dasar liang altar.
35 Gajihna ala kabeh sakumaha gajih
domba keur kurban panarima, tuluy beuleum
hijikeun jeung kurban kadaharan haturan
PANGERAN. Ku jalan kitu eta jelema ku
imam dipangnyieunkeun kurban dosa, tangtu
dihampura.
5 1 Kurban pamupus dosa perlu kudu
dihaturkeun dina hal-hal anu kieu: Lamun
aya jelema anu kalawan resmi dipenta
panyaksina di pangadilan, tapi teu mere
katerangan tina hal anu ku manehna geus
katenjo atawa kadenge, nepi ka manehna
kudu nanggung balukarna.
2 Lamun aya jelema anu teu kahaja nyabak
barang najis, upama bae bangke sato, tapi
sanggeusna tuluy ngarasa yen dirina jadi
najis jeung salah.
3 Lamun aya jelema anu teu kahaja
nyabak barang najis naon bae anu asal ti
jelema, tapi sanggeusna tuluy ngarasa kana
kasalahanana.
4 Lamun aya jelema anu sumpah
sambarangan tina hal naon bae, tapi geus
kitu tuluy ngarasa yen eta kalakuanana teh
salah.
5 Dina hal-hal saperti kitu, jelema nu salah
teh kudu ngaku kana kasalahanana.

6 Pikeun nebus kasalahanana tea manehna
kudu mawa hiji domba bikang atawa embe
bikang haturkeuneun ka PANGERAN. Eta sato
ku imam kudu dijieun kurban pikeun mupus
dosana eta jelema.
7 Anu teu kuat ngahaturkeun domba atawa
embe, meunang ku japati atawa tikukur dua
siki, hiji keur kurban pamupus dosa, hiji keur
kurban beuleuman.
8 Serenkeun manukna ka imam. Imam kudu
ngaheulakeun kurban pamupus dosa. Manuk
teh pinggeskeun beuheungna deukeut kana
huluna tapi ulah nepi ka pegat.
9 Getihna sina ngeclak saeutik kana biwir
altar, sesana kucurkeun kana dasar liang
altar. Eta pikeun kurban pamupus dosa.
10 Manuk anu hiji deui jieun kurban
beuleuman, aturanana sakumaha mistina.
Jadi eta jelema teh ku imam dipangurbankeun
pikeun nebus dosana, tangtu dihampura.
11 Upama teu kuat ngahaturkeun japati
atawa tikukur, meunang ku tipung sakilo.
Tipung wungkul, ulah diteundeunan minyak
atawa dupa, da eta mah kurban pamupus
dosa, lain kurban gandum.
12 Serenkeun ka imam. Ku imam kudu
dicokot sakeupeul pikeun jadi sarat yen geus
dihaturkeun kabeh ka PANGERAN. Beuleum
dina altar jadi kurban kadaharan. Eta pikeun
kurban dosa.

13 Jadi eta jelema ku imam dipangurbankeun
pikeun nebus dosana, tangtu dosana
dihampura. Tipung sesana jadi bagian imam
sakumaha halna kurban kadaharan.
14 PANGERAN ngandika deui ka Musa perkara
katangtuan kieu:
15 Jelema anu boga dosa teu kahaja henteu
mayar-mayar kaperluan anu disucikeun
haturan PANGERAN, kudu ngurbankeun
domba atawa embe jalu anu mulus, pikeun
nebus kasalahanana. Dombana ditaksir heula
pihargaeunana nurutkeun patokan Kemah
PANGERAN.
16 Tunggakanana kudu dibayar, ditambah
dengda saperlimana tina tunggakanana.
Dombana serenkeun ka imam supaya
dikurbankeun pikeun nebus dosana, tangtu
dosana dihampura.
17 Jelema anu teu kahaja ngalanggar
cegahan PANGERAN, eta salah sarta kudu
dihukum.
18 Hukumanana kudu nyerenkeun domba
atawa embe jalu anu mulus, sarta
hargana ditaksir nurutkeun patokan Kemah
PANGERAN. Eta sato ku imam kudu
dikurbankeun pikeun nebus dosa eta jelema.
19 Eta teh kurban ganti rugi pikeun
kasalahanana ka PANGERAN.
6 1 PANGERAN ngandikakeun deui
aturan-aturan ka Musa.

2 (6:2-3) Jelema anu boga dosa ka
PANGERAN lantaran miboga barang baturna
papada urang Israil, boh beunang manggih
boh beunang maling atawa beunang nipu,
atawa ngangles nepi ka susumpahan majar
teu manggihan eta barang, eta jelema kudu
dipangnyieunkeun kurban.
3 (6:2)
4 (6:4-5) Anu boga dosa saperti kieu,
barang naon bae anu dipibogana ku jalan
teu jujur tea kudu dibayar. Lamun dosana
geus kabitur, barang tea kudu dibayar
sahargana ka nu boga hakna, ditambah
uang dengda saperlimana tina harga barang
papanggihanana.
5 (6:4)
6 Tuluy kudu nyerenkeun domba atawa embe
jalu anu mulus ka imam, sina dikurbankeun
ka PANGERAN. Satona kudu ditaksir heula
pihargaeunana nurutkeun patokan Kemah
PANGERAN.
7 Jadi eta jelema teh ku imam
dipangurbankeun pikeun nebus dosana,
tangtu dosana dihampura.
8 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
9 hal aturan kurban beuleuman anu
dipapancenkeun ka Harun. Kurbanna
dibeuleumna dina altar kudu sapeupeuting,
seuneuna teu meunang pareum.
10 Imamna kudu make calana pondok jeung
jubah lawon kaci, geus kitu kudu ngangkat

lebu anu geus kalabur ku minyak gajih tina altar, simpen heula gigireun altar.
11 Geus kitu kudu ganti pakean. Lebu teh bawa ka luareun pasanggrahan, ka tempat paranti beberesih.
12 Seuneu dina altar kudu terus hurung. Saban isuk ku imam kudu disuluhan deui. Kurban beuleuman tea teundeun dina luhurna, tuluy gajih kurban panarima tea beuleum.
13 Seuneuna kudu mayeng hurungna ulah pareum-pareum.
14 Kurban gandum papakonna kieu: Kurbanna ku imam turunan Harun kudu dihaturkeun ka PANGERAN, hareupeun altar.
15 Cokot tipungna sakeupeul, minyakna saeutik jeung dupana, beuleum dina altar, pikeun sarat yen enggeus disanggakeun kabeh ka PANGERAN. Anu baris ditampi ku PANGERAN nya eta seungitna.
16 (6:16-17) Sesana kudu dijieun roti teu diragi terus dalahar ku imam-imam. Didalaharna kudu di tempat suci, di latar Kemah Tepangan. Eta sabagian kurban kadaharan ku PANGERAN diajangkeun pikeun para imam, sarta kaayaanana kacida sucina sakumaha kurban pamupus dosa jeung kurban ganti rugi.
17 (6:16)
18 Pikeun saterusna, kabeh turunan Harun anu lalaki meunang ngadalahar, tur bakal

mayeng mareunang bagian tina kadaharan
anu dihaturkeun ka PANGERAN. Salian ti eta
saha-saha anu nyabak eta kadaharan bakal
cilaka ku pangaruh kasucianana.
19 PANGERAN ngandikakeun deui aturan
20 hal ngangkat imam turunan Harun. Dina
poean diangkatna kudu ngahaturkeun kurban
ka PANGERAN, tipung sakilo (sarua lobana
jeung pikeun kurban kadaharan sapopoe),
satengahna dikurbankeunana isuk-isuk,
satengahna deui pasosore.
21 Galeyan ku minyak tuluy dadarkeun.
Sanggeus didadar tuluy bubukkeun,
seug sanggakeun jadi kurban kadaharan.
Seungitna bakal katampi ku PANGERAN.
22 Saban turunan Harun anu jadi Imam
Agung kudu nekanan ieu kurban. Kurbanna
kudu beak kabeh dibeuleumna, haturan
PANGERAN.
23 Kabeh kurban kadaharan ti imam teu
meunang didahar, kudu beak kabeh diduruk.
24 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
25 hal aturan-aturan anu kudu ditekanan
ku Harun sapala putra hal kurban pamupus
dosa. Sato anu rek dijieun kurban dosa
kudu dipeuncit kalereun altar, tempat paranti
meuncit sato kurban beuleuman. Ieu kurban
kacida sucina.
26 Imam anu ngurbankeunana kudu
ngadahar eta kurban di tempat anu suci, nya
eta di buruan Kemah Tepangan.

27 Sing saha atawa naon bae anu antel kana
daging eta kurban bakal cilaka ku suci-sucina
eta kurban. Barang atawa papakean anu
kakecretan ku getihna kudu diseuseuh di
tempat anu suci.
28 Pariuk urut ngagodogna kudu
dipeupeuskeun. Upama tempat ngagodogna
tina tambaga, kudu dikosokan tuluy kumbah
ku cai sing beresih pisan.
29 Kulawarga eta imam anu lalaki meunang
ngadahar ieu kurban anu geus jadi kacida
sucina.
30 Tapi kurban anu getihna dibawa asup ka
jero Kemah Tepangan pikeun dipake upacara
mupus dosa, dagingna teu meunang didahar,
kudu dibeuleum nepi ka beak.
7 1 Ieu aturan kurban kasalahan. Aturanana
suci.
2 Pikurbaneunana peuncit di tempat paranti
meuncit sato kurban beuleuman, nya
eta di kalereun altar, sarta getihna kudu
disiramkeun kana opat pongpok altar.
3 Gajihna kabeh ala kana altarkeun, nya eta
gajih buntut, gajih jeroan,
4 giginjel duanana jeung gajihna, jeung
babagian ati anu pangalusna.
5 Beuleum gajihna kabeh ku imam dina altar,
jieun kurban kadaharan haturan PANGERAN.
Eta kurban kasalahan.
6 Kulawarga imam anu lalaki kabeh kudu
milu ngadahar eta daging kurban. Didaharna

kudu di tempat anu suci, sabab eta kadaharan teh suci.
7 Boh pikeun kurban pamupus dosa
boh pikeun kurban kasalahan, aya
katangtuanana, nya eta dagingna pikeun
imam anu ngurbankeun.
8 Sato kurban beuleuman kulitna pikeun
imam anu ngurbankeun.
9 Tiap kurban kadaharan, boh anu meunang
meuleum boh anu digoreng atawa didadar,
eta pikeun imam anu ngurbankeun.
10 Kurban kadaharan anu henteu diasakan,
boh nu make minyak boh nu tuhur, eta pikeun
para imam turunan Harun, bagikeun sing
walatra di antara maranehna.
11 Ieu aturan hal nyanggakeun kurban
panarima ka PANGERAN.
12 Anu nyieun kurban panarima tanda rasa
sukur ka Allah, jaba ti ngurbankeun sato
kudu ngahaturkeun roti anu teu diragi.
Rotina meunang anu kandel anu diadonan
ku minyak jetun, meunang anu ipis anu
diulasan ku minyak jetun, atawa kueh-kueh
anu diadonanana ku minyak jetun,
13 jeung beuleum roti anu teu diragi.
14 Tina tiap eta kadaharan ku manehna kudu
dibaktikeun sabagian ka PANGERAN; eta teh
jadi bagian pikeun imam anu nyiramkeun
getih sato kurban kana altar tea.

15 Daging kurbanna kudu beak didahar
poe eta keneh, poe dikurbankeunana, teu
meunang disesakeun nepi ka isuk.
16 Kurban panarima ti jelema anu maksudna
nekanan nadar, atawa pedah kajurung ku
niat sorangan, dagingna kudu didahar poe
eta keneh, poe dikurbankeunana; upama teu
beak, meunang diisukkeun.
17 Tapi lamun nepi ka pagetona aya keneh,
kudu diduruk masing beak.
18 Sabab lamun geus tilu poe didahar keneh
bae, kurbanna ku PANGERAN moal ditampi
jeung moal matak jadi berkah ka manehna,
malah haram sarta bakal aya balukarna ka
anu ngadahar.
19 Upama eta daging kakeunaan ku nu najis,
teu meunang didahar, kudu diduruk. Saha
bae meunang milu ngadahar asal dirina teu
kanajisan.
20 Sing saha anu dirina keur kanajisan seug
ngadahar eta, teu meunang diaku deui umat
Allah.
21 Kitu deui jelema anu tas nyabak barang
najis, boh najis nu asal ti jelema boh anu asal
ti sato, lamun ngadahar eta daging kurban
teu meunang diaku deui umat Allah.
22 PANGERAN ka Musa ngandikakeun deui
aturan
23 pikeun urang Israil. Urang Israil teu
meunang ngadahar gajih sapi, domba atawa
embe.

24 Gajih sato anu paeh sorangan atawa paeh
lantaran ditekuk sato galak, teu meunang
didahar tapi bisa dipake pikeun kaperluan
sejen.
25 Anu ngadahar gajih sato anu bisa dijieun
kurban kadaharan haturan PANGERAN, teu
meunang diaku deui umat Allah.
26 Urang Israil di mana bae teu meunang
nyieun dahareun tina getih manuk atawa sato
lianna.
27 Anu ngalanggar teu meunang diaku deui
umat Allah.
28 PANGERAN ngandikakeun ieu aturan ka
Musa
29 pikeun urang Israil. Saha-saha anu
boga kurban panarima, sabagian kurbanna
hususkeun haturan PANGERAN.
30 Kurban kadaharanana sanggakeun ku
leungeun sorangan. Gajih jeung dada sato
kurbanna haturkeun ka PANGERAN, jadi
pangbakti husus.
31 Gajihna ku imam kudu diduruk dina altar,
dadana pikeun para imam.
32 Pingping tukangna anu katuhu husus
dermakeun
33 ka imam anu ngurbankeun getih jeung
gajih eta kurban panarima.
34 Dadana jadi pangbakti husus, ari
pingping tukangna nu katuhu ku PANGERAN
geus ditangtukeun ka urang Israil pikeun
didermakeun ka para imam. Eta kitu anu ku

urang Israil kudu dibikeun ka imam-imam,
salilana.
35 Kitu bagian Harun sapala putra tina sagala
kurban anu dihaturkeun ka PANGERAN,
anu diandikakeun dina poean aranjeunna
diangkat.
36 Harita PANGERAN nimbalan ka urang
Israil yen kudu mere bagian saperti kitu ka
aranjeunna. Ieu katangtuan ku urang Israil
kudu dilakonan saterusna.
37 Kitu aturan-aturan hal kurban beuleuman,
kurban kadaharan, kurban pamupus dosa,
kurban kasalahan, kurban pangistrenan,
jeung kurban panarima.
38 Kitu timbalan PANGERAN ka Musa di
Gunung Sinai di tanah gurun, dina poean
anjeunna ngembarkeun aturan-aturan kurban
pikeun urang Israil.
8 1 PANGERAN ngandika ka Musa,
2 "Harun jeung anak-anakna nu lalaki
bawa ka hareupeun panto Kemah Kami. Bawa
pakean imam, minyak suci, anak sapi jalu
pikeun kurban pamupus dosa, dua domba
jalu, jeung roti anu teu diragi dina karanjang.
3 Urang Israil sina karumpul di dinya."
4 Ku Musa dijalankeun. Sanggeus jelema
karumpul,
5 anjeunna sasauran, "Ayeuna Bapa arek
nekanan timbalan PANGERAN."
6 Harun sapala putra ku Musa disina ka
parayun ngalakonan upacara mandi.

7 Sanggeus kitu Harun dianggoanan kameja,
jubah, angkengna dibeulitan solempang,
terus dianggoan epod, pitana tina kaen lemes
dicangreudkeun dina angkengna.
8 Rap deui tutup dada digantelan Urim jeung
Tumim.
9 Mastakana dianggoanan dastar, lebah
taarna diterapan perhiasan emas suci tanda
ngabdi, sakumaha timbalan PANGERAN.
10 Ti dinya Musa nyandak minyak suci,
diulas-ulaskeun kana Kemah Tepangan katut
sagala rupa anu aya di dinya, nandakeun eta
kabeh dibaktikeun ka PANGERAN.
11 Altar oge dikepretan sapuratina tujuh kali,
kitu deui wadah cai katut dadasarna, tanda
dibaktikeun ka PANGERAN.
12 Sanggeus eta, mastaka Harun dikucuran
minyak suci, diistrenan.
13 Ti dinya putra-putra Harun disina ka
parayun, masing-masing dianggoanan
kameja, dibeulitan solempang, dikerepusan,
numutkeun timbalan PANGERAN.
14 Sapi jalu ngora keur kurban pamupus
dosa ku Musa dicandak. Harun sapala putra
narumpangkeun panangan kana sirah eta
sapi.
15 Sapina ku Musa dipiwarang dipeuncit,
geus kitu remana ngulasan tatandukan altar
ku getih eta sapi, supaya eta altar kusus
pikeun PANGERAN. Getih sesana dibahekeun

kana dasar liang altar, tanda dibaktikeun
jeung disucikeun.
16 Sakabeh gajih anu ngabulen eusi
beuteungna, babagian ati anu pangalusna
jeung giginjel katut gajihna ku Musa
dibeuleum dina altar.
17 Babagian sapi lianna, kaasup kulit, daging
jeung eusi beuteungna dibeuleum di luareun
pasanggrahan, tumut sakumaha timbalan
PANGERAN.
18 Geus kitu Musa nyandak domba jalu
keur kurban beuleuman. Harun sapala putra
narumpangkeun panangan kana sirah eta
domba.
19 Dombana ku Musa dipiwarang dipeuncit,
getihna disiramkeun kana sakuriling altar.
20 (8:20-21) Dombana dipotongan, jeroan
jeung suku tukangna dikumbah ku cai,
sirahna, gajihna jeung sakabeh babagian
sesana dibeuleum dina altar sakumaha
timbalan PANGERAN. Ieu kurban durukan
dijieun kurban kadaharan, seungitna bakal
katampi ku PANGERAN.
21 (8:20)
22 Ti dinya domba nu hiji deui ku Musa
dicandak keur upacara ngistrenan para imam
lianna. Harun sapala putra narumpangkeun
panangan kana sirah eta domba.
23 Dombana ku Musa dipeuncit, getihna ku
Musa diulaskeun kana daun cepil Harun nu

katuhu, kana indungan panangan katuhu, jeung kana indung sampean katuhu.
24 Ti dinya anjeunna miwarang supaya putra-putra Harun, nyalampeurkeun, tuluy diulasan saeutik ku getih tea, masing-masing daun cepilna anu katuhu, indung panangan anu katuhu, jeung indung sampean anu katuhu. Getih sesana disiramkeun kana sakuriling altar.
25 Geus kitu Musa nyandak gajih domba tea, buntutna anu loba gajihna, gajih anu ngabulen eusi beuteungna, babagian ati nu pangalusna, giginjel duanana jeung gajihna, jeung pingping tukang nu katuhu.
26 Tina karanjang roti teu diragi anu geus dibaktikeun ka PANGERAN tea Musa nyandak roti kandel hiji, anu diolahna make minyak, jeung roti nu ipis hiji. Tuluy diteundeun dina luhur gajih jeung suku tukang anu katuhu.
27 Eta bahan tuangeun kabeh disina ditampanan ku Harun sapala putra sangkan terus dibaktikeun jadi pangabakti husus ka PANGERAN.
28 Geus kitu ku Musa dicandak deui ti aranjeunna, terus dibeuleum dina altar dina luhur kurban beuleuman, didamel sarat kurban pangistrenan. Ieu teh kurban kadaharan, sarta seungitna bakal katampi ku PANGERAN.
29 Ari dada domba tea ku Musa ditingalikeun ka PANGERAN. Eta keur bagian anjeunna tina

domba jalu anu dikurbankeun dina upacara
ngistrenan. Sagala rupa ku Musa dijalankeun
kalawan numutkeun timbalan PANGERAN.
30 Minyak suci jeung getih anu dina altar
ku Musa dicandak saeutik, dikepret-kepret
ka Harun sapala putra kana anggoan
masing-masing, pikeun tanda ka PANGERAN
yen aranjeunna geus resmi diistrenan katut
anggoanana.
31 Musa misaur ka Harun sapala putra, "Eta
daging candak ka lawang Kemah Tepangan,
asakan lajeng ditaruang di dinya sareng
roti tina karanjang pangistrenan, sakumaha
timbalan PANGERAN.
32 Daging atanapi roti anu nyesa kedah
diduruk.
33 Di lebet tujuh dinten ieu ulah waka
ngantunkeun lawang Kemah, dugi ka rengse
upacara pangistrenan.
34 Kitu pidameleun urang ayeuna sakumaha
timbalan PANGERAN keur mupus dosa
aranjeun.
35 Siang wengi aranjeun kedah tetep aya di
lawang Kemah Tepangan nekanan perkawis
anu ku PANGERAN parantos diandikakeun.
Upami henteu kitu tangtos aranjeun tiwas.
Kitu timbalan PANGERAN ka kaula."
36 Sagala rupa anu ku PANGERAN
ditimbalkeun ka Musa, ku Harun sapala putra
dijalankeun.

9 [1] Dina poe kadalapanna, nya eta sanggeus
beres upacara ngistrenan, Musa nyaur
Harun sapala putra jeung para kokolot Israil.
[2] Tuluy misaur ka Harun, "Ajengan kedah
nyandak anak sapi jalu hiji keur kurban
pamupus dosa, sareng domba jalu, duanana
kedah anu mulus keur kurban beuleuman.
[3] Urang Israil parentahkeun sina ngabantun
embe jalu keur kurban pamupus dosa, anak
sapi umur sataun hiji, sareng anak domba
umur sataun hiji, masing-masing ulah aya
cacadna, keur kurban beuleuman,
[4] sapi jalu hiji, domba jalu hiji, keur kurban
panarima. Ku maranehna kedah dikurbankeun
ka PANGERAN, barengkeun sareng kurban
kadaharan anu dicampur minyak. Margi
dinten ieu PANGERAN bade nembongan ka
urang Israil."
[5] Sakur anu dipundut ku Musa geus sadia di
hareupeun Kemah Tepangan. Urang Israil oge
geus kumpul rek ngabakti ka PANGERAN.
[6] Musa sasauran, "Maraneh ku PANGERAN
ditimbalan kieu teh supaya engke narenjo
kamulyaan Mantenna."
[7] Saurna deui ka Harun, "Geura ngadeg caket
altar, ngadamel kurban pamupus dosa sareng
kurban beuleuman keur nyirnakeun dosa
anjeun sareng dosa urang Israil. Kurban keur
nyirnakeun dosa maranehna oge sanggakeun
sakumaha timbalan PANGERAN."

8 Harun majeng kana altar tuluy meuncit
sapi ngora tea keur kurban pamupus dosa
anjeunna.
9 Getihna disodorkeun ku putra-putrana,
clom anjeunna nganclomkeun ramo kana
getih tuluy dioleskeun kana juru altar, kana
tatandukanana. Getih sesana dibahekeun
kana dasar liang altar.
10 Gajih, giginjel duanana jeung babagian ati
anu pangalusna diduruk dina altar numutkeun
timbalan PANGERAN ka Musa.
11 Ari daging jeung kulitna dibeuleumna di
luareun pasanggrahan.
12 Ti dinya Harun meuncit sato kurban
kasalahan keur nebus kalulуputan salirana.
Getihna ku putra-putrana disodorkeun ka
anjeunna. Eta getih ku anjeunna disiramkeun
kana pongpok altar sakurilingna.
13 Sirah jeung babagian lianna ku putra-
putrana disodorkeun ka anjeunna tuluy ku
anjeunna dibeuleum dina altar.
14 Jeroan jeung pingping tukang duanana
ku anjeunna dikumbah tuluy dibeuleum dina
altar, dihijikeun jeung kurban beuleuman anu
tadi.
15 Sanggeus eta tuluy nyanggakeun kurban
pikeun urang Israil. Anu dikurbankeun
pikeun nebus dosa maranehna nya eta
embe. Embena dipeuncit tuluy dikurbankeun
sakumaha halna kurban pikeun nebus dosana
ku anjeun.

16 Geus kitu anjeunna nyandak deui
sato pikeun kurban beuleuman, tuluy
dikurbankeun sakumaha mistina.
17 Ti dinya anjeunna nyanggakeun kurban
kadaharan. Tipungna dicandak sakeupeul
tuluy dibeuleum dina altar, keur nambahan
kurban kadaharan nu biasa sapopoe.
18 Geus kitu meuncit sapi jeung domba jalu
tea, dijieun kurban panarima pikeun urang
Israil. Getihna diasongkeun ka anjeunna ku
putra-putrana, ku anjeunna disiramkeun kana
pongpok altar sakurilingna.
19 Gajih sapi jeung gajih domba ku Harun
diteundeun
20 dina luhur dada dua sato kurban tea, tuluy
dibawa kabeh kana altar. Ari gajihna ku Harun
diduruk dina altar.
21 Dada jeung pingping tukang kabeh
disanggakeun ka PANGERAN, engkena jadi
bagian pikeun para imam sakumaha anu
dipiwarang ku Musa.
22 Sanggeus sagala kurban beres
dijalankeun, Harun ngajungjungkeun
panangan ka urang Israil, ngucapkeun
berkah. Geus kitu jut lungsur.
23 Ti dinya Musa jeung Harun lalebet ka
jero Kemah Tepangan. Barang kaluar deui
seug aranjeunna ngucapkeun berkah pikeun
urang Israil. Geus kitu bray bae kamulyaan
PANGERAN nembongan ka sakabeh urang
Israil.

24 Gur aya seuneu ti PANGERAN nyamber
jeung ngalebur kurban beuleuman jeung
gajih dina altar. Barang urang Israil narenjo
hal eta, ger bae sarurak, tuluy sarujud.
10 1 Dina hiji mangsa dua putra Harun
anu jenengan Nadab jeung Abihu
ngarukus, parukuyanana hiji sewang.
Geus diseuneuan tuluy dipurulukan dupa
dihaturkeun ka PANGERAN. Tapi seuneuna
lain seuneu suci, lain pamundut PANGERAN.
2 Gur aya seuneu ti PANGERAN ngalebur ka
aranjeunna nepi ka tiwas di dinya.
3 Saur Musa ka Harun, "Timbalan PANGERAN
kapungkur kumaha! Kapan timbalana-Na ge,
Anu marek ka Kami kudu nganyahokeun kana
kasucian Kami. Kami mundut dimulyakeun di
hareupeun sakabeh jelema." Harun cicing bae
teu ngawaler.
4 Musa nyaur Misael jeung Elsapan anak
Usiel, pamanna Harun. Saurna, "Gotong ieu
mayit dulur maraneh, kaluarkeun ti ieu Kemah
anu suci, bawa ka luareun pasanggrahan."
5 Dua mayit digotong dina jubahna keneh,
dibarawa ka luareun pasanggrahan sakumaha
parentah Musa.
6 Musa misaur ka Harun jeung ka putrana
anu jenengan Elasar jeung Itamar, saurna,
"Aranjeun teu kenging ngusut-ngusut rambut
sareng nyosoeh anggoan ciri prihatin katilar
ku ieu nu nembe hilang, sabab tangtu
aranjeun tiwas, sarta PANGERAN tangtu

bendu ka sakumna urang Israil. Wargi-wargi
anu sanesna kenging nawiskeun prihatinna ku
ieu nu nembe hilang, anu tiwasna ku seuneu
ti PANGERAN.
7 Sareng aranjeun ulah ngantunkeun lawang
Kemah Tepangan. Upami ngantunkeun
tangtos tiwas, karana aranjeun parantos
disucikeun ku minyak suci kagungan
PANGERAN." Aranjeunna nurut.
8 PANGERAN nimbalan ka Harun,
9 "Maneh jeung anak maneh, mun rek
asup ka jero Kemah Tepangan teu meunang
nginum anggur atawa arak, bisi tiwas. Ieu
jadi papakon pikeun maneh turun tumurun.
10 Maneh kudu ngabedakeun mana anggoeun
Allah, mana pakeeun umum, mana nu halal
mana nu haram.
11 Pikukuh-pikukuh Kami geus ditimbalkeun
ka Musa, ku maraneh ajarkeun ka urang
Israil."
12 Musa ngalahir ka Harun jeung putrana nu
araya keneh, nya eta Elasar jeung Itamar,
pilahirna, "Kurban kadaharan sesa tina
hancengan PANGERAN tea candak, damel roti
teu diragi, lajeng taruang di gigireun altar,
margi eta katedaan teh kacida sucina.
13 Eta pibagianeun anjeun sareng putra tina
hancengan anu dihaturkeun ka PANGERAN.
Omat, dituangna kedah di tempat anu suci.
Kitu timbalan PANGERAN ka kaula.

14 Dada sareng pingping anu parantos
dihaturkeun ka PANGERAN keur bagian
para imam, kenging dituang ku anjeun
saputra garwa, di tempat anu beresih. Eta
pibagianeun anjeun sareng putra-putra,
bagian tina kurban panarima ti urang Israil.
15 Pingping sareng dada kurban kedah
disanggakeun heula ka PANGERAN, hijikeun
sareng gajih anu bade dijieun kurban
kadaharan. Saparantos kitu nembe eta
jadi pibagianeun anjeun sareng putra-
putra; kedah kitu salamina, kitu timbalan
PANGERAN."
16 Ti dinya Musa mariksakeun embe anu
dijieun kurban pamupus dosa tea. Seug
kauninga yen geus beak diduruk. Ku sabab
kitu anjeunna bendu ka Elasar jeung Itamar
nepi ka nyeuseul,
17 "Ku naon henteu ditaruang di tempat
suci? Eta teh suci kabina-bina, ku
PANGERAN dipaparinkeun ka aranjeun pikeun
ngaleungitkeun dosa sakumna bangsa Israil.
18 Getih embe tea henteu dibawa asup ka
Kemah PANGERAN, jadi eta kurban teh ku
aranjeun kedah dituang di dinya. Kitu kapan
sanggem kaula teh."
19 Harun ngawaler, "Saupami dinten ieu sim
kuring ngadahar eta kurban pamupus dosa,
naha eta teh matak langkung bingah ka
PANGERAN? Dinten ieu sakumna bangsa Israil
nyanggakeun kurban dosa ka PANGERAN, kitu

deui kurban beuleuman. Kari-kari balukarna
ka sim kuring sakieu awonna."
20 (10-19b) Waleran Harun ku Musa
kahartoseun.
11 1 PANGERAN ngandika ka Musa jeung
Harun, ngandikakeun aturan-aturan
2 pikeun urang Israil. Sasatoan anu aya di
darat anu meunang ku maraneh didahar,
3 nya eta anu kukuna beulah jeung
ngagayem.
4 (11:4-6) Tapi onta, marmot jeung kelenci
mah najis teu meunang didahar, sabab enya
ge ngagayem tapi kukuna henteu beulah.
5 (11:4)
6 (11:4)
7 Babi oge haram, teu meunang didahar,
sabab enya ge kukuna beulah tapi henteu
ngagayem.
8 Pacuan ngadahar sato anu najis, antel kana
bangkena ge ulah.
9 Lauk anu sisitan jeung cecepetan meunang
didahar.
10 Anu teu meunang didahar nya eta
sarupaning sato cai anu henteu sisitan jeung
teu cecepetan;
11 nu kitu kudu dinajiskeun, ulah bon
didahar, dicabak bangkena ge teu meunang.
12 Jadi naon bae sarupaning sato cai anu
henteu sisitan henteu cecepetan teu meunang
didahar.

13 (11:13-19) Manuk anu henteu meunang
didahar nya eta rajawali, bueuk, heulang,
dadali, alap-alap, kaak, gagak, manuk onta,
camar, bango, belokok, julang, kapimis,
koreak, atawa kalong.
14 (11:13)
15 (11:13)
16 (11:13)
17 (11:13)
18 (11:13)
19 (11:13)
20 Sato hama anu jarangjangan eta najis,
21 kajaba anu sok ngarajlok.
22 Maraneh meunang ngadahar simeut,
jangkrik, jonggrang.
23 Sato lalembut sejenna anu jarangjangan
kitu deui anu ngarayap kudu dinajiskeun.
24 (11:24-28) Sing saha anu nyabak bangke
sato anu kukuan, awakna jadi najis nepi
ka surup panonpoe, kajaba lamun kukuna
beulah sarta ngagayem, kitu deui sasatoan
suku opat anu cekeran. Anu mawa bangke
sato najis kudu nyeuseuh pakeanana, tapi
awakna tetep najis nepi ka burit.
25 (11:24)
26 (11:24)
27 (11:24)
28 (11:24)
29 (11:29-30) Ganggarangan, beurit
cantung, beurit leutik jeung cakcak, kudu
dinajiskeun.

30 (11:29)
31 Anu nyabak nu kitu atawa kana bangkena,
bakal kanajisan nepi ka burit,
32 naon bae anu karagragan ku bangkena
jadi najis. Paparabotan paranti naon bae, tina
kai, tina lawon, tina kulit atawa tina goni,
lamun karagragan ku bangke sato najis jadi
najis. Kudu buru-buru dikelabkeun kana cai,
tapi kaayaanana mah tetep najis nepi ka
burit.
33 Lamun bangkena ragrag kana wawadahan
tina taneuh, saeusi eta wadah jadi najis,
wadahna kudu terus dipeupeuskeun.
34 Sabab sanajan dahareun anu halal ge ari
caina tina eta pariuk mah jadi najis, kitu deui
cai inum tina eta wadah anu najis.
35 Naon bae anu karagragan ku nu kitu kudu
dipeupeuskeun; anglo atawa hawu oge kudu
dipeupeuskeun.
36 Tapi cinyusu atawa sumur mah caina
tetep beresih, sanajan anu sejenna mah mun
kakeunaan ku bangke nu kitu teh jadi najis.
37 Sisikian anu geus rek dipelakkeun
karagragan ku bangke nu kitu, kaayaanana
tetep beresih.
38 Tapi lamun karagraganana keur waktu eta
siki bibit dikeueum, jadi najis.
39 Anu nyabak bangke sato sanajan sato
halal, jadi najis nepi ka burit.
40 Saha-saha anu ngahakan bangkena kudu
nyeuseuh pakeanana, tapi awakna mah tetep

najis nepi ka burit. Anu mawa bangkena, eta
oge kudu nyeuseuh pakeanana, tapi awakna
mah tetep najis nepi ka burit.
41 Sato-sato taneuh anu lalembut teu
meunang didahar,
42 boh anu leumpangna ngagulusur ku
beuteung, boh anu leumpangna ku suku opat
atawa sukuna loba.
43 Pacuan ulah nganajiskeun maneh
ngadahar anu karitu.
44 Karana Kami PANGERAN Allah maraneh
teh suci. Jadi maraneh oge kudu nyucikeun
diri.
45 Kami teh PANGERAN anu ngaluarkeun
maraneh ti Mesir, nepi ka jadi Allah maraneh.
Kami teh suci, jadi maraneh oge kudu suci.
46 Ieu kabeh jadi aturan anu ngeunaan
sasatoan, manuk, sato cai, jeung sato taneuh.
47 Maraneh kudu taliti ngabedakeun mana
anu najis mana anu henteu najis, mana anu
meunang didahar mana anu henteu.
12 1 PANGERAN ngandikakeun ieu
papakon ka Musa,
2 pikeun urang Israil. Awewe anu tas ngajuru
sarta anakna lalaki, dina sajero tujuh poe
kaayaanana jadi kotor, sarua jeung keur
waktu dirina kotoran.
3 Upama orokna geus dalapan poe kudu
disunatan.
4 Ti semet poe eta awewe anu tas ngajuru
teh tilu puluh tilu poe deui kakara bakal pulih

beresih tina getihna tas ngajuru. Sajeroning
kitu pacuan nyabak barang naon bae anu
suci, pacuan asup ka Kemah Suci, nepi ka
jangkep mangsana beberesih diri.
5 Lamun orokna awewe, dina sajero opat
welas poe kaayaanana jadi najis cara waktu
keur kotoran. Ti sanggeus eta, genep puluh
genep poe deui kakara bakal pulih beresih
tina getihna urut ngajuru.
6 Upama waktu beberesih diri geus jangkep
kalakonan, boh tas ngajurukeun lalaki, boh
tas ngajurukeun awewe, kudu ngadeuheus
ka imam di lawang Kemah Tepangan, mawa
anak domba hiji umur sataun pikeun dijieun
kurban beuleuman, jeung manuk tikukur
atawa japati sahiji pikeun kurban dosa.
7 Ku imam kudu dipangurbankeun ka
PANGERAN, dipangnyieunkeun upacara
pikeun ngaleungitkeun kanajisanana, geus
kitu kakara kaayaanana bisa pulih beresih
deui. Kitu petana papakon pikeun awewe nu
tas ngajuru.
8 Saupama henteu kuateun nyanggakeun
anak domba, bisa diganti ku japati atawa
manuk tikukur dua siki, hiji keur kurban
beuleuman, hiji keur kurban dosa, sarta
ku imam kudu dipangnyieunkeun upacara
pikeun ngaleungitkeun kanajisanana, tangtu
kaayaanana bakal pulih beresih deui.

13 1 PANGERAN ngandikakeun ieu
papakon ka Musa jeung Harun.

2 Upama aya jelema nu kulitna carenang
atawa radang atawa baruntus siga kasakit
lepra kudu sina ngadeuheus ka imam kaom
Harun,
3 menta dipariksa. Lamun bulu dina lebah
eta jadi bodas jeung korengna legok, enya
lepra. Ku imam kudu dinyatakeun najis.
4 Upama ukur semu bodas jeung henteu
legok jeung buluna henteu jadi bodas,
jelemana kerem tujuh poe.
5 Dina katujuh poena pariksa deui. Mun
radangna henteu ngalegaan, kerem deui
tujuh poe.
6 Dina katujuh poena pariksa deui. Upama
radangna henteu ngalegaan malah ngipisan,
eta radang biasa bae. Ku imam kudu
dinyatakeun beresih. Pakeanana sina
diseuseuh, jelemana geus beresih.
7 Upama ti saentas dipariksa jeung
dinyatakeun beresih tea radangna ngalegaan,
kudu ngadeuheus deui ka imam,
8 menta dipariksa deui. Upama tetela
radangna ngalegaan, ku imam kudu
dinyatakeun najis, sabab eta teh lepra.
9 Anu katerap ku kasakit anu disangka lepra,
kudu ngadeuheus ka imam,
10 menta dipariksa. Upama radangna semu
bodas jeung nanahan, sarta bulu lebah
radangna jadi bodas,

11 eta tanda kasakit leprana geus lila. Ku
imam kudu dinyatakeun najis. Teu kudu
dikerem heula da geus sidik najisna.
12 Upama kasakitna geus nyaliara kana sirah
jeung suku,
13 ku imam kudu dipariksa deui. Upama
tetela geus nyaliara ka sakujur awakna, ku
imam kudu dinyatakeun beresih. Upama
saluluar kulitna jadi bodas, eta beresih.
14 Tapi upama radangna teh melekah, eta
najis.
15 Ku imam kudu dipariksa deui. Upama
bener radangna melekah, kudu dinyatakeun
najis. Eta kasakit lepra. Jelemana jadi najis.
16 Upama jadi cageur sarta rupana jadi
bodas, kudu ngadeuheus deui ka imam,
17 menta dipariksa. Upama urutna jadi
bodas, ku imam kudu dinyatakeun beresih,
sabab beresih.
18 Upama aya nu bisul cageur,
19 seug dina urutna jadi koreng semu bodas,
atawa coklat bodas semu beureum, kudu
ngadeuheus ka imam.
20 Ku imam kudu dipariksa. Upama korengna
ngalegokan jeung buluna jadi bodas, eta teh
lepra anu ngamimitianana dina urut bisul.
21 Tapi upama keur waktu dipariksa ku imam
buluna henteu bodas jeung korengna henteu
legok sarta warnana ipis, jelemana kudu
dikerem tujuh poe heula.

22 Upama korengna ngalegaan, ku imam
kudu dinyatakeun najis, eta lepra.
23 Upama angger sakitu henteu ngalegaan,
eta mah urut bisul bae, ku imam kudu
dinyatakeun beresih.
24 Anu kulitna tutung ku seuneu seug jadi
boleksek jeung semu bodas atawa bodas
semu beureum,
25 kudu dipariksakeun ka imam. Upama bulu
lebah dinya jadi bodas sarta borokna legok,
eta lepra, anu ngamimitianana dina bagian
anu tutung. Ku imam kudu dinyatakeun najis.
26 Tapi lamun buluna henteu jadi bodas,
korengna henteu legok sarta warnana ipis, ku
imam kudu dikerem tujuh poe.
27 Dina katujuh poena ku imam kudu
dipariksa deui. Upama ngalegaan, eta lepra,
ku imam kudu dinyatakeun najis.
28 Tapi upama angger teu kitu kieu sarta
warnana ipis, eta lain lepra, ukur koreng
tapak kabeuleum bae, ku imam kudu
dinyatakeun beresih.
29 Boh lalaki boh awewe anu koreng dina
sirah atawa gado,
30 kudu dipariksakeun ka imam. Upama
korengna legok sarta buukna jadi semu
koneng jeung curiwing, eta teh lepra.
Jelemana kudu dinyatakeun najis.
31 Upama waktu keur dipariksa ku imam
korengna henteu legok, tapi buuk lebah dinya

goreng jadina, jelemana kudu dikerem tujuh poe.
32 Dina katujuh poena ku imam kudu dipariksa deui. Lamun korengna henteu ngalegaan henteu ngalegokan sarta buukna geus henteu koneng,
33 buuk sabudeureun korengna sina dikurud. Terus kerem tujuh poe deui.
34 Dina katujuh poena ku imam kudu dipariksa deui. Lamun korengna angger henteu ngalegaan henteu ngalegokan, ku imam kudu dinyatakeun beresih, sarta jelemana kudu nyeuseuhan papakeanana.
35 Tapi upama ti saentas ku imam dinyatakeun beresih teh korengna ngalegaan,
36 ku imam kudu dipariksa deui. Lamun bener panyakitna ngalegaan, buuk atawa janggotna teu kudu dipariksa deui semu koneng henteuna, sabab geus tetela eta jelema teh jadi najis.
37 Tapi upama ceuk timbangan imam korengna henteu ngalegaan jeung buukna geus mimiti jaradi deui, ku imam kudu dinyatakeun geus beresih.
38 Boh lalaki boh awewe anu boga colat bodas dina kulit,
39 ku imam kudu dipariksa. Upama colat-colat bodasna lenang, eta ukur panyakit kulit biasa, jelemana tetep beresih.

40 (13:40-41) Lalaki anu buukna maruragan
nepi ka tarangna atawa sirah tukangna
lenang, henteu matak najis.
41 (13:40)
42 Tapi upama dina bolenangna tea aya
pitak-pitak bodas semu beureum, eta lepra.
43 Kudu dipariksakeun ka imam. Upama aya
korengan anu warnana semu beureum,
44 eta tetela lepra anu ngamimitianana dina
sirah. Ku imam kudu dinyatakeun najis.
45 Jelema anu katerap kasakit lepra, barang
pakena kudu anu rubat-rabet, buukna teu
meunang disisiran, jeung kudu nutupan
beungeut beulah handap, sarta kudu ceceluk,
"Najis! Najis!"
46 Sapanjang kasakitna tacan cageur mah
dirina tetep najis, hirupna kudu mencil di
luareun pasanggrahan, teu meunang campur
jeung nu sejen.
47 Upama dina pakean-pakean aya tanda
buluk, boh pakean tina lawon wol, boh tina
lawon kaci,
48 atawa dina barang kulit atawa sakur
barang tina kulit,
49 upama eta tanda buluk warnana geus
semu hejo atawa semu beureum, eta tanda
yen bulukna geus mimiti nemen, barangna
kudu ditembongkeun ka imam.
50 Ku imam kudu diilikan, terus singkurkeun
tujuh poe.

51 Dina poe katujuhna ku imam kudu diilikan
deui. Upama tanda bulukna ngalegaan, eta
barang jadi najis.
52 Ku imam kudu diduruk sabab bulukna bisi
nerekab, jadi kudu diduruk ku seuneu sina
beak.
53 Tapi upama buluk tea dina eta barang
henteu ngalegaan,
54 ku imam kudu dititah dikumbah heula
tuluy disingkurkeun tujuh poe deui.
55 Tuluy diilikan deui. Lamun warna bulukna
henteu robah, sanajan teu ngalegaan eta
barang masih keneh najis. Boh bulukna teh
beulah luar boh beulah jero, eta barang kudu
diduruk.
56 Tapi saupama tas diilikan deui bulukna teh
siga geus rek leungit, barangna boh lawon
boh kulit kudu disoehkeun.
57 Saupama geus kitu bulukna aya deui
jeung ngalegaan, eta barang ku nu bogana
kudu diduruk.
58 Upama eta buluk bisa leungit ku
dikumbah, kumbah deui bae barangna ambeh
beresih.
59 Kitu papakon ngeunaan hal buluk dina
papakean atawa lawon boh tina wol atawa
kaci, atawa dina barang naon bae anu dijieun
tina kulit.

14 1 PANGERAN nimbalan ka Musa
2 hal aturan pikeun jelema anu
cageur tina kasakit lepra. Dina poean

baris dinyatakeun beresih, jelemana kudu dideuheuskeun ka imam.
3 Imam kudu kaluar ti pasanggrahan,
mariksa. Upama katembong geus cageur,
4 imam kudu nitahan mawa manuk anu
halal dua siki, kai kiputri sateukteuk, benang
beureum jeung hisop sagagang.
5 Imam kudu nitah meuncit manuk anu hiji di
luhureun wadah tina taneuh beunang ngusian
ku cai tina cinyusu.
6 Manuk anu hirup keneh ku imam kudu
dianclomkeun kana getih manuk anu
dipeuncit tea, barengkeun jeung kai kiputri,
benang beureum jeung hisop.
7 Getih tea kepret-kepret ku imam tujuh
kali ka jelema anu rek dinyatakeun beresih
tina leprana, tuluy nyatakeun yen eta jelema
geus beresih. Manuk anu hirup keneh tea
leupaskeun sina hiber ka tegalan.
8 Jelemana sina nyeuseuh pakeanana,
tuluy titah ngagundulan sirah jeung titah
mandi. Geus beresih meunang asup deui ka
pasanggrahan, tapi tetep kudu cicing heula di
luar kemahna salila tujuh poe.
9 Dina katujuh poena sirahna kudu dikerik
deui, kitu keneh janggot, halis jeung
bulu-bulu awakna kudu dikerik. Pakeanana
oge kudu diseuseuh deui, tuluy mandi, kakara
beresih.
10 Dina kadalapan poena kudu ka imam,
mawa anak domba jalu dua bikang hiji umur

sataunan sarta anu mulus, tipung tilu kilo campur ku minyak jetun, jeung minyak jetunna sapertilu liter.
11 Eta jelema jeung babawaanana ku imam kudu dibawa ka lawang Kemah Tepangan.
12 Geus kitu anak domba jalu jeung minyak anu sapertilu liter tea ku imam cokot jieun kurban panebus, sanggakeun ka PANGERAN, sarta engkena pikeun eta imam.
13 Eta anak domba kudu dipeuncit di nu suci, paranti meuncit sato kurban pamupus dosa jeung kurban beuleuman. Anu matak kudu kitu, lantaran kurban panebus teh kaayaana suci kacida sakumaha kurban pamupus dosa, eta engkena jadi bagian imam.
14 Getihna ku imam kudu dicokot saeutik tuluy oleskeun ka jelema anu rek dinyatakeun bersih tea, kana daun ceulina anu katuhu, kana indung leungeunna nu katuhu jeung kana indung sukuna anu katuhu.
15 Minyak jetunna bahekeun saeutik kana dampal leungeun imam anu kenca,
16 tuluy kepret-kepret ku saramo nu katuhu di dinya di jero Kemah Tepangan PANGERAN tujuh kali.
17 Geus kitu jelema anu rek dinyatakeun beresih teh ku imam diolesan ku minyak anu aya dina dampal leungeunna, dina tempat-tempat anu geus diolesan ku getih anak domba tea, nya eta daun ceulina nu

katuhu, indung leungeunna nu katuhu, jeung indung sukuna nu katuhu.
18 Minyak anu nyesa keneh dina dampal leungeun kenca imam susutkeun kana sirah jelema anu rek dinyatakeun beresih tea. Kitu petana imam ngajalankeun upacara ngaberesihkeun teh.
19 Ti dinya imam kudu ngahaturkeun kurban pamupus dosa, neruskeun upacara ngaberesihkeun. Geus kitu kudu meuncit sato keur kurban beuleuman.
20 Tuluy sanggakeun kana altar jeung kurban gandum, neruskeun upacara ngaberesihkeun tea. Geus kitu jelema tea jadi beresih.
21 Upama jelemana kurang mampuh lantaran miskin, anak domba pikeun sarat ngaberesihkeun dirina teh cukup ku hiji bae pikeun kurban panebus, sanggakeun ka PANGERAN pikeun bagian imam. Tipung pikeun kurban gandum oge sakilo bae, campur ku minyak jetun, jeung minyak jetunna sapertilu liter.
22 Jeung kudu ngahaturkeun japati ngora atawa tikukur ngora dua siki, hiji keur kurban pamupus dosa, hiji keur kurban beuleuman.
23 Dina kadalapan poena ti sanggeus dirina beresih, eta pikurbaneun bawa ka imam ka lawang Kemah Tepangan.
24 Anak domba jeung minyak jetunna ku imam cokot, sanggakeun ka PANGERAN, engkena keur bagian imam.

25 Dombana peuncit, getihna cokot saeutik
pake ngulasan jelema tea, daun ceulina nu
katuhu, indung leungeunna nu katuhu, jeung
indung sukuna nu katuhu.
26 Minyak bahekeun saeutik ku imam kana
dampal leungeun anu kenca,
27 tuluy kepret-kepret ku curuk katuhu tujuh
kali di dinya di jero Kemah PANGERAN.
28 Ti dinya minyak anu dina dampal
leungeunna oleskeun saeutik kana tempat-
tempat anu geus diolesan getih tea, nya eta
daun ceulina nu katuhu, indung leungeunna
nu katuhu, jeung indung sukuna nu katuhu.
29 Minyak anu nyesa keneh dina dampal
leungeun imam kudu digesrek-gesrekkeun
kana sirah eta jelema. Kitu petana upacara
ngaberesihkeun.
30 Ti dinya imam kudu nyanggakeun hiji
japati ngora atawa tikukur ngora,
31 jieun kurban pamupus dosa. Anu hiji
deui jieun kurban beuleuman, barengkeun
jeung kurban kadaharan. Kitu petana upacara
ngaberesihkeun.
32 Kitu papakonna pikeun jelema anu tas
katerap kasakit lepra, anu meh teu kabedag
nyumponan pikurbaneun sakumaha mistina
pikeun sarat ngaberesihkeun dirina.
33 PANGERAN nimbalan ka Musa jeung Harun
34 nimbalkeun papakon pikeun imah anu
kakeunaan ku panyakit buluk. (Ieu papakon
dipaparinkeun keur urang Israil mun geus

arasup ka tanah Kanaan anu ku PANGERAN
rek dipaparinkeun jadi milik maranehna.)
35 Sing saha anu imahna keuna ku panyakit
buluk, kudu bebeja ka imam.
36 Samemeh imam datang mariksa
kudu marentahkeun supaya eta imah
dikosongkeun, sabab mun teu kitu saeusi
eta imah bakal dinyatakeun najis. Geus kitu
imam datang,
37 mariksa eta panyakit buluk. Mun aya
ceda-ceda semu hejo atawa semu beureum
mimiti ngaruksak tembok,
38 imam kudu terus kaluar sarta eta imah
terus konci lilana tujuh poe.
39 Dina katujuh poena ku imam kudu
dipariksa deui. Upama panyakit bulukna geus
nyebar,
40 parentahkeun ku imam supaya tembok
anu kakeunaan dibongkar tuluy piceun ka
tempat pamiceunan di luar kota.
41 Urut ngabongkar kudu ditambal ku nu
anyar. Tembok sakurilingna kerik tuluy lapis
deui ku nu anyar.
42 Upama sanggeus tembokna dibongkar
jeung didangdanan teh panyakit bulukna aya
deui,
43 kudu dipariksa deui ku imam.
44 Upama tetela kitu, eta imah teh geus
keuna ku najis,

45 kudu dirubuhkeun; batu-batuna, kayu-
kayuna, lapis tembokna, akutan ka luar kota
ka tempat pamiceunan.
46 Sajeroning eta imah dikonci tea ku imam,
sing saha anu asup ka dinya jadi najis nepi ka
burit.
47 Sing saha anu kekedengan atawa dahar di
dinya, kudu nyeuseuh pakeanana anu harita
keur dipake.
48 Upama sanggeus tembok eta imah dilapis
deui, sarta waktu dipariksa deui ku imam
panyakit bulukna teu tembong deui, eta imah
kaayaanana jadi beresih, sabab geus tetela
panyakit bulukna geus leungit.
49 Pikeun nyucikeun eta imah, imam kudu
nyadiakeun manuk dua siki, kayu kiputri,
benang beureum, jeung hisop sagagang.
50 Manuk peuncit hiji luhureun wadah tina
taneuh anu dieusian cai tina cinyusu.
51 Kayu kiputri, hisop, benang beureum,
jeung manuk nu hirup keneh anclomkeun
kana getih manuk anu dipeuncit tea jeung
kana cai anu dina wadah, terus eta imah teh
kepretan tujuh kali.
52 Ku cara kitu eta imam teh nyucikeun eta
imah ku getih manuk, ku cai seger, ku manuk
hirup, ku kayu kiputri, ku hisop, jeung ku
benang beureum.
53 Manuk anu hirup keneh leupaskeun sina
hiber ka luareun kota, ka tegalan. Ku cara
kitu imam teh nyucikeun eta imah kalawan

upacara, geus kitu eta imah teh beresih tina kanajisanana.
54 Kitu papakon hal kasakit kulit anu gawat,
55 (14:55-56) cenang, bisul atawa baruntusan, kitu keneh ngeunaan panyakit buluk anu terap kana papakean jeung kana imah.
56 (14:55)
57 Ieu papakon teh pituduh geusan nangtukeun suci henteuna barang atawa naon bae.
15 1 PANGERAN ngandikakeun ieu papakon ka Musa jeung Harun,
2 pikeun urang Israil. Lalaki anu boga kasakit bengang, bengangna teh najis,
3 boh nanahna ngaley boh meteng.
4 Enggon anu dikedengan ku nu bengang, najis.
5 Anu antel kana urut ngedengna,
6 atawa diuk dina urut diukna, kudu nyeuseuh pakeanana terus mandi, tapi najisna mah nepi ka burit.
7 Anu antel ka jelema anu bengang kudu nyeuseuh pakeanana terus mandi, tapi najisna mah terus nepi ka burit.
8 Jelema anu beresih mun kaciduhan ku nu bengang kudu nyeuseuh pakeanana terus mandi, tapi najisna mah nepi ka burit.
9 Sela atawa naon bae anu didiukan ku nu bengang, najis.

10 Anu antel kana naon bae anu tas kadiukan
ku nu bengang najis nepi ka burit. Anu
mawa barang urut diuk anu bengang, kudu
nyeuseuh pakeanana terus mandi, tapi
najisna mah nepi ka burit.
11 Lamun anu bengang nyabak batur henteu
ngumbah leungeun heula, nu dicabakna
kudu nyeuseuh pakeanana terus mandi, tapi
najisna mah nepi ka burit.
12 Parabot tina taneuh anu kacabak ku nu
bengang kudu terus dipeupeuskeun, upama
parabot tina kayu kudu dikumbah.
13 Upama nu bengang tea cageur, ti saentas
cageurna kudu nunggu tujuh poe. Tuluy kudu
nyeuseuh pakeanana jeung mandi di cinyusu,
geus kitu jadi beresih.
14 Dina poe kadalapanna kudu mawa dua
manuk japati atawa tikukur ka lawang Kemah
Tepangan PANGERAN, serenkeun ka imam.
15 Manukna ku imam kudu dipeuncit,
hiji keur kurban pamupus dosa hiji keur
kurban beuleuman. Jadi eta jelema ku
imam dipangurbankeun pikeun ngesahkeun
kaberesihanana.
16 Lalaki tas kaluar cikama kudu mandi
ngaguyur awakna, tapi najisna mah nepi ka
burit.
17 Barang-barang tina lawon atawa kulit anu
kacakclakan cikama kudu dikumbah, najisna
nepi ka burit.

18 Lalaki jeung awewe anu tas sapatemon
kudu mandi sarta najisna nepi ka burit.
19 Awewe anu tas haid sajero tujuh poe tetep
kotor. Anu antel ka eta awewe kabawa kotor
nepi ka burit.
20 Naon bae anu didiukan atawa dikedengan
ku awewe keur haid kabawa kotor.
21 (15:21-23) Anu antel kana enggon hees
atawa kana naon bae anu kadiukan ku awewe
anu haid, kudu nyeuseuh pakeanana terus
mandi, tapi najisna mah nepi ka burit.
22 (15:21)
23 (15:21)
24 Lalaki anu sapatemon jeung awewe keur
haid, katepaan kotor tujuh poe lilana. Enggon
heesna oge kabawa kotor.
25 Awewe anu ngagetih lain mangsa,
atawa ngagetih liwat ti waktu haidna, salila
ngagetihna can eureun kaayaanana sarua
jeung haid, najis.
26 Enggon heesna, kitu deui sagala rupa anu
didiukan ku manehna salila dina kaayaan
kitu, najis.
27 Anu antel kana awakna kudu nyeuseuh
pakeanana terus mandi, tapi najisna mah
nepi ka burit.
28 Sanggeus ngagetihna eureun, eta awewe
kudu nunggu tujuh poe deui, geus kitu kakara
dirina beresih deui.

29 Dina kadalapan poena kudu ka imam di
lawang Kemah Tepangan PANGERAN, mawa
dua manuk japati atawa tikukur.
30 Manukna ku imam kudu dipeuncit,
hiji keur kurban pamupus dosa, hiji keur
kurban beuleuman. Ku jalan kitu imam teh
ngajalankeun upacara nyucikeun eta awewe.
31 Timbalan PANGERAN ka Musa, urang Israil
kudu kacida dipeupeujeuhanana perkara
kateuberesihanana, ulah nepi ka jadi matak
nganajiskeun ka Kemah Tepangan anu aya
di tengah-tengah pasanggrahanana, bisi
maranehna paraeh.
32 Kitu papakon pikeun lalaki anu boga
kasakit bengang atawa kaluar cikama,
33 pikeun awewe sapanjang keur haid,
pikeun lalaki anu nyorang awewe nu keur
haid.
16 1 Sanggeus putra Harun anu duaan tea
tiwas lantaran ngahaturkeun seuneu
anu henteu suci, PANGERAN nimbalan deui
ka Musa.
2 Kieu timbalana-Na, "Bejakeun ka Harun
lanceuk maneh, yen ari asup ka jeroeun
lalangse rek ka Kamar Pangsucina, kudu
dina waktu nu geus tangtu. Sabab dina
waktu-waktu eta bae Kami aya di dinya, dina
mega luhureun tutup Peti Perjangjian. Lamun
hal ieu ku manehna dirempak tangtu tiwas.
3 Manehna kakara meunang asup ka Kamar
Pangsucina lamun geus ngurbankeun hiji anak

sapi jalu keur kurban pamupus dosa jeung
hiji domba jalu keur kurban beuleuman."
4 Geus kitu PANGERAN maparinkeun
papakonna. Samemeh lebet ka Kamar
Pangsucina, Harun kudu siram heula, terus
dangdos ku anggoan imam, nya eta jubah
kaci, lancingan pondok, beulitan, jeung
dastar.
5 Ari jamaah Israil kudu nyerenkeun dua
embe jalu ka Harun keur kurban pamupus
dosa, jeung hiji domba jalu keur kurban
beuleuman.
6 Harun ku anjeun kudu ngahaturkeun
kurban sapi jalu keur mupus dosa salirana
saputra garwa.
7 Geus kitu dua embe jalu tea ku anjeunna
kudu dijogokeun di lawang Kemah PANGERAN,
8 tuluy kudu dilotrekeun ku dua batu elot.
Elot nu hiji unina "Haturan PANGERAN", nu
hiji deui unina "Pikeun Asasel".
9 Embe anu keuna ku elot haturan PANGERAN
ku Harun kudu dipeuncit pikeun kurban
pamupus dosa.
10 Embe anu keuna ku elot pikeun
Asasel kudu disanggakeun hirup-hirup ka
PANGERAN, engkena kudu dibuburak ka
gurun keusik pikeun Asasel keur mupus dosa
jamaah.
11 Sapi jalu ku Harun kudu dipeuncit keur
kurban pamupus dosa, panebus dosa salirana
saputra garwa.

12 Sanggeus kitu anjeunna kudu nyandak
parukuyan dieusi ruhak tina altar, jeung
seuseungitan dua keupeul, bawa asup ka
Tempat Pangsucina.
13 Sanggeus aya di pangdeuheusan ka
PANGERAN, eta seuseungitan asupkeun kana
parukuyan, haseup kukusna sina ngaliputan
turub Peti Perjangjian, nepi ka eta Peti teu
katingali ku anjeunna, sabab lamun katingali
tanwande anjeunna tiwas.
14 Getih sapi tea kudu dicandak saeutik,
kepret-kepret kana turub Peti Perjangjian
jeung ka hareupeun eta Peti tujuh kali.
15 Geus kitu kudu meuncit embe pikeun
kurban mupus dosa tea pikeun nebus dosa
jamaah. Getihna bawa ka Kamar Pangsucina,
kepret-kepret kana turub Peti Perjangjian
jeung ka hareupeun eta Peti sakumaha halna
getih sapi tea.
16 Ku jalan kitu anjeunna ngadamel upacara
nyucikeun Kamar Pangsucina tina rereged
jeung sagala dosa urang Israil. Nu matak
kudu kitu teh lantaran eta Kemah Tepangan
aya di tengah pasanggrahan, tempat rereged.
17 Salila Harun keur aya di jero Tempat
Pangsucina ngajalankeun upacara nyucikeun
nepi ka kaluarna deui, di jero Kemah teu
meunang pisan aya jelema sejen. Sarengsena
ngajalankeun upacara keur salirana saputra
garwa jeung keur sajamaah,

18 kudu terus kaluar ka tempat altar kurban
beuleuman; eta oge kudu disucikeun,
tatandukanana sakurilingna olesan getih sapi
jeung getih embe tea.
19 Altarna kudu dikepretan getih ku curuk
tujuh kali. Ku jalan kitu eta altar teh
disucikeun tina dosa urang Israil.
20 Sanggeus beres upacara nyucikeun
Tempat Pangsucina, babagian Kemah
Tepangan jeung altar, embe pikeun Asasel, nu
hirup keneh tea, ku Harun kudu disanggakeun
ka PANGERAN.
21 Anjeunna kudu numpangkeun panangan
duanana kana sirah eta embe bari ngikrarkeun
sagala kadorakaan, sagala dosa, jeung sagala
kabasangkalan urang Israil, diteumbleuhkeun
kana sirah eta embe. Ti dinya eta embe kudu
dibuburak ka tengah gurun keusik ku hiji
jelema anu geus ditangtukeun.
22 Jadi sagala dosa urang Israil teh dibawa
ku eta embe ka salah sahiji tempat anu taya
jelemana.
23 Geus kitu Harun kudu lebet deui ka jero
Kemah, tuluy cucul-cucul anggoan imam
anu dianggo basa memeh lebet ka Tempat
Pangsucina. Anggoan teh disimpen di jero
Kemah.
24 Ti dinya anjeunna kudu siram di tempat
suci, tuluy gentos anggoan ku anggoan ku
anjeun. Sanggeus kitu kudu kaluar pikeun
nyanggakeun kurban beuleuman pikeun

ngaleungitkeun dosa salirana jeung dosa jamaah.
25 Gajih sato kurban dosa tea kudu
dibeuleum dina altar.
26 Jelema anu ngabuburak embe
pikeun Asasel tea, memeh asup deui
ka pasanggrahan kudu nyeuseuh heula
pakeanana terus mandi.
27 Sapi jeung embe anu geus dipeuncit
pikeun kurban dosa, anu getihna dibawa
asup ka Tempat Pangsucina pikeun
ngaleungitkeun dosa tea, kudu dibawa ka
luareun pasanggrahan terus duruk. Kulitna,
dagingna, jeroanana, kabeh kudu diduruk.
28 Jelema anu ngadurukna samemeh asup
deui ka pasanggrahan kudu nyeuseuh heula
pakeanana terus mandi.
29 Ieu aturan-aturan anu kudu digumatikeun
salilana. Dina poe nu kasapuluh bulan
katujuh, urang Israil kitu deui urang asing
anu cicing di maranehna kudu paruasa sarta
teu meunang barang gawe naon-naon.
30 Dina poe eta kudu nyieun upacara
nyucikeun urang Israil tina sagala dosana
supaya dirina beresih nurutkeun agama.
31 Poe eta kudu jadi poe anu kacida
sucina, kudu dipake pikeun puasa jeung teu
meunang pisan barang gawe. Ieu aturan kudu
digumatikeun salilana.
32 Imam Agung, anu geus diistrenan jeung
geus disucikeun pikeun ngaganti bapana,

kudu ngalampahkeun eta upacara nyucikeun.
Kudu make pakean imam,
33 tuluy kudu ngalampahkeun upacara
nyucikeun Kamar Pangsucina, nyucikeun
bagian-bagian sejen Kemah PANGERAN,
nyucikeun imam-imam, jeung nyucikeun
sakumna urang Israil.
34 Ieu aturan-aturan kudu digumatikeun
salilana. Upacara kieu kudu dilampahkeunana
sataun sakali, pikeun nyucikeun sakumna
urang Israil tina sakabeh dosana. Eta
timbalan PANGERAN ku Musa dijalankeun.
17 1 PANGERAN nimbalan ka Musa,
2 nepikeun ieu pikukuh anu kudu
dilakonan ku Harun jeung putra-putrana
jeung ku bangsa Israil.
3 (17:3-4) Urang Israil anu meuncit sapi
atawa domba atawa embe kurbankeuneun
ka PANGERAN di mana bae, lain di
hareupeun lawang Kemah Tepangan, eta
ngarempak Hukum. Peta kitu kaasup maehan,
ngocorkeun getih, teu meunang diaku deui
umat Allah.
4 (17:3)
5 Maksud ieu pikukuh sangkan urang Israil
anu biasana meuncit pikurbaneun di luar,
ayeuna mah satona kudu disanggakeun heula
ka PANGERAN. Jadi ayeuna mah sato kurban
teh kudu dibawa ka imam di lawang Kemah
Tepangan, dipeuncit di dinya keur kurban
panarima ka PANGERAN.

6 Getihna ku imam kudu dikepret-kepret
kana sakuriling altar nu di lawang Kemah
Tepangan, sarta gajihna dibeuleum, sangkan
seungitna kaangseu ku PANGERAN.
7 Urang Israil teu meunang peupeuncitan
deui di tegalan pikeun kurban ka jurig-jurig,
sabab peta kitu teh hartina teu satia ka
PANGERAN. Ieu pikukuh ku urang Israil kudu
digumatikeun sapapanjangna.
8 Lamun urang Israil atawa urang asing
anu numpang di urang Israil rek nyieun
kurban beuleuman, atawa kurban naon bae
haturan PANGERAN, ngahaturkeunana kudu
di hareupeun lawang Kemah PANGERAN.
9 Lamun ngahaturkeunana di tempat sejen,
teu meunang diaku deui umat Allah.
10 Urang Israil atawa urang luar nu maratuh
di Israil, lamun ngadahar daging anu getihna
aya keneh bakal diancam ku PANGERAN tur
moal diaku deui jadi umat Mantenna.
11 Sabab hirupna sakabeh mahluk aya dina
getihna. Nu matak saur PANGERAN getih
teh kudu dikucurkeun kana altar, pikeun
ngaleungitkeun dosa Israil sajamaah. Anu
ngaleungitkeun dosa teh nya eta getih, nyawa
tea.
12 Eta sababna nu matak PANGERAN
nimbalan ka urang Israil yen boh maranehna
boh urang luarna, teu meunang ngadahar
daging anu aya keneh getihna.

13 Urang Israil atawa urang luar anu
ngarancik di Israil, lamun moro sato atawa
manuk anu halal, getihna kudu dikucurkeun
tuluy rimbunan ku taneuh.
14 Nyawa tiap mahluk aya dina getihna. Eta
sababna PANGERAN ngalarang urang Israil
ngadahar daging anu getihan keneh. Sing
saha nu kitu moal diaku deui umat Mantenna.
15 Unggal jelema, urang Israil atawa lain,
lamun ngadahar daging sato anu paeh
bangkar atawa paeh ku sato galak, kudu
nyeuseuh pakean terus mandi. Dirina bisa
beresih deui lamun geus burit.
16 Lamun teu kitu bakal narima balukarna.
18 1 PANGERAN ngandika ka Musa
2 pikeun urang Israil. Pangandika-Na,
"Maraneh ulah nurutan urang Mesir urut
maraneh bareto ngumbara.
3 Jeung ulah nurutan urang Kanaan anu
ayeuna ku Kami dituju rek mawa maraneh ka
ditu.
4 Tarurut aturan jeung hukum Kami,
lampahkeun timbalan Kami, PANGERAN Allah
maraneh.
5 Estokeun pituduh ti Kami, lakonan sangkan
salamet. Kami teh PANGERAN."
6 Ti dinya PANGERAN nurunkeun ieu pikukuh:
Maraneh teu meunang sapatemon jeung
awewe baraya sorangan.
7 Teu meunang sapatemon jeung indung,
ngahina ka bapa jeung ka indung sorangan.

8 Teu meunang ngahina ka bapa, sapatemon
jeung salah saurang pamajikanana.
9 Teu meunang sapatemon jeung dulur
awewe atawa dulur tere awewe, boh jeung nu
saimah boh jeung nu misah imah.
10 Teu meunang sapatemon jeung incu
awewe, hina diri.
11 Teu meunang sapatemon jeung kapiadi
awewe, da eta teh sasat adi teges.
12 (18:12-13) Teu meunang sapatemon
jeung bibi ti bapa atawa bibi ti indung.
13 (18:12)
14 Teu meunang sapatemon jeung pamajikan
paman da eta teh bibi maneh keneh.
15 Teu meunang sapatemon jeung minantu
awewe,
16 teu meunang sapatemon jeung pamajikan
adi atawa pamajikan lanceuk.
17 Teu meunang sapatemon jeung anak
atawa incu ti awewe anu kungsi sapatemon
jeung maraneh, sabab eta teh sasat anak
atawa incu sorangan, lampah kitu rucah.
18 Ulah nyandung ka adi atawa lanceuk
pamajikan satungtung pamajikan maneh
hirup keneh.
19 Teu meunang sapatemon jeung awewe
anu keur haid sabab awewena keur reged.
20 Teu meunang sapatemon jeung pamajikan
batur, eta lampah najis.
21 Anak maraneh ulah dibikeun dijieun sarat
muja ka aallahan anu ngaranna si Molek,

kalakuan kitu ngahinakeun pajenengan Allah PANGERAN.
22 Teu meunang jima jeung papada lalaki,
eta kalakuan pikacuaeun Allah.
23 Teu meunang ngajima sasatoan. Awewe
teu meunang sapatemon jeung sato, kalakuan
anu nya nista nya rujit.
24 Pacuan ngarurujit diri ku kalakuan anu
karitu. Anu sok ngarurujit diri kitu teh
urang kapir, anu maratuhna di Kanaan
saheulaeun maraneh, anu ku PANGERAN keur
disingkirkeun supaya maraneh bisa arasup ka
ditu.
25 Kalakuan maranehna kitu bakal
ngalantarankeun eta tanah reged, sarta eta
tanah ku PANGERAN tangtu disiksa datang ka
ngutahkeun jalma-jalma pangeusina.
26 (18:26-27) Kalakuan maranehna kacida
rarujitna nepi ka tanahna oge jadi rujit.
Maraneh mah ulah kitu. Maraneh kabeh
urang Israil kitu deui nu lain urang Israil nu
di darieu, kudu tunduk kana pikukuh jeung
timbalan PANGERAN,
27 (18:26)
28 sangkan ulah diutahkeun ku eta tanah
cara urang ditu anu maratuhna ti heulaeun
maraneh.
29 Nu matak sing saha anu boga kalakuan
rujit saperti kitu moal diaku deui umat Allah.
30 PANGERAN ngandika deui, "Tekanan ieu
pikukuh-pikukuh ti Kami. Ulah boga kalakuan

cara jelema-jelema anu baheula maratuh di ditu samemeh maraneh. Ulah ngarereged maneh ku kalakuan-kalakuan anu karitu. Kami teh PANGERAN, Allah maraneh."

19 [1] PANGERAN ngandika deui ka Musa,
[2] pikeun sakumna urang Israil, "Kudu beresih lampah. Sabab Kami PANGERAN Allah maraneh, suci.
[3] Masing hormat ka indung bapa. Masing satia kana Sabat Kami. Ieu Kami PANGERAN Allah maraneh.
[4] Ulah ngalieus ti Kami tuluy muja ka brahala-brahala. Ulah nyieun arca-arca aallahan tuluy disembah. Ieu Kami PANGERAN Allah maraneh.
[5] Lamun meuncit sato keur kurban panarima kudu nurutkeun pikukuh ti Kami, supaya ku Kami ditarima.
[6] Dagingna kudu didahar dina poe dipeuncitna, meunang nyesa nepi ka poe isukna. Lamun pagetona nyesa keneh kudu diduruk sabab geus henteu beresih, geus najis.
[7] Upama didahar bae, kurbanna ku Kami moal ditarima.
[8] Sing saha anu ngadaharna kudu nanggung kasalahanana sabab geus nganistakeun barang suci kagungan Kami. Balukarna moal diaku deui umat Kami.

9 Lamun dibuat, gandum anu di sisi-sisi
kotakan ulah diala, jeung ulah ngimeutan anu
geus kaliwat.
10 Kitu deui ari mupu anggur, anu can kaala
lantaran kaliwat mah ulah diimeutan, nu
murag ulah dipulung, keun bae antepkeun
pikeun anu mariskin jeung nu lain pribumi.
Kami teh PANGERAN Allah maraneh.
11 Ulah maling, ulah nipu, ulah cidra.
12 Ulah jangji nyebut jenengan Kami ari
baris jalir mah, sabab nganistakeun jenengan
Kami. Kami teh PANGERAN Allah maraneh.
13 Ulah miboga atawa ngarampas barang
batur. Ulah nunda kulian jelema anu buburuh,
ulah dipeutingkeun nepi ka isukna.
14 Ulah nyumpahan ka jelema torek, ulah
ngajailan anu lolong neundeun tatajongeun
dina jajalaneunana. Sing sieun ku Kami,
PANGERAN Allah maraneh.
15 Mun mutus perkara sah kudu jujur, kudu
nurutkeun kumaha perkara nu sabenerna,
ulah dumeh watir ka nu miskin atawa serab
ku nu beunghar,
16 ulah bari ngagogoreng ngupat batur.
Jeung lamun aya jelema kaancam hirupna
teh belaan, terangkeun halna nu saenyana
kumaha, malak mandar panyaksi maneh jadi
pitulung. Kami teh PANGERAN.
17 Lamun keur pasalingsingan jeung batur
ulah panas, mending ngelehan, ulah nepi ka
matak jadi dosa ku hal manehna.

18 Ulah hayang ngabales atawa ngunek-
ngunek, malah kudu nyaah ka batur saperti
ka diri sorangan. Kami teh PANGERAN.
19 Sing narurut ka timbalan-timbalan Kami.
Ulah ngabasterkeun sato ingu. Ulah melak
dua rupa binih disakebonkeun. Ulah make
papakean tina dua rupa lawon.
20 Lamun aya lalaki ngalanggar kahormatan
jariahna anu geus pait rek dijual ka lalaki
sejen keur piselireunana ngan can dibayar,
lalaki dununganana jeung jariahna henteu
manjing hukum paeh, hukum rangket bae,
sabab awewena jadi jariahna keneh.
21 Dununganana kudu mawa hiji domba jalu
ka lawang Kemah Tepangan Kami pikeun
kurban kasalahan.
22 Dombana ku imam kudu dijieun sarat
pikeun ngaberesihkeun dirina, nyirnakeun
dosana, tangtu ku Allah dihampura.
23 Di mana maraneh geus arasup ka tanah
Kanaan, lamun melak bubuahan naon bae,
di jero tilu taun mimiti mah buahna kudu
diharamkeun, pacuan didahar sapanjang eta
mah.
24 Dina taun kaopatna bubuahanana
kudu disanggakeun kabeh ka Kami,
kurbankeun, tanda panarima maraneh ka
Kami, PANGERAN.
25 Bubuahan taun kalimana kop jang
maraneh. Saupama hal ieu ditekanan,
tatangkalan maraneh bakal leuwih laleubeut

baruahanana. Kami teh PANGERAN Allah maraneh.
26 Pacuan ngadahar daging anu aya keneh getihna. Pacuan nyieun sihir.
27 Buuk teu meunang dipolka, sisi janggot teu meunang dikerik.
28 Teu meunang ngukir awak, dicocogan. Ari keur kapapatenan teu meunang nurihan maneh. Kami teh PANGERAN.
29 Ulah nganistakeun anak awewe sina jaradi dayang imah pamujaan. Upama maraneh kitu maraneh teh malik nyembah ka allah-allah sejen, sarta tanah teh tangtu pinuh ku nu raruksak ahlak.
30 Sing gumati kana Sabat Kami, sing ngajenan tempat paranti ngabakti ka Kami. Kami teh PANGERAN.
31 Ulah marenta nasehat ka tukang tatanya ka arwah-arwah jelema nu geus paraeh. Upama maraneh kitu maraneh teh najis. Kami teh PANGERAN Allah maraneh.
32 Masing hormat, ngajenan ka jelema-jelema anu geus karolot. Masing sarieun ku Kami. Kami teh PANGERAN.
33 Ulah sok sakama-kama ka batur teu sabangsa anu ngumbara di maraneh.
34 Aku maranehna kawas ka sasama urang Israil, pikanyaah cara ka awak sorangan. Sing aringet maraneh ge kungsi narumpang hirup di tanah batur di Mesir. Kami teh PANGERAN Allah maraneh.

35 Ulah malsu eloan, timbangan, takeran,
dipake ngalicikan batur.
36 Taraju kudu bener, timbangan kudu bener,
eloan kudu bener. Kami teh PANGERAN Allah
maraneh, anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir.
37 Sing narurut kana sagala pikukuh jeung
timbalan Kami. Kami teh PANGERAN."
20 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
2 pikeun urang Israil, "Anu mikeun
salah saurang anakna pikeun sarat ngabakti
ka si Molek aallahan tea, boh ti kalangan
maraneh boh ti nu sejen anu narumpang
di maraneh, ku sakabeh jelema kudu
dibaledogan ku batu nepi ka paeh.
3 Anu nyerenkeun salah saurang anakna
ka si Molek pikeun maksud nyumahkeun
kasucian Kemah jeung kasucian jenengan
Kami, ku Kami tangtu dilawan sarta moal
diaku deui umat.
4 Upama anu boga kalakuan kitu ku jamaah
diantep teu dipaehan,
5 bakal dilawan ku Kami pribadi, boh
manehna saanak pamajikanana, boh nu
marilu teu satia ka Kami ngabarakti ka si
Molek, ku Kami moal diaku deui umat.
6 Jelema anu menta pituduh ka tukang
nyarumah bakal dilawan ku Kami, jeung moal
diaku deui umat.
7 Masing marulus kalakuan, sabab Kami teh
PANGERAN Allah maraneh.

8 Masing narurut kana pikukuh-pikukuh
Kami, sabab maraneh geus dipilih ku Kami,
PANGERAN."
9 Ti dinya PANGERAN nurunkeun pikukuh-Na,
"Sing saha anu nyumpahan ka bapa atawa ka
indung kudu dipaehan, sabab manjing hukum
paeh.
10 Sing saha anu ngaranyed ka pamajikan
batur sasama Israil kudu dipaehan jeung
awewena.
11 Sing saha anu ngajinahan salah sahiji
pamajikan bapana, teu ngendahkeun ka nu
jadi bapa, kudu dipaehan jeung awewena.
Kudu paraeh ku salahna sorangan.
12 Sing saha anu jinah jeung minantu
awewe kudu dipaehan jeung awewena, sabab
kanircaanana manjing hukum paeh. Kudu
paeh ku salahna sorangan.
13 Sing saha anu silih jima jeung papada
lalaki, hiji kalakuan anu pikagirukeun, kudu
dipaehan duanana. Kudu paraeh ku salahna
sorangan.
14 Sing saha nu kawin nya ka anakna nya
ka indungna, kudu diduruk tiluanana nepi ka
paeh ku karana eta kalakuanana; hal anu
saperti kitu pacuan aya di maraneh.
15 Lalaki anu ngajima sato kudu dipaehan
jeung satona.
16 Awewe anu sapatemon jeung sato kudu
dipaehan jeung satona, sabab manjing
hukum paeh.

17 Anu kawin jeung dulur saindung sabapa
atawa jeung kapidulur, duanana kudu
diearkeun ka balarea tuluy usir kaluar ti
jamaah. Lalakina ku sabab geus nyorang
orat dulur sorangan, kudu nanggung susah
payahna.
18 Lalaki anu sapatemon jeung awewe nu
keur haid kudu diusir jeung awewena ti jero
jamaah, sabab nyumahkeun pikukuh hal
kaberesihan diri.
19 Alo sapatemon jeung bibi duanana kudu
nanggung balukar kanircaanana.
20 Anu ngajinahan salah sahiji pamajikan
pamanna, ngahina ka nu jadi paman,
duanana kudu nanggung balukarna moal
baroga anak.
21 Lalaki anu kawin ka dulur saindung sabapa
moal boga anak. Lalakina geus migawe
kanistaan sarta teu ngajenan ka nu jadi
dulur."
22 PANGERAN nimbalan deui, "Tarurut
pikukuh jeung timbalan-timbalan Kami,
supaya maraneh ulah nepi ka ditolak ku tanah
Kanaan anu ayeuna keur diteang kalawan
panuyun Kami.
23 Pacuan nyangkok adat kabiasaan urang
ditu. Eta bangsa-bangsa anu nyarembah
ka brahala teh ku Kami rek diusir ti ditu,
sangkan maraneh bisa arasup. Maranehna
geus nyumahkeun ka Kami ku sagala
kadorakaanana.

24 Kami geus jangji, eta tanah anu mukti
jeung lendo taneuhna teh rek dibikeun
ka maraneh. Kami teh PANGERAN, Allah
maraneh anu geus ngahaja milih maraneh
dipisahkeun ti bangsa-bangsa sejen.
25 Ku sabab kitu maraneh kudu enya-enya
ngabedakeun sasatoan jeung bangsa manuk
anu halal jeung nu haram. Naon bae anu kudu
diharamkeun ku Kami geus diterangkeun.
Lamun didalahar maraneh bakal najis.
26 Maraneh kudu mulus kalakuan, kudu
tetep jadi umat Kami bae nyalira, sabab
Kami teh PANGERAN, sarta Kami teh suci.
Maraneh ku Kami geus dipeting, dipisahkeun
ti bangsa-bangsa sejen, sangkan jadi umat
Kami bae.
27 Sing saha anu menta nasehat ka
arwah-arwah jelema nu geus paraeh kudu
dibaledogan ku batu nepi ka paeh, sabab
kalakuan kitu teh manjing hukum paeh."
21 1 PANGERAN ngandika deui ka
Musa, supaya anjeunna micatur ka
imam-imam putra Harun, kieu, "Pacuan
imam milu kana upacara nguburkeun mayit
barayana.
2 Kajaba lamun nu paeh teh indungna,
bapana, anakna nu lalaki, anakna nu awewe,
dulur lalaki,
3 atawa dulur anu parawan keneh anu
saimah jeung manehna.

4 Ulah ngotoran maneh ku hal paehna baraya
ti pamajikan.
5 Imam teu meunang ngabotakan sirah
sapotong, teu meunang ngerik sisi janggot,
teu meunang nurihan maneh dumeh keur
tunggara.
6 Diri kudu suci, ulah nyumahkeun
pajenengan Kami. Imam teh purah
nyanggakeun kurban kadaharan ka Kami, jadi
kudu suci.
7 Imam teu meunang mihukum awewe urut
dayang atawa ka anu geus lain parawan,
atawa ka popotongan batur, sabab dirina suci.
8 Jalma-jalma kudu nyaraho yen imam teh
suci, anu dibakukeun purah nyanggakeun
kurban kadaharan pikeun Kami. Kami
teh PANGERAN. Kami teh suci, anu geus
nyucikeun umat Kami.
9 Upama anak imam jadi dayang, eta
teh nyumahkeun kalungguhan bapana,
hukumanana kudu paeh diduruk.
10 Imam teh sirahna geus dikucuran minyak
suci, jeung geus diistrenan, sah make pakean
imam. Jadi buuk kudu luis ulah diantep teu
disisiran, jeung teu meunang nyosoeh pakean
ari keur tunggara.
11 (21:11-12) Dirina geus dibaktikeun ka
Kami, teu meunang ngarereged maneh; ulah
ninggalkeun Kemah Suci Kami tuluy asup
ka imah anu keur kapapatenan, sanajan
upamana anu maot teh bapa atawa indung

sorangan, sabab kitu teh nyumahkeun kana Kemah Kami anu suci.
12 (21:11)
13 Rarabina kudu ka parawan,
14 teu meunang ka randa atawa ka popotongan batur atawa ka urut dayang. Anu meunang dipirabi ku imam ngan parawan ti kalanganana sorangan.
15 Lamun teu kitu, engkena anak-anakna anu kuduna disucikeun teh jadi henteu suci. Kapan imam teh geus ngahaja ku Kami dipilih, ku PANGERAN, dijieun Imam Agung."
16 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
17 supaya anjeunna micatur ka Harun kieu, "Turunan maneh anu awakna aya cacadna, pacuan ngasongkeun kurban kadaharan ka Kami. Pikukuh ieu pikeun sapapanjangna.
18 Pacuan jelema cacad awak nyieun kurban, nya eta: anu lolong, anu cingked, anu beungeutna aya cedaan, atawa bengo,
19 nu keked, nu deog,
20 anu pupundakan, anu pecekrek, nu belekan, nu boga kasakit kulit, jeung nu dikabiri.
21 Pacuan, turunan Harun anu boga cacad awak kumaha bae ngahaturkeun kurban kadaharan pikeun Kami.
22 Ari kadaharanana mah meunang milu ngadahar tina hancengan Kami, boh tina kurban kadaharan anu suci boh tina kurban kadaharan anu pangsucina.

23 Ngan ku sabab awakna aya cacadna,
pacuan deukeut-deukeut kana reregan suci
atawa deukeut-deukeut kana altar, sabab eta
teh barang-barang suci, ulah nepi ka reged
lantaran dideukeutan ku manehna, sabab
eta barang-barang geus disucikeun ku Kami,
PANGERAN."
24 Kitu ungelna pangandika PANGERAN anu
ku Musa diuningakeun ka Harun jeung ka
bangsa Israil.
22 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
2 sangkan anjeunna nyaurkeun ka
Harun sapala putra kieu, "Maraneh sing ati-ati
ngajaga kasucian jenengan Kami. Jadi lamun
keur ngahaturkeun kurban-kurban pangbakti
ti urang Israil kudu nurutkeun anggah-ungguh
anu baku. Kami teh PANGERAN.
3 Lamun maraneh keur dina kaayaan najis
heug deukeut-deukeut kana kurban suci
pangbakti ti urang Israil, saumur-umur teu
meunang deui ngalalayanan altar. Pikukuh ieu
pikeun sapapanjangna. Kami teh PANGERAN.
4 Turunan Harun anu boga kasakit lepra
atawa bengang, teu meunang aya anu milu
ngadahar kurban-kurban suci sapanjang
kaayaanana tacan pulih beresih deui. Unggal
imam bakal najis kaayaanana lamun tas antel
kana bangke, atawa tas kaluar cikama,
5 atawa tas antel kana sato anu najis, atawa
ka jelema anu keur najis.

6 Imam anu kanajisan, sanajan meunang
ngadahar kurban suci oge lamun can tepi
ka burit jeung can mandi beberesih mah
kaayaanana tetep najis.
7 Bisana beresih deui sanggeus surup
panonpoe. Geus kitu kakara meunang
ngadahar kurban-kurban suci anu memang
dahareunana.
8 Imam teu meunang ngadahar daging sato
anu paeh bangkar atawa paeh ku sato galak,
matak najis kana dirina. Kami teh PANGERAN.
9 Kabeh imam kudu gumati kana pikukuh-
pikukuh ti Kami. Salah lamun teu kitu, sarta
tangtu bakal tiwas lantaran henteu iman kana
pikukuh-pikukuh suci. Kami teh PANGERAN,
anu geus nyucikeun maranehna.
10 Anu wenang milu ngadahar kurban-kurban
suci ngan anak jeung pamajikanana bae.
Nu lian mah kajeun saimah atawa jelema
upahanana, teu diidinan.
11 Tapi gandek-gandek beulianana atawa anu
dijurukeunana di imahna, meunang ngadahar
sesa urut imam.
12 Anak imam nu awewe, anu salakina lain
imam, teu meunang ngadahar kurban-kurban
suci.
13 Tapi upama geus jadi randa atawa
geus ditalak tur saimah deui sarta jadi
tanggunganana, meunang ngadahar tina alas
imam, ti bapana. Jadi anu meunang milu

ngadahar teh ngan saanak pamajikanana bae.
14 Jelema anu lain kulawarga imam, lamun teu kahaja ngadahar kurban suci, ka imam kudu ngaganti saharga anu didahar ditambah saperlimana tina pihargaeunana.
15 Imam kudu ngajaga kasucianana kurban pikeun Kami,
16 teu meunang ngajeunkeun eta didahar ku nu lain hakna. Jelema kitu teh salah jeung kudu dihukum. Kami teh PANGERAN, anu nyucikeun sagala kurban."
17 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
18 supaya anjeunna nyaurkeun ka Harun sapala putra jeung ka bangsa Israil, pikukuh ieu: Lamun urang Israil atawa nu sejen rek ngabaktikeun kurban beuleuman, boh keur mayar kaul boh ku karana suka rela, satona teu meunang cacad naon-naon,
19 sarta kudu anu jalu jeung mulus supaya ditampi.
20 Nu cacad mah ku PANGERAN moal ditampi.
21 Lamun rek ngabaktikeun kurban panarima ka PANGERAN, boh keur mayar kaul boh ku karana suka sorangan, anu bakal ditampi teh anu teu aya cacadna.
22 Ka PANGERAN teu meunang ngabaktikeun sato pecak, pengkor, buntung, gering, kurap atawa budug. Sato kitu mah ulah dikana altarkeun, ulah dijieun kurban kadaharan.

23 Lamun ngurban ku karana suka sorangan,
sato kore atawa anggahotana kurang
sampurna oge meunang. Tapi keur mayar
kaul mah sato kitu teh moal ditampi.
24 Sato anu kanjutna pejet atawa kakeureut
atawa eumeur atawa rangsak, ulah
dibaktikeun ka PANGERAN. Hal sarupa kitu
ulah dijalankeun di sakuliah tanah maraneh.
25 Ulah mere sato anu asal ti urang asing
pikeun jadi kurban kadaharan. Nu kitu mah
dianggap cacad bae, moal ditampi.
26 (22:26-27) Anak sapi atawa anak domba
atawa anak embe anu anyar dijurukeun,
samemeh umurna tujuh poe mah acan
meunang dicokot ti indungna. Lamun
geus umur sakitu meunang dijieun kurban
kadaharan sarta bakal ditampi.
27 (22:26)
28 Indung sapi atawa indung domba atawa
indung embe lamun rek dikurbankeun jeung
anakna, dikurbankeunana ulah dibarengkeun
sapoe reujeung.
29 Nyanggakeun kurban panarima ka
PANGERAN kudu nurutkeun pikukuhna,
sangkan panarima maraneh katampi.
30 Dagingna kudu beak didahar sapoe eta
teu meunang nyesa nepi ka poe isukna.
31 PANGERAN ngandika, "Turutkeun
timbalan-timbalan Kami; Kami teh
PANGERAN.

32 Ulah ngotoran jenengan Kami nu suci.
Sakumna urang Israil kudu ngaku yen Kami
teh Maha Suci. Kami teh PANGERAN, sarta
maraneh ku Kami geus dijadikeun suci.
33 Kami geus ngaluarkeun maraneh ti Mesir
sangkan Kami jadi Allah maraneh. Kami teh
PANGERAN."
23 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
2 ngeunaan pikukuh poe-poe
anu mulya pikeun urang Israil karumpul
ngalakonan ibadahna.
3 Poe pikeun digawe lilana genep poe. Poe
katujuh poe Sabat, poe pikeun reureuh. Dina
poe eta maraneh ulah barang gawe, kudu
karumpul ngabakti. Ngancik di mana bae,
poe Sabat ku maraneh kudu disanggakeun ka
PANGERAN.
4 Poe-poe mulya saban-saban cunduk
waktuna kudu diumumkeun, nya eta ieu:
5 Pesta Paska teh pikeun ngagungkeun
PANGERAN. Dimimitianana dina bulan kahiji
tanggal opat belas, sanggeus surup panon
poe.
6 Ari Pesta Roti Teu Make Ragi dimimitianana
tanggal lima belasna. Tujuh poe lilana
maraneh teu meunang ngadalahar roti anu
diragi.
7 Dina poean mimiti pesta maraneh kudu
kumpul ngabakti, sarta teu meunang barang
gawe naon-naon.

8 Tujuh poe lilana maraneh kabeh kudu
nyanggakeun kurban kadaharan ka
PANGERAN. Dina poe katujuhna kudu kumpul
deui ngabakti, sarta teu meunang barang
gawe naon-naon.
9 (23:9-10) Upama maraneh engke geus
araya di tanah anu ku Kami rek dibikeun,
lamun geus usum dibuat, keupeulan anu
mimiti kudu diserenkeun ka imam.
10 (23:9)
11 Ku imam kudu disanggakeun ka
PANGERAN, sangkan maraneh kamanah.
Disanggakeunana kudu sabada poe Sabat,
isukna.
12 Poe eta waktu nyanggakeun gandum tea,
maraneh kudu ngabaktikeun anak domba
jalu umur sataun anu mulus keur kurban
beuleuman,
13 jeung tipung dua kilo campur minyak
jetun keur kurban kadaharan. Seungitna eta
kurban bakal ngabingahkeun ka PANGERAN.
Jeung maraneh kudu ngahaturkeun anggur
saliter.
14 Memeh eta kabeh disanggakeun, hasil
dibuat teh can meunang didalahar, boh
gilingna boh sanggrayna, boh anu geus
jadi roti. Pikukuh ieu kudu digumatikeun
turun-tumurun sapapanjangna.
15 Ti wates poe isukna sabada Sabat, nya eta
ti wates maraneh nyanggakeun gandum tea

ka PANGERAN, maraneh kudu ngitung waktu lilana campleng tujuh minggu.
16 Sabada poe Sabat anu katujuh tea isukna dina kalima puluh poena, maraneh kudu nyanggakeun deui hasil dibuat.
17 Unggal rumah tangga kudu nyanggakeun kurban asongan, roti dua siki ka PANGERAN, anu bahanna masing-masing dua kilo tipung beunang ngaragian, sarta asal tina gandum anu diala pangmimitina.
18 Kajaba ti eta roti, jamaah kudu nyanggakeun anak domba tujuh siki umur sataunan, sapi jalu hiji jeung embe dua, kabeh kudu anu mulus. Kabeh kudu dijieun kurban beuleuman haturan PANGERAN, bareng jeung kurban kadaharan kitu deui kurban anggur. Seungitna eta kurban bakal ngabingahkeun ka PANGERAN.
19 Jeung kudu nyanggakeun embe jalu hiji pikeun kurban pamupus dosa, jeung dua anak domba jalu anu umur sataun pikeun kurban karapihan.
20 Imam kudu nyanggakeun roti tea jeung dua anak domba ka PANGERAN, pikeun bagian imam. Eta kurban-kurban sipatna kabeh suci.
21 Dina poe eta maraneh teu meunang digawe, kudu kumpul ngabakti. Pikukuh ieu kudu digumatikeun ku maraneh turun-tumurun sapapanjangna di mana bae.

22 Lamun dibuat, gandum di sisi kotakan
mah ulah diala, jeung anu kaliwat teu kaala
ulah dibalikan, tinggalkeun bae pikeun anu
mariskin jeung nu lain pribumi. PANGERAN
teh Allah maraneh.
23 (23:23-24) Bulan katujuh tanggal hiji
kudu dipake reureuh jeung lamun geus
aya sora tarompet maraneh kudu kumpul
ngabakti.
24 (23:23)
25 Maraneh kudu nyanggakeun kurban
kadaharan haturan PANGERAN jeung teu
meunang digarawe.
26 (23:26-27) Bulan katujuh tanggal
sapuluh kudu ngayakeun upacara taunan
pikeun ngahampura dosa jamaah. Poe
eta teu meunang dahar naon-naon, kudu
kumpul ngabakti jeung nyanggakeun kurban
kadaharan ka PANGERAN.
27 (23:26)
28 Teu meunang digawe naon-naon, sabab
poe eta teh poe pangampura dosa.
29 Sing saha anu barang dahar dina poe eta
moal diaku deui umat Allah.
30 Jeung saha-saha anu digawe poe eta
bakal tiwas ku PANGERAN ku manten.
31 Pikukuh ieu kudu digumatikeun
turun-tumurun sapapanjangna di mana bae.
32 Ti semet surup panonpoe tanggal
salapan bulan eta nepi ka surup panonpoe
tanggal sapuluh, kudu dijieun poe reureuh

anu hidmat, sarta sapapanjang waktu
eta maraneh teu meunang barang dahar
naon-naon.
33 (23:33-34) Pesta Saung Daun dimimitian
dina tanggal lima belas bulan katujuh, lilana
tujuh poe.
34 (23:33)
35 Dina poe kahijina maraneh teu meunang
digarawe, kudu ngadegkeun kumpulan
ngabakti.
36 Saban poe di jero tujuh poe eta maraneh
kudu nyanggakeun kurban kadaharan. Dina
kadalapan poena kudu ngadegkeun deui
kumpulan ngabakti jeung nyanggakeun
kurban kadaharan. Poe eta poe ngabakti, teu
meunang digarawe.
37 Eta poe-poe kaagamaan kudu dipake
ngamulyakeun PANGERAN, nya eta kumpul
ngabakti ka PANGERAN sarta nyanggakeun
kurban kadaharan, kurban beuleuman,
kurban gandum, kurban peuncitan, jeung
kurban anggur, sakumaha anu baku sapopoe.
38 Ieu poe-poe kaagamaan teh ditambahkeun
kana poe-poe Sabat. Ari kurban-kurban
ditambahkeun kana pangbakti-pangbakti
maraneh anu geus baku, kana kurban-kurban
mayar kaul maraneh, jeung kana kurban-
kurban maraneh ka PANGERAN ku karana
suka sorangan.
39 Unggal tas dibuat kudu dipestakeun
tujuh poe mimiti ti tanggal lima belas bulan

katujuh. Dina poe kahijina kudu reureuh sing hidmat,
40 sarta kudu metik bubuahan nu pangalusna
ti kebon maraneh, ngarala palapah korma
jeung dangdaunan anu garomplok jeung
gagangna, pikeun ngamimitian pesta
kaagamaan ngamulyakeun PANGERAN,
41 anu lilana tujuh poe. Ieu pikukuh kudu
dijalankeun turun-tumurun salawasana.
42 Salila tujuh poe sakumna urang Israil
kudu caricing di saung-saung,
43 supaya anak incu maraneh nyarahoeun
yen bareto basa ku PANGERAN dicandak
kaluar ti Mesir dikersakeun kudu hirup di
saung-saung. Mantenna teh PANGERAN, Allah
maraneh.
44 Kitu pikukuh ti Musa ka urang Israil
sarta maranehna kudu gumati kana pesta-
pesta kaagamaan pikeun ngamulyakeun
PANGERAN.
24 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
2 supaya maparinkeun ieu pikukuh
ka urang Israil: Lampu-lampu Kemah
Tepangan kudu make minyak anu pangalusna
pangherangna, supaya hurungna bisa terus.
3 Saban geus burit lampu-lampuna kudu
diseungeutan ku Harun, hurungna kudu
terus nepi ka isuk di payuneun PANGERAN,
nya eta di luareun reregan anu ngaalingan
Peti Perjangjian di Tempat Pangsucina. Ieu
pikukuh kudu diestokeun salalawasna.

4 Eta lampu-lampu anu sukuna emas murni
diurusna kudu ku Harun, jeung kudu dijaga
supaya hurungna angger, di payuneun
PANGERAN.
5 Nyokot tipung dua belas kilo, jeung jieun
roti dua belas siki.
6 Rotina ambengkeun dua jajar genep-genep
dina meja emas murni tea payuneun
PANGERAN.
7 Unggal jajaran teundeunan dupa anu tulen,
sarat ngalinggihkeun PANGERAN mayunan
eta katuangan.
8 Diambengkeunana kudu mayeng saban
poe Sabat jeung kudu cara kitu, di payuneun
PANGERAN. Ieu jadi kawajiban urang Israil
salalawasna.
9 Eta roti engkena pikeun Harun jeung
anak-anakna. Didaharna kudu di tempat suci,
sabab sipat eta kadaharan teh kacida sucina
lantaran tina ambengan anu dibaktikeun ka
PANGERAN pikeun imam-imam.
10 (24:10-11) Aya hiji jelema, bapana urang
Mesir indungna urang Israil ngaran Selomit
binti Dibri ti kaom Dan. Eta jelema pasea
di pasanggrahan jeung hiji urang Israil
nepi ka ngagogoreng jenengan Allah. Seug
dideuheuskeun ka Musa
11 (24:10)
12 bari di jaga sabot ngadago pituduh
PANGERAN, kudu dikumahakeun eta jelema
teh.

13 Ari dawuhan PANGERAN ka Musa,
14 "Bawa eta jelema ka luareun
pasanggrahan. Sakur anu ngadenge
ngagogorengna ka Kami kudu numpangkeun
leungeun kana hulu eta jelema, tanda
ngaenyakeun eta jelema teh salah, geus kitu
jelemana baledogan ku sarerea make batu
nepi ka paeh.
15 Urang Israil bere nyaho yen anu
ngagogoreng jenengan Allah kudu narima
wawales,
16 dipaehan. Saha bae, boh urang Israil boh
nu sejen nu aya di Israil anu ngagogoreng
jenengan PANGERAN kudu dibaledogan ku
batu ku sajamaah.
17 Sing saha anu maehan kudu dipaehan.
18 Sing saha anu maehan pipiaraan batur
kudu ngaganti. Sabab hutang nyawa bayar
nyawa.
19 Anu nyacadan batur kudu dicacadan deui.
20 Nu mateuhkeun pateuhan deui, nu
mecakan pecakan deui, nu ngompongan
ompongan deui. Naon bae kalakuanana anu
ngalantarankeun batur jadi ruksak, kudu
dibales kitu deui.
21 Nu maehan pipiaraan batur sakadar kudu
ngaganti, tapi nu maehan jelema mah kudu
dipaehan.
22 Ieu hukum teh pikeun maraneh kabeh
urang Israil, jeung oge pikeun urang asing

anu caricing di maraneh, karana Kami teh PANGERAN, Allah maraneh."
23 Sanggeus Musa misaur, seug eta jelema teh ku urang Israil dibawa ka luareun pasanggrahan tuluy dibaledogan ku batu nepi ka paeh. Pangandika Allah ka Musa perkara eta ku urang Israil geus dilaksanakeun.
25 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa di Gunung Sinai,
2 supaya anjeunna ngembarkeun ieu pikukuh ka urang Israil. Sanggeus maraneh aya di tanah anu bakal dibikeun ku PANGERAN, unggal-unggal nincak tujuh taun eta tanah teu meunang dipelakan, pikeun ngamulyakeun PANGERAN.
3 Jadi digarapna kudu genep taun genep taun, melak gandum melak anggur jeung mangkasna jeung ngala hasilna.
4 Dina taun katujuhna tanah teh kudu direureuhkeun sama sakali, sarta taun eta kudu disanggakeun ka PANGERAN, lahan-lahan teu meunang dipelakan, pelak anggur teu meunang dipangkas.
5 Gandum anu jadi sorangan jeung pelak anggur anu henteu dipangkas teu meunang diala. Dina taun eta tanah teh kudu reureuh enya-enya.
6 Tapi sanajan sataun teu dipelakan oge mo burung mere hasil dahareun keur maraneh, keur jelema-jelema anu dibeuli, keur nu buburuh, keur urang asing nu narumpang,

7 keur pipiaraan kitu deui keur sato-sato
jarah. Hasilna meunang diala keur dahareun.
8 Tiap taun katujuh ku maraneh kudu diitung
nepi ka tujuh kali, jadi opat puluh salapan
taun.
9 Geus kitu dina tanggal sapuluh bulan
katujuh, nya eta dina Poe Pangampura Dosa,
kudu aya jelema ngideran sakuliah tanah bari
niup tarompet.
10 Taun anu kalima puluh ku maraneh kudu
dipeting pikeun ngumumkeun kabebasan ka
sakumna pangeusi tanah. Dina sataun eta
lamun aya tanah milik anu geus dijual, kudu
pulang ka nu boga asalna atawa ka anak
incuna. Jelema-jelema anu dibeuli kudu sina
marulang ka kulawargana sorangan.
11 Sabab taun anu kalima puluh teh jadi
taun mulangkeun. Lahan-lahan teu meunang
dipelakan, gandum nu jadi sorangan jeung
anggur anu henteu dipangkas teu meunang
diala.
12 Campleng sataun eta jadi taun suci. Keur
dahareun maraneh dina taun eta ngan anu
asal tina tutuwuhan anu jaradi sorangan.
13 Dina taun eta kabeh tanah milik anu geus
dijual kudu pulang ka anu boga asalna.
14 Jadi lamun maraneh jual meuli lahan
antara batur sabangsa ulah curang.
15 Pihargaeunana kudu diijir tina sabaraha
kali eta lahan mere hasil di jero saanu taun
nepi ka Taun Mulangkeun anu bakal datang.

16 Beuki loba taunna harga lahanna beuki
luhur, beuki saeutik taunna harga lahanna
beuki handap, sabab anu dijualna teh nya eta
jumlah pihasileun eta lahan.
17 Jadi ulah ngalicikan batur sabangsa,
masing sarieun ku PANGERAN, Allah maraneh.
18 Lampahkeun sagala pikukuh jeung sagala
timbalan PANGERAN, supaya maraneh di eta
tanah hirup reujeung lulus mulus.
19 Tanahna tangtu loba hasilna pikeun
dahareun, sagala aya tur maraneh di ditu teh
bakal mulus rahayu.
20 Meureun aya anu hayang nanya, ti mana
meunang dahareun sapanjang tanah keur teu
dipelakan jeung teu kaala hasilna.
21 Ulah salempang! Kalawan berkah
PANGERAN hasil lahan dina taun kagenep
bakal lipet ganda, cukup keur dahareun dua
tauneun.
22 Malah hasil panen taun kagenep teh
picukupeun keneh keur dahareun taun
kadalapan, bari nunggu hasil pepelakan taun
eta.
23 Mun maraneh ngajual lahan ulah dijual
lepas, da eta lahan teh lain anu maraneh tapi
kagungan PANGERAN. Maraneh mah sakadar
katitipan jeung ngan diwidian ngagarap
wungkul.
24 Jadi lamun ngajual lahan kudu
dijentrekeun yen anu bogana aya hak meuli
deui.

25 Lamun aya urang Israil nepi ka jadi miskin
kapaksa ngajual lahan, lamun henteu bisaeun
nebus kudu dipangnebuskeun ku barayana
anu pangdeukeutna.
26 Lamun teu bogaeun baraya nu
mangnebuskeun, engke lamun geus aya
milikna nepi ka bisa sorangan nebus lahanna,
27 gedena duit panebus ka nu meulina, ngan
pikeun taun-taun anu enggeus kajalanan bae,
nepi ka Taun Mulangkeun nu bakal datang.
Can beak waktu gadean ge tanahna bisa
kapimilik deui.
28 Tapi upama teu kuateun bae nebus,
lahanna cekel heula ku nu meuli nepi ka Taun
Mulangkeun nu bakal datang, geus kitu kudu
dipulangkeun.
29 Jelema anu ngajual imah di jero kota anu
make kuta, meunang nebus deui imahna
sanggeus sataun ti semet ngajualna.
30 Upama dina taun eta henteu katebus,
imahna jadi hak milik anu meulina turun
tumurun. Jadi dina Taun Mulangkeun eta
imah teh teu dipulangkeun.
31 Imah-imah di desa-desa anu teu make
kuta, eta mah kudu disaruakeun jeung lahan,
kudu dibeuli deui ku nu bogana sarta lamun
geus nepi ka Taun Mulangkeun bisa kapimilik
deui.
32 Pikeun di kota-kota anu geus dimilikkeun
ka kaom Lewi, kaom Lewi mah meunang
nebus hak milikna iraha bae.

33 Lamun di kota-kota saperti kitu aya
urang Lewi ngajual imah tapi teu bisaeun
bae nebus, dina Taun Mulangkeun mah kudu
dipulangkeun bae, sabab sakabeh imah nu
aya di kota-kota kaom Lewi mah kabeh jadi
hak milikna anu tetep di antara bangsa Israil.
34 Tapi tanah-tanah sampalan sakurilingeun
kota-kota kaom Lewi mah teu meunang dijual,
sabab geus jadi hak milikna salalawasna.
35 Lamun aya sasama urang Israil jadi miskin
nepi ka teu bisaeun ngabayuan hirupna, ku
maraneh bantu cara ngabantu urang asing
atawa nu ngadon, supaya manehna bisa
neruskeun hirupna di maraneh.
36 Ulah ngarah naon-naon ti manehna, sing
sieun ku Allah keun eta batur teh hirup
deukeut maraneh.
37 Lamun nginjeumkeun duit ka manehna
ulah make renten. Kitu deui lamun manehna
meuli dahareun ti maraneh ulah diarah bati.
38 Kitu timbalan PANGERAN, Allah maraneh
anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir supaya
maratuh di tanah Kanaan, sarta anu geus
kersaeun jadi Allah maraneh.
39 Lamun aya dulur sabangsa ngajual maneh
ka maraneh bawaning ku malarat, ulah
digawekeun kawas ka jelema beulian.
40 Bawa cicing di maraneh sina babantu nepi
ka Taun Mulangkeun nu bakal datang.

41 Dina taun eta manehna jeung anak-
anakna sina baralik ka kulawargana jeung ka
tanah hak milik karuhunna.
42 Urang Israil teh kabeh kawula-kawula
PANGERAN anu ngaluarkeun maranehna
ti Mesir ulah aya anu dijual dijieun jelema
beulian.
43 Urang Israil anu ngajual dirina ka maraneh
ulah dibengisan, sing sarieun ku Allah
maraneh.
44 Lamun maraneh butuh badega, meuli ti
bangsa sejen bae anu caricing di sakurilingeun
maraneh.
45 Anak urang asing di tanah maraneh
meunang dibeuli. Barudakna anu
dijurukeunana di tanah maraneh meunang
dijieun hak milik,
46 meunang diwariskeun ka anak incu sina
ngabadega saumur hirup. Ka dulur sabangsa
mah omat ulah ngabengisan.
47 Upamakeun aya urang asing anu hirupna
di maraneh jadi beunghar, seug aya sasama
urang Israil jadi malarat sarta ngajual maneh
ka eta urang asing atawa ka salah saurang
barayana.
48 Sanggeus dibeuli, eta sasama urang Israil
teh boga keneh hak pikeun ditebus. Salah
saurang dulurna
49 atawa pamanna, alona, atawa baraya
deukeutna nu sejen, meunang nebus

manehna, atawa jelemana sorangan nebus maneh sangkan bebas, ari sanggupeun mah.
50 Manehna jeung anu meulina kudu balitungan, geus sabaraha taun manehna ngagadekeun maneh ka nu meulina nepi ka Taun Mulangkeun. Harga pameuli dirina kudu ditangtukeun nurutkeun reana taun. Hargana kudu disaruakeun jeung upah anu buburuh.
51 (25:51-52) Sesa taun anu tacan kajalanan kudu dibalitungkeun sarta ku manehna kudu dibayar.
52 (25:51)
53 Gedena duit anu kudu dibayarkeun deui kudu nurutkeun patokan upah kuli taunan. Salila eta, dununganana teu meunang ngabengisan.
54 Upama teu bisa ku jalan kitu, manehna jeung barudakna dibebaskeunana teh kudu nunggu Taun Mulangkeun heula.
55 Urang Israil teu meunang dijieun jelema beulian saumur hirup, sabab kabeh geus jadi kawula-kawula PANGERAN anu ngaluarkeun maranehna ti Mesir, anu jadi PANGERAN Allah maraneh.
26 1 PANGERAN nimbalan, "Maraneh ulah nyieun brahala, arca, tugu brahala, atawa ngukir batu keur sesembahan. Kami teh PANGERAN, Allah maraneh.
2 Jeung masing gumati ngalakonan poe-poe kaagamaan sarta ajrih ka tempat Kami dibakti. Kami teh PANGERAN.

3 Lamun maraneh nurut kana pikukuh-
pikukuh jeung timbalan-timbalan Kami,
4 lahan-lahan maraneh bakal mere hasil,
tatangkalanana bakal baruahan sabab tangtu
ku Kami dibere hujan unggal usum.
5 Hasilna bakal mucekil, gandum bakal nyesa
nepi ka usum ngala anggur, anggur bakal
nyesa nepi ka usum melak deui gandum.
Hayang dahareun naon bae bakal aya di dinya
tur maraneh tangtu mulus rahayu.
6 Maraneh di eta tanah ku Kami rek dijieun
aman santosa, hees jongjon sepi karisi.
Sato-sato galakna rek disina jarauh ka
maraneh, tur maraneh moal kungsi nyorang
perang.
7 Sanajan mun kudu ngayonan musuh,
maraneh nu bakal unggul.
8 Maraneh limaan bakal sanggup ngelehkeun
musuh saratus. Maraneh saratus urang bakal
sanggup ngelehkeun musuh salaksa.
9 Maraneh rek diberkahan jeung dilobakeun
turunan. Kami bakal pageuh kana jangji ka
maraneh.
10 Saban maraneh panen bakal mucekil
cukup satauneun, malah kapaksa kudu
miceun sesa supaya hasil nu anyar
kawadahan.
11 Kami rek terus nyarengan ti Kemah Kami
anu suci, moal ninggalkeun.
12 Tangtu nyarengan, jadi Allah maraneh
sarta maraneh jadi umat Kami.

13 Kami teh PANGERAN Allah maraneh,
anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir sangkan
bebas tina kumawula ka batur. Bangsa anu
tadina ngagencet ka maraneh ku Kami geus
diancurkeun, maraneh jadi bebas lugina."
14 PANGERAN nimbalan, "Lamun maraneh
ngalawan kana timbalan-timbalan Kami
tangtu dihukum.
15 Lamun nolak kana pikukuh-pikukuh jeung
timbalan-timbalan Kami, jeung ngarempak
perjangjian antara Kami jeung maraneh,
16 ku Kami tangtu disiksa diragragan balahi,
dibere panyakit anu moal picageureun,
panyakit muriang anu matak lolong nepi
ka hirup ge cumah. Mun pepelakan moal
kadahar bakal aya nu ngaranjah, batur anu
ngadaharna.
17 Kami bakal malik ngalawan ka maraneh
nepi ka maraneh eleh ku musuh, bakal dijieun
sakama-kama ku batur nu mikageuleuh,
bakal pinuh ku kasieun anu pohara, nepi ka
taya anu ngudag ge ngabiur kabur.
18 Lamun geus nepi ka kitu maraneh teu
nurut keneh, hukumanana rek dilipet tujuh.
19 Kamantangulan maraneh rek diancurkeun,
moal dibere hujan, tanah maraneh disina
teuas kawas beusi.
20 Sanajan tohtohan dipigawe ge moal aya
hasilna naon-naon, sabab lahanna geus moal
ngabijilkeun hasil sama sakali, pepelakan
moal jadi, tatangkalanana moal baruahan.

21 Lamun tetep keneh ngaralawan sarta
arembung ngagugu ka Kami, hukumanana
dilipet tujuh deui.
22 Rek sina didatangan ku sato-sato galak,
anak-anak maraneh sina tariwas, pipiaraan
maraneh sina beak diamuk, maraneh
ngan tinggal saeutik datang ka jalan-jalan
saruwung.
23 Saupama ku siksaan ieu angger keneh
henteu ngagarugu, henteu nolih ka Kami,
24 siksaanana rek dijieun tujuh tikeleun ti nu
enggeus-enggeus.
25 Ku sabab ngalanggar perjangjian ku Kami
rek disiksa ku perang. Najan marubus ka
kota-kota tangtu disusul ku pagebug, datang
ka maraneh kapaksa kudu nyerah ka musuh.
26 Bekel maraneh ku Kami rek dipendet
nepikeun ka hawu sahiji mahi dipake
ngasakan dahareun ku sapuluh awewe.
Dahareun nepi ka kudu dialas, kitu ge teu
matak seubeuh.
27 Lamun geus kitu angger keneh teu malire
jeung arembung nurut,
28 Kami tangtu reujeung ambek ngahajar ka
maraneh, sarta hukuman maraneh rek dijieun
tujuh kalieun ti nu ti heula.
29 Maraneh bakal ngahakan anak sorangan
bawaning ku kalaparan.
30 Tempat-tempat maraneh ngabakti di
pasir-pasir rek diaduk-aduk, altar-altar
parukuyanana rek diremuk-remukkeun,

bangke-bangke maraneh rek dialung-alungkeun sina ninggangan arca-arca brahala sesembahan maraneh. Bakating Kami ijid,
31 kota-kota maraneh rek dibalik lemah,
tempat-tempat ibadahna rek dibasmi,
kurban-kurban maraneh moal ditarima.
32 Tanah maraneh rek ditumpurkeun nepi ka lebur, nepi ka matak ngarenjag musuh-musuh nu di dinya ku ruksak-ruksakna.
33 Maraneh bakal aya anu ngarurug, tuluy paburisat ka tanah-tanah musuh. Tanah sorangan jadi suwung, kota-kota lebur.
34 (26:34-35) Geus kitu tanah anu ku maraneh tara pisan diperekeun teh bakal ngaso da geus pada naringgalkeun ka tanah-tanah musuh, reureuhna jongjon.
35 (26:34)
36 Sanggeus aya di pangboyongan maraneh rek dibibira ku rasa kasieun, ku kalakay ngeresek ku angin ge datang ka ngacir, lumpat tibuburanjat kawas kabur ti medan perang diudag-udag musuh.
37 Euweuh nu ngudag oge nepi ka pateunggar jeung pada batur, jeung moal kuat ka musuh nu mana bae oge.
38 Maraneh bakal paraeh di pangboyongan dicaplukan ku bumi di tanah musuh.
39 Sesana nu tinggal saeutik bakal mudedes, wawales tina dosa maraneh jeung karuhun.

40 Tapi anak incu maraneh bakal insap, bakal
ngaku kana dosana jeung dosa karuhunna
anu geus nolak jeung ngalawan ka Kami,
41 nepi ka ku Kami dipiceun ka tanah musuh
lantaran Kami kacida jengkelna. Sanggeus
anak incu maraneh jadi hina sarta dosa
jeung kabasangkalanana geus katebus ku
hukuman,
42 kakara Kami rek inget deui kana
perjangjian reujeung Yakub, Ishak, jeung
Ibrahim, sarta eta jangji rek dianyarkeun,
nya eta rek mikeun eta tanah ka umat Kami.
43 Tapi samemeh eta, tanah teh kudu
diberesihkeun heula pangeusina, sina jongjon
heula ngareureuh. Ari umat Kami sina
nandang heula siksaan lantaran geus nolak
pikukuh-pikukuh jeung timbalan-timbalan
Kami.
44 Tapi papadaning kitu ge di nagara
musuhna teh ku Kami moal ditinggalkeun kitu
bae, jeung moal dibasmi nepi ka beak. Sabab
lamun nepi ka kitu jangji Kami ka maranehna
tangtu putus. Kami teh PANGERAN Allahna.
45 Kami rek nganyarkeun deui perjangjian
anu bareto diikrarkeun ka karuhunna,
basa Kami nembongkeun pangawasa ka
bangsa-bangsa, nya eta ngaluarkeun umat
Kami ti Mesir, sangkan Kami PANGERAN jadi
Allah maranehna."

46 Kitu pikukuh-pikukuh jeung timbalan-
timbalan PANGERAN ka Musa di Gunung Sinai
pikeun urang Israil.
27 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
2 ngeunaan pikukuh pikeun urang
Israil: Jelema anu geus disanggakeun ka
PANGERAN pikeun nedunan nadar, meunang
ditebus deui sina bebas.
3 (27:3-7) Pikeun nebusna kudu nurutkeun
patokan harga di Kemah PANGERAN: umur
leuwih ti 60 taun: lalaki-15 gebleg perak;
awewe-10 gebleg perak; antara 20-60 taun:
lalaki-50 gebleg perak; awewe-30 gebleg
perak; antara 5-20 taun: lalaki-20 gebleg
perak; awewe-10 gebleg perak; kurang ti 5
taun: lalaki-5 gebleg perak; awewe-3 gebleg
perak.
4 (27:3)
5 (27:3)
6 (27:3)
7 (27:3)
8 Lamun nu nadarna teu kuateun mayar
panebus nurutkeun patokan lantaran kacida
miskinna, nu rek ditebusna kudu dibawa ka
imam sina diturunkeun hargana sangkan
ditebus sakadugana bae.
9 Lamun anu dipake nadar teh sato anu layak
dikurbankeun ka PANGERAN, ngingetkeun
yen sakur anu geus disanggakeun ka
PANGERAN teh sipatna geus suci,

10 eta sato ku nu boga nadar teu meunang
dihilian ku nu sejen. Lamun dihilian,
panghilianana oge jadi kagungan PANGERAN.
11 Tapi lamun anu dipake nadarna teh
sato haram anu teu layak dikurbankeun ka
PANGERAN, satona kudu dibawa ka imam
12 sina ditaksir pihargaeunana nurutkeun
hade gorengna eta sato. Upama ceuk imam
hargana sakitu, sakitu.
13 Mun rek ditebus kudu dibayar sakitu,
ditambah saperlima tina hargana.
14 Lamun anu dibaktikeun ka PANGERAN teh
imah, kudu ditaksir heula pihargaeunana ku
imam nilik kaayaan eta imah. Lamun ceuk
imam sakitu, sakitu.
15 Lamun anu nadarna aya niat nebusan,
panebusna kudu dibayar sakitu, ditambah
saperlima tina hargana.
16 Lamun anu dibaktikeun ka PANGERAN
teh lahan saluwuk, hargana kudu saharga
pibiniheun anu bakal dipelak dina eta lahan.
Harga pibiniheunana ditangtukeun tiap dua
puluh kilo jawawut sapuluh gebleg perak.
17 Lamun dibaktikeunana kakara tas Taun
Mulangkeun pisan, pihargaeunana tetep
sakitu.
18 Lamun rada lila ti harita, ku imam kudu
dipangitungkeun pihargaeunana nurutkeun
taun anu bakal kajalanan nepi ka Taun
Mulangkeun nu bakal datang, terus diitung
sabaraha kurangna.

19 Lamun anu ngabaktikeunana arek
nebusan, kudu mayar sahargana, ditambah
saperlimana tina hargana.
20 Lamun memeh ditebus ti PANGERAN geus
dijual ka nu sejen, anu bogana leungit hakna
pikeun nebus,
21 sarta dina Taun Mulangkeun nu
engke, lahanna bakal terus jadi kagungan
PANGERAN, ragragna ka imam.
22 Lamun anu dibaktikeun ka PANGERAN teh
lahan anu geus dibeuli,
23 pihargaeunana kudu ditaksir ku imam
nurutkeun lobana taun nepi ka Taun
Mulangkeun nu bakal datang, sarta hargana
kudu dibayar harita keneh. Duit pamayarna
jadi kagungan PANGERAN.
24 Dina Taun Mulangkeun eta lahan kudu
geus mulang ka nu boga tadina atawa ka
anak incuna.
25 Unggal imam lamun naksir harga kudu
nurutkeun patokan Kemah PANGERAN.
26 Kabeh sato cikal geus jadi kagungan
PANGERAN, jadi teu meunang dibaktikeun
jadi kurban suka sorangan. Anak sapi,
anak domba atawa anak embe, kagungan
PANGERAN.
27 Tapi cikal sato haram meunang ditebus
deui, harga panebusna kudu nurutkeun
patokan harga di Kemah PANGERAN ditambah
saperlima. Lamun teu ditebus, meunang

dijual ka saha bae nurutkeun patokan harga
di Kemah PANGERAN.
28 Jelema, sato, lahan, lamun dibaktikeunana
ka PANGERAN teu make sarat, teu meunang
dijual jeung teu meunang ditebus, sabab
mutlak jadi kagungan PANGERAN.
29 Kajeun jelema, ari keur dibaktikeunana
henteu make kayid naon-naon mah teu
meunang dibeuli deui, kudu dipaehan.
30 Sakur hasil bumi naha gandum naha
bubuahan, sapersapuluhna geus jadi
kagungan PANGERAN.
31 Lamun anu bogana hayang nebus kudu
mayar nurutkeun patokan harga di Kemah
PANGERAN ditambah saperlima tina hargana.
32 Sato piaraan, hiji tina sapuluh geus
jadi kagungan PANGERAN. Dina waktu
pipiaraan diitung, tiap-tiap tina sapuluh, hiji
sanggakeun ka PANGERAN.
33 Anu bogana teu meunang tataksir palah-
pilih nu alus jeung nu goreng, sakatunjukna
bae jeung teu meunang dihilian ku nu sejen.
Upama nepi ka dihilian, boh nu dihilianana
boh panghilianana, duanana bakal jadi
kagungan PANGERAN, teu meunang ditebus.
34 Kitu timbalan-timbalan PANGERAN ka
Musa di Gunung Sinai, pikeun urang Israil.

Bilangan

1 [1] Dina tanggal hiji bulan kadua, taun
kadua ti sanggeus urang Israil budal
ti Mesir, PANGERAN nimbalan ka Musa ti
Kemah Tepangana-Na di Gurun Keusik Sinai.
Timbalana-Na,
[2] (1:2-3) "Maneh jeung Harun kudu
nyacahkeun urang Israil, nurutkeun kaom
jeung wargana masing-masing. Anu geus
meujeuhna jadi prajurit, nya eta anu umurna
ti semet dua puluh taun ka luhur, kabeh catet
ngaranna.
[3] (1:2)
[4] Menta dibantu ku kapala ti unggal kaom."
[5] (1:5-16) Ieu ngaran-ngaranna anu jaradi
kapala kaom masing-masing anu dihiras
ngabantu Musa jeung Harun: Kaom-Kapala;
Rubin-Elisur bin Sedeur; Simeon-Selumiel
bin Surisaday; Yuda-Nahson bin Aminadab;
Isaskar-Netanel bin Suar; Sebulun-Eliab bin
Helon; Epraim-Elisama bin Amihud; Menase-
Gamaliel bin Pedasur; Binyamin-Abidan
bin Gidoni; Dan-Ahieser bin Amisaday;
Aser-Pegiel bin Okran; Gad-Elisap bin Rehuel;
Naptali-Ahira bin Enan.
[6] (1:5)
[7] (1:5)
[8] (1:5)

9 (1:5)
10 (1:5)
11 (1:5)
12 (1:5)
13 (1:5)
14 (1:5)
15 (1:5)
16 (1:5)
17 Dibantu ku ieu dua welas urang, Musa
jeung Harun
18 dina tanggal hiji bulan kadua ngumpulkeun
jelema, didaptarkeun nurutkeun rundayan
jeung wargana. Sakur anu umurna dua puluh
taun ka luhur diitung jeung dicatetkeun
ngaranna,
19 sakumaha timbalan PANGERAN.
Didaptarkeunana ku Musa di Gurun Keusik
Sinai.
20 (1:20-46) Kabeh sakur anu umurna
geus dua puluh taun atawa leuwih, anu
pantes jadi prajurit, ngaranna dicatet
nurutkeun kaom jeung wargana, mimiti
ti kaom Rubin, putra Yakub anu cikal.
Pareleanana kieu: Kaom-Jumlah; Rubin-
46.500 urang; Simeon-59.300 urang;
Gad-45.650 urang; Yuda-74.600 urang;
Isaskar-54.400 urang; Sebulun-57.400
urang; Epraim-40.500 urang; Menase-32.200
urang; Binyamin-35.400 urang; Dan-62.700
urang; Aser-41.500 urang; Naptali-53.400
urang; Jumlah=603.550 urang.

21 (1:20)
22 (1:20)
23 (1:20)
24 (1:20)
25 (1:20)
26 (1:20)
27 (1:20)
28 (1:20)
29 (1:20)
30 (1:20)
31 (1:20)
32 (1:20)
33 (1:20)
34 (1:20)
35 (1:20)
36 (1:20)
37 (1:20)
38 (1:20)
39 (1:20)
40 (1:20)
41 (1:20)
42 (1:20)
43 (1:20)
44 (1:20)
45 (1:20)
46 (1:20)
47 Kaom Lewi henteu bareng didaptarkeun
jeung kaom-kaom sejen.
48 Sabab kieu timbalan PANGERAN ka Musa,
49 "Waktu nyacahkeun anu geus meujeuhna
dijieun prajurit, kaom Lewi ulah diasupkeun.

50 Kaom Lewi mah sina ngurus Kemah
Tepangan jeung parabotna, purah ngagotong
Kemah Tepangan saparabotna katut purah
ngalalayananana. Pakemahanana oge kudu
sakuriling eta.
51 Upama maraneh pindah, anu ngaruag
Kemah Tepangan jeung masangna deui di
pasanggrahan anyar kudu kaom Lewi. Anu
sejen, saha bae anu wani deukeut-deukeut
ka Kemah Tepangan kudu dipaehan.
52 Urang Israil anu lianna, pakemahanana
kudu nurutkeun kumbuhanana masing-
masing, unggal kumbuhan boga umbul-umbul
sorangan, kapalana saurang.
53 Kemah kaom Lewi kudu ngurilingan
Kemah Tepangan, pikeun ngajaga nu sejen
ulah deukeut-deukeut ka dinya, bisi urang
Israil disamber ku bebendu Kami."
54 Seug urang Israil ngalampahkeun
sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa tea.
2 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa jeung
Harun hal aturan kieu:
2 Urang Israil kudu diatur masang
pakemahanana. Unggal jelema kudu
nurutkeun umbul-umbul pasukan
jeung bandera kaomna masing-masing.
Pakemahanana kudu dipasang sakurilingeun
Kemah Tepangan.
3 (2:3-9) Pakemahan pasukan umbul-umbul
Yuda di beulah wetan, sapasukan-sapasukan
katut kapalana masing-masing nya eta:

Kaom-Kapala-Jumlah Prajurit; Yuda-Nahson bin Aminadab-74.600 urang; Isaskar-Netanel bin Suar-54.400 urang; Sebulun-Eliab bin Helon-57.400 urang; Jumlah=186.400 urang. Lamun maju, balad Yuda anu pangheulana.
4 (2:3)
5 (2:3)
6 (2:3)
7 (2:3)
8 (2:3)
9 (2:3)
10 (2:10-16) Pakemahan pasukan umbul-umbul Rubin di beulah kidul, sapasukan-sapasukan katut kapalana masing-masing nya eta: Kaom-Kapala-Jumlah Prajurit; Rubin-Elisur bin Sedeur-46.500 urang; Simeon-Selumiel bin Surisaday-59.300 urang; Gad-Elisap bin Rehuel-45.650 urang; Jumlah=151.450 urang. Lamun maju, balad Rubin kudu kadua.
11 (2:10)
12 (2:10)
13 (2:10)
14 (2:10)
15 (2:10)
16 (2:10)
17 Ti dinya, antara pasukan balad kahiji jeung kadua, nya eta aleutan kaom Lewi anu ngagotong Kemah Tepangan. Unggal pasukan balad barisna kudu nurutkeun aturan

pasukan anu diatur di pasanggrahan katut umbul-umbul masing-masing.
18 (2:18-24) Pakemahan pasukan umbul-umbul Epraim di beulah kulon, sapasukan-sapasukan katut kapalana masing-masing nya eta: Kaom-Kapala-Jumlah Prajurit; Epraim-Elisama bin Amihud-40.500 urang; Menase-Gamaliel bin Pedasur-32.200 urang; Binyamin-Abidan bin Gidoni-35.400 urang; Jumlah=108.100 urang. Balad Epraim majuna katilu.
19 (2:18)
20 (2:18)
21 (2:18)
22 (2:18)
23 (2:18)
24 (2:18)
25 (2:25-31) Pakemahan pasukan umbul-umbul Dan di beulah kaler, sapasukan-sapasukan katut kapalana masing-masing nya eta: Kaom-Kapala-Jumlah Prajurit; Dan-Ahieser bin Amisaday-62.700 urang; Aser-Pegiel bin Okran-41.500 urang; Naptali-Ahira bin Enan-53.400 urang; Jumlah=157.600 urang. Pasukan balad Dan majuna pangpandeurina.
26 (2:25)
27 (2:25)
28 (2:25)
29 (2:25)
30 (2:25)

31 (2:25)
32 Jumlah urang Israil anu asup kana daptar
pasukan-pasukan nurutkeun rombonganana
masing-masing aya 603.550 urang.
33 Kaom Lewi henteu diasupkeun ka dinya,
sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.
34 Sagala timbalan PANGERAN ka
Musa ku urang Israil dijalankeun.
Masanggrahanana, majuna, kabeh nurutkeun
umbul-umbul masing-masing, sapasukanana-
sapasukanana.
3 1 Ieu turunan Harun jeung Musa basa
PANGERAN di Gunung Sinai nimbalan ka
Musa.
2 Putra Harun opat nya eta: Nadab anu cikal,
Abihu, Elasar jeung Itamar.
3 Opatanana geus diistrenan jeung dilisahan
jadi imam.
4 Tapi Nadab jeung Abihu mah geus teu
araya, tariwas waktu nyanggakeun kurban ka
PANGERAN di Gurun Keusik Sinai, lantaran
ngagunakeun seuneu anu henteu halal.
Duanana henteu karagungan putra. Tinggal
Elasar jeung Itamar anu jaradi imam waktu
Harun jumeneng keneh.
5 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
6 "Kaom Lewi sina ka harareup, diangkat jadi
purah babantu ka Imam Harun.
7 Sagala pagawean pikeun Kemah
Tepangan, sagala kaperluan pikeun imam

jeung sabangsa Israil, jadi kawajiban maranehanana.
8 Kitu deui ngurus paparabotan Kemah Tepangan jeung nguruskeun kaperluan urang Israil lianna.
9 Ti urang Israil, anu ku Kami dibakukeun pikeun ngalalayanan Harun jeung anak-anakna ngan urang Lewi wungkul.
10 Tetepkeun ku maneh, kawajiban imam mah ngan Harun jeung anak-anakna bae anu diwenangkeun. Anu sejen, anu wani-wani ngajalankeun kaimaman kudu dipaehan."
11 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
12 (3:12-13) "Ayeuna urang Lewi jadi boga Kami. Basa Kami maehan sakabeh cikal urang Mesir, cikal-cikal urang Israil mah ku Kami disucikeun pikeun Kami, boh jelema boh sato. Ayeuna pikeun gantina ti sakabeh cikal urang Israil, Kami nyandak urang Lewi pikeun Kami. Kami teh PANGERAN."
13 (3:12)
14 PANGERAN nimbalan deui ka Musa di Gurun Keusik Sinai,
15 supaya anjeunna nyacahkeun kaom Lewi, nurutkeun kaom jeung wargana. Barudak lalaki ti umur sabulan atawa leuwih kudu didaptarkeun.
16 Eta timbalan ku Musa dijalankeun.
17 (3:17-20) Anak Lewi tilu: Gerson, Kahat jeung Merari, luluhur kaom anu marake ngaran eta. Anak Gerson dua: Libni jeung

Simei. Anak Kahat opat: Amram, Yishar,
Hebron, jeung Usiel. Anak Merari dua: Mahli
jeung Musi, anu jadi luluhur warga-warga nu
marake eta ngaran.
18 (3:17)
19 (3:17)
20 (3:17)
21 Kaom Gerson nya eta warga Libni jeung
warga Simei.
22 Jumlah lalaki ti umur sabulan ka luhur
kacatet aya 7.500 urang.
23 Ieu kaom pakemahanana di beulah kulon,
tukangeun Kemah Tepangan.
24 Kapalana Elisap bin Lael.
25 Kawajibanana ngurus Kemah Tepangan,
ngurus tendana luar jero, ngurus lalangse
pantona,
26 ngurus lalangse palataranana sabudeur
Kemah Tepangan, ngurus altar, jeung ngurus
lalangse lawang ka palataran. Sakabeh
pagawean anu tumali jeung eta, maranehna
anu kawajiban ngurusna.
27 Kaom Kahat nya eta warga-warga Amram,
Yishar, Hebron, jeung Usiel.
28 Jumlah lalakina ti umur sabulan ka luhur
aya 8.600 urang.
29 Pakemahanana di kiduleun Kemah
Tepangan,
30 kapalana Elisapan bin Usiel.
31 Kawajibanana ngurus Peti Perjangjian,
meja, ajug-ajug lampu, altar-altar,

paparabotan imam paranti Tempat Suci,
jeung ngurus lalangse lawang ka Kamar
Pangsucina. Sagala pagawean anu tumali
jeung eta, maranehna anu kawajiban
ngurusna.
32 Anu ngapalaan urang Lewi nya eta Imam
Elasar putra Harun, ngatur jelema-jelema
anu baroga kawajiban di jero Tempat Suci.
33 Kaom Merari nya eta warga-warga Mahli
jeung Musi.
34 Jumlah lalaki ti umur sabulan ka luhur aya
6.200 urang.
35 Pakemahanana di kalereun Kemah
Tepangan, dikapalaan ku Suriel bin Abihail.
36 Kawajibanana ngurus papan-papan
dingding Kemah, jaruji-jarujina, tihang-
tihangna, tatapakan-tatapakanana, jeung
sakur anu patali jeung eta. Sagala pagawean
anu tumali jeung eta, maranehna anu kudu
ngurusna.
37 Jaba ti eta kudu ngurus tihang-tihang
katut tatapakanana, pancuh-pancuh katut
tambang-tambangna di palataran luar.
38 Ari Musa, Harun jeung putra-putrana,
kemahna di payuneun Kemah Tepangan,
beulah wetan. Kawajiban aranjeunna nya eta
ngalaksanakeun upacara-upacara ibadah di
Tempat Suci pikeun kapentingan urang Israil.
Anu sejen, anu wani-wani pipilueun kana eta
kawajiban kudu dipaehan.

39 Jumlah sakabeh lalaki urang Lewi ti umur
sabulan ka luhur anu ku Musa didaptarkeun
nurutkeun timbalan PANGERAN, ti kabeh
rundayan aya 22.000 urang.
40 (3:40-41) PANGERAN ngandika deui
ka Musa, "Sakabeh anak cikal urang Israil
kagungan Kami. Jadi sakur anak cikal urang
Israil anu lalaki, ti umur sabulan ka luhur,
kabeh kudu didaptarkeun. Tapi keur gaganti
maranehna anu ku Kami dicokot pikeun Kami
teh ngan sakabeh urang Lewi. Kami teh
PANGERAN! Nya kitu deui ingon-ingon urang
Lewi ku Kami dijieun gaganti sakabeh cikal
ingon-ingon urang Israil."
41 (3:40)
42 Prak ku Musa dijalankeun, sakabeh anak
cikal lalaki
43 ti umur sabulan ka luhur didaptarkeun,
jumlahna aya 22.273 urang.
44 PANGERAN nimbalan deui ka Musa,
45 "Ayeuna geura sanggakeun ka Kami
sakabeh urang Lewi, pikeun gaganti sakabeh
anak cikal lalaki urang Israil. Kitu deui
sakabeh cikal ingon-ingon urang Lewi
sanggakeun ka Kami, pikeun gaganti cikal
ingon-ingon urang Israil.
46 Ku sabab anak cikal urang Israil anu lalaki
leuwih 273 urang ti batan urang Lewi, eta
leuwihna ku maneh kudu ditebus,

47 saurangna masing-masing lima gebleg
uang perak nurutkeun harga patokan di
Kemah Kami.
48 Duitna serenkeun ka Harun jeung
anak-anakna."
49 Ku Musa dijalankeun, sarta duitna,
50 anu gedena 1.365 gebleg perak,
51 diserenkeun ka Harun sapala putra.
4 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
2 miwarang nyatetkeun urang Lewi kaom
Kahat, kaom-kaomna, warga-wargana,
3 ti semet umur tilu puluh nepi ka lima
puluh taun, anu pantes pikeun digawekeun di
Kemah Tepangan.
4 Pagaweanana nya eta ngurus barang-
barang anu pangsucina.
5 Ti dinya PANGERAN ngandikakeun ieu
aturan ka Musa: Lamun pasanggrahan rek
pindah, Harun sapala putra kudu ka jero
Kemah, nurunkeun lalangse anu mindingan
Peti Perjangjian, tuluy kudu dipake ngarurub
eta peti.
6 Geus kitu kudu ditutupan ku kulit lemes
sarta saterusna kudu diruruban ku lawon
biru, tuluy petina kudu dicorok ku rancatan.
7 Meja paranti neundeun roti haturan
PANGERAN kudu ditaplakan ku taplak biru.
Piring-piring, pinggan-pinggan wadah dupa,
pinggan-pinggan paranti kurban, kendi-kendi
anggur kurban, teundeunan di dinya. Dina eta
meja salawasna kudu aya roti haturkeuneun.

8 Eta kabeh tutup ku lawon beureum,
tutupan deui ku kulit lemes, tuluy corok
mejana ku rancatan dina parantina.
9 Ajug-ajug lampu, lampu-lampu, cacapit-
cacapit, cepuk-cepuk, jeung wadah-wadah
minyak jetun, bungkus ku lawon biru.
10 Eta ajug-ajug jeung parabot-parabotna
kudu ditutupan ku kulit lemes, tuluy kudu
diteundeun kana gotongan.
11 Geus kitu altar emas kudu ditutupan ku
lawon biru, tuluy ku kulit lemes, altarna tuluy
corok ku rancatan.
12 Pakakas-pakakas paranti Tempat Suci
kudu dibungkus ku lawon biru, tuluy ku kulit
lemes, terus teundeun kana gotongan.
13 Lebu gemuk tina altar kudu dikeduk,
altarna tutupan ku lawon wungu.
14 Sagala pakakas kaperluan altar, piring-
piring wadah seuneu, pangrojok, panyodok,
jeung jambangan-jambangan, teundeunan
dina luhur eta altar, tutupan ku kulit lemes,
tuluy altarna corok ku rancatan.
15 Dina waktuna pasanggrahan indit, eta
barang-barang suci digotongna kudu ku kaom
Kahat. Kitu soteh lamun eta paparabotan
geus tarapti kabeh dibungkusanana ku Harun
sapala putra. Kaom Kahat teu meunang
cubuk-cabak kana eta barang-barang suci,
sabab tangtu tiwas. Kitu kawajiban kaom
Kahat lamun Kemah Tepangan dipindahkeun.

16 Ari Imam Elasar putra Harun,
kawajibanana ngurus Kemah sagemblengna,
ngaminyakan lampu-lampu, ngurus
padupaan, ngurus kurban gandum, ngurus
minyak suci jeung sagala rupa anu aya di jero
Kemah Tepangan, anu enggeus disucikeun
haturan PANGERAN.
17 PANGERAN ngandika deui ka Musa jeung
Harun,
18 "Kahade, kaom Kahat
19 ulah deukeut-deukeut kana barang-barang
suci supaya ulah tiwas. Sangkan ulah nepi
ka kajadian kitu, Harun jeung anak-anakna
kudu ngatur heula eta barang-barang di
jero Kemah Tepangan. Lamun geus beres
dibungkusanana, kakara jalma-jalma kaom
Kahat diatur sacabakna-sacabakna nu mana
gotongeunana.
20 Sabab lamun maranehna asup ka jero
Kemah Tepangan memeh beres sarta
heug narenjo eta parabot-parabot suci
bawaeun pindah keur diuruskeun keneh ku
imam-imam, tangtu tariwas."
21 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
22 miwarang nyatetkeun urang Lewi kaom
Gerson sakaomna sawargana,
23 jeung nyatet anu umurna ti tilu puluh nepi
ka lima puluh taun, anu nyumponan sarat
pikeun digawekeun di Kemah Tepangan.
24 Anu baris jadi kawajibanana nya eta
ngurus ieu barang-barang:

25 Kemah, tenda luar, tenda jero, kulit lemes
tutup puncak Kemah, lalangse lawang asup,
26 reregan jeung tali-talina anu di palataran
sakuriling Kemah jeung altar, lalangse lawang
asup ka palataran, jeung sagala rupa anu aya
patalina jeung eta barang-barang. Sagala
urusan anu tumali jeung eta, maranehna anu
kudu ngurusna.
27 Musa jeung Harun kudu ngajaga supaya
kaom Gerson ngalampahkeun eta kawajiban
jeung nadah parentah Harun sapala putra.
28 Eta sagala kawajiban kaom Gerson di jero
Kemah dikapalaan ku Imam Itamar putra
Harun.
29 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
miwarang nyatetkeun urang Lewi ti kaom
Merari, nurutkeun wargana masing-masing.
30 Jeung kudu nyatet anu umurna ti tilu puluh
nepi ka lima puluh taun, anu nyumponan
sarat pikeun digawekeun di Kemah Tepangan.
31 Anu baris jadi kawajibanana nya eta
ngurus papan-papan dingding Kemah,
jaruji-jarujina, tihang-tihangna jeung
tatapakan-tatapakanana,
32 pancuh-pancuh jeung tambang-
tambangna anu di palataran sakuriling
Kemah, jeung sakur anu aya patalina jeung
eta. Kawajibanana masing-masing aya
bagianana sorangan.

33 Kitu kawajiban kaom Merari di Kemah
Tepangan, dikapalaan ku Imam Itamar putra
Harun.
34 (4:34-48) Luyu jeung timbalan
PANGERAN, Musa, Harun, jeung para kokolot
umat, nyacahkeun urang Lewi anu tilu kaom,
nya eta kaom Kahat, kaom Gerson, jeung
kaom Merari. Ku aranjeunna didaptar anu
umurna ti tilu puluh nepi ka lima puluh taun,
anu nyumponan sarat pikeun digawekeun di
Kemah Tepangan. Hasilna: Kaom-Jumlah;
Kahat-2.750 urang; Gerson-2.630 urang;
Merari-3.200 urang; Jumlah=8.580 urang.
35 (4:34)
36 (4:34)
37 (4:34)
38 (4:34)
39 (4:34)
40 (4:34)
41 (4:34)
42 (4:34)
43 (4:34)
44 (4:34)
45 (4:34)
46 (4:34)
47 (4:34)
48 (4:34)
49 Jelema-jelema teh didaptarkeun
sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.
Unggal jelema kudu sina tanggung jawab
kana kawajibanana masing-masing, naon anu

kudu dipigawe, naon anu kudu digotong. Kitu timbalan PANGERAN ka Musa.

5 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
2 "Parentahkeun ka urang Israil supaya jelema anu boga kasakit lepra atawa kasakit bengang, atawa anu antel kana bangke, kudu dikaluarkeun ti pasanggrahan.
3 Sakur anu kaayaanana najis saperti kitu sina kaluar, supaya ieu pasanggrahan tempat Kami di maraneh ulah kanajisan."
4 Urang Israil narurut, sakur anu kaayaanana najis dikaluarkeun ti pasanggrahan.
5 PANGERAN maparinkeun ieu aturan ka Musa,
6 pikeun urang Israil: Lamun aya anu henteu satia ka PANGERAN lantaran ngarugikeun batur,
7 kudu ngaku kana kasalahanana sarta karugian baturna tea kudu dibayarkeun deui sajenisna ditambah saperlimana.
8 Upama baturna tea geus maot tur teu aya baraya deukeutna, duit pamayar karugian teh kudu diserenkeun ka PANGERAN pikeun imam. Kajaba ti eta kudu ditambah ku domba jalu pikeun upacara mupus kasalahanana.
9 Naon bae pangbakti urang Israil ka PANGERAN anu diserenkeun ka imam, eta keur imam.
10 Jadi sagala pangbakti anu diserenkeun ka imam, keur imam.
11 PANGERAN ngandika deui ka Musa,

12 (5:12-14) maparinkeun ieu aturan keur
urang Israil: Bisa jadi aya salaki anu curiga
ka pamajikanana. Nyangka pamajikanana
serong jeung geus nganajiskeun diri jinah
jeung lalaki sejen. Tapi teu bisa mastikeun,
lantaran kalakuan pamajikanana tea rikip
tur teu aya saksi, sarta henteu kaperego.
Atawa hiji salaki teu pupuguh timburuan ka
pamajikanana, padahal pamajikanana teh teu
serong teu naon.
13 (5:12)
14 (5:12)
15 Dina hal saperti kitu, eta salaki kudu
mawa pamajikanana ka imam bari mawa
tipung tarigu sakilo pikeun kurban, tipungna
ulah dikucuran minyak jetun jeung ulah
diteundeunan dupa, sabab eta mah
kurban ti hiji salaki anu timburuan, pikeun
ngabuktikeun hal anu sabenerna.
16 Awewena ku imam kudu dibawa ka
hareupeun altar sina nangtung di dinya.
17 Imam kudu nyicikeun cai suci kana hiji
paso, cemplungan taneuh sacolek tina dasar
Kemah supaya jadi pait.
18 Udar buuk eta awewe ku imam sina
ngarumbay, tipung kurban tea sina dicekel
ku leungeunna. Paso eusi cai anu geus jadi
pait jeung geus ngandung panyapa, cekel ku
imam.
19 Geus kitu awewena sina ngaregepkeun
ucapan anu diikrarkeun ku imam, anu kieu

pokpokanana, "Lamun maneh henteu jinah,
panyapa anu dikandung ku ieu cai suci moal
teurak ka maneh.
20 Sabalikna lamun maneh jinah,
21 demi kersaning PANGERAN, maneh masing
jadi sasapaan di antara umat Mantenna. Ieu
cai sing matak bareuh beuteung, sing matak
murungkut puhu pingping.
22 Ieu cai masing muhit dina peujit,
sing ngabareuhkeun beuteung, sing
murungkutkeun puhu pingping maneh."
Awewe tea kudu ngahaminan, "Amin, demi
PANGERAN, sing kabuktian."
23 Geus kitu eta panyapa teh ku imam kudu
dituliskeun, tuluy kucekkeun kana cai pait
tea.
24 Samemeh eta cai suci diinumkeun ka
eta awewe, anu bisa jadi bakal nimbulkeun
kanyeri luar biasa,
25 tipung pikurbaneun anu dicekel ku eta
awewe tea cokot ku imam, tuluy unjukkeun
ka PANGERAN, teundeun dina altar.
26 Cokot sakeupeul terus beuleum di dinya,
tanda yen enggeus dikurbankeun. Geus kitu
awewe teh sina nginum eta cai panyapa.
27 Upama enya manehna jinah, bakal
ngarasa nyeri luar biasa, beuteungna jadi
bareuh, puhu pingpingna jadi murungkut.
Ngaranna bakal jadi sasapaan di kalangan
bangsana.

28 Tapi saupama manehna taya dosana, moal
kua-kieu sarta bakal bisa boga anak.
29 (5:29-30) Kitu pikukuhna upama
aya salaki nu curiga jeung timburuan,
nyangka pamajikanana geus jinah. Awewena
sina nangtung hareupeun altar, imam
ngajalankeun upacarana.
30 (5:29)
31 Ari salakina mah henteu kabawa salah.
Sabalikna pamajikanana, lamun enya salah,
kitu pitemaheunana.
6 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
2 ngandikakeun ieu pikukuh pikeun
urang Israil: Lalaki atawa awewe anu ikrar
panadaran seja ngawulakeun dirina ka
PANGERAN jadi Nasir,
3 henteu meunang nginum anggur atawa
inuman keras. Henteu meunang nginum
inuman naon bae anu asalna tina buah anggur
atawa ngadahar buahna atawa kismisna.
4 Sapanjang jadi keneh Nasir teu meunang
ngadahar naon bae anu tina buah anggur,
kulitna atawa sikina ge teu meunang.
5 Sapanjang jadi Nasir teu meunang dicukur.
Dirina geus kabeungkeut ku ikrar seja
ngawulakeun diri ka PANGERAN tepi ka
beak waktuna. Sapanjang kitu buukna jeung
janggotna kudu diantep manjangan.
6 (6:6-7) Buukna teh jadi ciri kumawulana ka
Allah. Jeung sapanjang kitu ulah nganajiskeun
maneh deukeut-deukeut kana mayit, kajeun

mayit bapana atawa indungna, dulurna lalaki
atawa awewe.
7 (6:6)
8 Sabab sapanjang jadi Nasir, dirina geus
dibaktikeun jadi kawula PANGERAN.
9 Upama nepi ka kajadian kungsi padeukeut
jeung nu maot lantaran maotna ngadadak,
nepi ka matak najis kana buuk Nasirna,
heuleut tujuh poe ti saentasna, sirahna jeung
janggotna kudu dikerik masing beresih,
supaya dirina beresih deui.
10 Isukna, dina kadalapan poena kudu
nepungan imam di lawang Kemah Suci, mawa
dua manuk japati atawa tikukur.
11 Manuk anu hiji ku imam kudu dijieun
kurban dosa, anu hiji deui kurban beuleuman,
jadi sarat nyucikeun diri tina kanajisan
paantel jeung mayit. Jadi dina poe eta buukna
teh disucikeun deui,
12 sarta waktu Nasirna dibaktikeun deui ka
PANGERAN. Waktu kumawulana anu enggeus
kalakonan mah dibatalkeun bae, sabab geus
kanajisan. Kasalahanana kudu ditebus ku
anak domba anu umur sataun, dijieun kurban
kasalahan.
13 Lamun waktuna jadi Nasir geus tamat
kalakonan sakumaha panadaranana, kudu
nyieun upacara. Manehna kudu ka lawang
Kemah Suci,
14 ngahaturkeun tilu rupa sato kurban
anu mulus ka PANGERAN, nya eta: hiji

anak domba jalu umur sataun keur kurban
beuleuman, hiji domba bikang keur kurban
dosa, jeung hiji domba jalu keur kurban
panarima.
15 Jaba ti eta kudu ngahaturkeun roti anu
teu diragian sakaranjang, anu karandel, tina
tipung anu diadonan ku minyak jetun, jeung
anu aripis anu diulasan ku minyak jetun, kitu
deui kurban gandum jeung anggur.
16 Imam nyanggakeun eta kabeh ka
PANGERAN, tuluy metakeun kurban pamupus
dosa jeung kurban beuleuman.
17 Domba jaluna kurbankeun ka PANGERAN
jieun kurban panarima, barengkeun jeung
roti anu sakaranjang tea. Kurban kadaharan
jeung kurban inuman oge sanggakeun.
18 Nasirna kudu ngagundulan sirah di lawang
Kemah Suci, buukna teundeun dina luhur
kurban panarima anu keur dibeuleum.
19 Pingping hareup domba tea ku imam kudu
dikulub, tuluy jait sina ditampanan ku eta
Nasir jeung rotina anu kandel sasiki, anu ipis
sasiki, tina karanjang.
20 Saterusna ku imam kudu diunjukkeun
ka PANGERAN jadi kurban ajang imam
sarta sipatna geus suci. Dada domba jeung
pingping tukangna oge keur imam sakumaha
ceuk pikukuhna. Sanggeus eta, Nasirna
meunang nginum anggur.
21 Kitu pikukuhna hal Nasir, jaba ti anu geus
diikrarkeun dina panadaranana, sabab sagala

anu diikrarkeun dina panadaranana tea kudu ditekanan kabeh.
22 PANGERAN ngandika deui ka Musa
23 hal ucapan berkah anu kudu dilisankeun
ku Harun jeung putrana ari keur ngaberkahan
urang Israil, kieu:
24 Mugia maraneh ku PANGERAN dirahmat
sarta diraksa.
25 Mugia maraneh ku PANGERAN dipiwelas
jeung dipaparin kurnia.
26 Mugia maraneh ku PANGERAN digalih
jeung dijamugakeun.
27 Sarta kieu timbalan PANGERAN:
"Saupama dina ucapan berkah pikeun urang
Israil jenengan kami disebut, tangtu Kami
ngamakbul."
7 1 Sanggeus Musa beres ngadegkeun
Kemah Tepangan, poe eta keneh eta
Kemah Suci teh ku anjeunna diresmikeun,
diminyakan ku minyak suci katut sagala
paparabotanana, kitu deui altarna sapuratina.
2 Ti dinya para kapala urang Israil, nya eta
para pamingpin kaom-kaom anu ditugaskeun
kudu nyacahkeun tea,
3 nyaranggakeun pangbakti ka PANGERAN,
padati genep jeung sapi dua welas; tiap dua
urang pamingpin hiji padati, sarta saurangna
masing-masing hiji sapi. Sanggeus kabeh
disanggakeun ka PANGERAN,
4 PANGERAN nimbalan ka Musa,

5 "Tarima eta pangbakti, gunakeun pikeun
kaperluan pagawean anu kudu dipigawe
di ieu Kemah. Serenkeun ka urang Lewi
sing luyu jeung pigaweeun maranehanana
masing-masing."
6 Seug eta padati-padati eusi sapi teh ku
Musa diserenkeun ka urang Lewi:
7 Dua padati jeung opat sapi diserenkeun ka
urang Gerson,
8 opat padati jeung dalapan sapi diserenkeun
ka urang Merari. Sagala pigaweeun
maranehna diaturna ku Itamar putra Harun.
9 Urang Kahat ku Musa henteu diserenan
padati teu diserenan sapi, sabab maranehna
mah kabagian ngurus jeung nanggung
barang-barang suci dina taktakna.
10 Jeung deui para pamingpin teh
nyaranggakeun kurban pikeun ngaresmikeun
altar. Sanggeus maranehna tarapti rek prak
nyanggakeun pangbaktina kana altar,
11 PANGERAN nimbalan ka Musa, "Bejakeun
ka maranehna, salila dua welas poe saban poe
kudu aya hiji pamingpin anu nyanggakeun
pangbakti pikeun ngaresmikeun altar."
12 (7:12-83) Seug giliran anu kudu
nyanggakeun kurban-kurban teh ku
maranehna diatur. Kieu: Poe-Giliran
Kaom-Pamingpinna; Ka-1-Yuda-Nahson
bin Aminadab; Ka-2-Isaskar-Netanel bin
Suar; Ka-3-Sebulun-Eliab bin Helon;
Ka-4-Rubin-Elisur bin Sedeur; Ka-5-Simeon-

Selumiel bin Surisaday; Ka-6-Gad-Elisap
bin Rehuel; Ka-7-Epraim-Elisama bin
Amihud; Ka-8-Menase-Gamaliel bin Pedasur;
Ka-9-Binyamin-Abidan bin Gidoni; Ka-10-
Dan-Ahieser bin Amisaday; Ka-11-Aser-Pegiel
bin Okran; Ka-12-Naptali-Ahira bin Enan.
Kurban-kurban anu ku masing-masing kudu
dibaktikeun teh sarua, nya eta: hiji baki
perak anu beuratna 1,5 kilogram, hiji bokor
perak anu beuratna 800 gram, timbanganana
nurutkeun patokan Kemah PANGERAN.
Duanana dieusi tipung sapinuhna campur
minyak jetun, pikeun kurban kadaharan, hiji
pisin emas anu beuratna 110 gram, pinuh ku
seuseungitan, hiji sapi jalu, hiji domba jalu,
hiji anak domba umur sataun keur kurban
beuleuman, hiji embe keur kurban pamupus
dosa. Tuluy dua sapi jalu, lima domba jalu,
lima embe jalu, jeung lima anak domba anu
umur sataunan keur kurban panarima.
13 (7:12)
14 (7:12)
15 (7:12)
16 (7:12)
17 (7:12)
18 (7:12)
19 (7:12)
20 (7:12)
21 (7:12)
22 (7:12)
23 (7:12)

24 (7:12)
25 (7:12)
26 (7:12)
27 (7:12)
28 (7:12)
29 (7:12)
30 (7:12)
31 (7:12)
32 (7:12)
33 (7:12)
34 (7:12)
35 (7:12)
36 (7:12)
37 (7:12)
38 (7:12)
39 (7:12)
40 (7:12)
41 (7:12)
42 (7:12)
43 (7:12)
44 (7:12)
45 (7:12)
46 (7:12)
47 (7:12)
48 (7:12)
49 (7:12)
50 (7:12)
51 (7:12)
52 (7:12)
53 (7:12)
54 (7:12)

55 (7:12)
56 (7:12)
57 (7:12)
58 (7:12)
59 (7:12)
60 (7:12)
61 (7:12)
62 (7:12)
63 (7:12)
64 (7:12)
65 (7:12)
66 (7:12)
67 (7:12)
68 (7:12)
69 (7:12)
70 (7:12)
71 (7:12)
72 (7:12)
73 (7:12)
74 (7:12)
75 (7:12)
76 (7:12)
77 (7:12)
78 (7:12)
79 (7:12)
80 (7:12)
81 (7:12)
82 (7:12)
83 (7:12)
84 (7:84-88) Jumlah lobana pangbakti ti dua welas urang pamingpin pikeun

kaperluan-kaperluan altar nya eta: - dua welas pinggan perak jeung dua welas baskom perak, beuratna kabeh 27,6 kilogram; - dua welas pisin emas, beuratna kabeh aya 1,32 kilogram, parinuh ku seuseungitan; - dua welas sapi jalu, dua welas domba jalu, dua welas anak domba umur sataunan, kitu deui pikeun kurban-kurban kadaharan jeung pikeun kurban-kurban panarima; - dua welas embe keur kurban dosa; - dua puluh opat sapi jalu, genep puluh domba jalu, genep puluh embe, genep puluh anak domba umur sataunan keur kurban panarima.
85 (7:84)
86 (7:84)
87 (7:84)
88 (7:84)
89 Ari Musa, tiap-tiap lebet ka jero eta Kemah seja miunjuk ka PANGERAN, sok ngadangu PANGERAN nimbalan ka anjeunna tina luhureun tutup Peti Perjangjian di antara dua jangjang mumukarabinan.

8 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
2 "Bejakeun ka Harun, lampu-lampu teh pasang dina ajugna, atur supaya caangna ka beulah hareup."
3 Seug lampu-lampu teh ku Harun disanghareupkeun kana ajugna.
4 Eta ajug lampu ti puhu nepi ka congona mangrupa emas ketokan, direkana nurutkeun

conto anu ku PANGERAN ditembongkeun ka
Musa tea.
5 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
6 "Jelema-jelema urang Lewi kudu dipetel ti
urang Israil lianna tuluy sucikeun.
7 Kieu aturanana: Kepretan ku cai suci,
tuluy sina ngerik bulu awakna jeung sina
nyareuseuhan pakean. Sanggeus kitu
maranehna jadi beresih.
8 Tuluy sina nyarerenkeun hiji sapi jalu anu
ngora keneh jeung tipung anu diadonan ku
minyak jetun keur kurban kadaharan; ari
maneh kudu nyokot hiji sapi jalu keur kurban
dosa.
9 Ti dinya bangsa Israil kumpulkeun, urang
Lewi sina narangtung hareupeun Kemah
Kami.
10 Urang Israil sina narumpangkeun
leungeunna kana sirah urang Lewi.
11 Tuluy sanggakeun eta jelema-jelema ka
Kami, ku Harun, jadi pangbakti ti urang Israil
ka Kami, pikeun ngajalankeun gawe ti Kami.
12 Geus kitu urang Lewi sina narumpangkeun
leungeun kana sirah dua sapi tea; sapina
peuncit, hiji keur kurban dosa, hiji keur
kurban beuleuman, pikeun sarat nyucikeun
urang Lewi.
13 Urang Lewi kudu dihususkeun pikeun
Kami, sarta kudu dititah ngalalayanan Harun
jeung anak-anakna.

14 Kitu petana urang Lewi dipetel ti urang
Israil lianna keur Kami.
15 Sanggeus ku maneh disucikeun, urang
Lewi manjing sarat pikeun ngajalankeun
gawe di Kemah Kami.
16 Maranehna ku Kami dijieun gaganti anak
cikal di sakumna bangsa Israil, jadi hak milik
Kami pribadi.
17 Basa Kami di Mesir maehan sakabeh
cikal lalaki, cikal-cikal urang Israil kitu deui
cikal-cikal ingon-ingon ku Kami dijadikeun
hak milik.
18 Ayeuna Kami nyandak urang Lewi pikeun
gaganti sakabeh cikal lalaki urang Israil.
19 Maranehna ku Kami diserenkeun ka
Harun jeung anak-anakna jadi pangbakti ti
urang Israil, pikeun digarawekeun di Kemah
Kami, nalangan bangsa Israil, pikeun nyegah
sangkan urang Israil ulah cilaka lamun
deukeut-deukeut ka ieu Kamar Suci."
20 Seug urang Lewi teh ku Musa, ku Harun,
jeung ku bangsa Israil dibaktikeun sakumaha
timbalan PANGERAN ka Musa.
21 Urang Lewi kabeh susuci, nyareuseuhan
pakean, tuluy ku Harun disanggakeun ka
PANGERAN sarta disucikeun sakumaha
mistina.
22 Sagala rupa timbalan PANGERAN ka Musa
perkara urang Lewi ku sakumna bangsa Israil
dilampahkeun. Sakabeh urang Lewi enggeus
manjing sarat pikeun ngajalankeun gawe

di Kemah PANGERAN, dikapalaan ku Harun
jeung putra-putrana.
23 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
24 "Sakur urang Lewi ti semet umur dua
puluh taun wajib digawe di Kemah Kami,
25 eureun-eureun sanggeus umur lima puluh
taun.
26 Sanggeusing kitu ari daek mah
ngabantuan gawe ka baturna heug bae, tapi
lain ku karana wajib. Kitu pikukuhna hal
kawajiban urang Lewi."
9 1 Dina bulan kahiji taun kadua ti barang
urang Israil budal ti Mesir, PANGERAN
ngandika ka Musa di Gurun Keusik Sinai.
Pangandika-Na,
2 (9:2-3) "Dina tanggal opat welas bulan ieu,
sasurupna panonpoe, sakumna bangsa Israil
kudu ngalakonan Paska, prakprakanana kudu
nurutkeun aturan jeung pikukuhna."
3 (9:2)
4 Seug Musa marentahkeun sangkan urang
Israil ngalakonan Paska.
5 Tuluy ku maranehna dilampahkeun di
Gurun Keusik Sinai dina tanggal opat welas
bulan kahiji, sasurupna panonpoe. Sagala
rupa timbalan PANGERAN ka Musa ditarurut.
6 Aya sawatara jelema anu kanajisan
lantaran nyabak mayit, jadi henteu meunang
marilu ngalakonan Paska. Seug ngadareuheus
ka Musa jeung Harun

7 sarta arunjukan, "Nun, abdi-abdi teh keur
kanajisan, nyabak mayit. Nanging piraku dugi
ka teu kenging ngiring nyanggakeun kurban
ka PANGERAN sapertos nu sanes?"
8 Waler Musa, "Ke heulaanan urang
taroskeun ku bapa ka PANGERAN."
9 PANGERAN nimbalan ka Musa,
10 pikeun urang Israil, timbalana-Na, "Sing
saha bae, maraneh atawa anak incu, anu
keur kanajisan lantaran nyabak mayit, atawa
keur di satengahing perjalanan jauh, lamun
hayang ngalakonan Paska,
11 meunang, tapi kudu sabulan sanggeusna,
nya eta dina maleman tanggal opat welas
bulan kadua, pabuburit. Pek lampahkeun dina
waktu eta, dahar domba Paska jeung roti teu
diragi jeung lalab pait.
12 Dahareunana teu meunang aya anu
disesakeun nepi ka poe isukna, sarta
tulang-tulangna ulah aya anu dipotongkeun.
Ngalakonan Paska kudu nurutkeun sakabeh
pikukuhna.
13 Sabalikna, sing saha anu henteu keur
kanajisan, atawa keur henteu di satengahing
perjalanan, heug henteu ngalakonan Paska,
moal diaku deui umat Kami, sabab henteu
ngahaturkeun kurban ka Kami, padahal
enggeus waktuna. Eta kitu teh dosa sarta
bakal aya balukarna.
14 Saupama aya jelema lain urang Israil
anu cicing di Israil hayang milu ngalakonan

Paska, meunang, sarta prakprakanana kudu luyu jeung aturan katut pikukuhna. Sabab aturanana teh pikeun sakabeh jelema boh pribumi boh lain pribumi."
15 (9:15-16) Sanggeus Kemah PANGERAN beres diadegkeun, dina poeanana keneh aya mega turun nyimbutan eta Kemah. Ari ti peuting eta mega teh siga hurung kawas seuneu, kitu bae salawasna.
16 (9:15)
17 Lamun eta mega unggah, eta tanda yen urang Israil kudu bobongkar pasanggrahan pikeun pindah tempat nuturkeun eta mega, di mana turunna di dinya masanggrahanana.
18 Boh bobongkarna boh masanggrahanana deui salawasna kudu kalawan timbalan PANGERAN. Sapanjang eta mega nyimbutan keneh Kemah PANGERAN, pasanggrahan urang Israil kudu tetep di tempatna.
19 Lamun mega tea unggah tapi tetep ngagantung luhureun Kemah PANGERAN sawatara lilana, urang Israil kudu tetep ngajaraga kawajibanana ka PANGERAN, acan prak parindah.
20 Tempo-tempo eta mega teh ngagantungna di luhureun eta Kemah ngan sababaraha poe bae. Sajeroning kitu urang Israil teh naha kudu pindah atawa henteu, kudu kumaha timbalan PANGERAN.
21 Sakapeung eta mega teh aya di luhureun Kemah Suci ngan ti sareupna nepi ka isuk,

terus unggah, sarta urang Israil kudu pindah harita keneh. Iraha bae eta mega unggahna, urang Israil kudu terus pindah.
22 Ari eta mega tacan unggah mah sarta tetep keneh ngagantung luhureun Kemah Suci, naha dua poe, naha sabulan, atawa sataun atawa leuwih, maranehna tetep bae di tempatna. Pindah-pindah lamun eta mega geus unggah.
23 Masanggrahanana jeung arinditna ti pasanggrahan teh nurutkeun sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa tea.
10 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
2 "Kudu nyieun dua tarompet tina perak ketokan pikeun nyalukan jelema-jelema sina karumpul, jeung pikeun tangara kudu ngaruag pasanggrahan.
3 Upama ditiup duanana sarta sorana panjang, hartina jalma-jalma kudu kumpul kabeh ka maneh di hareupeun lawang ka Kemah Kami.
4 Upama ditiup hiji bae, hartina anu kudu kumpul teh ngan para pamingpin kaom wungkul.
5 Sora pondok tangara kaom-kaom beulah wetan kudu indit.
6 Lamun sora pondok ditiup kadua kalina, tangara pasukan beulah kidul kudu indit. Jadi soara anu parondok teh tangara umat kudu arindit,
7 ari sora panjang tangara kudu karumpul.

8 Tarompet ditiupna kudu ku imam, anak-
anak Harun. Kitu aturan anu kudu diturut
salilana.
9 Saupama engke tanah maraneh katarajang
perang, geusan ngabela diri ti musuh
anu ngarurug, eta dua tarompet tiup
geusan tangara ngahucuhkeun jurit. Kami,
PANGERAN Allah maraneh tangtu baris
nulungan nyalametkeun maraneh ti leungeun
musuh.
10 Kitu deui dina musim-musim kasukaan,
dina Pesta Bulan Anyar, jeung dina pesta-
pesta kaagamaan lianna, ana maraneh
nyaranggakeun kurban beuleuman jeung
kurban panarima, eta dua tarompet kudu
ditiup. Tan wande Kami mere pitulung
ka maraneh. Kami teh PANGERAN Allah
maraneh."
11 Dina tanggal dua puluh bulan kadua
taun kadua ti barang urang Israil budal ti
Mesir, mega luhureun Kemah PANGERAN teh
unggah.
12 Seug urang Israil nungtutan arindit
ninggalkeun Gurun Keusik Sinai. Ari mega tea
ngarandeg di palebah tanah gurun Paran.
13 Mimiti arinditna teh kalawan timbalan
PANGERAN ka Musa,
14 sarta saban waktu indit aturanana sarua.
Anu maju pangheulana nya eta aleutan
pasukan umbul-umbul pingpinan kaom Yuda,

sapasukan-sapasukan, dikapalaan ku Nahson
bin Aminadab.
15 Netanel bin Suar ngapalaan aleutan kaom
Isaskar,
16 Eliab bin Helon ngapalaan aleutan kaom
Sebulun.
17 Geus kitu Kemah Suci diruag tuluy
digotong ku kaom Gerson jeung kaom Merari,
bral iang.
18 Ditema ku iangan pasukan umbul-
umbul kaom Rubin sapasukan-sapasukan,
dikapalaan ku Elisur bin Sedeur.
19 Selumiel bin Surisaday ngapalaan aleutan
kaom Simeon,
20 jeung Elisap bin Rehuel ngapalaan aleutan
kaom Gad.
21 Leut deui iangan urang Lewi kaom
Kahat, ngagarotong parabot-parabot suci.
Lamun maranehanana geus daratang ka
pasanggrahan anu anyar, eta Kemah kudu
geus ngadeg deui.
22 Ti dinya ditema ku pasukan umbul-
umbul kaom Epraim, saaleutan-saaleutan,
dikapalaan ku Elisama bin Amihud.
23 Gamaliel bin Pedasur ngapalaan kaom
Menase,
24 jeung Abidan bin Gidoni ngapalaan kaom
Binyamin.
25 Pangpandeurina pasukan umbul-umbul
kaom Dan, anu jadi bebenteng beulah
tukang, dikapalaan ku Ahieser bin Amisaday.

26 Pegiel bin Okran ngapalaan aleutan kaom
Aser,
27 jeung Ahira bin Enan ngapalaan aleutan
kaom Naptali.
28 Kitu aturan tata barisna urang Israil,
saaleutan-saaleutanana, ana maraju pindah
pasanggrahan.
29 Geus kitu Musa ngalahir ka kapisaderekna,
Hobab bin Yitro urang Midian, "Ayeuna urang
nuju ngawitan majeng ngajugjug tempat anu
bade dipaparinkeun ku PANGERAN tea, kitu
timbalan Mantenna anu parantos jangji bade
maparin kamuktian ka urang Israil. Mangga
urang sareng ka ditu, urang sasarengan hirup
dina kamuktian."
30 Walon Hobab, "Hatur nuhun, nanging
sim kuring teh hayang wangsul ka lembur
sorangan."
31 "Panuhun, mugi ulah ngantunkeun,"
saur Musa. "Mugi kersa jadi tuduh jalan, da
saderek mah uninga di mana pisaeeunana ieu
aleutan kedah ngarerebna.
32 Saupami kersa nyarengan, sagala berkah
PANGERAN urang tampi sasarengan."
33 Sanggeus arindit ti Sinai ninggalkeun
gunung PANGERAN, maranehna terus
maju tilu poe. Peti Perjangjian PANGERAN
geus ti heula diinditkeunana, salawasna
heulaeun maranehanana pikeun nangtukeun
pitempateun geusan masanggrahan deui.

34 Saban maranehna maju ninggalkeun urut
pangrerebanana, mega aheng ti PANGERAN
tea salawasna aya luhureunana ari ti beurang.
35 Saban Peti Perjangjian mimiti diinditkeun,
Musa miunjuk, "Mangga majeng nun
PANGERAN, musuh-musuh paburisatkeun,
sugri anu ka Gusti mikageuleuh perangan!"
36 Satiap-tiap eta eureun Musa miunjuk,
"Mangga linggih deui nun PANGERAN, ka ieu
mangketi-keti urang Israil."
11 1 Hiji mangsa jalma-jalma mimiti
ngarasula ka PANGERAN dumeh
ngarasa sangsara. Ngadangu kitu PANGERAN
jadi bendu, gur bae aya seuneu ti Mantenna
ngamuk ka maranehna jeung ngalebur
sabagian pakemahan.
2 Jalma-jalma tingjarerit marenta tulung ka
Musa. Seug Musa neneda ka PANGERAN, pes
seuneu pareum.
3 Ti dinya eta tempat dingaranan Tabarah,
sabab di dinya maranehna dilebur ku seuneu
ti PANGERAN.
4 Aya sababaraha urang asing anu
marilu lumaku jeung urang Israil, pohara
harayangeunana manggih daging, nepi ka
urang Israil oge milu ngarasula pokna, "Eh
hayang teuing meunang daging!
5 Di Mesir mah lauk naon ge urang ngadahar
jeung teu kudu meuli. Aringet keneh kana
bonteng, kana samangka, bawang beureum,
bawang daun, bawang bodas?

6 Bet ayeuna mah urang nepi ka sakieu
kalempohanana, euweuh gahel-gaheleun
acan. Nu aya saban poe manna deui, manna
deui!"
7 (Manna teh bangunna siga siki, laleutik,
warnana bodas semu-semu koneng,
8 (11:8-9) asalna ti awang-awang, turunna
ti peuting bareng jeung ibun, isukna ku
maranehna diparulungan tuluy dirarendos
atawa ditutuan dijieun tipung, digodog tuluy
dijieun sabangsa gegeplak, rasana asa kueh
anu dipanggang make minyak jetun.)
9 (11:8)
10 Kekecapan maranehna kitu kadangu ku
Musa, da ngaromongna bari tingrariung
hareupeun kemah-kemahna. Anjeunna jadi
nalangsa, lantaran PANGERAN jadi bendu ka
maranehna.
11 Pok anjeunna ngalengis ka PANGERAN,
"Naha abdi teh dugi ka dikieu-kieu teuing?
Ku naon Gusti sakieu henteu misukana ka
abdi? Ku naon abdi teh dikedahkeun ngurus
ieu jalmi-jalmi?
12 Padahal maranehna teh jadina sanes ku
abdi, dijurukeunana sanes ku abdi, kari-kari
bet abdi anu dipiwarang ngurus, teu benten
ti ngarorok sareng ngangais orok sapanjang
jalan salami muru ka tanah anu ku Gusti
kapungkur dijangjikeun ka karuhunna!

13 Ti mana abdi teh pikengingeun daging
nyumponan kahayang maranehna? Damelna
ngeceblek mementa daging!
14 Abdi teu sanggem ngurus jalmi sakitu
seueurna sorangan bae, abot langkung ti
abot!
15 Ti batan dikieu-kieu, langkung sae paehan
bae abdi teh, ulah lami-lami nandangan
panyiksa. Kitu soteh ari bade dipikawelas."
16 Timbalan PANGERAN ka Musa, "Kami
pangumpulkeun jelema tujuh puluh urang
anu pantes ajenaneun, anu pantes jaradi
pangurus, sina ka darieu ka Kemah Kami,
jaronghokkeun barengan ku maneh.
17 Engke Kami lungsur ngandika ka maneh,
jeung nyandak sabagian pangawasa Kami anu
di maneh, baris diancikkeun ka maranehna.
Engke maranehna sina ngabantu ngasuh
eta jelema-jelema, supaya ulah sagala rupa
ditangkes ku maneh sorangan.
18 Pek ka ditu bejakeun ka jelema-jelema,
kieu kituh, Ari harayang daging, maraneh
isukan kudu susuci. Maraneh ngeceblek majar
hayang teuing nyatu daging, majar ngeunah
keneh ge di Mesir. Omongan maraneh teh
kadangu ku PANGERAN, sarta Mantenna
tangtu engke maparin daging, sangkan
maraneh nyaratu daging.
19 Lain sapoe dua poe, lain ngan lima poe
atawa sapuluh poe atawa dua puluh poe,

20 tapi sabulan campleng bakal nyaratu
daging, nepi ka daging teh barijilan deui tina
ceuli, nepi ka maraneh garering utah-utahan.
Bongan maraneh keneh anu geus teu
ngahiding ka PANGERAN anu aya di tengah
maraneh. Bongan maraneh keneh anu geus
ngarasula ka Mantenna, majar mending ge
tong budal ti Mesir."
21 Musa miunjuk, "Anu diurus ku abdi teh
600.000 jalmi. Saur Gusti sadayana bade
dipaparin daging dugi ka sasasih campleng.
Kumaha?
22 Na cekap sapina, dombana, peunciteun
dugi ka maranehna sareubeuheun? Na cekap
lauk di laut kanggo diteda ku maranehna?"
23 PANGERAN ngawaler, "Ari pangawasa
Kami na aya watesna? Tenjokeun ku maneh,
timbalan Kami teh baris bukti atawa moal!"
24 Bral Musa angkat nepangan jelema-jelema
nepikeun timbalan PANGERAN tea. Anjeunna
ngumpulkeun tujuh puluh urang pamingpin,
tuluy sina ngariung Kemah Suci.
25 Seug PANGERAN lungsur dina mega
nimbalan ka Musa, ti dinya nyandak sabagian
pangawasa anu ngancik di Musa diancikkeun
ka anu tujuh puluh pamingpin tea. Barang
Roh tea ngancik, maranehna ujug-ujug
ngagarero kawas nabi, ngan teu lila.
26 Ti nu tujuh puluh urang tea aya duaan anu
ninggalkeun maneh di pasanggrahan henteu
marilu indit ka Kemah Suci, ngaranna Eldad

jeung Medad. Maranehna oge kaancikan
Roh, seug deuih ngagarero kawas nabi, di
pasanggrahan.
27 Tuluy aya budak ngora lumpat ka Musa
bebeja hal Eldad jeung Medad kitu.
28 Pok Yosua bin Nun anu gagandek ka Musa
ti ngongora unjukan ka anjeunna, "Hulag,
Juragan!"
29 Waler Musa, "Pipilueun teuing kana urusan
kami! Kahayang kami mah malah sing saban
jelema ku PANGERAN diancikan Roh, sina
barisa ngucap kawas ucapan nabi!"
30 Geus kitu Musa jeung para pamingpin tea
marulang deui ka pasanggrahan.
31 Gelebug aya angin ti PANGERAN, mawa
manuk puyuh ti laut, haliberna harandap
pisan, teu sameter-meter acan tina taneuh,
tuluy tarurun ka pasanggrahan, nakleuk
sakuriling bungking nepi ka sababaraha
kilometer jauhna.
32 Sapoe eta nepi ka sapeupeuting, nepi ka
isukna deui jelema-jelema narewakan puyuh.
Beubeunangan saurangna paling saeutik
sarebu kilogram. Dagingna diparoe sakuriling
pasanggrahan.
33 Tacan beak eta daging didalahar,
PANGERAN bendu, seug narajangkeun
pagebug ngabasmi ka maranehna.
34 Ti dinya eta tempat dingaranan Kibrot
Taawa, anu hartina "Kuburan Kahawekan",

sabab jadi kuburan jelema-jelema anu
harawek kana daging.
35 Geus kitu maranehna neruskeun lumakuna
tuluy masanggrahan di Haserot.
12 1 Hiji mangsa Musa diupat ku Harun
jeung saderekna nu istri, Miryam,
dumeh geus migarwa wanita urang Kus.
2 Salaurna, "Naha ngan anjeunna bae anu
ku PANGERAN dianggo jalan ngandika teh?
Ari ka urang tara ngandika, kitu?" Kasauran
aranjeunna kadangu ku PANGERAN.
3 (Ari Musa tabeatna rendah manah, taya
tandingna di sadunya anu rendah manah
kawas anjeunna.)
4 Ti dinya PANGERAN ujug-ujug ngandika ka
Musa, Harun jeung Miryam, "Kami mundut
maraneh tiluan kudu daratang ka Kemah
Kami." Bral aranjeunna arangkat.
5 PANGERAN lungsur dina pilar mega.
Mantenna ngadeg di lawang Kemah-Na, tuluy
ngagentra, "Harun! Miryam!" Seug duanana
maju,
6 PANGERAN tuluy ngandika, "Darengekeun
ieu dawuhan Kami! Upama tea mah
di maraneh aya nabi, mun Kami seja
nembongan ka nabi mah cukup dina
tetenjoanana bae. Nimbalan oge arek dina
impianana wungkul.
7 Ari nimbalan ka Musa mah anu jadi abdi
Kami, beda deui. Manehna ku Kami geus

dipercaya ngurus sakabeh urang Israil, umat Kami.
8 Ana Kami nimbalan, ka Musa mah nepi
ka adu-hareupan, tur sageblasna lain anu
pikiraneun! Malah manehna mah geus
nenjoeun rupa Kami! Maraneh nepi ka wani
campelak kitu ngagogoreng ka Musa, ka abdi
Kami?"
9 Kacida benduna PANGERAN ka Harun jeung
Miryam. Barang Mantenna ngantunkeun,
10 sarta mega tea geus nyingkah ti eta
Kemah, Miryam ngadak-ngadak keuna ku
kasakit lepra sakujur salirana, kulitna mani
ngeplak bodas kawas salju. Barang katangen
ku Harun yen Miryam jadi kitu,
11 terus bae ngalengis ka Musa saurna,
"Aduh Juragan, mugi ieu hukuman teh ulah
kalalajengan nyiksana. Rumaos di kabodoan
parantos midamel dosa.
12 Mugi ieu pun dulur ulah dugi ka sapertos
anu maot ti barang dijurukeun, anu dagingna
parantos satengah buruk."
13 Musa sasambat ka PANGERAN, "Nun Allah,
mugi ieu pun dulur dicageurkeun!"
14 Waler PANGERAN, "Lamun manehna
diciduhan beungeutna ku bapana, tangtu
nyandang wirang nepi ka tujuh poe. Ku
sabab kitu ayeuna oge sina saperti kitu,
saminggu lilana teu meunang aya di jero
pasanggrahan. Mun geus saminggu kakara
meunang diasupkeun deui."

15 Ti dinya Miryam dilarang aya di jero
pasanggrahan, saminggu lilana. Sabot kitu
anu sejen tacan waka neruskeun laku,
ngadarago heula.
16 Sanggeus kitu kakara maranehna arindit ti
Haserot, tuluy masanggrahan di tanah gurun
Paran.
13 1 PANGERAN ngandika ka Musa,
2 "Maneh kudu milih salah saurang
pamingpin ti saban kaom anu dua welas,
tuluy utus sina ngintip ka tanah Kanaan anu
ku Kami rek dibikeun ka urang Israil tea."
3 (13:3-15) Ku Musa dilampahkeun, sarta
anjeunna ti tanah gurun Paran ngirimkeun
para pamingpin tea, nya eta: Ti kaom-Nu
dikirim; Rubin-Samua bin Sakur; Simeon-
Sapat bin Hori; Yuda-Kaleb bin Yepune;
Isaskar-Igal bin Yusup; Epraim-Hosea bin
Nun; Binyamin-Palti bin Rapu; Sebulun-
Gadiel bin Sodi; Menase-Gadi bin Susi;
Dan-Amiel bin Gemali; Aser-Setur bin Mikael;
Naptali-Nahbi bin Wapsi; Gad-Guel bin Maki.
4 (13:3)
5 (13:3)
6 (13:3)
7 (13:3)
8 (13:3)
9 (13:3)
10 (13:3)
11 (13:3)
12 (13:3)

13 (13:3)
14 (13:3)
15 (13:3)
16 Sakitu jelema-jelema anu ku Musa diutus
kudu ngintip tanah Kanaan teh. Aya anu
diganti ngaranna ku Musa, Hosea bin Nun jadi
Yosua.
17 Memeh bral ku Musa dipaparin amanat
heula, saurna, "Ti dieu kudu ngaler nepi ka
tanah Kanaan beulah kidul, tuluy arunggah
ka pagunungan.
18 Arintip ti dinya kumaha kaayaanana eta
tanah, sabaraha cacah jiwana, sakumaha
kakuatanana.
19 Naha eta tanah teh alus atawa goreng,
jelemana caricing di desa-desa anu bolongor
atawa di kota-kota anu dikuta.
20 Pariksa taneuhna lendo henteuna, loba
henteuna tatangkalanana. Jeung balikna
omat kudu mawa conto bubuahanana." Harita
memang keur musimna buah anggur mimiti
arasak.
21 Bral utusan arindit maju ngaler. Tuluy
ngintip eta tanah, ti kidulna mimiti ti tanah
gurun Sin terus ngaler mapay jalan nepi
ka Rehob, hiji tempat anu geus deukeut ka
Hamat.
22 Ti dinya terus ka Hebron, wewengkon
eta tanah beulah ti kidul, pamatuhan urang
Ahiman, urang Sesai jeung urang Talmai; ieu
tilu suku bangsa teh turunan bangsa Enak,

hiji bangsa anu awakna jarangkung gede.
(Hebron mimiti kabukana teh tujuh taun
samemeh Soan, hiji tempat di tanah Mesir.)
23 Sanggeus nepi ka Lebak Eskol,
maranehna ngala buah anggur saranggeuy.
Ranggeuyanana kacida beuratna nepi ka
digotong ku duaan. Ngala buah dalima deuih
jeung buah kondang bawaeun mulang.
24 (Eta tempat anu matak dingaranan Lebak
Eskol teh lantaran perkara eta buah anggur
saranggeuy anu diala ku urang Israil tea.)
25 Sanggeus beres ngintipna nepi ka opat
puluh poe, mata-mata teh marulang ka
bangsana,
26 ka Musa, Harun, jeung bangsa Israil di
tanah gurun Paran wewengkon tanah Kades.
Sagala papanggihanana ditepikeun bari
nembongkeun bubuahan babawaanana.
27 Kieu pupulihna ka Musa, "Eta tanah
parantos disidikkeun. Kaayaanana beunghar
sareng subur. Ieu ngabantun bubuahanana
saeutik.
28 Mung jalmi-jalmina kacida baredasna,
kota-kotana nya arageung nya wareweg,
dikuta kuat sakurilingna. Kajabi ti kitu di ditu
teh aya suku bangsa anu jarangkung gede.
29 Palih kidul dicicingan ku urang Amalek.
Pagununganana dicicingan ku urang Het,
urang Yebus, sareng urang Emor. Tempat-
tempat sapanjang basisir Laut Tengah sareng

sapanjang Walungan Yordan dicicingan ku urang Kanaan."
30 Ti dinya Kaleb ngarepehkeun jelema-jelema anu mimiti ngageder nembongkeun kateupanujuna ka Musa. Kieu ceuk Kaleb, "Urang rurug eta tanah teh, urang rebut. Tangtu beunang ku urang."
31 Tapi ceuk nu sejen-sejenna anu arindit jeung Kaleb, ngaromongna teh kieu: "Urang moal kuat ngarurug ka ditu. Urang ditu teh baredasna leuwih ti urang."
32 Saterusna maranehna nyebarkeun carita palsu ka urang Israil perkara hasil lolongokna ka eta tanah, majar: "Hasil eta tanah teh keur pribumina ge teu matak mahi. Jalma-jalmana jararangkung pisan,
33 malah di ditu teh loba raksasa turunan bangsa Enak. Dibanding jeung itu, urang mah mani asa sagede simeut. Moal teu kitu itu ge nganggapna ka urang."
14 1 Sapeupeuting eta jelema-jelema teh gawena tinggorowok jeung nembongkeun kasusah.
2 Seug ngarasula ka Musa jeung Harun, pokna, "Mending ge paeh bareto di Mesir, atawa mending paeh di dieu keneh di tanah gurun!
3 Jang naon urang teh ku PANGERAN digiring ka eta tanah? Perang moal teu eleh, anak pamajikan dijabel. Kumaha lamun urang baralik deui bae ka Mesir?"

4 Terus maranehna baradami, "Hayu urang
pilih pamingpinna, sina mawa urang ka Mesir
deui!"
5 Bruk Musa jeung Harun nyaruuh kana
taneuh hareupeun eta jelema-jelema.
6 Ari Yosua bin Nun jeung Kaleb bin Yepune,
dua jelema anu tas ngalongok tanah tea
nyarosoeh pakeanana bawaning ku susah,
7 tuluy ngomong ka nu loba pokna, "Eta
tanah anu kakara tas ditalengteng teh kacida
pikabitaeunana.
8 Asal kalakuan urang sing matak sapuk
kana manah PANGERAN, ku Mantenna tangtu
dicandak ka ditu, sarta eta tanah anu sakitu
beungharna tur sakitu lendona teh tangtu
dipaparinkeun ka urang.
9 Ulah ngalawan ka PANGERAN, jeung
ulah gimir ku urang ditu. Moal teu babari
ngelehkeunana. PANGERAN nyarengan urang,
sarta Mantenna geus ngelehkeun allah-allah
urang ditu, jadi ulah sieun-sieun."
10 Tapi jelema-jelema teh anggur ngancam
rek maehan, arek maraledogan ku batu, ngan
kaburu narenjoeun aya cahaya anu ujug-ujug
ngagebray luhureun Kemah Suci, cahaya
PANGERAN.
11 PANGERAN ngandika ka Musa, "Rek iraha
enggeusna eta jelema-jelema nampik ka
Kami teh? Rek sabaraha lilana maranehna
henteu percaya ka Kami anu geus sakitu
lobana nembongkeun mujijat?

12 Ku Kami rek ditarajang, rek dibasmi ku
pagebug. Ari maneh ku Kami rek dijieun
karuhun hiji bangsa anu leuwih gede jeung
leuwih kuat ti batan maranehna!"
13 Tapi piunjuk Musa ka PANGERAN, "Ieu
bangsa teh ku Gusti parantos dikaluarkeun ti
Mesir kalayan metakeun pangawasa. Sugri
padamelan Gusti pikeun maranehna, saupami
kakupingeun ku urang Mesir
14 tangtos dicarioskeun ka urang dieu.
Urang dieu parantos kawartosan yen Gusti
PANGERAN nyarengan ka abdi sadaya, malah
sok tembong ngajirim upami mega Gusti aya
di luhureun abdi sadaya, ari siang angkat ti
payun dina tihang mega, wengina dina tihang
seuneu.
15 Saupami ieu jalmi-jalmi ayeuna dibasmi,
tangtos ceuk bangsa-bangsa anu kantos
nguping kajayaan Gusti teh
16 pangna ieu umat dugi ka dibasmi, lantaran
Gusti parantos teu sanggup nungtunna ka
tanah anu parantos dijangjikeun.
17 Kitu nu mawi nun PANGERAN,
mugi kakawasaan Gusti teh dianggo
ngabuktoskeun pilahir anu kieu tea:
18 Kami teh PANGERAN, jembar panalar,
jembar asih, satuhu, jembar hampura ka nu
baroga dosa jeung ka anu sok ngalawan. Tapi
nu salah mah moal teu dihukum, boh kaom
bapa, boh anak incuna, nepi ka turunan katilu
jeung kaopat.

19 Sarehing kitu nun PANGERAN, luyu
sareng sipat asih Gusti anu jembar tur
tara gingsir, sim abdi nunuhun mugi ieu
jalmi-jalmi teh dihapunten dosana, sapertos
kapungkur-pungkur ti barang maranehna
budal ti Mesir."
20 PANGERAN ngawaler, "Ku Kami dihampura
sakumaha pamenta maneh.
21 Tapi demi hirup Kami, jeung demi
kamulyaan Kami anu minuhan jagat,
22 maranehna moal aya anu diasupkeun
ka eta tanah. Sangkilang maranehna geus
narenjoeun gebrayna kamulyaan jeung
mujijat-mujijat Kami di Mesir jeung di gurun
keusik, tapi teu eureun-eureun maranehna
teh ngalawan, ngadoja kasabaran Kami.
23 Maranehna hamo asup ka tanah anu ku
Kami dijangjikeun ka karuhunna. Sakur anu
ngalawan ku Kami moal aya anu diasupkeun
ka ditu.
24 Ari Kaleb, abdi Kami, ku sabab beda
deui sarta tetep satuhu, tangtu ku Kami
dicandak ka ditu, ka tanah anu ku manehna
tas ditalengteng. Anak incuna bakal ngamilik
eta tanah,
25 bakal nyaricingan tanah-tanah lebak anu
ayeuna dicaricingan keneh ku urang Amalek
jeung urang Kanaan. Maraneh isukan kudu
malik ngajugjug ka gurun keusik, anu nuju ka
Teluk Akaba."

26 PANGERAN ngandika ka Musa jeung
Harun,
27 "Rek sabaraha lilana jelema-jelema
garoreng hate teh gegelendengna ka Kami?
Kami geus kesel ngadangu gegelendengna!
28 Bejakeun, kieu kituh waleran Kami, Kami
sumpah demi hirup Kami, saomong maraneh
ku Kami rek dibuktikeun. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN.
29 Maraneh bakal tariwas, bangke-bangke
maraneh bakal nyebar di gurun keusik. Sakur
anu ayeuna umurna leuwih ti dua puluh taun,
ku sabab geus gegelendeng ka Kami, moal
aya anu asup ka eta tanah.
30 Pamohalan maraneh narepi sarta maratuh
di ditu, sanajan Kami geus jangji. Kajaba
Kaleb jeung Yosua.
31 Ceuk maraneh, anak pamajikan bakal
kajabel. Tapi malah nya maranehna anu ku
Kami rek dicandak ka ditu ka tanah anu ku
maraneh teu dipikahayang. Eta tanah baris
pamatuhanana.
32 Maraneh mah bakal paraeh di dieu di
tanah gurun.
33 Anak maraneh bakal ngalumbara di
ieu tanah gurun nepi ka opat puluh taun,
balangsak ku karana kateusatiaan maraneh,
nepi ka maraneh tumpes beak.
34 Balukarna tina dosa sorangan, maraneh
bakal balangsak nepi ka opat puluh taun,
ngingetkeun lilana waktu anu dipake lolongok

ka eta tanah opat puluh poe, sapoena satauneun. Sangkan karasa temahna dilawan ku Kami!
35 Kami sumpah rek nyieun kitu ka maraneh anu jarahat, anu geus ngalawan ka Kami. Maraneh masing-masing tangtu tariwas di tanah gurun. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."
36 (14:36-37) Ari jelema-jelema anu diutus ngintip tanah tea, anu nyebarkeun carita bohong nepi ka jelema-jelema gegelendeng ka PANGERAN, ku PANGERAN digebug ku hiji kasakit, hos paraeh.
37 (14:36)
38 Ti nu dua welas urang teh ngan duaan nu salamet, Yosua jeung Kaleb.
39 Barang timbalan PANGERAN teh dicarioskeun ku Musa, urang Israil jadi kacida sarusaheunana.
40 Isukna isuk-isuk keneh pisan maranehna geus rek bring bae ngarurug ka pagunungan di ditu, sarta kieu omongna ka Musa, "Ayeuna mah abdi sadaya daek ka ditu, ka tanah anu diandikakeun ku PANGERAN. Rumaos lepat."
41 Tapi saur Musa, "Arek ngaralawan deui ka PANGERAN? Moal aya hasilna!
42 Ulah ka daritu, ku PANGERAN moal disarengan, temahna engke beunang ku musuh.
43 Maraneh tangtu eleh ngayonan urang Amalek jeung urang Kanaan. PANGERAN teu

kersaeun nyarengan lantaran maraneh geus
teu narolih ka Mantenna."
44 Tapi maranehna murugul, terus ngajugjug
ka pagunungan, padahal Peti Perjangjian
PANGERAN jeung Musa tetep-tetep henteu
incah ti pasanggrahan.
45 Maranehna ditarajang ku urang Amalek
jeung urang Kanaan, kadeseh sarta diuber
nepi ka Hormah.
15 1 PANGERAN ka Musa maparinkeun
2 ieu pikukuh pikeun urang Israil, anu
kudu dilakonan ari geus araya di tanah anu
bakal dipaparinkeun tea:
3 Lamun maraneh arek ngurban ka
PANGERAN, kurban beuleuman, kurban
pikeun nekanan panadaran, kurban ku
karana suka rela, atawa kurban-kurban anu
dimistikeun dina pesta-pesta kaagamaan,
sato kurbanna meunang ku sapi jalu,
domba jalu, domba atawa embe, jieun
kurban kadaharan. Seungitna kurban-kurban
kadaharan tea bakal kagalih ku PANGERAN.
4 (15:4-5) Sing saha anu nyanggakeun
domba atawa embe ka PANGERAN pikeun
kurban beuleuman, sarta pikeun tiap-tiap
sato kudu dilengkepan ku tipung sakilo anu
diadonan ku saliter minyak jetun keur kurban
kadaharan, jeung cianggur saliter.
5 (15:4)
6 Lamun anu dikurbankeunana domba jalu,
kudu oge ngahaturkeun kurban kadaharan

tina tipung dua kilo anu diadonan ku saliter
satengah minyak jetun,
7 jeung cianggur saliter satengah. Seungitna
kurban bakal kagalih ku PANGERAN.
8 Lamun anu dihaturkeun ka PANGERAN
teh sapi jalu, boh keur kurban beuleuman
boh keur kurban pikeun nekanan panadaran
atawa keur kurban panarima,
9 kudu oge ngahaturkeun kurban kadaharan
tina tipung tilu kilo anu diadonan ku dua liter
minyak jetun,
10 jeung cianggur dua liter. Seungitna kurban
bakal kagalih ku PANGERAN.
11 Kitu patokan kurban-kurban pangiring
pikeun satiap kurban sapi jalu, satiap domba
jalu, satiap domba, satiap embe.
12 Sakumaha bae lobana sato anu
dikurbankeun, lobana kurban pangiring oge
kudu disaluyukeun kana patokan eta.
13 Unggal warga Israil asli, saban
ngahaturkeun kurban kadaharan anu
angseuna hayang kagalih ku PANGERAN,
kudu kitu.
14 Urang asing anu aya di maraneh, boh
anu sawatara waktu, boh anu tetep matuh,
lamun rek nyieun kurban kadaharan, supaya
angseuna kagalih ku PANGERAN, aturanana
kudu sarua cara kitu.
15 Eta aturan teh diwajibkeun pikeun
saterusna, boh ka maraneh boh ka urang

asing anu aya di maraneh. Sabab dina soca
PANGERAN mah maraneh jeung itu teh sarua,
16 jadi pikukuh jeung aturan kitu teh nya
pikeun maraneh nya pikeun itu.
17 PANGERAN ka Musa maparinkeun deui
18 aturan pikeun urang Israil anu kudu
dilakonan ari geus araya di tanah anu rek
dipaparinkeun tea:
19 Bahan dahareun tina hasil eta tanah,
sabagian wajib disanggakeun ka PANGERAN.
20 Lamun nyieun roti tina gandum
anu diala pangheulana, roti nu kahiji
kudu husus dibaktikeun ka PANGERAN.
Cara ngabaktikeunana sarua jeung cara
ngabaktikeun roti tina gandum anu digiling
pangheulana.
21 Pikukuh kudu nyanggakeun roti saperti
kitu saban-saban nyieun, kudu dilakonan
salawasna.
22 Tapi bisa jadi aya nu teu kahaja henteu
ngalakonan salah sarupa pikukuh anu ku
PANGERAN diandikakeun ka Musa.
23 Atawa bisa jadi engke sakumna masarakat
henteu ngalakonan sagala pikukuh anu ku
PANGERAN geus diandikakeun ka Musa.
24 Saupama kasalahanana teh lantaran
lalawora, maranehna kudu ngahaturkeun sapi
jalu keur kurban beuleuman, anu angseuna
matak sedep ka PANGERAN, diiring ku kurban
kadaharan jeung kurban anggur sakumaha
tali parantina. Kurban pangiring sejenna

kudu ngahaturkeun embe badot keur kurban pamupus dosa.
25 Ku imam kudu dikurbankeun pikeun nebus dosa masarakat, tangtu bakal dihampura, sabab kasalahanana lain dihaja. Kurban pamupus dosa tea dijieun kurban kadaharan haturan PANGERAN.
26 Sakumna bangsa Israil tangtu bakal dihampura, kitu deui urang asing, sabab eta kasalahan teh mawa ka sarerea.
27 Upama anu dosa teu kahaja teh ngan saurang, jelemana kudu ngahaturkeun anak embe bikang umur sataun keur kurban dosa.
28 Embena kudu dikurbankeun ku imam dina altar pikeun nebus dosa eta jelema, tangtu ku Mantenna dihampura.
29 Ieu pikukuh pikeun saha bae sakur anu nyieun dosa teu kahaja, boh urang Israil boh urang asing.
30 Tapi lamun kasalahan tea dihaja, boh urang Israil boh lain, eta teges salah, lantaran mandang enteng ka PANGERAN, kudu dipaehan,
31 sabab nyapelekeun timbalan PANGERAN, ngahaja ngarempak salah sahiji pikukuh-Na, anu matak kudu dipaehan ku karana kasalahanana.
32 Hiji mangsa waktu urang Israil di tanah gurun keneh, aya hiji jelema kanyahoan ngala suluh dina poe Sabat.

33 Tuluy dideuheuskeun ka Musa jeung Harun
jeung ka sakumna bangsa Israil,
34 sarta dijaga lantaran tacan terang kudu
dikumahakeun.
35 PANGERAN nimbalan ka Musa, "Eta kudu
dipaehan. Paehan di luareun pasanggrahan,
baledogan ku batu ku sarerea."
36 Seug eta jelema teh dibawa ka luareun
pasanggrahan tuluy dipaehan, dibaledogan
ku batu ku sarerea sakumaha piwarangan
PANGERAN.
37 PANGERAN ngandika deui ka Musa
38 pikeun urang Israil, "Maraneh kudu
nyieun rarawis dina tungtung baju. Unggal
rarawis kudu diberean benang biru salambar.
Gumatikeun kitu salalawasna.
39 Gawena pikeun ngingetan sangkan saban
maraneh nenjo eta rarawis aringet sarta
narurut kana sagala timbalan Kami, moal
bengkok sembah, moal ngajujur napsu
ngencar kahayang sorangan.
40 Jadi gawena eta rarawis teh sangkan
maraneh gumati kana sagala timbalan Kami,
sangkan gembleng jadi kagungan Kami.
41 Kami teh PANGERAN Allah maraneh. Kami
ngaluarkeun maraneh ti Mesir teh supaya jadi
Allah maraneh. Kami teh PANGERAN."
16 1 (16:1-2) Aya hiji jelema urang Lewi
kaom Kahat, ngaranna Korah bin
Yishar. Eta jelema geus nangtang ka Musa.
Aya baturna tiluan ti kaom Rubin, ngaranna

Datan, jeung Abiram, duanana anak Eliab,
anu saurang deui ngaranna On bin Pelet,
dipiluan ku dua ratus lima puluh urang Israil
anu aya kasebutna lantaran kabehanana
pamingpin pilihan rahayat.
2 (16:1)
3 Ngaronom ka Musa jeung Harun sarta
nangtang kieu, "Andika geus kaleuleuwihi!
Bangsa Israil teh kagungan PANGERAN. Anu
disarengan ku PANGERAN teh urang, kabeh.
Jadi naon leuwihna andika, he Musa, make
munjulkeun maneh ti sapakumpulan umat
PANGERAN?"
4 Bareng Musa ngadangu kitu, bruk sujud
kana taneuh tuluy neneda.
5 Geus kitu ngalahir ka Korah sabatur-batur,
"Isukan isuk-isuk PANGERAN anu bakal
mutus mana nu jadi kagungana-Na, mana
anu wenang ngadeuheus ka Mantenna, anu
dimeunangkeun deukeut ka Mantenna kana
altar.
6 (16:6-7) Isukan isuk-isuk arandika kudu
mawa parukuyan meunang ngaruhakan
jeung dupana, teundeuneun kana altar.
Urang cirikeun saha antara urang anu
saenyana dipilih ku PANGERAN. Arandika anu
kaleuleuwihi, he urang Lewi!"
7 (16:6)
8 Musa terus keneh ngalahirna ka Korah, "He
urang Lewi, regepkeun!

9 Arandika teh ku Allahna Israil geus dipilih ti
antara sakabeh urang Israil, nepi ka meunang
deukeut ka Mantenna, meunang digarawe di
Kemah PANGERAN, meunang ngatur jeung
nguruskeun kapentingan sakumna urang
Israil. Ceuk pangira arandika, na eta teh
perkara leutik?
10 Arandika, kitu deui urang Lewi sakumna,
ku PANGERAN dipaparin harkat sakitu masih
harayang leuwih, harayang jadi imam!
11 Arandika jeung sakur anu bariluk
gegelendeng ka Harun teh saenyana mah
gegelendeng jeung nangtang ka PANGERAN."
12 Musa miwarang ngala Datan jeung
Abiram. Tapi jawabna, "Moal, moal nemonan!
13 Karah kurang puas keneh ngabudalkeun
kaula kabeh ti Mesir, ti tanah anu medah-
meduh, ngarah kaula kabeh paraeh di tanah
gurun? Arek ngangkat maneh ongkoh jadi
juragan kaula sakabeh?
14 Geus tetela andika lain mawa ka tanah
anu gemah ripah, lain mere lahan-lahan
atawa kebon-kebon anggur. Masih keneh arek
ngabobodo. Moal, moal nemonan!"
15 Musa kasebit manahna tuluy unjukan ka
PANGERAN, "Mugi kurban maranehna engke
ulah aya anu ditampi. Abdi ka maranehna
teh teu acan ngarugelkeun, teu acan kantos
ngabantun kalde-kaldena acan."
16 Geus kitu anjeunna sasauran deui ka
Korah, "Isukan isuk-isuk andika jeung anu

dua ratus lima puluh urang anu bariluk, kudu
ka Kemah PANGERAN. Harun oge tangtu aya.
17 Masing-masing kudu mawa parukuyan
didupaan, teundeun kana altar."
18 Isukna maranehna daratang marawa
parukuyan meunang ngaruhakan jeung
dupana, tuluy narangtung hareupeun lawang
Kemah PANGERAN jeung Musa jeung Harun.
19 Korah ngumpulkeun jelema sapakumpulan
sina narangtung nyanghareup ka Musa jeung
Harun di hareupeun lawang Kemah. Bray
cahaya kamulyaan PANGERAN ngagebray
nembongan ka sakabeh.
20 PANGERAN nimbalan ka Musa jeung
Harun,
21 "Maraneh kudu nyingkir ti eta jelema-
jelema. Maranehna ku Kami arek dibasmi
ayeuna keneh."
22 Tapi Musa jeung Harun bruk sarujud sarta
arunjukan, "Nun Allah, Gusti teh sumber
hirupna saniskara. Anu lepat mung saurang,
naha bendu ka sadayana?"
23 Timbalan PANGERAN ka Musa,
24 "Jalma loba titah nyalingkir ti kemah
Korah, Datan jeung Abiram."
25 Bral Musa angkat ka kemah Datan jeung
Abiram diiring ku para pamingpin,
26 tuluy miwarang ka jalma loba, "Maraneh
nyaringkah kabeh ti kemah ieu jelema-jelema
doraka. Kade ulah aya barang-barangna anu

kacabak, bisi maraneh milu tumpes kabawa
ku dosa maranehna."
27 Jalma-jalma nyaringkah ti kemah Korah,
Datan jeung Abiram. Geus kitu Datan jeung
Abiram kaluar jeung saanak-majikanana
masing-masing, ngajaranteng di lawang
kemahna.
28 Musa ngalahir ka jalma rea, "Tarenjokeun,
sangkan kanyahoan yen sagala anu
dijalankeun ku bapa teh ku karana timbalan
PANGERAN, lain karep sorangan.
29 Lamun eta jelema-jelema paehna paeh
sabiasa lain ku karana hukuman ti Allah, eta
tandana bapa lain piwarangan PANGERAN.
30 Sabalikna upama PANGERAN midamel
hal anu tacan kungsi kadenge sarta taneuh
beulah ngalegleg maranehna katut sagala
pangabogana, nepi ka maranehna hirup-hirup
keneh tarurun ka enggon anu paraeh,
tetela eta jelema-jelema teh geus murtad ti
PANGERAN."
31 Tutup anjeunna sasauran, bray bae
taneuh anu ditincak ku Datan jeung Abiram
ujug-ujug beulah ngewag,
32 ngalegleg ka maranehna sakulawargana,
katut Korah jeung sakur anu bariluk ka
manehna katut sagala pangabogana.
33 Kabeh diteureuy hirup-hirup ku taneuh,
tarurun ka enggon anu paraeh jeung sagala
pangabogana. Geus kitu taneuh anu beulah

teh liput deui, anu dileglegna lep les taya anu tembong deui.
34 Sakur nu aya di dinya barang ngadarenge tingjareritna jelema-jelema anu dilegleg ku taneuh, tingbalecir lalumpatan bari gogorowokan, "Nyingkir! Bisi milu kakubur!"
35 Sanggeus kitu gur deui aya seuneu ti PANGERAN, ngahuru jelema-jelema anu dua ratus lima puluh urang, anu tas nyaranggakeun kukus tea.
36 Ti dinya PANGERAN ngandika ka Musa,
37 "Parukuyan-parukuyan tambaga anu dibarawa ku jelema-jelema anu dihuru teh sina dicokot ku Elasar anak Imam Harun. Arengna awur-awur ka mana-mana. Eta parukuyan-parukuyan teh suci,
38 sabab geus ditareundeun kana altar PANGERAN. Jadi cokotan eta parukuyan-parukuyan teh ti maranehna anu dihukum paeh ku karana dosa-dosana, tuluy pekprekan gepeng-gepengkeun, pake ngalapis altar, sina jadi paringetan ka urang Israil."
39 Seug parukuyan-parukuyan teh ku Imam Elasar dicandak, tuluy miwarang jelema supaya eta dipekprekan digepeng-gepengkeun aripis dipake ngalapis altar.
40 Eta teh pikeun jadi paringetan ka urang Israil, yen anu lain turunan Harun mah lamun ngukus ka PANGERAN teu meunang aya anu datang sorangan kana altar, sabab tangtu tiwas cara Korah sabatur-batur. Sakumaha

timbalan PANGERAN ka Musa pikeun Elasar geus dijalankeun.
41 Poe isukna sakumna bangsa Israil
nyaralahkeun ka Musa jeung Harun, pokna,
"Bapa parantos ngabinasa umat PANGERAN."
42 Sanggeus nyaralahkeun ka Musa jeung
Harun, bring arindit ka Kemah Suci. Beh eta
Kemah teh kasampak geus katutup ku mega
sarta cahaya PANGERAN tembong ngagebray.
43 Jol Musa jeung Harun ka dinya sarta
ngaradeg payuneun eta Kemah.
44 Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa,
45 "Maraneh kudu nyingkir ti eta jelema-
jelema. Maranehna ku Kami rek dibasmi di
dinya keneh!" Bruk aranjeunna sarujud kana
taneuh.
46 Ti dinya Musa ngalahir ka Harun, "Candak
parukuyan, ruhakan sareng teundeunan
dupa. Enggal itu jalmi-jalmi pangukuskeun,
pangnyirnakeun dosana. Enggal! PANGERAN
parantos meh bedah bendu-Na, sakedap deui
ge narajangkeun pagebug."
47 Geuwat Harun nyandak parukuyan tuluy
rurusuhan muru ka jalma-jalma anu keur
ngagimbung. Ana breh teh pagebug geus
mimiti nerekab. Teu talangke deui, sok
dupa kana ruhak parukuyan, bul ngukus
nyirnakeun dosa maranehna.
48 Rep pagebug teh eureun, Harun
ngajanteng di antara anu geus tariwas jeung
anu harirup keneh.

49 Anu paraeh harita wungkul aya 14.700
urang, jaba anu geus paraeh ku karana
kadorakaan Korah.
50 Sapepesna eta pagebug, Harun
nyampeurkeun ka Musa di lawang Kemah
Suci.
17 1 PANGERAN ngandika ka Musa,
2 "Urang Israil pentaan iteuk dua
welas siki, hiji iteuk ti unggal pamingpin kaom
masing-masing. Ngaran anu bogana tuliskeun
dina iteukna.
3 Ngaran Harun tulis dina iteuk wakil urang
Lewi. Jadi hiji iteuk ti saban pamingpin kaom.
4 Bawa ka Kemah Kami, teundeun hareupeun
Peti Perjangjian paranti Kami mayunan
maneh.
5 Jelema anu ku Kami kapilih, iteukna bakal
sirungan. Hal ieu ku Kami rek dipake jalan
ngeureunkeun gegelendengna urang Israil,
ulah sina ngaralawan bae ka maneh."
6 Musa mundutan ka urang Israil hiji iteuk ti
unggal pamingpin kaom, jumlah dua welas
iteuk. Iteuk Harun dicampurkeun ka dinya.
7 Ku Musa tuluy diteundeun di Kemah Suci
hareupeun Peti Perjangjian.
8 Poe isukna sasumpingna ka Kemah,
katingali iteuk Harun anu ngawakilan urang
Lewi teh sirungan, pucukan, kembangan,
malah buahan geus arasak, kanari!
9 Ku Musa ditembongkeun kabeh ka
urang Israil. Sanggeus katarenjoeun kitu

kajadianana, iteuk teh dicarokot deui ku nu
bogana masing-masing.
10 Ti dinya PANGERAN ngandika ka Musa,
"Iteuk Harun teundeun deui hareupeun
Peti Perjangjian, pikeun jadi peringetan
ka jelema-jelema anu daroraka yen teu
meunang gegelendeng deui bisi tariwas."
11 Eta timbalan PANGERAN ku Musa
dijalankeun.
12 Ti dinya urang Israil arunjukan ka Musa,
"Upami kitu mah tiwas atuh abdi-abdi teh!
13 Asal deukeut-deukeut ka Kemah Suci,
saha bae oge moal teu tiwas. Sami bae
sareng parantos tiwas ieu mah!"
18 1 Ti dinya PANGERAN ngandika ka
Harun, "Satiap kasalahan pagawean di
Kemah Kami, maneh jeung anak-anak maneh
katut kabeh urang Lewi anu kudu narima
balukarna. Tapi anu kudu nanggung balukar
tina hal-hal anu tumali jeung kaimaman mah
ngan maneh jeung anak-anak maneh bae.
2 Baraya-baraya maneh urang Lewi bawa ka
dieu, sina digarawe babantu ka maneh sabot
maneh nekanan kawajiban di Kemah Suci.
3 Maranehna kudu ngalakonan kawajibanana
ka maneh jeung ngajalankeun tugasna di jero
Kemah Kami. Tapi pacuan cubuk-cabak kana
paparabotan suci nu aya di Kamar Suci atawa
nyabak altar. Lamun nyabak, boh maranehna
boh maneh, tan wande tiwas.

4 Sina digarawe jeung maneh sagala
pigaweeun di ieu Kemah. Tapi anu saratna
teu cumpon mah teu meunang.
5 Kamar Suci jeung altar ngan maneh jeung
anak maneh anu wenang ngurus, ulah nepi
ka urang Israil kasiksa deui ku Kami.
6 Ari baraya-baraya maneh, Kami pribadi anu
milihna ti urang Israil, ku Kami dipasrahkeun
ka maneh. Kabeh geus diabdikeun ka Kami,
jadi meunang gawe di ieu Kemah.
7 Tapi anu meunang mangku kaimaman
pikeun ngajalankeun hal-hal anu tumali jeung
altar jeung Kamar Pangsucina mah ngan
maneh jeung anak-anak maneh wungkul.
Maneh wungkul anu tanggung jawabna,
sabab ngan maneh anu ku Kami dibere harkat
imam. Jelema anu henteu nyumponan saratna
mun deukeut-deukeut kana paparabotan suci
bakal tiwas."
8 PANGERAN ngandika deui ka Harun,
"Ingetkeun, Kami geus mere keur
pibagianeun maneh tina kurban-kurban anu
henteu dibeuleum, anu dijieun pikeun Kami.
Kop eta bagian keur maneh jeung keur
turunan maneh. Kitu salawasna.
9 Pibagianeun maneh tina kurban-kurban
pangsucina anu henteu dibeuleum dina altar
nya eta: tiap kurban kadaharan, kurban dosa,
jeung kurban kasalahan. Sagala rupa kurban
suci anu disanggakeun ka Kami, eta keur
maneh jeung anak maneh.

10 Didaharna kudu di tempat suci, sabab
sipatna suci. Anu meunang ngadahar ngan
lalaki.
11 Jaba ti eta satiap pangbakti urang
Israil pikeun Kami, eta oge keur maneh,
keur anak-anak maneh lalaki, awewe. Kitu
salawasna. Satiap kulawarga maneh anu
setra meunang ngadahar.
12 Hasil tanah anu dialana pangheulana,
anu unggal-unggal taun ku urang Israil
dihaturkeun ka Kami: minyak jetun, anggur,
jeung gandum,
13 eta oge keur maneh kabeh. Satiap
anggota kulawarga maneh anu setra
meunang ngadahar.
14 Sagala rupa di Israil anu geus dibaktikeun
ka Kami tanpa sarat, eta oge keur maneh.
15 Sakur anak cikal, boh budak boh sato anu
ku urang Israil dibaktikeun ka Kami, eta keur
maneh. Ngan ari budak mah ku maneh kudu
ditebus heula, kitu deui cikal sato nu haram
kudu ditebus heula.
16 Budak ditebusna di mana geus umur
sabulan. Gedena tebusan ditangtukeun lima
gebleg uang perak nurutkeun harga patokan
di Kemah Kami.
17 Cikal sapi, domba, jeung embe, teu
meunang ditebus, sabab mutlak pikeun Kami,
kurbankeuneun. Getihna kudu disiramkeun
kana altar, gajihna kudu dibeuleum dijieun

kurban kadaharan, anu seungitna matak
sedep ka Kami.
18 Dagingna keur maneh, sakumaha dada
jeung pingping katuhuna anu dijieun sasajen.
19 Sagala rupa pangbakti urang Israil ka
Kami, ku Kami geus diajangkeun pikeun
maneh, pikeun anak-anak maneh lalaki,
awewe. Kitu salawasna. Ieu jadi hiji
katangtuan anu langgeng ti Kami pikeun
maneh turun-tumurun."
20 PANGERAN ngandika deui ka Harun,
"Maneh teu meunang ngabogaan pusaka,
sarta di satanah Israil maneh teu meunang
boga tanah milik. Hak milik jeung pibagianeun
maneh mah ieu Kami, PANGERAN."
21 PANGERAN ngandika deui, "Ari
pibagianeun urang Lewi ku Kami diajangan
jakat perpuluhan anu ku urang Israil
dibaktikeun ka Kami. Eta bagian jadi bayaran
tina pagaweanana di Kemah Kami,
22 da urang Israil anu lianna mah geus teu
diidinan deukeut-deukeut acan ka Kemah
Suci, sabab geus tangtu bakal tiwas keuna ku
hukuman.
23 Jadi ti semet ayeuna anu meunang
digarawe ngurus eta Kemah ngan urang
Lewi bae. Eta tetep kudu kitu, jadi pikukuh
langgeng pikeun maneh turun-tumurun.
Di satanah Israil, urang Lewi teu meunang
ngabogaan pusaka.

24 Sabab bagian pimilikeun maranehna mah
nya eta jakat perpuluhan anu ku urang Israil
dihaturkeun ka Kami. Eta sababna maranehna
ku Kami geus dibejaan yen teu meunang
baroga hak milik di Israil."
25 PANGERAN ngandika ka Musa,
26 pikeun urang Lewi, "Satiap maraneh
narima perpuluhan ti urang Israil anu
ku PANGERAN geus diajangkeun pikeun
maraneh, saperpuluhna ku maraneh kudu
disanggakeun ka PANGERAN.
27 Eta pangbakti maraneh dianggap sarua
jeung ngabaktikeun gandum jeung anggur
cikal hasil lahan.
28 Eta sababna sakabeh hasil perpuluhan ti
urang Israil pikeun PANGERAN anu katarima
ku maraneh, saperpuluhna tina eta ku
maraneh kudu dibaktikeun. Eta pangbakti
maraneh kudu diserenkeun ka Imam Harun.
29 Anu dibaktikeun teh kudu anu pangalusna.
30 Lamun anu pangalusna geus dibaktikeun,
pek sesana keur maraneh, sakumaha halna
patani nyokot bagian ajangna sanggeus
pangbaktina disanggakeun.
31 Maraneh kitu deui kulawarga meunang
ngadahar sesana di mana bae, sabab eta teh
upah maraneh digarawe di Kemah Suci.
32 Maraneh moal matak salah ngadalahar
eta bagian, asal anu pangalusna geus
dibaktikeun ka PANGERAN. Pacuan maraneh
nganajisan pangbakti-pangbakti suci ti urang

Israil. Tegesna, pacuan maraneh ngadahar eta pangbakti-pangbakti samemeh anu pangalusna dibaktikeun ka PANGERAN. Lamun eta dilanggar, maraneh tangtu tiwas."

19 [1] PANGERAN ngandika ka Musa jeung Harun,
[2] ngandikakeun ieu pikukuh pikeun urang Israil: Maraneh kudu nyokot hiji sapi bulu beureum anu euweuh cacadna jeung anu can dipake gawe.
[3] Serenkeun ka Imam Elasar, tuluy tungtun ka luareun pasanggrahan, peuncit saksian ku manehna.
[4] Getihna ku Elasar cokot saeutik, kepret-kepretkeun ka lebah Kemah Suci tujuh kali.
[5] Sagemblengna eta sapi jeung kulit-kulitna, dagingna, getihna jeung jeroanana kudu diduruk, saksian ku Elasar.
[6] Seuneuna ku imam kudu dialungan suluh kiputri sababaraha teukteuk, hisop saranggeuy jeung tali beureum salambar.
[7] Geus kitu imam kudu nyeuseuh pakeanana tuluy ngaguyur awakna ku cai, kakara meunang asup deui ka pasanggrahan, kitu ge kakara setra deui lamun geus surup panonpoe.
[8] Anu ngaduruk sapi tea oge kudu nyeuseuh pakeanana jeung ngaguyur awakna ku cai, tapi kakara setra deui lamun geus surup panonpoe.

9 Lebu sapi anu diduruk kudu dikeduk ku
hiji jelema anu setra, teundeun di tempat
anu setra di luareun pasanggrahan, keur
piparantieun urang Israil nyieun cai setra
pikeun nyirnakeun kanajisanana, paranti
mupus dosa.
10 Anu ngeduk lebuna oge kudu nyeuseuh
pakeanana, sarta kakara bisa setra deui
sanggeus surup panonpoe. Pikukuh ieu
langgeng pikeun salawasna, boh pikeun
urang Israil boh pikeun nu sejen anu harirup
di Israil.
11 Sing saha anu antel kana mayit jadi
najis tujuh poe. Kudu nyucikeun diri ku cai
upacara.
12 Dina poe katiluna ti sanggeus kanajisan
jeung dina katujuh poena, kudu nyucikeun
diri ku cai upacara, kakara bisa beresih deui.
Upama dina katilu jeung katujuh poena
henteu nyucikeun diri, eta teh najis.
13 Saha bae anu antel kana mayit henteu
nyucikeun diri, tetep najis, sabab henteu
dikepretan ku cai upacara. Sarua jeung
nganajisan Kemah PANGERAN, temahna moal
diangken deui umat Allah.
14 Upama aya anu maot di jero kemah,
sakur nu araya di eta kemah waktu jelema
tea maot, kitu deui anu daratang ngalayad,
kabeh kanajisan salila tujuh poe.
15 Wawadahan anu henteu make turub oge
kanajisan.

16 Jeung saha-saha anu antel kana mayit
anu aya di luareun kemah, boh mayit anu
dipaehan boh mayit anu paeh sawajarna, kitu
keneh anu antel kana tulang-tulang jelema
atawa kuburan, jadi kanajisan tujuh poe.
17 Supaya najisna leungit kudu nyokot lebu
sapi beureum paranti nyirnakeun dosa tea
sakadarna, asupkeun kana wadah, caian ku
cai beresih.
18 Pikeun hal nu kahiji, nya eta lamun aya nu
maot di jero kemah kudu kieu: Jelema anu
henteu najis kudu nyokot hisop saranggeuy,
celubkeun kana cai upara tea, tuluy kepret-
kepret ka eta kemah, kana barang-barangna
jeung ka jelema-jelema anu araya di dinya.
Pikeun hal nu kadua, nya eta lamun aya
jelema anu keuna kana mayit, atawa kana
kuburan, atawa kana tulang-taleng jelema nu
geus maot, kudu kieu: Jelema anu kanajisan
tea kudu dikepretan ku cai upacara ku jelema
anu henteu kanajisan. Carana saperti kitu
keneh.
19 Dina katilu jeung katujuh poena, jelema
anu setra teh kudu ngepretan deui jelema
anu kanajisan tea ku eta cai setra. Dina
poe katujuhna ngepretanana teh baris
nyetrakeun. Sanggeus anu kanajisan tea
nyeuseuh pakeanana jeung nyiram maneh
ku cai, sanggeus surup panonpoe baris setra
deui.

20 Sing saha anu kanajisan henteu
nyetrakeun diri, tetep najis sabab awakna
henteu dikepretan ku cai setra, matak
nganajisan Kemah PANGERAN, sarta temahna
moal diaku deui umat Allah.
21 Ieu pikukuh ku maraneh kudu
digumatikeun sapapanjangna. Jelema anu
ngepret-ngepretkeun cai setra tea ge kudu
nyeuseuh pakeanana, sing saha anu antel
kana eta cai eta jadi najis nepi ka surup
panonpoe.
22 Naon-naon anu kacabak ku jelema anu
kanajisan, kitu deui sing saha anu antel kana
eta, jadi najis nepi ka surup panonpoe.
20 1 Dina bulan kahiji sakumna bangsa
Israil narepi ka tanah gurun Sin,
masanggrahan di Kades. Miryam maot sarta
dikuburkeun di dinya.
2 Di eta tempat teu aya cai. Seug
jelema-jelema ngagimbung ka Musa jeung
Harun.
3 Gegelendeng kieu, "Mending ge kapungkur
teh maraot sakalian sareng nu sanesna di
payuneun Kemah PANGERAN.
4 Kanggo naon dicandak ka ieu tanah
gurun? Naha ieu teh ngarah abdi-abdi sareng
pipiaraan maraot di dieu?
5 Naha atuh dibudalkeun ti Mesir, dicandak
ka tempat sakieu balangsakna, mani teu aya
naon-naon anu jadi. Bujeng-bujeng jagong,
kondang, anggur, dalima, taya cai-cai acan!"

6 Musa jeung Harun ngantunkeun eta
jalma-jalma, tuluy ngaradeg di lawang Kemah
Suci, bruk sarujud kana taneuh. Bray cahaya
PANGERAN nembongan.
7 PANGERAN nimbalan ka Musa,
8 "Cokot iteuk hareupeun Peti Perjangjian.
Sakumna bangsa Israil kumpulkeun
ku maneh jeung Harun. Di hareupeun
maranehna maneh kudu ngomong kana batu
cadas itu, anu nangtung di ditu. Engke eta
cadas bakal ngabijilkeun cai ngagurujug. Kitu
petana maneh ngabijilkeun cai tina eta cadas
pikeun ngarinum eta jelema-jelema jeung
sasatoanana."
9 Bral Musa angkat nyandak iteuk sakumaha
timbalan PANGERAN.
10 Sakumna bangsa Israil ku anjeunna jeung
Harun dikumpulkeun hareupeun batu cadas
tea. Pok Musa ngalahir, "Darengekeun, eh
jelema-jelema doraka! Na Kami jeung Harun
teh kudu ngabijilkeun cai tina ieu batu cadas
pikeun maraneh?"
11 Ti dinya Musa ngangkat iteuk terus dipake
ngagitik dua kali kana eta cadas, cor ti dinya
bijil cai ngagolontor. Jelema-jelema ngarinum
kitu deui sasatoanana.
12 Tapi PANGERAN nyeuseul ka Musa jeung
Harun, timbalana-Na, "Ku sabab maraneh
kurang tuhu nganyatakeun pangawasa Kami
anu suci di hareupeun bangsa Israil, maraneh
moal bisa terus nungtun eta jelema-jelema

ka tanah anu ku Kami dijangjikeun pikeun maranehna."
13 Eta kajadian teh di Meriba, tempat urang Israil gegelendeng ka PANGERAN, sarta PANGERAN di dinya nembongkeun yen Mantenna teh suci.
14 Ti dinya Musa ngintun sawatara utusan ka raja Edom ti Kades. Ceuk utusan, "Aya pihatur ti tuang saderek, bangsa Israil. Anjeun langkung uninga kana kabalangsakanana,
15 uninga yen karuhun urang kantos ngumbara di Mesir lami pisan. Di ditu karuhun urang teh kitu deui tuang saderek sadaya dikaniaya ku urang Mesir,
16 lajeng sasambat ka PANGERAN nyuhunkeun pitulung. Panyambatna ku PANGERAN didangu, Mantenna ngutus hiji malaikat, anu nuyun tuang saderek sadaya kaluar ti Mesir. Ayeuna tuang saderek sadaya aya di Kades, di tapel wates karajaan anjeun.
17 Mugi anjeun kersa ngawidian tuang saderek ngalangkung. Tuang saderek sadaya katut ingon-ingon tangtos moal kaluar ti jalan gede, moal nyimpang ka lahan-lahan atanapi kebon-kebon anggur kagungan anjeun. Cai leueuteun oge moal ngabantun ti sumur anjeun, bade junun nyorang jalan gede bae, dugi ka kaluar ti tapel wates karajaan anjeun."

18 Tapi jawab urang Edom, "Kami teu idin
maraneh ngaliwat ka ieu nagara! Lamun
wani-wani, ku kami rek dipapag ditarajang!"
19 Ari ceuk utusan urang Israil, "Sim kuring
sadaya bade nyorang jalan gede bae. Bilih bae
aya jalmi atanapi ingon-ingon sim kuring anu
nginum tina sumur nu aya di dieu, tangtos
dibayar sapantesna. Anu disuhunkeun teh
mung widi ngalangkung wungkul."
20 Urang Edom ngajawab, "Teu meunang!"
Seug maranehna mepek balad gede pisan,
tuluy kaluar rek merangan urang Israil.
21 Ku lantaran teu diidinan ngaliwat tanah
urang Edom, urang Israil nyimpang ka jalan
sejen.
22 Sanggeus arindit ti Kades, sakumna
bangsa Israil narepi ka Gunung Hor,
23 wates tanah Moab. Di dinya PANGERAN
nimbalan ka Musa jeung Harun, kieu,
24 "Harun teu meunang terus ka tanah anu
ku Kami rek dibikeun ka urang Israil, bakal
maot di dieu, lantaran maraneh duaan basa
keur di Meriba geus nyimpang tina timbalan
Kami.
25 Harun jeung Elasar anakna ajak unggah
ka Gunung Hor.
26 Bukaan di ditu pakean kaimaman Harun,
tuluy pakekeun ka Elasar, sabab Harun kudu
maot di ditu."

27 Musa tumut sakumaha timbalan
PANGERAN. Tuluy arunggah ka Gunung Hor
kasaksian ku sarerea.
28 Di luhur gunung Musa ngalaanan
panganggo kaimaman ti Harun, seug
dianggokeun ka Elasar. Harun pupus di
puncak eta gunung. Musa jeung Elasar
lalungsur deui ti dinya.
29 Sakumna bangsa Israil geus ngajudi yen
Harun geus pupus, tuluy bela sungkawa tilu
puluh poe lilana.
21 1 Raja tanah Arad, urang Kanaan, di
wewengkon Kanaan kidul, meunang
beja yen urang Israil geus araya di jalan ka
Atarim. Seug mapag merangan, malah bisa
ngaboyong sababaraha urang.
2 Urang Israil ngedalkeun ikrar ka
PANGERAN, kieu, "Upami aya widi ti Gusti
dugi ka abdi sadaya tiasa ngelehkeun eta
bangsa, maranehna sareng nagara-nagarana
seja mutlak dibaktikeun ka kersa Gusti, bade
ditumpurkeun."
3 Eta ikrar ku PANGERAN dikabul, sarta
Mantenna maparin pitulung, nepi ka
maranehna bisa ngelehkeun urang Kanaan,
jelema-jelema jeung nagara-nagarana
ditumpurkeun sama sakali. Tuluy eta tempat
teh dingaranan Hormah.
4 Ti Gunung Hor urang Israil maju ka Teluk
Akaba, maksudna rek ngurilingan wewengkon

tanah Edom. Tapi di satengahing jalan
maranehna leungit kasabaran,
5 ngabijilkeun ucap garihal ka Musa jeung
ka PANGERAN, pokna, "Ku naon abdi sadaya
dibudalkeun ti Mesir, sina paraeh di ieu gurun
keusik anu teu aya cai teu aya dahareun? Aya
ge dahareun siga kieu, bosen!"
6 Seug PANGERAN ngadatangkeun oray-oray
matih, urang Israil rea nu datang ka paraeh
diparacok.
7 Jalma-jalma tingkaroceak ka Musa,
"Abdi-abdi rumaos dosa ka PANGERAN sareng
ka Bapa. Pangnedakeun ka PANGERAN
supados ieu oray-oray teh disingkirkeun!"
8 PANGERAN nimbalan ka Musa miwarang
ngadamel oorayan tina tambaga sina dipanjer
ku galah, sina dipalencrong ku nu diparacok
ku oray. Anu mencrong eta tangtu moal
sakara-kara.
9 Musa ngadamel oorayan tina tambaga
tuluy dipanjer ku galah, seug dipalencrong ku
anu digaregel ku oray, tuluy calageur.
10 Urang Israil maju deui, tuluy
masanggrahan di Obot.
11 Ti Obot maju deui, tuluy masanggrahan di
ruruntuk Abarim di gurun wewengkon Moab
beulah wetan.
12 Ti dinya maju deui, tuluy masanggrahan
di Lebak Sered.
13 Maju deui, tuluy masanggrahan di
Walungan Arnon peuntas kaler di tanah gurun

anu tembus ka wewengkon urang Emor.
Walungan Arnon jadi tapel wates antara
wewengkon urang Moab jeung urang Emor.
14 Anu matak dina Kitab Perang PANGERAN
ditulis kieu " kota Waheb di wewengkon Supa,
jeung tanah-tanah landeuh; Walungan Arnon,
15 jeung barisan lamping landeuh-landeuh
anu kebat ka Ar notog ka tanah Moab."
16 Ti dinya maju deui ka hiji tempat anu
disebut Beer, hartina Sumur-sumur. Di dinya
PANGERAN nimbalan ka Musa, "Jelema kabeh
kumpulkeun, ku Kami rek dibere cai."
17 Harita urang Israil ngarawih kieu: "Eh
sumur-sumur, sing bijil cai, arek dikawihkeun
kieu ku kami:
18 Ieu sumur dikali ku para narpati. Jeung
ku para pamingpin bangsa. Dikalina ku
teteken karajaan jeung ku iteuk-iteuk
kakawasaanana." Ti tanah gurun eta
maranehna maju deui ka Matana.
19 Ti dinya maju deui ka Nahaliel. Ti Nahaliel
terus ka Bamot.
20 Ti Bamot terus ka hiji lengkob di
wewengkon urang Moab, nampeu ka puncak
Gunung Pisga, ngeunteung ka lempengan
gurun keusik.
21 Geus kitu urang Israil ngirim utusan ka
Sihon raja urang Emor. Pamentana:
22 "Kaula neda idin ngalangkung ka tanah
Sang Raja. Kaula sadaya sareng ingon-ingon
moal nyimpang ti jalan gede, moal ngacak

ka lahan-lahan atanapi kebon-kebon anggur, moal ngala cai ti sumur, seja nyorang jalan gede bae dugi ka kaluar ti wewengkon Sang Raja."
23 Raja Sihon teu ngidinan urang Israil ngaliwatan wewengkonna, kalah ka mepek balad muru ka Yahas di tanah gurun, merangan urang Israil.
24 Tapi perangna eleh, baladna loba pisan anu paeh. Tanahna ku urang Israil dilindih ti semet Walungan Arnon nepi ka Walungan Yabok wates wewengkon urang Amon. Nepi ka dinya bae, da wates wewengkon urang Amon mah kuat.
25 Kota-kota urang Emor, kaasup kota Hesbon jeung desa-desa sakurilingna dijabel ku urang Israil sarta dicaricingan.
26 Hesbon teh ibukota tempat Sihon raja urang Emor. Eta raja tadina ngelehkeun raja Moab, raja anu ti heula, sarta ngajabel sakuliah tanahna nepi ka Walungan Arnon.
27 Hal eta ku ahli dangding mah dijieun guguritan kieu, "Yu urang ka Hesbon, kota tempat Raja Sihon. Hayang terang menyatna jeung pulihna deui.
28 Bareto ti Hesbon ngaburubul balad Sihon, lir seuneu ngahuru kota Ar di Moab, neureuy pasir-pasir girangeun Walungan Arnon.
29 Cilaka arandika urang Moab! Cilaka arandika umat Kamos! Nu lalaki kalabur, nu

awewe diboyong ku raja Emor, ku allah-allah
arandika diantep bae.
30 Tapi ayeuna turunan eta raja geus tumpur,
dicacar sapanjang jalan ti Hesbon nepi
ka Dibon ti Nasim nepi ka Nopa deukeut
Medeba."
31 Wewengkon urang Emor geus diandih ku
urang Israil.
32 Geus kitu Musa miwarang nalengteng
jalan geusan ngarurug ka kota Yaser. Seug eta
kota jeung desa-desa sakurilingna beunang
ku urang Israil. Urang Emor anu araya di
dinya dibuburak.
33 Ti dinya urang Israil malik ka jalan anu ka
Basan, tapi dipegat ku Raja Og sabaladna,
der digempur di Edrei.
34 PANGERAN ngandika ka Musa, "Tong
sieun-sieun ku eta raja, maneh tangtu
meunang. Eta raja jeung rahayatna katut
tanahna ku Kami rek diserenkeun ka maneh.
Ku maneh jieun cara ka Sihon raja urang
Emor anu marentah di Hesbon."
35 Og beunang ku urang Israil, dipaehan
jeung anak-anakna katut rahayatna kabeh,
hiji ge taya anu dihirupan, tanahna diandih.
22 1 Urang Israil maju deui, terus
masanggrahan di hiji tegalan di Moab,
peuntaseun Walungan Yordan beulah wetan
nyanghareup ka Yeriho.
2 Barang Balak bin Sipor raja Moab
ngareungeu beja hal wewesen urang Israil

ka urang Emor, jeung barang meunang beja
sakumaha lobana urang Israil,
3 Balak jeung rahayatna jadi sieuneun.
4 Ti dinya urang Moab teh ngomong ka
para pamingpin urang Midian, pokna, "Eta
gorombolan teh sakeudeung deui ge datang
ngaruksak ka sakurilingeun urang cara
banteng nyatuan di sampalan." Geus kitu
Balak
5 nitah ngahaturanan Balhum bin Beor anu
calik di Petor deukeut Walungan Eprat di
tanah Amaw. Kieu amanat Balak, "Hatur
uninga, aya hiji bangsa datang ti Mesir, mani
nakleuk pinuh di mana-mana ngancam rek
ngajabel tanah kaula.
6 Bilanganana langkung seueur ti batan
bilangan kaula. Ku margi kitu saderek mugi
kersa linggih ka kaula, pangnyapakeun eta
bangsa supados kaula tiasa ngelehkeun
atanapi ngabuburak. Kaula terang, mana-
mana anu diberkahan ku saderek tangtos
jamuga, anu disapa ku saderek tangtos
cilaka."
7 Utusan Moab jeung para kapala urang
Midian arindit nepungan Balhum, mawa
duit pikeun upah nyapa, tuluy ngunjukkeun
amanat Balak.
8 Saur Balhum, "Marondok heula di dieu
sawengi, isukan aya wartos kumaha timbalan
PANGERAN ka kaula." Utusan Moab peuting
eta marondok di Balhum.

9 Allah sumping ka Balhum, mariksa, "Saha
eta jelema-jelema anu marondok teh?"
10 Wangsul Balhum, "Sumuhun utusan Raja
Balak ti Moab, ngawartosan
11 yen aya hiji bangsa jebulna ti Mesir
minuhan sakuliah tanahna. Sanggemna ku
abdi kedah disapa supados tiasa dielehkeun
atanapi diusir ti tanahna."
12 Dawuhan Allah, "Ulah milu, jeung ulah
daek nyapa ka urang Israil, sabab eta umat
diberkahan ku Kami."
13 Isukna Balhum mendakan utusan Balak
sarta saurna, "Geura marulang. Kaula moal
ka ditu, henteu widi ku PANGERAN."
14 Para utusan marulang, pupulih ka Balak
yen Balhum teu kersaeun.
15 Balak ngirim deui utusan leuwih loba tur
jelema-jelemana leuwih parenting ti batan nu
ti heula.
16 Sadaratangna ka Balhum pok ngunjukkeun
amanat Balak, "Mugi saderek teu ngaraos
kaabotan sumping ka kaula.
17 Tangtos ku kaula dipulang tarima
sapantesna, sareng naon bae sapamundut
tangtos ditedunan. Ulah teu sumping,
pangnyapakeun eta bangsa."
18 Waler Balhum, "Masing Balak dugi ka
maparin emas perak nu aya di karatonna,
kaula teu werat ngalanggar dawuhan
PANGERAN Allah kaula, teu wantun
saeutik-eutik acan.

19 Parandene, sae karulem heula sawengi
di dieu sapertos nu ti payun, manawi kaula
kenging deui pituduh ti PANGERAN."
20 Peutingna Allah sumping deui ka Balhum,
ngandika, "Ari dikeukeuhan mah jig bae
milu, tapi pilampaheun maneh kudu kumaha
timbalan Kami."
21 Isukna Balhum nyelaan kalde, bral angkat
jeung para utusan Moab.
22 Allah bendu ka Balhum dumeh Balhum
ngiring ka nu ngangkir. Balhum jongjon dina
tonggong kalde diiring ku dua gandek, teu
uningaeun di hareup dipegatan ku malaikat
PANGERAN anu ngadeg di tengah jalan.
23 Kaldena nenjoeun di hareup aya malaikat
anu ngabar pedang, tuluy nyimpang mapay
tegalan. Ku Balhum digitik sina ka jalan deui.
24 Malaikat megatan deui di lebah anu gupit,
anu kahapit ku dua pager tembok kebon
anggur.
25 Katenjoeun deui ku eta kalde, seug kalde
teh meped kana pager tembok nepi ka
sampean Balhum ngagasruk ka dinya. Ku
Balhum digitik deui.
26 Sakali deui malaikat teh megatan,
ngadegna di nu kacida gupitna, kenca katuhu
taya lolongkrang deui.
27 Kalde nenjoeun, seug kalde teh ayeuna
mah ngagolerkeun maneh. Balhum seep
kasabaranana, jebrod deui kalde teh digitik
ku teteken.

28 Kersaning PANGERAN, ngong bae kalde
teh bisa ngomong ka Balhum, kieu, "Na lepat
naon kuring teh? Juragan dugi ka tilu kali ieu
ngagitik, naon margina?"
29 Waler Balhum, "Salah sia ngajengkelkeun
ka aing! Cacak lamun aing nyekel pedang boa
sia dipodaran!"
30 Kalde ngajawab, "Sanes kuring teh kalde
Juragan ti kapungkur, anu salamina dianggo
ku Juragan? Na biasana kuring kieu peta ka
Juragan teh?" "Henteu!" walerna.
31 Ti dinya Balhum ku PANGERAN
dikersakeun iasa ningali ka eta malaikat anu
keur ngabarkeun pedang. Bruk Balhum sujud
kana taneuh.
32 Malaikat mariksa, "Salah naon eta kalde
digitikan nepi ka tilu kali ieu? Kami ngahaja
megatan jalan sangkan maneh ulah laju.
33 Untung eta kalde nenjoeun ka kami nepi
ka tilu kali nyisi. Cacak lamun henteu, maneh
ku kami dipaehan, kalde mah moal."
34 Balhum ngawangsul, "Sadaya-daya
rumaos dosa, sareng teu terang aya anu
ngadeg megatan. Nanging bilih dimanah
awon saupami teras ka ditu, sim abdi sumeja
wangsul deui bae."
35 Tapi waler eta malaikat, "Jig bae rek
diteruskeun mah. Tapi piomongeun maneh
kudu kumaha timbalan kami." Balhum
ngalajengkeun lampah bareng jeung
jelema-jelema anu ngangkir.

36 Barang Balak meunang beja yen Balhum
geus aya di jalan tuluy mapagkeun ka kota Ar
di wewengkon Walungan Arnon, wates tanah
Moab.
37 Saur Balak ka Balhum, "Ku naon kamari
ieu teu sumping waktos diangkir ti payun?
Bilih teu diutamikeun panginten, bilih kaula
kirang panarima?"
38 Waler Balhum, "Kapan ieu dongkap,
geuning! Nanging bade tiasa naon ari kaula?
Mung tiasa ngucapkeun naon-naon anu
diandikakeun ku Allah bae."
39 Balhum ku Balak dicandak ka kota Hasot.
40 Di dinya Balak meuncit sapi jeung domba
dipake mupundutan ka Balhum jeung ka para
kapala anu ngangkir anjeunna.
41 Poe isukna Balhum ku Balak disampeur,
tuluy dicandak ka Pasir Baal. Ti lebah dinya
katingalieun ku Balhum sabagian urang Israil
keur neba.
23 1 Balhum misaur ka Balak,
"Pangdamelkeun altar tujuh
sareng sayagikeun sapi jalu tujuh, domba jalu
tujuh."
2 Ku Balak ditedunan. Balak jeung Balhum
tuluy ngurbankeun eta sapi jeung domba dina
altar, saaltarna hiji sapi hiji domba.
3 Geus kitu saur Balhum ka Balak, "Ieu
kurban-kurban jagi heula, kaula bade ningal
sumping moalna PANGERAN ka kaula.
Naon-naon anu ku Mantenna diwahyukeun ka

kaula engke diwartoskeun." Ti dinya Balhum
angkat nyalira ka hiji puncak pasir.
4 Allah sumping ka dinya, seug Balhum
unjukan, "Sim abdi parantos ngadegkeun
kurban dina tujuh altar, saaltarna hiji sapi hiji
domba."
5 Balhum ku PANGERAN diuningaan kudu
sasauran kumaha, tuluy dipiwarang ka Balak
deui ngadongkapkeun timbalana-Na.
6 Balhum nepangan deui Balak, kasampak
keur ngajaga keneh kurban beuleuman jeung
para kapala Moab.
7 Ti dinya Balhum ngucapkeun wejanganana:
"Kaula dihiras ku Balak, raja Moab. Diala
ti Siria ti pagunungan di wetan. Carekna,
Ka dieu, jadi panyambung lemek kaula.
Pangnyapakeun urang Israil.
8 Kumaha kaula rek bisa nyapa ka umat anu
ku Allah henteu disapa? Kumaha kaula rek
bisa ngalaknat ka umat anu ku Allah henteu
dilaknat?
9 Atra kaula nya ningal ti puncak cadas. Sidik
nya nilik ti luhur pasir. Hiji bangsa nu mandiri,
anu sadar yen bangsana pangdiberkahanana.
10 Turunan Israil tinanding keusik lobana.
Moal kabilang ku loba-lobana. Mugia pati
kaula asup pati umat Allah, hayang ajal jeung
bagjana cara jalma nu ibadah."
11 Ari saur Balak, "Kumaha saderek teh?
Kapan diangkir teh supaya nyapa ka musuh
kaula, anggur ngaberkahan?"

12 Waler Balhum, "Kitu anu katampi ku kaula
ti PANGERAN."
13 Saur Balak ka Balhum, "Upami kitu urang
ngalih, supaya urang Israil anu katingali
mung saeutik."
14 Ti dinya Balhum diajak ka Sopim, hiji
tanah lempar di puncak Gunung Pisga. Tuluy
ngadegkeun deui tujuh altar sarta tuluy
ngurban, saaltarna hiji sapi jalu hiji domba
jalu.
15 Saur Balhum ka Balak, "Jagi ieu kurban
beuleuman, kaula bade ka ditu ngadeuheus
ka Allah."
16 Allah sumping ka Balhum maparin uninga
pisaureun, tuluy miwarang nepangan deui
Balak ngadongkapkeun sabda-Na.
17 Balhum mulih deui, Balak kasampak keur
ngajaga kurbanna jeung para kapala Moab.
Balak mariksakeun dawuhan Allah.
18 Seug Balhum ngedalkeun wejanganana:
"Mangga Balak bin Sipor dangukeun ieu
ucapan.
19 Allah tara ngabohong cara jelema, tara
gumingsir kawas manusa. Mun jangji pasti
ngajadi, mun nyabda pasti laksana.
20 Kaula seja ngucapkeun berkah. Ku sabab
Allah nu miwarangna, kaula henteu kaduga
nolakna.
21 Geus kapeleng ku kaula kumaha Israil
jagana. Bangsa nu moal sangsara nu moal

nyorang balangsak. Diaaping ku PANGERAN
Allahna, anu ku maranehna diaku jadi Rajana.
22 Allah ngaluarkeun eta bangsa ti Mesir. Tur
bumela jeung rosa lir banteng leuweung.
23 Bangsa Israil moal beunang diheureuyan.
Moal katepi ku sihir. Moal kasusul ku
tenung. Kieu hal Israil ceuk jalma-jalma
kiwari: Kanyahokeun, sakitu ahengna damel
PANGERAN!
24 Bangsa Israil lir singa rosa tanaga. Tacan
eureun mun tacan nyasaak jeung neureuy,
mun tacan nginum getih korbanna."
25 Ari saur Balak ka Balhum, "Ari teu kersa
mah nyapa ka urang Israil, atuh ulah-ulah
ngaberkahan!"
26 Waler Balhum, "Sanggem kaula ge kaula
mah darma nepikeun pangandika PANGERAN.
Sanes kitu tadi teh?"
27 Saur Balak ka Balhum, "Sae urang ngalih
deui atuh, manawi di tempat sanes mah Allah
ngawidian saderek nyapa eta bangsa."
28 Balhum ku Balak dicandak ka puncak
Gunung Peor anu negla ka lebah gurun
keusik.
29 Saur Balhum ka Balak, "Ngadegkeun
deui tujuh altar, sayagikeun sapi jalu sareng
domba jalu tujuh-tujuh."
30 Ku Balak ditedunan, tuluy dikurbankeun
kana altar, saaltarna hiji sapi hiji domba.
24 1 Tapi Balhum di dinya keneh ge geus
uningaeun kana pangersa PANGERAN,

yen anjeunna kudu ngucapkeun berkah
pikeun urang Israil. Jadi henteu angkat milari
ilapat cara ti heula. Seug malik mayun ka
lebah gurun keusik.
2 Breh katingalieun pasanggrahan Israil
sakaomna-sakaomna. Kalawan kersaning Roh
Allah,
3 pok anjeunna ngedalkeun wejanganana:
"Ieu wejangan ti Balhum bin Beor. Ucapan
jalma anu terus tingal,
4 nu bisa ngarungu Allah ngandika. Kieu
titingalan kaula, titingalan gaib ti Allah Nu
Maha Kawasa.
5 Asri rasmi jajaran kemah Israil.
6 Lir jajaran tangkal korma, lir taman sisi
walungan, lir tangkal garu nu dipelak ku
PANGERAN, lir tangkal kiputri sisi cai.
7 Bakal cukup meunang hujan, pepelakanana
moal kakurangan cai. Rajana bakal leuwih
agung batan Agag, karajaanana lega tepi ka
jauhna.
8 Allah ngaluarkeun eta bangsa ti Mesir, tur
bumela jeung rosa lir banteng leuweung.
Kabeh musuh maranehna dilegleg,
balung-balungna dipingges-pinggeskeun,
gondewa-gondewana diririkes.
9 Eta bangsa lir singa rosa tanaga, mun keur
hees mo aya nu wani ngahudangkeun. Anu
ngaberkahan Israil bakal diberkahan deui,
anu nyapa Israil tangtu disapa deui."

10 Balak ngeupeulkeun peureupna bakat ku
ambek, sarta kieu saurna ka Balhum, "Andika
diala teh supaya nyapa musuh kaula. Ari heug
ti batan nyapa kalah ka ngaberkahan nepi ka
tilu kali.
11 Geus, geura balik! Kami tadi geus jangji
mere upah. Tapi upahna ku PANGERAN
dicaram dibikeun ka maneh."
12 Balhum ngawaler, "Ongkoh ceuk kami ge
ka utusan andika,
13 najan andika nepi ka mere emas-perak
sakaraton, kami moal mungpang kana
pangandika PANGERAN, moal ngagugu karep
sorangan. Nu baris diucapkeun teh ngan
pangandika PANGERAN wungkul."
14 Balhum ngalahir deui, "Ayeuna kami
rek balik, mulang ka bangsa sorangan.
Tapi memeh balik rek ngabejaan bakal
dikumahakeun engke bangsa andika ku
bangsa Israil."
15 Pok anjeunna ngucapkeun wejangan: "Ieu
wejangan ti Balhum bin Beor. Ucapan jelema
nu awas tingal,
16 nu bisa ngarungu Allah ngandika, nu
meunang wahyu ti Nu Maha Agung. Kieu
tetenjoan kami, tetenjoan gaib ti Allah Nu
Maha Kawasa.
17 Mangsa jaga ku kami katoong, kami nenjo
bangsa Israil. Ti eta bangsa mucunghul hiji
raja, sumorot lir bentang, lir bentang pindah,

bijil ti Israil, bakal ngagitik kapala-kapala
Moab, ngarubuh-rubuhkeun urang Set,
18 ngelehkeun musuh-musuhna di Edom,
tanahna diandih milik. Ari Israil terus unggul
terus nanjung.
19 Maranehna ku bangsa Israil bakal dileyek.
Anu harirup keneh beak disapu."
20 Dina paningal gaibna, Balhum ningali
urang Amalek. Pok deui ngedalkeun
wejanganana: "Ti antara kabeh, Amalek
pangkuatna. Tapi ahirna eta ge bakal euweuh
salalawasna."
21 Dina paningal gaibna Balhum ningali urang
Keni, pok ngedalkeun deui wejanganana:
"Tempat maneh nya keker nya weweg,
reugreug lir sayang diluhur gunung karang.
22 Parandene he Keni, maneh geus tangtu
rugrug, digempur ku urang Asur sarta
diboyong."
23 Balhum ngedalkeun deui ieu wejangan:
"Bangsa naon itu ngabengbreng di tebeh
kaler?
24 Aya aleutan kapal ti Siprus, nu bakal
nalukkeun Asur jeung Eber. Tapi sabalikna,
eta ge bakal carem salalanggengna."
25 Sanggeus kitu Balhum tuluy mulih. Balak
oge tuluy balik.
25 1 Sanggeus masanggrahan di Lebak
Sitim, urang Israil mimiti maraen
awewe ka urang Moab anu marukim di dinya.

2 Urang Israil ku eta awewe-awewe diarajak
kana pesta-pesta anu diayakeun pikeun
muja allah urang Moab. Urang Israil marilu
ngadahar kadaharanana, marilu nyembah ka
eta allah,
3 nya eta Baal di Peor. Ku sabab eta
PANGERAN jadi wera,
4 tuluy nimbalan ka Musa, "Tangkepan kabeh
kapala Israil, geus ngaralawan ka Kami!
Paehan hareupeun sakabeh, sangkan lemper
wera Kami ka urang Israil."
5 Ti dinya Musa miwarang logojo-logojo,
saurna, "Paehan ku maraneh masing-masing,
sakur jelema ti kaom maraneh anu nyembah
ka Baal di Peor."
6 Sabot jelema-jelema keur careurik
hareupeun gapura Kemah PANGERAN,
dumadakan aya hiji urang Israil liwat mawa
awewe urang Midian terus asup ka kemahna,
kasaksian ku Musa, ku sarerea.
7 Ari Pinehas putra Elasar putu Imam Harun,
barang ret ningal terus ngorejat, ceg kana
tumbak,
8 tuluy ngagidig ka kemah eta jelema, gecrok
eta jelema jeung awewena dipanggang ku
tumbak, parat duanana. Reg balahi ka urang
Israil kandeg.
9 Tapi geus katalanjuran, geus loba anu
paraeh mani dua puluh opat rebu urang.
10 PANGERAN ngandika ka Musa,

11 "Pinehas anak Elasar incu Harun geus
nyirnakeun wera Kami ka urang Israil. Teu
mere ampun ka nu nyembah ka allah sejen
lian ti ka Kami. Ku sabab kitu urang Israil
ku Kami henteu terus dibeakkeun sanajan
manah Kami ngentab panas.
12 Bejakeun ka Pinehas, Kami rek ngadamel
perjangjian ka manehna, langgeng moal
barobah.
13 Ku sabab sakitu gumatina, henteu mere
ampun ka satru Kami, nepi ka Kami kersa
mere ampun kana kasalahan bangsa Israil,
manehna turun-tumurun bakal jaradi imam."
14 Anu dipaehan jeung awewe urang Midian
teh ngaranna Simri bin Salu, kapala hiji warga
kaom Simeon.
15 Nu awewe ngaranna Kosbi, bapa eta
awewe ngaranna Sur, kapala salah sahiji
kaom Midian.
16 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
17 "Urang Midian tarajang, tumpurkeun,
18 (25-17b) sabab geus dosa merdayakeun
ka maraneh di Peor, jeung ku sabab Kosbi
anu dipaehan waktu keur aya balahi di Peor."
26 1 Sanggeus balahi nu tadi, PANGERAN
ngandika ka Musa jeung Elasar putra
Harun. Pangandika-Na,
2 "Urang Israil cacahkeun, nurutkeun ahli
karuhun masing-masing, anu umurna dua
puluh taun atawa leuwih, anu geus manjing
jadi prajurit."

3 (26:3-4) Ku Musa jeung Elasar jalma-jalma
nu umurna sakitu sina kumpul di hiji tanah
lapang di Moab, sisi Walungan Yordan deukeut
kota Yeriho. Ieu catetan urang Israil anu
budal ti Mesir.
4 (26:3)
5 Turunan ti kaom Rubin putra cikal Yakub:
Kaom-kaom Hanok, Palu,
6 Hesron, jeung Karmi.
7 Ti ieu kaom-kaom, lalakina aya 43.730
urang.
8 Turunan Palu nya eta Eliab
9 jeung anak-anakna: Nemuel, Datan, jeung
Abiram. (Datan jeung Abiram teh dua kapala
anu dipilih ku urang Israil, anu nangtang ka
Musa jeung Harun bariluk ka Korah ngalawan
ka PANGERAN,
10 sarta tariwas jeung Korah dilegleg ku
taneuh bareng jeung 250 urang anu bariluk
ka maranehna sarta tariwas ku seuneu. Eta
kajadian jadi hiji peringetan ka urang Israil.
11 Tapi anak-anak Korah mah henteu kabawa
tiwas.)
12 Turunan ti kaom Simeon: Kaom-kaom
Nemuel, Yamin, Yakin,
13 Serah, jeung Saul.
14 Lalakina aya 22.200 urang.
15 Turunan ti kaom Gad: Kaom-kaom Yepon,
Hagi, Suni,
16 Osni, Eri,
17 Arod, jeung Areli.

18 Lalakina aya 40.500 urang.
19 (26:19-21) Turunan ti kaom Yuda:
Kaom-kaom Sela, Peres, Serah, Hesron,
jeung Hamul. (Aya dua putra Yuda anu tilar
dunya di Kanaan, nya eta Er jeung Onan.)
20 (26:19)
21 (26:19)
22 Lalakina aya 76.500 urang.
23 Turunan ti kaom Isaskar: Kaom-kaom
Tola, Puah,
24 Yasub, jeung Simron.
25 Lalakina aya 64.300 urang.
26 Turunan ti kaom Sebulun: Kaom-kaom
Sered, Elon, jeung Yahlel.
27 Lalakina aya 60.500 urang.
28 Turunan ti kaom Yusup, ti putrana anu
ngaran Menase jeung Epraim.
29 Turunan ti kaom Menase: Menase puputra
Mahir, Mahir puputra Gilad. Turunan Gilad nya
eta:
30 Kaom-kaom Ieser, Helek,
31 Asriel, Sekem,
32 Semida, jeung Heper.
33 Heper puputra Selopehad, ari Selopehad
anakna awewe kabeh, ngaranna: Mahla, Noa,
Hogla, Milka, jeung Tirsa.
34 Lalakina aya 52.700 urang.
35 Anak incu ti kaom Epraim: Kaom-kaom
Sutelah, Beker jeung Tahan.
36 Ti turunan Sutelah nya eta kaom Eran.

37 Lalakina aya 32.500 urang. Eta catetan
kaom-kaom ti putra putu Yusup.
38 Anak incu ti kaom Binyamin: Kaom-kaom
Bela, Asbel, Ahiram,
39 Sepupam, jeung Hupam.
40 Ari turunan Bela nya eta kaom Arda jeung
kaom Naaman.
41 Lalakina aya 45.600 urang.
42 Anak incu ti kaom Dan: Suham.
43 Lalakina aya 64.400 urang.
44 Anak incu ti kaom Aser: Kaom-kaom
Yimna, Yiswi, jeung Beria.
45 Ari turunan Beria nya eta kaom Heber
jeung kaom Malkiel.
46 Aser boga anak awewe ngaranna Serah.
47 Jumlah lalaki ti ieu kaom-kaom aya
53.400 urang.
48 Anak incu ti kaom Naptali: Kaom-kaom
Yahsel, Guni,
49 Yeser, jeung Silem.
50 Lalakina aya 45.400 urang.
51 Jumlah lalaki urang Israil kabeh aya
601.730 urang.
52 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
53 "Tanah teh bagi-bagikeun ka unggal kaom
nurutkeun ukuran cacah jiwana.
54 (26:54-56) Ngabagikeunana kudu ku
lotre. Bagian anu lega bikeun ka kaom anu
cacah jiwana loba, bagian anu heureut bikeun
ka kaom anu cacah jiwana saeutik."
55 (26:54)

56 (26:54)
57 Anak incu ti kaom Lewi nya eta
kaom-kaom Gerson, Kahat, jeung Merari.
58 Ari turunan ti maranehna kaasup oge
kaom-kaom Libni, Hebron, Mahli, Musi, jeung
Korah. Ari Kahat teh nya eta ramana Amram.
59 Amram nikah ka Yokebed binti Lewi,
anu dilahirkeunana di Mesir. Putra Amram ti
Yokebed anu pameget nya eta Harun jeung
Musa, anu istri Miryam.
60 Harun kagungan opat putra pameget nya
eta Nadab, Abihu, Elasar, jeung Itamar.
61 Nadab jeung Abihu tiwas lantaran ngukus
ka PANGERAN ku seuneu nu henteu halal.
62 Jalma lalaki urang Lewi ti umur sabulan ka
luhur aya 23.000 urang. Didaptarna dipisah
ti urang Israil nu lian, sabab ieu mah moal
mareunang tanah milik di Israil.
63 Dicacahkeunana ku Musa jeung Elasar
waktu nyacahkeun urang Israil di hiji tanah
lapang di Moab, sisi Walungan Yordan deukeut
kota Yeriho.
64 Ari jelema-jelema anu dicacahkeun ku
Musa jeung Harun basa di Gurun Keusik Sinai
keneh, harita geus teu araya.
65 Kajaba ti Kaleb bin Yepune jeung Yosua bin
Nun. Nu sejenna mah geus paraeh di tanah
gurun. Kitu kersaning PANGERAN, sakumaha
timbalana-Na.
27 1 Aya hiji jalma lalaki, ngaranna
Selopehad bin Heper, turunan Yusup.

Jujutan silsilahna ti luhur kieu: Yusup,
Menase, Mahir, Gilad, Heper, Selopehad.
Manehna boga anak awewe ngaranna
Ahla, Noa, Hogla, Milka, jeung Tirsa. Eta
anak-anakna teh
2 ngadareuheus ka Musa, Imam Elasar, para
kapala, jeung ka sakumna bangsa Israil, di
gapura Kemah PANGERAN. Arunjukan kieu,
3 "Pun bapa parantos tiwas di tanah gurun,
henteu gaduh anak lalaki. Dupi tiwasna
henteu bareng sareng anu marilu ka Korah
anu ngalawan ka PANGERAN, tiwasna ku
margi dosana bae.
4 Ku naon ngaran pun bapa kedah leungit
ti Israil mung ku karana teu gaduh anak
lalaki? Atuh abdi-abdi oge paparin tanah milik
sapertos wargi-wargi pun bapa anu sanesna."
5 Eta perkara ku Musa disanggakeun ka
PANGERAN.
6 Ari timbalan PANGERAN ka anjeunna,
7 "Pamenta anak-anak Selopehad layak.
Pek bere tanah milik saperti baraya-baraya
bapana nu lian. Pusaka pikeun bapana
wariskeun ka maranehna.
8 Jeung umumkeun ka jalma rea yen upama
bapa paeh teu ninggalan anak lalaki, tanah
milikna kudu diwariskeun ka anakna anu
awewe.
9 Upama anak awewe ge teu boga, wariskeun
ka dulurna nu lalaki.

10 Upama teu boga dulur lalaki, kudu
diwariskeun ka dulur-dulur lalaki bapana.
11 Upama bapana teu bogaeun dulur
lalaki, sarta paman oge henteu boga, kudu
diwariskeun ka baraya pangdeukeutna, sina
jadi hak milikna. Ieu aturan sahkeun, sarta
kudu digarumatikeun ku urang Israil. Kitu
diaturna ku Kami, PANGERAN."
12 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
"Maneh kudu unggah ka Gunung Abarim.
Awas-awas ti dinya tanah anu ku Kami rek
dibikeun ka urang Israil teh.
13 Upama eta enggeus ka tenjo, maneh
ku Kami bakal dipundut sakumaha Harun
lanceuk maneh,
14 lantaran maraneh basa keur di tanah
gurun Sin kungsi ngalawan ka Kami. Harita,
basa sakumna bangsa Israil gegelendeng ka
Kami di Meriba, maneh henteu ngajalankeun
sakumaha timbalan Kami, teu nembongkeun
pangawasa Kami anu suci ka maranehna."
(Meriba teh hiji cinyusu di Kades, di tanah
gurun Sin.)
15 Musa nyanggakeun panuhun,
16 "Nun GUSTI Allah, Sumber hirupna
sugri anu kumelip, mugi nuduhkeun keur
gegentosna anu bakal nungtun urang Israil,
17 anu bakal ngapalaan dina perang, supados
umat Gusti ulah dugi ka sapertos domba teu
aya nu ngangon."

18 Timbalan PANGERAN ka Musa, "Yosua bin
Nun layak pikeun ngaganti. Tumpangkeun
leungeun maneh kana sirahna
19 hareupeun Imam Elasar, kasaksian ku
sapakumpulan. Tuluy umumkeun di dinya yen
manehna pikeun gaganti maneh.
20 Sawatara kakawasaan maneh turunkeun
ka manehna supaya urang Israil tunduk kana
parentahna.
21 Pikeun nganyahokeun naon-naon
pangersa Kami, Yosua kudu gumantung ka
Imam Elasar, anu baris nanyakeun ka Kami
make Urim jeung Tumim. Ku hal eta Elasar
kudu nuduhan Yosua dina sagala urusan
perkara urang Israil umumna."
22 Sakumaha timbalan PANGERAN ku Musa
dilaksanakeun. Yosua dicandak sina nangtung
payuneun Imam Elasar kasaksian ku sakumna
bangsa Israil,
23 seug ku anjeunna ditumpangan panangan
sarta diumumkeun yen bakal jadi gaganti
anjeunna, sakumaha timbalan PANGERAN
tea.
28 1 PANGERAN ngandika ka Musa,
2 miwarang marentahkeun ka urang
Israil yen kudu ngahaturkeun kurban-kurban
kadaharan anu matak nyukakeun manah
Allah, dina saban-saban waktu anu geus
baku.
3 Kurban-kurban kadaharan anu kudu
dihaturkeun teh nya eta: kurban beuleuman,

saban poe dua anak domba jalu umur sataun
anu taya cacadna naon-naon.
4 Dikurbankeunana isuk-isuk hiji, pabuburit
hiji,
5 tiap-tiapna kudu bari ngahaturkeun tipung
sakilo anu diadonan ku saliter minyak jetun
anu pangalusna.
6 Kitu anu kudu dihaturkeun saban poe sarta
kabeh kudu dibeuleum. Nya kurban kitu anu
pangheulana dihaturkeun di Gunung Sinai
teh, angseuna nyukakeun manah PANGERAN.
7 Anak domba anu dikurbankeun isuk-
isuk kudu jeung kurban anggur saliter,
dikucurkeun kana altar.
8 Sorena kurbankeun domba anu hiji deui
cara kurban anu isuk-isuk, dibarengan
ku cianggur. Eta oge kurban kadaharan,
angseuna baris kagalih ku PANGERAN.
9 Saban poe Sabat kudu ngurbankeun dua
anak domba jalu umur sataun anu taya
cacadna naon-naon. Kudu make kurban
kadaharan, tipung dua kilo diadonan ku
minyak jetun, jeung kurban anggur.
10 Ieu kurban beuleuman dihaturkeunana
kudu saban poe Sabat, jadi panambah
kana kurban sapopoe, bareng jeung kurban
cianggurna.
11 Unggal tanggal hiji tiap bulan kudu
ngahaturkeun ka PANGERAN keur kurban
beuleuman: dua sapi jalu ngora, hiji domba

jalu, tujuh anak domba jalu anu sataunan,
kabeh ulah aya cacad naon-naon.
12 Pikeun kurban kadaharanana tipung
diadonan ku minyak jetun, reana: tilu kilo
pikeun tiap sapi, dua kilo pikeun domba,
13 sakilo pikeun tiap anak domba. Ieu kabeh
kurban beuleuman teh jadi kurban kadaharan,
angseuna matak sedep ka PANGERAN.
14 Kudu make kurban anggur, dua liter
pikeun tiap sapi, saliter satengah pikeun tiap
domba, saliter pikeun tiap anak domba. Kitu
pikukuh kurban beuleuman unggal-unggal
tanggal hiji saban bulan, sapanjang taun.
15 Jeung pikeun panambah kana kurban
beuleuman anu sapopoe, kudu ngurbankeun
hiji embe badot pikeun kurban dosa make
kurban anggur.
16 Pesta Paska diayakeunana dina tanggal
opat welas bulan kahiji, pikeun ngamulyakeun
ka PANGERAN.
17 Dina tanggal lima welasna kudu
ngamimitian pesta kaagamaan anu lilana
tujuh poe. Sajeroning kitu dahar teh kudu roti
anu teu make ragi.
18 Dina poean mimiti kudu ngadegkeun
kumpulan ngabakti, jeung teu meunang
digarawe.
19 Kudu mupundutan ka PANGERAN kurban
beuleuman anu dijieun kurban kadaharan,
nya eta: dua sapi jalu ngora, hiji domba jalu,

jeung tujuh anak domba jalu umur sataunan,
kabeh ulah aya cacadna naon-naon.
20 Kurban kadaharanana kudu make tipung
anu diadonan ku minyak jetun, reana: Pikeun
tiap sapi tilu kilo, pikeun domba jalu dua kilo,
21 pikeun tiap domba sakilo.
22 Kudu jeung kurban pamupus dosa, nya
eta hiji embe badot, pikeun nyirnakeun dosa
jalma rea.
23 Eta kurban-kurban teh jadi panambah
kana kurban beuleuman anu saban isuk tea.
24 Jeung salila tujuh poe eta kudu
ngahaturkeun kurban kadaharan baris
aangseuan anu matak sedep ka PANGERAN,
keur panambah kana kurban beuleuman
jeung kurban anggur anu sapopoe.
25 Dina katujuh poena kudu ngadegkeun deui
kumpulan ngabakti sarta henteu meunang
digarawe.
26 Dina Pesta Panen poe kahiji, bari
nyanggakeun gandum anyar ka PANGERAN,
maraneh kudu ngadegkeun kumpulan
ngabakti jeung teu meunang digarawe.
27 Poe eta kudu nyanggakeun kurban
beuleuman pikeun aangseuan anu matak
sedep ka PANGERAN, nya eta: dua sapi jalu
ngora, hiji domba jalu, jeung tujuh anak
domba jalu anu umur sataunan, kabeh ulah
aya cacadna naon-naon.

28 Kudu make kurban kadaharan tina tipung
anu diadonan ku minyak jetun, reana: Pikeun
tiap sapi tilu kilo, pikeun tiap domba dua kilo,
29 pikeun tiap anak domba sakilo.
30 Jeung kudu make kurban dosa pikeun
nyirnakeun dosa jalma rea, hiji embe badot.
Ku cara kitu maraneh ngajalankeun upacara
mupus dosa umat.
31 Eta kurban-kurban jeung kurban
cianggurna jadi panambah kana kurban
beuleuman jeung kurban kadaharan anu
sapopoe.
29 1 Dina tanggal hiji bulan katujuh
maraneh kudu ngadegkeun kumpulan
ngabakti jeung teu meunang digarawe. Poe
eta tarompet-tarompet kudu ditiup.
2 Kudu ngahaturkeun kurban beuleuman
baris aangseuan anu matak sedep ka
PANGERAN: hiji sapi jalu ngora, hiji
domba jalu, jeung tujuh anak domba jalu
umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna
naon-naon.
3 Kudu make kurban kadaharan tina tipung
anu diadonan ku minyak jetun, reana: tilu
kilo pikeun sapi, dua kilo pikeun domba jalu,
4 sakilo pikeun tiap anak domba.
5 Jeung kudu make kurban pamupus dosa
pikeun nyirnakeun dosa jalma rea, hiji embe
badot.
6 Sanggakeun eta kurban-kurban teh, jadi
panambah kana kurban beuleuman, kurban

anggur jeung kurban kadaharan anu sapopoe,
pikeun aangseuan anu matak sedep ka
PANGERAN.
7 Dina tanggal sapuluh bulan katujuh
kudu ngadegkeun kumpulan ngabakti, teu
meunang barang dahar naon-naon jeung teu
meunang digarawe.
8 Kudu nyanggakeun kurban beuleuman
pikeun aangseuan anu matak sedep ka
PANGERAN, nya eta: hiji sapi jalu ngora, hiji
domba jalu, jeung tujuh anak domba jalu
umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna
naon-naon.
9 Kudu make kurban kadaharan tina tipung
anu diadonan ku minyak jetun, reana: tilu
kilo pikeun sapi, dua kilo pikeun domba,
10 sakilo pikeun tiap anak domba.
11 Jeung deui kudu ngahaturkeun embe jalu
hiji pikeun upacara pamupus dosa umat,
sajaba ti kurban pamupus dosa, kurban
beuleuman, kurban asongan jeung kurban
cianggur anu dihaturkeun dina poe eta.
12 Dina tanggal lima welas bulan katujuh
kudu ngadegkeun kumpulan ngabakti. Ieu
pesta pikeun ngamulyakeun PANGERAN,
lilana tujuh poe jeung teu meunang digarawe.
13 Dina poe ngamimitianana kudu
nyanggakeun kurban kadaharan pikeun
aangseuan anu matak sedep ka PANGERAN,
nya eta: Tilu welas sapi ngora jalu, dua
domba jalu, jeung opat welas anak domba

jalu umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna naon-naon.
14 Kudu make kurban kadaharan tina tipung anu diadonan ku minyak jetun, reana: tilu kilo pikeun tiap sapi, dua kilo pikeun tiap domba,
15 sakilo pikeun tiap anak domba, ditambah ku kurban anggur.
16 Jeung kudu make kurban pamupus dosa, hiji embe badot. Sanggakeun eta kurban-kurban teh pikeun panambah kana kurban beuleuman, kurban kadaharan jeung kurban anggur anu sapopoe.
17 Poe kaduana kudu nyanggakeun dua welas sapi jalu ngora, dua domba jalu, jeung opat welas anak domba jalu umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna naon-naon.
18 (29:18-19) Jaba ti eta kudu make kurban-kurban sejen saperti anu disanggakeun dina poe kahiji.
19 (29:18)
20 Poe katiluna kudu nyanggakeun sawelas sapi jalu ngora, dua domba jalu, jeung opat welas anak domba jalu umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna naon-naon.
21 (29:21-22) Jaba ti eta kudu make kurban-kurban sejen saperti anu disanggakeun dina poe kahiji.
22 (29:21)
23 Poe kaopat kudu nyanggakeun sapuluh sapi jalu ngora, dua domba jalu, jeung opat

welas anak domba jalu umur sataunan, kabeh
ulah aya cacadna naon-naon.
24 (29:24-25) Jaba ti eta kudu make kurban-
kurban sejen saperti anu disanggakeun dina
poe kahiji.
25 (29:24)
26 Poe kalima kudu nyanggakeun salapan
sapi jalu ngora, dua domba jalu, jeung opat
welas anak domba jalu umur sataunan, kabeh
ulah aya cacadna naon-naon.
27 (29:27-28) Jaba ti eta kudu make kurban-
kurban sejen saperti anu dikurbankeun dina
poe kahiji.
28 (29:27)
29 Poe kagenep kudu nyanggakeun dalapan
sapi jalu ngora, dua domba jalu, jeung opat
welas anak domba jalu umur sataunan, kabeh
ulah aya cacadna naon-naon.
30 (29:30-31) Jaba ti eta kudu make kurban-
kurban sejen saperti anu dikurbankeun dina
poe kahiji.
31 (29:30)
32 Poe katujuh kudu nyanggakeun tujuh sapi
jalu ngora, dua domba jalu, jeung opat welas
anak domba jalu umur sataunan, kabeh ulah
aya cacadna naon-naon.
33 (29:33-34) Jaba ti eta kudu make kurban-
kurban sejen saperti anu dikurbankeun dina
poe kahiji.
34 (29:33)

35 Poe kadalapan kudu ngadegkeun
kumpulan ngabakti, jeung teu meunang
digarawe.
36 Kudu nyanggakeun kurban beuleuman
pikeun aangseuan anu matak sedep
ka PANGERAN: hiji sapi jalu ngora, hiji
domba jalu, jeung tujuh anak domba jalu
umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna
naon-naon.
37 (29:37-38) Jaba ti eta kudu make
kurban-kurban saperti anu dikurbankeun dina
poe kahiji.
38 (29:37)
39 Kitu pikukuhna hal kurban beuleuman,
kurban kadaharan, kurban anggur, jeung
kurban panarima anu ku maraneh kudu
disanggakeun ka PANGERAN dina saban-
saban poe pesta maraneh. Eta kabeh jadi
panambah kana kurban pikeun nekanan
panadaran jeung kurban ku karana andon
suka.
40 Sagala timbalan PANGERAN tea ku Musa
diumumkeun ka sakumna urang Israil.
30 1 Musa ngumumkeun ieu parentah-
parentah pikeun para kapala
kaom-kaom Israil:
2 Upama aya anu kaluar nadar seja barang
sanggakeun ka PANGERAN, atawa sumpah
turun pacaduan, sagala anu diikrarkeunana
teu meunang dicabut deui, kudu ditekanan.

3 Budak parawan anu cicing di bapana
keneh, lamun nyieun panadaran seja barang
sanggakeun ka PANGERAN, atawa sumpah
turun pacaduan,
4 sagala anu diikrarkeun dina panadaranana
kitu deui sumpah pacaduanana kudu
ditekanan, kajaba lamun bapana
ngadengeeun seug henteu panujueun.
5 Lamun bapana sanggeus nyahoeun seug
henteu nyatujuan kana panadaranana, eta
panadaranana henteu kudu ditekanan, sarta
ku PANGERAN ge baris dihampura lantaran
bapana henteu satuju.
6 Awewe anu keur tacan kawinna
ngucapkeun panadaran, boh niat enya-enya
boh sambarangan kitu bae, atawa sumpah
turun pacaduan, geus kitu heug kawin,
7 sagala anu diikrarkeun dina panadaranana
kitu deui sumpah pacaduanana kudu
ditekanan, kajaba lamun salakina sanggeus
ngadenge hal eta henteu satujueun.
8 Lamun salakina sanggeus ngadenge hal eta
henteu satujueun, henteu kudu, ditekanan,
sarta ku PANGERAN ge baris dihampura.
9 Randa atawa awewe anu geus ditalak,
sagala anu diikrarkeun dina panadaranana
atawa sumpah pacaduanana kudu ditekanan.
10 Awewe anu boga salaki seug boga
panadaran atawa sumpah turun pacaduan,
11 kudu nekanan sagala anu diikrarkeun dina
panadaranana atawa sumpah pacaduanana,

kajaba lamun salakina sanggeus nyahoeun
hal eta henteu nyatujuan.
12 Lamun salakina sanggeus nyahoeun seug
henteu nyatujuan kana panadaranana, henteu
kudu ditedunan. Ku PANGERAN ge bakal
dihampura, lantaran dicegah ku salakina.
13 Salakina boga hak neguhkeun atawa
ngabatalkeun panadaranana atawa sumpah
pacaduanana.
14 Tapi upama sanggeus ngadengeeun
panadaranana henteu terus ngalarang
naon-naon, eta panadaran atawa sumpah
pacaduanana teh kudu ditedunan. Upama
salakina dina poean ngadenge eta panadaran
teh henteu terus ngalarang, eta sarua jeung
nguatkeun panadaran pamajikanana.
15 Tapi upama saterusna salakina teh
ngabatalkeun panadaran pamajikanana,
balukarna baris keuna ka salakina, lantaran
geus ngabatalkeun eta panadaran.
16 Kitu pikukuh ti PANGERAN anu
diandikakeun ka Musa ngeunaan panadaran-
panadaran anu diucapkeun ku awewe anu
can boga salaki anu cicing di bapana keneh,
kitu deui pikeun awewe anu geus boga salaki.
31 1 PANGERAN ngandika ka Musa,
2 "Bales bangsa Midian, lantaran tina
kalakuanana ka Israil. Sanggeus perang
beres, maneh ku Kami bakal dipundut."

3 Seug Musa marentah ka urang Israil,
"Geura darangdan, perangan urang Midian,
ngabales kalakuanana ka PANGERAN.
4 Tiap kaom kudu nginditkeun sarebu
prajurit."
5 Dua welas rebu prajurit geus sadia perang,
ti saban kaom sarebu prajurit.
6 Ku Musa terus diinditkeun, dipingpin
ku Pinehas putra Imam Elasar anu nyikep
pakakas suci jeung tarompet-tarompet pikeun
mere tangara.
7 Der Midian ditarajang sakumaha timbalan
PANGERAN, lalakina kabeh dipaehan,
8 kaasup lima urang raja Midian: Ewi, Rekem,
Sur, Hur, jeung Reba. Anak lalaki Balhum bin
Beor oge dipaehan.
9 Awewe-awewe jeung barudak diboyong,
ingon-ingon sapi, domba jeung sagala harta
bandana ku urang Israil dijarah,
10 kota-kota jeung kampung-kampungna
dihuru.
11 Barang-barang jarahan, para boyongan
jeung ingon-ingonna dibawa balik,
12 sanggakeuneun ka Musa, Elasar
jeung sakumna bangsa Israil anu keur
masanggrahan di hiji tanah lempar di Moab
peuntaseun Walungan Yordan deukeut kota
Yeriho.
13 Musa, Elasar, jeung para kapala lianna
kaluar ti pasanggrahan mapag balad anu
mulang.

14 Tapi perwira-perwirana, para pamingpin
pasukan jeung para pamingpin prajurit ku
Musa diseuseul,
15 saurna, "Ku naon eta awewe-awewe teh
diharirupan?
16 Kapan maranehna anu geus nyasabkeun
urang di Peor teh ku tarekahna Balhum,
nepi ka bangsa urang murtad ti PANGERAN,
balukarna umat PANGERAN cilaka ku balahi.
17 Ku sabab kitu, barudak lalaki jeung
awewe-awewe anu geus disorang ku lalaki
paehan kabeh!
18 Barudak awewe jeung parawan-parawanna
hirupan ajang maraneh.
19 Ayeuna sakur anu tas maehan atawa tas
antel kana mayit, saheulaanan kudu tetep
di luar pasanggrahan, tujuh poe lilana. Mun
geus tilu poe jeung dina katujuh poena kudu
susuci. Awewe-awewe boyongan oge kudu
disucikeun heula.
20 Jaba ti susuci awak, papakean jeung
barang-barang tina kulit, tina bulu embe
atawa tina kai kudu disucikeun."
21 Ti dinya Elasar sasauran ka para prajurit,
"Kieu pikukuh ti PANGERAN anu diandikakeun
ka Bapa Musa:
22 (31:22-23) Sakabeh barang anu tahan
ku seuneu kayaning emas, perak, parunggu,
beusi, timah bodas jeung timah hideung,
kudu disucikeun, nya eta dideangkeun kana

seuneu. Sagala barang kudu disucikeun ku
cai upacara paranti nyucikeun.
23 (31:22)
24 Dina poe katujuhna kudu nyareuseuh
pakean. Geus kitu kakara maraneh
saletra deui sarta meunang arasup ka
pasanggrahan."
25 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
26 "Barang-barang jarahan, kaasup oge
para boyongan jeung sasatoanana, itung ku
maneh jeung Elasar jeung para kapala lianna.
27 Tuluy bagi dua, sagalana sing sarua. Nu
sabagian bikeun ka para prajurit, sabagian
deui bikeun ka jalma rea.
28 Anu para prajurit kudu dicuke
haturkeuneun ka PANGERAN, tina tiap lima
ratus jelema boyongan cokot saurang. Kitu
keneh halna ngeunaan sapi, kalde, domba,
jeung embe.
29 Serenkeun ka Imam Elasar keur pangbakti
husus ka PANGERAN.
30 Cuke tina bagian jalma rea, tiap lima
puluh jalma boyongan cokot saurang. Kitu
keneh halna ngeunaan sapi, kalde, domba
jeung embe. Serenkeun ka urang Lewi anu
digarawe di Kemah PANGERAN."
31 Sagala timbalan PANGERAN ku Musa
jeung Elasar dijalankeun.
32 (31:32-35) Ieu daptar jarahan para
prajurit, kajaba ti anu jadi bagianana

sorangan: 675.000 domba jeung embe,
72.000 sapi, 61.000 kalde, 32.000 parawan.
33 (31:32)
34 (31:32)
35 (31:32)
36 (31:36-40) Sanggeus dibagi dua bagian,
bagian para prajurit nya eta 337.500
domba jeung embe, dicokot 675 pikeun
haturkeuneun ka PANGERAN; 36.000 sapi anu
prajurit dicokot 72 keur pangbakti husus ka
PANGERAN; 30.500 kalde anu prajurit dicokot
61 keur pangbakti husus ka PANGERAN,
jeung 16.000 parawan anu prajurit dicokot 32
urang keur pangbakti husus ka PANGERAN.
37 (31:36)
38 (31:36)
39 (31:36)
40 (31:36)
41 Eta pangbakti husus ku Musa diserenkeun
ka Imam Elasar supaya disanggakeun ka
PANGERAN sakumaha timbalan Mantenna.
42 (31:42-46) Bagian jalma rea oge lobana
sarua jeung bagian para prajurit: 337.500
domba jeung embe, 36.000 sapi, 30.500
kalde, jeung 16.000 parawan.
43 (31:42)
44 (31:42)
45 (31:42)
46 (31:42)
47 Tina tiap 50 urang jalma boyongan ku
Musa dicandak saurang, kitu keneh halna

ngeunaan sasatoan, sarta sakumaha timbalan PANGERAN ku anjeunna diserenkeun ka urang Lewi anu digarawe di Kemah PANGERAN.
48 Geus kitu para perwira anu mingpin para prajurit ngadareuheus ka Musa,
49 nyanggakeun laporan, "Bapa, para prajurit cangkingan abdi sadaya parantos dietang, berekah hiji ge teu aya nu kasambut.
50 Ku margi kitu ieu abdi-abdi masing-masing nyanggakeun perhiasan-perhiasan tina emas, rupi kilat bahu, pinggel, lelepen, anting sareng kangkalung. Seja kasanggakeun ka pangersa PANGERAN, tawis tumarima rehing Mantenna parantos nangtayungan nyawa abdi-abdi, dugi ka sadayana wilujeng teu sawios-wios."
51 Eta emas anu geus jadi perhiasan-perhiasan ku Musa jeung Elasar ditampi.
52 Tuluy dibilang, beuratna meh 200 kilogram.
53 Ari nu lain perwira mah beubeunanganana teh ngan keur masing-masing dirina bae.
54 Barang-barang anu disanggakeun ku para perwira ku Musa jeung Elasar dicandak ka Kemah Suci, supaya PANGERAN kersa ngaraksa ka urang Israil.

32 1 Kaom Rubin jeung kaom Gad boga ingon-ingon kacida lobana. Barang narenjo tanah Yaser jeung tanah Gilad kacida alusna pikeun ingon-ingon,

2 tuluy ngadareuheus ka Musa, Elasar jeung
para kapala lianna, sarta arunjukan,
3 (32:3-4) "Nun, ieu wewengkon parantos
kacepeng ku urang Israil berkah pitulung
PANGERAN. Tanah-tanah Atarot, Dibon, Yaser,
Nimra, Hesbon, Elale, Sibma, Nebo sareng
Beon, kalintang saena kangge ingon-ingon.
Ku margi abdi-abdi gaduh ingon-ingon sakitu
seueurna,
4 (32:3)
5 manawi karujukan ieu wewengkon bade
disuhunkeun jadi tanah milik. Sareng
abdi-abdi mugi ulah dipiwarang nyicingan
wewengkon peuntaseun Walungan Yordan."
6 Ku Musa diwaler, "Baruk harayang cicing di
dieu, arek tarega ka papada urang Israil nu
maraju perang?
7 Warani nya maraneh ngaleuleutik hate
urang Israil sina ulah mareuntasan Walungan
Yordan ka tanah anu geus diajangkeun ku
PANGERAN?
8 Nya kitu kalakuan kolot-kolot maraneh
oge basa ku kami diutus ti Kades Barnea
nalengteng kaayaan eta tanah.
9 Sanggeus daratang ka Lebak Eskol tanah
teh ku maranehna diilik-ilik. Tapi ari geus
marulang bet ngaleuleutik hate jalma
rea, nyaram asup ka eta tanah anu geus
dipaparinkeun ku PANGERAN.
10 Temahna PANGERAN wera nepi ka
nimbalan kieu:

11 Kami sumpah, ku sabab maranehna
henteu junun satuhuna ka Kami, mana sakur
anu budal ti Mesir, anu umurna dua puluh
taun atawa leuwih, saurang ge moal aya anu
asup ka tanah anu ku Kami geus dijangjikeun
ka Ibrahim, Ishak, jeung Yakub.
12 Keunana ka sarerea, ka unggal jelema,
kajaba Kaleb bin Yepune urang Kenas jeung
Yosua bin Nun. Ieu mah duaan junun satuhu
ka PANGERAN.
13 Ku sabab PANGERAN wera, urang Israil
disina kukulibekan di tanah gurun opat
puluh taun, nepi ka jelema-jelema anu geus
ngajengkelkeun manah-Na paraeh kabeh.
14 Ayeuna bet maraneh, jalma-jalma doraka
jaman kiwari, nurutan kagorengan kolot-
kolot, rek nyieun deui bebendu PANGERAN ka
urang Israil.
15 Lamun maraneh, urang Rubin jeung
urang Gad, rek teu narurut ka Mantenna
nepi ka sakumna bangsa Israil ku Mantenna
ditilarkeun deui di tanah gurun nepi ka balahi,
maraneh anu kudu tanggung jawab."
16 Eta jelema-jelema ngised marekna
ka Musa, arunjukan deui, "Asal diwidian
ngadamel karapyak bae heula kanggo ingon-
ingon sareng ngabenteng kampung-kampung
kanggo barudak.
17 Saparantos kitu, seja pisan ngiring sareng
sasami urang Israil majeng perang, seja
tarung pangpayunna dugi ka eta tanah

kajabel sareng kacicingan ku dulur-dulur.
Sabot abdi-abdi perang, barudak kedah
matuh heula di tempat anu parantos
dibenteng, supados aman tina gangguan
urang dieu.
18 Samemeh dulur-dulur sabangsa Israil
tiasa ngarebut eta tanah anu parantos
ditangtoskeun pikeun aranjeunna, abdi-abdi
moal waka marulang.
19 Abdi sadaya moal ngiring ngagaduh-gaduh
tanah peuntaseun Walungan Yordan, da
parantos garaduh di dieu di wetaneunana."
20 Waler Musa, "Upama bener kitu,
tembongkeun ayeuna di payuneun
PANGERAN yen maraneh sadia maju perang.
21 Kabeh prajurit maraneh sina mareuntasan
Walungan Yordan. Dibawah aturan PANGERAN
pek ka ditu gempur musuh urang nepi ka
musuh taluk ka Mantenna,
22 nepi ka tanah milikna karebut. Upama
geus kitu hutang jangji maraneh ka
PANGERAN jeung ka papada urang Israil
lunas, kakara maraneh meunang mulang. Ti
dinya ieu tanah wetaneun Walungan Yordan
bakal disahkeun jadi tanah milik maraneh.
23 Sabalikna lamun maraneh jalir jangji, bapa
ngingetan yen eta teh dosa ka PANGERAN.
Ulah nyieun kasalahan, sabab lamun nepi ka
dosa tan wande maraneh meunang siksa!

24 Ayeuna heug bisi rek ngadegkeun
pakampungan jeung nyarieun karapyak mah.
Tapi jangji kudu ditedunan!"
25 Jawab urang Gad jeung urang Rubin,
"Seja diestokeun.
26 Pun bojo, barudak, sareng ingon-ingon
sina di darieu di Gilad.
27 Abdi-abdi sadaya majeng jurit dibawah
PANGERAN, seja perang meuntasan Walungan
Yordan ngestokeun pilahir Bapa."
28 Geus kitu Musa ngalahir ka Elasar, ka
Yosua, jeung ka para kapala lianna,
29 "Upama enya urang Gad jeung urang
Rubin mareuntasan Walungan Yordan maju
perang dibawah PANGERAN, sarta upama
maraneh bisa ngarebut eta tanah karana
dibantu ku maranehna, bikeun tanah Gilad ka
maranehna jadi tanah milikna.
30 Tapi upama maranehna henteu marilu
meuntas, henteu milu maju perang mantuan
maraneh, engke bere tanah milik di Kanaan
bae sakumaha halna maraneh."
31 Ceuk urang Gad jeung urang Rubin,
"Bapa, abdi sadaya sumeja tumut kana
timbalan PANGERAN.
32 Dibawah Mantenna abdi-abdi sumeja
mareuntas muru perang ka tanah Kanaan.
Teu aya sanes mung supados tiasa mageuhan
tanah anu ieu, wetaneun Walungan Yordan."
33 Ti dinya kaom Gad, kaom Rubin, jeung
kaom Menase anu saparona, ku Musa

diajangan sakuliah wewengkon karajaan Raja Sihon urang Emor jeung wewengkon karajaan Raja Og urang Basan, ngawengku desa-desa jeung kampung-kampung sakurilingna.
34 Kaom Gad ngomean deui kuta-kuta kota Dibon, Atarot, Arur,
35 Atrot Sopan, Yaser, Yogbeha,
36 Bet Nimra, jeung Bet Haran.
37 Urang Rubin ngomean kota-kota Hesbon, Elale, Kiryataim,
38 Nebo, Baal Meon (ieu ngaran meunang ngarobah), jeung Sibma. Kabeh ngaran-ngaran kota sanggeus anggeus diadegkeun deui diganti.
39 Kaom Mahir bin Menase ngarurug tanah Gilad nepi ka bisa kaandih. Urang Emor anu maratuh di dinya disingkirkeun.
40 Nya tuluy kaom Mahir ku Musa dipaparin tanah Gilad, seug maratuh di dinya.
41 Yair, putra Menase keneh, ngarebut sababaraha desa, terus dingaranan "Desa-desa Yair".
42 Nobah ngarurug jeung ngarebut Kenat jeung desa-desana seug eta tempat-tempat dingaranan Nobah, ngalap ngaranna sorangan.

33 1 Ieu catetan ngaran-ngaran tempat anu ku kaom-kaom Israil dipake masanggrahan sanggeus maranehna budal ti Mesir, dijejeran ku Musa jeung Harun.

2 Unggal tempat anu dipake masanggrahan,
ku PANGERAN dipiwarang dicatet ku Musa.
3 Urang Israil budalna ti Mesir tanggal
lima welas bulan kahiji taun budalanana,
sapoe ti saentos Paska anu mimiti. Dibawah
pangraksa PANGERAN urang Israil budal ti
Raamses bari diarawaskeun ku urang Mesir,
4 anu harita keur ngaluburkeun anak-anak
cikalna anu dipaehan ku PANGERAN. Ku
midamel kitu PANGERAN teh mintonkeun
kakawasaana-Na, ngabuktikeun yen
Mantenna langkung-langkung kawasa ti batan
allah-allah urang Mesir.
5 Sanggeus kaluar ti Raamses, urang Israil
masanggrahan di Sukot.
6 Maju deui, masanggrahan di Etam sisi
tanah gurun.
7 Ti dinya malik ka Pi Hahirot wetaneun Baal
Sepon, masanggrahan deukeut Migdol.
8 Ti Pi Hahirot mareuntas nerus Laut
Beureum terus asup ka Gurun Keusik Sur.
Sanggeus ngetrik meunang tilu poe seug
masanggrahan di Mara.
9 Ti dinya terus ka Elim seug masanggrahan,
sabab di dinya aya dua welas cinyusu jeung
tujuh tangkal korma.
10 Ti Elim maju deui terus masanggrahan
deukeut Teluk Sues.
11 Maju deui terus masanggrahan di Gurun
Keusik Sin.
12 Ti dinya masanggrahan di Dopka,

13 tuluy masanggrahan deui di Alus,
14 terus ka Repidim. Di dieu teu maranggih
cai keur nginum.
15 (33:15-37) Ti Repidim terus ka
Gunung Hor. Tempat-tempat anu dipake
masanggrahanana nya eta: Gurun Keusik
Sinai, Kibrot Taawa, hartina: "Kuburan
Kahawekan", Haserot, Ritma, Rimon Peres,
Libna, Risa, Kehelata, Gunung Seper, Harada,
Mahelot, Tahat, Terah, Mitka, Hasmona,
Moserot, Bene Yaakan, Hor Hagidgad,
Yotbata, Abrona, Esion Geber, Gurun Keusik
Sin (nya eta Kades), jeung Gunung Hor di
tungtung tanah Edom.
16 (33:15)
17 (33:15)
18 (33:15)
19 (33:15)
20 (33:15)
21 (33:15)
22 (33:15)
23 (33:15)
24 (33:15)
25 (33:15)
26 (33:15)
27 (33:15)
28 (33:15)
29 (33:15)
30 (33:15)
31 (33:15)
32 (33:15)

33 (33:15)
34 (33:15)
35 (33:15)
36 (33:15)
37 (33:15)
38 (33:38-39) Ari Imam Harun ku PANGERAN dipiwarang unggah ka Gunung Hor, seug pupus di dinya dina yuswa 123 taun, dina tanggal hiji bulan kalima, taun kaopat puluh sabudalna urang Israil ti Mesir.
39 (33:38)
40 Geus kitu Raja Arad di Kanaan kidul meunang beja datangna urang Israil.
41 (33:41-49) Ti Gunung Hor urang Israil muru tanah-tanah lempar di Moab. Tempat masanggrahanana nya eta: Salmona, Punon, Obot, ruruntuhan Abarim di wewengkon Moab, Dibon Gad, Almon Diblataim, Pagunungan Abarim deukeut Gunung Nebo, jeung di tanah-tanah lempar wewengkon Moab peuntaseun Walungan Yordan deukeut kota Yeriho, antara Bet Yesimot jeung Lebak Sitim.
42 (33:41)
43 (33:41)
44 (33:41)
45 (33:41)
46 (33:41)
47 (33:41)
48 (33:41)
49 (33:41)

50 Di hiji padataran di Moab peuntaseun
Yordan palebah Yeriho, PANGERAN nimbalan
deui ka Musa,
51 ngandikakeun parentah-parentah pikeun
urang Israil, "Sanggeus maraneh meuntasan
Yordan asup ka tanah Kanaan,
52 pribumina singkirkeun, brahala-brahalana
tina batu jeung logam, kitu deui tempat-
tempat pamujaanana tumpurkeun.
53 Andih eta tanah seug caricingan, memang
ajang maraneh ti Kami.
54 Bagikeun ka unggal kaom jeung kaom-
kaomna, lotrekeun. Anu lega jang anu cacah
jiwana loba, anu heureutan jang anu cacah
jiwana saeutikan.
55 Sabalikna lamun sesa pribumina nu
harirup keneh ku maraneh henteu diusir,
engkena tangtu nyusahkeun, bakal jadi cucuk
panon, bakal ngagitik ti sisi ti gigir, bakal
hudang ngalawan.
56 Jeung saupama ku maraneh teu diusir,
maraneh ku Kami tangtu dibasmi moal beda
ti maranehna."
34 1 PANGERAN ngandika deui ka Musa,
2 ngandikakeun ieu parentah pikeun
urang Israil, "Di mana maraneh geus
arasup ka Kanaan, tanah anu ku Kami rek
dipaparinkeun, wawatesan eta tanah teh
bakal kieu:

3 Di beulah kidul watesna ti tanah gurun Sin
malipid di sapanjang tanah Edom, mimiti ti
wetan tungtung kidul Laut Paeh.
4 Ti dinya mengkol ngidul ka jalan Akrabim
parat ngaliwatan Sin nepi ka Kades Barnea di
kidul. Ti dinya nyela bumi ngaler ngulon nepi
ka Hasar Adar terus ka Asmon,
5 mengkol ka lebak di wates tanah Mesir,
anggeus di basisir Laut Tengah.
6 Di beulah kulon watesna Laut Tengah.
7 Di beulah kaler watesna mimiti ti basisir
Laut Tengah terus mapay nepi ka Gunung
Hor.
8 Ti dinya terus ka jalan Hamat, terus keneh
nepi ka Sedad,
9 terus ka Sipron, anggeus di Hasar Enan.
10 Di beulah wetan watesna mimiti ti Hasar
Enan terus mapay nepi ka Sepam.
11 Ti dinya mengkol ngidul ka Harbel di
wetaneun Ain, terus nepi ka pasir-pasir di
basisir Talaga Galilea beulah wetan,
12 tuluy ngidul mapay Walungan Yordan nepi
ka Laut Paeh. Bakal kitu opat wawatesan
tanah maraneh teh."
13 Geus kitu Musa ngalahir ka urang
Israil, "Ieu tanah pikeun maraneh teh.
Pek lotrekeun, sabab ku PANGERAN geus
diajangkeun pikeun salapan kaom jeung anu
satengah kaom deui.
14 Sabab kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom
Menase anu saparona geus baroga bagian

sarta geus dibagi-bagi nurutkeun saahli karuhunna masing-masing,
15 di peuntaseun Walungan Yordan beulah wetan nampeu ka Yeriho."
16 PANGERAN nimbalan deui ka Musa,
17 timbalana-Na, "Imam Elasar jeung Yosua bin Nun sina ngabagikeun ieu tanah ka urang Israil,
18 sina dibantuan ku para pamingpin ti tiap kaom."
19 (34:19-28) PANGERAN nangtoskeun jelema-jelemana nya eta: Ti Kaom-Pamingpinna; Yuda-Kaleb bin Yepune; Simeon-Selumi bin Amihud; Binyamin-Elidad bin Kislon; Dan-Buki bin Yogli; Menase-Haniel bin Epod; Epraim-Kemuel bin Siptan; Sebulun-Elisapan bin Parnak; Isaskar-Paltiel bin Asan; Aser-Ahihud bin Selomi; Naptali-Pedahel bin Amihud.
20 (34:19)
21 (34:19)
22 (34:19)
23 (34:19)
24 (34:19)
25 (34:19)
26 (34:19)
27 (34:19)
28 (34:19)
29 Sakitu jelema-jelema anu ku PANGERAN ditangtoskeun sina ngabagikeun tanah milik ka urang Israil di tanah Kanaan.

35 [1] Di padataran Moab peuntaseun
Yordan nampeu ka Yeriho, PANGERAN
nimbalan deui ka Musa,
[2] "Parentahkeun ka urang Israil, sina marere
tempat ka urang Lewi di tanah milikna
masing-masing, boh kota-kota keur tempat
tinggalna, boh sampalan-sampalanana.
[3] Barere tempat urang Lewi teh keur
padumukanana, kitu deui sampalan-
sampalan keur sapi jeung ingon-ingon
sejenna.
[4] Ari tanah sampalanana kudu dibere ti
semet luareun kuta nagara, panjangna
ka kulon, ka wetan, ka kidul, ka kaler,
masing-masing kudu 450 meter,
[5] jadi pasagi anu panjang sisina masing-
masing 900 meter, di tengah-tengahna
pikeun kotana.
[6] Jeung urang Lewi teh kudu dibere genep
kota suaka, pigeusaneun kabur jelema anu
tas maehan teu kahaja. Jaba ti eta kudu
dibere opat puluh dua kota deui,
[7] jeung tanah-tanah sampalanana. Jadi
jumlahna opat puluh dalapan kota.
[8] Reana kota urang Lewi di saban kaom
gumantung kana legana wewengkon tiap
kaom."
[9] PANGERAN ngandika deui ka Musa
[10] pikeun urang Israil, "Di mana maraneh
geus meuntasan Walungan Yordan jeung geus
aya di tanah Kanaan,

11 kudu milih tempat-tempat anu cocog
dijieun kota suaka pikeun panglumpatan
jelema anu maehan teu dihaja.
12 Ari geus aya di dinya mah bisa salamet
tina pamales baraya jelema anu dipaehan tea.
Jelema anu dituduh maehan teu meunang
dipaehan lamun perkarana can dipariksa di
pangadilan umum.
13 Tangtukeun genep kota suaka,
14 tilu di wewengkon wetaneun Yordan, tilu
di tanah Kanaan.
15 Eta kota-kota suaka meunang dipake
nyalindung ku saha bae, ku urang Israil atawa
ku urang asing anu ngadon tetep di Israil
atawa anu ngan sawatara waktu. Saha bae
anu maehan teu dihaja, kudu muru salah
sahiji kota kitu.
16 (35:16-18) Anu maehan ku pakarang
tina beusi, batu atawa kayu, eta memang
maehan, kudu dipaehan.
17 (35:16)
18 (35:16)
19 Baraya landes jelema nu dipaehan tea
meunang maehan eta jelema. Lamun eta
jelema kapanggih, meunang dipaehan.
20 Kitu deui jelema anu ku sabab ceuceub
seug nyuntrungkeun atawa maledog nepi ka
paeh,
21 atawa nonjok batur nepi ka paeh, eta
memang maehan, kudu dipaehan. Baraya
landes jelema anu dipaehan tea meunang

maehan eta jelema. Lamun eta jelema kapanggih, meunang dipaehan.
22 Tapi bisa jadi aya anu teu kahaja maehan jelema anu teu dipikangewa, naha dibantingkeun atawa dibaledog ku naon bae.
23 Atawa bisa jadi aya anu ngaragragkeun batu teu barang tenjo heula, nepi ka ngalantarankeun jalma nu lain musuhna paeh, padahal taya maksud kitu.
24 Dina hal-hal kawas kitu, jalma anu maehan teh kudu dibawa ka pangadilan umum. Pangadilan umum kudu ngabela, ulah mihak ka baraya anu maot anu niat ngabales.
25 Patina kudu dijait ku pangadilan umum, ulah dibikeun ka baraya jelema anu ku manehna dipaehan. Nya eta kudu dibawa deui ka kota suaka tempat nyalindungna, lilana nepi ka Imam Agung anu keur jeneng harita tilar dunya.
26 Tapi upama kaluar ti kota suaka panyalindunganana
27 sarta seug dipaehan ku baraya jelema anu dipaehan tea, eta nu ngabales teh hukumna lain maehan.
28 Ku sabab kitu anu boga dosa maehan teh kudu tetep aya di kota suaka panyalindunganana nepi ka Imam Agungna tilar dunya. Sanggeus kitu kakara meunang balik.
29 Ieu pikukuh teh pikeun maraneh turun-tumurun, di mana bae.

30 Jelema anu didakwa maehan, kakara
bisa dinyatakeun salah jeung dihukum
paeh, lamun perkarana bisa dibuktikeun ku
dua saksi. Saksi saurang teu cukup pikeun
ngabuktikeun yen eta dakwaan teh bener.
31 Anu maehan kudu dipaehan, sarta
hukumanana henteu bisa ditebus ku duit.
32 Jelema anu keur mubus di kota suaka teu
meunang diidinan mere duit ngarah diidinan
balik ka imahna, sapanjang Imam Agung can
tilar dunya.
33 Upama hal eta dirempak maraneh sarua
jeung nganajisan ieu tanah. Maehan teh
nganajiskeun ieu tanah. Taya jalan pikeun
nyucikeunana deui iwal ti ku pati jelema anu
maehan tea.
34 Jadi pacuan maraneh nganajisan ieu tanah
enggon maraneh, sabab Kami PANGERAN aya
di dieu jeung urang Israil."
36 1 Para kapala warga-warga kaom
Gilad bin Mahir bin Menase bin Yusup
ngadareuheus ka Musa jeung ka para kapala
lianna,
2 arunjukan, "Timbalan PANGERAN
kapungkur, Bapa kedah ngabagikeun tanah
ka urang Israil nganggo lotre. Sareng
timbalana-Na Bapa kedah maparin tanah
milik ka pun dulur Selopehad kanggo
anak-anakna anu awewe.
3 Mugi kaemut, upami maranehna kawin ka
kaom sanes, tanah milikna tangtos ragrag ka

eta kaom, ku margi kitu tanah milik abdi-abdi
tangtos jadi ngirangan.
4 Dina Taun Kasukaan, waktos nebusan
tanah-tanah milik anu parantos kaical
supados kapimilik deui ku nu gaduh asalna,
tanah-tanah milik anak-anak Selopehad
mah tangtos moal tiasa kapimilik deui, ku
kituna moal kaetangkeun kana bagian kaom
abdi-abdi deui da parantos jadi tanah milik
tetep kaom salakina."
5 Ti dinya Musa nyaurkeun timbalan
PANGERAN ka urang Israil. Saurna, "Bener
eta omongan kaom Menase teh.
6 Mana kieu timbalan PANGERAN: Anak-anak
Selopehad meunang boga salaki ka saha bae,
tapi kudu ka kaomna keneh.
7 Tanah milik satiap urang Israil kudu tetep
aya dina cangkingan kaomna masing-masing.
8 Unggal awewe anu boga warisan tanah
milik di hiji kaom Israil, kawinna kudu ka
lalaki ti kaom eta keneh, supaya unggal urang
Israil tetep ngabogaan warisan tanah milik
karuhunna,
9 ulah aya tanah milik anu pindah ti
kaom ieu ka kaom anu sejen. Tegesna
unggal kaom kudu mageuhan tanah milikna
masing-masing."
10 (36:10-11) Ku lantaran kitu, Mahla,
Tirsa, Hogla, Milka jeung Noa, anak-anak
Selopehad, karawinna teh ka lalaki ti kaomna
keneh, nurut kana timbalan PANGERAN anu

diandikakeun ka Musa tea. Karawinna teh ka
anak uana,
11 (36:10)
12 ka warga ti kaom Menase bin Yusup, jadi
tanah milikna tetep aya dina genggeman
kaom bapana.
13 Kitu aturan jeung pikukuh ti PANGERAN
ka urang Israil anu diandikakeun ka Musa di
padataran tanah Moab peuntaseun Walungan
Yordan deukeut nagara Yeriho.

Ulangan

1 [1] Ieu kitab muat pitutur Musa ka urang
Israil di tanah gurun di Lebak Yordan. Eta
tempat ayana di wetaneun Walungan Yordan,
deukeut Sup, antara Paran ti beulah ditu,
jeung Topel, Laban, Haserot, jeung Disahab
beulah dieu.
[2] (Ti Gunung Sinai nepi ka Kades Barnea,
make jalan liwat wewengkon Pagunungan
Edom, jauhna lalakon sabelas poe.)
[3] Dina taun ka opat puluh budalna urang
Israil ti Mesir, tanggal hiji bulan sawelas,
Musa nyaurkeun sagala timbalan PANGERAN
anu ku Mantenna dipiwarang ditepikeun ka
maranehna.
[4] Disaurkeunana sanggeusna PANGERAN
ngelehkeun Sihon raja urang Emor anu calik
di Hesbon, jeung ngelehkeun Og raja urang
Basan anu calik di Astarot jeung Edrei.
[5] Musa mimiti netelakeun hal hukum-hukum
jeung parentah-parentah PANGERAN di
wewengkon Moab, wetaneun Walungan
Yordan. Kieu saurna,
[6] "Bareto di Gunung Sinai, PANGERAN Allah
urang ngandika kieu: Maraneh di ieu gunung
geus kacida lilana.
[7] Geura bobongkar, geura parindah.
Jugjug pagunungan urang Emor jeung

tanah tatangga-tatanggana, Lebak Yordan,
pagununganana, tanah-tanah handapna,
pakidulanana, jeung basisir Laut Tengah.
Datangan tanah Kanaan, Pagunungan
Libanon, terus nepi ka cigede Walungan
Eprat.
8 Kami, PANGERAN, geus ikrar yen eta tanah
rek dibikeun ka karuhun maraneh, Ibrahim,
Ishak, jeung Yakub, terus turun-tumurun.
Geura tareang, tuluy caricingan!"
9 Saur Musa ka umat, "Bapa bareto di
Gunung Sinai geus nyebutkeun kawalahan
ngurus maraneh ku sorangan bae teh.
10 Maraneh, ku PANGERAN Allah maraneh
geus dijadikeun sakieu lobana lir bentang-
bentang di langit.
11 Mugi ku PANGERAN, Allah karuhun
maraneh sing dijadikeun sarebu kalieun ti
ayeuna, jeung masing marukti sakumaha
jangji Mantenna.
12 Tapi naha bisa Bapa ngurus perkara
maraneh ngan sorangan?
13 Mana ceuk Bapa, Bapa pangmilihkeun ti
saban kaom sawatara jalma anu bijaksana,
berbudi jeung boga pangalaman, rek diangkat
pikeun ngurus maraneh.
14 Jawab maraneh, Satuju, sae kitu.
15 Eta jalma-jalma anu palinter jeung loba
pangalaman beunang maraneh milih teh ku
Bapa ditarima, jaradi pangurus maraneh.
Cangkinganana aya nu sarebu urang, saratus

urang, lima puluh urang, sapuluh urang.
Jeung di sakabeh kaom, Bapa teh ngangkat
gegeden-gegeden.
16 Carek Bapa harita ka maranehna,
Dengekeun masing taliti sagala perkara
anu datang ti rahayat cangkingan maraneh.
Uruskeun perkarana sing adil, boh perkara
antara sasama bangsa, boh perkara jeung
urang asing anu caricing di urang.
17 Nyieun putusan kudu adil, nimbang-
nimbangna ulah beurat sabeulah, ulah pilih
bulu. Ulah serab ku sasaha, sabab putusan
maraneh teh asal ti Allah. Perkara anu ku
maraneh karasana beurat, teruskeun ka
Bapa, Bapa anu baris mutusna.
18 Jeung harita, maraneh ku Bapa dituduhan
sagala rupa pipetaeun."
19 "Bring urang arindit ti Gunung Sinai,
tumut timbalan PANGERAN Allah urang,
ngambah gurun keusik anu nya lega nya
matak sieun, make jalan pagunungan urang
Emor. Sanggeus nepi ka Kades Barnea,
20 (1:20-21) Bapa nyarita kieu, Ayeuna
maraneh geus nepi ka pagunungan urang
Emor, anu bakal dipaparinkeun ka urang ku
Gusti PANGERAN, Allah karuhun urang. Tuh
itu. Pek datangan, eusian, tumut timbalan
Mantenna. Ulah mangsar-mingsir, ulah sieun.
21 (1:20)
22 Tapi ceuk maraneh ka Bapa, Kedah aya
anu diutus ka ditu ti heula, pikeun nalengteng

kaayaan eta nagara, sareng anu engkena
kedah nungtun urang ka ditu nganggo jalan
anu pangamanna.
23 Ku sabab hal eta katimbang hade, Bapa
milih dua welas jelema, saurang ti saban
kaom.
24 Bral maranehna arindit ka pagunungan
nepi ka Lebak Eskol, nalengteng.
25 Baralikna deui bari mawa bubuahan asal
ti ditu, jeung mupulihkeun yen tanah anu ku
Gusti PANGERAN rek dipaparinkeun ka urang
teh lendo kabina-bina.
26 Tapi maraneh anggur ngalawan kana
timbalan PANGERAN Allah maraneh,
arembung terus ka ditu.
27 Jeung tinggelendeng pada batur, Urang
teh dipikageuleuh ku PANGERAN, dibawa ka
dieu ti Mesir teh rek diserenkeun ka urang
Emor, sina diparaehan.
28 Rek naraon ka daritu? Sieun urang mah!
Geuning ceuk anu tas ti daritu jelemana
leuwih baredas leuwih jarangkung ti urang,
caricingna jeroeun kuta anu luhurna nepi ka
langit. Anu katarenjo ku anu tas ti daritu teh
bangsa raksasa!
29 Ari ceuk Bapa, Tong sarieun ku urang ditu.
30 Maraneh bakal dituyun ku PANGERAN
Allah maraneh, bakal dipangmerangankeun
ku Mantenna, cara nu geus kaalaman ku
maraneh di Mesir,

31 jeung di gurun keusik. Ku maraneh kapan
karasa petaning Mantenna nyandak maraneh
sajajalan nepi ka dieu reujeung kasalametan,
mani kawas bapa mangku anak.
32 Tapi maraneh ti batan ngagugu kana
omongan Bapa anggur murugul, teu
ngarandel ka PANGERAN,
33 sangkilang geus bukti Mantenna salawasna
sok angkat heulaeun maraneh milari tempat
pikeun maraneh masanggrahan. Mantenna
nuduhkeun jalan, angkat hareupeun
maraneh, ti peuting dina tihang seuneu, ti
beurang dina tihang mega."
34 "Kadangueun ku PANGERAN yen maraneh
gegelendeng, sarta ku bawaning bendu nepi
ka nimbalan kieu,
35 Maraneh anu harirup ayeuna, saurang ge
moal aya anu piasupeun ka eta tanah anu
lendo, anu ku Kami geus diikrarkeun rek
dibikeun ka karuhun maraneh.
36 Ngan Kaleb bin Yepune anu piasupeun
ka ditu, lantaran tetep satuhu ka Kami. Eta
tanah anu ku manehna geus didongdon,
ku Kami rek dibikeun ka manehna jeung
turunan-turunanana.
37 Ku lantaran maraneh kitu, Bapa oge nepi
ka dibenduan ku PANGERAN, dawuhana-Na,
Maneh oge, Musa, hamo asup ka ditu.
38 Yosua bin Nun pangbantu maneh, deudeul
sumangetna, sabab manehna anu bakal
nungtun urang Israil ngandih eta tanah.

39 Sanggeus kitu PANGERAN ngandika
kieu ka urang, Anak-anak maraneh, anu
tacan nyaraho salah jeung bener dumeh
barudak keneh pisan, anu ceuk maraneh
bakal dicarerek ku urang ditu, malah nya
maranehna anu bakal arasup ka ditu.
Eta tanah teh jang maranehna, pikeun
pamatuhanana.
40 Sabalikna maraneh mah kudu baralik deui
ka wewengkon gurun keusik, make jalan anu
ka Teluk Akaba.
41 Tapi ceuk maraneh, Bapa Musa, kuring
tarima dosa ka PANGERAN. Ayeuna rek
narajang ka ditu, rek tumut kana timbalan
Gusti PANGERAN. Seug maraneh rurusuhan
arek arindit narajang, naksir eta tempat bakal
babari dirurugna.
42 Tapi PANGERAN nimbalan ka Bapa, Eta
jelema-jelema halangan, ulah dibikeun
ngarurug. Kami moal nyarengan, tangtu
maranehna tumpes ku musuh.
43 Timbalana-Na ku Bapa ditepikeun,
tapi maraneh henteu nurut, murugul ka
Mantenna, keukeuh ngarurug ka eta wilayah
pagunungan, nguntup.
44 Urang Emor budal ti nagarana, merul
kawas simeut, ngayonan maraneh. Maraneh
diudag-udag nepi ka Hormah, ahirna eleh di
wilayah pagunungan urang Emor.
45 Maraneh tingjarerit marenta tulung ka
PANGERAN, tapi teu didangu."

46 "Ti dinya, sanggeus lila urang mukim di
Kades Barnea,
2 1 tuluy malik ka urut, baralik deui ka
gurun keusik, make jalan anu ka Teluk
Akaba sakumaha timbalan PANGERAN. Urang
katahan di dinya kacida lilana, udar-ider
kuralang-kuriling di sabudeur wilayah
Pagunungan Emor.
2 Sanggeus kitu PANGERAN nimbalan ka
Bapa,
3 timbalana-Na urang teh geus meujeuhna
lila udar-ider di eta pagunungan, sarta urang
dipiwarang maju ka kaler.
4 Bapa dipiwarang nepikeun parentah-
parentah Mantenna ka maraneh, anu
kieu tea, Maraneh kudu ngambah wilayah
Pagunungan Edom, wewengkon bangsa
turunan Edom, baraya laer maraneh.
Maranehna bakal sarieuneun.
5 Tapi kahade ulah diperangan, sabab
tanahna sacangkewok oge ku Kami moal aya
anu dibikeun ka maneh. Tanah Edom ku Kami
geus dibikeun ka turunan Esau.
6 Keur dahareun jeung inumeun kudu
mareuli ka maranehna.
7 Sing aringet, kumaha PANGERAN Allah
maraneh ngaberkahan sagala panggawe
maraneh. Sajeroning maraneh udar-ider
di ieu gurun keusik anu sakieu legana, ku
Mantenna dijaga diraksa. Opat puluh taun
lilana maraneh terus disarengan, sagala

rupa pangabutuh maraneh ku Mantenna diayakeun.
8 Ti dinya urang arindit deui, ninggalkeun jalan anu jolna ti Elat jeung Esion Geber, ngajugjug ka Laut Paeh, tuluy mengkol ngaler ngetan ka palebah Moab.
9 PANGERAN ngandika ka Bapa, saur-Na, Urang Moab teh turunan Elut, ulah diperangan, ulah nyieun rusuh jeung eta. Nagara Ar ku Kami geus dibikeun ka maranehna, tanahna saluwuk ge moal aya anu ku Kami dibikeun ka maneh."
10 (Anu caricing di Ar tadina bangsa raksasa, disebutna bangsa Emim. Jarangkung gede kawas raksasa bangsa Enak.
11 Sarua jeung bangsa Enak, maranehna oge kasebutna mah urang Repaim. Tapi ku urang Moab mah disebutna bangsa Emim.
12 Ari anu caricing di Edom tadina urang Hor, tapi diusir kaluar ti dinya ku turunan Esau, bangsana ditumpes, tanahna diandih, kawas urang Israil engkena ngusir musuh-musuhna ti tanah anu ku PANGERAN dipaparinkeun ka maranehna.)
13 "Geus kitu urang meuntasan Walungan Sered sakumaha pituduh PANGERAN,
14 nya eta dina taun katilu puluh dalapan sabada urang ninggalkeun Kades Barnea. Prajurit-prajurit urang harita geus tariwas kabeh, tinekanan sakumaha timbalan PANGERAN.

15 Maranehna terus bae didamel lawan ku
PANGERAN, nepi ka ditumpesna sama sakali.
16 Sanggeus maranehna beak kabeh maraot,
17 PANGERAN ngandika kieu ka urang,
18 Poe ieu maraneh kudu meuntasan
wewengkon Moab, jalanna ka Ar.
19 Saterusna maraneh bakal narepi ka
deukeut tanah urang Amon turunan Elut.
Kahade, ulah nyieun rusuh jeung eta, ulah
merangan, sabab tanahna saluwuk oge ku
Kami moal aya anu dibikeun ka maraneh, ku
Kami geus dibikeun ka maranehna."
20 (Ieu wewengkon sok disebut oge tanah
Repaim, ngaran bangsa anu maratuh di dinya.
Ku urang Amon mah disebutna Samsumim;
21 jelemana jarangkung gede kawas
bangsa Enak, jumlahna loba, garagah. Tapi
ku PANGERAN dibasmi, nepi ka tanahna
bisa dirampas ku urang Amon sarta terus
dicaricingan.
22 Ari pikeun urang Edom turunan
Esau di Pagunungan Edom, PANGERAN
mangnumpeskeun urang Hor, nepi ka
urang Edom bisa ngarebut tanahna terus
dicaricingan, nepi ka ayeuna.
23 Tanah sapanjang basisir Laut Tengah
dicaricingan ku bangsa Kreta. Eta bangsa
geus numpes bangsa Awim, bangsa pribumi
eta tanah. Sakuliah tanahna nepi ka Gasa di
kidul direbut, dicaricingan.)

24 "Sanggeus urang ngambah tanah Moab,
PANGERAN nimbalan ka urang. Saur-Na,
Ayeuna geura mareuntasan Walungan Arnon.
Kami ka maraneh rek nyerenkeun Sihon, raja
urang Emor di Hesbon reujeung tanahna. Pek
gempur, rebut tanahna, andih.
25 Ti semet poe ieu, urang mana-mana ku
Kami rek disina sarieuneun ku maraneh. Asal
ngadenge ngaran maraneh, saban jelema
bakal ngeleper."
26 "Ti dinya Bapa ngirim utusan-utusan ti
Gurun Keusik Kedemot ka Raja Sihon di
Hesbon, ngajak lulus. Bapa mesen kieu,
27 Kaula neda widi ngaliwat ka nagara
sampean. Mung ngaliwat bae, sareng moal
nyimpang ti jalan gede.
28 Tedaeun sareng cai bade ngiring meser.
Taya sanes mung seja ngaliwat wungkul,
29 dugi ka meuntas Walungan Yordan, seja
teras ka tanah sorangan, tanah paparin
ti PANGERAN Allah kaula sadaya. Bangsa
turunan Esau di Edom sareng bangsa Moab di
Ar, parantos ngidinan kaula sadaya ngaliwat
ka wewengkonna.
30 Raja Sihon teu ngidinan urang nyorang
nagarana. Dihaja ku PANGERAN Allah
maraneh sina murugul, sangkan digempur ku
urang sarta tanahna dirampas cicinganeun
urang.

31 Timbalan PANGERAN ka Bapa, Raja Sihon
ku Kami geus disina taya dayana ka maneh.
Rebut tanahna, andih!
32 Sihon kaluar mawa balad rek ngagempur
ka urang di deukeut Yahas,
33 tapi ku Gusti PANGERAN diserenkeun
ka urang, seug ku urang diparaehan jeung
anakna kabeh kitu deui baladna.
34 Barengan eta urang terus ngagempuran
kota-kotana, pribumina ditumpes beak, lalaki,
awewe, barudak.
35 Ingon-ingonna direbut, nagarana diranjah.
36 Urang ku PANGERAN diluluskeun
ngarebutan nagara-nagara ti semet Arur di
rarambu Lebak Arnon, jeung nagara anu
aya di tengah-tengah lebak eta, kitu deui
nagara-nagara di sapanjang jalan anu bras ka
Gilad. Taya pisan kuta nagara anu tahan ka
urang.
37 Ari anu ku PANGERAN dilarang didatangan
mah, saperti wewengkon urang Amon,
wewengkon-wewengkon di sisi-sisi Walungan
Yabok, kota-kota di pagunungan, jeung
sababaraha tempat sejenna, ku urang henteu
dijorag."
3 1 "Ti dinya urang terus ngaler ka
wewengkon Basan. Raja Og sabaladna
budal rek merangan urang deukeut Edrei.
2 Tapi aya timbalan PANGERAN ka Bapa,
dawuhana-Na, Ulah sieun. Eta raja sabalad-
balad, kitu deui sakuliah karajaanana ku

Kami rek diserenkeun ka maneh. Jieun cara
ka Sihon raja urang Emor di Hesbon.
3 Raja Og sarahayatna ku PANGERAN
diselehkeun ka urang, kabeh ditumpes ku
urang,
4 sarta harita keneh kota-kotana ku urang
kabeh direbut taya nu kari. Aya genep
puluh kota, tegesna sakuliah Argob, tempat
ngarajaanana Og raja urang Basan.
5 Kota-kotana dikuatan ku kuta-kuta anu
laluhur, make panto-panto jeung tutulak
paranti nulakan.
6 Kabeh ku urang digempur, pangeusina
lalaki, awewe, barudak, paraeh ditumpes,
kawas kota-kota bogana Raja Sihon di
Hesbon.
7 Ingon-ingonna geus boga urang,
kota-kotana terus dirayah.
8 Kitu harita urang ngarebut eta tanah ti dua
raja urang Emor, mimiti ti peuntas wetan
Walungan Yordan, ti semet Walungan Arnon
nepi ka Gunung Hermon.
9 (Ceuk urang Sidon mah Gunung Hermon
teh Siryon. Ari ceuk urang Emor mah Senir.)
10 Kota-kotana di dataran luhur, wewengkon
Gilad jeung Basan, terus ngetan nepi ka Salka
jeung Edrei bogana Og raja urang Basan,
kabeh dibeunangkeun ku urang."
11 (Raja Og teh turunan Repaim anu
pameakan. Tambelana aya keneh nepi ka
ayeuna di kota Raba di Amon, tina batu.

Ukuranana nurutkeun ukuran anu geus tangtu, panjangna opat meter, rubakna meh dua meter.)
12 "Sanggeus eta tanah kacangking ku urang, wewengkon di kalereun Arur deukeut Walungan Arnon, jeung sabagian wilayah Pagunungan Gilad katut desa-desana, ku Bapa dibikeun ka kaom Rubin jeung kaom Gad.
13 Gilad sasesana jeung Basan tempat Og ngarajaan, tegesna sakuliah Argob, dibikeun ka saparo kaom Menase." (Ari Basan katelahna mah tanah Repaim.
14 Wewengkon Argob sakuliahna, nya eta Basan terus nepi ka wates tanah Gesur jeung Maaka, dicokot ku Yair urang kaom Menase. Desa-desana dingaranan ku ngaranna sorangan, katelahna desa-desa Yair nepi ka ayeuna.)
15 "Gilad ku Bapa dibikeun ka warga Mahir ti kaom Menase.
16 Kaom Rubin jeung kaom Gad ku Bapa dibere wewengkon ti semet wates Gilad nepi ka Walungan Arnon, watesna ti kidul tengah-tengah eta walungan, di kaler Walungan Yabok, anu sabagian jadi wates tanah urang Amon.
17 Di beulah kulon wewengkonna ngamparna nepi ka Walungan Yordan, ti semet Talaga Galilea beulah kalerna, terus mudun ka kidul

nepi ka Laut Paeh, mengkol ngetan nepi ka
suku Gunung Pisga.
18 Ceuk Bapa harita ka maranehna kieu,
Maraneh ku Gusti PANGERAN geus dipaparin
ieu tanah wetaneun Walungan Yordan,
cicinganeun. Ayeuna, jalma-jalma maraneh
anu garagah inditkeun ti heula ka peuntaseun
Walungan Yordan, ngabantu kaom-kaom
Israil sejenna mangrebutkeun tanah milikna.
19 Anu meunang tinggal di tempat-tempat
anu ku Bapa geus dibikeun ka maraneh ngan
pamajikan, anak, jeung ingon-ingon. Bapa
nyaho, ingon-ingon maraneh kacida lobana.
20 Tulungan sasama maraneh urang Israil,
supaya bisa nyaricingan tanah milikna paparin
PANGERAN, anu ayana di peuntas kulon
Walungan Yordan, nepi ka maranehna oge
dipaparin kagenahan ku PANGERAN, cara
maraneh ayeuna di dieu. Geus beres mah pek
rek baralik ge ka dieu, da ieu teh ku Bapa
geus dibikeun ka maraneh.
21 Geus kitu Bapa marentah kieu ka Yosua,
Hidep geus nyaksian petaning PANGERAN
Allah hidep ka Raja Sihon jeung Raja Og.
Nya kitu keneh deuih ka sing saha bae anu
tanahna baris dirurug ku hidep engke.
22 Hidep teu kudu sieun ku maranehna,
sabab bakal dipangmerangankeun ku
PANGERAN Allah hidep."
23 "Harita Bapa neneda, sasambat kieu,

24 Nun PANGERAN Nu Maha Agung, abdi
terang yen sugri kajadian anu rohaka sareng
araheng, anu ku Gusti parantos dipintonkeun
ka abdi teh sayaktosna nembe awitna. Di
langit sareng di bumi, teu aya allah anu
tiasa ngayakeun perkawis anu aragung kitu,
sapertos anu dipidamel ku Gusti!
25 Mugi abdi widian meuntasan Walungan
Yordan, nun PANGERAN, widian ningal eta
tanah anu gemah raharja anu aya di peuntas
ditu, widian ningal eta nagara pagunungan
anu asri, kitu deui Gunung Libanon.
26 Tapi ku lantaran tingkah maraneh,
PANGERAN bendu ka Bapa, paneda
panyambat Bapa henteu dikabul. Malah
ngadawuh kieu, Geus, ulah ngutik-ngutik deui
sual eta!
27 Geura unggah ka puncak Gunung Pisga,
pek alak-ilik ka kaler, ka kidul, ka wetan,
ka kulon. Rarasakeun, serepkeun sakur nu
katembong. Sabab maneh hamo nepi ka
meuntasan Walungan Yordan.
28 Yosua pakihikeun, pengkuhkeun hatena
sarta kuatkeun tekadna, sabab manehna
kudu meuntaskeun eta jelema-jelema nepi ka
bisa majik di eta tanah anu ku maneh katenjo
ti dinya, ti kajauhan.
29 Ku hal eta urang teh jadi kacandet di lebak
anu nyanghareup ka Bet Peor."
4 1 Geus kitu Musa misaur ka eta jelema-
jelema, saurna, "Turutkeun sakabeh

papakon anu ku Bapa diwurukkeun ka
maraneh, tangtu maraneh bakal maratuh di
tanah anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN
Allah karuhun maraneh.
2 Lampahkeun parentah Bapa, ulah
dileuwihan ulah dikurangan. Lampahkeun
sakabeh timbalan PANGERAN Allah maraneh
anu ku Bapa geus diwurukkeun.
3 Maraneh narenjo sorangan, naon anu geus
dipidamel ku PANGERAN di Gunung Peor.
Kapan sakur anu nyarembah ka Baal mah
kabeh oge ku Mantenna disina tariwas.
4 Sabalikna anu tetep suhud ka PANGERAN
Allah maraneh mah geuning harirup tepi ka
ayeuna.
5 Sakabeh papakon ku Bapa geus
diwurukkeun ka maraneh, tumut sakumaha
timbalan PANGERAN, Allah panutan Bapa.
Lampahkeun engke di ditu, di tanah anu
engke bakal diteang, nu bakal dicaricingan.
6 Lampahkeun sing enya-enya, malar
kanyahoan ku bangsa-bangsa sejen
yen maraneh teh bangsa anu pinter
jeung binangkit. Supaya ana maranehna
ngadarenge eta papakon-papakon teh
ngucap, Ieu bangsa, keur gede teh nya pinter
nya wijaksana!
7 Bangsa sejen, sakumaha gedena ge
euweuh anu boga allah anu parek raketna ka
umat cara parek raketna PANGERAN Allah

urang ka urang. Iraha bae ku urang disambat
pitulung-Na, harita keneh ngawaler.
8 Bangsa sejen, sakumaha gedena ge
euweuh anu bogaeun undang-undang anu
adilna cara undang-undang anu poe ieu
diwurukkeun ku Bapa ka maraneh.
9 Mana sing ati-ati, jaga, sangkan saumur-
umur maraneh henteu nepi ka mopohokeun
sakur anu geus kasaksi ku panon sorangan.
Caritakeun ka anak incu,
10 hal maraneh dina poean narangtung
di payuneun PANGERAN Allah maraneh di
Gunung Sinai, waktu Mantenna nimbalan
ka Bapa, Kumpulkeun jalma-jalma, sina
ngadarengekeun pangandika anu baris
diandikakeun ku Kami, sangkan dialajar nurut
ka Kami saumur hirupna, jeung sangkan
ngadidik anak-anakna sina diajar sieun ku
Kami.
11 Caritakeun ka anak maraneh, yen
basa maraneh marek di suku eta gunung,
gunungna poek ku haseup, kabulen ku
mega kandel jeung ngagedur ku seuneu anu
muntab-muntab ka langit.
12 Sarta PANGERAN ngandika ka maraneh ti
jero seuneu. Gentra-Na kadenge ku maraneh,
tapi Mantenna ku maraneh teu katenjo, teu
ngawujud naon-naon.
13 Mantenna nimbalan ka maraneh, sangkan
maraneh nyekel kana perjangjian Mantenna,
nya eta ngalampahkeun Sapuluh Timbalan

anu ku Mantenna diseratkeun dina dua papan batu.
14 Ari Bapa ku PANGERAN ditimbalan
mapatahkeun eta papakon-papakon,
lampahkeuneun maraneh engke ari geus
maratuh di tanah anu ayeuna eukeur
dijugjug."
15 "Waktu PANGERAN di Gunung Sinai
nimbalan ti jero seuneu tea, wujud-Na
henteu katembong. Keur pihadeeun maraneh
sorangan, kahade
16 ulah nyarieun pidosaeun, ulah nyarieun
arca sembaheun diri sorangan dina rupa naon
bae, boh arca jalma lalaki atawa awewe,
17 boh tironan sato atawa manuk,
18 sato ngarayap atawa lauk.
19 Jeung ulah kagembang nyembah ngabakti
ka anu katembong di langit, kayaning
panonpoe, bulan jeung bentang-bentang. Nu
karitu mah ku PANGERAN geus diajangkeun
keur sembaheun bangsa-bangsa sejen.
20 Maraneh mah kapan beunang Mantenna
ngarebut ti Mesir, ditarik ti jero tungku anu
marong, dicandak ti dinya tuluy dijadikeun
umat-Na, sakumaha buktina ayeuna.
21 Orokaya Bapa mah ku PANGERAN Allah
maraneh teh dibenduan, lantaran tingkah
maraneh. Mantenna nepi ka sumpah hamo
ngidinan Bapa meuntasan Walungan Yordan,
hamo ngidinan Bapa asup ka eta tanah anu

gemah raharja, anu bakal dipaparinkeun ka maraneh.
22 Bapa kudu ajal di dieu, moal nepi ka
meuntasan eta walungan. Sabalikna maraneh
mah bakal mareuntas, bakal arasup ka eta
tanah anu mukti.
23 Ku sabab kitu peupeujeuh ulah nepi
ka mopohokeun perjangjian anu geus
ditetepkeun ku PANGERAN Allah maraneh,
lampahkeuneun maraneh. Gumatikeun
sagala papakonna. Ulah nyarieun arca keur
sesembahan dina rupa naon bae.
24 Sabab PANGERAN Allah maraneh teh lir
seuneu anu bakal ngalebur, teu aya ampunna
ka sakur nu jadi lawanna.
25 Sanajan upama maraneh geus lila hirup
di ditu nepi ka reuay anak incu, kade ulah
nyieun dosa, nyieun arca wujud naon bae
keur sembaheun maraneh. Lampah kitu teh
jahat dina soca PANGERAN, Allah maraneh.
26 Mugia langit jeung bumi poe ieu jadi
saksi, yen lamun maraneh teu narurut ka anu
dipapatahkeun ku Bapa, tan wande maraneh
gancang musna ti eta tanah peuntaseun
Walungan Yordan. Maraneh moal lila-lila
harirup di ditu. Geus tangtu maraneh engke
ditumpurkeun sama sakali.
27 Bakal dipabalencarkeun ka bangsa-bangsa
sejen, paraeh di tanah batur, nu hirup kari
saeutik.

28 Di tanah batur mah maraneh kudu
ngabarakti ka allah-allah sejen, jijieunan
jelema keneh tina kayu, tina batu, allah nu
taya kabisa, teu bisaeun nenjo, teu bisaeun
ngadenge, teu bisaeun nyatu, teu bisaeun
ngambeu.
29 Heug maraneh bakal nareangan
PANGERAN Allah maraneh sorangan, geus
tangtu bakal kapanggih. Kitu soteh lamun
enya-enya nareangan.
30 Samangsa maraneh kasusahan nandangan
rupa-rupa kasangsaraan, heug bae marulang
deui ka PANGERAN, aranut deui ka Mantenna.
31 Mantenna ge moal nilarkeun deui, moal
nyiksa deui, da Mantenna teh Allah anu
sipat welas. Sarta Mantenna moal lali kana
perjangjiana-Na anu diikrarkeun ka karuhun
maraneh.
32 Pek papay ka jaman baheula, jaman
samemeh maraneh dijurukeun, ti jaman Allah
mimiti ngajadikeun manusa di bumi. Pariksa
ka sakuliah jagat, iraha aya jelema anu nenjo
kajadian anu aragungna kawas kieu?
33 Iraha aya jelema anu ngadenge gentra
Allah ti jero seuneu tur harirup terus cara anu
kaalaman ku maraneh?
34 Iraha aya allah sejen anu ngajorag
ngarebut hiji bangsa tina genggeman bangsa
sejen terus dijadikeun umatna, cara anu
dipidamel ku PANGERAN Allah maraneh
ka maraneh di Mesir? Ku maraneh katenjo

ku panon sorangan, kumaha Mantenna
metakeun pangawasa jeung kadigjayaana-
Na. Nyebarkeun pagebug, perang, ngadamel
mujijat-mujijat, kaahengan-kaahengan,
ngadamel perkara-perkara anu pikasieuneun.
35 Pangna PANGERAN mintonkeun anu kitu
ka maraneh teh supaya maraneh nyaho, yen
anu jumeneng Allah teh ngan Mantenna, teu
aya deui nu sejen.
36 Maraneh ku Mantenna dibere ngadarenge
gentra-Na ti sawarga, ngadawuhkeun
parentah-parentah ka maraneh, jeung dibere
narenjo seuneu-Na anu suci di ieu bumi, bari
Mantenna nimbalan ti jero eta seuneu.
37 Ku bawaning asih-Na ka karuhun maraneh,
heug maraneh teh ku Mantenna dipilih,
sarta Mantenna metakeun kakawasaana-Na
ngaluarkeun maraneh ti Mesir.
38 Saban maraneh maju, bangsa-bangsa
anu leuwih gede jeung leuwih kuat ti batan
maraneh ku Mantenna disingkir-singkirkeun,
supaya maraneh bisa terus dicandak ka ditu,
sarta tanah-tanah maranehna dipaparinkeun
ka maraneh pikeun saterusna.
39 Nu matak sing aringet ulah nepi ka
paroho, yen PANGERAN teh anu jumeneng
Allah di sawarga jeung di bumi. Taya deui
Allah sejen.
40 Lampahkeun sagala papakon Mantenna,
anu poe ieu diwurukkeun ku Bapa. Lamun
kitu, maraneh saanak incu tangtu jamuga,

bakal tumuluy nya hirup di tanah anu ku
PANGERAN Allah maraneh diajangkeun
pikeun maraneh salalanggengna."
41 Ti dinya Musa milih tilu kota di wetaneun
Walungan Yordan,
42 jadi kota suaka pikeun anu nyalametkeun
diri lantaran teu kahaja geus maehan jelema
nu lain musuhna. Anu boga dosana kudu
lumpat ngadon nyalindung ka salah sahiji ti
eta kota anu tilu. Lamun geus aya di dinya
henteu meunang dibales dipaehan.
43 Kota-kota anu kapilih, pikeun kaom Rubin
kota Beser, pernahna di tanah gurun luhur,
pikeun kaom Gad kota Ramot di wewengkon
Gilad, pikeun kaom Menase kota Golan di
wewengkon Basan.
44 Ti dinya Musa ngawurukkeun papakon-
papakon jeung aturan-aturan Allah ka urang
Israil.
45 (4:45-46) Diwurukkeunana sanggeus
maranehna budal ti Mesir, di lebak wetaneun
Walungan Yordan, anu nyanghareup ka Bet
Peor. Eta wewengkon teh wewengkonna Raja
Sihon, raja urang Emor anu ngarajaanana di
Hesbon, anu geus dielehkeun ku Musa jeung
urang Israil sabada budal ti Mesir.
46 (4:45)
47 Tanahna terus diandih, kitu deui tanah
bogana Raja Og urang Basan, raja urang
Emor keneh anu ngarajaan di wetaneun
Walungan Yordan.

48 Ieu wewengkon, ngamparna ti semet Arur
di sisi Walungan Arnon terus ka kaler nepi ka
Gunung Siryon, nya eta Gunung Hermon tea,
49 kitu deui wewengkon wetaneun Walungan
Yordan anu terus ka kidul ka Laut Paeh, terus
nepi ka suku Gunung Pisga beulah wetan.
5 1 Musa ngumpulkeun sakumna bangsa
Israil, seug dilahiran kieu, "Eh urang
Israil! Barandungan ieu pikukuh-pikukuh
anu ku Bapa rek diwurukkeun ka maraneh
ayeuna. Arapalkeun, gumatikeun.
2 Gusti PANGERAN di Gunung Sinai ngadamel
perjangjian.
3 Eta perjangjian lain keur kolot-kolot urang
bae, tapi keur urang ongkoh anu hirup
ayeuna.
4 Mantenna nimbalan ka maraneh ti luhur
gunung, ti jero seuneu, hareupeun maraneh.
5 Bapa harita nangtung di antara maraneh
jeung Mantenna, neruskeun timbalan-
timbalana-Na, da maraneh sieun ku eta
seuneu, jeung henteu arunggah ka gunung.
Timbalan PANGERAN kieu,
6 Ieu Kami, PANGERAN Allah maraneh, anu
ngajait maraneh ti Mesir, tempat maraneh
dijieun badega.
7 Maraneh ulah ngabakti ka aallahan, kudu
ngabakti ka Kami.
8 Maraneh ulah nyieun sesembahan rupa
naon bae ti nu aya di langit atawa di bumi,
atawa di cai sahandapeun bumi.

9 Poma ulah nyembah atawa ngabakti ka
nu karitu. Karana Kami, PANGERAN Allah
maraneh, embung disaruakeun jeung naon
bae. Kami tangtu nyiksa ka anu mikageuleuh
ka Kami, kitu deui ka turunanana, nepi ka
turunan katilu jeung kaopat.
10 Sabalikna deui, Kami mikaheman nepi ka
rebuan turunan, ka sakur anu nyaah ka Kami
sarta ngestukeun timbalan Kami.
11 Ulah nyebut jenengan Kami dipake
teu puguh, karana Kami PANGERAN Allah
maraneh, moal teu nyiksa ka sakur anu
sambarangan nyebut jenengan Kami.
12 Masing gumati kana poe Sabat, kudu
disucikeun salalawasna sakumaha anu
diparentahkeun ku Kami, PANGERAN Allah
maraneh.
13 Genep poe pikeun maraneh migawe
sagala pagawean,
14 ari poe nu katujuh poe reureuh, kudu
dipake ngabakti ka Kami. Dina poe eta teu
meunang aya anu digawe, boh maraneh,
boh anak, boh badega, boh sasatoan, kitu
deui sakur anu ngumbara di tanah maraneh.
Badega-badega oge kudu sina reureuh
sakumaha maraneh.
15 Sing aringet, maraneh oge bareto jadi
badega di Mesir, nepi ka Kami PANGERAN
Allah maraneh metakeun pangawasa jeung
kadigjayaan anu taya bandingna, ngajait

maraneh. Kitu sababna maraneh ku Kami ditimbalan ngestokeun kana poe Sabat.
16 Kudu masing hormat ka bapa jeung ka indung, sakumaha anu diparentahkeun ku Kami, PANGERAN Allah maraneh, supaya maraneh jamuga jeung panjang umur di tanah anu bakal dipaparinkeun ku Kami.
17 Maraneh ulah maehan.
18 Maraneh ulah ngaranyed.
19 Maraneh ulah maling.
20 Maraneh ulah jadi saksi palsu.
21 Maraneh ulah bogoh ka pamajikan batur, ulah mikahayang imahna, tanahna, badega-badegana, sapina, kaldena, atawa naon bae pangaboga batur.
22 Kitu ungelna eta pikukuh-pikukuh ti PANGERAN anu ditimbalkeun ka maraneh basa maraneh karumpul di eta gunung. Kalawan gentra anu ngageleger ti jero seuneu jeung tina mega anu kandel, nya pikukuh-pikukuh ieu anu ku Mantenna diandikakeun teh, lain nu sejen. Geus kitu ieu pikukuh-pikukuh teh ku Mantenna diseratkeun dina dua papan batu, tuluy diserenkeun ka Bapa."
23 "Barang maraneh ngadarenge eta gentra ti lebah nu poek tur eta gunung ngagedur ku seuneu, maraneh kitu deui para pamingpin kaom daratang ka Bapa,
24 sarta ngaromong kieu, PANGERAN Allah kuring mintonkeun kaagungan sareng

kamulyaana-Na, gentrana disina kakuping ku
kuring ti jero seuneu! Dinten ieu kaalaman
ku kuring sadaya, yen najan manusa teh
ngadenge sorangan timbalan Allah, geuning
tiasa keneh hirup.
25 Parandene kitu, keur naon kuring sadaya
nyampeurkeun ajal? Da tangtu kuring sadaya
lebur ku eta seuneu anu sakitu ngagedurna.
Upami kedah nguping deui gentra-Na tangtos
kuring sarerea tiwas.
26 Iraha aya jelema anu tahan ngareungeu
gentra Allah anu jumeneng, tur bijilna ti jero
seuneu?
27 Ku margi kitu, anu ka ditu deui teh Bapa
bae, tampi sagala rupi anu bakal didawuhkeun
ku PANGERAN Allah kuring, nembe engke
mulih ngawartoskeun timbalana-Na. Kuring
sadaya sumeja tumut.
28 Ana PANGERAN ngadangu hal ieu,
Mantenna ngadawuh ka Bapa, Kami geus
ngadangu omongan eta jelema-jelema. Bener
kudu kitu.
29 Lamun heug hatena kitu salalawasna!
Lamun heug ngajenanana ka Kami jeung
narurutna kana papakon-papakon Kami
teh kawas kitu salilana, sangkan jaramuga
turun-tumurun!
30 Tepungan ku maneh, titah baralik ka
kemah-kemahna.
31 Tapi maneh, Musa, kudu ka dieu deui.
Kami ka maneh rek ngandikakeun sakabeh

papakon jeung pikukuh Kami. Wurukkeun
engke ku maneh ka eta jelema-jelema,
estokeuneun maranehna engke di tanah anu
ku Kami geus diajangkeun keur maranehna.
32 Ku sabab kitu eh urang Israil, peupeujeuh,
tiginkeun eta sagala timbalan PANGERAN
Allah maraneh teh. Ulah aya papakon
Mantenna anu henteu diturut.
33 Kabeh estokeun, sangkan maraneh
jamuga jeung bisa tetep renggenek di eta
tanah."
6 1 "Kitu papakon-papakon ti PANGERAN
Allah maraneh, anu ku Mantenna
dipiwarang diwurukkeun ku Bapa,
estokeuneun maraneh di tanah nu moal lila
deui bakal diancikan ku maraneh.
2 Sapanjang araya umur, maraneh jeung
anak incu kudu sarumujud ka PANGERAN
Allah. Estokeun sakabeh papakon-Na anu ku
Bapa geus diwurukkeun, supaya bisa tetep
ngancik di ditu.
3 Tariginkeun, arestokeun, eh urang Israil!
Lamun kitu tinangtu maraneh jamuga,
pijadieun bangsa anu tohaga, tur ngancik
di tanah anu gemah ripah, sakumaha anu
dijangjikeun ku PANGERAN, Allah karuhun
urang.
4 Kanyahokeun eh urang Israil! Nya
PANGERAN, ngan PANGERAN, anu jadi Allah
urang teh.

5 Masing nyaah ka PANGERAN Allah
maraneh, terus jeung hate, terus jeung
nyawa, sarta sing sakuat-kuat.
6 Sakur anu diwurukkeun ku Bapa poe ieu
ulah dipopohokeun.
7 Ajarkeun ka anak. Ucapkeun tong weleh,
keur di imah, keur di mana-mana, keur
ngaso, keur digawe.
8 Cangreudkeun dina leungeun,
sangsangkeun dina tarang, supaya
terus inget.
9 Tuliskeun dina tihang panto jeung di
gapura-gapura."
10 "Sakumaha jangji PANGERAN Allah
maraneh ka anu jadi karuhun, nya eta ka
Ibrahim, Ishak, jeung Yakub, maraneh bakal
dipaparin tanah. Kota-kotana galede tur
marukti, lain beunang ngadegkeun maraneh.
11 Dipaparin imah anu pinuh ku barang-
barang anu aralus, lain beunang kukumpul
maraneh. Dipaparin sumur, lain beunang
maraneh nyieun. Dipaparin kebon anggur
jeung kebon jetun, lain beunang maraneh
melak. Di mana maraneh ku PANGERAN
geus diasupkeun ka eta tanah, geus teu
kakurangan hakaneun,
12 ulah paroho ka PANGERAN anu ngajait
maraneh ti Mesir tempat maraneh dijieun
badega.
13 Kudu sarieun ku PANGERAN Allah
maraneh, kudu ngabakti teh ngan ka

Mantenna, sarta ana sumpah ngan kudu ku
karana jenengana-Na bae.
14 Ulah ngabarakti ka allah-allah sejen, anu
disarembah ku jalma-jalma anu ngarancikna
di sakurilingeun maraneh.
15 Lamun ngabarakti ka allah-allah sejen,
maraneh bakal meunang bebendu PANGERAN
anu lir seuneu ngalebur ka maraneh, sabab
PANGERAN Allah anu aya di maraneh teu
kersaeun disaruakeun jeung naon bae.
16 Ulah ngadoja ka PANGERAN Allah maraneh
kawas bareto di Masa.
17 Masing ngesto kana papakon-papakon ti
Mantenna.
18 Lampahkeun nu pihadeeun jeung
pibenereun ti Mantenna, tangtu maraneh
jamuga, bakal laksana ngamilik eta tanah
anu subur, anu dijangjikeun ku PANGERAN ka
karuhun maraneh,
19 jeung bakal sanggup ngusir musuh-musuh
ti dinya, sakumaha anu geus dijangjikeun ku
Mantenna.
20 Engke jaga lamun ditanya ku anak, Naha
PANGERAN Allah urang teh bet miwarang
urang ngesto kana eta papakon-papakon?
21 jawab kieu, Urang tadina jadi badega raja
Mesir, tapi ku kakawasaan PANGERAN anu
araheng, urang dijait ti ditu.
22 Bangsa urang nyaksian pisan Mantenna
ngeunakeun kaahengan-kaahengan jeung

balahi-balahi ka urang Mesir, ka rajana, ka mantri-mantrina.
23 Urang ku Mantenna dileupaskeun ti Mesir, dicandak ka dieu, dipaparin ieu tanah, nurutkeun jangji-Na ka karuhun urang.
24 Sanggeus kitu PANGERAN nurunkeun ieu papakon-papakon. Timbalana-Na ieu kudu diestokeun ku urang, sarta urang kudu sieun ku Mantenna.
25 Lamun urang nurut, bangsa urang ku Mantenna bakal dijaga jeung dipaparin kamuktian. Lamun urang ngalampahkeun sagala timbalan Allah kalawan suhud, tangtu bakal kamanah ku Mantenna."
7 1 "Maraneh ku PANGERAN Allah maraneh geus tangtu dicandak sarta diancikkeun di ditu. Bangsa-bangsa urang ditu loba anu bakal diusir ku PANGERAN. Di mana maraneh geus mimiti maju, aya tujuh bangsa anu bakal diusir ti dinya ku Mantenna, leuwih gede jeung leuwih kuat ti batan maraneh, nya eta bangsa Het, bangsa Girgas, bangsa Emor, bangsa Kanaan, bangsa Pares, bangsa Hiwi, jeung bangsa Yebus.
2 Lamun eta bangsa-bangsa ku PANGERAN Allah maraneh geus diserenkeun ka maraneh sarta geus areleh, paehan kabeh, ulah aya anu dipikarunya, komo diajak babarengan mah ulah.
3 Pacuan maraneh kawin ka bangsa eta. Anak maraneh oge henteu meunang,

4 sabab tangtu bakal dibawa mungkir ti
PANGERAN tuluy ngabarakti ka allah-allah
sejen. Upama nepi ka kitu, PANGERAN tangtu
bendu ka maraneh, sarta bakal gancang
nyiksa.
5 Ku sabab kitu, altar-altar maranehna
ku maraneh kudu dibasmi, pilar-pilar
batu karamatna raremukkeun, arca-arca
Dewi Asera sesembahanana cacag,
brahala-brahalana duruk.
6 Kudu kitu, sabab maraneh teh umat
kagungan PANGERAN Allah maraneh. Ti
sakabeh bangsa saalam dunya, maraneh
teh ku Mantenna diunculkeun, dijadikeun
umat-Na ku manten.
7 Tapi maraneh dipikaasih jeung diunculkeun
ku PANGERAN teh lain ku sabab leuwih loba
bilangan ti batan batur, malah maraneh teh
bangsa anu pangleutikna di saalam dunya.
8 Saenyana mah lantaran PANGERAN
nyaaheun ka maraneh, jeung seja nohonan
jangji-Na anu diikrarkeun ka karuhun
maraneh. Kitu sababna Mantenna, ku
kakawasaana-Na anu digjaya, geus ngajait
maraneh tina jadi budak raja Mesir.
9 Mana kanyahokeun, PANGERAN Allah
maraneh teh estu Allah, tur sipat welas, tigin
kana jangji-Na, sarta mikaheman nepi ka
sarebu turunan ka sakur anu ngesto sarta
gumati kana timbalana-Na.

10 Sabalikna Mantenna moal asa-asa
ngabales ka sakur anu mikageuleuh ka
Mantenna.
11 Mana ti ayeuna, sagala piwuruk anu geus
katarima ku maraneh, boh anu enggeus-
enggeus, boh papakon-papakon anu ku Bapa
diwurukkeun poe ieu, kudu diarestokeun."
12 "Lamun maraneh suhud ngestokeun ieu
papakon-papakon, PANGERAN Allah maraneh
bakal ngabuktikeun jangji-Na, sarta bakal
mikanyaah salalanggengna, sakumaha anu ku
Mantenna diikrarkeun ka karuhun maraneh.
13 Mantenna bakal maparin berkah, sarta
maraneh bakal reuay anak nepi ka bilangan
maraneh beuki ngalobaan. Bakal cukup
dahareun, gandum, anggur, minyak jetun,
lantaran tanah maraneh bakal disina cukul.
Bakal baroga sapi, baroga domba, paparin
ti Mantenna. Eta sagala berkah bakal
dipaparinkeun ka maraneh, di tanah anu
ku Mantenna geus dijangjikeun ka karuhun
pikeun maraneh.
14 Di saalam dunya taya deui bangsa anu
sakitu diberkahanana kawas maraneh. Boh
jelema boh ingon-ingon di maraneh moal aya
anu gabug.
15 Maraneh ku PANGERAN bakal dijauhkeun
tina sagala panyakit, jeung moal dikeunaan
sasalad anu bareto katarenjo ku maraneh
tumerap ka Mesir. Bangsa kasakit kitu

ku Mantenna bakal dikeunakeun ka musuh-musuh maraneh.
16 Sakur bangsa anu ku PANGERAN geus diserenkeun ka leungeun maraneh, basmi, ulah aya anu dipikarunya. Maraneh ulah nyarembah ka aallahanana, sabab lampah kitu teh bisa matak cilaka ka maraneh.
17 Eta bangsa-bangsa anu jumlahna leuwih loba ti batan maraneh teh ulah dipikir, ulah dirasa hamo bisa diusir.
18 Ulah dipikasieun. Sing aringet, dikumahakeun bareto raja Mesir jeung rahayatna ku PANGERAN Allah maraneh.
19 Sing aringet, maraneh nyaho sorangan PANGERAN Allah maraneh bareto nurunkeun balahi-balahi sakitu bangetna, ngayakeun mujijat-mujijat anu araheng, metakeun pangawasa jeung kaperkosaan anu taya bandinganana, dianggo jalan ngajait maraneh ti Mesir. Eta bangsa-bangsa anu dipikasieun ku maraneh oge bakal dibasmi ku jalan kitu keneh.
20 Malah bakal disina geugeumeueun ku PANGERAN, jeung najan kalabur atawa nyarumput ge mo burung tumpur dibasmi.
21 Nu matak teu kudu sarieun ku eta jalma-jalma teh. PANGERAN Allah maraneh bakal nyarengan ka maraneh. Mantenna teh Allah anu punjul liwat saking, matak pikasieuneun sarerea.

22 Mun maraneh enggeus ka daritu, eta
bangsa-bangsa teh ku PANGERAN bakal
ditungtut disalingkirkeun. Ku maraneh ulah
disakalikeun ngabasmina, sabab bakal
ngabalukarkeun daratangna sato galak,
matak nyusahkeun ka maraneh keneh.
23 Eta musuh-musuh teh ku PANGERAN
bakal diserenkeun ka maraneh, disina tagayur
garugup, nepi ka bisa dibasmi ku maraneh.
24 Raja-rajana oge bakal diserenkeun,
paehan bae kabeh, sina ulah aya anu
nginget-nginget deui. Moal aya anu bisa
nyegah ka maraneh, kabeh oge ku maraneh
bakal kabasmi.
25 Arca-arcana durukan. Jeung ulah kabita ku
emas perak anu dipake ngahias eta arca-arca,
komo nepi ka terus dipiboga mah ulah! Sabab
lamun kitu maraneh bahla! Sabab PANGERAN
mikageuleuh ka brahala-brahala.
26 Pacuan, ulah pisan aya arca anu ku
maraneh dibawa ka imah. Lamun nepi ka kitu
maraneh oge bakal disapa cara eta. Nistakeun
eta brahala-brahala teh, pikagiruk, sabab
kabeh ge eta teh geus disapa ku PANGERAN."
8 1 "Ieu papakon-papakon anu ku Bapa
diwurukkeun ayeuna gumatikeun,
supaya maraneh harirup, ngalobaan, jeung
laksana engke nya ngancik di tanah anu ku
PANGERAN geus dijangjikeun ka karuhun
pikeun maraneh.

2 Sing aringet, PANGERAN Allah maraneh
sakitu ngapingna, nuyun ngambah tanah
gurun geus opat puluh taun ieu. Mantenna
sok maparin kasukeran-kasukeran, mecak
hate maraneh daraek henteuna anut kana
sagala timbalana-Na.
3 Maraneh disina kalempohan taya dahareun,
geus kitu dipaparin manna. Eta kadaharan
tacan aya anu enggeus ngadahar. Maraneh
tacan, kolot-kolot maraneh tacan. Maksud
Mantenna supaya maraneh nyaho yen anu
nunjang hirup manusa teh lain ngan dahareun
wungkul, saenyana mah saniskara anu
ditimbalkeun ku PANGERAN.
4 Di jero opat puluh taun ieu, pake maraneh
teu datang ka butut, dampal suku teu datang
ka maropog.
5 Kanyahokeun, PANGERAN Allah maraneh
meperihna ka maraneh teh lir bapa ngadidik
anak.
6 Mana oge lalampahkeun sagala timbalana-
Na teh, tuturkeun sagala pikukuh-Na, jeung
masing sieun ku Mantenna.
7 Ayeuna maraneh ku PANGERAN Allah
maraneh keur dicandak ka hiji tanah anu
kacida suburna, walungan-walungan cur-cor,
cinyusu pating burial, ti jero taneuh cai
tinggolontor mapay lebak mipir pasir,
8 tanahna pinuh ku gandum, jawawut,
anggur, kondang, dalima, jetun, jeung madu,

9 taya bahan kalaparan atawa kurang dahar.
Gunung-gunung cadasna ngandung beusi,
tambaga di pasir-pasir bisa diala.
10 Sagala dahareun ge aya. Nu matak
abong lamun teu nepi ka maruji sukur teh
ka PANGERAN Allah maraneh, dumeh geus
dipaparin tanah anu sakitu alusna."
11 "Peupeujeuh, ulah nepi ka poho ka
PANGERAN Allah maraneh. Peupeujeuh, ulah
nepi ka ingkar tina sagala papakon anu ku
Bapa diwurukkeun poe ieu.
12 Mun enggeus loba hakaneun, enggeus
baroga imah alus,
13 enggeus loba boga sapi, domba, perak,
emas, jeung sajaba ti eta,
14 peupeujeuh ulah nepi ka ujub ria terus
poho ka PANGERAN Allah maraneh anu
ngajait ti Mesir, tempat maraneh diperbudak.
15 Mantenna teh enggeus nuyun maraneh
ngambah gurun anu nya lega nya pinuh ku
nu matak paur, enggon oray nu maratih
jeung kalajengking. Di tanah anu garing
ngentak-ngentak teu aya cai, Mantenna
ngabijilkeun cai tina batu cadas, supaya
maraneh bisa ngarinum saseubeuhna.
16 Di satengahing jalan maraneh dipaparin
Manna, kadaharan anu iraha teh teuing
aya anu geus ngadahar, maraneh tacan,
kolot-kolot maraneh tacan. Maraneh ku
Mantenna sok disusuker, anu maksud-Na

mecak kasatiaan maraneh, anu engkena
bakal diganjar ku nu pisenangeun.
17 Jadi, poma ulah dir, boga pikir beunghar
beunang sorangan, kuat kawasa beunang
sorangan.
18 Sing aringet nu matak barisa usaha nepi
ka jadi baleunghar teh saenyana mah paparin
ti PANGERAN. Kawantu Mantenna mah nepi
ka waktu ieu ge tetep satia kana jangji-Na
anu bareto diikrarkeun ka karuhun maraneh.
19 Peupeujeuh, ulah nepi ka poho ka
PANGERAN Allah maraneh. Ulah nepi ka
ingkar tuluy nyembah ngabakti ka allah-allah
sejen. (8-20) Lamun nepi ka kitu, Bapa
ngingetan ti ayeuna keneh, maraneh tangtu
dibasmi.
20 (8-21) Teu narurut ka PANGERAN tangtu
ditumpurkeun cara bangsa-bangsa anu ku
Mantenna geus digempur hareupeun panon
maraneh."
9 1 "Eh urang Israil, maraneh ayeuna tereh
meuntasan Walungan Yordan, bakal
ngarebut tanah bogana bangsa-bangsa anu
leuwih gede leuwih kuat ti batan maraneh.
Nagara-nagarana lalega, kuta-kutana laluhur
nepi ka langit,
2 jelemana jarangkung gede, baredas,
bangsa raksasa, pan aya bejana ka maraneh
ge, cenah moal aya anu kuat ka maranehna.
3 Tapi engke ku maraneh katenjo, PANGERAN
Allah maraneh bakal majeng ti heula lir

seuneu anu ngalebur. Ana maraneh geus
maju, musuh ku Mantenna bakal diusir sarta
gancang dibasmi. Kitu timbalana-Na.
4 Tapi lamun musuh geus disingkirkeun ku
PANGERAN Allah maraneh, ulah boga rasa
yen pangna ku Mantenna diasupkeun ka
eta tanah jeung ngamilikna teh pedah geus
pantesna kitu. Lain kitu! Eta musuh nu matak
ku PANGERAN disingkirkeun teh lantaran
daroraka.
5 PANGERAN Allah maraneh, nu matak
ngawidian eta tanah dicokot ku maraneh
teh lain ku sabab maraneh bageur jeung
bener. Musuh anu matak disingkirkeun teh
lantaran kalakuanana garoreng, jeung ku
sabab Mantenna rek ngabuktikeun jangji anu
diikrarkeun ka karuhun maraneh, Ibrahim,
Ishak, jeung Yakub.
6 Kanyahokeun, PANGERAN maparinkeun eta
tanah anu sakitu alusna teh lain ku sabab
maraneh hade lampah. Lain! Da maraneh teh
tetep tukang murugul.
7 Sing aringet, kumaha bareto maraneh di
gurun keusik nyieun pibendueun PANGERAN
Allah maraneh. Ti barang budal ti Mesir nepi
ka ayeuna di dieu, maraneh ngan ngalawan
bae ka Mantenna.
8 Malah di Gunung Sinai maraneh dibenduan
ku PANGERAN. Harita Mantenna kacida
benduna nepi ka meh ngabasmi.

9 Harita Bapa keur aya di puncak eta gunung,
rek narima papan batu anu ditulisan ku
perjangjian ti Allah pikeun maraneh. Opat
puluh poe opat puluh peuting Bapa di dinya,
teu dahar teu nginum.
10 Sanggeus kitu Bapa narima eta papan
batu ti Mantenna, geus ditulisan ku timbalan-
timbalan anu diandikakeun ti jero seuneu tea,
basa maraneh kumpul di suku eta gunung.
Anu nyeratna ge PANGERAN ku manten.
11 Sanggeus opat puluh poe opat puluh
peuting, kakara PANGERAN masihkeun eta
dua papan batu ka Bapa, geus dieusi ku
perjangjian anu diserat ku Mantenna.
12 Harita PANGERAN ngadawuh kieu ka Bapa,
Geuwat geura turun gunung, jelema-jelema
anu ku maneh dibudalkeun ti Mesir teh
geus nyarieun lampah goreng, marigawe
dosa. Geus alingkar tina timbalan-timbalan
Kami, jeung geus nyarieun aallahan keur
sembaheunana.
13 Dawuhanana deui, Tetela eta jelema-
jelema teh kacida mantangulna.
14 Maneh ulah ngahalang-halang ka Kami,
eta jelema-jelema ku Kami arek dibasmi, sing
ulah aya anu nginget-nginget deui. Sanggeus
kitu maneh ku Kami arek dijadikeun karuhun
hiji bangsa anu leuwih gede jeung leuwih
kuat batan eta.

15 Bapa turun ti eta gunung, mawa dua
papan batu anu dieusi perjangjian tea. Gebur
aya seuneu ti luhur gunung.
16 Maraneh ku Bapa kasampak geus alingkar
tina timbalan PANGERAN, geus marigawe
dosa ka Mantenna, nyieun hiji brahala
sasapian tina logam.
17 Bapa ngabeubeutkeun eta dua papan batu
nepi ka beulah.
18 Ti dinya Bapa ngadeuheus deui ka
payuneun PANGERAN, bruk sujud kana
taneuh, opat puluh poe opat puluh peuting
deui teu dahar teu nginum. Bapa nepi ka kitu
teh ku sabab eta dosa maraneh nu sakitu
matak benduna ka PANGERAN.
19 Bapa kacida paurna ningal PANGERAN
mani ngagidir bendu-Na, meh bae ngabasmi
ka maraneh. Hadena PANGERAN kersaeun
keneh ngadangu panuhun Bapa.
20 Jeung harita Bapa teh mangnedakeun
Harun ongkoh, sabab harun oge dibenduan
meh disina tiwas.
21 Barang anu doraka jijieunan maraneh
nya eta sasapian beunang nyitak tea ku
Bapa dicokot, dialungkeun kana seuneu tuluy
diancurkeun jadi bubuk, tuluy diawurkeun ka
susukan anu ngocor ti eta gunung.
22 Nya kitu keneh di Taberah, di Masa, jeung
di Kibrot Taawa, maraneh nyieun pibendueun
PANGERAN.

23 Jeung basa maraneh ti Kades Barnea
dipiwarang ngarebut tanah anu geus
diajangkeun pikeun maraneh, maraneh baha,
teu percaya, teu narurut.
24 Ti barang Bapa mimiti wawuh ge maraneh
teh geus ngaralawan ka PANGERAN.
25 Bapa nyuuh ka payuneun PANGERAN,
opat puluh poe opat puluh peuting, sabab
Mantenna geus meh bae ngabasmi ka
maraneh.
26 Bapa sasambat, Nun PANGERAN Nu Maha
Agung, mugi ulah ngabasmi ka eta jalmi-jalmi
kenging Gusti ngajait ti Mesir nganggo
kawasa rosa.
27 Sing emut ka abdi-abdi Gusti, Ibrahim,
Ishak sareng Yakub. Mugi teu dianggo
kekeling galih sanaos maranehna teh
mantangul, arawon lampah, marigawe dosa.
28 Bilih Gusti ku urang Mesir dipajarkeun
teu iasa ngalebetkeun eta umat ka tanah
anu dijangjikeun tea. Bilih ceuk urang Mesir
Gusti ngaluarkeun eta umat ti Mesir teh baris
dibasmi di gurun keusik reh ku Gusti parantos
dipikageuleuh.
29 Sanaos kumaha oge eta jalmi-jalmi teh ku
Gusti parantos diunculkeun dijadikeun umat
kagungan, tur kenging Gusti ngajait ti Mesir
nganggo kawasa rosa."
10 1 "PANGERAN ngadawuh ka Bapa,
Maneh kudu nyieun deui papan batu
dua siki kawas anu ti heula, tuluy nyieun peti

keur wadahna. Lamun enggeus maneh kudu
ka Kami ka puncak gunung.
2 Tulisan Kami anu dina papan batu anu geus
ruksak ku maneh ku Kami rek dituliskeun
deui dina eta, tuluy petian ku maneh.
3 Seug Bapa nyieun peti tina kayu akasia,
jeung nyieun dua papan batu kawas anu ti
heula, tuluy dibawa unggah ka gunung.
4 PANGERAN nyeratkeun deui timbalan-
timbalan anu diserat dina papan batu anu
ti heula, nya eta Sapuluh Timbalan anu
diandikakeun ti jero seuneu, basa maraneh
kumpul di suku eta gunung tea. Geus kitu eta
papan batu teh diserenkeun ka Bapa,
5 tuluy Bapa turun. Eta papan batu ku Bapa
diasupkeun kana peti sakumaha dipiwarangna
ku PANGERAN, nya eta dina peti anu dijieun
ku Bapa. Ti harita tetep disimpen di dinya."
6 (Urang Israil arindit ti sumur-sumur urang
Yaakan, ngajugjug ka Mosera. Di Mosera
Harun pupus, tuluy dikurebkeun. Elasar
putrana dijadikeun imam ngaganti anjeunna.
7 Ti Mosera terus ka Gudgod, ti Gudgod terus
ka Yotbata anu loba susukanana.
8 Basa keur di gunung, PANGERAN ngangkat
kaom Lewi jadi purah ngurus Peti Perjangjian,
purah ngimaman ngawulaan Mantenna, jeung
purah ngucapkeun berkah kalawan asma
Mantenna.
9 Ku hal eta kaom Lewi mah henteu meunang
bagian tanah saperti kaom-kaom sejen.

Tapi maranehna dibarere hak jaradi imam
PANGERAN, sakumaha pangandika Gusti
PANGERAN ka maranehna tea.)
10 "Bapa di luhur gunung meunang opat
puluh poe opat puluh peuting, cara ti heula.
Panuhun Bapa supaya Mantenna ulah tulus
ngabasmi maraneh tea didangu.
11 Sanggeus kitu Bapa ku Mantenna
dipiwarang turun ti gunung, sarta kudu
mingpin maraneh ngarebut tanah anu ku
Mantenna dijangjikeun ka karuhun maraneh."
12 "Ayeuna eh urang Israil, barandungan ieu
pamundut PANGERAN Allah maraneh, nya
eta: Maraneh kudu ngabakti ka PANGERAN.
Sagala timbalanana lampahkeun. Ka
Mantenna kudu sumujud, kudu kumawula
sing jujur,
13 nurut kana sagala papakon-Na anu ku
Bapa diwurukkeun ayeuna keur pijamugaeun
maraneh.
14 PANGERAN teh nu kagungan langit,
malah langit-langit beh ditueun langit ge
kagungana-Na, kitu deui bumi jeung sagala
eusina.
15 Parandene kitu kacida mikaasihna ka
karuhun maraneh, nepi ka maraneh ku
Mantenna diunculkeun ti bangsa-bangsa
sejen, tur tetep jadi umat pilihan Mantenna.
16 Mana ti semet ayeuna kudu ngesto ka
PANGERAN, ulah marantangul bae.

17 PANGERAN Allah maraneh teh Allahna
sagala allah, Gustining sagala kakawasaan.
Pinunjul, digjaya, matak sieun liwat saking.
Mantenna tara pilih kasih, tara pandang
ruruba.
18 Sipat-Na jujur satia, sanajan ka nu pahatu
atawa ka randa-randa. Heman ka anu marilu
hirup di urang, sarua dipaparinan dahar pake.
19 Mana kudu mikaheman ka anu eukeur
ngumbara, da maraneh oge kungsi ngumbara
di Mesir.
20 Masing anut ka PANGERAN, Allah
maraneh, ngabakti ngan ka Mantenna bae
wungkul. Sing sujud tumutur, sarta ari ikrar
sumpah ngan kudu ku karana jenengana-Na
bae.
21 Sanggakeun puji ka Mantenna, da
Mantenna teh Allah maraneh, tur ku
maraneh ge enggeus kasaksi naon-naon
dadamelana-Na anu aragung jeung araheng,
pikeun maraneh.
22 Basa karuhun maraneh mimiti daratang
ka Mesir kabehna ngan tujuh puluh urang. Ari
maraneh ayeuna ku PANGERAN Allah maraneh
didamel sakieu lobana, lir bentang-bentang di
langit ku loba-lobana."
11 1 "Mana kudu nyaraah ka PANGERAN.
Salawasna kudu narurut kana sagala
papakon-Na.
2 Sing aringet ayeuna naon-naon anu geus
kanyahoan ku maraneh perkara PANGERAN

tina nu geus kaalaman ku maraneh. Anak-
anak maraneh mah teu ngalaman hal-hal cara
kitu. Maraneh anu geus narenjo kapunjulan
PANGERAN, anu narenjo kakawasaana-Na,
kadigjayaana-Na, jeung sagala mujijat-Na.
3 Maraneh anu narenjo dikumahakeun raja
Mesir jeung sakuliah nagarana ku Mantenna.
4 Maraneh anu narenjo kumaha
dimusnakeunana balad Mesir anu ngudag ka
maraneh, ku PANGERAN dilelepkeun kabeh
di Laut Beureum katut pasukan kuda jeung
kareta-karetana.
5 Maraneh anu geus ngarasa kumaha
pitulung Mantenna di gurun, samemeh
maraneh nepi ka dieu.
6 Kitu deui anu dipidamel ku Mantenna ka
Datan jeung Abiram anakna Eliab urang
Rubin. Kapan katenjo ku sarerea eta dua
jelema teh dilegleg ku bumi anu ngadadak
beulah, dicapluk jeung sakulawargana
katut jalma-jalma anu bariluk, katut jeung
ingon-ingonna.
7 Maraneh, nya maraneh anu narenjo eta
kajadian-kajadian dadamelan PANGERAN anu
sakitu harebatna teh."
8 "Anu matak estokeun ieu papakon-papakon
Mantenna anu ku Bapa keur diwurukkeun.
Lamun kitu maraneh bisa terus meuntas
ngarebut tanah anu keur dijugjug ayeuna.
9 Sarta engke bisa tetep renggenek di tanah
anu kacida gemah ripahna, anu dijangjikeun

ku PANGERAN yen bakal dipaparinkeun ka karuhun maraneh turun-tumurun.
10 Eta tanah anu rek direbut teh jauh pisan bedana ti tanah Mesir urut maraneh bareto. Di Mesir mah maraneh rek pepelakan teh kudu hese cape heula, kudu ngatur heula picaieunana.
11 Sabalikna tanah anu rek direbut mah loba gunungna loba lebakna, tanahna riduh ku hujan.
12 Eta mah tanah sataun-sataunna teh dijaga jeung ditalingakeun ku PANGERAN Allah maraneh.
13 Mana kudu sing narurut kana timbalan-timbalan Mantenna anu ku Bapa diwurukkeun ayeuna. Sing nyaraah ka PANGERAN Allah maraneh teh, sing saruhud kumawula ka Mantenna.
14 Lamun kitu, lahan-lahan maraneh teh engke ku PANGERAN disiram ku hujan dina musimna, sanggeus maraneh panen, jeung dina waktu mimiti melak. Maraneh bakal cukup gandum, anggur jeung minyak jetun.
15 Jukut keur sapi moal kurang, jeung sagala dahareun aya.
16 Jadi poma ulah nepi ka ingkar ti PANGERAN tuluy nyembah ka allah-allah sejen.
17 Lamun lampah maraneh kitu geus tangtu PANGERAN bendu. Mantenna moal nurunkeun hujan; tanah maraneh jadi garing moal

ngabijilkeun hasil. Maraneh geus tangtu
tereh maraot, sanajan eta tanah paparin ti
Mantenna teh kacida alusna.
18 Aringetkeun ieu papakon-papakon teh,
pupusti. Cangreudkeun dina leungeun,
sangsangkeun dina tarang, supaya teu weleh
inget.
19 Wurukkeun ka barudak, jeung kudu
dipagunemkeun, keur di imah, keur di
mana-mana, keur ngaso, keur barang gawe.
20 Tuliskeun dina tihang panto, di imah jeung
di lawang buruan.
21 Lamun kitu maraneh saanak-anak bakal
tumuluy saumur-umur nya matuh di tanah
anu ku PANGERAN geus dijangjikeun ajang
karuhun maraneh, bakal tetep renggenek di
dinya sapanjang langit ngauban bumi.
22 Sing saruhud nya ngestokeun sagala
papakon anu diwurukkeun ku Bapa, nya
eta: Nyaah ka PANGERAN Allah maraneh,
ngalakonan sagala timbalana-Na jeung satia
ka Mantenna.
23 Engke ari maraneh geus maju, bangsa-
bangsa di ditu anu leuwih gede jeung
leuwih kuat ti maraneh, ku PANGERAN bakal
disingkirkeun kabeh, nepi ka tanah urutna
bisa dicokot ku maraneh.
24 Tanah mana bae anu katincak ku dampal
suku maraneh bakal jadi milik. Pilegaeunana
wewengkon maraneh ti kidul ti semet gurun
keusik, kebat ka kaler nepi ka Pagunungan

Libanon, ti wetan ti semet Walungan Eprat
kebat ka kulon nepi ka basisir Laut Tengah.
25 Ka mana bae maneh ngajugjug di eta
tanah, pribumina ku PANGERAN bakal disina
sarieuneun. Kitu jangji Mantenna. Moal aya
anu bisa ngahalang-halang ka maraneh.
26 Ayeuna Bapa rek mere piliheun,
piberkaheun atawa panyapa.
27 Nu piberkaheun, nya eta lamun maraneh
ngestokeun timbalan-timbalan PANGERAN
Allah maraneh anu ku Bapa diwurukkeun
ayeuna.
28 Anu panyapa nya eta lamun maraneh
ingkar tina ieu papakon sarta nyembah ka
allah-allah sejen anu tadina maraneh can
nyaho-nyaho acan.
29 Engke lamun maraneh ku PANGERAN geus
diasupkeun ka tanah anu rek direbut tea,
anu bakal piberkaheun dijalankeunana kudu
di Gunung Gerisim, anu bakal jadi panyapa
kudu di Gunung Ebal.
30 (Ieu gunung duanana aya di peuntas
kulon Walungan Yordan, di wewengkon urang
Kanaan anu maratuh di Lebak Walungan
Yordan. Pernahna ngujur ka kulon, teu jauh
ti sapasang tangkal di More, deukeut kota
Gilgal.)
31 Moal lila deui maraneh bakal meuntasan
Walungan Yordan, bakal ngarebut tanah anu
ku PANGERAN bakal dipaparinkeun.

32 Lamun maraneh enggeus maratuh di ditu,
peupeujeuh ieu papakon-papakon anu ayeuna
diwurukkeun ku Bapa teh arestokeun."
12 1 "Aya deui pikukuh-pikukuh anu
kudu digumatikeun saumur hirup, di
tanah anu rek dipaparinkeun ka maraneh ku
PANGERAN, Allah maraneh. Darengekeun!
2 Tempat-tempat anu ku urang ditu diparake
ngabakti ka allah-allahna di gunung-gunung,
di pasir-pasir, jeung di handapeun tangkal-
tangkal anu ngararoyom kabeh ku maraneh
kudu digempur.
3 Altar-altarna remukkeun, pilar-pilar
karamatna ancurkeun, arca-arca Dewi Asera
sesembahanana duruk, brahala-brahalana
cacag, sangkan henteu disarembah deui.
4 Adat ibadah urang ditu ka allah-allahna ku
maraneh ulah diturutan dipake ngabakti ka
PANGERAN Allah maraneh.
5 Tempat pikeun ngadeuheus jeung ngabakti
ka Mantenna kudu ngabaku, tur kudu
ngan hiji. PANGERAN ku manten anu bakal
nangtukeun tempatna, milih salah sahiji
wewengkon ti kaom-kaom maraneh.
6 Ka dinya maraneh kudu nyanggakeun
kurban-kurban anu dibeuleum, jeung anu
rupa-rupa deui, nyanggakeun perpuluhan,
jeung pangbakti-pangbakti sejen, kurban
mayar panadaran, kurban sukarela, jeung
bakti cikal sapi kitu deui cikal domba.

7 Nya di dinya, di payuneun PANGERAN
Allah maraneh, maraneh sakulawarga nya
kudu dahar jeung ngarasakeun kabungah
tina usaha anu geus hasil ku karana berkah
Mantenna.
8 Engke dina waktuna, kalakuan teh ulah
cara anu enggeus-enggeus. Nepi ka ayeuna
maraneh ngabakti teh sakarep-karep bae,
9 lantaran tacan matuh di tanah anu rek
dipaparinkeun, jadi tacan boga pamatuhan
anu aman.
10 Sanggeus maraneh meuntasan Walungan
Yordan, tangtu ku PANGERAN ditulungan
pikeun nempatan jeung nyicingan eta tanah.
Mantenna baris ngajaga maraneh ti sakabeh
musuh. Hirup maraneh baris lugina.
11 PANGERAN bakal milih hiji tempat keur
paranti maraneh ngabakti ka Mantenna.
Nya ka dinya maraneh kudu ngajugjug
pikeun nyanggakeun sakur anu ku Bapa geus
ditataan, nya eta: kurban-kurban beuleuman
jeung kurban-kurban lianna, bakti perpuluhan
jeung pangbakti husus anu ku maraneh geus
dijangjikeun ka PANGERAN.
12 Sing barungah aya di payuneun Mantenna
teh, reujeung anak, reujeung para badega,
reujeung ahli-ahli Lewi anu salembur jeung
maraneh, da kapan maranehna mah henteu
dibagianan tanah milik.
13 Jadi nyanggakeun kurban teh ulah
sambarang di mana bae,

14 kudu di tempat anu geus dibakukeun ku
PANGERAN, tur ngan eta-etana, anu engke ku
PANGERAN dipilih ti salah sahiji wewengkon
kaom-kaom maraneh. Ngan di tempat eta
maraneh meunang nyanggakeun kurban
anu dibeuleum teh, kitu keneh nyanggakeun
rupa-rupa deui saperti anu ku Bapa geus
ditataan tadi.
15 Tapi ari meuncit keur dahareun biasa
mah di mana-mana ge meunang. Masih rek
meuncit sakumaha lobana oge pek bae, eta
mah kumaha dipaparinna milik ku PANGERAN
bae. Jeung ari anu kitu mah sing saha bae
oge meunang ngadahar, boh nu susuci, boh
nu henteu, taya bedana ti jeung ngadahar
daging uncal atawa mencek.
16 Ngan getihna poma ulah didahar, kudu
sina ngucur kana taneuh kawas cai.
17 Anu baris disanggakeun ka PANGERAN,
sarupa ge teu meunang aya anu didahar di
tempat cicing maraneh, boh perpuluhan-
perpuluhan tina gandum, cianggur jeung
minyak jetun, boh sapi cikal atawa embe
domba cikal, kitu deui pamayar panadaran
ka PANGERAN, pangbakti suka rela, jeung
kurban-kurban sejenna.
18 Bangsa kieu mah didaharna kudu di
payuneun PANGERAN bae, di tempat hiji-
hijina anu geus dibakukeun ku PANGERAN,
Allah maraneh. Didaharna bareng jeung anak,
jeung para badega, jeung ahli-ahli Lewi anu

salembur jeung maraneh, dibarengan ku suka
sukur dumeh geus bisa ngalampahkeun kitu.
19 Jeung omat, saumur-umur ge maraneh di
ditu teh ulah nepi ka neler-neler urang Lewi.
20 Lamun wewengkon maraneh ku
PANGERAN Allah maraneh geus dijadikeun
tambah lega sakumaha jangji-Na, bisi
harayang ngadahar daging, iraha-iraha ge
meunang.
21 Upama ka tempat ngabakti teh kacida
jauhna, heug maraneh hayang meuncit sapi
atawa domba paparin ti PANGERAN, pek bae,
jeung dagingna meunang didahar di imah,
sakumaha ceuk Bapa tadi.
22 Nu suci nu henteu taya halangan ngadahar
eta, sakumaha ka daging uncal atawa
mencek.
23 Ngan getihna kahade ulah kadahar, karana
getihna teh nyawana. Daging teu meunang
didahar jeung nyawana.
24 Getihna kudu dikucurkeun kana taneuh
kawas cai, teu meunang dijieun dahareun.
25 Lamun garumati kana hal ieu, maraneh
bakal kagalih ku PANGERAN, bakal jamuga
saanak incu.
26 Ngan sakur-sakur anu disucikeun
pikeun PANGERAN, kurban-kurban jeung
pangbakti-pangbakti anu tumali jeung ikrar
ka PANGERAN, eta mah kudu disanggakeun
ka tempat ngabakti anu hiji tea.

27 Kurban beuleuman jeung kurban anu
dagingna didahar, kudu dibaktikeun dina altar
PANGERAN, sarta getihna kucurkeun kana
altar.
28 Tarurut sing gumati sakur anu ku Bapa
diparentahkeun teh, supaya maraneh
saanak incu jamuga saumur-umur, lantaran
ngalampahkeun anu bener, anu sapagodos
jeung manah PANGERAN, Allah maraneh."
29 "Lamun maraneh enggeus ngarurug
eta tanah, bangsa-bangsa urang ditu bakal
dibasmi ku PANGERAN Allah maraneh,
tanahna bisa dirampas terus diandih.
30 Sanggeus eta bangsa-bangsa tumpes ku
PANGERAN, pacuan maraneh kairid ku tata
ibadahna, matak bahla. Ulah harayang nyaho
caraning maranehna ngajalankeun ibadah ka
allah-allahna, bisi maraneh oge kitu.
31 Kahade, ngabakti ka Allah mah ulah
make tata cara maranehna ngabarakti ka
allah-allahna. Sabab cara-cara ngabarakti ka
allah-allahna teh estu matak pikagirukeun
PANGERAN. Malah sok mareuncit anakna
sorangan diduruk dina altar pamujaanana.
32 Heug garumatikeun ieu piwuruk Bapa sing
cara kitu, ulah leuwih ulah kurang.
13 1 Bisa jadi engke aya nabi atawa tukang
norah impian-impian, nyebutkeun yen
bakal aya mujijat atawa kaahengan,
2 anu maksudna rek ngagembang, sangkan
maraneh ngabakti ka allah-allah anu

samemehna tacan disembah ku maraneh.
Kahade, najan upama panorahna bukti oge,
3 maraneh ulah kagoda. Eta jelema saenyana
keur dianggo jalan ku PANGERAN anu rek
nguji kasuhudan hate maraneh ka Mantenna.
4 Sing junun ka PANGERAN, sing hormat, sing
ngesto jeung tigin kana sagala timbalana-Na,
ngabakti sarta satuhu.
5 Hukum paeh sakur tukang norah impian,
atawa nabi anu ngicuk-ngicuk sangkan
maraneh ngalawan ka PANGERAN, anu
ngaluarkeun maraneh ti Mesir urut maraneh
dibadegakeun. Eta jelema teges doraka,
ngagembang ka maraneh ngajak ingkar tina
lampah hirup anu dipundut ku PANGERAN.
Paehan bae, supaya maraneh luput tina dosa
sarupa kitu.
6 Bisa jadi malah aya dulur, atawa anak
lalaki, anak awewe, pamajikan, atawa sobat
dalit, ngajak nyembah ririkipan ka allah-allah
sejen, anu ku maraneh jeung ku karuhun
maraneh can kungsi disembah.
7 Teu mustahil ti antarana aya anu ngagoda
ka maraneh, ngajak ngabakti ka allah-allah
urang dinya anu deukeut-deukeut ka maraneh
atawa anu jauh.
8 Ulah kabengbat, ulah didenge. Ka jelema
kitu ulah karunya atawa watir, ulah hayang
ngabela.
9 Paehan! Benturan ku batu, maraneh anu
kudu nimpugan ti heula, tuluy ku sarerea.

10 Haben timpugan ku batu nepi ka paeh!
Sabab ngajak ingkar ti PANGERAN Allah
maraneh, anu nyalametkeun maraneh ti
Mesir, tempat maraneh dibadegakeun.
11 Sina kauar-aer ka sakumna bangsa Israil,
sina sarieuneun, supaya ulah aya deui anu
migawe kadorakaan saperti kitu.
12 Di mana maraneh geus maratuh di
kota-kota anu geus dipaparinkeun ku
PANGERAN Allah maraneh, lamun ngadenge
beja
13 aya bangsa sorangan anu bangkawarah
ngamurtadkeun warga kota sina ngabarakti
ka allah-allah sejen anu ku maraneh tara
disembah,
14 dongdon, talengteng sing gemet. Lamun
enya aya kajadian kitu,
15 jelema-jelemana paehan kabeh katut
jeung ingon-ingonna. Kotana tumpurkeun.
16 Harta bandana tumpukkeun di alun-alun,
duruk kotana jeung sagala eusina, jieun
kurban ka PANGERAN Allah maraneh, sina
kari urut sapapanjangna. Ulah diadegkeun
deui.
17 Naon bae anu asal ti dinya kudu
diharamkeun, basmi sama sakali. Kade, ulah
aya anu dicokot keur diri sorangan. Sangkan
PANGERAN lemper benduna, kersaeun
mikawelas ka maraneh, kersaeun maparin
kurnia ngalobakeun bilangan maraneh,
sakumaha jangji-Na ka karuhun maraneh,

18 asal maraneh tetep ngestokeun sagala
parentah Mantenna, ngalampahkeun sagala
pamundut-Na, sakumaha anu ku Bapa
ditepikeun poe ieu."
14 1 "Maraneh teh umat PANGERAN Allah
maraneh. Lamun katinggal maot ulah
sok nurihan maneh atawa ngabotakan sirah
lebah tarang kawas adat bangsa sejen.
2 Maraneh mah milik Gusti PANGERAN Allah
maraneh. Geus dipisahkeun ti bangsa-bangsa
sejen, dijadikeun umat Mantenna."
3 "Naon-naon anu diharamkeun ku
PANGERAN ulah didahar.
4 Sato anu meunang didahar dagingna nya
eta: sapi, domba, embe,
5 mencek, domba leuweung, embe leuweung,
atawa uncal,
6 tegesna sato anu cekerna beulah dua jeung
ngagayem.
7 Sato anu teu ngagayem jeung anu kukuna
teu beulah, teu meunang didahar. Onta,
kelinci, marmot, teu meunang didahar, enya
ge ngagayem tapi cekerna henteu beulah.
8 Babi kudu diharamkeun, sabab enya ge
cekerna beulah dua tapi henteu ngagayem.
Ulah-bon didahar, dicabak bangkena ge ulah.
9 Sagala rupa lauk anu cecepetan jeung
sisitan meunang didahar.
10 Sato cai anu henteu cecepetan atawa
henteu sisitan kudu diharamkeun, ulah
didahar.

11 Sagala rupa manuk anu halal meunang
didahar.
12 (14:12-18) Anu henteu meunang didahar
nya eta: rajawali, bueuk, rupa-rupa heulang,
dadali, alap-alap, kaak, gagak, manuk onta,
camar, belokok jeung rupa-rupa manuk
bango, julang, kapimis, koreak jeung kalong.
13 (14:12)
14 (14:12)
15 (14:12)
16 (14:12)
17 (14:12)
18 (14:12)
19 Bangsa serangga anu jarangjangan
haram, teu meunang didahar.
20 Bangsa serangga anu henteu haram,
meunang didahar.
21 Sato anu paeh ku maneh teu meunang
didahar, tapi meunang didahar ku urang asing
anu cicing di maraneh, atawa jual ka urang
asing. Omat, maraneh mah ulah ngadahar,
da geus jadi milik PANGERAN Allah maraneh,
umat kagungana-Na. Jeung ulah ngulub
daging anak domba atawa anak embe ku
cisusu indungna."
22 "Hasil bumi saban taun kudu dijakatkeun
saperpuluh.
23 Perpuluhan gandum, cianggur, minyak
jetun, cikal sapi, cikal domba, bawa sarta
dahar di tempat ngabakti ka PANGERAN
beunang ngabakukeun Mantenna. Biasakeun

kitu nandakeun maraneh saumur-umur
ngamulyakeun ka PANGERAN Allah maraneh.
24 Upama tempat ngabakti teh jauh teuing ti
imah nepi ka hese mawa perpuluhan berkah
PANGERAN ka ditu, kieu bae:
25 Perpuluhanana jual heula. Anu dibawa ka
tempat anu dipilih ku PANGERAN teh duitna.
26 Beulikeun kana naon bae: sapi atawa
embe domba, anggur atawa tuak. Pek di
eta tempat, di payuneun PANGERAN Allah
maraneh, maraneh dalahar jeung kulawarga,
sarta senang-senang.
27 Ulah poho ka urang Lewi batur sakota,
kawantu teu barogaeun tanah milik.
28 Unggal-unggal tutup taun katilu, maraneh
kudu marawa saperpuluhna tina hasil tanah,
kumpulkeun di kota-kota maraneh.
29 Eta bahan dahareun teh keur urang
Lewi, da teu barogaeun tanah milik, pikeun
urang asing, pikeun yatim pahatu jeung
randa-randa, anu caricing di kota-kota
maraneh. Maranehna meunang daratang
nyarokot naon bae butuhna. Lamun hal
eta ku maraneh dilampahkeun, sagala
usaha maraneh tangtu baris diberkahan ku
PANGERAN Allah maraneh."
15 1 "Unggal-unggal tutup taun katujuh,
sakur anu baroga hutang duit ka
maraneh, hutangna kudu dipupus.
2 Nya eta sakur anu ngarinjeumkeun duit ka
sasama Israil deui, pihutangna ulah ditagih,

kudu dilubarkeun bae. Sabab PANGERAN ku
manten anu ngembarkeun, yen mangsa eta
hutang-hutang kudu dilubarkeun.
3 Pihutang ka nu henteu sabangsa meunang
ditagih. Pihutang ka sasama bangsa mah ulah
ditagih.
4 Jeung ongkoh sasama bangsa sorangan
mah moal aya anu miskin, sabab eta tanah
anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah
maraneh teh ku Mantenna bakal diberkahan,
5 asal maraneh saruhud ngesto ka Mantenna
sarta tigin kana sagala hal anu ku Bapa
diwurukkeun poe ieu.
6 PANGERAN tangtu ngaberkahan ka
maraneh sakumaha pangandika-Na. Maraneh
moal nepi ka kudu nginjeum ka bangsa sejen,
sabalikna bakal nginjeumkeun. Moal nepi ka
dikawasaan ku bangsa sejen, sabalikna bakal
ngawasaan ka maranehna.
7 Bisi bae di salah sahiji kota di tanah
anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah
maraneh, aya sasama bangsa sorangan anu
kakurangan, maraneh ulah koret, ulah nepi
ka teu nulungan.
8 Bere nginjeum sakumaha pangabutuhna,
kudu balabah.
9 Ulah nepi ka mogogan mere nginjeum
pedah upamana bae dumeh geus deukeut
kana taun ngalubarkeun. Ulah kaasupan
pikiran goreng kawas kitu. Sabab upama
maneh nepi ka embung mere nginjeum, anu

nginjeum teh bakal jumerit ka PANGERAN
ku hal maneh, geus tangtu matak dosa ka
maneh.
10 Nu matak sing rido mere nginjeum
ulah ngeked, supaya sagala usaha maneh
meunang berkah ti PANGERAN.
11 Moal nepi ka teu aya urang Israil anu
miskin jeung walurat, tangtu aya bae.
Nu matak Bapa meupeujeuhan pisan sing
balabah ka maranehna."
12 "Lamun aya sasama bangsa, lalaki atawa
awewe ngajual diri kumawula ka maraneh,
lamun kumawulana geus genep taun, dina
mimiti taun anu katujuh kudu dilepas, sina
bebas.
13 Tapi ulah disina balik kitu bae teu
dibekelan naon-naon.
14 Kudu dibekelan masing loba, naon bae
pangaboga maneh, domba, gandum, anggur.
15 Kudu rarumasa maraneh oge bareto
bubudak di Mesir, geuning ku PANGERAN
Allah maraneh dileupaskeun. Eta sababna
Bapa marentahkeun kitu ka maraneh teh.
16 Tapi teu mustahil anu kumawula teh
embungeun balik tina geus ngarasa betah
jeung nyaaheun ka maraneh sakulawarga.
17 Lamun kitu bawa nu kumawula teh kana
panto imah, tindik ceulina teueulkeun kana
panto, nandakeun yen saumur hirupna seja
kumawula ka maraneh. Nu awewe oge kudu
dikitukeun.

18 Dina waktuna ngalepas ulah ngarasa
lebar, karana sajero genep taun kumawula ka
maneh, upahna ngan satengahna ti upah anu
buburuh biasa. Pek arestokeun kitu, sangkan
sagala usaha maraneh meunang berkah
PANGERAN."
19 "Sakabeh cikal sapi jeung cikal domba
anu jalu kudu disucikeun pikeun PANGERAN
Allah maraneh. Sapina teu meunang dipake
magawe, dombana teu meunang diala
buluna.
20 Saban taun eta cikal-cikal teh sanggakeun
ka PANGERAN di tempat anu baku paranti
ngabakti, tuluy kudu didalahar di dinya
sakulawarga, di payuneun Mantenna.
21 Tapi lamun satona cacad, cingked atawa
pecak, atawa cacad leuwih ti kitu, teu
meunang disanggakeun ka PANGERAN Allah
maraneh.
22 Nu kitu mah peuncit bae di imah jeung
bisa didahar ku saha bae, ku nu suci ku nu
henteu, cara daging uncal atawa mencek.
23 (15-22b) Ngan getihna ulah didalahar,
kudu dikucurkeun kana taneuh cara cai."
16 1 "Unggal bulan Abib kudu mestakeun
Paska pikeun ngamulyakeun ka
PANGERAN Allah maraneh. Sabab nya dina
bulan eta dina hiji peuting bareto maraneh ku
Mantenna diluputkeun ti Mesir.
2 Dina waktuna, maraneh kudu arindit ka
tempat ngabakti, sarta di ditu masing-masing

kudu meuncit embe domba atawa sapi
hiji pikeun dahar Paska, ngamulyakeun ka
PANGERAN Allah maraneh.
3 Didaharna kudu jeung roti anu teu make
ragi. Tujuh poe lilana ulah ngadalahar roti
anu make ragi, cara bareto basa maraneh
rurusuhan budal ti mesir. Roti kitu disebutna
roti kabalangsakan. Maksudna pikeun jadi
pangeling-eling saumur hirup kana poean
maraneh budal ti mesir, ti tempat maraneh
kabalangsak.
4 Di sakuliah wewengkon dina waktu eta di
unggal imah ulah aya anu ngagunakeun ragi,
tujuh poe lilana. Daging sato anu dipeuncit
dina peutingan poe kahiji kudu beak didahar
peuting eta keneh.
5 (16:5-6) Sato-sato pikeun Paska
dipeuncitanana kudu di hiji tempat bae,
nya eta di tempat ngabakti, teu meunang
di mana-mana di sakuliah wewengkon
anu dipaparinkeun ku PANGERAN Allah
maraneh. Dipeuncitanana kudu sanggeus
surup panonpoe, cara dina poean maraneh
ninggalkeun Mesir.
6 (16:5)
7 Dagingna kulub tuluy kudu didalahar di
dinya keneh di tempat ngabakti. Poe isukna,
isuk-isuk kudu baralik.
8 Ngadalahar roti teu make ragi teh kudu
terus keneh genep poe deui. Dina katujuh
poena maraneh teu meunang barang gawe,

kudu kumpul ngabakti ka PANGERAN Allah maraneh."
9 "Dina usum dibuat gandum, ti barang
ngamimitian dibuat maraneh kudu ngitung
waktu tujuh minggu.
10 Geus kitu kudu ngayakeun Pesta Panen,
pikeun ngamulyakeun ka PANGERAN Allah
maraneh, ku jalan nyanggakeun pangbakti
suka rela ka PANGERAN Allah maraneh,
sakadarna nurutkeun gedena rejeki anu
katarima ti Mantenna.
11 Sing barungah di payuneun PANGERAN, di
tempat anu dipilih ku Mantenna tea, bareng
jeung anak, para badega, urang Lewi, urang
asing, para yatim pahatu, jeung randa-randa
anu caricing di kota-kota maraneh.
12 Peupeujeuh ieu pikukuh-pikukuh teh
gumatikeun. Ulah paroho, maraneh bareto di
Mesir geus dibadegakeun."
13 "Sanggeus beres ngirik gandum jeung
meres buah anggur, maraneh kudu nyieun
Pesta Saung Daun lilana tujuh poe.
14 Pek saruka-suka jeung anak, para badega,
urang Lewi, urang asing, para pahatu,
randa-randa, batur sakota.
15 Pestana tujuh poe di tempat anu geus
baku paranti ngabakti, pikeun ngamulyakeun
ka PANGERAN Allah maraneh. Sing bungah
lantaran PANGERAN geus ngaberkahan hasil
bumi jeung pagawean maraneh.

16 Tilu kali di jero sataun sakabeh
jelema bangsa maraneh kudu ngabarakti
ka PANGERAN di tempat parantina,
ngalaksanakeun tilu rupa pesta: Pesta Paska,
Pesta Panen, Pesta Saung. Unggal jalma kudu
mawa pangbakti,
17 sakumaha bae kadugana nurutkeun
gedena rejeki anu katarima ku maraneh ti
PANGERAN Allah maraneh."
18 "Di saban kota anu dipaparinkeun ku
PANGERAN ka maraneh, kudu aya hakim
sababaraha urang, kitu deui gegeden lianna,
anu kudu nguruskeun perkara reujeung adil.
19 Nimbang perkara ulah sawenang-wenang,
ulah beurat sabeulah, ulah kasogok, sabab
pangruruba teh bisa ngabutakeun najan ka
nu wijaksana jeung jujur oge, nepi ka salah
mutus perkara.
20 Mana salawasna kudu lempeng
satemenna, supaya bisa maratuh nepi
ka tetep renggenek di eta tanah anu
dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh.
21 Di sisi altar pikeun PANGERAN Allah
maraneh ulah aya arca brahala tina kayu anu
ngalambangkeun Asera.
22 Jeung teu meunang nyieun pilar batu
pikeun ngabakti ka brahala. Barang kitu kaijid
PANGERAN.
17 1 Ulah ngurbankeun sapi atawa embe
domba cacad ka PANGERAN Allah
maraneh, Mantenna moal kersaeun.

2 Upamana, maraneh meunang beja di salah
sahiji kota maraneh aya jelema lalaki atawa
awewe anu migawe dosa ka PANGERAN,
ingkar tina perjangjian Mantenna,
3 ngabakti jeung ngawula ka allah-allah
sejen, atawa nyembah ka panonpoe atawa
ka bulan atawa ka bentang-bentang, anu
papalingpang jeung pangandika PANGERAN.
4 Lamun meunang beja kitu kudu
ditalengteng sing gemet. Upama enya di Israil
aya lampah doraka kitu,
5 bawa jelemana ka luareun kota, tuluy
tenggoran ku batu nepi ka paeh.
6 Tapi samemeh prak kudu aya saksi heula
duaan atawa leuwih, anu ngaenyakeun kana
dosana. Lamun saksina ngan saurang, ulah
tulus dipaehan.
7 Anu kudu nenggor ti heula ku batu
saksi-saksi, ti dinya kakara jalma rea
nalenggoran eta jelema ku batu. Ku jalan kitu
maraneh numpes eta kadorakaan.
8 Bisa jadi aya perkara anu hese diputusna
ku hakim di salah sahiji kota, upamana bae
urusan tanah milik, urusan anu ngarogahala,
atawa perkara ngabedakeun antara anu
maehan ngahaja jeung teu kahaja. Upama
aya urusan kitu, hakim kudu muru ka tempat
ngabakti anu dipilih ku PANGERAN Allah
maraneh.

9 Bejakeun perkarana ka imam-imam Lewi
jeung ka hakim anu keur tugas di dinya, sina
diputus ku aranjeunna.
10 Nya aranjeunna anu baris mutusna, sarta
maraneh kudu ngajalankeun sing taliti sakur
anu disaurkeun ku aranjeunna.
11 Sakur anu diputuskeun jeung ditangtukeun
ku aranjeunna jalankeun ulah aya anu kaliwat.
12 Sing saha anu wani-wani nolak putusan
ti hakim jeung imam-imam anu keur tugas,
kudu dipaehan, supaya eta kadorakaan
tumpes ti Israil.
13 Jeung supaya anu ngadenge eta perkara
jadi sieuneun, ambeh ulah aya deui anu
wani-wani nyieun peta kitu."
14 "Lamun maraneh geus arasup ka tanah
anu bakal dipaparinkeun ku PANGERAN Allah
maraneh sarta geus tetep tumetep, bisa
jadi harayang boga raja cara bangsa-bangsa
sakurilingna.
15 Lamun arek nyieun raja, kudu milih jelema
anu kapilih ku PANGERAN, jeung kudu bangsa
sorangan. Ulah milih pirajaeun ti urang asing.
16 Raja teu meunang boga kuda loba-loba
keur baladna jeung teu meunang nitah
rahayat ka Mesir meuli kuda, sabab
PANGERAN geus ngandika, yen umat-Na teu
meunang ka ditu deui.
17 Raja ulah loba pamajikan, bisi matak
ingkar ti PANGERAN, jeung teu meunang
boga perak jeung emas loba-loba.

18 Lamun geus jeneng, raja kudu dibere
buku anu eusina hukum-hukum Allah jeung
pikukuh-pikukuh-Na, salinan tina aslina anu
disimpen ku imam-imam Lewi.
19 Eta buku salinan ulah jauh ti raja,
bacaeunana saumur hirup, sangkan daek
ngamulyakeun ka PANGERAN, daek enya-
enya ngestokeun sakur anu kaungel di
dinya,
20 jeung supaya ulah boga rasa punjul ti
sasama urang Israil, ulah datang ka ingkar
tina patokan-patokan PANGERAN. Sangkan
awet marentahna, sarta karajaan Israil sina
tumurun ka anak incuna sapapanjangna."
18 1 "Ari imam-imam kaom Lewi, ku
sabab henteu meunang bagian tanah
milik, mareunangna pangasilan teh tina
kurban-kurban jeung pangbakti-pangbakti
anu dihaturkeun ka PANGERAN.
2 Maranehna teu meunang aya anu boga
tanah milik cara kaom-kaom sejen, tapi
dibere hak jaradi imam PANGERAN, sakumaha
pangandika Mantenna tea.
3 Tiap-tiap aya kurban, sapi atawa domba,
suku hareup ti semet walikat, cacapek, jeung
kekemplong, kudu dibikeun ka para imam.
4 Hasil gandum munggaran, cianggur,
minyak jetun jeung bulu domba, eta ge jang
bagian maranehna.
5 Pangna kudu kitu, lantaran ti sakabeh
kaom, kaom Lewi mah ku PANGERAN geus

dibakukeun salawasna kudu ngimaman
ngalalayanan Mantenna.
6 Upama aya urang Lewi asal ti kota mana
bae di Israil datang ka tempat ngabakti anu
dipilih ku PANGERAN, sarta hayangeun cicing
di dinya,
7 manehna meunang ngalakonan tugas
imamna ngalalayanan PANGERAN Allahna,
cara urang Lewi lianna anu tugas di eta
tempat.
8 Eta oge kudu dibere bagian dahareun
hakna, sing sarua jeung nu sejen sasamana
imam. Kitu deui naon bae pangirim ti
kulawargana, eta ge keur manehna."
9 "Saupama geus maratuh di tanah anu
rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah
maraneh, peupeujeuh ulah nurutan kalakuan
bangsa-bangsa urang ditu.
10 Ulah ngaduruk anak dijieun kurban
dina altar. Ulah aya bangsa maraneh anu
metangan atawa nujum, ngajampe,
11 atawa neangan tanda-tanda galagat,
atawa ngumaha ka arwah jelema anu geus
paraeh.
12 PANGERAN Allah maraneh mikaijid ka
jelema anu kalakuanana sarupa kitu. Eta
sababna bangsa-bangsa itu ku Mantenna
diusir, disingkahkeun ti hareupeun maraneh.
13 Hirup maraneh kudu satia tuhu ka
PANGERAN."

14 Saur Musa deui, "Bangsa-bangsa di
tanah anu rek direbut tea, laku lampahna
nuturkeun pituah tukang-tukang nujum jeung
tukang-tukang ramal. Maraneh mah teu
meunang kitu, dilarang ku PANGERAN Allah
maraneh.
15 Sabalikna Mantenna baris ngutus hiji nabi
ka maraneh, ti bangsa urang keneh, cara
Bapa ayeuna. Ku maraneh kudu diturut.
16 Basa maraneh kumpul di Gunung Sinai,
maraneh mani menta-menta ka Bapa
supaya ulah dibere deui ngadenge gentra
PANGERAN, ulah dibarere nenjo deui seuneu
kamulyaana-Na, tina ku bawaning sarieun
paeh.
17 Dawuhan PANGERAN ka Bapa harita kieu,
Alus eta jelema-jelema marenta kitu, bener.
18 Lamun kitu engke ku Kami dibere nabi
bae, anu cara maneh sarta anu asal ti
maranehna keneh. Naon-naon anu kudu
dipicatur ku eta nabi tangtu engke ku Kami
dipapatahkeun. Nya manehna anu bakal
nyaturkeun timbalan-timbalan Kami ka eta
jelema-jelema.
19 Cacaturna kudu mawa jenengan Kami.
Jalma anu teu nurut kana omonganana ku
Kami tangtu dihukum.
20 Tapi sabalikna deui, upama aya nabi anu
lancang nyaturkeun amanat mawa jenengan
Kami, padahal Kami henteu ngadawuhkeun
naon-naon, eta nabi tangtu tiwas. Kitu keneh

nabi anu micatur make ngaran allah-allah sejen.
21 Meureun ceuk maraneh, Kumaha rek kanyahoanana yen anu diucapkeun ku eta nabi teh lain asal ti PANGERAN?
22 Najan mawa jenengan PANGERAN, ari omonganana henteu bukti mah lain asal ti PANGERAN, asal tina karepna sorangan bae, ulah dipikasieun."
19 1 "Sanggeus bangsa-bangsa di tanah anu rek dipaparinkeun tea geus ditumpes ku PANGERAN Allah maraneh, sarta kota-kota jeung imah-imahna geus dicaricingan ku maraneh,
2 (19:2-3) eta tanah kudu dibagi tilu bagian, anu masing-masing ngabogaan hiji kota anu babari diburuna. Gunana, bisi aya jelema anu maehan, bisa kabur nyalindung ka salah sahiji kota kitu.
3 (19:2)
4 Lamun aya jelema tariking cilaka nepi ka niwaskeun batur nu lain musuh, bisa salamet lamun kaburu kabur ka salah sahiji kota anu tilu tea.
5 Upamana kieu: Aya dua jelema bareng arindit ka leuweung rek nuar kai. Nu saurang waktu keur ngulangkeun kampakna kana kai, hulu kampakna coplok, melesat keuna ka baturna nepi ka baturna misan. Anu niwaskeunana kudu gancang kabur ka salah sahiji kota panyalindungan sangkan salamet.

6 Lamun kota anu kitu teh ngan hiji-hijina,
lamun jauh teuing meureun memeh tepi geus
kaberik manten ku baraya anu tiwas, anu
bek eta jelema nu teu salah teh dipaehan
bawaning ku ambek. Padahal niwaskeun
batur soteh geus tariking cilakana bae, lain
ku sabab geuleuh.
7 Kitu maksudna nu matak ceuk Bapa kudu
aya tilu.
8 Lamun wewengkon maraneh ku PANGERAN
geus dilegaan sakumaha pangandika-Na ka
karuhun maraneh bareto, sarta sakuliah eta
tanah ku Mantenna geus diserenkeun ka
maraneh sakumaha pangandika-Na tea,
9 maraneh kudu milih tilu kota deui salian
ti eta. (Eta tanah teh tangtu dipaparinkeun
kabeh, asal maraneh tigin kana sagala
perkara anu ku Bapa diwurukkeun poe ieu,
jeung baroga hate nyaah ka Mantenna,
narurut kana sagala papakon Mantenna.)
10 Ku sabab kitu jalankeun papatah Bapa
anu bieu teh, nya eta milih tilu kota deui,
sangkan jelema-jelema anu teu salah ulah
nepi ka dipaehan, jeung supaya maraneh di
tanah anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN
ulah nepi ka salah maehan jelema anu tanpa
dosa.
11 Sabalikna, jelema anu ngamusuh ka batur
tuluy ngarah nepi ka maehanana, geus kitu
kabur ka salah sahiji kota panyalindungan,

12 nu kitu mah kudu gancang diala ku para
kokolot ti kotana, tuluy serenkeun ka baraya
anu dipaehanana sina dipaehan.
13 Ulah dipikarunya. Israil kudu beresih ti
tukang maehan, supaya maraneh jamuga."
14 "Jeung di eta tanah anu rek dipaparinkeun
ku PANGERAN Allah teh maraneh teu
meunang ngarobah patok wates lahan
tatangga, anu geus ditetepkeun ti dituna."
15 "Pikeun ngabuktikeun kasalahan salah
sahiji jelema, teu cukup saksi saurang.
Saeutikna kudu aya dua saksi anu
ngaenyakeun kana kasalahanana.
16 Lamun aya dua jelema padu, seug anu
saurang nuduh ku tuduhan palsu ngarah anu
dituduhna cilaka,
17 duanana kudu jagrag di tempat ngabakti,
supaya perkarana dipariksa ku para imam
jeung hakim di dinya anu keur tugas.
18 Perkarana ku hakim kudu disusud sing
telik. Lamun bukti yen anu nuduh papada
Israil teh teu bener,
19 kudu hukum ku hukuman anu ku manehna
dipiharep keuna ka anu dituduh. Ku jalan
kitu maraneh nyegah eta kajahatan aya di
maraneh.
20 Sina kauar-aer ka jalma rea sangkan
sarieuneun, sangkan ulah aya deui anu
nyieun kajahatan kawas kitu.
21 Jelemana ulah dipikarunya, hukum sing
satimpal: nyawa bayar nyawa, mata bayar

mata, huntu bayar huntu, leungeun bayar leungeun, suku bayar suku."

20 1 "Lamun maraneh budal ngayonan musuh, heug musuh bogaeun pasukan kareta jeung kuda, turug-turug baladna leuwih gede, maraneh teu kudu rentag. PANGERAN Allah maraneh anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir tan wande nyarengan.
2 Samemeh perang campuh, imam kudu ngahatean balad. Kieu,
3 Eh bangsa Israil! Ayeuna maraneh rek indit jurit. Tong sieun ku musuh. Ulah miris mangsar-mingsir.
4 PANGERAN Allah maraneh bakal nyarengan. Ku Mantenna maraneh tinangtu unggul.
5 Ti dinya tema ku senapati, Saha anu kakara anggeus nyieun imah acan ngayakeun upacara ngaresmikeunana? Jig balik bae, bisi ana paeh di medan perang imahna dicicingan ku batur.
6 Saha anu kakara tas melak anggur can kaburu mupu buahna? Jig balik bae, bisi ana kasambut jurit anggurna batur nu mupu.
7 Saha anu eukeur babakalan tereh kawin? Jig balik bae, bisi ana tiwas kasambut, pipamajikaneunana dikawin batur.
8 Jeung kieu deuih senapati kudu ngomongan ka balad, Saha anu kecing taya kawani? Jig bae balik, bisi matak rentag ka sarerea.
9 Mun geus anggeus senapati ngomongan balad, para pangurus kudu milih pamuk-

pamuk anu kudu ngapalaan pasukan-pasukan.
10 Lamun maraneh pareng ngarurug ka
nagara batur, pribumina sina milih heula rek
nyerah atawa ngalawan.
11 Lamun mukakeun lawang nagarana
tandaning nyerah, jieun babandan bae
jaradikeun kawula, belekesekkeun kana
gawe.
12 Sabalikna lamun arembungeun nyerah,
milih perang, kepung nagarana, lingkung ku
balad.
13 Ana nagarana ku PANGERAN geus
diserenkeun ka maraneh, paehan kabeh
sakur lalaki.
14 Awewena, barudakna, ingon-ingonna
jeung sagala harta bandana cokotan
jang maraneh. Naon bae urut pangaboga
musuh pek parake, da ku PANGERAN geus
diserenkeun ka maraneh.
15 Kitu anu kudu dilarapkeun ka nagara-
nagara anu jarauh ti tanah maraneh anu
bakal dipaparinkeun ku PANGERAN tea.
16 Tapi lamun ngarurug nagara-nagara anu
aya di jero lingkungan tanah maraneh keneh,
anu ku PANGERAN bakal dipaparinkeun tea,
jelemana kabeh kudu dipaehan.
17 Jelema-jelemana kudu ditumpes kabeh:
urang Het, urang Emor, urang Kanaan, urang
Pares, urang Hiwi, jeung urang Yebus. Kitu
dipiwarangna ku PANGERAN.

18 Paehan kabeh bisi engkena mawa
maraneh migawe dosa ka PANGERAN,
ngajarkeun kalakuanana anu pikagirukeun,
nyembah ka allah-allahna.
19 Lamun maraneh ngajorag ka salah sahiji
nagara, sarta kapareng ngepungna lila,
maraneh ulah nepi ka ngagempur sarupaning
tangkal bubuahanana. Bubuahanana pek
alaan, tapi tangkalna ulah diganggu, da
musuh maraneh teh lain tatangkalanana.
20 Kayu keur nyieun benteng paningker
nagarana mah nuaran kayu sejen bae anu
lain tangkal bubuahan."
21 1 "Upamakeun, di nagri anu
dipaparinkeun ku PANGERAN Allah
maraneh teh aya jelema anu kapanggih di
tegal geus paeh lantaran aya anu maehan,
teu nyaho saha nu maehanana.
2 Pamingpin jeung hakim maraneh kudu
kaluar, ngukur anggangna tempat korban ti
kota-kota anu dareukeut ka dinya.
3 Para pamingpin kota anu pangdeukeutna
ka tempat korban kudu mawa hiji sapi ngora
anu tacan meujeuhna dipake magawe.
4 Bawa eta sapi ka hiji susukan anu mayeng
ngocorna, sarta tanah di lebah dinya tacan
pisan diwuluku atawa dipelakan; pinggeskeun
beuheungna di dinya.
5 Para imam Lewi oge kudu ka darinya,
sabab maranehna kudu nyieun putusan
perkara-perkara anu tumali jeung sual

kakerasan. Maranehna ku PANGERAN Allah
maraneh geus diangkat jadi purah ngawulaan
ka Mantenna, jeung purah ngaberkahan jalma
rea kalawan asma PANGERAN.
6 Geus kitu para pamingpin kota anu
pangdeukeutna ka tempat rajapati tea kudu
ngarumbah leungeun luhureun eta sapi anu
geus dipinggeskeun beuheungna,
7 bari ngucap kieu, Kaula sadaya henteu
maehan ieu jelema, jeung henteu terang saha
anu ngarogahalana.
8 Nun PANGERAN, mugi aya piwelas ka umat
Gusti Israil, kenging Gusti nebus ti Mesir.
Hapunten abdi sadaya, sareng luputkeun
tina perkawis patina ieu jalmi anu taya
kalepatanana.
9 Lamun eta katangtuan ti PANGERAN geus
dijalankeun, maraneh leupas tina tanggung
jawab kana eta urusan."
10 "Lamun maraneh, ku PANGERAN Allah
maraneh diunggulkeun perang jeung
meunang tawanan,
11 heug di antara tawanan teh aya awewe
anu geulis, sarta maraneh bogoh, hayang
ngawin.
12 Bawa eta awewe teh ku maraneh ka imah,
tuluy sina ngagunting buukna, ngeureutan
kukuna,
13 jeung sina salin papakean. Keun antep
heula nepi ka sabulan sina nyacapkeun
kaprihatinanana ku hal kolotna anu geus

tariwas. Geus kitu mah taya halanganana dikawin.
14 Lamun maraneh enggeus beak kasukaan ka dirina, pirak bae sina indit ka mana karepna. Ulah dinyenyeri deui, upamana bae dibujangkeun atawa dijual, sabab ku maraneh geus dipanjingan."
15 "Upamana, aya jelema pamajikanana dua. Duanana baroga anak, tapi anakna anu lahir ti heula teh lain ti pamajikan anu jadi kanyaahna.
16 Dina waktuna ngabagi warisan ka anak, ulah nepi ka warisan hak anu cikal teh diwariskeun ka anak ti pamajikan anu pangdipikanyaahna.
17 Warisan keur anak cikal kudu dua kalieun, sanajan lain anak ti pamajikan anu pangdipikanyaahna. Anak cikal kudu diaku anak cikal, hak warisanana kudu dicumponan sakumaha hak anak cikal."
18 "Upamana, aya jelema boga anak wangkelang resep ngalawan, bedang ka kolot teu kalis ku dihukum.
19 Ku kolotna kudu diserenkeun ka kokolot-kokolot kota pamatuhanana sina diadilan.
20 Kecap nyerenkeunana kieu, Ieu pun anak teh bedang, wangkelang tukang ngalawan, awuntah kana artos, sareng resep mabok.
21 Si basangkal teh kudu dibaledogan ku batu ku jalma rea nepi ka paeh. Jadi eta

anu jahat teh dieuweuhkeun ti maraneh.
Perkarana sina kauar-aer supaya urang Israil
anu sejenna sarieuneun."
22 "Upamana, aya jelema jahat dihukum
paeh sarta mayitna digantung dina tihang,
23 eta mayit ulah diantep di dinya
sapeupeuting, kudu diruang poe eta keneh.
Sabab mayit anu diantep dina panggantungan
teh matak ngadatangkeun panyapa Allah
kana tanah. Nu matak kudu terus dikubur
supaya tanah anu engke rek dipaparinkeun
ku PANGERAN Allah maraneh teh ulah nepi ka
jadi najis."
22 1 "Upamana, maraneh nenjo sapi atawa
domba batur sasama urang Israil anu
leupas, ulah kajeunan. Pangnewakkeun,
pulangkeun ka nu bogana.
2 Tapi lamun imah anu bogana jauh atawa
teu nyaho boga saha, bawa balik bae. Lamun
anu bogana datang mapaykeun, bikeun.
3 Kitu keneh lamun anu leupas teh kalde,
atawa lamun nimu pakean, atawa nimu naon
bae barang leuleungiteun batur sabangsa.
4 Upamana, maraneh nenjo aya kalde
atawa sapi boga sasama urang Israil anu
ngedeprek ulah diantep, nu bogana bantuan
ngahudangkeun.
5 Awewe teu meunang make papakean lalaki,
lalaki teu meunang make papakean awewe.
6 Upamana, maraneh kabeneran nenjo
manuk dina sayang keur nyirekeman endogna

atawa anakna, dina tangkal atawa dina taneuh, ulah ditewak.
7 Anakna meunang dicokot. Indungna mah ingkeun sina hiber, supaya maraneh panjang umur reujeung kamuktianana.
8 Lamun maraneh nyieun imah anyar, perelukeun sakuriling lotengna make hahalang, supaya upama aya anu ragrag ti dinya nepi ka paeh, maraneh teu disalahkeun.
9 Kebon anu dipake melak anggur ulah dipelakan pepelakan sejen. Lamun nepi ka kitu, boh buah anggurna boh nu sejenna ku maneh teu meunang diala.
10 Sapi jeung kalde teu meunang disapasangkeun narik wuluku.
11 Ulah make pakean anu tinunanana wol ongkoh kaci ongkoh.
12 Papakean opat tungtung juruna kudu make omyok."
13 "Upamana, hiji lalaki ngawin hiji parawan tapi heuleut teu lila lalakina enggeus beak kasukaan,
14 heug bae jijieunan, nuding majar pamajikanana ti barang dikawin ge geus lain parawan.
15 Lamun aya anu kitu, kolotna awewe tea kudu nyokot tilam panganten anu geus ceda ku getih, pikeun netelakeun yen anakna basa dikawinkeun teh sidik parawan. Eta tilam tembongkeun ka rengrengan kokolot kota.

16 Bapa awewe tea kudu mihatur kieu,
Kuring ngawinkeun pun anak awewe ka Ki
Anu. Ayeuna ku Ki Anu parantos teu dipisuka,
17 sareng dituding majar basa dikawin teh
parantos sanes parawan. Padahal leres pun
anak teh parawan. Tingali ieu buktosna, tilam
pangantenna ceda ku getih!
18 Eta lalaki ku para kokolot kudu ditangkep
tuluy rangket,
19 jeung dimistikeun mayar parurugi ka
bapana awewe tea, lantaran geus ngahina
hiji parawan Israil. Awewena tetep kudu
jadi pamajikanana, saumur-umur henteu
meunang diserahkeun.
20 Sabalikna lamun panudingna bener yen
eta awewe teh henteu bukti kaparawananana,
21 eta awewe kudu dibawa ka lawang
buruan imah bapana, tuluy baledogan ku
batu ku jalma rea nepi ka paeh, sabab
geus ngerakeun bangsa, memeh kawin tur
cicing keneh di bapana geus nyerenkeun
parawanna. Ku jalan kitu eta kadorakaan teh
dieuweuhkeun ti maraneh.
22 Upamana, aya lalaki di hiji kota kanyahoan
manjingan pamajikan batur. Tangkep
duanana, paehan. Ku jalan dipaehan, eta
kadorakaan teh dieuweuhkeun ti maraneh.
23 Upamana, di hiji kota aya lalaki kanyahoan
manjingan budak parawan anu geus boga
papacangan.

24 Giring duanana ka luareun kota, baledogan
ku batu datang ka paeh. Nu matak kudu
paeh duanana sabab: Nu awewe basa dianu
teh sakitu di kota henteu jejeritan menta
tulung; nu lalaki lantaran manjingan parawan
papacangan batur. Ku jalan diparaehan, eta
kadorakaan teh dieuweuhkeun ti maraneh.
25 Upamana, aya lalaki newak budak
parawan luareun kota terus dipanjingan. Eta
mah paehan lalakina bae.
26 Nyi lanjang mah ulah dikieu-kieu da taya
dosana anu manjing dipaehan, lantaran teu
beda ti nu jadi korban rajapati,
27 ditewak lalaki di luareun kota, upama
jejeritan menta tulung ge moal aya nu bakal
nulungan.
28 Upamana, aya lalaki kapanggih manjingan
budak parawan anu tacan papacangan.
29 Eta lalaki kudu mayar mas kawin ka bapa
nyi lanjang gedena lima puluh uang perak,
nyi lanjang kudu terus dikawin sarta satutup
umurna teu meunang diserahkeun.
30 Ulah aya anu kurang ajar manjingan salah
sahiji pamajikan bapana."
23 1 "Jalma kabiri kitu deui anu buntung
rarangan, henteu meunang jadi umat
PANGERAN.
2 Jalma anu lahir di luar tikah jeung
turunanana, najan nepi ka turunan nu
kasapuluh ge teu meunang jadi umat
PANGERAN.

3 Urang Amon, urang Moab, saanak incuna,
najan geus turunan nu kasapuluh teu
meunang jadi umat PANGERAN.
4 Basa maraneh di satengahing jalan
tas ti Mesir, eta dua bangsa arembungan
mere dahareun jeung cai-cai acan, anggur
ngongkos Balhum anak Beor urang Petor ti
Mesopotami sina nyapa ka maraneh.
5 Sukur PANGERAN Allah maraneh anu asih
ka maraneh henteu malire ka Balhum, malah
panyapana ku Mantenna dibalik jadi berkah.
6 Ku sabab kitu, sapanjang maraneh kasebut
bangsa mah ulah daek mere pitulung
naon-naon ka eta dua bangsa, ulah mere anu
bakal jadi kamuktianana.
7 Urang Edom ulah dipikagiruk, baraya
maraneh eta teh. Urang Mesir oge ulah
dipikagiruk, sabab maraneh bareto milu
numpang di tanahna.
8 Anak incu maranehna ti semet turunan
katilu saterusna meunang jaradi umat
PANGERAN."
9 "Dina waktu perang, pasanggrahan balad
ulah nepi ka kanajisan.
10 Lamun ti peuting aya anu ngimpi baseuh
nepi ka dirina najis, kudu buru-buru kaluar ti
pasanggrahan, cicing di dinya
11 nepi ka burit, geus kitu tuluy beberesih.
Sanggeus surup panonpoe kakara meunang
asup deui ka pasanggrahan.

12 Di luareun pasanggrahan kudu aya tempat
paranti miceun.
13 Ana maraneh aya kaperluan ka dinya kudu
mawa cocokel keur nyieun lombang kotoran,
urutna kudu dirimbunan.
14 Kahade pasanggrahan ulah kanajisan,
sabab di pasanggrahan teh aya PANGERAN
Allah maraneh nyarengan, ngaraksa, bakal
nyerenkeun musuh ka maraneh. Jadi maraneh
di pasanggrahan teh ulah nyieun lampah
nista, sabab geus tangtu PANGERAN ngalieus
ti maraneh."
15 "Badega anu kabur ti nu bogana sarta
menta dibelaan, ku maraneh ulah diserenkeun
deui ka nu bogana.
16 Keun sina cicing di kota maraneh di mana
sukaeunana, jeung ulah dikaniaya.
17 Urang Israil lalaki awewe ulah aya anu
lacur di kuil-kuil pamujaan,
18 jeung duit ladang lacur ulah dipake mayar
panadaran, teu meunang diasupkeun ka
gedong PANGERAN Allah maraneh, sabab nu
lacur di kuil-kuil pamujaan jeung duit ladang
palacuran teh kagiruk PANGERAN.
19 Lamun nginjeumkeun duit, dahareun
atawa naon bae ka sasama urang Israil, ulah
menta dianakan.
20 Meunang menta dianakan lamun
nginjeumkeunana ka bangsa sejen. Ka
sasama Israil mah ulah. Ieu larangan
estokeun, supaya sagala usaha maraneh di

tanah anu bakal dipaparinkeun teh meunang berkah ti PANGERAN Allah maraneh.
21 Lamun boga panadaran ka PANGERAN Allah maraneh, naurna ulah diengke-engke, ulah datang ka diangkeran ku PANGERAN, dosa.
22 Teu nadar ge teu matak jadi dosa.
23 Tapi lamun geus ikrar panadaran peupeujeuh kudu ditedunan.
24 Lamun ngaliwat ka kebon anggur batur anu keur baruahan, bisi hayang mah pek bae ngala sakadar keur dahareun di dinya, tapi teu meunang diwadahan terus dibawa balik.
25 Kitu deui lamun ngaliwat ka kebon gandum batur, pek bae marol sarawueun mah dahareun di dinya, kahade ulah nepi ka dibabad tangkalna."
24 1 "Upamana, hiji lalaki ngawin hiji awewe tuluy beak kasukaan lantaran pamajikanana nyieun teu pikaresepeun, seug bojona teh dibere surat talak sarta diusir ti imahna.
2 Upamakeun eta awewe boga salaki deui ka nu sejen,
3 tapi ku nu ieu ge diserahkeun sarta diusir ti imahna dumeh geus beak duriat. Atawa, upamana bae salakina anu pandeuri teh tilar dunya.
4 Eta awewe anu pisah ti salakina anu pandeuri teh boh ku sabab diserahkeun, boh ku sabab katilar maot, teu meunang diruju ku

salakina anu ti heula, kudu dianggap awewe
anu geus ceda. Mun dibalikan deui matak
cua ka PANGERAN. Peupeujeuh ulah nyieun
kanistaan kawas kitu di tanah anu bakal
dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh."
5 "Lalaki anu anyar kawin ulah diwajibkeun
jadi serdadu atawa tugas-tugas umum lianna,
kudu diluginakeun nepi ka sataun, sina
ngurus rumah tanggana jeung nyenangkeun
pamajikanna.
6 Lamun maraneh mere nginjeum naon
bae ka batur, ulah nyokot batu panggilingan
gandumna keur jadi tandon. Lamun nyokot
eta batu, maraneh teh ngarampas parabot
tatali hurip eta kulawarga.
7 Anu nyulik sasama urang Israil keur
pibadegaeun atawa keur jualeun ka pasar,
kudu dipaehan, sangkan eta kajahatan ulah
aya di Israil.
8 Anu katerap panyakit kulit anu banget,
kudu enya-enya nurut kana kasauran imam-
imam ahli Lewi. Turut sagala katangtuan anu
ku Bapa geus dipapatahkeun ka aranjeunna.
9 Sing aringet ka Miryam dikumahakeun
bareto ku PANGERAN Allah maraneh, keur di
tengah jalan basa tas budal ti Mesir.
10 Lamun mere nginjeum ka batur sarta
tandonna arek ku baju, bajuna ulah dicokot
sorangan ka jero imah.
11 Dagoan di luar bae nepi ka diserenkeun
ku nu bogana sorangan.

12 Lamun anu ngagadekeunana teh jalma
balangsak, bajuna ulah disimpen nepi ka
peuting,
13 unggal-unggal pabuburit kudu
dianteurkeun ka imahna sina dipake
sare. Tangtu manehna nganuhunkeun, sarta
maneh oge ku PANGERAN Allah maraneh
bakal kamanah.
14 Ulah teungteuingeun ka nu miskin jeung
balangsak, anu ngadon buburuh ka maraneh,
boh eta teh urang Israil boh urang asing anu
nyiruruk di kota maraneh.
15 Unggal poe memeh surup panonpoe
buruhanana kudu dibayar, sabab kacida
dipikabutuhna jeung geus kaciptaeun bakal
katarima. Mun nepi ka teu dibayar, mana
teuing lumengisna ka PANGERAN, sarta
maraneh jadi dosa.
16 Kolot teu meunang dipaehan ku lantaran
kajahatan anakna. Kitu deui anak teu
meunang dipaehan ku karana kajahatan
kolot. Jalma kudu dipaehan teh ngan ku
karana kajahatanana sorangan.
17 Ulah ngaleungitkeun hak jalma ngumbara
atawa jalma pahatu; ulah nyokot papakean
randa keur tandon injeumanana.
18 Sing aringet maraneh bareto keur jadi
badega di Mesir geuning ku PANGERAN Allah
maraneh dijait. Eta sababna nu matak Bapa
menta ka maraneh kudu kitu.

19 Lamun keur dibuat di lahan sorangan
aya ranggeuyan-ranggeuyan anu tinggaleun,
ulah diimeutan. Keun bae jang nu keur
ngalumbara, jang para pahatu, jang
randa-randa, sangkan sagala usaha maraneh
meunang berkah ti PANGERAN Allah maraneh.
20 (24:20-21) Sanggeus buah jetun jeung
buah anggur maneh dipupu sakali, enggeus
bae ulah diala deui, keun nu tacan kaala mah
keur urang asing, keur para pahatu, keur
randa-randa.
21 (24:20)
22 Ulah paroho maraneh teh kungsi
kumawula di Mesir. Eta sababna nu matak
Bapa nitah kitu teh."
25 1 "Upamana, aya dua jelema urang
Israil daratang ka pangadilan arek
muguhkeun perkarana. Nu saurang diputus
teu salah, nu saurang deui diputus salah.
2 Lamun anu salah teh kudu dihukum
rangket, ku hakim kudu disina nangkuban,
tuluy rangket. Lobana pangrangket
gumantung kana kajahatan anu
dilampahkeunana.
3 Tapi teu meunang leuwih ti opat puluh
kali. Sabab leuwih ti sakitu mah sarua jeung
diwiwirang di hareupeun umum.
4 Sapi anu keur dipake ngirik gandum ulah
dicalongcongan."
5 "Upamana, aya dua jelema adi lanceuk,
cicing reureujeungan di lahan sahiji. Nu

saurang maot jeung teu ninggalan anak. Urut pamajikanana teu meunang kawin deui salian ti ka lalaki ti kalangan kulawarga eta keneh.
6 Dulurna almarhum teh wajib ngawin eta awewe, sarta ana engkena boga anak, cikalna kudu diitung anak almarhum dulurna, supaya silsilah almarhum ulah leungit ti Israil.
7 Upama dulur almarhum embungeun ngawin, eta awewe kudu pupulih ka rengrengan kokolot kota, Dulur jenatna pun lanceuk teu sayagi nedunan kawajiban, embungeun masihan turunan ka dulur. Pun lanceuk tangtos moal gaduh turunan di Israil.
8 Lalaki tea ku para kokolot kota kudu disaur terus weweleh. Lamun keukeuh teu daekeun ngawin,
9 ku eta awewe kudu disampeurkeun disaksian ku para kokolot kota, pecatkeun tarumpahna, ciduhan beungeutna, bari disebut kieu: Sing dikieukeun jelema anu embung mere turunan ka dulurna sorangan.
10 Saterusna kulawarga eta jelema ku urang Israil kudu disebut kulawarga jalma anu pecat tarumpah."
11 "Upamana, aya dua lalaki garelut. Bojo nu saurang datang mantuan salakina, newak rarangan lawan.
12 Eta awewe kudu diteukteuk leungeunna, ulah karunya.
13 (25:13-14) Ulah licik kana timbangan jeung takeran.

14 (25:13)
15 Timbangan kudu jejeg imbangna,
takeran kudu jejeg takeranana, sangkan
maraneh manjang hirup di tanah anu bakal
dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh.
16 Jelema curang kagiruk PANGERAN."
17 "Sing aringet, kumaha kalakuan bangsa
Amalek basa maraneh tas budal ti Mesir.
18 Taya pisan ngupamana ka Allah, make
narajang tur ti tukangeun, sajeroning
maraneh keur kalempohan beakeun tanaga.
Bangsa urang anu kataringgaleun lantaran
mopo, beak ditumpes.
19 Nu matak lamun engke geus araya di
tanah anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN
Allah maraneh, lamun geus lugina ti musuh-
musuh anu di sakurilingeun, kudu ngagempur
bangsa Amalek, tumpes kabeh sina ulah
kasebut-sebut deui. Kahade paroho!"
26 1 "Engke, ari maraneh geus matuh
di tanah anu dipaparinkeun ku
PANGERAN Allah maraneh,
2 hasil beubeunangan anu pangheulana tina
lahan maraneh asupkeun kana bakul. Ku
maraneh bawa ka tempat ngabakti anu dipilih
ku PANGERAN.
3 Maraneh kudu nepungan imam anu keur
tugas dina waktu eta. Unjukkeun ka anjeunna
kieu, Kuring seja unjuk uninga ka Gusti
PANGERAN, yen parantos matuh di ieu tanah

anu kapungkur ku Mantenna diikrarkeun
bakal dipaparinkeun ka kuring.
4 Barang pangbakti ku imam tarima,
teundeun deukeut altar PANGERAN Allah
maraneh.
5 Geus kitu maraneh di payuneun PANGERAN
kudu ngucapkeun kieu, Karuhun abdi urang
Aram ngumbara, sakulawarga ngungsi sareng
matuh di Mesir. Barang dongkap mah cacah
jiwana mung saeutik. Nanging lami-lami dugi
ka jadi bangsa gede sareng kuat.
6 Seug ku urang Mesir diteungteuinganan,
dipeleter kana gawe dijieun budak.
7 Abdi sadaya jumerit ka PANGERAN, Allah
panutan karuhun. Mantenna ngamakbul,
waspaos kana kabalangsakan sareng
kasangsaraan abdi sadaya.
8 Seug Mantenna nembongkeun kakawasaan
sareng kadigjayaan metakeun pangawasa
sakalangkung digjayana, ngajait abdi
sadaya ti Mesir, ngayakeun mujijat-mujijat,
kaahengan-kaahengan sareng rupi-rupi
kajadian anu pikasieuneun.
9 Ayeuna abdi sadaya ku Mantenna parantos
ditempatkeun di dieu, dipaparin tanah anu
subur sareng lendo.
10 Kitu margina ieu abdi nyanggakeun
pangbakti rupi hasil bumi anu dialana
pangheulana, paparin ti Mantenna. Ti
dinya karanjang anu dieusi pangbakti teh

sanggakeun ka payuneun PANGERAN, sarta
maraneh kudu ngabakti di dinya.
11 Sukurkeun sagala berkah PANGERAN Allah
maraneh ka maraneh sakulawarga teh. Ajak
urang Lewi jeung urang asing anu aya di
maraneh, sina milu kana pesta maraneh.
12 Unggal-unggal taun katilu maraneh kudu
mere perpuluhan, nya eta sapersapuluh tina
sakabeh hasil tanah ka urang Lewi, ka urang
asing, ka para pahatu, jeung ka randa-randa,
supaya di saban lingkungan masarakat,
maranehna oge mareunang rejeki. Sabada
ngaluarkeun perpuluhan,
13 kudu unjukan ka PANGERAN, kieu, Sugri
perpuluhan hasil tanah anu kedah dibaktikeun
ka Gusti, saeutik ge teu aya nu nyesa di
rorompok. Sadayana parantos dipasihkeun ka
urang Lewi, ka urang asing, ka yatim pahatu,
sareng ka randa-randa, tumut sakumaha
timbalan Gusti. Sugri timbalan Gusti perkawis
perpuluhan, teu aya anu dirempak, teu aya
anu kalarung.
14 Dina waktos kaprihatinan, eta perpuluhan
sarupi ge teu aya anu ku abdi diteda; dina
waktos abdi eukeur kanajisan, sarupi ge eta
teh teu aya anu dibantun kaluar ti rorompok,
sareng teu aya sarupi oge anu dianggo
ngahajatan anu maot. Nun PANGERAN,
abdi teh ngesto ka Gusti. Sugri timbalan
Gusti perkawis perpuluhan ku abdi parantos
disubadanan.

15 Mugi urang Israil ku Gusti ditingalikeun
ti sawarga, paparinan berkah, kitu deui
berkahan ieu tanah anu gemah ripah teh,
paparin ti Gusti tea, sakumaha jangji Gusti ka
karuhun tea."
16 "Poe ieu maraneh ku PANGERAN Allah
maraneh dipundut kudu tunduk kana sagala
pikukuh Mantenna. Tedunan eta pamundut
teh reujeung hate suhud.
17 Poe ieu maraneh geus ngaraku yen
PANGERAN teh Allah maraneh, geus ikrar
seja gumusti ka Mantenna, seja ngestokeun
sagala pikukuh-Na, seja ngalampahkeun
sagala timbalana-Na.
18 Poe ieu maraneh geus diangken ku
PANGERAN, geus jadi umat kagungana-Na,
cocog sakumaha jangji-Na, nu matak ku
Mantenna dipundut kudu tunduk kana sagala
papakon-Na.
19 Dawuhana-Na, maraneh teh bakal
dijadikeun hiji bangsa anu leuwih punjul
ti sakabeh bangsa kenging Mantenna
ngajadikeun, sangkan matak jadi puji
jeung hormat kana pajenengan Mantenna.
Ku sabab kitu maraneh teh tangtu bakal
jadi umat kagungan Mantenna sakumaha
pangandika-Na tea."
27 1 Geus kitu Musa jeung para pamingpin
Israil misaur ka jalma rea, kieu,
"Ayeuna raregepkeun ieu papatah Bapa:

2 Engke, dina poean meuntasan Walungan
Yordan baris terus asup ka tanah anu rek
dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh,
kudu ngumpulkeun batu anu galede, baluran
ku apu.
3 Kabeh ungel hukum Allah jeung pikukuh-
pikukuh tea tuliskeun di dinya. Lamun geus
narepi ka eta tanah anu makmur, anu rek
dipaparinkeun ku PANGERAN Allah karuhun
maraneh,
4 sanggeus araya di peuntaseun Walungan
Yordan beulah ditu, maraneh kudu ngajugjug
Gunung Ebal. Eta batu-batu teh tangtung-
tangtungkeun di ditu, sarta baluran ku
apu.
5 Jeung deui kudu nyieun hiji altar tina
batu-batu anu can dipigawe make pakakas
beusi,
6 sabab altar haturan PANGERAN mah
kudu batu-batu weuteuh guluntungan.
Dina eta altar maraneh kudu nyanggakeun
kurban-kurban anu kudu dibeuleum.
7 Jeung kudu meuncit kurban-kurban pikeun
panarima, didalahar di tempat eta, payuneun
PANGERAN, nandakeun kabungah.
8 Tuliskeun ungel hukum-hukum PANGERAN
dina batu-batu anu beunang ngabaluran ku
apu tea."
9 Geus kitu Musa jeung imam-imam urang
Lewi ngalahir deui, "Regepkeun, eh sakumna

bangsa Israil! Poe ieu maraneh geus jadi
umat kagungan PANGERAN Allah maraneh.
10 Sing gumati ka Mantenna, gumatikeun
sagala pikukuh Mantenna anu ku Bapa
diwurukkeun poe ieu."
11 Ngalahir deui Musa ka urang Israil,
12 "Di ditu, sanggeus meuntasan Walungan
Yordan, waktuna jalma-jalma diberkahan,
kaom Simeon, kaom Lewi, kaom Yuda, kaom
Isaskar, kaom Yusup, jeung kaom Binyamin,
kudu narangtung di Gunung Gerisim.
13 Kaom Rubin, kaom Gad, kaom Aser, kaom
Sebulun, kaom Dan, jeung kaom Naptali,
kudu narangtung di Gunung Ebal.
14 Urang Lewi kudu ngucapkeun ieu embaran
sing bedas, sarta urang Israil kudu ngajawab,
Amin.
15 Urang Lewi, Sing disapa ku Allah, jelema
anu nyieun arca ku batu, kayu, atawa
ku logam, seug disembah susulumputan.
PANGERAN mikagiruk ka nu nyembah ka
brahala. Jalma rea kudu ngajawab, Amin!
16 Sing disapa ku Allah, jelema anu teu
hormat ka bapa atawa ka indung, sarta
ngantep maranehna kalantar. Umat sakumna,
Amin!
17 Sing disapa ku Allah, jelema anu
mindahkeun patok wates lahan batur. Umat
sakumna, Amin!

18 Sing disapa ku Allah, jelema anu
ngalejokeun nu lolong sina sasab. Umat
sakumna, Amin!
19 Sing disapa ku Allah, jelema anu
ngarampas hak jalma ngumbara, hak para
pahatu, jeung hak randa-randa. Umat
sakumna, Amin!
20 Sing disapa ku Allah, jelema anu kurang
ajar ka bapa, manjingan salah saurang
pamajikan bapana. Umat sakumna, Amin!
21 Sing disapa ku Allah, jelema anu
manjingan sato. Umat sakumna, Amin!
22 Sing disapa ku Allah, jelema anu
manjingan dulur teges atawa dulur tere.
Umat sakumna, Amin!
23 Sing disapa ku Allah, jelema anu
manjingan mitoha awewe. Umat sakumna,
Amin!
24 Sing disapa ku Allah, jelema anu bubunian
maehan. Umat sakumna, Amin!
25 Sing disapa ku Allah, jelema anu daek
disogok maehan nu tanpa dosa. Umat
sakumna, Amin!
26 Sing disapa ku Allah, jelema anu ingkar
tina pikukuh jeung papakon Allah. Umat
sakumna, Amin!"
28 1 "Lamun maraneh nurut ka PANGERAN
Allah maraneh, sarta tigin kana sagala
timbalana-Na anu ku Bapa diwurukkeun poe
ieu, maraneh ku Mantenna bakal dijadikeun

hiji bangsa anu punjul ti sakabeh bangsa saalam dunya.
2 Sing nurut ka PANGERAN Allah maraneh.
Lamun kitu ieu berkah-berkah tan wande katarima:
3 PANGERAN bakal ngaberkahan nagara
jeung lahan-lahan maraneh.
4 PANGERAN bakal ngaberkahan maraneh,
reuay anak, mukti tani, gereyek domba jeung sapi.
5 PANGERAN bakal ngaberkahan panen
gandum maraneh, kitu deui dahareun anu ku maraneh dijieun tina gandum.
6 PANGERAN bakal ngaberkahan sagala
usaha maraneh.
7 PANGERAN bakal ngelehkeun musuh-
musuh maraneh anu narajang. Maranehna narajangna mah diatur rapih, tapi tuluy jadi paburisat kalalabur.
8 PANGERAN Allah maraneh bakal
ngaberkahan usaha maraneh, sarta ngeusian leuit-leuit maraneh ku gandum. Mantenna bakal ngaberkahan ka maraneh di tanah anu dipaparinkeun ku Mantenna ka maraneh.
9 Lamun maraneh nurut ka PANGERAN Allah
maraneh, ngalakonan sagala pangandika-Na, tangtu dijadikeun umat-Na, sakumaha anu ku Mantenna geus diandikakeun.
10 Saeusi jagat bakal nyarahoeun yen
maraneh ku PANGERAN geus dipilih jadi umat-Na, nepi ka maraneh pada mikagimir.

11 Ku berkah PANGERAN, maraneh bakal
reuay anak, gereyek ingon-ingon, tani
mucekil, di tanah anu ku Mantenna geus
diikrarkeun ka karuhun ajang maraneh.
12 Dina musimna, Mantenna bakal ngirim
hujan ti gudang kagungana-Na di langit jeung
ngaberkahan sagala usaha maraneh, datang
ka maraneh teu kudu nguyang, sabalikna
loba bangsa anu bakal datang ka maraneh
ngarinjeum.
13 Maraneh ku PANGERAN Allah maraneh
bakal dijieun pamingpin sagala bangsa,
minangka sirah, lain buntut. Maraneh tan
wande nanjung saumur-umur, pamohalan
bakal gagal. Kitu soteh lamun nurut kana
sagala perkara anu ku Bapa diwurukkeun poe
ieu.
14 Pacuan ingkar ti eta, jeung pacuan
nyembah ngabakti ka allah-allah sejen."
15 "Lamun baha ka PANGERAN Allah
maraneh, teu saregep kana timbalan-
timbalana-Na anu ku Bapa diwurukkeun
poe ieu, tan wande ieu balakurna anu bakal
katarima:
16 PANGERAN bakal nyapa kota-kota jeung
lahan-lahan maraneh.
17 PANGERAN bakal nyapa pelak gandum
maraneh, kitu deui dahareun anu bakal diolah
tina eta.

18 PANGERAN bakal nyapa, maraneh hamo
boga anak loba, tani hamo bisa mukti,
ingon-ingon hamo bisa loba.
19 PANGERAN bakal nyapa sagala usaha
maraneh.
20 Lamun goreng kalakuan jeung ingkar ti
PANGERAN, ku Mantenna bakal digirijig ku
balahi, sina pakucrut, sagala usaha moal
laksana, gancang tumpes sarerea.
21 Engke di tanah anu keur dijugjug, ku
Mantenna bakal diturugtug ku pagebug,
panyakit bagilir-gilir, datang ka hamo aya nu
nyesa.
22 Tangtu nandangan siksa PANGERAN,
katerap kasakit nular, bareuh bungkul,
muriang. Tanah ngahgar ku panas katiga
katambah ku angin panas, pepelakan beak
ruksak. Balahi mo indit-indit, datang ka
maraneh paraeh kabeh.
23 Hujan hamo datang-datang, taneuh teuas
ngabaketrak.
24 Tinimbang nurunkeun hujan, PANGERAN
kalah ka ngadatangkeun angin lebu campur
keusik, datang ka maraneh tumpur.
25 Maraneh ku PANGERAN bakal diserenkeun
ka musuh. Maraneh ngarurug musuh, inditna
beres diatur, tapi enggeusna katawuran,
kalabur paburisat. Narenjo nasib maraneh
kitu, kabeh bangsa di dunya ngarasa rempan
sieun jadi kitu.

26 Ana maraneh geus pararaeh, rob bangsa
manuk jeung sasatoan anu bareuki daging
ngahakanan bangke-bangke maraneh,
samemena taya nu ngagebah-gebah.
27 Maraneh ku PANGERAN bakal digebug
pinuh ku bisul saperti urang Mesir bareto.
Awak raca saluluar, tapak ngautan, barudug,
euweuh piubareunana.
28 Bakal disina garelo, lalolong, pinuh ku
kajuwet.
29 Ti beurang susur-sasar kawas nu lolong,
teu nyaho jalan. Usaha kitu usaha kieu weleh
teu aya hasilna, turug-turug pada ngagencet,
pada ngarampogan, taya anu daekeun
nulungan.
30 Babakalan, pipamajikaneun jadina dikawin
ku batur. Nyieun imah, batur nu ngeusianana.
Melak anggur, sorangan mah moal ngadahar.
31 Sapi dipeuncitan ku nu sejen, katenjo
ku panon molotot, ngadahar dagingna mah
hamo. Kalde ditungtun ku batur, maraneh bati
neuleukeun, pamohalan pulang deui. Domba
ku batur diserenkeun ka musuh, taya nu bisa
ngahalang-halang.
32 Anak nu lalaki nu awewe dijual ka
batur hareupeun panon sorangan, jaradi
budak beulian. Panon celong balas melong
ka nu kosong, tibelat ka anak anu hamo
mulang-mulang.

33 Pepelakan, beunang luut-leet kesang,
beak diranjah ku bangsa lian, sarta minangka
panarimana maraneh digencet dikaniaya.
34 Ku banget-bangetna nandang sangsara,
jadi laleungit ingetan.
35 Maraneh ku PANGERAN digebug, ti semet
embun-embunan nepi ka dampal suku,
baranang pinuh ku cenang, pingping raca,
nyeri peurih karasana, taya piubareunana.
36 Maraneh katut raja ku PANGERAN bakal
dibuang ka hiji nagara, anu maraneh tacan
nyaho-nyaho acan, karuhun pon kitu keneh
can nyarahoeun. Tur di ditu kudu nyarembah
ka allah tina kayu tina batu.
37 Rahayat unggal nagara tempat maraneh
dibuang jeung dipabalencarkeun ku
PANGERAN, narenjo maraneh kitu teh
tingraranjug jeung ngera-ngera.
38 Ana tebar kajeun sakumaha lobana nu
kapetik ngan saeutik, beakeun manten ku
simeut.
39 Maraneh bakal ngebon anggur, tapi moal
ngala anggurna atawa nginum cianggurna,
sabab tangkal-tangkalna beak dihakanan ku
bilatung.
40 Tangkal jetun, najan di satanah maraneh
jaradi di mana-mana tapi minyakna moal
kaarah, buahna kaburu maruragan pareot.
41 Sanajan baroga anak lalaki awewe,
ahir-ahir arareuweuh, dibarawa ka nu
anggang, jaradi tawanan perang.

42 Pepelakan, tatangkalan, ruksak digalaksak
ku hama.
43 Anu ngalumbara di maraneh beuki lila
beuki kuat, sabalikna maraneh mah beuki lila
beuki hengker.
44 Semah-semah jadi kuat ngarinjeumkeun
ka maraneh, maraneh mah bororaah
nginjeumkeun. Tungtungna semah-semah
teh ka maraneh laluasa kumawasa.
45 Eta sagala kacilakaan teh baris keuna ka
maraneh jeung baris terus ngaganggu nepi
ka maraneh binasa, lantaran maraneh henteu
tigin ka PANGERAN Allah maraneh, jeung
henteu ngajalankeun hukum-hukum anu
dipaparinkeun ku Mantenna.
46 Kitu bakalna hukuman ti Allah anu bakal
tumerap salalawasna ka maraneh, pon kitu
deui ka anak incu.
47 Maraneh ku PANGERAN geus diberkahan
dina sagala rupa hal, tapi maraneh arembung
ngabdi reujeung suka hate ka Mantenna.
48 Ku sabab kitu maraneh kudu ngawula ka
musuh, anu engke bakal didatangkeun ku
PANGERAN. Maraneh bakal kalaparan, bakal
nandangan halabhab, tararanjang teu boga
naon-naon. Ku PANGERAN bakal disiksa teu
kira-kira nepi ka tumpes.
49 Ku PANGERAN bakal disina ditarajang ku
hiji bangsa ti tungtung jagat, anu basana
ku maraneh teu kaharti. Eta bangsa bakal
nyamber lir galudra,

50 telenges taya rasrasan, ka nu kolot ka nu
ngora moal aya karunyana.
51 Pepelakan maraneh kitu deui ingon-ingon,
kabeh dikawasaan ku musuh keur dahareun
maranehna, nepi ka maraneh paraeh
langlayeuseun. Gandum, anggur, minyak
jetun, sapi, domba, ku musuh moal aya anu
dikarikeun. Maraneh tangtu paraeh.
52 Kota-kota di tanah anu ayeuna geus rek
diserenkeun ku PANGERAN Allah maraneh,
bakal gempur. Kuta-kutana anu luhur tur
ditohagakeun sarta dipake andelan, kabeh
runtuh.
53 Maraneh moal maranggih dahareun,
lantaran kota-kota ditingker musuh. Awahing
ku taya pisan dahareun, tungtungna anak
oge paparin ti PANGERAN Allah maraneh,
dihakan.
54 (28:54-55) Golongan ningrat ge ku sabab
sarua ditingker musuh, sarua kabalangsakna.
Sakumaha lemes budina ge mo burung nepi
ka ngahakan anak da teu manggih deui
dahareun. Malah nepi ka embung kasoro; ka
dulur, ka pamajikan kameumeut, ka anak nu
can kahakan, kuat teu mere.
55 (28:54)
56 (28:56-57) Pon kitu keneh ningrat-ningrat
wanitana, anu tuman tara nincak-nincak acan
kana taneuh bawaning ku beunghar, sarua
kabalangsakna lantaran dikepung musuh.
Tungtungna da teu manggih deui dahareun,

teu kalis ku lemes budi, orokna anu kakara
borojol katut jeung balina pisan didahar. Ka
salaki, kajeun sakumaha geugeutna, kitu deui
ka barudakna, boro-boro mere, ngadaharna
ge susulumputan.
57 (28:56)
58 Lamun maraneh ingkar tina sagala
papakon anu aya dina ieu buku, teu ngupama
kana pajenengan PANGERAN Allah maraneh
anu luhung jeung pikahelokeun,
59 maraneh saanak incu ku Mantenna bakal
disiksa ku rupa-rupa kasakit anu moal mental
ku ubar; ku rupa-rupa kasakit tepa anu teu
bisa dicegah.
60 Panyakit-panyakit pikasieuneun anu ku
maraneh kasaksian di Mesir, baris narajang
ka maraneh, sarta maraneh moal bisa cageur.
61 Ditambah deui ku rupa-rupa kasakit jeung
rupa-rupa pagebug anu tacan kasebut dina
ieu buku Hukum jeung pikukuh-pikukuh
Allah. Maraneh tan wande tumpur.
62 Sanajan maraneh geus jadi mangpirang-
pirang saperti bentang di langit oge mo
burung beak. Nu harirup kari saeutik, lantaran
geus ingkar ti PANGERAN Allah maraneh.
63 Sakumaha bareto PANGERAN ka maraneh
maparin kamuktian jeung ngalobakeun
bilangan maraneh kalawan gumbira manah,
nya kitu keneh halna, kalawan gumbira
manah Mantenna bakal ngabasmi, ngaburak-

barik maraneh. Maraneh baris dirabut ti tanah anu ayeuna rek diancikan.
64 Ku PANGERAN bakal dipabalencarkeun ka
bangsa-bangsa ti tungtung jagat ka tungtung
jagat. Di ditu kudu kumawula ka allah-allah
tina kayu tina batu, anu iraha teh teuing
tadi-tadina ku maraneh disarembah, pon kitu
ku karuhun.
65 Di mana-mana maraneh teh moal manggih
kaluginaan, moal boga tempat akuan. Ku
PANGERAN bakal disiksa, dirungrung ku rasa
mangpaung, pondok pikir pegat harepan.
66 Hirup dikikintil ku balahi, beurang peuting
gegebegan sieun jol sieun jol malakal-maot.
67 Hate teu kendat lumenyap ku sagala
tetenjoan. Bray beurang hayang geura-geura
peuting, reup peuting hayang geura-geura
beurang.
68 Maraneh ku PANGERAN bakal diiangkeun,
dipiceun deui ka Mesir, teu kalis ku geus
ngandika yen hamo malikkeun deui maraneh
ka ditu. Di ditu maraneh bakal nawar-
nawarkeun maneh ngajual badan ka musuh,
keun bae jadi abid ge, tapi saurang ge taya
anu daekeun meuli."
29 1 Kitu ungelna perjangjian anu ku
PANGERAN ditimbalkeun ka Musa
pikeun urang Israil, waktu maranehna aya di
tanah Moab. Eta perjangjian teh panambah
tina perjangjian PANGERAN ka maranehna
anu dijieun di Gunung Sinai.

2 Musa miwarang supaya sakumna
urang Israil kumpul. Ti dinya sasauran
ka maranehna, "Maraneh geus narenjo
sorangan sagala kajadian ti PANGERAN
anu dikeunakeun ka raja Mesir, ka para
gegedenna, jeung ka sakuliah tanahna.
3 Eta sagala balahi jeung kaahengan-
kaahengan ti PANGERAN ku maraneh geus
kasaksian.
4 Tapi nepi ka ayeuna maraneh ku Mantenna
tacan diparengkeun ngaharti kana sagala
perkara anu geus kasorang.
5 Opat puluh taun maraneh ku Mantenna
dicandak ngambah gurun keusik, parandene
pake teu datang ka butut, tarumpah pon kitu
keneh.
6 Maraneh teu boga roti keur dahareun, teu
boga cianggur atawa inuman keras, tapi ku
PANGERAN teu burung dipaparin sakur nu
perlu, supaya maraneh nyaho yen Mantenna
teh Allah maraneh.
7 Kitu deui basa urang mimiti datang ka
dieu, urang geus bisa ngelehkeun Raja Sihon
ti Hesbon jeung Raja Og ti Basan anu ngahaja
mapag merangan.
8 Tanahna ku urang bisa direbut, tuluy
dibikeun ka kaom Rubin, ka kaom Gad, jeung
ka satengah kaom Menase.
9 Anu matak supaya maraneh lulus
saterusna, kudu ngestokeun sagala rupa anu
kaungel dina perjangjian Mantenna.

10 Ayeuna maraneh jaronghok di dieu di
payuneun PANGERAN. Kabeh araya, para
pamingpin, para gegeden, lalaki,
11 awewe, barudak, pon kitu jalma lianna
bangsa batur, purah mangalakeun suluh
jeung cai.
12 Poe ieu maraneh bakal dibawa kana eta
perjangjian katut sagala katangtuanana anu
dipidamel ku PANGERAN Allah maraneh,
sangkan dilampahkeun.
13 Maraneh rek diteguhkeun ngajadi umat
PANGERAN, sarta Mantenna jadi Allah
maraneh, sakumaha anu dijangjikeuna-Na ka
maraneh jeung karuhun maraneh Ibrahim,
Ishak jeung Yakub.
14 Eta perjangjian jeung pikukuh-pikukuh,
dipidamelna ku PANGERAN lain ngan pikeun
maraneh wungkul.
15 Tegesna pikeun kabeh, pikeun urang anu
ayeuna di dieu jeung pikeun turunan urang
nu bakal gumelar."
16 "Maraneh tangtu aringet keneh kana
sagala hal anu kasorang di Mesir, jeung anu
kalakon di jalan waktu nyorang wewengkon
bangsa-bangsa sejen.
17 Arca-arca sesembahanana anu
pikagirukeun, tina kayu, tina batu, tina perak,
tina emas, ku maraneh geus katenjo.
18 Pacuan ti anu karumpul di dieu aya
jelema, warga, kaom, lalaki atawa awewe,
anu rek ingkar ti PANGERAN hayang nyembah

ka allah-allah maranehna, sabab matak jadi
mamala, cara akar anu jadi tangkal anu pait
jeung ngandung racun.
19 Pacuan maraneh anu ngadarenge ieu
parentah angker aya anu rek ngayakin-yakin
maneh, boga rasa najan mawa karep
sorangan ge mo burung salamet. Tan wande
matak cilaka sarerea, nu balageur, nu jarahat.
20 Jelema nu kitu ku PANGERAN moal
dihampura, malah bakal kahuru ku bebendu-
Na, ditarajang ku balahi-balahi anu kaungel
dina eta kitab, ahirna ditumpes pisan,
21 pikeun conto ti PANGERAN ka kaom-kaom
Israil, diterapan sagala panyapa anu kaungel
dina perjangjian anu aya dina buku pikukuh
PANGERAN tea.
22 Tanah maraneh ku PANGERAN bakal
diruksak, pinuh ku kasangsaraan, tur bakal
katarenjo ku turunan maraneh nu bakal
datang, kitu deui ku jalma-jalma ti nagara nu
jarauh.
23 Lahan-lahan raruksak pinuh ku walirang
jeung uyah, taya pisan anu jadi, henteu
jukut-jukut acan. Tanah maraneh bakal
saperti kaayaan nagara Sadumu jeung
Gomora, saperti nagara Adma jeung Seboim,
anu dibasmi ku PANGERAN tea, awahing
Mantenna bendu.
24 Jalma sajagat bakal silih tanya, Ku naon
tanah eta bangsa teh ku PANGERAN nepi ka

dikitu-kitu? Ku naon nu matak PANGERAN
sakitu benduna?
25 Jawabna, Eta umat PANGERAN teh
ingkar tina perjangjian Allah karuhunna anu
diikrarkeun waktu maranehna budal ti Mesir.
26 Maranehna ngabarakti ka allah-allah sejen
anu tadi-tadina tacan disembah lantaran
dilarang ku PANGERAN.
27 Kitu sababna PANGERAN bendu ka eta
umat-Na, tanahna disina cilaka, keuna
ku panyapa anu aya dina kitab pikukuh
Mantenna.
28 Mantenna jadi kacida benduna nepi ka
maranehna dirabut ti tanahna sorangan,
dibuang ka nagara batur nepi ka ayeuna.
29 Aya keneh perkara-perkara anu ku
PANGERAN Allah maraneh dirasiahkeun.
Tapi ieu Hukum Mantenna anu enggeus
dinyatakeun ka urang, ku urang jeung ku
turunan urang kudu diestokeun salalawasna."
30 1 "Ayeuna maraneh meunang milih
antara berkah jeung panyapa,
sakumaha anu geus diterangkeun ku Bapa
ka maraneh. Lamun hal-hal ieu ku maraneh
geus kaalaman, sarta maraneh hirup di
bangsa-bangsa asing tempat maraneh
dipabalencarkeun ku PANGERAN Allah
maraneh, tangtu maraneh bakal aringet kana
ieu piliheun anu bieu ditawarkeun ku Bapa.
2 Tapi lamun engke maraneh saanak incu
harayang balik deui ka PANGERAN, enya-enya

ngesto kana sagala pangandika-Na anu ku
Bapa diwurukkeun ayeuna,
3 tangtu ku PANGERAN Allah maraneh
dipikawelas, dipulangkeun ti bangsa-bangsa
tempat maraneh dipabalencarkeun, sarta
disina mukti deui.
4 Sanajan dibuang nepi ka tungtung jagat
nu pangjauhna, tan wande dikumpulkeun,
dipulangkeun deui
5 ka tanah pangancikan karuhun maraneh,
tur bakal leuwih mukti sarta bilanganana
leuwih loba ti batan karuhun maraneh ti
heula.
6 Tabeat maraneh saanak incu ku PANGERAN
Allah maraneh dirobah jadi nurut, ka
Mantenna jadi enya-enya nyaahna, sarta
bakal tetepi tumetep ngancik di eta tanah.
7 Sagala panyapa tea ku Mantenna bakal
dibalikkeun ka musuh-musuh anu bareto
mikaijid jeung nyangsara ka maraneh.
8 Maraneh bakal ngesto deui ka Mantenna,
narurut deui kana sagala pangandika-Na anu
ku Bapa diwurukkeun poe ieu.
9 Sagala usaha maraneh bakal mulus, bakal
laloba anak, laloba ingon-ingon, lahan-lahan
hasilna bakal mucekil. Kalawan bingah
Mantenna bakal maparin kamuktian ka
maraneh cara ka karuhun maraneh baheula.
10 Saratna, maraneh kudu ngesto ka
Mantenna, nurut kana sagala pikukuh-Na anu

kaungel dina buku papakon Mantenna. Kudu
madep deui ka Mantenna reujeung suhud.
11 Sagala hal anu ku Bapa dipapatahkeun
poe ieu, moal hese-hese teuing
ngalampahkeunana, lain hal anu moal
kataekan,
12 da lain di langit ayana. Jadi maraneh
teu kudu tingtaranya, Saha nu sanggup
nurunkeunana sangkan ku urang kadenge,
sangkan urang bisa nedunan?
13 Jeung lain di peuntaseun laut, jadi teu
kudu patanya-tanya, Saha nu bisa meuntas
laut mawa eta ka dieu, sangkan ku urang
kadenge, supaya urang bisa nedunanana?
14 Ayana lain di mana-mana, di dieu keneh,
di maraneh, katembong, bisa dipetik. Nu
matak geura tarurut.
15 Poe ieu maraneh ku Bapa dibere piliheun
antara nu hade jeung nu goreng, antara
pijamugaeun jeung picilakaeun.
16 Lamun narurut kana sagala pangandika
PANGERAN Allah maraneh anu ku Bapa
diwurukkeun ayeuna, lamun nyaraah sarta
ngesto ka Mantenna, tangtu bakal mukti tur
jadi bangsa gede, bakal meunang berkah
ti PANGERAN di tanah anu bakal dicicingan
engke.
17 Sabalikna lamun henteu narurut,
arembung ngadenge, kagembang ngabarakti
ka allah-allah sejen,

18 Bapa ngingetan ti ayeuna, maraneh tangtu
cilaka, moal panjang nya ngancik di tanah
peuntaseun Walungan Yordan teh.
19 Ayeuna Bapa menta disaksian ku langit
jeung bumi, mana anu rek dipilih ku maraneh
ti PANGERAN, berkah-Na atawa panyapa-Na,
rek milih hirup atawa rek milih paeh. Pilih anu
pijamugaeun!
20 Sing sumujud madep mantep ka
PANGERAN Allah maraneh, sangkan bisa
tetep renggenek saanak incu di tanah anu
ku Mantenna geus diikrarkeun ka karuhun
maraneh, Ibrahim, Ishak, jeung Yakub."
31 1 Musa neruskeun sasauranana ka
urang Israil.
2 Kieu, "Umur Bapa geus saratus dua puluh
taun, moal bisa terus ngasuh ka maraneh.
Jeung ongkoh dawuhan PANGERAN oge Bapa
mah moal nepi ka milu meuntasan Walungan
Yordan.
3 PANGERAN Allah maraneh engke bakal
miheulaan ka ditu, ngabasmi bangsa-bangsa
eta tanah, supaya tanahna bisa dicicingan
ku maraneh. Pamingpin maraneh engke teh
Yosua, sakumaha anu geus diandikakeun ku
PANGERAN.
4 PANGERAN baris ngabinasakeun eta
bangsa-bangsa, saperti Mantenna ngelehkeun
Sihon jeung Og raja urang Emor tea sarta
ngabasmi nagrina.

5 Maraneh ku PANGERAN baris diunggulkeun
ngelehkeun maranehna, sarta ku maraneh
kudu dijieun sakumaha anu ku Bapa geus
diomongkeun.
6 Sing galede hate, sing warani! Ulah sieun
ku maranehna, sabab PANGERAN Allah
maraneh ku manten anu baris nulungan
ka maraneh. Mantenna moal nguciwakeun
maraneh, sarta moal nilarkeun."
7 Geus kitu Musa nyaur Yosua. Tuluy kieu
lahiranana ka Yosua di hareupeun sakumna
bangsa Israil, "Hidep masing gede hate,
masing wani, Yosua! Nya hidep anu baris
mingpin ieu bangsa pikeun nempatan nagri
anu ku PANGERAN dijangjikeun ka karuhun
maranehna.
8 PANGERAN ku manten anu baris nuyun
jeung nulungan ka hidep. Mantenna moal
nguciwakeun hidep, sarta moal ngantunkeun.
Ku sabab kitu ulah sieun, ulah salempang."
9 Geus kitu saungel Hukum Allah teh ku
Musa diseratkeun, tuluy dipasrahkeun ka
imam-imam Lewi anu ngurus Peti Perjangjian
PANGERAN, jeung ka para kokolot Israil.
10 Lahiranana, "Unggal-unggal tutup tujuh
taun, dina taun mupus hutang, waktu Pesta
Saung, ieu hukum-hukum kudu dibaca sing
bedas.
11 Bacakeun ka urang Israil anu daratang
babakti ka PANGERAN Allah maraneh di
tempat parantina.

12 Jalma-jalma, lalaki, awewe, barudak,
kitu deui nu sejenna anu marilu ngancik di
maraneh kumpulkeun, sina ngabarandungan,
sangkan dialajar sieun ku PANGERAN Allah
maraneh, dialajar nurut kana sagala pikukuh
Mantenna.
13 Ku jalan kitu anak incuna oge anu tacan
ngadarenge ungelna Hukum PANGERAN Allah
maraneh, jadi marilu ngadenge, supaya
enggoning ngarancik di tanah peuntaseun
Walungan Yordan teh maranehna oge dialajar
sieun ku Mantenna."
14 Geus kitu PANGERAN ngandika ka Musa,
"Umur maneh moal lila deui. Calukan Yosua,
bawa marek ka Kemah Tepangan, Kami rek
paparentah ka manehna." Bral Musa angkat
jeung Yosua ka eta Kemah.
15 Breh PANGERAN nembongan dina tihang
mega anu nanjeur lebah panto Kemah
Tepangan.
16 Lajeng ngandika ka Musa, "Maneh geus
tereh maot. Sanggeus maneh euweuh,
bangsa Israil moal satia deui ka Kami,
sarta alingkar tina perjangjian anu dijieun
ku Kami jeung maranehna. Maranehna
bakal naringgalkeun Kami, nyarembah ka
allah-allah anu disarembah di nagri anu moal
lila deui baris diasupan ku maranehna.
17 Geus tangtu Kami bendu. Ku Kami rek
ditinggalkeun, rek dibasmi, ditarajang ku
rupa-rupa kacilakaan. Sina kararasaeun

yen cilakana teh ku lantaran Kami, Allah maranehna, geus henteu nyarengan ka maranehna.
18 Moal ditulungan, lantaran kalakuanana doraka jeung ngabarakti ka allah-allah sejen.
19 Ieu aya lagu, catet, ajarkeun ka sakumna bangsa Israil. Ieu lagu pikeun jadi saksi perkara kalakuan maranehna.
20 Sabab ana maranehna geus didatangkeun ka eta tanah anu gemah raharja sakumaha ikrar Kami ka karuhunna, ana geus sarenang cukup sagala dahareun, tangtu malurtad, ngabarakti ka allah-allah sejen, Kami mah tangtu dipiceun, perjangjian Kami ditaringgalkeun.
21 Ku Kami rek dicilakakeun. Ieu lagu bakal aya anu ngawihkeun, jadi pangweweleh kana kalakuan maranehna. Ti ayeuna keneh ge, samemeh didatangkeun ka eta tempat ajangna, kaayaan hatena kitu ku Kami geus kauninga."
22 Seug eta lagu teh ku Musa diseratkeun poe eta keneh, tuluy diajarkeun ka urang Israil.
23 Geus kitu PANGERAN ngandika ka Yosua putra Nun. Pangandika-Na, "Maneh masing gede hate, masing wani. Maneh kudu ngapalaan urang Israil ka tanah anu ku Kami geus diikrarkeun jang maranehna. Maneh tangtu ku Kami disarengan."

24 Hukum Allah tea ku Musa diseratkeun dina
hiji kitab, teu aya anu kaliwat.
25 Sanggeus beres nyeratkeunana, Musa
ngalahir ka para imam anak putu Lewi
anu ngajaraga Peti Perjangjian PANGERAN,
lahiranana,
26 "Tarima ieu kitab Hukum Allah, simpen
deukeut Peti Perjangjian PANGERAN Allah
maraneh, sina jadi saksi perkara kalakuan
umat Mantenna.
27 Ku Bapa geus kanyahoan, eta jelema-
jelema teh kacida bantahanana, tukang
ngalawan. Cacak diasuh keneh ku Bapa ge
gawena ngan ngalawan bae ka PANGERAN,
komo engke lamun Bapa geus teu aya, tangtu
leuwih mantangul.
28 Ayeuna kumpulkeun para kokolot jeung
kokojo-kokojo kaom-kaom maraneh, ieu hal
ku Bapa rek dicaritakeun ka maranehna,
kalawan menta saksi langit jeung bumi.
29 Sabab geus kawangwang ti ayeuna yen
lamun Bapa geus teu aya, tangtu kalakuanana
teh doraka, sagala perkara anu ku Bapa
geus dipapatahkeun teh moal diparake, bakal
ngararempak larangan PANGERAN, nyieun
pibendueun Mantenna, tangtu cilaka."
30 Geus kitu Musa ngucapkeun ungelna eta
lagu pupujian, dibarandungan ku sakumna
urang Israil.
32 1 "Langit, bumi, bandungan omongan
kami, regepkeun masing taliti.

2 Piwuruk kami lir keclak-keclak cihujan, lir
ciibun anu tumurun ka bumi. Omongan kami
ibarat hujan anu nyiram pepetetan, ngabiribis
nyiram jujukutan.
3 Kami seja muji pajenengan PANGERAN,
sarta umat-Na nyaturkeun kapunjulan
Mantenna.
4 PANGERAN teh panulung maraneh anu
digjaya, adil sampurna dina saniskara. Allah
maraneh satuhu sarta saestu, lempeng bener
sagala damel-Na.
5 Sabalikna maraneh mah serong hate,
bangsa doraka jeung loba cacad, teu layak
jadi umat-Na.
6 Eh nu garejul, anu teu baroga pikir! Karah
kitu pamales maraneh ka PANGERAN teh?
Mantenna teh Rama maraneh, anu nyiptakeun
maraneh, anu ngadamel maraneh jadi hiji
bangsa.
7 Inget-inget nu katukang, jaman baheula,
tanyakeun ka bapa maraneh kumaha. Tanya
kolot-kolot, perkara lalakon baheula.
8 Nu Maha Agung geus nangtukeun
pitempateun bangsa-bangsa, jeung
nangtukeun di mana jalma-jalma kuduna
ngancik. Sarta tiap bangsa masing-masing
dipaparin hiji allah.
9 Ari turunan Yakub mah diunculkeun,
dijadikeun umat kagungana-Na ku manten.
10 Maranehna, kapendak ku Mantenna
keur ngumbara di tanah gurun tempat nu

sepi. Ku Mantenna seug diraksa, estuning didama-dama, mani kawas ka salira ku manten.
11 Lir heulang anu ngajar anakna hiber
anakna aman ditempatkeun dina jangjangna
nu meber, nya kitu PANGERAN teh ngaraksana
ka Israil.
12 PANGERAN ku manten anu nuyun
maranehna, teu dibantu ku allah-allah
sejenna.
13 Maranehna disina ngageugeuh tanah-
tanah pagunungan, dicukup daharna, bangsa
hasil ti tegalan, jeung madu leuweung tina
sela-sela cadas, kitu deui tangkal jetun, anu
jadi dina sela-sela batu.
14 Sapina, embena, jaruuh cisusuna.
Ingon-ingonna, domba, embe, sapi, kaasup
nu pangalusna, gandumna pangbaleuneurna,
anggurna nu pangeunahna.
15 Umat PANGERAN ngajadi mukti, tapi bet
jadi bantahan. Sanggeus lalintuh sarareubeuh
barang hakan, seug ingkar ti Allahna,
anu ngajadikeunana, naringgalkeun Juru
Salametna anu digjaya.
16 Nyarembah ka brahala, matak panas
PANGERAN. Kadorakaanana nangtang
bebendu Mantenna.
17 Ngalurban ka allah-allah nu lain Allah,
allah-allah anyar anu ku karuhunna can
dipikawawuh, allah-allah anu ku Israil tacan
disembah.

18 Allahna, Juru Salametna anu digjaya, anu
ngahirupan maranehna, dipopohokeun.
19 Ningali sarupa kitu, PANGERAN jadi
bendu. Seug eta pala putra-Na teh, lalaki,
awewe, dipiceun.
20 Dawuhana-Na, Ku Kami moal ditulungan
deui, hayang nyaho eta umat bantahan jeung
teu satia teh kumaha panungtunganana.
21 Ka Kami mapanas ku arca-arca, ku brahala
anu carekna mah Allah, ku aallahan anu lain
Allah. Matak ku Kami ge rek dipapanas ku hiji
bangsa, sina ngentab hatena ka eta bangsa
nu gejul.
22 Amarah Kami tangtu ngagedur lir seuneu,
saeusi bumi bakal kahuru. Malah bakal
parat ka handapeun jagat, ngagehengkeun
akar-akar pagunungan.
23 Maranehna rek dicehcer ku balahi,
dihujanan ku jamparing.
24 Sina paraeh ku kalanti jeung muriang,
sina tumpes ku sasalad nu baranget. Sina
digalaksak ku sato galak, sina diparacok ku
oray-oray anu maratih.
25 Sina paraeh ku perang, tingjaloprak di
lulurung. Nu di arimah sina ngarompod loba
kasieun. Bujang, lanjang, tinemu jeung pati,
dalah orok, aki-aki, nini-nini, moal aya anu
kari.
26 Ku Kami bakal ditumpes sama sakali, sina
ulah kasebut-sebut deui.

27 Tapi musuhna ku Kami moal dibikeun
agul, sina ulah majar maneh geus ngelehkeun
umat Kami, da Kami sorangan anu ngitukeun
umat Kami teh.
28 Israil teh bangsa anu teu boga pikiran, teu
boga pisan panalar.
29 Teu kapikireun ku naon nepi ka eleh ku
musuh. Teu kapikireun ku naon nu matak
nepi ka kitu.
30 Ku naon sarebu eleh ku saurang, salaksa
eleh ku duaan? Lantaran geus ditinggalkeun
ku PANGERAN Allahna. Maranehna geus
diculkeun ku Allahna nu digjaya.
31 Musuhna nyahoeun yen allahna sorangan
mah lemah, teu digjaya saperti Allah Israil.
32 Musuhna teh doraka cara Sadumu
jeung Gomora, ibarat buah anggur anu pait
ngandung racun,
33 ibarat cianggur nu dijieun tina peurah
oray.
34 Kalakuan musuhna ku PANGERAN
diemutkeun, baris dibales dina waktuna.
35 Ku PANGERAN tangtu dituar disiksa,
tangtu eta teh rugrug lamun geus datang
mangsana, tur geus deukeut kana waktuna.
36 PANGERAN bakal ngajait umat-Na,
sanggeus kauninga taya dayana. Nu aranut
ka Mantenna bakal dipikawelas, sanggeus
katingali yen sakitu sangsarana.
37 Seug umat-Na bakal dipariksa, Mana
allah-allah maraneh nu digjaya teh?

38 Lain sok disuguhan gajih sato kurban?
Lain sok dibaktian cianggur? Coba atuh
ayeuna sina nulungan, sina ngorejat ngajait
maraneh.
39 Saenyana ngan Kami nu jumeneng Allah,
taya deui anu sejen. Kami anu kawasa
maehkeun, kawasa ngahirupkeun, kawasa
ngageringkeun, kawasa nyageurkeun. Moal
aya nu bisa nandingan Kami.
40 Kami sumpah nadahkeun panangan: Demi
Kami teh Allah anu jumeneng,
41 Kami arek ngasah pedang sina ngagurilap,
rek nerapkeun hukum adil. Rek ngabales
musuh-musuh, rek nyiksa ka nu arijid ka
Kami.
42 Jamparing Kami bakal lamokot ku getih
musuh, pedang Kami bakal ngababad sakabeh
lawan. Nu ngaralawan rek dibeakkeun, moal
ngarikeun nu geus kasabet jeung geus
kajarah.
43 Eh bangsa-bangsa, geura pupunjung umat
PANGERAN. Sabab sakur nu bareto ngabasmi
maranehna, ku Mantenna baris disiksa. Saha
anu ngamusuhan baris dibales. Sabalikna
umat-Na tangtu dihampura dosa-dosana."
44 Musa jeung Yosua ngucapkeun eta lagu,
kadenge ku sakumna bangsa Israil.
45 Sabada Musa ngawurukkeun papakon-
papakon PANGERAN ka urang Israil,
46 anjeunna sasauran kieu, "Peupeujeuh,
ieu papakon-papakon anu diwurukkeun ku

Bapa teh gumatikeun. Ajarkeun ku maraneh
ka anak, supaya maranehna ge nurut jeung
satia kana sagala pangandika-Na.
47 Sabab ieu pangajaran teh lain omong
kosong, estuna mah hiji-hijina jalan
pihirupeun maraneh. Nu matak kudu diturut,
sangkan maraneh bisa tetep renggenek
matuh di ditu di tanah anu rek dicicingan, di
peuntaseun Walungan Yordan."
48 Dina poe eta keneh PANGERAN nimbalan
ka Musa,
49 "Maneh kudu ka Pagunungan Abarim di
tanah Moab peuntaseun Yeriho. Tuluy unggah
ka Gunung Nebo, pek ti dinya ku maneh
teuteup tanah Kanaan anu rek dipaparinkeun
ka urang Israil teh.
50 Di puncak gunung eta maneh ku Kami rek
dipundut nyawa, cara Harun dulur maneh anu
ku Kami dipundut nyawana di Gunung Hor,
51 lantaran maraneh duaan geus
nembongkeun kateusatiaan ka Kami di
hareupeun urang Israil. Basa keur di cinyusu
Meriba deukeut kota Kades di tanah gurun
Sin, maneh nyapirakeun Kami di hareupeun
jalma rea.
52 Tanah anu ku Kami rek dibikeun ka urang
Israil teh bakal katembong ku maneh ti
kajauhan, tapi maneh moal kungsi asup ka
ditu."
33 1 Samemeh pupus, Musa abdi Allah teh
ngaberkahan heula ka urang Israil.

2 PANGERAN sumping ti Gunung Sinai, lir
panonpoe meletek luhureun Edom, ngebrehan
ka umat-Na di Gunung Paran. Dibanding ku
malaikat salaksa, dina panangan tengen-Na
aya seuneu ngagebur.
3 PANGERAN estu asiheun ka umat-Na,
ngaraksa ka sakur nu jadi kagungana-Na.
Bruk urang sujud kana sampeana-Na, tumut
kana sakabeh pangandika-Na.
4 Hukum anu ku Musa diselehkeun ka urang,
urang turut, urang jieun puputon bangsa.
5 PANGERAN jumeneng Raja umat-Na, Israil,
basa kaom-kaomna jeung para kapalana
kumpul.
6 Ka kaom Rubin, berkah Musa kieu ungelna:
"Mugia Rubin tong datang ka pareum, sanajan
jumlahna teu sabaraha."
7 Ka kaom Yuda kieu berkahna: "Nun
PANGERAN, mugi panyambat Yuda dimakbul.
Mugi Yuda dihijikeun deui sareng kaom-kaom
Israil. Mugi dipangmerangkeun, dibantu
ngelehkeun musuh-musuhna."
8 Ka kaom Lewi kieu berkahna: "Nun
PANGERAN, Gusti ngebrehkeun pangersa ku
jalan Urim sareng Tumim, nganggo antara
urang Lewi, abdi-abdi nu satia. Nalika di Masa
ku Gusti parantos diuji. Di cinyusu Meriba
bukti kaestuanana.
9 Ka Gusti kalintang satiana. Langkung ti
batan ka kolot-kolotna, ka dulur-dulurna
sareng ka anak-anakna. Estu madep kana

pangandika Gusti, kukuh nyekel kana
perjangjian Gusti.
10 Maranehna anu bakal ngajar umat Gusti,
sina gumati kana Hukum Gusti. Maranehna
anu bakal nyanggakeun kurban dina altar
Gusti.
11 Nun PANGERAN, mugi kaom maranehna
ditohagakeun. Sagala pagaweanana mugi
kamanah. Mugi musuh-musuhna dibasmi,
ulah sina menyat deui."
12 Berkahna ka kaom Binyamin: "Ieu kaom
kameumeut PANGERAN. Sapopoena diraksa,
diauban. Henteu weleh disarengan."
13 Berkahna ka kaom Yusup: "Mugia tanahna
ku PANGERAN dipaparin hujan. Dipaparin cai
ti handapeun bumi.
14 Saban usum lahanna sing pinuh ku
bubuahan. Bubuahan nu aralus, nu arasak
dina tangkalna.
15 Pasir-pasir purbakalana sing meuhpeuy ku
bubuahan, bubuahan anu pangaralusna.
16 Tanahna sing pinuh ku nu mangpaat. Sing
kaseundeuhan ku berkah PANGERAN, anu
ngandika ti leuweung cucuk nu hurung tea.
Ieu berkah masing tumurun ka kaom Yusup,
nu jadi pamingpin ti sakabeh dulur-dulurna.
17 Yusup boga kakuatan banteng jeung
tanduk sapi leuweung, nya eta: Menase
anu mangrebu-rebu, jeung Epraim anu
manglaksa-laksa. Anu babarengan ngagadil

ka bangsa-bangsa, neunggar musuh sina
mecleng ka tungtung jagat."
18 Berkahna ka kaom Sebulun jeung
kaom Isaskar: "Sebulun masing untung
buniagana di laut. Isaskar masing mukti di
pakemahanana.
19 Maranehna bakal ngajak bangsa lian
ngadongdon ka gunungna. Prak di dinya
nyanggakeun kurban nu bener layak.
Maranehna bakal ngareduk untung ti laut,
jeung ngarali harta tina keusik sapanjang
basisir."
20 Berkahna ka kaom Gad: "Puji sukur ka
Allah anu ngalegakeun wewengkon Gad. Gad
taki-taki kawas singa, rek ngabeset leungeun
atawa kulit sirah.
21 Gad nyokot tanah anu pangalusna, pantes
dipimilik ku anu jadi pamingpin. Maranehna
narurut kana pikukuh jeung hukum Allah.
Direujeungan ku para pamingpin Israil."
22 Berkahna ka kaom Dan: "Dan saibarat
singa ngora, ngagajleng luncat ti Basan."
23 Berkahna ka kaom Naptali: "Naptali
pohara meunangna berkah reujeung kurnia
PANGERAN. Tanahna ngembat ka kidul ti
semet Talaga Galilea."
24 Berkahna ka kaom Aser: "Ti antara
sakabeh kaom, Aser pangdiberkahanana.
Sing dipikaresep ku dulur-dulurna. Tanahna
sing loba tangkal jetunna.

25 Kota-kotana sing weweg ku sarigsig
tambaga jeung beusi. Mugia hirupna aman
santosa."
26 Eh Israil, taya allah nu cara Allah maraneh,
anu kalawan agungna nitih langit tunggang
mega, baris mitulung ka maraneh.
27 Pitulung Allah ka maraneh sipatna kadim,
panangana-Na anu ngadeudeul, sipatna
langgeng. Ana maraneh maju, Mantenna
anu ngajongklokkeun musuh, seug nimbalan
sangkan ku maraneh digempur.
28 Turunan Yakub hirupna senang santosa,
cicing di tempat gandum jeung anggur,
bumina dibaseuhan ku ciibun ti langit.
29 Bagja maraneh, Israil! Taya nu mapakan.
Estu bangsa anu rahayu ku PANGERAN.
PANGERAN ku manten, minangka kepeng
jeung pedang maraneh, nu ngabela
jeung maparin kaunggulan. Musuh tangtu
tingpoyongkod menta dikarunyaan, ku
maraneh tuluy dileyek.
34 1 Ti dinya Musa angkat, ti padataran
Moab nanjak ka Gunung Nebo,
unggah ka puncak Gunung Pisga wetaneun
Yeriho. Ti belah dinya, sakuliah tanah tea ku
PANGERAN ditembongkeun ka anjeunna, nya
eta wewengkon tanah Gilad anu terus ka
kaler nepi ka kota Dan;
2 sakuliah wewengkon Naptali; wewengkon
Epraim jeung wewengkon Menase;

wewengkon Yuda anu terus ka kulon nepi ka
basisir Laut Tengah;
3 bagian pakidulan Yuda; kitu deui tanah
lempar ti semet Soar nepi ka Yeriho, dayeuh
anu pinuh ku tangkal korma.
4 Ngandika PANGERAN ka Musa, "Tah eta
tanah anu dijangjikeun ku Kami teh, anu
diikrarkeun ka Ibrahim, Ishak, jeung Yakub,
ajang turunan-turunanana. Eta ku Kami
ditembongkeun ka maneh, tapi Kami moal
ngidinan maneh ka ditu."
5 Sanggeus kitu Musa abdi PANGERAN puput
nyawa di tanah Moab, sakumaha anu geus
ditimbalkeun ku PANGERAN.
6 Ku PANGERAN dikurebkeun di hiji lebak di
tanah Moab, palebah dayeuh Bet Peor. Tapi
nepi ka kiwari ge pajaratanana mah taya anu
terangeun.
7 Musa pupus dina yuswa saratus dua puluh
taun, salirana cangker keneh, socana awas
keneh.
8 Meunang tilu puluh poe anjeunna
dicaleungceurikan ku sakumna bangsa Israil
di tanah datar Moab.
9 Ari Yosua putra Nun, gaganti Musa,
binangkit sarta binekas, sabab ku Musa geus
diberkahan. Urang Israil narurut ka Yosua.
Sagala papakon PANGERAN anu diwurukkeun
ku Musa tea diarestokeun.

10 Di Israil tacan aya nabi anu saperti Musa,
anu dicandak sasauran papayun-payun ku
PANGERAN.
11 Taya deui nabi anu ku PANGERAN
dipaparin kawasa ngayakeun mujijat-mujijat
jeung kaahengan-kaahengan, saperti anu
diterapkeun ku Musa ka raja Mesir katut para
gegedenna jeung ka sakuliah nagarana.
12 Taya deui nabi anu bisa ngayakeun
kajadian-kajadian anu sakitu hebatna, saperti
anu dijalankeun ku Musa kalawan kasaksian
ku urang Israil.

Yosua

1 [1] Sanggeus Musa, abdi Allah tea pupus,
PANGERAN nimbalan ka pangbantuna
Musa, nya eta Yosua putra Nun.
[2] Timbalana-Na, "Musa abdi Kami geus tilar
dunya. Ayeuna maneh katut bangsa Israil
geura tarapti meuntasan Walungan Yordan,
geusan asup ka tanah anu ku Kami rek
dibikeun ka maranehna tea.
[3] Kami geus nyarita ka Musa, yen tanah
anu rek disorang teh sagemblengna geus
dipasrahkeun ka maneh jeung ka saumat
Kami.
[4] Legana eta tanah, ti kidul mimiti ti gurun
keusik terus ka kaler nepi ka Pagunungan
Libanon, ti wetan ti semet walungan gede
Walungan Eprat parat ka tanah Het terus ka
kulon nepi ka Laut Tengah.
[5] Yosua, saumur-umur ge ka maneh hamo
aya nu kuat. Kami rek ngaping ka maneh
sakumaha ka Musa. Sapapanjangna moal
ninggalkeun.
[6] Sing teteg, sing yakin, karana saupama
ieu umat Kami geus maratuh di eta
tanah nu ku Kami geus dijangjikeun ka
karuhun-karuhunna, nya maneh anu baris
jadi pamingpinna.

7 Ku sabab eta sing teteg, sing yakin; jeung
masing satia ka sakabeh Hukum anu dibikeun
ka maneh ku Musa, abdi Kami tea. Sarupa
ge ulah aya nu dilalaworakeun, tan wande
maneh baris hasil ngajugjug ka mana bae
oge.
8 Karepkeun yen maneh rek maca eta kitab
Hukum salawasna dina ngajalankeun ibadah.
Ulik beurang peuting, tiginkeun sakumaha
anu ditulis di dinya. Upama kitu hirup maneh
tan wande senang sarta hasil.
9 Sing inget timbalan Kami ka maneh,
masing teteg sarta yakin! Ulah sieun atawa
leutik hate, sabab Kami, PANGERAN Allah
maneh ka mana-mana oge tan wande
nyarengan."
10 Ti dinya Yosua miwarangan para
pamingpin sina ka pakemahan, sangkan
marentahkeun jalma-jalma,
11 "Geura saradia dahareun keur bekel,
sabab tilu poe deui maraneh kudu meuntasan
Walungan Yordan, baris maratuh di tanah
anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah
maraneh."
12 Yosua sasauran ka kaom Rubin, kaom Gad
jeung ka satengahna kaom Menase,
13 "Inget, Musa abdi PANGERAN geus
nyaurkeun ka maraneh yen ieu tanah
wetaneun Walungan Yordan baris
dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh,
pikeun tempat tinggal maraneh.

14 Bojo-bojo maraneh, anak-anak maraneh,
jeung ingon-ingon tetep di darieu, ari
balad-balad kudu samakta pakarang, sina
mareuntas ti heula sangkan bisa ngabantu
papada urang Israil deui,
15 nepi ka bisa ngajabel tanah kuloneun
Walungan Yordan anu geus dipaparinkeun ku
PANGERAN Allah maraneh ka maranehna.
Saupama Mantenna geus maparin kaamanan
ka sakumna kaom Israil, kakara maraneh
meunang baralik deui ka dieu baris maratuh
di tanah sorangan di wetaneun Walungan
Yordan, anu geus dipaparinkeun ka maraneh
ku Musa, abdi PANGERAN."
16 Jawab maranehna ka Yosua, "Sadaya
pisaur anjeun tan wande dijalankeun.
Dipiwarang ka mana bae ge sayagi.
17 Sadaya sumeja tunduk ka anjeun
sapapanjangna, sakumaha ka Musa. Mugia
PANGERAN Allah nyarengan ka anjeun
sakumaha ka Musa!
18 Sing saha anu ngalawan kana kakawasaan
anjeun atanapi wangkelang kana parentah,
baris dipaehan. Sing percanten, teu kedah
salempang!"
2 1 Geus kitu Yosua ngutus mata-mata
duaan ti pakemahan di Sitim, sina
ngintip nalungtik kaayaan tanah Kanaan,
pangpangna kota Yeriho. Sadatangna ka
dinya, mata-mata teh mareuting di imah hiji
awewe palacuran ngaran Rahab.

2 Raja Yeriho geus meunang beja yen peuting
eta aya mata-mata urang Israil asup arek
nalungtik kaayaan nagarana,
3 seug ngirim parentah ka Rahab, "Jelema
anu duaan anu mareuting di maneh, eta
teh mata-mata anu rek nalungtik kaayaan
nagara. Bijilkeun!"
4 (2:4-6) Ari jawabna, "Leres aya sababaraha
urang anu dongkap ka rorompok, nanging
teu terang ti mana. Tadi oge sareupna
memeh tutup lawang kota parantos marios
deui. Duka bade teras ka marana, teu
terang. Nanging upami enggal-enggal diudag
mah tangtos kasusul." (Padahal eta dua
mata-mata teh ku Rahab disumputkeun di
para imahna dirimbunan ku haramay anu
memang diteundeun di dinya.)
5 (2:4)
6 (2:4)
7 Ponggawa-ponggawa raja tuluy kalaluar ti
jero kota, geus kitu lawang kotana ditutup.
Mata-mata Israil tea terus disaksrak jauh
pisan nepi ka tempat pameuntasan Walungan
Yordan.
8 Memeh mata-mata tea marondok, ku
Rahab ditepungan heula ka luhur.
9 Ceuk Rahab ka maranehna, "Kuring geus
boga rasa ieu tanah geus diserenkeun ka
aranjeun ku PANGERAN. Urang dieu kabeh ge
gimir ka aranjeun.

10 Kabeh geus ngadarenge beja hal
PANGERAN nyaatkeun Laut Beureum basa
aranjeun budal ti Mesir. Ngadarenge oge
bejana basa aranjeun niwaskeun Raja Sihon
jeung Raja Og, dua raja bangsa Emor di
wetaneun Walungan Yordan.
11 Barang ngeng beja ge kacida
galimireunana. Ngadarenge hal aranjeun
teh terus bae leungit wawanen. PANGERAN
Allah aranjeun teh nya Allahna sawarga jeung
Allahna bumi.
12 (2:12-13) Kuring miharep aranjeun kersa
sumpah demi asma-Na, yen aranjeun baris
nyieun kahadean ka kulawarga kuring,
kawas anu dilampahkeun ku kuring ka
aranjeun. Mugi jangji yen indung bapa kuring,
dulur-dulur katut sakumna kulawarga kuring
ku aranjeun moal dipaehan, tapi diauban.
Kanggo eta mugia dipaparin tanda anu tiasa
dipercanten."
13 (2:12)
14 Walon nu duaan, "Saupama kuring jalir
omong, masing dilanat ku Allah! Asal ieu
pagawean kuring ku Nyai teu diucah-aceh
ka sasaha, kuring jangji, upama ieu tanah
ku PANGERAN geus diselehkeun ka bangsa
kuring, Nyai baris ditarima hade-hade."
15 Imah Rahab tea nempel kana tembok
kota, anu matak jelema anu duaan teh ku
Rahab dikaluarkeunana diulur ku tambang
tina jandela.

16 Ceuk Rahab, "Nyarumput heula di
gunung tilu poe mah, bisi katohyan ku
ponggawa-ponggawa raja. Upama itu geus
baralik kakara aranjeun terus."
17 Walon nu duaan, "Jangji kuring anu
dipenta ku Nyai tea moal cidra.
18 Nyai kudu kieu. Saupama bangsa kuring
geus nempuh ka dieu, ieu tali beureum ku
Nyai kudu dibeungkeutkeun dina jandela urut
Nyai ngulur kuring. Bapa, indung, dulur-dulur
jeung kulawarga bapa Nyai sina karumpul di
imah Nyai.
19 Sing saha anu kaluar ti dinya tur nepi ka
tiwas, eta mah salahna sorangan, lain urusan
kuring. Sabalikna anu araya di imah Nyai,
upama aya nu meunang cilaka, eta urusan
kuring.
20 Kitu deui lamun pagawean kuring tea ku
Nyai diucah-aceh, jangji kuring anu dipenta
ku Nyai tea cupar."
21 Rahab akur, sarta nu duaan teh dijurung
laku. Sanggeus maranehna arindit, pita
beureum tea ku Rahab dibeungkeutkeun kana
jandela.
22 Mata-mata tea arindit ka gunung
rek nyarumput. Tilu poe diteanganana
ku ponggawa-ponggawa raja, diubek ka
sakuliahna, tapi weleh teu kapanggih.
Ponggawa-ponggawa tea marulang ka Yeriho.
23 Ti dinya mata-mata teh tarurun ti
gunung tuluy meuntasan Walungan Yordan,

marulang ka Yosua. Sagala pangalamanana
dicaritakeun ka anjeunna
24 sarta aromongna, "Eta nagara teh
segemblengna parantos diserenkeun ka urang
ku PANGERAN. Pohara sarieuneunana urang
ditu ku urang teh."
3 1 Isukna rebun-rebun keneh Yosua katut
bangsa Israil geus arindit ti Sitim muru ka
Walungan Yordan, tuluy mareuting heula di
dinya memeh mareuntas.
2 Sanggeus meunang tilu poe, para
pamingpin ngideran pakemahan,
3 bari marentah kieu ka jalma-jalma, "Lamun
geus aya imam-imam anu ngagotong Peti
Perjangjian PANGERAN Allah maraneh,
buru-buru taluturkeun, tinggalkeun ieu
pakemahan.
4 Maraneh can kungsi ka dieu, jadi nya
aranjeunna nu jadi tuduh jalanna. Tapi ulah
darareukeut kana Peti Perjangjian, kudu
anggang kira-kira sakilometer."
5 Yosua marentah kieu ka jalma-jalma,
"Maraneh kudu susuci, sabab isukan
PANGERAN bakal mintonkeun mujijat-
mujijat."
6 Ari para imam diparentah arangkat ti
heula bari ngagotong Peti Perjangjian. Seug
dilalampahkeun.
7 Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Nu
rek dipigawe ku Kami poe ieu, baris
ngalantarankeun maneh dihormat-hormat

sarta diagungkeun ku urang Israil, sarta
ku maranehna baris katangen yen maneh
disarengan ku Kami cara Musa.
8 Parentahkeun ka imam-imam anu
ngagotong Peti Perjangjian, yen lamun geus
narepi ka sisi Walungan Yordan kudu ancrub
tuluy ngarandeg heula deukeut sisina."
9 Geus kitu saur Yosua ka jalma-jalma, "Ka
darieu kumpul. Darengekeun pangandika
PANGERAN Allah maraneh.
10 Engke maraneh bakal nyaraho yen
Mantenna tan wande nyingkahkeun urang
Kanaan, urang Het, urang Hiwi, urang Pares,
urang Girgas, urang Emor jeung urang Yebus.
Maraneh baris nyararaho yen disarengan ku
Allah anu jumeneng,
11 samangsa Peti Perjangjian PANGERAN
Gustining sajagat dibawa meuntasan
Walungan Yordan heulaeun maraneh.
12 Ayeuna pilih dua belas jelema ti saban
kaom Israil saurang-saurang.
13 Di mana para imam anu ngagotong
Peti Perjangjian PANGERAN Gustining
sajagat geus ngancrubkeun sukuna kana
cai, Walungan Yordan moal bisa ngocor, ti
beulah girang caina mendet jadi beungkak
ngabadeden teu bisa laju."
14 (3:14-15) Harita teh keur usum dibuat,
sarta eta walungan keur caah. Seug
jalma-jalma teh arindit ti pakemahan rek
mareuntas ka Walungan Yordan, para imam

sina ti heula ngagotong Peti Perjangjian.
Barang crub para imam alancrub,
15 (3:14)
16 eta walungan mendet, teu bisa ngocor,
ngabadeden terus beungkak ka girang jauh
pisan nepi ka kota Adam, hiji kota gigireun
kota Sartan. Nu di hilir jadi kapenggel sama
sakali, terus ngocorna ka Laut Paeh; ku hal
eta jalma-jalma teh bararisa meuntas ka
deukeut kota Yeriho.
17 Sabot jelema-jelema mareuntas di nu
saat, imam-imam anu ngagotong Peti
Perjangjian tea ngararandeg di nu saat di
tengah-tengah Walungan Yordan, nepi ka
jalma-jalma mareuntas kabeh.
4 1 Sanggeus kabeh mareuntasan Walungan
Yordan, PANGERAN ngandika ka Yosua,
2 "Cokot dua belas jelema ti saban kaom
saurang-saurang,
3 titah ngala batu dua belas siki ti
tengah-tengah walungan, ti palebah urut
narangtungna imam-imam. Sina dibarawa
sarta engke peuting teundeun di pakemahan."
4 Seug Yosua nyandak dua belas urang,
5 sarta saurna, "Maraneh tarurun ka
walungan heulaeun Peti Perjangjian
PANGERAN Allah maraneh, ngala batu hiji
sewang terus panggul keur kaom-kaom Israil
sakaomna-sakaomna.
6 Eta teh keur panginget-nginget urang Israil
ka nu geus dipidamel ku PANGERAN. Baring

supagi anak maraneh nanyakeun boga harti
naon eta tumpukan batu teh keur maraneh,
7 terangkeun yen Walungan Yordan kungsi
mandeg ngocorna waktu dipeuntasan ku
Peti Perjangjian PANGERAN. Eta teh sangkan
urang Israil aringet salalawasna ka nu geus
kajadian di dieu."
8 Eta parentah tuluy dijaralankeun. Akur
jeung timbalan PANGERAN ka Yosua,
maranehna ngarala batu ti tengah-tengah
Walungan Yordan hiji sewang keur urang
Israil sakaomna-sakaomna, dibarawa terus
digoler-golerkeun di tempat pakemahanana.
9 Yosua oge numpukkeun batu dua belas siki
di tengah-tengah Walungan Yordan, dina urut
narangtungna imam-imam anu ngagotong
Peti Perjangjian. (Ieu tumpukan batu kiwari
aya keneh.)
10 Ari imam-imam ngararandegna di
tengah-tengah eta walungan teh tepi ka
beresna sagala hal anu kudu dilalampahkeun
ku jalma-jalma, sakumaha anu geus
didawuhkeun ku PANGERAN ka Yosua. Hal ieu
cocog jeung anu bareto diparentahkeun ku
Musa tea. Jelema-jelema teh mareuntasna
gagancangan.
11 Sanggeus araya di peuntas ditu, imam-
imam anu ngagotong Peti Perjangjian terus
maraju heulaeun maranehna.
12 Ari kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom
Menase satengahna anu geus siap tempur,

mareuntasna geus ti heula, cocog sakumaha
anu bareto diparentahkeun ku Musa ka
maranehna.
13 Aya kira-kira opat puluh rebu jalma di
payuneun PANGERAN anu siap tempur geus
hararanjat, terus muru hiji tegalan deukeut
kota Yeriho.
14 Ku padamelan PANGERAN dina poe eta,
urang Israil ngarasa yen Yosua teh agung.
Sapanjang jumenengna anjeunna dipikaajrih
ku maranehna cara mikaajrih ka Musa.
15 Geus kitu PANGERAN nimbalan ka Yosua
16 sangkan marentah ka imam-imam anu
ngagotong Peti Perjangjian sina haranjat ti
eta walungan.
17 Seug ku Yosua diparentahkeun,
18 sarta barang imam-imam tea haranjat,
ger cai walungan teh ngocor deui nepi ka
mudal ka sisi.
19 Eta jelema-jelema mareuntasan Walungan
Yordan teh dina poe nu kasapuluh dina bulan
nu kahiji, tuluy masang kemah di Gilgal
wetaneun kota Yeriho.
20 Batu anu dua belas siki bawa ti Walungan
Yordan tea ku Yosua disusun di dinya.
21 Saurna ka urang Israil, "Baring supagi
anak maraneh nanyakeun boga harti naon ieu
susunan batu teh,
22 terangkeun yen ieu jadi tanda pitulung
PANGERAN, waktu Mantenna mendet

Walungan Yordan nepi ka maraneh bisa
mareuntas,
23 sakumaha Mantenna geus ngabendung
Laut Beureum nepi ka urang bisa meuntas.
24 Sangkan unggal jelema di ieu bumi
bakal nyaho kumaha rongkahna kakawasaan
PANGERAN, sarta maraneh baris hormat ka
PANGERAN Allah maraneh sapanjangna."
5 1 Raja-raja urang Emor di kuloneun
Walungan Yordan, kitu deui raja-raja
urang Kanaan di sisi Laut Tengah, geus
ngadarenge beja yen Walungan Yordan
dibendung ku PANGERAN sarta urang Israil
geus mareuntas, kacida galimirna, miris ku
urang Israil.
2 Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Maneh
kudu nyieun peso tina batu, urang Israil kudu
disarunatan."
3 Timbalan teh ku Yosua dijalankeun, urang
Israil disarunatan di hiji tempat anu disebut
Pasir Pangeureutan.
4 (5:4-6) Basa bareto budal ti Mesir,
kabeh lalaki geus disarunatan. Tapi waktu
uprak-apruk di gurun keusik nepi ka opat
puluh taun, barudak lalaki anu dijarurukeun
di dinya mah taya anu disunatan. Sarta dina
pameakan jaman eta, sakabeh lalaki anu
basa budal ti Mesir geus meujeuhna jaradi
prajurit, geus pararaeh lantaran ngabaha ka
PANGERAN. Maranehanana keuna ku sumpah
PANGERAN, yen moal kungsi narenjo tanah

anu subur makmur, anu ku Anjeunna geus
dijangjikeun ka karuhun-karuhunna tea.
5 (5:4)
6 (5:4)
7 Ari anak-anakna can aya nu disunatan,
sarta nya turunan anyar ieu anu disarunatan
ku Yosua teh.
8 Sanggeus ieu disarunatan, kabehanana
sina ngarendek di pasanggrahan, sina
calalageur heula.
9 Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Poe
ieu maraneh ku Kami geus diangkat tina
kahinaan, geus lain abid-abid urang Mesir
deui." Ku sabab kitu eta tempat teh
dingaranan Gilgal, tetep nepi ka kiwari.
10 Sabot ngarendek di Gilgal di hiji padataran
deukeut Yeriho, dina malem tanggal opat
belas bulan eta, urang Israil mestakeun
Paska.
11 Dina poe isukna maranehna geus mimiti
ngasaan hasil pepelakan tanah Kanaan,
dalahar sanggray gandum jeung roti
jarieunna, teu diragian.
12 Geus kitu mah manna tea henteu turun
deui sarta urang Israil eureun ngadahar
manna. Ti semet harita dalalaharna teh tina
hasil pepelakan tanah Kanaan.
13 Sabot aya di tempat anu deukeut ka tanah
Yeriho, Yosua ujug-ujug ningali aya hiji jelema
di payuneunana keur matek pedang. Seug

disampeurkeun, dipariksa, "Ieu teh prajurit
mana, batur atawa musuh?"
14 "Duanana lain," walonna. "Kami di dieu
teh jadi panglima perang PANGERAN." Bruk
Yosua sujud kana taneuh, ngahormat sarta
unjukan, "Bade aya pikersaeun naon ka sim
kuring? Sim kuring sumeja ngesto."
15 Panglima perang PANGERAN ngawaler,
"Lesotkeun tarumpah maneh, sabab ieu bumi
anu keur ditincak ku maneh teh suci." Yosua
ngalesotkeun tarumpahna.
6 1 Ari kota Yeriho lawangna ditutup terus
tur dijaga, sieun kaasupan ku urang Israil.
Teu aya nu bisa asup atawa kaluar ti dinya.
2 Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Ayeuna
Yeriho katut raja jeung baladna anu garagah
ku Kami rek diserenkeun ka maneh.
3 Maneh jeung balad-balad di jero genep poe
kudu ngurilingan eta kota, sapoe sakuriling.
4 Kudu jeung tujuh imam, masing-masing
imam kudu marawa tarompet sarta
laleumpangna kudu di heulaeun Peti
Perjangjian. Dina poe katujuhna maneh
sabalad-balad ngurilinganana teh kudu tujuh
kali, dibarengan ku imam-imam nariup
tarompet.
5 Sora tarompetna kudu lambat, panjang.
Lamun geus aya sora tarompet, harita keneh
kabeh kudu surak masing bedas, kuta eta
kota tangtu rugrug, terus gerebeg ku saayana
balad ka jero."

6 Seug Yosua nyaur imam-imam, saurna,
"Peti Perjangjian gotong, sarta hareupeun eta
kudu aya tujuh imam anu marawa tarompet."
7 Geus kitu anjeunna marentahkeun
balad-balad geusan mimiti ngurilingan eta
nagara, diaping ku barisan pangawal hareup
anu laleumpangna hareupeun Peti Perjangjian
PANGERAN.
8 (6:8-9) Prak dijaralankeun sakumaha
parentah Yosua, barisan pangawal hareup
ti heula, heulaeun imam-imam anu nariup
tarompet, tukangeunana imam-imam anu
ngagotong Peti Perjangjian, disambung ku
barisan pangawal tukang. Sajeroning kitu,
tarompet ditiup.
9 (6:8)
10 Tapi Yosua geus ngingetan teu meunang
surak, teu meunang aya nu ngomong
sakemek lamun can diparentahkeun.
11 Seug anjeunna marentah ngagotong
Peti Perjangjian tea dibawa ngurilingan
kota tea sakali. Geus kitu marulang deui ka
pasanggrahan terus marondok.
12 (6:12-13) Poe isukna Yosua gugahna
isuk-isuk pisan, terus jeung balad-balad
ngurilingan deui kota; tata barisanana cara
kamari: panghareupna barisan pangawal
hareup, tukangeun eta tujuh imam anu
nariup tarompet, disambung ku imam-imam
anu ngagotong Peti Perjangjian PANGERAN,

ahirna barisan pangawal tukang. Sapanjang kitu tarompet ditariup.
13 (6:12)
14 Dina poe kadua ge ngurilinganana kota teh ngan sakali, tuluy marulang ka pakemahan. Kitu bae meunang genep poe.
15 Dina poe katujuhna harudangna barang bray isuk, terus ngurilingan kota tea meunang tujuh kali, tata barisanana angger. Ngan poe anu katujuhna bae ngurilingan tujuh kali teh.
16 Dina katujuh kalina nguriling, barang imam-imam rek nariup tarompet, Yosua marentah barisan kudu surak, sarta saurna, "Ieu kota ku PANGERAN geus diselehkeun ka maraneh!
17 Ieu kota katut sagala eusina kudu dibasmi, jieun kurban ka PANGERAN. Anu meunang disalametkeun ngan Rahab, palacuran tea, jeung saeusi imahna, lantaran geus nulungan nyumputkeun mata-mata urang.
18 Poma, barang naon bae anu baris dibasmi ulah aya nu dicokot; upama maraneh nyokot, bakal goreng balukarna jeung matak ruksak pakemahan Israil.
19 Ari barang-barang tina perak, emas, tambaga atawa beusi, eta geus diiwalkeun sanggakeuneun ka PANGERAN, baris disimpen jadi rajabrana PANGERAN."
20 Imam-imam seug nariup tarompet. Harita keneh ger jelema-jelema sarurak bedas pisan, brug kuta teh rugrug. Breg sawadya

balad arunggah ka luhur pasir, ngagerebeg ka jero kota.
21 Pedangna dipake ngabinasa sakur pangeusina, lalaki, awewe, nu ngarora, nu karolot. Sasatoan oge, domba, kalde, dipaehan bae.
22 Yosua miwarang dua jelema anu jadi mata-mata tea, saurna, "Teang awewe dayang teh ka imahna, bawa ka dieu jeung sakulawargana, nyumponan jangji maraneh."
23 Bral maranehna arindit. Rahab dibawa kaluar, kitu deui bapana, indungna, dulur-dulurna katut baraya-baraya sejenna. Maranehna kabeh katut jeung badega-badegana dibawa ka deukeut pakemahan urang Israil sangkan salamet.
24 Geus kitu eta kota katut sapangeusina dihuru, iwal ti barang-barang tina perak, emas, tambaga jeung beusi anu geus dicokot ti heula disimpen dina panyimpenan rajabrana PANGERAN.
25 Tapi Rahab dayang tea jeung kabeh kulawargana ku Yosua dirahayukeun, dumeh geus nulungan nyumputkeun dua mata-mata anu lolongok ka Yeriho tea. (Turunan eta awewe tepi ka kiwari hirupna teh di Israil.)
26 Harita Yosua ngedalkeun hiji supata, saurna, "Sing saha anu nyoba-nyoba ngadegkeun deui ieu kota Yeriho, tangtu disapa ku PANGERAN. Anu nyieun pademenna

mangka paeh anak cikalna; Anu ngadegkeun
lawangna mangka paeh anak bungsuna."
27 Bener, PANGERAN teh nyarengan ka
Yosua. Yosua jadi kamashur ka sakuliah tanah
eta.
7 1 Barang naon bae ti Yeriho anu kudu
dimusnakeun, ku urang Israil teu
meunang aya nu dicokot, kitu timbalan
PANGERAN. Tapi eta timbalan teh teu diturut.
Jelemana anu henteu nurut teh ngaranna
Akan. PANGERAN pohara benduna ka Israil.
(Demi Akan teh anakna Karmi, incu Sabdi,
warga Serah, ti kaom Yuda.)
2 Yosua teh ngajurung jelema ti Yeriho ka
Ai, wetaneun kota Betel deukeut Bet Awen,
dipiwarang nalungtik. Sabada nalungtik,
3 terus wawarti ka Yosua, pokna, "Ngarurug
Ai mah teu kedah ku sadayana, ku dua
tilu rebu urang oge cekap. Balad teu perlu
diinditkeun sadayana. Alit Ai mah."
4 Nya anu diinditkeun teh ngan kira-kira
tilu rebu urang. Ari heug teh teter nepi ka
kalalabur,
5 dibeberik ku urang Ai ti lawang kota.
Malah aya nu kasarambut, tariwas di hiji
pupudunan, kira-kira tilu puluh genep urang.
Geus kitu mah urang Israil jadi leungit
wawanen tur katarajang sieun.
6 Bawaning ku prihatin, Yosua jeung
para pamingpin nyosoeh anggoan, sarta
ngabeubeutkeun anjeun kana taneuh

hareupeun Peti Perjangjian PANGERAN.
Nepi ka peuting ngagolerna di dinya,
sarta mastakana diteundeunan lebu tanda
nalangsa.
7 Pok Yosua miunjuk, "Nun PANGERAN Nu
Maha Agung! Kanggo naon abdi sadaya
dicandak meuntasan Walungan Yordan
teh? Kanggo selehkeuneun ka urang Emor?
Supados dibasmi? Ku naon henteu dipiwarang
cicing di ditu bae palih ditueun Walungan
Yordan?
8 Duh Gusti, kumaha abdi nya kedah
nyanggem saparantos urang Israil kieu,
kalalabur ti musuh?
9 Ieu tangtos kakuping ku urang Kanaan, ku
saban jalmi urang ditu. Tangtos maranehna ka
darieu ngepung, seug abdi sadaya dipaehan!
Upami kitu kajadianana, bade kumaha Gusti
nya ngajagi kaagungan salira?"
10 Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Geura
cengkat! Nanaonan eta teh ngagoler dina
taneuh?
11 Urang Israil boga dosa! Parentah Kami anu
majar ku maranehna rek diturut, dilanggar.
Maranehna nyarokot sababaraha rupa
barang haram anu kuduna dimusnakeun.
Maranehna maralingan eta barang-barang,
disarumputkeun, dicampurkeun jeung
barangna sorangan ngarah teu kaciri.
12 Eta anu jadi sabab maranehna teu kuat
nyanghareupan musuh. Kalalabur ti musuh,

lantaran dirina keuna ku laknat jeung
kudu tariwas! Upama eta barang-barang
anu ceuk Kami teu meunang dicokot acan
dimusnakeun, Kami embung deui ngaping
maraneh.
13 Geura cengkat! Jelema-jelema sina susuci
tuluy sina daratang ka Kami. Bejakeun
isukan kudu saradia, sabab Kami, GUSTI
Allah, Allahna Israil, rek ngandika kieu, Eh
Israil, barang-barang anu ceuk parentah
Kami kudu dimusnakeun, sawareh aya keneh
di maraneh! Lamun eta barang-barang
teu dimusnakeun, maraneh hamo tahan
ngalawan musuh.
14 Ku sabab eta, Yosua, bejakeun, isukan
isuk-isuk maranehna arek dipariksa
sagolongan-sagolongan. Upama Kami nujul
hiji golongan, sakabeh kaom golongan eta
kudu maju sakaom-sakaom. Jeung upama
Kami nujul hiji kaom, sakabeh kulawarga
eta kudu maju sakulawarga-sakulawarga.
Tuluy upama Kami nujul hiji kulawarga,
sabab jelema kulawarga eta kudu maju
saurang-saurang.
15 Jelema anu katujul tur kabuktian nyokot
barang-barang anu dilarang tea kudu dihuru
bareng jeung sakulawargana jeung sagala
pangabogana; lantaran manehna geus
ngalanggar perjangjian Kami tur nyieun
kajahatan di tengah-tengah umat Israil."

16 Isukna isuk-isuk, urang Israil teh ku
Yosua geus dipaju-pajukeun sagolongan-
sagolongan. Seug katujul golongan
Yuda.
17 Golongan Yuda diasrogkeun sakaom-
sakaom, nu katujul kaom Serah. Kaom Serah
diasrogkeun sakulawarga-sakulawarga, nu
katujul kulawarga Sabdi.
18 Kulawarga Sabdi ku Yosua dipajukeun
saurang-saurang, nu katujulna Akan, anakna
Karmi, incu Sabdi.
19 Saur Yosua ka dinya, "Anaking! Pek
terangkeun sabalakana di dieu di payuneun
PANGERAN, Allahna urang Israil. Bejakeun ka
Bapa, hidep geus migawe naon? Poma ulah
dibuni-buni."
20 Akan ngajawab, "Leres abdi teh gaduh
dosa ka PANGERAN, Allahna urang Israil. Kieu
abdi teh,
21 di antawis barang-barang jarahan
ningal jubah buatan Babul kalintang saena,
perak kinten-kinten dua kiloeun, sareng
emas sagelempeng anu abotna langkung ti
satengah kilo. Kalintang pikabitaeunana, teras
dibantun, salajengna dikubur di lebet kemah,
dupi perakna disimpen panghandapna."
22 Yosua miwarang jelema anu terus lalumpat
ka eta kemah. Barang-barang haram teh
kapanggih, enya dikubur sarta perakna aya di
panghandapna.

23 Tuluy dibawa kaluar ti jero kemah,
diserenkeun ka Yosua katut ka bangsa Israil,
ditumpuk payuneun PANGERAN.
24 Akan ku Yosua jeung ku urang Israil
dicerek. Ari perakna, jubahna jeung
gelempengan emasna dijabel. Geus kitu
bareng jeung anak-anakna, nu lalaki nu
awewe, ingon-ingonna, kalde jeung dombana,
kemahna katut sagala rupa pangabogana,
dibawa ka Lebak Sangsara.
25 Saur Yosua, "Ku naon hidep teh nyiksa
bangsa sorangan? Ku sabab kitu ayeuna
hidep baris nampa siksaan PANGERAN!" Geus
kitu Akan ku jelema-jelema dibaledogan ku
batu nepi ka paeh. Kulawargana oge, kitu
deui sagala pangabogana dibaledogan ku
batu tuluy diduruk.
26 Ti dinya luhureun tempat eta dibugbrugan
ku batu luhur pisan. Tumpukan batuna nepi
ka kiwari aya keneh. Nya ku sabab kitu eta
tempat teh dingaranan Lebak Sangsara. Ti
dinya PANGERAN leler benduna.
8 1 Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Bawa
ku maneh sakabeh prajurit ka Ai. Tong
sieun-sieun, tong inggis-inggis. Raja Ai,
rahayatna, kotana jeung tanahna ku Kami rek
diselehkeun ka maneh.
2 Ai jeung rajana, ku maneh jieun cara kota
Yeriho jeung rajana tea. Tapi ayeuna mah
babandaan jeung ingon-ingonna meunang

dijarah pikeun maraneh. Pek atur, bongohan eta kota teh ti tukangeunana."
3 Seug Yosua mepek sakabeh prajurit rek ngarurug Ai. Anjeunna meting tilu puluh rebu prajurit anu panghadena, diinditkeun ti peuting.
4 Parentahna, "Maraneh kudu nyarumput beulah ditueun kota, tapi ulah jauh teuing. Kudu tarapti baris ngarurug.
5 Ari barisan Bapa arek ngadeukeutan ka kotana. Di mana urang Ai budal mapag perang, rek ditinggalkeun lumpat cara ti heula.
6 Keun maranehanana sina ngarudag sina jarauh ti kotana. Maranehanana nyangka tangtu urang kabur cara ti heula.
7 Geus kitu maraneh bijil ti panyumputan, ngajabel eta kota. PANGERAN Allah maraneh baris nyelehkeun eta kota ka maraneh.
8 Mun geus kajabel kudu dihuru, kitu anu dipundut ku PANGERAN. Kitu tugas maraneh."
9 Geus kitu tuluy diinditkeun. Bral arindit muru tempat panyumputan, ngadarago di dinya kuloneun Ai, antara Ai jeung Betel. Ari Yosua mah ngawengi di pangkalan urang Israil.
10 Isukna subuh keneh Yosua geus tarapti ngatur balad. Ti dinya angkat dibarengan ku para pangurus, ngapalaan balad ka Ai.
11 Baladna maju lempeng ka lebah lawang utama eta kota, tuluy masang kemah di

beulah kaler. Ti lebah dinya ka Ai kahalangan
ku hiji lebak.
12 Anjeunna misahkeun kira-kira lima rebu
prajurit, sina nyarumput di kuloneun kota,
antara Ai jeung Betel.
13 Balad geus tarapti pikeun perang, balad
utama di kalereun kota, sesana di beulah
kulon. Peuting eta Yosua ngawengi di eta
lebak.
14 Barang raja Ai nangenan yen aya balad
Yosua, gesat-gesut pak-pik-pek. Geus kitu
budal jeung baladna muru ka Lebak Yordan
sejana merangan Israil di dinya cara ti heula.
Teu nyahoeun yen ti beulah tukang keur
didodoho.
15 Seug Yosua sabalad-balad pura-pura
mundur, lalumpatan ka tanah gundul.
16 Balad Ai kabeh dikeprik ti jero kota sina
ngarudag ka Yosua. Ku sabab kitu maranehna
jadi beuki jauh ti kotana.
17 Anu ngarudag ka urang Israil teh
kabehanana, kotana jadi molongpong jeung
teu aya nu ngajaga.
18 Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Tojokeun
tumbak maneh ka lempengan Ai. Kami rek
nyelehkeun eta kota ka maneh." Ku Yosua
dijalankeun.
19 Barang cung anjeunna ngangkat
panangan, balad anu keur nyarumput tea
carengkat, terus ngambreg ka jero kota,
tuluy eta kota teh dijabel, gur dihuru.

20 Barang urang Ai ngalalieuk, kotana geus
meleketektek ku haseup. Tapi geus teu
aya jalan lumpat, sabab balad Israil anu
tadi lalumpatan ka tanah gundul teh malik
nempuh.
21 Sanggeus Yosua nangenan yen eta kota
geus kajabel malah geus dihuru, baladna
malik ngagempur balad Ai.
22 Balad Israil anu geus arasup ka jero kota
laluncatan terus muru ka medan perang
mantuan baturna. Balad Ai nyaho-nyaho geus
ditingker rekep ku balad Israil, seug beak
kabeh paraeh digempur. Taya hiji anu luput,
taya hiji anu teu nepi ka paeh,
23 ngan kari rajana. Eta mah dicerek dijieun
tawanan ku Yosua.
24 Saban musuh anu tadi ngarudag ka tanah
gundul, ku urang Israil geus dipaehan kabeh.
Beres ti dinya, balad Israil maralik deui ka Ai,
maehan sakur nu kari di dinya.
25 (8:25-26) Ari Yosua masih keneh nojokeun
tumbak, tumbakna teu turun-turun nepi ka
musuh beak kabeh diparaehan. Urang Ai anu
kabehna aya dua belas rebu jelema lalaki
awewe poe eta beak sama sakali dibasmi.
26 (8:25)
27 Ingon-ingon jeung babandaanana
dijarah ku urang Israil, nurutkeun timbalan
PANGERAN ka Yosua tea.

28 Kota Ai ku Yosua dihuru, tuluy diantep jadi
ruruntuk. Nepi ka kiwari kaayaanana tetep
kitu.
29 Ari raja Ai ku anjeunna digantung dina
patok, mayitna diantep nepi ka burit.
Sanggeus sareupna kakara ku anjeunna
diparentahkeun sina diturunkeun, tuluy
dibalangkeun ka hareupeun lawang kota,
breg dibugbrugan batu luhur pisan. Tumpukan
batu tea aya nepi ka kiwari.
30 Geus kitu Yosua ngadegkeun altar di
Gunung Ebal kanggo PANGERAN, Allahna
Israil.
31 Ngadamelna altar nurutkeun pituduh
Musa, abdi Allah, ka urang Israil, sakumaha
anu kaungel dina Hukum Musa, "Hiji altar tina
batu, teu meunang aya tapak-tapak pakakas
beusi." Dina luhur eta altar maranehna
ngaduruk kurban ka PANGERAN, sarta
nyanggakeun kurban beuleuman.
32 Kasaksian ku urang Israil, dina eta batu
Yosua ngadamel salinan Hukum anu diserat
ku Musa tea.
33 Urang Israil jeung para pangurusna,
kapala-kapala baladna, hakim-hakimna,
kitu deui jalma piluaran nu araya di
maranehna, nararangtung kenca katuhueun
Peti Perjangjian PANGERAN, nyalanghareup
ka imam-imam kaom Lewi anu ngagotong eta
peti. Nu saparo narangtungna nyanghareup
ka Gunung Gerisim, nu saparo deui

nyanghareup ka Gunung Ebal. Cara kitu
teh memang geus ditetepkeun ti tadina ku
Musa, abdi Allah, ka maranehna, samangsa
maranehna arek narima berkah.
34 Ti dinya saeusining Hukum teh ku Yosua
diaos bedas, kitu deui hal piberkaheunana
jeung panyapana, sakumaha anu kaungel
dina kitab Hukum.
35 Tiap-tiap Hukum Musa teh ku Yosua
diaoskeun ka sakabeh nu karumpul, kaasup
awewe jeung barudak, kitu deui urang
piluaran anu araya di maranehna.
9 1 Beja kaunggulan Israil geus
kadarengeeun ku sakabeh raja-raja
di peuntaseun Walungan Yordan beulah kulon,
nu di pagunungan, nu di suku pagunungan
jeung nu di sisi basisir Laut Tengah. Malah
kadenge ka nu leuwih jauh ti dinya, ka tebeh
kaler, ka Libanon. Eta raja-raja teh nya eta
raja-raja urang Het, urang Emor, urang
Kanaan, urang Pares, urang Hiwi jeung urang
Yebus.
2 Eta raja-raja seug rempugan ngahijikeun
kakuatan, arek merangan ka Yosua, ka urang
Israil.
3 Tapi urang Gibon, nya eta bangsa Hiwi,
geus meunang beja tina hal anu dipidamel ku
Yosua ka kota Yeriho jeung Ai.
4 Tuluy mutuskeun rek nyiasatan Yosua.
Maranehna ngamomotan kalde-kalde ku
karung-karung heubeul jeung kantong-

kantong kulit wadah anggur anu geus barutut, tuluy arindit,
5 marake pakean anu geus rarawing sarta ditarumpah butut. Bekelna roti anu geus garing, teuas tur geus bulukan.
6 Sanggeus daratang ka pakemahan di Gilgal, pok maranehna akon-akon ka Yosua jeung ka urang Israil, "Sim kuring teh ti nagri tebih, maksad sumeja ngajak ngayakeun perjangjian sareng Juragan."
7 Ari ceuk urang Israil, "Naha bet kedah aya perjangjian sagala antara kuring sareng aranjeun? Boa teuing aranjeun teh urang dieu bae, ti nu caket."
8 Ari ceuk maranehna ka Yosua, "Sim kuring sumeja tumut kumaha Juragan." Yosua mariksa, "Saleresna aranjeun teh saha, nu ti mana?"
9 Jawab maranehna kieu, "Juragan, nagri sim kuring kalintang tebihna ti dieu. Pangna ngadeuheus, reh nguping wartos perkawis PANGERAN, Allah Juragan. Sim kuring parantos kenging wartos hal anu dipidamel ku Anjeunna di Mesir,
10 kitu deui nu dipidamel-Na ka dua raja bangsa Emor di peuntas wetan Walungan Yordan, nya eta Raja Sihon di nagri Hesbon, sareng Og raja Basan anu calikna di Astarot tea.
11 Sim kuring ku para pamingpin sareng rahayat nagri sim kuring dipiwarang bebekel

saperluna, dijurung leumpang ngadeuheus ka Juragan di dieu, ngunjukkeun sumeja taluk ka Juragan sadaya. Ku margi kitu, panuhun mugi Juragan pulur manah kanggo ngayakeun perjangjian sareng sim kuring.
12 Mangga tingalian roti bekel sim kuring. Nalika bral mios sumeja ngadeuheus ka Juragan, eta teh haneut keneh. Ayeuna mangga ieu tingalian! Parantos garing sareng bulukan.
13 Ieu wadah cianggur, waktos ngawitan dieusian mah alanyar keneh. Nanging, tingali! Parantos bararedah. Pakean, tarumpah, dugi ka barutut kieu, bawaning ku tebihna lalakon."
14 Top eta bebekelan teh ku urang Israil ditampanan, teu naros heula perkara eta ka PANGERAN.
15 Seug Yosua ngadamel perjangjian mimitran jeung urang Gibon, jelema-jelemana meunang hirup. Eta perjangjian ditetepkeun ku sumpah para pamingpin urang Israil.
16 Tilu poe ti barang eta perjangjian dijieun, kanyahoan ku urang Israil yen eta jelema-jelema teh ti nu deukeut bae.
17 Kanyahoanana sanggeus urang Israil maju deui meunang tilu poe sarta nepi ka kota Gibon, Kapira, Berot, jeung Kiryat Yarim, tempat tinggal eta jelema-jelema tea.

18 Tapi urang Israil teu bisa maehan
maranehna, sabab para pamingpinna
geus sumpah demi PANGERAN, Allahna
Israil. Kabeh urang Israil gegelendeng ka
pamingpin-pamingpinna,
19 tapi saur aranjeunna, "Urang geus sumpah
demi GUSTI Allah, Allahna Israil. Jadi urang
teu bisa kua-kieu ka maranehna.
20 Urang kudu ngantep maranehna harirup
lantaran geus katalian ku jangji. Mun urang
cidra, tangtu urang dihukum ku Allah.
21 Keun bae sina harirup, tapi urang jadikeun
tukang ngarala suluh jeung tukang ngarala
cai." Kitu usul para pamingpin teh.
22 Geus kitu Yosua marentah supaya urang
Gibon dipanggil. Saurna ka maranehna, "Ku
naon maraneh ngabobodo majar ti nu jauh,
padahal urang dieu?
23 Ku hal eta maraneh disapa ku Allah.
Rahayat maraneh kudu terus jadi badega
salalawasna, purah ngala suluh, ngala cai,
keur kaperluan gedong suci Allah kami."
24 Jawabna, "Mangga teh teuing Juragan.
Reh sim kuring terang aya timbalan
PANGERAN Allah Juragan ka Musa abdi-Na,
yen ieu tanah sakuliahna baris diselehkeun
ka Juragan, sareng jalmi-jalmina ku Juragan
kedah diparaehan. Sim kuring midamel kitu
teh bawaning sieun ku Juragan, melang kana
nyawa.

25 Ayeuna sim kuring sadayana aya dina
genggeman Juragan. Mangga pidamel
kumaha pangersa."
26 Ku Yosua maranehna ditangtayungan, teu
meunang diparaehan ku urang Israil.
27 Tapi kudu tuluy dijieun badega purah
ngarala suluh, ngarala cai, keur urang Israil
jeung keur kaperluan altar PANGERAN. Kituna
teh nepi ka kiwari, di tempat paranti babakti
anu geus ditetepkeun ku PANGERAN.
10 1 Adonisedek, raja Yerusalem, geus
meunang beja, yen Ai geus beunang
jeung geus ditumpurkeun ku Yosua, sarta
rajana dipaehan sakumaha anu tumiba
ka nagri Yeriho jeung rajana. Jeung geus
meunang beja yen urang Gibon geus
rarapihan sarta hirup rukun jeung urang
Israil.
2 Ku hal eta, urang Yerusalem kacida ngarasa
seberna, sabab Gibon teh sarua gedena
jeung nagri anu mana bae oge di dinya anu
dikapalaan ku raja, malah leuwih gede ti
batan Ai, katurug-turug jelema-jelemana
arahli perang.
3 Ku kituna, Adonisedek ngajurungan utusan
ka Raja Hoham di Hebron, Raja Piram di
Yarmut, Raja Yapia di Lakis, jeung Raja Debir
di Eglon, pokna kieu,
4 "Diantos sumpingna, bantuan ngarurug
Gibon, sabab urang dinya parantos rarapihan
sareng Yosua, nya sareng urang Israil."

5 Eta lima raja urang Emor, nya eta raja-raja:
Yerusalem, Hebron, Yarmut, Lakis jeung
Eglon, meungkeut kakuatan, tuluy ngepung
sarta ngarurug Gibon.
6 Urang Gibon ngirim lisan ka Yosua di
pakemahan di Gilgal, kieu, "Juragan, mugi
ulah ngantep. Enggal sumping, tulungan
sim kuring. Mugi dijait. Raja-raja Emor ti
pagunungan parantos ngahiji ngalawan sim
kuring."
7 Seug Yosua nyandak balad katut jeung
balad petinganana, budal ti Gilgal.
8 Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Tong sieun
ku musuh. Ku Kami maneh geus ditangtukeun
baris tangtu unggul. Maranehna moal aya nu
kuat ngalawan ka maneh."
9 Yosua sabaladna terus maju sapeupeuting
ti Gilgal, muru ka Gibon, arek ngayakeun
gempuran ngadadak ka urang Emor.
10 Urang Emor ku PANGERAN disina kacida
geumpeurna narenjo balad urang Israil teh.
Maranehna ku urang Israil dibasmi di Gibon,
anu harirup keneh diudag tarurun ti lamping
gunung di Bet Horon, haben dibeberik jauh
pisan nepi ka Aseka jeung Makeda di beulah
kidul.
11 Sabot urang Emor lalumpatan turun di
lamping nyingkahan balad Israil, PANGERAN
nurunkeun hujan es anu baradag ninggangan
maranehna sapanjang jalan ka Aseka. Anu

paraeh katinggang ku eta hujan es leuwih
loba batan anu diparaehan ku urang Israil.
12 Ari Yosua, dina poean PANGERAN
ngersakeun Israil unggul ngelehkeun urang
Emor teh unjukan ka PANGERAN. Kieu
saurna, kasaksian ku urang Israil, "Eh
panonpoe, geura ngarandeg lebah Gibon. Eh
bulan, geura ngarandeg lebah Lebak Ayalon."
13 Reg panonpoe ngarandeg. Reg bulan
ngarandeg. Kituna teh nepi ka urang Israil
anggeus numpes musuh. Hal ieu geus
kaungel dina Kitab Yasar. Panonpoe nepi ka
ngarandeg di satengahing langit, sapoe jeput
teu surup-surup.
14 Ti baheula, tepi ka jaga oge, acan
jeung moal kungsi aya poe saperti harita,
PANGERAN kersa ngamakbul panuhun
manusa sarupa kitu. PANGERAN ngiring
perang nyarengan Israil!
15 Sanggeus kitu Yosua sabaladna mulih ka
pakemahan di Gilgal.
16 Demi raja-raja urang Emor tea limaanana
kalabur, tuluy nyarumput di hiji guha di
Makeda.
17 Panyumputanana aya nu manggihan,
tuluy dibejakeun ka Yosua.
18 Saur Yosua, "Lawang guhana begbregan
ku batu galede jeung kudu dijaga.
19 Tapi maraneh ulah kajongjonan di
dinya, kudu terus ngudag ngagempur ti
tukangeunana, ulah aya nu bisa molos ka

kotana. PANGERAN Allah maraneh geus
ngersakeun sangkan maraneh unggul."
20 Seug eta musuh teh ku Yosua jeung balad
Israil dibabad nepi ka tumpur. Ari anu kari,
ngarejat ka kota neangan panyalindungan.
Eta mah salamet teu milu tiwas.
21 Geus kitu sabalad Yosua marulang ka
pakemahan di Makeda, salamet kabeh. Di
sakuliah tanah eta geus teu aya anu wani
ngomong-ngomong acan perkara urang Israil.
22 Geus kitu saur Yosua, "Lawang guha teh
bongkar, gusur eta lima raja ka dieu."
23 Lawang guha dibongkar. Raja Yerusalem,
raja Hebron, raja Yarmut, raja Lakis jeung
raja Eglon dibijilkeun kaluar,
24 terus dibawa ka Yosua. Ti dinya Yosua
manggil urang Israil kabeh, sarta marentah
ka perwira-perwira anu nyarengan perang
ka anjeunna supaya ka hareup, dipiwarang
narincakkeun sukuna kana beuheung eta
raja-raja.
25 Saur Yosua ka eta perwira-perwira
anjeunna, "Tong inggis-inggis atawa
hemar-hemir. Tegerkeun hate sing teteg,
sabab saksian ayeuna, kumaha PANGERAN
ngahukumna ka sakabeh musuh aranjeun."
26 Geus kitu eta raja-raja teh ku Yosua
dipaehan, mayitna digantung-gantungkeun
dina lima patok, cul diantep nepi ka burit.
27 Wanci panonpoe surup Yosua marentah
supaya eta mayit-mayit teh diturunkeun, tuluy

dibalangkeun ka jero guha urutna nyarumput.
Tuluy lawang guhana dibugbrugan ku batu
galede, nutupan eta lawang guha nepi ka
kiwari.
28 Poe eta keneh Yosua ngarurug ka
nagri Makeda nepi ka beunangna, rajana
ditangkep. Pangeusina beak dipaehan, teu
aya nu dikarikeun. Ari rajana dipaehanana
disaruakeun cara raja Yeriho.
29 Sabada eta, Yosua sabaladna ti Makeda
muru ngarurug ka Libna.
30 Di dieu oge urang Israil unggul, ku
karana PANGERAN. Eta nagara jeung rajana
beunang. Pangeusina beak dipaehan, teu
aya nu dikarikeun. Ari rajana dipaehanana
disaruakeun cara raja Yeriho.
31 Sabada eta, Yosua sabaladna ti Libna
muru ka Lakis. Eta nagri dikepung, terus
ditarajang.
32 Dina poe kaduana, Israil perangna unggul,
ku karana PANGERAN. Cara di Libna bae, di
dieu oge pangeusina teu aya nu dikarikeun,
beak dipaehan.
33 Raja Horam ti nagara Geser datang arek
ngabantu Lakis, tapi ku Yosua dielehkeun,
manehna sabaladna dipaehan teu aya nu
dikarikeun.
34 Ti Lakis, Yosua sabaladna muru ka Eglon.
Eta nagara dikepung, tuluy ditarajang.

35 Poe eta keneh geus beunang, pangeusina
beak dipaehan teu aya nu dikarikeun, cara di
Lakis bae.
36 Sabada eta, Yosua sabaladna ti Eglon
naranjak ka pasir muru ka Hebron.
37 Eta nagri kajabel. Rajana kitu deui
jalma-jalmana kabeh dipaehan cara anu di
nagri-nagri tatanggana. Nagrina ku Yosua
dibasmi nepi ka tumpur, disaruakeun cara ka
Eglon. Teu aya anu dikarikeun hirup.
38 Ti dinya Yosua sabaladna malik deui muru
ngarurug ka Debir.
39 Eta nagri beunang jeung raja-rajana katut
kota-kotana. Pangeusina kabeh ditumpes.
Debir katut rajana ku Yosua dijieun cara
ka nagri Hebron jeung Libna jeung ka
raja-rajana.
40 Sakuliah tanah eta geus eleh ku Yosua.
Raja-raja anu di daerah pagunungan kasoran,
boh anu di lamping-lamping beulah wetan,
boh anu di tutugan-tutugan gunung beulah
kulon, kitu deui di daerah-daerah tanah keri
di beulah kidul. Taya anu dihirupan, kabeh
ditumpes. Kitu ditimbalanana ku GUSTI Allah,
Allahna Israil.
41 Panarajang Yosua ti Kades Barnea
diteruskeun ka kidul, ka Gasa di deukeut
basisir, kitu deui sakuliah tanah Gosen nepi
ka tanah Gibon di kaler.
42 Raja-rajana katut wilayah-wilayahna
sakali ngagempur beunang kabeh ku Yosua,

sabab urang Israil dipangmeranganken ku
PANGERAN Allahna.
43 Sabada eta, Yosua sabaladna marulang
deui ka pakemahan di Gilgal.
11 1 Beja yen urang Israil geus unggul
perangna, geus tepi ka Raja Yabin di
Hasor. Seug ngirim beja ka Raja Yobab di
Madon, ka raja Simron, ka raja Aksap,
2 ka raja-raja anu di pagunungan di kaler,
ka raja anu di Lebak Yordan kiduleun Talaga
Galilea, ka raja-raja di suku gunung, jeung ka
nu di basisir deukeut Dor.
3 Oge ngabejaan ka urang Kanaan di beulah
kulon jeung wetaneun Walungan Yordan, ka
urang Emor, ka urang Het, ka urang Pares,
jeung ka urang Yebus di pagunungan, kitu
deui ka urang Hiwi anu di suku Gunung
Hermon di tanah Mispa.
4 Seug anu dibejaan teh dararatang
marawa prajurit. Sanggeus kumpul, eta
prajurit-prajurit teh jadi hiji angkatan perang
anu rongkah, bilanganana tinanding keusik di
basisir. Turug-turug marawa kuda loba pisan
jeung kareta-kareta perang.
5 Eta raja-raja ngagabung jadi hiji kakuatan.
Leugeudeut indit nepi ka hiji susukan anu
ngaranna Susukan Merom, tuluy masang
kemah di dinya, arek merangan urang Israil.
6 Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Tong
sieun ku maranehna. Isukan wayah kiwari ku
Kami rek ditumpes kabeh, keur urang Israil.

Bajegan kudana ku maneh, kareta-kareta perangna duruk."
7 Eta musuh ku Yosua sabaladna ditempuh, digeretak ngadadak di deukeut Susukan Merom,
8 sarta ku karana Allah, urang Israil unggul. Musuh digempur tuluy dibeledig ka kaler jauh pisan, nepi ka Misrepot Maim jeung Sidon. Nu ka wetan dibeledigna nepi ka hiji lebak di Mispa, jauh pisan. Tarung henteu waka eureun, nepi ka musuh geus teu aya deui nu hirup.
9 Kudana ku Yosua dibajegan, kareta-kareta perangna diduruk, numutkeun timbalan PANGERAN tea.
10 Ti dinya Yosua perangna malik ka Hasor. Hasor eleh, rajana beunang. (Ti antara sakabeh karajaan tea, harita Hasor teh nagri anu pangkuatna.)
11 Eta kota dihuru, pangeusina ditumpes dibeakkeun.
12 Kota-kota musuh dijabelan kabeh ku Yosua, raja-rajana ditewak, dipaehan kabeh, nyumponan parentah Musa abdi PANGERAN tea.
13 Tapi kota-kota anu di pasir-pasir bulistir mah ku urang Israil teh henteu aya anu dihuru, iwal ti Hasor tea bae, anu dihuru ku Yosua.
14 Ari barang-barang anu aya hargana kitu deui ingon-ingon, dijarah ku urang Israil,

aleukeurna. Jelema-jelemana mah kabeh oge
dipaehan teu aya nu dihirupan,
15 sakumaha anu dipiwarang ku PANGERAN
ka Musa bareto, anu ku Musa diamanatkeun
ka Yosua, ayeuna ku Yosua dilaksanakeun,
sarupa ge teu aya anu katinggaleun.
16 Sakuliah tanah eta geus beunang ku
Yosua: Nu di pagunungan, nu di suku gunung
beulah kidul, nu di suku gunung beulah kaler,
sakuliah tanah Gosen jeung tanah keri di
sakiduleun eta, kitu deui Lebak Yordan.
17 (11:17-18) Legana eta wilayah, mimiti ti
Gunung Bulistir di kidul deukeut Edom, ka
kalerna mayakpak satungtung deuleu nepi
ka Baal Gad di lengkob Libanon kiduleun
Gunung Hermon. Lila pisan Yosua merangan
raja-rajana, tapi kabeh oge beunang sarta
diparaehan.
18 (11:17)
19 Kota anu rukun jeung urang Israil teh
ngan Gibon bae wungkul, anu dicaricingan
ku sabagian urang Hiwi tea. Nu sejenna mah
kabeh diperangan, dieleh-elehkeun.
20 Maranehna ku PANGERAN dihaja sina
merangan ka urang Israil, supaya tumpur
lebur ditumpes ku urang Israil kalawan taya
ampun, sakumaha dawuhan Mantenna ka
Musa baheula.
21 Geus kitu Yosua ngajorag ka bangsa
Enak, anu jelema-jelemana jarangkung gede,
nyieun kotana di pasir-pasir tanah Hebron,

di Debir, di Anab, jeung di pasir-pasir anu di
tanah Yuda jeung di tanah Israil. Ku Yosua
kabeh tumpur dibasmi jeung kota-kotana.
22 Di tanah Israil geus teu aya deui urang
Enak. Ngan kari di Gasa, di Gat jeung di
Asdod, kitu ge tinggal saeutik.
23 Sakuliah tanah ku Yosua geus dirampas
sakumaha anu geus didawuhkeun ku
PANGERAN bareto ka Musa. Eta tanah tuluy
dipasrahkeun ka urang Israil geusan jadi
lemah caina, dibagi-bagikeun ka saban
kaomna. Geus kitu kakara urang Israil
ngeureunan perang, ari nagrina aman tur
santosa.
12 1 Urang Israil geus bisa ngarebut jeung
ngeusian tanah wetaneun Walungan
Yordan, ti semet Lebak Arnon terus nonggoh
ka Lebak Yordan, terus ka kaler jauhna nepi
ka Gunung Hermon. Dua raja di dinya geus
eleh ku maranehna.
2 Nu saurang ngaranna Sihon, raja urang
Emor, marentahna di Hesbon. Karajaanana
ngurung tanah Gilad sabeulah, mimiti ti Arur
(di sisi Lebak Arnon) jeung ti kota anu aya di
tengah eta lebak, jauhna nepi ka Walungan
Yabok, anu jadi wates tanah Amon;
3 ngurung oge Lebak Yordan mimiti ti
Talaga Galilea, terus ngidul ka Bet Yesimot
(wetaneun Laut Paeh), terus ka suku Gunung
Pisga.

4 Jeung geus ngelehkeun Raja Og ti Basan,
turunan bangsa Repaim anu pangahirna, anu
marentah di Astarot jeung Edrei.
5 Karajaanana ngurung Gunung Hermon,
tanah Salka jeung satanah Basan, ngawates
ka tanah Gesur jeung tanah Maaka, ngurung
oge saparona tanah Gilad, nepi ka wates
daerah Raja Sihon, di Hesbon.
6 Ieu dua raja geus dielehkeun ku Musa
jeung urang Israil. Ari tanahna, ku Musa abdi
PANGERAN tea, dibikeun ka kaom Rubin, ka
kaom Gad jeung ka saparo kaom Menase,
jadi milik maranehna.
7 Ari anu dielehkeun ku Yosua jeung bangsa
Israil, nya eta sakabeh raja anu di kuloneun
Walungan Yordan, ti Baal Gad di Lebak
Libanon terus ka Gunung Bulistir di beulah
kidul, deukeut tanah Edom. Tanahna ku Yosua
dibikeun ka kaom-kaom Israil, dijadikeun
milikna anu tetep.
8 Babagian eta tanah, ngurung anu di
pagunungan, anu di suku gunung beulah
kulon, anu di Lebak Yordan katut suku
gunungna, anu di lamping-lamping beulah
wetan, jeung tanah gundul di beulah kidul.
Ieu wilayah teh urut urang Het, urang Emor,
urang Kanaan, urang Pares, urang Hiwi jeung
urang Yebus.
9 Raja-raja anu areleh ku urang Israil tea,
nagri-nagrina nya eta: Yeriho, Ai (deukeut
Betel),

10 Yerusalem, Hebron,
11 Yarmut, Lakis,
12 Eglon, Geser,
13 Debir, Geder,
14 Horma, Arad,
15 Libna, Adulam,
16 Makeda, Betel,
17 Tapua, Heper,
18 Apek, Lasaron,
19 Madon, Hasor,
20 Simron Maron, Aksap,
21 Taanak, Megido,
22 Kedes, Yoknam (di Karmel),
23 Dor (di basisir), Goyim (di Galilea),
24 jeung Tirsa. Kabehna tilu puluh hiji raja.

13 1 Ayeuna Yosua geus sepuh pisan.
PANGERAN ngadawuh, "Ayeuna maneh
geus sakitu kolotna. Padahal rea keneh tanah
anu kudu direbut.
2 Sakuliah tanah Pelisti jeung Gesur,
3 kitu deui sakuliah tanah Awim ka kidul.
(Ieu tanah ti semet Walungan Sihor anu
ngawates ka tanah Mesir, terus ka kaler nepi
ka wates tanah Ekron anu kaitung ka tanah
Kanaan; ari raja-raja urang Pelisti maratuhna
di Gasa, Asdod, Askelon, Gat jeung Ekron.)
4 Terus sakuliah tanah Kanaan, tanah Meara
(bogana urang Sidon), tanah Apek anu
ngawates ka tanahna urang Emor;

5 tanah urang Gebal, sakuliah Libanon ka
wetan, ti semet Baal Gad kiduleun Gunung
Hermon, nepi ka Hamat.
6 Sakuliah tanah urang Sidon anu maratuh
di daerah pagunungan, antara Pagunungan
Libanon jeung Misrepot Maim. Di mana eta
diperangan ku urang Israil, nu barogana
ku Kami baris diusir sina kalaluar ti dinya.
Bagi-bagikeun tanahna ku maneh ka urang
Israil sakumaha timbalan Kami ka maneh.
7 Ari tanah anu ieu, ayeuna bagikeun ka
kaom-kaom Israil anu salapan deui sina
dipiboga. Kaom Menase anu saparona deui
oge bere bagian."
8 Ari kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom
Menase anu saparona deui, eta mah geus
dibagianan tanah ku Musa, abdi PANGERAN
tea, nya eta di wetaneun Walungan Yordan.
9 Wewengkonna legana nepi ka Arur (di
tungtung Lebak Arnon) jeung kota nu aya di
tengah-tengah eta lebak, kaasup oge sakuliah
padataran luhur ti Medeba nepi ka Dibon,
10 terus nepi ka wates daerah Amon, kaasup
sakumna kota anu kungsi digeugeuh ku Sihon
raja urang Emor, anu kalungguhanana di
Hesbon.
11 Ngurung oge tanah Gilad, daerah-daerah
Gesur jeung Maaka, Gunung Hermon
sagemblengna, jeung sakuliah tanah Basan
nepi ka tanah Salka.

12 Terus sakarajaan Og, turunan bangsa
Repaim anu pangahirna tea, anu marentahna
di Astarot jeung Edrei. Eta kabeh geus areleh,
geus diusiran ku Musa.
13 Tapi urang Gesur jeung urang Maaka mah
ku urang Israil teh henteu diusir, araya keneh
bae di Israil.
14 Kaom Lewi ku Musa henteu dibagianan
tanah. Lantaran geus aya dawuhan
PANGERAN ka anjeunna, saur-Na maranehna
mah bagianana teh tina altar PANGERAN,
Allahna Israil, tina kurban-kurban anu
dibeuleum.
15 Sabagian eta tanah ku Musa geus
dimilikkeun ka warga kaom Rubin.
16 Wewengkonna legana nepi ka Arur (di
tungtung Lebak Arnon), jeung kota anu aya di
tengah-tengah eta lebak, kaasup oge sakuliah
padataran luhur di sakurilingeun Medeba,
17 tanah Hesbon katut sakabeh kota-kotana
anu di tanah padataran di Dibon, Bamot Baal,
Bet Baal Meon,
18 Yahas, Kedemot, Mepaat,
19 Kiryataim, Sibma, Seret Sahar anu ayana
di hiji pasir di eta padataran.
20 Bet Peor, lamping-lamping Gunung Pisga
jeung Bet Yesimot.
21 Kitu deui nagri-nagri di tanah padataran
jeung sakuliah tanah karajaan Emor bawahan
Raja Sihon anu kalungguhanana di Hesbon.
Eta raja geus dielehkeun ku Musa katut

bupati-bupati Midian bawahanana, nya
eta Ewi, Rekem, Sur, Hur jeung Reba. Eta
kabehanana kungsi marentah nagri pikeun
Raja Sihon.
22 Waktu urang dinya ditumpes, tukang
torah anu ngaranna Balhum bin Beor tea oge
dipaehan.
23 Ari wates daerah kaom Rubin, di beulah
kulon, nya eta Walungan Yordan. Ieu kota-
kota jeung desa-desana kabeh dimilikkeun ka
kulawarga-kulawarga kaom Rubin.
24 Tanah anu dijangjikeun ku PANGERAN
ka umat Israil teh sabagian ku Musa geus
dipaparinkeun oge ka kulawarga-kulawarga
kaom Gad jadi milikna.
25 Wewengkonna ngurung tanah Yaser jeung
sakabeh kota di tanah Gilad, sabeulah tanah
Amon nepi ka Arur di wetaneun Raba.
26 Eta tanah teh mimiti ti semet Hesbon nepi
ka Ramat Mispe jeung Betonim, ti Mahanaim
nepi ka wates tanah Lodebar.
27 Di Lebak Yordan, ngurung tanah Bet
Haram, Bet Nimra, Sukot jeung Sapon, sesa
karajaan Sihon, raja Hesbon tea. Di beulah
kulon watesna Walungan Yordan, terus ka
kaler ka Talaga Galilea.
28 Sakitu kabehna kota-kota jeung desa-desa
anu dimilikkeun ka kulawarga-kulawarga
kaom Gad. sabagian kaom Menase
29 Sabagian eta tanah anu dijangjikeun
ku PANGERAN ku Musa dibikeun ka saparo

kulawarga-kulawarga kaom Menase, dijieun milikna.
30 Wewengkonna ti semet Mahanaim
ngurung tanah Basan, karajaan Og, raja
Basan tea, kitu deui genep puluh desa anu di
daerah Yair di tanah Basan;
31 sabeulah tanah Gilad, Astarot jeung Edrei,
ibukota karajaan Raja Og di Basan. Ieu bagian
jadi milikna anak incu Makir bin Menase anu
saparona tea.
32 Kitu ku Musa dibagi-bagina tanah anu
pernahna di wetaneun Yeriho peuntaseun
Walungan Yordan teh. Dibikeunna basa
anjeunna di tanah Moab keneh.
33 Ari kaom Lewi ku anjeunna henteu
dibagianan tanah. Saurna, maranehanana
mah bagianana teh tina kurban-kurban, anu
dikurbankeun ka PANGERAN, Allahna Israil.
14 1 Anu kaungel ieu nya eta katerangan,
kumaha tanah Kanaan kuloneun
Walungan Yordan teh dibagi-bagikeunana di
antara umat Israil. Ari anu ngabagikeunana
nya eta Imam Elasar, Yosua bin Nun, jeung
para pamingpin kulawarga-kulawarga di
kaom-kaom Israil.
2 Saluyu jeung timbalan PANGERAN ka Musa
tea, wewengkon tanah kuloneun Yordan
dibagikeunana ka anu salapan satengah
kaom deui teh ku jalan dilotrekeun. (Peryogi
dicatet di dieu yen turunan Yusup dibagi jadi

dua kaom, nya eta kaom Menase sareng kaom Epraim.)
3 (14:3-4) Anu dua kaom jeung kaom anu saparona deui, eta mah ku Musa geus dibagianan tanah anu di wetaneun Yordan. (Kaom anu saparo-saparo teh turunan Yusup, saparo kaom Menase, saparo deui kaom Epraim.) Kaom Lewi ku Musa henteu dibere tanah, ngan dibarere kota bae keur maratuhna, jeung sampalan-sampalan pangangonan.
4 (14:3)
5 Tanah teh dibagi-bagina ku urang Israil sakumaha anu didawuhkeun ku PANGERAN ka Musa tea.
6 Dina hiji poe, aya sawatara urang kaom Yuda daratang ka Gilgal, nepungan Yosua. Pok anu ngaran Kaleb bin Yepune urang Kenas unjukan ka anjeunna, "Bapa langkung uninga, kumaha timbalan PANGERAN ka Musa utusan Allah di Kades Barnea kapungkur, perkawis Bapa sareng abdi tea.
7 Waktos abdi ku Musa, abdi PANGERAN tea, dipiwarang nalungtik ieu tanah, harita umur abdi opat puluh taun. Hasil panalungtikanana ku abdi diunjukkeun ka anjeunna sabalakana.
8 Nanging babaturan anu sami-sami ngiring nalungtik malah nyingsieunan ka jalmi-jalmi. Dupi abdi tetep tigin ka PANGERAN, Allah panutan.

9 Ku margi eta, abdi ku Musa teh dipaparin
jangji, yen tanah anu ku abdi parantos
katincak teh bade didamel milik abdi saanak
incu.
10 Nanging ayeuna kieu buktosna. Ti barang
aya pangandika PANGERAN kitu ka Musa
dongkap ka kiwari, lamina parantos opat
puluh lima taun sami sareng lamina urang
Israil apruk-aprukan di gurun keusik. Dugi ka
wanci ieu abdi ku PANGERAN dipaparin keneh
umur, cocog sakumaha jangji-Na ka abdi.
Tingali, umur abdi ayeuna parantos dalapan
puluh lima taun,
11 nanging jagjag waringkas keneh, teu
benten ti kapungkur, waktos ku Musa
dipiwarang nalungtik. Kana perang atanapi
kana naon bae kiat keneh ngajalankeun.
12 Ku hal eta, tanah pagunungan anu ku
PANGERAN dijangjikeun ka abdi nalika abdi
sabatur-batur lapor teh mugi dipasihkeun.
Sanggem abdi ka Bapa, eta tanah teh
dicicingan ku bangsa Enak, jalmi-jalmina
jarangkung gede, kota-kotana dikurilingan
ku kuta anu rareugreug. Mugia PANGERAN
nyarengan, eta bangsa ku abdi baris diusir
kaluar, sakumaha dawuhan PANGERAN."
13 Kaleb bin Yepune ku Yosua diberkahan,
seug dipaparin tanah Hebron.
14 Tanah Hebron tetep jadi milik turunan
Kaleb bin Yepune urang Kenas, lantaran ieu

jelema teh tigin anut ka PANGERAN, Allahna Israil.
15 Eta tanah Hebron, ngaran asalna mah Kiryat Arba. (Arba teh jelema urang Enak anu pangagungna.) Eta tanah saterusna jadi kerta, lantaran taya gangguan deui.
15 1 Tanah bagian kulawarga-kulawarga kaom Yuda ieu wawatesanana:
Daerahna kebat ka tungtung tanah gurun Sin pangkidulna, wates tanah Edom.
2 Ieu wates kidul, mimitina ti tungtung kidul Laut Paeh,
3 ti Akrabim ngidul ka tanah Sin, terus ka Kades Barnea kidul, ngaliwatan Hesron, terus nanjak ka Adar, mengkol ka Karka,
4 terus ka Asmon mapay-mapay anak walungan wawatesan Mesir, bras ka Laut Tengah, anggeus. Eta wates tanah Yuda ti beulah kidul, anu oge jadi wates beulah kidul sakumna nagri Israil.
5 Wates ti wetan nya eta Laut Paeh, mapay jalan nepi ka muara Walungan Yordan. Ari wates kaler, mimitina ti ieu muara
6 nanjak ka Bet Hogla, terus ngaler mapay tonggong gunung tonggoheun Lebak Yordan. Ti dieu terus nanjak ka Cadas Bohan. (Bohan teh anakna Rubin.)
7 Ti Lebak Akor (hartina Lebak Sangsara) nanjak ka Debir, mengkol ngaler ka Gilgal lebah anu paeunteung-eunteung jeung tanjakan Adumim, landeuh sisi kidulna.

Terusna ka cinyusu En Semes, kaluar ka En Rogel,
8 nanjak liwat Lebak Hinom sisi pasir beulah kidul, urut kota Yerusalem, kota urang Yebus. Wates dieu terus nanjak ka puncak pasir kuloneun Lebak Hinom, tungtung kaler Lebak Repaim.
9 Ti dinya terus ka cinyusu Neptoa, bras ka kota-kota deukeut Gunung Epron. Lebah dinya mengkol ka Baala (anu katelah Kiryat Yarim),
10 tuluy muteran Baala beulah kulon, laju ka kota pagunungan Edom, malipid ka sisi Gunung Yarim (atawa Kesalon) beulah kaler, mudun ka Bet Semes, terus ngaliwatan Timna.
11 Ti dinya watesna kaluar ka pasir kalereun Ekron, mengkol ka Sikron, ngaliwatan Gunung Baala, terus ka Yabnel, kebat ka Laut Tengah,
12 di dieu beak wates kulon. Di jero wewengkon ieu maratuhna kulawarga-kulawarga kaom Yuda teh.
13 Aya daerah Yuda sabagian anu ku Yosua diselehkeun ka Kaleb bin Yepune kaom Yuda, numutkeun timbalan PANGERAN, nya eta tanah Hebron, kota bogana Arba karuhun urang Enak.
14 Turunan Enak, nya eta kaom Sesai, kaom Ahiman jeung kaom Talmai, ku Kaleb diusir ti dinya.

15 Sanggeus ngusir eta, terus ngarurug ka
pribumi anu di Debir. Ngaran Debir tadina
Kiryat Seper.
16 Ceuk Kaleb, "Anu bisa ngarebut Kiryat
Seper, rek dikawinkeun ka anak Bapa, Nyi
Aksa."
17 Ari anu bisa ngarebutna nya eta anakna
Kenas dulur Kaleb keneh, ngaranna Otniel,
tuluy dikawinkeun ka Nyi Aksa.
18 Dina poean nikahna, Nyi Aksa ku Otniel
diolo-olo sina menta lahan ka bapana. Nyi
Aksa turun tina tonggong kalde, ku Kaleb
ditanya kahayangna.
19 Jawabna, "Hoyong gaduh tanah nu
aya sumber caina, da tanah anu ku Bapa
dipaparinkeun ti payun mah tanah garing." Ku
Kaleb ditedunan, dibere lahan beulah girang
jeung beulah hilir anu aya sumber caina.
20 Ieu tanah milik warga-warga kaom Yuda.
21 Kota-kota milik maranehna anu di
tungtung kidul, anu dareukeut ka wates tanah
Edom, nya eta: Kabsel, Eder, Yagur,
22 Kina, Dimona, Adada,
23 Kedes, Hasor, Yitnan,
24 Sip, Telem, Balot,
25 Hasor Hadata, Keriot Hesron (atawa
Hasor),
26 Amam, Sema, Molada,
27 Hasar Gada, Hesmon, Bet Pelet,
28 Hasar Sual, Bersyeba, Bisotia,
29 Baala, Iyim, Esem,

30 Eltolad, Kesil, Horma,
31 Siklag, Madmana, Sansana,
32 Lebaot, Silhim, Ain jeung Rimon. Jumlahna
dua puluh salapan kota katut desa-desa
sakurilingeunana.
33 Kota-kota anu di suku gunung, nya eta:
Estaol, Sora, Asna,
34 Sanoa, En Ganim, Tapua, Enam,
35 Yarmut, Adulam, Soko, Aseka,
36 Saaraim, Aditaim, Gedera jeung
Gederotaim; jumlahna opat belas kota katut
desa-desa sakurilingeunana.
37 Oge: Senan, Hadasa, Migdal Gad,
38 Dilan, Mispa, Yoktel,
39 Lakis, Boskat, Eglon,
40 Kabon, Lahmam, Kitlis,
41 Gederot, Bet Dagon, Naama jeung
Makeda; jumlahna genep belas kota katut
desa-desa sakurilingeunana.
42 Oge: Libna, Eter, Asan,
43 Yiptah, Asna, Nesib,
44 Kehila, Aksib jeung Maresa;
jumlahna salapan kota katut desa-desa
sakurilingeunana.
45 Ekron katut desa-desa jeung lembur-
lemburna,
46 jeung sakabeh kota katut desa-desana
deukeut Asdod, ti Ekron nepi ka basisir Laut
Tengah.
47 Asdod jeung Gasa, katut desa-desa
jeung lembur-lemburna, kebat tepi ka anak

walungan wates Mesir jeung basisir Laut Tengah.
48 Kota-kota pagununganana: Samir, Yatir, Soko,
49 Dana, Kiryat Seper (atawa Debir),
50 Anab, Estemoa, Anim,
51 Gosen, Holon jeung Gilo; jumlahna sawelas kota katut desa-desa sakurilingeunana.
52 Oge: Arab, Duma, Esan,
53 Yanim, Bet Tapua, Apeka,
54 Humta, Hebron jeung Sior; salapan kota katut desa-desa sakurilingeunana.
55 Oge: Maon, Karmel, Sip, Yuta,
56 Yisrel, Yokdam, Sanoah,
57 Kain, Gibea jeung Timna; sapuluh kota katut desa-desa sakurilingeunana.
58 Oge: Halhul, Bet Sur, Gedor,
59 Maarat, Bet Anot jeung Eltekon; genep kota katut desa-desa sakurilingeunana.
60 Oge: Kiryat Baal (atawa Kiryat Yarim) jeung Raba; dua kota katut desa-desa sakurilingeunana.
61 Kota-kota anu di gurun keusik nya eta: Bet Araba, Midin, Sekaka,
62 Nibsan, Kota Uyah jeung En Gedi; genep kota katut desa-desa sakurilingeunana.
63 Tapi urang Yebus mah anu maratuh di Yerusalem ku urang Yuda henteu bisa disingkahkeun. Nepi ka ayeuna oge urang Yebus mah araraya bae reujeung urang Yuda.

16 1 Tanah anu dibikeun jadi milik turunan
Yusup, wates beulah kidul mimiti ti
Walungan Yordan deukeut Yeriho, wetaneun
sumber-sumber cai kota Yeriho, terus asup ka
gurun keusik. Ti Yeriho nanjak ka pagunungan
nepi ka Betel.
2 Ti Betel maju ka Lus, terus ka daerah
Atarot Adar, daerahna urang Arki.
3 Terus ngulon ka wewengkon urang Yaplet,
nepi ka wewengkon Bet Horon Hilir, terus ka
Geser, anggeus di sisi Laut Tengah.
4 Sakitu tanah anu dimilikkeun ka turunan
Yusup, nya eta kulawarga-kulawarga kaom
Epraim jeung kulawarga-kulawarga kaom
Menase.
5 Anu kaungel ieu nya eta wates tanah anu
diselehkeun ka kulawarga-kulawarga kaom
Epraim. Di beulah wetan watesna mimiti ti
Atarot Adar nepi ka Bet Horon Girang,
6 ti dinya kebat ka Laut Tengah. Di
kalereunana nya eta Miktat. Di beulah
wetanna garis watesna mengkol ka lebah
Taanat Silo, terus ngaliwatan eta ti beulah
wetanna maju ka Yanoa.
7 Ti Yanoa eta wates teh mudun ka Atarot
jeung Naharat, terus mapay Yeriho nepi ka
Walungan Yordan.
8 Di beulah kulon, wates tanah Epraim mimiti
ti Tapua nepi ka anak Walungan Kana, nepi
ka Laut Tengah. Eta tanah anu diselehkeun

ka kulawarga-kulawarga kaom Epraim teh,
sangkan jadi milikna,
9 kaasup sababaraha kota leutik jeung
desa-desa anu aya di jero wilayah kaom
Menase.
10 Tapi urang Kanaan anu maratuh di Geser
ku maranehna henteu disingkahkeun. Nepi
ka kiwari urang Kanaan anu di dinya mah
harirupna teh campur jeung urang Epraim,
tapi disina garawe paksa kawas abid.
17 1 Tanah anu di kuloneun Walungan
Yordan aya sabagian anu dibikeun ka
sababaraha kulawarga turunan Menase, anak
Yusup anu cikal. Makir, bapana Gilad, anak
Menase anu cikal. Ku lantaran manehna teh
pahlawan, nya tanah Gilad jeung Basan anu
pernahna di wetaneun Walungan Yordan teh
dibikeun ka manehna.
2 Ari tanah kuloneun Yordan dibikeun ka
kulawarga-kulawarga kaom Menase lianna,
nya eta turunan Abieser, turunan Helek,
turunan Asriel, turunan Sekem, turunan
Heper jeung turunan Semida. Eta kabeh
turunan Menase bin Yusup anu lalaki, kabeh
jaradi kapala warga.
3 Demi Selopehad bin Heper, bin Gilad bin
Makir bin Menase, henteu boga anak lalaki,
ngan anak awewe bae, ngaran-ngaranna:
Mahla, Noa, Hogla, Milka jeung Tirsa.
4 Ieu nu limaan arunjukan ka Imam Elasar,
ka Yosua putra Nun, jeung ka kapala-kapala,

pokna, "Kapungkur aya timbalan PANGERAN
ka Musa, timbalana-Na abdi oge kedah
kenging bagian ti ieu tanah, sapertos
dulur-dulur anu lalaki." Tuluy maranehna oge
dibagianan tanah di tengah dulur-dulurna anu
lalaki, sakumaha dawuhan PANGERAN.
5 Ku hal eta, kaom Menase mah jaba ti tanah
Gilad wetaneun Yordan jeung Basan teh
narima deui sapuluh luwuk,
6 dumeh turunan anu awewe tea oge
mareunang bagian cara dulur-dulurna anu
lalaki, da ari tanah Gilad mah geus kapiboga
ku turunan Menase nu lianna.
7 Wawatesan tanah kaom Menase, ti Aser
kebat ka Mikmeta wetaneun Sekem. Ti dinya
tuluy ngidul ka wewengkon urang En Tapua.
8 Tanah sakurilingeun Tapua jadi milikna
kaom Menase, tapi ari Tapua mah jadi milikna
kaom Epraim.
9 Ti lebah dinya watesna mudun ka lebah
anak Walungan Kana. Kota-kota kiduleun
eta walungan milikna kaom Epraim, najan
ayana di wewengkon kaom Menase. Ari wates
wewengkon kaom Menase mapay-mapay
jalan kalereun eta anak walungan, anggeusna
di sisi Laut Tengah.
10 Beulah kidul jadi wewengkon kaom
Epraim, beulah kaler jadi wewengkon kaom
Menase, di beulah kulon watesna Laut
Tengah. Beulah kaler kulon bogana kaom

Aser, beulah kaler wetan bogana kaom Isaskar.
11 Di jero wewengkon kaom Isaskar jeung kaom Aser, aya luwukan tanah bogana kaom Menase, nya eta wewengkon Bet San jeung Yiblam katut desa-desa sakuriling eta nya eta: Dor (kota sisi basisir), En Dor, Taanak, Megido jeung desa-desa sakurilingeunana.
12 Tapi kaom Menase teu kuateun ngusir urang Kanaan anu maratuh di kota-kota eta. Jadi urang Kanaan mah terus maratuhna di dinya.
13 Malah sanggeus urang Israil jadi kuat oge eta urang Kanaan teh henteu kabeh diusir, tapi ngan dipaksa digawekeun pikeun urang Israil.
14 Geus kitu turunan Yusup arunjukan kieu ka Yosua, "Bapa, ku naon masihan tanah teh mung saluwuk? Padahal golongan abdi teh sakieu seueurna, berkah hibaring PANGERAN."
15 Yosua ngawaler, "Ari kitu mah, dumeh maraneh sakitu lobana nepi ka teu cukup ku dibere tanah anu di pagunungan Epraim, bukbak bae leuweung anu di wewengkon urang Pares jeung urang Repaim, kop eta ajang maraneh."
16 Maranehanana ngajawab, "Eta tanah pagunungan anu mung sakitu kirang keneh. Katambih-tambih urang Kanaan teh boh nu di Bet San sareng di desa-desa

sakurilingeunana, boh anu di Lebak Yisrel,
garaduh kareta perang tina beusi."
17 Waler Yosua ka kaom Epraim jeung kaom
Menase, "Enya maraneh teh sakitu lobana
tur sakitu kuatna. Pantes lamun boga tanah
leuwih ti saluwuk.
18 Kop eta tanah pagunungan teh kabeh
jang maraneh. Leuweung keneh mah bukbak
bae. Sanajan eta urang Kanaan teh kuat tur
baroga kareta perang tina beusi, mo burung
bisa kausir ku maraneh."
18 1 Sanggeus nalukkeun tanah anu
dijangjikeun ku PANGERAN tea,
sakabeh urang Israil kumpul di Silo, tuluy
masangkeun Kemah Tepangan PANGERAN.
2 Aya keneh tujuh kaom Israil anu can
dibagianan tanah.
3 Ku sabab eta kieu saur Yosua ka urang
Israil, "Rek nepi ka iraha maraneh nunggu
teh, lain geura cokot eta tanah maraneh anu
geus dipaparinkeun ku PANGERAN, Allah
karuhun maraneh teh!
4 Ayeuna Bapa menta jelema ti saban
kaom tilu urang. Ku Bapa rek dititah ka
ditu, sina mariksa eta tanah sakurilingna,
nyatet-nyatetkeun wewengkon pimilikeunana.
Mun geus anggeus, ka darieu deui ka Bapa.
5 Eta tanah ku Bapa rek dibagi tujuh.
Kaom Yuda tetep ngenggonan wewengkon
beulah kidul, kaom Yusup tetep ngenggonan
wewengkon beulah kaler.

6 Jieun gambarna eta tanah anu dibagi tujuh
teh, ka Bapakeun. Engke ku Bapa dilotrekeun
keur maraneh, nurutkeun pituduh PANGERAN
Allah urang.
7 Ngan ari kaom Lewi mah moal dibere
bagian ti dinya, lantaran bagian maranehna
mah kapan ngawulaan PANGERAN, jaradi
imam. Kitu deui kaom Gad, kaom Rubin
jeung kaom Menase anu saparo, eta mah
geus baroga di wetaneun Walungan Yordan,
paparin ti Musa abdi PANGERAN tea."
8 Bral anu dipiwarang teh arindit rek
nyatet-nyatetkeun tanah tea, mawa parentah
Yosua anu ungelna, "Pariksa sakuliahna
eta tanah, wawatesanana gambar, tuluy ka
Bapa deui. Engke di dieu, di Silo, ku Bapa
dibagi-bagi keur maraneh, urang naros heula
ka PANGERAN ku jalan dilotre."
9 Seug eta tanah teh ku maranehna
dipariksa sakuliahna, dipecah dijieun tujuh
bagian, terus dicatet-catetkeun, kota-kotana
didaptarkeun. Geus beres kabeh tuluy baralik
deui ka Yosua di pakemahan di Silo.
10 Prak ku Yosua dilotre, pikeun
nganyahokeun pituduh PANGERAN. Geus kitu
kaom-kaom Israil anu can mareunang tanah
teh dibere bagian masing-masing.
11 Bagian pikeun warga kaom Binyamin,
kalotre pangheulana. Perenah tanahna antara
wewengkon kaom Yuda jeung wewengkon
kaom Yusup.

12 Wawatesanana, beulah kaler mimiti ti
Yordan, terus nanjak ka lamping gunung
kalereun Yeriho, tuluy mipir pasir ka kulon
nepi ka gurun keusik Bet Awen.
13 Ti dinya watesna terus ka lamping gunung
gigireun Lus beulah kidul (anu katelah Betel),
mudun ka Atarot Adar di gunung kiduleun Bet
Horon Hilir.
14 Ti lebah dinya, mengkol ka kidul mimiti ti
pipir eta gunung sisi kulon, terus ka Kiryat
Baal (atawa Kiryat Yarim) wewengkon Yuda.
Eta watesna beulah kulon.
15 Wates beulah kidul mimiti ti tungtung
Kiryat Yarim terus ka sumber-sumber cai di
Neptoa.
16 Ti dinya mudun ka suku gunung anu
paeunteung-eunteung jeung tonggoheun
Lebak Hinom di tungtung kulon Lebak
Repaim. Ti dinya garis watesna teh ka
kidul ngaliwatan Lebak Hinom kiduleun
lamping-lamping gunung di tanah Yebus,
terus nuju ka En Rogel.
17 Tuluy mengkol ka kaler ka En Semes,
ti dinya tuluy ka Gelilot anu paeunteung-
eunteung jeung Adumim. Ti dinya watesna
mudun ka Cadas Bohan (Bohan teh anakna
Rubin.),
18 terus ngaliwatan lamping gunung anu
paeunteung-eunteung jeung Lebak Yordan. Ti
dinya mudun ka eta lebak,

19 terus ngaliwatan lamping gunung Bet
Hogla sisi kaler, eureun-eureun di Laut Paeh,
di teluk beulah kaler, tempat ngamuarana
Walungan Yordan. Eta wates beulah kidul.
20 Ari wates beulah wetan nya Walungan
Yordan. Sakitu wawatesanana wewengkon
tanah milik kulawarga-kulawarga kaom
Binyamin.
21 Ari kota-kota anu kapimilik ku kaom
Binyamin nya eta: Yeriho, Bet Hogla, Emek
Kesis,
22 Bet Araba, Semaraim, Betel,
23 Awim, Parah, Opra,
24 Keparamoni, Opni jeung Geba; dua belas
kota katut desa-desa sakurilingeunana.
25 Jaba ti eta: Gibon, Ramah, Berot,
26 Mispa, Kapira, Mosa,
27 Rekem, Irpel, Tarala,
28 Sela, Haelep, Yebus (atawa Yerusalem),
Gibea jeung Kiryat Yarim; opat belas kota
katut desa-desa sakurilingeunana. Sakitu
tanah milikna kulawarga-kulawarga kaom
Binyamin.
19 1 Bagian kadua lotrena ragrag ka
warga kaom Simeon. Daerahna nyorok
ka wewengkon kaom Yuda.
2 Kota-kotana: Bersyeba, Syeba, Molada,
3 Hasar Sual, Bala, Esem,
4 Eltolad, Betul, Horma,
5 Siklag, Bet Markabot, Hasar Susa,

6 Bet Lebaot jeung Saruhen. Tilu belas kota
katut desa-desa sakurilingeunana.
7 Ain, Rimon, Eter jeung Asan, opat kota
katut desa-desa sakurilingeunana,
8 kaasup sakabeh desa-desa eta nepi ka
Baalat Bir kidul (atawa Ramah). Eta tanah
milik anu dibikeun ka kaom Simeon.
9 Ku lantaran wewengkon tanah Yuda legana
leuwih ti cukup, seug wewengkon nu leuwih
teh dibikeun ka kaom Simeon.
10 Bagian katilu lotrena ragrag ka kaom
Sebulun. Wewengkonna nepi ka Sarid.
11 Ti dinya watesna maju ka kulon ka Marela,
notog ka Dabeset jeung ka anak walungan
wetaneun Yoknam.
12 Ti beulah wetan mimiti ti Sarid terus maju
nepi ka wates Kislot Tabor, jol ka Daberat,
nanjak ka Yapia.
13 Ti dinya ngetan keneh ka Gat Heper jeung
Et Kasin, mengkol ka Nea di jalan anu kebat
ka Rimon.
14 Beulah kaler watesna mengkol nguriling
ka Hanaton, anggeus di Lebak Yiptah El.
15 Kaasup oge Katat, Nahalal, Simron,
Idala jeung Betlehem. Dua belas kota katut
desa-desa sakurilingeunana.
16 Sakitu kota-kota katut desa-desana anu
jadi milikna kulawarga-kulawarga kaom
Sebulun.
17 Bagian kaopat lotrena ragrag ka
kulawarga-kulawarga kaom Isaskar.

18 Daerah-daerahna: Yisrel, Kasulot, Sunem,
19 Haparaim, Sion, Anaharat,
20 Rabit, Kision, Ebes,
21 Remet, En Ganim, En Hada jeung Bet
Pases.
22 Watesna aya oge anu notog ka Tabor,
Sahasima jeung Bet Semes, anggeusna
di Yordan. Kota-kota anu kaasup ka
dinya aya genep belas, katut desa-desa
sakurilingeunana.
23 Sakitu kabehna kota-kota katut desa-
desana anu jadi milikna kulawarga-kulawarga
kaom Isaskar.
24 Bagian kalima lotrena ragrag ka
kulawarga-kulawarga kaom Aser.
25 Bagianana: Helkat, Hali, Beten, Aksap,
26 Alamelek, Amad jeung Misal. Beulah kulon
notog ka Gunung Karmel jeung Sihor Libnat.
27 Ti dinya malik ngetan terus ka Bet Dagon,
notog ka Sebulun jeung Lebak Yiptah El di
jalan anu kebat ka kaler ka Bet Emek jeung
Nehiel. Ngaler keneh ka Kabul,
28 Ebron, Rehob, Hamon jeung Kana nepi ka
Sidon.
29 Ti dinya watesna malik ka Ramah, nepi
ka Tirus, hiji kota anu di benteng; ti dinya
mengkol ka Hosa, anggeus di Laut Tengah.
Kota-kota anu kaasup ka dinya: Mahalab,
Aksib,
30 Uma, Apek jeung Rehob. Dua puluh dua
kota katut desa-desa sakurilingeunana.

31 Sakitu kota-kota katut desa-desa di
wewengkon milikna kulawarga-kulawarga
kaom Aser.
32 Bagian kagenep lotrena ragrag ka
kulawarga-kulawarga kaom Naptali.
33 Wates-watesna mimiti ti Helep, ti lebah
hiji tangkal kiara di Saananim, terus ka
Adami Nekeb, terus ka Yabnel nepi ka Lakum,
anggeus di Yordan.
34 Ti dinya watesna mengkol ngulon ka Asnot
Tabor, ti dinya ka Hukok, notog ka wewengkon
Sebulun sisi kidul, beulah kulonna notog
ka wewengkon Aser, ari ti beulah wetanna
Yordan.
35 Kota-kota bentengna: Sidim, Ser, Hamat,
Rakat, Kineret,
36 Adama, Ramah, Hasor,
37 Kedes, Edrei, En Hasor,
38 Iron, Migdal El, Horem, Bet Anat jeung Bet
Semes. Salapan belas kota katut desa-desa
sakurilingeunana.
39 Sakitu kota-kota katut desa-desana
anu aya di wewengkon tanah milik
kulawarga-kulawarga kaom Naptali.
40 Bagian katujuh lotrena ragrag ka
kulawarga-kulawarga kaom Dan.
41 Daerahna ngurung Sora, Estaol, Ir Semes,
42 Saalabin, Ayalon, Itla,
43 Elon, Timna, Ekron,
44 Elteke, Gibeton, Baalat,
45 Yehud, Bene Barak, Gat Rimon,

46 Me Yarkon jeung Rakon katut wewengkon
sakurilingeun Yopa.
47 Basa urang Dan kauculan wewengkon,
seug merangan Lesem, tuluy direbut,
jelema-jelemana ditumpes, tanahna diaku
milik. Seug diandih, sarta ngaran Lesem
diganti ku ngaran karuhunna, jadi Dan.
48 Sakitu kota-kota jeung desa-desa
sakurilingeunana di wewengkon tanah milik
kulawarga-kulawarga kaom Dan.
49 Sabada beres babagi tanah, Yosua putra
Nun ku urang Israil dibere tanah akuan.
50 Tanah anu diakukeun ka anjeunna
cocog jeung pamundutna, tur luyu jeung
timbalan PANGERAN, nya eta Timnat Serah
di pagunungan Epraim. Seug kotana ku
anjeunna diadegkeun deui, sarta anjeunna
calik di dinya.
51 Tanah teh dibagikeunana ku Imam Elasar,
Yosua putra Nun, jeung para kapala warga
kaom-kaom Israil. Aranjeunna neda pituduh
heula ti PANGERAN ku jalan ngalung lotre
di hareupeun lawang Kemah PANGERAN.
Kitu dibereskeunana ku aranjeunna urusan
ngabagina teh, di Silo.
20 1 Geus kitu PANGERAN ngandika ka
Yosua,
2 miwarang nyaurkeun kieu ka urang Israil,
"Geura tangtukeun kota-kota suaka. Hal
ieu bareto geus ditepikeun ka maraneh, ku
perantaraan Musa.

3 Tiap-tiap jelema nu maehan teu karana
niat tadina, meunang nyingkir ka dinya,
nyingkahan anu arek males pati.
4 Pek kabur ka salah sahijina, tepungan
mahkamah pangadilanana di lawang kota,
perkarana pupulihkeun. Ku maranehna baris
diwidian asup ka jero kota, jeung dibere
pangcicingan geusan nyingkir di dinya.
5 Upama disusul ku nu arek males pati ulah
dipasrahkeun. Kudu dibela, lantaran maehan
soteh teu kahaja, lain ku sabab amarah.
6 Nyingkirna di eta kota nepi ka perkarana
diuruskeun ku pangadilan di dinya, jeung
nepi ka Imam Agung anu jeneng harita
di dinya tilar dunya. Geus kitu kakara
meunang mulang ka lemburna, anu bareto
ditinggalkeun kabur."
7 Seug kota-kotana ditangtukeun. Anu di
kuloneun Yordan nya eta: Kedes di Galilea,
di pagunungan wewengkon kaom Naptali;
Sekem, di pagunungan wewengkon kaom
Epraim; jeung Hebron, di pagunungan
wewengkon kaom Yuda.
8 Anu di wetaneun Yordan nya eta: Beser, di
wewengkon kaom Rubin, di padataran luhur
gurun keusik wetaneun Yeriho; Ramot di
Gilad, di wewengkon kaom Gad; jeung Golan
di Basan, di wewengkon kaom Menase.
9 Kota-kota eta kapilih pikeun jadi kota
suaka, boh keur urang Israil boh keur
urang piluaran anu marukim di urang Israil.

Satiap jelema anu maehan teu karana diniatan tadina, meunang nyingkir ka dinya, nyingkahan anu arek males pati. Teu meunang dipaehan, nunggu dipariksa heula ku pangadilan.

21 [1] Geus kitu para kapala kulawarga-kulawarga kaom Lewi nepungan Imam Elasar, Yosua putra Nun jeung para kapala kaom Israil.
[2] Seug arunjukan kieu ka aranjeunna, di Silo, di tanah Kanaan, "Kapungkur aya timbalan PANGERAN ka Musa, yen sim kuring kedah dipaparin kota-kota pamukiman, kitu deui sampalan-sampalan keur ingon-ingon."
[3] Seug sakumaha timbalan PANGERAN, kaom Lewi teh ku urang Israil dibere kota-kota jeung sampalan-sampalan ti wewengkon milikna masing-masing.
[4] Kulawarga-kulawarga kaom Lewi golongan Kahat meunang lotrena pangheulana. Ari kulawarga-kulawarga turunan Imam Harun, meunang tilu belas kota di wewengkon-wewengkon Yuda, Simeon jeung Binyamin.
[5] Golongan Kahat anu lianna meunang sapuluh kota ti wewengkon-wewengkon Epraim, Dan jeung Menase anu ti tebeh kulon.
[6] Golongan Gerson meunang tilu belas kota ti wewengkon-wewengkon Isaskar, Aser, Naptali jeung ti wewengkon Menase anu di wetaneun Walungan Yordan.

7 Kulawarga-kulawarga golongan Merari
meunang dua belas kota ti wewengkon-
wewengkon Rubin, Gad jeung Sebulun.
8 Ku jalan lotre, eta kota-kota kitu deui
sampalan-sampalanana ku urang Israil
diserenkeun ka kaom Lewi, sakumaha
timbalan PANGERAN ka Musa.
9 Kota-kota ti wewengkon-wewengkon Yuda
jeung Simeon, anu ngaran-ngaranna engke
baris disebutan, diserenkeunana ka
10 turunan Harun golongan Kahat anu kaasup
turunan Lewi. Lotrena kaluar pangheulana.
11 Maranehanana meunang kota Arba (Arba
teh karuhun bangsa Enak), anu terusna
disebut Hebron, di pagunungan wewengkon
Yuda, katut sampalan-sampalan sakurilingna.
12 Tapi ari tegal-tegal jeung desa-desana
mah geus kapimilik ku Kaleb bin Yepune.
13 Kajaba ti Hebron (salah sahiji kota suaka),
kota-kota anu lotrena ragrag ka turunan
Imam Harun teh nya eta: Libna,
14 Yatir, Estemoa,
15 Holon, Debir,
16 Ain, Yuta jeung Bet Semes, katut
sampalan-sampalanana; salapan kota ti kaom
Yuda jeung Simeon.
17 Ti wewengkon kaom Binyamin meunang
opat kota, nya eta: Gibon, Geba,
18 Anatot jeung Almon, katut sampalan-
sampalanana.

19 Kota-kota anu diserenkeun ka turunan
Imam Harun teh kabehna tilu belas, katut
sampalan-sampalanana.
20 Kulawarga-kulawarga Lewi golongan
Kahat anu lianna, tina lotrena meunang
kota-kota ti wewengkon Epraim.
21 Ti dieu meunang opat kota, nya eta:
Sekem (salah sahiji kota suaka) katut
sampalan-sampalanana di pagunungan
Epraim, Geser,
22 Kibsaim jeung Bet Horon, katut
sampalan-sampalanana.
23 Ti wewengkon Dan meunang opat kota,
nya eta: Elteke, Gibeton,
24 Ayalon jeung Gat Rimon, katut
sampalan-sampalanana.
25 Ti wewengkon Menase kulon meunang
dua kota, nya eta: Taanak jeung Gat Rimon,
katut sampalan-sampalanana.
26 Kabehna anu katarima ku kulawarga-
kulawarga golongan Kahat teh sapuluh kota,
katut sampalan-sampalanana.
27 Sabagian deui kulawarga-kulawarga Lewi
ti golongan Gerson, meunang dua kota ti
wewengkon Menase anu beulah wetan, nya
eta: Golan di Basan (salah sahiji kota suaka)
jeung Bestera, katut sampalan-sampalanana.
28 Ti wewengkon Isaskar meunang opat
kota, nya eta: Kision, Daberat,
29 Yarmut jeung En Ganim, katut sampalan-
sampalanana.

30 Ti wewengkon Aser meunang opat kota,
nya eta: Misal, Abdon,
31 Helkat jeung Rehob, katut sampalan-
sampalanana.
32 Ti wewengkon Naptali meunang tilu
kota, nya eta: Kedes di Galilea (salah
sahiji kota suaka), katut sampalan-
sampalanana, Hamot Dor jeung Kartan, katut
sampalan-sampalanana.
33 Eta rupa-rupa kulawarga kaom Gerson
teh kabehna narima tilu belas kota, katut
sampalan-sampalanana.
34 Urang Lewi anu sesana, nya eta golongan
Merari, ti wewengkon Sebulun meunang opat
kota, nya eta: Yoknam, Karta,
35 Dimna jeung Nahalal, katut sampalan-
sampalanana.
36 Ti wewengkon Rubin meunang opat kota,
nya eta: Beser, Yahas,
37 Kedemot jeung Mepaat, katut sampalan-
sampalanana.
38 Ti kaom Gad meunang opat kota, nya
eta: Ramot di Gilad (salah sahiji kota suaka),
katut sampalan-sampalanana, Mahanaim,
39 Hesbon jeung Yaser, katut sampalan-
sampalanana.
40 Golongan Merari kabehna meunang dua
belas kota.
41 (21:41-42) Kota-kota milik urang Israil
anu diserenkeun ka urang Lewi, kabehna opat
puluh dalapan, katut sampalan-sampalanana.

42 (21:41)
43 Eta tanah sakuliahna ku PANGERAN
geus dipaparinkeun ka urang Israil. Laksana
sakumaha jangji Mantenna kalayan sumpah
ka karuhun-karuhun maranehanana.
Ku maranehanana geus kapimilik, geus
diarenggonan.
44 Sakuliah wewengkonna ku PANGERAN
dikertakeun, sakumaha jangji Mantenna ka
karuhun-karuhun maranehna. Taya pisan
musuh anu bisa tagen, kawantu urang Israil
teh dikersakeun unggul bae ku PANGERAN.
45 Tiap jangji PANGERAN ka urang Israil, ku
Mantenna dibuktoskeun.
22 1 Geus kitu Yosua ngempelkeun kaom
Rubin, kaom Gad jeung kaom Menase
wetan.
2 Pok sasauran, "Maraneh geus
ngalaksanakeun sagala rupa anu geus
diparentahkeun ku Musa abdi PANGERAN,
sarta tigin kana parentah-parentah Bapa.
3 Nepi ka wanci ieu, acan kungsi maraneh
nyabodokeun ka sasama urang Israil. Titi sarta
ati-ati ngajalankeun pangandika-pangandika
PANGERAN Allah maraneh.
4 Ayeuna, sasama maraneh urang Israil geus
aman kerta, sakumaha nu dijangjikeun ku
PANGERAN Allah maraneh. Seug ayeuna mah
geura marulang ka lembur, ka tanah milik
pribadi, pusaka ti Musa abdi PANGERAN, di
wetaneun Yordan.

5 Kudu jangji sajeroning ati, yen seja
ngalakonan parentah jeung hukum anu
diparentahkeun ka maraneh ku Musa, nya
eta: Seja nyaah ka PANGERAN, pangersa-
Na lampahkeun, timbalan-timbalana-Na
turutkeun, sing tigin, sing bakti ka Mantenna
kalawan saiklas-iklasna."
6 (22:6-8) Ti dinya maranehna ku Yosua
dijurung marulang, dipaparin restu,
kalawan pesen kieu, "Maraneh ayeuna geus
baleunghar, baralik teh mawa ingon-ingon
loba, perak, emas, tambaga, beusi, kitu deui
papakean. Eta beubeunangan ngajarah ti
musuh teh bagikeun oge ka nu sejen anu
sakaom keneh jeung maraneh." Ti dinya tuluy
budal, rek baralik. Eta kaom Menase, anu
satengahna ku Musa geus dipaparin tanah
di wetaneun Yordan, tapi nu satengahna
deui mah meunangna tanah teh ti Yosua,
nya eta di kuloneun Yordan, bareng jeung
kaom-kaom sejenna.
7 (22:6)
8 (22:6)
9 Kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom
Menase wetan geus marulang, ninggalkeun
dulur-dulurna di Silo, tanah Kanaan,
ngajugjug tanah pamatuhan sorangan di
tanah Gilad, tanah beunangna ngarebut
sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.
10 Sanggeus kaom-kaom Rubin, Gad
jeung Menase wetan carunduk ka Gelilot,

di wewengkon Yordan kulon keneh, tuluy
ngadegkeun hiji altar di sisi walungan, rohaka
pisan.
11 Seug aya anu ngabejakeun ka urang Israil
sejenna, pokna, "Geuning jelema-jelema
kaom Rubin, Gad jeung Menase wetan teh
nyieun altar di sisi Walungan Yordan daerah
urang keneh!"
12 Barang meunang beja kitu, kabeh urang
Israil kumpul di Silo, niatna arek indit
merangan ka kaom-kaom wetan.
13 Seug eta urang Israil teh ngutus Pinehas,
putra Imam Elasar, ka tanah Gilad, nemonan
kaom Rubin, Gad jeung Menase wetan.
14 Pinehas dibarengan ku sapuluh pamingpin
beunang milih ti saban kaom kulon saurang-
saurang, masing-masing jadi kapala warga
kaomna.
15 Sanggeus jonghok jeung urang Rubin,
urang Gad jeung urang Menase wetan, di
Gilad,
16 pok ngomong kalawan asmana umat
PANGERAN kabeh, "Ku naon aranjeun nyieun
peta doraka kitu ka Allahna Israil? Aranjeun
ngalawan ka PANGERAN, nyieun eta altar
sangkan kamashur! Aranjeun geus teu anut
ka Mantenna.
17 Na teu inget kana dosa urang basa di Peor,
nepi ka disiksa ku PANGERAN, didatangan
wabah panyakit, padahal urang teh umat-Na?

Balukarna nepi ka ayeuna ku urang karasa keneh. Naha tacan cukup ku sakitu?
18 Jadi ayeuna geus mimiti rek nyalingkir ti Mantenna? Upama aranjeun ayeuna poe ieu ngalawan ka PANGERAN, isukan Mantenna moal teu bendu ka tiap jelema di Israil.
19 Bisi bae ceuk pangrasa aranjeun tanah aranjeun teu pantes dipake ngajalankeun ibadah, atuh pek pararindah ka tanah kagungan PANGERAN, tempat Kemah Mantenna. Menta bae tanah mah ti nu kuring sarerea. Dapon ulah ngalawan ka PANGERAN, atawa nangtang ka kuring sarerea ku nyieun eta altar dipake nandingan altar PANGERAN Allah urang.
20 Sing inget ka Akan bin Serah, anu teu tolih kana cegahan perkara barang haram anu kudu dimusnakeun tea. Geuning nu dihukumna mah sakumna urang Israil. Anu tiwas ku dosa Akan lain manehna saurang bae."
21 Ngajawab urang kaom Rubin, Gad jeung Menase wetan ka eta para kapala warga kaom-kaom urang kulon, pokna,
22 "Anging Allah nyalira Nu Maha Kawasa! Mantenna anu jumeneng PANGERAN! Mantenna langkung uninga, naon ieu maksud kuring teh. Muga-muga aranjeun ge terang! Lamun enya kuring ngalawan ka PANGERAN, jeung teu taat ka Mantenna, sing ulah dipanjangkeun umur!

23 Lamun enya kuring baha ka PANGERAN,
nyieun altar sorangan keur paranti meuleum
kurban, atawa keur nyuguhkeun sasajen,
atawa keur ngajalankeun kurban panarima,
muga dihukum ku PANGERAN ku manten.
24 Lain, lain pikeun kitu! Nyieun altar soteh
keur ngajaga, bisi di ahir turunan kuring
ditanya kieu ku turunan aranjeun, Naon
patalina aranjeun jeung PANGERAN Allahna
Israil?
25 Antara kuring jeung aranjeun urang Rubin
jeung urang Gad, ku Mantenna dipisahkeun,
diwatesan ku Walungan Yordan. Jadi aranjeun
mah taya patalina jeung PANGERAN! Seug
bae meureun anak incu kuring teu meunang
ngabakti ka PANGERAN.
26 Kitu sualna nu matak nyieun eta altar teh.
Lain keur paranti meuleum kurban, lain keur
paranti nyuguhkeun sasajen,
27 tapi keur geusan tanda ka pihak aranjeun
jeung ka pihak kuring, jeung ka turunan-
turunan urang engke, yen pihak kuring oge
sarua ngabakti ka PANGERAN di payuneun
Kemah-Na nu suci, sarta sok ngahaturkeun
kurban, boh nu dibeuleum boh nu dipeuncit
kitu deui kurban panarima. Jadi eta teh keur
ngajaga, sangkan anak incu aranjeun ulah
nepi ka nyebutkeun anak incu kuring taya
patalina jeung PANGERAN.
28 Ceuk pikiran teh, bisi bae hal sarupa
kitu nepi ka kajadian, anak incu kuring bisa

nembalan kieu, Tenjo tuh altar beunang
ngadegkeun karuhun kuring, kapan sarua
jeung altar PANGERAN. Ngan eta mah lain
keur paranti meuleum atawa meuncit kurban,
tapi keur geusan tanda ka pihak aranjeun
jeung ka pihak kuring.
29 Paliyas teuing kuring nyieun eta altar
teh kalawan niat ngalawan atawa mungkir ti
PANGERAN, atawa meuleum atawa meuncit
kurban, atawa nyuguhkeun sasajen di dinya.
Moal teh teuing kuring nyieun altar tandingan
altar PANGERAN Allah urang anu nagen di
payuneun Kemah Mantenna."
30 Imam Pinehas, kitu deui sapuluh
pamingpin anu jaradi kapala warga kaom-
kaom kulon anu harita ngabarengan, ngarasa
sugema ku eta jawaban kaom Rubin, Gad
jeung Menase wetan kitu.
31 Imam Pinehas putra Imam Elasar
sasauran, "Tah ari kitu mah enya urang teh
disarengan ku PANGERAN. Aranjeun henteu
baha ka PANGERAN. Eta sarua jeung aranjeun
teh geus ngajait sabangsa Israil, moal tulus
dihukum ku PANGERAN."
32 Geus kitu Pinehas jeung sapuluh
pamingpin teh malungkur ti Gilad, ti kaom
Rubin, Gad jeung Menase wetan, marulang
ka Kanaan, ka urang Israil, tuluy laporan.
33 Urang Israil sugema, seug maruji ka Allah.
Geus teu nyebut-nyebut deui arek perang

ngagempur tanah padumukan kaom Rubin jeung Gad.
34 Ari ceuk kaom Rubin jeung Gad, "Ieu altar jadi saksi urang kabeh, yen PANGERAN teh Allah." Ku sabab eta seug altar teh dingaranan "Saksi".
23 1 Lawas ti lawas, ti barang Israil ku PANGERAN dikertakeun tur aman ti musuh-musuh sakurilingna, Yosua geus kacida sepuhna.
2 Seug anjeunna ngempelkeun sabangsa Israil, para kokolot, para pamingpin, para hakim, para pamanggul jurit. Anjeunna sasauran, kieu, "Bapa teh geus sakieu kolotna.
3 Sagala rupa anu dipidamel ku PANGERAN Allah maraneh ka bangsa-bangsa di ieu tanah keur kabagjaan maraneh, ku maraneh geus kasaksian. PANGERAN Allah maraneh geus tandang mangmerangankeun.
4 Tanah-tanah bangsa urang dieu anu acan beunang, ku Bapa geus dibagi-bagikeun ka kaom-kaom maraneh, nya eta tanah anu ku Bapa geus karebut, ti semet Walungan Yordan di beulah wetan, nepi ka Laut Tengah di beulah kulon.
5 Ana maraneh geus maju, eta bangsa-bangsa teh tangtu disina ngarejat ku PANGERAN Allah maraneh, dibuburak, sangkan tanahna bisa kacangking ku maraneh, sakumaha jangji PANGERAN.

6 Ku sabab eta masing hade-hade sumujud
ka Mantenna, jeung lakonan sagala rupa anu
kaungel dina kitab Hukum Musa, poma ulah
aya nu kaluli-luli.
7 Ku jalan kitu maraneh moal campur jeung
bangsa batur anu araya keneh di maraneh,
atawa ngucapkeun ngaran dewa-dewana,
atawa sumpah nyebut ngaran eta dewa-dewa,
moal ngabakti atawa sujud ka eta dewa-dewa.
8 Anggur sing ajeg ka PANGERAN sakumaha
kalakuan maraneh sabiasa sasari nepi ka
wanci ieu.
9 PANGERAN teh geus ngusir bangsa-bangsa
anu nya gede nya kuat ana maraneh
indit jurit, sahiji ge taya lawan anu tagen
nyanghareupan maraneh.
10 Tiap saurang ti maraneh, sanggup
nundung musuh sarebu, sabab
PANGERAN Allah maraneh anu tandang
mangmerangankeun, ngabuktoskeun
jangji-Na.
11 Jadi masing hade-hade enggoning nyaah
ka PANGERAN Allah maraneh teh.
12 Upama maraneh nepi ka ngolembar tuluy
cacampuran jeung bangsa-bangsa lian anu
araya keneh di urang, atawa pacorok jodo,
13 rasakeun, ana maraneh maju perang,
PANGERAN moal kersaeun deui mangusirkeun
maranehanana. Kalah ka itu teh jadi hiji
bahaya, lir pitapak atawa cubluk tataheunan,
lir pecut anu ngajelebet kana tonggong, lir

cucuk anu nanceb dina siki panon. Baris
kituna teh nepi ka maraneh geus taya nu
nyesa deui di ieu tanah anu sakieu hadena,
paparin ti PANGERAN Allah maraneh.
14 Ayeuna Bapa teh geus nepi kana waktu
ajal. Satiap maraneh, tangtu ngarasa dina
ati sanubari, yen geus dipaparin sagala
rupa anu nyenangkeun hate ku PANGERAN
Allah maraneh, bukti sakumaha jangji-Na.
Mantenna tigin kana sagala jangji-Na, taya
hiji jangji-Na anu jalir.
15 Tapi deuih, sakumaha Mantenna tigin
kana sagala jangji-Na ka maraneh, oge moal
sungkan-sungkan ngalaksanakeun sagala
ancaman.
16 Saupama maraneh udar tina ikrar anu
ku PANGERAN Allah maraneh dipiwarang
ditiginan, jeung upama maraneh nepi ka
nyembah ngabakti ka allah-allah sejen,
tan wande Mantenna bendu sarta maraneh
disiksa, baris gancang-gancang musna mo
aya nu nyesa di ieu tanah anu sakieu hadena,
paparin Mantenna."
24 1 Yosua ngempelkeun deui sakabeh
kaom Israil di Sekem. Para kokolotna,
kapala-kapalana, hakim-hakimna, kapala-
kapala baladna, disalaur tuluy kumpul di
payuneun Allah.
2 Ngalahir Yosua ka sakabeh, "Aya
pangandika PANGERAN Allahna Israil, kieu,
Baheula, karuhun maraneh caricingna teh

di peuntaseun Walungan Eprat beulah ditu,
ngabaktina ka aallahan. Salah saurang ti eta
karuhun nya eta Terah, bapana Ibrahim jeung
Nahor.
3 Seug Kami nyandak Ibrahim, karuhun
maraneh, ti tanah peuntaseun Eprat
diparentah ngambah sakuliah tanah Kanaan.
Ku Kami dibere turunan loba. Mimitina ku
Kami dibere Ishak.
4 Ishak dibere anak, Yakub jeung Esau. Esau
ku Kami dibere tanah milik di pagunungan
Edom, ari Yakub karuhun maraneh, indit ka
Mesir jeung anak-anakna.
5 Ti dinya Kami ngutus Musa jeung Harun
ka ditu. Urang Mesir ku Kami ditarajang ku
balahi hebat kacida. Tapi maraneh mah ku
Kami dituyun kaluar ti ditu.
6 Karuhun maraneh ku Kami dibawa budal ti
Mesir. Ku balad Mesir diudag ku kareta perang
jeung ku nu tarumpak kuda. Barang karuhun
maraneh narepi ka Laut Beureum,
7 tingjarerit menta tulung ka Kami, seug
antara maranehna jeung balad Mesir teh ku
Kami dihalangan ku poek. Satuluyna balad
Mesir teh ku Kami diteuleumkeun, diteureuy
ku laut. Dikumahakeun Mesir teh ku Kami,
maraneh nyaho. Ti dinya maraneh hirup teh
di gurun keusik kacida lilana.
8 Geus kitu ku Kami dibawa ka tanah
urang Emor di wetaneun Walungan Yordan.
Maraneh ku itu diperangan, tapi maraneh anu

meunang, musuh teh dielehkeun ku Kami.
Tanahna ku maraneh dicokot. Ana maraneh
maju, musuh ku Kami dibasmi.
9 Geus kitu maraneh diperangan ku Balak
bin Sipor, raja Moab. Eta raja ngala Balhum
bin Beor, sina nyapa maraneh.
10 Tapi Kami teu ngagugu ka Balhum, jadi
manehna anggur ngaberkahan. Ku jalan kitu
maraneh ku Kami diluputkeun ti Balak.
11 Maraneh meuntasan Walungan Yordan, jol
ka Yeriho. Urang Yeriho merangan, saperti
urang Emor, urang Pares, urang Kanaan,
urang Het, urang Girgas, urang Hiwi, jeung
urang Yebus. Tapi kabeh ku Kami dielehkeun,
maraneh anu meunang.
12 Ana maraneh maju, maranehanana
ku Kami ditagiwurkeun, nepi ka dua raja
urang Emor kabur. Kaburna lain ku pedang
maraneh, lain ku gondewa maraneh.
13 Maraneh ku Kami dibere tanah, lain
beunang maraneh ngusahakeun; dibere
kota, lain beunang maraneh ngadegkeun. Ku
maraneh diareusian. Kebon anggur, kebon
jetun, lain beunang maraneh melak, hasilna
maraneh anu metik."
14 "Nu matak ayeuna mah," saur Yosua,
"sing taat ka PANGERAN, sing sumembah ka
Mantenna kalawan saiklas-iklasna. Singkir-
singkirkeun aallahan anu sok disarembah
ku karuhun maraneh di Mesopotami jeung

di Mesir teh, kudu nyembah wungkul ka PANGERAN.
15 Upama maraneh embung nyembah
ka Mantenna, puguhkeun poe ieu keneh
rek milih ngabakti ka saha, naha rek
ngabakti ka aallahan anu disarembah ku
karuhun maraneh di Mesopotami, atawa
rek ngabakti ka sesembahan urang Emor,
anu tanahna ayeuna diandih ku maraneh.
Bapa sakulawarga mah rek ngabakti ka
PANGERAN."
16 Maranehanana ngajawab, "Abdi-abdi
moal dugi ka ninggalkeun PANGERAN teras
ngabakti ka aallahan!
17 PANGERAN Allah urang teh parantos
nyandak karuhun kitu deui urang sadayana
kaluar ti Mesir, urut urang kumawula.
Urang parantos nyaksian mujijat-mujijat
Mantenna. Urang teh nyorang tanah mana
bae bari ngaliwatan bangsa-bangsa batur, ku
Mantenna teu petot-petot ditangtayungan.
18 Waktos urang majeng ka dieu, urang
Emor, pribumi di dieu, ku PANGERAN
disingkahkeun. Abdi sadaya oge sumeja
ngabakti ka PANGERAN. Nya Mantenna Allah
urang teh."
19 Yosua ngalahir deui, "Boa moal bisa
maraneh ngabakti ka PANGERAN. Mantenna
teh Allah anu Maha Suci, moal kersaeun
ngahampura dosa-dosa maraneh. Mantenna
moal kersaeun ka nu sok ngalawan.

20 Upama maraneh mungkur ti Mantenna,
ngabakti ka bangsa aallahan, tinangtu
Mantenna malik sarta nyiksa ka maraneh.
Najan tadina maraneh teh dibelaan, Mantenna
moal sungkan-sungkan ngabasmi."
21 Pihatur maranehanana, "Saleresna pisan
abdi sadaya sumeja ngabakti ka PANGERAN."
22 Ngalahir deui Yosua, "Ana kitu, maraneh
sorangan nu jadi saksi diri pribadi, yen geus
milih seja ngabdi ka PANGERAN." "Leres, abdi
sadaya saksina," tembal maranehanana.
23 "Heug. Geura singkir-singkirkeun aallahan
nu teu paruguh, anu ku maraneh disarimpen
teh," saur Yosua. "Geus kitu kudu ikrar seja
satia ka PANGERAN Allahna Israil."
24 Ari ceuk maranehanana ka Yosua,
"Abdi sadaya sumeja sumembah ka
PANGERAN Allah urang. Sumeja tunduk kana
timbalan-timbalan Mantenna."
25 Seug poe eta Yosua di Sekem ngadamel
ikrar anu kudu diikrarkeun ku maranehna,
sarta nyusun hukum-hukum jeung
tetekon-tetekon anu kudu diturut.
26 Parentah-parentah tea ku Yosua
diseratkeun dina Kitab Hukum Allah. Geus
kitu anjeunna nyandak batu gede, deg
ditangtungkeun di handapeun tangkal
kiara deukeut tempat paranti ngabakti ka
PANGERAN.
27 Geus kitu Yosua misaur ka sakabeh jalma,
"Ieu batu jadi saksi urang. Kabeh pilahir anu

didawuhkeun ku PANGERAN ka urang geus
dikedalkeun hareupeun ieu batu. Nya batu
ieu anu jadi saksi maraneh, keur ngingetan
sangkan ulah ngalawan Allah."
28 Geus kitu maranehanana ku Yosua
dipiwarang bubar, marulang ka satempat-
satempatna.
29 Sabada eta, Yosua putra Nun abdi
PANGERAN teh pupus, dina yuswa saratus
sapuluh taun.
30 Seug dikurebkeun di tanah milik anjeunna
di Timnat Serah, di pagunungan Epraim,
kalereun Gunung Gaas.
31 Sapanjang Yosua jumeneng, urang Israil
tetep nyembah ka PANGERAN. Sanggeus
dikantun pupus oge, jeung satungtung para
pamingpin anu kungsi nyaraksian sagala
dadamelan PANGERAN pikeun kabagjaan
Israil tea harirup keneh, urang Israil teh tetep
kitu.
32 Ari layon Yusup, anu ku urang Israil
dibawa ti Mesir, dipetekna di Sekem, di lahan
anu digaleuh ku Yakub saratus gebleg perak ti
putra-putra Hemor ramana Sekem. Eta lahan
jadi milikna turunan Yusup.
33 Elasar putra Harun oge pupus.
Dikurebkeunana di Gibea, kota di Pagunungan
Epraim, anu diwariskeun ka Pinehas, putrana.

Hakim-hakim

1 [1] Sanggeus Yosua pupus, urang Israil
naros ka PANGERAN, "Kaom mana heula
anu kedah majeng ti payun, merangan urang
Kanaan?"
[2] PANGERAN ngawaler, "Kaom Yuda heula.
Eta tanah ku Kami geus ditangtukeun keur
maranehna."
[3] Ceuk kaom Yuda ka kaom Simeon,
"Bantuan kuring merangan urang Kanaan,
ngarebut tanah anu ditangtukeun pikeun
kuring. Engke aranjeun dibantuan ngarebut
tanah anu ditangtukeun pikeun aranjeun."
Seug kaom Simeon
[4] arindit perang mantuan kaom Yuda. Ku
pitulungna PANGERAN perangna unggul,
urang Kanaan jeung urang Pares kadeseh,
baladna kasambut sapuluh rebu di Besek.
[5] Rajana, Adonibesek, kapanggih tuluy
diperangan.
[6] Eta raja kabur, tapi diudag sarta kacerek.
Tuluy indung leungeun jeung indung sukuna
dibuntungan.
[7] Adonibesek ngarahuh, "Tujuh puluh raja nu
dibuntungan indung leungeun jeung indung
sukuna, marulungan remeh di kolong meja
aing. Kalakuan aing kitu ka maranehna

ayeuna dibales ku PANGERAN." Adonibesek dibawa ka Yerusalem sarta paeh di dinya.
8 Balad Yuda merangan Yerusalem. Yerusalem karebut. Jelemana diparaehan, kotana dihuru.
9 Ti dinya balad Yuda merangan urang Kanaan anu di pagunungan, anu di suku-suku gunung, jeung anu di tanah gundul di kidul.
10 Ti dinya maju deui merangan urang Kanaan anu di kota Hebron anu katelahna Kiryat Arba. Di dinya maranehanana ngelehkeun urang Sesai, Ahiman jeung Talmai.
11 Geus kitu balad Yuda maju ka kota Debir, harita mah disebutna Kiryat Seper.
12 Pok Kaleb ngomong kieu, "Nu bisa ngarebut Kiryat Seper, rek dikawinkeun ka anak Bapa, Nyi Aksa."
13 Otniel, alo Kaleb, anak Kenas, hasil ngarebut eta kota. Seug ku Kaleb dikawinkeun ka anakna, Nyi Aksa.
14 Dina poean nikahna, Nyi Aksa ku Otniel diolo sina menta lahan ka bapana. Nyi Aksa turun tina tonggong kalde, ku Kaleb ditanya kahayangna.
15 Ari tembalna, "Hoyong gaduh tanah anu aya sumber caina. Tanah paparin ti Bapa anu ti payun mah garing." Ku Kaleb ditedunan dibere lahan di beulah girang jeung beulah hilir nu aya sumber caina.

16 Geus kitu urang Keni, turunan mertua
Musa, arindit jeung urang Yuda ti Yeriho, kota
tangkal korma, ka hiji kota keri kiduleun Arad
di wewengkon Yuda. Seug maratuh di dinya
reujeung urang Amalek.
17 Kaom Yuda maju jeung kaom Simeon
ngelehkeun urang Kanaan anu di kota Sepat.
Eta kota ku maranehna disapa, diburak-barik,
tuluy dingaranan Horma.
18 (1:18-19) Ku pitulungna PANGERAN,
urang Yuda geus bisa ngarebut eta kota
pagunungan. Tapi kota Gasa jeung Askelon
atawa Ekron, anu perenahna di sapanjang
basisir, jeung desa-desa sakurilingna, henteu
karebut. Urang Yuda teu bisaeun ngusir
pribumina, sabab barogaeun kareta perang
tina beusi.
19 (1:18)
20 Sakumaha anu geus diparentahkeun ku
Musa, Hebron diselehkeun ka Kaleb anu geus
ngusir tilu golongan kaom turunan Enak ti eta
kota.
21 Tapi kaom Binyamin henteu ngusir urang
Yebus anu caricing di Yerusalem. Urang Yebus
tetep caricing di dinya jeung urang Binyamin
nepi ka ayeuna.
22 (1:22-23) Kaom Epraim jeung Menase
maju merangan kota Betel anu harita
ngaranna Lus. Perangna dibantu ku
PANGERAN. Maranehanana ngirim mata-mata
ka ditu.

23 (1:22)
24 Aya jelema anu kaluar ti jero kota, ku
mata-mata dibawa ngomong, pokna, "Kami
tuduhan sangkan bisa asup ka kota, engke
maneh moal dikua-kieu."
25 Seug ku eta jelema dituduhan. Urang kota
eta ku kaom Epraim jeung Menase ditumpes,
iwal ti eta jelema katut sakulawargana.
26 Eta jelema satuluyna indit ka tanah Het.
Di dituna nyieun kota, dingaranan Lus, nu
tetep ngaranna kitu nepi ka ayeuna.
27 Urang pribumi anu henteu diusir ku kaom
Menase, nya eta anu di kota-kota Bet San,
Taanak, Dor, Yiblam. Megido, katut desa-desa
anu darareukeut. Eta urang Kanaan teh tetep
di darinya.
28 Sanggeus urang Israil tambah kuat, eta
urang Kanaan teh tetep henteu diusir, tapi
digarawekeun kalawan paksa.
29 Anu teu diusir ku kaom Epraim nya eta
urang Kanaan anu araya di kota Geser.
Maranehna maratuh keneh di dinya jeung
kaom Epraim.
30 Anu henteu diusir ku kaom Sebulun, nya
eta anu caricing di kota-kota Kitron jeung
Nahalol. Jadi urang Kanaan di dinya mah
tetep di darinya, tapi digarawekeun kalawan
paksa.
31 Anu henteu diusir ku kaom Aser, nya eta
anu caricing di kota-kota Ako, Sidon, Ahlab,
Aksib, Helba, Apek jeung Rehob.

32 Jadi kaom Aser reureujeungan jeung
urang Kanaan di dinya anu teu diusir.
33 Anu teu diusir ku kaom Naptali, nya eta
anu caricing di kota-kota Bet Semes jeung
Bet Anat. Urang Kanaan di dinya bareng
reujeung kaom Naptali, tapi digarawekeun
kalawan paksa.
34 Ari kaom Dan, ku urang Emor disedekkeun
ka kota pagunungan, nepi ka teu barisaeun
turun deui ka tanah padataran.
35 Urang Emor tetep nyaricingan kota-kota
Ayalon, Saalabim jeung Gunung Heres. Tapi
maranehna aya di bawah kakawasaan kaom
Epraim jeung Menase, sarta digarawekeun
kalawan paksa.
36 Ari tanah urang Edom, mimiti ti Sela kaler
terus nepi ka sapanjang Akrabim.
2 1 Malaikat PANGERAN sumping ti Gilgal
ka Bokim; ngandika ka urang Israil,
"Maraneh ku Kami dikaluarkeun ti Mesir,
dibawa ka tanah anu ku Kami dijangjikeun
ka karuhun maraneh. Kami geus ikrar, Kami
moal udar jangji ka maraneh.
2 Maraneh ulah nyieun perjangjian jeung
pangeusi tanah ieu. Altar-altar urang dieu
kudu diancur-ancurkeun. Tapi eta timbalan
Kami ku maraneh henteu dilakonan. Malah
anggur ngajalankeun anu sabalikna!
3 Ku sabab kitu, ayeuna Kami moal deui
ngusir pangeusi ieu tanah di mana maraneh
maju perang. Maranehanana bakal jadi

musuh. Maraneh bakal kajiret lantaran ngabakti ka sesembahanana."
4 Tutas malaikat ngandika, urang Israil kabeh ceurik.
5 Nya ku sabab kitu eta tempat disebut Bokim. Geus kitu urang Israil di dinya nyanggakeun kurban ka PANGERAN.
6 Geus kitu Yosua nginditkeun urang Israil. Unggal jelema inditna teh rek ngarebut bagian masing-masing di tanah eta.
7 Sapanjang Yosua jumeneng, urang Israil taat ngabdi ka PANGERAN. Sanggeus dikantun pupus ku anjeunna oge, jeung sapanjang para pamingpin anu geus nyaraksian sagala dadamelan agung PANGERAN keur kabagjaan Israil harirup keneh mah urang Israil teh tetep aribadah.
8 Yosua putra Nun, abdi PANGERAN, pupus dina yuswa saratus sapuluh taun.
9 Dikurebkeunana di tanah milikna ku anjeun di Timnat Sera, wewengkon pagunungan Epraim, kalereun Gunung Gaas.
10 Sanggeus urang Israil anu karolot maraot, turunan nu anyar mah tuluy poho ka PANGERAN, poho kana sagala dadamelan Mantenna pikeun kabagjaan Israil.
11 Urang Israil terusna mah doraka ka PANGERAN, mimiti nyarembah ka Baal.
12 Eureun nyembahna ka PANGERAN Allah karuhunna, Allah anu ngaluarkeun maranehanana ti Mesir, tuluy nyembah

ka rupa-rupa aallahan nu disembah ku
jelema-jelema nu aya di sakurilingeunana. Ku
sabab sarujud ka nu karitu, PANGERAN jadi
bendu ka maranehna.
13 Ngabaktina geus lain ka PANGERAN, tapi
ka Dewa Baal jeung Astoret.
14 PANGERAN sakalangkung benduna ka
Israil, seug urang Israil teh disina didatangan
ku gorombolan anu rarampog, dirempug ku
musuh ti sakurilingna. Urang Israil geus teter.
15 Unggal-unggal maranehna maju perang,
PANGERAN nu jadi lawan, ngabuktoskeun
dawuhana-Na bareto. Urang Israil bati
melenguk.
16 Geus kitu PANGERAN ka urang Israil
maparin pamingpin-pamingpin, pikeun
ngayonan rampog-rampog tea.
17 Tapi urang Israil arapi lain bae ka eta
pamingpin-pamingpin teh. Urang Israil geus
malungkir ti PANGERAN, nyarembah ka
aallahan batur. Beda ti karuhun-karuhunna
anu taat kana timbalan-timbalan PANGERAN,
Israil nu ayeuna mah gancang pisan culna ka
PANGERAN teh.
18 Satiap PANGERAN maparin pamingpin,
eta pamingpin teh ku Mantenna dibantu
ngaleupaskeun Israil. Sapanjang eta
pamingpin hirup keneh mah urang Israil bisa
leupas ti musuh-musuhna. Eta teh bawaning
PANGERAN welaseun ngadangu maranehna
sasambat teu kuat nandangan sangsara.

19 Tapi ana pamingpin tea maot, prak deui
bae maranehanana malikan kalakuan nu
enggeus-enggeus, malah gorengna alah
batan ti turunan nu ti heula, nyararembah
jeung ngabarakti ka allah-allah anu lian, teu
kapok-kapok tina kagorengan.
20 PANGERAN jadi sakalangkung jengkelna
ka Israil, lajeng ngadawuh, "Ieu bangsa
enggeus ngaruksak perjangjian anu ku
Kami diparentahkeun ka karuhun-karuhunna
sangkan dicekel pageuh. Ku sabab
maranehanana geus teu nurut,
21 Kami moal rek ngusir deui bangsa-bangsa
anu mana bae, anu keur basa Yosua tilar
dunya araya keneh di tanah ieu.
22 Anggur ku Kami rek dipake geusan nguji
maranehanana, naha arek nurut ka Kami
sakumaha karuhun-karuhunna atawa moal."
23 Ku lantaran kitu, eta bangsa-bangsa teh ku
Mantenna diantep di tanah eta. Jaman Yosua
jumeneng keneh oge eta bangsa-bangsa
teh ku PANGERAN teu diwidian dielehkeun.
Kitu keneh sanggeus Yosua pupus, eta
bangsa-bangsa ku Mantenna teu diusir.
3 1 Jadi di tanah eta teh aya keneh
sababaraha bangsa anu ku PANGERAN
dikarikeun, pikeun nguji urang Israil anu teu
ngalaman peperangan di Kanaan.
2 Mantenna seja ngadidik ka tiap-tiap urang
Israil turunan anu anyar tina hal peperangan,

pangpangna ka anu sama sakali acan kungsi
ngalaman perang.
3 Bangsa-bangsa nu araya keneh teh nya
eta urang Pelisti di lima kota, urang Kanaan
kabeh, urang Sidon jeung urang Hiwi di
Pagunungan Libanon, ti semet Gunung Baal
Hermon nepi ka jalan anu ka Hamat.
4 Eta bangsa-bangsa dianggo pikeun nguji
Israil, naha rek nurut kana timbalan-timbalan
PANGERAN ka karuhun-karuhunna anu
ditimbalkeun ka Musa, atawa moal.
5 Ku kituna urang Israil teh aya di tengah-
tengah urang Kanaan, urang Het, urang Emor,
urang Pares, urang Hiwi jeung urang Yebus.
6 Heug pacorok jodo sarta nyarembah ka
aallahan maranehanana.
7 Urang Israil poho ka PANGERAN Allahna,
doraka ka Mantenna, ngabakti ka arca Baal
jeung arca Asera.
8 PANGERAN jadi bendu, urang Israil ku
Mantenna sina dielehkeun ku Raja Kusan
Rishataim ti Mesopotami, terus dijajah ku eta
dalapan taun lilana.
9 Seug urang Israil sasambat ka PANGERAN;
Mantenna ngutus hiji pamingpin pikeun
ngabebaskeun maranehanana, nya eta Otniel
bin Kenas kapiputra Kaleb.
10 Otniel diauban ku Roh PANGERAN, tuluy
jadi pamingpin Israil. Raja Mesopotami ku
anjeunna eleh diperangan.

11 Geus kitu tanah eta jadi kerta, opat puluh
taun lilana. Ti dinya Otniel pupus.
12 Urang Israil doraka deui ka PANGERAN.
Ku hal eta PANGERAN ngersakeun Raja Eglon
ti Moab jadi leuwih kuat ti batan Israil.
13 Raja Eglon ngahiji jeung urang Amon
jeung urang Amalek, ngelehkeun Israil,
ngarampas kota Yeriho, kota tangkal korma
tea.
14 Urang Israil tuluy dijajah nepi ka dalapan
belas taun.
15 Geus kitu urang Israil sasambat ka
PANGERAN. Seug dikintun hiji pamingpin
pikeun ngabebaskeun maranehanana, nya
eta Ehud. Ari Ehud teh ngede. Anjeunna putra
Gera ti kaom Binyamin. Urang Israil ngutus
Ehud ka Moab, nganteurkeun upeti ka Raja
Eglon.
16 Ehud geus ngadamel pedang anu dua
pangadekna, panjangna meh satengah meter.
Eta pedang disoren pageuh beulah katuhu
jeroeun jubah.
17 Ehud angkat nyandak upeti ka Raja Eglon.
Ieu raja kacida lintuhna.
18 Beres nyanggakeun upeti, jalma-jalma
anu ngakut eta upeti ku Ehud dijurung terus
marulang.
19 Ehud ku anjeun ti tempat batu-batu ukir
di Gilgal malik deui ngadeuheus ka Eglon.
Saurna, "Gusti Sang Raja! Jisim abdi seja
ngunjukkeun hiji rasiah." Raja nimbalan ka

abdi-abdina, "Maraneh kalaluar heula!" Tuluy abdi-abdina kalaluar.
20 Sanggeus raja calik nyalira di loteng paniisan, Ehud nyaketan bari saurna, "Sang Raja! Sim kuring ngemban pangandika Allah!" Neut sang raja ngadeg.
21 Serepet Ehud mesat pedang anu disoren di katuhu ku panangan kiwa, bles ditubleskeun kana beuteung raja,
22 ambles jeung perah-perahna bari kalimpudan deui ku gajih. Pedang teh ku Ehud teu dicabut, diantep sina nancleb dina beuteung raja, parat tembus kana palangkakan.
23 Geus kitu Ehud kaluar, panto loteng ditutup dikoncikeun,
24 terus anjeunna angkat. Abdi-abdi raja mireungeuh panto-panto narutup teh anggur nyangka yen raja di lebet eukeur leleson.
25 Sanggeus kesel narungguan sarta raja henteu bae muka panto, top maranehanana kana konci, panto dibuka. Ana bray, kasampak rajana geus teu nyawaan ngajolopong dina ubin.
26 Sabot abdi-abdi raja tarunggu, Ehud mah geus ngalolos ka Sira ngaliwatan tempat batu-batu ukir tea.
27 Sasumpingna ka daerah pagunungan Epraim, anjeunna niup tarompet ngumpulkeun balad Israil pikeun maju jurit, terus dipingpin mudun ti pasir.

28 Saurna ka prajurit-prajurit, "Hiap
tuturkeun. Musuh aranjeun, urang Moab, ku
PANGERAN geus diselehkeun ka aranjeun."
Brul naluturkeun Ehud, tuluy ngarebut hiji
tempat paranti urang Moab meuntasan
Walungan Yordan. Taya hiji urang Moab anu
bisa meuntas.
29 Poe eta urang Israil niwaskeun kurang
leuwih sapuluh rebu perjurit Moab
petinganana, taya hiji anu bisa luput.
30 Poe eta Moab dielehkeun ku Israil,
saterusna tanah eta jadi kerta dalapan puluh
taun lilana.
31 Sanggeus Ehud, nu jadi pamingpin teh
Samgar bin Anat, anu ngajait Israil ku jalan
ngabasmi genep ratus urang Pelisti ku iteuk
paranti ngagebahkeun sapi.
4 1 Sanggeus Ehud pupus, urang Israil
doraka deui ka PANGERAN.
2 Seug ku PANGERAN diselehkeun ka Yabin,
raja Kanaan anu marentahna di kota Hasor.
Panglima perangna ngaranna Sisera, cicingna
di Haroset Hagoyim.
3 Yabin kagungan salapan ratus kareta
perang tina beusi. Marentahna ka urang
Israil dua puluh taun, kacida kerasna jeung
bengisna. Urang Israil sasambat menta tulung
ka PANGERAN.
4 Harita anu ngurus urang Israil teh hiji nabi
istri jenengan Debora, istrina Lapidot.

5 Anjeunna biasa sok calik di handapeun hiji
tangkal korma, antara Ramah jeung Betel di
kota pagunungan Epraim. Urang Israil sok
daratang ka anjeunna menta bongbolongan.
6 Dina hiji poe anjeunna miwarang sumping
ka Barak bin Abinoam ti kota Kedes,
wewengkon Naptali. Saur Debora ka
anjeunna, "Ieu aya timbalan ti PANGERAN,
Allah Israil pikeun anjeun kieu, Kumpulkeun
10.000 urang jalma lalaki ti kaom Naptali
jeung Sebulun, bawa ka Gunung Tabor.
7 Engke Sisera, panglima angkatan perang
Yabin, ku Kami rek disina datang jeung
sabaladna katut kareta-kareta perangna, rek
merangan ka maneh di Walungan Kison. Tapi
maneh ku Kami baris dibere kaunggulan dina
eta perang."
8 Barak ngawalon, "Upami miosna sareng
Ibu, mangga. Upami teu sareng Ibu mah
moal mios."
9 Waler Debora, "Heug dibarengan ku Ibu.
Tapi ari kitu mah hidep moal aya kasebutna,
lantaran Sisera teh ku PANGERAN baris
diselehkeun ka leungeun hiji awewe." Ti dinya
Debora jengkar ka Kedes, nyarengan Barak.
10 Barak ngumpulkeun jelema ti kaom
Sebulun jeung Naptali, tuluy maju ka Kedes
diiring ku 10.000 urang, disarengan ku
Debora.
11 Kocap Heber urang Keni turunan Hobab
dahuan Musa tea, harita geus ngadegkeun

kemah deukeut hiji tangkal kiara di Saanaim,
misahkeun maneh ti urang Keni lianna.
12 Sisera geus nyahoeun yen aya Barak
unggah ka Gunung Tabor,
13 geuwat ngumpulkeun balad katut kareta
perangna anu salapan ratus, terus dikeprak ti
Haroset Hagoyim ka Walungan Kison.
14 Ari saur Debora ka Barak, "Maju!
PANGERAN anu mingpin hidep. Poe ieu Sisera
baris taluk ka hidep." Barak jeung sapuluh
rebu perjuritna turun ti Gunung Tabor.
15 Ari Sisera sabaladna kitu deui barisan
karetana, barang breg diambreg ku balad
Barak teh ku PANGERAN sina jadi pabaliut teu
paruguh. Sisera ngajleng tina karetana, tuluy
ngabecir kabur.
16 Balad jeung barisan karetana, ku Barak
diobrot nepi ka Haroset Hagoyim, di dinya
balad Sisera beak ditumpes taya nu ngari.
17 Ari Sisera kaburna muru ka pakemahan
Yael, bojo Heber urang Keni tea, dumeh
kulawarga Heber hirupna akur jeung Raja
Yabin ti Hasor.
18 Yael norojol mapagkeun Sisera bari
ngahaturanan linggih, pokna, "Mangga
Juragan, lebet. Teu kedah asa-asa." Sisera
asup, ku Yael dititah nyumput tukangeun
reregan.
19 Sisera ngomong, "Cik kami menta cai,
hayang nginum." Ku Yael diasongan cisusu,
regot diinum, tuluy sina nyumput deui.

20 Ceuk Sisera ka Yael, "Maneh tunggu di
lawang. Mun aya nu mapaykeun, bejakeun
euweuh sasaha."
21 Ku bawaning cape, reup Sisera sare tibra
pisan. Yael nyokot palu jeung pancuh kemah,
tuluy nyampeurkeun Sisera ati-ati pisan.
Jebrod palipisan Sisera dipaseuk ku talutug
kemah, dipancuhkeun kana taneuh.
22 Ti dinya Barak ngarongheap seja milarian
Sisera. Yael norojol mapagkeun bari haturan,
"Tingali geura, jalmi anu dipilarian ku Juragan
tea." Anjeunna asup ka jero kemah jeung
Yael, kasampak Sisera ngajoprak dina taneuh
geus teu nyawaan, palipisanana dipaseuk ku
pancuh kemah.
23 Poe eta PANGERAN maparin kaunggulan
ka urang Israil. Yabin raja Kanaan teh
kasoran.
24 Ku urang Israil hantem dibeberik nepi ka
ahirna binasa.
5 1 Poe eta Debora jeung Barak bin Abinoam
ngawihkeun ieu kidung:
2 Puji PANGERAN! Urang Israil geus milih
jurit, rahayat bungah, rampak maju andon
suka.
3 He raja-raja, darengekeun! He para kapala,
raregepkeun! Kami rek ngawih jeung nabeuh
bade ka lenggah Allah Israil, PANGERAN.
4 Nun PANGERAN, nalika Gusti jengkar
ti pagunungan Seir, majeng nilarkeun

wewengkon Edom, bumi genjlong, der hujan
turun ti langit, ngagurujug tina mega.
5 Gunung-gunung araringgeung, payuneun
Gustining Sinai payuneun PANGERAN Allahna
Israil.
6 Keur jaman Samgar bin Anat, keur jaman
Yael, ieu tanah tara disorang deui ku kapilah,
nu lalumaku jalanna ka pasisian.
7 Kota-kota di Israil eusina suwung, Debora!
Parongpong karosong. Ti dinya jol anjeun
sumping, lir indung pikeun Israil.
8 Der di dinya aya perang, dumeh Israil
nyembah ka allah nu anyar. Ti antara opat
puluh rebu urang Israil, na aya nu maju, top
kana tameng atawa top kana tumbak?
9 Hate kuring tibelat ka para panglima Israil,
kagagas ku rahayat anu maju andon suka.
Puji PANGERAN!
10 Pek hal eta caritakeun ku aranjeun, he
anu tarumpak kalde bodas, he anu dariuk
dina sela, he aranjeun, nu tuman leumpang
badarat!
11 Tah dengekeun, jalma-jalma galecok
deukeut tampian-tampian, nyaritakeun
kaunggulan PANGERAN, nya kaunggulan-
kaunggulan rahayat Israil! Ti dinya umat
PANGERAN budal ti kota-kotana.
12 Pingpin, Debora, pingpin! Pingpin!
Kawihkeun kidung! Pingpin! Maju, Barak bin
Ahinoam, maju giringkeun para tawanan
anjeun!

13 Jalma-jalma anu saratia daratang
ka pamingpin-pamingpinna. Umat Allah
dararatang ka Anjeunna, tararandang seja
perang.
14 Daratangna ti Epraim, marudun ka lebak,
nuturkeun kaom Binyamin, nu geus ngerid
rahayatna. Tuh deui para panglima, daratang
ti Makir, sarta para perwira, geus murubul ti
Sebulun.
15 Para kokojo kaom Isaskar daratangna
jeung Debora. Enya, Isaskar, kitu deui Barak,
seug ditaluturkeun, marudun ka lebak. Tapi
kaom Rubin mah ngarancabang antara milu
jeung moal.
16 Anggur ngajarentul tukangeun domba-
dombana. Naha arek ngadon ngadengekeun
sora pangangon nyalukan domba-dombana?
Enya kaom Rubin teh ngarancabang antara
milu jeung moal.
17 Kaom Gad ge jongjon bae di peuntas
wetan Walungan Yordan. Kaom Dan ukur
ngawaskeun ti kapal. Kaom Aser jongjon bae
di basisir, tingjarentul sisi laut.
18 Teu cara kaom Sebulun, teu cara
kaom Naptali, ieu mah tararega kana pati,
tarandang di medan perang.
19 Di Taanak, sisi Walungan Megido, raja-raja
rame tarung, raja-raja Kanaan tarurun
perang, parandene taya anu ngarampas
barang perak.

20 Di langit, bentang-bentang milu perang,
tingjorelat di awang-awang merangan Sisera.
21 Musuh beresih, palid ku banjir Walungan
Kison, walungan anu biasana leuleuy. Kami
baris maju terus, maju kalawan gagah
perkosa!
22 Sora lumpatna kuda tingberetek,
talapokna nejehan taneuh.
23 "Sumpahan Meros," lahiran malaikat
PANGERAN, "sumpahan jelema-jelemana,
lantaran taya nu datang ngabantu
PANGERAN, henteu jaradi perjurit, teu milu
tarung ngabantu Mantenna."
24 Yael, wanita nu pangbagjana. Eta bojo
Heber bangsa Keni, wanita pangeusi kemah
nu pangbagjana.
25 Sisera menta cai, ana sok cisusu, susu
kekentelna, dina pinggan anu endah.
26 Leungeunna nu sabeulah ceg kana pancuh
kemah, sabeulah deui ceg kana palu. Jebrod
sirah Sisera dipancuh, palebah palipisanana.
27 Bru Sisera ngarumpuyuk, ngarempeyek
dina suku Yael, di dinya ngarumpuyukna, nya
di dinya ngajoprakna, paeh henteu obah deui.
28 Indung Sisera ngalelengo, ngalong ti
tukangeun sarigsig jandela, bari pokna,
"Naha si ujang karetana acan datang, kudana
acan aya rentang-rentang?"
29 Dijawab ku inang nu pangpinterna,
manehna oge ngalilipur maneh, mani pok
deui, pok deui,

30 "Panginten nuju babagi, babagi heula
barang jarahan, keur babagi mojang ka
para perjurit, anu hiji, anu dua. Keur Sisera,
anggoan nu arendah, kaen songket keur
anggoeun prameswari."
31 Mugi sadaya musuh Gamparan, paehna
sing cara kitu, nun PANGERAN. Mugi sadaya
mitra Gamparan, maloncorong lir ibarat surya
medal! Geus kitu tanah Israil teh kerta, opat
puluh taun lilana.
6 1 Urang Israil daroraka deui ka PANGERAN.
Seug ku Mantenna diselehkeun ka urang
Midian, meunang tujuh taun.
2 Urang Midian kacida kumawasana ka urang
Israil, nepi ka urang Israil nyararumput ka
guha-guha atawa tempat-tempat di pasir anu
kira-kira baris aman.
3 Saban urang Israil rek pepelakan, urang
Midian daratang ngurutug jeung urang
Amalek sarta jeung suku-suku bangsa gurun
keusik.
4 Maranehna ngahaja nyarieun pakemahan
di wewengkon Israil, seug ngagalaksak
kana pepelakan urang Israil nepi ka Gasa
di wewengkon kidul. Domba, sapi, kalde
jeung naon bae tatali hurip urang Israil, ku
maranehna teu aya nu dikarikeun.
5 Ana daratang mani nakleuk kawas simeut,
jeung ingon-ingonna, malah marawa kemah
sagala. Jelema jeung ontana geus lain

itungeun ku loba-lobana, wungkul arek
ngaruksak ka tanah urang Israil.
6 Urang Israil teu bisa nanaon.
7 Seug urang Israil sasambat ka PANGERAN,
menta tulung hayang leupas ti urang Midian.
8 Lajeng PANGERAN ngutus hiji nabi,
ngemban timbalan PANGERAN Allahna Israil,
kieu, "Kami geus ngaluarkeun maraneh ti
Mesir.
9 Geus ngaluputkeun maraneh ti urang Mesir,
kitu deui ti jelema-jelema anu merangan
ka maraneh di ieu tanah. Maranehna ku
Kami geus diusir ti ieu tanah waktu ku
maraneh diperangan, sarta tanahna ku Kami
diserenkeun ka maraneh.
10 Dawuhan Kami, Kami teh PANGERAN Allah
maraneh. Maraneh ulah nyembah ka aallahan
urang Emor, anu tanahna ku maraneh di
cicingan. Tapi maraneh henteu nurut ka
Kami."
11 Geus kitu, sumping malaikat PANGERAN
ka kota Opra, calik di handapeun tangkal
kiara bogana Yoas ti kaom Abieser. Harita
putra Yoas, Gidion, keur susulumputan ngirik
gandum di tempat meres anggur, sieuneun
kanyahoan ku urang Midian.
12 Malaikat PANGERAN teh nembongan ka
anjeunna, sarta ngandika, "He nu gagah,
PANGERAN nyarengan ka maneh!"
13 Mihatur Gidion, "Juragan, sim abdi
unjuk tumaros. Upami yaktos PANGERAN

nyarengan, geuning sim abdi dugi ka
ngalaman kieu! Mana mujijat-mujijat
Mantenna anu sok dicarioskeun ka sepuh-
sepuh teh, anu majar pohara ajaibna waktos
Mantenna ngaluarkeun aranjeunna ti Mesir!
Ayeuna abdi sadaya ku PANGERAN diantep
kieu, hirup kumaha urang Midian."
14 Ari timbalan PANGERAN, "Jung ka ditu
gunakeun tanaga maneh nu rosa teh,
leupaskeun Israil ti urang Midian. Kami
pribadi anu miwarang."
15 Gidion ngawangsul, "Kumaha petana abdi
ngaleupaskeun Israil teh? Di kaom Menase,
golongan abdi teh panghengkerna, sareng di
kulawargi, abdi teh sanes jalmi penting."
16 Ngawaler PANGERAN, "Maneh tangtu
sanggup, sabab Kami tangtu ngabantu.
Bakal babari bae maneh ngabasmi urang
Midian teh, moal beda ti ngelehkeun musuh
saurang."
17 Wangsul Gidion, "Manawi sapuk, abdi
nyuhunkeun tawis yen Juragan teh leres
PANGERAN.
18 Mugi ulah waka angkat, abdi bade
ngahaturanan tuang heula." Ari walerana-Na,
"Heug Kami tunggu nepi ka maneh ka dieu
deui."
19 Tuluy Gidion ka bumina, meuncit embe
ngora, tuluy diolahkeun. Ti dinya nyiuk tipung
sapuluh kilo didamel roti teu make ragi.
Dagingna diwadahan kana tetenong, kuahna

diwadahan kana panci, tuluy dicandak kana handapeun tangkal kiara, dihaturkeun ka malaikat PANGERAN.
20 Malaikat ngalahir, "Teundeun eta daging jeung roti di dinya dina cadas, tuluy banjur ku kuahna." Ku Gidion ditumutkeun.
21 Malaikat PANGERAN netelkeun tetekenna kana eta daging jeung roti nepi ka ledis. Gur tina eta cadas bijil seuneu, ngaduruk eta daging jeung roti. Geus kitu les malaikat teh ngaleungit.
22 Ayeuna Gidion yakin yen anu katingal tadi teh enya malaikat PANGERAN. Anjeunna kacida reuwaseunana, pok misaur, "PANGERAN Nu Maha Agung! Abdi cilaka, parantos adu hareupan sareng malaikat PANGERAN!"
23 Tapi PANGERAN ngadawuh ka anjeunna, "Sing teger. Ulah sieun-sieun. Maneh moal nepi ka paeh."
24 Ti dinya Gidion ngadamel altar kanggo PANGERAN, altarna dingaranan "PANGERAN Sumber Rahayu". (Eta altar tetep aya di Opra, kapiboga ku urang Abieser.)
25 Peutingna PANGERAN nimbalan ka Gidion, "Cokot sapi jalu bapa maneh sahiji, jeung sahiji deui anu umur tujuh taun. Bongkar altar bapa maneh paranti muja ka Baal, tihang lambang Dewi Asera anu di gigireunana runtuhkeun.

26 Adegkeun di luhur eta tumpukan hiji altar,
rarancangna sing hade. Sapi anu kadua tea
sabelegerna duruk kurbankeun ka PANGERAN
dina eta altar, gunakeun tihang lambang Dewi
Asera anu geus diruntuhkeun jadi suluhna."
27 Tuluy Gidion nyandak badega sapuluh
urang; eta timbalan PANGERAN teh
dilaksanakeun. Ngalaksanakeunana ti
peuting, lantaran anjeunna sieuneun ku
kulawargina jeung ku jelema-jelema urang
desa eta.
28 Barang urang dinya harudang isuk-isuk,
nyampak altar Baal geus dibongkar, tihang
Dewi Asera geus runtuh, jeung dina altar
anyar aya sapi beunang ngaduruk.
29 Seug silih tanya pada batur, "Pagawean
saha ieu teh?" Sanggeus disusud, kanyahoan
yen jelemana teh Gidion putra Yoas.
30 Tuluy ceuk maranehanana ka Yoas, "Ka
dieukeun anak anjeun, rek dipaehan! Anak
anjeun geus ngaruksak altar Baal jeung
ngarubuhkeun tihang Dewi Asera!"
31 Jelema nu keur arambek teh ku Yoas
diwalon, "Aranjeun teh rek mihak ka Baal,
arek manglawankeun? Sing saha anu rek
ngabelaan Baal, isuk ieu keneh tangtu
dipaehan! Upama enya Baal teh allah, keun
sina ngabela dirina pedah altarna aya nu
ngabongkar."
32 Ti semet harita Gidion jadi katelah
Yerubaal, dumeh saur Yoas, "Upama enya

Baal teh allah, keun sina ngabela dirina,
pedah altarna aya nu ngabongkar."
33 Geus kitu urang Midian, urang Amalek
jeung suku-suku bangsa gurun keusik kabeh
kumpul, tuluy meuntasan Walungan Yordan,
seug mangkalan di Lebak Yisrel.
34 Ti dinya Roh PANGERAN tumerap ka
Gidion. Gidion niup tarompet, ngumpulkeun
urang Abieser.
35 Ti dinya anjeunna ngirim utusan-utusan
ka sakuliah daerah kaom Menase, boh nu
di wetaneun boh nu di kuloneun Walungan
Yordan, ngajak sangkan kaom Menase
babarengan jeung anjeunna. Ngirim deui
utusan-utusan ka kaom Aser, Sebulun jeung
Naptali, sarta maranehna oge daratang
ngahiji jeung anjeunna.
36 Piunjuk Gidion ka Allah, "Gusti parantos
milih abdi kangge ngajait Israil.
37 Upami leres kitu, abdi ayeuna bade
neundeun bulu domba dina tempat pangirikan
tea. Saupami enjing eta bulu lantis ku ibun
tur taneuhna tetep tuhur, nembe abdi yakin
yen Gusti leres ngersakeun abdi geusan
ngaleupaskeun Israil."
38 Nya kitu kajadianana. Isukna, barang
Gidion tanghi kapendak eta bulu domba teh
cipruk ku ciibun. Ku Gidion dipeureut, caina
ngucur aya kana samangkokeun.
39 Gidion miunjuk ka Allah, "Mugi Gusti
ulah bendu, sim abdi bade unjukan deui.

Nyuhunkeun widi nyobi sakali deui ku ieu
bulu. Panuhun teh nu baseuhna taneuhna,
buluna tetep garing."
40 Peuting eta Allah midamel kitu. Isukna
bulu teh tetep garing, ari taneuhna baseuh ku
ciibun.
7 1 Dina hiji poe, isuk-isuk Gidion sabaladna
geus tarapti, tuluy masang kemah
di sumber cai Harod. Ari urang Midian
pakemahanana di hiji lebak kalereunana, di
Pasir More.
2 Dawuhan PANGERAN ka Gidion, "Balad teh
loba teuing. Kami moal nyelehkeun urang
Midian ka maranehna. Bisi pajarkeun elehna
teh ku maranehanana sorangan, ari Kami teu
disebut-sebut.
3 Embarkeun kieu, Anu ngarasa miris
meunang balik, sesana baris tetep di dieu, di
Gunung Gilad." Nu baralik aya dua puluh dua
rebu urang, nu kari ngan sapuluh rebu urang.
4 Dawuhan PANGERAN ka Gidion, "Sakitu
ge masih keneh loba teuing. Bawa ka cai,
ku Kami rek dipilih di dinya nu baris tetep
jeung maneh. Upama ceuk Kami tah nu eta
meunang milu, meunang milu. Upama ceuk
Kami teu meunang milu, teu meunang."
5 Gidion nyandak baladna ka cai. PANGERAN
ngadawuh, "Anu ngarinumna diletak ku letah
kawas anjing, pisahkeun ti nu ngarinumna
bari dareku."

6 Aya tilu ratus urang anu nyedok cai ku
dampal leungeunna terus diletakan; anu
sejenna mah ngarinumna bari dareku.
7 Dawuhan PANGERAN, "Eta nu tilu ratus
urang, anu ngarinumna diletak, ku Kami rek
sina mantuan maneh pikeun ngelehkeun
urang Midian. Nu sejenna sina baralik."
8 Maranehanana ku Gidion dipiwarang
baralik, kajaba anu tilu ratus urang. Ari
bekelna jeung tarompetna ti nu baralik tea
dicokot. Di lebakeunana pakemahan urang
Midian.
9 Peutingna PANGERAN nimbalan ka Gidion,
"Geura pek rurug pakemahan musuh. Ku
Kami rek diselehkeun ka maneh.
10 Bisi maneh hamham keneh, jig turun ka
ditu jeung badega maneh si Pura.
11 Engke ku maneh kadenge kumaha
omong-omonganana, tangtu wawanen
maneh timbul geusan ngarurug." Ti dinya
Gidion mudun jeung Pura, badegana, ka sisi
pakemahan musuh.
12 Urang Midian, urang Amalek, jeung
suku-suku bangsa gurun keusik, mani
ngabarak saluluar lebak lir simeut lobana, nya
kitu deui ontana, lobana lir keusik di basisir.
13 Barang sumping, Gidion ngadangu aya
nu keur nyaritakeun impianana ka baturna,
pokna, "Leuh kuring ngimpi, aya roti gandum
ngagorolong ka lebah urang, jedak neunggar

hiji kemah, bru kemahna rubuh mani rata
jeung taneuh."
14 Jawab baturna, "Moal salah eta teh
pedang Gidion bin Yoas urang Israil! Moal
salah deui! Urang Midian jeung urang sarerea
tangtu eleh, diselehkeun ka manehna ku
PANGERAN!"
15 Ngadangu anu nyaritakeun impian kitu
jeung pihartieunana, brek Gidion tapak
deku, sembah bakti ka Allah. Tuluy mulih ka
pangkalan Israil. Geus kitu saurna, "Geura
sadia. Balad Midian tan wande diselehkeun ku
PANGERAN ka aranjeun!"
16 Seug balad teh ku anjeunna dibagi tilu
bagian, tiap perjurit mawa tarompet jeung
kendi wadah obor.
17 Saurna deui, "Upama kami geus aya di
tungtung pangkalan itu, awaskeun tuluy
sapeta-peta kami tiru.
18 Upama gundukan kami niup tarompet,
tembalan ku tarompet maraneh ti
sakurilingeun pakemahan musuh, tuluy
surak, Demi PANGERAN jeung demi Gidion!"
19 Memeh tengah peuting Gidion jeung
saratus jalmana geus narepi ka sisi
pakemahan musuh, meneran anu jaga di
dinya kakara cikeneh digilir. Maranehna
tuluy bareng nariup tarompet jeung
mareupeuskeun kendi-kendi bawana tea.
20 Diturutan ku nu dua bagian deui.
Obor-obor dicangking ku leungeun kenca,

leungeun katuhu nyangking tarompet, ger surak, "Pedang demi PANGERAN jeung demi Gidion!"
21 Tiap perjurit nangtungna di tempat masing-masing sakurilingeun pakemahan musuhna. Musuh pating gurubug lalumpatan teu paruguh bari pating gorowok.
22 Sabot balad Gidion nariup tarompet, musuh ku PANGERAN disina silih babad pada baturna ku pedang. Tuluy maranehna kalabur nepi ka Bet Sita, tebeh Sartan, jeung nepi ka kota Abel Mehola deukeut Tabat.
23 Gancang urang Israil ti kaom Naptali, kaom Aser jeung dua kaom Menase dikeprak sina ngarudag urang Midian.
24 Jeung deui Gidion terus ngutus jelema sina ngider ka sakuliah daerah pagunungan Epraim nguwaran kieu, "Geura tarurun! Pegat urang Midian! Piheulaan ka Walungan Yordan jeung ka sumber-sumber cai nepi ka Bet Bara. Pegat urang Midian ulah nepi ka mareuntas." Urang Epraim kabeh dikeprak, tuluy maregat di Walungan Yordan jeung sumber-sumber cai nepi ka Bet Bara.
25 Maranehna bisa newak dua gegedug Midian, ngaranna Oreb jeung Seeb. Geus kitu Oreb dipaehan di Cadas Oreb, ari Seeb dipaehan di Pameresan Anggur Seeb. Ti dinya maju deui ngudag urang Midian. Sirah Oreb jeung Seeb dibawa sarta diserenkeun ka Gidion anu geus aya di Yordan peuntas wetan.

8 [1] Geus kitu urang Epraim ngaromong
ka Gidion, "Anjeun merangan urang
Midian ku naon teu ngajak-ngajak? Asa
teungteuingeun pisan anjeun ka kuring teh!"
Maranehanana kacida ngarasa tugenahna.
[2] Ari saur Gidion, "Eta beubeunangan kuring,
lamun dibandingkeun jeung beubeunangan
aranjeun nu enggeus-enggeus, teu aya pisan
hartina. Anu geus dipigawe ku aranjeun kaom
Epraim, sanajan nu pangleutikna oge, leuwih
gede hargana ti batan anu ayeuna dilakonan
ku kaom kuring, kaom Abieser.
[3] Turug-turug ku berkahna kakawasaan
Allah, aranjeun geus hasil niwaskeun
dua gegedug Midian, Oreb jeung Seeb.
Dibandingkeun jeung eta, beubeunangan
kuring mah naon hartina?" Dijawab kitu mah
lemper napsuna urang Epraim teh.
[4] Gidion jeung tilu ratus baladna geus nepi
ka Walungan Yordan, geus mareuntas. Kacida
carapeeunana teh, tapi terus bae ngudag
musuh.
[5] Barang narepi ka desa Sukot, Gidion
misaur ka urang dinya, "Cik ieu balad kuring
bere dahar saeutik mah, geus lalungseeun.
Mangkaning keur ngudag Raja Sebah jeung
Raja Salmuna, rajana urang Midian."
[6] Kapala-kapala urang Sukot ngajawab,
"Naha make kudu dibere dahar sagala? Nu
diudagna oge, Sebah jeung Salmuna acan
katewak."

7 Waler Gidion, "Kitu, kitu! Engke, ana Sebah
jeung Salmuna geus diselehkeun ka kami ku
PANGERAN, aranjeun rek dibabukan ku cucuk
jeung pulus meunang ngala ti gurun keusik!"
8 Gidion kebat maju ka Penuel. Ka urang
dinya oge anjeunna mundut kitu cara ka
urang Sukot. Tapi jawabanana oge sarua
jeung urang Sukot.
9 Ku sabab kitu saur Gidion ka
maranehanana, "Lamun kami engke
mulang deui kalawan sehat sarta salamet,
eta munara maraneh engke ku kami rek
dirugrugkeun!"
10 Sebah jeung Salmuna sabaladna araya
di Karkor. Baladna, suku-suku bangsa gurun
keusik tea ngan kari 15.000 urang deui;
120.000 serdaduna geus tiwas.
11 Gidion majuna nyandak jalan anu malipid
ka gurun keusik, wetaneun Nobah jeung
Yogbeha. Der balad musuh teh didodoho,
ditarajang.
12 Dua rajana, Sebah jeung Salmuna kabur,
tapi terus diudag sarta beunang ditawan,
baladna paburisat.
13 Waktu Gidion mulih jurit, nyandak jalan
anu ka Heres,
14 anjeunna nangkep hiji budak ngora urang
Sukot lajeng dipariksa. Seug eta budak ngora
teh nuliskeun sakabeh ngaran kapala urang
Sukot. Kabehna aya tujuh puluh tujuh urang.

15 Ti dinya Gidion sumping ka Sukot, sarta
kieu saurna ka urang dinya, "Maraneh kamari
ieu nolak pamenta kami. Aringet keneh? Ceuk
maraneh, balad kami anu geus lalungse teh
teu perlu dibere dahar, dumeh Sebah jeung
Salmuna acan katewak. Tah ieu Sebah jeung
Salmuna!"
16 Ti dinya anjeunna nyandak cucuk jeung
pulus anu ti gurun keusik tea, dianggo
ngababukan kapala-kapala urang Sukot.
17 Kitu deui munara anu di Penuel tea ku
anjeunna dirugrugkeun, sarta sakabeh lalaki
urang dinya ditumpes.
18 Gidion mariksa ka Sebah jeung Salmuna,
"Kumaha perkara jelema-jelema anu ku
maraneh dipaehan di Tabor?" Jawabna,
"Rupana sarua jeung anjeun, ulatna ulat anak
raja."
19 Saur Gidion, "Eta teh dulur-dulur kami,
dulur-dulur saindung. Lamun heug ku
maraneh teu dipaehan mah kami sumpah,
maraneh oge ku kami moal nepi ka dipaehan."
20 Geus kitu anjeunna miwarang Yeter,
putrana anu cikal, saurna, "Paehan ku hidep
eta dua raja teh!" Tapi putrana henteu
terus nyabut pedang. Asa-asa, kawantu
murangkalih keneh.
21 Ari ceuk Sebah jeung Salmuna ka Gidion,
"Atuh ku anjeun bae sorangan kuring teh
paehan. Da eta mah pagawean kolot." Tuluy
maranehanana ku Gidion dipaehan. Ari

perhiasan-perhiasanana anu disimpen dina
beuheung ontana ku Gidion dirampas.
22 Geus kitu urang Israil mihatur ka Gidion,
"Anjeun bae atuh nyepeng pamarentahan,
anjeun saturun tumurun. Anjeun parantos
ngabebaskeun kuring ti urang Midian."
23 Waler Gidion, "Kuring teu hayang jadi
pamingpin. Anak kuring oge moal daekeun.
PANGERAN bae pamingpin aranjeun mah."
24 Tapi saurna deui, "Tapi aya sarupa
pamenta kuring, nya eta anting-anting
beunang aranjeun ngajarah tea." (Urang
Midian memang mararake anting emas,
sakumaha galibna bangsa-bangsa gurun
keusik lianna.)
25 Ceuk maranehanana, "Mangga seja
kasanggakeun, suka lilah pisan." Bar
maranehanana ngamparkeun sagebar lawon,
tuluy anting-anting jarahan teh diteundeunan
ka dinya.
26 Beuratna anting-anting anu katampa
ku Gidion meh dua puluh kilogram, jaba
perhiasan-perhiasan, kongkorong, jeung
jubah wungu urut raja Midian kitu deui
kongkorong-kongkorong onta.
27 Eta emas ku Gidion didamel arca
sesembahan, dipernahkeunana di desana,
di Opra. Ti dinya urang Israil mungkur ti
Allah tuluy nyembah ka eta arca. Gidion
sakulawargina jadi kasasabkeun ku eta arca.

28 Urang Midian geus eleh ku urang Israil,
geus teu mangrupa deui ancaman. Ti dinya
tanah teh kerta opat puluh taun lilana, nepi
ka Gidion pupus.
29 Gidion geus mulih ka desana, tetep
tumetep calikna di dinya.
30 Putrana aya tujuh puluh, kawantu
geureuhana loba.
31 Di Sekem ge aya selirna saurang. Ti
eta selir kagungan putra hiji, jenenganana
Abimelek.
32 Gidion putra Yoas pupus dina yuswa
kacida sepuhna, dikurebkeunana di makam
Yoas ramana, di Opra, desa kaom Abieser.
33 Sanggeus Gidion pupus, urang Israil
henteu satia deui ka Allah, ngabarakti ka
Baal-baal. Maranehna nyieun Baal ngaranna
Baal Berit, eta anu ku maranehna dipiallah.
34 Maranehna geus tara ngabakti deui
ka PANGERAN Allahna, anu ngabelaan
maranehna ti sakabeh musuh di
sakurilingeunana.
35 Jeung taya pisan rasa tumarimana ka
kulawarga Gidion, najan anjeunna sakitu
bumelana ka urang Israil.
9 1 Abimelek putra Gidion, nepangan
wargi-wargi ibuna di Sekem,
2 mundut dipangnepikeun kasauranana anu
kieu ka urang Sekem, "Ari aranjeun naha
mending diparentah ku sakabeh anak Gidion
anu tujuh puluh, atawa ku saurang bae? Sing

inget, Abimelek teh getih daging aranjeun sorangan."
3 Kasauranana kitu ku wargi-wargi ibuna ditepikeun. Seug urang Sekem rempug milih Abimelek, dumeh ka baraya.
4 Abimelek ku maranehanana dibahanan duit tujuh puluh gebleg perak, beunang nyokot ti pura Baal Berit. Eta duit ku anjeunna dianggo nyewa jalma-jalma jahat dibawa sakait.
5 Ti dinya anjeunna angkat ka bumi ramana di Opra. Saderek-saderekna anu tujuh puluh, putra-putra Gidion, ku anjeunna dipeuncitan hiji-hiji di dinya, dina hiji batu. Tapi aya saurang anu lolos, nya eta Yotam putra Gidion anu bungsu, lantaran nyumput.
6 Geus kitu urang Sekem jeung urang Bet Milo kumpul di Sekem, handapeun tangkal kiara karamat, rek ngangkat Abimelek jadi rajana.
7 Sanggeus hal eta kadangu ku Yotam, anjeunna unggah ka Gunung Gerisim, ngagero kieu ka maranehna ti puncak, "Eh urang Sekem, darengekeun ieu kuring, sarta muga-muga aranjeun oge didangu ku Allah!
8 Sakali mangsa tatangkalan baradami arek milih pirajaeunana. Pok marenta ka tangkal jetun, Anjeun bae jadi raja.
9 Tangkal jetun ngajawab, Ari kudu marentah ka aranjeun mah kuring teh kudu eureun ngabijilkeun minyak, heug eta teh paranti ngahormat dewa-dewa jeung manusa.

10 Ti dinya tatangkalan teh marenta ka
tangkal kondang, Anjeun bae jadi raja.
11 Jawab tangkal kondang, Ari kudu
marentah ka aranjeun mah kuring teh kudu
eureun bubuah, heug buah kuring teh kacida
amisna.
12 Tuluy tatangkalan teh marenta ka tangkal
anggur, Anjeun bae jadi raja.
13 Jawab tangkal anggur, Ari kudu marentah
ka aranjeun mah kuring teh kudu eureun
bubuah, heug eta teh paranti ngagumbirakeun
dewa-dewa jeung manusa.
14 Ku sabab kitu tatangkalan teh marenta ka
rungkun cucuk, Anjeun atuh jadi raja.
15 Jawab rungkun cucuk, Heug! Ari enya-
enya mah hayang dirajaan ku kami. Pek
geura ngariuhan di handapeun iuh-iuh kami.
Tapi awas lamun henteu enya-enya, ieu
regang-regang kami anu pinuh ku cucuk baris
ngabijilkeun seuneu, terus ngahuru leuweung
kiputri di Libanon."
16 "Ayeuna," saur Yotam deui, "naha
enya aranjeun milih Abimelek jadi raja teh
kalawan maksud anu jujur tur hade? Seja
ngahargaan kana jasa-jasa Gidion, seja
narima kulawargina sakumaha layakna,
satimbang jeung jasa-jasa Gidion?
17 Sing inget, bapa kuring geus tarung
kalawan nekad ngabelaan aranjeun, geus
bibilasan naruhkeun nyawa keur ngajait
aranjeun ti urang Midian.

18 Kari-kari poe ieu aranjeun malik
ngamusuh ka kulawarga bapa kuring. Tujuh
puluh putrana ku aranjeun dipeuncitan
hiji-hiji dina luhur batu anu eta-eta keneh,
anu sahiji! Eta anak selir bapa kuring anu
ngaran Abimelek, ku aranjeun dijieun raja di
Sekem, pedah baraya!
19 Lamun enya tea mah poe ieu aranjeun
boga tekad anu lempeng sarta jujur ka
Gidion jeung ka kulawargana, heug masing
bagja boga raja Abimelek, kitu deui Abimelek
masing senang ngarajaanana ka aranjeun.
20 Tapi lamun henteu kitu muga-muga ti
Abimelek sing bijil seuneu anu ngahuru ka
aranjeun urang Sekem jeung urang Bet
Milo, sarta muga-muga ti urang Sekem
jeung urang Bet Milo masing bijil seuneu nu
ngaduruk Abimelek nepi ka beakna."
21 Geus kitu, ku bawaning sieun ka Abimelek
saderekna, Yotam terus kabur ka Beer, sarta
calik di dinya saterusna.
22 Ari Abimelek marentahna ka urang Israil
meunang tilu taun.
23 Ku kersaning Allah, Abimelek jeung urang
Sekem jadi silih satru, urang Sekem barontak
ka anjeunna.
24 Kitu kajadianana, kajahatan Abimelek
jeung urang Sekem anu ngabantu anjeunna
meuncitan tujuh puluh putra-putra Gidion,
ayeuna meunang wawales.

25 Urang Sekem nyieun tempat pamegatan
di puncak-puncak gunung, pikeun nangkep
Abimelek. Sakur anu ngaliwat ka dinya
ku maranehna dirampog. Hal ieu geus
diunjukkeun ka Abimelek.
26 Geus kitu ka Sekem aya anu daratang,
Gaal bin Ebed jeung dulur-dulurna, sarta
maranehna dipercaya ku urang Sekem.
27 Maranehanana arasup ka kebon anggur
urang Sekem, mupu buahna tuluy diperes
diparake sukan-sukan. Los deui ka kuil dewa
urang dinya, ngadon dalahar, ngarinum bari
susumbar ngahina ka Abimelek.
28 Kieu ceuk Gaal, "Urang di Sekem teh jadi
naon? Na make kudu ngabdi ka Abimelek?
Saha saenyana eta jelema teh? Anak Gidion!
Ari Sebul wakilna di dieu, ngawula ka dinya.
Urang mah keur naon ngawula ka dinya? Rek
ngawula mah ka Hemor karuhun urang, anu
ngarundaykeun kaom aranjeun!
29 Coba lamun kuring anu jadi kapala di dieu,
eta si Abimelek teh moal teu disingkahkeun!
Rek kieu kuring ngomong teh ka manehna,
Pek pepekan deui balad maneh, urang tarung,
urang ngadu kakuatan!"
30 Sebul, kapala pamarentah kota eta,
ngadenge ucap-ucapan Gaal kitu teh hatena
ngentab.
31 Tuluy ngirim utusan ka Abimelek anu
calikna di Aruma, mawa pesen kieu, "Aya
jalmi arasup ka Sekem, Gaal bin Ebed sareng

dulur-dulurna, ngangsonan jalmi-jalmi sina
ngalawan ka anjeun.
32 Anjeun engke wengi kedah jengkar sareng
perjurit, lajeng ngintip di tegal.
33 Enjingna wanci meletek srangenge
kedah ngadadak nyerang kota. Upami Gaal
sabaladna kaluar ngayonan, gempur sakiat
tanaga."
34 Seug Abimelek sabaladna jengkar
peuting-peuting, tuluy ngintip di luareun
Sekem. Baladna dibagi opat bagian.
35 Barang katembong Gaal kaluar sarta
ngajanteng di lawang kota, balad Abimelek
carengkat tina panyumputanana.
36 Katenjoeun ku Gaal, pok manehna
ngomong ka Sebul, "Tenjo! Itu loba
jelema tarurun ti puncak gunung." Walon
Sebul, "Eta mah lain jelema, kalangkang
gunung-gunung."
37 Gaal pok deui, "Tenjo! Itu loba jelema
tarurun ti poponclot gunung. Itu sabubuhan
deui turut-turut jalan ka dieukeun ti lebah
tangkal kiara paranti tukang-tukang torah!"
38 Ari ceuk Sebul, "Mana buktina omongan
anjeun anu sakitu suabanana teh? Kapan
ceuk anjeun keneh, keur naon urang make
kudu ngawula ka eta jelema anu ngaran
Abimelek. Tuh itu teh balad manehanana,
anu ku anjeun ditangtang tea. Papag ka ditu,
ayonan!"

39 Tuluy Gaal ngapalaan urang Sekem
ngayonan Abimelek.
40 Gaal kabur, tapi ku Abimelek diudag. Geus
loba baladna anu tararatu, kitu deui anu di
lawang kota.
41 Abimelek terus calik deui di Aruma. Ari
Gaal sadulur-dulur geus teu bisa ngancik deui
di Sekem, ditundung ku Sebul.
42 Poe isukna, kauninga ku Abimelek yen
urang Sekem rek ka taregal.
43 Seug anjeunna ngumpulkeun balad, dibagi
tilu bagian sina ngarintip di tegal. Barang
urang dinya kalaluar ti jero kota, anjeunna
bijil ti panyumputan rek mimiti ngagempur.
44 Sabot Abimelek jeung baladna maju
gagancangan rek megat di lawang kota, anu
dua pasukan deui narajang ka nu geus araya
di tegal. Anu ditarajang beak dipaehan kabeh.
45 Sanggeus tarung sapoe jeput, eta kota
geus beunang ku Abimelek, jelema-jelemana
dipaehan, kotana diacak-acak tuluy diawuran
ku uyah.
46 Barang pamingpin-pamingpin di benteng
Sekem ngadarenge hal eta, tuluy marubus
nyiar pisalameteun ka guha anu aya di jero
pura Baal Berit.
47 Abimelek geus dibejaan yen
maranehanana kumpul di dinya.
48 Seug anjeunna nanjak ka Gunung Salmon
jeung baladna. Anjeunna nyandak kampak
nutuh dahan kai tuluy dipanggul. Baladna oge

diparentah sina buru-buru nutuh dahan kai cara anjeunna.
49 Tiap perjurit nutuhan dahan kai,
tuluy naluturkeun ka Abimelek. Kai teh
dibegbregkeun dina liang guha nu keur
diparake nyumput, tuluy dihuru. Nu aya di
jero, anu lobana kira-kira sarebu urang, lalaki
jeung awewe, kabeh paraeh.
50 Ti dinya Abimelek ngepung kota Tebes,
sarta tuluy ditalukkeun.
51 Di eta kota aya hiji munara kacida
wewegna. Pangeusi kota eta, lalaki, awewe,
katut para pamingpinna lalumpatan ka dinya,
tuluy ngonci maneh di jero, naraek ka tempat
nu pangluhurna.
52 Barang datang ka dinya arek ngagempur
eta munara, Abimelek nanjak ngadeukeutan
pantona, maksudna eta panto rek dihuru.
53 Tapi ti luhur munara aya awewe
ngaragragkeun batu panggilingan, ninggang
kana sirahna nepi ka rengat.
54 Geuwat anjeunna nyaur budak ngora
purah mawa pakarang anjeunna, pok
marentah, "Cabut eta pedang, sabetkeun ka
kami. Kami embung kasebutkeun paeh ku
awewe." Seug budak ngora teh narajang ka
anjeunna, seug anjeunna maot.
55 Sanggeus kanyahoan Abimelek maot,
urang Israil baralik ka imah-imahna.
56 Ku jalan kitu Allah ngabales kajahatan
Abimelek anu geus hianat ka ramana,

meuncitan saderek-saderekna anu tujuh puluh tea.
57 Kitu deui kajahatan urang Sekem ku Allah dibales. Maranehna jadi salangsara, cocog jeung ucapan Yotam putra Gidion waktu nyumpahan ka maranehanana.
10 1 Sanggeus Abimelek maot, Tola bin Pua putu Dodo jadi pamingpin, ngabebaskeun Israil. Anjeunna asal ti kaom Isaskar, calikna di Samir di daerah pagunungan Epraim.
2 Dua puluh tilu taun lilana anjeunna jadi pamingpin di Israil, tuluy pupus sarta dikurebkeun di Samir.
3 Sanggeus Tola, urang Israil dipingpin ku Yair urang Gilad. Jadi pamingpinna meunang dua puluh dua taun.
4 Anjeunna kagungan tilu puluh putra pameget anu tarumpak kalde. Putra-putrana kagungan tilu puluh kota di tanah Gilad, anu nepi ka ayeuna disebut desa-desa Yair.
5 Yair pupus sarta dikurebkeun di Kamon.
6 Urang Israil geus dosa deui ka PANGERAN, nyarembah ka dewa-dewa Baal jeung ka Astoret, kitu deui ka allah-allahna urang Siria, urang Sidon, urang Moab, urang Amon jeung urang Pelisti. Geus malungkur ti PANGERAN, henteu ngabakti deui ka Mantenna.
7 Ku lantaran kitu PANGERAN bendu ka urang Israil, tuluy maranehanana diselehkeun ka urang Pelisti jeung ka urang Amon.

8 Dalapan belas taun lilana ieu dua bangsa
ngagencet jeung nganiaya urang Israil nu
maratuh di kotana urang Emor wetaneun
Walungan Yordan di tanah Gilad.
9 Malah urang Amon mah nepi ka meuntasan
Yordan merangan ka kaom Yuda, kaom
Binyamin jeung kaom Epraim. Israil kacida
ngarasa prihatinna.
10 Seug urang Israil teh sasambat ka
PANGERAN, bari kieu piunjukna, "Abdi sadaya
rumaos dosa, parantos mungkur ti Gusti,
Allah abdi sadaya, ngabakti ka Baal-baal."
11 Ngawaler PANGERAN ka maranehanana,
"Bareto maraneh teh dikaniaya ku urang
Mesir, urang Emor, urang Amon, urang Pelisti,
12 urang Sidon, urang Amalek jeung urang
Maon. Maraneh sasambat ka Kami. Lain
maraneh teh geus ditulungan ku Kami, leupas
ti maranehanana?
13 Parandene maraneh masih bae nukangan
ka Kami, ngabarakti ka allah-allah anu sejen.
Ku sabab eta Kami moal rek nulungan deui.
14 Ka ditu bae sasambat ka dewa-dewa
meunang maraneh milih tea. Keun sina
maranehna anu nulungan mun maraneh
meunang kasusah."
15 Tapi piunjuk urang Israil ka PANGERAN,
"Abdi sadaya rumaos dosa. Mangga sanaos
bade dikua-kieu oge, nanging mugi kersa
maparin pitulung ayeuna pisan."

16 Geus kitu, maranehanana henteu
ngabarakti deui ka allah-allah sejen, tapi
ngabarakti ka PANGERAN. Mantenna jadi
pohara ngangresna ku kaprihatinan Israil teh.
17 Geus kitu urang Amon natakeun balad
arek indit perang, mangkalan di Gilad. Urang
Israil kumpul, tuluy mangkalan di Mispa
wewengkon Gilad.
18 Di dinya para pamingpin kaom-kaom Israil
silih tanya, "Saha anu sanggup ngapalaan ieu
perang ngalawan urang Amon? Sing saha anu
sanggup, eta baris jadi kapala saeusi tanah
Gilad."
11 1 Aya hiji prajurit anu leber ku
wawanen, jenenganana Yepta, putra
Gilad ti hiji awewe palacuran.
2 Ti geureuhana anu sah anjeunna kagungan
sababaraha putra. Sanggeus sawawa,
aranjeunna nyesedek sangkan Yepta ingkah.
Salaurna, "Maneh mah moal meunang
warisan naon-naon ti bapa kami; maneh mah
teu saindung."
3 Yepta ingkah ti saderek-saderekna, tuluy
calik di tanah Tob. Di dinya anjeunna narik
hate jalma-jalma jahat, anu tuluyna ngahiji
jeung anjeunna.
4 Heuleut sawatara lila, urang Israil
diperangan ku urang Amon.
5 Barang mimiti der, para pamingpin Gilad
arangkat ka tanah Tob ngangkir Yepta.

6 Salaurna, "Mugi anjeun kersa mingpin
perang malar urang kuat ngayonan urang
Amon."
7 Ari saur Yepta, "Ongkoh bareto aranjeun
sakitu mikangewana ka kuring, nepi ka tega
nyingkahkeun kuring ti imah bapa. Ayeuna
keur meunang kasusah, wet daratang ka
kuring."
8 Walon aranjeunna ka Yepta, "Leres kitu,
maksad teh seja ngajak, mugi kersa ngiring
merangan urang Amon, mingpin sadaya
urang Gilad."
9 Saur Yepta ka aranjeunna, "Upama kuring
kudu balik pikeun merangan urang Amon,
tur engke ku PANGERAN dikersakeun unggul,
kuring menta supaya jadi kapala aranjeun."
10 Walonna, "Mangga satuju. PANGERAN
saksina."
11 Yepta tuluy ngiring ka para pamingpin
Gilad, ku urang Gilad tuluy diangkat jadi
kapala jeung pamingpin. Seug Yepta
ngadamel sarat-saratna di Mispa, di payuneun
PANGERAN.
12 Yepta ngutusan ka raja Amon, ngemban
saur kieu, "Naon sababna anjeun narajang ka
tanah kuring?"
13 Ngawaler raja Amon ka eta utusan,
"Waktu urang Israil daratang ti Mesir geus
ngarampas tanah ti semet Walungan Arnon
nepi ka Walungan Yabok jeung Walungan

Yordan. Eta kudu dipulangkeun kalawan repeh-rapih."
14 Utusan teh ku Yepta diutus deui ka raja Amon,
15 ngemban waleran kieu, "Teu pisan-pisan urang Israil ngarampas tanah Moab atawa tanah Amon.
16 Kieu anu saenyana: Waktu urang Israil ninggalkeun Mesir, jalanna nyorang gurun keusik, terus ka Teluk Akaba, bras ka Kades.
17 Ti dinya ngutusan ka raja Edom, menta idin rek ngaliwat ka tanahna. Tapi raja Edom teu ngidinan. Ka raja Moab oge menta idin, tapi ku ieu ge teu diidinan ngaliwat ka tanahna. Urang Israil kapaksa ngendek di Kades.
18 Geus kitu urang Israil neruskeun lampahna nyorang gurun keusik, jalanna muteran tanah Moab jeung tanah Edom, seug nepi ka wetaneun tanah Moab peuntaseun Walungan Arnon beulah ditu. Seug sarta masang kemah di dinya. Tapi henteu nepi ka meuntasan eta walungan, lantaran nyaho eta mah geus wates tanah Moab.
19 Ti dinya urang Israil ngutusan ka Sihon, raja urang Emor di Hesbon, menta idin ngaliwat ka tanahna, arek terus ka tanah milikna sorangan.
20 Raja Sihon henteu ngidinan ka Israil, anggur ngumpulkeun baladna kabeh, sarta

masang kemah di Yahas, tuluy narajang ka Israil.
21 Tapi PANGERAN, Allahna Israil,
ngersakeun Israil unggul bisa ngelehkeun
Sihon sabaladna. Wewengkon urang Emor
satanah eta ku urang Israil dijabel,
22 terus dicaricingan ti semet Walungan
Arnon di beulah kidul nepi ka Walungan
Yabok di beulah kaler, ti semet gurun keusik
di beulah wetan, nepi ka Walungan Yordan di
beulah kulon.
23 Nya PANGERAN, Allahna Israil, anu ngusir
urang Emor pikeun umat-Na, urang Israil.
24 Naon sababna eta ayeuna ku anjeun
rek dicoba-coba dicokot deui? Pek eta
sagala pamere Kamos batara anjeun teh
ari rek dibelaan mah. Sabalikna kuring
oge wajib ngabelaan sagala rupa anu geus
dipaparinkeun ku PANGERAN Allah kuring.
25 Naha ceuk pangrasa anjeun, anjeun teh
leuwih hade ti batan Balak bin Sipor, raja
Moab? Na kungsi eta raja teh nangtang ka
Israil? Na kungsi anjeunna merangan ka
pihak kuring?
26 Geus tilu ratus taun Israil nyicingan
Hesbon jeung Arur katut pilemburan-
pilemburan sakurilingeunana, kitu deui
sakabeh kota anu pernahna di sisi-sisi
Walungan Arnon. Ku naon ku anjeun henteu
direbut dina mangsa-mangsa eta?

27 Henteu, kuring teu salah teu naon ka
anjeun. Sabalikna anjeun anu nyieun goreng
arek merangan. Mugi-mugi PANGERAN
anu jumeneng hakim, poe ieu nangtukeun
hukum-Na kana perkara urang Israil jeung
urang Amon."
28 Eta kasauran Yepta ku raja Amon henteu
dipirosea.
29 Geus kitu Roh PANGERAN tumerap ka
Yepta. Anjeunna angkat nyorang tanah Gilad
jeung tanah Menase, mulih deui nganggo
jalan ka Mispa di wewengkon Gilad, lajeng ka
tanah Amon.
30 Anjeunna kaluar nadar ka PANGERAN,
saurna, "Madak abdi ku anjeun dikersakeun
tiasa ngelehkeun urang Amon,
31 ana abdi wangsul unggul jurit, abdi
sumeja ngahaturkeun jalmi anu pangheulana
kaluar ti rorompok mapagkeun abdi. Eta bade
diduruk didamel kurban ka PANGERAN."
32 Geus kitu Yepta meuntasan walungan seja
merangan urang Amon. Kersaning PANGERAN
perangna unggul.
33 Urang Amon ku anjeunna dibabad ti
semet Arur nepi ka wewengkon sakurilingeun
Minit, dua puluh kota kabehna, malah terus
nepi ka Abel Keramim. Urang Amon dicacar
bebeakan, kasoran ku urang Israil.
34 Sanggeus Yepta sumping ka bumina di
Mispa, putrana anu geus parawan kaluar

mapagkeun, igel-igelan bari nabeuh terebang.
Eta teh putra tunggalna.
35 Barang Yepta ningali kitu, anjeunna
nyosoeh anggoan bawaning ku nalangsa,
sarta lahirna, "Aduh anaking! Ieu hate Ama
kiamat. Naha bet enung pisan anu ngajejewet
hate Ama teh? Ama teh geus sumpah ka
PANGERAN, teu bisa diletak deui."
36 Putrana ngawangsul, "Upami parantos
sumpah ka PANGERAN mah, mangga teh
teuing abdi pidamel sakumaha anu ku
Ama parantos diikrarkeun, margi Ama ku
PANGERAN parantos dikersakeun unggul iasa
ngelehkeun musuh Ama, urang Amon."
37 Saurna deui ka ramana, "Mung abdi aya
panuhun, nyuhunkeun tempo dua sasih bade
nepangan rerencangan, teras ngumbara ka
gunung-gunung, sumeja nyeungceurikan diri
sorangan, kedah maot parawan keneh."
38 Ku ramana seug dijurung, dipaparin waktu
dua bulan. Bral indit jeung batur-baturna ka
gunung-gunung, ngadon nangisan salira kudu
pupus memeh kagungan jodo, bujeng-bujeng
dugi ka puputra heula.
39 Sanggeus dua bulan, balik deui ka
ramana. Ku ramana dilakonan sakumaha anu
geus diikrarkeun ka PANGERAN. Nyi mojang
teh maot parawan keneh. Hal eta saterusna
jadi adat di Israil,
40 nya eta, unggal mojang saban-saban
taun kudu lunta heula opat poe, pikeun

nyeungceurikan putra awewe Yepta urang Gilad.

12 [1] Urang Epraim mangsa harita tandang arek perang, tuluy arindit meuntasan Walungan Yordan muru ka Sapon. Maranehna nyarita ka Yepta, "Ku naon maneh indit merangan urang Amon teh teu ngajak kuring? Ayeuna kuring rek ngaduruk maneh saeusi imah!"

[2] Ku Yepta diwaler kieu, "Basa urang Gilad jeung urang Amon paketrok nemen pisan, kuring menta tulung ka aranjeun ngabantu ngabebaskeun kuring jeung urang Gilad ti urang Amon, tapi aranjeun teu narulungan.

[3] Sanggeus terang yen aranjeun embung pipilueun, kuring nekad ngetohkeun nyawa, asup ka daerah musuh rek merangan. Ku karana PANGERAN, kuring bisa ngelehkeun musuh. Jadi naon sababna ayeuna aranjeun arek merangan ka kuring?"

[4] Geus kitu Yepta ngumpulkeun urang Gilad pikeun merangan urang Epraim. Urang Epraim eleh. (Eta urang Epraim geus ngomong kieu, "Maraneh urang Gilad di Epraim jeung di Menase, maraneh teh kakaburan ti Epraim!")

[5] Sangkan urang Epraim ulah aya nu lolos, tempat-tempat sisi Walungan Yordan anu kira-kira bisa dipake meuntas, ku urang Gilad direbut. Ana aya urang Epraim menta idin meuntas arek nyoba-nyoba kabur, ku urang

Gilad ditanya, "Maneh urang Epraim?" Upama jawabna, "Lain,"
6 terus dititah ngucapkeun "Syibolet". Urang Epraim ngucapkeunana teh "Sibolet", teu bisaeun bentes. Upama geus kitu eta jelema ditewak tuluy dipaehan di dinya keneh, di salah sahiji peupeuntasan Walungan Yordan. Harita urang Epraim anu diparaehan teh nepi ka opat puluh dua rebu jelema.
7 Yepta jenengna pamingpin di urang Israil meunang genep taun. Tuluy pupus, dikurebkeun di kota Mispa di Gilad.
8 Sanggeus Yepta, anu jadi hakim urang Israil teh Ibsan urang Betlehem.
9 Anjeunna kagungan tilu puluh putra lalaki, tilu puluh putra awewe. Putra-putrana nu awewe dijodokeunana ka urang kaom sejen. Ari ti kaom luar anjeunna nyandak tilu puluh mojang dijodokeun ka putra-putrana anu pameget. Ibsan ngapalaanana ka Israil meunang tujuh taun,
10 tuluy pupus sarta dikurebkeun di Betlehem.
11 Sanggeus Ibsan, anu jadi hakim urang Israil teh Elon ti Sebulun. Ngapalaanana meunang sapuluh taun,
12 tuluy pupus, dikurebkeun di Ayalon, di wewengkon Sebulun.
13 Sanggeus Elon, hakim urang Israil teh Abdon bin Hilel ti Piraton.

14 Anjeunna kagungan opat puluh putra
pameget jeung tilu puluh putu pameget anu
masing-masing baroga kalde tunggang hiji
sewang. Abdon mingpinna ka Israil meunang
dalapan taun,
15 tuluy pupus, dikurebkeun di Piraton
wewengkon Epraim, di pagunungan urang
Amalek.
13 1 Urang Israil milampah dosa deui
ka PANGERAN, sarta ku Mantenna
diselehkeun ka urang Pelisti, dijajah nepi ka
opat puluh taun.
2 Jaman eta aya hiji jelema, ngaranna
Manoah, urang Sora, anggota kaom Dan. Ari
bojona gabug.
3 Ti dinya malaikat PANGERAN nembongan
ka bojo Manoah sarta ngandika, "Nepi ka
ayeuna maneh acan keneh boga anak. Tapi
moal lila deui maneh bakal kakandungan
tuluy ngajuru, budakna tangtu lalaki.
4 Maneh kudu pantrang, teu meunang
nginum anggur atawa inuman keras, teu
meunang dahar kadaharan anu diharamkeun.
5 Upama budak geus lahir, buukna ulah
dicukuran, sabab ti barang borojolna geus
diabdikeun ka Allah jadi Nasir. Manehna nu
baris ngajait urang Israil ti urang Pelisti."
6 Eta wanita bebeja ka salakina, "Bieu kuring
kasumpingan utusan Allah. Pamuluna lir
malaikat PANGERAN, kacida pikagimireunana.
Ku kuring teu ditanyakeun anjeunna teh

nu ti mana, kitu deui anjeunna oge henteu
ngenalkeun jenenganana.
7 Saurna kuring teh bakal ngandung, bakal
boga anak lalaki. Saurna deui kuring kudu
pantrang, teu meunang nginum anggur atawa
inuman keras, teu meunang dahar kadaharan
anu diharamkeun, sabab budak teh pijadieun
Nasir Allah saumur-umur."
8 Seug Manoah neneda ka PANGERAN, "Nun
PANGERAN, mugi eta utusan Allah anu nembe
sumping teh sina sumping deui maparin
katerangan perkawis budak, upami parantos
lahir kedah kumaha ngurusna."
9 Paneda Manoah ku Allah dikabul, malaikat-
Na sumping deui ka eta wanita, waktu
manehna keur diuk di kebon, sorangan
henteu jeung salakina.
10 Harita keneh manehna lumpat ka salakina,
sarta pokna, "Itu utusan anu kamari ieu teh
sumping deui ka kuring."
11 Manoah geuwat nuturkeun bojona
nepungan tamu, seug tumaros, "Juragan teh
anu kamari ieu cacarios sareng pun bojo?"
Tamu ngawaler, "Enya."
12 Manoah tumaros deui, "Saupami pilahir
Juragan teh parantos buktos, eta budak kedah
kumaha, kumaha pilampaheun hirupna?"
13 Waler malaikat, "Bojo maneh kudu
tigin ngalakonan hal-hal anu ku Kami geus
diomongkeun ka dirina.

14 Naon bae anu asal tina tangkal anggur
teu meunang didahar, anggur atawa inuman
keras teu meunang, kitu deui kadaharan-
kadaharan anu diharamkeun. Sakur anu
ku Kami diomongkeun ka manehna kudu
dilampahkeun."
15 (13:15-16) Manoah teu terangeun yen eta
teh malaikat PANGERAN, ku sabab kitu pok
unjukan kieu, "Ulah waka mulih. Tuang heula,
bade dipangnyayagikeun anak embe." Tapi
saur malaikat, "Najan diandeg ge susuguh
maneh ku Kami moal didahar. Tapi ari rek
nyadiakeun mah pek bae, tuluy duruk jieun
kurban ka PANGERAN."
16 (13:15)
17 Manoah unjukan deui, "Neda wartos,
saha salira teh, supados di mana pilahir
Juragan tea buktos, abdi tiasa nyanggakeun
panghormat."
18 Malaikat teh mariksa, "Keur naon hayang
nyaho ngaran Kami? Eta ngaran teh ajaib."
19 Geus kitu Manoah nyokot hiji anak embe
jeung tuangeun saperluna, tuluy diteundeun
dina luhur altar cadas, dikurbankeun ka
PANGERAN, anu terus ngadamel kaajaiban.
20 (13:20-21) Waktu seuneu kurban geus
luhur tina altar, katingal ku Manoah jeung
bojona, malaikat teh mumbul ka langit di
jero gedagna seuneu. Manoah kakara eling,
yen eta anu bieu teh malaikat PANGERAN,
bruk bae manehna jeung bojona sujud kana

taneuh. Ti harita malaikat teh teu nembongan deui.
21 (13:20)
22 Ceuk Manoah ka bojona, "Urang geus
nenjo Allah, tangtu urang paeh."
23 Tapi ceuk bojona, "Upama enya
PANGERAN bade nyabut nyawa urang, piraku
tadi kersaeun nampi kurban urang; moal
tepi ka mintonkeun itu mintonkeun ieu, moal
ngadawuhkeun sagala perkara nu tadi ka
urang."
24 Gancangna eta wanita teh ngalahirkeun,
orokna lalaki, kakasihna Simson. Murangkalih
beuki ageung, ku PANGERAN diberkahan.
25 Waktu anjeunna keur aya di antara Sora
jeung Estaol di pakemahan Dan, kakawasaan
PANGERAN mimiti maparin kabedasan ka
anjeunna.
14 1 Dina hiji poe Simson angkat, mudun
ka Timna. Di dinya anjeunna ningali
hiji mojang urang Pelisti.
2 Ari mulih terus wawartos ka ibu ramana, "Di
lebak, di Timna, abdi kapincut ku hiji mojang
urang Pelisti. Nyuhunkeun dipanglamarkeun,
bade ditikah."
3 Ceuk ibu ramana, "Ku naon hayang bojoan
ka urang Pelisti, bangsa nu teu disunat? Na
di golongan urang, di bangsa urang, geus
teu manggih pibojoeun?" Tapi waler Simson,
"Abdi mah keukeuh hayang ka manehna,

mugi dipanglamarkeun. Ka dinya kasuka abdi."
4 Sepuhna teu terangeun, yen eta kapalay
Simson teh geus kitu dikersakeunana ku
PANGERAN, sabab PANGERAN keur milari
jalan keur merangan urang Pelisti. Harita
urang Pelisti teh ngajajah ka Israil.
5 Ti dinya Simson mudun ka Timna jeung
ibu ramana. Barang geus araya di hiji kebon
anggur, anjeunna ngadangu sora singa
ngagaur.
6 Ku kakawasaan PANGERAN, Simson
ngadak-ngadak jadi bedas. Singa teh
ditongtak ku pananganana bae tuluy disasaak
kawas ka anak embe bae. Tapi anjeunna teu
wawartos ka ibu ramana mah.
7 Ti dinya Simson angkat nepangan mojang
tea sarta cacarios jeung eta. Simson resepeun
ka eta mojang.
8 Heuleut sawatara poe ti harita, Simson
ka ditu deui seja nikah. Di tengah jalan
anjeunna nyimpang heula ningalian singa anu
kamari ieu dipaehan ku anjeunna. Anjeunna
melengek, dina bangke singa teh aya sayang
nyiruan tur geus aya maduna.
9 Seug maduna dikeduk kana dampal
panangan, tuluy dituang bari angkat.
Anjeunna terus nepangan ibu ramana,
masihkeun eta madu sawareh ka aranjeunna
sarta ku aranjeunna eta madu teh dituang.

Tapi ku Simson teu dicarioskeun yen eta
madu teh kenging nyandak tina bangke singa.
10 Sanggeus ramana angkat ka imah mojang
tea, Simson ngadamel pesta di dinya,
lantaran geus kitu kabiasaanana barudak
ngora.
11 Barang urang Pelisti nyarahoeun,
seug ngajurung tilu puluh nonoman sina
ngarencangan ka anjeunna.
12 (14:12-13) Simson misaur ka
maranehanana, "Aya tarucing. Lamun
kateguh, aranjeun masing-masing baris
meunang lawon anu lemes salambar jeung
papakean anu alus keur pisalin. Kudu kateguh
memeh poe katujuh sabada ieu pesta nikah.
Lamun teu kateguh, aranjeun anu kudu mere
ka kuring lawon lemes jeung baju nu alus
sasetel." Ari ceuk maranehanana, "Jadi!
Kumaha tarucingna?"
13 (14:12)
14 Saurna, "Ti nu dahar bijil kadaharan, ti
nu bedas bijil nu amis." Geus tilu poe eta
tarucing acan kateguh.
15 Dina poe kaopatna maranehna daratang
ka geureuha Simson, aromongna, "Cik
salaki maneh olo sina ngabejakeun eusi
tatarucingan tea. Lamun maneh henteu
nurut, engke imah bapa maneh rek dihuru,
maneh oge rek diduruk sakalian. Maraneh
ngondang kami teh ngarah kami beunang
dirampog, lain?"

16 Seug garwana nepangan ka anjeunna,
unjukan bari rambay cipanon, "Akang mah
teu nyaah ka abdi, ngewa ka abdi teh! Akang
mere tarucing ka rerencangan, abdi teu
dipasihan terang eusina!" Ari walerna, "Nyai,
cacakan ka indung bapa sorangan ku Akang
teu dibejakeun. Piraku ari ka Nyai kudu?"
17 Garwana ceurik bae salila pesta nikahna
anu tujuh poe tea. Dina poe anu katujuh,
ku sabab kacida dipaksana ku garwa, eusi
tarucing teh diwartoskeun. Ku garwana tuluy
dibejakeun ka urang Pelisti.
18 Dina poe katujuhna memeh Simson lebet
ka pangkuleman, urang dinya ngaromong
kieu ka anjeunna, "Naon nu leuwih amis ti
batan madu? Naon nu leuwih bedas ti batan
singa?" Waler Simson, "Lamun ngawulukuna
lain ku sapi kuring anu bikang, pamohalan ku
aranjeun bisa kateguh."
19 Ku kakawasaan PANGERAN, harita
anjeunna jadi ngadak-ngadak bedas. Gejlig
angkat, mudun ka Askelon, tuluy maehan tilu
puluh jelema di dinya, papakeanana nu aralus
dirangsadan, diselehkeun ka jelema-jelema
anu neguh tarucing. Geus kitu mulih bari
jengkel ku nu enggeus kajadian.
20 Ari garwana ku mertuana dibikeun ka
hiji jelema anu ngagendeng anjeunna waktu
nikah tea.
15 1 Heuleut sawatara waktu, keur usum
dibuat gandum, Simson angkat seja

mendakan garwana, nyandak anak embe.
Ari saurna ka rama garwana, "Abdi bade ka
pangkeng pun bojo." Tapi ku eta dihalangan,
2 pokna, "Sugan teh enya hidep geus teu
suka ka anak Bapa, anu matak ku Bapa teh
dibikeun ka batur hidep keneh. Tapi aya
adina, leuwih geulis. Pek eta keur hidep,
gagantina."
3 Saur Simson, "Ayeuna mah, lamun abdi
nyieun kitu nyieun kieu ka urang Pelisti, geus
lain salah abdi deui."
4 Bral bae angkat, tuluy newakan ajag
meunang tilu ratus siki, seug ditalian
dua-dua, buntutna dikantetkeun. Lebah
patumbuna diteundeunan obor.
5 Oborna diseungeutan, tuluy ajagna
dikencar-kencarkeun ka pibuateun urang
Pelisti. Ku lantaran kitu, anu kahuru teh lain
ngan gandum anu geus ditumpuk bae, anu
acan dipibuatan oge kahuru, malah kebon
jetunna oge milu kahuruan.
6 Sanggeus ku urang Pelisti disusud saha
anu boga gawe, kanyahoan yen ku Simson,
dumeh garwana ku mertuana, urang Timna
tea, dibikeun ka rerencanganana. Seug eta
wanita teh ku urang Pelisti diduruk, imah
bapana oge dihuru.
7 Saur Simson ka maranehanana, "Kitu
kutan peta maraneh! Aing sumpah, moal
waka eureun sapanjang can bisa ngabales!"

8 Der anjeunna narajang rosa pisan, nepi ka
kacida lobana urang Pelisti anu paraeh. Geus
kitu anjeunna angkat, terus calik di hiji guha
cadas di Etam.
9 Geus kitu urang Pelisti arindit, nyieun
pakemahan di Yuda, tuluy narajang kota Lehi.
10 Urang Yuda daratang nanyakeun, "Ku
naon narajang ka dieu?" Jawabna, "Arek
ngabarogod Simson, rek dibales sakumaha
kalakuanana ka kami."
11 Seug tilu rebu urang Yuda arindit ka guha
cadas di Etam, kieu pokna ka Simson, "Na teu
uninga yen urang Pelisti teh dunungan urang?
Ku naon anjeun nyusahkeun ka kuring?"
Waler Simson, "Kuring mah sakadar ngabales
kana kalakuan maranehanana."
12 Ceuk urang Yuda, "Kuring ka dieu teh
arek ngabarogod anjeun, rek diserenkeun ka
urang Pelisti." Saur Simson, "Tapi aranjeun
kudu sumpah, yen aranjeun pribadi mah moal
maehan ka kuring."
13 Tembal maranehanana, "Ngan seja
ngabarogod wungkul, tuluy dipasrahkeun ka
urang Pelisti. Paliyas teuing maehan mah." Ti
dinya Simson dibarogod ku dua tambang anu
weuteuh keneh, tuluy diiringkeun ti dinya.
14 Barang sumping ka Lehi, anjeunna ku
urang Pelisti dipapag ku surak bari diburu.
Saharita keneh anjeunna kasumpingan
kakawasaan PANGERAN, ngadak-ngadak
tanagana jadi rongkah. Tali anu ngabarogod

pananganana dipegatkeun, kawas megatkeun benang tutung kabeuleum bae.
15 Beh anjeunna mendak tulang cacapek kalde baseuh keneh, top dipulung, tuluy dianggo ngababukan urang Pelisti, nepi ka aya sarebu urang anu paraeh ku eta.
16 Geus kitu Simson ngawih, "Ku tulang cacapek kalde sapotong, kami maehan sarebu jalma. Ku tulang cacapek kalde sapotong, kami numpukkeun bangke-bangkena."
17 Sanggeus ngahariring, lung cacapek kalde teh dialungkeun. Ari tempat kajadianana disebutna Ramat Lehi.
18 Geus kitu Simson ngaraos pohara halabhabna, seug sasambat ka PANGERAN, "Abdi ku Anjeun parantos dikersakeun sakitu unggulna. Dupi ayeuna, naha abdi teh kedah maot ku bawaning halabhab, sareng kedah beunang ku urang Pelisti, bangsa anu henteu disunatan?"
19 Lajeng Allah di Lehi muka liang handapeun cadas, seug aya cai bijil ti dinya. Regot Simson ngaleueut, salirana karaos seger meueusan. Eta cinyusu dingaranan Hakor, nu tetep aya di Lehi tepi ka ayeuna.
20 Lilana Simson jeneng hakim di Israil dua puluh taun, nya eta jaman tanah Israil dijajah ku urang Pelisti.

16 1 Dina hiji poe Simson angkat ka kota Gasa. Di ditu tepang jeung hiji dayang, anjeunna kulem di dinya.

2 Urang Gasa nyarahoeun Simson aya
di dinya, seug ngepung eta tempat bari
ngadarago di lawang kota, ngadedempes
sapeupeuting. Ceuk angkeuhanana masing-
masing, "Rek didago tepi ka isuk, tuluy
dipaehan."
3 Tapi Simson mondokna di dinya teu nepi
ka isuk. Tengah peuting anjeunna hudang,
tuluy angkat ka gapura kota. Eta gapura terus
dirabut, panto-pantona, tihang-tihangna,
tulak-tulakna jeung sagala nu nempel ka
dinya kabawa. Dipundak, dicandak nanjak ka
luhur pasir anu paeunteung-eunteung jeung
Hebron.
4 Sanggeus eta, Simson mikacinta Delila,
awewe urang Lebak Sorek.
5 Ti dinya lima raja urang Pelisti daratang ka
eta awewe, ngaromong kieu, "Olo Simson
ku maneh sina buka rusiah, ti mana boga
tanaga rongkah kitu. Akalan sangkan ku
kami bisa dikawasaan. Tuluy barogod sina
ulah bisa hojah. Engke maneh dibere
uang perak sarebu saratus sewang ti kami
masing-masing."
6 Carek Delila ka Simson, "Cobi wartoskeun,
naon anu ngalantarankeun Akang bedas kitu.
Upami aya nu hayang nalikung nepi ka Akang
teu tiasa nanaon, kedah kumaha?"
7 Waler Simson, "Talian Akang ku tujuh
lambar tali gondewa anu anyar jeung baseuh

keneh, tangtu Akang leuleus moal beda ti nu sejen."
8 Delila ku raja-raja Pelisti dibere tujuh lambar tali gondewa anu anyar jeung baseuh keneh, tuluy dipake ngabarogod Simson.
9 Di kamar sejen Delila geus nyumputkeun jelema sababaraha urang. Geus kitu manehna ngagero, "Simson! Urang Pelisti daratang!" Jemprung tali gondewa teh tujuh lambaranana dipegatkeun ku Simson, lir benang kaantelan seuneu. Rusiah kabedasanana tetep ku maranehanana henteu kabuka.
10 Carek Delila ka Simson, "Akang mah! Kalah ka ngabobodo, sanes nyarios anu leres. Cobi ayeuna wartoskeun kedah ku naon dibarogodna?"
11 Ari walerna, "Ku tambang weuteuh anu acan pisan dipake. Tangtu Akang leuleus moal beda ti nu sejen."
12 Delila nyokot sababaraha tambang weuteuh tuluy dibarogodkeun ka anjeunna. Delila ngagero, "Simson! Urang Pelisti daratang!" Harita di kamar sejen geus aya sababaraha jelema. Tapi tambang anu ngabarogod pananganana teh ku anjeunna dipegatkeun, kawas megatkeun benang bae.
13 Carek Delila ka Simson, "Akang mah ngaheureuykeun keneh bae, henteu leres-leres. Kedah dibarogod ku naon Akang teh?" Ari walerna, "Lamun ieu buuk Akang anu tujuh untun digubed ku benang tuluy

dibeulitkeun kana pakan tinun sarta dipaseuk masing pageuh, tangtu Akang leuleus moal beda ti nu sejen."
14 Simson ku Delila disina kulem, dihariringan. Tuluy rambutna anu tujuh untun digubed-gubedkeun kana pakan tinun, terus dipaseuk pageuh pisan. Delila ngagero, "Simson! Urang Pelisti daratang!" Gurinjal Simson tanghi, rambutna lesot tina pakan.
15 Ku sabab eta ceuk Delila, "Mana majar mikacinta ka abdi teh? Geuning henteu! Parantos tilu kali Akang ngabobodo ka abdi, teu kersa nerangkeun anu sayaktosna nu mawi Akang sakitu bedasna."
16 Eta awewe ngarenghik bae terus unggal-unggal poe. Simson jadi jengkel lantaran haben bae ditalek.
17 Tungtungna anjeunna waleh, saurna, "Ieu buuk Akang acan pisan dicukur. Ti barang dijurukeun Akang geus diabdikeun ka Allah, jadi Nasir. Lamun dicukuran, kabedasan Akang tangtu musna, jadi leuleus moal beda ti nu sejen."
18 Ku Delila karasa yen ayeuna mah nyariosna enyaan. Seug ngutusan ka raja-raja Pelisti tea, talatahna, "Mangga sarumping sakali deui wae. Manehna parantos buka rusiah." Tuluy raja-raja teh daratang bari marawa duit.
19 Simson ku Delila dihariringan, reup kulem dina lahunanana. Delila nyalukan

jelema sina motong rambut Simson anu tujuh untun. Ti dinya Delila mimiti nyiksa ka anjeunna, kawantu anjeunna geus teu aya kabedasanana.
20 Eta awewe tuluy ngagero, "Simson! Urang Pelisti daratang!" Korejat anjeunna tanghi bari nyaur sajeroning manah, "Ayeuna ge aing leupas cara anu enggeus-enggeus." Can karaoseun yen geus dikantunkeun ku PANGERAN.
21 Ku urang Pelisti terus direjeng, socana dicokel duanana. Tuluy dibawa ka Gasa, dirante ku rante tambaga, dilebetkeun ka jero panjara, dijieun purah ngagiling.
22 Ari rambutna geus manjangan deui.
23 Raja-raja urang Pelisti kumpul, nyieun pesta jeung mere kurban gede ka Dagon, dewana. Maranehna ngararawih, "Batara urang enggeus ngersakeun, Simson musuh urang geus ditalukkeun."
24 (16:24-25) Pohara galumbirana, pok ngaromong, "Calukan si Simson, sina ngabodor ngarah resep!" Sanggeus Simson diala ti jero panjara, ku maranehanana diparentah ngabodor, jeung sina ngadeg di antara dua tihang anu gede. Barang jalma-jalma narenjoeun ka anjeunna tuluy ngarawih, muji dewana, "Dewa urang geus mere kaunggulan ka urang ti musuh, anu geus ngaruksak nagri urang sarta maehan jalma-jalma urang sakitu lobana."

25 (16:24)
26 Misaur Simson ka budak anu nungtun,
"Kami tungtun, arek nyabak tihang ieu
gedong, arek nyarande ka dinya."
27 Eta gedong keur pinuh ku jelema, lalaki,
awewe. Raja-raja Pelisti limaanana kumpul di
dinya. Nu di loteng oge aya kira-kira tilu rebu
urang, lalaki, awewe, harayang lalajo Simson
ngabodor.
28 Simson neneda, kieu panedana, "Nun
PANGERAN Nu Maha Agung mugi sing emut
ka abdi. Nun Allah, mugi abdi paparin deui
kakiatan sakali ieu deui bae, supados sakali
naur, abdi tiasa nebus dua siki panon anu
dicokel ku urang Pelisti."
29 Geus kitu Simson nyepeng kana dua
tihang anu nyangga eta gedong, sabeulah
ku panangan kiwa, sabeulah ku panangan
tengen, tuluy didonca,
30 bari anjeunna ngagero, "Kajeun aing
paeh bareng jeung urang Pelisti!" Anjeunna
terus ngadonca sataker tanaga. Gedong teh
ambrug pisan, ninggang ka lima raja, ka
sakabeh anu di darinya. Urang Pelisti anu
paraeh jeung Simson harita, leuwih loba ti
batan anu dipaehan ku anjeunna waktu keur
jumenengna.
31 Layon Simson dirawat ku saderek-saderek
saibu saramana jeung ku wargi-wargi anu
lianna. Dibawa mulang tuluy dikurebkeun
di hiji tempat antara Sora jeung Estaol, di

makam Manoah ramana. Ari lilana Simson
jadi hakim di Israil teh dua puluh taun.
17 1 Aya hiji jelema urang pagunungan
Epraim, ngaranna Mika.
2 Manehna ngomong ka indungna, "Abdi
nguping Ema sasauran. Saur Ema, bangsat
anu maling sarebu saratus uang perak teh
sing kasapa. Ema, tingali, ieu artos teh,
abdi anu ngabantunna." Walon indungna,
"Anaking, muga hidep meunang berkah ti
PANGERAN."
3 Duit teh ku Mika dipulangkeun deui
ka indungna. Ari ceuk indungna, "Pikeun
ngajaga bisi anak sorangan kasapa, eta
perak ku Ema diikrarkeun ka PANGERAN,
urang pake ngalapis arca tina kai. Jadi ieu
geblegan-geblegan perak teh ku Ema rek
diserenkeun ka hidep."
4 Tapi ku Mika diserenkeun deui ka indungna.
Top indungna nyokot dua ratus gebleg, tuluy
diserenkeun ka hiji kamasan pikeun dipake
ngalapis hiji arca tina kai. Sanggeus dilapis
ku perak, arcana dipernahkeun di imah Mika.
5 Ieu jelema, Mika tea, boga tajug sorangan.
Manehna nyieun deui arca sababaraha siki,
jeung hiji epod. Seug salah saurang anakna
ku manehna diangkat jadi imam.
6 Harita di Israil can aya raja. Saban jalma
ngan nurutkeun rarasaanana sorangan bae.

7 Dina mangsa eta keneh, aya hiji jelema
ngora keneh, bangsa Lewi, asal ti desa
Betlehem wewengkon Yuda.
8 Lunta ti Betlehem, sejana neangan
keur pamatuhan di mana bae manggihna.
Satengahing perjalanan manehna datang ka
imah Mika di pagunungan Epraim.
9 Ku Mika ditanya, "Nu ti mana, dulur?"
Jawabna, "Sim kuring teh bangsa Lewi,
ti Betlehem wewengkon Yuda, seja milari
pangcicingan di mana bae nyangsangna."
10 Carek Mika, "Atuh di dieu bae sareng sim
kuring, jadi juru nasehat sareng imam sim
kuring. Bade digajih sataun sapuluh uang
perak, jaba pisalin saperluna, kitu deui bahan
pangan."
11 Eta jajaka urang Lewi teh daekeun, tuluy
cicing di Mika sarta dipianak.
12 Ku Mika diangkat jadi imam.
Dipernahkeunana oge di imah Mika
bae.
13 Ceuk Mika, "Ceuk pangrasa, ieu teh
alamat hade ti PANGERAN, lantaran aing
ayeuna geus boga imam ti kaom Lewi."

18 1 Harita di Israil can aya raja. Mangsa
eta, kaom Dan eukeur nareangan
tanah akueun keur pamatuhanana, lantaran
ti kaom-kaom Israil maranehanana mah acan
kabagian tanah akuan.
2 Urang Dan nitahan lima jelema anu
peryoga, beunang milih ti bangsana keneh,

ti Sora jeung ti Estaol, dijurung alak-ilik
neangan tanah. Sanggeus narepi ka
pagunungan Epraim, maranehna mareuting
di imah Mika.
3 Sabot kitu, maranehanana sidik pisan
ngadenge aya lentong bangsa Lewi, seug
didarongdon, ditanya, "Geuning aya di dieu,
keur naon? Saha nu mawa ka dieu?"
4 Jawabna, "Di dieu dicandet ku Mika,
digajih, dijieun imam anjeunna."
5 Ceuk maranehanana, "Cik atuh
pangnaroskeun ka Allah, ieu lalampahan
kuring teh baris hasil atawa moal."
6 Jawab eta imam, "Ulah salempang.
Perjalanan aranjeun ditangtayungan ku
PANGERAN."
7 Geus kitu anu limaan teh neruskeun
lampahna, ti dinya jol ka desa Lais.
Katembong ku maranehanana, yen urang
dinya hirupna teh tengtrem-tingtrim, cara
urang Sidon bae. Tabeatna rukun, teu laloba
omong, tara cekcok, tur sagala kaperluan
hirupna nyampak. Ari tempatna mencil jauh
ti urang Sidon, jeung henteu pacorok jeung
bangsa sejen.
8 Sanggeus nu limaan daratang deui ka Sora
jeung Estaol, ku batur-batur salemburna
pada nanya naon papanggihanana.
9 Jawabna, "Geura sadia-sadia, urang
narajang ka Lais. Tanahna geus tetela hade

pisan. Geuwat, ulah nganggur teu puguh di dieu. Gancang ka ditu rebut.
10 Geura engke kanyahoan di ditu, yen urang ditu sama sakali taya panyangkana naon-naon. Kota gede naker eta teh. Sagala rupa pangabutuh jelema aya di dinya, tur eta teh geus dipaparinkeun ku Allah, pikeun aranjeun."
11 Leut genep ratus urang kaom Dan arindit ti Sora jeung Estaol, samakta rek maju perang.
12 Geus naranjak, tuluy masang pakemahan di Kiryat Yarim wewengkon Yuda. Ku hal eta, tempatna nepi ka ayeuna katelah Pakemahan Dan.
13 Ti dinya lampahna kebat, jol ka pagunungan Epraim, ka imah Mika.
14 Jelema anu lima, anu geus nalungtik kota Lais sakurilingna, ngaromong pada batur, "Nyaho nya, di dieu di salah sahiji imah, aya arca anu dilapis perak? Arca-arca sejenna ge aya, malah aya epod sagala. Cik palikiran, kumaha ngakalanana?"
15 Ti dinya maranehanana ka imah Mika anu dicicingan ku jajaka urang Lewi tea, seug naranya ka dinya damang henteuna.
16 Sabot kitu, genep ratus perjurit Dan anu geus saged perang teh narangtung di lawang.
17 Mata-mata nu limaan nyulusup ka jero imah, nyokot arca kai anu dilapis ku perak, arca-arca lianna kitu deui epod. Ari imam

tea mah aya di lawang, nangtung jeung perjurit-perjurit.
18 Barang anu limaan arasup ka jero imah
Mika bari ngarawatan barang-barang anu
disucikeun, imam teh nanyakeun, "Ku naon
geuning kararitu?"
19 Ari tembalna, "Repeh, tong loba omong.
Anggur ngilu, urang ka ditu, jadi imam jeung
jurunasehat di ditu. Na teu hayang jadi imam
sakabeh kaom Israil? Atawa mending jadi
imam kulawargana jelema saurang?"
20 Imam teh jadi kacida atoheunana. Seug
barang-barang anu disucikeun teh dicokotan,
tuluy biluk ka maranehanana.
21 Ti dinya maranehanana mimiti arindit
deui; ari barudakna, ingon-ingonna katut
sagala kabogana ditempatkeunana di hareup.
22 Sanggeus meujeuhna jauhna ti imah Mika,
Mika nyalukan tatangga-tatanggana diajak
ngudag. Urang Dan kaudag,
23 tuluy digero-gero. Urang Dan maralik,
nanya ka Mika, pokna, "Aya naon? Arek naon
mawa balad?"
24 Mika nembal, "Make nanya aya naon!
Imam kami, allah-allah kami beunang
kami nyieun ku maraneh dibawa indit
susulumputan! Cik naon bae anu dikarikeun?"
25 Urang Dan ngajarawab, "Anjeun leuwih
hade ulah ngomong nanaon, kajaba lamun
hayang nyaho ambekna ieu perjurit-perjurit;

naha hayang ditarajang? Aranjeun katut
sakabeh kulawarga, moal teu beak ditumpes."
26 Geus ngajawab kitu terus maraju deui.
Kapikir ku Mika yen lain lawaneun, tuluy
mundur, mulang ka imahna.
27 (18:27-28) Sanggeus ngarebut imam
jeung barang-barang buatan Mika, urang
Dan terus narajang Lais, kota anu tengtrem-
tingtrim, anu pangeusina rukun, anu keur
jongjon-jongjon hirupna di eta lebak, Lebak
Bet Rehob. Urang dinya beak diparaehan,
kotana dihuru. Taya pisan anu nulungan,
kawantu Lais teh tempatna jauh pisan
ti Sidon, turug-turug urang dinyana tara
pacorok jeung bangsa sejen. Eta kota
ku urang Dan diadegkeun deui, sarta
maranehanana terus maratuh di dinya.
28 (18:27)
29 Ngaran Lais diganti jadi Dan, ngalap
ngaran karuhunna Dan, putra Yakub tea.
30 Ari arca tea ku urang Dan geus
diperenahkeun baris disarembah. Seug
maranehna ngangkat Yonatan bin Gersom
putuna Musa, jadi imam kaom Dan, kitu
deui turunan-turunanana oge jaradi imam
maranehanana, nepi ka mangsa eta bangsa
diboyong ku musuh.
31 Ari arca buatan Mika tea tetep aya di
dinya, sapanjang Kemah paranti ngabakti ka
Allah aya di Silo.

19 [1] Keur jaman Israil can boga raja, aya
hiji urang Lewi ngumbara di daerah
pagunungan Epraim. Manehna mawa hiji
mojang urang Betlehem wewengkon Yuda,
dijieun selir.
[2] Hiji waktu eta mojang teh pundung, balik
ka imah bapana di Betlehem meunang opat
bulan.
[3] Ti dinya manehna gilig rek nyusul eta
mojang, arek dilelemu sangkan daekeun
dibawa balik. Inditna jeung gandek saurang,
nungtun dua kalde. Barang datang, ku eta
mojang dititah asup ka imah. Bapa eta
mojang barang nenjoeun ka manehna teh
terus bae ngabageakeun gumbira pisan.
[4] Ku sabab diandeg, seug nganjrek tilu poe
tilu peuting, dahar nginumna diurus.
[5] Dina kaopat poena, manehna jeung
gandekna isuk-isuk keneh geus dangdan arek
mulang. Tapi ceuk bapa awewe, "Dalahar
heula ambeh jagjag. Engke bae balik mah."
[6] Gek eta urang Lewi teh diuk tuluy dahar
leueut jeung bapa eta mojang. Geus kitu ceuk
bapa eta mojang teh, "Mondok deui bae atuh,
senang-senang."
[7] Eta urang Lewi teh geus cengkat rek indit,
tapi bapa eta mojang keukeuh nyandet. Nya
meuting deui sapeuting eta.
[8] Dina kalima poena, rebun-rebun, barang
urang Lewi tea rek indit, eta bapa mojang teh
nyarita deui, "Dalahar heula. Engke bae indit

mah ari enggeus rada beurang." Nya tuluy dalahar bareng duaan.
9 Barang eta urang Lewi katut selirna, kitu deui gandekna geus arek jung, dicandet deui bae pokna, "Geuning geus meh peuting, sakeudeung deui oge poek. Leuwih hade meuting deui, senang-senang. Isukan bae baralik mah isuk-isuk."
10 (19:10-11) Tapi geus teu bisa dicandet, embungeun kudu meuting deui mah. Bral bae indit jeung selirna, dituturkeun ku gandek jeung dua kaldena nu geus diselaan. Poe geus meh peuting, ari lalampahan kakara arek nepi ka kota Yebus (Yerusalem tea). Ari ceuk gandekna, "Moal nyimpang heula, Juragan, ngawengi di dieu, di kota urang Yebus?"
11 (19:10)
12 (19:12-13) Ku dununganana ditembal, "Ulah eureun di kota anu jelemana lain urang Israil. Urang terus heula rada ka beh ditu, urang moro meuting di Gibea atawa di Ramah."
13 (19:12)
14 Seug tarerus, Yebus mah diliwat. Barang narepi ka Gibea wewengkon Binyamin, panonpoe geus surup.
15 Leok nyarimpang ti jalan, arek ngadon mondok ka kota. Sanggeus araya di jero kota, gek dariuk di alun-alun. Tapi urang dinya saurang ge teu aya anu uah-aeh ngajak ka imahna.

16 Sabot di darinya keneh, hol aya jelema
geus kolot, kakara balik tas digawe ti
kebonna. Eta jelema asalna mah ti daerah
pagunungan Epraim, ngadon hirup di Gibea.
(Nu sejenna mah urang dinya kabeh, kaom
Binyamin.)
17 Barang katenjoeun yen aya semah dariuk
di alun-alun, pek nanya, "Ieu teh anu ti mana,
seja ka mana?"
18 Urang Lewi ngawalon, "Wangsul ti
Betlehem wewengkon Yuda, seja mulang ka
lembur. Ari kawit mah tebih ti pagunungan
Epraim. Henteu aya anu nyambat mondok
saurang oge.
19 Da gaduh sakadar parab kalde sareng
jarami mah. Roti sareng anggur ngabantun,
kangge ieu pun selir, kangge abdi sareng
gandek. Anu perlu-perlu mah aya."
20 Ceuk jelema kolot, "Hayu atuh urang ka
Bapa, ulah mareuting di alun-alun."
21 Tuluy dibawa ka imahna. Kaldena
diparaban. Sanggeus semah ngarumbah
suku, brak dalahar.
22 Sabot maranehna keur nyenangkeun
awak, eta imah ujug-ujug geus dilingkung ku
jelema-jelema tukang ngajina, malah geus
mimiti gegedor kana panto bari tinggorowok
ka nu boga imah, pokna, "Kaluarkeun eta
semah lalaki anu keur meuting di imah
maneh, ku kami arek dipake!"

23 Tapi jelema kolot tea kaluar, ngomongan,
pokna, "Eling dulur-dulur! Adat kitu teh teu
pantes, ingkar tina susila! Eta jalma semah
Bapa.
24 Tapi aya selirna. Anak Bapa oge
aya, parawan keneh. Heug ku Bapa rek
dikaluarkeun pikeun aranjeun. Pek rek
dikumahakeun kuma karep, dapon ulah
nyieun kalakuan anu sakitu aebna ka eta
jelema!"
25 Tapi ku maranehanana henteu didenge.
Ku sabab kitu eta urang Lewi teh
nyurungkeun selirna kaluar. Harita keneh
tuluy pada ngagorenyangkeun, hantem
diparake sapeuting jeput tepi ka isuk teu
eureun-eureun.
26 Wanci bijil pajar awewe teh datang,
bru ngarumpuyuk kana panto imah anu
dipondokan ku salakina. Ngalumpuruk bae di
dinya nepi ka bray-brayan.
27 Salakina enggeus hudang, ari bray
mukakeun panto arek terus lumaku, nyampak
selirna geus ngalumbuk hareupeunana,
leungeunna muntang kana panto.
28 Ceuk salakina, "Hudang, hayu urang
balik." Tapi taya jawaban lantaran geus maot.
Tuluy diangkat, diteundeun kana tonggong
kalde, bral dibawa mulang.
29 Sadatangna ka lembur, sup ka imah top
kana bedog. Mayit selirna dipotongan jadi dua

belas potong, terus dikirim-kirimkeun ka dua belas kaom Israil, masing-masing sapotong.
30 Ari ceuk anu narenjo, "Kakara manggih kajadian siga kieu mah! Ti baheula oge, ti jaman Israil mimiti ninggalkeun Mesir, can aya kajadian kawas kieu! Ulah cicingeun, urang badami kumaha nguruskeunana."
20 1 Sakabeh urang Israil, ti semet wewengkon Dan ti kaler, nepi ka Bersyeba di kidul, kitu deui wewengkon tanah Gilad di wetan, kabeh kumpul jadi hiji di payuneun PANGERAN di Mispa.
2 Aya opat ratus rebu urang umat Allah anu kumpul, bangsa perjurit badarat, diluluguan ku sakabeh pamingpin kaom-kaom Israil.
3 Sajeroning kitu jalma-jalma kaom Binyamin geus ngadarengeeun yen urang Israil lianna kabeh geus kumpul di Mispa. Ceuk urang Israil, "Caritakeun perkarana eta kajadian."
4 Pok urang Lewi anu selirna tiwas nyarita, "Kuring jeung selir kuring meuting di Gibea, wewengkon Binyamin.
5 Urang Gibea ngepung imah anu dipake mondok. Maksudna hayang maehan ka kuring, tapi selir kuring anu beunang tuluy diperkosa nepi ka tiwas.
6 Mayitna ku kuring dibawa tuluy diteukteukan, ti dinya dikirim-kirimkeun ka dua belas kaom Israil, masing-masing sateukteuk. Eta bangsa di urang geus nyieun kalakuan anu aeb, ingkar tina susila.

7 Anjeun anu araya di dieu kabeh bangsa
Israil. Dina sual ieu urang kudu kumaha?"
8 Jung urang Israil narangtung, ngajawab,
"Saurang ge ulah waka aya nu mulang, boh
ka imah boh ka kemah.
9 Kieu anu kudu dijalankeun: Gibea urang
tarajang. Anu piinditeun perang urang
tangtukeun ku lotre.
10 Sapersapuluhna ti Israil kudu tatahar
keur pibekeleun balad, nu sejenna kudu indit
ngahukum Gibea, naur kalakuanana anu aeb
di Israil."
11 Jalma-jalma di Israil geus gumulung dina
hiji tekad: Rek ngagempur Gibea.
12 Ti dinya kaom-kaom Israil ngutusan
ka sakuliah wewengkon kaom Binyamin,
nepikeun ieu pamenta, "Naon pingaraneunana
eta kajahatan aranjeun teh!
13 Serenkeun urang Gibea anu ingkar tina
susila teh, rek ditumpes! Dosa anu siga kitu
kudu musna ti Israil." Tapi eta pamenta Israil
ku Binyamin henteu didenge.
14 Anggur murubul ka Gibea ti unggal
kota wewengkon Binyamin, arek ngayonan
dulur-dulurna papada urang Israil.
15 (20:15-16) Poe eta keneh ti sakabeh kota
geus kumpul dua puluh genep rebu prajurit.
Urang Gibea sorangan geus ngumpulkeun
tujuh ratus jalma istimewa, jalma-jalma
ngede, kabeh ahli ngabandring, tara mencog
satungtung buuk.

16 (20:15)
17 Ari kaom Israil geus boga opat ratus rebu
prajurit, kabeh enggeus asak latih.
18 Urang Israil kumpul di Betel, tempat
paranti ngabakti. Tuluy naros ka Allah, "Kaom
mana anu kedah ti heula narajang ka kaom
Binyamin?" Waler PANGERAN, "Kaom Yuda."
19 Isukna urang Yuda maju, geus mangkalan
deukeut kota Gibea,
20 rek mimiti narajang ka balad Binyamin.
Tata pasukanana nyanghareup ka eta kota.
21 Balad Binyamin kaluar ti jero kota, mapag
ngayonan. Memeh burit geus hasil maehan
22.000 perjurit Israil.
22 (20:22-23) Geus kitu urang Israil arindit
ka tempat ngabakti, maridangdam di dinya
payuneun PANGERAN nepi ka peuting.
Ti dinya naros ka Mantenna, "Kumaha
abdi-abdi teh kedah mios deui merangan
pun dulur Binyamin?" PANGERAN ngawaler,
"Enya." Balad Israil timbul deui wawanenna.
Pasukanana ditempatkeun cara kamari.
23 (20:22)
24 Der deui narajang ka balad Binyamin
kadua kalina.
25 Urang Binyamin kaluar deui kadua kalina
ti Gibea, sarta hasil maehan deui 18.000
prajurit Israil.
26 Bangsa Israil arindit deui ka Betel,
maridangdam. Brek marando di payuneun
PANGERAN nepi ka peuting, teu nolih lapar.

Geus kitu ngahaturkeun kurban karapihan
jeung kurban beuleuman ka PANGERAN.
27 (20:27-28) Dina mangsa eta Peti
Perjangjian Allah aya di Betel. Anu jadi
imamna nya eta Pinehas bin Elasar putuna
Harun. Maranehanana naros deui ka
PANGERAN, "Kumaha abdi-abdi teh kedah
majeng deui ngalawan pun dulur Binyamin,
atanapi parantos bae?" PANGERAN ngawaler,
"Lawan terus! Isukan ku Kami rek diselehkeun
ka maraneh."
28 (20:27)
29 Sanggeus meunang dawuhan PANGERAN,
urang Israil nempatkeun pasukanana sawareh
sina ngadodoho di sakuriling Gibea.
30 Tuluy dina poe anu katilu maju deui
narajang balad Binyamin. Tata pasukanana
disanghareupkeun ka Gibea cara nu
enggeus-enggeus.
31 Urang Binyamin mapag ngayonan,
seug kalejokeun anggang ti kota. Cara nu
enggeus-enggeus maranehanana geus mimiti
maehan sababaraha urang prajurit Israil
di luar, di jalan anu ka Betel jeung anu ka
Gibea. Geus aya tilu puluh prajurit Israil anu
kasambut.
32 Ceuk urang Binyamin, "Urang unggul deui
bae cara kamari-kamari." Padahal urang
Israil ngahaja mundur, ngarah maranehanana
barijil ti jero kota sina ka jaralan.

33 Barang pasukan inti balad Israil ditarik
sina mundur sarta ngahiji deui di Baal Tamar,
pasukan anu keur ngadodoho kota Gibea
rabul kalaluar ti panyumputanana, tina
cadas-cadas sabudeureun kota.
34 Sapuluh rebu prajurit Israil petingan ti
saban kaom, narajang ka Gibea, der campuh
ragot teu kira-kira. Urang Binyamin teu
ngarasa yen geus tereh tumpur.
35 PANGERAN ngersakeun Israil unggul
ngelehkeun balad Binyamin. Poe eta 25.100
musuh kasambut ku urang Israil.
36 Urang Binyamin ngarasa yen perangna
geus kasoran. Pasukan inti balad Israil
ditarik sina mundur ti urang Binyamin,
sabab ngandelkeun jalma-jalmana anu keur
nyarumput ngadodoho di sakuriling Gibea,
37 anu tuluy nyelempek ka Gibea kesit pisan.
Sanggeus araya di jero kota gancang mencar,
ngababad musuh anu di dinya.
38 Pasukan inti jeung jalma-jalma anu
ngadodoho tea geus nangtukeun hiji isarat,
nya eta: Lamun geus aya haseup kandel
mumbul ti jero kota,
39 pasukan inti anu mundur kudu malik
ngangseg musuh. Harita urang Binyamin
geus bisa maehan tilu puluh prajurit Israil.
Urang Binyamin geus ujub, pokna, "Urang
unggul deui cara kamari-kamari."
40 Sanggeus haseup isarat tea katembong
mumbul ti kota, urang Binyamin tinglalieuk

sarta kacida ngararenjagna, nenjo kotana geus kagulung ku seuneu.
41 Ku pasukan inti balad Israil dibalikan ditarajang. Urang Binyamin teu kira-kira garugupna, tina geus yakin baris kasoran.
42 Tarungna mimiti atar ti Israil, tuluy lalumpatan ka nu negrak. Tapi teu bisa kebat, sabab geus kakepung ku pasukan inti jeung ku jelema-jelema tea, anu ngarudag ti jero kota, terus digempur.
43 Eta musuh ku urang Israil ditingker sarta hantem dibeberik nepi ka tungtung Gibea beulah wetan, dibabad sapanjang jalan.
44 Aya dalapan belas rebu urang Binyamin anu kasambut, kabeh prajurit-prajurit anu panghadena.
45 Sesana kabur ka Cadas Rimon. Lima rebu deui anu kasambut sapanjang jalan. Sesana ku urang Israil diudag nepi ka Gidom, kasambut deui dua rebu urang.
46 Kabehna anu tiwas dina poe eta teh dua puluh lima rebu prajurit Binyamin, kabeh prajurit-prajurit anu garagah wungkul.
47 Tapi aya genep ratus urang anu bisa kabur ka Cadas Rimon, tuluy mubus nepi ka opat bulan.
48 Urang Israil malik deui ngagempur urang Binyamin sasesana, ditumpes kabeh, lalaki, awewe, budak katut jeung sasatoanana. Kota-kotana kabeh dihuru.

21 [1] Basa urang Israil kumpul di Mispa,
geus sumpah ka PANGERAN, pokna,
"Abdi-abdi saurang ge moal aya nu ngidinan
anak awewe dipibojo ku urang Binyamin."
[2] Ku hal eta, ayeuna urang Israil kumpul
di Betel, marando ka PANGERAN nepi ka
peuting. Pok arunjukan bari tingsalegruk,
[3] "Nun GUSTI ALLAH, Allahna Israil, ku naon
abdi-abdi dugi ka kenging musibat kieu? Ku
naon kaom Binyamin dugi ka kedah leungit ti
Israil?"
[4] Poe isukna maranehna gancang harudang
nyieun altar, tuluy ngahaturkeun kurban
karapihan jeung kurban anu diduruk.
[5] Geus kitu pok nanya kieu, "Ti antara
sakabeh kaom Israil, ti kaom mana anu
henteu milu kumpul di payuneun PANGERAN
di Mispa?" (Maranehanana geus ngikrarkeun
hiji sumpah, sing saha anu henteu milu
kumpul di Mispa pasti dipaehan.)
[6] Urang Israil kacida prihatinna ku hal
dulur-dulurna, kaom Binyamin. Aromongna,
"Poe ieu hiji kaom ti Israil geus leungit.
[7] Kumaha ngakalanana sangkan urang
Binyamin anu harirup keneh baroga
pamajikan? Urang geus kedal sumpah ka
PANGERAN, anak urang anu awewe, anu
mana bae, moal aya anu dibikeun dikawin ku
maranehanana."
[8] Waktu tadi ditanyakeun aya henteuna ti
kaom-kaom Israil anu henteu milu kumpul

di Mispa, kanyahoan yen anu ti Yabes
wewengkon Gilad taya hiji anu datang.
9 Basa balad disebutan, ti Yabes mah taya
jawaban ti saurang-urang acan.
10 Seug kumpulan teh nginditkeun dua
belas rebu jelema anu pangwaranianana, di
parentah kieu, "Bral paehan kabeh eta urang
Yabes teh, awewe jeung barudakna oge ulah
aya anu diiwalkeun.
11 Paehan sakabeh lalaki, paehan sakabeh
awewe anu geus lain parawan."
12 Di antara urang Yabes, kapanggih ku
maranehanana aya opat ratus parawan
ngarora keneh, tuluy dibarawa ka pangkalan
di Silo,di tanah Kanaan.
13 Ti dinya kumpulan ngirimkeun embaran ka
urang Binyamin anu keur marubus di Cadas
Rimon tea, yen perang geus eureun.
14 Eta urang Binyamin seug baralik, tuluy
dibarere parawan urang Yabes anu saralamet
tea. Tapi henteu mahi, kurang keneh.
15 Urang Israil ngarasa prihatin ku
urang Binyamin, anu ku PANGERAN geus
dipinggeskeun tina katunggalan kaom-kaom
Israil.
16 Ti dinya para pamingpin kumpulan nyarita,
"Di kaom Binyamin geus euweuh deui awewe.
Kumaha petana nyiar pipamajikaneun keur
anu acan kabagian?
17 Ulah nepi ka Israil kaleungitan salah
saurang ti dua belas kaomna anu leungit.

Urang kudu ihtiar sangkan kaom Binyamin
bisa hirup terus.
18 Urang teu bisa ngidinan mojang-mojang
urang dikawin ku urang Binyamin, sabab
urang geus ngaragragkeun supata ka sing
saha di antara urang anu mikeun anak
awewena dikawin ku urang Binyamin."
19 Sanggeus malikir, maranehna nyarita
kieu, "Aya jalanna, nya eta dina waktu pesta
taunan kanggo PANGERAN, di Silo." (Silo
pernahna kalereun Betel, kiduleun Lebona,
wetaneun jalan antara Betel jeung Sekem.)
20 Geus kitu ceuk maranehanana ka urang
Binyamin, "Los nyarumput ka ditu, ka
kebon-kebon anggur,
21 awaskeun ti dinya. Di mana mojang-
mojang Silo kalaluar rek ngaribing sapanjang
pesta, gancang barijil ti panyumputan.
Paksa tewak eta barudak awewe teh keur
pipamajikaneun, bawa lumpat ka wewengkon
Binyamin.
22 Upama bapana atawa dulur-dulurna
nyarusul nembongkeun teu suka, jawab
kieu, Panuhun, ieu mojang-mojang teh
ridokeun sina caricing di kuring keur
pibojoeun, da dicokotna ti aranjeun teh
lain ti pangperangan. Jeung ku lantaran
aranjeun teu mikeun, aranjeun teu salah, teu
ngalanggar jangji."
23 Urang Binyamin narurut, seug masing-
masing milih mojang ti nu keur ngaribing di

Silo, tuluy dibarawa. Geus kitu maranehanana
marulang ka lemburna sorangan, ngadegkeun
deui desa-desana, terus maratuh.
24 Bareng sawaktu jeung eta, urang
Israil anu lianna oge marulang deui ka
kaomna masing-masing, kumpul deui jeung
kulawargana, hirup di tengah rajakayana
sorangan.
25 Harita can aya raja di Israil. Unggal jalma
hirupna nurutkeun sakahayang sorangan bae.

Rut

1 [1] Baheula, jaman bangsa Israil can boga
raja, tanahna katarajang bahla kalaparan.
Harita aya hiji jelema ti kaom Eprata, urang
Betlehem, tanah Yuda, indit ninggalkeun
lemburna seja ngumbara heula saanak rabi
ka Moab,
[2] ngaranna Elimelek. Ari ngaran bojona
Naomi, ngaran anak-anakna Mahlon jeung
Kilyon, duanana lalaki. Sabot ngumbara,
[3] Elimelek maot ninggalkeun Naomi jeung
anak.
[4] Ari anakna terus baroga bojo ka mojang
urang Moab, nu saurang ngaranna Orpa,
nu saurang deui Rut. Sanggeus ngumbara
meunang sapuluh taun,
[5] Mahlon jeung Kilyon oge maraot deuih, kari
Naomi sorangan, teu anak teu salaki.
[6] Rada lila ti harita, Naomi meunang beja
yen PANGERAN geus nurunkeun berkah ka
umat-Na, hasil panenna mucekil. Sanggeus
tarapti bral Naomi mulang, minantu-minantu
dibawa,
[7] bareng ngajugjug ka tanah Yuda.
[8] Tapi di tengah jalan Naomi ngomongan ka
minantu-minantu, pokna, "Nyai mah mending
baralik bae ka nu jadi indung. Didoakeun,

kabageuran Nyai ka Ema jeung ka nu geus
teu araya, sing dibales ku PANGERAN.
9 Mugi-mugi deuih ku PANGERAN
diparengkeun baroga deui salaki, barisa deui
imah-imah." Sanggeus digalentoran tuluy
dijurung marulang. Tapi kalah ka careurik,
10 ngalengis ka mitoha pokna, "Ema, abdi
mah bade ngiring ka Ema bae, ka bangsa
Ema."
11 "Nyai," ceuk Naomi, "mending ge
marulang. Keur naon harayang milu? Da Ema
teh hamo boga deui anak keur pisalakieun
nyai.
12 Jadi mending ge marulang. Jeung moal
kawin deui Ema teh, geus kolot teuing. Dina
aya keneh harepan oge, nepi ka bisa kawin
deui ceuk cohagna engke peuting, nepi ka
bisa buru-buru boga anak deui,
13 piraku ku Nyai rek didaragoan bae nepi
ka galede, moal karawin ka nu sejen! Piraku
atuh, Nyai! Jeung deui kapan Ema mah
jelema anu geus dibuang ku PANGERAN. Lain
teu karunya Ema ka nyai teh."
14 Segruk deui nu diomongan teh careurik.
Gabrug Orpa ngarangkul ka mitoha bari
pamitan, tuluy mulang. Ari Rut ngajanteng
keneh.
15 Ceuk Naomi, "Rut, itu baraya Nyai geus
mulang ka bangsana, ka batarana. Nyai ge
atuh geura jung."

16 Ari ceuk Rut, "Abdi mah alim pisah ti Ema,
hoyong sareng, ka mana ge bade ngiring, di
mana bae bade ngiring cicing. Bangsa Ema
bangsa abdi, Allah Ema Allah abdi.
17 Ema pupus, abdi ngiring dikubur di dinya.
Sing dihukum ku PANGERAN upami abdi tega
ngantunkeun Ema. Mung maot anu tiasa
misahkeun abdi ti Ema."
18 Sanggeus tetela yen Rut enya-enya
hayang milu, Naomi teu ngomong nanaon
deui.
19 Ti dinya duanana neruskeun laku, sarta
geus nepi ka Betlehem. Ari jol teh urang
dinya mani ibur. Ceuk kaom wanitana, "Enya
ieu teh Naomi?"
20 Naomi ngawalon, "Tong disebut deui
Naomi kuring mah, sebut wae Mara, lantaran
hirup teh ku Allah Nu Maha Kawasa disina
pinuh ku papait.
21 Basa miang ti dieu bareto, kuring teh
mani rebo, ari balik ku Mantenna disina nepi
ka ngaligincing kieu. Keur naon disebut deui
Naomi, lantaran ku PANGERAN Nu Maha
Kawasa geus dikeunaan hukuman, disina
balangsak."
22 Kitu lalakon Naomi mulang deui ti
Moab jeung Rut minantuna. Daratangna
ka Betlehem kabeneran geus mimiti usum
dibuat.

2 [1] Ari Naomi boga baraya ti Elimelek,
jenat salakina, ngaranna Boas, jelema
beunghar tur gede pangaruhna.
[2] Hiji poe Rut ngomong ka Naomi, "Ema,
abdi bade ngiring mulungan heucak ka
nu dibaruat, manawi aya nu nyarikclikan
tina keupeulan. Bade neda idin bae ka
salah sawios nu dibaruat supados kenging
mulungan pungkureunana." Walon Naomi,
"Jung anaking."
[3] Rut indit ka huma, sarta geus merenah
di tukangeun anu digarawe, mulungan
ranggeuy-ranggeuy gandum nu marurag tina
keupeulan. Kabeneran mulunganana teh ka
huma kagungan Boas, baraya Elimelek tea.
[4] Teu lila Boas cunduk ti Betlehem, uluk
salam ka nu keur digarawe, saurna,
"Mugia PANGERAN nyarengan ka aranjeun!"
Dijarawab, "Mugia PANGERAN ngaberkahan
ka Bapa!"
[5] Ti dinya Boas mariksa ka mandor, "Ari itu
awewe ngora-ngora, saha?"
[6] Ceuk mandor, "Sumuhun semah, dibantun
ku Naomi ti Moab.
[7] Parantos wawartos yen seja mulungan
sapengkereun nu marotong. Parantos ti
enjing keneh teu reureuh-reureuh dongkap ka
wangkid ieu, mung ngiuhan heula sakedap."
[8] Ti dinya Boas misaur ka Rut, "Nyai,
ceuk Bapa mah mulungan teh di dieu bae

ulah ka mamana deui, tuh geura jeung awewe-awewe,
9 tutur-tutur ka beulah mana motongna.
Keun ku Bapa rek dibarejaan sangkan Nyai
ulah aya nu nyarek. Jeung bisi hanaang
mah pek bae nginum, tuh caina dina kendi,
parinuh."
10 Rut mani sujud, adek beungeutna kana
taneuh. Pok ngawalon, "Abdi ngaraos
kalintang diperhatoskeunana. Sakitu saena
Juragan ka abdi, padahal abdi di dieu teh
semah. Teu kahartos naon margina?"
11 Saur Boas, "Nya eta Bapa teh geus
meunang katerangan yen Nyai sakitu
bumelana ka mitoha, mangkilang geus
ditinggalkeun maot ku salaki. Nyai nepi ka lat
ka bapa cul ka indung jeung ka lembur, seja
hirup ngahiji jeung bangsa anyar pinanggih.
12 Muga eta tekad Nyai meunang pahla ti
PANGERAN, meunang ganjaran utama ti
GUSTI Allah panutan urang Israil, anu tangtu
baris nangtayungan ka Nyai."
13 Piunjuk Rut, "Kasaean Juragan katampi
pisan. Kasauran Juragan kalintang nyerepna,
matak teger kana ati sanubari, padahal
dibandingkeun sareng gandek-gandek
Juragan oge diri abdi sakalintang laipna."
14 Ari geus waktuna dahar, Rut disaur ku
Boas, saurna, "Dahar heula, ieu aya roti jeung
saosna." Rut emok gigireun nu sejen tuluy

dibagianan hancengan. Am dahar, sacukupna, tapi disesakeun dihaja.
15 (2:15-16) Barang rek mulungan deui,
Boas misaur ka nu rek maraju deui gawe,
saurna, "Keun sina mulungan, masih rek tina
pocongna oge ulah digeunggeureuhkeun.
Anggur pek pangnyabutankeun tina pocongan
sina dipulungan. Kade tong dicarek."
16 (2:15)
17 Rut jongjon mulunganana nepi ka burit.
Beubeunanganana terus diirik, meunang
kira-kira sapuluh kilo gandum.
18 Jung disuhun, dibawa balik, diserenkeun
ka mitohana. Sesa daharna tea oge
diserenkeun.
19 Ku Naomi ditanya, "Di mana mulungan
teh nyai? Di saha? Bageur-bageur teuing
nu bogana teh. Muga-muga sing meunang
berkah PANGERAN." Ceuk Rut, mulunganana
teh di sawah kagungan Boas.
20 Ceuk Naomi, "Muga Boas ginanjar berkah
PANGERAN, anu teu tinggal ti mikaasih ka
umat-Na ka nu harirup keneh kitu deui ka nu
geus maraot. Saenyana anjeunna teh baraya
urang, landes keneh pisan, anu aya wajibna
ngabelaan ka urang."
21 Ceuk Rut deui, "Jabi ti kitu teh saurna abdi
kenging mulungan di humana dugi ka rengse
usum motong."
22 Walon Naomi, "Enya Nyai, mending
mulungan di huma Pa Boas bae jeung

awewe-awewe nu digarawe di dinya. Di huma batur mah bisi diharu-haru."
23 Rut tetep mulunganana di huma Boas nepi ka anggeus usum motong, sarta tetep-tetep ngawulaan mitohana.
3 1 Hiji poe Naomi nyarita ka Rut, "Nyai teh alusna mah boga deui salaki, imah-imah sorangan. Keun ku Ema dipangneangankeun.
2 Ras Ema teh ka Boas, baraya urang, anu humana tempat Nyai mulungan tea. Engke peuting tangtu Boas ka huma rek ngirik.
3 Ayeuna Nyai mandi sing bararesih, dangdan ku nu pangalusna, make seuseungitan saeutik mah. Engke peuting tepungan ka ditu ka pangirikan. Tapi ulah waka nembongan samemeh bada tuang.
4 Di mana anjeunna geus ampih-ampih rek sare, ilik di mana sarena. Mun geus tibra singkabkeun simbutna, Nyai ngedeng tunjangeunana. Engke ku anjeunna tangtu Nyai dibejaan kudu kumaha."
5 Jawab Rut, "Mangga, kumaha saur Ema bae."
6 Rut geus indit ka pangirikan di huma, nedunan pituduh mitoha.
7 Ari Boas, bada dahar hatena ngarasa senang tur lugina, terus reup bae sare, ngagoler dina tumpukan gandum. Rut nyulumun rerencepan nyingkabkeun simbut Boas, dug milu ngagoler di tunjangeunana.

8 Tengah peuting Boas lilir. Ari hudang kaget
bet aya awewe milu ngedeng.
9 "Saha ieu?" saurna. Rut ngawalon, "Abdi
Rut, Juragan. Saur pun biang, Juragan teh
baraya landes anu kedah nanggel abdi. Abdi
sumeja masrahkeun diri."
10 Ari saur Boas, "Muga Nyai mendak
berkahna PANGERAN. Nyai sakitu pengkuhna
nyekel kabarayaan. Tina omongan Nyai bieu
beuki tetela ti batan nu enggeus-enggeus,
kumaha kasatiaan Nyai ka baraya. Buktina
Nyai henteu milih nu lian nu ngora keneh,
anu beunghar atawa anu miskin.
11 Rut ulah salempang. Saha di lembur ieu
anu teu nyaho yen Nyai awewe bageur. Keun
ku Bapa diuruskeun.
12 Ari Bapa, enya ge baraya landes anu wajib
nanggung Nyai, tapi aya keneh baraya nu
leuwih landes.
13 Keun ayeuna mah sare bae heula di dieu.
Isukan isuk-isuk urang coba aya henteuna
anu daekeun nanggung Nyai. Lamun aya,
kacida hadena. Lamun teu aya, Bapa sumpah
demi Allah Anu Jumeneng, nya Bapa anu
baris nanggung Nyai. Pek ayeuna mah sare
deui nepi ka isuk."
14 Dug Rut ngedeng deui tunjangeun Boas.
Subuh-subuh keneh pisan memeh aya nu
nangenan geus hudang, sabab saur Boas ulah
aya nu nyahoeun.

15 Saur Boas deui, "Laan harudum
Nyai, amparkeun." Bar diamparkeun,
bro dieusian gandum kira-kira dua puluh
lima kilo. Ret dibeungkeut tuluy disuhun,
dipangjungjungkeun ku Boas, terus balik ka
lembur.
16 Sadatangna mitohana nanya, "Kumaha
bejana, Nyai?" Pok Rut cacarita perkara dirina
jeung Boas.
17 Omongna deui, "Saurna, abdi teh ulah
wangsul lengoh, nya dipaparin ieu gandum."
18 Ceuk Naomi, "Sabar-sabar bae heula Nyai,
dagoan buktina engke. Tangtu Boas oge poe
ieu teh moal eureun-eureun ngihtiaran nepi
ka beres."
4 1 Boas geus angkat ka lawang kota, ka
tempat gempungan, seug calik. Barang
baraya landesna Elimelek anu dicarioskeun
ka Rut tea datang, ku Boas disaur, "Calik
saderek!" Nu dicalikkeun gek diuk.
2 Geus kitu Boas ngahaturanan sapuluh
urang sesepuh kota. Sanggeus aranjeunna
caralik,
3 pok Boas nyarios ka wargina tea, saurna,
"Naomi, sadongkapna ti Moab teh aya maksad
ngical tanah jenatna dulur urang ki Elimelek.
4 Ku emutan teu aya nu langkung wajib
ngagaleuh iwal ti saderek. Kersa bae atuh
galeuh kalayan kasaksian ku sesepuh-
sesepuh, teu kersa bae saurkeun. Eta mah
teu bade ngalalangkungan saderek anu

langkung hak kana eta tanah. Sim kuring
mah nomer dua." Ari jawabna, "Sae, bade
dipeser bae."
5 Saur Boas, "Upami cios eta tanah
digaleuhna ti Naomi, saratna saderek kedah
nikah ka Rut randa urang Moab tea, supados
tanah teh tetep kaetang ka kulawedetna anu
parantos tilar dunya."
6 Ari jawabna, "Upami kitu sualna, hak
sim kuring meser eta tanah mangga bae
nyerenkeun, da moal tiasa kawariskeun ka
barudak. Mangga bae galeuh, sim kuring mah
moal."
7 Adat harita di dinya, pikeun tanda
ngajadikeun jujualan atawa tutukeuran
teh anu ngalepas barangna kudu mikeun
tarumpahna ka pihak anu narimana. Kitu adat
di Israil enggoning ngajadikeun hiji perkara.
8 Harita oge, sanggeus eta jelema nyebut,
"Mangga galeuh," teh sot ngalesotkeun
tarumpahna, dibikeun ka Boas.
9 Ti dinya Boas sasauran payuneun
sesepuh-sesepuh jeung lian-lianna deui
di dinya, saurna, "Kalayan kasaksian ku
sesepuh-sesepuh, dinten ieu sim kuring
tarima meser ti Naomi, kakayaan milikna
Elimelek, Kilyon sareng Mahlon.
10 Kalayan sarat kedah mihukum randana
Mahlon anu ngaran Rut, urang Moab,
sangkan eta kakayaan teh tetep jadi milikna
kulawarga anu parantos tilar dunya. Ongkoh

ku jalan kitu teh tatali babarayaanana tiasa
tetep nganteng di tengah-tengah bangsana
sareng di bali geusanna ngajadi. Dinten ieu,
Bapa-bapa sadaya jadi saksina."
11 Saur sesepuh-sesepuh jeung lian-lianna,
"Nyaksian! Sareng mugi-mugi eta istri
anu bade dipigarwa teh ku PANGERAN di
kersakeun tiasa sapertos Rahel sareng Lea,
anu ngalantarankeun Yakub seueur putrana.
Mugia anjeun sing sugih mukti di kaom
Eprata, sing kasohor di Betlehem.
12 Mugia putra-putra anjeun paparin
PANGERAN engke ti eta istri anom
ngalantarankeun kulawargi anjeun jadi
sapertos kulawargi Peres putra Yuda sareng
Tamar."
13 Boas geus nyandak Rut ka bumina,
jadi istrina. Rut diberkahan ku PANGERAN,
ngandung sarta terus ngowokeun putra
pameget.
14 Awewe-awewe ngaromong ka Naomi,
"Sagala puji ka PANGERAN! Poe ieu Mantenna
maparin incu ka anjeun. Mugi eta murangkalih
sing jadi kamashur di Israil!
15 Minantu teh sakitu nyaaheunana ka
anjeun, parantos masihan anu langkung
ti batan anu tiasa dibikeun ku tujuh putra
pameget. Heug deui ayeuna masihan hiji incu
pameget, anu bakal ngagedekeun manah
anjeun sarta bakal ngaluginakeun anjeun
engke ari parantos sepuh."

16 Top murangkalih teh ku Naomi di candak
terus ditangkeup, sarta terus digetenan.
17 Ku awewe-awewe tatangga murangkalih
teh dijenenganana Obed. Ceuk maranehna,
"Naomi geus kagungan putra pameget!" Obed
teh ramana Isai, ari Isai ramana Daud.
18 (4:18-22) Garis turunan ti Peres ka Daud
nya eta: Peres, Hesron, Ram, Aminadab,
Nahson, Salmon, Boas, Obed, Isai, Daud.
19 (4:18)
20 (4:18)
21 (4:18)
22 (4:18)

1 Samuel

1 [1] Di desa Ramah di pagunungan Epraim,
aya hiji jelema kaom Epraim, ngaranna
Elkana bin Yeroham, incu Elihu, warga Tohu ti
kaom Sup.
[2] Boga bojo dua, Hana jeung Penina. Penina
boga anak, Hana henteu hiji-hiji acan.
[3] Saban-saban taun Elkana sok indit
ngabakti jeung ngurban ka PANGERAN Nu
Maha Kawasa di Silo. Harita anu jadi imam
PANGERAN teh duaan, putra Eli, jenenganana
Hopni jeung Pinehas.
[4] Unggal-unggal tas ngurban Elkana sok
ngirim daging ka Penina saanak-anak.
[5] Ka Hana oge ngirim, ngan ari ka Hana mah
sakumaha nyaaheunana oge ngirimanana
teu sabaraha, da ieu mah ku PANGERAN teu
dikersakeun boga anak.
[6] Turug-turug ku maruna ngan dipapanas
bae, dihaja sina nyerieun hatena pedah teu
boga anak.
[7] Kituna teh saban taun, unggal ka gedong
PANGERAN tara teu dipeupeurih, nepi ka
Hana ceurik jeung teu daekeun dahar-dahar
acan.
[8] Ku Elkana dibeberah, "Nyai, ku naon
ceurik? Ku naon teu daek dahar? Nguluwut ku

naon? Lain Akang teh leuwih nyaah ka Nyai ti batan ka barudak sapuluh?"
9 (1:9-10) Dina hiji poe tas dalahar di gedong PANGERAN di Silo, Hana ngejat tuluy sasambat ka PANGERAN bari ceurik sesegruk. Kabeneran Imam Eli harita keur calik hareupeun lawang.
10 (1:9)
11 Hana ikrar kieu, "Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa, tingali ieu abdi nuju kasesahan. Mugi mikaemut. Upami abdi ku Gusti dikersakeun gaduh anak tur lalaki, bade diiklaskeun sumeja kasanggakeun, saumurna sina kumawula ka Gusti sareng moal dicukur-cukur."
12 Sabot Hana manteng neneda ka PANGERAN lila pisan, biwirna ku Eli diawas-awas.
13 Ku sabab nenedana henteu kedal, ngan semet kuwas-kuwes henteu soraan, disangkana teh mabok.
14 Eli ngalahir, "Meugeus mabok teh! Nanaonan, geura eling!"
15 Wangsul Hana, "Bapa, abdi sanes keur mabok, teu nginum naon-naon. Nuju neneda, ngucutkeun kanalangsaan ka PANGERAN.
16 Bapa ulah lepat panggalih nyangka abdi awewe teu puguh. Neneda dugi ka kieu teh ku margi parantos teu kiat ku nalangsa."
17 Waler Eli, "Euh, sing gede hate atuh, mugia paneda Nyai diijabah ku Allah Israil."

18 Wangsul Hana, "Nyuhunkeun piduana ti
kersa Bapa." Geus kitu tuluy kaluar, seug
barang dahar. Hatena geus janglar.
19 Isukna Elkana sakulawarga harudang,
tuluy sembahyang ka kersa PANGERAN, ti
dinya marulang ka Ramah. Hana ku Elkana
ditemahan, sarta PANGERAN ngabulkeun
panuhunna.
20 Hana ngandeg, tuluy ngalahirkeun hiji
anak lalaki, seug dingaranan Samuel,
da carekna, "Beunang nyuhunkeun ti
PANGERAN."
21 Geus meujeuhna Elkana sakulawarga ka
Silo deui nyanggakeun kurban taunan, jeung
mayar kaulna ka PANGERAN.
22 Tapi Hana henteu milu, carekna ka
salakina, "Abdi mah engke bae ari si ujang
parantos eureun nyusu. Si ujang bade
dibantun ka gedong PANGERAN, sina terus di
ditu bae saumur hirupna."
23 Ceuk Elkana, "Heug kumaha Nyai bae,
dagoan di dieu nepi ka si ujang disapih. Mugia
PANGERAN ngalaksanakeun pangandika-Na
ka Nyai." Hana tetep di lembur bari ngasuh
orok.
24 Sanggeus disapih, Samuel ku Hana dibawa
ka Silo, bari mawa sapi hiji umur tilu taun,
tipung sapuluh kilo jeung anggur sawadah.
Basa dibawa ka Kemah PANGERAN di Silo teh
Samuel alit keneh pisan.

25 Sanggeus sapina dipeuncit, eta
murangkalih teh dibawa ka Eli.
26 Piunjuk Hana ka Eli, "Punten Bapa, emut
keneh manawi ka abdi, anu kapungkur
katingali ku Bapa neneda di dieu, ka
PANGERAN?
27 Harita abdi teh nyuhunkeun dipaparin
anak, ayeuna parantos dimakbul. Ieu pun
anak teh.
28 Ayeuna seja dibaktikeun ka PANGERAN,
saumur hirupna sina ngawula ka Mantenna."
Geus kitu aranjeunna sembahyang di dinya
ka PANGERAN.
2 1 Hana ngedalkeun pupujian, kieu, "Hate
bungah mendak bagja ti PANGERAN, estu
bungah ku dadamelana-Na. Musuh ku kuring
diseungseurikeun. Kuring kacida bagjana
nampa pitulung ti Allah.
2 Taya deui anu suci ngan PANGERAN,
Mantenna taya anu nyasami. Taya deui
panyalindungan nu saperti Allah urang.
3 Geus, maneh ulah ngan umangkuh bae,
tong adigung kamagungan. Sabab PANGERAN
teh Allah nu maha uninga sarta anu nimbang
kalakuan tiap manusa.
4 Gondewa si gagah geus pingges, sabalikna
nu lemah ngajadi kuat.
5 Nu bareto tuman seubeuh, ayeuna mah
buburuh ngarah sahuap. Sabalikna nu bareto
kalaparan ayeuna seubeuh. Anu bareto

garabug, ayeuna anakna nepi ka tujuh, nu
bareto loba anak, ayeuna teu hiji-hiji acan.
6 PANGERAN anu maehkeun, PANGERAN nu
ngahirupkeun. Mantenna nurunkeun jelema
ka enggon anu paraeh, Mantenna anu ngajait
deui ti dinya.
7 PANGERAN nu ngamiskinkeun jeung
ngabeungharkeun. PANGERAN anu
ngapeskeun, PANGERAN nu ngajayakeun.
8 Nu sangsara ku Mantenna dijait tina lebu,
nu balangsak dijait tina kabalangsakanana,
dijadikeun mitra-mitra para bangsawan
ditempatkeun di tempat anu kaajen. Dadasar
bumi kagungan PANGERAN, nya di dinya
Mantenna ngadegkeun jagat.
9 Nu satia ka Mantenna hirupna diraksa, nu
jahat mah musna di alam nu poek. Jalma
mah moal jaya ku tanagana.
10 Musuh-musuh PANGERAN bakal dibasmi,
dibentar gelap ti langit. PANGERAN bakal
ngahukuman sakuliah jagat, sarta maparin
kawasa ka raja pilihana-Na, jeung maparin
kaunggulan."
11 Geus kitu Elkana mulang ka Ramah, ari
Samuel dikantun di Silo, sina ngawula ka
PANGERAN, diasuh ku Eli.
12 Ari putra-putra Eli, enya ge imam tapi
bangkawarah, teu tolih ka PANGERAN,
13 teu tolih kana papakon anu dipuhit ku
jalma rea. Unggal aya anu ngurban kudu bae

datang bujang imam mawa panyocog huntu tilu. Daging anu keur dikulub keneh teh
14 dicocog, nu kaangkat ajang imam. Kitu
bae kalakuanana ka sakabeh urang Israil anu daratang ngurban ka Silo.
15 Tampolana memeh daging diala gajihna
kurbankeuneun, geus dipenta manten ku bujang imam, pokna, "Kadieukeun eta daging sawareh keur imam, rek digoreng, da teu kersaeun beunang ngulub, hoyongeun atahanana."
16 Lamun dihulag, "Engke, gajihna urang
kurbankeun heula sakumaha mistina, engke mah pek bae," jawabna teh, "Ah! Kadieukeun ayeuna. Lamun teu dibikeun dirampas!"
17 Kacida dorakana kalakuan putra-putra Eli
di payuneun PANGERAN teh. Kurban haturan PANGERAN nepi ka dikitukeun.
18 Ari Samuel anu murangkalih keneh
tea tuluy kumawulana ka PANGERAN. Ari raksukanana raksukan husus, tina linen, cara raksukan para imam.
19 Unggal taun ku ibuna sok
dipangnyieunkeun jubah leutik, dianteurkeunana ari Hana jeung salakina nganteurkeun kurban taunan.
20 Lamun geus kitu Elkana jeung bojona ku
Eli sok diberkahan. Kieu saurna ka Elkana, "Mugia maneh ku PANGERAN, dipaparin deui anak ti pamajikan anu ieu, keur gaganti ieu

anu diabdikeun ka Mantenna." Sanggeus didungakeun bral marulang.
21 Berkahing PANGERAN, Hana boga deui anak, tilu lalaki dua awewe. Ari Samuel beuki ageung, sarta jongjon kumawula ka PANGERAN.
22 Eli geus kacida sepuhna. Geus uningaeun yen kalakuan putra-putrana ka urang Israil kitu, tur sok maraen teu uni ka awewe-awewe anu digarawe di lawang Kemah Tepangan PANGERAN.
23 Seug putra-putrana teh diweweleh, saurna, "Ku naon kitu maraneh teh? Mani unggal jelema bebeja ka Ama perkara dosa maraneh.
24 Geus, ulah kitu bae anaking! Eta anu keur jadi omong umat PANGERAN teh perkara anu kacida gorengna.
25 Dosa ka papada jalma onaman aya Allah anu bakal ngabela. Ari dosa ka PANGERAN mah saha nu bakal ngabela?" Tapi panggeuingna ku putra-putrana henteu didenge, sabab geus dipasti ku PANGERAN bakal dibasmi.
26 Ari Samuel beuki ageung, pada mikaresep tur dipikaasih ku PANGERAN.
27 Aya hiji nabi sumping ka Eli, ngemban timbalan PANGERAN anu kieu, "Bareto Kami geus nembongkeun diri Kami ka Harun karuhun maneh, basa Harun jeung saeusi imahna ngawula ka raja Mesir.

28 Ti saantero kaom Israil, Harun saanak-
anak ku Kami dipilih jadi imam Kami,
purah ngurban dina altar, purah ngukus
seuseungitan jeung purah make epod paragi
tataros ka Kami. Jeung dibere hak meunang
bagian tina kurban-kurban anu dibeuleum
dina altar.
29 Ku naon maneh jadi hawek kana
pangbakti jeung kana kurban-kurban anu
ku Kami dipundut ti umat? Anak maneh
diantep sakama-kama nyokotan daging anu
pangalusna tina hancengan pangbakti ti
umat Kami, nepi ka garendut. Maneh leuwih
ngajenan ka anak ti batan ka Kami.
30 Kami, GUSTI Allah Israil, enya bareto
jangji yen maneh saanak-anak, kitu deui
kaom maneh, salawasna bakal jaradi imam
pikeun Kami. Tapi ayeuna mah paliyas
dilaksanakeun! Anu ngajenan ka Kami ku
Kami bakal diajenan deui, anu ngahina ka
Kami ku Kami bakal dihina deui.
31 Kanyahokeun, pidatangeun mangsa Kami
bakal maehan satiap jelema ngora di maneh
jeung di kaom maneh. Moal aya kulawarga
maneh anu umurna bisa nepi ka kolot.
32 Maneh engke kari ngenes jeung sirik
nenjo berkah anu ku Kami dipaparinkeun ka
hiji urang Israil lianna, da kulawarga maneh
mah saurang ge moal aya anu nepi ka kolot.
33 Ngan saurang turunan maneh anu arek
dihirupan sangkan terus jadi imam kumawula

ka Kami. Tapi bakal lolong jeung leungit harepan. Turunan maneh anu sejenna bakal paraeh ku jalan anu pikapaureun.
34 Lamun anak maneh, Hopni jeung Pinehas geus paraeh duanana sapoe reujeung, eta tanda sagala anu ditimbalkeun ku Kami pasti ngajadi.
35 Kami rek ngangkat hiji imam anu tangtu bakal satuhu, anu bakal ngalakonan sagala pamundut Kami. Ku Kami rek dibere anak incu anu salawasna baku marek ka raja pilihan Kami.
36 Satiap anak incu maneh anu harirup keneh, bakal jajaluk ka eta imam, ngarah duit sacepeng, hakaneun sahuap, bari lumengis menta diidinan babantu ka imam ngarah bisa dahar."
3 1 Dina mangsa-mangsa eta, waktu Samuel kumawulana ka PANGERAN dina panalingaan Eli, carang aya timbalan PANGERAN. Titingalan gaib oge ti Mantenna langka aya.
2 Dina hiji peuting Eli ebog di pajuaran, socana geus meh teu iasa ningali.
3 Ari Samuel mondokna di kamar tempat nyimpen Peti Perjangjian anu suci tea, lampuna ngagateng. Sanggeus deukeut ka subuh,
4 PANGERAN ngagentraan ka Samuel, seug diwangsul, "Nun!"

5 Bari tuluy muru ka Eli, unjukan, "Ieu
abdi, Bapa teh nyaur?" Waler Eli, "Bapa
teu nyalukan! Sare deui ka ditu." Samuel
ngedeng deui ka enggonna.
6 (3:6-7) Ku PANGERAN digentraan deui.
Eta murangkalih teu terangeun yen anu
ngagentraan teh PANGERAN, kawantu
saumurna kakara harita digentraan ku
Mantenna. Korejat deui muru ka Eli, unjukan,
"Ieu abdi, Bapa nyaur?" Waler Eli, "Henteu
anaking, kami teu nyaur. Jung sare deui."
7 (3:6)
8 PANGERAN ngagentraan deui katilu kalina.
Samuel muru deui ka Eli, unjukan, "Ieu abdi,
Bapa ngagentraan." Geus kitu ku Eli kagalih
yen anu ngagentraan ka eta murangkalih teh
PANGERAN.
9 Saurna, "Sare deui bae. Lamun digentraan
deui Ujang kudu ngawangsul, Nun
PANGERAN, sumangga ngandika, abdi
sumeja ngupingkeun." Samuel balik deui ka
enggonna.
10 Ti dinya PANGERAN sumping, ngadeg di
eta kamar, lajeng ngagentraan kawas tadi,
"Samuel! Samuel!" Samuel ngawangsul,
"Sumangga ngandika, abdi sumeja
ngupingkeun."
11 PANGERAN nimbalan, "Kami rek ngadamel
hiji perkara anu matak gimir di Israil, matak
bingung anu ngadenge.

12 Kami rek ngabuktikeun ancaman-ancaman
Kami ka saeusi imah Eli ti mimiti nepi ka
anggeus.
13 Eli ku Kami geus dibejaan yen manehna
jeung saeusi imahna rek dikeunaan siksa
sapapanjangna, sabab anak-anakna geus
ngagogoreng ka Kami. Eli sangkilang
nyahoeun kana kagorengan anak-anakna
henteu nyarek-nyarek acan.
14 Mana Kami sumpah, yen kurban atawa
sasajen naon bae oge moal bisa nyirnakeun
kadorakaan kulawarga Eli anu sakitu
bangetna."
15 Samuel tetep di enggon, turun-turun
sanggeus isuk, tuluy mukaan panto-panto
kemah PANGERAN, bari bingung kumaha
ngabejakeunana eta tetenjoanana ka Eli.
16 Ti dinya Eli ngagentraan, "Samuel, Ujang!"
Jawab Samuel, "Nun!"
17 Eli mariksa, "Nimbalan naon PANGERAN
ka hidep? Caritakeun, ulah aya nu dikemu.
Lamun aya anu dikilungan, tangtu hidep
dibenduan ku Allah."
18 Ku Samuel dicaritakeun sabalakana teu
aya nu disumputkeun. Ari saur Eli, "Mantenna
teh PANGERAN. Sakersa-Na tangtu ngajadi."
19 Ari Samuel beuki ageung, disarengan
ku PANGERAN. Timbalan PANGERAN anu
dicaritakeun ku Samuel tea kabeh kajadian.

20 Ti dinya kaceluk ka sabangsa Israil di
suklakna di siklukna, yen Samuel teh nabi
Allah.
21 Sarta PANGERAN bakal terus ngebrehan
di Silo, di tempat mimiti nembongan jeung
nimbalan ka Samuel. Satiap Samuel micatur
ku bangsa Israil terus digarugu.
4 1 Mangsa eta urang Pelisti sasadiaan rek
merangan Israil. Urang Israil ge geus
taki-taki rek mapag perang. Balad Israil
masanggrahan di Eben Haeser, ari urang
Pelisti di Apek.
2 Ger perang campuh, urang Israil eleh,
baladna anu kasambut aya opat rebu urang.
3 Anu harirup keneh baralik ka pasanggrahan.
Ari ceuk para pamingpinna, "Poe ieu urang
ku PANGERAN dikersakeun eleh ku urang
Pelisti, naon sababna? Coba Peti Perjangjian
PANGERAN urang cokot ti Silo, sina aya di
urang supaya urang luput ti musuh."
4 Tuluy nitahan ka Silo, seug Peti Perjangjian
PANGERAN anu jadi tahta PANGERAN Nu
Maha Kawasa teh digarotong. Dua putra Eli,
Hopni jeung Pinehas ngiringkeun eta Peti
Perjangjian.
5 Sanggeus eta Peti Perjangjian datang, ger
urang Israil sarurak mani ngageder, bumi ge
datang ka inggeung.
6 Urang Pelisti tingtaranya, "Aya naon di
pasanggrahan urang Ibrani, surakna mani
ngageder? Naon maksudna?" Sanggeus

nyarahoeun yen di pasanggrahan Israil aya
Peti Perjangjian PANGERAN,
7 seug sarieuneun. Pok ngaromong, "Allahna
geus aya di pasanggrahanana! Cilaka urang
lamun kieu! Tacan kungsi urang nyorang
kajadian kawas kieu!
8 Saha nu pikuateun nyalametkeun urang ti
eta Allah anu sakitu kawasana? Eta teh Allah
anu bareto numpes urang Mesir di gurun
keusik tea!
9 Eh urang Pelisti! Tong sieun! Sing jaradi
lalaki, ulah nepi ka jadi badega urang Israil
urut badega-badega urang bareto. Hayu
urang maju, sing jaradi lalaki!"
10 Ger urang Pelisti narajang. Urang Israil
eleh, kalabur ka lemburna. Baladna ruksak,
aya tilu puluh rebu urang anu kasambut.
11 Peti Perjangjian Allah karampas. Putra Eli,
Hopni jeung Pinehas duanana tiwas.
12 Aya hiji jelema urang kaom Binyamin,
lumpat ti pangperangan ka Silo, poe eta
keneh nepi. Bajuna disosoeh jeung sirahna
diteundeunan lebu nandakeun prihatin.
13 Harita Eli keur calik dina korsi sisi jalan,
melong ka jauhna bawaning ku melang kana
Peti Perjangjian. Eta jelema terus nyebarkeun
beja ka sakuliahna. Jelema-jelema ear
careurik, sarieuneun.
14 Ngadangu guyur-guyur Eli mariksa, "Aya
naon guyur?" Eta jelema nyampeurkeun ka
Eli rek bebeja.

15 (Harita yuswa Eli geus meh salapan puluh
dalapan taun, geus meh teu iasa ningali.)
16 Eta jelema unjukan, "Sadinten jeput abdi
lumpat ti pangperangan ka dieu." Eli mariksa,
"Kumaha Ujang, aya naon?"
17 Jawab anu mawa beja, "Israil kabur ti
urang Pelisti. Urang kasoran nemen pisan!
Jabi ti kitu teh tuang putra Hopni sareng
Pinehas tiwas, Peti Perjangjian Allah oge
karampas!"
18 Ngadangu Peti Perjangjian karampas Eli
geubis ngalenggak, tijengkang tina korsina di
sisi lawang. Ku sabab geus kacida sepuhna
jeung salirana bayuhyuh, barang geubis
teh tenggekna potong, kereles pupus. Ari
ngurusna ka urang Israil opat puluh taun.
19 Mantu Eli, randa Pinehas harita keur
ngandung sabroleun. Barang ngadenge
yen Peti Perjangjian karampas, turug-turug
mertuana pupus jeung carogena tiwas,
ujug-ujug purungkut, brol bae ngalahirkeun.
20 Barang rek pupus, ditegeran ku awewe-
awewe anu nulungan ngalahirkeun, "Sing kiat
Juragan, putra teh pameget!" Tapi anjeunna
teu nolih, teu ngawaler.
21 Ari putrana dijenenganan Ikabod, saurna,
"Kamulyaan Allah geus nyingkah ti Israil,"
lantaran Peti Perjangjian karampas, mertuana
pupus, carogena tiwas.

22 Jadi saurna, "Kamulyaan Allah geus teu
aya di Israil, sabab Peti Perjangjian Allah geus
karampas."
5 1 Peti Perjangjian anu geus karampas ku
urang Pelisti dibawa ti Eben Haeser ka
Asdod, kota maranehna,
2 diteundeun di kuil Dewa Dagon di gigireun
eta brahala.
3 Barang bray isuk kasampak arca Dagon teh
nyuksruk kana taneuh, nyuuh hareupeun Peti
Perjangjian. Seug eta arca teh ditangtungkeun
deui dina tempatna.
4 Isukna deui eta arca teh kasampak geus
nyuksruk deui hareupeun Peti Perjangjian,
malah huluna jeung leungeunna duanana
geus marisah, ngagaloler dina bangbarung,
ngan kari awakna.
5 (Mana nepi ka ayeuna ge imam-imam
Dagon, kitu deui sakur anu rek maruja ka
kuil di Asdod tara aya anu nincak kana eta
bangbarung, ngan ngalengkahan wungkul.)
6 Urang Asdod ku PANGERAN dihukum
jeung diguyurkeun. Urang dinya jeung
sakurilingeunana digebug ku kasakit bungkul.
7 Meunang balahi kitu urang Pelisti nyararita
kieu, "Urang, kitu deui batara Dagon, disiksa
ku Allahna urang Israil. Eta Peti Perjangjian
ulah aya di dieu."
8 Ti dinya maranehna nitah ngalulungsur
raja-raja Pelisti anu kabehna limaan,
dipentaan nasehat, "Kedah dikumahakeun

Peti Perjangjian Allahna urang Israil teh?"
Jawabna, "Pindahkeun ka Gat!" Tuluy
dipindahkeun ka Gat, kota sejen di Pelisti.
9 Ari nepi ka Gat, urang dinya ge ku
PANGERAN diguyurkeun, digebug ku kasakit
bungkul, kolot budak taya nu kari.
10 Seug Peti Perjangjian teh dipindahkeun
ka Ekron, di Pelisti keneh. Barang nepi,
urang Ekron tingjerewet, pokna, "Make
dipindahkeun ka dieu eta Peti Perjangjian
Allahna urang Israil teh, ngarah urang
pararaeh!"
11 Ti dinya ngalulungsur deui raja-raja
Pelisti anu limaan tea. Ceuk maranehna,
"Pulangkeun eta Peti Perjangjian urang Israil
teh ka asalna, ulah nepi ka meakkeun bangsa
urang!" Sakuliah kota eta jadi kacida guyurna
nandangan panyiksa ti PANGERAN sakitu
bangetna.
12 Anu tacan paraeh, keuna ku eta bungkul,
nepi ka jalma-jalma teh tingjarerit marenta
tulung ka batarana.
6 1 Peti Perjangjian PANGERAN ayana di
urang Pelisti geus tujuh bulan.
2 Geus kitu urang dinya ngala imam-imam
jeung tukang-tukang nujum. "Kudu kumaha
urang teh ka eta Peti Perjangjian PANGERAN?
Mun dipulangkeun kudu bari mere naon?"
3 Jawabna, "Enya, mun eta Peti Perjangjian
Allahna urang Israil dipulangkeun, kudu
make kikiriman keur nebus dosa maraneh.

Ulah pulang kosong kitu bae. Malak mandar
maraneh calalageur, jeung nyaraho, naon
sababna nu matak disiksa."
4 "Kudu ngahaturanan naon atuh?" ceuk
jalma-jalma. Jawabna, "Bubungkulan tina
emas jeung beubeuritan tina emas, lima-lima
siki nurutkeun bilangan lima raja-raja Pelisti,
sabab ieu balahi teh teurakna ka maraneh
jeung ka raja-raja anu lima.
5 Mana kudu dijieun tironanana, bungkul
jeung beurit anu geus ngaruksak di tanah
maraneh. Jeung maraneh kudu nembongkeun
hormat ka Allahna urang Israil, malak mandar
kersaeun nyabut siksaana-Na ti maraneh, ti
batara jeung tanah maraneh.
6 Naon gunana nurutan bedegongna raja
Mesir sarahayatna teh? Piraku geus paroho
maranehna ku Allah dikumahakeun, nepi ka
kapaksa ngidinan urang Israil budal ti Mesir.
7 Ayeuna sadiakeun padati anyar,
pasangkeun ka dinya dua sapi nu keur anakan
jeung tacan kungsi dipake narik nanaon,
anakna kandangkeun.
8 Peti Perjangjian PANGERAN puatkeun.
Bubungkulan emas jeung beubeuritan
emasna petian, teundeun gigireunana keur
pangbakti ka Anjeunna, pikeun nebus dosa
maraneh. Sina ditarik padatina ku sapi,
ingkeun sina leumpang karepna sorangan.
9 Awaskeun ka mana majuna. Lamun ka Bet
Semes tetela balahi teh enya ti Allahna urang

Israil. Lamun lain ka dinya, balahi teh lain ti Anjeunna, keur kapareng bae."
10 Prak dipetakeun, sapi dipasang kana padati, anakna dikandangkeun.
11 Peti Perjangjian diunggahkeun kana padati, kitu deui peti bubungkulan jeung beubeuritan emasna.
12 Tuluy sapi teh maju meneran jalan anu ka Bet Semes, tonggoy henteu pungkal-pengkol bari disarada emoh-emohan, dituturkeun ku lima raja tea nepi ka wates Bet Semes.
13 Urang Bet Semes keur di taregal dibaruat. Barang narenjoeun teh kacida aratoheunana.
14 Srog padati nepi ka lahan Yosua urang Bet Semes, reg eureun deukeut hiji cadas lempar. Padatina ku urang dinya tuluy dibeulahan, sapina dipareuncit dikurbankeun ka PANGERAN.
15 Peti Perjangjian jeung peti bubungkulan jeung beubeuritan emasna diangkat ku urang Lewi, diteundeun dina cadas lempar tea. Prak urang Bet Semes ngahaturkeun kurban beuleuman jeung kurban lianna deui ka PANGERAN.
16 Sapeta-petana diarawaskeun ku raja-raja Pelisti anu limaan, geus kitu eta raja-raja teh baralik ka Ekron poe eta keneh.
17 Bubungkulan emas pangbakti urang Pelisti ka PANGERAN teh pikeun panebus dosa maranehna ti lima nagara Pelisti: Ti Asdod

hiji, ti Gasa hiji, ti Askelon hiji, ti Gat hiji, ti Ekron hiji.
18 Beubeuritan emasna oge ti tiap nagara
anu lima keneh, nya eta ti nagara-nagara
cangkingan raja nu limaan, ngurung kota-kota
anu make kuta jeung desa-desa pasisianana.
Batu cadas lempar di lahan Yosua urang
Bet Semes urut neundeun Peti Perjangjian
PANGERAN tea aya nepi ka kiwari, jadi saksi
tina kajadian harita.
19 Tapi urang Bet Semes ahirna jadi prihatin,
sabab aya anu tiwas ku PANGERAN nepi ka
tujuh puluh jelema, lantaran narempo kana
Peti Perjangjian.
20 Ceuk urang Bet Semes, "Ari kieu mah saha
nu kuat cicing di payuneun PANGERAN, Allah
anu suci? Kudu ka mana dipindahkeunana
supaya jauh ti urang?"
21 Tuluy nitahan jelema ka urang Kiryat
Yarim, talatahna, "Peti Perjangjian PANGERAN
parantos dipulangkeun ku urang Pelisti. Geura
candak."
7 1 Seug Peti Perjangjian PANGERAN teh
digarotong ku urang Kiryat Yarim, tuluy
diteundeun di imah Aminadab, pernahna
di hiji pasir. Ti dinya tuluy nyucikeun anak
Aminadab anu ngaran Elasar sina ngurus eta
Peti.
2 Peti Perjangjian PANGERAN ayana di Kiryat
Yarim lila pisan, kira-kira dua puluh taun. Nya

sakitu lilana urang Israil tingaraduh butuh ku pitulung PANGERAN.
3 Geus kitu Samuel ngalahir ka urang Israil, "Lamun bener maraneh rek enya-enya tarobat ka PANGERAN, aallahan bangsa sejen jeung arca-arca Dewi Astoret kudu dipiceun, singkirkeun. Pasrahkeun diri sagemblengna ka PANGERAN, sarta kudu nyembah ka Mantenna bae. Tangtu Mantenna bakal ngaluputkeun maraneh tina kakawasaan urang Pelisti."
4 Seug urang Israil miceunan sesembahanana, arca Dewa Baal jeung arca Dewi Astoret, terus nyarembahna ngan ka PANGERAN wungkul.
5 Geus kitu Samuel marentah supaya urang Israil kumpul kabeh di Mispa. Saurna, "Bapa arek mangnedakeun maraneh di ditu."
6 Seug urang Israil ngumpul di Mispa. Ti dinya maranehna nimba, caina dibahekeun tanda dibaktikeun ka PANGERAN. Sapoe eta maranehna paruasa sarta ngaromong kieu, "Kuring tarima dosa ka PANGERAN." (Ari Samuel di Mispa teh muka pangadilan, ngahakiman perkara urang Israil.)
7 Urang Pelisti meunang beja yen urang Israil keur kumpul di Mispa, seug lima raja urang Pelisti budal mawa balad arek nempuh. Urang Israil sarieuneun,
8 pok arunjukan ka Samuel, "Mugi ulah petot-petot neneda ka Allah urang, mugi-mugi

urang ku Mantenna diluputkeun ti urang Pelisti."
9 Samuel meuncit hiji anak domba, tuluy diduruk kabeh dikurbankeun ka PANGERAN. Geus kitu anjeunna sasambat ka PANGERAN nyuhunkeun pitulung pikeun urang Israil. Panyambatna ku PANGERAN dikabul.
10 Waktu Samuel keur ngahaturkeun eta kurban, urang Pelisti geus murubul arek nyelempek. Tapi ku PANGERAN dipapag ku sora pating gulugur di langit, tuluy gujrud nepi ka paburisat.
11 Breg ku urang Israil diambreg ti Mispa, terus dibeledig meh nepi ka Bet Kar, sapapanjang jalan disarabetan ku pedang.
12 Geus kitu Samuel nangtungkeun hiji batu antara Mispa jeung Sen, sarta saurna, "Tepi ka poe ieu PANGERAN mitulung ka urang." Eta batu ku anjeunna dingaranan "Eben Haeser" hartina: Batu Pitulung.
13 Urang Pelisti geus eleh. Saterusna ku PANGERAN dicegah sangkan maranehna ulah bisa deui ngarurug ka wewengkon urang Israil sapanjang Samuel jumeneng.
14 Kota-kota antara Ekron jeung Gat anu geus karebut ku urang Pelisti, kabeh beunang deui ku urang Israil. Ku hal eta wewengkon Israil jadi weuteuh deui. Jaba ti kitu, urang Israil jadi rapih jeung urang Kanaan.
15 Samuel ngapingna ka urang Israil teh sapanjang jumenengna.

16 Saban taun anjeunna sok nguriling ka
Betel, Gilgal jeung Mispa, sarta saban-saban
sumping sok muka pangadilan ngahakiman
perkara.
17 Sabada kitu tuluy mulih ka Ramah. Di
dinya ge jadi hakim. Di Ramah anjeunna
ngadegkeun hiji altar baktikeuneun ka
PANGERAN.
8 1 Sanggeus beuki sepuh Samuel ngangkat
putra-putrana jadi hakim di Israil.
2 Putra nu pangsepuhna jenenganana Yoel,
ari raina Abia, duanana jaradi hakim di
Bersyeba.
3 Tapi lampahna henteu cara ramana,
moro-moro duit bae, nepi ka daraek nampa
pangruruba ari mutus perkara tara jujur.
4 Pamingpin Israil kabeh baradami, geus kitu
ngadareuheus ka Samuel di Ramah.
5 Pok arunjukan, "Bapa parantos sepuh,
dupi putra benten deui ti rama. Ku margi
kitu kedah aya raja anu pingatureun.
Jadi abdi-abdi hayang gaduh raja cara
nagara-nagara sanes."
6 Samuel teu raos manahna ngadangu nu
marenta raja, tuluy neneda ka PANGERAN.
7 Ari timbalan PANGERAN, "Gugu
sapamentana. Anu ditolak lain maneh, tapi
Kami, raja maranehna.
8 Ingkarna ti Kami geus ti bareto. Ti
barang dibudalkeun ti Mesir ge geus
mimiti nyarembah ka allah-allah sejen.

Peta kalakuanana ka maneh ayeuna, nya
kalakuanana ka Kami sapapanjangna.
9 Mana keun bae turutkeun. Tapi omat-
omatkeun kumaha kituh balukarna engke ari
geus baroga raja."
10 Tuluy nu marenta raja teh ku Samuel
dicariosan sakumaha timbalan PANGERAN,
saurna,
11 "Kieu engke raja maraneh metakeun
maraneh teh," Samuel nerangkeun. "Anak
maraneh bakal disina arasup tentara,
sawarehna disina mawa kareta perang,
sawarehna dijieun tentara pasukan kuda,
sawarehna deui dijieun purah lumpat
hareupeun kareta perang,
12 sawareh disina jaradi kapala balad sarebu,
sawarehna deui jadi kapala balad lima
puluh. Aya oge anu disina ngawaruluku di
lahan-lahan raja jeung mibuatanana, jeung
aya anu disina nyarieunan pakarang jeung
nyarieunan pakakas kareta perang.
13 Anu awewe disina nyarieunan
seuseungitan pikeun raja, disina jaradi
koki, disina jaradi tukang nyieun kueh
tuangeun raja.
14 Lahan-lahan maraneh anu pangalusna,
kebon-kebon anggur, kebon-kebon jetun,
ku raja bakal dicokot dibikeun ka para
gegedenna.

15 Gandum jeung buah anggur maraneh
bakal dicokot saperpuluhna, pikeun para
pangawal karaton jeung para gegeden lianna.
16 Gandek-gandek, sapi-sapi nu pangalusna
kitu deui kalde-kalde maraneh, aya anu
dicokot sina dipake digawe pikeun raja.
17 Ingon-ingon maraneh saperpuluhna
dicokot, sarta maraneh sorangan kudu jaradi
badegana.
18 Jadi lamun geus baroga raja, maraneh
bakal rumahuh ka raja beunang hayang
maraneh. Tapi rumahuh ge ku PANGERAN
moal didangu."
19 Kasauran Samuel teu dipirosea, pokna ge,
"Sawios da hayang gaduh raja,
20 hayang cara nagara-nagara batur gaduh
raja sorangan, anu bakal ngatur sareng
mingpin jurit di pangperangan."
21 Samuel mungkur ti maranehna. Sagala
omongan jalma-jalma tea diunjukkeun ka
PANGERAN.
22 Ari timbalan PANGERAN, "Ayunkeun naon
kahayangna, pek bere raja." Ti dinya eta
jelema-jelema urang Israil teh ku Samuel
dititah baralik.
9 1 Aya hiji jelema kaom Binyamin,
ngaranna Kis bin Abiel incu Seror, kaasup
rundayan Bekorat ti bani Apiah, jelema sugih
mukti.
2 Boga anak lalaki ngaranna Saul, kasep keur
meumeujeuhna pisan, awakna jangkung,

anu sejen mah ngan semet taktakna, sarta kasepna meakkeun batur.
3 Dina hiji poe kalde Kis leungit sababaraha siki. Tuluy nitah diteangan ku Saul, pokna, "Teangan kalde teh. Menta dianteur ka gandek saurang."
4 Bral Saul jeung gandek arindit, tuluy ngubek sapagunungan Epraim jeung sawewengkon Salisa, tapi kalde teh teu kapanggih di dinya. Ti dinya disaksrak ka Saalim, tapi di dinya ge teu aya. Sup ka wewengkon Binyamin teu aya keneh.
5 Sanggeus aya di wewengkon Sup, Saul nyarita ka gandek, "Urang balik bae bisi ama deudeupeun, asal melang ka kalde jadi melang ka urang."
6 Jawab gandek, "Di dieu aya jalmi lepus pada mikaserab ku sadaya, saucap-ucapna nyata. Urang taros manawi iasaeun nuduhkeun kalde anu leungit."
7 Ceuk Saul, "Ngadeuheus teh naon bawaeun, bekel geus beak geus euweuh naon-naon, boro-boro keur ngahaturanan."
8 Ceuk gandek, "Ieu aya di abdi, artos perak alit. Haturanan ieu bae manawi kersaeun nuduhkeun di mana eta kalde-kalde teh."
9 (9:9-11) Ceuk Saul, "Sukur atuh, hayu!" Bral arindit ngajugjug ka pangcalikan abdi Allah tea. Barang keur naranjak ka tempat abdi Allah anu ayana di hiji pasir, paamprok jeung parawan-parawan urang dinya anu rek

ngarala cai, seug ditanya, "Ari juru tingal aya di bumina?" (Jaman harita mah nabi teh disebutna juru tingal. Jadi lamun aya anu rek tataros ka Allah, ngomongna teh, "Hayu urang ka juru tingal.")
10 (9:9)
11 (9:9)
12 (9:12-13) Jawabna, "Aya, malah itu tuh di payun keur ka tonggohkeun. Upami diudag tangtos kasusul. Sajolna engke ka lebet kota tangtos enggal kapendak. Nembe sumping dinten ieu, margi di dieu bade ngayakeun kurban dina altar di puncak pasir. Memeh sumping anjeunna mah kurban teu acan kenging ditareda, kedah diberkahan heula ku anjeunna. Enggal, bilih anjeunna kabujeng ka puncak ngersakeun tuang."
13 (9:12)
14 Saul jeung gandek nuluykeun leumpangna ka jero kota. Barang sup katenjo Samuel keur ka dieukeun seja ngabujeng ka tempat babakti.
15 Poe kamarina Samuel ku PANGERAN geus dicariosan kieu,
16 "Isukan kira-kira wayah kieu Kami rek ngadatangkeun hiji jelema ka maneh, urang kaom Binyamin. Ku maneh minyakan ku minyak suci, jieun raja sina ngarajaan umat Kami Israil. Eta teh anu bakal ngajait urang Israil ti urang Pelisti. Kami uninga kumaha

sangsarana urang Israil, sasambatna menta
tulung ku Kami geus kadangu."
17 Barang Samuel neuteup ka Saul,
PANGERAN nimbalan, "Tah eta jelema anu
ceuk Kami tea. Eta anu bakal ngarajaan umat
Kami teh."
18 Saul nyampeurkeun ka Samuel deukeut
lawang kori, pok nanya, "Dupi bumi juru
tingal teh palih mana?"
19 Waler Samuel, "Ieu Bapa juru tingal teh.
Jung ti heula ka tempat babakti. Hidep poe
ieu kudu dahar jeung Bapa. Hal kaperluan
hidep mah isukan isuk-isuk ku Bapa dijawab.
Geus kitu kakara engke ku Bapa dijurung
balik.
20 Perkara kalde anu leungit geus tilu
poe, teu kudu dipake salempang, geus
kapanggih. Tapi, saha coba anu kacida
dipikahayangna ku urang Israil? Hidep pisan,
jeung sabaraya-baraya hidep."
21 Wangsul Saul, "Abdi teh ti kaom Binyamin,
kaom anu pangalitna di Israil. Kawuwuh-
wuwuh di kaom Binyamin oge wargi-wargi
abdi mah sadayana sanes jalmi penting. Naon
maksad kasauran Bapa bieu perkawis diri
abdi?"
22 Saul jeung gandekna ku Samuel dicandak
ka hiji rohangan lega, didiukkeunana
nyanghareupan meja panggirangna, anu geus
diriung ku kira-kira tilu puluh urang tamu.

23 Samuel ngalahir ka nu popolah, "Daging
anu ti kami, anu ceuk kami pangnyimpenkeun
tea kadieukeun."
24 Seug daging teh ku nu popolah diangkat
sapingping, sok diidangkeun ka hareupeun
Saul. Geus kitu Samuel ngalahir deui, "Ieu
teh bagian meunang Bapa misahkeun keur
hidep. Mangga dituang. Ngahaja ku Bapa
disimpen keur hidep, supaya dituang ayeuna
bareng jeung tamu-tamu ondangan Bapa."
Jadi dina poe eta Saul dahar bareng jeung
Samuel.
25 Sanggeus marudun ti tempat babakti ka
kota, Saul dipangnetebahkeun enggon keur
mondok di loteng.
26 Reup Saul sare. Wanci balebat ku Samuel
dihudangkeun, saurna, "Geura hudang, ku
Bapa rek dijurung mulang." Sanggeus hudang
ku Samuel dijajapkeun.
27 Nepi ka wates kota Samuel sasauran
ka Saul, "Gandek hidep jurungkeun sina ti
heula." Sanggeus gandek tea indit, Samuel
sasauran deui, "Cicing heula sakedap, Bapa
rek nepikeun timbalan Allah ka hidep."
10 1 Ti dinya Samuel ngaluarkeun buli-buli
minyak jetun, minyakna dikucurkeun
kana sirah Saul. Geus kitu anjeunna nyium
ka Saul sarta ngalahir, "Hidep ku PANGERAN
dilisahan, dijenengkeun pikeun ngatur
umat-Na urang Israil. Atur ku hidep, jaga ti

musuh-musuhna. Tandana yen hidep dianggo
ku PANGERAN jadi raja umat-Na teh kieu:
2 Sanggeus hidep poe ieu pisah ti Bapa,
engke di Selsah wewengkon Binyamin,
deukeut makam Rahel, hidep bakal amprok
jeung dua jelema anu rek pupulih ka hidep
yen kalde nu keur diteangan teh geus
kapanggih. Bapa hidep geus teteg manahna,
kari melangna ka hidep mani pok deui, pok
deui nataroskeun, Ka mana kudu diteangna
atuh si ujang teh?
3 Ti dinya hidep kudu terus leumpang nepi
ka tangkal karamat di Tabor. Di dinya bakal
papanggih jeung tilu jelema anu rek ka Betel
rek babakti ka Allah. Nu saurang nungtun tilu
anak embe, nu saurang mawa roti tilu siki,
nu saurang deui mawa cai anggur sawadah
pinuh.
4 Bakal nyalaman ka hidep jeung nawaran
roti dua siki. Tarima!
5 Ti dinya kudu terus ka Pasir Allah di Gibea,
anu keur dipake masanggrahan ku urang
Pelisti. Di lawang kota bakal pasanggrog
jeung rombongan nabi anu keur marudun
tas ngurban di luhur pasir, narabeuh kacapi,
terebang, suling, jeung gambus, bari ngarigel
jeung tinghaleuang.
6 Sabot kitu hidep bakal katungtun ku Roh
PANGERAN, jadi beda ti biasa, tuluy milu
ngigel jeung ngahaleuang.

7 Upama eta ciri-ciri enggeus bukti,
turutkeun sagala tungtunan Allah.
8 Hidep kudu miheulaan Bapa ka Gilgal,
engke ku Bapa ditepungan di ditu, urang
nyanggakeun kurban beuleuman jeung
kurban karapihan. Dago bae di dinya tujuh
poe nepi ka Bapa datang nuduhan pilakueun
hidep."
9 Barang Saul malik ti Samuel neruskeun
laku, ku kersaning Allah jadi asa salin jinis.
Jeung ciri-ciri anu dilahirkeun ku Samuel tea
poe eta kajadian.
10 Jol ka Gibea, Saul jeung gandekna
pasanggrog jeung rombongan nabi. Ku
kersaning Roh Allah Saul ujug-ujug milu
ngigel jeung ngahaleuang marengan eta
nabi-nabi.
11 Urang dinya anu geus warawuheun ka
Saul, narenjo Saul ngigel teh jadi tingtaranya,
pokna, "Keur naon eta anak Bapa Kis teh?
Geus jadi nabi, kitu?"
12 Ceuk nu saurang, "Ari eta nabi-nabi anu
loba, coba saha bapana?" Ti semet harita di
dinya jadi aya kacapangan kieu, "Kutan Saul
oge jadi nabi?"
13 Eureun ngigel jeung hahaleuangan Saul
terus ka tempat babakti di luhur pasir.
14 Pamanna nenjoeun ka Saul jeung
gandekna, tuluy nanya, "Tas ti marana?"
Ceuk Saul, "Tas milarian kalde leungit. Mung

ku margi henteu kapendak, lajeng ka Bapa Samuel."
15 "Kumaha saurna?" ceuk pamanna.
16 Jawab Saul, "Saurna kalde parantos kapendak." Ari pilahir Samuel perkara anjeunna bakal jadi raja mah disidem bae.
17 Jalma-jalma ku Samuel dipiwarang kumpul di Mispa pikeun kumpulan ngabakti.
18 Pilahirna, "Kieu timbalan PANGERAN Allah Israil, Maraneh ku Kami dicandak ti Mesir, disalametkeun ti urang Mesir jeung ti bangsa-bangsa lianna anu ngagencet ka maraneh.
19 Kami teh Allah maraneh, anu nyalametkeun maraneh tina sagala kacilakaan jeung kasukeran. Tapi ayeuna maraneh ka Kami marenta raja, jadi Kami teh ditoker. Tapi kajeun. Geura karumpul payuneun PANGERAN, nurutkeun kaom jeung golongan masing-masing."
20 Geus kitu unggal kaom ku Samuel dipiwarang ngasrog ka hareup. Seug ku PANGERAN katujul kaom Binyamin.
21 Tuluy kulawarga-kulawarga ti kaom Binyamin sina maju ka hareup, tuluy katujul kulawarga Matri. Sanggeus kulawarga Matri ka hareup, anu katujul teh Saul bin Kis. Tapi barang ditareangan teh Saul teu aya di dinya.
22 Tuluy ditaroskeun ka PANGERAN, "Dupi jalmina aya di dieu?" Waler PANGERAN, "Saul keur nyumput di tukangeun barang-barang."

23 Tuluy sawareh lalumpat neang, Saul tuluy
dibawa ka hareupeun jalma rea. Ari beh kaciri
jangkungna nyongcolang ti batur, nu sejen
mah ngan semet taktakna.
24 Samuel ngalahir, "Ieu anu ditujul ku
PANGERAN teh! Di urang mah teu aya deui
anu kawas anjeunna." Ger jalma-jalma surak,
pokna, "Wilujeng raja!"
25 Ti dinya Samuel ngalahir ka jalma rea,
ngadadar perkara hak jeung kawajiban raja,
malah tuluy diseratkeun jadi kitab, anu
saterusna disimpen di tempat suci. Geus kitu
jelema-jelema dipiwarang marulang.
26 Saul oge mulih ka Gibea, disarengan ku
sawatara urang jelema anu garagah, anu
hatena digerakkeun ku Allah.
27 Tapi aya jelema-jelema anu bangkawarah
ngaromong kieu, "Mana bisa jelema kitu
aya pigunaeunana keur urang?" Maranehna
nganggap enteng ka Saul jeung teu mere
hadiah naon-naon.
11 1 Heuleut sabulan ti harita, kota Yabes
di wewengkon Gilad diperangan, geus
dikepung ku Raja Nahas sabaladna ti nagara
Amon. Urang Yabes seja taluk tuluy haturan
ka Nahas, pokna, "Kaula sumeja taluk, mung
nyuhunkeun jangji."
2 Tembal Nahas, "Heug kami jangji, tapi aya
saratna: Mata katuhu maraneh kudu dicokel
sangkan kaciri hinana urang Israil."

3 Tembal pamingpin urang Yabes, "Menta
tempo tujuh poe rek ngutusan heula ka
sakuliah tanah Israil. Lamun geus teu aya anu
sanggup ngabantuan, kaula sumeja pasrah."
4 Beja ti utusan urang Yabes geus nepi ka
Gibea pangcalikan Saul. Urang dinya jadi ear
tingjarerit.
5 Harita Saul kakara sumping ti tegal
ngagiringkeun sapi. Pok mariksakeun, "Aya
naon jelema-jelema tingjarerit?" Tuluy
diunjukkeun beja anu katarima ti urang
Yabes.
6 Barang ngadangu warta kitu, ku kersaning
Allah manahna ngentab asa kasebit.
7 Kek kana sapi dua, sapi teh dipeuncit tuluy
dipotong-potong. Potongan-potonganana
dipiwarang diider-ider ka sakuliah tanah
Israil, sarta timbalanana, "Sing saha anu
henteu indit perang ngiring ka Saul jeung
Samuel, sapina rek dikieukeun! Bring urang
Israil arindit, geus samiuk lir jalma saurang,
sabab sieuneun dibenduan ku PANGERAN.
8 Ku Saul dikumpulkeun di Besek. Aya
300.000 jelema ti Israil jeung 30.000 ti Yuda.
9 Utusan ti Yabes ditalatahan kieu, "Bejakeun
ka dulur-dulur di ditu, isukan ge samemeh
burit geus bebas." Meunang beja kitu urang
Yabes teu kira-kira barungaheunana.
10 Tuluy haturan ka Nahas, "Isukan kaula rek
pasrah, mangga kumaha sakersa."

11 Poe isukna balad teh ku Saul dibagi tilu.
Wanci balebat tuluy muru pasanggrahan
musuh. Der balad Amon ditarajang, sarta
memeh tengah poe geus gempar patulayah,
anu harirup keneh paburisat, masing-masing
nyalametkeun dirina sorangan-sorangan.
12 Bangsa Israil arunjukan ka Samuel, "Mana
jalmi-jalmi anu kamari ieu nyebatkeun Saul
teu pantes jadi raja teh? Mugi diselehkeun
bade diperenan!"
13 Tapi saur Saul, "Poe ieu ulah aya jelema
anu dipaehan. Sabab poe ieu urang Israil
geus disalametkeun ku PANGERAN."
14 Ari pilahir Samuel, "Hayu urang ka Gilgal
deui. Urang embarkeun sakali deui yen Saul
raja."
15 Brul kabeh ka Gilgal. Di dinya di
tempat suci Saul diumumkeun jadi raja.
Tuluy jalma-jalma nyaranggakeun kurban
karapihan. Eta kajadian ku Saul jeung ku
sarerea dipestakeun.
12 1 Ti dinya Samuel ngalahir ka bangsa
Israil, "Pamenta maraneh ka Bapa
geus dicumponan. Menta raja geus aya.
2 Menta supaya aya anu ngatur geus aya.
Balikanan Bapa mah geus kolot ngan kari
huis. Sukur anak-anak Bapa barisaeun keneh
marengan ka maraneh. Bapa ngapalaan
maraneh teh ti ngongora nepi ka ayeuna.
3 Ayeuna, ieu Bapa hareupeun maraneh.
Bisi Bapa geus nyieun kasalahan, pek geura

salahkeun ayeuna, didieu, di payuneun
PANGERAN jeung di payuneun raja pilihana-
Na. Saha anu sapina atawa kaldena kungsi
dicokot ku Bapa? Saha anu geus kungsi
dinyeyeri atawa diteungteuinganan ku Bapa?
Ti saha Bapa kungsi nampa panyogok? Bisi
kungsi Bapa ngajalankeun salah sarupa ti nu
bieu disebutan, arek ditebus ayeuna."
4 Raong sarerea, "Teu acan! Bapa tara
nganyenyeri, tara neungteuinganan, tara
barang candak ti saha-saha."
5 Saur Samuel, "Lamun kitu tetela
Bapa henteu boga salah naon-naon ka
maraneh. PANGERAN jeung raja pilihana-Na
saksina." "Leres, PANGERAN saksina," jawab
maranehna.
6 Samuel ngalahir deui, "PANGERAN teh anu
ngutus Musa jeung Harun, jeung nginditkeun
karuhun maraneh ti Mesir.
7 Ayeuna pek narangtung heula urang
urusan, kasaksian ku PANGERAN. Bapa
arek mulangkeun ingetan maraneh kana
sagala padamelan PANGERAN anu aragung
enggoning nulungan maraneh jeung karuhun.
8 Waktu Yakub sapala putra sumping ka
Mesir, waktu karuhun maraneh dikaniaya
ku urang Mesir, waktu nyambat pitulung
PANGERAN, Mantenna ngutus Musa jeung
Harun anu nginditkeun maranehanana ti
Mesir nepi ka bisa maratuh di ieu tanah.

9 Tapi tuluy maropohokeun ka PANGERAN
Allahna. Mana ku Mantenna diantep
diperangan ku urang Pelisti, ku raja Moab,
jeung ku Sisera panglima perang kota Hasor.
Areleh.
10 Seug sasambat marenta tulung ka
PANGERAN, Nun PANGERAN, abdi sadaya
rumaos dosa, parantos ingkar, maruja ka
arca-arca Dewa Baal sareng Dewi Astoret.
Mugi ngajait abdi sadaya, sumeja sumembah
ka Gusti.
11 Mantenna ngutus Gidion, tuluy Barak,
tuluy Yepta, pangahirna Bapa, masing-masing
geus ngajait maraneh ti musuh-musuh, nepi
ka maraneh bisa hirup tengtrem.
12 Tapi barang diancam ku Raja Nahas ti
Amon, maraneh bet noker ka PANGERAN, raja
maraneh anu geus aya, bari tuluy marenta
ka Bapa. Ceuk maraneh, Hayang gaduh raja,
hayang aya anu ngatur.
13 Tah ieu raja beunang maraneh milih,
beunang hayang, paparin ti PANGERAN.
14 Upama maraneh ngagungkeun ka
PANGERAN Allah, sumembah, gumusti,
henteu mungpang kana sagala timbalana-Na,
sarta raja maraneh anut ka Mantenna,
maraneh tangtu jamuga.
15 Sabalikna lamun henteu gumusti, henteu
narurut kana sagala timbalana-Na, maraneh
jeung raja bakal dilawan ku Mantenna.

16 Caricing heula daragoan, urang nyaksian
anu baris dipidamel ku PANGERAN.
17 Ayeuna usum katiga, lain? Tapi Bapa rek
nyuhunkeun hujan dibarung ku guludug ka
PANGERAN. Lamun kabuktian, eta nyirikeun
maraneh teh dosa gede geus menta raja ka
PANGERAN."
18 Seug Samuel neneda, breg PANGERAN
nurunkeun hujan dibarengan ku guludug.
Jalma-jalma jadi sarieuneun ku PANGERAN
jeung ku Samuel.
19 Seug arunjukan, "Abdi sadaya
pangnedakeun ka PANGERAN Allah panutan
Bapa supados ulah tariwas. Leres pisan
abdi-abdi teh dosa ka PANGERAN, nya ku
rupi-rupi perkawis, nya ku nyuhunkeun raja."
20 Waler Samuel, "Geus, najan enya sakitu
dorakana oge ulah sarieun. Asal ulah
murtad-murtad deui ti PANGERAN, jeung
masing ngesto enya-enya ka Mantenna.
21 Ulah kairid ku aallahan da moal barisaeun
nulungan nyalametkeun maraneh, euweuh
naon-naonna saenyana mah.
22 Maraneh teh ku PANGERAN geus
diikrarkeun moal ditilarkeun, sabab Mantenna
geus mutuskeun baris ngangkat maraneh jadi
umat-Na.
23 Atuh bapa oge paliyas nepi ka cul
mangnedakeun, sabab matak dosa ka
PANGERAN. Bapa teh hayang ngawurukan

ka maraneh, nuduhkeun kalakuan anu hade
jeung bener.
24 Kudu aranut ka PANGERAN, masing
enya-enya ngesto ka Mantenna. Sing aringet,
sakitu agungna pitulung Mantenna ka
maraneh.
25 Lamun kalakuan maraneh doraka bae,
maraneh jeung raja tan wande meunang
panyiksa."
13 1 Waktu Saul mimiti jadi raja, yuswana
henteu kacaritakeun. Ari ngarajaanana
dua taun.
2 Hiji mangsa Saul milih tilu rebu perjurit,
dua rebu sina nyarengan anjeunna di
Mikmas jeung di kota pagunungan Betel, anu
sarebu deui dikapalaan ku Yonatan putrana,
dikintunkeun ka Gibea wewengkon Binyamin.
Sesana sina baralik.
3 Di Geba Yonatan niwaskeun panglima urang
Pelisti sarta bejana geus nepi ka urang Pelisti.
Geus kitu Saul ngintunkeun utusan-utusan
ngider ka sakuliah tanah, mere tangara ku
tarompet supaya sakumna bangsa Ibrani
kudu maju perang.
4 Sanggeus dibarejaan yen urang Pelisti
ngarambek lantaran panglimana geus tiwas
ku Saul, urang Israil ragem seja ngiring ka
Saul di Gilgal.
5 Urang Pelisti geus taki-taki rek merangan
urang Israil. Kakuatanana tilu puluh rebu
kareta perang, genep rebu serdadu kuda,

serdadu leumpangna lobana cara keusik sisi basisir. Seug muru ka Mikmas wetaneun Bet Awen, seug masanggrahan.
6 Der urang Israil ditarajang bebeakan
nepi ka awut-awutan, pabuyar nyararumput
ka guha-guha jeung gorowong-gorowong,
tingsalingker kana sela-sela cadas, aya oge
anu ngagebruskeun maneh kana cubluk
atawa ka sumur-sumur.
7 Sawareh deui mareuntasan Walungan
Yordan ka wewengkon Gad jeung Gilad.
Ari Saul di Gilgal keneh dibaturan ku
jelema-jelema anu tingdaregdeg kasieunan.
8 Geus tujuh poe anjeunna ngantos-ngantos
Samuel, kitu dipiwarangna. Tapi Samuel can
sumping keneh ka Gilgal. Jalma-jalma mimiti
tinglaleos naringgalkeun.
9 Seug bae anjeunna ngalahir, "Kadieukeun
kurban beuleuman jeung kurban karapihan."
Ti dinya anjeunna ngahaturkeun kurban
beuleuman.
10 Ari rengse ari jebul Samuel sumping. Saul
mapagkeun seja ngabageakeun.
11 Tapi Samuel ngalahir, "Hidep tas damel
naon?" Saul ngawaler, "Abdi dikantunkeun
ku balad, ngantos Bapa teu sumping dina
waktosna. Mangkaning urang Pelisti parantos
aya di Mikmas.
12 Emutan teh eta urang Pelisti tangtos
narajang ka abdi, ka Gilgal, heug abdi teu
acan nunuhun ka PANGERAN, nya teras

ngawantun-wantun maneh nyanggakeun kurban."
13 Waler Samuel, "Hidep kalangsu, henteu ngesto ka PANGERAN Allah. Tadina upami hidep ngesto ka Mantenna bade dilanggengkeun nyangking Israil turun-tumurun.
14 Ayeuna moal cios, baris kandeg, ku PANGERAN bakal digentos ku nu cocog kana manah-Na, sina nyangking umat-Na da hidep mah parantos henteu ngesto."
15 Geus kitu Samuel jengkar ngantunkeun Gilgal neruskeun angkatna. Ari Saul terus jengkar jeung para prajuritna, dituturkeun ku nu sejen, ngabujeng ka Gibea di wewengkon Binyamin. Ti dinya Saul ngaroris balad, kira-kira aya genep ratus urang.
16 Anjeunna, Yonatan putrana, jeung balad, masanggrahan di Geba di wewengkon Binyamin. Ari urang Pelisti masanggrahanana di Mikmas.
17 Prajurit-prajurit Pelisti bijil ti pasanggrahanana tilu rombongan, arek ngarampog. Sarombongan ka Opra di wewengkon Sual,
18 sarombongan ka Bet Horon, sarombongan deui ka tapel wates anu nyanghareup ka Lebak Seboim jeung tanah gurun.
19 Harita di Israil geus teu aya panday beusi, sabab urang Pelisti teu ngidinan urang Ibrani nyieun pedang atawa tumbak.

20 Urang Israil anu perlu ngasah lanjam,
pacul, kampak jeung arit, kudu ngadon ka
urang Pelisti,
21 jeung kudu mayar. Ngasah kampak atawa
ngomean gagang parabot, mayarna ku perak
sagebleg leutik, ngasah lanjam atawa pacul
kudu dua gebleg perak.
22 Jadi balad Israil mah harita indit perang
teh teu aya anu nyekel pedang jeung tumbak,
lian ti Saul jeung Yonatan putrana.
23 Urang Pelisti ngiangkeun sapasukan
prajurit pikeun ngabela hiji sela gunung di
Mikmas.
14 1 Dina hiji poe Yonatan ngalahir ka
gandek purah mawa pakarangna,
"Hayu urang meuntasan pasanggrahan urang
Pelisti." Yonatan henteu wawartos ka Saul
ramana,
2 anu harita keur reureuh handapeun tangkal
dalima di Migron teu jauh ti Gibea dibarengan
ku genep ratus perjurit.
3 (Jeung aya imam anu make epod nya
eta Ahia bin Ahitub saderek Ikabod putra
Pinehas, putuna Eli imam PANGERAN di Silo
tea.) Tapi Yonatan angkat teh teu aya anu
nganyahoankeun.
4 Di Mikmas, jalan anu ku Yonatan rek dicoba
dipeuntasan baris terus ka pasanggrahan
urang Pelisti dihapit ku dua karang curi. Nu
hiji disebut Boses, nu hiji deui disebutna
Sene.

5 Anu hiji ayana di sisi jalan beulah kaler
nyanghareup ka Mikmas, anu hiji deui sisi
jalan beulah kidul nyanghareup ka Geba.
6 Saur Yonatan ka gandekna, "Urang
meuntasan pasanggrahan kapir Pelisti,
malak mandar aya pitulung PANGERAN. Ari
dikersakeun mah ku Mantenna teu mustahil
urang bisa meunang, najan urang ngan
sakieu ge."
7 Gandekna ngajawab, "Abdi mah kumaha
Juragan bae, bade ngiringan."
8 "Enya," waler Yonatan. "Urang meuntas,
sina katenjoeun ku urang Pelisti.
9 Upama maranehna ka urang nitah eureun
ngadagoan lantaran maranehna arek
nyalampeurkeun, urang kudu ngarandeg.
10 Upama maranehna nitah supaya urang
nyampeurkeun, urang sampeurkeun,
eta tandaning PANGERAN bakal maparin
kaunggulan ka urang."
11 Ti dinya tuluy narembongkeun maneh
ka urang Pelisti. Ceuk urang Pelisti, "Tuh
urang Ibrani aya anu bijil tina liang
panyumputanana!"
12 Seug maranehna tingcorowok ka Yonatan
jeung gandekna, pokna, "Ka dieu sia
unggah! Aing boga beja!" Saur Yonatan ka
gandek, "Tuturkeun kami. PANGERAN geus
ngersakeun Israil unggul!"
13 Tuluy Yonatan unggah, ngorondang
dituturkeun ku gandek. Sebrut narajang,

urang Pelisti rarubuh. Anu geus rarubuh
dipaju ku gandek diparagatkeun.
14 Sagebragan harita Yonatan jeung
gandekna nepi ka niwaskeun dua puluh urang
musuh, dina medan anu legana kira-kira
satengah bau.
15 Urang pasisian Pelisti kabeh miris.
Prajurit-prajurit jeung pasukan tempurna anu
di pasanggrahan nepi ka pating corodcod
kasieunan, bumi eundeur, musuh guyur lain
di kieuna.
16 Balad Saul anu jaraga di Gibea wewengkon
Binyamin narenjoeun urang Pelisti kalabur
pasalebrungan.
17 Saul nimbalan ka pangawal, "Itung
prajurit, pariksa saha anu euweuh."
Kanyahoan anu teu aya teh Yonatan jeung
gandekna.
18 "Epod bawa ka dieu," timbalan Saul ka
Imam Ahia. (Poe eta Ahia nyepeng epod di
hareupeun urang Israil.)
19 Sabot Saul nimbalan ka imam, guyur di
pasanggrahan urang Pelisti beuki kacida.
Mana saurna ka Ahia, "Moal kaburu naros
heula ka PANGERAN!"
20 Gancang anjeunna sabaladna muru ka
urang Pelisti anu keur ragot silih kadek pada
batur ku bawaning gugup.
21 Urang Ibrani anu tadina bariluk ka urang
Pelisti sarta harita marilu ka pasanggrahan,
malik mihak ka Saul jeung Yonatan.

22 Anu keur nyarumput di pagunungan
Epraim, barang ngadarenge urang Pelisti
kalabur, seug barijil tuluy ngarudag,
23 narajang sajajalan nepi ka beh ditueun
Bet Awen. Poe eta PANGERAN nyalametkeun
urang Israil.
24 Urang Israil geus nahnay awahing ku
lalapareun, sabab ku Saul diancam ku
panyapa, "Sing saha anu barang dahar
samemeh kami beres ngelehkeun musuh,
sing kasapa!" Jadi sapoe eta tacan aya anu
dahar naon-naon.
25 Barang arasup ka hiji tempat anu loba
tatangkalanana, bet loba sayang madu di
mana-mana.
26 Tatangkalan teh pinuh ku sayang madu,
tapi saurang ge teu aya anu ngadahar,
lantaran sieun ku panyapa Saul.
27 Yonatan teu uningaeun yen ramana
geus nyumpahan kitu ka balad, anjeunna
nyolok sayang madu ku tungtung iteuk,
maduna tuluy dituang. Karaos salirana seger
meueusan.
28 Pok aya nu nguningaan, "Balad parantos
lalungse ku bawaning lapar, nanging diancam
ku tuang rama, saurna, Sing saha anu barang
dahar sing kasapa."
29 Saur Yonatan, "Ama teh bet ngaripuhkeun
sarerea. Geura ieu kami dahar madu saeutik
ge mani ngadak-ngadak seger.

30 Mana teuing alusna lamun dahareun anu
karampas ti musuh meunang didalahar ku
balad, tangtu bisa ngarubuhkeun leuwih
loba."
31 Urang Israil teh poe eta tas ngelehkeun
urang Pelisti, tas narajang sapanjang jalan
ti Mikmas nepi ka Ayalon. Waktu eta urang
Israil teh kacida carapeeunana, mani geus
lalungse ku bawaning lapar,
32 nepi ka parebut nyarokotan barang
meunang ngarampas ti musuh, nyarokotan
sapi jeung domba, dipareuncit di dinya keneh,
dagingna diharakan teu ngurus getihan
keneh.
33 Aya anu nguninga ka Saul, "Jalmi-jalmi
milampah dosa ka PANGERAN, nareda daging
sareng getihna." Saul ngagorowok, "Hianat
maraneh! Gulingkeun batu gede ka dieu!"
34 Geus kitu anjeunna marentah deui,
"Bejakeun ka jalma-jalma, sapi jeung domba
tungtun kabeh ka dieu. Sina dipareuncit
di dieu, diharakan di dieu, ulah marigawe
dosa ka PANGERAN ngahakan daging jeung
getihna!" Seug sapi teh kabeh digiring ka
dinya tuluy dipeuncitan.
35 Geus kitu Saul ngadegkeun hiji altar
pikeun PANGERAN, altar anu pangmimitina
diadegkeun ku anjeunna.
36 Geus kitu marentah ka jalma-jalmana,
"Engke peuting urang mudun narajang urang
Pelisti, urang tumpurkeun nepi ka balebat,

ulah aya anu dikarikeun!" "Sakersa Raja sumeja kairing," jawab balad. Tapi saur imam, "Sae urang tumaros heula ka Allah."
37 Ti dinya Saul unjukan ka Allah, "Upami abdi narajang ka urang Pelisti, kumaha tiasa kenging?" Tapi harita Allah henteu ngawaler.
38 Seug Saul nimbalan ka para pamingpin rahayat, "Ka darieu kabeh, jeung pariksa dosa naon anu geus dijieun poe ieu.
39 Kami sumpah demi jumenenging PANGERAN anu geus maparin kaunggulan ka Israil, sing saha anu salah, najan anak kami pisan, Yonatan, tan wande dipaehan!" Tapi teu aya anu unjukan saurang-urang acan.
40 Saul nimbalan deui, "Maraneh caricing beulah ditu, Yonatan jeung kami beulah dieu." "Sumangga ngiringan," jawab jalma-jalma.
41 Saul unjukan ka PANGERAN Allah Israil, "Nun PANGERAN, naon margina Gusti henteu kersa ngawaler? Nun PANGERAN Allah Israil, mugi nuduhkeun ku Urim sareng Tumim. Upami dosana asal ti Yonatan atanapi ti abdi, mugi diwaler ku Urim. Upami asal ti rahayat Israil, mugi diwaler ku Tumim." Waleranana nunjukna ka Yonatan jeung Saul, jalma rea bebas.
42 Saul nimbalan deui, "Pilih antara kami jeung Yonatan." Anu katujul Yonatan.
43 Saul mariksa ka Yonatan, "Hidep nyieun salah naon?" Wangsul Yonatan, "Neda

madu saeutik. Putra pasrah, mangga geura paehan."
44 Timbalan Saul, "Ama sing disiksa ku Allah
mun hidep ku Ama henteu dipaehan."
45 Tapi balad arunjukan, "Baruk Yonatan anu
parantos ngalantarankeun urang Israil unggul
sakieu ageungna, bade dipaehan? Paliyas
teuing! Demi PANGERAN anu jumeneng,
rambutna salambar oge ulah aya anu murag.
Sagala damelna dinten ieu estu kalayan
panuyun Allah." Kitu Yonatan dibela ku
rahayat, henteu jadi dipaehan.
46 Saul liren ngudagna ka urang Pelisti.
Urang Pelisti baralik deui ka wewengkonna
sorangan.
47 Sanggeus Saul jadi raja Israil, anjeunna
terus merangan musuh-musuhna di mana-
mana: Urang Moab, urang Amon, urang
Edom, raja-raja Soba jeung urang Pelisti.
Unggal perang di mana-mana unggul bae.
48 Perangna estuning gagah, urang
Amalek oge eleh. Urang Israil ku anjeunna
disalametkeun tina sagala panarajang.
49 Putra-putra Saul anu pameget nya eta:
Yonatan, Iswi jeung Malkisua. Anu istri, nu
kahiji Merab, nu kadua Mikal.
50 Ari geureuhana Ahinoam binti Ahimaas.
Panglima perangna kapirayina, Abner, putra
emangna anu jenengan Ner.
51 Ari Kis, ramana Saul, jeung Ner, ramana
Abner, duanana putra Abiel.

52 Sapanjang jumenengna, Saul teu
liren-liren merangan urang Pelisti, kacida
rosana. Di mana bae ari mendakan jelema
anu gagah tur sugih kawani, terus bae
dijadikeun baladna.
15 1 Hiji mangsa Samuel ngalahir ka Saul,
"Bapa bareto ku PANGERAN dipiwarang
ngangkat hidep jadi raja nyangking umat-Na,
bangsa Israil. Ayeuna dangukeun ieu timbalan
PANGERAN Nu Maha Kawasa.
2 Mantenna seja merangan bangsa Amalek.
Karuhun eta bangsa bareto megatan urang
Israil basa nembe budal ti Mesir.
3 Ayeuna tumpes eta urang Amalek teh,
harta bandana tumpurkeun ulah aya anu
kari. Jelemana, lalaki, awewe, barudak, orok,
sapina, dombana, ontana, kaldena, paehan
sadayana."
4 Saul mepek balad, tuluy diloris di Telem.
Ti Israil aya 200.000 perjurit, ti Yuda aya
10.000 perjurit.
5 Bral Saul sabaladna angkat ngabujeng ka
kota Amalek, megat ngabongohan di hiji
walungan saat.
6 Ti lebah dinya anjeunna ngintun heula
warta ka urang Keni, hiji bangsa anu
karuhunna baheula nyieun kahadean ka
urang Israil basa kakara budal ti Mesir.
Saurna, "Maraneh kudu nyalingkir ti Amalek,
supaya henteu milu kabasmi." Seug urang
Keni nyalingkir.

7 Urang Amalek ku Saul beunang dielehkeun,
digempur sapanjang jalan ti Hawila nepi ka
Sur wetaneun Mesir.
8 Raja Agag ti Amalek ditangkep hirup-hirup.
Rahayatna kabeh ditumpurkeun,
9 ari rajana mah dihirupan. Ingon-ingon anu
aralus, domba, anakna, sapi, anakna, jeung
barang-barang anu aralus henteu ditumpes.
Anu dibeakkeun teh anu bangsa kokodenna,
anu taya pihargaeunana.
10 PANGERAN nimbalan ka Samuel,
11 "Hanjakal Saul dijieun raja. Henteu
nurut, geus ngalanggar timbalan Kami."
Samuel ngentab manahna ka Saul, sarta
sapeupeuting anjeunna sasambat ka
PANGERAN.
12 Isukna isuk-isuk keneh bral angkat seja
ka Saul. Aya anu nguningaan yen Saul geus
angkat ka kota Karmel ngadegkeun tugu keur
salirana, ti Karmel kebat ka Gilgal.
13 Ku Samuel dibujeng ka ditu. Saul
mapagkeun, sarta saurna, "Mugi Bapa
mendak berkah ti PANGERAN. Sagala
timbalan PANGERAN ku putra parantos
dilampahkeun."
14 Saur Samuel, "Ari eta naon atuh anu
beberelean sareng emoh-emohan?"
15 Waler Saul, "Euh leres, sapi sareng
domba kenging balad ngabantun ti urang
Amalek. Sararae pisan, bade dikurbankeun

ka PANGERAN, Allah panutan Bapa. Anu sanes-sanesna sadayana ge dipaehan."
16 Saur Samuel, "Ke heula! Bapa arek mopoyankeun timbalan PANGERAN anu katarima ku Bapa tadi peuting." "Mangga saurkeun," waler Saul.
17 Saur Samuel, "Hidep teh disanes-sanes oge pamingpin sadaya kaom Israil, ku PANGERAN parantos diangkat jadi raja Israil.
18 Timbalana-Na hidep kedah ngabasmi bangsa Amalek, bangsa anu doraka, kedah ditumpes sama sakali.
19 Ku naon teu ditumutkeun? Ku naon dijarah, sanes diparaehan? Eta lampah hidep teh ngajaheutan manah PANGERAN."
20 Saur Saul, "Timbalan PANGERAN ku putra parantos ditumutkeun. Dipiwarang mios, mios. Raja Agag dibantun ka dieu, anu sanes-sanesna sadayana dipaehan.
21 Domba sareng sapi anu sarae ku balad-balad henteu dibasmi, dibantun ka dieu bade dikurbankeun ka PANGERAN, Allah panutan Bapa."
22 Waler Samuel, "Na PANGERAN teh langkung gegel kana kurban sareng sasajen ti batan kana kagumatian? Tumut kana timbalana-Na langkung utami ti batan ngahaturkeun domba anu sae.
23 Baha ka Mantenna sami sareng nyieun sihir. Ngalawan ka Mantenna sami awonna sareng nyembah ka brahala. Ku sabab hidep

baha kana timbalana-Na, hidep ku Mantenna
digulingkeun tina jadi raja."
24 Saur Saul, "Putra rumaos dosa, parantos
ngarempak timbalan PANGERAN sareng
mungpang kana parentah Bapa. Putra teh
sieun ku balad, nu mawi kalakuan maranehna
ku putra dikajeunkeun.
25 Mugi kalepatan putra dihapunten, lajeng
urang sareng ka Gilgal, putra di ditu sumeja
ngabakti ka PANGERAN."
26 Samuel ngawaler, "Hamo, Bapa hamo
bareng. Hidep parantos ngalanggar timbalan
PANGERAN. Ku Mantenna parantos dipiceun,
digulingkeun tina jadi raja Israil."
27 Geus kitu Samuel mungkur rek terus
jengkar. Ku Saul dipuntangan jubahna datang
ka soeh.
28 Samuel ngalahir, "Poe ieu karajaan Israil
ku PANGERAN parantos disoehkeun ti hidep,
diserenkeun ka hiji jelema anu langkung
utama ti batan hidep.
29 Anu mulya Allah Israil tara sumingkir, tara
barobah. Sabab Mantenna lain manusa, tara
gumingsir."
30 Waler Saul, "Abdi rumaos dosa. Mung
nyuhunkeun piwelas Bapa, ulah dugi ka
abdi ilang kahormatan dina pandangan para
pamingpin rahayat sareng bangsa Israil.
Mugi abdi dicandak sareng ka Gilgal, sumeja
ngabakti ka PANGERAN Allah panutan Bapa."

31 Pamundutna ku Samuel dikabul. Saul
dicandak bareng ka Gilgal, sarta di ditu Saul
ngabakti ka PANGERAN.
32 Ti dinya Samuel marentah, saurna, "Raja
Agag bawa ka dieu!" Agag datang ka Samuel
bari ngadegdeg sieun, ceuk pamikirna, "Tada
teuing nyerina aing paeh!"
33 Samuel ngalahir, "Pedang maneh geus
ngalantarankeun para indung kaleungitan
anak. Ayeuna indung maneh anu bakal
kaleungitan anak." Agag ku anjeunna
dipaehan deukeut altar, awakna tuluy
dicacag.
34 Geus kitu Samuel mulih ka Ramah, ari
Raja Saul mulih ka bumina di Gibea.
35 Ti harita nepi ka pupusna Samuel henteu
tepang-tepang deui jeung raja, manahna teu
petot nalangsa ku lampah Saul. PANGERAN
oge ngaraos kaduhung parantos ngangkat
Saul jadi raja Israil.
16 1 PANGERAN nimbalan ka Samuel,
"Arek sabaraha lila deui maneh
kanyenyerian ku Saul teh? Eta ku Kami geus
dipiceun, geus lain raja Israil deui. Maneh
ayeuna kudu ka Betlehem, minyak jetun
bawa. Tepungan jelema anu ngaran Isai.
Anakna aya anu rek dijieun raja ku Kami."
2 Piunjuk Samuel, "Kumaha tiasana? Upami
kadangueun ku Saul tangtos abdi dipaehan."
Waler PANGERAN, "Kudu mawa anak sapi

hiji, sebutkeun ka ditu teh arek ngurban ka PANGERAN.
3 Ondang Isai kana eta kurban, engke maneh
ku Kami dibejaan kudu kumaha. Mana-mana
anu ku Kami dituduhkeun engke, ku maneh
minyakan."
4 Prak Samuel ngalampahkeun sapangandika
PANGERAN, sarta geus sumping ka
Betlehem. Para pamingpin di dinya
kacida rareuwaseunana, tuluy daratang
marunjungan, "Dupi sumping teh nyandak
salamet, Bapa juru tingal?"
5 Walerna, "Leres, Bapa ka dieu teh seja
ngurban. Geura susuci, tuluy daratang kana
kurban, urang ngariung jeung Bapa." Kitu
deui Isai jeung anak-anakna dipiwarang
susuci sarta diondang ngariung.
6 Sanggeus daratang, ret Samuel ningali ka
anak Isai anu ngaran Eliab; panggalihna,
"Tangtu ieu, anu geus aya di payuneun
PANGERAN anu ku Mantenna bakal dipilih
teh."
7 Tapi dawuhan PANGERAN, "Ulah nenjo
kana dedegna, ulah ngareret kana kasepna.
Eta mah teu kapake. Pamilih Kami teu sarua
jeung pamilih jelema. Jalma mah nenjo
luarna, Kami mah nilik eusina."
8 Isai nyalukan deui anakna anu ngaran
Aminadab. Jol eta datang ka Samuel.
Saur Samuel, "Ieu oge teu kaanggo ku
PANGERAN."

9 Isai ngadeuheuskeun Syama. Tapi
saur Samuel, "Ieu oge teu kamanah ku
PANGERAN."
10 Geus tujuh anak Isai anu dideuheuskeun
ka Samuel, tapi saur Samuel, "Teu aya anu
kamanah ku PANGERAN."
11 Geus kitu Samuel mariksa, "Aya deui anu
sejen?" Jawab Isai, "Aya, bungsuna, nuju
ngangon domba." Saur Samuel, "Sina ka
dieu. Samemeh eta datang moal waka prak
ngariung."
12 Ku Isai dititah diteang, tuluy
dideuheuskeun. Breh teh budak ngora
nya kasep nya cangker, panonna cekas
cureuleuk. PANGERAN nimbalan ka Samuel,
"Eta! Pek minyakan!"
13 Samuel ngaluarkeun minyak jetun, Daud
dilisahan kasaksian ku raka-rakana. Harita
keneh Daud kasumpingan ku Roh PANGERAN,
anu saterusna nyarengan salalawasna. Ti
dinya Samuel mulih ka Ramah.
14 Roh PANGERAN ti Saul geus undur, sarta
Saul kaasupan hiji roh jahat ti PANGERAN anu
sok nyiksa ka anjeunna.
15 Mantri-mantrina arunjukan, "Sang raja
teh kasiksa ku roh jahat ti Allah.
16 Mugi nimbalan milarian jalmi anu tiasa
ngacapi. Sawaktos-waktos Gusti kasurupan
ku eta roh jahat, kedah dipapalerkeun ku
sora kacapi, tangtos damang deui."

17 Timbalan Saul, "Heug kami
pangneanganken anu pinter ngacapi,
bawa ka dieu."
18 Aya anu unjukan, "Hatur uninga, di
Betlehem aya anu pinter ngacapi, pecilna
Isai. Kawuwuh gede wawanen sareng kasep,
perjurit sajati, perceka, sareng disarengan ku
PANGERAN."
19 Saul ngirim utusan diala ka Isai, pesenna,
"Anak maneh anu ngaran Daud purah
ngangon domba kirimkeun ka kami."
20 Daud ku Isai dijurungkeun, dibahanan
anak embe hiji, kalde hiji, dipuatan roti jeung
anggur sawadah keur kikintun ka Saul.
21 Daud datang ka Saul sarta terus
kumawula. Ku Saul kacida diasihna, diangkat
jadi tukang mawa pakarangna.
22 Saul ngawartosan ka Isai, timbalanana,
"Kami resep ka Daud. Idinan cicing di dieu
sina ngawulaan kami."
23 Ti harita, unggal roh jahat tea nyiksa ka
Saul, ku Daud dipangacapikeun, eta roh jahat
sok terus nyingkah sarta Saul jadi ngaraos
tengtrem jeung cenghar deui.
17 1 Mangsa eta urang Pelisti mepek
balad dikumpulkeun di Soko, hiji kota
di tanah Yuda. Masanggrahanana di Epes
Damim antara Soko jeung Aseka.
2 Saul jeung urang Israil oge geus tata
perang, masanggrahan di Lebak Ela, geus
taki-taki rek ngayonan urang Pelisti.

3 Urang Pelisti narangtung di pasir beulah
ditu, urang Israil di pasir beulah dieu,
masing-masing nyanghareup ka hiji lebak.
4 Kurunyung hiji tukang perang tanding
bijil ti pasanggrahan urang Pelisti, nangtang
ka Israil. Ngaranna Goliat, urang Gat,
jangkungna meh tilu meter.
5 Make baju kere sisitan, beurat baju kerena
meh lima puluh tujuh kilo, dibalakutak
tambaga.
6 Sukuna make istiwel tambaga, taktakna
nyorendang tohok tambaga.
7 Gagang tumbakna kandelna sapihanean,
beurat congona wungkul anu tina beusi
kira-kira tujuh kilo. Tukang mawa kepengna
leumpang heulaeunana.
8 Gen Goliat ngajanteng, tuluy susumbar
ka urang Israil, "Keur naraon di dinya, arek
perang? Maraneh badega-badega Saul, kami
urang Pelisti! Pilih ti dinya jagona, urang
perang tanding jeung kami.
9 Lamun tarungna meunang sarta bisa
maehan kami, kami sarerea daek jadi badega
maraneh; tapi lamun kami anu meunang
sarta bisa maehan eta, maraneh kudu jaradi
badega kami.
10 Kitu, balad Israil ku kami ditangtang. Ka
anu mana ge kami mo burung wani!"
11 Saul jeung sabaladna kacida sieuneunana.
12 Daud teh putra Isai, urang Eprata ti
Betlehem, wewengkon Yuda. Ari Isai, keur

jaman Raja Saul teh geus sepuh, putrana dalapan.
13 Putra nu panggedena aya tilu anu jadi perjurit Saul, nya eta Eliab cikalna, Aminadab nu kadua, jeung Syama anu katilu.
14 Daud bungsuna. Eta anu tiluan, anu panggedena, ngiring perang jeung Saul.
15 Ari Daud sering balik ka Betlehem, ngangon deui domba ramana kawas sasari.
16 Si Goliat tea nangtangna ka urang Israil teh unggal isuk jeung unggal sore, geus opat puluh poe.
17 Dina hiji poe Isai misaur ka Daud, "Teang akangna ka pasanggrahan, bawakeun sanggray gandum sapuluh kilo jeung roti sapuluh siki. Jung buru-buru longok ka pasanggrahan.
18 Jeung ieu bawa kiju sapuluh siki keur kapala perjurit. Balik ti ditu kudu mawa tanda yen hidep enggeus ka ditu jeung geus papanggih jeung akangna, salamet henteuna.
19 Raja Saul, akangna jeung sabalad Israil ayeuna aya di Lebak Ela keur merangan urang Pelisti."
20 Isukna isuk-isuk Daud hudang, tuluy nitipkeun domba ka nu sejen, bral iang mawa bebekelan sakumaha parentah ramana. Barang jol ka pasanggrahan, nyampak balad Israil keur arindit ka medan jurit bari ngagorowokkeun jerit perang.

21 Balad Pelisti jeung balad Israil keur
pahareup-hareup rek tarung.
22 Daud nitipkeun babawaanana ka nu
ngajaga barang-barang, tuluy lumpat ka
tempat baris nepangan raka-rakana, hayang
terang salamet henteuna.
23 Sabot Daud cacarios jeung raka-rakana,
Goliat susumbar, nangtang ka balad Israil
cara sasari. Kadangueun ku Daud.
24 Ari balad Israil barang ret ka Goliat teh
terus ngararejat sarieuneun.
25 "Tenjo itu jelema!" aromongna ka
pada batur. "Dengekeun tah susumbarna!
Saha-saha anu bisa maehan eta, saur Raja
Saul bakal diganjar, malah rek ditikahkeun ka
putra istrina sarta kolotna rek dibebaskeun
tina upeti."
26 Daud naros ka hiji jelema, "Bade dikumaha
jalmi anu tiasa maehanana sareng anu tiasa
nyingkirkeun kahinaan ti urang Israil teh?
Sareng saha eta urang Pelisti umat brahala
teh, mani kacida ngahinana ka balad Allah
anu jumeneng?"
27 Seug diwartosan bakal kumaha-kumahana
jelema anu bisa maehan Goliat.
28 Kadengeeun ku Eliab, rakana anu
pangkolotna. Eliab kacida keuheuleunana
ka Daud, tuluy nyarekan, "Rek naon los-los
ka dieu? Ku saha domba diurusna di ditu di
tanah gurun? Bandel! Cologog! Ka dieu teh
maneh mah ngan rek lalajo perang!"

29 Daud ngawaler, "Lepat naon kitu abdi teh,
naros-naros bae teu kenging!"
30 Ti dinya anjeunna malik ka nu sejen,
tataros itu ieu. Ari jawabanana angger cara
tadi.
31 Ucap-ucapan Daud aya nu ngunjukkeun
ka Saul. Ku Saul dipiwarang dideuheuskeun.
32 Daud miunjuk, "Gusti Sang Raja, teu
kedah aya anu sieun ku eta urang Pelisti, abdi
sanggem ngalawan."
33 Waler Saul, "Ulah, bisa naon maneh ka
itu? Budak keneh, heug itu mah tukang
tarung saumur-umur."
34 Piunjuk Daud, "Gusti Sang Raja! Abdi
teh purah ngajagi domba pun bapa. Upami
pareng aya singa atanapi biruang anu
ngagusur anak domba,
35 ku abdi diudag, ditarajang dombana
direbut deui. Upami singana atanapi
biruangna bade ngarontok ku abdi
dipiheulaan dicekek tikorona lajeng digendir
dugi ka paeh.
36 Parantos seueur singa sareng biruang anu
paeh ku abdi. Eta urang Pelisti umat brahala
anu sakitu ngahinana ka balad Allah anu
jumeneng oge tangtos bakal tiwas ku abdi.
37 PANGERAN parantos ngaraksa abdi ti
singa sareng biruang, ayeuna ge tangtos
ngaraksa ti eta urang Pelisti." Waler Saul,
"Heug atuh, jung! Muga ditangtayungan ku
PANGERAN."

38 Tuluy Daud sina nganggo raksukan Saul,
dibalakutak tambaga jeung dibaju kere.
39 Luareun raksukan nyoren pedang Raja
Saul, prak ngajaran ngalengkah. Teu iasa, da
teu tuman nganggo nu kitu. Pok miunjuk ka
Saul, "Abdi gamparan teu tiasa nganggo anu
kieu, teu biasa." Tuluy raksukan perang teh
dilaanan.
40 Geus kitu ceg kana iteuk parantina
ngangon, top mulung batu reok lima siki
ti susukan diasupkeun kana koja. Kencling
ngabujeng ka Goliat bari ngajingjing
bandring.
41 Jago urang Pelisti gancang ngangseg ka
Daud, heulaeunana anu mawa kepengna,
beuki deukeut, beuki deukeut.
42 Barang beh sarta geus sidik nenjona ka
Daud, kacida takaburna dumeh lawanna
pantar kitu, lembut jeung kasep.
43 Gorowok ngomong ka Daud, "Jang naon
eta iteuk teh? Na kami teh anjing?" Geus
kitu tuluy nyapa ka Daud bari nyambat ka
batarana,
44 ti dinya susumbar, "Ka dieu maneh,
bangke maneh rek diparabkeun ka manuk
jeung sato galak!"
45 Daud ngawaler, "Maneh datang mawa
pedang, tumbak, jeung tohok. Kami mah
mawa pajenengan PANGERAN Nu Maha
Kawasa, Allah panutan wadya balad Israil anu
ku maneh dihinakeun.

46 Poe ieu keneh maneh ku PANGERAN
diselehkeun ka leungeun kami. Hulu maneh
ku kami rek diteukteuk. Bangke-bangke
urang Pelisti ku kami rek diparabkeun ka
manuk jeung sato galak. Satangkaraking
jagat bakal nyaraho yen di Israil aya Allah.
47 Sarta unggal jelema bakal nyaksian,
PANGERAN nyalametkeun umat-Na lain ku
pedang atawa tumbak. Mantenna tukang
unggul saban tarung. Maraneh kabeh bakal
ragrag kana kakawasaan kami!"
48 Goliat ngudag, Daud nirilik ka barisan
urang Pelisti mapag Goliat,
49 bari ngodok batu kana koja; seleber
dibandringkeun, beletak, meneran pisan
kana tarang Goliat datang ka sirahna bejad.
Goliat ngajungkel, beungeutna nyuksruk kana
taneuh.
50 Goliat geus tiwas ku Daud. Lain ku
pedang, tapi ku batu reok anu nyeleber tina
bandring!
51 Daud muru ka Goliat, tuluy nangtung
deukeutna. Pedang Goliat ku Daud dicabut
tina sarangkana, dipake neukteuk sirah
Goliat. Barang narenjo pamukna tiwas, balad
Pelisti kalabur.
52 Ger urang Israil jeung urang Yuda sarurak,
tuluy ngabeledig ngudag-ngudag sapaparat
jalan ka Gat nepi ka lawang-lawang Ekron.
Urang Pelisti anu kasarambut bangkena

pating jaropak, bacacar sapaparat jalan anu
ka Saaraim nepi ka Gat jeung Ekron.
53 Bari baralik balad Israil ngajarah
pasanggrahan musuh.
54 Sirah Goliat ku Daud dijingjing ka
Yerusalem, ari pakarangna terus disimpen di
kemahna.
55 Basa Daud enggeus jung arek ngalawan
Goliat, Saul mariksa ka Abner panglima
perangna, saurna, "Abner, anak saha eta
teh?" Wangsul Abner, "Duka Gusti, abdi teu
terang."
56 Timbalan Saul, "Coba tatanyakeun."
57 Samulangna ka pasanggrahan tas
ngarubuhkeun Goliat, Daud ku Abner
dideuheuskeun deui ka Saul. Daud masih
ngajingjing-jingjing keneh sirah Goliat.
58 Ku Saul dipariksa, "Ari hidep anak saha?"
Wangsul Daud, "Dawuh Gusti, abdi pecilna
Isai rahayat Gusti ti Betlehem."
18 1 Saul anggeus mariksana ka Daud.
Ari putra Saul anu jenengan Yonatan
ti harita manahna katarik ku Daud, kacida
asiheunana, lir ka beubeulahan nyawa ku
anjeun.
2 Saterusna Daud ditahan ku Saul, henteu
diwidian mulih.
3 Yonatan ngajak sosobatan ka Daud, ku
asih-asihna, hoyong misobat saumur-umur.
4 Yonatan morosotkeun jubahna tuluy
dianggokeun ka Daud, kitu deui baju kerena,

pedangna, gondewana, beulitanana, kabeh dilelerkeun ka Daud.
5 Satuluyna saban-saban Daud manggul piwarangan Saul, damelna hasil-hasil bae. Ku sabab eta ku Saul diangkat sina nyepeng prajurit, heug teh ku sakabeh prajurit kitu deui ku para gegeden dipikaresep.
6 Basa Daud mulang jeung wadya balad tas ngarubuhkeun Goliat, awewe-awewe daratang ti mana-mana marapag Raja Saul, ngarawih, ngarigel, narabeuh terebang jeung gambus,
7 bari patempas-tempas, pokna, "Saul maehan mangrebu-rebu, Daud maehan manglaksa-laksa."
8 Saul manahna panas kasebit, panggalihna, "Ka Daud mujina maehan manglaksa-laksa, ari ka aing ngan nyebutkeun maehan mangrebu-rebu. Boa-boa lila-lila mah manehna diangkat raja!"
9 Ti semet harita anjeunna neuteuli ka Daud.
10 Poe isukna Saul kasurupan deui ku roh jahat ti Allah, di karaton teh sasauranana ngacaprak kumaha nu owah. Gancang ku Daud dipangacapikeun kawas sasari. Harita Saul keur nyenyepeng tumbak.
11 "Si Daud ku aing rek dipanggang kana tembok!" galih Saul. Terus tumbakna dilempagkeun ka Daud nepi ka dua kali, tapi teu keuna, dicingcetkeun.

12 Kacida sieuneunana Saul ku Daud teh, da
uningaeun Daud disarengan ku PANGERAN,
ari anjeunna mah ditilarkeun.
13 Ku sabab eta Daud ku anjeunna
dijauhkeun, diangkat jadi kapala prajurit
sarebu. Tapi Daud saban-saban mingpin
prajurit ngapalaan perang
14 ngan unggul-unggul bae, kawantu
disarengan ku PANGERAN.
15 Ningali Daud jaya, Saul beuki sieuneun
bae.
16 Tapi bangsa Israil jeung Yuda kacida
nyaraaheunana ka Daud sabab anjeunna
sakitu digjayana.
17 Saul ngalahir ka Daud, "Merab, putra kami
anu cikal pek tikah ku hidep. Tapi saratna
hidep enggoning ngawula ka kami kudu jadi
prajurit sajati, gagah jeung satia kana perang
PANGERAN." Tapi ari panggalihna mah ngarah
Daud tiwas ku urang Pelisti ku jalan eta, jadi
teu kudu ku anjeunna nyalira.
18 Piunjuk Daud, "Naon pangaji abdi kitu
deui pun bapa sakulawargi, dugi ka abdi jadi
mantu raja?"
19 Tapi buktina Saul teh kalahka saur, da
jadina mah Merab teh ditikahkeun ka nu
sejen, ka Adriel urang Mehola.
20 Tapi Mikal, putra Saul anu hiji deui
mikacinta ka Daud. Sanggeus Saul
uningaeun, anjeunna satuju.

21 Panggalihna, "Bener, Mikal sina kawin
jeung Daud, rek dipake jalan supaya Daud
tiwas ku urang Pelisti." Seug Saul nimbalan
kadua kalina ka Daud, "Ayeuna mah tulus
hidep jadi mantu Ama."
22 Ti dinya anjeunna miwarang ponggawa-
ponggawana sina pura-pura ngaromong kieu
ka Daud, "Raja mikaheman ka saderek, para
gegeden pon kitu keneh. Ayeuna parantos
nitih kana mustari saderek bade ditikahkeun
ka putrana."
23 Seug ditepikeun kitu. Ari waler Daud, "Jadi
mantu raja teh darajat teu aya tandingna.
Jalma taya pangaji sapertos sim kuring mah
moal kaduga nyangga."
24 Walonna Daud ditepikeun ka Saul.
25 Waler Saul, "Bejakeun ka Daud, raja moal
mundut mas kawin, ngan mundut kokocop
kulup urang Pelisti saratus siki, pamales ka
musuh anjeunna." Maksad Saul kitu saenyana
ngarah Daud tiwas ku urang Pelisti.
26 Satimbalan Saul ku ponggawa-
ponggawana ditepikeun ka Daud. Daud satuju
sarta ceuk panggalihna tulus jadi mantu raja.
Sapoe memeh direndengankeun,
27 Daud nyandak prajuritna, tuluy
ngarubuhkeun dua ratus urang Pelisti.
Kulup-kulupna dikeureutan tuluy dihaturkeun
ka raja, diitung hiji-hiji di payuneunana,
dijieun sarat geusan jadi mantu raja. Saul

kapaksa maparinkeun Mikal putrana ditikah
ku Daud.
28 Saul uningaeun pisan yen PANGERAN
nyarengan ka Daud, uningaeun deuih yen
Mikal putrana enya-enya mikacintana ka
Daud.
29 Anjeunna beuki sieuneun bae ku Daud
teh, sarta sapanjang jumenengna teu weleh
neuteuli ka Daud.
30 Urang Pelisti sok rajeun merangan.
Tapi saban-saban perang kaunggulan Daud
salawasna leuwih ti batan perwira-perwira
Saul anu loba, datang ka Daud jadi kamashur.
19 1 Hiji mangsa Saul nyarios ka Yonatan
jeung ponggawa-ponggawana yen aya
maksad nelasan Daud. Tapi Yonatan anu
kacida mikahemanna,
2 ngawartosan ka Daud, "Ama aya kersana
nelasan ka Rayi. Mana enjing Rayi sing
atos-atos, milari panyumputan sing buni.
3 Enjing ama bade ka tegalan anu dianggo
nyumput ku Rayi, ari Akang bade nyarengan
ama sareng bade unjukan perkawis Rayi. Kitu
kieuna engke ku Akang diwartoskeun."
4 Yonatan ngunjukkeun perkara Daud ka
Saul, piunjukna, "Mugi Daud ku Raja henteu
dikitu kieu. Daud teh teu aya pisan lepatna,
malah sugri lampahna jadi pitulung ka Sang
Raja.
5 Waktos ngarubuhkeun Goliat, Daud dugi
ka naruhkeun nyawana, jadi lantaran Israil

kenging kaunggulan sakitu ageungna ti PANGERAN. Waktos eta Sang Raja bingah ningalina. Ku naon ayeuna kagungan maksad teu sae ka nu teu aya dosana, bade maehan Daud kalayan teu aya lantaran?"
6 Piunjuk Yonatan ku Saul kagalih. Anjeunna sumpah demi PANGERAN, yen Daud moal dipaehan.
7 Ti dinya Daud ku Yonatan disaur, sanggeus diwartosan tuluy dideuheuskeun ka Saul. Saterusna babakti deui sakumaha biasa.
8 Waktu urang Pelisti merangan deui, ku Daud dielehkeun deui, baladna loba pisan anu kasambut, tuluy kalabur.
9 Dina hiji poe Saul kasurupan deui ku roh jahat ti PANGERAN. Harita anjeunna keur di bumi bari nyenyepeng tumbak. Ku Daud dipangacapikeun.
10 Tapi Daud dilempag ku tumbak rek dipanggang kana tembok. Daud nyingcet, tumbakna nancleb kana tembok, ari Daud terus ngejat ti dinya.
11 Peutingna bumi Daud ku Saul dipiwarang ditingker, maksadna dina isukna Daud rek ditelasan. Tapi anjeunna diwartosan ku Mikal geureuhana, "Akang wengi ieu keneh kedah ngalolos, margi enjing aya anu rek maehan."
12 Daud ku Mikal diulur tina jandela, tuluy ngalolos.

13 Geus kitu Mikal ngagolerkeun tapekong
dina pajuaran, dibantalan tina bulu embe, rup
disimbutan.
14 Jalma-jalma Saul daratang arek nangkep
Daud. Ari saur Mikal Daud nuju udur.
15 Nu rek narangkep Daud ku Saul
dipiwarang nyidikkeun ku sorangan,
timbalanana, "Gotong bae ka dieu jeung
kasurna, ku kami rek dipaehan!"
16 Barang jalma-jalma piwarangan arasup,
kanyahoan yen anu dikedengkeun jeung
dianggelan ku bulu embe teh tapekong.
17 Saur Saul ka Mikal, "Ku naon Nyai
ngabobodo ka Ama, musuh Ama disina lolos?"
Wangsul Mikal, "Ku abdi teu dipasihkeun
lolos, mung bade maehan."
18 Ari Daud ngalolosna ka Ramah, ka
Samuel, wawartos yen diarah-arah ku Saul.
Ti dinya anjeunna jeung Samuel ka Nayot,
calik di dinya.
19 Aya anu nguninga ka Saul yen Daud aya
di Nayot wewengkon Ramah.
20 Ku Saul dipiwarang disusul, kudu
ditangkep. Barang daratang ka Nayot, anu
nyarusul teh narenjo nabi-nabi keur ngarigel
jeung tinghaleuang, diluluguan ku Samuel.
Ku kersaning Roh Allah, jalma-jalma anu
rek nangkep Daud teh marilu tingrengkenek
jeung tinghaleuang.
21 Kawartoskeun ka Saul, seug anjeunna
ngirimkeun deui jelema leuwih loba. Tapi anu

ieu oge marilu ngarigel jeung tinghaleuang.
Saul ngirimkeun deui jelema katilu kalina,
tapi anu ieu oge sarua kawas anu ti hareula.
22 Geus kitu mah anjeunna ku anjeun nyusul
ka Ramah. Geus sumping ka sumur di Seku
anjeunna mariksakeun di mana Samuel jeung
Daud. Dibejakeun yen aya di Nayot.
23 Anjeunna terus ka Nayot. Ku kersana
Roh Allah, angkatna sajajalan teh bari
rerengkenekan jeung hahaleuangan.
24 Sumping ka Nayot anggoanana dicuculan,
terus ngigel deui bari hahaleuangan di
payuneun Samuel. Geus kitu bru bae
ngalonjor sapoe eta jeung sapeuting
jeput bari purucul. (Ti harita di dinya aya
kacapangan, "Kutan Saul oge jadi nabi?")
20 1 Daud ngalolos ti Nayot wewengkon
Ramah, tuluy mendakan Yonatan.
Saurna, "Abdi teh lepat naon? Gaduh
kajahatan naon sareng dosa naon ka tuang
rama nu mawi ku anjeunna diarah pati?"
2 Waler Yonatan, "Paliyas teuing! Sanggem
saha Rayi bade ditelasan? Moal diwidian
ku Allah! Ama tara midamel perkara gede
atawa leutik lamun tacan dibejakeun heula ka
Akang. Pamohalan ama nyidem perkawis ieu
ka Akang. Piraku!"
3 Wangsul Daud, "Nanging perkawis ieu
mah ku tuang rama moal disaurkeun, da
uningaeun Akang nyaah ka abdi, bilih Akang
nalangsa. Demi PANGERAN anu jumeneng,

sayaktosna salengkah deui bae abdi tinemu
sareng ajal."
4 Saur Yonatan, "Pangersa Rayi kumaha?
Saurkeun, ku Akang dibelaan."
5 Waler Daud, "Enjing teh Pesta Bulan Anyar,
kedahna abdi ngiring kana jamuan sang raja.
Rayi neda widi ka Akang moal ngiring. Enjing
sareng pageto bade nyumput dugi ka burit.
6 Upami kauninga ku raja Rayi teu aya,
sebatkeun parantos nyuhunkeun idin ka
Akang margi bade enggal-enggal wangsul
heula ka Betlehem, kedah ngiring kana
kurban kulawargi di ditu.
7 Upami saurna, Hade, abdi tangtos salamet.
Sawangsulna upami raja bendu, Akang
uninga yen eta galagat cilaka.
8 Abdi nyuhunkeun kasaean Akang tina
perkawis ieu, ngemutkeun jangji suci Akang
ka abdi. Nanging upami abdi lepat, sae
paehan ku Akang nyalira bae! Na nganggo
dicandak ka tuang rama heula sagala sareng
dipaehan ku anjeunna?"
9 Waler Yonatan, "Ah Rayi mah! Upami leres
ama bade ngabinasa piraku ku Akang teu
diwartosan."
10 Saur Daud, "Upami tuang rama bendu,
saha anu bade ngawartosan ka abdi?"
11 Waler Yonatan, "Hayu urang ka tegal."
Bral arangkat.
12 Ti dinya saur Yonatan, "Demi PANGERAN,
Allahna urang Israil, enjing wayah kieu

atawa pageto, Akang rek ngajugjugan manah
ama. Upami ieu panuhun Rayi ditampina
ku ama bari marahmay, tangtos ku Akang
diwartoskeun.
13 Tapi upama ama keukeuh bade ngabinasa,
ari Akang teu ngawartosan sareng henteu
ngabantu Rayi ngalolos, Akang sing nandang
siksa PANGERAN! Mugi PANGERAN nyarengan
ka Rayi saperti nyarengan ka ama.
14 Upama Akang aya kadar hirup keneh, Rayi
ulah lali kana ikrar jangji urang, ulah lali ka
Akang. Tapi upama Akang nepi ka tiwas,
15 Akang titip aceukna sareng barudak,
Rayi ulah pegat mikaheman. Kitu deui engke
saparantos musuh-musuh Rayi disirnakeun
ku PANGERAN,
16 Rayi ulah dugi ka megatkeun jangji.
Upami dugi ka megatkeun, PANGERAN nu
baris ngahukum."
17 Ti dinya Yonatan mundut ka Daud
ngikrarkeun sakali deui jangjina, ku bawaning
asih-asihna ka Daud, lir ka beubeulahan
nyawana.
18 Geus kitu saurna deui ka Daud, "Ku
margi enjing teh Pesta Bulan Anyar, tangtos
kauninga yen tempat Rayi kosong.
19 Pageto bakal langkung kauninga deui. Jadi
Rayi kedah nyumput di tempat anu biasa,
tukangeun tumpukan batu.
20 Engke Akang rek mesatkeun tilu jamparing
ka lebah dinya api-api aya anu diarah.

21 Akang rek nitahan budak sina neangan
eta jamparing. Upama ceuk Akang ka eta
budak, Tuh jamparing teh teu jauh ti maneh,
pulung, eta isarat yen Rayi salamet, enggal
bae bijil. Demi PANGERAN anu jumeneng,
Akang nanggel Rayi moal sakara-kara.
22 Tapi upama ceuk Akang ka budak, Tuh
jamparing teh jauh ka ditu, Rayi kedah kabur,
eta tandaning Rayi ku PANGERAN dipiwarang
nyingkah.
23 Mugia jangji urang duaan ku PANGERAN
ditetepkeun salalanggengna."
24 Ti dinya Daud nyumput di tegal. Isukna
dina poe Pesta Bulan Anyar, Raja Saul calik
dina riungan seja tuang.
25 Calikna dina tempat biasana, sisi
tembok, Abner di gedengeunana, Yonatan
di payuneunana. Katingalieun tempat Daud
kosong.
26 Tapi harita mah anjeunna henteu sasauran
naon-naon, ceuk panggalihna, "Meureun aya
halangan, dirina keur kanajisan."
27 Isukna deui, poe kadua Pesta Bulan Anyar,
tempat Daud kosong keneh, pok anjeunna
mariksa ka Yonatan, "Ku naon Daud teu milu
ngariung? Kamari ge henteu!"
28 Saur Yonatan, "Parantos wawartos ka
putra bade ka Betlehem.
29 Sanggemna, Mugi abdi diwidian heula,
disusulan ku pun lanceuk, margi di ditu
bade aya kurban sakulawargi. Upami Akang

leres misobat, mugi abdi diwidian ngalongok heula kulawargi. Kitu margina henteu ngiring ngariung di dieu."
30 Saul kacida benduna ka Yonatan, saurna, "Anak bangkawarah! Ana kitu mah maneh biluk ka Daud, ngahinakeun maneh, ngerakeun ka indung!
31 Na teu nyaho yen sapanjang eta jelema hirup keneh mustahil maneh bisa jadi raja di ieu nagara? Teang, gusur ka dieu rek dipaehan!"
32 Wangsul Yonatan, "Ku naon margina kedah dipaehan? Naon dosana?"
33 Teu antaparah deui, Yonatan ku Saul dilempag ku tumbak. Kagalih ku Yonatan yen ramana enyaan rek maehan Daud.
34 Yonatan ngajengkat tina riungan, sarta sapoe eta, poe kadua Pesta Bulan Anyar, anjeunna henteu tuang naon-naon, jengkel ka rama, mangnalangsakeun ka Daud anu sakitu dihinana ku ramana.
35 Poe isukna kencling angkat ka tegal nyandak budak, seja nyumponan jangji nepangan Daud.
36 Geus kitu saurna ka budak, "Jung ka ditu lumpat, teangan engke jamparing anu ku kami arek dilepas." Budak teh lumpat, belesat Yonatan mesatkeun jamparing ngaliwatan eta budak.

37 Sanggeus budak tea nepi ka tempat
ragragna eta jamparing, ku Yonatan digeroan,
"Tuh jamparing teh jauh keneh,
38 ulah ngajanteng bae di dinya! Pulung
ka ditu buru-buru!" Top budak teh mulung
jamparing, tuluy nyampeurkeun ka
dununganana,
39 teu nyahoeun naon-naon. Nu terang kana
eta isarat ngan Yonatan jeung Daud.
40 Yonatan nyerenkeun pakarangna ka eta
budak, sarta budakna dititah balik ka kota.
41 Sanggeus eta budak indit, Daud bijil ti
tukangeun tumpukan batu, brek sideku, tuluy
nyium taneuh tilu kali. Gabrug silih rangkul
jeung Yonatan bari silih tangisan. Komo Daud
mah nangisna mani antep-antepan.
42 Geus kitu saur Yonatan ka anjeunna,
"Sing salamet Rayi! Mugia Allah nyarengan.
Mugia jangji suci antara urang duaan masing
ditetepkeun salalanggengna ku PANGERAN,
sing nepi ka turunan urang." Ti dinya bral
Daud angkat ngalolos, ari Yonatan mulih deui
ka kota.

21 1 Daud angkatna ngabujeng ka
Imam Ahimelek di Nob. Ahimelek
hariweusweus kageteun, tuluy mapag jeung
mariksa, "Geuning nyalira bae?"
2 Diwaler ku Daud, "Nuju ngemban timbalan
raja. Timbalanana ieu perkawis anu diemban
teh ulah aya anu terangeun. Rerencangan
mah dipiwarang ngarantosan di Anu.

3 Manawi Bapa kagungan keur bekel? Roti
lima siki atanapi naon bae anu aya."
4 Ceuk imam, "Roti biasa mah teu gaduh,
aya oge roti suci. Eta bae candak, kitu
soteh upami hidep sareng rencang-rencang
parantos nyegah anjeun ti istri."
5 Saur Daud, "Kantenan! Sarengna deui
sadayana oge pimanaeun ka istri! Bujeng-
bujeng keur ngemban timbalan anu sakieu
pentingna, keur ngemban perkawis anu biasa
ge rerencangan sok susuci heula."
6 Tuluy roti suci teh ku imam diserenkeun ka
Daud, da ngan eta anu aya, nya eta roti anu
dipake ngahaturanan ka Allah. Ngan rotina
geus diangkat tina meja suci, geus diganti ku
nu anyar.
7 (Poe eta di dinya kabeneran aya kapala
tukang ngangon ingon-ingon Saul, ngaranna
Doeg urang Edom, keur nedunan ibadahna.)
8 Daud misaur deui ka Ahimelek, "Manawi
kagungan tumbak atanapi pedang keur
cekeleun putra? Putra teu kabujeng
ngabantun heula pakarang ka rorompok,
margi ku raja ditimbalan rurusuhan."
9 Saur Ahimelek, "Aya oge pedang Goliat
urang Pelisti tea, anu ku hidep ditiwaskeun di
Lebak Ela. Mung eta-etana. Ari diperyogikeun
mah mangga bae, itu pungkureun epod
dibungkus ku lawon." Saur Daud, "Leres
eta bae. Pedang pangsae-saena eta teh di
mana-mana oge."

10 Ti dinya Daud kebat angkatna nyingkahan
Saul, ngabujeng ka Gat, ka Raja Akis.
11 Ponggawa-ponggawa Raja Akis unjukan ka
rajana, pokna, "Eta teh sanes Daud tea, raja
di nagarana? Kapan eta anu ku awewe-awewe
dipapag ku igel sareng kawih anu pokna,
Saul maehan mangrebu-rebu, Daud maehan
manglaksa-laksa."
12 Eta omongan kacida matak salempangna
ka Daud, sarta anjeunna kacida sieuneunana
ku Raja Akis.
13 Barang dilingkung arek ditangkep,
anjeunna api-api jadi jelema owah, kuat-koet
kana panto lawang kota bari ludahna sina
ngacay kana rumbah.
14 Saur Akis, "Geuning nu gelo! Rek naon
dibawa ka kami?
15 Na kami teh kakurangan nu gelo make
ditambahan ku ieu, kudu ngalalajoan eta si
burung ngamuk di imah kami?"
22 1 Daud terus kabur ti Gat, jol sumping
ka hiji guha teu jauh ti Adulam.
Saderek-saderekna jeung wargi-wargina
ngadarenge beja yen anjeunna aya di dinya,
tuluy nyarusul ngariring.
2 Kitu deui jelema-jelema anu ngarasa
digencet, anu baroga hutang atawa anu
henteu sugema ku rajana, karumpul ka Daud.
Kabehna kira-kira aya opat ratus urang. Daud
diangkat jadi pamingpinna.

3 Ti dinya Daud angkat ka Mispa di Moab,
nepangan raja Moab. Saurna, "Neda widi,
pun bapa sareng pun biang seja ngumbara di
dieu, dongkap ka sim kuring mendak pituduh
ti Allah kedah kumaha."
4 Seug ibu ramana ku Daud dititipkeun ka
raja Moab, sabot anjeunna nyumput di guha.
5 Tapi aya hiji nabi jenenganana Gad,
sumping ka Daud sarta ngawawadian, saurna,
"Ulah kajongjonan nyumput di dieu, kedah
enggal-enggal ngalih ka wewengkon tanah
Yuda." Bral Daud angkat ti dinya, tuluy
nyumput di leuweung Keret.
6 Dina hiji poe Saul aya di Gibea, keur
calik di handapeun hiji tangkal di hiji pasir,
pananganana nyepeng tumbak, diriung ku
para gegedenna. Anjeunna geus meunang
warta yen panyumputan Daud sabaladna
geus aya anu mendakan.
7 Seug nimbalan ka para gegedenna,
"Darengekeun, eh urang Binyamin! Dikira
Daud rek mere lahan jeung kebon-kebon
anggur ka maraneh? Dikira maraneh rek
dijieun kapala baladna?
8 Moal teu kitu pikiran maraneh mana sakait
ngalawan ka kami oge, lain? Mani euweuh
anu bebeja yen anak kami pisan geus biluk
ka Daud. Mani euweuh anu watir ka kami,
euweuh anu ngomong yen salah sahiji abdi
kami anu ngaran Daud keur neangan tarekah

arek maehan kami, malah diasur-asur ku anak kami!"
9 Pok jelema anu ngaran Doeg tea, anu harita aya di dinya, unjukan, "Abdi kantos ningal Daud dongkap ka Ahimelek bin Ahitub di Nob.
10 Ku Ahimelek dipangnaroskeun ka PANGERAN, dipangnaroskeun Daud kedah kumaha. Malah dipaparin bekel sareng pedang Goliat urang Pelisti."
11 Saul nimbalan, supaya Imam Ahimelek di Nob dideuheuskeun sakulawargana. Ahimelek geus sumping.
12 Timbalan Saul ka anjeunna, "Dengekeun Ahimelek!" "Sumuhun timbalan," saur Ahimelek.
13 Timbalan Saul, "Ku naon maneh sakait jeung Daud ngalawan ka kami? Ku naon Daud dibekelan kahakanan jeung pedang, jeung dipangnaroskeun ka Allah? Ayeuna eta teh ngancam arek maehan kami!"
14 Saur Ahimelek, "Di antawis para abdi Raja, Daud teh pangsatiana! Turug-turug mantu Raja, kapala pangawal Gusti, tur kalintang dipikaajrihna ku saeusi karaton.
15 Leres ku abdi dipangnedakeun tea mah, tur sanes mung harita bae. Nanging tina hal anjeunna ngalawan, mugi Sang Raja ulah ngalepatkeun ka abdi atanapi ka saha bae ti antawis kulawargi abdi. Perkawis eta mah abdi henteu terang-terang!"

16 Timbalan raja, "Maneh sakulawarga kudu
paeh, Ahimelek."
17 Geus kitu raja nimbalan ka para pangawal,
"Paehan eta imam-imam PANGERAN teh!
Geus sakongkol jeung Daud, teu daek
bebeja yen Daud kabur, sakitu nyaho!"
Tapi para pangawal taya anu ngusikkeun
leungeun-leungeun acan, taya nu wani
ngabinasa ka imam-imam PANGERAN.
18 Saul nimbalan ka Doeg, "Paehan ku
maneh!" Der Doeg maehan. Imam anu
dipaehan ku Doeg poe eta aya dalapan puluh
lima urang, kabeh anu manjing sarat ngagem
epod.
19 Ti dinya Saul marentah ngagempur Nob,
kota para imam, ngabasmi urang dinya
awewe, lalaki, barudak, orok, sapi, kalde,
domba, kabeh ditumpes dipaehan.
20 Aya anu luput saurang, nya eta Abyatar
putra Ahimelek, kabur ngahiji ka Daud.
21 Katelengesan Saul ngabasmi para imam
PANGERAN diwartakeun ka anjeunna.
22 Saur Daud, "Barang beh ge ningal Doeg
harita, parantos karasa yen tangtos manehna
bebeja ka Saul. Sakulawargi saderek dugi ka
tumpes, eta sadayana gara-gara sim kuring.
23 Mangga urang sasarengan, teu kedah alit
manah. Anu diarah-arah ku Saul teh sanes
mung saderek bae, sim kuring oge. Nanging
salami aya sim kuring, saderek tangtos
rahayu."

23 [1] Aya anu bebeja ka Daud yen
urang Pelisti ngarurug kota Kehila,
ngarampog gandum anyar.
[2] Anjeunna tumaros ka PANGERAN, "Kumaha
abdi teh, kedah ngarurug ka urang Pelisti?"
"Jung rurug," waler PANGERAN. "Pek
tarajang, salametkeun kota Kehila."
[3] Tapi ceuk nu ngariring, "Di dieu, di Yuda,
urang parantos sakieu hariwangna, komo
upami kedah ka Kehila nempuh urang Pelisti!"
[4] Ku sabab kitu Daud tumaros deui ka
PANGERAN. Ari waleran PANGERAN, "Bral bae
rurug eta urang Pelisti teh ka Kehila, ku Kami
rek diselehkeun ka maneh."
[5] Bral Daud sabaladna ngabujeng ka
Kehila, sarta urang Pelisti ditempuh datang
ka loba pisan baladna anu kasambut,
sarta ingon-ingonna dijabel. Kota Kehila
katulungan.
[6] Ari Abyatar putra Ahimelek tea kaburna ka
Daud teh terus ngiring ka Kehila bari nyandak
epod.
[7] Aya wartana ka Saul yen Daud aya di
Kehila. Saurna, "Tah geuning jelema teh ku
Allah geus diselehkeun ka aing, geus ngurung
maneh di jero kota nu make kuta jeung
benteng."
[8] Ti dinya anjeunna ngumpulkeun pasukan
rek dicandak ka Kehila ngepung Daud
sabaladna.

9 Barang Daud ngadangu yen Saul arek
ngajorag, anjeunna nyaur Abyatar, saurna,
"Epod candak ka dieu."
10 Seug anjeunna unjukan ka PANGERAN,
Allah Israil, "Aya wartos Saul bade ngajorag
ngagempur Kehila, ngarah ka abdi.
11 Kumaha urang Kehila, naha bakal
nyerenkeun abdi ka Saul? Naha leres
Saul bakal ka dieu sakumaha wartos?
Nun PANGERAN, Allah Israil, mugi kersa
ngawaler!" PANGERAN ngawaler, "Saul tangtu
ka dieu."
12 Daud unjukan deui, "Kumaha urang
Kehila, bade nyerenkeun abdi sadaya ka
Saul?" PANGERAN ngawaler, "Enya."
13 Harita keneh Daud sabaladna, kira-kira
genep ratus urang, angkat nyingkah ti Kehila.
Barang Saul ngadangu warta yen Daud geus
kaluar ti Kehila, ngarurugna henteu tulus.
14 Daud geus nyumput di pagunungan
di hiji tanah gurun deukeut Sip. Saul teu
eureun-eureun ngudag-ngudagna, tapi ku
Allah teu diparengkeun iasa newak.
15 Daud geus uningaeun yen Saul geus
kaluar deui rek ngarah pati. Daud nyumputna
di Hores, hiji tanah gurun deukeut Sip.
16 Jol Yonatan ka dinya nepangan sarta
ngahatean ka anjeunna kalawan percanten
kana pangraksa Allah.
17 Saurna ka Daud, "Rayi ulah sieun, Saul
rama Akang moal iasa naon-naon ka Rayi.

Anjeunna uningaeun pisan yen Rayi bakal jadi raja nyangking Israil, sarta Akang pijadieun anu kadua ti Rayi."
18 Seug Yonatan jeung Daud ngikrarkeun sumpah suci moal pegat sosobatan. Geus kitu Yonatan mulih, ari Daud tetep di Hores.
19 Aya sawatara urang Sip anu bebeja ka Saul di Gibea, pokna, "Daud aya di wewengkon abdi di Hores, di Gunung Hakila, di tanah gurun wewengkon urang Yuda palih kidul.
20 Abdi terang Sang Raja kalintang hoyongna nangkep Daud. Mangga sumping ka ditu, ditanggel Daud katangkep."
21 Saur Saul, "Maraneh sing diberkahan ku Allah, sabab geus sakitu hadena ka kami!
22 Jung geura baralik, jeung puguhkeun sakali deui, sidikkeun di lebah mana nyumputna, saha anu kungsi nenjoeunana. Bejana eta jelema teh kacida pelitna.
23 Sing kapanggih panyumputanana, tuluy buru-buru bejakeun ka kami di dieu. Engke urang bareng ka ditu jeung kami, urang peregokan. Mun di dinya keneh ku kami rek diubek. Lamun perlu satanah Yuda rek dikotektak."
24 Urang Sip baralik heulaeun Saul. Ari Daud jeung sabaladna aya di tanah gurun Maon, di hiji lebak anu tiiseun, wewengkon tanah gurun urang Yuda beulah kidul.

25 Aya anu bebeja ka Daud yen Saul geus
angkat jeung baladna arek ngudag. Daud
ngalih ka hiji gunung cadas di tanah gurun
Maon, tapi Saul oge ka dinya ngudagna.
26 Saul sabaladna geus aya di sisi eta gunung
cadas beulah ditu, Daud sabaladna sisi beulah
dieu purat-perot nyingkahan Saul anu geus
beuki deukeut. Moal lila deui ge kaudag.
27 Tapi dumadakan aya utusan datang ka
Saul, miunjuk, "Enggal mulih, urang Pelisti
ngarurug ka nagara!"
28 Saul nunda udaganana, rek ngayonan
heula urang Pelisti. Ku sabab kitu eta tempat
disebut Pasir Pamisah.
29 Daud ngalih ti dinya tuluy nyumput di
wewengkon En Gedi.
24 1 Samulihna Saul tas ngayonan urang
Pelisti, aya anu bebeja yen Daud aya
di hiji tanah gurun deukeut En Gedi.
2 Saul nyandak balad tilu rebu urang, kabeh
prajurit Israil petinganana, dicandak neangan
Daud sabaladna ka wetaneun Gunung Cadas
Embe Leuweung.
3 Geus sumping ka dinya, Saul lebet ka hiji
guha deukeut karapyak domba sisi jalan, seja
ngahampangkeun salira. Daud sabaladna ge
nyarumputna di eta guha, ngan di jero pisan.
4 Baladna arunjukan, "Ayeuna waktosna! Ieu
tandaning PANGERAN nimbalan yen Mantenna
parantos nyelehkeun eta musuh ka panangan
anjeun. Bade dikieu-kieu ge parantos teu aya

halanganana." Ti dinya Daud ngarayap, tuluy
ngeureut tungtung jubah Saul sacewir. Ku
Saul teu karaoseun.
5 Tapi Daud ratug manahna.
6 Pok sasauran ka balad, "Ampun teuing ka
PANGERAN, paliyas kudu ngagunasika ka
gusti jungjunan kami anu geus didamel raja
ku PANGERAN! Saeutik ge kami teu meunang
ngagunasika ka anjeunna, sabab anjeunna
teh raja anu dipilih ku PANGERAN."
7 Eta kasauran sarua jeung ngahulag ka
balad sangkan ulah narajang ka Saul. Saul
lugay, leos kaluar tina guha rek neruskeun
laku.
8 Daud nyusul kaluar tuluy ngagero ti
pungkureunana, "Gusti, Sang Raja!" Saul
nyoreang. Daud brek sideku,
9 tuluy miunjuk, "Ku naon Gusti teh ngandel
ka jalmi-jalmi anu nyebatkeun abdi ngarah ka
salira Gusti?
10 Raja uninga ku anjeun, bieu di lebet
guha salira Raja ku PANGERAN parantos
diselehkeun kana kakawasaan abdi. Abdi
ku balad disuhunkeun kedah nelasan Raja,
nanging abdi henteu tega. Sanggem abdi
saeutik ge teu gaduh niat nyilakakeun, margi
Gusti ku PANGERAN parantos dijenengkeun
raja.
11 Tingali ieu, Ama, ieu sosoehan jubah Ama
aya dina leungeun abdi! Upami tadi abdi niat
nyilakakeun, kantenan tiasa. Nanging abdi

mung ngeureut ieu bae. Ieu tawisna yen
abdi sama sakali teu gaduh niat nyilakakeun
ka Ama. Abdi ku Ama diudag-udag bade
dipaehan. Naon dosa abdi?
12 Mugi PANGERAN ngajadi saksi, saha di
antawis urang anu lepat! PANGERAN anu
bakal ngabales ka Ama, da menggah abdi
mah saeutik ge teu gaduh maksad awon ka
Ama.
13 Ama tangtos uninga kana babasan,
Kajahatan bijilna ti jalma jahat. Paliyas teuing
abdi nyilakakeun ka Ama.
14 Tingali, ieu abdi anu bade dipaehan ku
raja Israil teh! Tingali ieu anu diudag-udag
ku anjeunna teh! Mung bangke anjing sahiji,
tuma sasiki!
15 PANGERAN anu baris mutus, nu bakal
nangtoskeun, saha di antawis urang anu
ngandung tekad awon. Mugi-mugi Mantenna
ngalereskeun ieu perkawis, sareng ngabela
abdi ti panangan Ama."
16 Anggeus Daud miunjuk, Saul ngalahir,
"Geuning maneh, Daud, anaking!" Segruk
Saul nangis.
17 Tuluy ngalahir deui, "Hidep anu bener,
Ama anu salah. Geuning sakitu hadena hidep
ka Ama teh, sabalikna Ama sakitu jahatna ka
hidep!
18 Poe ieu hidep geus ngabuktikeun
kahadean hate ka Ama. Ama ku PANGERAN

geus diselehkeun ka hidep, ku hidep teu dipaehan.
19 Saha teh teuing pijalmaeunana anu daek
ngaleupaskeun musuh tina genggemanana
tur henteu dikieu-kieu? Kamulyaan hate
hidep ka Ama poe ieu, mugia dirahmat ku
PANGERAN.
20 Ayeuna Ama yakin, hidep tangtu jadi
raja nyangking Israil. Karajaan Israil bakal
nanjung dina cangkingan hidep.
21 Pamenta Ama mugia hidep jangji ka
PANGERAN yen kersa nangtayungan ka
turunan Ama, supaya ngaran Ama jeung
ngaran turunan Ama ulah nepi ka tumpur."
22 Ti dinya Daud sumpah ka Saul yen
seja nedunan pamundutna. Geus kitu Saul
mulih, ari Daud sabaladna lebet deui ka
panyumputan.
25 1 Geus nepi kana pastina, Samuel
pupus. Bangsa Israil daratang
ngaralayad, nembongkeun kaprihatinan.
Geus kitu Samuel dikurebkeun di tempat
panglinggihanana di Ramah. Ari Daud
nyumputna ngalih ka tanah gurun Paran.
2 (25:2-3) Aya hiji jelema kaom Kaleb,
ngaranna Nabal urang Maon, kacida
beungharna, lahanna kacida legana, deukeut
Karmel, dombana tilu rebu siki, embena
sarebu siki. Bojona, Abigail, nya geulis nya
pinter. Hanjakal Nabal teh goreng adat,

barangasan. Dina hiji poe Nabal nyukuran dombana di Karmel.
3 (25:2)
4 Aya anu ngabejakeun ka Daud di tanah gurun.
5 Seug anjeunna ngutus sapuluh nonoman ngintunan salam ka Nabal,
6 amanatna, "Salam sungkem ti Daud mitra Bapa, mugi Bapa sakulawargi sareng sadayana bae aya dina kawilujengan.
7 Sarehing nampi wartos Bapa nuju nyukuran domba di dieu, anjeunna hatur uninga, yen pangangon-pangangon Bapa nalika ngarangon di lebah abdi sadaya istuning aman henteu diganggu. Unggal ngarangon di Karmel tacan kantos kaicalan.
8 Mangga pariksakeun ka maranehna, tangtos dihaminan. Sarehing abdi-abdi dongkap teh dina dinten pesta, Daud mundut kasaean Bapa, mugi kersa nampi abdi-abdi. Mugi Bapa kersa masihan naon bae sakumaha karidoan Bapa ka abdi-abdi, gandek-gandek Bapa, sareng ka Daud, mitra Bapa."
9 Eta pamenta diucapkeunana kalawan asma Daud. Anggeus mihatur, para nonoman ngadarago jawaban.
10 Sanggeus lila Nabal kakara ngajawab, pokna, "Daud? Saha Daud teh? Asa kakara ngadenge! Puguh ge ayeuna teh loba pisan gandek anu kalabur!

11 Enya dahareun aya inumeun aya,
peupeuncitan aya, tapi jang jelema-jelema
anu keur nyalukuran domba, lain jang
jelema-jelema anu teu puguh asal-usulna!"
12 Para nonoman baralik ka Daud, pokpokan
Nabal diunjukkeun.
13 Harita keneh Daud marentah, "Sadia
pedang!" Prak balad nyarikep pedangna
masing-masing. Daud oge nyikep pedangna,
bral angkat jeung balad opat ratus urang,
anu dua ratus urang deui ditinggal ngajaga
barang-barang.
14 Aya hiji gandek Nabal bebeja ka Abigail
bojona Nabal, pokna, "Tadi aya utusan Daud
ti tanah gurun, ngintun salam ka juragan
pameget, nanging ditampina kasar pisan.
15 Juragan Daud kacida saena ka abdi
sadaya, tara ngarampas naon-naon. Salami
abdi-abdi ngarangon di tanah gurun teu acan
kaicalan naon-naon.
16 Malahan ditangtayungan siang wengi.
17 Ku margi kitu Juragan kedah ihtiar
supados ulah aya kitu kieu. Moal lepat bakal
aya bahla ka Juragan sakulawargi. Tuda
juragan pameget mah kitu teu kenging
diunjukanan."
18 Ti dinya Abigail pakepuk nyadiakeun roti
dua ratus siki, cianggur dua wadah pinuh,
panggang domba lima, sanggray gandum
tujuh belas kilo, buah anggur kering saratus

ranggeuy, sale buah kondang dua ratus guruntul, tuluy dimuatkeun kana kalde.
19 Geus kitu saurna ka eta gandek, "Jung maneh ka ditu ti heula, kami nuturkeun pandeuri." Ka salakina mah henteu bebeja.
20 Tuluy Abigail indit tumpak kalde. Barang nepi ka hiji pengkolan lamping pasir, paamprok jeung rombongan Daud.
21 Daud tadi geus ngamanah kieu, "Naon gawena kami di tanah gurun ngajaga kaboga eta manusa? Cumah! Sasiki ge dombana ku kami euweuh anu dipaling, tapi kieu pamulangna. Boga pamenta sakitu ge teu ditedunan!
22 Kami sing nandang siksa PANGERAN, lamun samemeh bray beurang tacan ngabasmi sakabeh jalma lalaki nu aya di ditu nepi ka anu panganggeusan!"
23 Barang prok jeung Daud, Abigail tuturubun tuluy nyuuh, meubeutkeun maneh
24 kana sampean Daud, tuluy unjukan, "Duh Juragan, dangukeun heula! Anu lepat teh abdi, mangga abdi geura siksa.
25 Sawios Nabal mah tong dimanahan, teu aya damelna. Namina surup sareng hartosna: Jalmi teu gaduh pikiran. Nalika utusan Juragan darongkap, abdi nuju teu aya.
26 PANGERAN parantos ngatur sangkan Juragan teu cios numpes musuh. Demi PANGERAN anu jumeneng, mugia sadaya

musuh Juragan sareng sugri anu ngarah ka Juragan, kalebet Nabal, sing kenging babales.
27 Mugi Juragan kersa nampi ieu rejeki, hatur lumayan kangge balad.
28 Samudaya kalepatan nyuhunkeun sih hapuntenna. Juragan tangtos ku PANGERAN dijenengkeun raja turun-tumurun, reh parantos ngalakonan perang Mantenna. Sareng mugia salami Juragan jumeneng ulah kantos midamel kaawonan.
29 Upami Juragan aya anu ngudag atanapi ngarah pati, tan wande PANGERAN Allah Juragan ngaping lir ngajagi pupunden. Sadaya musuh Juragan ku Mantenna bakal dipeclengkeun sapertos batu dipeclengkeun tina bandring.
30 Saparantos engke Juragan nampi bukti tina jangji pitulung PANGERAN, sarta ku Mantenna parantos dijadikeun raja nyangking Israil,
31 tangtos bakal karaos bagja nugrahana teu kantos maehan tanpa lantaran, teu kantos ngajalankeun babales nyalira. Saupami Juragan nampi rahmat PANGERAN, mugi sing emut ka abdi."
32 Waler Daud, "Maha Agung PANGERAN Allah Israil. Poe ieu Nyai dipanggihkeun jeung kami.
33 Puji ka Allah, Nyai geus nembongkeun kaweningan hate, mepelingan sangkan

kami ulah nepi ka maehan, ulah nepi ka
ngajalankeun babales.
34 Estu ku kersaning PANGERAN kami teu
kungsi nyilakakeun ka Nyai. Sabab tadi kami
geus sumpah demi Allah Israil anu jumeneng,
yen sakabeh jelema nu aya di Nabal tangtu
dibasmi samemeh bray isuk. Hadena Nyai
kaburu datang!"
35 Sagala pangbakti Abigail ku Daud
ditampi, geus kitu saurna, "Nyai geura
balik. Tong salempang, pamenta Nyai tangtu
dicumponan."
36 Abigail tuluy balik. Nabal kasampak keur
pesta rosa kacida, mani kawas pesta raja
bae. Abigail teu kaburu popoyan harita, sabab
Nabal keur jigrah mabok.
37 Bebeja-bebeja isukna, sanggeus Nabal
eling tina mabokna. Sanggeus dibejaan,
Nabal ngadadak kaserang jajantung sarta
sakujur badanna jadi lumpuh.
38 Heuleut sapuluh poe ti harita Nabal ngan
kari ngaran, lastari digebug ku PANGERAN.
39 Wartana kadangu ku Daud. Anjeunna
muji sukur, "Puji sukur ka PANGERAN, anu
geus nyegah aing tina ngajalankeun babales.
Nabal anu sakitu ngahinana geus dibales
ku PANGERAN ku manten, kagorenganana
ku Mantenna geus dihukum." Ti dinya Daud
ngintun panglamar ka Abigail seja kapigarwa.
40 Bral utusan laleumpang ka Karmel
nepungan Abigail, pok halaturan, "Abdi-abdi

ngemban piwarangan Daud ngala Ibu,
kersana bade ditikah."
41 Brek Abigail sideku tuluy sasauran,
"Sumangga katampi sumeja jadi abdina,
purah ngumbah suku gandek-gandek
anjeunna."
42 Neut cengkat, clak kana kalde diiring ku
lima emban, bral angkat ngiring ka utusan
Daud. Satuluyna jadi geureuha Daud.
43 Daud harita enggeus garwaan ka Ahinoam
urang Yisrel. Jadi geureuhana dua jeung
Abigail.
44 Ari Mikal putra Saul, geureuhana anu hiji
deui mah ku Saul geus ditikahkeun ka nu
sejen, ka Palti bin Lais urang Galim.
26 1 Aya sawatara urang Sip bebeja ka
Saul di Gibea yen Daud keur nyumput
di Gunung Hakila, di sisi tanah gurun
wewengkon Yuda.
2 Harita keneh Saul nyandak tilu rebu perjurit
Israil anu petingan, tuluy angkat ka tanah
gurun Sip rek ngudag Daud.
3 Geus kitu masanggrahan di Gunung Hakila
sisi jalan. Ari Daud aya di eta tanah gurun,
geus kawartosan yen keur diudag ku Saul.
4 Anjeunna ngintunkeun jelema sina
ngayakinkeun. Enya Saul geus aya di lebah
dinya.
5 Gancang Daud angkat ka pangrereban Saul
jeung Abner bin Ner panglima perang. Saul

geus kulem di tengah-tengah pasanggrahan, dikurilingan ku pakemahan baladna.
6 Daud ngalahir ka Ahimelek urang Het, jeung ka Abisai saderek Yoab anu ibuna Seruya, "Saha nu wani milu jeung kami?" "Abdi!" ceuk Abisai.
7 Peuting eta Daud jeung Abisai nyulumun ka pasanggrahan Saul. Saul kasampak geus ebog kulem di satengahing pasanggrahan, tumbakna nanceb dina taneuh gigireun mastakana. Abner sapasukanana oge kabeh sarare ngurilingan anjeunna.
8 Ceuk Abisai, "Ieu musuh wengi ieu ku Allah parantos diselehkeun ka urang. Keun ku abdi urang panggang kana taneuh ku tumbakna sorangan. Sakali ge cekap, moal ngadua kalian!"
9 Saur Daud, "Ulah digunasika! PANGERAN bakal nyiksa ka anu nyilakakeun raja kenging-Na ngangkat.
10 Demi PANGERAN anu jumeneng, kami yakin PANGERAN ku manten anu bakal nyabut nyawa Saul, boh pupus sabiasa, boh kasambut di medan perang.
11 Kami dilarang ku PANGERAN, teu meunang maehan jelema anu ku Mantenna geus diangkat jadi raja! Urang bawa tumbakna jeung wadah caina, tuluy urang nyingkah."
12 Seug tumbak Saul jeung wadah cai anu di gigireun mastakana ku Daud dicandak, geus

kitu anjeunna nyingkah ti dinya. Taya saurang anu nangenan, kabeh keur sarare tibra teu aya anu usik-usik acan, sabab disirep ku PANGERAN.
13 Daud kebat angkat ka lebak peuntas ditu, tuluy ngadeg di poponclot pasir, anggangna cukup geusan dipake ngejat.
14 Anjeunna ngageroan ka Abner jeung pasukanana, "Abner! Kadenge ka dinya?" Walon Abner, "Saha, gera-gero di dinya, ngabaribinan sang raja?"
15 Waler Daud, "Abner! Cenah andika teh jelema pangdigjayana di Israil! Lamun enya, ku naon jungjunan andika, sang raja, ku andika henteu dijaga? Bieu aya jelema nyulumun ka dinya rek nelasan jungjunan andika.
16 Andika talobeh kana kawajiban, he Abner! Kaula sumpah demi PANGERAN anu jumeneng, lamun kaula niat, tadi andika kabeh geus jemprah tariwas, gara-gara andika talobeh ngajaga raja anu diangkat ku PANGERAN! Coba ilikan, di mana tumbak sang raja? Di mana wadah caina anu di gigireun mastakana?"
17 Saul wawuheun kana sora Daud, tuluy ngagero, "Daud! Maneh eta teh, anaking?" Waler Daud, "Leres Gusti Sang Raja!
18 Ku naon margina Ama ngudag-ngudag bae ka abdi? Naon kalepatan abdi? Naon kajahatan abdi?

19 Kangjeng Raja, dangukeun pihatur abdi.
Upami Gusti ngarah-ngarah ka abdi teh
leres kersaning PANGERAN, ku abdi bade
dihaturanan kurban, manawi kersaeun
ngarobah pangersa-Na. Sawangsulna upami
lantaran diangsonan ku manusa, mugi eta
manusa anu ngangsonan teh sing disapa
ku PANGERAN. Margi upami leres kitu,
nya maranehna anu ngalantarankeun abdi
dibuburak ti tanah kagungan PANGERAN ka
nagara batur, sasat dipaksa kedah ngabakti
ka aallahan bangsa batur.
20 Mugi Gusti ulah ngersakeun abdi tiwas di
nagara batur anu tebih ti PANGERAN. Ku naon
raja Israil ngarah pati abdi anu mung saibarat
tuma? Ku naon Gusti ngudag-ngudag abdi lir
moro kasintu?"
21 Waler Saul, "Ama salah, Ama salah! Baeu
mulang, Daud anaking! Ama kapok moal
ngarah-ngarah deui, sabab peuting ieu hidep
geus ngaraksa nyawa Ama. Ama rumasa
sasar, ngaco liwat saking!"
22 Waler Daud, "Ieu nyanggakeun tumbak
kagungan Sang Raja. Parentahkeun sina
dibantun.
23 PANGERAN bakal ngaganjar ka anu satia
sareng bener. Dinten ieu Mantenna parantos
nyelehkeun Sang Raja kana genggeman abdi,
nanging ku abdi henteu dikieu-kieu, margi
Sang Raja diangkat ku PANGERAN.

24 Sakumaha abdi dinten ieu parantos
ngaraksa nyawa Sang Raja, mugia PANGERAN
ngaraksa ka abdi, ngaluputkeun tina sugri
bancang pakewuh!"
25 Lahiran Saul ka Daud, "Muga hidep
dirahmat ku Allah, anaking! Sagala lampah
hidep tinangtu bakal lulus!" Geus kitu Daud
angkat ti dinya. Saul oge tuluy mulih.
27 1 Ku Daud kagalih, "Lila-lila mah kami
beunang oge dipaehan ku Saul. Taya
deui ihtiar nu panghadena, lian ti kami kudu
kabur ka tanah Pelisti. Saul tangtu eureun
ngudagna, moal haben nyaksrak di tanah
Israil. Tangtu kami salamet."
2 Ti dinya Daud jeung baladna genep ratus
urang ngalih ka Pelisti, ka Akis bin Maok raja
Gat.
3 Daud sabaladna katut anak bojona
masing-masing geus maratuh di Gat. Daud
oge katut dua geureuhana, Ahinoam ti Yisrel
jeung Abigail randana Nabal ti Karmel.
4 Sanggeus Saul ngadangu Daud kabur ka
Gat, ngudag-ngudagna liren.
5 Daud misaur ka Akis, "Sim kuring teu
kedah matuh di kota raja. Manawi kawidian
mah nyuhunkeun matuh di kota alit bae."
6 Ku Akis dipaparin kota Siklag, sarta ti
semet harita Siklag jadi kagungan raja-raja
Yuda.
7 Daud ayana di Pelisti genep belas bulan.

8 Sapanjang kitu Daud sabaladna ngarurug
ka urang Gesur, ka urang Girsi, jeung ka
urang Amalek, anu geus ti baheula jadi
pribumi di wewengkonna masing-masing.
Dirurugna meh nepi ka wewengkon Sur jeung
wates Mesir.
9 Jelemana awewe lalaki diparaehan,
ingon-ingonna domba, sapi, kalde jeung onta
kitu deui papakean, dijarah. Ari geus mulih,
10 lamun ku Akis dipariksa, "Tas ngarurug ka
mana?" Sok diwaler tas ngarurug pakidulan
tanah Yuda, atawa tas ngarurug wewengkon
bani Yerahmel, atawa wewengkon urang Keni.
11 Saban wewengkon anu dirurug, jelemana
kabeh taya anu dihirupan, awewe lalaki kabeh
diparaehan bae supaya ulah aya anu bebeja
ka Gat ka mana saenyana Daud ngarurugna.
Kitu bae damelna Daud teh sapanjang aya di
Pelisti.
12 Ari Akis kacida percayana ka anjeunna,
nepi ka ceuk pamikirna, "Eta jelema teh
kacida dipikaceuceubna ku urang Israil, ku
bangsana sorangan. Tangtu bakal ngabantu
ka aing saumur hirupna."
28 1 Dina hiji mangsa urang Pelisti mepek
balad arek merangan ka Israil. Akis
ngalahir ka Daud, "Saderek tangtos maphum
yen saderek sareng balad-balad kedah
ngabantu perang ka sim kuring."
2 Waler Daud, "Kantenan. Sim kuring teh
bawahan saderek. Mangga engke tingalikeun

sim kuring kumaha." Waler Akis, "Sukur. Ana kitu mah sae jadi pangawal sim kuring bae atuh saterasna."
3 Harita Samuel geus pupus, dikurebkeun di kota pangcalikanana di Ramah. Bangsa Israil prihatin katinggal ku anjeunna. Sarta harita teh sakabeh tukang torah jeung tukang manggil arwah ku Saul geus diteuayakeun di Israil.
4 Pasukan-pasukan Pelisti geus masanggrahan di kota Sunem. Saul oge geus ngumpulkeun balad Israil, masanggrahan di Gunung Gilboa.
5 Barang anjeunna ningali kakuatan wadya balad Pelisti, kacida gimireunana.
6 Seug naroskeun pilampaheun ka PANGERAN, tapi ku PANGERAN teu diwaler, boh ku lantaran impenan boh ku Urim jeung Tumim, boh ku lantaran nabi.
7 Ku sabab kitu anjeunna nimbalan ka para gegeden, "Kami pangneangankeun tukang nyarumah rek menta pituduh." Walonna, "Aya saurang, di En Dor."
8 Ti dinya Saul ganti anggoan, nyamur. Reup magrib bral angkat diiring ku dua jelema, kersana rek nepangan awewe tukang nyarumah tea. "Kuring panghudangkeun arwah, pangnanyakeun kuring bakal kumaha," saurna ka eta awewe. "Pangmanggilkeun arwahna jelema anu ngaranna engke disebut ku kuring."

9 Ceuk eta awewe, "Ah, kawas nu teu
terang bae kumaha kerasna Raja Saul
ngusiran tukang-tukang nyarumah jeung
tukang-tukang metangan ti Israil. Rek
ngadoja, ngarah Ema dipaehan?"
10 Saul sumpah, "Kuring nanggung Ema moal
dihukum. Kuring sumpah demi PANGERAN
anu jumeneng!"
11 "Saha anu ku Ema kudu dihanjatkeun
teh?" ceuk eta awewe. Saur Saul, "Samuel."
12 Barang eta awewe nenjo Samuel, goak
bae ngagoak sarta pokna ka Saul, "Gusti
ngalejokeun! Geuning Gusti teh Raja Saul!"
13 Saur raja, "Tong sieun! Naon nu katenjo?"
Jawabna, "Ningal arwah hanjat ti jero
taneuh."
14 Saur Saul, "Kumaha rupana?" Jawabna,
"Jalmi sepuh, nganggo harudum." Kagalih ku
Saul tangtu eta teh Samuel. Brek anjeunna
mando.
15 Samuel mariksa ka Saul, "Bade naon
ngusik-ngusik, ngahanjatkeun Bapa?" Waler
Saul, "Putra nuju kalintang ewedna. Urang
Pelisti bade merangan. Turug-turug putra
parantos ditilar ku Allah. Mantenna teu
kersaeun deui ngawaler, boh ku nabi boh ku
impenan. Kitu nu mawi nyambat ka Bapa,
nyuhunkeun pituduh."
16 Saur Samuel, "Atuh ari parantos ditilar
sareng dimusuh ku PANGERAN mah ku naon
nyambat ka Bapa?

17 Da kadar hidep kitu teh kapan Mantenna
anu nimbalkeunana oge ka hidep, Bapa mah
darma mangnepikeun, nya eta: Karajaan
Israil dicandak ti hidep, diselehkeun ka Daud.
18 Eta teh bongan hidep geus ngarempak
timbalan PANGERAN, nya eta bangsa Amalek
jeung harta bandana ku hidep henteu
ditumpurkeun sama sakali. Nu matak ayeuna
hidep dikitukeun ku PANGERAN.
19 Hidep jeung bangsa Israil ku Mantenna
bakal diselehkeun ka urang Pelisti. Isukan
hidep jeung anak-anak anu lalaki bakal
ngahiji jeung Bapa di dieu. Wadya balad Israil
oge ku PANGERAN bakal diragragkeun ka
urang Pelisti."
20 Bluk Saul tibeubeut, nangkuban kana
taneuh, kacida ngaraos sieunna ku eta
kasauran Samuel. Mana geus lungse da geus
sapoe sapeuting teu tuang-tuang.
21 Ku eta awewe disampeurkeun, kaciri
pisan yen eukeur baluas. Pok eta awewe
teh unjukan, "Gusti, abdi tutas nyumponan
pamundut, kantun nyanggakeun pati hurip.
22 Ayeuna sawangsulna mugi kersa ngadangu
panuhun abdi. Geura tuang, supados kiat
angkat ari mulih. Ku abdi bade disayagikeun."
23 Saul teu kersaeun, saurna moal tuang.
Tapi bawaning ku diririhan ku eta awewe kitu
deui ku pangiringna, tungtungna kersaeun
oge. Neut cengkat tina taneuh, gek calik dina
bale-bale.

24 Ku eta awewe geuwat dipangmeuncitkeun
anak sapi kabiri, dipangnyieunkeun roti anu
henteu make ragi.
25 Sanggeus tarapti diolahkeunana tuluy
dihaturkeun ka Saul jeung pangiringna. Prak
taruang. Geus kitu tuluy mulih peuting eta
keneh.
29 1 Urang Pelisti mawa baladna ka Apek.
Urang Israil kumpulna di deukeut hiji
cinyusu di Lebak Yisrel.
2 Raja-raja Pelisti anu lima, baris jeung
pasukanana masing-masing, unggal pasukan
prajuritna aya anu saratus, aya anu sarebu.
Ari Daud sabaladna barisna pangtukangna
jeung Raja Akis.
3 Ku para panglima urang Pelisti
katarenjoeun, tuluy maranehna naranyakeun
ka Akis, "Eta urang Ibrani rek naraon araya
di urang?" Saur Akis, "Ieu teh Daud, urut
gegeden Raja Saul ti Israil. Geus lila aya di
kaula. Ti barang datang nepi ka ayeuna, ku
kaula tacan kapanggih aya codekana."
4 Tapi para panglima teh arambekeun ka
Akis, pokna, "Sina baralik deui bae ka ditu,
ka tempat paparin ti sampean, tong dibawa
perang. Bisi sabot urang tarung seug malikan.
Jalan naon deui geura anu pangalusna
sangkan kaaku deui ku rajana, salian ti
ngabasmi balad urang?
5 Jeung deui kapan eta teh Daud anu
diparuji ku awewe-awewe, dipapag ku

igel jeung kawih anu pokpokanana, Saul maehan mangrebu-rebu, Daud maehan manglaksa-laksa."
6 Ngalahir Akis ka Daud, "Demi PANGERAN anu jumeneng, kaula sumpah yen kaula yakin saderek henteu bengkok sembah. Ti barang sumping ka kaula, saderek tacan kapendak codeka. Kaula bungah saderek kersa mantuan perang. Nanging raja-raja sanes henteu panujueun.
7 Mana langkung sae mulih deui bae masing raos-raos, sangkan henteu ngabarubahkeun ka aranjeunna."
8 Waler Daud, "Naon kalepatan sim kuring? Upami leres sakumaha pilahir Sang Raja yen sim kuring ti saprak kumureb teu acan kapendak codeka, ku naon teu kenging ngiring merangan ka musuh Sang Raja, Gusti sim kuring?"
9 Saur Akis, "Kaula panuju. Saderek teh estu satia lir malaikat Allah bae. Mung raja-raja anu sanesna henteu panujueun saderek ngiring perang.
10 Saderek katut sakumna anu naringgalkeun Saul sarta darongkap ka kaula, enjing barang bray isuk kedah parantos arangkat ti dieu, marulih."
11 Poe isukna Daud sabaladna mulih ka Pelisti, ari urang Pelisti kebat muru ka Yisrel.
30 1 Sanggeus dua poe, Daud sabaladna narepi ka Siklag. Manahoreng Siklag

geus aya anu ngarampog, dirampog ku urang
Amalek anu ngaranjah pakidulan tanah Yuda.
Eta kota geus dihuru,
2 awewe-awewe kabeh diboyong, teu aya
anu dipaehan. Babandaanana beak dikerid.
3 Daud sabaladna ngan nyaksian kotana
geus urut ngahuru, sarta anak rabina geus
saruwung dibawa ku batur.
4 Daud sabaladna tinggarauk careurik
antep-antepan nepi ka beak tanaga.
5 Geureuha Daud oge, Ahinoam jeung
Abigail, henteu kasampak, sarua dibawa ku
batur.
6 Daud kacida susaheunana ningali balad
sakitu sarediheunana kaleungitan anak rabi,
nepi ka anjeunna arek pada ngabenturan
ku batu. Tapi manahna ditegerkeun ku
PANGERAN Allahna.
7 Tuluy ngalahir ka Imam Abyatar bin
Ahimelek, "Epod candak ka dieu." Epod ku
Abyatar disanggakeun.
8 Geus kitu Daud tumaros ka PANGERAN,
"Kumaha abdi teh, kedah nyusul eta rampog?
Kumaha kinten-kintenna tiasa kaudag?"
PANGERAN ngawaler, "Enya, pek udag, tangtu
kasusul, sarta tawanan bisa karebut deui."
9 Daud sabaladna genep ratus urang geus
bral. Barang nepi ka hiji Walungan Besor,
baladna aya anu tinggal di dinya.
10 Daud kebatna ngan jeung opat
ratus prajurit, anu dua ratus deui mah

naringgalkeun maneh, geus teu karuateun, teu untupan mareuntasan eta walungan.
11 Di tengah jalan geus di luar kota, balad Daud manggihan hiji budak bangsa Mesir, seug dibawa ka Daud. Tuluy dibere dahar jeung nginum,
12 sale buah kondang sababaraha guruntul jeung buah anggur kering dua ranggeuy. Sanggeus dadaharan budak teh jagjag deui, kawantu geus tilu poe tilu peuting henteu dahar henteu nginum.
13 Ku Daud dipariksa, "Ujang urang mana, saha dunungan?" Tembalna, "Abdi bangsa Mesir, badega urang Amalek. Tilu dinten anu kalangkung abdi ditaringgalkeun margi katarajang udur.
14 Aranjeunna tas ngarampog ka wewengkon Kreti pakidulan tanah Yuda sareng ka wewengkon kaom Kaleb, malah ngahuru kota Siklag."
15 "Daek mawa kami ka eta rampog?" Daud mariksa. Budak ngajawab, "Mangga. Nanging Juragan kedah jangji demi Allah moal maehan ka abdi, sareng moal mulangkeun abdi ka dunungan."
16 Ti dinya eta budak teh nganteur ka Daud. Ari rampog-rampog tea keur pabuyar ka mana-mana, nyaratu, ngarinum, sukan-sukan dumeh beubeunanganana ngarampog ti Pelisti jeung Yuda sakitu lobana.

17 Poe isukna wanci balebat ku Daud
ditarajang, terus campuh nepi ka burit.
Anu bisa molos tina eta panarajang ngan
opat ratus urang, barudak ngora. Kalaburna
tarumpak onta. Nu sejenna mah kabeh beak
taya anu hirup deui.
18 Para tawanan kitu deui barang-barang anu
dirampog ku eta balad rampog ti Amalek ku
Daud karebut deui, kaasup garwana anu dua,
19 naon ge teu aya nu kurang. Barudak
lalaki, barudak awewe, jeung barang-barang
anu dijarah ku urang Amalek, kabeh beunang
deui ku Daud.
20 Kajaba ti eta anjeunna meunangkeun
deui sakabeh domba jeung ingon-ingon.
Eta sasatoan digiringkeun panghareupna ku
jelema-jelema Daud, anu nyarebutkeun, "Ieu
bagian Daud."
21 Geus kitu Daud mulih deui nepangan
baladna anu dua ratus urang, anu
naringgalkeun maneh di sisi Walungan Besor,
lantaran geus teu karuateun tea. Maranehna
marapagkeun ka Daud sabaladna, ku Daud
ditarima ku budi manis.
22 Hanjakal ti anu ngariring ka Daud aya
anu garoreng hate, seug ngaromong kieu,
"Nu karitu mah tong dibarere naon-naon da
teu milu hese cape. Anak pamajikanana bae
bikeunan deui ka dinya, tuluy sina arindit."
23 Tapi saur Daud, "Ulah kitu dulur-dulur,
da ieu teh kurnia ti PANGERAN! Urang

ku Mantenna geus ditangtayungan, sarta dikersakeun bisa ngelehkeun eta rampog.
24 Eta pikiran dulur-dulur teh moal aya anu nyatujuan! Kabeh kudu dibere masing rata walatra. Anu narungguan barang-barang jeung anu arindit jurit bagianana kudu sarua.
25 Saterusna hal eta ku Daud didamel undang-undang. Sarta ti semet harita eta aturan teh dijalankeun di Israil.
26 Sasumpingna ka Siklag, barang-barang jarahan teh sabagian ku Daud dikintun-kintunkeun ka para sahabatna, para pamingpin urang Yuda, amanatna, "Ieu hatur lumayan kangge saderek, kenging ngajarah ti musuh-musuh PANGERAN."
27 Dikintun-kintunkeunana ka urang Betel, ka urang Ramah di pakidulan tanah Yuda, jeung ka nu marangkuk di kota Yatir,
28 Arur, Sipmot, Estemoa,
29 ka Rakal, ka bani Yerahmel, ka urang Keni,
30 ka urang Horma, Bor Asan, Atak,
31 jeung ka Hebron. Ka kabeh bae sakur anu wewengkonna kungsi dianggo nyiruruk ku anjeunna sabalad-balad.

31 1 Urang Pelisti geus narajang merangan urang Israil di Gunung Gilboa. Urang Israil kadeseh, loba pisan anu kasambut. Anu harirup keneh, kaasup Saul jeung putrana tiluan kalabur.
2 Tapi terus bae dibeledig ku urang Pelisti, kaudag terus dibabad. Putra-putra Saul,

Yonatan, Aminadab, jeung Malkisua, tiluanana parupus kasambut.
3 Perang beuki campuh beuki ragot sakuriling Saul. Saul tatu parna pisan, keuna ku jamparing-jamparing musuh.
4 Seug anjeunna nimbalan ka budak ngora tukang mawa pakarangna, "Cabut pedang maneh, tubleskeun ka kami, bisi urang Pelisti umat brahala teh aratoheun manten narenjo kaayaan kami tuluy ngarogahala." Tapi eta budak ngora teu wanieun, malah kacida sieuneunana. Ku sabab kitu Saul nyabut pedangna, bles nubleskeun anjeun kana eta pedang.
5 Nenjo Saul pupus, bles deui budak ngora teh nubleskeun maneh kana pedang, maot paragat nuturkeun Saul.
6 Jadi dina poe eta Saul, tilu putrana, jeung eta budak ngora jaradi mayit. Balad-balad Saul kabeh rarubuh.
7 Urang Israil anu di beh ditueun Lebak Yisrel jeung di wetaneun Walungan Yordan, barang ngadarenge yen wadya balad Israil geus kalabur, tur Saul sapala putra enggeus parupus kasambut, tuluy kalabur naringgalkeun padumukanana. Geus kitu brul urang Pelisti daratang ka dinya, ngandih eta tempat.
8 Poe isukna perang geus eureun. Urang Pelisti arindit ngarangsadan mayit-mayit.

Beh maranggihan layon Saul sapala putra
tingjaropak di Gunung Gilboa.
9 Mastaka Saul diteukteuk, pakarangna
dirangsadan, tuluy sina diider-ider ka
sakuliah Pelisti, sina kanyahoan ku arca-arca
sesembahanana, sina kagurnita ka rahayatna.
10 Pakarang Saul disimpen di kuil Dewi
Astoret, ari salirana dipatokkeun kana kuta
kota Bet San.
11 Kadarengeeun ku urang Yabes anu araya
di Gilad yen layon Saul dikitukeun.
12 Bral jalma-jalma anu garagah arindit
ka Bet San. Layon Saul jeung layon putra-
putrana diturunkeun tina tembok, dibarawa
mulang ka Yabes, tuluy diduruk di dinya.
13 Tulang-talengna dikumpulkeun seug
dipendem di handapeun hiji tangkal di jero
kota. Geus kitu urang dinya paruasa meunang
tujuh poe.

2 Samuel

1 [1] Sanggeus Saul pupus, Daud mulih ti
pangperangan tas ngelehkeun urang
Amalek, cicing di Siklag dua poe.
[2] Isukna, dina katilu poena, aya budak
ngora ti pasanggrahan Saul, datang ka Daud
terus nyuuh. Bajuna beunang nyosoeh jeung
sirahna ditaneuhan nyirikeun keur prihatin.
[3] Ku Daud dipariksa, "Maneh anu ti mana?"
Tembalna, "Juragan, abdi teh kabur ti
pasanggrahan Israil!"
[4] Saur Daud, "Coba caritakeun kumaha
perkarana?" Tembalna, "Balad Israil seueur
anu kasambut, sesana kalabur. Raja Saul
sareng Yonatan oge kasambut."
[5] Saur Daud, "Geuning maneh nyaho Saul
jeung Yonatan kasambut, kumaha?"
[6] Tembalna, "Sumuhun, abdi keur kapareng
ka Gunung Gilboa, katingal Saul nuju
naleukeum kana tumbakna, diselempek ku
pasukan kareta sareng ku pasukan kuda
musuh.
[7] Anjeunna ngareret, abdi katingalieun seug
disaur. Wangsul abdi, Nun, kaulan!
[8] Anjeunna mariksakeun abdi saha.
Diwangsul yen abdi bangsa Amalek.

9 Ti dinya saurna, Kami paehan! Pek, da
geus euweuh harepan hirup, turug-turug tatu
parna.
10 Ku abdi ditumutkeun, da teu kitu ge
tangtos anjeunna pupus. Harita ge parantos
meh geubis. Makutana ku abdi dilaan, kitu
deui kilat bahuna. Ieu kasanggakeun."
11 Wek Daud nyosoeh anggoanana, segruk
nangis. Balad oge careurik.
12 Kitu jeung kitu bae jeung henteu bararang
dahar nepi ka burit, nalangsa ku anu geus
kasambut di pangperangan tur sakitu lobana:
Saul, Yonatan, jeung bangsa Israil, umat
PANGERAN.
13 Geus kitu Daud mariksa deui ka eta budak
ngora anu mawa beja, "Saenyana maneh
urang mana?" Tembalna, "Urang Amalek,
mung ngumbara di nagara Juragan."
14 Saur Daud, "Teu sieun kasiku maneh
ngabinasa raja lisahan PANGERAN?"
15 Geus kitu anjeunna marentah ka hiji
prajurit, saurna, "Paehan ieu jelema!" Bek eta
urang Amalek teh dipaehan.
16 Saur Daud, "Kalapa bijil ti cungap, ieu
jelema cilaka ku biwirna sorangan, ngaku
maehan raja lisahan PANGERAN."
17 Geus kitu Daud ngagurit hiji lagu sedih
pikeun nangisan Saul jeung Yonatan, putrana.
18 Laguna diparentahkeun kudu diajarkeun
ka urang Yuda. (Ieu lagu kaungel dina Kitab
Yasar.)

19 "Di pasir-pasir di Israil, geus gugur para
pamingpin! Para prajurit nu panggagahna
perlaya ing dana laga!
20 Di Gat ulah diembar-embar, di Askelon
ulah diuar-uar! Bisi awewe-awewe urang
Pelisti barungah, bisi parawan-parawan umat
brahala jaligrah.
21 Di Gilboa tanah-tanah pagunungan
sina ngahgar ulah kacakclakan hujan, ulah
nyorang kaibunan! Da di dinya ngahunyudna
tameng-tameng jalma perkosa, hina papa
leungit pangaji, tameng Saul ngagoler geus
taya harti.
22 Gondewa Yonatan matak gimir matak ketir,
pedang Saul taya kawatir. Nguwak-ngawik
nempuh musuh, nu keuna pinasti rubuh.
23 Saul, Yonatan, paeh hirup babarengan,
estu aheng, matak deudeuh matak heman.
Rikat leuwih ti galudra, bedasna leuwih ti
singa.
24 Para wanita Israil ka Saul masing tibelat,
ka aranjeun geus makean ku lawon sakelat,
geus maparin perhiasan emas permata.
25 Para prajurit nu gagah wani, enggeus
naremahan pati. Satria Yonatan lastari di
pasir sepi.
26 Deudeuh teuing Yonatan, dulur awaking!
Kanyaah anjeun teu aya tanding. Kanyaah
Akang ka Rayi, langkung ti batan ka istri.

27 Para prajurit nu panggagahna perlaya ing
dana laga, kari pakarangna, geus taya deui
gunana."
2 1 Sanggeus kitu Daud unjukan ka
PANGERAN, "Kumaha abdi teh, naha
kedah mios sareng nyangking salah sawios
nagara Yuda?" PANGERAN ngawaler, "Enya!"
Piunjuk Daud, "Kedah ka mana?" Waler
PANGERAN, "Ka Hebron."
2 Ti dinya Daud jengkar ka Hebron. Garwana,
Ahinoam urang Yisrel jeung Abigail urut bojo
Nabal ti Karmel dicandak,
3 kitu deui balad-baladna saanak bojona,
tuluy maratuh di Hebron.
4 Burubul urang Yuda daratang ka Hebron,
seug Daud ku maranehna dijenengkeun jadi
raja di Yuda. Sanggeus Daud ngadangu warta
yen anu ngurebkeun Saul teh urang Yabes di
Gilad,
5 anjeunna miwarangan utusan, amanatna,
"Mugia maraneh ginanjar rahmat PANGERAN,
geus ngurebkeun raja gusti maraneh,
nembongkeun katresnan.
6 Saterusna mugia PANGERAN kersa maparin
ka maraneh sih panggalih-Na. Kami oge
seja nembongkeun kahadean ka maraneh,
ngabales kahadean maraneh kitu.
7 Sing taleger galede hate! Saul raja maraneh
geus teu aya, ari Kami geus dijenengkeun
raja ku urang Yuda."

8 Ari putra Saul anu jenengan Isboset, harita
ku Abner bin Ner panglima perang Raja Saul
geus dicandak meuntasan Walungan Yordan
ka Mahanaim.
9 Tuluy ku Abner dijenengkeun raja,
nyangking wewengkon-wewengkon Gilad,
Aser, Yisrel, Epraim, jeung Binyamin, cindekna
sakuliah tanah Israil.
10 Yuswa Isboset waktu dijenengkeun jadi
raja Israil opat puluh taun. Ari ngarajaanana
dua taun. Tapi kaom Yuda mah tetep satia ka
Daud.
11 Daud ngarajaanana di Hebron marentah
Yuda teh tujuh satengah taun.
12 Hiji mangsa Abner angkat ti Mahanaim ka
Gibon, bareng jeung ponggawa-ponggawa
Isboset.
13 Di hiji balong di Gibon amprok jeung
Yoab putra ibu Seruya sabaladna, ponggawa-
ponggawa Daud. Reg itu ieu kandeg tuluy
naragog, itu beulah ditu, ieu beulah dieu.
14 Saur Abner ka Yoab, "Barudak ngora ti
dinya jeung barudak ngora ti dieu urang
adukeun, sina tanding ngadu pakarang!"
Waler Yoab, "Hayu!"
15 Der diaradu, dua belas urang ti Isboset
jeung kaom Binyamin, dua belas urang ti
Daud.
16 Hiji lawan hiji, silih tekuk punduk, silih
kadek cangkeng, nepi ka kabeh dua puluh
opat urangna rarubuh bareng paraeh. Anu

matak eta tempat di Gibon disebut "Helkat Hasurim" hartina: Medan Pedang.
17 Diaraduna diteruskeun ku campuh ragot. Abner jeung urang Israil kadeseh ku jalma-jalma ti Daud.
18 Ari putra ibu Seruya anu harita aya di dinya tiluanana, nya eta Yoab, Abisai, jeung Asahel. Ari Asahel bisa lumpat tarik kawas uncal,
19 ngudag ka Abner.
20 Abner ngalieuk tuluy nyaur, "Silaing, Asahel?" Walon Asahel, "Heueuh!"
21 Saur Abner, "Montong ngudag ka kami! Itu bae udag prajurit, pek barangna cokotan." Tapi Asahel ngudag terus.
22 Saur Abner deui, "Ceuk kami eureun, eureun! Arek maksa ka kami, hayang dipaehan? Kumaha engke kami pikadugaeun padeuleu jeung Yoab dulur maneh?"
23 Ku Asahel teu ditolih. Abner malik, mapag ku congo tumbakna bari didorong, bles ambles kana beuteung Asahel mani parat kana tonggongna. Bluk Asahel ngudupung tuluy paragat di dinya keneh. Saban anu ngaliwat ngarandeg heula deukeut mayitna.
24 Abner diudag ku Yoab jeung Abisai. Wanci surup panonpoe, anu ngarudag teh narepi ka pasir Amma wetaneun Gia di jalan anu brasna ka tanah gurun wewengkon Gibon.

25 Jelema-jelema urang kaom Binyamin
ngumpul deui jeung Abner, tuluy narangtung
di puncak hiji pasir.
26 Abner ceceluk ka Yoab, saurna, "Ieu teh
arek terus bae merangan, moal eureun? Na
teu kajudi pitemaheunana nya pait nya getir?
Iraha rek dititah eureunna eta jelema-jelema
teh, ulah haben bae ngudag-ngudag? Urang
teh tunggal batur sanagara!"
27 Waler Yoab, "Sumpahna ge demi Allah nu
jumeneng, mun andika teu sasauran kitu, rek
terus dibeledig nepi ka isuk!"
28 Ti dinya Yoab niup tarompet, tangara
narik baladna supaya ulah terus ngudagna ka
urang Israil. Rep perang eureun.
29 Abner sabaladna sapeuting eta terus
ngajugjug ka Lebak Yordan. Ti dinya terus
meuntasan Walungan Yordan. Poe isukna
maju keneh, geus kitu sumping deui ka
Mahanaim.
30 Sanggeus henteu ngudag deui ka Abner,
Yoab ngumpulkeun baladna. Aya salapan
belas urang anu kasambut, jaba Asahel.
31 Jalma-jalma Abner anu kasambut aya
tilu ratus genep puluh urang, kabeh ti kaom
Binyamin.
32 Mayit Asahel ku Yoab dibawa ka Betlehem,
dimakamkeun di makam kulawarga. Geus
kitu Yoab sabaladna maju sapeupeuting,
wanci balebat narepi ka Hebron.

3 1 Saterusna perang antara golongan Saul
jeung golongan Daud teh lila pisan. Tapi
Daud ngadegna beuki weweg, sabalikna
lawanna mah beuki hengker.
2 Ieu putra-putra Daud anu dibabarkeun di
Hebron, aya genep. Pareleanana nurutkeun
tanggal wedalna: Amnon, putra ti Ahinoam
urang Yisrel;
3 Kilab, putra ti Abigail urut bojo Nabal ti
Karmel; Absalom, putra ti Maaka, putri Raja
Talmai ti Gesur;
4 Adonia, putra ti Hagit; Sepaca, putra ti
Abital;
5 jeung Itream, putra ti Egla. Kabeh
pameget, dibabarkeunana di Hebron.
6 Sabot perang antara golongan Daud jeung
golongan Saul, Abner beuki kawasa bae di
golongan Saul.
7 Dina hiji poe anjeunna digeunggeureuhkeun
ku Isboset putra Saul, lantaran ngaranyed ka
Rispa binti Aya, urut parekan Saul.
8 Abner kasundut manahna, nyarekan ka
Isboset, saurna, "Rek nyangka Bapa hianat ka
Saul? Rek nyangka Bapa enyaan ngabantu ka
Yuda teh? Malah ku tina ngingetkeun ka Saul
suwargina rama hidep, Bapa teh bebela ka
saderek-saderekna, ka sobat-sobatna. Hidep
pribadi ku Bapa sakitu dibelaanana kapan,
henteu diselehkeun ka Daud. Ayeuna, kakara
boga kasalahan sakitu jeung eta awewe, nepi
ka digeunggeureuhkeun!

9 (3:9-10) Bisi teu uninga, Daud ku
PANGERAN geus ditangtukeun bakal nyandak
ieu karajaan ti Saul saturunanana. Daud bakal
jadi raja Yuda ongkoh, raja Israil ongkoh, raja
sakuliah nagara ti tungtung nepi ka tungtung.
Ayeuna da enggeus kieu, anggur rek sakalian
ngabantu ngalaksanakeun hal eta! Lamun teu
nepi ka kitu, kajeun dicabut nyawa ku Allah!"
10 (3:9)
11 Isboset kacida sieuneunana ku Abner,
mani teu kecet-kecet.
12 Ti dinya Abner ngirimkeun jelema ka
Daud di Hebron. Titip saurna, "Nagara teh
saha anu bade ngatur? Sae urang ngadamel
perjangjian. Jisim abdi sumeja ngabantu
nalukkeun Israil ka Sang Raja."
13 Waler Daud, "Satuju! Eta perjangjian
urang ayakeun. Saratna: Upama engke
anjeun datang nepungan kaula, Mikal binti
Saul kudu dibawa."
14 Kajaba ti kitu Daud ngintunkeun utusan
ka Isboset, titip saurna, "Mikal garwa kami,
pulangkeun! Maskawinna, saratus siki kulit
kulup urang Pelisti ku kami geus dibayar!"
15 Seug Mikal ku Isboset dicandak ti Paltiel
bin Lais salakina.
16 Paltiel nuturkeun nepi ka kota Bahurim
bari ceurik sajajalan. Sanggeus diparentah ku
Abner, "Geura balik!" kakara balik.

17 Abner nepungan para pamingpin Israil,
tuluy sasauran, "Ti bareto aranjeun harayang
dirajaan ku Daud.
18 Ayeuna tangtu kalakon. Aranjeun tangtu
aringet kana timbalan PANGERAN anu
kieu, Kami arek make abdi Kami Daud
ngaluputkeun umat Kami Israil ti urang
Pelisti, jeung ti sakabeh musuhna."
19 Ka urang Binyamin oge Abner nyaurkeun
saperti kitu. Ti dinya anjeunna tuluy ka
Hebron rek ngunjukkeun ka Daud yen urang
Binyamin jeung urang Israil geus daek
ngiringan.
20 Sasumpingna ka Hebron jeung dua
puluh urang pangiringna, Abner ku Daud
dipestakeun.
21 Abner unjukan, "Jisim abdi amit, bade
ihtiar supados sabangsa Israil sumujud ka
Gusti. Tangtos hasil, tangtos daraekeun
dirajaan ku Gusti. Cita-cita Gusti bakal
kahontal, lajeng ngarajaan sakuliah
nagara." Ku Daud dijurung jeung ditanggel
kasalametanana.
22 Geus kitu Yoab sabaladna sumping tas
ngarurug, nyandak jarahan loba pisan. Ari
Abner geus undur ti Hebron, geus dijurung ku
Daud tur ditanggel kasalametanana.
23 Sanggeus Yoab sabaladna sumping, aya
anu ngabejaan yen Abner tas ngadeuheusan
Raja Daud, jeung geus dijurung deui kalawan
ditanggel kasalametanana.

24 Yoab ngadeuheus ka raja, sarta miunjuk,
"Kumaha tindakan Gusti teh? Abner dongkap
ngadeuheus ka Gusti. Ku naon disina wangsul
kitu bae?
25 Gusti tangtos uninga, ka dieuna aya
maksad awon, bade ngintip Gusti damel
naon, sok angkat ka mana."
26 Undur ti Daud, Yoab marentah nyusul
Abner. Abner kasusul di sumur Sira, tuluy
dibawa ka Yoab. Daud teu uningaeun.
27 Sanggeus aya di Hebron deui Abner ku
Yoab diajak nyalingker ka gigireun panto
gapura, pura-pura rek dibawa harewos.
Bles beuteungna ditubles ku Yoab, naur pati
Asahel rayina.
28 Barang Daud ngadangu wartana, anjeunna
sasauran nyalira, "PANGERAN uninga, Abner
maotna lain ku kami, lain kahayang raja.
29 Babalesna sing malik ka Yoab sakulawarga!
Ti unggal turunan Yoab sing aya anu katerap
ku kasakit bengang, atawa ku lepra, atawa
sing hengker kawas awewe, atawa sing
kasambut perang, atawa sing kurang hakan!"
30 Kitu jalanna Yoab jeung Abisai ngabales
ka Abner anu geus maehan Asahel saderekna
basa tarung di Gibon.
31 Ti dinya Daud marentah sangkan Yoab
saanak buahna nyosoeh pakeanana jeung
kudu dibaraju karung, nandakeun prihatin ku
maotna Abner. Waktu Abner dimakamkeun,

Raja Daud ku anjeun ngiring jajap, angkat tukangeun peti mati.
32 Abner dimakamkeun di Hebron. Raja nangis di makam mani ngagukguk, kabeh anu keur di makam careurik.
33 Daud mudalkeun katineungna ka Abner, saurna, "Na Abner teh maotna kawas nu taya kabisa?
34 Pan leungeunna teu ditalian, sukuna teu dibangbaluhan, maotna teh lir jalma anu nyieun kajahatan!" Geus kitu jalma-jalma teh careurik deui nyeungceurikan Abner.
35 Sapoe eta Daud henteu kersa tuang, dikeukeuhan ge ku abdi-abdina teu kersaeun bae. Malah saurna, "Lamun memeh surup panonpoe kami geus barang dahar, masing dicabut nyawa ku Allah!"
36 Sanggeus tetela kitu, tungtungna dianggap memang kitu pihadeeunana. Tetela sagala peta anjeunna matak senang ka rahayat.
37 Jalma-jalma boh golongan Daud boh golongan Israil jadi yakin, yen maotna Abner lain ku anjeunna.
38 Daud ngandika ka para gegeden, "Bisi teu aruninga, anu hilang poe ieu teh hiji pamingpin Israil anu agung!
39 Cacakan kami ku Allah geus dijenengkeun raja, mani ngarasa sakieu leuleusna. Eta anak-anak Seruya teh ceuk kami mah kacida

telengesna. Kajahatanana mugia dibales ku PANGERAN."

4 [1] Barang Isboset putra Saul ngadangu warta Abner dipaehan di Hebron, leketey leuleus, kacida sieuneunana, sarta bangsa Israil pating sareblak.
[2] Isboset kagungan dua kapala pasukan, ngaranna Baana jeung Rekab, duanana anak Rimon urang Berot kaom Binyamin. (Berot oge diasupkeun ka wewengkon Binyamin.
[3] Ari urang dinyana pituin ti harita tuluy parindah ka Gitaim, urut maranehna bareto.)
[4] Turunan Saul aya deui, nya eta Mepiboset putra Yonatan. Basa Saul jeung Yonatan tiwas, yuswa Mepiboset kakara lima taun. Barang aya beja ti Yisrel yen Saul jeung Yonatan geus kasambut, Mepiboset ku embanna gancang dibawa kabur. Ku sabab kaburna rusuh, murangkalih teh ngagebut tina aisan, tuluyna jadi gempor.
[5] Dina hiji poe Rekab jeung Baana arindit ka bumi Isboset, tengah poe narepi. Isboset keur di pajuaran, keur kulem siang.
[6] Ari embanna keur milihan gandum di lawang panto, tuluy nundutan sarta reup bae kaheesan. Bus Rekab jeung Baana arasup ka jero bumi.
[7] Geus di jarero, blus ka kamar pajuaran. Isboset anu eukeur kulem tibra pisan teh ditelasan, mastakana diteukteuk tuluy

dijingjing, sapeupeuting dibawa nyorang
Lebak Yordan.
8 Eta mastaka disanggakeun ka Raja Daud di
Hebron, sarta kieu piunjuk eta dua jelema,
"Ieu nyanggakeun sirah Isboset anak Saul
musuh Gusti, anu ngarah pati ka Gusti. Dinten
ieu Jeng Raja dikersakeun ku PANGERAN iasa
males pati ka Saul sareng turunanana."
9 Waler Daud, "Demi jumenenging
PANGERAN anu geus ngarahayukeun kami
tina rupa-rupa bahla!
10 Basa kami di Siklag dibere beja yen Saul
pupus, anu mawa bejana ku kami dipaehan.
Samarukna arek diganjar ku kami dumeh
ceuk pangrasana mawa beja matak ngeunah.
11 Komo deui maraneh, anu jahat leuwih
ti kitu, maehan jelema tanpa karana, tur
dipaehanana teh eukeur sare di imahna
sorangan! Kajahatan maraneh maehan
Isboset tan wande ku kami dibales, sarta
ngaran maraneh ku kami dipupus ti alam
dunya!"
12 Ti dinya Daud nimbalan prajurit,
bek bae Baana jeung Rekab dipaehan.
Leungeunna jeung sukuna diteukteukan tuluy
digantungkeun deukeut hiji balong di Hebron.
Ari mastaka Isboset dipendem dihijikeun ka
makam Abner di Hebron.
5 1 Geus kitu sakabeh kaom Israil daratang
ka Daud di Hebron sarta arunjukan

kieu, "Abdi sadaya sareng Gusti teh tunggal sadaging sagetih.
2 Kapungkur nalika abdi sadaya dirajaan keneh ku Saul, Gusti parantos ngapalaan abdi sadaya dina pangperangan. Kawuwuh-wuwuh PANGERAN parantos nangtoskeun yen Gusti bakal jadi pamingpin sareng raja umat Mantenna."
3 Sakabeh pamingpin Israil daratang ka Raja Daud di Hebron, sarta anjeunna ngayakeun perjangjian jeung maranehna kalayan PANGERAN saksina. Seug anjeunna ku maranehna dilisahan dijenengkeun raja nyangking Israil.
4 Waktu anjeunna diangkat jadi raja, yuswana tilu puluh taun, sarta ngarajaanana opat puluh taun.
5 Waktu ngarajaan nagara Yuda wungkul, lilana tujuh satengah taun, calikna di Hebron. Tuluy ngalih ka Yerusalem, ngarajaan sakuliah Israil jeung Yuda, meunang tilu puluh tilu taun.
6 Cunduk waktu, Daud sabaladna budal seja merangan Yerusalem. Tapi ceuk angkeuhan pribumina, nya eta urang Yebus, pamohalan Daud bisa ngarebut eta kota. Nu matak ceuk maranehna ka Daud, "Pamohalan maneh bisa asup! Ku nu lolong jeung ku nu gempor ge maneh tangtu mundur."

7 (Tapi Daud iasa ngarebut benteng-benteng
maranehna di Sion, anu saterusna kamashur
disebut "Kota Daud.")
8 Saur Daud harita ka baladna, "Cik, aya
di dieu anu ijid ka urang Yebus kawas
kami? Kacida ijidna nepi ka hayang maehan
maranehna? Jig ka ditu nanjak mapay
torowongan cai, tarajang eta jelema-jelema
anu palengkor jeung lalolong pikaijideun teh."
(Nu matak terus aya basa, "Nu lolong jeung
pengkor teu meunang asup ka panglinggihan
PANGERAN.")
9 Eta benteng beunang karebut ku Daud
jeung terus dilinggihan, sarta dilandi ngaranna
jadi "Kota Daud". Kotana diadegkeunana
sakurilingeun eta benteng, mimiti ti hiji
tempat beunang ngurug sina luhur, wetaneun
pasir tea.
10 Beuki lila Daud beuki nanjung, sabab
diaping ku GUSTI Allah, Allah Nu Maha
Kawasa.
11 Geus kitu Raja Hiram ti nagara
Tirus ngintun utusan dagang ka Daud.
Ngintunan balok-balok oge kai kiputri
golondongan, sakalian jeung tukang-tukang
kai katut tukang-tukang tembokna, sina
mangadegkeun karaton.
12 Ku sabab kitu ku Daud kahartos yen
anjeunna ku PANGERAN geus diteguhkeun
jadi raja nyangking Israil, sarta karajaanana

ku Mantenna dibeungharkeun pikeun
kabagjaan umat-Na.
13 Sanggeus ngalih ti Hebron ka Yerusalem,
Daud tambih garwa jeung parekan,
putra-putrana oge rea istri pameget.
14 Ieu putra-putrana anu dibabarkeunana di
Yerusalem: Samua, Sobab, Natan, Suleman,
15 Yibhar, Elisua, Nepeg, Yapia,
16 Elisama, Elyada jeung Elipelet.
17 Urang Pelisti mareunang beja yen Daud
geus jadi raja nyangking Israil. Tuluy mepek
balad rek nangkep anjeunna. Sanggeus
Daud ngadangu warta, anjeunna lungsur ka
benteng.
18 Urang Pelisti geus narepi ka Lebak Repaim
sarta nyaricingan eta lebak.
19 Daud unjukan ka PANGERAN, "Kumaha
eta urang Pelisti teh kedah dilawan? Kumaha
abdi bakal unggul?" Waler PANGERAN, "Pek
perangan, ku Kami rek diselehkeun ka
maneh."
20 Ti dinya Daud angkat ka Baal Perasim,
seug eta urang Pelisti teh ku anjeunna
dielehkeun di dinya. Pok anjeunna ngalahir,
"PANGERAN geus ngabedahkeun musuh kami,
lir caah ngabedah sagala rupa." Eta sababna
eta tempat teh ku anjeunna dingaranan Baal
Perasim.
21 Waktu urang Pelisti kalabur, brahala-
brahalana kataringgaleun, ku Daud jeung
sabaladna diparulungan.

22 Tapi urang Pelisti murubul deui, nyicingan
deui Lebak Repaim.
23 Daud unjukan deui ka PANGERAN. Ari
walerana-Na, "Narajangna ulah ti beulah dieu,
tarajang ti tukangeunana ti lebah gumplukan
tangkal-tangkal baka.
24 Lamun geus aya sora pabuis di pucuk-
pucuk tangkal baka maneh kudu gancang
narajang, sabab Kami bakal maju ti heula
ngelehkeun balad Pelisti."
25 Sakumaha timbalan PANGERAN ku Daud
dilampahkeun, sarta anjeunna hasil iasa
ngusir balad Pelisti ti semet Geba nepi ka
Geser.
6 1 Daud mepek deui balad, prajurit-prajurit
beunang meting ti Israil, aya 30.000
jelema.
2 Tuluy dicandak ka Baala Yuda, rek nyandak
Peti Perjangjian Allah paranti nyambat
jenengan PANGERAN Nu Maha Kawasa, anu
linggih saluhureun mukarabin.
3 Peti teh diangkat ti imah Abinadab di luhur
pasir, dimuatkeun kana padati weuteuh,
dikawal ku Usa jeung Ahio, anak-anak
Abinadab.
4 Ahio leumpangna heulaeun Peti.
5 Sapanjang jalan Daud jeung urang
Israil kakawihan bari igel-igelan, tanda
ngagungkeun ka PANGERAN, dipirig ku sora
kacapi, gambus, terebang, kenong jeung
kecrek.

6 Barang daratang ka tempat ngirik bogana
Nakon, sapi anu narik padati teh labuh
ngarampeol. Petina ku Usa gancang disangga
ku leungeunna.
7 Tapi GUSTI Allah jadi wera ka Usa dumeh
gagabah henteu hormat. Usa maot di dinya
keneh gigireun Peti Perjangjian.
8 Nu matak ti harita eta tempat dingaranan
Peres Usa. Daud ngangres manahna ningali
Allah sakitu benduna ka Usa.
9 Sarta Daud jadi sieuneun ku PANGERAN,
nyaur sajeroning manah, "Ari kieu mah
kumaha rek datangna ka aing ieu Peti
Perjangjian teh?"
10 Geus kitu anjeunna gilig, Peti teh moal
tulus dicandak ka Yerusalem. Ku anjeunna
disimpangkeun ka imah Obed Edom, asli
urang Gat.
11 Meunang tilu bulan ayana di dinya.
Sajeroning kitu Obed Edom saeusi imahna
meunang berkah ti PANGERAN.
12 Aya anu nguninga ka Daud, yen sanggeus
Obed Edom kacicingan ku Peti Perjangjian
Allah saeusi imahna jadi meunang berkah
ti PANGERAN. Seug Peti teh ku anjeunna
dicandak ti imah Obed Edom, dicandak ka
Yerusalem bari dirame-rame.
13 Sanggeus digotongna meunang genep
lengkah ku Daud dieureunkeun heula, sarta
anjeunna meuncit sapi jalu hiji jeung anak
sapi kabiri hiji, dikurbankeun ka PANGERAN.

14 Geus kitu Daud ngigel kacida sumangetna,
ngahormat ka Pangeran. Harita anjeunna
ngan nganggo sarung pondok tina lenen,
dibeulitkeun dina angkengna.
15 Kitu cara anjeunna jeung sabangsa Israil
nyandak eta Peti Perjangjian ka Yerusalem,
bari salusurakan dibarung ku sora tarompet.
16 Sanggeus eta Peti dibawa asup ka jero
kota, Mikal binti Saul nempo tina jandela.
Katingalieun Raja Daud keur igel-igelan
ajrug-ajrugan kakalayangan kukurilingan.
Mikal jadi cua manahna.
17 Sup Peti teh dipernahkeun di jero hiji
kemah beunang Daud ngahaja nyayagikeun
pikeun eta kaperluan. Ti dinya anjeunna
nyanggakeun kurban beuleuman jeung
kurban panarima ka PANGERAN.
18 Sabada ngahaturkeun kurban-kurban,
Daud ngucapkeun berkah kalawan nyebat
pajenengan PANGERAN Nu Maha Kawasa.
19 Ti dinya jelema-jelema urang Israil teh,
lalaki awewe dibaragi kadaharan. Unggal
jelema roti sasiki, panggang daging sakeureut
jeung kismis sababaraha guruntul. Geus kitu
jelema-jelema teh baralik.
20 Daud oge mulih ka bumi seja mendakan
putra garwa. Mikal kaluar mapagkeun bari
sasauran kieu, "Dinten ieu raja Israil parantos
ngamashurkeun salira ku anjeun! Anjeunna
parantos ditaranjang sapertos nu owah, teu

aya kalingsem di hareupeun emban-emban
para ponggawa karaton!"
21 Daud ngawaler, "Igel-igelan soteh tanda
ngagungkeun ka PANGERAN, anu geus
ngersakeun Engkang ngagentos tuang rama
sapala putra, jadi raja nyangking Israil. Ari
tujuanana ngagungkeun PANGERAN mah
daek bae masing kudu ajrug-ajrugan terus
oge,
22 jeung moal era-era ngapeskeun maneh
leuwih ti kitu. Ceuk Nyai nista soteh, ari ceuk
anggapan emban-emban mah malah mulya."
23 Nepi ka pupusna ge Mikal binti Saul mah
teu kagungan putra.
7 1 Raja Daud calikna geus di karaton. Ku
PANGERAN diraksa diaping ti sakabeh
musuh.
2 Anjeunna ngalahir ka Nabi Natan, "Tingali,
kaula parantos cicing di karaton tina kai
kiputri, ari Peti Perjangjian PANGERAN ngan
di jero kemah."
3 Saur Nabi Natan, "Atuh mangga pidamel
kumaha kersa, da putra teh disarengan ku
PANGERAN."
4 Tapi dina peutingna PANGERAN nimbalan
ka Nabi Natan, dawuhana-Na,
5 "Bejakeun ieu pangandika ka Daud abdi
Kami, kieu, Lain maneh jelemana anu kudu
mangnyieunkeun gedong pikeun Kami teh.
6 Kapan Kami teh, ti barang ngajait umat
Kami Israil ti Mesir oge, nepi ka kiwari cicing

teh lain di gedong! Salila apruk-aprukan
cicing teh di kemah.
7 Jeung sapanjang reureujeungan jeung
urang Israil, ka para pamingpinna anu
beunang Kami ngangkat, Kami teu menta
dipangnyieunkeun gedong tina kai kiputri.
8 Mana pangbejakeun ku maneh ka abdi
Kami Daud, kieu kituh timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Kawasa, Maneh teh
dipulung ku Kami ti tegal, tina asal tukang
ngajaga domba diangkat jadi raja nyangking
umat Kami Israil.
9 Indit ka ditu indit ka dieu, maneh ku
Kami diaping-aping. Unggal maneh indit
perang, musuh maneh ku Kami dielehkeun.
Maneh ku Kami rek dijieun kamashur cara
jelema-jelema anu kasohor di dunya.
10 (7:10-11) Sarta umat Kami Israil ku Kami
geus disadiakeun tempat, geus mararatuh di
dinya jeung moal aya anu neungteuinganan
deui. Enggeus sering maranehna ditarajang
ku bangsa-bangsa anu barengis, ti saprak
arasup ka ieu tanah. Tapi ti semet ayeuna
mah moal deui. Kami jangji, maneh rek
dijamugakeun, diraksa ti sakabeh musuh,
jeung dibere turunan.
11 (7:10)
12 Di mana maneh mulang ti dunya ngahiji
jeung karuhun, aya anak maneh saurang anu
ku Kami rek dijieun raja, sarta karajaanana
rek dikersakeun nanjung.

13 Nya anak maneh anu eta, anu bakal
mangnyieunkeun gedong pikeun Kami teh,
sarta turunanana moal aya kandegna, terus
ngadeg moal pegat-pegat.
14 Ari Kami pijadieun Ramana, ari manehna
bakal jadi putra Kami. Lamun manehna
kapareng nyieun lampah salah tan wande ku
Kami dihukum, sakumaha anak dipeperih ku
bapana.
15 Parandene kitu pangdeudeul mah ti Kami
moal aya eureunna, moal dipegatkeun cara
ka Saul anu ku Kami geus digulingkeun,
supaya maneh jadi raja gantina.
16 Turunan maneh moal aya pegatna,
karajaan maneh bakal langgeng. Ti turunan
maneh salawasna bakal aya anu jadi raja."
17 Eta pangandika PANGERAN ku Nabi Natan
diwartoskeun ka Daud.
18 Ti dinya Raja Daud lebet ka Kemah
PANGERAN, brek mando tuluy neneda, "Nun
PANGERAN Nu Maha Agung, sayaktosna abdi
saeusi rorompok henteu layak nampi sugri
pangasih Gusti.
19 Kari-kari ku Gusti bade dipidamel langkung
ti kitu, nun PANGERAN Nu Maha Agung; Gusti
parantos maparin jangji hal turunan abdi dina
mangsa nu baris dongkap. Tur hal ieu teh ku
Gusti parantos ditembongkeun ka abdi, hiji
manusa, nun PANGERAN Nu Maha Agung!

20 Naon deui atuh anu ku abdi tiasa
disanggemkeun ka Gusti? Gusti uninga kana
sagala kaayaan abdi.
21 Eta sagala perkawis anu aragung, anu
parantos diuningakeun ti payun ka diri abdi,
estu parantos kitu pangersa sareng tujuan
Gusti.
22 Gusti teh estu agung, nun PANGERAN
Nu Maha Agung! Teu aya sasami-Na! Ti
kapungkur keneh abdi sadaya terang, mung
Gusti anu jumeneng Allah.
23 Di dunya teu aya bangsa anu sapertos
bangsa Israil, anu ku Gusti dijait tina harkat
badega batur lajeng diangkat jadi umat
kagungan. Sugri padamelan Gusti anu
sakitu araheng sareng aragungna, parantos
kagurnita ka saalam dunya. Ti wangkid dijait
ti Mesir sareng dijadikeun umat kagungan
Gusti, ana maranehna maju, bangsa-bangsa
sanes katut allah-allahna ku Gusti disina
nyalingkir.
24 Urang Israil ku Gusti didamel jadi milik
kagungan Gusti salalanggengna, sareng nya
Gusti, nun PANGERAN, anu jumeneng Allah
maranehna.
25 Dupi ayeuna, nun GUSTI Allah, sugri jangji
Gusti perkawis diri abdi sareng turunan,
kitu deui sugri perkawis anu parantos
diandikakeun tea, mugi-mugi diyaktoskeun.
26 Kalayan pajenengan Gusti mugi pada
ngagungkeun sareng teu petot-petot

disarebat ku jalmi-jalmi, PANGERAN Nu Maha Kawasa jumeneng Allah di Israil! Sareng mugi Gusti kersa ngalanggengkeun karajaan turunan abdi.
27 Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, abdi kumawantun ngunjukkeun ieu panuhun ka payuneun Gusti, reh eta sugri perkawis ku Gusti parantos diwartoskeun ka abdi, gandek Gusti, sareng ku Gusti parantos ditimbalkeun yen turunan abdi bakal jarumeneng raja.
28 Saleresna pisan Gusti teh Allah, nun PANGERAN Nu Maha Agung! Gusti tangtos moal udar jangji. Pangandika Gusti sipat satuhu. Gusti parantos ngajangjikeun eta sagala perkawis ka diri abdi.
29 Mugi berkahan turunan abdi, sing tetep tumetep aya dina aub sih kurnia Gusti. Nun PANGERAN Nu Maha Agung, Gusti parantos jangji kitu, abdi percanten rahmat berkah Gusti moal pegat-pegat ka turunan abdi salalanggengna."
8 1 Hiji mangsa Raja Daud merangan deui urang Pelisti, sarta ku anjeunna ditalukkeun, nepi ka eta bangsa teu bisaeun deui sakama-kama ka tanah Israil.
2 Geus kitu anjeunna nalukkeun urang Moab. Jelema-jelemana dibaroyong jeung dipanjara, sina ngararingkuk dina taneuh, sarta saban-saban ti tilu urang, anu dua dipaehan. Satuluyna urang Moab jadi bangsa

patalukan anjeunna, diwajibkeun mayar upeti.
3 Sanggeus eta anjeunna ngelehkeun
Raja Hadad Eser bin Rehob ti Soba, hiji
nagara ti tanah Siria, waktu eta raja keur
di satengahing jalan rek nanjeurkeun deui
kakawasaanana di wewengkon Walungan
Eprat girang.
4 Baladna anu beunang ku Daud sarebu
tujuh ratus anu tarumpak kuda, jeung dua
puluh rebu serdadu leumpang. Ari kudana
ku anjeunna dirampas sacukupna keur
narik saratus kareta perang, sesana kabeh
dicacadan.
5 Urang Siria ti Damsik ngirimkeun bala
bantuan arek nulungan ka Raja Hadad Eser.
Tapi eta oge dielehkeun, sarta baladna anu
tiwas kasambut ku anjeunna aya dua puluh
dua rebu urang.
6 Daud nempatkeun pakemahan-pakemahan
militer di wewengkon maranehna, sarta
maranehna jadi patalukan anjeunna,
dikeunaan upeti. Di mana-mana Daud ku
PANGERAN dikersakeun unggul bae.
7 Daud ngarampas kepeng-kepeng emas
anu diparake ku para gegeden Hadad Eser,
dicandak ka Yerusalem.
8 Ti Betah jeung ti Berotai, dua nagara
anu dirajaan ku Raja Hadad Eser, anjeunna
nyandak parunggu loba pisan.

9 Perkara elehna Hadad Eser sabaladna,
kadangu ku Raja Toi ti Hamat.
10 Eta raja tuluy ngutus Yoram putrana
ngintun salam ka Daud, ngawilujengkeun ka
anjeunna geus iasa ngelehkeun Hadad Eser,
sabab Hadad Eser sering pisan merangan ka
anjeunna. Sajaba ti kitu Yoram nyanggakeun
barang tina emas, perak jeung parunggu.
11 Eta barang-barang ku Daud disucikeun
pikeun paranti babakti ka PANGERAN,
dihijikeun jeung emas perak kengingna
ngajabel ti bangsa-bangsa anu dielehkeun ku
anjeunna, nya eta ti:
12 Edom, Moab, Amon, Pelisti, jeung Amalek.
Barang-barang anu dirampas ti Hadad Eser
oge dihijikeun jeung eta.
13 Sanggeus ngelehkeun urang Edom di
Lebak Uyah nepi ka dalapan belas rebu balad
Edom anu tiwas, Daud beuki kamashur bae.
14 Di sakuliah tanah Edom anjeunna
nempatkeun pakemahan-pakemahan militer.
Urang Edom jadi patalukan anjeunna. Di
mana-mana Daud ku PANGERAN dikersakeun
unggul.
15 Daud ngereh sakuliah tanah Israil, sarta
anjeunna kacida ngajagina supaya iasa adil
palamarta ka rahayat.
16 Ari panglima perangna Yoab putra ibu
Seruya. Papatihna Yosapat bin Ahilud.
17 Imamna Sadok bin Ahitub jeung Ahimelek
bin Abyatar. Paniterana Seraya.

18 Kapetenganana Benaya bin Yoyada.
Putra-putra Daud jaradi imam.
9 1 Dina hiji poe Daud mariksa, "Kumaha
aya keneh kulawargi Saul anu hirup?
Lamun aya, kami arek mikaheman, sabab
kami inget ka Yonatan."
2 Aya hiji jelema urut gandek kulawargi Saul
ngaranna Siba. Tuluy dititah ngadeuheus ka
Daud. Ku raja dipariksa, "Maneh teh Siba?"
Wangsulna, "Leres, Gusti."
3 Raja mariksa deui, "Kumaha ari kulawarga
Saul aya keneh anu hirup? Lamun aya, kami
arek nembongkeun kahemanan, nedunan
jangji kami ka Allah." Piunjuk Siba, "Sumuhun
aya, putrana Yonatan saurang, gempor
sampeanana."
4 "Di mana?" lahir raja. Wangsul Siba,
"Sumuhun, di rorompok Makir bin Amiel di
Lodebar."
5 Ku Raja Daud dipiwarang disaur.
6 Mepiboset bin Yonatan putu Saul geus
aya di payuneun Daud, geus rengkuh
nyanggakeun hormat. Daud ngalahir,
"Mepiboset!" Jawabna, "Leres, Gusti."
7 Saur Daud, "Ulah reuwas-reuwas. Kami
hayang mikaheman ka hidep, inget ka ama
hidep, Yonatan. Tanah Saul eyang hidep
salegana top ajang hidep. Jeung lamun hidep
suka, iraha bae ge meunang ngariung dahar
jeung kami."

8 Mepiboset ngawangsul, "Beu Gusti, ku
naon sakitu totomplokanana, padahal abdi
teh teu benten ti anjing budug."
9 Ti dinya raja nyaur Siba, gandek Saul,
timbalanana, "Sagala rupa harta banda Saul
sakulawarga, ku kami rek diselehkeun ka
Mepiboset, incu gusti maneh.
10 Eta tanah ahli-ahli Saul gusti maneh
teh uruskeun ku maneh saanak-anak jeung
badega-badega, panguruskeun panenna,
supaya mareunang rejeki ti dinya. Mepiboset
pribadi baris jadi tamu kami salalawasna,
dahar sameja jeung kami." (Ari Siba boga
anak lalaki lima belas jeung badega dua puluh
urang.)
11 Siba ngawangsul, "Satimbalan Gusti
sumeja diestokeun pisan." Ti harita Mepiboset
daharna dicandak sameja jeung raja,
disaruakeun jeung putra-putra raja.
12 Mepiboset boga budak lalaki hiji, ngaranna
Mika. Siba sakulawarga jaradi gandek
Mepiboset.
13 Mepiboset anu sukuna duanana deog
matuh di Yerusalem, daharna katuangan raja.
10 1 Dina hiji mangsa, raja nagara Amon
anu jenengan Nahas pupus, tuluy
diganti ku Hanun, putrana.
2 Saur Raja Daud, "Kami rek nembongkeun
kahadean ka Hanun, sabab Raja Yahas,
ramana, hade ka kami." Ti dinya anjeunna
ngintun sawatara utusan ka Hanun

nawiskeun ngiring sungkawa. Sanggeus eta utusan-utusan daratang ka Amon,
3 para pamingpin Amon arunjukan ka rajana,
"Naha leres Daud ngintun utusan teh tawis
hormatna ka suwargi tuang rama? Sanes!
Eta utusan dipiwarang ngincer nagara urang
supados gampil ditempuhna."
4 Para utusan ku Hanun ditangkep, janggotna
dikurudan sabeulah-sabeulah, pakeanana
diguntingan lebah biritna, tuluy disina baralik.
5 Kacida areraeunana eta para utusan teh,
nepi ka teu waranieun balik. Kadangueun ku
Daud, seug ku anjeunna dipiwarang narunggu
heula di Yeriho, ngadarago janggotna jaradi
deui.
6 Urang Amon geus boga rasa bakal ditempuh
ku Daud. Tuluy nyewa prajurit-prajurit bangsa
Siria, ti Bet Rehob jeung Soba 20.000 prajurit,
ti Tob 12.000 prajurit, ti raja Maaka 1.000
prajurit.
7 Daud geus uningaeun, gancang nimbalan
Yoab sina ngetrukkeun saayana balad.
8 Urang Amon geus tata baris di lawang kota
Raba, ibu kota Amon. Balad sewaan ti Siria, ti
Tob jeung ti Maaka diteundeun di pasisian.
9 Kajudi ku Yoab yen baladna rek digencet
ti hareup jeung ti tukang. Ganjang
anjeunna meting prajurit-prajurit Israil,
disanghareupkeun ka urang Siria.
10 Sesana dipercayakeun ka Abisai, rayina,
disanghareupkeun ka urang Amon.

11 Saur Yoab ka rayina, "Upama Akang
kadeseh ku urang Siria, Rayi geuwat
ngabantu. Upama Rayi kadeseh ku urang
Amon, ku Akang dibantu.
12 Sing teger, sing teteg. Hayu urang tarung
ngabela bangsa jeung nagara Allah urang,
bari tawekal narima pangersa PANGERAN."
13 Balad Yoab geus maju narajang, balad
Siria kalabur.
14 Kanyahoan ku urang Amon yen urang
Siria kalabur, urang Amon oge kalabur ti
hareupeun Abisai, arasup deui ka jero kota.
Sanggeus urang Amon mundur, Yoab mulang
ka Yerusalem.
15 Sanggeus urang Siria ngarasa teter
ku urang Israil, tuluy ngumpulkeun deui
pasukan-pasukan.
16 Urang Siria anu caricing di wetaneun
Walungan Eprat oge ku Hadad Eser
didatangkeun, geus aya di Helam. Eta balad
dipingpin ku Sobak, panglima perang Hadad
Eser.
17 Daud geus uningaeun tuluy mepek balad,
ti dinya meuntasan Walungan Yordan, muru
ka balad Siria di Helam anu geus taki-taki.
Der perang.
18 Balad Siria kadeseh ku balad Israil
sarta loba pisan anu kasambut, 700 urang
ti pasukan kareta jeung 40.000 urang ti
pasukan kudana. Malah Sobak, panglima
perang musuh oge tiwas.

19 Sanggeus raja-raja anu kaereh ku Raja
Hadad Eser ngarasa kasoran, seug marenta
taluk ka urang Israil sarta jadi kaereh ku
urang Israil. Ti dinya urang Siria jadi kapok
ngabantu ka urang Amon.
11 1 Dina musim semi, geus biasa
raja-raja sok maraju perang. Dina
musim semi taun eta Daud nimbalan ka
Yoab jeung para perwirana sina mawa balad
merangan urang Amon. Urang Amon kadeseh
mundur ka kota Raba, tuluy eta kota ku Yoab
ditingker. Daud mah linggih-linggih di karaton
Yerusalem.
2 Dina hiji poe wanci asar, gugah leleson
Daud unggah ka loteng karaton. Sabot
angkat-angkatan di loteng bet ningali awewe
keur mandi geulis pisan.
3 Manahna panasaran hoyong uninga eta
awewe teh saha, seug miwarang nyerepkeun.
Eta awewe teh Batseba binti Eliam, bojona
Uria urang Het.
4 Ku Daud dipiwarang disaur. Sanggeus
dideuheuskeun ku Daud dicandak ebog.
(Harita Batseba teh kakara beresih tas
kereseban.) Sanggeus diebogan dipiwarang
balik.
5 Lila ti lila Batseba ngandeg, tuluy ngirim
warta ka Daud.
6 Daud ngintun surat ka Yoab, eusina, "Uria
urang Het sina ngadeuheus ka kami." Uria
dijurungkeun ku Yoab.

7 Sanggeus ngadeuheus, Uria ku Daud
dipariksa saurna kumaha Yoab jeung balad
salamet, jeung kumaha bejana perang teh.
8 Geus kitu timbalanana ka Uria, "Jig geura
balik, reureuh di imah." Uria amit mundur. Ku
Daud disusul ku kikintunan ka imahna.
9 Tapi Uria teh henteu terus ka imahna,
anggur mondok di lawang gapura karaton
ngahiji jeung para pangawal raja.
10 Kauninga ku Daud yen Uria henteu
balik ka imahna, seug disaur dipariksa, "Ku
naon teu terus ka imah, sakitu geus lilana
ditinggalkeun perang?"
11 Wangsul Uria, "Rayat Israil sareng Yuda
keur tarebih di medan perang, sareng Peti
Perjangjian aya di ditu. Bapa Yoab panglima
abdi kitu deui para perwira, nuju ngemah
di nu ngabuliklak. Pisakumahaeun awonna
saupami abdi wangsul ka rorompok raos-raos
dahar leueut sareng mondokan pun bojo!
Demi sagala nu suci, abdi sumpah moal
milampah ka kitu!"
12 Saur Daud, "Geus, poe ieu teruskeun
reureuh di dieu, isukan isuk-isuk ku kami
diidinan indit." Jadi poe eta jeung poe isukna
Uria di Yerusalem keneh.
13 Peutingna ku Daud diondang dahar,
disuguh inuman sina mabok. Tapi peuting eta
ge henteu balik, mondokna di garduh karaton
disasarap ku simbut.

14 Isukna Daud ngadamel surat keur ka
Yoab, dititipkeunana ka Uria.
15 Eusina, "Uria teundeun panghareupna di
nu pangragotna, tuluy tinggalkeun mundur
sina kasambut."
16 Sanggeus Yoab nilik-nilik medan perang,
Uria ku anjeunna diteundeun di tempat
anu geus kataksir yen lebah dinya musuh
pangkuatna.
17 Burudul pasukan musuh murudul ti jero
kota, narajang ka pasukan Yoab. Para perwira
Daud loba anu kasambut. Uria oge kasambut.
18 Ti dinya Yoab ngirim laporan perang ka
Daud,
19 sarta kieu amanatna ka nu diutus, "Engke
sanggeus raja nampi laporan kieu,
20 bisa jadi nyeuseul, meureun saurna, Naha
atuh nyampeuk-nyampeuk teuing ka kota! Na
teu kajudi bakal dihujanan jamparing ti luhur
kuta?
21 Na teu inget kumaha kasambutna
Abimelek bin Gidion eukeur di Tebes bareto?
Kapan tiwasna teh ditinggang ku batu
panggilingan ku hiji awewe, ti luhur kuta. Ku
naon nyampeuk-nyampeuk teuing kana kuta?
Lamun raja mariksa kitu, jawab kieu, Uria
oge, perwira Gusti, kasambut."
22 Bral utusan indit. Unjukanana ka Daud
sakumaha papatah Yoab.

23 Piunjukna, "Musuh langkung kiat, murudul
ti lebet kota, narajang ka luar. Saena
kaundurkeun deui ka lawang kota.
24 Nanging nu di luhur kuta ngahujanan
ku jamparing. Perwira-perwira seueur anu
kasambut. Uria oge kasambut."
25 Saur Daud, "Tegerkeun hate Yoab jeung
omongkeun ulah leutik hate, kituh. Jamak
dina perang mah, teu bisa ditangtukeun saha
nu bakal kasambut. Atur deui balad sing
leuwih kuat. Eta kota tarajang deui, sing
beunang!"
26 Ngarungu salakina kasambut Batseba
ngalakonan kala sungkawa.
27 Sanggeus tutas kala sungkawana, ku
Daud dicandak ka karaton, tuluy dipigarwa.
Brol babar, orokna lalaki. Tapi eta kalakuan
Daud teh ngajaheutan manah PANGERAN.
12 1 PANGERAN ngutus Nabi Natan
sangkan nepangan Daud. Bral nabi
angkat, nyarios ka Daud, "Aya dua jalmi,
matuh sakota. Nu hiji beunghar, nu hiji
miskin.
2 Nu beunghar gaduh sapi sareng domba
pirang-pirang.
3 Dupi si miskin mung gaduh anak domba
bae sasiki kenging meser, diurus sareng
digedekeun bareng sareng barudakna,
diparaban tina dahareunana sorangan,
nginumna bareng sacangkir, heesna ge
dilalahun sapertos ka anak awewe.

4 Dina hiji dinten nu beunghar teh
kasemahan. Bet lebareun bade meuncit
pipiaraanana keur nyuguhan teh. Nya teras
meuncit anak domba gaduhna si miskin,
dipake nyuguhan semahna."
5 Daud kacida benduna ka eta anu beunghar.
Saurna, "Demi jumenenging PANGERAN,
jalma kitu kudu dipaehan!
6 Kacida telengesna! Anak domba anu
dicokot ku manehna kudu digantian opat
tikel!"
7 Saur Natan ka Daud, "Eta jalmi teh
nya Sang Raja! Dangukeun ieu timbalan
PANGERAN Allah Israil, Maneh ku Kami dijieun
raja Israil jeung diluputkeun ti Saul.
8 Karajaan Saul, kitu deui pamajikan-
pamajikanana ku Kami dibikeun ka maneh.
Maneh geus dijieun raja nyangking Israil
jeung Yuda. Bisi ngarasa kurang keneh, ku
Kami mo burung dibere deui dua kalieun ti
eta.
9 Ku naon maneh nyapirakeun timbalan
Kami, nyieun kalakuan sakitu gorengna?
Uria ku maneh dititah dipaehan dina perang,
dihaja sina dipaehan ku urang Amon, tuluy
pamajikanana ku maneh dicokot!
10 Ku sabab maneh geus teu nurut ka Kami
sarta nyokot pamajikan Uria, anu matak ti
satiap turunan maneh turun-tumurun bakal
aya nu paeh lantaran dipaehan.

11 Kami sumpah, baris nibankeun kacilakaan
ka maneh, anu datangna ti kulawarga maneh
sorangan. Eta pijadieunana lamun Kami
engke nyokot pamajikan-pamajikan maneh,
dibikeun ka lalaki sejen, sarta ku eta bakal
ditemahan kabeh waktu tangari bolong.
12 Maneh geus nyieun dosa anu buni, tapi ieu
ancaman Kami rek dibuktikeun di nu negla,
hareupeun sakabeh urang Israil."
13 Waler Daud, "Kaula tarima dosa
ka PANGERAN." Piunjuk Nabi Natan,
"Sawangsulna dosa Sang Raja ku PANGERAN
dihapunten. Sang Raja moal pupus
ayeuna-ayeuna.
14 Nanging sarehing Sang Raja parantos
midamel lampah sakitu aebna, eta putra Sang
Raja anu nembe medal bakal maot."
15 Sanggeus nyarios kitu Natan mulih.
Sanggeus kitu, eta murangkalih anu ti
Batseba bojo Uria teh ku PANGERAN
dikeunaan kasakit parna kacida.
16 Daud neneda ka Allah, sasambat supaya
eta murangkalih cageur. Daud nepi ka teu
kersa tuang-tuang acan. Ari ti peuting sok
ngerem anjeun di kamarna bari ngagoler dina
lante.
17 Para pajabat karaton marek, bari nunuhun
supaya anjeunna kersa lugay. Tapi teu
kersaeun bae, jeung weleh teu kersaeun
tuang.

18 Sanggeus meunang saminggu
murangkalih teh nepi ka hanteuna,
ngantunkeun. Para pajabat Daud kacida
baringungeunana kumaha ngunjukkeunana
ka raja. Salaurna, "Keurna murangkalih hirup
keneh sang raja geus teu kersa sasauran-
sasauran acan, komo lamun diuningaan
murangkalih geus lastari! Palangsiang nyiksa
anjeun!"
19 Anu tingharewos ku Daud kadangueun.
Kajudi yen murangkalih teh geus
ngantunkeun. Anjeunna mariksa, "Kumaha
budak teh, geus ninggalkeun?" "Sumuhun,
parantos."
20 Daud lugay ti handap, siram, meresan,
gentos anggoan. Leos ka gedong PANGERAN,
sembahyang. Sanggeus mulih ka karaton
mundut tuang. Tuluy disayagikeun, seug
tuang.
21 Para pajabatna mihatur, "Teu kahartos.
Nalika murangkalih aya keneh ku Gusti
ditangisan, disauman. Ayeuna saparantos
murangkalih ngantunkeun, Gusti kersa lugay
kersa tuang."
22 Waler Daud, "Heueuh, keurna hirup
keneh budak teh ku kami diceungceurikan
dipuasaan, malak mandar PANGERAN aya
manah watir ka kami, sugan we budak teh
moal dicandak.
23 Ayeuna geus puguh maot, keur naon
dipuasaan terus, da moal bisa dihirupan deui.

Kami onaman engke oge nuturkeun, tapi budak mah moal balik-balik deui."
24 Batseba ku Daud dililipur. Sanggeus ditemahan deui, Batseba ngandeg deui sarta babar, putrana pameget. Ku Daud dijenenganan Suleman. Eta murangkalih diasih ku PANGERAN,
25 sarta Mantenna nimbalan ka Nabi Natan supaya eta murangkalih dipaparin lalandian Yedidya, sabab dipikaasih ku PANGERAN.
26 Sajeroning kitu Yoab terus keneh ngepung kota Raba, ibu kota nagara Amon. Eta kota geus meh karebut.
27 Yoab ngintun laporan ka Daud, "Kota Raba parantos kantun narajang. Sumber caina parantos karebut.
28 Mugi Gusti sumping nyandak balad sesa. Rebut eta kota ku Gusti, supados ulah abdi engke anu kasebut ngarebutna."
29 Daud jengkar ka Raba nyandak balad. Eta kota ditarajang sarta beunang karebut.
30 Di eta kota aya arca aallahan urang Amon, arca Dewa Milkom, make makuta emas anu beuratna tilu puluh lima kilo, ditaretes ku batu permata. Ku Daud dicandak tuluy dianggo.
Jaba ti eta anjeunna nyandak jarahan loba pisan ti dinya.
31 Jelema-jelemana dipaksa sina digarawe marake ragaji, pacul, kampak, aya oge anu dipaksa nyarieunan bata. Hal sarupa kitu dikeunakeun oge ka jelema-jelema pangeusi

kota-kota Amon lianna. Geus kitu Daud
sabaladna mulih ka Yerusalem.
13 [1] Ari putra Daud anu jenengan
Absalom kagungan saderek istri geulis,
jenenganana Tamar. Dipikabogoh ku Amnon,
putra Daud misah ibu.
[2] Kacida bogoheunana Amnon teh, nepi
ka kagegeringan, tina taya harepan bisa
laksana, kawantu kacida dipingitna sakumaha
lumrahna parawan.
[3] Amnon boga sobat ngaranna Yonadab
putra Syama saderek Daud, kasebut jelema
loba akal.
[4] Saur Yonadab ka Amnon, "Ku naon putra
raja teh saban dinten katingalna nguluwut
bae? Ngamanahan naon?" Waler Amnon,
"Kuring teh hayang ka nyi Tamar rayina
Absalom, dulur tere."
[5] Saur Yonadab, "Gampil, pura-pura teu
damang we, ebog di pajuaran. Upami engke
rama sumping ngalayad, kedah unjukan kieu,
Tamar piwarang ka dieu sina mangdamelkeun
katedaan. Kedah di dieu ngadamelna supados
katingal, sareng sina teras ngalaladenan di
dieu."
[6] Tuluy Amnon lebet ka pajuaran, ebog
pura-pura teu damang. Raja Daud sumping
ngalayad. Saur Amnon, "Tamar widian
ka dieu sina mangdamelkeun kueh.
Di dieu ngadamelna ngarah katingal.
Diasongkeunana hoyong ku manehna."

7 Daud ngintun talatah ka Tamar di karaton,
kieu, "Longok akang maneh, Amnon, jeung
pangnyieunkeun kadaharan."
8 Tamar sumping, Amnon kasampak keur
ebog. Tamar ngadamel adonan didamel kueh
di dinya, diawaskeun ku Amnon.
9 Sanggeus kuehna asak dijait tina
panggorengan, tuluy disina dituang ku
Amnon. Tapi Amnon can kersaeun, saurna,
"Nu sejen sina arindit!" Sanggeus nu sejen
kalaluar,
10 Amnon ngalahir ka Tamar, "Cepeng
kuehna di dieu dina ranjang, Akang huapan."
Kueh ku Tamar dicepeng rek ngahuapan ka
raka.
11 Tamar ku Amnon dikenyang tuluy
ditangkeup, bari saur Amnon, "Urang ebog
sareng Akang!"
12 Saur Tamar, "Alim! Akang ulah maksa
ngajak nista! Aeb temen!
13 Kumaha engke abdi, moal kiat patingal
sareng batur! Akang oge tangtos bakal awon
kasebatna ku urang Israil. Ari bade leres-leres
mah atuh suhunkeun bae ka raja, moal teu
dipaparinkeun."
14 Ku Amnon henteu ditolih. Bubuhan
pameget leuwih kuat batan istri, Tamar ku
anjeunna dikenyang kana pajuaran terus
dipaksa.
15 Ari geus anggeus rey bae Amnon ngarasa
cua liwat saking, leuwih ti batan rasa bogohna

tadi samemehna. Tamar diusir, saurna, "Jor
ka ditu, kaluar!"
16 Saur rayina, "Alim, isin! Ngusir abdi kieu
leuwih jahat ti batan kalakuan Akang anu
bieu!" Amnon teu kersa ngadangu,
17 kalah ka nyaur gandek kadeuheus,
saurna, "Usir ieu awewe ti hareupeun kami,
jongklokkeun ka ditu, panto konci!"
18 Tamar ku eta gandek dikenyang dibawa
kaluar, pantona tuluy dikonci. Harita Tamar
nganggo raksukan kurung, panjang ngagapuy
dihias-hias, sakumaha layakna anggoan putri
raja jaman harita keur parawanna.
19 Tamar ngarawu taneuh ngebul diawurkeun
kana mastakana, anggoanana disosoeh, tuluy
angkat ti dinya nungkup raray bari nangis
ngabangingik.
20 Waktu Absalom ningalieun, tuluy mariksa,
"Dipaksa ku Amnon tadi teh? Keun bae Rayi,
tong teuing jadi pikiran. Manehna teh lanceuk
tere Rayi, jadi ieu kajadian ulah dibejakeun
ka saha-saha." Tamar terus cicing di bumi
Absalom, nyingsalkeun anjeun.
21 Daud ngadangu eta kajadian, langkung-
langkung benduna.
22 Ari Absalom ti harita ngamusuh ka Amnon
anu geus ngotoran Tamar rayina, teu kersa
palemek-lemek acan.
23 Dua taun ti harita, Absalom ngaguntingan
bulu domba di Baal Hasor deukeut desa
Epraim. Putra-putra raja kabeh diondang.

24 Absalom ngadeuheus ka Raja Daud,
unjukan kieu, "Ama, Sang Raja, putra ayeuna
nuju ngaguntingan bulu domba. Hoyong
disumpingan ka ditu sareng para mantri.
Kersa?"
25 Waler raja, "Moal anaking. Ka ditu sarerea
mah atuh hidep repot." Absalom ngeukeuhan,
tapi raja teu kersaeun. Absalom dipiwarang
undur.
26 Tapi Absalom unjukan deui, "Upami kitu,
Amnon atuh widian, kenging?" Waler raja,
"Rek naon Amnon kudu ka ditu?"
27 Tapi bawaning ku dikeukeuhan tungtungna
Amnon diwidian ngiring ka Absalom bareng
jeung putra-putra anu sejenna. Absalom
nyadiakeun tuangeun lir keur tuangeun raja
bae.
28 Tuluy marentah ka gandek-gandek,
saurna, "Amnon awaskeun. Lamun nginumna
geus nemen, geus mabok, lamun ceuk
kami paehan, paehan! Tong inggis-inggis,
kami anu tanggung jawab. Sing wani, ulah
raga-reugeu!"
29 Gandek-gandek narurut kana parentah
Absalom. Amnon dipaehan. Pala putra Daud
anu sejenna buru-buru marancal bigalna, biur
ditegarkeun.
30 Sabot pala putra di jaralan keneh, bejana
ku Daud geus katampi. Ceuk nu mawa beja,
"Pala putra sadayana ditelasan ku Absalom,
teu aya anu kantun!"

31 Neut raja ngadeg, anggoanana disosoeh,
bluk ngabeubeutkeun anjeun kana taneuh.
Gandek-gandek anu araya di dinya oge
nyosoeh pakeanana.
32 Pok Yonadab putra Syama saderek Daud
unjukan, "Gusti Sang Raja! Anu ditelasan
mung Amnon, anu sanesna henteu. Mugi
kauninga, parantos lami Absalom kagungan
niat kitu, ti wangkid Tamar rayina diganggu
ku Amnon.
33 Ulah dipercanten eta wartos teh. Henteu
sadayana ditelasan, mung Amnon wungkul."
34 Ari Absalom mah geus ngalolos. Sabot kitu
prajurit anu jaga garduh nenjo aya aleutan ti
lebah Horonaim keur marudun ti pasir. Tuluy
diunjukkeun ka raja.
35 Yonadab miunjuk, "Putra-putra Gusti
parantos sarumping, sapertos sanggem abdi
bieu."
36 Kakara ge tutup unjukanana, putra-putra
Daud geus sarumping bari narangis. Daud
jeung para mantri oge narangis.
37 (13:37-38) Absalom kaburna ka Talmai
bin Amihud raja Gesur, terus cicing di ditu
nepi ka tilu taun. Daud lila pisan prihatinna
katilar ku Amnon.
38 (13:37)
39 Sanggeus manahna paler ka Amnon,
jorojoy sono ka Absalom.
14 1 Ku Yoab katilik yen raja geus sonoeun
ka Absalom.

2 Yoab miwarang ngala hiji awewe binangkit
ti Tekoa, tuluy dipapatahan kieu, "Maneh
kudu pura-pura anu keur prihatin, make
papakean paranti kapapatenan, buuk tong
disisiran. Kudu siga anu geus lila nandangan
prihatin.
3 Deuheusan raja, sarta ieu papatah kami
unjukkeun." Ku Yoab tuluy dipapatahkeun.
4 Ti dinya awewe teh marek ka raja, brek
deku tuluy sujud, pok unjukan, "Gusti, abdi
nyuhunkeun pitulung!"
5 "Aya naon?" raja mariksa. Wangsulna,
"Gusti, abdi teh randa miskin, salaki parantos
maot.
6 Gaduh anak lalaki dua. Dina hiji dinten
garelut di tegal teu aya nu misah, dugi tiwas
saurang.
7 Gusti, ayeuna abdi dipaksa ku baraya-
baraya kedah nyerenkeun anak anu maehan
dulurna, bade dipaehan deuih ku maranehna.
Upami dugi ka kitu tangtos pun anak leungit
duanana, mangkaning teu gaduh deui anak.
Mung kantun eta harepan abdi anu bakal
neraskeun ngaran bapana. Nanging eta
harepan anu mung sakitu-kituna teh ku
maranehna bade dileungitkeun."
8 Dawuhan raja, "Geus geura balik. Engke
kami marentahkeun supaya perkara maneh
diuruskeun."
9 Piunjukna eta awewe, "Gusti Anu Mulya,
sanaos naon anu bade dipidamel ku Gusti,

balukarna mah abdi sakulawarga anu baris nampi. Gusti sareng kulawargi mah henteu lepat."
10 Saur raja, "Upama maneh diancam, sina datang jelemana ka kami, sina ulah nyusahkeun deui ka maneh."
11 "Nyuhunkeun dipangnedakeun ka PANGERAN Allah Gamparan, ulah dugi ka baraya-baraya abdi midamel kalakuan anu langkung jahat deui, maehan pun anak anu maehan dulurna." Waler Daud, "Kami jangji, demi jumenenging PANGERAN anak maneh moal bocel-bocel acan."
12 Ceuk eta awewe, "Gusti, aya keneh pisanggemeun saeutik deui. Nyuhunkeun diwidian." "Pek," walerna.
13 Eta awewe unjukan deui, "Ku pilahir anu tadi, Gusti oge parantos ngangken ku anjeun yen lepat henteu ngawidian tuang putra mulih ti pangasinganana teh. Ku naon Gusti dugi ka midamel kalepatan kitu ka umat Allah?
14 Urang sadaya hiji mangsa kedah dongkap kana ajal, lir cai anu bahe kana taneuh moal tiasa kaala deui. Nanging sanaos leres Allah moal ngahirupkeun deui anu parantos maot, dupi hal tuang putra mah ku Gusti iasa ditarekahan, sakirang-kirangna supados putra iasa mulih deui ti panyingkiran.
15 Gusti Sang Raja! Nu mawi abdi dumeuheus sareng unjukan kieu ka Gusti teh ku margi aya anu ngancam. Sanggem emutan, ah bade

diunjukkeun ka raja, malak mandar sang raja
kersaeun ngabulkeun.
16 Abdi percanten Gusti kersa ngadangu ieu
piunjuk, ngaluputkeun abdi sarawuh pun anak
ti nu bade maehan, anu bade nyingkirkeun ti
ieu tanah paparin Allah ka umat-Na.
17 Abdi percanten jangji Gusti bakal iasa
ngarahayukeun, margi Sang Raja lir ibarat
malaikat Allah, iasa nangtayungan anu sae
ti nu awon. Mugi Sang Raja disarengan ku
PANGERAN, Allah panutan Gusti."
18 Waler raja, "Kami arek nanya, jawab
sabalakana!" "Sumangga dawuhkeun,"
tembalna.
19 Saur raja, "Ieu tangtu tarekah Yoab, lain?"
Jawabna, "Mugi Gusti wilujeng! Abdi teu tiasa
mungkir. Leres sakumaha pariksa Gusti, abdi
teh dipapatahan ku Yoab, panglima Gusti.
20 Nanging maksad anjeunna teu aya
sanes mung supados ieu perkawis tiasa
dilempengkeun. Gusti teh estu bijaksana
sapertos malaikat Allah bae, waspaos kana
sagala rupi kajadian."
21 Sanggeusna ti dinya, raja nimbalan
ka Yoab, "Kahayang maneh ku kami rek
dicumponan. Jig teang eta budak, Absalom
sina balik!"
22 Bruk Yoab sujud kana taneuh ka payuneun
Daud, pok miunjuk, "Mugi Sang Raja ginanjar
berkah Allah. Ayeuna jisim abdi terang yen

Gusti mikasuka ka jisim abdi, reh panuhun abdi ku Gusti dikabul."
23 Bral Yoab angkat ka Gesur, Absalom dicandak mulih ka Yerusalem.
24 Tapi dawuhan raja, Absalom ulah dicandak ka karaton. Timbalanana, "Kami teu hayang nenjo manehna." Absalom mulih ka bumina ku anjeun sarta henteu nembongan ka raja.
25 Absalom teh di sakuliah Israil pangkasepna, taya nu nendeng, pamujian sarerea. Ti embun-embunan nepi ka dampal sampean estu mulus taya kuciwana.
26 Jeung rambutna gomplok pisan; ari diparasna sataun sakali, nya eta ari geus panjang teuing jeung lamun karaosna geus beurat. Ari beurat rambutna meh dua kilo mun ditimbang ku timbangan nurutkeun taraju karaton.
27 Absalom kagungan putra, tilu pameget jeung hiji putra istri anu geulisna kawanti-wanti, jenenganana Tamar.
28 Geus dua taun Absalom aya deui di Yerusalem, tara tepang-tepang jeung raja.
29 Geus kitu anjeunna mundut disumpingan ku Yoab, hoyong dipangunjukkeun halna ka raja. Tapi Yoab henteu sumping. Sakali deui Absalom mundut, tapi tetep Yoab teu kersaeun sumping.
30 Ti dinya Absalom ngalahir ka gandek-gandek, saurna, "Maraneh nyaho huma Yoab anu dipelakan hanjeli, gigireun huma kami?

Duruk ka ditu eta huma teh." Gur eta huma teh dihuru.
31 Yoab sumping ka Absalom sarta saurna,
"Ku naon gandek-gandek hidep ngahuru
lahan Bapa?"
32 Waler Absalom, "Ku naon Bapa ge diangkir
teu kersa sumping? Pangunjukkeun pihatur
ka raja, kieu, Jang naon abdi kapungkur
dipiwarang wangsul? Terang-terang bade
kieu mah langkung sae tetep bae di Gesur.
Pangihtiarkeun, kaula hayang papanggih
jeung raja. Lamun salah atuh paehan kituh,
kaula pasrah."
33 Ti dinya Yoab ngadeuheus ka Raja Daud
ngunjukkeun pihatur Absalom. Absalom ku
raja disaur. Sanggeus Absalom datang tuluy
sujud ka payuneun raja. Ku raja ditampi,
dicium.
15 1 Sanggeus kitu Absalom nyadiakeun
hiji kareta perang jeung kudana, katut
lima puluh urang pangawal pribadi.
2 Unggal poe, isuk-isuk keneh pisan geus
gugah, angkat ka lawang nagara, ngadeg
sisi jalan. Unggal aya anu rek nyanggakeun
urusanana ka raja, ku anjeunna dipegat,
ditaros anu ti mana. Lamun dijawab yen ti
salah sahiji kaom Israil,
3 Absalom ngalahir kieu, "Ceuk hukum mah
maneh anu bener. Tapi hanjakal euweuh
wawakil raja anu daekeun ngadenge perkara
maneh."

4 Lamun tas sasauran kitu sok terus
disambung, "Da lamun kami jadi hakim mah,
saha oge meunang datang, perkarana moal
teu diuruskeun reujeung adil!"
5 Upama jelemana nyampoyong arek
nyembah sok geuwat disambut terus
dirangkul.
6 Kitu bae damelna ka unggal urang Israil
anu rek menta pangadilan ka raja. Atuh
jelema-jelema teh kabeuli hatena.
7 Dina hiji mangsa, opat taun ti harita,
Absalom unjukan ka Raja Daud, "Abdi neda
idin ka Hebron, bade nekanan nadar ka
PANGERAN.
8 Kapungkur, nalika di Gesur tanah Siria,
abdi gaduh panadaran, yen upami abdi
diparengkeun tiasa wangsul deui ka
Yerusalem, bade ngabakti ka Mantenna di
Hebron."
9 Waler raja, "Heug, sing salamet." Absalom
angkat ka Hebron.
10 Tapi anjeunna geus ngintun-ngintunkeun
utusan ka sakabeh kaom Israil sina embar-
embar, yen, "Mun geus aya sora tarompet,
maraneh kudu surak, Absalom jumeneng raja
di Hebron!"
11 Absalom angkatna diiring ku dua ratus
jelema urang Yerusalem, beunang ngahaja
ngondang. Tapi maranehna mah ngiring teh
sabiasana bae, teu aya niat nu sejen, da

teu tarerangeun naon-naon kana paniatan Absalom mah.
12 Bari ngurban Absalom miwarangan jelema
ka kota Gilo sina manggil Ahitopel, juru
nasehat Raja Daud. Anu arek ngaralawan raja
sakaitna beuki kuat, anu bariluk beuki loba.
13 Aya anu nguninga ka Daud, "Unjuk uninga,
urang Israil parantos bariluk ka Absalom."
14 Saur Daud ka para mantri anu nyarengan
di Yerusalem, "Urang nyingkir ayeuna keneh
ari teu hayang ditangkep mah ku Absalom.
Gancang! Bisi kaburu datang sarta nangkep
urang, jeung bisi ngabasmi ka nu araya di
Yerusalem!"
15 Wangsulna, "Leres, Gusti! Sumangga abdi
sadaya seja tumut."
16 Raja geus angkat, disarengan ku sakabeh
kulawargina jeung para ponggawa, kajaba
sapuluh urang parekan anu ditinggalkeun
sina nungguan karaton.
17 Sanggeus sumping ka imah anu
pangjauhna, raja liren heula jeung sakabeh
pangiringna.
18 Para ponggawa kabeh narangtung
gedengeun raja, waktu pasukan pangawal
raja liwat ngabaris di payuneunana. Kitu deui
genep ratus urang prajurit ti Gat anu marilu
ka anjeunna, eta oge liwat di payuneunana.
19 Itai, pamingpinna, ku raja dipariksa,
"Paman, ku naon milu ka kami? Mending
mulang deui ka kota ngiring raja anyar. Da

Paman mah bangsa sejen, di dieu soteh keur ngungsi.
20 Paman di dieu ngan keur saheulaanan, jadi arek naon milu sangsara jeung kami. Kami mah rek sakaparan-paran, henteu puguh nu dijugjug. Jig geura mulang, babaturan kabeh bawa. Mugia PANGERAN teu kendat nyarengan ka Paman, maparin kasaean."
21 Itai ngawangsul, "Gusti, Paman sumpah nyebat pajenengan PANGERAN, ka mana bae ge paeh hirup seja ngiring."
22 Waler Daud, "Nuhun Paman! Hayu maju!" Itai maju jeung sakabeh pasukanana katut kulawarga-kulawargana.
23 Rayat anu dikantun ku Daud ear careurik. Ti dinya raja jeung rombonganana meuntasan Walungan Kidron rek ka tanah gurun.
24 Imam Sadok oge ngiring, diiring ku urang Lewi anu ngagarotong peti suci, Peti Perjangjian Allah. Cag eta Peti teh diecagkeun heula, sarta can waka digotong deui samemeh rombongan laliwat kabeh. Imam Abyatar oge ngiring.
25 Raja ngalahir ka Imam Sadok, "Eta Peti sae wangsulkeun deui ka dayeuh. Aya bae milik kaula mendak kurnia ti PANGERAN tangtu bisa mulang deui bisa deui ningal eta, jeung bisa deui ningal tempat Mantenna.
26 Sabalikna lamun kaula geus teu kamanah ku PANGERAN, kantun kumaha pangersa-Na, kaula sumeja pasrah."

27 Saurna deui ka Sadok, "Mangga mulih
deui ka dayeuh. Tuang putra Ahimaas sareng
Yonatan putra Abyatar candak. Mangga sing
salamet.
28 Ari kaula rek ngantos di peuntaseun
walungan di tanah gurun, ngantos
wartos-wartos ti Bapa."
29 Tuluy Peti Perjangjian teh ku Sadok jeung
Abyatar dicandak deui ka Yerusalem, sarta
aranjeunna tetep di Yerusalem.
30 Daud nanjak ka Gunung Jetun bari nangis.
Mastakana dicindung tawis keur prihatin,
jeung teu ditarumpah-tarumpah acan. Anu
ngariring oge dicarindung bari tingsalegruk.
31 Aya anu nguninga ka Daud yen Ahitopel
biluk ka Absalom. Seug anjeunna neneda,
"Nun PANGERAN, mugi-mugi sagala nasehat
Ahitopel ulah aya anu kaanggap."
32 Sanggeus Daud aya di puncak pasir di
tempat paranti sembahyang ka Allah, jol
Husai urang Arki, mitra Daud. Pakeanana
geus disosoeh sarta sirahna diawuran taneuh.
33 Saur Daud ka Husai, "Mending entong
ngiring, moal aya mangpaatna.
34 Langkung sae ka dayeuh deui ngawula ka
Absalom. Unjukkeun sumeja sumujud kituh
sapertos ka tuang rama. Nasehat Ahitopel ka
raja ayonan sakedah polah.
35 Di ditu parantos aya Imam Sadok sareng
Abyatar. Hal-hal anu kakuping di karaton
wartoskeun ka aranjeunna.

36 Sagala katerangan anu geus
kakumpulkeun ku saderek, ku aranjeunna
bakal dititipkeun ka putrana, ka Ahimaas bin
Sadok sareng ka Yonatan bin Abyatar, anu
bakal nepikeun ka kaula di dieu."
37 Husai mitra Daud mulang ka dayeuh,
kabeneran Absalom oge kakara sumping.
16 1 Sanggeus Daud majeng deui saeutik
liwat pasir, hol Siba gandek Mepiboset,
mendakan, mawakeun kalde anu dimuatan
roti dua ratus siki, anggur kering saratus
ranggeuy, buah anggur seger saratus
ranggeuy, jeung cianggur sakantong kulit
pinuh.
2 Daud mariksa, "Eta babawaan jang naon?"
Ceuk Siba, "Sumuhun, kalde kanggo titihan
pala putra, roti sareng bubuahan kangge anu
ngariring, cianggur kangge ngalaleueut engke
di tanah gurun."
3 Saur raja, "Ari Mepiboset incu Saul juragan
maneh di mana?" Jawab Siba, "Sumuhun di
Yerusalem, margi yakineun yen karajaan Saul
eyangna ku urang Israil bakal diserenkeun ka
anjeunna."
4 Dawuhan raja ka Siba, "Ari kitu mah harta
milik Mepiboset cokot ku maneh, piboga."
Pihatur Siba, "Sembah hatur nuhun. Mugi
abdi salamina mendak kurnia ti Gusti."
5 Sanggeus sumping ka Bahurim, Raja Daud
dipegat ti kajauhan ku Simei bin Gera, hiji
ahli Saul. Simei nyumpahan

6 bari ngabaledogan ku batu ka Daud jeung
pangiringna, teu tolih ka para gegeden jeung
pangawal anu ngaping.
7 Nyumpahanana, "Jor geura kabur! Si
tukang maehan! Si jahat!
8 Bareto maneh ngarebut karajaan Saul.
Sakitu lobana ahli-ahli Saul anu dipaehan ku
maneh. Ayeuna tibalik, maneh dihukum ku
Allah. Karajaan maneh ayeuna ku PANGERAN
diselehkeun ka Absalom, anak maneh
sorangan. Sukur pisan maneh cilaka, sukur!
Si tukang maehan!"
9 Abisai putra ibu Seruya unjukan ka raja,
"Gusti, bade sabar bae ka eta anjing anu
gagag-gogog nyarekan ka salira Gusti? Urang
teukteuk huluna ku abdi!"
10 Raja ngawaler ka Abisai jeung Yoab
rakana, "Lain urusan maraneh. Lamun
nyarekanana ka kami teh geus kersaning
PANGERAN, saha nu bisa ngahulag?"
11 Dawuhanana deui ka Abisai jeung ka
para ponggawa, "Anak kami sorangan rek
maehan ka kami, naha maraneh make heran
ku kalakuan eta urang Binyamin? Keun bae
sina nyarekan ka kami, da PANGERAN anu
miwarang kitu.
12 Ngan muga-muga ieu kabalangsakan
kami nepi ka dicarekan kieu ku batur, ku
PANGERAN digentos ku kabagjaan."
13 Daud jeung sapangiringna neruskeun
lumakuna. Ari Simei terus bae nutur-nutur

ti sisi pasir, teu eureun-eureun nyumpahan
bari ngabenturan ku batu jeung ngawuran ku
taneuh.
14 Sanggeus sumping ka sisi Walungan
Yordan, Daud sapangiringna ngareureuh
heula bawaning ku cape.
15 Absalom lebet ka Yerusalem jeung urang
Israil anu ngariring, kitu deui Ahitopel.
16 Jol Husai mitra Daud ngadeuheus ka
anjeunna, seug nyora tarik, "Wilujeng raja!
Wilujeng raja!"
17 Ku Absalom dipariksa, "Kumaha bejana
Daud sobat andika? Geus ditinggalkeun? Ku
naon teu milu ka sobat?"
18 Saur Husai, "Paliyas, Gusti! Jisim abdi
sumeja sumeren diri ka raja anu diangkat
ku PANGERAN, ku ieu jalmi-jalmi, sareng ku
sabangsa Israil. Jisim abdi sumeja ngiring ka
Gamparan.
19 Kalih perkawis, ka saha deui nya kedah
kumawula upami sanes ka putra jungjunan
abdi?"
20 Geus kitu Absalom malik ngalahir ka
Ahitopel, "Urang parantos aya di dieu,
kumaha saterasna? Cobi nyuhunkeun
pirempag."
21 Ceuk Ahitopel, "Ayeuna mah cobian bae
heula parekan-parekan tuang rama anu
ku anjeunna dikantun sina tunggu karaton
tea, supados sadaya urang Israil terang

yen Gamparan nangtang ka rama, supados maranehna tambih kawani."
22 Ti dinya Absalom dipangnyieunkeun sasaungan di luhur karaton. Seug parekan-parekan ramana teh ku Absalom kabeh digadabah di dinya, dilalajoanan ku saban jelema.
23 Mangsa harita sagala nasehat Ahitopel ditarurutna teh kawas kana pangandika Allah bae, boh Daud boh Absalom kacida tumutna.
17 1 Sanggeus kitu Ahitopel unjukan ka Absalom, "Jisim abdi nyuhunkeun jalmi dua belas rebu urang, bade ngudag Daud engke wengi.
2 Bade ditarajang meungpeung keur ripuheun keneh. Tangtos anjeunna gugup, pangiringna bakal paburisat kalalabur. Anu diarah patina mung raja.
3 Pangiringna mah bade dibantun ka Gamparan, lir panganten awewe nepangan salakina. Nu diarah mung saurang, anu dipikapalay ku Gusti. Anu sanes-sanesna urang hirupan."
4 Ku pamendak Absalom jeung para pamingpin Israil eta nasehat kacida hadena.
5 Saur Absalom, "Cik urang tanya pamanggih Husai kumaha."
6 Sanggeus Husai marek, Absalom mariksa, "Kitu pirempug Ahitopel. Turutkeun atawa ulah? Lamun ulah, coba kumaha pikiran maneh?"

7 Saur Husai, "Nun, sakali ieu mah pirempag
Ahitopel henteu sae.
8 Gamparan langkung uninga, tuang rama,
Daud, sareng pangiringna, jago-jago tarung,
garalakna sapertos biruang anu dibantun
anakna. Tuang rama teh prajurit kahot,
seueur pangalaman, sareng wengi ieu tangtos
moal ngahiji sareng balad.
9 Manawi ayeuna teh keur nyumput, ngintip
di lebet guha duka di mana. Saupami Daud
ujug-ujug narajang dugi ka balad ti dieu
kasoran, tangtos sanggem anu ngaruping teh
balad Gamparan parantos kasoran.
10 Upami parantos kitu, jalmi anu
panggagahna sareng teuneungna ibarat
singa ge tangtos murungkut hatena. Margi
sadayana ge parantos teu aya nu bireuk kana
kagagahan tuang rama sabaladna.
11 Pirempag abdi gamparan mah kieu: Kerid
sabangsa Israil ti tungtung dugi ka tungtung,
ti Dan dugi ka Berseba, dugi ka seueurna
sapertos keusik di basisir. Candak perang,
pingpin nyalira ku Gamparan.
12 Ku jalan kieu, sanaos Daud nyumput
di mana ge moal teu kapendak. Memeh
uningaeun kitu kieuna der tarajang.
Ditanggel, anjeunna sabaladna moal aya anu
luput.
13 Bilih bae anjeunna mubus ka salah sawios
kota, kotana sina diered ku balad urang ku

tambang, jungkelkeun kana jurang dugi ka pasirna teu nyesa batu hiji-hiji acan."
14 Saur Absalom kitu deui ceuk urang Israil, "Pirempug Husai leuwih alus ti batan pirempug Ahitopel." Geus kitu kersaning PANGERAN, pirempug Ahitopel anu sakitu alusna teh henteu dianggap, sarta hal eta bakal jadi lantaran cilakana Absalom.
15 Geus kitu Husai wawartos ka Imam Sadok jeung Abyatar yen anjeunna tas ngahaturkeun pirempug kitu ka Absalom jeung para gegedenna, sarta hal pirempugna Ahitopel.
16 "Enggal wartoskeun ka Daud," saur Husai. "Wengi ieu ulah ngarereb di peupeuntasan ka tanah gurun, kedah enggal meuntasan Walungan Yordan, bilih kabujeng kabasmi."
17 Yonatan bin Abyatar jeung Ahimaas bin Sadok keur tarunggu di pasisian Yerusalem, sisi sumur di En Rogel, teu waranieun arasup ka jero kota, sieun aya anu nenjoeun. Jol tukang ngabejaanana anu geus baku, hiji gandek awewe, mawa beja anu kudu buru-buru diwartoskeun ka Daud.
18 Tapi sakali eta mah anu duaan teh katenjoeun ku hiji budak lalaki, tuluy dibejakeun ka Absalom. Gancang duanana nyumput ka salah sahiji imah urang desa Bahurim, tuluy arasup ka jero sumur di buruan eta imah.

19 Rup sumurna dituruban ku pamajikan nu
boga imah, turubna diamparan gabah, teu
katara di dinya aya nu nyumput.
20 Burudul abdi-abdi Absalom daratang
tuluy nanyakeun, "Mana si Ahimaas jeung si
Yonatan?" Ku eta awewe dijawab, "Parantos
mareuntasan walungan." Terus dikotektak,
teu kapanggih. Anu nareangan baralik.
21 Ahimaas jeung Yonatan haranjat ti sumur
tuluy kebat ka Daud. Nasehat Ahitopel
diunjukkeun. Pokna deui, "Enggal meuntas!"
22 Daud sapangiringna pakepuk meuntasan
Walungan Yordan. Bray isuk teh geus teu aya
saurang-urang acan anu tinggal.
23 Ari Ahitopel sanggeus pirempugna henteu
kapake, clak bae kana kalde, mulang ka
lemburna. Sanggeus wawasiatan, gurawil
ngagantung maneh. Tuluy dikuburkeun di
makam kulawargana.
24 Waktu Absalom jeung urang Israil keur
mareuntasan Walungan Yordan, Daud mah
geus aya di kota Mahanaim.
25 (Absalom geus ngangkat Amasa jadi
panglima gaganti Yoab. Amasa teh anak Yitra
urang Ismail, ari ibuna Abigail binti Nahas,
saderekna Seruya ibuna Yoab.)
26 Absalom masanggrahan heula di tanah
Gilad.
27 Ari Daud sasumpingna ka Mahanaim
ditepangan ku tilu jelema, nya eta Sobi bin
Nahas ti kota Raba di Amon, Makir bin Amiel

urang Lodebar, jeung Barsilai urang Rogelim
di tanah Gilad.
28 (17:28-29) Maranehna marawakeun
bokor-bokor, wawadahan tina taneuh,
kasur, kitu deui bahan dahareun pikeun
Daud sabaladna: Gandum, tarigu, daging,
sanggray gandum, kacang buncis, madu,
kiju, mantega, jeung domba sababaraha hiji.
Maranehna nyarahoeun yen Daud sabaladna
tangtu lapar jeung aus, tur cape aya di tanah
gurun teh.
29 (17:28)
18 1 Daud ngaloris balad anu ngiring,
tuluy dibagi jadi sababaraha pasukan,
aya anu sarebuan, aya anu saratusan. Tiap
pasukan aya kapalana.
2 Geus kitu balad teh dibagi tilu bagian.
Sapertilu dipingpin ku Yoab, sapertilu ku
Abisai raina Yoab, sapertilu deui ku Itai urang
Gat tea. Saur raja ka aranjeunna, "Kami oge
rek milu perang."
3 Tapi ku aranjeunna diwagel, "Gamparan
mah ulah angkat. Balad onaman sanaos dugi
ka kapaksa kalabur oge, atanapi dugi ka
kantun saparo, ku musuh moal dianggap.
Dupi salira Gamparan mah tinanding balad
salaksa. Gamparan langkung sae ngantos di
dieu, di dayeuh, ngatur bala bantuan."
4 "Kumaha hadena bae, kami nurutkeun,"
walerna. Ti dinya anjeunna ngadeg di
sisi lawang dayeuh, ningalikeun budalna

pasukan-pasukan, anu sarebuan, anu saratusan.
5 Raja nimbalan ka Yoab, Abisai, jeung Itai, saurna, "Kade eta budak, Absalom ulah dikieu-kieu." Eta dawuhan ku balad oge kadarengeeun.
6 Balad Daud geus budal ka luar ti dayeuh. Terus mokprok jeung balad Israil di leuweung Epraim, der campuh.
7 Urang Israil eleh ku balad Daud lain meumeueusan, aya 20.000 urang anu kasambut poe eta.
8 Perang terus nyaliara sawewengkon eta, anu paraeh cilaka di leuweung leuwih loba ti batan anu paraeh kasambut perang.
9 Prok Absalom amprok jeung balad Daud. Bigalna dilumpatkeun. Barang nepi ka handapeun hiji tangkal kiara anu dahanna rekep, gurawil bae ngagurawil, sabab mastakana tiselap kana dahan kiara, salirana guwang-gawing di awang-awang. Ari bigalna terus lumpat.
10 Aya anu nguninga ka Yoab pokna, "Abdi ningal Absalom guwang-gawing dina tangkal kiara."
11 Saur Yoab, "Geus puguh katenjo ku naon henteu terus dipaehan bae di dinya ku maneh? Moal teu diperesen ku kami sapuluh gebleg perak jeung sabuk hiji."
12 Tembalna, "Sanaos diperesen sarebu gebleg perak oge, abdi mah teu wantun

nyintreuk-nyintreuk acan ka eta putra raja.
Sadayana oge nguping raja nimbalan ka
Bapa, ka Abisai, sareng ka Itai, dawuhanana,
Sing inget ka kami, eta budak, Absalom, ulah
dikieu-kieu.
13 Saupami abdi baha ka raja dugi ka
maehan Absalom, halna tangtos kadangu ku
raja, da sagala rupi hal oge ku anjeunna mah
kadangueun bae. Upami parantos kitu mah
Bapa ge tangtos moal ngabelaan ka abdi."
14 Saur Yoab, "Ah, cumah ngobrol jeung
maneh!" Geus kitu anjeunna nyandak tumbak
tilu. Absalom kasampak hirup keneh keur
roroesan dina dahan kiara. Bles angenna
ditubles.
15 Jol prajurit sapuluh urang, tuluy marilu
nyampurnakeun Absalom.
16 Yoab miwarang niup tarompet, tangara
kudu eureun perang. Balad daratang tas
ngabeberik urang Israil.
17 Mayit Absalom diturunkeun, tuluy
digurubagkeun kana lombang jero di
eta leuweung, bru dibugbrugan ku batu.
Urang Israil kabeh geus kalabur, baralik ka
saimah-imahna.
18 Keur hirupna Absalom teh ngadamel hiji
tugu keur salirana di Lebak Raja, dumeh
teu kagunganeun putra pameget anu bakal
neruskeun jenenganana. Anu matak eta tugu
ku anjeunna dingaranan ku jenenganana ku

anjeun, sarta nepi ka ayeuna eta tugu katelah Tugu Absalom.
19 Geus kitu jol Ahimaas bin Sadok unjukan ka Yoab, "Manawi karujukan, ieu pikabingaheun teh urang unjukkeun ku abdi ka raja, yen anjeunna ku PANGERAN parantos diluputkeun ti musuh."
20 Waler Yoab, "Ulah! Poe ieu mah najan anu pikabungaheun oge ulah hidep anu ngabejakeunana. Poe sejen mah pek bae. Sabab anu tiwas poe ieu teh putra raja."
21 Ti dinya Yoab nimbalan ka budak urang Sudan saurna, "Silaing kudu ka kangjeng raja ayeuna. Uningakeun sakur anu kasaksian ku silaing di dieu." Budak teh nyembah, semprung lumpat.
22 Ahimaas maksa, "Matak naon abdi oge widian ngunjukkeun ieu wartos ka kangjeng raja?" Saur Yoab, "Keur naon ka ditu anaking? Ka-teu-teu-ari da moal aya pihasileunana."
23 "Sawios ku kitu ku kieu oge, matak naon?" "Nya jig atuh," saur Yoab. Semprung Ahimaas oge lumpat, mudun ka Lebak Yordan, teu lila budak urang Sudan anu tadi geus kapiheulaan.
24 Daud keur linggih di nu lega antara lawang jero jeung lawang kota beulah luar. Anu kemit unggah ka luhur lawang kuta, terus nangtung di dinya, tuluy nenjo aya anu keur lumpat nyorangan.

25 Gancang ceceluk ka handap, nguninga ka
raja. Lahiran raja, "Upama nyorangan, bejana
tangtu hade." Anu lumpat beuki deukeut.
26 Beh deui anu keur kemit teh nenjo saurang
deui anu keur lumpat. Gero ngabejaan ka
nu jaga lawang, "Tuh aya saurang deui anu
lumpat!" Saur raja, "Eta oge tangtu mawa
beja hade."
27 Ceuk nu kemit, "Parantos rada sidik
jalmina, rupina mah Ahimaas." Saur raja,
"Jelema hade eta mah. Bejana tangtu
ngeunah."
28 Ahimaas norojol bari ngawilujengkeun ka
raja, bruk sujud kana taneuh payuneunana,
piunjukna, "Puji ka PANGERAN, Allah
Gamparan, anu ngersakeun Gamparan
unggul ngelehkeun jalmi-jalmi anu ngalawan
ka Sang Raja!"
29 Raja mariksa, "Ari Absalom kumaha,
salamet?" Piunjuk Ahimaas, "Gusti, nalika
abdi diutus ku panglima Yoab, abdi ningal
aya anu ribut-ribut, duka abdi gamparan teu
terang aya naon."
30 "Enya, geus maneh nyisi nangtung di
dieu," saur raja. Ahimaas nyisi tuluy nangtung
di dinya.
31 Teu lila torojol budak urang Sudan tea
datang, tuluy unjukan ka raja, "Gusti, abdi
ngabantun wartos pikabingaheun! Dinten
ieu Gusti ku PANGERAN parantos dipaparin
kaunggulan ti anu ngaralawan ka Gusti!"

32 "Ari anak kami, Absalom, salamet?" Eta
budak ngawalon, "Mugi-mugi sadaya musuh
Gusti, sakur anu ngalawan ka Gusti, sing
sapertos eta Gusti anom."
33 Raja rampohpoy, manahna sumeblak. Sup
lebet ka kamar peuntaseun lawang, ngadon
nangis. Bari angkat henteu weleh sumambat,
"Emh Absalom, Absalom, anaking! Mending
oge Ama anu paeh, nalangan Enung, anaking,
anaking!"
19 1 Aya anu nguninga ka Yoab, yen Raja
Daud damelna nangis bae sasambat
ka Absalom.
2 Atuh balad anu keur barungah unggul
perang teh hatena ngarareunteut lantaran
rajana nangisan putrana.
3 Arasupna ka kota teh mani jempling kawas
nu nandang kaera, kawas tas kabur ti medan
perang.
4 Ari raja nyindungan raray bari jerat-jerit,
"Duh anaking Absalom! Anaking! Absalom!
Anaking!"
5 Yoab lebet ka bumi anu dicalikan ku raja,
ngahaturanan pituah, "Dinten ieu Gamparan
parantos ngawiwirang balad, balad ku
anjeun, anu parantos toh pati jiwa raga
ngabelaan Gamparan, ngabelaan putra-putra
pameget istri, ngabelaan garwa-garwa sareng
parekan-parekan Gamparan.
6 Gamparan sarupi anu ngamusuh ka nu
sumujud, mikatresna ka nu ngalawan. Tetela

Gamparan teh nganggap para kapala teu aya harga, para abdi taya pangaji. Upami kitu tetela, manawi upami dinten ieu abdi sadaya tumpes tiwas, Absalom anu hirup, nembe Gusti suka galih.
7 Mana ayeuna nun Gusti, upahan hate balad-balad. Demi PANGERAN, abdi Gamparan sumpah, upami Gamparan henteu ngupahan hate balad, enjing oge parantos moal aya saurang-urang acan anu kumureb deui ka Gamparan. Upami dugi ka kitu, Gamparan anu cilaka, langkung cilaka ti batan anu parantos karandapan ku Gamparan ti aanom."
8 Neut raja cengkat lajeng kaluar, gek lenggah di lawang nagara. Balad gancang kabejaan yen sang raja teh geuning itu keur lenggah di lawang nagara. Burudul balad daratang ngadareuheusan ka rajana. Harita urang Israil geus kalabur baralik ka saimah-imahna.
9 Geus kitu urang Israil teh di mana-mana recok pada batur, pokna, "Raja Daud teh padahal ngabebaskeun urang ti musuh-musuh. Urang jadi bebas ti urang Pelisti. Ayeuna anjeunna nepi ka lunta ti nagara, nyingkahan Absalom.
10 Urang kalah ka ngangkat Absalom jadi raja. Absalom geus tiwas kasambut perang. Ku naon urang caricing keneh bae, lain

buru-buru ngangkir deui Raja Daud, sina
gancang mulih ka nagara?"
11 Recokna urang Israil kitu geus aya
anu nguningakeun ka Raja Daud. Seug
anjeunna ngintun amanat ka Imam Sadok
jeung Abyatar, sina nyarios kieu ka kapala-
kapala urang Yuda, "Ari maraneh moal
waka mulangkeun raja ka karaton? Rek
mandeurikeun maneh bae?
12 Na enya maraneh, kulit daki kami
sorangan rek pangpandeurina mulangkeun
kami ka karaton?"
13 Jeung kieu timbalanana pikeun Amasa,
"Andika baraya kami. Ti semet ieu andika ku
kami dijieun panglima keur gaganti Yoab.
Lamun kami jalir, masing dihukum ku Allah!"
14 Narima timbalan kawas kitu, sumanget
maranehna beuki kahudang, tuluy
guyub ngirimkeun pihatur ka anjeunna,
ngahaturanan mulih saputra garwa.
15 Bral raja angkat seja mulih. Di sisi
Walungan Yordan, urang Yuda anu
daratang ka Gilgal geus araya mapag, arek
meuntaskeun rajana.
16 Waktu eta, Simei bin Gera urang Binyamin
oge gura-giru muru ka dinya rek mapagkeun
raja,
17 dibarengan ku sarebu jelema urang kaom
Binyamin. Kitu deui Siba, gandek ahli Saul
tea, eta oge datang jeung anak-anakna lalaki
lima belas urang, gandek-gandekna dua

puluh urang; datangna ka Walungan Yordan
memeh raja sumping.
18 Maranehna geus ka peuntas ditu rek
ngaping meuntaskeun raja saputra garwa,
bari rek nadah sagala timbalanana. Barang
raja bade clak kana eretan, bruk Simei sujud
kana taneuh payuneun anjeunna,
19 tuluy unjukan, "Nun Gusti, abdi
nyanggakeun samudaya kalepatan nalika
Gusti keur ngantunkeun Yerusalem. Hapunten
anu kasuhun, mugi ulah jadi kekeling
panggalih.
20 Jisim abdi rumaos pisan, kalakuan
kapungkur teh kalintang awonna. Ku margi
eta danget ieu, ti antawis kaom-kaom palih
kaler, abdi anu pangpayunna dumeuheus ka
pangersa Gusti."
21 Pok Abisai putra ibu Seruya haturan,
"Gusti, ieu Simei kedah dihukum pati,
kapungkur nyarekan ka raja lisahan
PANGERAN."
22 Saur Daud ka Abisai jeung ka Yoab rakana,
"Na kami teh menta nasehat maraneh? Arek
mere pisusaheun ka kami? Ieu kami anu jadi
raja nyangking Israil. Poe ieu moal aya urang
Israil anu baris keuna ku hukum pati!"
23 Ti dinya dawuhanana ka Simei, "Timbalan
kami, maneh moal dipaehan."
24 Mepiboset putu Saul oge datang
mapagkeun ka raja. Ti barang raja lunta
ti Yerusalem nepi ka mulihna deui harita

kalawan wilujeng, Mepiboset teh geus tara
ngumbah-ngumbah suku, tara ngurud-ngurud
janggot, pakeanana teu diseuseuh-seuseuh.
25 Datang-datang ti Yerusalem rek mapag
raja, ari gok ku raja tuluy dipariksa, "Bagea
Mepiboset! Ku naon bareto teu milu jeung
kami?"
26 Ceuk Mepiboset, "Nun Gusti! Kawantos
gempor, harita abdi teh ka badega
nyuhunkeun dipangnyelaankeun kalde bade
nuturkeun Gusti, nanging ku manehna
dihianatan.
27 Malah abdi teh diawonkeun ka Gusti. Abdi
sadaya-daya pasrah kana pangersa, Gusti
nu langkung uninga, kawantos Gusti mah lir
malaikat Allah bae.
28 Abdi sadaya, ahli-ahli pun bapa, memang
pantes dikeunaan hukum pati ku Gusti.
Sangkilang kitu ku Gusti anggur dipaparin
nugraha dugi ka diwidian neda satata sareng
Gamparan. Jadi kalintang henteu pantesna
saupami jisim abdi ayeuna nyuhunkeun deui
sih citeres Gamparan."
29 Waler raja, "Perkara eta ulah diomongkeun
deui. Timbalan kami ayeuna, eta lahan Saul
teh ku hidep parokeun jeung Siba."
30 Mepiboset, "Bade dibantun ku Siba
sadayana oge abdi teu kaabotan. Ku
ningal Gamparan sumping deui kalayan
kawilujengan oge abdi parantos kalintang
bagjana."

31 Barsilai urang Gilad tea oge ngahaja
datang ka dinya ti Rogelim, rek ngabantu raja
meuntas Walungan Yordan.
32 Jelemana geus kacida kolotna, umurna
geus dalapan puluh taun. Kacida beungharna.
Waktu raja keur di Mahanaim keneh, ku
manehna disumbang ku bahan pangan.
33 Raja ngandika ka Barsilai, "Milu bae
jeung kaula ka Yerusalem, kaula hayang
nyenangkeun."
34 Piunjuk Barsilai, "Abdi hirup teh moal
sabaraha lami deui, jadi kanggo naon ngiring
ka Gusti ka Yerusalem?
35 Umur abdi parantos dalapan puluh taun,
parantos teu tiasa ngabentenkeun senang
teu senang, teu tiasa deui ngabentenkeun
katedaan anu raos sareng anu teu raos.
Kawih raos oge parantos moal tiasa kakuping.
Matak ngariridu bae ka salira Gusti.
36 Abdi teu layak nampi pangasih anu sakitu
ageungna. Mung seja jajap bae saeutik
ka palih ditu saparantos meuntasan ieu
walungan.
37 Saparantos eta abdi neda diwidian
wangsul, sumeja mapag ajal di lembur,
hoyong dipendem di makam karuhun. Mung
ieu pun anak, Kimham wastana, widian
kumureb ka salira Gusti. Mangga candak,
bade dibeureum bade dihideung nyanggakeun
kumaha pangersa Gusti."

38 Raja ngandika, "Mangga, ku kaula rek
dibawa, rek dijamugakeun sakumaha hadena
ceuk pangrasa Aki, jeung lamun Aki aya
pamenta naon bae, ku kaula seja ditedunan."
39 Ti dinya Daud sabaladna meuntasan
Walungan Yordan. Geus kitu anjeunna
ngarangkul ka Barsilai sarta ngadungakeun.
Ti dinya Barsilai mulang.
40 Sanggeus meuntas, raja diiring ku
sakabeh urang Yuda jeung ku saparo urang
Israil, ngabujeng ka Gilgal. Kimham milu.
41 Ti dinya sakabeh urang Israil
ngadareuheus ka raja, arunjukan kieu,
"Gusti, ku naon dulur-dulur abdi urang
Yuda ngarasa gaduh hak mapagkeun sareng
ngawal Gusti sakulawargi katut sadaya
pangiring meuntasan Walungan Yordan?"
42 Ditembal ku urang Yuda, "Na matak naon,
da raja teh baraya kami! Na make arambek
ka kami? Kami migawe kitu ka raja, ku raja
henteu diparaban henteu diburuhan!"
43 Ceuk urang Israil, "Masing enya ge
anjeunna baraya arandika, hak kami ka raja
sapuluh kalieun arandika. Nyapirakeun teuing
ka kami teh! Padahal kami anu pangheulana
boga niat ngangkir raja sina mulih teh!" Tapi
urang Yuda ngajawab leuwih sugal ti batan
urang Israil.
20 1 Harita di Gilgal aya hiji jelema
bangkawarah, ngaranna Seba bin
Bikri ti kaom Binyamin. Manehna niup

tarompet, tuluy ceceluk pokna, "Geus, Daud
teh taringgalkeun! Tong ditaluturkeun! Hayu
urang Israil urang baralik!"
2 Urang Israil ngaburiak naringgalkeun Daud,
tuluy naluturkeun ka Seba. Sabalikna urang
Yuda mah tetep satia ngiring ka Daud ti
Walungan Yordan ka Yerusalem.
3 Sanggeus Daud aya deui di karaton di
Yerusalem, parekanana anu sapuluh urang,
anu dipiwarang nunggu karaton tea, ku
anjeunna dipernahkeun di hiji imah anu tuluy
dijaga ku pangawal. Sagala kaperluanana
dicukup ku anjeunna, tapi tara dikuleman
deui. Jadi harirupna teh dipingit sarta jaradi
randa saumur-umur.
4 Geus kitu raja nimbalan ka Amasa, "Urang
Yuda kumpulkeun, pageto bawa ka dieu."
5 Amasa iang rek ngumpulkeun urang Yuda,
tapi dina tempona kudu datang teu datang
bae.
6 Ku sabab kitu raja nimbalan ka Abisai,
"Seba bakal leuwih nyusahkeun ti batan
Absalom. Bereskeun, bawa balad kami, bisi
manehna kaburu mubus ka kota anu aya
bentengna, moal bisa dibeunangkeun."
7 Abisai ngumpulkeun prajurit bawahan Yoab,
para pangawal raja, jeung prajurit salianna,
tuluy kaluar ti Yerusalem rek ngudag Seba.
8 Barang narepi ka hiji batu karang gede di
Gibon, pasanggrog jeung Amasa. Ku Yoab
dideukeutan. Yoab harita nganggo dangdanan

perang, dina angkengna nyolegreng pedang. Sabot ngadeukeutan Amasa, pedangna murag.
9 Yoab uluk salam ka Amasa, pokna, "Haturan, kumaha Adi damang?" saurna bari newak janggot Amasa ku panangan katuhu siga rek nyium,
10 ari panangan kenca nyepeng pedang. Amasa teu aya curiga, jadi henteu iyatna. Bles beuteungna ku Yoab ditubles nepi ka peujitna amburadul kana taneuh. Ku Yoab teu kungsi dipindo, kaburu lastari. Geus kitu Yoab jeung Abisai rayina kebat rek ngudag Seba.
11 Aya jalma bawahan Yoab anu nangtung gigireun mayit Amasa bari ceceluk, "Sakur anu misuka ka Yoab, sakur anu satuju ka Daud, tuturkeun Yoab!"
12 Mayit Amasa burah-bareh ku getih, ngajoprak di tengah jalan. Jalma-jalma anu rek naluturkeun Yoab ngararandeg heula lalajo eta mayit. Ti dinya mayit Amasa ku jalmana Yoab diangkat, dipindahkeun ka jero kebon, tuluy dirimbunan ku simbut.
13 Sanggeus mayit diangkat ti jalan, kakara jalma-jalma teh kebat naluturkeun Yoab rek ngudag Seba.
14 Ari Seba liwatna ngambah wewengkon kaom-kaom Israil, tuluy asup ka kota Abel Bet Maaka, bareng jeung sakabeh jelema ahli-ahli Bikri.

15 Yoab geus uningaeun yen Seba aya di
dinya, seug eta kota dikepung. Balad Yoab
ngunggul-ngunggul taneuh sina ngadingding
nyanghareupan kuta ti luar, ari kutana dikali
sina rugrug.
16 Aya hiji awewe binangkit ngagero ti
luhur kuta, pokna. "Dengekeun! Dengekeun!
Unjukkeun ka Yoab, kuring rek aya pihatur!"
17 Yoab nyampeurkeun. "Bapa teh Bapa
Yoab tea?" ceuk eta awewe, nanya ka Yoab.
"Enya," waler Yoab. "Dangukeun ieu pihatur
abdi," ceuk eta awewe. "Heug ku kami
didengekeun," waler Yoab.
18 Ceuk eta awewe, "Jaman kapungkur
jalmi-jalmi teh sok biasa nyanggem kieu,
Lamun butuh pituduh, indit we ka kota Abel
sareng leres eta kitu teh dijalankeun.
19 Ieu kota abdi-abdi teh ageung. Di Israil
mah pangamanna, jalmi-jalmina pangsatiana.
Ayeuna nu mawi bade ditumpur teh ku naon?
Leres Bapa teh bade ngaburak-barik ieu kota
milik PANGERAN?"
20 Waler Yoab, "Paliyas! Paliyas! Kami teu
niat ngaruksakkeun atawa ngabasmi.
21 Lain kitu maksud kami. Di dinya aya
jelema anu ngaranna Seba bin Bikri, asal ti
hiji kota di pagunungan Epraim. Eta jelema
ngalawan ka Raja Daud. Serenkeun ka
dieu eta saurang, engke ieu kota ku kami
ditinggalkeun." "Mangga! Engke sirahna
dialungkeun ti luhur kuta!" Ceuk eta awewe.

22 Geus kitu eta awewe teh barempug
jeung nu sejen metakeun akalna. Seba
dipaehan, sirahna dialungkeun ka Yoab ti
luhur kuta. Yoab tuluy niup tarompet, ngajak
baladna ninggalkeun eta kota, tuluy mulang
ngadeuheus ka raja di Yerusalem.
23 Ieu jalma-jalma anu parek ka Daud:
Yoab panglima perang, Benaya bin Yoyada
kapetengan,
24 Adoram kapala rodi, Yosapat bin Ahilud
bendahara nagara.
25 Sewa sekretaris nagara, Sadok jeung
Abyatar imam,
26 Ira urang Yair imam Raja Daud.
21 1 Dina hiji mangsa jaman Raja Daud
keneh, nagara katarajang paceklik
nepi ka tilu taun. Ku Daud diunjukkeun
ka PANGERAN. Ari dawuhan PANGERAN,
"Eta dilantarankeun ku kasalahan Saul
saahli-ahlina bareto, numpes urang Gibon."
2 (Urang Gibon teh kaasup bangsa Emor,
cacah jiwana teu sabaraha loba, lain urang
Israil. Tapi urang Israil mere jangji baris
nangtayungan ka maranehna. Ari ku Saul
digempur sina beak, supaya ulah nyoro deui
kapentingan urang Israil jeung urang Yuda.)
3 Ti dinya Daud mariksa ka urang Gibon,
saurna, "Coba kumaha pirempug arandika,
kami arek nebus kasalahan anu geus
dilampahkeun ka arandika, sangkan matak
jadi rahmat ka umat PANGERAN."

4 Ari piunjukna, "Perkawis abdi-abdi sareng
Saul saahli-ahlina moal tiasa katebus ku
perak atanapi emas. Nanging oge sanes
maksad abdi-abdi males pati ka umumna
urang Israil." Saur Daud, "Enya, kumaha
pihadeeunana?"
5 Jawab urang Gibon, "Saul kapungkur
maksadna ngabasmi ka abdi sadaya, supados
di sakuliah Israil ulah aya urang Gibon
saurang-urang acan.
6 Ku margi kitu, mugi Gusti kersa nyerenkeun
tujuh urang turunan Saul anu lalaki, bade
digantung di payuneun PANGERAN di
Gibea, kota pangcalikan Saul, raja anu
dipilih ku PANGERAN tea." "Heug, ku kami
diserenkeun," waler raja.
7 Tapi Daud nangtayungan Mepiboset putra
Yonatan putu Saul, sabab emut kana ikrar
suci antara anjeunna jeung Yonatan.
8 Anu dicandak keur serenkeuneun nya eta
Armoni jeung Mepiboset putra Saul ti parekan
anu ngaran Rispa binti Aya, jeung lima deui
putu-putu Saul, anak Merab binti Saul anu
nikahna ka Adriel bin Barsilai urang Mehola.
9 Ku Daud diserenkeun ka urang Gibon.
Ku urang Gibon terus digarantung di luhur
gunung payuneun PANGERAN. Tujuhanana
bareng paraeh. Diparaehanana mangsa
geus ganti usum, waktu ngamimitian panen
hanjeli.

10 Geus kitu Rispa binti Aya urut parekan
Saul nyieun sasaungan tina karung dina hiji
cadas, nungguan eta mayit-mayit di dinya ti
mimiti usum dibuat nepi ka cur usum hujan.
Mayit-mayit teh ti beurang dijaga supaya
henteu diparacokan ku manuk, ti peuting
dijaga supaya henteu dihakan ku sato galak.
11 Kalakuan Rispa diuningakeun ka Daud.
12 Ti dinya Daud angkat ka Gilad nepangan
urang Yabes, seja nyandak tulang-taleng
Saul jeung Yonatan. (Bareto, sanggeus
Saul jeung Yonatan tiwas ku urang Pelisti
di Gunung Gilboa tea, layonna ku urang
Pelisti dipakukeun kana tembok, ku urang
Yabes dipaling ti alun-alun Bet San, tuluy
dikurebkeun di Gilad.)
13 Eta tulang-taleng Saul jeung Yonatan
kitu deui tulang-taleng tujuh jelema anu
digarantung ku urang Gibon tea ku Daud
dicandak.
14 Tulang-taleng Saul jeung Yonatan ku
Daud dipiwarang dipendem di makam Kis,
rama Saul, di Sela, wewengkon Binyamin.
Sanggeusing hal eta dilaksanakeun, tuluy
paneda sangkan nagara dileupaskeun tina
paceklik, ku Allah dikabul.
15 Sakali mangsa urang Israil perang
deui jeung urang Pelisti. Daud oge angkat
merangan urang Pelisti, datang ka anjeunna
ngaraos nahnay.

16 Jol aya hiji jelema raksasa ngaranna Isbi
Benob, nyoren pedang jeung mawa tumbak
tambaga anu beuratna meh tilu kilo satengah,
ngarah ka Daud.
17 Tapi kaburu katulungan ku Abisai putra ibu
Seruya. Eta raksasa diayonan sarta beunang
dipaehan. Ti dinya jalma-jalma Daud kapok
mawa deui rajana ngiring perang. Piunjukna
ka raja, "Gusti teh jadi pangharepan Israil,
ulah dugi ka abdi sadaya kaleungitan ku
Gusti."
18 Der perang deui ngalawan urang Pelisti di
Gob. Di dinya ge aya raksasa, ngaranna Sap.
Ieu oge beunang dipaehan ku Sibkai urang
Husa.
19 Barang perang deui ngalawan urang Pelisti
keneh di Gob, aya deui raksasa anu beunang
dipaehan, ngaranna Goliat urang Gat, anu
gagang tumbakna kandelna sapihanean.
Dipaehanana ku Elhanan bin Yair urang
Betlehem.
20 Sakali deui perang di Gat. Di dinya ge aya
hiji raksasa anu kabeukina gelut. Ramona
kabeh genep-genep, ramo leungeun ramo
suku genep-genep.
21 Eta raksasa kacida nyapirakeunana ka
urang Israil. Tuluy diayonan ku Yonatan bin
Syama saderek Daud, tuluy dipaehan.
22 Eta opat raksasa kabeh turunan raksasa
Gat, beak kabeh dipaehan ku Daud sabaladna.

22 [1] Sanggeus Daud luput ti Saul tur
rahayu ti sakabeh satru, anjeunna
nyanggakeun ieu kidung pupujian ka
PANGERAN:
[2] PANGERAN panyalindungan kaula, benteng
kaula anu tohaga.
[3] Allah teh juru raksa kaula, kaula aman di
Mantenna. Lir kepeng, Mantenna mindingan
kaula, nangkis bahla, ngamankeun kaula.
Mantenna jurusalamet kaula, ngaraksa jeung
nyalametkeun kaula tina bahaya.
[4] Kaula ngajerit ka PANGERAN, seug
Mantenna ngabebaskeun kaula ti musuh-
musuh. Puji PANGERAN!
[5] Ombak pati datang ngalingkung, lambak
ajal datang ngagulung.
[6] Bahya maot datang ngepung, kuburan
datang naheunan.
[7] Sajeroning kasukeran, kaula nyambat ka
PANGERAN, nyambat pitulung Allah. Sora
kaula kadangueun ti gedong-Na, panyambat
kaula diregepkeun ku Mantenna.
[8] Bumi inggeung jagat endag, dasaring langit
aroyag sarehing Allah keur wera!
[9] Haseup meledug tina pangambung-Na,
seuneu ngagedag jeung ruhak ruhay nyebrot
tina bahan-Na.
[10] Mantenna meulahkeun langit, jut lungsur
ngadampal mega kandel.
[11] Biur hiber tunggang mukarabin, sumiriwik
nitih jangjang angin.

12 Mantenna nutupan anjeun ku poek,
dikuriling mega kandel pinuh ku cai.
13 Ruhak ruhay muncrat hurung, mancawura
tina kilat payuneuna-Na.
14 Geleger, PANGERAN ngagentra ti angkasa,
geleger soara Allah Nu Maha Kawasa.
15 Mantenna mentang-mentangkeun
jamparing musuh-musuhna paburisat
tingbalecir disalamberan ku kilat.
16 Dasar sagara mani nonggerak, alas jagat
jadi ngabuliklak waktu PANGERAN ngahaok
ka musuh-musuhna, sarta ngagaur ka
maranehna lantaran wera.
17 PANGERAN ti luhur ngahontal ka handap,
kaula dirawel terus dibedol ti cai anu jero.
18 Mantenna ngajait kaula ti musuh-musuh
anu garagah rosa, jeung ti sakur nu
mikangewa anu leuwih kuat batan kaula.
19 Eta teh daratang narajang, sajeroning
kaula keur kasusahan. Tapi PANGERAN
sumping nulungan.
20 Mantenna ngahanjatkeun kaula tina
bahla, kaula dirahayukeun, sabab Mantenna
nyaaheun.
21 Kaula ku PANGERAN diganjar, reh lampah
kaula bener. Dipaparin rahmat, reh kaula
henteu salah.
22 Reh kaula nurut kana papakon PANGERAN,
tara baha ka Allah.
23 Reh ngesto kana hukum-hukum-Na, tara
ngalawan kana timbalana-Na.

24 Mantenna anu uninga, yen lampah kaula
beresih, nyegah diri tina lampah salah.
25 Ngaganjarna ku sabab lampah kaula
bener, reh uninga yen kaula henteu salah.
26 Nun PANGERAN, Gusti satuhu ka nu
mituhu, satemenna ka nu satemenna.
27 Wening galih ka nu hatena beresih,
ngamusuh ka nu misatru.
28 Ngangkat nu hina harkat, nundukkeun
anu arangkuh.
29 Nun PANGERAN, Gusti teh sumbering
caang, maparin caang ka abdi.
30 Abdi sanggup nempuh musuh, ngacak-
ngacak kakuatanana. Reh Gusti nu maparin
kakuatan, nu maparin kagagahan.
31 Mantenna Allah, sampurna sugri damel-
Na, layak dipercaya pangandika-Na! Keur
sakur nu nyalindung ka Mantenna, Allah teh
lir jadi kepengna.
32 Ngan PANGERAN anu jumeneng Allah.
Ngan Allah panyalindungan urang.
33 Ngan Allah ieu panyalindungan kaula nu
teguh, anu ngamankeun jalan kaula.
34 Anu ngawatek suku kaula jadi rikat
tinanding peucang, di gunung-gunung taya
kakeungkang.
35 Anu ngajiad kaula parigel perang, sanggup
metakeun gondewa nu pangheurasna.
36 Nun PANGERAN, Gusti ngauban sareng
nyalametkeun abdi, abdi jadi mulya ku
pitulung Gusti.

37 Gusti ngajagi sangkan abdi ulah katewak,
sarta abdi tacan kantos ragrag.
38 Sapanjang musuh can tumpur, hantem
diudag terus digempur.
39 Digeprak teu harudang deui, ngajaloprak
di hareupeun abdi.
40 Dina perang, Gusti nu maparin kakiatan,
tur maparin kaunggulan.
41 Ku pitulung Gusti, musuh birat ti abdi,
sakur nu ngarah seep dibasmi.
42 Musuh nareangan pitulung, tapi taya
anu sanggup nulung. Seug sasambat ka
PANGERAN, tapi henteu diwaleran.
43 Ku abdi diluluh dijieun lebu, dileyek dijieun
leutak.
44 Abdi parantos ditulungan ti sakur nu
ngaralawan. Karajaan abdi jadi lega, abdi
ngarajaan bangsa-bangsa. Bangsa anu teu
wawuh ge jadi bawahan abdi.
45 Bangsa batur ka abdi sarujud, saucap abdi
diturut.
46 Kalalabur pangacianana, kalaluar ti jero
bentengna, awakna pating daregdeg.
47 PANGERAN jumeneng! Puji
panyalindungan kaula! Celukkeun agungna
kakuatan Allah anu nyalametkeun kaula!
48 Mantenna nalukkeun musuh kaula,
nundukkeun bangsa-bangsa, jadi bawahan
kaula.
49 Mantenna ngaluputkeun ti anu misatru.
Nun PANGERAN, nya Gusti nu ngelehkeun eta

musuh-musuh, anu ka abdi ngaraksa, luput ti
tukang ngarogahala.
50 Nu mawi abdi muji ka Gusti di lingkungan
bangsa-bangsa. Abdi nganyanyikeun pupujian
ka Gusti.
51 Allah maparin kaunggulan langkung-
langkung ka raja lisahana-Na! Asih-Na
taya petotna, ka raja lisahana-Na, ka Daud
sarundayanana, salalanggengna.
23 1 Daud putra Isai teh ku PANGERAN
dipaparin darajat luhur, ku Allahna
Yakub diangkat raja. Nya anjeunna anu
ngarang Jabur pikeun urang Israil, kacida
arendahna. Ari pilahir anjeunna anu
pamungkas kieu:
2 Roh PANGERAN ngandika ku jalan kaula,
amanatna aya dina biwir kaula.
3 Kieu sabda Allah Israil ka kaula, nya pilahir
Gusti panuyun Israil tea: "Raja anu adil
palamarta, anu ngerehna madoman kana
sabda Allah,
4 ibarat surya medal teu kaalingan, lir
srangenge ngagebray saentas hujan,
jujukutan ngagarenclang kahibaran."
5 Nya ku lantaran kitu turunan kaula baris
ginanjar nugraha Allah. Sabab Mantenna
enggeus jangji, jangji nu langgeng abadi. Kitu
panyileukan ati, nu bakal ngalantarankeun
kaula unggul, tur yakin ku Allah tangtu
dikabul.

6 Sabalikna jalma-jalma jahat mah ibarat
cucuk nu kudu dipiceun, moal aya anu bisa
nyabak ku leungeun taranjang.
7 Disingkirkeunana kudu ku pakakas tina
beusi, atawa ku tumbak, tuluy diduruk nepi
ka beak.
8 Prajurit-prajurit Daud anu kamashur, nu
kahiji Yoseb Basebet urang Tahkemon, lulugu
ti "Tri Wirawan". Kungsi ngayonan musuh
dalapan ratus, sakali nempuh musuhna beak
paraeh ditumbakan.
9 Nu kadua ti Tri Wirawan nya eta Elasar bin
Dodo urang Ahohi. Kungsi manehna dina hiji
poe ngabarengan Daud nyanghareupan urang
Pelisti anu rek narajang. Urang Israil geus
kadeseh mundur.
10 Tapi manehna mah tetep bae tagen
ngayonan eta urang Pelisti, nepi ka
leungeunna teu bisa dicekahkeun tina
hulu pedang. Ku kagagahanana, poe
eta PANGERAN ngadamel kaunggulan
gede. Sanggeusing eta urang Israil anu
geus mundur teh baralik deui ka Elasar,
ngarangsadan pakarang musuh anu
kasambut.
11 Wirawan anu katilu ngaranna Syama bin
Age urang Harar. Sakali mangsa urang Pelisti
geus aya di Lehi deukeut hiji kebon kacang
polong. Urang Israil kalabur.
12 Syama tetep tagen ngayonan urang
Pelisti di eta kebon suuk, nepi ka musuh

beak paraeh. Poe eta PANGERAN ngadamel kaunggulan gede.
13 Dina hiji mangsa usum dibuat, sabubuhan urang Pelisti keur masanggrahan di Lebak Repaim. Sabot kitu aya tilu prajurit ti prajurit-prajurit anu kamashurkeun "Si Tilu Puluh", marudun ka guha Adulam rek manggihan Daud,
14 anu keur aya di benteng di hiji pasir. Harita Betlehem keur diandih ku urang Pelisti.
15 Daud anu geus sono ka lembur ngalahir, "Hayang teuing kami dipangalakeun cai keur nginum ti sumur deukeut gapura kota Betlehem!"
16 Bral bae eta tilu prajurit teh arindit, tuluy nobros pasanggrahan urang Pelisti, pek nimba ti sumur di Betlehem, caina disanggakeun ka Daud. Tapi ku Daud henteu dileueut, anggur dibahekeun kana taneuh, dibaktikeun ka PANGERAN,
17 bari piunjukna, "Nun PANGERAN, paliyas abdi nginum ieu cai, margi sami sareng nginum getih eta tilu prajurit anu parantos narohkeun jiwana." Nu matak cai teh ku anjeunna henteu dileueut. Kitu kagagahanana eta tilu prajurit teh.
18 Anu jadi kapala "Si Tilu Puluh" nya eta Abisai, putra ibu Seruya, rayina Yoab. Abisai kungsi ngayonan tilu ratus urang Pelisti, sarta eta urang Pelisti teh kabeh tiwas ditumbakan. Abisai kamashur di antara "Si Tilu Puluh".

19 Malah ti "Si Tilu Puluh" teh pangmashurna,
turug-turug jadi pamingpinna. Tapi sangkilang
kitu ge mashur keneh "Tri Wirawan" tea.
20 Aya deui prajurit anu kasohor, nya eta
Benaya bin Yoyada urang Kabsel. Loba
kagagahanana, kaasup tarungna ngalawan
dua satria Moab anu baradag. Sarta sakali
mangsa keur usum salju, manehna nurunan
hiji gorombang terus tarung jeung hiji singa
di dinya, singana dipaehan.
21 Kungsi deuih niwaskeun hiji urang Mesir
anu awakna tangihgul. Musuhna make
tumbak, ari manehna ngan make pepentung.
Tumbak urang Mesir teh ku manehna dibetot,
jos digejoskeun ka nu bogana nepi ka paeh.
22 Kitu kagagahan-kagagahan Benaya di
antara "Si Tilu Puluh",
23 tur manehna anu pangnonjolna. Tapi
parandene kitu mashur keneh "Tri Wirawan"
tea. Manehna ku Daud dijieun kapetengan
pribadi.
24 (23:24-39) Prajurit-prajurit sejenna anu
kaasup ka "Si Tilu Puluh nya eta: Asahel,
rayina Yoab; Elhanan bin Dodo, ti Betlehem;
Syama jeung Elika, urang Harod; Heles,
urang Pelet; Ira bin Ikes, urang Tekoa;
Abieser, urang Anatot; Mebunai, urang Husa;
Salmon, urang Ahohi; Maharai, urang Netopa;
Heleb bin Baana ti Netopa; Itai bin Ribai
ti Gibea wilayah kaom Binyamin; Benaya,
urang Piraton; Hidai, ti Lebak Gaas; Abi

Albon, urang Arba; Asmawet, urang Bahurim;
Eliahba, urang Saalbon; Anak-anak Yasen;
Yonatan; Syama, urang Harar; Ahiam bin
Sarar, urang Harar; Elipelet bin Ahasbai,
urang Maaka; Eliam bin Ahitopel, urang Gilo;
Hesrai, urang Karmel; Paarai, urang Arab;
Igal bin Natan, urang Soba; Bani, urang Gad;
Selek, urang Amon; Naharai, urang Berot,
tukang mawa pakarang Yoab; Ira jeung
Gareb, urang Yatir; Uria, urang Het; Ieu tilu
puluh tujuh urang kabeh prajurit-prajurit anu
kamashur.
25 (23:24)
26 (23:24)
27 (23:24)
28 (23:24)
29 (23:24)
30 (23:24)
31 (23:24)
32 (23:24)
33 (23:24)
34 (23:24)
35 (23:24)
36 (23:24)
37 (23:24)
38 (23:24)
39 (23:24)
24 1 Dina hiji mangsa PANGERAN bendu
deui ka urang Israil. Mantenna
ngangsonan ka Daud sina nyusahkeun ka

Israil. Timbalana-Na ka Daud, "Cacahkeun
urang Israil jeung urang Yuda!"
2 Daud tuluy marentah ka panglima Yoab,
"Maneh jeung para perwira bawahan kudu
ngadatangan kaom-kaom Israil di sakuliah
nagara, ti tungtung nepi ka tungtung. Itung
jiwana, hayang nyaho aya sabaraha."
3 Piunjuk Yoab, "Mugia jumlah urang Israil
ku PANGERAN Allah Jeng Raja sing didamel
saratus kalieun ti ayeuna sareng sing katingali
ku Gusti. Naon margina Gusti bet miwarang
kitu?"
4 Tapi raja tetep mageuhan parentahna.
Ku sabab kitu Yoab jeung para perwira
bawahanana arindit arek nyacahkeun urang
Israil.
5 Sanggeus meuntasan Walungan Yordan,
ngarereb heula di wewengkon Arur kidul, kota
anu ayana di tengah hiji lebak di wewengkon
Gad. Ti dinya tuluy ngaler ka Yaser. Ti Yaser
terus
6 ka Gilad jeung Kades wewengkon urang
Het. Ti dinya terus ka Dan. Ti Dan terus
ngulon ka Sidon.
7 Ti Sidon terus ngidul ka Tirus, kota benteng.
Ti dinya terus deui ka unggal kota urang
Hewi jeung Kanaan. Panganggeusanana ka
Bersyeba, wewengkon Yuda kidul.
8 Sanggeus salapan bulan jeung dua puluh
poe, kakara bisa marulang deui ka Yerusalem,
sanggeus ngambah sakuliah nagara.

9 Laporanana diuningakeun ka raja. Hasilna,
jalma anu geus manjing wajib militer, ti Israil
aya 800.000 urang, ti Yuda aya 500.000
urang.
10 Tapi sanggeusna ngayakeun cacah jiwa
manah Daud jadi ratug. Tuluy unjukan
ka PANGERAN, "Abdi parantos langkung-
langkung nya dosa, parantos midamel kitu.
Nun PANGERAN, hapunten kalakuan jisim
abdi anu sakitu bodona."
11 (24:11-12) Ti dinya PANGERAN nimbalan
ka Nabi Gad, juru tingal Raja Daud.
Timbalana-Na, "Bejakeun ka Daud, sina milih
tina tilu rupa piliheun. Rek milih nu mana bae
ku Kami rek diturutkeun." Isukna sanggeus
Daud gugah kulem,
12 (24:11)
13 Gad nepangan rek ngunjukkeun timbalan
PANGERAN. Dina tungtungna kieu saurna,
"Bade milih anu mana? Paceklik tilu taun di
sakuliah nagara, atanapi Gusti diudag-udag
musuh lamina tilu sasih, atanapi sasalad
ka nagara tilu dinten? Mangga emut-emut
heula teras wartoskeun ka jisim abdi, urang
unjukkeun ka PANGERAN."
14 Waler Daud, "Kaula susah kacida milihna.
Tapi tinimbang cilaka ku pada jalma, mending
pasrah ka PANGERAN, naon bae hukuman ti
Mantenna rek ditarima. Mantenna teh sipat
welas."

15 Ti dinya eta nagara ku PANGERAN
dikeunaan sasalad mimiti ti isuk eta nepi
ka beak tempo ti Mantenna tea. Ti sakuliah
nagara, ti tungtung nepi ka tungtung, aya
70.000 urang Israil anu tiwas ku eta sasalad.
16 Barang malaikat PANGERAN rek prak
ngaruksak ka Yerusalem, ku PANGERAN
diwagel ulah diteruskeun. Kieu timbalana-Na
ka eta malaikat anu nyabutan nyawa
maranehna, "Meujeuh! Geus cukup!" Harita
eta malaikat geus aya di pangirikan bogana
Arauna urang Yebus.
17 Sanggeus Daud ningalieun ka eta
malaikat anu niwaskeun jalma-jalma,
anjeunna unjukan ka PANGERAN, "Jisim
abdi anu lepatna, anu gaduh dosana.
Dupi maranehna mah naon kalepatanana?
Mangga hukumanana larapkeun ka jisim abdi
sakulawargi."
18 Geus kitu dina poe eta keneh Gad angkat
nepangan Daud sarta miunjuk kieu, "Gusti
kedah angkat ka pangirikan pun Arauna,
kedah ngadegkeun altar di ditu haturan
PANGERAN."
19 Daud angkat, tumut kana timbalan
PANGERAN anu diandikakeun ka Gad.
20 Barang nenjo aya raja sapangiringna
keur naranjak ka manehnakeun, gancang
Arauna mapagkeun, tuluy sujud kana taneuh
payuneun Daud,

21 pok miunjuk, "Gusti, bade aya pikersaeun
naon rurumpaheun sumping ka jisim abdi?"
Waler Daud, "Kami hayang meuli ieu
pangirikan maneh, rek diadegan altar haturan
PANGERAN, sangkan sasalad eureun."
22 "Sumangga Gusti, candak bae!" tembal
Arauna. "Mangga haturkeun kurban ka
PANGERAN sakumaha kapalay Gusti. Sapi
kurbankeuneun kana altar mangga nyandak
sacekapna. Sarawuh ieu pasangan-pasangan
sareng ieu seredan pangirikan mangga
kasanggakeun kangge suluhna."
23 Sok barang-barangna disanggakeun ka
raja, pok deui Arauna unjukan, "Mugi-mugi
kurban Gusti ditampi ku PANGERAN, Allah
Sang Raja."
24 Waler raja, "Entong kitu. Ku kami rek
dibayar sakumaha pantesna. Kami seja
ngurban ka PANGERAN Allah kami teh hayang
beunang meuli, ulah beunang pamere."
Tuluy eta pangirikan jeung anak sapi
kurbankeuneun teh ku anjeunna digaleuh
lima puluh gebleg perak.
25 Geus kitu prak anjeunna ngadegkeun altar
haturan PANGERAN, ti dinya ngahaturkeun
kurban beuleuman jeung kurban karapihan.
Sanggeusing kitu PANGERAN ngamakbul
kana paneda anjeunna, rep sasalad eureun.

1 Raja-raja

1 [1] Raja Daud geus kacida sepuhna, salirana
kudu dikampuhan bae, tapi kitu ge
salirana teu haneut-haneut.
[2] Mantri-mantrina arunjukan, "Gusti, saena
mah Gusti teh aya anu ngamemenan
ulah petot-petot, sareng kedah aya anu
ngarencangan ebog supados haneut. Bade
dipangmilariankeun budak parawan."
[3] Seug dipangmilariankeun mojang geulis ti
sakuliah Israil. Manggih di Sunem, ngaranna
Abisag.
[4] Nyi mojang teh teuing ku geulis,
tuluy dideuheuskeun ka raja, dibakukeun
ngamemenan jeung maturan ebog wungkul,
ku raja teu ditemahan.
[5] (1:5-6) Sanggeus Absalom teu aya,
putra Daud anu pangageungna tinggal
Adonia, putra ti Hagit. Ieu oge kasep pisan.
Saumurna ku Daud tara pisan diseuseul
atawa digetrik-getrik. Adonia hayangeun jadi
raja, tuluy nyadiakeun kareta jeung kudana
katut pangawal pribadi lima puluh urang.
[6] (1:5)
[7] Ti dinya ngajak pasini ka Yoab putra ibu
Seruya jeung ka Imam Abyatar. Aranjeunna
nyatujuan jeung sanggup ngabantu.

8 Imam Sadok, Benaya bin Yoyada, Nabi
Natan, Simei, Rei, jeung kapetengan raja
henteu pipilueun.
9 Dina hiji poe Adonia ngayakeun kurban
domba, sapi jalu jeung anak sapi anu lalintuh
di hiji tempat anu ngaranna Cadas Oray
deukeut cinyusu En Rogel, ngondangan
rayi-rayina putra-putra raja anu pameget
jeung para mantri raja urang Yuda.
10 Ari Suleman raina, Nabi Natan, Benaya,
jeung pangawal pribadi raja mah henteu
diondang.
11 Nabi Natan misaur ka Batseba, "Parantos
kenging wartos? Adonia putra Hagit
ngarajakeun anjeun! Gusti urang, Daud, teu
uningaeun!
12 Supados Nyi Raja sareng putra Suleman
salamet, Bapa seja ngemutan.
13 Enggal deuheusan Sang Raja, saurkeun,
Gusti teh sanes parantos ikrar yen pun anak
Suleman bade dijenengkeun raja, gegentos
Gusti? Geuning ayeuna Adonia anu jadi raja?"
14 Saur Natan deui, "Engke sabot Nyi Raja
unjukan, Bapa ge bade ngadeuheus nimpalan
pihatur."
15 Batseba angkat nepangan raja, sup ka
pajuaran. Raja teh geus sepuh pisan, keur
dimemenan ku nyi Abisag urang Sunem.
16 Batseba nyampoyong dat nyembah. Ku
raja dipariksa, "Aya naon, Nyai?"

17 Pok ngawangsul, "Gusti panutan!
Kapungkur Gusti parantos ikrar kalayan
nyebat pajenengan PANGERAN, Allah panutan
Jeng Raja, yen Suleman tangtos didamel raja
gegentos Gusti.
18 Ayeuna anu jadi raja teh Adonia. Gusti teu
uninga!
19 Anjeunna parantos ngadamel kurban
pirang-pirang sapi, domba sareng anak sapi
anu lalintuh, ngondangan putra-putra anu
pameget, Imam Abyatar, sareng Panglima
Yoab. Putra Gusti mah Suleman henteu
diondang.
20 Gusti panutan, bangsa Israil nuju ngajeng-
ngajeng timbalan, harayang terangeun saha
anu bakal jadi raja gegentos Gusti.
21 Upami henteu enggal-enggal diumumkeun
ayeuna, engke saparantos Gusti ngantunkeun,
abdi sareng pun anak Suleman bakal disebat
hianat."
22 Sabot Batseba unjukan, Natan sumping
ka karaton.
23 Sanggeus diuningakeun ka raja, Nabi
Natan lebet, dat nyembah.
24 Ti dinya pok mihatur, "Nun Gusti Sang
Raja, dupi Adonia jadi raja gegentos Gusti
teh, Gusti anu ngersakeun?
25 Dinten ieu Adonia parantos meuncit
pirang-pirang sapi, domba sareng anak
sapi kabiri, ngondangan putra-putra raja
anu pameget, Panglima Yoab, sareng Imam

Abyatar. Ayeuna aranjeunna nuju pesta
ngawilujengkeun Adonia, Wilujeng Raja
Adonia!
26 Abdi mah kitu deui Imam Sadok, Benaya,
sareng Suleman, henteu dibantun-bantun.
27 Naha eta teh parantos pangersa Gusti,
kalayan teu diwartoskeun heula ka para
gegeden, saha raja gegentos Gusti teh?"
28 Raja ngadawuh, "Batseba sina lebet deui."
Batseba lebet deui, ngadeg di payuneun raja
deui.
29 Ti dinya raja ngalahir ka anjeunna, "Kami
jangji ka Nyai, demi jumenenging PANGERAN
anu geus ngajait kami tina sagala bancang
pakewuh,
30 yen poe ieu kami seja ngabuktikeun
jangji kapungkur ka Nyai kalayan nyebut
pajenengan PANGERAN Allahna Israil, yen
Suleman anak Nyai, jadi raja gaganti kami!"
31 Batseba nyembah, pok miunjuk, "Mugia
Gusti panutan wilujeng sapapaosna!"
32 Geus kitu raja nimbalan ngangkir Imam
Sadok, Nabi Natan, jeung Benaya. Sanggeus
eta sarumping,
33 raja nimbalan, "Putra kami Suleman
tumpakkeun kana bigal titihan kami,
anteurkeun ku maraneh jeung para gegeden
karaton kami ka Cinyusu Gihon.
34 Lisahan di ditu ku Sadok jeung Nabi
Natan, angkat raja nyangking Israil. Tiup

tarompet tuluy surakkeun, Wilujeng Raja Suleman!
35 Anteurkeun deui ka dieu, sina nyalikan
tahta kami. Suleman nu jadi raja gaganti
kami. Suleman anu ku kami geus
ditangtukeun bakal jadi raja nyangking Israil
jeung Yuda."
36 Ngawangsul Benaya, "Amin. Timbalan
tangtos laksana. Mugi diteguhkeun ku
PANGERAN, Allah Jeng Raja.
37 Mugi Mantenna nyarengan ka Suleman,
sakumaha nyarengan ka Gusti Jeng Raja.
Sareng mugia jaman pamarentahan Suleman
langkung jembar ti batan jaman Jeng Gusti."
38 Suleman dititihkeun kana bigal titihan
Raja Daud, terus diiring ku Sadok, Natan,
Benaya, jeung para pangawal pribadi raja,
dianteurkeun ka Cinyusu Gihon.
39 Ti dinya Imam Sadok ngaluarkeun wadah
minyak jetun candakna ti Kemah Tepangan
PANGERAN. Seug Suleman dilisahan. Geus
kitu tarompet ditiup, ger jalma-jalma sarurak,
"Wilujeng Raja Suleman!"
40 Suleman diiring, jalma-jalma teu
eureun-eureun surak dibarung ku sora suling,
ngageder mani asa eundeur jagat.
41 Sora anu sakitu ngagederna karungu ku
Adonia jeung para ondangan anu kakara
reres dalahar. Yoab curinghak seug mariksa,
"Aya naon di dayeuh mani ngageder?"

42 Tacan tutup sasauranana, dumadakan
jol Yonatan bin Abyatar norojol. Dihiap ku
Adonia, "Kadieu asup! Andika jalma sinatria,
tangtu mawa beja alus."
43 Tembal Yonatan, "Nu mawi sanes! Leresna
mah Raja Daud parantos ngangkat Suleman
jadi raja.
44 Raja nimbalan ka Sadok, Natan, Benaya,
sareng kapetengan raja supados ngaping
Suleman. Suleman ditunggangkeun kana
bigal titihan raja.
45 Ayeuna Suleman parantos dilisahan di
Cinyusu Gihon ku Sadok sareng Natan,
parantos jadi raja. Parantos marulih deui
ka dayeuh, diiring ku nu salusurakan. Anu
kadarangu bieu teh sora eta.
46 Suleman ayeuna parantos jumeneng raja.
47 Sadaya gegeden karaton nawiskeun
sumujudna ka Raja Daud, salaurna, Mugia
Allah Jeng Gusti ngersakeun Suleman
langkung kamashur batan Jeng Gusti. Mugia
jaman pamarentahanana langkung jembar ti
batan jaman Jeng Gusti. Saparantos kitu Raja
Daud sujud di pajuaran,
48 sembahyang, Maha Agung PANGERAN
Allah Israil. Gusti dinten ieu parantos
ngangkat pun anak Suleman, jadi raja
gegentos abdi, tur abdi kawidian tiasa keneh
nyaksian."
49 Tamu-tamu Adonia pohara ngagarebegna,
tuluy budal baralik.

50 Ari Adonia anu kacida sieuneunana ku
Suleman gura-giru muru ka Kemah Tepangan
PANGERAN, tuluy nangkeup kana tatandukan
altar.
51 Raja Suleman diuningaan, "Adonia
sieuneun ku Gusti. Ayeuna nuju nanangkeup
tatandukan altar sarta saurna, Unjukkeun
ka Suleman, mugi anjeunna jangji kituh yen
moal maehan ka kami."
52 Raja Suleman ngawaler, "Lamun enya
rek satia, buukna salambar moal diganggu.
Sabalikna lamun kanyahoan boga niat jahat,
tan wande dipaehan."
53 Adonia ku Suleman dipiwarang diala,
diturunkeun tina altar. Gancangna Adonia
geus aya di payuneun Suleman, bruk nyuuh di
payuneunana. Ti dinya raja ngalahir, "Maneh
meunang balik."
2 1 Daud geus ngaraos tereh puput yuswa.
Seug wewekas ka Suleman putrana.
Saurna,
2 "Ama teh geus tereh dipundut nya umur.
Hidep masing teger, sing jadi lalaki.
3 Jaga sagala pangersa PANGERAN, Allah
panutan hidep. Tuturkeun hukum-hukum
jeung sagala parentah-Na anu kaungel
dina Hukum Musa, sangkan jamuga di
mana-mana, mulus dina sagala lampah.
4 Lamun hidep tetep sumujud ka PANGERAN,
jangji Mantenna ka Ama bakal laksana,
sakumaha timbalana-Na yen upama

turunan Ama nurut terusing ati kana sagala timbalana-Na, anak incu Ama tan wande moal aya pegatna ngarajaan di Israil.
5 Jeung hidep tangtu inget keneh, kumaha kalakuan Yoab ka Ama, maehan Abner bin Ner jeung Amasa bin Yeter, dua panglima Israil. Maehanana dina usum kerta, mangmaleskeun jelema-jelema anu tiwas ku eta panglima dina perang. Jadi Yoab geus maehan jelema teu karana sabab, Ama nu katempuhan susahna jeung balukarna.
6 Hidep tangtu hideng kudu kumaha, sangkan eta jelema paehna ulah paeh sakumaha biasa.
7 Ama titip anak-anak Bapa Barsilai urang Gilad, rawatan sing hade-hade. Kacida balageurna eta teh ka Ama, basa Ama keur kakaburan nyingkahan Absalom.
8 Aya saurang deui, Simei bin Gera urang Bahurim wewengkon Binyamin. Manehna geus nyumpahan ka Ama laklak dasar basa Ama keur ka Mahanaim. Basa Ama arek mulang, manehna mapagkeun ka Walungan Yordan. Ama harita jangji nyebut pajenengan PANGERAN yen manehna ku Ama moal dipaehan.
9 Tapi ku hidep mah ulah diantep, kudu dihukum, ulah nepi ka luput tina hukum paeh. Hidep tangtu terang kudu kumaha."
10 Gancangna Daud geus pupus, dikurebkeun di Kota Daud.

11 Ari ngarajaanana kabehna opat puluh
taun. Tujuh taun di Hebron, tilu puluh tilu
taun di Yerusalem.
12 Tahta karajaan diteruskeun dicangkingna
ku Suleman putrana, sarta eta karajaan jadi
kacida reugreugna.
13 Hiji mangsa Adonia putra Hagit datang
ka Batseba ibu Suleman. "Hidep ka dieu teh
naha reujeung niat hade?" Batseba mariksa.
"Leres," jawabna,
14 sarta pokna deui, "Abdi teh bade
nyuhunkeun tulung." "Nyuhunkeun tulung
kumaha?" saur Batseba.
15 Walon Adonia, "Ibu uninga, sayaktosna
anu kedah jadi raja teh abdi. Kitu kahayang
urang Israil mah. Mung benten jadina,
anu jadi teh bet pun adi, Suleman, da kitu
dikersakeunana ku PANGERAN.
16 Mung aya anu bade disuhunkeun
saperkawis, mugi ku Ibu ulah teu ditampi."
17 Saur Batseba, "Cik saurkeun." Adonia,
"Pangunjukkeun ka Raja Suleman, da Ibu
mah moal teu didangu. Abdi teh hoyong ka
Nyi Abisag, bade disuhunkeun seja dipibojo."
18 "Heug," saur Batseba, "ku Ibu urang
unjukkeun ka raja."
19 Ti dinya Batseba nepangan raja rek
ngunjukkeun pamenta Adonia. Raja ngadeg
dat nyembah ka ibuna. Gek deui linggih dina
tahta, ibuna dipangnyandakkeun korsi sina
calik di tengeneunana.

20 Ibuna ngalahir, "Ibu teh sumeja
nyuhunkeun sih citeres Enung saeutik,
mugi katampi." Waler raja, "Sumangga
Ibu, naon pamundut teh? Ku putra sumeja
dicumponan."
21 Piunjuk ibuna, "Raka Enung Adonia
nyuhunkeun Nyi Abisag, sejana dipibojo."
22 Ngawaler raja ka ibuna, "Naha Ibu
mung mundut Abisag kangge Adonia?
Pangmundutkeun tahta bae sakalian, da
anjeunna teh dulur abdi saluhureun, tur
disokong ku Yoab sareng Imam Abyatar!"
23 Geus kitu Suleman ikrar nyebat
pajenengan PANGERAN, saurna, "Mugia abdi
ulah jamuga ti Allah saupami pamenta Adonia
sarupi kitu ku abdi henteu dibales!
24 Abdi ku PANGERAN parantos diteguhkeun
ngasta tahta kangjeng rama, Daud.
PANGERAN parantos ngalaksanakeun eta
jangji, ieu karajaan parantos dipaparinkeun
ka abdi turun-tumurun. Demi PANGERAN anu
jumeneng, dinten ieu keneh Adonia baris
pegat nyawana!"
25 Ti dinya raja nimbalan ka Benaya;
timbalanana dilaksanakeun, Adonia dipaehan.
26 Jeung raja nimbalan ka Imam Abyatar,
saurna, "Bapa mulang bae ka lembur, ka
Anatot. Saenyana Bapa manjing hukum pati,
ngan ayeuna mah kaula henteu hayang
maehan, sabab Bapa kungsi ngurus Peti
Perjangjian PANGERAN, jeung kungsi bela

tumutur milu sangsara jeung kangjeng rama, Daud."
27 Seug Abyatar ku Suleman dipocot, henteu jadi imam PANGERAN deui. Ku hal eta laksana pangandika PANGERAN basa di Silo perkara papasten Imam Eli turun-tumurun.
28 Ari Yoab (anu nyokong ka Adonia tapi henteu nyokong ka Absalom), ngadangu hal eta teh kacida sieuneunana. Geblus bae lebet ka Kemah Tepangan PANGERAN, kerewek nangkeup kana tatandukan altar.
29 Diuningakeun ka Raja Suleman yen Yoab mubus ka Kemah Tepangan sarta nangkeup altar. Suleman miwarangan mariksa ka Yoab naon sababna lumpat kana altar. Saur Yoab, nu matak lumpat ka PANGERAN teh lantaran sieun ku Suleman. Ti dinya Suleman nimbalan ka Benaya sangkan Yoab dipaehan.
30 Leos Benaya ka Kemah Tepangan, pok misaur ka Yoab, "Timbalan raja, andika geura kaluar!" Waler Yoab, "Moal, hayang paeh di dieu!" Benaya ngadeuheus deui ka raja ngunjukkeun kasauran Yoab.
31 Ari saur Suleman, "Laksanakeun sakumaha omongan Yoab. Paehan! Kubur! Sangkan kami atawa anak incu kami ulah dikukuntit ku dosana, anu geus maehan jelema-jelema taya sabab.
32 PANGERAN anu ngabales dosana maehan, anu dilampahkeunana kalawan Ama kami Daud teu uningaeun. Yoab geus maehan

dua jelema anu henteu salah naon-naon tur leuwih hade ti batan dirina sorangan: Abner bin Ner panglima perang Israil, jeung Amasa bin Yeter panglima perang Yuda.
33 Patina eta dua panglima kudu tumerap ka Yoab saanak incu. Mugia sakur putra putu Daud anu nyalikan tahtana sing ginanjar rahmat PANGERAN sapapanjangna."
34 Ti dinya Benaya indit ka Kemah Tepangan PANGERAN, sarta Yoab ku anjeunna dipaehan di dinya, tuluy dimakamkeun di bumina, di luar kota.
35 Ari Benaya ku Suleman diangkat jadi panglima gaganti Yoab, Sadok diangkat jadi imam gaganti Abyatar.
36 Geus kitu raja miwarang ngala Simei. Dawuhan raja ka Simei, "Maneh kudu cicing di dieu di Yerusalem, pek nyieun imah. Ati-ati, teu meunang kaluar-luar ti kota.
37 Lamun kaluar nepi ka meuntas Walungan Kidron, tangtu dipaehan, salah maneh sorangan."
38 "Timbalan katampi, sumeja diestokeun," walon Simei. Ti harita Simei matuh di Yerusalem.
39 Pareng dina hiji mangsa sanggeus meunang tilu taun, badega Simei minggat duaan, minggatna ka Akis bin Maaka raja di Gat. Sanggeus meunang laratan yen badegana maringgat ka ditu,

40 Simei nyelaan kalde, bral indit ka Raja
Akis rek nyokot badegana. Geus kitu mulang
deui, badegana kabawa.
41 Sanggeus eta kalakuan Simei kauninga ku
Raja Suleman,
42 raja miwarang nyaur Simei, tuluy ngalahir
kieu, "Maneh ku kami geus dilarang demi
PANGERAN, teu meunang kaluar ti Yerusalem.
Samangsa-mangsa kaluar tangtu dipaehan.
Lain maneh teh geus satuju rek ngestokeun?
43 Ku naon ingkar tina eta jangji jeung
ngalanggar larangan kami?
44 Maneh nyaho sorangan kumaha kasalahan
maneh ka rama kami Daud. Eta kalakuan
maneh masing dihukum ku PANGERAN.
45 Muga kami dirahmat ku Mantenna,
karajaan Daud masing aman santosa
sapapanjangna."
46 Ti dinya raja nimbalan ka Benaya.
Gancangna Simei geus dipaehan. Karajaan
Suleman beuki reugreug.
3 1 Suleman migarwa putri putra raja Mesir,
jadi wawargian jeung raja eta nagara.
Garwana dicandak ka Kota Daud, bari ngantos
anggeusna karaton, Bait Allah, jeung kuta
Yerusalem sakuriling.
2 Nepi ka mangsa harita, Bait Allah tacan
aya; jalma-jalma ana ngurban sok make altar
di mana bae.
3 Suleman kacida sumujudna ka PANGERAN,
tur tuhu kana wasiat Daud ramana.

Anjeunna oge ari meuncit kurban jeung
ngurbankeunana sok nganggo altar di mana
bae.
4 Dina hiji mangsa anjeunna angkat ka
Gibon seja ngurban, sabab Gibon teh enggon
ngurban pangkamashurna. Di dinya anjeunna
geus ngurbankeun mangratus-ratus sapi,
didamel kurban beuleuman.
5 Peutingna PANGERAN nembongan ka
anjeunna dina impenan, sarta nimbalan kieu,
"Maneh hayang dibere naon ku Kami?"
6 Waler Suleman, "Gusti parantos sakitu
mikaasihna ka Daud pun bapa, abdi Gusti
tea. Sawangsulna pun bapa sumujud satia
ka Gusti. Kaasih Gusti ka pun bapa mayeng
teu aya kendatna, dugi ka maparin anak anu
ayeuna neraskeun tahtana.
7 Nun GUSTI Allah, Gusti parantos
ngersakeun jisim abdi jadi raja neraskeun
pun bapa. Mung abdi teh teu terang aturan
marentah, kawantos sakieu nya ngora keneh.
8 Dupi anu kedah diatur teh umat pilihan
Gusti, tur sakitu seueurna dugi ka henteu
kaetang.
9 Ku margi kitu abdi sumeja nyuhunkeun
kapinteran sacekapna, supados tiasa ngatur
umat Gusti kalayan adil palamarta, terang
nu sae nu awon. Upami teu kitu, kedah
kumaha diaturna eta umat Gusti anu sakitu
seueurna?"

10 PANGERAN kalintang sukana ngadangu
pamundut Suleman kitu,
11 lajeng nimbalan, "Maneh menta kapinteran
geusan marentah kalawan bener, lain menta
umur panjang, lain menta kabeungharan, lain
menta pati musuh.
12 Pamenta maneh ku Kami dimakbul. Maneh
bakal boga kapinteran jeung kawijaksanaan,
leuwih ti nu saheulaeun kitu deui ti nu
sapandeurieun.
13 Malah anu teu dipenta ge ku Kami
rek dipaparin, boh kabeungharan, boh
kamulyaan, saumur-umur, moal katepi ku
raja-raja lian.
14 Jeung upama maneh nurut tur pengkuh
nyekel papakon-papakon Kami cara Daud
bapa maneh, tangtu dipanjangkeun umur
ongkoh."
15 Nyah Suleman gugah, horeng tas ngimpen
kenging timbalan Allah. Geus kitu anjeunna
mulih ka Yerusalem, tuluy ngadeg hareupeun
Peti Perjangjian PANGERAN, ngahaturkeun
kurban beuleuman jeung kurban karapihan
ka PANGERAN, ti dinya mestakeun para
gegeden.
16 Dina hiji poe Raja Suleman dideuheusan
ku dua awewe bangor.
17 Pok anu saurang unjukan, "Gusti Sang
Raja, abdi sareng ieu batur cicing sarorompok.
Abdi ngajuru di manehna, di eta rorompok.

18 Heuleut dua dinten saparantos abdi, ieu
batur oge ngajuru. Dupi di rorompok teh
mung abdi bae duaan teu aya deui anu sanes.
19 Cilaka, hiji wengi anak ieu batur maot
kaheumpikan ku manehna.
20 Tengah wengi manehna lilir, abdi jongjon
mondok, pun anak ku eta dihilikeun sareng
anakna.
21 Enjingna barang abdi hudang bade
nyusuan, geuning budak teh maot. Teras
ditelek-telek, horeng eta mah sanes anak
abdi!"
22 Nu saurang deui nambalang, "Ngaco!
Anu paeh teh anak maneh, anak kami mah
hirup!" Ceuk nu kahiji, "Maneh anu ngaco! Nu
hirup teh anak kami, anu paeh anak maneh!"
Tuluyna patorong-torong payuneun raja.
23 Raja Suleman ngalahir, "Masing-masing
ngaku anu paeh anak si eta, anu hirup anak
kami."
24 Seug anjeunna mundut pedang. Song
dihaturkeun.
25 Anjeunna nimbalan, "Ieu orok beulah dua,
bagikeun sabeulah sewang!"
26 Indung benerna, da puguh ka anak,
geuwat unjukan ka raja, "Duh gusti,
tinimbang dipaehan mah sawios pasihkeun
bae ka ieu batur, ulah dipaehan!" Ari ceuk nu
saurang deui, "Mangga bae beulah dua, tong
dipasihkeun ka itu ka ieu."

27 Nimbalan Raja Suleman, "Tong dipaehan!
Bikeun eta orok ka nu ulaheun orokna
dipaehan. Ema indung benerna."
28 Putusan anjeunna kitu kagurnita ka urang
Israil. Atuh maranehna jadi kacida alajrihna
ka rajana, geus nyarahoeun yen rajana ku
Allah dipaparin kapinteran enggoning mutus
perkara kalawan adilna.
4 1 Suleman geus jumeneng raja sakuliah
nagri Israil.
2 Pajabat-pajabat luhurna nya eta: Imam:
Asarya putra Sadok.
3 Sekretaris nagara: Elihorep jeung Ahia,
putra Sisa. Bendahara nagara: Yosapat bin
Ahilud.
4 Panglima perang: Benaya bin Yoyada.
Imam-imam: Sadok jeung Abyatar.
5 Kapala para bupati: Asarya putra Natan.
Jurunasehat raja: Imam Sabud putra Natan.
6 Kapala rumah tangga karaton: Ahisar.
Kapala rodi: Adoniram bin Abda.
7 Pikeun di sakuliah Israil, Suleman
ngangkat dua belas gupernur, nu diwajibkeun
ngayakeun bahan pangan pikeun raja saeusi
bumi ti cangkinganana masing-masing,
kagiliranana sabulan sakali saban taun.
8 Ieu ngaran-ngaran eta dua belas pajabat
jeung daerah cangkinganana: Ben Hur,
nyangking kota-kota pagunungan Epraim.
9 Ben Deker, nyangking kota-kota Makas,
Saalbim, Bet Semes, Elon, jeung Bet Hanan.

10 Ben Hesed, nyangking kota Arubot, Soko,
jeung sawewengkon Heper.
11 Ben Aminadab, anu nikah ka Tapat binti
Suleman, nyangking satanah Dor.
12 Baana bin Ahilud, nyangking kota-kota
Taanak, Megido, sakuliah wewengkon deukeut
Bet San, deukeut kota Sartan, kiduleun Yisrel
nepi ka Abel Mehola jeung kota Yokmeam.
13 Ben Geber, nyangking kota Ramot di Gilad
jeung desa-desa di Gilad padesaan bani
Yair turunan Menase, wewengkon Argob di
Basan anu kabehna aya genep puluh dayeuh
gede tur reugreug marake kuta jeung panto
tambaga.
14 Ahinadab bin Ido, nyangking distrik
Mahanaim.
15 Ahimaas anu nikah ka Basmat binti
Suleman, nyangking wewengkon Naptali.
16 Baana bin Husai, nyangking wewengkon
Aser jeung Bealot.
17 Yosapat bin Paruah, nyangking wewengkon
Isaskar.
18 Simei bin Ela, nyangking wewengkon
Binyamin.
19 Geber bin Uri, nyangking wewengkon
Gilad anu kungsi diereh ku Raja Sihon urang
Emor jeung ku Raja Og urang Basan. Aya deui
hiji gupernur, anu ngagupernuran sakuliah
tanah.

20 Urang Yuda jeung urang Israil lobana geus
kawas keusik basisir, tur teu kurang dahareun
teu kurang inumeun, baragja hirupna.
21 Ari legana karajaan Suleman ngawengku
sakabeh bangsa ti semet Walungan Eprat
nepi ka tanah Pelisti jeung wates nagara
Mesir. Sapanjang anjeunna jumeneng, eta
bangsa-bangsa anu kaereh ku anjeunna
kabeh malayar upeti.
22 Ari bahan dahareun anu dipikabutuh ku
Suleman sapoe-sapoena tilu puluh pikul
tipung lemes, genep puluh pikul tipung
badag,
23 sapuluh sapi kabiri, dua puluh sapi angon,
saratus domba, jaba mencek, uncal, peucang
jeung hayam kabiri.
24 Anu kaereh ku Suleman teh sakuliah
tanah kuloneun Walungan Eprat, mimiti ti
Tipsa di wewengkon Eprat terus ka kulon nepi
ka Gasa. Raja-raja nu aya di kuloneun Eprat
kabeh kaereh ku anjeunna, tur aman kerta ti
sakabeh nagara sakurilingna.
25 Sapanjang anjeunna jumeneng, di
sakuliah Yuda jeung Israil, rahayat hirupna
aman santosa, saban rumah tangga baroga
kebon anggur jeung kebon kondang sorangan.
26 Suleman kagungan kuda opat puluh rebu
gedogan, paranti narik kareta, jeung dua
belas rebu serdadu kuda.
27 Gupernurna anu dua belas, unggal bulan
masing-masing kagiliran nganteuran bahan

dahareun ka Raja Suleman, keur anjeunna
jeung sakur anu aya di karaton. Kitu bae
salawasna, ngalanteuran sagala bahan
kaperluan.
28 Jaba ti eta tiap gupernur nganteuran
jawawut jeung jarami pikeun kuda anu narik
kareta jeung pikeun sato-sato momot.
29 Suleman ku Allah dipaparin kapinteran,
panemu jeung pangaweruh anu luar biasa,
teu bisa kaukur.
30 Kapinteran Suleman leuwih-leuwih ti
batan bujangga-bujangga Tatar Wetan atawa
bujangga-bujangga Mesir.
31 Dina sual kapinteran, anjeunna leuwih-
leuwih ti sakabeh jelema, ngungkulan Etan
urang Esrah, ngungkulan Kalkol jeung Darda
putra-putra Makol, kagurnita ka saban nagara
tatangga.
32 Anjeunna ngarang tilu rebu siloka, kitu
deui kidung-kidung leuwih ti sarebu rupa.
33 Iasa medar hal tatangkalan jeung
tutuwuhan, mimiti tina hal kai kiputri Libanon
nepi ka hisop anu jadi dina tembok; iasa
medar hal sasatoan, bangsa manuk-manuk,
bangsa reptil, jeung bangsa lauk.
34 Kapinteranana kagurnita ka sakabeh raja
saalam dunya, seug raja-raja teh ngaririm
utusan seja marulung hikmahna.
5 1 Raja Hiram ti nagara Tirus mitra Daud.
Ngadangu Suleman jadi raja neraskeun

tahta Daud ramana, anjeunna ngintun utusan.
2 Suleman ngabalesan, saurna,
3 "Sakumaha Sang Raja uninga, pun Bapa Daud jenatna teu tiasa prak ngadamel gedong sembahyang haturkeuneun ka PANGERAN Allahna, balas digoda ku perang ngalawan musuh ti nagara-nagara sakurilingeunana, dugi ka eta musuh-musuh teh areleh kalayan pitulung PANGERAN.
4 Dupi sim kuring, kalayan rahmat PANGERAN Allah panutan, pinareng tiasa jongjon, kerta sakuliah nagara, suwung musuh, ti luar taya nu baris narajang.
5 Ka jenatna pun bapa kapungkur PANGERAN parantos ikrar, timbalana-Na, Gedong pikeun Kami teh engke dijieunna ku anak maneh, anu ku Kami bakal dijieun raja gaganti maneh. Sim kuring parantos gilig bade ngadegkeun eta gedong paranti sembahyang ka PANGERAN Allah sim kuring.
6 Ku margi eta seja nyuhunkeun pitulung, nyuhunkeun jalmi-jalmi, kangge mangnuarankeun kayu kiputri ti Libanon. Tangtos engke dibantuan ku jalmi-jalmi sim kuring, sareng jalmi-jalmi ti Sang Raja tangtos ku sim kuring dibayar sakumaha pamundut. Sang Raja langkung uninga, jalmi-jalmi sim kuring kirang tariasa nuar kai sapertos jalmi-jalmi Sang Raja."

7 Raja Hiram kacida sukaeunana nampi
pamundut Suleman. Pok ngalahir, "Sagala
puji poe ieu ka PANGERAN, anu ka Daud
geus maparin putra sakitu pinterna, gegentos
ngarajaan bangsa anu sakitu gedena."
8 Raja Hiram ngintunkeun waleran ka
Suleman, "Amanat Jeng Rayi parantos
katampi. Sapamundut Jeng Rayi perkawis
kayu kiputri sareng kijamuju sumeja
dicumponan, tangtos disayagikeun.
9 Kayu-kayu golondonganana baris
diturunkeun ti gunung Libanon ka laut,
dibeungkeut didamel rakit-rakit, diteraskeun
jalan laut dongkap ka basisir anu parantos
ditangtoskeun ku Jeng Rayi. Sadongkapna
ka eta basisir, beungkeutanana bade
dipangmukaankeun, kantun dikunjalan
ku jalmi-jalmi Jeng Rayi. Ti pihak Jeng
Rayi disuhunkeun supados maparin bahan
dahareun ka jalmi-jalmi ti Akang."
10 Geus kitu Hiram ka Suleman mere
kai kiputri jeung kijamuju golondongan
sakumaha anu dipikahoyong ku Suleman.
11 Sabalikna Suleman saban taun ka Raja
Hiram ngintun 322.500 kilogram gandum
jeung 4.400 liter minyak jetun murni pikeun
jalma-jalmana.
12 PANGERAN ngalaksanakeun jangji-Na ka
Suleman, maparin kapinteran. Hiram jeung
Suleman nepi ka sosobatan.

13 Ti dinya Suleman ngerid tilu laksa jelema
ti sakuliah Israil sina digarawe,
14 dikapalaan ku Adoniram. Ku manehna anu
digarawe teh dibagi tilu rombongan salaksa-
salaksa. Tiap rombongan digawekeunana
sabulan di Libanon, dua bulan pikeun di imah.
15 Jaba ti eta Suleman ngagawekeun
dalapan laksa jelema sina ngaralian batu di
gunung-gunung, jeung tujuh laksa tukang
nanggungna.
16 Mandorna aya tilu rebu tilu ratus urang.
17 Suleman miwarang ngadungkaran
batu-batu galede pikeun pademen Bait Allah.
18 Geus kitu jelema-jelema Suleman,
jelema-jelema Hiram jeung dibarengan
ku jelema-jelema urang Gebal, mimiti
ngararancang kayu jeung batu baris
ngadegkeun Bait Allah.
6 1 Nincak taun kaopat ratus dalapan puluh
ti sanggeus urang Israil budal ti Mesir,
dina taun kaopat Suleman jumeneng raja
di Israil, dina bulan Sip atawa bulan kadua,
Suleman mimiti ngadegkeun Bait Allah.
2 Ari ukuranana, ukuran beulah jerona:
Panjangna 27 meter, rubakna 9 meter,
luhurna 13,5 meter.
3 Kamar hareupna, ukuran ka jerona 4,5
meter, rubakna 9 meter, sarua jeung kamar
tukangeun paimbaran.

4 Tembokanana make tebokan-tebokan anu
ukuran liangna beulah luar leuwih sempit ti
batan bagian jerona.
5 Tembok pipir jeung tembok tukang
diberean sosompang tilu umpak anu luhurna
masing-masing 2,2 meter.
6 Kamar sosompang panghandapna rubakna
2,2 meter, umpak tengah 2,7 meter, umpak
pangluhurna rubakna 3,1 meter. Tembok
gedong ka luhur digandet-gandet, tembokan
lante beulah luhur leuwih ipis ti batan tembok
lante handapeunana, nepi ka kamarna napak
dina tembok sarta balok-balokna henteu
katutup ku tembokan.
7 Ari batu-batuna geus dijieun dirupakeun ti
tempat ngalina keneh, jadi waktu eta gedong
dijieun teh henteu gandeng ku sora palu,
baliung atawa parabot beusi lianna.
8 Lawang asup ka kamar sosompang
panghandapna, ayana di pipir tembok gedong
beulah kidul, murilit ka luhur ka kamar umpak
kadua jeung katilu.
9 Kitu dipidamelna ku Raja Suleman.
Lalangitna ku balok-balok jeung papan-papan
kiputri.
10 Sosompang umpak tilu anu luhurna
masing-masing 2,2 meter tea nempel kana
tembok luar gedong, ditempelkeunana kana
tembok ku balok-balok kiputri.
11 Geus kitu PANGERAN ngandika ka
Suleman,

12 "Upama maneh pengkuh kana sagala
papakon jeung timbalan-timbalan Kami,
jangji Kami ka Daud bapa maneh tea bakal
dibuktikeun ka maneh.
13 Kami seja aya di tengah umat Kami,
linggih di ieu gedong beunang maneh nyieun,
moal nilarkeun."
14 Ahirna eta Bait Allah teh anggeus
dipidamelna ku Suleman.
15 Tembok beulah jero tina lante nepi kana
lalangit dilapisan ku papan kiputri, lantena ku
papan kijamuju.
16 Di jero eta Bait Allah beulah tukang dijieun
hiji kamar anu disebut Kamar Pangsucina,
panjangna salapan meter, dipenggel ku
papan kai kiputri, mimiti tina lante nepi kana
lalangit.
17 Rohangan hareupeun Kamar Pangsucina
panjangna dalapan belas meter.
18 Bilikna papan kiputri, dihias ku ukiran-
ukiran anu direkakeun buah waluh jeung
kekembangan. Rohangan jero kabeh dilapis
ku papan kiputri, jadi batu-batu tembokanana
henteu katembong.
19 Ari Kamar Pangsucina, anu dijieunna di
jero eta Bait Allah beulah tukang tea perluna
pikeun nyimpen Peti Perjangjian PANGERAN.
20 Ieu kamar panjangna, rubakna jeung
luhurna salapan meteran, sakurilingna dilapis
ku emas murni. Ari altarna dilapis ku papan
kiputri.

21 Bilik jero dilapis ku emas murni. Panto
paranti asup ka jero eta kamar, dina lawangna
dikantengan ku rante anu disaput ku emas.
22 Jadi Bait Allah teh di beulah jerona
sakurilingna dilapis ku emas, siga di Kamar
Pangsucina tempat altar tea.
23 Di Kamar Pangsucina aya dua tiruan
mukarabin tina kayu jetun, jangkungna
masing-masing 4,4 meter.
24 (6:24-26) Duanana saukuran jeung
sabangun, sarta baroga jangjang anu
panjangna masing-masing 2,2 meter, jadi
mentangna ti tungtung ka tungtung jangjang
teh 4,4 meter.
25 (6:24)
26 (6:24)
27 Ditangtungkeunana pagigir-gigir di jero
Kamar Pangsucina, jangjang masing-masing
sabeulah meber ka jero, tepungna di
tengah-tengah kamar, jangjang anu sabeulah
deui meberna antel kana bilik.
28 Eta tiruan mukarabin duanana dilapis ku
emas.
29 Bilik rohangan utama beulah jero
dihias ku ukiran-ukiran anu direka mahluk-
mahluk jangjangan, tangkal korma, jeung
kekembangan.
30 Lantena oge rata dikeput ku emas.
31 Lawang asup ka Kamar Pangsucina daun
pantona kembar, dijieunna tina kayu jetun,
erang-erangna sina melengkung.

32 Daun-daun eta panto duanana dihias ku
ukiran-ukiran mahluk-mahluk jangjangan,
tangkal korma, jeung kekembangan.
Daun-daun pantona, tiruan mukarabinna,
jeung ukiran-ukiran tangkal kormana, dilapis
ku emas.
33 Kusen panto ka rohangan utama bangunna
pasagi burung, dijieunna tina kayu jetun.
34 Jeung aya dua panto lipet tina kayu
kijamuju,
35 eta ge dihias ku ukiran mahluk jangjangan,
tangkal korma, jeung kekembangan, terus
dilapis ku emas nurutkeun ukiranana.
36 Tepas Bait Allah beulah jero pernahna di
pongpok hareup nempel kana tembokanana,
ngaturna saban tilu lapis batu salapis kayu
kiputri.
37 Ari pademen Bait Allah dipasangna dina
bulan Sip atawa bulan kadua, dina taun
kaopat pamarentahan Suleman.
38 Dina bulan Bul atawa bulan kadalapan,
dina kasabelas taunna Suleman ngarajaan,
eta Bait Allah sapuratina geus rengse
dipidamelna, cocog sakumaha anu
dipikahoyong ku Suleman. Lilana ngadegkeun
tujuh taun.
7 1 Ari pikeun salirana ku anjeun, Suleman
ngadamel hiji karaton, anu diadegkeunana
nepi ka tilu belas taun.
2 (7:2-3) Eta karaton disebutna "Karaton
Leuweung Libanon", panjangna opat puluh

opat meter, rubakna dua puluh dua meter,
luhurna tilu belas satengah meter. Eta
karaton ngadegna ku tilu jajar pilar tina kayu
kiputri, sajajarna lima belas pilar, ti luhurna
diamparan ku jajalur balok-balok kiputri.
Lalangit kamar-kamarna oge ku kayu kiputri,
ditunjang ku pilar-pilar.
3 (7:2)
4 Saban gigirna make jandela tilu-tilu jajar.
5 Panto-panto jeung jandela-jandelana
ukuranana pasagi burung. Jajaran jandela-
jandela beulah ditu merenahna lempengan
jajaran jandela-jandela beulah dieu,
paeunteung-eunteung.
6 Aya rohangan "Bale Tihang-tihang" anu
panjangna dua puluh dua meter, rubakna
tilu belas satengah meter, make tepas
digolodogan, disangga ku tihang-tihang.
7 Aya deui rohangan "Bale Singgasana"
anu disebut oge "Bale Pangadilan", paranti
Suleman mutus perkara, bilikna tina lante
nepi kana kaso-kaso papan kiputri.
8 Ari kamar-kamar pikeun Suleman ku
anjeun ayana di tepas sejen, tukangeun Bale
Pangadilan, dijieunna sakumaha gedong-
gedong sejenna. Ari pikeun prameswarina,
putri raja Mesir tea, dipangdamelkeun hiji
malige, potonganana sarua keneh jeung eta.
9 Eta wawangunan kabeh, katut buruan
gedena, ti pademen nepi ka hateupna,
dijieunna tina batu-batu anu aralus. Batu-

batuna geus disiapkeun ti tempat ngalina,
dipotongan nurutkeun ukuranana, sisi-sisina
tukang jeung hareup diratakeun ku ragaji.
10 Batu-batu pademenna galede, geus
beunang ngukur-ngukur ti tempat ngalina
keneh. Ukuranana aya anu panjangna tilu
satengah meter, aya anu nepi ka opat meter.
11 Luhureun batu-batu pademen kakara
dipasangan batu-batu lianna, eta oge geus
beunang ngukur ti dituna, jeung balok-balok
kiputri.
12 Wangunan tembok buruan karaton,
wangunan tembok buruan jero Bait Allah,
jeung wangunan tembok rohangan paranti
asup ka jero Bait, disusunna saban tilu lapis
batu tatah ditumpangan ku salapis balok kai
kiputri.
13 Geus kitu Suleman miwarang ngala hiji
paledang anu cicingna di nagara Tirus,
ngaranna Huram, pinter barang jieun tina
tambaga.
14 Bapana oge sarua paledang, pinter barang
jieun tina tambaga, urang nagara Tirus, tapi
geus teu aya, umurna pondok. Ari indungna
asal ti kaom Naptali. Dina pagaweanana
jadi paledang, Huram kacida ahlina tur
geus pangalaman. Pangangkir Suleman ku
manehna ditarima, arek mangnyieunkeun
barang-barang tina tambaga.
15 Huram geus prak digawe. Mimiti nyieun
dua pilar tambaga, jangkungna masing-

masing dalapan meter, kurilingna lima meter
tilu puluh senti, tuluy dipasang di lawang Bait
Allah.
16 Ti dinya nyieun dua mamakutaan
tambaga, jangkungna masing-masing dua
meter dua puluh senti, dipasangkeun kana
puncak pilar tea.
17 Puncak pilar masing-masing dihias ku
rarantean anu dijeujeut,
18 jeung ku dua jajar dadalimaan tambaga.
19 Mamakutaan teh dirupakeun kembang
bakung, jangkungna masing-masing sameter
dalapan puluh senti.
20 Ari diterapkeunana di opat pongpok pilar
luhureun rarantean. Dina unggal puncak eta
mamakutaan diterapan dadalimaan dua ratus
siki, didua jajarkeun.
21 Eta dua pilar tambaga ditempatkeunana
ku Huram di hareupeun lawang Bait Allah, hiji
di sisi kidul, dingaranan "Yakin", hiji di sisi
kaler dingaranan "Boas".
22 Mamakutaan kembang bakung tambaga
tea diterapkeunana dina puncak eta dua pilar.
Kitu dijieunna eta dua pilar tambaga sarta
geus jadi.
23 Geus kitu Huram nyieun hiji tatalagaan
tambaga, bangunna buleud. Jerona dua
meter dua puluh senti, garis tengahna opat
meter opat puluh senti, kurilingna tilu belas
meter dua puluh senti.

24 Handapeun biwir tatalagaan sakurilingna
dipapaesan ku wawaluhan tambaga dua jajar
anu dicitakna ngahiji jeung tatalagaanana.
25 Eta tatalagaan ditumpangkeun kana
tonggong dua belas sasapian tambaga anu
nyalanghareup ka luar, ka kidul, ka kaler, ka
kulon, ka wetan, tilu-tilu.
26 Kandelna tatalagaan tujuh puluh lima
senti. Biwirna siga biwir cangkir jebleh,
niron lambaran kembang bakung. Eusi eta
tatalagaan kira-kira opat puluh rebu liter.
27 Ti dinya Huram nyieun sapuluh padati
tambaga, masing-masing panjangna sameter
dalapan puluh senti, rubakna sameter
dalapan puluh senti, luhurna sameter tilu
puluh senti.
28 Dijieunna ku papan-papan pasagi sarta
dipasangkeunana make wengku,
29 dipapaesan ku sisingaan, sasapian,
jeung tiruan mahluk-mahluk jangjangan.
Wengku-wengkuna make gambar timbul,
gambar ranggeuyan mangle di luhureun
jeung handapeun sisingaan jeung sasapian
tea.
30 Kikipingna opat-opat tina tambaga,
pupurusna oge tambaga. Di opat juruna
make opat panyangga anu nanggeuy paso.
Panyanggana dipapaesan ku gambar timbul
ranggeuyan mangle.
31 Tungtung panyangga paso tea diwengku
ku hiji buleudan, luhurna tina beungeut padati

opat puluh opat senti, ka handapna dua puluh dua senti, sakurilingna make ukiran.
32 Jangkungna kikiping genep puluh genep senti, tempatna handapeun papan-papan pasagi tea, pupurusna dihijikeun kana badan padati.
33 Bangun kikiping sakumaha bangun kikiping kareta biasa; pupurusna, pinggiranana, jari-jarina jeung bola-bolana, kabeh tambaga.
34 Dasar badan padati saban juruna make tihang pamageuh anu ngahiji jeung badan padati, jadi tihang pamageuhna opat-opat.
35 Unggal padati, di bagian luhurna dibiwiran sakurilingna, rubakna dua puluh dua senti, tihang pamageuhna kitu deui papan-papanna ngahiji kana badan padati.
36 Unggal lolongkrangna digambaran mukarabin, singa, jeung tangkal korma, sarta unggal gambarna beulah luhur jeung beulah handap digambaran ku ranggeuyan mangle.
37 Kitu dijieunna eta padati-padati teh, kabeh saukuran jeung sabangun.
38 Anggeus nyieun padati-padati, Huram nyieun paso tambaga sapuluh, hiji paso pikeun hiji padati. Gurat tengah masing-masing sameter dalapan puluh senti, pieusieunana masing-masing kira-kira dalapan ratus liter.
39 Eta padati-padati ku Huram ditempatkeunana lima di beulah kidul

Bait Allah, lima di beulah kalerna.
Tatalagaanana dipernahkeunana di juru Bait
Allah beulah kidul wetan.
40 (7:40-45) Kajaba ti anu tadi, Huram
nyieun katel-katel, sosodok-sosodok, jeung
pinggan-pinggan. Sakur parabot anu ku Raja
Suleman dipiwarang dijieun pikeun kaperluan
Bait Allah, kabeh geus anggeus dijieun ku
Huram. Barang-barang anu dijieunna nya
eta: Dua tihang gede. Dua mamakutaan
anu jiga cangkir jebleh di puncak eta dua
tihang. Rante lilit papaes mamakutaan.
Opat ratus dadalimaan, anu dipasang dua
jajar, papaes mamakutaan. Sapuluh padati.
Sapuluh paso. Hiji tatalagaan. Dua belas
sasapian anu munggu tatalagaan. Katel-katel,
sosodok-sosodok, jeung garpuh-garpuh. Eta
kabeh keur kaperluan Bait Allah anu dijieun
ku Huram pikeun Raja Suleman.
41 (7:40)
42 (7:40)
43 (7:40)
44 (7:40)
45 (7:40)
46 Raja miwarang ngadamel eta barang-
barang teh di pangecoran logam di Lebak
Yordan anu pernahna antara Sukot jeung
Sartan.
47 Tambaga anu dipake nyieun eta barang-
barang ku raja teu kungsi ditimbang heula

tina ku loba-lobana, jadi beuratna teu
kanyahoan sabaraha-sabarahana.
48 Jeung deui Suleman miwarang ngadamel
paparabotan tina emas pikeun Bait Allah. Nya
eta: altar, meja paranti nyuguhkeun roti ka
Allah,
49 sapuluh suku lampu paranti di hareupeun
Kamar Pangsucina, lima di kidul lima di kaler,
kembang-kembang, lampu-lampu, cacapit,
50 pinggan-pinggan, panetel-panetel lampu,
bokor-bokor, pisin-pisin wadah seuseungitan,
parukuyan-parukuyan, piring-piring wadah
ruhak, engsel-engsel panto Kamar Pangsucina
jeung engsel-engsel panto Bait Allah beulah
luar. Eta kabeh dijieunna tina emas.
51 Sanggeus Suleman anggeus ngadamel
eta Bait Allah, barang-barang anu ku Daud
ramana geus disanggakeun ka PANGERAN, ku
anjeunna disimpen di kamar rajabrana Bait
Allah, boh anu tina perak boh anu tina emas,
kitu deui barang-barang salian ti eta.
8 1 Geus kitu Suleman nimbalan ka
sakabeh pamingpin kaom Israil jeung
para pamingpin warga supaya karumpul
di anjeunna di Yerusalem. Maksadna rek
mindahkeun Peti Perjangjian PANGERAN ti
Sion, Kota Daud ka Bait Allah.
2 Gancangna kabeh geus karumpul dina
musim Pesta Saung Daun, nya eta dina bulan
Etanim.

3 Sanggeus para pamingpin karumpul kabeh,
seug Peti Perjangjian teh diangkat ku para
imam,
4 digarotong ka Bait Allah. Kemah Tepangan
PANGERAN oge ku para imam jeung urang
Lewi dipindahkeun ka Bait Allah jeung sagala
paparabotanana.
5 Geus kitu Raja Suleman jeung sakabeh
bangsa Israil kumpul di hareupeun Peti
Perjangjian, prak ngurban meuncit domba
jeung sapi mangpirang-pirang, lobana henteu
kaitung.
6 Ti dinya Peti Perjangjian teh ku para
imam diasupkeun ka Bait Allah, ka Kamar
Pangsucina, dipernahkeun di handapeun
jangjang dua mukarabin tea.
7 Jadi jangjang dua mukarabin teh meberna
ngauban eta Peti katut rancatanana.
8 Tungtung-tungtung rancatanana, ku jelema
anu nangtung lempengan pisan Kamar
Pangsucina mah bisa katenjo, mun lain ti
dinya mah henteu. (Eta rancatan nepi ka
kiwari aya keneh di dinya.)
9 Eusi eta Peti teu aya nu sejenna deui, salian
ti dua papan batu anu baheula disimpen di
dinya ku Musa, basa keur di Gunung Sinai
tea, sabada PANGERAN ngadamel perjangjian
ka sakumna bangsa Israil, di satengahing
jalan sabada budal ti Mesir.
10 Barang para imam kalaluar ti jero Bait
Allah, tuluy aya mega anu minuhan eta Bait,

11 megana cahayaan nyumiratkeun
kamulyaan PANGERAN, datang ka para imam
anu rek ngajaralankeun kawajibanana teu
barisa asup deui ka dinya.
12 Suleman tuluy sembahyang, saurna, "Nun
PANGERAN, Gusti parantos nempatkeun
panonpoe di langit, nanging bet milih
panglinggihan tina mega sareng angkeub.
13 Abdi parantos rengse ngadamel ieu
gedong anu agreng, haturkeuneun ka Gusti,
linggihaneun salalamina."
14 Ti dinya Raja Suleman malik ka
jalma rea anu narangtung di dinya seja
mangmundutkeun berkah Allah.
15 Pok nimbalan, "Sagala puji ka pangkonan
GUSTI Allah Israil! Jangji Mantenna ka Daud
rama kami, ayeuna laksana. Dawuhan dina
jangji-Na kieu,
16 Ti barang nyandak umat ti Mesir, di
sakuliah tanah Israil Kami tacan milih-milih
tempat geusan ngadegkeun gedong paranti
sembahyang ka Kami. Tapi Kami milih maneh,
Daud, geusan ngatur umat Kami Israil."
17 Saurna deui, "Daud, rama kami suwargi,
kagungan maksad ngadamel gedong paranti
tempat ibadah ka GUSTI Allah Israil.
18 Tapi dawuhan PANGERAN ka rama kami,
Hade pisan karep maneh nyieun gedong
pikeun Kami.
19 Ngan ulah ku maneh dijieunna, engke bae
ku anak maneh sorangan.

20 Eta jangji PANGERAN teh ayeuna bukti
laksana. Kami, anu neruskeun kangjeng rama
ngarajaan di Israil, ayeuna geus anggeus
nyieun ieu gedong paranti ibadah ka GUSTI
Allah Israil.
21 Kami geus nyieun tempat di jero gedong
pikeun Peti Perjangjian, anu eusina dua papan
batu anu muat perjangjian PANGERAN jeung
karuhun urang, waktu Mantenna ngaluarkeun
aranjeunna ti Mesir."
22 Geus kitu Suleman nadahkeun panangan
deukeut altar, hareupeun jalma rea,
23 tuluy sembahyang, "Nun GUSTI Allah
Israil! Di sawarga di manggung, di bumi di
handap, teu aya deui anu jumeneng Allah,
mung Gusti. Gusti teh satia kana jangji ka
umat, teu petot mikawelas ka maranehna,
anu sarumujud ngabakti terusing ati.
24 Jangji Gusti ka Daud pun bapa, ayeuna
laksana. Wangkid ieu sugri pangandika Gusti
teh bukti.
25 Ayeuna, nun GUSTI Allah Israil, panuhun
abdi mugi Gusti netepan jangji sanesna anu
kapungkur ku Gusti dijangjikeun ka pun
bapa; saur Gusti ka pun bapa, ti turunan
anjeunna salamina baris aya saurang anu
jadi raja nyangking Israil, upami maranehna
saregep nurut ka Gusti sapertos pun bapa.
26 Ku margi kitu, nun Allah Israil, mugi eta
sadaya perkawis teh ayeuna dibuktoskeun,

sakumaha jangji Gusti ka pun bapa, Daud abdi Gusti tea.
27 Nanging nun Allah, naha leres Gusti teh kersa linggih di bumi? Margi, dalah sakubeng langit sajagat raya oge keur Gusti mah moal cekap, sumawonten ieu, gedong kenging abdi, naha picekapeun?
28 Ku margi kitu nun Gusti PANGERAN, jisim abdi gandek Gusti nyanggakeun panuhun, mugi paneda panyambat jisim abdi dinten ieu ku Gusti didangu dimakbul.
29 Mugi Gusti, siang kalayan wengi, kersa nitenan ieu gedong anu ku Gusti parantos kamanah jadi tempat paranti ibadah ka Gusti. Satiap-tiap jisim abdi sembahyang mayun ka ieu gedong, mugi Gusti kersa ngadangukeun.
30 Satiap anu nyanggakeun panyambat sareng neda pangampura mayun ka ieu gedong, boh jisim abdi, boh urang Israil umat Gusti, mugi didangu sareng dimakbul ti tempat Gusti linggih di sawarga.
31 Manawi aya jalmi anu dituding gaduh dosa ka pada batur, seug dibantun kana altar Gusti di ieu gedong sina sumpah yen teu salah,
32 dangukeun ti sawarga, nun PANGERAN. Mugi gandek-gandek Gusti teh perkawisna dilereskeun, anu lepatna dihukum sapantesna, anu leresna mugi dibebaskeun.
33 Manawi umat Gusti dugi ka eleh ku musuh dumeh aya dosana ka Gusti, ana lajeng

tarobat sareng sasambat di ieu gedong neda hampura,
34 mugi dangukeun ti sawarga, hapunten
dosana, sareng sina tariasa mulang deui ka
tanahna, paparin Gusti ka karuhunna.
35 Manawi Gusti teu maparin hujan lantaran
maranehna gaduh dosa ka Gusti, ana lajeng
sasambat neda pertobat di ieu gedong,
36 mugi pertobatna ditampi ti sawarga.
Hapunten dosa rajana, hapunten dosa
sakumna bangsa Israil, tuduhan jalan nu
leres. Saparantos kitu mugi dipaparin hujan
nun PANGERAN, turunkeun hujan ka ieu
tanah kagungan, anu ku Gusti parantos
dimilikkeun ka maranehna salalamina.
37 Manawi ieu tanah katarajang paceklik
atanapi pagebug, atanapi pepelakanana
diruksak ku angin panas, atanapi di tarajang
ku hama atanapi simeut, atanapi dikersakeun
ditempuh ku musuh, atanapi katarajang
kasakit, atanapi paudur,
38 panyambatna mugi didangu. Manawi aya
urang Israil, umat Gusti, sasambat tumadah
ka ieu gedong lantaran kaduhung ku dosana,
39 mugi dangukeun panyambatna ti sawarga,
paparin pangampura sareng pitulung. Gusti
teh waspaos kana eusining hate manusa,
mugi midamel ka eta jalmi luyu sareng
kalakuanana.
40 Supados umat Gusti tuhu tumutur ka
Gusti saumur-umur, di ieu tanah anu ku Gusti

parantos dipaparinkeun ka karuhun abdi sadaya.
41 (8:41-42) Manawi aya jalmi bangsa sanes dongkap ka dieu ti nagara jauh dumeh nguping kamashuran sareng dadamelan Gusti anu aragung ka umat Gusti, seug sembahyang di ieu gedong,
42 (8:41)
43 mugi sembahyangna dangukeun, panuhunna mugi dimakbul ti sawarga panglinggihan Gusti. Supados manusa sajagat sami terang sareng sumujud ka Gusti sapertos umat Gusti, Israil. Supados maranehna oge tarerangeun, yen ieu gedong anu diadegkeun ku jisim abdi teh tempat paranti sembahyang ka Gusti.
44 Manawi umat teh ku Gusti nuju dipiwarang budal merangan musuh, di mana bae maranehna ayana, ana nyanghareup ka lebah ieu kota anu dipilih ku Gusti, sareng sembahyang ka lebah ieu gedong kenging abdi ngadegkeun kangge Gusti,
45 mugi dangukeun panyambatna ti sawarga, paparin kaunggulan.
46 Manawi umat Gusti pareng aya dosana (kawantos jalmi mah teu aya anu luput tina kalepatan), dugi ka Gusti bendu sareng ngantep maranehna dibantun ku musuh ka nagara lian, sarta di dituna sasambat, sakumaha tebihna ge eta nagara,

47 mugi panyambatna didangukeun, nun
PANGERAN. Upami di tanah pangasinganana
teh tarobat, ngaraku kana kalepatan sareng
kadorakaanana, mugi panyambatna didangu.
48 Upami leres-leres di dituna maranehna
tarobat, seug sasambat ka Gusti ngiblat ka
ieu tanah paparin Gusti ka karuhunna, sareng
ka ieu kota kadeudeuh Gusti, sareng ka ieu
gedong kenging abdi ngadegkeun kangge
Gusti,
49 dangukeun panyambatna. Dangukeun ti
sawarga, mugi dipikawelas.
50 Hapunten kalepatan sareng
kabasangkalanana, sareng balikkeun
hate musuhna sina malik mikarunya.
51 Maranehna teh umat Gusti kenging
ngaluarkeun ti tanah Mesir, tanah naraka
pikeun maranehna.
52 Nun Gusti ALLAH, mugi Gusti mikawelas
salalamina ka umat Gusti Israil, sareng
ka rajana. Samangsa-mangsa maranehna
sasambat neda pitulung, mugi didangu.
53 Maranehna ku Gusti parantos dipilih ti
bangsa-bangsa, didamel umat ku manten,
sakumaha timbalan Gusti ka maranehna,
anu diandikakeun ka Musa nalika Gusti
ngaluarkeun karuhun abdi-abdi ti tanah
Mesir."
54 Suleman nenedana sideku deukeut
altar bari nadahkeun panangan. Sabadana,
anjeunna cengkat, ngadeg.

55 Pok ngalahir gentrana tarik, mundut
berkah Allah pikeun hadirin, saurna,
56 "Sembah puji ka PANGERAN, anu
geus ngareureuhkeun umat-Na sakumaha
jangji-Na. Jangji-jangji Mantenna anu pinuh
ku sih kurnia, anu diandikakeun ka Musa,
geus tinekanan.
57 Mugia PANGERAN Allah urang nyarengan
sakumaha geus nyarengan ka karuhun urang,
henteu ngantunkeun.
58 Mugia urang ku Mantenna dijadikeun
jalma-jalma anu satia ka Mantenna, sarta
tunduk kana hukum-hukum jeung parentah-
parentah-Na, anu bareto diandikakeun ka
karuhun urang tea.
59 Mugia panuhun panyambat kami bieu
salawasna dipikaemut ku PANGERAN Allah
urang. Mugia Mantenna salawasna mikawelas
ka urang Israil jeung ka rajana, tur nyekapan
pangabutuhna sapopoe,
60 supaya bangsa-bangsa saalam dunya
nyarahoeun yen teu aya deui Allah ngan
PANGERAN.
61 Mugia maraneh, umat Mantenna, tuhu
tumutur ka PANGERAN Allah urang, nekanan
hukum-hukum jeung parentah-parentah-Na
salalawasna, kawas poe ieu."
62 Geus kitu Suleman jeung sakur
anu karumpul nyanggakeun kurban ka
PANGERAN.

63 Reana sato anu dikurbankeun, sapi dua
puluh dua rebu, domba saratus dua puluh
rebu, dijieun kurban panarima ngaresmikeun
eta Bait Allah.
64 Poe eta keneh Suleman ngaresmikeun
buruan bagian tengah anu di hareupeun eta
Bait Allah. Di eta buruan anjeunna tuluy
ngahaturkeun kurban beuleuman, kurban
gandum, jeung gajih sato-sato kurban dijieun
kurban karapihan. Pangna ngurban di dinya,
lantaran kurbanna kacida lobana nepi ka teu
mahi ku altar anu geus aya, altar tambaga
tea.
65 Rengse ngurban, Suleman jeung sakumna
bangsa Israil nekanan Pesta Saung Daun di
dinya, di Bait Allah, lilana tujuh poe. Jelema
anu karumpul kacida lobana ti suklakna ti
siklukna, ti kaler ti Hamat, ti kidul ti wates
tanah Mesir, tumplek ka dinya.
66 Dina poe kadalapanna ku Suleman
dijurung marulang. Anjeunna pada muji ku
sarerea, anu ngarasa bagja ku sagala berkah
PANGERAN ka Daud abdi-Na jeung ka urang
Israil, umat-Na.
9 1 Sanggeus Raja Suleman beres ngadamel
Bait Allah jeung karaton sapuratina
sakumaha kahoyongna,
2 PANGERAN nembongan deui ka anjeunna
kawas bareto di Gibon.
3 Mantenna nimbalan kieu ka Suleman,
"Panyambat maneh ku Kami dimakbul. Ieu

gedong anu diadegkeun ku maneh ku Kami
bakal disucikeun, bakal dititenan, bakal
diraksa sapapanjangna.
4 Lamun maneh tuhu tumutur ka Kami,
tigin sarta satemenna saperti Daud bapa
maneh, ngalakonan papakon, nekanan sagala
timbalan,
5 jangji Kami ka Daud bapa maneh bakal
dicumponan, nya eta bangsa Israil salawasna
bakal dirajaan ku turunanana.
6 Sabalikna upama maneh, atawa anak
incu maneh mungkir ti Kami, ngalanggar
papakon ngarempak timbalan sarta nyembah
ka brahala,
7 umat Kami Israil bakal disingkahkeun
ti tanah paparin Kami. Sarta ieu gedong,
sanajan ku Kami geus disucikeun baris tempat
ngabakti ka Kami ge, tangtu ditinggalkeun.
Jalma-jalma di mana-mana bakal moyok
jeung mikaceuceub ka urang Israil.
8 Ieu gedong oge bakal burak-barik, jadi
bahan gogodeg jeung pikageteun jalma-jalma
anu ngaraliwat, jadi bahan silih tanya, Ku
naon ieu nagara jeung Bait Allah teh nepi ka
dikieukeun ku PANGERAN?
9 Pananya kitu bakal dijawab kieu, Tamaha
jalma-jalmana, malalungkir ka PANGERAN
Allahna anu ngaluarkeun karuhunna ti Mesir,
anggur ngabarakti ka allah sejen. Mana ku
PANGERAN dikeunaan bahla."

10 Lilana Suleman ngadamel Bait Allah jeung
karaton teh dua puluh taun.
11 Kayuna ti Raja Hiram ti nagara Tirus, kayu
kiputri jeung kijamuju, sarta reujeung emasna
sakahoyong Suleman. Sanggeusberes pisan,
eta bahan adegan teh ku Suleman dibayar
ka Hiram ku dua puluh kota di wewengkon
Galilea.
12 Tapi sanggeus eta kota-kota ditingalian,
Hiram henteu cocog.
13 Mana saur anjeunna ka Suleman, "Ih
Rayi, naha jiga kitu geuning wewengkon
anu dipaparinkeun ka Akang teh?" Seug eta
wewengkon teh dingaranan Kabul, nepi ka
ayeuna.
14 Ari emas anu dipaparinkeun ku Raja
Hiram ka Suleman reana leuwih ti opat rebu
kilogram.
15 Tanaga anu dikerid ku Raja Suleman
teh digunakeun keur nyieun Bait Allah
jeung karaton, nyieun adegan-adegan keur
ngeusian tanah anu kosong di bagian kota
beulah wetan, keur ngadegkeun kutana,
jeung keur ngadegkeun deui kota Hasor,
Megido jeung Geser.
16 (Kota Geser ku raja Mesir kungsi dirurug
jeung dihuru, jalma-jalmana ditumpes.
Tuluyna eta kota teh dilelerkeun ka
putrana anu dipigarwa ku Suleman, hadiah
pertikahanana.

17 Eta kota ku Suleman diadegkeun deui.)
Jaba ti kitu eta tanaga keridan teh digawekeun
pikeun ngadegkeun deui Bet Horon Hilir,
18 Baalat, Tamar di tanah gurun wewengkon
Yuda,
19 ngadegkeun kota-kota pagudangan
kagunganana, ngadegkeun kota-kota pikeun
kuda-kudana jeung pikeun kareta-karetana,
adegan-adegan lianna deui di Yerusalem,
di Libanon, jeung di mana-mana deui di
wewengkon karajaanana, sakahoyongna.
20 (9:20-21) Tanaga-tanaga anu dikerid
teh jalma-jalma turunan urang Kanaan anu
ku urang Israil teu kungsi ditumpes waktu
urang Israil ngarebut tanah milikna. Eta
urang Kanaan teh kaasup urang Emor, urang
Het, urang Pares, urang Hiwi, jeung urang
Yebus, anu turunan-turunanana jaradi bangsa
badega nepi ka ayeuna.
21 (9:20)
22 Urang Israil mah ku Suleman teu aya
anu dijieun badega, tapi dijieun prajurit,
opsir, panglima, kusir kareta, jeung tukang
tarumpak kuda.
23 Pikeun marentah anu digarawekeun kana
rupa-rupa adegan,Suleman ngangkat lima
ratus lima puluh mandor.
24 Tanah anu kosong keneh di kota beulah
wetan tea ku Suleman dieusian rupa-rupa
adegan, sanggeus prameswarina, putra raja

Mesir tea dialihkeun ti Kota Daud ka karaton
anu diadegkeun ku anjeunna.
25 Tilu kali dina sataun Suleman
ngahaturkeun kurban beuleuman jeung
kurban karapihan dina altar kengingna
ngadegkeun kanggo PANGERAN, jeung
ngukus ku seuseungitan ka PANGERAN. Kitu
petana Suleman ngarengsekeun pagawean
ngadegkeun Bait Allah.
26 Jeung deui Suleman ngadegkeun hiji
armada kapal laut ti Esion Geber deukeut
Elat, di basisir Teluk Akaba di tanah Edom.
27 Palaut-palautna dibantu ku palaut-palaut
anu geus tarabah ti armada kapal kagungan
Raja Hiram.
28 Balayarna ka tanah Opir, mulangna deui
ka Suleman mawa emas leuwih ti opat belas
rebu kilogram.
10 1 Kamashuran Raja Suleman kaemper-
emper ka ratu nagara Seba. Tuluy eta
ratu teh natamu ka Yerusalem, seja nguji ka
Suleman ku rupa-rupa sualan anu muskil.
2 Angkatna nyandak pangiring pirang-pirang,
nyandak onta loba kacida, dimuatan
bungbu-bungbuan, permata, jeung emas teu
kira-kira lobana. Sanggeus patepang seug
ratu teh nyual, rupa-rupa sakur anu kakemu
dina manahna.
3 Sualan-sualan anjeunna teu aya anu teu
kawaler, keur Suleman teu aya sualan anu
hese nerangkeunana.

4 Sang ratu geus nyaksian ku anjeun
kapinteranana, karaton dadamelanana,
5 katuangan anu ngabarak dina mejana,
tempat tinggal para mantrina, tata tertib
jeung pakean para pagawe karatonna,
anggah-ungguhna para pangbantu anu
ngawulaan anjeunna dina pesta jeung
kurban-kurban anu ku Suleman dihaturkeun
di Bait Allah. Sang ratu bati helok sarta kataji.
6 Pok sasauran ka Raja Suleman, "Cocog
sakumaha wartos nu kakuping ku sim kuring
di nagara. Kapinteran Sang Raja kalintang
luhurna.
7 Kawitna mah kirang percanten, nu mawi
lajeng ka dieu sumeja ngahaja ngadongdon.
Sihoreng perkawis kapinteran Sang Raja anu
kakuping tina wartos mah teu paro-parona
acan tina buktosna anu kasaksian pribadi.
Kabeungharan sareng kapinteran anu
kapimilik ku Sang Raja langkung-langkung
jembarna ti batan cariosna.
8 Bagja temen para wanita anu dipigarwa ku
Sang Raja!
9 Sim kuring muji sukur ka PANGERAN Allah
Sang Raja! Tetela salira teh ku PANGERAN
dipaparin nugraha, dugi ka dijenengkeun raja
nyangking Israil. Mana salira ku Mantenna
diangkat jadi raja maranehna oge, tawis
asih-Na ka urang Israil teu aya pegatna,
mayeng langgeng, sangkan maranehna
diparentah ku raja anu adil palamarta."

10 Sanggeus kitu sang ratu ngahaturkeun
kikintunanana ka Raja Suleman: emas leuwih
ti opat rebu kilogram, bungbu-bungbu jeung
barang-barang permata mangpirang-pirang
lobana. Bungbu-bungbu anu dihaturkeun ku
sang ratu, lobana ngungkulan ti nu biasa sok
katampi ku Suleman.
11 (Ti armada kapal Hiram anjeunna dikintun
emas ti nagri Opir, kayu candana kacida
lobana, jeung mangpirang-pirang batu
permata.
12 Kayu candana tea ku Suleman dianggo
ngadamel tangga golodog Bait Allah jeung
karaton, dianggo ngadamelan kacapi jeung
gambus pakeeun para nayaga. Eta kayu
candana anu dikirimkeun ka Israil teh kayu
candana panghade-hadena, nepi ka iraha ge
moal aya papadana.)
13 Ari pamulang ti Raja Suleman ka ratu
Seba, jaba ti pamulang anu pantes tur kacida
reana teh rupa-rupa deui, naon bae anu
dipikahoyong ku eta ratu. Geus kitu sang ratu
sapangiringna mulih ka nagara Seba.
14 Saban-saban taun Raja Suleman sok
nampi kintunan emas, lobana meh dua puluh
lima rebu kilogram,
15 jaba upeti ti para sudagar, kauntungan-
kauntungan ti nu daragang, upeti ti
raja-raja Arab, jeung ti para gupernur
wewengkon-wewengkon Israil.

16 Suleman ngadamel dua ratus kepeng anu
rarubak, unggal kepeng dilapis ku emas anu
beuratna tujuh kilogram.
17 Ngadamel deui tilu ratus kepeng anu
leutikan, sarta eta oge masing-masing dilapis
ku emas anu beuratna meh dua kilogram.
Eta kepeng-kepeng ku anjeunna disimpen di
Karaton Leuweung Libanon.
18 Ngadamel deui hiji singgasana, sabagian
dilapis ku gading, sabagian dilapis ku emas
kolot.
19 (10:19-20) Eta singgasana make tetecean
genep hambal. Dina tungtung tiap hambalan,
kenca katuhu diberean sisingaan, jadi
kabehna aya dua belas sisingaan, ngajajar
genep-genep. Singgasana bagian tukangna
dipapaesan ku tironan hulu banteng,
leungeun singgasana kenca katuhu make
hiji sisingaan. Di karajaan lianna tacan aya
singgasana anu saperti kitu.
20 (10:19)
21 Cangkir-cangkir paranti ngaleueutna
kabeh emas. Kitu deui bangsa wawadahan
anu disimpen di Karaton Leuweung Libanon
kabeh tina emas murni. Teu aya nu tina
perak, sabab dina jaman Raja Suleman mah
perak teh dianggap teu aya hargana.
22 Suleman kagungan hiji armada kapal laut
anu balayarna babarengan jeung armada
kapal kagungan Raja Hiram. Ana balayar,
mulangna tilu taun sakali, rebo ku babawaan:

emas, perak, gading, ka lutung-lutung jeung monyet.
23 Boh kabeungharan boh kapinteran, Raja Suleman ngungkulan para raja lianna.
24 Jalma sajagat pada harayang ngadeuheus, harayang ngadengekeun kapinteran anjeunna ti Allah.
25 Anu daratang ka anjeunna taya anu lengoh marawa kikintun, barang-barang tina perak, emas, jubah-jubah, pakarang-pakarang, bungbu-bungbu, kuda, jeung bigal. Kituna teh angger saban taun teu towong-towong.
26 Suleman ngayakeun pasukan kareta 1.400 prajurit jeung pasukan kuda 12.000 prajurit. Ditempatkeunana aya nu di Yerusalem, aya nu di wewengkon-wewengkon sejen.
27 Jaman anjeunna marentah, perak geus dianggap batu koral. Kayu kiputri ge lobana sarua jeung tangkal camara biasa di lamping-lamping pasir di tanah Yuda.
28 Suleman miwarang jalma-jalmana sina ngadatangkeun kuda ti Mesir jeung ti Kilikia,
29 kitu deui kareta-kareta ti Mesir, disokongkeun ka raja urang Het jeung raja urang Siria. Dijualna sahiji kareta genep ratus gebleg uang perak, ari kuda sahijina saratus lima puluh gebleg uang perak.

11 1 Suleman kagungan kakasih loba pisan, wanita-wanita bangsa sejen. Kajaba ti prameswarina putra raja Mesir tea, garwana teh loba deui, urang Het, urang

Moab, urang Amon, urang Edom, jeung urang Sidon.
2 Padahal geus aya timbalan PANGERAN,
urang Israil teu meunang ngawin awewe
bangsa-bangsa eta, bisi kabawa muja ka
allah-allahna. Tapi Suleman teu burung
migarwa wanita-wanita bangsa sejen.
3 Garwa Suleman aya tujuh ratus,
putra-putra raja, jaba parekan tilu ratus,
ngalantarankeun anjeunna jadi mungkir ti
Allah.
4 Dina waktu kasepuhnakeun anjeunna
kabilukkeun ku garwa-garwana, nyembah
ngabakti ka allah-allah bangsa lian. Jadi
anjeunna mah ka PANGERAN Allahna teh
henteu satia cara Daud ramana.
5 Anjeunna mupuja Dewi Astoret batari
urang Sidon, jeung ka Molek batara urang
Amon anu pikagirukeun.
6 Jadi anjeunna midamel dosa, henteu sujud
tumutur ka PANGERAN kawas Daud ramana.
7 Di hiji gunung wetaneun Yerusalem
anjeunna ngadamel tempat babakti ka Kamos
batara urang Moab, dewa anu matak giruk,
jeung tempat ngabakti ka Dewa Molek anu
matak sebel tea.
8 Garwa-garwana, urang asing tea, kabeh
oge dipangdamelkeun tempat babakti
paranti ngukus jeung ngurban ka batarana
masing-masing.

9 (11:9-10) Sangkilang PANGERAN Allah
Israil geus dua kali nembongan ka anjeunna,
jeung nimbalan ulah ngabakti ka allah-allah
bangsa lian, Suleman henteu ngestokeun,
tonggoy mungkir ti Mantenna. Mana
PANGERAN bendu,
10 (11:9)
11 timbalana-Na, "Maneh ngahajakeun ingkar
tina jangji ka Kami, ngalanggar parentah.
Mana ieu karajaan ku Kami rek dicandak, rek
dibikeun ka salah sahiji abdi maneh.
12 Tapi sapanjang maneh hirup keneh mah
moal waka, sabab Kami inget ka bapa maneh.
Dicokotna engke ti anak maneh.
13 Jeung moal dicokot kabeh, ditinggalkeun
sakaom, demi Daud bapa maneh abdi Kami,
jeung demi Yerusalem, kota milik kagungan
Kami."
14 Aya hiji wargi raja Edom, jenenganana
Hadad, ku PANGERAN disina ngalawan ka
Suleman.
15 (11:15-16) Lila samemeh eta, sanggeus
Daud nalukkeun Edom, panglima perang
anjeunna, nya eta Yoab, indit ka Edom rek
nguburkeun jalma-jalmana anu tiwas. Geus
kitu Yoab sabaladna tuluy matuh heula di
dinya meunang genep bulan, sarta salila eta
waktu, maranehna maehan sakur lalaki urang
Edom.
16 (11:15)

17 Tapi aya saurang anu luput teu katumpes,
nya eta Hadad, kabur ka Mesir jeung
sababaraha urang gandek ramana, urang
Edom. (Hadad harita mah murangkalih
keneh.)
18 Kaburna ti Midian terus ka Paran. Di
Paran mendak batur sababaraha urang,
tuluy bareng ka Mesir, ngadeuheus ka raja
Mesir. Hadad ku raja Mesir dipaparin lahan
sababaraha luwuk jeung imah, dahareunana
dicukup.
19 Hadad bisa narik manah raja Mesir nepi
ka dipisobat. Ku raja Mesir ditikahkeun ka
saderek Tahpanes, prameswarina.
20 Istrina ngowokeun putra pameget,
ngaranna Genubat, anu dirorokna ku
prameswari di karaton, bareng jeung
putra-putra raja nu pameget.
21 Barang Hadad ngarungu warta yen Daud
geus pupus kitu deui Panglima Yoab, Hadad
unjukan ka raja Mesir, "Jisim abdi neda widi
seja mulang ka lemah cai."
22 Pilahir raja, "Naha? Kurang naon awak di
dieu? Meureun aya kakurang mana hayang
mulang teh, nya?" "Cekap pisan sumuhun!
Mung parantos sono ka lembur." Ti dinya
Hadad mulang ka lemah caina, tuluy jadi
raja Edom sarta jadi musuh Israil anu kacida
jahatna jeung ngagalaksakna.
23 Saurang deui anu ku PANGERAN disina
ngamusuh ka Suleman, nya eta Reson bin

Elyada, anu bareto kabur ti Raja Hadad Eser
gustina, Raja Soba,
24 terus jadi kapala rampog. (Kajadianana
sanggeus Daud ngelehkeun Hadad Eser jeung
maehan jalma-jalma urang Siria babaturan
eta raja). Reson jeung jalma-jalmana
ngaradon matuh di Damsik, sarta ku
jalma-jalmana Reson dijadikeun Raja Siria.
25 Sapanjang pamarentahan Suleman, Reson
ngamusuhan terus.
26 Musuh Suleman anu saurang deui mah
salah saurang abdina keneh, nya eta Yarobam
bin Nebat urang Sereda wewengkon Epraim,
anak randa ngaran Serua.
27 Kieu asalna: Basa Suleman minuhan kota
Yerusalem beulah wetan tea jeung ngomean
kuta, Yarobam oge digawekeun.
28 Harita Yarobam teh nonoman keneh, kana
gawe bisa jeung wekel. Sanggeus kauninga
kawekelanana, ku Suleman diangkat sina
ngapalaan anu digarawe di wewengkon kaom
Menase jeung Epraim.
29 Dina hiji poe waktu eukeur jalan-jalan ka
luareun Yerusalem, di tengah jalan Yarobam
amprok paduduaan jeung Nabi Abia ti Silo.
30 Nabi teh ujug-ujug muka jubahna anu
weuteuh keneh pisan tuluy disosoeh jadi dua
belas sosoehan.
31 Geus kitu ngalahir ka Yarobam, saurna,
"Candak ieu sosoehan sapuluh lambar. Kieu
timbalan PANGERAN Allah Israil ka hidep, Ieu

karajaan ku Kami rek dicokot sapuluh kaom ti
Suleman, rek dibikeun ka maneh.
32 Suleman ngan rek dibere sakaom bae,
eta oge bawaning Kami inget ka abdi Kami
Daud, jeung ngingetkeun Yerusalem, kota
milik kagungan Kami ti sakuliah tanah Israil.
33 Kami rek midamel kieu teh lantaran
Suleman geus mungkir ti Kami, ngabakti ka
allah-allah sejen, ka Astoret batari urang
Sidon, ka Kamos batara urang Moab, jeung
ka Molek batara urang Amon. Suleman geus
henteu nurut ka Kami, nyieun kasalahan, teu
pengkuh kana papakon jeung timbalan Kami,
teu cara Daud bapana.
34 Tapi Kami nyokot eta karajaan ti Suleman
teh sagemblengna, sarta manehna ku
Kami baris tetep disina kawasa sapanjang
hirupna. Kami nyieun kitu teh demi Daud
abdi Kami anu kapilih, anu sakitu nurutna
kana hukum-hukum jeung parentah-parentah
Kami.
35 Dicokotna engke ti anakna, sapuluh kaom
keur maneh.
36 Anak Suleman tetep ku Kami dibagianan,
sakaom. Sabab Yerusalem mah kudu dicekel
terus ku salah sahiji turunan abdi Kami Daud,
lantaran eta kota ku Kami geus ditetepkeun
jadi tempat paranti ngabakti ka Kami.
37 Maneh, Yarobam, ku Kami rek dijadikeun
raja nyangking sakuliah wewengkon Israil,
kahayang maneh.

38 Upama maneh enya-enya nurut ka
Kami, nurut kana hukum-hukum Kami,
ngalampahkeun timbalan Kami cara abdi
Kami Daud, tangtu ku Kami kaanggo sarta
bakal disarengan sapapanjangna, bisa terus
nyangking karajaan Israil turun-tumurun,
sakumaha anu ku Kami geus dipidamel ka
Daud.
39 Ku sabab Suleman geus nyieun dosa,
turunan Daud ku Kami bakal dihukum.
Tapi papadaning kitu ge dihukumna moal
sapapanjangna."
40 Sanggeus kitu Suleman milari jalan rek
maehan Yarobam, nepi ka Yarobam kabur ka
Mesir ka Raja Sisak, mukim di Mesir nepi ka
Suleman pupus.
41 Sagala rupa padamelan Suleman, lalakon
katut kapinteranana, aya dina kitab Babad
Suleman.
42 Ari ngarajaanana di sakuliah Israil opat
puluh taun.
43 Tuluy pupus, dikurebkeunana di Kota
Daud. Karajaanana diteruskeun ku Rehabam
putrana.
12 1 Dina hiji poe Rehabam angkat
ka Sekem di wewengkon kaler,
nyumpingan urang Israil kaom-kaom kaler
anu geus kumpul rek ngarajakeun ka
anjeunna.

2 Ari Yarobam anu keur ngungsi di Mesir
nyingkahan Suleman, ngarungu hal eta teh
gancang mulang ti Mesir.
3 Sanggeus sumping anjeunna diangkir ku
urang Israil kaler, diajak nepangan Rehabam
ngasongkeun panuhun kieu,
4 "Suwargina tuang rama, Suleman,
kalintang ngarepotkeunana ka abdi sadaya,
papancen ti anjeunna beurat pisan. Upami
Gusti kersa ngentengkeun eta papancen, abdi
sadaya sumeja kumureb ka Gusti."
5 Waler Rehabam, "Kami menta tempo tilu
poe, engke maraneh ka darieu deui."
6 Raja Rehabam mundut pirempug sepuh-
sepuh urut jurunasehat ramana, saurna,
"Kumaha pirempug Bapa-bapa? Jawab
kumaha eta anu marenta dientengan
papancen teh?"
7 Piunjuk sepuh-sepuh, "Paparin waleran anu
nyenangkeun hatena. Tingalikeun yen Gusti
kagungan tekad sae ka maranehna, supados
maranehna kumureb ka Gusti."
8 Tapi eta pihatur ku Rehabam teu dianggap,
seug mundut pirempug jurunasehatna anu
ngarora keneh pantaran anjeunna, saurna,
9 "Kumaha ari ceuk maraneh? Jawab kumaha
eta anu marenta kaentengan teh?"
10 Ceuk para nonoman, "Saurkeun kieu,
Cinggir kami leuwih gede ti batan cangkeng
rama kami.

11 Saurkeun ka maranehna, Papancen ti rama
kami beurat, papancen ti kami mah bakal
leuwih beurat. Rama kami ngarangketna ku
pecut, kami mah arek ku pecut cucuk beusi!"
12 Sanggeus tempo anu tilu poe beak,
Yarobam jeung jalma-jalmana ngadareuheus
deui ka Rehabam, sakumaha anu
diparentahkeunana tea.
13 Waleran Rehabam lain nurutkeun
pirempug sepuh-sepuh, ngawalerna ka eta
jelema-jelema teh ketus pisan,
14 numutkeun nasehatna para nonoman.
Dawuhanana, "Papancen ti rama kami beurat,
papancen ti kami mah bakal leuwih beurat.
Maraneh ku rama kami dirangket ku pecut,
ku kami mah bakal dirangket ku pecut cucuk
beusi!"
15 Geus kitu kersaning PANGERAN sakumaha
anu ditimbalkeun ka Yarobam bin Nebat ku
Nabi Ahia ti Silo tea. Geus dikersakeun ku
PANGERAN supaya eta raja henteu kersa
nolih kana pamenta eta jelema-jelema.
16 Barang jelema-jelema tea ngarasa yen
pamentana ku raja teu dipalire, breng bae
tingcorowok, "Tinggalkeun Daud saanak
incu! Karah naon pamerena ka urang! He
urang Israil, hayoh urang baralik! Keun
bae Rehabam mah sina nguruskeun dirina
sorangan!" Jalma-jalma barontak ngalawan.

17 Rehabam pada naringgalkeun, cuang-
cieung jadi rajana ngan pikeun jelema-jelema
anu araya di wewengkon Yuda.
18 Waktu Rehabam miwarang Adoniram
kapala rodi tea ngadatangan urang Israil,
Adoniram pada ngabenturan ku batu nepi ka
paeh. Ku hal eta gancang Rehabam mancal
kareta, ngabujeng ka Yerusalem.
19 Ti semet harita rahayat karajaan Israil
di wewengkon kaler baha ngalawan ka raja
turunan Daud.
20 Sanggeus urang Israil nyarahoeun
yen Yarobam geus mulih ti Mesir, seug
ngahaturanan sumping, ti dinya Yarobam
ku maranehna diangkat jadi raja nyangking
Israil. Anu saratia ka raja turunan Daud ngan
kari kaom Yuda.
21 Sasumpingna Rehabam ka Yerusalem,
gancang mepek 180.000 prajurit ti kaom
Yuda jeung Binyamin, prajurit anu garagah.
Maksudna rek merangan kaom-kaom Israil
wewengkon kaler, pikeun mulihkeun deui
kakawasaanana.
22 Tapi kaburu sumping Nabi Semaya,
23 anu ngemban timbalan Allah pikeun
Rehabam jeung jalma-jalma kaom Yuda
jeung Binyamin, saurna,
24 "Ulah merangan urang Israil, eta teh
dulur maneh sorangan. Geura baralik bae
kabeh, da kituna teh ku pangersa Kami."

Seug jalma-jalma teh baralik, narurut kana timbalan PANGERAN.
25 Ari Yarobam raja Israil terus ngabenteng kota Sekem di pagunungan Epraim, seug calik di dinya sawatara lilana. Geus kitu angkat ti dinya tuluy ngabenteng kota Penuel.
26 (12:26-27) Hiji mangsa anjeunna kagungan manah kieu, "Lamun kieu, lamun rahayat aing terus keneh sok arindit ngurban ka Yerusalem, ka Bait Allah di ditu, lila-lila bisa malik satia ka Rehabam raja Yuda, meureun aing dipaehan."
27 (12:26)
28 Sanggeus ngamanah kitu, seug bae anjeunna ngadamel dua babantengan emas, geus kitu ngalahir ka rahayat, "Ayeuna mah lamun maraneh rek ngabarakti, teu perlu ka Yerusalem. Eh urang Israil, tah ieu allah maraneh, anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir!"
29 Babantengan emas teh anu hiji ku anjeunna ditempatkeun di Betel, anu hiji deui di Dan.
30 Seug jalma-jalma mimiti ngabarakti di Betel jeung Dan, ngaralampahkeun dosa.
31 Yarobam terus ngadamel tempat-tempat pangibadahan di puncak-puncak pasir, sarta ngangkat imam-imam lain ti kaom Lewi.
32 Geus kitu Yarobam netepkeun hiji poe kaagamaan, nya eta tanggal lima belas bulan kadalapan, nurutan di Yuda. Seug anjeunna ngurban dina altar di Betel ka babantengan

emas kengingna ku anjeun ngadamel. Di
Betel anjeunna neundeun imam-imam, sina
ngalalayanan di tempat babakti kengingna
ngadegkeun.
33 Dina tanggal lima belas bulan dalapan,
tanggal kengingna nangtukeun, anjeunna
ngurban dina altar di Betel, ngaresmikeun
pesta kaagamaan kengingna nyipta pikeun
urang Israil.
13 1 Aya hiji nabi ti Yuda, kenging
timbalan PANGERAN kudu angkat ka
Betel. Gancangna geus sumping, waktu Raja
Yarobam keur ngadeg deukeut altar seja
ngurban.
2 Pok nabi teh ngalahir ka eta altar,
ngedalkeun timbalan PANGERAN, "Altar!
Altar! Dengekeun ieu timbalan PANGERAN:
Engke bakal aya budak medal ti bangsa
Daud, ngaranna Yosia. Maneh ku eta bakal
dijieun tempat meuncitan imam-imam
anu ngalalayanan altar-altar brahala,
tukang-tukang natakeun kurban luhureun
maneh. Maneh ku eta bakal dipake tempat
ngaduruk tulang-tulang jelema!"
3 Sasauranana terus, "Kanyahokeun! Ieu
altar bakal bencar, lebuna awur-awuran.
Lamun geus kitu bakal tetela ka maraneh
yen ieu omongan kami sategesna timbalan
PANGERAN!"
4 Raja Yarobam ngahaok bari nunjuk ka eta
nabi, timbalanana, "Tangkep ieu manusa!"

Tapi dak dumadak panangan raja jadi jeger teu bisa balik deui.
5 Sarta harita keneh altar teh ujug-ujug bencar, lebuna awur-awuran. Kasauran eta nabi kalawan timbalan PANGERAN tinekanan.
6 Raja Yarobam ngalahir ka eta nabi, "Kaula pangnedakeun ka PANGERAN Allah andika, mugi ieu leungeun kaula ku anjeunna dicageurkeun deui!" Seug nabi teh neneda ka PANGERAN. Geus kitu panangan raja pulih deui sabiasa.
7 Raja sasauran ka nabi, "Linggih heula ka kaula urang tuang. Kaula rek mulang tarima."
8 Nabi ngawaler, "Najan dipaparin saparo kabeungharan Sang Raja, paliyas kaula dahar atanapi nginum sareng Sang Raja.
9 Margi timbalan PANGERAN, kaula teu meunang barang teda, ulah nginum-nginum acan. Wangsul oge teu kenging ka jalan urut tadi."
10 Ti dinya nabi tuluy mulih nganggo jalan sejen, henteu nyorang urut tadi.
11 Harita di Betel aya hiji nabi sepuh. Ku putra-putrana diwartosan yen poe eta aya nabi ti Yuda, geus kitu-kitu sarta kitu-kitu pilahirna ka Raja Yarobam.
12 "Ka jalan mana mulihna?" saur nabi sepuh.
13 Sanggeus dituduhkeun, nabi sepuh mundut dipangnyelaankeun kalde, bral angkat,

14 terus mudun nyusul nabi anu ti Yuda tea.
Gancangna kasusul, keur ngaso handapeun
tangkal kiara. Nabi sepuh mariksa, "Punten,
leres kitu Ajengan teh nabi ti Yuda?" "Leres"
waler anu dipariksa.
15 "Sindang heula ka rorompok, urang
tuang," saur nabi sepuh.
16 Waler nabi ti Yuda, "Hatur nuhun kana
pangangken dugi ka ngangkir dahar leueut.
Mung hapunten teu tiasa ngiringan.
17 Margi timbalan PANGERAN sim kuring
teu kenging barang teda, teu kenging
nginum-nginum acan. Wangsul oge teu
kenging ka jalan urut tadi."
18 "Bapa oge nabi sapertos Ajengan,"
saur nabi sepuh bari terus ngabohong,
saurna, "Aya malaikat piwarangan PANGERAN
ngalahir ka Bapa, miwarang nyindangkeun
sareng ngangken ka Ajengan."
19 Tungtungna nabi ti Yuda teh ngiring ka
nabi sepuh, tuluy dituangkeun.
20 Sabot ngariung keneh meja, aya timbalan
PANGERAN ka nabi sepuh.
21 Ngong nabi sepuh teh ngalahir tarik,
"Timbalan PANGERAN, Maneh henteu ngesto
ka Kami, ngalanggar timbalan Kami.
22 Maneh balik deui jeung dahar di tempat
anu ku Kami dilarang. Ku sabab kitu maneh
kudu paeh. Sarta mayit maneh moal
dikuburkeun di makam kulawarga sorangan."

23 Beres taruang nabi ti Yuda ku nabi sepuh
dipangrarangkenankeun kalde,
24 ti dinya bral angkat neruskeun perjalanan.
Tapi tiwas, di tengah jalan pupus dirontok
singa. Layonna ngajoprak di tengah jalan,
ari kaldena kitu deui singana caricing bae di
dinya ngabanding gigireunana.
25 Katenjo ku anu ngaraliwat eta layon
keur dibanding ku kalde jeung singa, tuluy
dibejakeun ka urang Betel.
26 Barang nabi sepuh ngadangu warta seug
sasauran, "Moal salah tangtu eta teh nabi
anu ngalanggar timbalan PANGERAN tea! Ku
PANGERAN disina tiwas ku singa. Timbalan
PANGERAN tinekanan."
27 Geus kitu anjeunna ngalahir ka putra-
putrana, "Ama pangrarangkenankeun kalde!"
Sanggeus tarapti,
28 bral angkat. Gancangna layon teh
kapendak keur ngajolopong di tengah jalan
dibanding ku kalde jeung singa. Eta singa
henteu ngaganggu kana eta layon kitu deui
kana kaldena.
29 Layon ku anjeunna diangkat kana
tonggong kalde, dicandak ka Betel pikeun
ditangisan jeung dimakamkeun.
30 Ku nabi sepuh tuluy dikurebkeun di
makam kulawargina bari ditangisan, "Duh Ki
Sanak, Ki Sanak!"
31 Beres ngurebkeun, nabi sepuh wewekas
ka pala putra, saurna, "Lamun Ama geus

maot, kuburkeun di ieu makam, rendengkeun jeung anjeunna.
32 Sagala kasauran anjeunna anu kedal ku timbalan PANGERAN perkara altar di Betel, kitu deui perkara tempat-tempat pangibadahan di kota-kota wewengkon Samaria tinangtu bakal tinekanan."
33 Ari lampah Yarobam raja Israil jongjon teu aya saena. Malah anjeunna ngangkat imam-imam ti kaom-kaom anu ilahar, sina manghuluan di altar-altar kengingna ngadegkeun. Saha bae anu hayang jadi imam ku anjeunna terus diangkat.
34 Dosa anjeunna kitu baris malindes ka salirana, matak tumpur bebeakan ka turunanana.
14 1 Hiji mangsa putra pameget Yarobam anu jenengan Abia teu damang.
2 Yarobam ngalahir ka geureuhana, "Nyai geura dangdan tuluy ka Silo, ka Nabi Ahia, anu bareto nyebutkeun yen Akang bakal jadi raja tea. Tapi kudu nyamar ngarah teu katangen.
3 Mawa roti sapuluh siki, kueh-kueh jeung madu sagoci keur kikintun. Taroskeun ka anjeunna kumaha kituh ieu si ujang teh geringna, tangtu ku anjeunna diwartoskeun."
4 Gasik geureuha Yarobam angkat ka Silo ka bumi Nabi Ahia. Eta nabi geus sepuh. Ku tina kasepuhanana socana geus teu ningali.

5 Tapi geus diuningaan ku PANGERAN yen
bakal kasumpingan garwa Yarobam anu rek
mundut pituduh perkara panyawat putrana.
Pikeun ngawalerna oge geus diuningaan.
Gancangna garwa Yarobam geus sumping,
niron-niron awewe biasa.
6 Tapi barang keresek lebet ka lawang, ku
nabi geus dihiap saurna, "Lebet Nyi Yarobam!
Keur naon make nyamar? Ieu aya beja banget
keur Nyai.
7 Popoyankeun ieu timbalan PANGERAN
pikeun Yarobam, kieu, Maneh teh ku Kami
geus diangkat ti nu loba, dijieun raja
nyangking umat Kami Israil,
8 dibere karajaan beunang Kami nyandak ti
turunan Daud. Kari-kari maneh bet henteu
kawas abdi Kami Daud anu sakitu sumujudna,
sakitu tuhuna kana timbalan-timbalan
Kami, taya karepna nu sejen salian ti
ngalampahkeun pangersa Kami.
9 Sabalikna kalakuan maneh kacida
dorakana, leuwih doraka ti batan raja-raja
nu ti hareula. Maneh nonggongan ka Kami,
nyundut amarah Kami ku nyieunan brahala
jeung arca-arca keur sembaheun.
10 Mana kanyahokeun, kulawarga maneh ku
Kami rek ditumpes. Turunan maneh lalaki,
nu kolot, nu ngora keneh, kabeh rek dibasmi
sing tumpur. Ahli-ahli maneh ku Kami bakal
disapu kawas nyapukeun kokotor.

11 Satiap ahli Yarobam, paeh di kota bakal
dihakan anjing, paeh di tegal bakal beak
ku manuk gagak. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."
12 Ahia terus keneh sasauranana ka garwa
Yarobam, "Jig geura balik. Engke, barang ce
Nyai nincak nagara, anak Nyai geus kereles
manten.
13 Eta budak maotna bakal diceungceurikan
ku sakumna bangsa Israil sarta bakal dikubur.
Ngan eta saurang ahli Yarobam anu maotna
bakal dikubur tur mayitna dipulasara, sabab
ngan eta saurang anu ku PANGERAN Allah
Israil kapendak hade.
14 Satuluyna PANGERAN bakal
ngajenengkeun hiji raja sejen nyangking
Israil, anu baris namatkeun raja turunan
Yarobam.
15 Nagara Israil ku PANGERAN bakal
dihukum, dioyag-oyag lir galagah ditarajang
ku nyeotna walungan. Urang Israil ku
Mantenna bakal dirabut ti ieu tanah anu
sakieu hadena paparin Mantenna ka karuhun
maranehna. Bakal diawurkeun mancawura ka
peuntaseun Walungan Eprat, lantaran geus
nyarieun arca-arca batari Asera, nyundut
bebendu PANGERAN.
16 Urang Israil bakal dikantun ku PANGERAN,
lantaran Yarobam migawe dosa sarta
ngadosakeun Israil."

17 Bral garwa Yarobam mulih ka bumina
di Tirsa. Kakara ge anjeunna ngadampal
bangbarung, putrana geus kereles manten
ngantunkeun.
18 Ku urang Israil dicaleungceurikan, tuluy
dikurebkeun. Timbalan PANGERAN anu
diandikakeun ka Nabi Ahia abdi-Na tinekanan.
19 Carita hal Raja Yarobam, hal perangna,
hal ngarajaanana, kaungel dina kitab Babad
raja-raja Israil.
20 Yarobam ngarajaanana dua puluh dua
taun, tuluy pupus jeung dikurebkeun,
digentos ku Nadab putrana jadi raja.
21 Ari Rehabam putra Suleman, mimiti jadi
rajana teh dina yuswa opat puluh hiji taun.
Ngarajaanana tujuh belas taun, di Yerusalem,
kota anu ku PANGERAN dijungjung ti sakabeh
wewengkon tanah Israil, jadi tempat paranti
ngabakti ka Mantenna. Ari jenengan ibuna
Naama, urang Amon.
22 Urang Yuda marigawe dosa, malah leuwih
ti batan karuhunna, matak leuwih ngentab
kana manah PANGERAN.
23 Nyarieun tempat-tempat parantina
ngabarakti ka allah-allah palsu, ngadegkeun
tugu-tugu batu jeung arca-arca Asera paranti
maranehna maruja di puncak-puncak pasir
jeung di handapeun tangkal-tangkal anu
ngarunggunuk.
24 Nyucudna pisan di tempat ngabaraktina
ka brahala teh lalaki awewe jararinah.

Jadi kalakuan urang Yuda teh kacida
ngerakeunana, cara kalakuan bangsa-bangsa
anu ku PANGERAN geus dialusir ti eta tanah
basa urang Israil rek mimiti asup ka dinya.
25 Dina taun kalima pamarentahan Rehabam.
Yerusalem dirurug ku Raja Sisak ti Mesir.
26 Eta raja ngajabel dunyabrana anu aya di
Bait Allah jeung di karaton. Kepeng-kepeng
emas kenging Suleman ngadamel tea ge
dijabel.
27 Ku Raja Rehabam digentos ku kepeng-
kepeng tambaga, tuluy dititipkeun ka
kapala-kapala tamtama anu ngajaraga
gedong raja.
28 Unggal raja angkat ka Bait Allah, eta
kepeng-kepeng tambaga teh dibawa ku para
pangawal, sanggeusna tuluy dipulangkeun
deui ka tempatna di kamar jaga.
29 Carita hal Raja Rehabam, kaungel dina
Kitab Babad Raja-raja Yuda.
30 Antara Raja Rehabam jeung Raja Yarobam
sapanjang jarumenengna teu eureun-eureun
silih perangan.
31 Sanggeus Raja Rehabam pupus jeung
dikurebkeun di Kota Daud, karajaanana
diteruskeun ku Abiam, putrana.
15 1 Abia mimiti jumenengna raja teh
sanggeus Yarobam dalapan belas taun
ngarajaanana di Israil.
2 Abia ngarajaanana tilu taun, di Yerusalem.
Jenengan ibuna Maaka binti Absalom.

3 Abia oge teu beda ti ramana, midamel
dosa, teu sumujud ka PANGERAN Allahna, teu
cara Daud eyangna.
4 Tapi papadaning kitu, ku tina PANGERAN
emut ka Daud, Abia ku PANGERAN Allahna
teu burung dipaparin putra pameget anu baris
nuluykeun ngarajaan di Yerusalem gegentos
anjeunna jeung sangkan Yerusalem bisa tetep
ngadeg.
5 Eta teh ku bawaning PANGERAN
ngaraskeun ka Daud anu geus ngagenahkeun
manah Mantenna, tara pisan nyimpang tina
sagala timbalana-Na, kajaba sakali dina
perkara Uria urang Het tea.
6 Abia jeung Yarobam oge teu eureun-eureun
silih perangan.
7 Carita hal Abia kaungel dina Kitab Babad
Raja-raja Yuda.
8 Abia pupus sarta dimakamkeun di Kota
Daud, tuluy digentos ku Asa putrana, jadi
raja.
9 Asa mimiti jumenengna raja teh sanggeus
Yarobam dua puluh taun ngarajaan di Israil.
10 Ngarajaanana di Yerusalem, opat puluh
hiji taun lilana. Anjeunna putu Maaka binti
Absalom.
11 Lampah Raja Asa ngagenahkeun manah
PANGERAN saperti Daud karuhunna.
12 Jelema-jelema anu ngabarakti ka
brahala-brahala bari jarinah di tempat-tempat
pangibadahanana, lalaki awewe kabeh

disingkah-singkahkeun dialusiran. Arca-arca brahala beunang ngadamel sepuh-sepuhna oge disingkir-singkirkeun.
13 Malah eyangna pisan, Maaka, dirorod tina kalungguhan ibu suri, lantaran ngadamel arca Dewi Asera, dewi kasuburan anu pikaijideun. Arcana ku anjeunna dikadek mani potong dua, tuluy diduruk di Lebak Kidron.
14 Ngan ari tempat-tempat pangibadahan ka brahala-brahala mah ku Asa diantep teu ditumpurkeun. Tapi sanajan kitu sapanjang jumenengna anjeunna tetep tuhu ka PANGERAN.
15 Barang-barang beunang ramana nyucikeun pikeun ka Allah kitu deui beunang anjeunna pribadi nyucikeun, paparabotan emas jeung perak, ku anjeunna disimpen di Bait Allah.
16 Antara Raja Asa ti Yuda jeung Raja Baasa ti Israil keur jarumenengna teu weleh silih perangan.
17 Hiji mangsa Baasa nempuh ka Yuda, tuluy ngabenteng kota Ramah, megat jalan kaluar asupna urang Yuda.
18 Tumali jeung eta, Raja Asa ngaluarkeun emas jeung perak sakarina ti kamar dunyabrana Bait Allah jeung karaton, dititipkeun ka mantri-mantrina sina dihaturkeun ka Raja Benhadad bin Tabrimon putu Hesion, Raja Siria anu calik di Damsik. Amanatna,

19 "Urang ngahiji sauyunan sapertos rama
urang kapungkur. Dupi ieu emas sareng
perak sumeja kahaturkeun. Panuhun kaula
mugi sampean ulah ngabantu deui ka Baasa
raja Israil, supados eta raja narik baladna ti
wewengkon kaula."
20 Raja Benhadad nyaluyuan kana pamundut
Raja Asa, tuluy nginditkeun gegedug
perangna sabaladna ka wewengkon Israil,
nepi ka bisa ngarebut kota Iyon, Dan, Abel
Bet Maaka, wewengkon deukeut Talaga
Galilea, jeung sakuliah wewengkon Naptali.
21 Barang Raja Baasa ngadangu eta kajadian,
ngagentak liren ngabentengna kota Ramah,
gancang ngabujeng ka Tirsa.
22 Geus kitu Raja Asa gancang marentah
supaya urang Yuda ulah aya anu kari kudu
ngabarantu ngakutan batu jeung kayu
ti Ramah, anu ku Raja Baasa dianggo
ngabenteng kota Ramah. Eta bahan-bahan
ku Raja Asa dianggo ngabenteng Mispa jeung
Geba di wewengkon Binyamin.
23 Lalampahan Raja Asa, kagagahanana,
kota-kota anu dibenteng ku anjeunna,
kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.
Dina kasepuhnakeun anjeunna katarajang
kasawat dampal sampean nepi ka teu iasa
angkat-angkatan.
24 Asa pupus, dikurebkeun di makam
karajaan di Kota Daud. Karajaanana
diteruskeun ku Yosapat, putrana.

25 Sanggeus dua taun Raja Asa nyepeng
karajaan Yuda, Nadab bin Yarobam jadi raja
di Israil. Ngarajaanana ngan dua taun.
26 Hirupna sarua jeung ramana, migawe
dosa ka PANGERAN jeung ngadosakeun
bangsa Israil.
27 Baasa bin Ahia ti kaom Isaskar sakait
ngalawan ka Nadab. Nadab ku Baasa
ditelasan waktu keur ngepung kota Gibeton
di nagara Pelisti.
28 Ditelasanana dina taun katilu Raja Asa
nyangking karajaan Yuda. Baasa jadi raja
Israil ngaganti Nadab.
29 Kakara ge jadi raja, Baasa terus numpes
ahli-ahli Yarobam, dipaehan kabeh teu aya
anu dihirupan. Timbalan PANGERAN anu
diucapkeun ku Nabi Ahia abdi-Na, ti Silo, yen
sakabeh ahli Yarobam bakal tumpur, geus
tinekanan.
30 Kitu temahna dosa Yarobam anu nyundut
bebendu PANGERAN Allah Israil, jeung
ngalantarankeun urang Israil marigawe dosa.
31 Lalampahan Nadab kaungel dina Kitab
Babad Raja-raja Israil.
32 Antara Raja Asa ti Yuda jeung Raja Baasa
ti Israil keur jarumenengna teu weleh silih
perangan.
33 Baasa mimiti jadina raja Israil teh dina
taun katilu Raja Asa nyepeng karajaan Yuda.
Calikna di Tirsa. Ngarajaanana dua puluh
opat taun.

34 Lalampahan anjeunna teu beda ti
Raja Yarobam, midamel dosa sarta
ngalantarankeun urang Israil marigawe dosa.
16 1 Geus kitu aya timbalan PANGERAN
ka Yehu bin Hanani, ngembankeun
timbalana-Na pikeun Baasa. Kieu timbalana-
Na,
2 "Maneh ku Kami geus dijungjung tina cacah
kuricakan jadi raja nyangking umat Kami
Israil. Kari-kari kalakuan maneh henteu beda
ti Yarobam, migawe dosa jeung ngadosakeun
umat Kami, nepi ka dosa maranehna matak
ngentab manah Kami.
3 Mana maneh katut sanak baraya ku Kami
bakal dipiceun, arek disaruakeun jeung
Yarobam.
4 Saban jalma ti sanak baraya maneh, paeh
di kota bakal dihakan anjing, paeh di tegal
bakal beak ku manuk gagak."
5 Lalampahan Baasa jeung kagagahanana
kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.
6 Baasa pupus, dimakamkeun di Tirsa.
Karajaanana diteruskeun ku Ela, putrana.
7 Kitu timbalan PANGERAN perkara Baasa
jeung sanak barayana anu didongkapkeunana
ku Nabi Yehu, lantaran Baasa midamel dosa
ka Mantenna. Anjeunna kudu narima eta
hukuman ti PANGERAN, lantaran nya midamel
dosa saperti kalakuan Yarobam, nya numpes
ahli-ahli Yarobam ongkoh.

8 Ela mimiti jadina raja Israil teh dina taun
kadua puluh genep Raja Asa ngarajaan
nagara Yuda. Calikna di Tirsa, ngarajaanana
dua taun.
9 Aya anu sakait ngamusuh ka anjeunna,
nya eta Simri, anu ngapalaan saparo pasukan
kareta raja. Hiji waktu Ela ngaleueut nepi
ka mabok di bumina Arsa mantri karaton, di
Tirsa.
10 Sabot kitu Simri asup, Ela ditelasan.
Ti dinya Simri ngaganti jadi raja. Eta
kajadianana dina taun kadua puluh tujuh Raja
Asa ngarajaan nagara Yuda.
11 Sanggeus Simri jadi raja, harita keneh
terus numpes sanak baraya Baasa. Wargi-
wargi jeung mitra-mitrana, sakur anu lalaki
mah beak, kabeh diparaehan.
12 Timbalan PANGERAN ku jalan Nabi Yehu
perkara Baasa tea tinekanan. Kulawargina
kabeh tumpes dipaehan ku Simri,
13 temahna tina lampah maranehna anu
muja arca-arca jeung nyasabkeun Israil sina
marigawe dosa. Baasa kitu deui Ela putrana,
geus nyundut bebendu PANGERAN Allah
Israil.
14 Lalampahan Ela kaungel dina Kitab Babad
Raja-raja Israil.
15 Simri mimiti jadina raja Israil dina taun
kadua puluh tujuh Raja Asa nyangking nagara
Yuda. Calikna di Tirsa, ngarajaanana ngan

tujuh poe. Harita balad Israil keur ngepung kota Gibeton di tanah Pelisti.
16 Barang balad ngadarenge yen Simri baha jeung maehan raja, seug harita keneh, di dinya keneh ngajenengkeun Panglima Omri jadi raja Israil.
17 Omri sabaladna mulih ti Gibeton tuluy ngepung kota Tirsa.
18 Barang nangenan yen eta kota geus ragrag, Simri lebet ka benteng di jero karaton, ger karaton diduruk, sarta anjeunna oge tiwas kaduruk,
19 bayaran lampahna midamel dosa ka PANGERAN. Teu beda ti Yarobam anu saheulaeunana, Simri oge matak bendu PANGERAN, midamel dosa sarta ngalantarankeun urang Israil marigawe dosa.
20 Lalampahan Simri jeung hal ngabelotna, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.
21 Rahayat Israil pecah. Saparo rek ngangkat Tibni bin Ginat jadi raja, saparo deui tetep misuka ka Omri.
22 Ahirna anu meunang teh anu nyekel Omri. Tibni tiwas, Omri jadi raja.
23 Omri mimiti jadina raja Israil dina taun katilu puluh hiji Raja Asa nyangking nagara Yuda. Ngarajaanana dua belas taun, calikna mimitina di Tirsa meunang genep taun.
24 Ti dinya ngagaleuh pasir Samaria ti Semer genep rebu gebleg uang perak. Eta pasir ku anjeunna dibenteng, diadegan kota anu

dingaranan Samaria, nyokot tina ngaran Semer asal nu bogana.
25 Omri midamel dosa ka PANGERAN, malah leuwih ti nu ti hareula.
26 Teu beda ti Yarobam anu saheulaeunana, anjeunna oge nyundut bebendu PANGERAN Allah Israil, midamel dosa, nyasabkeun Israil kana dosa jeung sina nyarembah ka brahala.
27 Lalampahan Omri, jeung hal ihtiarna pikeun nyampurnakeun kakawasaanana, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.
28 Omri pupus, dimakamkeun di Samaria, tuluy digentos ku Ahab, putrana, jadi raja.
29 Ahab putra Omri mimiti jadina raja Israil dina taun katilu puluh dalapan Raja Asa nyangking nagara Yuda. Calikna di Samaria, ngarajaanana dua puluh dua taun.
30 Anjeunna oge midamel dosa ka PANGERAN, tur leuwih ti nu ti hareula.
31 Anjeunna mah kawas tacan ngaraos cukup ku midamel dosa cara kalakuan Yarobam, da nepi ka geureuhaan ka Isebel putra Raja Etbaal raja nagara Sidon sarta ngabakti ka Dewa Baal.
32 Dewa Baal teh ku anjeunna dipangdamelkeun kelenteng di Samaria, dipangdamelkeun altar sagala, diteundeunna di eta kelenteng.
33 Diwuwuhan deui ku ngadamel arca Dewi Asera. Matak benduna PANGERAN Allah Israil

teh anjeunna mah pohara kacida, leuwih ti raja-raja Israil nu ti hareula.
34 Jaman anjeunna jadi raja, aya jelema ngaran Hiel urang Betel, ngadegkeun deui kota Yeriho. Mangsa eta, cocog sakumaha anu geus ditimbalkeun ku PANGERAN ku jalan Yosua putra Nun tea, nya eta: Waktu Hiel masang pademen kota Yeriho, nu jadi parepehna teh Abiram, putra cikalna, sarta waktu ngadamel gapurana diparepehan ku Segub, putra bungsuna.
17 1 Aya hiji nabi jenenganana Elias, urang Tisbe wewengkon Gilad. Dina hiji poe anjeunna marek ka Raja Ahab sarta misaur kieu, "Demi pajenengan PANGERAN Allah Israil anu jumeneng, anu dipigusti ku kaula, kaula mopoyankeun ka raja, yen di jero dua tilu taun ieu di dieu moal turun ibun moal turun hujan, nepi ka engke upama geus aya ucap kaula deui."
2 Sanggeusing kitu PANGERAN nimbalan ka Elias,
3 "Ieu tempat tinggalkeun. Maneh kudu ka wetan, tuluy kudu nyumput di sisi Susukan Kerit peuntaseun Walungan Yordan beulah wetan.
4 Maneh bisa nginum ti eta susukan, sarta Kami rek nitah manuk gagak mawakeun dahareun maneh."

5 Elias tumut kana timbalan PANGERAN,
seug angkat ka Susukan Kerit sarta terus
nyumput di dinya.
6 Ari ngaleueutna ti eta susukan, tuangna
roti jeung daging, isuk sore saban poe
dianteuran ku manuk gagak.
7 Lila ti lila eta susukan teh saat ku
banget-bangetna halodo.
8 Geus kitu PANGERAN nimbalan ka Elias,
9 "Maneh kudu pindah ka kota Sarpat
deukeut Sidon. Di ditu aya hiji randa, anu ku
Kami geus ditimbalan supaya mere dahar ka
maneh."
10 Bral Elias angkat ka Sarpat. Gancangna
geus sumping ka lawang kota, beh anjeunna
ningali aya randa eukeur ngarorotek suluh.
"Nyai, cik Bapa menta cai saeutik hayang
nginum," saurna ka eta randa.
11 Sanggeus nyi randa ngaleos rek nyokot
cai, ku Elias dicalukan deui, saurna, "Jeung
rotina saeutik mah!"
12 Ari tembalna, "Demi PANGERAN Allah anu
jumeneng, panutan Bapa, abdi teh balaka bae
parantos teu gaduh tedaeun. Kantun tipung
sakeupeul dina wadah, sareng minyak jetun
sakeclak dina cecenting. Ieu suluh kenging
ngarorotek di dieu teh kangge ngasakkeun
eta anu saeutik, keur abdi sareng pun anak.
Kantun sakitu-kituna. Seep eta mah kantun
ngantos-ngantos ajal ku langlayeuseun."

13 "Ulah salempang," waler Elias. "Jig bae
asakkeun eta dahareun teh. Mun geus asak,
heulakeun sakeupeul mah ka dieu jang Bapa,
engke kakara jang Nyai jeung budak.
14 Sabab kieu timbalan PANGERAN Allah
Israil, Eta tipung moal beak-beak dina
wadahna, minyak moal saat-saat dina
cecentingna, nepi ka engke, ana Kami geus
nurunkeun deui hujan."
15 Randa teh balik, nyumponan pamundut
Elias. Elias, nyi randa jeung anakna cukup
dahareun lila pisan.
16 Sakumaha timbalan PANGERAN anu
diucapkeun ku Elias, tipung henteu
beak-beak, minyak henteu saat-saat.
17 Dina hiji mangsa anak nyi randa gering,
beuki payah, beuki payah, tungtungna maot.
18 Nyi randa unjukan ka Elias, "Nun
piwarangan Allah, ku naon abdi teh dikieu-
kieu? Bapa sumping ka dieu teh naha supados
Allah emuteun kana dosa abdi, dugi ka nyabut
nyawa pun anak?"
19 "Bawa budakna ka dieu," waler Elias.
Seug eta budak teh ku anjeunna dipayang
tuluy dicandak ngunggahan tangga ka kamar
anjeunna di loteng, lajeng digolerkeun dina
enggon.
20 Geus kitu anjeunna neneda, tarik,
"Nun PANGERAN Allah sim abdi, ku naon
margina ieu randa anu parantos sakitu
ihlasna kaanjrekan ku jisim abdi ku Gusti

dicilakakeun, nyawa anakna ku Gusti dicabut?"
21 Geus kitu Elias nangkubkeun anjeun kana awak eta budak tilu kali, pok sasambat deui, "Nun PANGERAN Allah sim abdi, mugi-mugi rohna ieu budak sina wangsul deui kana jasadna!"
22 Panyambat Elias ku PANGERAN dimakbul, budak teh ngambekan deui, hirup deui.
23 Ti dinya eta budak teh ku Elias dicandak turun, diserenkeun ka indungna bari saurna, "Nyai, tuh budak teh hirup!"
24 Wangsulna, "Bapa teh saestuna piwarangan Allah. Sayaktosna pisan Bapa teh ngemban pangandika PANGERAN!"
18 1 Dina hiji mangsa, sanggeus halodo tea nincak kana tilu taun, PANGERAN nimbalan ka Elias, "Tepungan Raja Ahab. Kami rek nurunkeun hujan."
2 Bral Elias angkat. Harita paceklik di Samaria keur babangetna.
3 Tuluy Ahab nyaur Obaja, kawasa karaton. (Obaja teh kacida ibadahna ka PANGERAN,
4 nepi ka basa Isebel maehan nabi-nabi PANGERAN, Obaja nyumputkeun saratus nabi di dua guha, saguhana lima puluh, dahar leueutna diurus.)
5 Timbalan Ahab ka Obaja, "Coba urang kaluar, urang ngilik cinyusu-cinyusu atawa susukan-susukan anu aya di ieu tanah, sugan aya keneh anu jukutan, supaya kuda jeung

bigal ulah paraeh, ulah nepi ka urang kudu
meuncitan eta sasatoan."
6 Seug aranjeunna pasini sorangeun, bral
arangkat, raja ka ditu Obaja ka dieu, seja
ngajajah tanah.
7 Di satengahing jalan Obaja paamprok
jeung Elias, kenaleun keneh ka anjeunna,
seug munjungan bari tumaros, "Leres ieu teh
Bapa?"
8 "Enya, Bapa teh Elias. Jung wartoskeun ka
raja gusti hidep, aya Bapa kituh di dieu."
9 Obaja ngawangsul, "Naon dosa abdi, mana
dipiwarang ngunjukkeun Bapa aya di dieu ka
Raja Ahab? Malar abdi dipaehan ku anjeunna?
10 Demi PANGERAN anu jumeneng, Allah
anu ku Bapa disembah, sayaktosna Bapa teh
ku raja dipilari ka saban nagri, disaksrak ka
sajajagat. Upami raja hiji nagara nyebatkeun
Bapa teu aya di nagarana teh ku Ahab dugi
ka dipundut sumpah, yen leres Bapa teu aya.
11 Saur Bapa bieu, abdi kedah ngunjukkeun
ka anjeunna Bapa aya di dieu.
12 Upami sabot abdi ka ditu Bapa dicandak
ku Roh PANGERAN biheung ka mana, kumaha
balukarna abdi? Hanas Bapa diunjukkeun aya
di dieu, kari-kari ku raja henteu kasondong,
moal lepat tangtos abdi ku anjeunna
dipaehan. Ti bubudak abdi teh ibadah ka
PANGERAN.
13 Nalika Isebel maehan nabi-nabi
PANGERAN, abdi teh nulungan saratus nabi,

disumputkeun di dua guha lima puluh lima puluh, dahar leueutna diurus. Bapa ngadangu wartosna?
14 Ku naon dugi ka miwarang sangkan abdi ngunjukkeun ka raja yen Bapa aya di dieu? Tangtos abdi ku anjeunna dipaehan!"
15 Elias ngawaler, "Demi PANGERAN Anu Maha Kawasa, anu ku Bapa diabdi, Bapa enya-enya seja nembongan ka raja poe ieu."
16 Obaja angkat wawartos ka Raja Ahab. Tuluy raja sumping ka Elias.
17 Barang ningali ka Elias, raja ngalahir, "Tah, ieu geuning maneh aya di dieu, tukang nyusahkeun di Israil teh!"
18 Waler Elias, "Sanes kaula tukang nyusahkeun mah, nanging Raja ku anjeun. Raja sareng kulawargi Raja tukang nyusahkeun mah. Sang Raja ngarempak timbalan-timbalan PANGERAN, nyembah ka arca Baal.
19 Mugi raja marentahkeun ka urang Israil sina darongkap ka kaula di Gunung Karmel, sareng nabi-nabi Baal anu opat ratus lima puluh urang, kitu deui nabi-nabi Dewi Asera anu opat ratus urang, anu naredana dicekapan ku Isebel."
20 Gancangna sakumna bangsa Israil jeung nabi-nabi Baal opat ratus lima puluh urang, kitu deui nabi-nabi Dewi Asera ku Ahab dipiwarang kumpul di Gunung Karmel.

21 Sanggeus karumpul, Elias majeng
nyaketan jalma rea, seug ngalahir, "Rek
nepi ka iraha aranjeun midua hate? Upama
PANGERAN anu jumeneng Allah, sing narurut
ka Mantenna. Upama Baal anu jadi Allah,
Baal tarurut!" Jalma rea ngabaretem, henteu
nembal sakemek.
22 Elias ngalahir deui, "Ieu kaula nabi
PANGERAN kari sorangan, nabi-nabi Baal
opat ratus lima puluh urang.
23 Coba mawa sapi ka dieu dua siki. Peuncit
hiji ku nabi-nabi Baal, potong-potong, terus
kana hurunan suluhkeun, tapi ulah waka
diseuneuan. Kaula ge nya kitu rek meuncit nu
hiji deui.
24 Nabi-nabi Baal kudu sasambat ka dewana,
kaula ge rek sasambat ka PANGERAN.
Mana-mana anu disambat tea ngamakbul
ngintun seuneu, eta nu jumeneng Allah."
Jalma-jalma keprok sarurak.
25 Elias ngalahir ka nabi-nabi Baal, "Ku
sabab aranjeun lobaan, pek ti hareula
meuncit sapina, petakeun sakumaha mistina,
tuluy sasambat ka dewa aranjeun menta
pangdurukkeun eta suluh."
26 Seug nabi-nabi teh meuncit sapi terus
dipotong-potong, tuluy reang sasambat ka
dewana nepi ka tengah poe, pokna, "Nun
Baal, mugi ngawaler!" Kitu bae saterusna
bari tingalajrug ngurilingan altar jieunna. Tapi
lebeng taya walonanana.

27 Sanggeus tengah poe, Elias ngalahir
ka maranehna, ngabanyolan, saurna,
"Tarikan sasambatna! Dewa eta teh, lain?
Palangsiang keur ngalamun atawa eukeur ka
cai, atawa keur jalan-jalan! Atawa keur bobo.
Geuingkeun sina gugah!"
28 Nabi-nabi sasambatna beuki bedas,
tuluy narurihan maneh ku peso jeung belati
sakumaha adatna, getihna mani baloboran.
29 Kitu jeung kitu bae bari reang ngarocoblak
nepi ka asar. Tapi lebeng teu aya walonanana,
teu sora-sora acan.
30 Elias ngalahir ka jalma rea, "Ka darieu sing
dareukeut!" Rob jalma rea ngararonyong ka
anjeunna anu terus peta-peta rek ngomean
altar PANGERAN anu geus runtuh.
31 Anjeunna ngumpulkeun batu dua belas
siki, ngalambangkeun dua belas kaom anu
make ngaran pala putra Yakub, jalmi anu ku
PANGERAN dilandi Israil tea.
32 Batu-batu teh ku anjeunna dianggo
ngawangun deui altar paranti ngabakti ka
PANGERAN. Sakuriling altarna ku anjeunna
dikali disolokankeun, teu wudu rubak, bisa
muat cai kira-kira lima belas litereun.
33 Beres eta anjeunna neundeunan suluh
kana luhur altar, tuluy meuncit sapi sarta
dipotong-potong, diteundeunan kana luhur
suluh. Pok ngalahir, "Mawa cai ka dieu opat
tahang, banjurkeun kana ieu pikurbaneun
jeung suluhna." Ku jalma-jalma ditarurut.

34 "Deui," saurna. Prak dibanjuran deui.
"Sakali deui!" saurna. Prak dibanjur deui mani
cipruk.
35 Caina tingcurulung ka sakuriling altar
tuluy ngababayah minuhan solokanana.
36 Sanggeus nitih kana wanci ngurban burit,
Nabi Elias nyaketan altar tuluy neneda, "Nun
PANGERAN, Allah Ibrahim, Ishak, sareng
Yakub, mugi nyatakeun yen Gusti teh Allah
Israil, sareng nyatakeun yen sim abdi teh
piwarangan Gusti tur parantos nedunan sugri
timbalan.
37 Mugi ngamakbul, nun PANGERAN,
mugi ngamakbul, supados ieu jalmi-jalmi
tarerangeun yen Gusti teh PANGERAN,
Allah, anu kersa ngahiap deui ka maranehna
supados marulang deui ka Gusti."
38 Gur PANGERAN ngadatangkeun seuneu
ti awang-awang, ngahuru kana kurban,
kana suluh, kana batu, taneuh ge datang ka
geheng, cai dina solokanana diletak nepi ka
garing.
39 Jalma-jalma brak-bruk sarujud
mareubeutkeun maneh kana taneuh, breng
ngarucap, "PANGERAN teh estu Allah! Taya
Allah lian ti PANGERAN!"
40 Elias marentah, "Tangkep nabi-nabi Baal!
Ulah aya anu kabur!" Seug nabi-nabi Baal
teh ditewakan, tuluy ku Nabi Elias digiring,
mudun ka Susukan Kison, dipaehan kabeh di
dinya.

41 Geus kitu Elias ngalahir ka Raja Ahab,
"Parantos waktos tuang, mangga geura
tuang. Tah sada hujan parantos ngaguruh."
42 Sabot Ahab rek prak tuang, Elias nanjak
ka puncak Gunung Karmel. Di puncak brek
sideku, mastakana di antara dua tekuna.
43 Geus kitu ngalahir ka pangiring, "Coba
tempo ka laut!" Pangiring ngagidig, ana
datang deui unjukan, "Teu aya naon-naon."
Nepi ka tujuh kali dipiwarangna pulang anting
ngawas-ngawas laut teh.
44 Katujuh kalina ana datang deui seug
unjukan, "Nun, sumuhun jisim abdi ningal
aya mega sagede leungeun jalmi unggah ti
laut." Saur Elias ka pangiring, "Buru-buru ka
Raja Ahab sina enggal-enggal kana kareta,
geuwat mulih kituh bilih kapegat hujan."
45 Teu sabaraha lilana, langit reueuk mani
angkeub, gelebug angin, breg hujan gede
pisan. Ahab gura-giru kana kareta, mulih ka
Yisrel.
46 Ari Elias harita keneh kadongkapan ku
pangawasa PANGERAN, ret raksukanana
dibeulitkeun kana angkeng, tuluy nyusul,
lumpatna miheulaan Ahab terus ka Yisrel.
19 1 Sakabeh lampah Elias jeung hal
anjeunna ngabinasa nabi-nabi Baal, ku
Ahab dicarioskeun ka Isebel, geureuhana.
2 Seug Isebel ngirim ancaman ka Elias,
saurna, "Mugia kami dihukum ku para dewa,
malah sing dipaehan, lamun isukan wayah

kieu henteu ngabales ka maneh sakumaha
kalakuan maneh ka nabi-nabi Baal!"
3 Elias sieuneun, tuluy kabur ka Bersyeba
wewengkon Yuda, duaan jeung pangiring.
Sumping ka dinya pangiringna dikantun,
4 ari anjeunna kebat angkatna sapoe
jeput ngajugjug ka tanah gurun. Sumping-
sumping brek calik ngiuhan handapeun
tangkal harendong, ngarasula mundut
ajal, piunjukna, "Parantos teu kiat, nun
PANGERAN, mangga candak nyawa abdi,
mending oge ajal."
5 Geus kitu tuluy nyangkere handapeun
tangkal harendong, reup kulem. Sabot kitu
aya malaikat noel ka anjeunna, ngalahir kieu,
"Geura hudang, geura dahar!"
6 Elias gugah, ret ka mastakaeun bet aya
roti sasiki jeung cai sakendi. Roti dituang, cai
dileueut, geus kitu ebog deui.
7 Malaikat PANGERAN sumping deui
ngagugahkeun, "Geura hudang, geura dahar,
jauh keneh lalakon!"
8 Elias gugah, roti dituang, cai dileueut. Ku
kasiat eta katuangan, anjeunna nepi ka kuat
lumaku opat puluh poe opat puluh peuting,
nepi ka Gunung Sinai, gunung anu suci tea.
9 Sup lebet ka hiji guha terus kulem. Geus
kitu PANGERAN ngagentraan ka anjeunna,
"Elias, keur naon di dieu?"
10 Waler Elias, "Nun GUSTI Allah Anu
Maha Kawasa, abdi kumureb ka Gusti teh

dugi ka kieu, teu aya deui anu dikawulaan
mung Gusti. Dupi urang Israil parantos
ingkar tina jangji ka Gusti, altar-altar
Gusti diruntuh-runtuhkeun, nabi-nabi Gusti
diparaehan, mung kantun abdi anu hirup
keneh, kitu ge diarah-arah!"
11 Timbalan PANGERAN, "Geura bijil,
marek ka Kami di puncak ieu gunung." Lar
PANGERAN ngalangkung bari ngabijilkeun
angin gede pisan, nepi ka gunung-gunung
rarempu, cadas-cadas aroyag, tapi PANGERAN
teu aya dina eta angin. Angin rerep, riyeg aya
lini, tapi PANGERAN teu aya dina eta lini.
12 Lini eureun, gur aya seuneu, tapi
PANGERAN teu aya dina eta seuneu. Seuneu
pepes, tuluy aya soara leuleuy sada harewos.
13 Barang ngadangu eta soara, Elias ka luar
bari meungpeunan raray ku harudum, tuluy
ngadeg dina sungut guha. Ngong aya gentra,
"Elias, keur naon di dieu?"
14 Elias ngawaler, "Nun GUSTI Allah Anu
Maha Kawasa, abdi kumureb ka Gusti teh
dugi ka kieu, teu aya deui anu dikawulaan
mung Gusti. Dupi urang Israil parantos
ingkar tina jangji ka Gusti, altar-altar
Gusti diruntuh-runtuhkeun, nabi-nabi Gusti
diparaehan, mung kantun abdi anu hirup
keneh, kitu ge diarah-arah!"
15 Timbalan PANGERAN, "Balik deui ka
jalan urut tadi nyorang tanah gurun anu ka

Damsik. Lamun geus aya di kota, maneh kudu
ngaminyakan Hasael, jadikeun raja Siria,
16 ngaminyakan Yehu bin Nimsi, jadikeun
raja Israil, jeung ngaminyakan Elisa anak
Sapat ti Abel Mehola, jadikeun nabi gaganti
maneh.
17 Ari geus kitu, anu luput tina pedang
Hasael tangtu beunang ku pedang Yehu; anu
luput tina pedang Yehu, tangtu tiwas ku Elisa.
18 Urang Israil ku Kami ngan rek disesakeun
tujuh rebu urang anu hirup, nya eta anu
saratia ka Kami, anu henteu kungsi sujud ka
arca Baal, atawa nyium ka eta."
19 Bral Elias jengkar mendakan Elisa. Elisa
kasampak keur ngawuluku ku sapi sapasang.
Di payuneunana aya deui sabelas pasangan,
ari anjeunna ngawulukuna ku pasangan
pangtukangna. Elias muka harudumna tuluy
dianggokeun ka Elisa.
20 Cul Elisa ngantunkeun sapina, ngudag ka
Elias bari miunjuk, "Ama, abdi bade ngiring,
mung nyuhunkeun widi heula bade amitan ka
pun bapa sareng pun biang!" Waler Elias, "Jig
balik heula, Ama moal ngahalang-halang!"
21 Elisa nyampeurkeun pasangan sapina,
duanana ku anjeunna dipeuncit, dagingna
dipasak diolahkeun di dinya, diseuneuanana
ku rarangken sapi, tuluy disuguhkeun ka nu
araya di dinya, seug didalahar. Geus kitu
Elisa ngiring ka Elias sarta jadi pangbantu
anjeunna.

20 1 Hiji mangsa Benhadad Raja Siria
mepek baladna, direujeungan ku tilu
puluh dua raja-raja lianna, mawa pasukan
kuda katut pasukan karetana. Tuluy ngepung
jeung narajang kota Samaria.
2 Geus kitu Benhadad ngirim jelema-
jelemana ka Ahab raja Israil di eta kota,
mawa timbalan kieu, "Raja Benhadad mundut
supaya
3 anjeun nyerenkeun emas, perak,
pamajikan-pamajikan anjeun, kitu deui
anak-anak anjeun anu karuat awakna."
4 Waler Ahab, "Unjukkeun ka gusti Raja
Benhadad, kaula nurut masrahkeun diri katut
sagala pangaboga."
5 Tapi ari geus kitu, para utusan teh daratang
deui ka Ahab, ngemban deui timbalan
Raja Benhadad, "Dawuhan kami ti heula,
emas, perak, pamajikan-pamajikan, jeung
anak-anak maneh, serenkeun ka kami.
6 Dawuhan kami ayeuna, kami rek miwarang
perwira-perwira kami ngarahrah karaton
maneh jeung imah-imah para pagawe maneh.
Sakur nu dianggap aya hargana arek dijabel.
Perwira-perwira kami daratangna isukan
wayah kieu."
7 Raja Ahab badanten jeung para pamingpin
kota, timbalanana, "Kawas kitu mah eta
manusa teh rek numpurkeun! Kamari menta
garwa-garwa jeung putra-putra kami katut
emas perak. Kami geus rujuk."

8 Pihatur para pamingpin, kitu deui jalma-
jalma nu araya, "Teu kedah dipalire, ulah
dirujukan."
9 Saur Ahab ka para utusan Benhadad,
"Unjukkeun ka gusti sang raja, kaula
rujuk nyumponan pamundutna nu ti heula.
Pamundutna anu ayeuna kaula teu bisa
narima." Utusan arindit. Tapi ari geus kitu bet
daratang deui mawa timbalan
10 ti Benhadad, "Kami rek ngarurug, mawa
balad gede rek ngabasmi ieu kota maneh,
nepi ruruntukna diakut ngan ku leungeun
maranehna wungkul oge tangtu beak. Kami
menta ka para dewa supaya kami dihukum,
malah sing dipaehan upama hal ieu ku kami
teu dibuktikeun!"
11 Waler Raja Ahab, "Bejakeun ka Benhadad,
prajurit sajati mah kumalungkungna
sanggeus tarung, lain samemehna!"
12 Waleran ti Raja Ahab katarimana
waktu Raja Benhadad jeung raja-raja anu
ngareujeunganana keur nginum-nginum di
pakemahan. Seug anjeunna marentah ka
balad sangkan tatan-tatan geusan narajang.
13 Sajeroning kitu, aya nabi marek ka
Raja Ahab, unjukan kieu, "Kieu timbalan
PANGERAN, Teu kudu gimir ku balad anu
sakitu gedena! Poe ieu maneh ku Kami rek
dikersakeun unggul, sangkan nyaho yen Kami
teh PANGERAN."

14 Ahab mariksa, "Saha anu kudu mingpin
panarajang?" Waler nabi, "Timbalan
PANGERAN prajurit-prajurit anu ngarora,
pamingpinna para gupernur." Raja Ahab
mariksa deui, "Saha anu kudu mingpin
pasukan inti?" Waler nabi, "Sang Raja ku
anjeun."
15 Raja natakeun pasukan prajurit ngora,
dikapalaan ku para gupernur, aya dua ratus
tilu puluh dua prajurit. Ti dinya natakeun
balad Israil, aya tujuh rebu prajurit.
16 (20:16-17) Wanci tengah poe diinditkeun,
pasukan prajurit ngora ti heula. Ari Benhadad
jeung tilu puluh dua raja-raja baturna harita
keur marabok inuman di kemah-kemahna.
Sabot kitu anu dijurung ngintip ku Benhadad
daratang, ngunjukkeun yen aya pasukan
kaluar ti Samaria.
17 (20:16)
18 Timbalan Benhadad, "Tangkep hirup-hirup,
boh nu rek narajang, boh nu rek menta
taluk."
19 Prung pasukan prajurit ngora narajang ti
heula, disusul ku balad Israil,
20 pada-pada meunang lawan, pada-pada
unggul niwaskeun musuhna. Urang Siria
kalabur, terus diudag-udag ku balad Israil.
Benhadad luput, kabur tumpak kuda jeung
sawatara urang serdadu kuda.

21 Pasanggrahanana ku Ahab dibereyek,
kuda jeung kareta-karetana dirampas. Balad
Siria elehna lain sisiwo.
22 Nabi tea marek deui ka Ahab, miunjuk,
"Sang Raja kedah sasayagian deui, kedah
waspada sareng caringcing. Saparantos
musim ieu Raja Siria bakal narajang deui."
23 Raja Benhadad diunjukanan ku para
mantrina, "Dewa-dewa urang Israil teh
dewa-dewa gunung, pantes urang eleh.
Upami dibantun tarung di nu lempar mah
tangtos itu eleh.
24 Ku margi kitu, raja-raja anu tilu puluh
dua teh ulah mingpin deui, gentos ku
panglima-panglima lapangan.
25 Balad susun deui, seueurna sing sami
sareng anu eleh ti payun, kuda sareng
karetana oge sing sami seueurna sareng
kamari ieu. Urang Israil urang ayonan di nu
lempar, moal teu kawon." Pirempugna ku
Benhadad kasaluyuan.
26 Sanggeus ganti musim, anjeunna mepek
deui balad terus diinditkeun ka kota Apek, rek
merangan deui urang Israil.
27 Urang Israil oge geus pepek nyarikep
pakarang. Prung maju tuluy masanggrahan,
dibagi dua gunduk disanghareupkeun ka
balad Siria. Dibanding jeung balad Siria anu
minuhan sawewengkon pasisian, balad Israil
mah katenjona teh teu beda ti embe dua
gonyok.

28 Jol nabi teh marek deui ka Ahab sarta
miunjuk, "Kieu timbalan PANGERAN, Ku
sabab Kami ku Raja Siria dipajarkeun dewa
gunung, lain dewa tanah lempar, balad Siria
anu sakitu lobana ku Kami rek dielehkeun,
maneh anu bakal meunang, sangkan maneh
jeung jalma-jalma maneh nyarahoeun yen
Kami teh PANGERAN."
29 Sanggeus tujuh poe balad Siria jeung
balad Israil silih sanghareupan, dina katujuh
poena prung bae tarung campuh. Balad Israil
unggul. Balad Siria aya saratus rebu serdadu
anu paraeh,
30 anu harirup keneh kalabur marubus ka
kota Apek. Tapi kuta eta kota ngadadak
ambrug, balad Siria anu paraeh katinggang
kuta aya dua puluh tujuh rebu serdadu.
Benhadad oge mubusna ka dinya, nyumput di
hiji imah di kamar tukang.
31 Para mantrina arunjukan, "Wartosna
raja-raja Israil teh sipatna hampuraan. Abdi-
abdi widian ngadeuheus ka raja Israil bari
meulit cangkeng ku karung, ngongkorongan
beuheung ku tambang, malak mandar jadi
matak salamet Sang Raja."
32 Seug maranehna ngabaleubeuran
cangkengna ku karung jeung ngongkorongan
beuheungna ku tambang, tuluy
ngadareuheusan ka Raja Ahab. Pok
arunjukan, "Nun, badega gamparan
Benhadad, aya pihatureun nyuhunkeun

dihirupan." Waler Ahab, "Kutan teh hirup keneh? Sukur! Puguh asa ka dulur ka anjeunna teh!"
33 Kasauranana ku mantri-mantri Benhadad dianggap galagat hade, geuwat diteuleuman estu henteuna. Barang Ahab nyebutkeun "dulur", geuwat ditempas, "Leres satimbalan, Benhadad teh tuang saderek." "Bawa ka dieu atuh," waler Ahab. Jol Benhadad sumping, ku Ahab dibageakeun, dicandak calik sakareta.
34 Benhadad tuluy misaur, "Kaula seja mulangkeun kota tuang rama anu kapungkur dirampas ku pun bapa. Sareng mangga Sang Raja muka pasar di Damsik, sapertos pun bapa kapungkur di Samaria." Waler Ahab, "Upami kitu sarat perjangjianana, sampean ku kaula dibebaskeun." Geus kitu Ahab jeung Benhadad nanda perjangjian, sarta Benhadad dileupaskeun.
35 Aya hiji anggota rombongan nabi, kalawan timbalan PANGERAN mundut ditampiling ka rerencanganana tunggal nabi, tapi henteu digugu.
36 Mana saurna, "Ku sabab anjeun nolak timbalan PANGERAN, engke sanggeus mios ti dieu bakal tiwas ku singa." Barang leos nabi rerencanganana ingkah ti dinya, gok pasanggrog jeung singa, gabrug ku singa dirontok nepi ka tiwas.

37 Nabi anu tadi mundut deui ka nu sejen,
"Kaula tampiling!" Digugu, tuluy ditampiling
satarikna.
38 Ti dinya eta nabi teh ngabeberan rarayna,
nyamar, leos angkat tuluy ngadeg sisi jalan,
megat raja Israil.
39 Barang raja ngalangkung seug digeroan,
"Gusti Sang Raja! Waktos abdi gusti ngayonan
musuh, aya jalmi nyerenkeun serdadu musuh
saurang bari sanggemna, Jaga ieu jelema.
Lamun nepi ka kabur, nyawa andika gantina,
atawa andika didengda tilu rebu gebleg uang
perak.
40 Nanging tawanan teh kabur waktos abdi
nguruskeun itu ieu." Waler raja, "Nya kitu
hukuman anu kudu ditarima ku maneh,
maneh sorangan anu menta!"
41 Harita keneh nabi teh ngadudut beber
rarayna. Raja teu panglingeun, geuning nabi
eta teh!
42 Saur nabi saterusna ka Ahab, "Kieu
timbalan PANGERAN, Ku sabab maneh geus
ngaleupaskeun jelema anu ceuk Kami kudu
dipaehan, nyawa maneh pigantieunana. Balad
maneh oge bakal tumpur, gaganti balad itu
anu diantep kalabur!"
43 Raja Ahab kebat mulih ka Samaria,
manahna juwet prihatin.
21 1 Deukeut karaton Raja Ahab di Yisrel
aya hiji lahan anggur, bogana hiji
jelema ngaran Nabot.

2 Dina hiji poe Ahab ngalahir ka Nabot,
"Lahan anggur maneh mending ka kamikeun,
kabeneran deukeut ka karaton kami. Ku kami
rek digantian ku kebon anggur anu leuwih
alus, anu ieu rek dipelakan sayuran. Atawa
lamun mending dibeuli, ku kami dibeuli
sapantesna."
3 Wangsul Nabot, "Ieu kebon anggur
gagaduhan teh pusaka ti karuhun. Paliyas
kasanggakeun, PANGERAN henteu ngidinan."
4 Ahab mulih ka karaton semu jengkel,
ngunek-ngunek ku jawaban Nabot. Dug bae
ebog dina pajuaran mayun kana tembok,
henteu kersa tuang-tuang acan.
5 Jol Isebel geureuhana tuluy mariksa, "Ku
naon Engkang, semu ngangluh? Ku naon teu
kersa tuang?"
6 Waler Ahab, "Jengkel ku Nabot, bet kitu
omonganana. Lahan anggurna ku Engkang
dipenta rek dibeuli, atawa digantian ku lahan
sejen, tapi carekna ulah!"
7 Ari saur Isebel, "Har, Engkang teh
raja atanapi sanes? Enggal geura gugah,
janglarkeun manah, geura tuang. Kebon
anggur si Nabot mah gampil, engke ku abdi
disanggakeun."
8 Ti dinya Isebel ngadamelan surat, dicap
ku tanda cap Ahab, dielak ku cap karajaan,
dikintunkeun ka para gegeden jeung para
priyayi.

9 Eusina, "Umumkeun kudu puasa.
Kumpulkeun jalma-jalma. Nabot pentingkeun
tempatna, hormat-hormat.
10 Ayakeun dua jalma bangkawarah
hareupeunana, sina nuding ka si Nabot yen
geus ngagogoreng ka Allah jeung ka raja.
Gusur si Nabot ka luareun kota, benturan ku
batu sina paeh."
11 Parentah Isebel dilakonan ku para
pamingpin jeung jelema-jelema penting di
Yisrel.
12 Puasa geus diumumkeun, jalma-jalma
geus dikumpulkeun, Nabot dihormat-hormat
diukna.
13 Sabot kitu, ngong dua jalma bangkawarah
teh nuduh ka Nabot, dituding ngagogoreng
ka Allah jeung ka raja. Nabot terus digusur ka
luar kota, tuluy dibenturan ku batu, maot.
14 Isebel diunjukanan, "Nabot parantos
dipaehan."
15 Gancang Isebel unjukan ka Ahab,
"Nabot parantos teu aya. Lahan anggurna
anu diulah-ulah teh ayeuna mah kantun
nyandak."
16 Ahab buru-buru angkat rek ningalian eta
lahan anggur, rek terus diangken.
17 PANGERAN nimbalan ka Elias, nabi ti
Tisbe,
18 "Maneh kudu ka Samaria, ka Raja Ahab.
Ku maneh bakal kasampak di lahan anggur
Nabot. Eta lahan ku manehna rek dipiboga.

19 Tepikeun ieu timbalan Kami ka manehna,
Enggeus maehan jelemana, ayeuna deui
rek ngarampas pangabogana! Kieu deui
kituh timbalan Kami ka manehna, Ku sabab
eta, getih maneh bakal diletakan ku anjing
di tempat anjing-anjing ngaletakan getih
Nabot."
20 Bareng Ahab ningali ka Elias, pok teh
ngalahir, "Bagea musuh! Bet papanggih
deui jeung kami?" Waler Elias, "Enya,
ngahaja, lantaran Sang Raja geus kapincut
ku kajahatan, nyieun kalakuan anu kacida
gorengna dina paningal PANGERAN.
21 Ku sabab kitu, kieu timbalan PANGERAN,
Maneh ku Kami rek digebruskeun kana bahla,
rek dieuweuhkeun. Sakabeh ahli maneh anu
lalaki kolot budak ku Kami rek dibeakkeun.
22 Sanak baraya maneh rek disaruakeun
jeung sanak baraya Raja Yarobam bin Nebat
sarta jeung sanak baraya Raja Baasa bin
Ahia, sabab maneh geus nyundut bebendu
Kami, nyered rahayat kana marigawe dosa.
23 Jeung timbalan PANGERAN, bangke Isebel
bakal dihakan ku anjing di Yisrel.
24 Tiap-tiap sanak baraya maneh, paeh di
kota bakal dihakan anjing, paeh di tegal bakal
beak ku manuk gagak."
25 (Wantu-wantu taya deui anu nyucudna
saperti Ahab, nepi ka kagembang ku
kajahatan, midamel gorengna ka PANGERAN

taya papadana, dumeh kaangsonan ku Isebel garwana.
26 Dosa anjeunna kacida ngerakeunana,
ngabakti ka arca-arca cara adat urang Emor
baheula, anu ku PANGERAN geus ditundung
ti eta tanah basa urang Israil rek arasup ka
dinya.)
27 Anggeus Elias ngalahir, Ahab nyosoeh
anggoanana bari tuluy dicuculan diganti
ku karung. Teu kersa tuang, kulemna ge
disasarap ku karung, alum liwung pinuh
kaduhung.
28 PANGERAN nimbalan ka Elias,
29 "Nyaho maneh, Ahab geus kacida
ngarendahkeun dirina di payuneun Kami?
Ku sabab manehna geus nembongkeun
kaduhungna, bahla teh ku Kami moal
didatangkeun dina jaman manehna, engke
bae dina jaman anakna kakara eta bahla
teh ku Kami rek didatangkeun ka sakabeh
kulawarga Ahab."
22 1 Geus dua taun leuwih urang Israil
jeung urang Siria henteu silih
perangan.
2 Dina katilu taunna, hiji waktu Yosapat raja
Yuda natamu ka raja Israil.
3 Raja Ahab ngalahir ka para perwirana,
"Urang teh kajongjonan. Na moal ngarebut
deui Ramot di wewengkon Gilad ti Raja Siria?
Wewengkon urang eta teh!"

4 Geus kitu saurna ka Raja Yosapat, "Kumaha
anjeun kersa nyarengan kaula ngarebut
Ramot?" Waler Yosapat, "Ari leres mah bade
ka ditu mangga, kaula seja ngiring sareng
balad sareng pasukan serdadu kuda.
5 Nanging saena mah naroskeun heula
timbalan PANGERAN."
6 Raja Ahab ngumpulkeun nabi-nabina,
aya opat ratus urangna. Anjeunna mariksa,
"Kumaha, meunang kami nempuh ka Ramot?"
Nabi-nabina bareng ngajarawab, "Tempuh!
Ku PANGERAN bakal dipaparinkeun!"
7 Tapi saur Raja Yosapat, "Kumaha teu aya
deui nabi anu sanesna, anu tiasa disuhunkeun
pituduhna ti PANGERAN?"
8 Waler Ahab, "Aya saurang deui, Mika bin
Yimla. Tapi kaula ijid, lantaran ngawejangna
teh tara mere pibagjaeun kaula, ngan mere
anu picilakaeun bae!" Saur Raja Yosapat, "Teu
sae ngalahir kitu."
9 Ahab nyaur hiji ponggawa sina buru-buru
ngangkir Mika.
10 Raja duanana ngaranggo anggoan
karajaan, lalinggih dina korsina masing-
masing deukeut hiji panggilingan luareun
pisan lawang Samaria. Ari nabi-nabi
ngawarejangna di payuneun aranjeunna.
11 Nabi anu ngaran Sidkia bin Kenaana
nyieun tatandukan tina beusi, tuluy mihatur
ka Ahab, "Kieu timbalan PANGERAN, Ku ieu,

raja bakal neunggar urang Siria, urang Siria
bakal beak."
12 Nabi-nabi sejenna oge kitu ngaromongna,
cenah, "Ramot tempuh, Sang Raja bakal
unggul ku PANGERAN!"
13 Ponggawa anu dititah ngangkir Nabi Mika
tea mihatur ka anjeunna, "Nabi-nabi anu
sanes ngawarejangna raja tangtos unggul.
Bapa oge saena mah kitu."
14 Waler Mika, "Demi PANGERAN anu
jumeneng, Bapa mah ngan arek ngedalkeun
anu diandikakeun ku PANGERAN."
15 Sanggeus Mika aya di payuneun raja, raja
mariksa, "Mika! Meunang kami jeung Raja
Yosapat nempuh ka Ramot?" Waler Mika,
"Mangga tempuh! Sang Raja tangtos unggul
ku PANGERAN!"
16 Tapi saur Ahab, "Lamun enya maneh
ngomong teh ku pajenengan PANGERAN,
bejakeun sabalakana bae kumaha timbalana-
Na. Lain geus sering pisan kami ngomong
kitu teh?"
17 Mika miunjuk, "Katingal ku jisim abdi
balad Israil paburisat tingbalecir di pasir-pasir,
lir domba teu aya nu ngangon. Ari timbalan
PANGERAN, Eta jelema-jelema teh geus
euweuh pamingpinna. Sina baralik, sina
saralamet."
18 Saur Ahab ka Yosapat, "Tuh,
sanggem kaula ge tadi, nabi ieu mah

tara ngawejangkeun pibagjaeun kaula, ngan
anu picilakaeun bae!"
19 Mika sasauran deui, "Darangukeun
pangandika PANGERAN! Katingal ku kaula
PANGERAN keur linggih dina singgasana di
sawarga, dibanding ku para malaikat-Na.
20 PANGERAN ngandika, Saha anu bisa
ngawujuk Ahab sina indit ngarurug sangkan
tiwas di Ramot? Para malaikat ngawangsulna
henteu sami, sanggem itu kitu sanggem ieu
kieu.
21 Aya hiji roh marek ka payuneun
PANGERAN sarta mihatur kieu, Sim abdi
tiasa.
22 PANGERAN mariksa, Kumaha jalanna?
Ari piunjukna, Nabi-nabina bade diwujuk
supados ngabarohong ka rajana. Ari timbalan
PANGERAN, Jung geura wujuk, ku maneh
tangtu beunang."
23 Mika neruskeun piunjukna, "Buktos kieu
kajadianana, ieu nabi-nabi ku PANGERAN
dihaja sina ngabarohongan Gamparan.
Gamparan parantos dipastikeun ku
PANGERAN kedah tinemu sareng bahla!"
24 Nabi Sidkia nyirintil ka Mika terus
nampiling, sarta pokna, "Ti iraha PANGERAN
ngalih ti kami terus nimbalan make biwir
maneh?"
25 Waler Mika, "Engke ge maneh nyaho
sorangan lamun geus salungkar-salingker
nyumput asup kamar kaluar kamar!"

26 Raja nimbalan hiji ponggawa, saurna,
"Tangkep Mika! Bawa ka ditu ka Amon
gegeden kota, jeung ka Yoas putra raja.
27 Sina dijebloskeun ieu jelema teh ka jero
panjara, nyatu nginumna sungkeret nepi ka
engke lamun kami geus mulang reujeung
salamet!"
28 Saur Mika, "Anu disanggemkeun ku jisim
abdi bieu, sanes ge timbalan PANGERAN
upami Sang Raja iasa mulih tur salamet!"
Saurna deui, "Tengetkeun ieu ucapan kaula
ku sarerea!"
29 Ahab raja Israil tulus nempuhna ka Ramot
wewengkon Gilad, disarengan ku Yosapat raja
Yuda.
30 Ahab misaur ka Yosapat, "Kaula mah
perang teh rek nyamar. Sampean mah kudu
nganggo anggoan karajaan." Seug raja Israil
nyamar, tuluy angkat.
31 Raja Siria geus marentahkeun ka
kapala-kapala pasukan kareta tilu puluh dua
urang, saurna anu kudu ditarajang teh ngan
raja Israil bae saurang, nu sejen mah ulah
ditarajang.
32 Anu matak barang maranehna narenjo ka
Raja Yosapat, sarta panyangkana anjeunna
teh raja Israil, kareta-karetana dipengkolkeun
arek dipake ngepung. Tapi barang Raja
Yosapat ngagero,
33 kanyahoan yen lain raja Israil. Nu ngepung
alundur deui, narajangna teu tulus.

34 Aya hiji serdadu mesatkeun jamparing
sahinasna bae. Tapi kabeneran keuna ka Raja
Ahab, kana sela-sela baju kerena. Anjeunna
ngagero, marentah ka kusir kareta, "Kami
tatu! Balikkeun kareta, bawa kaluar ti enggon
tarung!"
35 Ku sabab perang keur ragot, Raja Ahab
tetep aya dina karetana, nyarande, mayunan
urang Siria, getih tina raheutna geus
ngalukrah dina bak kareta. Barang geus burit
anjeunna pupus.
36 Sanggeus panonpoe meh surup,
kadenge aya sora parentah ka balad Israil,
"Geura baralik ka sanagara-sanagarana,
satanahna-satanahna!"
37 Kitu jalan pupusna Ahab. Layonna dibawa
ka Samaria tuluy dimakamkeun.
38 Sabot karetana dikumbah di sisi empang
di Samaria, getih anjeunna diletakan ku
anjing, sarta awewe-awewe palacuran
mararandi di eta empang. Tinekanan
sakumaha pangandika PANGERAN.
39 Carita Raja Ahab, lalakonna, karaton
gadingna, nagara-nagara anu diadegkeunana,
kaungel dina kitab Babad Raja-raja Israil.
40 Sanggeus anjeunna pupus, Ahasia putrana
ngagentos jadi raja.
41 Yosapat putra Raja Asa, mimiti jadi raja
nagara Yuda teh dina kaopat taunna Raja
Ahab nyangking nagara Israil,

42 dina yuswa tilu puluh lima taun. Calikna
di Yerusalem, ngarajaanana dua puluh lima
taun. Jenengan ibuna Asuba binti Silhi.
43 Anjeunna oge midamel anu leres di
payuneun PANGERAN sakumaha ramana.
Ngan henteu ngabasmi tempat-tempat
ibadah ka brahala; jalma-jalma masih keneh
ngalurban jeung ngarukus di tempat-tempat
kitu.
44 Yosapat jeung raja Israil tara silih
perangan.
45 Carita Yosapat, lalakonna, kagagahanana
dina perang, kaungel dina kitab Babad
Raja-raja Yuda.
46 Jalma-jalma anu jararinah, anu ngabarakti
ku altar-altar brahala sesa jaman ramana,
awewe lalaki ku anjeunna dileungitkeun ti
karajaanana.
47 Harita tanah Edom teu aya rajana. Anu
marentah di dinya nya eta hiji wakil anu
diangkat ku raja Yuda.
48 Raja Yosapat ngadamel kapal-kapal layar
iangkeuneun ka Opir nyiar emas, tapi teu
kungsi balayar, sabab kapal-kapalna kaburu
barejad di Esion Geber.
49 Anjeunna ku Ahasia raja Israil ditawaran
palaut Israil, supaya ngabantuan ka para
palaut urang Yuda, tapi ku anjeunna ditolak.
50 Sanggeus Yosapat pupus sarta
dimakamkeun di makam karajaan di Kota
Daud, Yehoram putrana ngagentos jadi raja.

51 Ahasia putra Ahab mimiti jadi raja
Israil teh dina taun katujuh belas Yosapat
ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria,
ngarajaanana dua taun.
52 Anjeunna oge midamel dosa ka
PANGERAN, nurutan kajahatan Ahab ramana,
nurutan kajahatan ibuna, Isebel, jeung
nurutan kajahatan Raja Yarobam anu nyered
urang Israil marigawe dosa.
53 Raja Ahasia nyembah ngabakti ka Baal,
nyundut bebendu PANGERAN Allah Israil
kawas ramana.

2 Raja-raja

1 [1] Sanggeus Ahab raja Israil pupus, urang
Moab barontak ka Israil.
[2] Hiji mangsa Ahasia raja Israil ragrag tina
loteng karaton di Samaria, seug jadi teu
damang. Tuluy miwarang ponggawana ka
Ekron, sina menta pituduh ka Beel Sebul
dewa urang Pelisti, naha kasawatna bakal
damang deui atawa moal.
[3] Malaikat PANGERAN nimbalan ka Nabi
Elias urang Tisbe, miwarang megat utusan
Ahasia jeung kudu sasauran kieu, "Ari di Israil
naha geus euweuh Allah, nepi ka rek menta
pituduh ka Beel Sebul dewa urang Ekron?
[4] Bejakeun ka raja, timbalan PANGERAN,
Maneh moal cageur deui, bakal tuluy paeh."
Elias tumut kana timbalan.
[5] Gancangna utusan-utusan raja baralik
deui. Ku raja dipariksa, "Ku naon geus baralik
deui?"
[6] Pihatur para utusan, "Dipiwarang wangsul
deui ku hiji jalma, saurna kieu timbalan
PANGERAN perkawis salira Kangjeng Raja,
Naha di Israil geus euweuh Allah, nepi ka
maneh nitah menta pituduh Beel Sebul dewa
urang Ekron? Maneh moal cageur deui, bakal
tuluy paeh."
[7] Raja mariksa, "Siga kumaha jelemana?"

8 Piunjukna, "Jalmana nganggo raksukan
kulit, nganggo sabuk kulit." "Tangtu Elias,"
saur raja.
9 Raja miwarang hiji perwira mawa lima
puluh prajurit nangkep Elias. Elias kasampak
keur calik di hiji pasir. Eta perwira ngomongna
kieu, "Eh utusan Allah! Timbalan raja, maneh
kudu turun!"
10 Waler Elias, "Lamun enya kami utusan
Allah, sing turun seuneu ti langit, ngalebur ka
maneh jeung balad maneh!" Gur bae turun
seuneu ti langit, ngalebur ka eta perwira
jeung prajurit-prajuritna.
11 Raja miwarang perwira sejen jeung
prajuritna lima puluh. Eta perwira ngomongna
kieu ka Elias, "Eh utusan Allah! Timbalan raja,
ayeuna maneh kudu turun!"
12 Waler Elias, "Lamun enya kami utusan
Allah, sing turun seuneu ti langit, ngalebur ka
maneh jeung balad maneh!" Gur deui turun
seuneu ti Allah, ngalebur ka eta perwira jeung
prajurit-prajuritna.
13 Raja miwarang deui hiji perwira jeung
prajuritna lima puluh. Eta perwira nanjak,
geus kitu brek sideku di payuneun Elias sarta
pihaturna, "Nun piwarangan Allah, mugi
Ajengan hawatos ka abdi sadaya. Abdi sadaya
sumeja nyanggakeun pati hurip!
14 Dua perwira anu tadi sareng sadaya
prajuritna parantos tiwas ku seuneu ti langit.
Jisim abdi neda sih piwelas Ajengan."

15 Malaikat PANGERAN nimbalan ka Elias,
"Jig milu ka ditu. Ulah salempang." Bral Elias
angkat jeung eta perwira. Gancangna geus
aya di payuneun raja,
16 ngalahir kieu, "Kieu timbalan PANGERAN,
Maneh geus nitah menta pituduh ka Beel
Sebul dewa urang Ekron, kawas di Israil geus
euweuh Allah anu bisa disambat pituduh-Na.
Ku sabab kitu maneh moal cageur deui, bakal
tuluy paeh!"
17 Gancangna Ahasia geus pupus, saluyu
jeung timbalan PANGERAN anu disaurkeun ku
Elias. Ku sabab Ahasia teu kagungan putra
lalaki, anu jadi raja ngaganti anjeunna teh
saderekna, nya eta Yoram, dina taun kadua
Raja Yehoram putra Raja Yosapat nyangking
karajaan Yuda.
18 Carita Raja Ahasia kaungel dina Kitab
Babad Raja-raja Israil.
2 1 Cunduk kana waktu, PANGERAN kersa
ngangkat Elias ka sawarga, jalan angin
puyuh. Ti dinya Elias angkat ti Gilgal
disarengan ku Elisa.
2 Di tengah jalan Elias sasauran ka Elisa,
"Maneh mah di dieu bae, Ama ku PANGERAN
ditimbalan ka Betel." Pihatur Elisa, "Abdi
sumpah demi kasatiaan abdi ka PANGERAN
anu jumeneng sareng ka Ama, abdi moal
ngantunkeun Ama." Bral arangkat ka Betel.
3 Murid-murid di Betel nyalampeurkeun ka
Elisa, nararos, "Kumaha sampean parantos

terang? Juragan sampean dinten ieu bakal
dicandak ku PANGERAN." "Kaula ge terang,"
walon Elisa. "Tapi ulah gareruh."
4 Elias ngalahir ka Elisa, "Maneh cicing di
dieu, Ama ku PANGERAN ditimbalan ka
Yeriho." Pihatur Elisa, "Abdi sumpah demi
kasatiaan abdi ka PANGERAN anu jumeneng
sareng ka Ama, abdi moal ngantunkeun
Ama." Bral arangkat ka Yeriho.
5 Murid-murid di Yeriho nyalampeurkeun
ka Elisa, naranya, "Kumaha sampean geus
terang? Juragan sampean dinten ieu bakal
dicandak ku PANGERAN." "Kaula ge terang,"
walon Elisa. "Tapi ulah gareruh."
6 Elias ngalahir ka Elisa, "Maneh cicing
di dieu, Ama ku PANGERAN ditimbalan
ka Walungan Yordan." Pihatur Elisa, "Abdi
sumpah demi kasatiaan abdi ka PANGERAN
anu jumeneng sareng ka Ama, abdi moal
ngantunkeun Ama." Bral arangkat
7 ka Walungan Yordan, ditaluturkeun ku
murid-murid nabi lima puluh urang. Elias
jeung Elisa liren di sisi walungan, murid-murid
anu lima puluh urang oge areureun, rada
jauh.
8 Elias muka jubah, digulungkeun tuluy
dipeupeuhkeun kana cai. Bray cai nyingray
nepi ka dasar, Elias jeung Elisa mareuntas.
9 Di peuntas ditu Elias ngalahir ka Elisa,
"Geura pok, hidep rek menta naon ka
Ama, memeh Ama dicandak." Elisa mihatur,

"Nyuhunkeun dipaparin pangawasa Ama,
supados tiasa jadi gegentos Ama."
10 Waler Elias, "Hidep menta anu hese.
Lamun Ama keur dicandak katenjo, pamenta
hidep bisa tinekanan. Lamun teu katenjo,
pamenta hidep moal dikabul."
11 Sabot aranjeunna sasauran bari angkat,
dumadakan dipapag ku kareta seuneu anu
ditarik ku kuda seuneu, seug Elias dicandak,
diangkat ku angin puyuh.
12 Ku Elisa katingalieun, seug Elisa sasambat,
"Ama! Ama! Nabi Israil anu digjaya! Ama
parantos lajeng!" Les Elias teu katembong
deui. Bawaning ku gegetun Elisa nyoehkeun
anggoanana mani beulah dua.
13 Top Elisa mulung jubah Elias anu ragrag
ti awang-awang, tuluy malik angkat ka sisi
walungan, ngadeg heula sakeudeung.
14 Jubah Elias dipeupeuhkeun kana cai bari
saurna, "Di mana PANGERAN, Allah Elias?"
Cai dipeupeuh deui, bray nyingray ka ditu ka
dieu, seug anjeunna meuntas.
15 Katarenjoeun ku murid-murid nabi
urang Yeriho anu lima puluh urang. Ceuk
maranehna, "Pangawasa Elias turun ka
anjeunna!" Tuluy maranehna marapag ka
Elisa, brek marando.
16 Ti dinya mihatur, "Ieu abdi-abdi lima puluh
urang, sami baredas. Dunungan sampean
bade dipilarian, bisi ku Roh PANGERAN

diragragkeun di gunung atanapi di lebak."
Waler Elisa, "Keun bae tong ditareangan."
17 Tapi ku sabab maraksa ku Elisa diidinan.
Bral maranehna laleumpang, tingtaranggah
tingtarempo nareangan Elias, tapi nepi ka tilu
poe teu kapanggih.
18 Tuluy baralik deui ka Elisa anu keur
ngantos di Yeriho. Anjeunna ngalahir, "Ceuk
kaula ge entong ditareangan."
19 Aya sababaraha urang Yeriho
ngadareuheus ka Elisa, pihaturna,
"Hatur uninga, ieu kota teh saleresna mah
sae, mung caina awon sareng watekna matak
kaluron."
20 Elisa ngalahir, "Kami pangnyokotkeun uyah
kana pinggan anyar." Song disanggakeun.
21 Anjeunna angkat ka sirah cai, seug uyah
teh diawurkeun kana sirah cai bari saurna,
"Timbalan PANGERAN, Ieu cai ku Kami
dirobah jadi alus, moal matak paeh atawa
kaluron."
22 Pilahir Elisa tinekanan, ti harita eta cai jadi
alus.
23 Ti Yeriho Elisa angkat ka Betel. Di jalan,
waktu anjeunna keur nanjak, aya barudak
kalaluar ti nagara eta, seug maroyokan
ka anjeunna, pokna, "Euy gundul, geuwat
nyingkir!"
24 Elisa ngareret, socana merong ka eta
barudak anu lobana opat puluh dua urang,
seug disapa bari nyambat pajenengan

PANGERAN. Torojol ti leuweung aya nu
bijil, dua biruang bikang, seug nyasaak eta
barudak.
25 Elisa lajeng angkatna ka Gunung Karmel,
ti dinya terus mulih ka Samaria.
3 1 Yoram putra Ahab mimiti jadi raja Israil
dina taun kadalapan belas Raja Yosapat
nyangking nagara Yuda. Calikna di Samaria,
ngarajaanana dua belas taun.
2 Anjeunna midamel dosa ka PANGERAN,
ngan henteu goreng teuing cara ramana
jeung Isebel ibuna. Malah pilar brahala
beunang ramana ngadamel paranti ngabakti
ka Baal ku anjeunna dirubuhkeun.
3 Tapi anjeunna oge kawas Yarobam bin
Nebat anu saheulaeunana, nyered urang
Israil teu eureun-eureun marigawe dosa.
4 Mesa, raja Moab, miara domba loba pisan,
saban taun kudu mere upeti ka raja Israil
100.000 anak domba jeung bulu tina 100.000
domba.
5 Sanggeus Ahab raja Israil pupus, Mesa
baha ka Israil.
6 Yoram teu talangke mepek balad tuluy
budal ti Samaria.
7 Ka Yosapat raja Yuda anjeunna ngintun
saur, "Moab ngalawan ka kaula. Kumaha
sampean kersa ngabantu merangan?" Waler
Raja Yosapat, "Mangga. Kaula rek ngiring
jeung balad jeung pasukan kuda.

8 Bade nganggo jalan mana nempuh ka
ditu?" Waler Yoram, "Urang nganggo jalan
tanah gurun Edom."
9 Tilu raja, nya eta Raja Yoram, Raja Yosapat
jeung raja nagara Edom geus arangkat.
Sanggeus tujuh poe di jalan, beakeun cai,
balad jeung sato anu ngakut babawaan geus
teu ngarinum.
10 Raja Yoram misaur, "Kieu geuning urang
tiluan teh, ku PANGERAN bakal diselehkeun
ka raja Moab!"
11 Saur Raja Yosapat, "Manawi di dieu
aya nabi? Urang suhunkeun pituduhna ti
PANGERAN." "Sumuhun aya, Elisa putra
Sapat. Anjeunna kapungkur ngingiring ka
Elias," pihatur hiji perwira balad Raja Yoram.
12 Saur Raja Yosapat, "Enya eta mah nabi."
Seug eta tilu raja sarumping ka Elisa.
13 Ari saur Elisa ka raja Israil, "Naha mundut
tulung ka kaula, sanes ka nabi-nabina tuang
rama sareng tuang ibu?" Waler Yoram,
"Sanes kitu, kaula tiluan ku PANGERAN bakal
diselehkeun ka raja Moab."
14 Saur Elisa, "Demi PANGERAN anu
jumeneng, anu ku kaula disembah,
sayaktosna upami teu ngemutkeun ka Raja
Yosapat raja Yuda mah kaula teh moal
ngareret-reret acan.
15 Ayeuna kaula nyuhunkeun tukang
ngacapi." Sabot tukang ngacapi keur ngacapi,
pangawasa PANGERAN tumerap ka Elisa,

16 seug anjeunna ngalahir, "Kieu timbalan
PANGERAN, Ieu walungan garing kudu dikali,
jieunan solokan masing rea.
17 Teu kudu ngadago hujan jeung angin, ieu
walungan tanwande pinuh ku cai, nepi ka
maraneh, kitu deui sasatoan jeung sato anu
ngakut babawaan bisa ngarinum."
18 Elisa sasauran deui, "Ieu pikeun
PANGERAN mah henteu hese. Malah
Mantenna bakal maparin kaunggulan, urang
Moab bakal diselehkeun.
19 Rubuh-rubuhkeun kabeh kotana
anu rareugreug tur aralus teh, tangkal
bubuahanana tuaran, sumur-sumurna
urugan, lahan-lahanna bugbrugan ku batu!"
20 Poe isukna wanci kurban isuk, leb cai
datang ti lebah tanah Edom, nepi ka ngeueum
wewengkon di lebah dinya.
21 Urang Moab geus nyarahoeun yen rek
ditempuh ku tilu raja. Seug mepek balad,
jalma-jalma kolot ngora dikerid, tuluy
ngajaraga di tapel wates.
22 Bray isuk tuluy harudang, pecenghul
panonpoe bijil cahayana ninggang kana
cai. Katenjona ku urang Moab cai teh mani
beureum kawas getih.
23 Ceuk urang Moab, "Getih! Musuh
urang tangtu enggeus tarung pada batur,
silih paehan. Hayu urang tarajang ka
pasanggrahanana, urang rayah!"

24 Ana daratang ka pasanggrahan Israil,
ku urang Israil dipapag ditarajang nepi ka
malundur deui tuluy kalabur. Ku urang Israil
diberik diparaehan.
25 Kota-kotana ditumpurkeun. Unggal
ngaliwatan lahan anu alus, balad Israil
marulung batu, tuluy dibaledog-baledogkeun
kana eta lahan, nepi ka eta lahan teh
pinuh kaurugan ku batu. Geus kitu sumur-
sumurna ku urang Israil diarurugan, tangkal
bubuahanana ditaluaran. Tungtungna ngan
tinggal ibu kotana, Kir Hareset. Tuluy
dikepung ku pasukan tukang bandring,
dibandringan.
26 Sanggeus ngarasa perangna eleh, raja
Moab ngumpulkeun tujuh ratus jelema anu
palinter maen pedang, karepna rek ngabedah
musuh, rek terus kabur ka raja Siria, tapi teu
bisa laju.
27 Ku sabab kitu ceg nyekel ka anakna anu
cikal, pirajaeun gaganti dirina, tuluy dipeuncit
dikurbankeun ka dewa urang Moab dina luhur
kuta. Urang Israil teu karuateun nenjo, tuluy
bae mundur ti eta kota terus marulang ka
nagarana.
4 1 Aya hiji awewe, randana salah sahiji
nabi, ngadeuheus ka Elisa, tuluy unjukan,
"Juragan, abdi teh katilar maot ku salaki.
Juragan langkung uninga, pun lanceuk teh
jalma anu ibadah ka Allah. Dupi ayeuna,
jalma anu ngahutangkeun ka pun lanceuk

dongkap bade ngabantun pun anak, bade dijadikeun abidna, pamayar hutang pun lanceuk."
2 Pilahir Elisa, "Kumaha kahayang maneh? Boga naon bae di imah?" Piunjukna, "Sumuhun teu gaduh naon-naon, mung minyak jetun sagoci alit."
3 Pilahir Elisa, "Jig geura nginjeuman wawadahan kosong ka tatangga, tong saeutik-saeutik, sing loba.
4 Geus kitu maneh asup ka jero imah jeung barudak, tutupkeun panto. Cicikeun minyak teh tina goci leutik kana wawadahan anu karosong. Wadah anu geus pinuh teundeun."
5 Gancangna eta awewe jeung barudakna geus di jero imah, pantona ditutupkeun. Minyak tina goci leutik tea dicicikeun kana wawadahan beunang anakna nginjeuman.
6 Sanggeus wawadahanana areusi kabeh, seug menta deui wadah ka anakna. Tembal anakna, "Teu aya deui, ieu anu panungtung." Set minyak tina goci leutik teh eureun.
7 Ti dinya awewe teh ngadeuheus deui ka Elisa. Saur Elisa, "Eta minyak jual, duitna pake mayar hutang. Duit sesana pikeun bekel hirup maneh jeung barudak."
8 Dina hiji poe Elisa angkat ka Sunem. Di dinya anjeunna disindangkeun ku hiji wanita beunghar, tuluy dituangkeun. Ti harita saban anjeunna ka Sunem tangtu sindang jeung tuang di eta wanita.

9 Eta wanita misaur ka carogena, "Tamu anu
sering ka urang teh moal lepat jalma suci.
10 Urang pangdamelkeun kakamaran
sapuratina, katil, meja, korsi, lampu, paranti
anjeunna leleson ari keur ka dieu."
11 Dina hiji poe Elisa sumping deui ka
Sunem, terus lebet ka eta kamar, leleson.
12 Anjeunna ngalahir ka Gehasi, rencangna,
miwarang mariksakeun ka wanita nu
kagungan bumi.
13 Saurna ka Gehasi, "Taroskeun bisi
anjeunna aya kahoyong, tina sakieu
getenna ka kami. Bisi sugan hoyongeun
dipangunjukkeun kahoyongna ka raja atawa
ka panglima perang." Ari piunjukna, "Teu aya
panuhun naon-naon, parantos cekap sapertos
nu sanes-sanes."
14 Saur Elisa ka Gehasi, "Kudu kumaha atuh
kami nya mulang tarima?" Piunjuk Gehasi,
"Juragan istri teh teu kagunganeun putra,
dupi carogena parantos sepuh."
15 Saur Elisa, "Sina calik ka dieu." Gancangna
geus nemonan, di lawang.
16 Saur Elisa, "Nyai, taun payun tepung wanci
kieu Nyai bakal mangkon putra pameget."
Wangsulanana, "Nun Ajengan piwarangan
Allah, naha yaktos, sanes ngabobodo?"
17 Tapi eta kasauran Elisa teh tinekanan,
taun hareupna eta wanita ngalahirkeun,
anakna lalaki.

18 Sanggeus meunang sababaraha taun,
hiji mangsa budak teh ulin ka tegal
nyampeurkeun bapana anu keur maturan nu
dibaruat.
19 Geus kitu budak teh ujug-ujug ngajerit,
"Apa, sirah Ujang nyeri!" "Buru-buru si encep
bawa ka ibuna!" ceuk bapana ka gandek.
20 Tuluy dipasrahkeun ka indungna. Ku
indungna gasik dilahun teu lesot-lesot. Tapi
sanggeus tengah poe, budak teh maot.
21 Ku indungna dibawa ka kamar Elisa,
dikedengkeun dina katilna uluy ditinggalkeun,
pantona ditutupkeun.
22 Salakina dicalukan, pokna, "Gandek sina
ngabantun kalde ka dieu, abdi bade ka Nabi
Elisa, moal lami."
23 Ceuk salakina, "Naha ka ditu ayeuna,
Nyai? Da lain poe Sabat jeung lain poe
Pesta Bulan Anyar." "Sawios, doakeun bae,"
tembalna,
24 bari ngararangkenan kalde. Ti dinya
carekna ka gandek, "Geuwat giringkeun
masing gancang, ulah eureun lamun can
dititah!"
25 Geus kitu kebat ngajugjug ka Gunung
Karmel arek ka Elisa. Ti kajauhan keneh ku
Elisa geus katingalieun. Anjeunna ngalahir ka
Gehasi, rencangna, "Tuh istri urang Sunem
tea ka dieu!

26 Geuwat papagkeun, tanyakeun kumaha
caroge jeung putrana salamet?" Ceuk eta
wanita ka Gehasi berekah, salamet.
27 Tapi sanggeus aya di payuneun Elisa,
eta wanita teh ujug-ujug ngarontok kana
sampeanana. Ku Gehasi rek dikenyang, tapi
saur Elisa, "Keun bae, hatena keur kiamat.
Tapi kami ku PANGERAN teu dipaparin terang
asalna."
28 "Nun Ajengan," pihaturna, "naha abdi
kapungkur teh nyuhunkeun anak ka Ajengan?
Sanggem abdi ge kapungkur naha yaktos
Ajengan teh sanes ngabobodo?"
29 Elisa ngalieuk ka Gehasi sarta saurna,
"Geuwat ka ditu! Bawa ieu iteuk. Di jalan
ulah rundag-randeg uluk salam. Anu uluk
salam ge ulah ditembalan. Jung buru-buru!
Ungkulkeun ieu iteuk ka luhureun eta budak."
30 Piunjuk eta wanita, "Nun Ajengan, demi
PANGERAN anu jumeneng, abdi moal waka
wangsul upami henteu sareng Ajengan!" Atuh
bral bae anjeunna angkat sareng.
31 Ari Gehasi geus tuluy ti heula, teteken Elisa
geus diungkulkeun luhureun murangkalih tea.
Tapi murangkalih teh teu aya sora-sorana,
teu aya tanda-tanda yen hirup. Gehasi balik
deui rek mapag Elisa. Ti dinya piunjukna,
"Murangkalih teh teu nyaring-nyaring."
32 Sumping-sumping Elisa terus ka kamar,
nyalira. Enya bae murangkalih teh geus maot,
ngagoler dina katil anjeunna.

33 Panto dipeundeutkeun tuluy anjeunna
neneda ka PANGERAN.
34 Geus kitu nangkubkeun anjeun ka
eta murangkalih. Baham, soca jeung
pananganana diantelkeun kana sungut,
panon jeung leungeun eta murangkalih,
seug awak murangkalih teh mimiti aya
haneut-haneutna.
35 Elisa lungsur heula angkat bulak-balik
di jero kamar. Prak deui nangkubkeun
anjeun kana awak eta murangkalih. Seug
eta murangkalih teh beresin tujuh kali, bray
panonna beunta.
36 Elisa nyaur Gehasi, miwarang wawartos ka
indung eta budak. Saur Elisa ka eta wanita,
"Ieu anak Nyai pangku."
37 Bruk indung eta budak teh nyium taneuh
bari ngarawu sampean Elisa, ti dinya ngarawu
anakna tuluy dibawa kaluar ti kamar.
38 Elisa geus mulih ka Gilgal. Hiji mangsa di
eta tanah aya paceklik. Dina hiji poe sabot
ngawulang murid-murid, Elisa miwarang
ngahurungkeun seuneu nagenkeun panci
gede, miwarang masak naon bae anu aya,
keur dahareun murid-murid.
39 Aya murid indit ka tegal rek neangan
angeuneun, manggih anu siga buah waluh,
tuluy diala saloba-lobana, dibawa balik. Bari
teu nyahoeun eta teh buah naon tuluy bae
dikeureutan, terus dipasak dina pariuk.

40 Sanggeus asak seug disiukan dibagikeun
ka murid-murid. Tapi kakara ge kaasaan,
murid-murid teh tingaraduh ka Elisa, "Aduh
Pa, geuning racun!" Atuh henteu didalahar.
41 Elisa mundut tipung saeutik tuluy
dicemplungkeun kana panci sarta saurna,
"Pek siukan, dalahar!" Berekah, teu jadi
sakara-kara.
42 Sejen waktu deui aya jalma ti Baal Salisa,
datang ka Elisa mawakeun roti dua puluh
siki tina tipung tarigu anu pangheulana
diala panen harita jeung sababaraha
keupeul gandum anyar. Ku Elisa dipiwarang
disuguhkeun ka murid-murid.
43 Tapi ceuk gandek, "Naha cekap katedaan
sakieu keur saratus jalmi?" Waler Elisa,
"Suguhkeun, sabab timbalan PANGERAN
bakal cukup, tur bakal nyesa."
44 Ari geus disuguhkeun bet tinekanan
sakumaha timbalan PANGERAN, cukup
didalahar tur aya sesana.
5 1 Naaman panglima perang nagara Siria.
Ku raja kacida diasihna jeung dihormatna,
sabab ku lantaran Naaman, PANGERAN
ngersakeun balad Siria saban perang
meunang bae. Naaman memang panglima
digjaya, hanjakal kagungan kasawat lepra.
2 Hiji mangsa waktu anjeunna nempuh ka
Israil, balad Siria balikna mawa hiji budak
awewe urang Israil, tuluy sina lalanjang di
geureuha Naaman.

3 Dina hiji poe eta budak unjukan ka juragan
istri Naaman, pokna, "Juragan pameget teh
upami nepangan ka nabi di Samaria mah
tangtos kasawatna damang."
4 Sanggeus kadangu ku Naaman, anjeunna
marek ka raja ngunjukkeun pihatur eta
budak.
5 Timbalan raja, "Tepungan atuh raja Israil,
ku kami dibahanan surat." Naaman jengkar
bari cacandakan, uang perak tilu puluh rebu,
uang emas genep rebu, jeung panganggo
sapuluh pangadeg.
6 Surat ti raja Siria eusina kieu, "Satampina
ieu surat kaula hatur uninga, mugi ieu
panglima kaula, Naaman, dipangnyageurkeun
kasakitna."
7 Satamatna maos surat, raja Israil nyosoeh
anggoanana sarta saurna, "Naha raja Siria
nitah kami nyageurkeun ieu jelema? Na
kami teh Allah, kawasa ngahirupkeun jeung
maehkeun? Ieu mah nyieun jalan sangkan
bentrok jeung kami!"
8 Kadangu wartana ka Nabi Elisa, seug
anjeunna ngintun saur, "Ku naon sang raja
rentag manah? Kintunkeun jalmina ka kaula
sina terangeun di Israil aya nabi!"
9 Naaman angkat kana kareta kudana, reg
liren payuneun buruan bumi Nabi Elisa.
10 Elisa miwarangan gandek mopoyanan ka
Naaman yen kudu siram di Walungan Yordan
tujuh kali, tangtu kasawatna bakal damang.

11 Naaman jadi bendu, saurna, "Hih, panyana
teh manehna rek nepungan, seug sasambat
ka PANGERAN, Allahna bari ngusap kasakit
kami sangkan cageur!
12 Jeung deui, naha ari walungan di Damsik,
Abana jeung Parpar lain leuwih alus ti batan
nu aya di Israil? Mending mandi di walungan
urang, moal teu cageur!"
13 Ponggawa-ponggawana arunjukan,
"Juragan, upami eta nabi miwarang anu sesah
tangtos ku Juragan dilakonan, sanes? Dupi
ieu mung miwarang siram lajeng damang!"
14 Naaman tumut, tuluy ancrub ka Walungan
Yordan, teuleum tujuh kali sakumaha pituduh
Elisa. Les kasawatna leungit, kulitna pulih
deui kawas kulit budak leutik.
15 Geus kitu anjeunna jeung pangiringna
ngadeuheus ka Elisa tuluy misaur, "Sim
kuring parantos yakin, di satungkebing langit
teu aya deui Allah kajabi ti di Israil. Ku margi
kitu mugi Ajengan kersa nampi ieu pangbakti
ti sim kuring."
16 Waler Elisa, "Demi PANGERAN anu
jumeneng, anu disembah ku kaula, hapunten
kaula teu tiasa nampi kana pangasih."
Naaman ngeukeuhan, tapi Elisa oge keukeuh
teu kersaeun.
17 Ku sabab kitu saur Naaman, "Ari henteu
kersa mah mugi sim kuring diwidian
ngabantun taneuh ti dieu, sakabantunna ku
dua bigal. Karanten ti wangkid ieu ka payun,

sim kuring mung seja ngabakti ka PANGERAN,
moal ngurban deui ka dewa-dewa sanes, boh
kurban peuncitan atanapi kurban beuleuman.
18 Nu dipalar mugia PANGERAN kersaeun
ngahapunten ka sim kuring, saupami engke
sim kuring ngarencangan raja lebet ka
kelenteng Dewa Rimon, dewa urang Siria,
sujud ngabakti ka eta dewa. Mugi-mugi
PANGERAN ngahapunten ka sim kuring dina
ieu saperkawis."
19 Waler Elisa, "Mangga, mugia wilujeng."
Bral Naaman jengkar. Can kungsi sabaraha
jauhna,
20 Gehasi rencang Elisa ngomong sorangan,
"Hih Juragan bet teu kersa nampi naon-naon
ti Naaman! Demi PANGERAN! Aing rek nyusul,
rek barang penta!"
21 Sanggeus kitu Gehasi nyusul ka Naaman.
Ana katingali ku Naaman aya anu nyusul, jut
lungsur tina kareta, mapag ka Gehasi tuluy
mariksa, "Aya naon?"
22 "Sumuhun teu aya naon-naon," jawab
Gehasi. "Bieu juragan abdi kadongkapan
dua murid nabi ti pagunungan Epraim. Abdi
dipiwarang ka Juragan nyuhunkeun tilu rebu
uang perak sareng anggoan anu sae dua
pangadeg, pasihkeuneun ka eta dua murid."
23 "Mangga atuh ieu tarima genep rebu
uang perak," saur Naaman ngeukeuhan
bari ngasup-ngasupkeun uang perak kana
dua rajut jeung pakeanana dua pangadeg,

tuluy dipiwarang dipanggul ku dua gandek anjeunna, sina indit heulaeun Gehasi.
24 Sanggeus nepi ka pasir tempat tinggal Elisa, rajutna ku Gehasi dicokot, dibawa asup ka bumi, nu mawana disina balik.
25 Ti dinya Gehasi marek ka Elisa. Ku Elisa dipariksa, "Maneh tas ti mana?" Jawab Gehasi, "Sumuhun henteu ti mana-mana."
26 Saur Elisa, "Marukan lelembutan kami teu nyaksian waktu eta jelema turun tina karetana mapag ka maneh? Ayeuna lain usumna narima naon-naon, boh duit boh pakean, boh kebon jetun boh kebon anggur, boh embe atawa sapi atawa jelema keur pibadegaeun!
27 Ku sabab kitu panyakit Naaman baris terap ka maneh jeung ka turunan maneh sapapanjangna!" Barang Gehasi kaluar, awakna geus katerap ku panyakit lepra, kulitna geus ngeplak saperti salju.
6 1 Dina hiji poe murid-murid anu dididik ku Elisa arunjukan, "Pamondokan abdi-abdi teh alit teuing.
2 Manawi karujukan abdi bade nuaran kai caket Walungan Yordan, bade ngadamel pamondokan anyar." "Heug bae," waler Elisa.
3 Salah saurang ti maranehna ngeukeuhan ka Elisa supaya anjeunna milu angkat. Elisa rujuk,
4 seug bareng angkat. Sadatangna ka sisi Walungan Yordan prak naluaran tangkal.

5 Anu saurang, keur jongjon nuar hiji tangkal,
hulu kampakna coplok terus nyemplung kana
cai. Seug ngalengis ka Elisa, pokna, "Juragan,
kumaha ieu abdi? Eta kampak teh kenging
nambut!"
6 "Ka mana ragragna?" saur Elisa. Sanggeus
dituduhkeun, Elisa nilas regang, tuluy
dicemplungkeun kana cai. Pecenghul kampak
teh ngambul.
7 "Tuh cokot," saurna. Tuluy dicokot.
8 Hiji mangsa raja Siria merangan ka
Israil. Sanggeus mundut pirempug para
perwirana, anjeunna milih hiji tempat tuluy
masanggrahan.
9 Tapi Elisa ngintun saur ka raja Israil,
ngawartosan ulah deukeut-deukeut ka dinya
lantaran aya balad Siria keur ngintip.
10 Raja Israil marentah supaya urang
wewengkon eta caringcing. Kitu bae
sababaraha kali.
11 Lila-lila raja Siria jadi kacida
jengkeleunana, tuluy mariksa ka para
perwira, "Cik saha anu sapongkol jeung raja
Israil?"
12 Piunjuk nu saurang, "Teu aya, Gusti! Mung
sagala rupi anu disaurkeun ku Gusti, dalah di
lebet kamar Gusti ku anjeun, kauninga bae ku
Nabi Elisa, lajeng diunjukkeun ka raja Israil."
13 Timbalan raja, "Teangan di mana imahna,
ku kami rek ditangkep!" Sanggeus diuningaan
yen Elisa aya di Dotan,

14 raja Siria nginditkeun pasukan gede tur
lengkep katut pasukan kuda jeung kareta.
Daratangna ka nu dijugjug geus peuting,
tuluy eta tempat dikepung.
15 Bray isuk gandek Elisa hudang tuluy
kaluar, ret nenjo aya balad Siria keur
ngepung, lengkep katut pasukan kuda jeung
kareta. Tuluy hariweusweus ka Elisa, "Aduh
Juragan, kumaha?"
16 Saur Elisa, "Tong sieun! Anu nyarengan ka
urang leuwih loba batan eta."
17 Tuluy anjeunna neneda, "Nun PANGERAN,
ieu rencang beuntakeun panonna sina awas."
Paneda anjeunna dimakbul ku PANGERAN.
Barang eta gandek ngareret deui, geuning
di lamping-lamping pasir sakuriling Elisa teh
geus pinuh ku kuda seuneu jeung kareta
seuneu.
18 Balad Siria geus maju narajang. Elisa
sasambat, "Nun PANGERAN, musuh teh
lolongkeun!" Paneda anjeunna ku PANGERAN
dimakbul, musuh jadi lalolong.
19 Elisa nyampeurkeun sarta saurna,
"Aranjeun kasalahan, tempatna lain di dieu.
Hiap tuturkeun, urang ka jelema anu keur
ditareangan." Ku anjeunna tuluy dicandak ka
Samaria.
20 Sanggeus araya di jero kota, Elisa
neneda, "Nun PANGERAN, ieu jalmi-jalmi
sina bareunta!" Panedana ku PANGERAN

dimakbul. Ana bray bareunta, horeng di jero kota Samaria!
21 Barang balad Siria katingali ku raja Israil, anjeunna naroskeun ka Elisa, "Kumaha Ama, urang perenkeun bae? Urang basmi?"
22 "Ulah!" waler Elisa. "Musuh anu katangkep keur perang teu kenging aya anu dipaehan. Anggur suguhan sina dalahar sina ngarinum, teras sina warangsul ka rajana."
23 Seug eta balad Siria teh ku raja Israil disuguhan dahar nginum. Sanggeus sareubeuheun tuluy dititah baralik ka raja Siria. Ti dinya urang Siria eureun meranganana ka urang Israil.
24 Hiji mangsa Raja Benhadad ti nagara Siria nyandak balad terus ngepung Samaria.
25 Nagara Samaria jadi tigerat ku dahareun. Ku tigerat-tigeratna, sirah kalde ge nepi ka laku dalapan puluh uang perak, tai japati dua ratus gram laku lima uang perak.
26 Dina hiji poe waktu raja Israil roronda dina luhur kuta, aya hiji awewe sasambat ka anjeunna, pokna, "Gusti Sang Raja! Tulungan abdi!"
27 Raja ngawaler, "Lamun PANGERAN geus teu kersaeun nulung, kami rek bisa kumaha? Marukankeun kami boga keneh anggur atawa gandum?
28 Aya sual naon?" Wangsulna, "Nun, ieu awewe kamari ieu ngajak ngahakan pun

anak, sanggemna enjingna giliran anakna
anu kedah diteda.
29 Nya lajeng pun anak ku abdi dikulub,
diteda sareng manehna. Ari dongkap kana
giliran anakna bet diulahkeun, anakna
disumputkeun!"
30 Ngadangu kajadian anu sakitu matak
ngerikna, raja nyosoeh anggoanana. Horeng
di jeroeun raksukanana teh raja geuning
nganggo raksukan karung, sidik katarenjo ku
jelema-jelema anu dareukeut kana kuta.
31 Raja tuluy ngalahir, "Kami masing kasiku
ku Allah upama memeh panonpoe surup
tacan neukteuk beuheung Elisa!"
32 Geus kitu anjeunna nimbalan sangkan
Elisa ditangkep. Ari Elisa keur aya di bumi,
keur cacarios jeung sepuh-sepuh anu
sarumping natamu. Samemeh utusan raja
nepi, anjeunna sasauran ka sepuh-sepuh,
"Aya utusan si tukang maehan ka dieu, bade
nilas sirah kaula! Upami parantos dongkap,
panto kedah ditulakan, ulah dipaparin asup.
Moal lepat raja nuturkeun pandeuri."
33 Tacan tamat sasauranana, raja geus
sumping manten, tuluy ngalahir, "Ieu
kacilakaan teh ti PANGERAN! Jadi naon
gawena kami ngarep-ngarep pitulung-Na?"
7 1 Elisa ngawaler, "Kieu pangandika
PANGERAN, dangukeun! Enjing wayah
kieu, di Samaria, tilu kilo tarigu anu

pangsaena atanapi gandum genep kilo,
pangaosna mung saperak."
2 Pangaping raja nyental, "Ambu-ambu!
Kacida pamohalanana eta mah najan
PANGERAN ku anjeun ujug-ujug nurunkeun
hujan oge!" Saur Elisa, "Ku maneh bakal
kasaksian isukan, tapi maneh mah moal
kungsi ngasaan-ngasaan acan."
3 Di luareun lawang nagara aya opat jelema
lepra baradami pada batur, "Rek caricing di
dieu bae urang teh ngadago paeh?
4 Asup ka nagara taya gunana ngan ngadon
paeh kalaparan. Cicing di dieu kitu keneh
tereh paeh. Mending urang ka pasanggrahan
balad Siria, paeh-paeh, hirup-hirup!"
5 Sanggeus poek maranehna arindit ka
pasanggrahan balad Siria. Ari datang sihoreng
geus suwung.
6 Tadi beurang eta balad Siria teh ku
PANGERAN didatangan kasieun ku sora anu
ngaguruh sada gumuruhna balad gede, sada
gurudugna kuda jeung kareta, disangkana
balad urang Het jeung balad Mesir datang
dipentaan tulung ku raja Israil.
7 Atuh ribut, sarta wanci sareupna balad Siria
geus kalabur. Pasanggrahanana, kudana,
kaldena, teu ditolih ditaringgalkeun kitu bae.
8 Nepi ka tungtung eta pasanggrahan, anu
opatan teh arasup ka hiji kemah, bararang
hakan jeung ngarinum sakarep-karep naon
nu aya. Ti dinya nyarokotan emas, perak kitu

deui papakean, disarumputkeun. Bus deui ka kemah sejen, retop deui cara tadi.
9 Geus kitu ceuk nu saurang, "Goreng ieu kalakuan teh! Milik sakieu gedena teu dibejakeun ka batur! Mun nepi ka isuk urang can bebeja, kaburu ditangkep manten. Ayeuna keneh urang bejakeun ka karaton!"
10 Bring arindit ka Samaria tuluy cumeluk ka nu kemit di lawang, pokna, "Kuring tas ti pasanggrahan balad Siria. Geus kosong taya manusana, tinggal kalde jeung kuda dicarangcang, kemah-kemah geus ditaringgalkeun."
11 Ku nu jaga diumumkeun jeung diuningakeun ka karaton.
12 Raja tanghi, ngorejat ti pajuaran, tuluy nimbalan ka para ponggawa, "Ieu akal urang Siria! Nyarahoeun urang geus langlayeuseun. Pasanggrahanana dihaja ditinggalkeun, ngintip ti tegal. Maksudna mun urang kaluar ngaranjah rek ditangkepan, seug nagara urang dijabel."
13 Aya ponggawa anu mihatur, "Kumaha-kumaha oge jalmi-jalmi di jero kota parantos kalintang cilakana, kenging disebatkeun parantos maraot. Ku margi kitu langkung sae ngintunkeun sawatara jalmi sareng kuda lima ti anu aya keneh, sina nyidikkeun kumaha nu sayaktosna balad Siria teh."
14 Geus kitu maranehna milih sawatara jelema, ku raja dititah tarumpak kana dua

kareta perang, sina maluruh anu geus kajadian di balad Siria.
15 Bral anu diutus arindit, nepi ka Walungan Yordan. Sapanjang jalan nu katenjo teh papakean tingtalambru, pakakas pabalatak, urut balad Siria miceunan waktu keur kalabur. Utusan baralik deui lapor ka raja.
16 Urang Samaria budal ngaranjah ka pasanggrahan urang Siria. Harita tinekanan timbalan PANGERAN, tilu kilo gandum anu panghadena atawa gandum sejenna genep kilo hargana saperak.
17 Ari pangaping raja tea ku raja Israil ditimbalan ngapalaan jaga lawang, seug paeh kaleyek, bukti sakumaha lahiran Elisa kamari waktu raja ngajorag ka anjeunna.
18 Kamari waktu Elisa nyaurkeun ka raja yen isukan tilu kilo gandum nu pangalusna atawa gandum sejenna genep kilo hargana saperak,
19 eta pangaping raja teh nyental, "Ambu-ambu! Kacida pamohalanana eta mah najan PANGERAN ku anjeun ujug-ujug nurunkeun hujan oge!" Ari saur Elisa kamari, "Ku maneh bakal kasaksian sorangan isukan, tapi maneh mah moal kungsi ngasaan-ngasaan acan."
20 Poe eta bukti, eta jelema tiwas di lawang nagara kaleyek ku jelema loba.
8 1 Hiji mangsa Elisa ngawartosan ka wanita urang Sunem anu anakna dihirupkeun deui tea ku anjeunna. Eta wanita jeung kulawargana dipiwarang ngumbara heula ka

mana bae, sabab tanah eta ku PANGERAN
bakal didatangan paceklik tujuh taun.
2 Eta wanita nurut, tuluy ngumbara jeung
kulawargana di tanah Pelisti, meunang tujuh
taun.
3 Sanggeus tujuh taun mulang deui ka
tanah Israil, tuluy ngadeuheus ka raja,
nyuhunkeun supaya imah jeung lahanna ku
raja dipaparinkeun deui.
4 Poe eta raja keur ngadangukeun Gehasi
nyaritakeun mujijat-mujijat anu dipidamel ku
Elisa.
5 Sabot Gehasi nyaritakeun petana Elisa
ngahirupkeun deui budak anu geus maot
tea, wanita teh marek ka raja, ngunjukkeun
panuhunna. Ceuk Gehasi, "Gusti Sang Raja,
kaleresan, tah ieu wanita anu disanggemkeun
teh, sareng ieu putrana, anu dihirupkeun deui
ku Juragan Elisa."
6 Waktu ku raja dipariksa, jawaban eta
wanita teh ngaenyakeun kana caritaanana.
Geus kitu raja nimbalan ka hiji ponggawa
supaya sagala harta milik eta wanita
dipulangkeun. Malah laladangan tina hasil
lahanna salila ditinggalkeun nepi ka tujuh
taun oge sakalian diserenkeun.
7 Hiji mangsa Elisa angkat ka Damsik.
Harita Raja Benhadad keur teu damang. Raja
diuningaan yen aya Elisa sumping.
8 Seug nimbalan ka Hasael, salah sahiji
mantrina, "Elisa abdi Allah teh haturanan

pangbakti. Unjukkeun kami hayang
dipangnaroskeun ka PANGERAN bakal menyat
deui atawa moal."
9 Hasael tuluy nyadiakeun rupa-rupa
barang buatan Damsik anu panghadena,
dimuatkeun kana opat puluh onta, bral
dibawa ngadeuheus ka Elisa. Sanggeus
aya di payuneunana Hasael mihatur, "Jisim
abdi dipiwarang ku Raja Benhadad, seja
nyuhunkeun citeres Ajengan, kumaha
anjeunna teh bakal damang deui atanapi
moal?"
10 Saur Elisa, "Sayaktosna Bapa parantos
terang ti PANGERAN, raja bakal tereh pupus.
Nanging unjukkeun bae bakal damang,
kituh."
11 Geus kitu Elisa neuteup anteb ka Hasael,
nepi ka Hasael ngelemes. Berebey Elisa bijilan
cisoca.
12 Ceuk Hasael, "Ku naon Ajengan bet
nangis?" Saur Elisa, "Lantaran Bapa terang
kacilakaan anu ku hidep bakal dikeunakeun
ka urang Israil. Kota-kota bentengna ku
hidep bakal seep dihuru, para nonomanana
dipeuncitan, orok-orokna dipepejet, nu keur
ngarandung dibedelan beuteungna."
13 Piunjuk Hasael, "Beu, pimanaeun abdi
tiasa midamel sapertos kitu? Abdi sakieu
buktosna geuning!" "Bapa geus terang ti
PANGERAN, hidep bakal jadi raja Siria," waler
Elisa.

14 Geus kitu Hasael mulang, marek ka
Benhadad, tuluy dipariksa, "Kumaha saur
Elisa teh?" Piunjuk Hasael, "Saurna Sang Raja
tangtos damang deui."
15 Isukna Hasael nyokot simbut dicelupkeun
kana cai, tuluy dirungkupkeun kana raray
raja, kusek raja pupus. Tuluy Hasael jadi raja
Siria ngaganti Benhadad.
16 Yehoram putra Yosapat mimiti ngarajaan
Yuda dina taun kalima Yoram putra Ahab
ngarajaan Israil,
17 dina yuswa tilu puluh dua taun. Calikna di
Yerusalem, ngarajaanana dalapan taun.
18 Ari geureuhana teh putra Ahab. Lampah
Yehoram teu beda ti lampah ahli-ahli Ahab,
kalakuanana awon cara raja-raja Israil,
midamel dosa ka PANGERAN.
19 Ngan bae PANGERAN teu kersaeun
ngabasmi Yuda, emut kana jangji-Na ka Daud
abdi-Na, yen putra-putra Daud salawasna
bakal aya anu ngasta karajaan.
20 Jaman Yehoram ngarajaan Yuda, urang
Edom mungkir, ngaleupaskeun maneh jadi
karajaan anu mandiri.
21 Ku sabab kitu Yehoram angkat nyandak
pasukan kareta ka Sair. Di dinya anjeunna
dikepung ku urang Edom, tapi peutingna
anjeunna jeung para panglima pasukan
kareta norobos kepungan musuh, ari
prajurit-prajuritna kalabur, baralik ka imahna
masing-masing.

22 Ti semet harita Edom henteu kaereh deui
ku nagara Yuda. Sawaktu keneh jeung eta,
nagara Libna oge baha ka Yuda.
23 Carita Raja Yehoram kaungel dina Kitab
Babad Raja-raja Yuda.
24 Yehoram pupus, dimakamkeun di makam
karajaan di Kota Daud, diganti ku Ahasia,
putrana.
25 Ahasia putra Yehoram mimiti jadi raja
Yuda dina taun kadua belas Yoram putra Ahab
ngarajaan Israil,
26 dina yuswa dua puluh dua taun. Calikna di
Yerusalem, ngarajaanana sataun. Ari ibuna
nya eta Atalya putra Raja Ahab putu Omri
raja Israil.
27 Kawantu ngawargi ka Raja Ahab da
geureuhaan ka putra eta raja, Ahasia oge
cara ahli-ahli Ahab bae midamel dosa ka
PANGERAN.
28 Hiji mangsa Raja Ahasia samiuk jeung
Raja Yoram perang ngalawan Raja Hasael ti
nagara Siria. Sanggeus campuh di Ramot
wewengkon Gilad, Yoram kabeunangan,
salirana taratu,
29 tuluy bae mulih ka Yisrel rek lalandong, ku
Ahasia dilayad.
9 1 Dina waktu eta Nabi Elisa nyaur hiji nabi
ngora, saurna, "Geura dangdan, kudu ka
Ramot wewengkon Gilad. Bawa ieu minyak
jetun ka ditu.

2 Panggihan Yehu putra Yosapat putu Nimsi.
Bawa misah ti nu sejen, ajak ka kamar
paduduaan.
3 Kucurkeun ieu minyak kana sirahna.
Sebutkeun kieu, Andika ku PANGERAN
dilisahan jadi raja nagara Israil, sanggeus
kitu hidep kudu buru-buru gancang nyingkah
ti ditu."
4 Bral nabi ngora teh iang ka Ramot.
5 Barang datang kasampak Yehu keur
babadamian jeung kapala-kapala balad. Pok
eta nabi mihatur, "Pangapunten Juragan, aya
wartos kangge Juragan." Saur Yehu, "Pikeun
saha? Saha anu dimaksud?" Pihaturna,
"Juragan!"
6 Yehu cengkat tuluy ka jero kamar.
Sanggeus aya di jero kamar seug sirahna
ku nabi dikucuran ku minyak. Kieu pihatur
eta nabi, "PANGERAN Allah Israil ngandika,
Maneh ku Kami dilisahan jadi raja nyangking
umat Kami Israil.
7 Raja dunungan maneh, anak Ahab, paehan,
wawales ti Kami ka Isebel anu geus maehan
nabi-nabi Kami jeung abdi-abdi Kami lianna.
8 Sakulawarga Ahab katut turunanana kudu
tumpur. Sakur ahlina anu lalaki, kolot, ngora,
ku Kami bakal ditumpes.
9 Ku Kami rek disaruakeun jeung ahli-ahlina
dua raja Israil, Raja Yarobam jeung Raja
Baasa.

10 Isebel moal manjing kubur, bangkena
sina dihakan ku anjing di wewengkon Yisrel."
Sanggeus ngomong kitu nabi ngora teh kaluar
tuluy lumpat.
11 Yehu kaluar nyampeurkeun deui kanca-
kancana anu nararos kieu, "Kumaha teu
kieu-kieu? Bade naon eta nu burung teh,
ngomong naon?" Saur Yehu, "Ah, aranjeun
geus aruninga."
12 Ceuk para perwira kanca-kanca Yehu,
"Terang ti saha! Cobi carioskeun kumaha
ngomongna eta jalma teh." Waler Yehu,
"Nya eta sanggemna teh, kieu pangandika
PANGERAN, Maneh ku Kami dilisahan jadi raja
Israil."
13 Para perwira kanca-kanca Yehu teu
talangke ngalamparkeun jubahna kana
umpak tangga pangluhurna anu ditincak ku
Yehu, tuluy nariup tarompet, ger sarurak,
"Yehu jumeneng raja!"
14 (9:14-15) Sanggeus kitu Yehu pasini
ngamusuh ka Raja Yoram. Raja Yoram harita
aya di Yisrel keur nambakeun tatu-tatuna
urut perang di Ramot ngalawan Raja Hasael ti
Siria tea. Saur Yehu ka para perwira kancana,
"Urang parantos sahate. Kade ulah aya jalma
molos kaluar ti Ramot, heug mopoyanan ka
nu araya di Yisrel."
15 (9:14)

16 Yehu terus kana kareta seja muru ka
Yisrel. Ari Raja Yoram harita tacan damang,
keur dilayad keneh ku Raja Ahasia.
17 Pangawal anu keur kemit di munara
pangawas di Yisrel nenjoeun ka aleutan Yehu,
tuluy ngagero, "Aya nu ka dieu saaleutan!"
Saur Yoram, "Papag ku nu tumpak kuda!
Sidikkeun, batur atawa musuh."
18 Jelema anu diutus terus kaluar tumpak
kuda mapag Yehu, pok mihatur, "Kaula
utusan raja. Raja palay uninga andika teh
kanca atawa sanes." Saur Yehu, "Maneh teu
kudu nyaho! Hayoh biluk ka kami!" Kawal
di munara pangawas lapor yen utusan geus
amprok jeung aleutan, tapi henteu balik deui.
19 Ngirim deui utusan sejen, pok ngomong ka
Yehu cara nu ti heula. Yehu oge ngawalonna
kawas tadi, "Maneh teu kudu nyaho! Hayoh
biluk ka kami!"
20 Ku nu kawal dilaporkeun deui yen utusan
geus amprok jeung aleutan tapi henteu
datang deui. "Kapala aleutanana tumpak
kareta, ngajalankeunana sapertos anu
kasurupan, rupina mah sapertos Yehu!" ceuk
nu kemit.
21 "Pasang kareta kami!" saur Raja Yoram.
Ti dinya clak anjeunna kana kareta, bareng
jeung Raja Ahasia dina karetana ku anjeun,
tuluy maju mapag Yehu. Prok amprok di
lebah lahan Nabot.

22 "Anjeun teh rek niat hade?" saur Raja
Yoram. Saur Yehu, "Rek niat hade kumaha
sapanjang di dieu loba keneh elmu nu
nyarembah ka brahala, anu dimimitian ku si
Isebel indung maneh?"
23 "Aduh Ahasia, urang kalejokeun!" Yoram
ngagero ka Ahasia bari malikkeun karetana
terus kabur.
24 Yehu ngawengkang gondewa sataker
tanaga. Jamparingna ngabelesat, keuna kana
pungkur Raja Yoram, tembus kana angenna.
Bluk Yoram tibeubeut dina kareta, terus
pupus.
25 Yehu ngalahir ka Bidkar, pangawal
utamana, "Angkat bangkena, balangkeun
ka lahan Nabot. Maneh tangtu inget keneh
basa urang tumpak kuda tukangeun Raja
Ahab bapana Raja Yoram. Harita PANGERAN
geuning ngandika ka Ahab, pangandika-Na,
26 Kami kamari ningali Nabot saanak incuna
dipaehan. Kami sumpah, maneh oge ku Kami
rek dipaehan di dieu, di kebon ieu! Geuwat
bangkena angkat," saur Yehu, "balangkeun ka
lahan Nabot, nekanan timbalan PANGERAN."
27 Raja Ahasia barang ningali eta kajadian
terus kabur dina karetana, muru ka kota Bet
Hagan, diudag-udag ku Yehu. "Manehna oge
paehan!" saur Yehu ka baladna. Sanggeus
nepi ka jalan anu terus ka Gur, Ahasia
beunang deukeut Yiblam, sarta tatu. Tapi

nguat-nguat anjeun nepi ka kota Megido.
Barang nepi ka dinya terus pupus.
28 Layonna ditareang ku ponggawa-
ponggawana, dibawa ka Yerusalem dina
kareta. Tuluy dimakamkeun di makam
karajaan di Kota Daud.
29 Ahasia mimiti jadina raja dina taun
kasabelas Yoram putra Ahab ngarajaan
nagara Israil.
30 Yehu cunduk ka Yisrel. Kajadian-kajadian
anu tadi geus kauninga ku Isebel. Isebel
tuluy diwedak, socana disipat, rambutna
didangdanan, terus nempo ka jalan tina
jandela karaton.
31 Barang Yehu lebet ngalangkung gapura,
Isebel ngagero, "Euy, Simri! Tukang maehan!
Rek naon ka dieu?"
32 Yehu tanggah, tuluy ngalahir, "Saha nu
daek biluk ka kami?" Aya dua tilu ponggawa
karaton anu ngelolkeun sirah tina jandela,
nempo ka anjeunna di handap.
33 Yehu ngalahir, "Jongklokkeun eta awewe!"
Gebut diragragkeun, getihna muncrat kana
tembok jeung kana kuda. Yehu ngajalankeun
karetana digelengkeun ka Isebel.
34 Geus kitu sup Yehu lebet ka karaton,
tuluy tuang. Reres tuang kakara anjeunna
marentah, saurna, "Urus bangke eta awewe
jahat teh, kuburkeun, da anak raja eta teh."

35 Tapi barang rek dikubur bet geus teu aya,
kari tangkorekna, tulang suku jeung tulang
leungeun.
36 Tuluy diunjukkeun ka Yehu. Ari saur Yehu,
"Tinekanan sakumaha timbalan PANGERAN
anu diandikakeun ka Elias abdi-Na. Kapan
timbalana-Na teh, Bangke Isebel sina dihakan
anjing di wewengkon Yisrel,
37 sesa-sesa awakna bacacaran lir kokotor
sato, nepi ka moal aya anu boga panyana yen
eta sesa awakna."
10 1 Ari Raja Ahab teh kagungan tujuh
puluh putra lalaki, maratuhna di
Samaria. Yehu ngadamel serat, salinan-
salinanana dikintunkeun ka para pangereh
kota, ka para pamuka masarakat, jeung ka
nu ngarasuh putra-putra Ahab. Eusina,
2 "Maraneh dikawasakeun ngurus anak incu
raja, ngurus kareta-kareta, kuda, pakarang-
pakarang, jeung kota-kota benteng. Mana
satampana ieu surat,
3 maraneh kudu buru-buru ngileng-ngileng
anak raja anu pangcakepna, anu payus
jadi raja, pek jieun raja jeung belaan ku
maraneh."
4 Pangereh-pangereh Samaria jadi
sarieuneun. Ceuk maranehna, "Mana kuat
urang ngalawan Yehu? Raja Yoram jeung Raja
Ahasia ge geuning nepi ka tiwas!"
5 Ku sabab kitu kapala urusan karaton
jeung wali kota, bareng jeung para pamuka

masarakat jeung jelema-jelema anu ngarurus
anak-anak raja teh ngirim pihatur ka
Yehu, unina, "Abdi-abdi sumeja pasrah
sadaya-daya, sumeja tumut kana timbalan.
Nanging paliyas kedah ngangkat jalma sanes
jadi raja mah. Abdi sadaya ngantos timbalan
kumaha pisaeeunana."
6 Yehu ngintun deui surat, unina, "Lamun
enya daek milu ka kami, sadia ngalakonan
parentah kami, kami menta hulu anak incu
Raja Ahab. Ku kami ditunggu di Yisrel isukan
wayah kieu!" Anu ngasuh jeung ngagedekeun
putra-putra Ahab anu tujuh puluh teh para
gegeden Samaria.
7 Satampana surat ti Yehu teu talangke,
putra putu Ahab terus diparaehan,
sirahna diteukteukan tuluy dikaranjangan,
dikirimkeun ka Yehu di Yisrel.
8 Yehu diuningaan yen kiriman sirah putra
putu Ahab geus datang. Seug anjeunna
marentah supaya eta sirah-sirah teh
digundukkeun dua tumpuk di lawang nagara,
jeung kudu terus diantep heula nepi ka isukna
deui.
9 Poe isukna ku Yehu ditingalian ka lawang
nagara. Saur Yehu ka sakur nu aya, "Anu
ngalawan jeung maehan Raja Yoram memang
kami. Dina eta perkara maraneh beresih. Tapi
ieu kabeh saha anu maehanana?
10 Ana kitu tetela sagala pangandika
PANGERAN hal anak incu Ahab teh tinekanan.

Pangandika PANGERAN ku jalan Nabi Elias
geus bukti laksana."
11 Sanggeus kitu sakabeh wargi Ahab
anu araya di Yisrel, para gegedenna,
mitra-mitrana, imam-imamna, ku Yehu
dibasmi teu aya anu disesakeun hirup.
12 Yehu angkat ti Yisrel ka Samaria. Di
satengahing jalan, di hiji tempat anu disebut
"Pondok Pangangon"
13 amprok jeung saderek-saderek Ahasia
raja nagara Yuda almarhum. Yehu mariksa,
"Arandika saha?" Jawabna, "Saderek-saderek
Ahasia, seja ka Yisrel, seja nembongkeun
katineung ka putra putu Isebel jeung
wargi-wargi karajaan anu araya keneh."
14 Yehu marentah ka baladna, "Cerek
kabeh hirup-hirup!" Tuluy dicarerek, seug
dipeuncitan deukeut hiji lombang jero di
dinya, kabehna opat puluh dua urang, taya
anu dihirupan.
15 Yehu terus angkatna, di jalan tepung jeung
Yonadab bin Rekab. Yehu ngabageakeun sarta
saurna, "Urang teh sajalan nya pipikiran.
Kersa ngabantu kaula?" "Kantenan," ceuk
Yonadab. "Atuh urang sasalaman," saur Yehu.
Tuluy sasalaman mani pageuh. Yonadab ku
Yehu dituyun kana kareta,
16 saurna, "Urang sareng ka ditu. Tingalikeun
engke bakti kaula ka PANGERAN," terus
bareng ka Samaria.

17 Barang sumping, Yehu terus numpes
wargi-wargi Ahab, teu disesakeun saurang-
urang acan. Tinekanan sakumaha pangandika
PANGERAN anu diandikakeun ka Nabi Elias.
18 Yehu ngumpulkeun urang Samaria.
Sanggeus kabeh kumpul, Yehu sasauran,
"Ahab nyembahna ka batara Baal teu
sabaraha. Kami mah rek leuwih ti kitu.
19 Kumpulkeun nabi-nabi Baal, abdi-abdina,
imam-imamna. Ulah aya anu teu datang.
Kami rek nyuguhkeun kurban gede ka Baal.
Saha-saha nu teu datang moal dihirupan."
(Tapi kituna teh akal, nu dipalar ku Yehu
sakabeh umat Baal rek digempur.)
20 Yehu marentah deui, "Embarkeun kudu
saradia pikeun ngahormat ka Baal!" Seug
diembarkeun.
21 Ti dinya Yehu ngintun timbalan ka sakuliah
tanah Israil. Tukang nyarembah ka Baal teh
daratang taya anu tinggaleun. Sup kabeh
arasup ka gedong Baal mani pajejel ti sisi ditu
nepi ka sisi dieu.
22 Yehu marentah ka imam purah ngurus
jubah-jubah karamat, supaya jubah-jubah
teh dikaluarkeun, sina terus diparake ku nu
rek ngabarakti.
23 Geus kitu Yehu lebet ka eta gedong
jeung Yonadab bin Rekab, sasauran ka nu
karumpul, "Pariksa heula bisi aya abdi-abdi
PANGERAN anu milu asup. Anu meunang milu
ngan abdi-abdi Baal wungkul."

24 Geus kitu Yehu jeung Yonadab peta-peta
rek nyuguhkeun peupeuncitan jeung kurban
beuleuman ka Baal. Di luar anjeunna geus
metakeun baladna dalapan puluh urang,
timbalanana, "Jelema-jelema anu geus araya
di jero engke paehan kabeh. Mun nepi ka
aya anu leupas najan saurang, nyawa anu
ngaleupaskeunana pigantieunana!"
25 Anggeus Yehu nyuguhkeun kurban-
kurban, nimbalan ka para pengawal jeung
para perwira, "Arasup! Paehan kabeh! Poma
ulah aya anu leupas!" Terus arasup nyarekel
pedang, nyarabetan anu araya di jero,
bangke-bangkena digusuran ka luar. Bus deui
arasup ka kamar karamat eta gedong,
26 pilar brahala di dinya digusur tuluy
diduruk.
27 Eta pilar brahala geus beak ku seuneu,
gedongna diruntuhkeun, tuluy dijieun
pacilingan, nepi ka ayeuna.
28 Kitu petana Yehu numpes umat Baal di
Israil.
29 Tapi anjeunna oge nurutan dosa Raja
Yarobam, anu mawa bangsa Israil kana
dosa, maruja ka babantengan emas anu
diadegkeun ku anjeunna di Betel jeung Dan.
30 PANGERAN nimbalan ka Yehu, "Maneh
geus numpes anak-anak Ahab nurutkeun
pangersa Kami. Kami jangji, anak incu maneh
opat turunan bakal jaradi raja di Israil."

31 Tapi Yehu tumutna kana Hukum
PANGERAN Allah Israil teh henteu terus jeung
manah, anggur nurutan lampah Yarobam,
mawa urang Israil kana dosa.
32 Dina jaman eta PANGERAN ngawitan
nyecelan wewengkon Israil. Wewengkon Israil
beuki kurang, dibeunang-beunangkeun ku
Raja Hasael ti Siria,
33 ti semet wetaneun Walungan Yordan terus
ka kidul nepi ka Arur anu di sisi Walungan
Arnon, ngurung wewengkon-wewengkon
Gilad jeung Basan pamatuhan kaom Gad,
kaom Rubin, jeung kaom Menase wetan.
34 Carita Yehu salian ti eta, lampah
kagagahanana, kaungel dina Kitab Babad
Raja-raja Israil.
35 Yehu geus pupus, dimakamkeun di
Samaria, diganti ku Yoahas putrana, jadi raja.
36 Jadina raja Israil dua puluh dalapan taun,
calikna di Samaria.

11 1 Barang Atalya ibu Raja Ahasia
uningaeun yen putrana ditelasan,
terus bae marentah supaya sakabeh anggota
kulawargi raja ditumpur. Seug ditumpur.
2 Tapi aya saurang anu salamet, nya eta Yoas
putra Ahasia. Eta oge meh beunang dipaehan,
tapi kaburu disalametkeun ku Yoseba, bibina,
putra Raja Yehoram, kapisaderek Ahasia,
tuluy disumputkeun jeung pangasuhna di hiji
kamar di jero Bait Allah, jadi henteu milu
tiwas.

3 Eta murangkalih disumputkeunana di Bait
Allah meunang genep taun, dirawatan ku
Yoseba; sajeroning kitu Atalya jadi ratu.
4 Dina katujuh taunna, Imam Yoyada
ngahaturanan opsir-opsir pangawal karajaan
jeung pangawal karaton ka Bait Allah, diajak
pasini, lantaran anjeunna kagungan rasiah.
Sanggeus kabeh disumpah yen moal rek
ucah-aceh, anjeunna nembongkeun Yoas
putra Ahasia.
5 Geus kitu anjeunna ngatur, saurna, "Engke
dina giliran aranjeun ngajagi dina poe Sabat,
sapertilu ngajagi di karaton,
6 sapertilu ngajagi di Gapura Sur, sapertilu
deui ngajagi di lawang pungkureun para
tamtama sanesna.
7 Anu dua bagian, anu henteu ngajaga
dina poe Sabat kudu aya di Bait Allah
nangtayungan raja.
8 Mun Raja Yoas ka ditu ka dieu kudu
ditangtayungan, pedang abarkeun. Sing saha
anu ngadeukeutan, paehan."
9 Parentah Yoyada ku opsir-opsir
digumatikeun. Para prajuritna anu kagiliran
jaga poe Sabat jeung anu keur henteu
kagiliran jaga dikumpulkeun ka anjeunna.
10 Opsir-opsir ku anjeunna dibagi tumbak
titinggal Raja Daud anu disimpen di Bait
Allah.

11 Palataran Bait Allah sakurilingna
dipiwarang dijaga ku anu maresat pedang,
nangtayungan raja.
12 Geus kitu Yoas ku Yoyada dicandak ka
luar, rap dimakutaan, terus diselehan salinan
palaturan martabat raja. Yoas geus dilisahan
dijenengkeun raja. Jalma rea sarurak,
"Wilujeng raja!"
13 Surakna para pangawal jeung jalma
rea kadangu ku Ratu Atalya. Anjeunna
gesat-gesut angkat ka Bait Allah, ari sumping
nyampak jalma sakitu lobana.
14 Katingalieun raja anyar keur ngadeg
dina parantina deukeut tihang lawang
asup ka rohangan Bait Allah, digendeng
ku para gegeden jeung pasukan tarompet.
Jalma-jalma sarurak dibarung ku nu nariup
tarompet. Atalya nyosoeh anggoanana, liwat
saking benduna, tuluy ngadengek, "Hianat!
Hianat!"
15 Yoyada marentah ka opsir-opsir, nyegah
sangkan Atalya ulah dipaehan di lingkungan
Bait Allah. Parentahna, "Kaluarkeun!
Bere jalan antara barisan pangawal! Anu
nyoba-nyoba nulungan paehan!"
16 Atalya pada nyerek, dibawa kaluar dibawa
deui ka karaton, tuluy dipaehan di Gapura
Kuda, tuluy dipaehan di dinya.
17 Imam Yoyada miwarang sangkan Raja
Yoas jeung rahayat ngayakeun perjangjian
jeung PANGERAN yen baris jadi umat

PANGERAN, kitu deui perjangjian antara raja reujeung rahayatna.
18 Geus kitu jalma rea arindit ka gedong Baal, eta gedong dirubuhkeun, altar-altar jeung arca-arcana diruksak-ruksakkeun, sarta Matan imam Baal dipaehan hareupeun altar. Yoyada nempatkeun pasukan jaga di Bait Allah.
19 Ti dinya anjeunna, para gegeden, para pangaping raja, jeung para pangawal karaton, ngalulungsur raja ti Bait Allah ka karaton, dijajap ku jalma rea. Yoas lebet nganggo jalan Gapura Pangawal, gek linggih dina singgasana.
20 Rahayat ngarasa bagja, nagara jadi kerta. Ari Atalya geus ditelasan di karaton.
21 Yoas jadi raja nagara Yuda dina yuswa tujuh taun.
12 1 Yoas mimiti jadi raja dina taun katujuh Raja Yehu ngarajaan nagara Israil. Calikna di Yerusalem, ngarajaanana opat puluh taun. Jenengan ibuna Sibya ti Bersyeba.
2 Sapanjang jumenengna midamel anu bener dina paningal PANGERAN, lantaran terus diasuh ku Imam Yoyada.
3 Tapi tempat-tempat pangibadahan ka brahala mah diantep henteu digempur, jalma-jalma masih keneh ngalurban jeung ngarukus di tempat-tempat kitu.

4 Hiji mangsa Yoas marentah ka imam-imam,
supaya duit anu katarima tina kurban-kurban
di Bait Allah, boh tina kurban-kurban anu
baku, boh anu didermakeun kitu bae, supaya
disimpen.
5 Tiap imam kudu tanggung jawab kana
duit anu dibaktikeun ku jelema-jelema anu
dilalayananana. Eta duit baris dipake pikeun
ngomean karuksakan Bait Allah samangsa
perlu.
6 Tapi nepi ka geus dua puluh tilu taun Raja
Yoas ngarajaan, para imam teh acan prak
keneh bae ngomean Bait Allah.
7 Ku sabab eta anjeunna ngahaturanan
Imam Yoyada jeung imam-imam sejenna,
seug mariksa, "Ku naon Bait Allah teh
teu acan diomean keneh? Ku margi kitu
ayeuna mah artos anu katampi teh teu
kedah disimpen heula, teras bae serenkeun
ka tukang ngomean supados tiasa teras
digunakeun sakumaha mistina."
8 Para imam rempug moal nyimpen deui duit
anu katarima, sarta ngomean Bait Allah moal
ku aranjeunna.
9 Ti dinya Imam Yoyada ngadamel kotak,
turubna dicopongan, diteundeun gigireun
altar katuhueun salah sahiji lawang rohangan
Bait Allah. Duit anu katarima ti nu karumpulan
ku para imam anu kapapancenan di dinya
diasupkeun kana eta kotak.

10 Lamun eta kotak geus loba eusina, duitna
dikaluarkeun ku panitera karajaan jeung
Imam Agung, ditimbang terus dibungkusan.
11 Sanggeus jumlahna dicatet samistina
tuluy diserenkeun ka tukang-tukang digawe
di Bait Allah pikeun upah tukang kayu, tukang
ngadegkeun,
12 tukang batu, tukang meulahan batu,
dibeulikeun kai jeung batu pikeun uma-ome
jeung rupa-rupa deui ongkos anu tumali
jeung eta.
13 Jadi eta duit teh taya anu dipake keur
kaperluan nyieun barang-barang perak
kayaning cangkir perak, bokor, tarompet,
pakakas paranti ngurus lampu atawa
paparabotan emas perak lianna.
14 Kabeh dipake pikeun upah anu digarawe
jeung pikeun meuli bahan-bahan kaperluan
uma-ome.
15 Jalma-jalma anu dipasrahan ngurus
pagawean henteu kudu balitungan perkara
duit, lantaran kabeh jalujur beunang
dipercaya.
16 Tapi duit anu katarima tina kurban
ganti rugi jeung kurban dosa mah henteu
diasupkeun kana kotak, sabab eta mah
pikeun para imam.
17 Mangsa harita Hasael raja Siria tea
ngarurug ka Gat. Sanggeus Gat beunang,
karepna rek terus ngarurug ka Yerusalem.

18 Ti dinya Yoas raja Yuda ngumpulkeun
barang-barang beunang nyucikeun Raja
Yosapat, Raja Yehoram, jeung Raja Ahasia,
anu dibaktikeun ka PANGERAN, dilengkepan
ku sakabeh emas kagunganana ku anjeun,
kitu deui emas ti gudang rajabrana Bait Allah
jeung karaton, tuluy dikintunkeun ka Hasael
raja Siria anu terus ngantunkeun Yerusalem.
19 Carita Raja Yoas salian ti eta kaungel dina
Kitab Babad Raja-raja Yuda.
20 (12:20-21) Hiji mangsa mantri-mantrina
sakait ngamusuh, sarta ahirna anjeunna
ditelasan ku dua mantrina anu ngaran
Yosakar bin Simat jeung Yosabad bin Somer.
Ditelasanana di hiji imah anu ayana di
wewengkon Yerusalem beulah wetan, sisi
jalan anu mudun ka Sila. Yoas dimakamkeun
di makam karajaan di Kota Daud. Amasia
putrana ngagentos jadi raja.
21 (12:20)
13 1 Yoahas putra Yehu jadi raja nagara
Israil dina taun kadua puluh tilu Raja
Yoas putra Ahasia ngarajaan nagara Yuda.
Calikna di Samaria, ngarajaanana tujuh belas
taun.
2 Anjeunna oge cara Raja Yarobam anu
saheulaeunana, dosa ka PANGERAN sarta
mawa urang Israil kana dosa, henteu
euih-euih tina kalakuanana anu goreng.
3 Ku sabab kitu PANGERAN bendu ka Israil,
nepi ka Israil ku Mantenna diantep sina teu

eureun-eureun diperangan jeung dielehkeun
ku Hasael ti Siria jeung Benhadad putrana.
4 Geus kitu Yoahas sasambat ka PANGERAN.
Panyambatna dimakbul, sabab PANGERAN
ningali kumaha kerasna urang Siria ngagencet
ka urang Israil.
5 Israil ku PANGERAN dipaparin hiji panulung
anu ngabebaskeun maranehna ti urang
Siria, nepi ka talengtrem deui cara ka
tukang-tukang.
6 Sanajan kitu maranehna masih keneh
bae marigawe dosa anu dimimitian ku Raja
Yarobam, tetep garoreng kalakuan. Arca Dewi
Asera oge aya keneh bae di Samaria.
7 Harita Yoahas geus teu kagunganeun balad
kuat, ngan kari serdadu kuda lima puluh
urang, sapuluh kareta, jeung salaksa serdadu
leumpang. Anu sejenna geus beak digempur
ku raja Siria nepi ka dileyekan kawas leutak.
8 Carita Raja Yoahas salian ti eta jeung hal
kagagahanana, kaungel dina Kitab Babad
Raja-raja Israil.
9 Sanggeus pupus dikurebkeun di Samaria,
Yoas putrana ngagentos jadi raja.
10 Yoas putra Yoahas mimiti jadi raja nagara
Israil dina taun katilu puluh tujuh Yoas
putra Ahasia ngasta nagara Yuda. Calikna di
Samaria, ngarajaanana genep belas taun.
11 Anjeunna ge nirca ti PANGERAN, niru
kalakuan Raja Yarobam anu nyered Israil
kana dosa.

12 Carita Yoas raja Israil jeung hal
kagagahanana waktu merangan Amasia raja
Yuda, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja
Israil.
13 Sanggeus pupus dimakamkeun di makam
karajaan di Samaria, Yarobam II putrana
ngagentos jadi raja.
14 Hiji mangsa Elisa teu damang, beuki
lila beuki wales. Yoas raja Israil ngalayad,
sumping-sumping nangis sarta saurna, "Ama,
Ama! Ama teh nabi Israil anu digjaya."
15 Elisa sasauran, "Candak ka dieu gondewa
sareng jamparing." Sanggeus pamundutna
dicumponan,
16 anjeunna miwarang sangkan raja tarapti
pikeun ngalepas jamparing. Sanggeus tarapti,
Elisa numpangkeun panangan kana panangan
raja,
17 sarta miwarang muka jandela anu
nyanghareup ka lebah Siria. Sanggeus
jandela dibuka, Elisa marentah, "Lepas
jamparing!" Barang jamparing ngabelesat
tina panangan raja, Elisa ngalahir, "Jamparing
PANGERAN! Anu ku Mantenna dikersakeun
pikeun ngagempur Siria, sarta hidep bakal
unggul. Gempur urang Siria ku hidep di Apek,
tangtu eleh!"
18 Geus kitu Elisa marentah deui supaya
jamparing sejenna ku raja diteunggeulkeun
kana taneuh. Raja neunggeul taneuh ku

jamparing. Kakara meupeuh tilu kali geus liren.
19 Elisa bendu, saurna ka raja, "Kuduna hidep meupeuh teh nepi ka lima atawa genep kali, tangtu urang Siria eleh ku hidep nepi ka tumpurna. Ayeuna hidep ngan bakal bisa ngelehkeun tilu kali."
20 Nepi kana pastina Elisa pupus, tuluy dikurebkeun. Ari gorombolan urang Moab geus biasa unggal taun sok ngaranjah ka tanah Israil.
21 Sakali mangsa aya jalma-jalma anu rek ngaruang mayit, tuluy narenjo eta gorombolan daratang deui. Teu tata pasini deui, mayit teh dikusrukkeun, keuna kana makam Elisa, anu rek ngaruangna tingbalecir. Ari mayit tea barang antel kana tulang taleng Elisa, dak dumadak hirup deui tuluy cengkat.
22 Jaman dirajaan ku Yoahas, urang Israil kacida dibalangsakkeunana ku Hasael raja Siria.
23 Tapi PANGERAN nu sipat welas henteu ngantep sangkan Israil tumpur. Malah maparin pitulung, lantaran emut kana jangji-Na ka Ibrahim, Ishak, jeung Yakub. Mantenna henteu lali ka umat-Na.
24 Hasael raja Siria geus pupus, diganti ku Benhadad putrana.
25 Benhadad dielehkeun ku Yoas putra Yoahas raja Israil nepi ka tilu kali. Kota-kota

anu keur jaman Yoahas ramana karebut ku
Benhadad dibeunang-beunangkeun deui.
14 [1] Amasia putra Raja Yoas jadina raja
nagara Yuda dina taun kadua Yoas
putra Yoahas ngarajaan nagara Israil,
[2] dina yuswa dua puluh lima taun. Calikna
di Yerusalem, ngarajaanana dua puluh
salapan taun. Jenengan ibuna Yoadan, urang
Yerusalem keneh.
[3] Lampahna matak pikamanaheun
PANGERAN, ngan teu saperti Raja Daud
karuhunna. Anjeunna cara ramana bae,
[4] henteu ngagempur tempat-tempat
pangibadahan ka brahala; rahayat masih
keneh ngalurban jeung ngarukus di
tempat-tempat kitu.
[5] Sanggeus Amasia ngaraos yen
kakawasaanana geus nanceb, teu talangke
deui ngahukum paeh ponggawa-ponggawa
anu nelasan Raja Yoas ramana.
[6] Tapi henteu terus maehan ka anak-anakna,
sabab anjeunna tunduk kana timbalan
PANGERAN anu kaungel dina Hukum Musa,
yen: "Bapa teu meunang dihukum paeh ku
karana kajahatan anakna; anak teu meunang
dihukum paeh ku karana kajahatan bapana;
sing saha anu jahatna, eta anu kudu dihukum
paeh."
[7] Di Lebak Uyah Amasia numpes 10.000
serdadu urang Edom, ngarebut kota Sela,

sarta eta kota diganti ngaranna jadi Yoktel, nepi ka kiwari.
8 Sanggeus kitu Amasia ngintun utusan ka Yoas raja Israil, nangtang perang.
9 Tapi ku Raja Yoas diwaler kieu, "Sakali mangsa di Pagunungan Libanon, tangkal cucuk ngirim pamenta ka tangkal kiputri, pokna, Anak awewe andika ku kula rek dipenta keur pibojoeun anak kaula. Pareng aya sato leuweung ngaliwat, tangkal cucuk teh kaidek.
10 Beu Amasia, ulah kena-kena geus bisa ngelehkeun urang Edom! Benerna geus mashur mah enggeus masing jongjon di imah. Keur naon ngusik-ngusik pibalaieun, anu temahna andika jeung rahayat cilaka?"
11 Tapi ku Amasia teu didangu. Ku sabab kitu Raja Yoas jengkar nyandak balad ka wewengkon Yuda, teras merangan di Bet Semes.
12 Balad Amasia eleh, prajuritna kalabur ka saimah-imahna.
13 Amasia ku Yoas ditangkep jeung dicandak ka Yerusalem. Sumping ka Yerusalem, Yoas ngarugrugkeun kuta nagara ti semet Gapura Epraim nepi ka Gapura Juru, panjangna kira-kira dua ratus meter.
14 Emas perak anu kapendak ku Yoas dicandak, kitu deui paparabotan Bait Allah jeung rajabrana karaton kabeh dirampas,

dicandak mulih ka Samaria. Malah nyandak
sandera sababaraha urang.
15 Carita Yoas salian ti eta, kitu deui
kagagahanana waktu perang ngalawan
Amasia raja Yuda, kaungel dina Kitab Babad
Raja-raja Israil.
16 Sanggeus Yoas pupus jeung dikurebkeun
di makam karajaan di Samaria, Yarobam II
putrana ngagentos jadi raja.
17 Sanggeus Yoas raja Israil pupus, Amasia
raja Yuda masih keneh ngarajaan lima belas
taun.
18 Carita Raja Amasia salian ti eta kaungel
dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.
19 Sanggeus kitu di Yerusalem aya anu sakait
rek nelasan Amasia. Amasia kabur ka Lakis.
Tapi ku musuhna diudag nepi ka beunang,
tuluy ditelasan di dinya.
20 Layonna dicandak kana kuda ka
Yerusalem, tuluy dimakamkeun di makam
karajaan di Kota Daud.
21 Ti dinya urang Yuda ngamakutaan putrana
anu yuswana genep belas taun, nya eta Usia,
dijadikeun raja.
22 Sanggeus ramana pupus, Usia hasil
ngarebut deui kota Elat jeung ngomean eta
kota.
23 Yarobam II putra Yoas jadi raja nagara
Israil dina taun kalima belas Amasia putra
Yoas ngarajaan nagara Yuda. Calikna di
Samaria, ngarajaanana opat puluh hiji taun.

24 Lampahna nirca ti PANGERAN, nurut
kana kajahatan Raja Yarobam bin Nebat
saheulaeunana, anu mawa Israil kana dosa.
25 Anjeunna meunangkeun deui sakabeh
wewengkon Israil, ti kalerna mimiti ti jalan
ka Hamat, ka kidulna nepi ka Laut Paeh,
tinekanan sakumaha jangji PANGERAN Allah
Israil anu diandikakeun ka abdi-Na, Nabi
Yunus bin Amitai ti Gat Heper.
26 Katingali ku PANGERAN yen urang Israil
kacida balangsakna turug-turug teu aya pisan
anu nulungan.
27 Ku Mantenna ditulungan ku jalan Raja
Yarobam II, sabab ngahukumna lain pikeun
salalawasna, lain supaya urang Israil tumpur
sama sakali.
28 Carita Raja Yarobam II salian ti eta,
hal kagagahanana dina perang, jeung hal
anjeunna mulangkeun Damsik jeung Hamat
jadi deui bawahan nagara Israil, kaungel dina
Kitab Babad Raja-raja Israil.
29 Anjeunna pupus, dimakamkeun di makam
karajaan di Samaria, sarta Jakaria putrana
ngagentos jadi raja.
15 1 Usia putra Amasia jadina raja nagara
Yuda dina taun kadua puluh tujuh
Yarobam II ngarajaan nagara Israil,
2 dina yuswa genep belas taun. Calikna
di Yerusalem, ngarajaanana lima puluh
dua taun. Jenengan ibuna Yekolya, urang
Yerusalem.

3 Lampah Usia pikamanaheun PANGERAN
cara ramana.
4 Tapi tempat-tempat ibadah ka brahala
ku anjeunna henteu digempur; jalma-jalma
masih keneh ngalurban jeung ngarukus di
tempat-tempat kitu.
5 Usia ku PANGERAN dikeunaan kasawat
lepra, nepi ka pupusna kasawatna henteu
leungit. Ku sabab kitu anjeunna mencilkeun
anjeun di bumi kagunganana, bebas tina
kawajiban anu jadi raja. Urusan nagara
dikawasakeun ka Yotam, putrana.
6 Carita Usia salian ti eta kaungel dina Kitab
Babad Raja-raja Yuda.
7 Sanggeus pupus sarta dikurebkeun di
makam karajaan di Kota Daud, Yotam putrana
ngagentos jadi raja.
8 Jakaria putra Raja Yarobam II mimiti jadina
raja nagara Israil dina taun katilu puluh
dalapan Usia ngarajaan nagara Yuda. Calikna
di Samaria sarta ngarajaanana genep bulan.
9 Lampahna cara raja-raja anu
saheulaeunana, nirca ti PANGERAN,
nurut kana lampah jahat Raja Yarobam bin
Nebat anu nyered Israil kana dosa.
10 Anjeunna ditelasan di Yiblam ku Salum bin
Yabes, anu geus ngajak sakait ka nu sejen.
Geus kitu Salum ngagentos anjeunna jadi
raja.
11 Carita Raja Jakaria salian ti eta, kaungel
dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

12 Pangandika PANGERAN ka Raja Yehu anu
ungelna: "Anak incu maneh opat turunan
bakal jaradi raja Israil" geus tinekanan.
13 Salum bin Yabes mimiti jadina raja Israil
meneran taun katilu puluh salapan Usia
ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria,
ngarajaanana ngan sabulan.
14 Salum ditelasan ku Menahem bin Gadi
urang Tirsa, anu ngahaja datang ka Samaria.
Menahem ngaganti anjeunna jadi raja.
15 Carita Raja Salum salian ti eta jeung
hal sakongkolna, kaungel dina Kitab Babad
Raja-raja Israil.
16 Basa keur angkat ti Tirsa, Menahem
nempuh heula nagara Tipsah dumeh eta
nagara embungeun diajak biluk. Urang dinya
jeung sakurilingna diparaehan, nu keur
rareuneuh ge dibedelan beuteungna.
17 Menahem bin Gadi mimiti jadina raja
Israil meneran taun katilu puluh salapan Usia
ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria,
ngarajaanana sapuluh taun.
18 Lampahna nirca ti PANGERAN, satutup
umurna nuturkeun kanircaan Raja Yarobam
bin Nebat anu nyered Israil kana dosa.
19 Raja Tiglat Pileser ti nagara Asur ngarurug
ka Israil. Menahem ngahaturanan perak
38.000 kilo, bari mundut dibantu supaya bisa
tetep nyangking karajaan.
20 Menahem meunangna duit ti urang Israil
anu baleunghar, unggal jelema kudu mayar

lima puluh uang perak. Sanggeus dibaktian
duit, Raja Tiglat Pileser mulih ka nagarana.
21 Carita Menahem kaungel dina Kitab Babad
Raja-raja Israil.
22 Menahem pupus, dimakamkeun di makam
karuhunna, tuluy diganti ku Pekahia, putrana.
23 Pekahia bin Menahem mimiti jadina
raja Israil meneran taun kalima puluh Usia
ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria,
ngarajaanana dua taun.
24 Lampahna nirca ti PANGERAN, nuturkeun
kanircaan Raja Yarobam bin Nebat anu nyered
Israil kana dosa.
25 Pekahia ditelasan ku perwirana sorangan,
Pekah bin Remalya anu dibantu ku lima puluh
jelema urang Gilad. Ditelasanana di karaton
Samaria di benteng jero. Ti dinya Pekah
ngaganti jadi raja.
26 Carita Pekahia lian ti eta aya dina Kitab
Babad Raja-raja Israil.
27 Pekah bin Remalya mimiti jadina raja
Israil meneran taun kalima puluh dua Usia
ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria,
ngarajaanana dua puluh taun.
28 Lampahna nirca ti PANGERAN, nuturkeun
kanircaan Raja Yarobam bin Nebat anu nyered
Israil kana dosa.
29 Jaman Raja Pekah, kota-kota Iyon, Abel
Bet Maaka, Yanoah, Kedes jeung Hasor
katut wewengkon-wewengkon Gilad, Galilea
jeung Naptali, direbut ku Tiglat Pileser raja

Asur, jalma-jalmana dibawa ka Asur jaradi boyongan.
30 Dina taun kadua puluh Yotam putra Usia
ngarajaan nagara Yuda, Raja Pekah ditelasan
ku Hosea bin Ela anu geus nyieun sakait. Ti
dinya Hosea bin Ela ngaganti jadi raja.
31 Carita Pekah salian ti eta kaungel dina
Kitab Babad Raja-raja Israil.
32 Yotam putra Usia mimiti jadina raja nagara
Yuda meneran taun kadua Pekah bin Remalya
ngarajaan nagara Israil,
33 dina yuswa dua puluh lima taun. Calikna di
Yerusalem, ngarajaanana genep belas taun.
Jenengan ibuna Yerusa binti Sadok.
34 Lampah anjeunna pikamanaheun
PANGERAN cara Usia ramana.
35 Tapi anjeunna henteu numpurkeun
tempat-tempat ibadah ka brahala; jalma-
jalma masih keneh ngalurban jeung ngarukus
di nu kitu. Gapura Bait Allah ku anjeunna
ditambah hiji deui, disebutna Gapura Kaler.
36 Carita hal Yotam salian ti eta kaungel dina
Kitab Babad Raja-raja Yuda.
37 Jaman Raja Yotam PANGERAN mimiti
ngadatangkeun Raja Resin ti Siria jeung Raja
Pekah ti Israil narajang ka nagara Yuda.
38 Sanggeus Yotam pupus sarta dikurebkeun
di makam karajaan di Kota Daud, digentos ku
Ahas, putrana.

16 [1] Ahas putra Yotam mimiti jadi raja
Yuda meneran taun katujuh belas
Pekah bin Remalya ngarajaan di Israil,
[2] dina yuswa dua puluh taun. Calikna di
Yerusalem, ngarajaanana genep belas taun.
Lampahna teu hade, teu cara lampah Raja
Daud karuhunna, malah midamel anu henteu
kamanah ku PANGERAN Allahna,
[3] nuturkeun kanircaan raja-raja Israil. Malah
meuncit putrana, diduruk disuguhkeun ka
arca brahala, lampah anu pikagirukeun cara
kalakuan bangsa-bangsa anu ku PANGERAN
geus diusiran basa urang Israil mimiti rek
arasup ka eta tanah.
[4] Ahas ngurban jeung ngukusna teh
di tempat-tempat ibadah ka brahala, di
puncak-puncak pasir jeung di handapeun
tangkal-tangkal anu ngarunggunuk.
[5] Hiji mangsa Raja Resin ti Siria jeung
Raja Pekah ti Israil narajang jeung ngepung
Yerusalem, tapi Ahas henteu bisa dielehkeun.
[6] (Sabot kitu kota Elat direbut deui ku raja
Edom, urang Yuda di dinya dibuburak. Ti
harita saterusna Elat dicaricingan deui ku
urang Edom.)
[7] Ti dinya Ahas ngutusan ka Raja Tiglat
Pileser di Asur, badaratna, "Sim kuring
sumeja pasrah sadaya-daya ka Sang Raja,
seja nyuhunkeun pitulung sarehna keur
diperangan ku raja Siria sareng raja Israil."

8 Utusanana dibahanan perak jeung emas
candak ti Bait Allah jeung ti kamar rajabrana
karaton, baktikeuneun ka raja di ditu.
9 Pamundut Ahas ku Tiglat Pileser ditarima,
bral eta raja jengkar nyandak balad ka
Damsik. Damsik karebut, Raja Resin tiwas,
rahayatna dicandak ka Kir jaradi boyongan.
10 Raja Ahas angkat ka Damsik seja
nepangan Raja Tiglat Pileser. Di Damsik
anjeunna ningali hiji altar tuluy diconto,
contona dikirimkeun ka Imam Uria.
11 Seug Uria nyieun altar ceples sakumaha
contona. Memeh Ahas sumping geus anggeus.
12 Sasumpingna ti Damsik tur altar geus
anggeus,
13 Ahas tuluy peupeuncitan terus diduruk
dina eta altar jeung kurban kadaharan,
altarna dikucuran ku getih sato kurban jeung
ku cianggur.
14 Ku sabab altar tambaga paranti ngurban
ka PANGERAN ayana teh di antara altar anyar
anu anjeunna jeung Bait Allah, eta altar ku
Ahas dipindahkeun ka beulah kalereun altar
anyar anu anjeunna.
15 Geus kitu anjeunna nimbalan ka Uria,
"Kurban beuleuman isuk, kurban kadaharan
sore, sakabeh kurban beuleuman jeung
kurban kadaharan sore, sakabeh kurban
beuleuman jeung kurban kadaharan ti raja
jeung jalma rea, kitu deui sakabeh kurban
inuman ti jalma rea, kudu dikurbankeunana

dina ieu altar kami anu gede. Sato-sato
kurban getihna kucurkeun kana eta. Ari altar
tambaga mah ngan pikeun kaperluan kami
bae, pikeun menta pituduh ti para arwah."
16 Sakumaha timbalan raja ku Uria
dilampahkeun.
17 Jeung deui Raja Ahas ngakatan bagian
papadatian tambaga paragi Bait Allah tea,
paso-pasona diangkat. Tatalagaanana ge
diangkat tina dua belas sasapian tambaga
anu mungguna, diteundeun dina dadampar
batu.
18 Jeung pikeun nyenangkeun panggalih raja
Asur, hateup anu ngauban singgasana raja di
jero Bait Allah ku Ahas dikakat, sarta lawang
anu ngawungkul pikeun raja lebet ka Bait
Allah ku anjeunna dibongkar.
19 Carita Raja Ahas salian ti eta aya dina
Kitab Babad Raja-raja Yuda.
20 Ahas pupus, dikurebkeun di makam
karajaan di Kota Daud, tuluy diganti ku Hiskia
putrana.
17 1 Hosea putra Ela jadi raja Israil
meneran taun kadua belas Raja Ahas
nyangking nagara Yuda. Calikna di Samaria,
ngarajaanana salapan taun.
2 Lampahna nirca ti PANGERAN, ngan
teu doraka teuing cara raja-raja Israil anu
heulaeunana.

3 Hiji mangsa diperangan ku Raja Salmaneser
ti nagara Asur. Anjeunna taluk, saban taun
mayar upeti.
4 Tapi dina hiji taun mundut tulung ka Raja
So ti Mesir, jeung teu mayar deui upeti ka
Asur. Kauninga ku Salmaneser tuluy dihukum,
dipanjara.
5 Geus kitu Salmaneser raja Asur narajang
Israil, ngepung Samaria. Sanggeus
ngepungna nepi ka taun katilu,
6 nya eta taun kasalapan pamarentahan
Hosea, Salmaneser ngarebut Samaria. Urang
Israil dibawa ka Asur jaradi boyongan.
Ditempatkeunana aya nu di Halah, aya nu
di Gosan sisi Walungan Habor, aya anu di
wewengkon Media.
7 Samaria nepi ka bisa karebut lantaran
urang Israil doraka, nyingkir ti PANGERAN
anu nginditkeun maranehna ti Mesir, ti raja di
dinya, ngabarakti ka aallahan
8 nurutan kabiasaan bangsa-bangsa anu ku
PANGERAN geus disingkahkeun ti eta tanah
basa urang Israil maju merangan maranehna.
Urang Israil ngalakonan adat istiadat anu
ditetepkeun ku raja-rajana.
9 Urang Israil ngalampahkeun hal-hal anu
henteu sapagodos jeung PANGERAN, Allahna.
Di mana-mana, ti desa anu pangleutikna nepi
ka kota anu panggedena, jalma-jalma teh
nyarieun tempat paranti nyembah ka dewa.

10 Di unggal puncak pasir, di unggal
handapeun tangkal anu ngarunggunuk,
nyarieun pilar-pilar pamujaan jeung arca-arca
Dewi Asera,
11 ngarukus dina altar-altar brahala, nurutan
kalakuan bangsa-bangsa anu ku PANGERAN
geus disingkahkeun ti dinya. Kalakuanana
matak pibendueun PANGERAN.
12 Larangan PANGERAN yen teu meunang
nyarembah ka arca-arca teh teu ditarurut.
13 Boh urang Israil boh urang Yuda, ku
PANGERAN geus dipepelingan ku jalan
utusan-utusan jeung nabi-nabi, saur-Na,
"Taringgalkeun kalakuan anu goreng,
lampahkeun timbalan-timbalan Kami anu
kaungel dina kitab Hukum anu ku Kami
geus diturunkeun ka karuhun-karuhun
maraneh, tur geus ditepikeun ka maraneh ku
utusan-utusan jeung nabi-nabi Kami."
14 Tapi teu narurut, barasangkal cara
karuhun-karuhunna, teu ngarandel ka
PANGERAN Allahna,
15 arembung ngalakonan parentah
Mantenna, arembung nekanan ikrar
para karuhunna ka Mantenna. Sagala
panggeuing teu aya anu didenge, anggur
ngabarakti ka arca-arca anu tanpa guna, anu
ngalantarankeun maranehna sorangan jadi
leungit pangaji, da narurutan adat kabiasaan
bangsa-bangsa anu di sakurilingeunana.

Digeuing supaya ulah nurutan adat kabiasaan
bangsa batur teh henteu ngagarugu.
16 Papakon ti PANGERAN Allahna dipiceun,
seug nyitak dua sasapian, disarembah,
nyieun arca-arca Dewi Asera, maruja ka
bentang-bentang, nyarembah ka Dewa Baal.
17 Jeung sok mareuncit anak sorangan
diduruk dikurbankeun ka aallahan umat
brahala; sok marenta pituduh ka tukang-
tukang torah jeung ka tukang-tukang
sihir. Teges geus ngajarual maneh migawe
kadorakaan, nyarieun kalakuan anu henteu
dipisuka sarta pibendueun PANGERAN.
18 Mana urang Israil teh ku Mantenna
kacida dibenduanana, disingkirkeun ti
payuneuna-Na, ngan kari kaom Yuda.
19 Tapi kaom Yuda ge saruana, teu
ngestokeun papakon-papakon PANGERAN
Allahna, ngestona kana papakon beunang
nyieun urang Israil.
20 Temahna sakabeh turunan Israil ku
Mantenna dibalangsakkeun, diselehkeun
ka musuh-musuhna anu barengis,
panganggeusanana disingkirkeun pisan ti
payuneuna-Na.
21 Ti sanggeus Israil ku PANGERAN
dipisahkeun ti Yuda sarta dirajaan ku
Yarobam bin Nebat tea, ku eta raja dibawa
nyimpang ti PANGERAN, sina marigawe dosa
anu lain lumayan.

22 Urang Israil naluturkeun lacak Yarobam,
teu eureun-eureun nurutan kalakuan Yarobam
anu kacida gorengna.
23 Tungtungna ku PANGERAN dijauhkeun ti
payuneuna-Na. Sakumaha anu ku Mantenna
geus diandikakeun ku jalan para utusan jeung
para nabi, urang Israil dibaroyong ka Asur,
nepi ka ayeuna.
24 Ti dinya raja Asur ngadatangkeun jalma-
jalma ti Babul, ti Kut, ti Iwa, ti Hamat, jeung
ti Separwaim, sina ngareusian kota-kota di
Samaria, gaganti urang Israil anu dibuang.
Kota-kota di Samaria diandih dicaricingan.
25 Basa anyaran ka dinya, maranehna loba
anu tiwas ku singa anu didatangkeun ku
PANGERAN, lantaran aribadahna lain ka
Mantenna.
26 Seug diunjukkeun ka raja Asur, yen
jalma-jalma beunang anjeunna nempatkeun
di Samaria rea nu tiwas ku singa anu
didatangkeun ku batara eta nagara, dumeh
teu nyarahoeun peta ngabakti ka eta batara.
27 Raja Asur marentah, "Imam anu diboyong
ti Samaria pulangkeun sina matuh deui di
ditu, sina mapatahan aturan eta batara."
28 Seug hiji imam bangsa Israil anu diboyong
ti Samaria teh dipulangkeun deui, terus
matuh di Betel, ngajar jelema-jelema tea hal
aturan ibadah ka PANGERAN.
29 Parandene kitu jalma-jalma teh angger
bae nyarieun arca sesembahanana masing-

masing, ditareundeun di imah-imah brahala urut urang Israil. Unggal golongan di tempatna masing-masing nyarieun arca sesembahanana sorangan:
30 Urang Babul nyarieun arca Dewa Sukot Benot; urang Kut nyarieun arca Nergal; urang Hamat nyarieun arca Asima;
31 urang Iwa nyarieun arca Nibhas jeung Tartak; urang Separwaim sok ngurbankeun anak-anakna dijieun kurban durukan pikeun Dewa Adramelek jeung Anamelek.
32 Tapi ka PANGERAN ge ngabarakti, malah ngarangkat jalma-jalma sambarangan jaradi imamna, purah mangurbankeun di tempat-tempat ibadah ka brahala.
33 Jadi ngabaraktina teh ka PANGERAN ongkoh, ka dewana masing-masing ongkoh, nuluykeun kabiasaan ti nagara asalna masing-masing.
34 Tepi ka ayeuna oge maranehna masih keneh ngukuhan tali parantina sorangan, aribadahna lain ka PANGERAN, sarta anu ditarurutna lain hukum-hukum anu ku PANGERAN diturunkeun ka anak incu Yakub anu disebut Israil tea.
35 PANGERAN geus ngadamel perjangjian jeung maranehna sarta marentahkeun kieu, "Poma, maraneh ulah ibadah ka aallahan, ulah sarujud jeung ngabarakti atawa ngurban ka anu karitu.

36 Kudu ngabarakti, kudu sarujud jeung
ngalurban teh ka Kami, PANGERAN, anu
ngajait maraneh ti Mesir make kakawasaan
jeung mujijat.
37 Sagala hukum jeung timbalan-timbalan
anu ku Kami geus ditulis pikeun maraneh,
kudu dilampahkeun sapapanjangna. Poma,
maraneh ulah nyarembah ka aallahan.
38 Jeung poma, sarat perjangjian Kami ku
maraneh ulah dilalaworakeun.
39 Masing sumujud ka Kami, PANGERAN
Allah maraneh. Lamun kitu, tangtu maraneh
ku Kami diluputkeun ti sakabeh musuh."
40 Tapi eta jelema-jelema teh narorek,
angger keneh bae marake tali parantina anu
baheula bihari.
41 Jadi eta bangsa-bangsa teh ngabarakti
ka PANGERAN ongkoh, ka arca-arca ongkoh.
Atuh turunan-turunanana nya kitu keneh
deuih, nepi ka kiwari oge adatna teh kitu.
18 1 Hiskia putra Ahas jadi raja nagara
Yuda meneran taun katilu Hosea putra
Ela jadi raja nagara Israil,
2 dina yuswa dua puluh lima taun. Calikna di
Yerusalem, ngarajaanana dua puluh salapan
taun. Jenengan ibuna Abia binti Jakaria.
3 Lampahna nulad Raja Daud karuhunna,
pikamanaheun PANGERAN.
4 Anjeunna ngabasmi tempat-tempat ibadah
ka brahala, pilar-pilar pamujaan digempur,
arca-arca Dewi Asera dicacag; Nehustan,

nya eta oorayan tambaga damelan Musa oge
dibubukkeun da sok dikarukusan keneh ku
urang Israil, diparuja.
5 Hiskia ibadahna ngan ka PANGERAN Allah
Israil. Kakara harita urang Yuda boga raja anu
saperti anjeunna, tur teu kungsi ngalaman
boga deui.
6 Ka PANGERAN kacida ngestona, tara baha,
tuhu kana sagala timbalan PANGERAN anu
diandikakeun ka Musa.
7 Ku sabab kitu ku PANGERAN henteu kendat
disarengan. Sagala damelna lulus tur mulus.
Anjeunna teu kersa tunduk ka raja Asur.
8 Urang Pelisti dielehkeun, tempat-tempatna
ti kampung pangleutikna nepi ka kota
nu panggedena, kaasup Gasa jeung
sakurilingeunana digempur.
9 Dina taun kaopat Hiskia ngarajaan,
meneran taun katujuh Hosea ngaheuyeuk
Israil, dayeuh Samaria di Israil dikepung ku
Salmaneser raja Asur.
10 Sanggeus dikepung tilu taun, meneran
taun kagenep Hiskia ngaheuyeuk nagara
Yuda, dina taun kasalapan Raja Hosea
ngaheuyeuk nagara Israil, dayeuh Samaria
beunang ku musuh.
11 Urang Israil diboyong ka Asur.
Ditempatkeunana aya anu di Halah, aya anu
di Gosan sisi Walungan Habor, aya anu di
wewengkon Madayin.

12 Samaria nepi ka beunang teh lantaran
urang Israil baha ka PANGERAN Allahna,
malungkir tina sarat perjangjian Mantenna
ka maranehna, nyalingkir tina hukum-hukum
anu ku PANGERAN diturunkeun ka Musa
abdi-Na. Maranehna teu daraekeun ngadenge
jeung teu daraek narurut.
13 Dina taun kaopat belas Raja Hiskia
ngaheuyeuk nagara, kota-kota benteng di
nagara Yuda ditarajang ku Sanherib raja Asur,
jeung dibeunangkeun.
14 Hiskia ngintun utusan ka Sanherib di
Lakis. Saurna, "Kaula tarima dosa. Mugi Sang
Raja ulah kateterasan nempuh. Naon bae
sapamundut sumeja disubadanan." Raja Asur
ngawalerna teh mundut perak sapuluh rebu
kilo jeung emas sarebu kilo.
15 Ku Hiskia ditumutkeun, perakna nyandak
ti Bait Allah jeung ti kamar rajabrana karaton,
16 emasna meunang ngalaanan tina
panto-panto Bait Allah jeung tina
bangbarung-bangbarung panto beunang
anjeunna ngalapis, tuluy dikintunkeun ka
Sanherib.
17 Tapi raja Asur tuluy nginditkeun balad
gede ti Lakis sina nempuh ka Hiskia di
Yerusalem, dikapalaan ku tilu gegeden agung.
Sanggeus narepi ka Yerusalem, eta balad
ngarandeg di sisi jalan lebah pakampungan
tukang ngaput, sisi solokan anu ngocorkeun
cai ti empang girangeunana.

18 Gegedugna ceceluk ka Raja Hiskia. Jol tilu
gegeden Hiskia nepungan, nya eta Elyakim
bin Hilkia, kapala rumah tangga karaton,
Sebna panitera karaton, jeung Yoah bin Asap,
bendahara nagara.
19 Ngong hiji gegeden Asur ngomong, pokna
raja Asur palay uninga Hiskia kagungan
andelan naon.
20 Carekna deui, "Marukan ari omongan teh
bisa ngungkulan kaahlian jeung kakuatan
tentara? Saha anu dipiandel, mana wani baha
ka raja Asur teh?
21 Maraneh ngarep-ngarep pitulung Mesir
anu teu beda ti iteuk regang haur, gampang
potong, kecos kana leungeun sorangan. Kitu
ibaratna ngaharep pitulung Mesir teh."
22 Eta gegeden Asur terus keneh ngomongna,
"Atawa dumeh ngaharep pitulung PANGERAN,
Allah maraneh tea? Kapan tempat-tempat
pamujaanana oge geus tumpur ku Hiskia, da
cenah urang Yuda jeung urang Yerusalem
mah ngan kudu ngabakti make altar hiji bae
anu di Yerusalem.
23 Kalawan asmana raja kami, kami daek
nawaran ka maraneh kuda dua rebu, dapon
boga jelemana anu barisa tumpak.
24 Ka perwira kami anu panghandapna ge
maraneh teh hamo kuat. Make rek ngalawan
pedah boga harepan bakal dikirim pasukan
kareta jeung pasukan kuda ku Mesir!

25 Marukan kami narajang ka nagara
maraneh teh teu dibantu ku PANGERAN?
Puguh anu nitah narajangna oge PANGERAN!"
26 Elyakim, Sebna jeung Yoah ngawalon,
"Sasauranana sae ku basa Aram bae da
kaula ngartos. Ulah ku basa Ibrani, margi
kakupingeun ku itu jalmi-jalmi anu di luhur
kuta."
27 Ari tembalna, "Dikira raja kami miwarang
ngomong teh ngan ka maraneh jeung ka
si raja? Kami ngomong teh ngahaja ka itu
ongkoh anu rajeg dina luhur kuta, anu bakal
ngahakan kokotorna jeung ngarinum cikiihna
sorangan, sakumaha kahayang maraneh!"
28 Geus kitu eta gegeden teh ngagorowok
ku basa Ibrani, pokna, "Darengekeun ku
maraneh timbalan raja Asur anu agung!
29 Timbalanana, maraneh ulah kagelo
ku Hiskia, da eta teh moal bisaeun
nyalametkeun.
30 Ulah beunang kabobodo magar kudu
muntang ka PANGERAN. Ulah boga panyana
bakal ditulungan ku PANGERAN. Ulah ngira
PANGERAN bakal megatan kami bangsa Asur
ngarebut nagara maraneh.
31 Geus ulah ngadarenge ka Hiskia. Timbalan
raja Asur maraneh mending barijil serah
bongkokan. Lamun kitu tanwande pibisaeun
keneh ngahakan buah anggur pelak sorangan,
buah kondang pelak sorangan, ngarinum tina
sumur sorangan,

32 nepi ka engke ku raja Asur dipernahkeun
di hiji tanah anu sarua alusna jeung anu ieu,
sagala aya. Hayang anggur, kebon anggur
aya, hayang nyaratu roti, kebon gandum aya,
hayang minyak jetun saluluar kebon jetun
wungkul, turug-turug loba madu. Lamun
harayang hirup kudu narurut, bisi dipaehan!
Tong daraek dibobodo ku Hiskia majar bakal
dijait ku PANGERAN.
33 Cik, dewa bangsa mana anu geus bisaeun
ngaluputkeun nagarana ti raja Asur?
34 Mana ayeuna dewa-dewa nagri Hamat,
nagri Arpad, nagri Separwaim, nagri Hena,
nagri Iwa? Ti eta dewa-dewa cik mana anu
geus bisaeun ngabelaan Samaria?
35 Iraha aya dewa salah sahiji nagara anu
bisaeun nyalametkeun nagarana ti raja kami?
Na kumaha ari maraneh, make boga pikiran
yen PANGERAN tangtu bisaeun nyalametkeun
Yerusalem?"
36 Jalma-jalma dina luhur kuta mani jempling
taya anu kecet-kecet, sabab ku Raja Hiskia
geus ditimbalan ulah ngajawab.
37 Elyakim, Sebna jeung Yoah nepi ka
nyosoeh pakeanana bawaning ku ngenes,
tuluy marek deui ka Raja Hiskia, ngunjukkeun
ucap-ucapan eta gegeden Asur.
19 1 Tutas anu unjukan, Hiskia nyosoeh
anggoanana tuluy gentos ku anggoan
tina karung, ti dinya angkat ka Bait Allah.

2 Ti dinya nimbalan ka Elyakim kapala
urusan karaton, Sebna panitera karaton,
jeung ka sawatara imam anu sarepuh,
dipiwarang nepangan Nabi Yesaya putra
Amos. Aranjeunna oge dibaraju tina karung.
3 Kieu timbalan anu ku aranjeunna kudu
dihaturkeun ka Yesaya teh: "Dinten ieu urang
teh nuju tunggara nandang siksaan sareng
kahinaan, ibarat wanita bade ngajuru teu
tiasa brol margi seep tanaga.
4 Nembe teh aya gegeden luhur utusan
raja Asur, ngahina ka Allah anu jumeneng.
Mugi-mugi sing kadangu ku PANGERAN Allah
Ajengan, eta jalmi masing kasiksa. Mugi
bangsa urang anu ayeuna araya ku Ajengan
dipangnedakeun."
5 Kasauran Raja Hiskia anu dihaturkeun ku
utusan,
6 ku Yesaya diwaler kieu: "Timbalan
PANGERAN, Sang Raja teu kedah rempan
ku ancaman urang Asur anu nyebatkeun
PANGERAN moal iasa mitulung.
7 Eta raja ku PANGERAN bakal
digeumpeurkeun sina mulang rurusuhan ka
nagarana, di ditu bakal aya nu maehan."
8 Perwira Asur tea meunang beja yen rajana
geus ninggalkeun Lakis, sabab keur nempuh
ka nagara Libna anu teu pati jauh ti dinya,
tuluy disusul.
9 Datang beja ka urang Asur yen balad Mesir
ngadatangan rek ngarurug ka maranehna,

dikapalaan ku Raja Tirhaka ti Sudan.
Satampana eta beja raja Asur nyuratan ka
Hiskia raja Yuda,
10 ungelna, "Ulah kabobodo ku omongan
dewa anu dipuhit ku maneh, anu ngabejaan
yen maneh moal beunang ku kami, ulah
dipercaya.
11 Maneh geus ngadenge beja kumaha
kagagahan raja-raja Asur lamun geus
ngagempur nagri batur. Dikira maneh bakal
luput ti kami?
12 Nagri-nagri Gosan, Haran jeung Resep
geus tumpur ku karuhun-karuhun kami.
Urang Bet Eden di Telasar geus tumpes,
dewa-dewana teu barisaeun naon-naon.
13 Cik mana ayeuna raja-raja nagri Hamat,
nagri Arpad, nagri Separwaim, nagri Hena
jeung nagri Iwa?"
14 Sanggeus suratna ku Hiskia diaos, ku
anjeunna dicandak ka Bait Allah, seug
ditembrakkeun payuneun PANGERAN.
15 Hiskia sasambat, "Nun PANGERAN Allah
Israil anu ngalinggihan tahta dina mukarabin!
Taya deui Allah mung Gusti, anu ngasta
karajaan-karajaan di sajagat, anu ngadamel
bumi sareng langit.
16 Nun PANGERAN, tingali ieu katunggaraan
abdi sadaya. Dangukeun Sanherib anu
sakitu kumalungkungna ka Gusti, Allah anu
jumeneng.

17 Abdi sadaya terang, leres eta raja Asur teh
parantos ngagempur bangsa-bangsa sakitu
seueurna, tanah-tanahna dugi ka saruwung,
18 dewa-dewana didurukan, margi eta
dewa-dewa teh sanes Allah, nanging kayu
sareng batu buatan jalmi.
19 Nun Gusti PANGERAN, luputkeun abdi
sadaya ti urang Asur, supados sadaya bangsa
tarerang yen teu aya deui Allah mung Gusti."
20 Yesaya ngintun pesen ka Hiskia, saurna
panyambat Hiskia ku PANGERAN geus diwaler.
21 Timbalan PANGERAN, "Eh Sanherib,
saenyana mah maneh ku Yerusalem teh
diseungseurikeun, disapirakeun!
22 Karah saha anu ku maneh dihinakeun teh?
Sakitu campelakna maneh ka Kami anu suci
Allah Israil.
23 Maneh ka Kami ngirim utusan sina
kongkorongok, pedah maneh boga pasukan
kareta anu geus bisa ngagempur gunung-
gunung pangluhurna di Libanon, nuaran
tangkal kiputri anu pangjarangkungna,
tangkal kijamuju anu pangaralusna. Muji
maneh geus bisa nembus leuweung anu
pangjerona,
24 geus bisa nyieunan sumur di tanah batur
jeung geus nginum cai tanah batur, agul
pedah boga balad geus bisa ngidek-ngidek
Walungan Nil nepi ka saat.
25 Na teu nyaho yen bisa kitu soteh memang
ku Kami geus diatur ti baheula yen bakal

kitu? Ayeuna enya bukti, Kami keneh anu
ngersakeun. Maneh mah ku Kami ngan
dikawasakeun, supaya ngubrak-ngabrik
kota-kota benteng sina alambrug,
26 jalma-jalmana disina kapupul bayu leungit
tanaga, leumpeuh kawas jukut di tegal atawa
dina suhunan anu kasebrot ku angin panas ti
wetan.
27 Tur saban maneh indit, ka mana ge
Kami uninga. Ana maneh nyieun gawe,
unggal-unggal ge Kami uninga, kitu deui ana
maneh ijid ka Kami.
28 Kami uninga maneh teh ambek ka Kami
tur sakitu sompralna. Ku sabab kitu cacapek
maneh rek dipasangan kadali, maneh rek
dibenyeng sangkan malik ka urut maneh
datang."
29 Kieu deui saur Yesaya ka Hiskia, "Anu
bakal pijadieun teh kieu alamatna: Taun
ieu sareng taun payun tedaeun teh mung
gandum anu jaradi sorangan, taun payunna
deui nembe bakal tebar deui sareng bakal
kapibuatan, tiasa deui melak anggur sareng
bakal kaala.
30 Anak incu Yuda anu rahayu sakarina,
bakal mucekil hirupna, ka handap akarna
kuat, ka luhur buahna rantuy.
31 Di Yerusalem bakal aya keneh pangeusi
anu kari, di Gunung Sion bakal aya keneh
jalma anu nyesa. Kitu katangtosan ti
PANGERAN.

32 Dupi raja Asur mah kieu timbalan
PANGERAN, Hamo bisa asup ka ieu nagara.
Jamparingna hiji ge mo aya nu mesat,
serdaduna nu marake kepeng teh hiji ge mo
aya anu deukeut-deukeut acan, hamo aya
anu nyieun huhunyuran pikeun ningker ieu
nagara.
33 Eta raja bakal mulang ka urutna datang,
mo hasil niatna ngajabel ieu nagara. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN.
34 Ieu nagara ku Kami tanwande diraksa,
pikeun miara kamulyaan Kami jeung ku sabab
Kami geus jangji ka abdi Kami Daud."
35 Ari geus kitu dina peutingna, malaikat
PANGERAN sumping ka pasanggrahan urang
Asur, tuluy niwaskeun 185.000 serdadu. Ari
bray isuk-isuk mayitna patulayah.
36 Raja Asur buru-buru mulang ka nagarana,
tuluy calik di Ninewe.
37 Dina hiji poe waktu anjeunna keur
sembahyang di imah pamujaan ka Dewa
Nisrok sesembahanana, anjeunna dipaehan
ku pedang ku Adramelek jeung Sareser, dua
putrana, anu terus kalabur ka tanah Ararat.
Tuluy Esar Hadon putrana ngaganti jadi raja.
20 1 Dina mangsa eta Hiskia teu damang,
samar kana damang deui. Jol Nabi
Yesaya sumping nepangan, ti dinya misaur,
"Timbalan PANGERAN, Sang Raja geura
wewekas, margi moal damang deui."

2 Hiskia malik ebogna mayun kana tembok
tuluy sasambat,
3 "Nun PANGERAN, masing emut yen abdi
ngawula ka Gusti teh kalayan satia satuhu,
naon sapangersa Gusti salamina ku abdi
dilakonan sakiat-kiat," saurna bari nangis
sesegruk.
4 Geus kitu raja ku Yesaya dikantun. Tapi
memeh Yesaya kaluar ti palataran tengah
karaton, ku PANGERAN dipiwarang
5 nepangan deui ka Hiskia, raja umat
PANGERAN, dipiwarang nepikeun dawuhana-
Na ka anjeunna, kieu, "Kami, PANGERAN,
Allahna Daud karuhun maneh, geus kagugah
ku panyambat jeung cipanon maneh. Heug
maneh ku Kami rek dicageurkeun, tilu poe
deui oge maneh geus bisa deui leumpang ka
Bait Allah.
6 Umur maneh ku Kami ditambah lima belas
taun deui. Tur maneh jeung ieu nagara
Yerusalem rek diluputkeun ti raja Asur. Ieu
nagara ku Kami rek diraksa, pikeun miara
kamulyaan Kami jeung ku sabab Kami geus
jangji ka abdi Kami Daud."
7 Ti dinya Yesaya ngawartoskeun ka
ponggawa yen sang raja bareuhna kudu
dipopokan ku buah kondang, tangtu damang.
8 "Naon kangge tawisna yen leres PANGERAN
bade nyageurkeun deui teh sareng tilu dinten
deui kaula bakal tiasa deui ka Bait Allah?"
saur Raja Hiskia ka Yesaya.

9 Saur Yesaya, "Tawisna ti PANGERAN yen
Mantenna leres-leres bakal ngabuktoskeun
pangandika-Na, nya eta kalangkang
tangga. Kahoyong Sang Raja kumaha, naha
kalangkangna teh sina majeng atanapi sina
mundur sapuluh gurat?"
10 Saur Hiskia, "Sina majeng mah gampil.
Jadi sina mundur sapuluh gurat."
11 Yesaya neneda ka PANGERAN, seug
kalangkang tangga anu geus maju dina
kalang buatan Raja Ahas tea mundur deui
sapuluh gurat.
12 Meh bareng jeung eta kajadian, aya
utusan Raja Merodak Baladan anak Baladan ti
Babul, mawa surat jeung kikintunan dumeh
raja Babul ngadangu yen Hiskia tas teu
damang.
13 Eta utusan-utusan ku Hiskia ditampi,
malah dicandak ningalian rajabranana,
emas, perak, seuseungitan jeung minyak
seungit kitu deui pakarang-pakarang
kamiliteran. Cindekna saniskara anu aya di
gudang rajabrana jeung nu aya di sakuliah
karajaanana dipintonkeun, teu aya anu teu
ditembongkeun.
14 Sumping Nabi Yesaya ka Raja Hiskia sarta
mariksa, "Eta jalmi-jalmi ti mana, sareng
naon sanggemna ka Sang Raja?" Saur Hiskia,
"Jalmi-jalmi ti nu tebih, ti Babul."
15 Yesaya naros deui, "Naringalan naon
di karaton?" Saur Hiskia, "Naringalan

saniskanten bae. Sakur nu aya di gudang
rajabrana ku kaula ditembongkeun."
16 Saur Yesaya ka raja, "Timbalan PANGERAN
Nu Maha Kawasa,
17 engke dina hiji waktos, naon bae anu
aya di ieu karaton, sagala rupi anu kenging
ngempelkeun karuhun Sang Raja dongkap ka
dinten ieu, sadayana bakal diakut ka Babul,
moal aya anu dikarikeun.
18 Putra-putra Sang Raja, putra-putra teges,
bakal aya anu diboyong ka ditu sareng
dikabiri, sina kumawula di karaton raja
Babul."
19 Kahartoseun ku Raja Hiskia yen anjeunna
mah sapanjang jumeneng keneh bakal
tetep aman santosa. Ku sabab eta anjeunna
ngawaler, "Eta pangandika PANGERAN anu
dikedalkeun ku Ajengan ka kaula nawiskeun
kasaean Mantenna."
20 Carita Raja Hiskia salian ti eta, hal
kapahlawananana, hal anjeunna ngadamel
bendungan jeung ngadamel torowongan cai
pikeun kaperluan nagara, kaungel dina Kitab
Babad Raja-raja Yuda.
21 Sanggeus Hiskia pupus, putrana anu
jenengan Menase ngagentos jadi raja.
21 1 Menase mimiti jadi raja nagara Yuda
dina yuswa dua belas taun, calikna
di Yerusalem, ngarajaanana lima puluh lima
taun. Jenengan ibuna Hepsiba.

2 Lampahna nirca ti PANGERAN, pikagirukeun
kawas kalakuan bangsa-bangsa anu ku
PANGERAN geus disingkahkeun ti eta tanah
basa urang Israil rek mimiti arasup ka dinya.
3 Anjeunna ngadegkeun deui tempat-tempat
paranti sembahyang ka brahala anu geus
ditumpurkeun ku Hiskia ramana, ngadegkeun
deui altar-altar paranti ngurban ka Baal,
jeung ngadamel hiji arca Dewi Asera, saperti
lampah Raja Ahab bareto di nagara Israil.
Menase oge muja ka bentang-bentang.
4 Malah Bait Allah, anu ku PANGERAN
ditimbalkeun kudu dijieun tempat paragi
ngabakti ka Mantenna, ku Menase dianggo
tempat altar-altar paranti ka brahala.
5 Jeung ngadamel altar-altar paranti muja ka
bentang-bentang, ditempatkeunana di dua
palataran Bait Allah.
6 Geus kitu anjeunna ngurbankeun putra
pamegetna, dijieun kurban durukan. Seug
deui ngajalankeun elmu petangan, elmu sihir,
jeung sok menta pituduh ka tukang-tukang
manggil arwah. Lampah anjeunna anu pohara
dorakana ka PANGERAN teh matak ngentab
kana manah-Na.
7 Arca Dewi Asera dipernahkeun di jero Bait
Allah! Padahal eta tempat teh ku PANGERAN
geus diamanatkeun ka Daud jeung Suleman
putrana, kieu, "Ieu Bait Allah anu aya di
Yerusalem ku Kami geus dipilih ti antara dua

belas wilayah warga Israil pikeun jadi tempat paranti ngabakti ka Kami.
8 Upama bangsa Israil taat kana sakabeh timbalan Kami sarta ngalampahkeun sakabeh Hukum anu dipaparinkeun ka Musa abdi Kami tea, tanwande maranehna moal nepi ka diantep sina diusir ti tanahna anu ku Kami geus dipasrahkeun ka karuhunna."
9 Tapi urang Yuda teu taat ka PANGERAN, malah Menase mah anggur ngaluluguan kana lampah anu matak sasab, anu leuwih jahat ti batan kalakuan bangsa-bangsa anu samemehna geus diusir ku PANGERAN basa urang Israil rek mimiti arasup ka dinya.
10 Ti dinya PANGERAN nimbalan ku perantaraan abdi-abdi-Na para nabi,
11 "Menase raja Yuda teh geus nyieun kadorakaan anu pohara gedena sarta kajahatanana leuwih ti batan kajahatan urang Kanaan; ku sabab manehna nyembah brahala, urang Yuda oge kabawa doraka.
12 Eta sababna Kami rek ngadatangkeun siksaan anu pohara ka Yerusalem jeung Yuda nepi ka matak ngarenjag anu ngadenge bejana.
13 Yerusalem ku Kami baris dihukum, saperti Kami ngahukum Samaria jeung Ahab raja Israil jeung turunanana. Yerusalem ku Kami rek disapu jelemana, sina beresih kawas piring beunang nyeka tuluy ditangkubkeun.

14 Nu harirup keneh rek diantep, sina
diboyong ku musuh-musuhna anu bakal
nalukkeun jeung ngaranjah nagarana.
15 Eta teh lantaran eta umat geus doraka
ka Kami, nepi ka amarah Kami ngagolak ti
mimiti karuhun maranehna budal ti Mesir nepi
ka kiwari."
16 Loba pisan jelema anu teu salah ku
Menase dipaehan, nepi ka jalan-jalan
di Yerusalem banjir getih. Kajaba ti kitu
anjeunna ngaluluguan bangsa Yuda sina
nyarembah brahala, doraka ka PANGERAN.
17 Sagala kalakuan Menase jeung
kadorakaanana anu geus kasebut tadi, aya
dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.
18 Menase pupus, dikurebkeun di makam di
taman karatonna, anu katelah Taman Usa.
Anjeunna digentos ku Amon, putrana.
19 Dina yuswa dua puluh dua taun Amon
jadi raja Yuda. Marentahna di Yerusalem, dua
taun. Ibuna nya eta Mesulemet binti Harus
urang Yotbah.
20 Amon oge doraka ka PANGERAN cara
Menase ramana,
21 talajak ramana ditiru, ngabakti ka brahala
cara kalakuan ramana.
22 Anjeunna oge wangkelang ka PANGERAN,
Allah karuhunna sarta henteu tumut kana
sagala timbalan Mantenna.

23 Para mantri Raja Amon tuluy sakait rek
ngahianat ka anjeunna. Ti dinya Raja Amon
ku maranehna ditelasan di karatonna.
24 Anu maraehan anjeunna ku urang
Yuda tuluy diparaehan, sarta urang Yuda
ngajenengkeun Yosia putrana jadi raja.
25 Sakur kalakuan Amon katut anu salian ti
eta kacatet dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.
26 Amon dikurebkeun di makam Taman Usa.
Anjeunna digentos ku Yosia, putrana.
22 1 Waktu Yosia jadi raja Yuda, yuswana
dalapan taun. Calikna di Yerusalem,
marentahna tilu puluh hiji taun. Ibuna nya
eta Yedida binti Adaya, asal ti Boskat.
2 Lampah Yosia pikamanaheun PANGERAN,
nulad lampah Raja Daud karuhunna, kacida
saregepna kana pikukuh-pikukuh ti Allah.
3 Dina taun kadalapan belas
pamarentahanana, Raja Yosia nimbalan
ka Sapan bin Asalya incu Mesulam,
panitera karaton, dipiwarang ka Bait Allah.
Timbalanana,
4 "Saurkeun ka Imam Agung Hilkia, duit anu
katarima ti jalma rea, anu dikumpulkeun ku
imam-imam anu jaraga lawang Bait Allah teh
bereskeun.
5 Bejakeun yen eta duit kudu diserenkeun ka
jelema-jelema anu ngamandoran pagawean
ngomean Bait Allah, sina dipake mayar

6 tukang kayu, tukang ngadegkeun, tukang
batu, pikeun meuli kayu jeung batu kaperluan
ngomean.
7 Duit anu dikaluarkeun ku nu digarawe
teu kudu dipenta balitunganana, sabab anu
digarawena kabeh jelema jujur."
8 Timbalan raja anu ditepikeun ku Sapan, ku
Hilkia dijalankeun. Geus kitu Hilkia nyaurkeun
yen mendak kitab Hukum-hukum PANGERAN
di Bait Allah. Kitabna diasongkeun ka Sapan.
Ku Sapan dibaca di dinya.
9 Ti dinya Sapan marek ka raja sarta
miunjuk, "Artos anu dikempelkeun di Bait
Allah parantos dikaluarkeun, diserenkeun ka
anu ngarawaskeun padamelan ngomean Bait
Allah."
10 Piunjukna deui, "Sareng ieu abdi
ngabantun ieu kitab ti Hilkia." Seug kitabna
dibacakeun ku Sapan ka raja.
11 Anggeus eta kitab dibaca, raja nyosoeh
anggoanana, reuwas jeung ngaraos hariwang.
12 Geuwat marentah ka Imam Hilkia,
Ahikam bin Sapan, Akbor bin Mikaya, Sapan
sekretaris nagara, jeung ka Asaya, pangaping
raja. Saurna,
13 "Kami jeung sakumna bangsa Yuda
pangnaroskeun ka PANGERAN perkara ungel
ieu kitab. PANGERAN geus tangtu bendu ka
urang, lantaran kamistian-kamistian urang
anu kaungel dina ieu kitab ku urang teu
dilakonan."

14 Ti dinya Hilkia, Ahikam, Akbor, Sapan
jeung Asaya arangkat ka bumi Hulda, hiji
nabi istri di Yerusalem, di hiji kampung
anyar. (Caroge eta nabi istri nya eta Salum
bin Tikwa putu Harhas, pagawe purah
ngurus jubah-jubah Bait Allah.) Sanggeus
aranjeunna nerangkeun pamaksudan,
15 ku eta nabi istri dipiwarang marulih,
16 ngemban waleran ti PANGERAN ka raja,
kieu, "Yerusalem jeung sapangeusina tangtu
ku Kami dihukum saluyu jeung anu kaungel
dina eta kitab anu dibaca ku raja,
17 sabab geus malungkir ti Kami, ngalurban
ka aallahan-aallahan. Kalakuanana geus
ngahurungkeun amarah Kami mani ngagedur,
moal bisa pareum, bakal ngalentab ka
Yerusalem.
18 Ari hal raja, bejakeun ieu pangandika
Kami, GUSTI Allah Israil: Maneh nurut kana
ungel eta kitab.
19 Jeung sanggeus nyaho yen Yerusalem
sapangeusina ku Kami bakal dijieun tempat
anu matak kukurayeun sarta ngaranna bakal
dijieun paranti sasapaan, maneh terus tobat,
ngarendahkeun diri di payuneun Kami nepi ka
nyosoeh pakean. Ku sabab kitu Kami kasuat
ku panyambat maneh.
20 Eta kacilakaan anu bakal tumiba ka
Yerusalem teh moal waka kajadian sapanjang
jaman maneh keneh mah. Lamun geus nepi
kana waktuna, maneh mah maot teh bakal

maot biasa sarta kalawan senang." Sanggeus kitu utusan-utusan raja teh marulang, ngunjukkeun hal eta ka Raja Yosia.

23 [1] Raja Yosia nyaur sakabeh pamingpin urang Yuda jeung Yerusalem.
[2] Ti dinya kabeh muru ka Bait Allah, bareng jeung para imam, nabi-nabi, jalma rea, nu baleunghar, nu mariskin. Ti dinya raja ngaos ungel perjangjian tina kitab anu kapanggih ti Bait Allah tea nepi ka tamat, dibandungan ku sarerea.
[3] Anggeus ngaos, raja ngadeg deukeut tihang parantina ngadeg, tuluy ikrar ka PANGERAN yen kalawan iklas sumeja anut ka Mantenna, seja nohonan sugri timbalan jeung pikukuh Mantenna, ngalakonan perjangjian anu kaungel dina eta buku. Jalma rea oge kabeh ikrar seja nohonan eta perjangjian.
[4] Geus kitu kalawan timbalan raja, sakur parabot paragi nyembah ka Baal, ka Dewi Asera jeung ka bentang-bentang, dikaluar-luarkeun ti Bait Allah ku Imam Agung Hilkia, ku imam-imam bawahan jeung ku imam-imam anu jaraga lawang Bait Allah; ku raja dipiwarang diduruk di Lebak Kidron, lebuna dipiceun ka Betel.
[5] Ti dinya raja mecat imam-imam altar brahala purah ngurban ka Baal, ka panonpoe, ka bulan, ka planit, jeung ka bentang-bentang, nya eta para imam anu diangkat ku raja-raja Yuda anu ti hareula, anu

ditempatkeun di sakuliah tanah Yuda jeung di deukeut-deukeut Yerusalem.
6 Arca Dewi Asera dikaluarkeun ti Bait Allah
tuluy diduruk di Lebak Kidron luareun kota,
lebuna dibebek nepi ka lembut tuluy dipiceun
diawur-awur ka pakuburan umum.
7 Kobong-kobong di Bait Allah anu
dicaricingan ku awewe-awewe palacuran kuil
(anu pagaweanana sapopoe ninun lawon
jubah paranti ngabakti ka Dewi Asera)
dibongkar.
8 Imam-imam anu nyebar di kota-kota
Yuda jeung di sakuliah nagara, ku raja
disina kumpul di Yerusalem, altar-altar
pangurbananana kabeh diharamkeun.
Altar-altar paranti nyuguh ka dewa-dewa di
deukeut gapura anu dijieun ku Yosua, wali
kota eta nagri, kencaeun anu ngalaliwat ka
gapura utama, diruntuh-runtuhkeun.
9 Eta imam-imam teu meunang ngimaman di
Bait Allah, ngan meunang keneh bagian roti
anu teu diragian cara imam-imam sejen.
10 Topet oge, tempat nyembah dewa di Lebak
Hinom ku Raja Yosia dinajiskeun, supaya
ulah aya deui anu ngaduruk anakna nu lalaki
atawa nu awewe dijieun kurban beuleuman
ka Dewa Molek.
11 Kuda jeung kareta di latar-latar Bait
Allah deukeut gapura jeung teu jauh ti
tempat Natan Melek mantri agung, anu ku
raja-raja Yuda nu ti hareula diajangkeun

pikeun tutumpakan dewa srangenge, ku Raja Yosia dieuweuhkeun, kudana dipindahkeun, kareta-karetana diduruk.
12 Altar-altar dina hateup karaton luhureun kamar-kamar Raja Ahas bareto, buatan raja-raja Yuda anu ti hareula, jeung altar-altar di dua latar Bait Allah buatan Raja Menase, ku Raja Yosia diancur-ancurkeun tuluy dipiceun ka Lebak Kidron.
13 Altar-altar buatan Raja Suleman paranti ngurban ka Dewi Astoret sesembahan urang Sidon, ka Dewa Kamos sesembahan urang Moab, jeung ka Dewa Molek sesembahan urang Amon, kabeh brahala pikagirukeun wungkul, anu ayana di wetaneun Yerusalem kiduleun Gunung Jetun, ku Raja Yosia dinajiskeun.
14 Tugu-tugu dewa jeung arca-arca Dewi Asera dirubuh-rubuhkeun, tempat urut nangtungna eta tugu-tugu jeung arca-arca ku Yosia dibugbrugan ku tulang-taleng jelema.
15 Tempat ibadah ka dewa di Betel anu diadegkeun ku Raja Yarobam bin Nebat anu mawa Israil kana dosa, eta oge dirubuhkeun, altar-altarna diguling-gulingkeun, batuna dipekprekan, dibebek nepi ka lembut, arca Dewi Asera diduruk.
16 Anggeus eta Raja Yosia rarat-reret ka lebah lamping, beh ningali aya astana-astana, seug marentah supaya tulang-taleng ti eta astana-astana dikeduk, tuluy diduruk dina

altar, tanda yen eta altar diharamkeun,
tinekanan sakumaha piwejang nabi
baheula jaman Raja Yarobam, basa eta
raja ngaresmikeun eta altar. Raja Yosia
rarat-reret deui, beh ningali astana nabi anu
ngawejangkeun perkara eta,
17 seug mariksa, "Itu astana saha?" Ceuk
urang Betel, "Sumuhun pajaratan nabi
anu sumping ti Yuda, anu ngawejangkeun
perkawis anu ayeuna nuju dipidamel ku Gusti
ka ieu tempat ngurban."
18 Saur Yosia, "Eta makam ulah dikieu-kieu.
Tulang-talengna antep tong dipindahkeun."
Jadi tulang-taleng eta nabi mah, kitu deui
tulang-taleng nabi-nabi anu ti Samaria henteu
diganggu.
19 Tempat-tempat ibadah ka brahala di saban
kota Israil beunang ngadegkeun raja-raja
Israil anu ngajaheutan manah PANGERAN
tea, ku Raja Yosia dirugrug-rugrugkeun, altar-
altarna diharamkeun cara ngaharamkeun
altar anu di Betel tea.
20 Imamna kabeh dipeuncitan dina altar-altar
paragi maranehna ngurban, tulang-talengna
diduruk di dinya. Geus kitu Yosia mulih deui
ka Yerusalem.
21 Raja Yosia marentahkeun supaya jalma-
jalma kabeh nekanan deui Paska pikeun
ngamulyakeun PANGERAN Allahna, nurutkeun
kamistian anu kaungel dina Kitab Perjangjian
jeung PANGERAN tea.

22 Ti jaman eta bangsa diparentah ku para
hakim, tacan aya raja Israil atawa raja Yuda
anu ngayakeun Paska cara kitu.
23 Kakara harita, jaman Yosia ngarajaan dina
taun kadalapan belasna, di Yerusalem aya
deui Paska.
24 Jeung supaya hukum-hukum anu
kaungel dina kitab anu ku Imam Agung Hilkia
kapanggih di Bait Allah tea bisa digumatikeun,
jalma-jalma tukang manggil arwah jeung
tukang-tukang torah ku Raja Yosia diusiran ti
Yerusalem jeung ti sakuliah Yuda, geus kitu
anjeunna miceunan sakabeh dewa rumah
tangga, arca-arca, jeung barang-barang
paranti nyembah ka dewa-dewa.
25 Kakara harita aya raja anu sakitu suhudna
ka PANGERAN, ngabdi sabudi pangarti,
ngawula kalawan iklas, sakuat-kuat nekanan
Hukum Musa. Tur sanggeus anjeunna teu aya
deui raja anu saperti kitu.
26 Parandene kitu ngagolakna bendu
PANGERAN ka Yuda ku karana kadorakaan
Raja Menase bareto nepi ka nyundut manah
Mantenna, henteu lemper.
27 Mana PANGERAN lajeng nimbalan, "Najan
Yuda ge rek disingkirkeun ti payuneun
Kami cara nyingkirkeun Israil. Kitu deui
Yerusalem jeung ieu Bait Kami, najan ku
Kami geus dipilih jeung dipeting dijadikeun
tempat paranti ngabakti ka Kami, mo burung
dipiceun!"

28 Carita Raja Yosia salian ti eta kaungel dina
Kitab Babad Raja-raja Yuda.
29 Pupusna lantaran kasambut perang di
Megido, waktu megat Piraon Neko sabaladna
ti Mesir anu keur maju ka Walungan Eprat rek
ngabantu perang ka raja Asur.
30 Layonna diangkat kana kareta, ku
mantri-mantrina dibawa ka Yerusalem,
dimakamkeun di makam karajaan. Sanggeus
anjeunna pupus, urang Yuda ngangkat Yoahas
putrana jadi raja.
31 Yoahas jadina raja Yuda dina yuswa
dua puluh tilu taun, calikna di Yerusalem,
ngarajaanana tilu bulan. Ibuna nya eta
Hamutal binti Yermia ti Libna.
32 Lampahna nirca ti PANGERAN nurutan
lampah karuhun-karuhunna.
33 Marentahna kandeg kaburu ditangkep ku
Piraon Neko ti Mesir, dipanjara di Ribla di
tanah Hamat, tur nagara Yuda didengda kudu
mayar ku perak 3.400 kilo jeung emas tilu
puluh opat kilo.
34 Piraon Neko tuluy ngangkat Elyakim
putra Yosia keneh, jadi raja Yuda ngaganti
Raja Yosia, sarta jenenganana dilandi jadi
Yoyakim. Ari Yoahas ku Piraon Neko terus
diboyong ka Mesir nepi ka pupusna di ditu.
35 Raja Yoyakim narik pajeg ti rahayat,
gedena nurutkeun kakayaan masing-masing,
pikeun naekkeun jumlah upeti anu dipundut
ku raja Mesir.

36 Yoyakim mimiti jadi raja Yuda dina yuswa
dua puluh lima taun, calikna di Yerusalem,
marentahna sabelas taun. Ari ibuna nya eta
Sebuda binti Pedaya ti Ruma.
37 Lampahna nirca ti PANGERAN, nulad
kalakuan karuhunna.
24 1 Sanggeus Yoyakim jadi raja, nagara
Yuda ditempuh ku Raja Nebukadnesar
ti Babul. Yoyakim taluk terus ngawula
meunang tilu taun tuluy mungkir, baha ka
Nebukadnesar.
2 PANGERAN ka Yoyakim ngadatangkeun
gorombolan-gorombolan urang Babul, urang
Siria, urang Moab, jeung Amon, marawa
pakarang sina ngagempur Yuda, sakumaha
timbalana-Na anu diandikakeun ka para nabi,
abdi-abdi-Na.
3 Pang kitu teh sabab PANGERAN geus
ngandika baris nyingkirkeun urang Yuda
ti payuneuna-Na, temahna tina dosa Raja
Menase,
4 pangpangna ku sabab eta raja geus
maehan mangpirang-pirang rahayat anu
teu salah. Kajahatan Menase anu ieu ku
PANGERAN teu dipaparin ampun.
5 Hal Raja Yoyakim salian ti eta kaungel dina
Kitab Babad Raja-raja Yuda.
6 Sanggeus Yoyakim pupus tuluy diganti ku
Yoyakin, putrana.
7 Ari raja Mesir sabaladna geus tara budal
deui ti nagarana, lantaran tanah-tanah

bawahan Mesir ti semet Walungan Eprat nepi
ka wates tanah Mesir beulah kaler geus aya
dina cangkingan raja Babul.
8 Yoyakin mimiti jadi raja Yuda dina yuswa
dalapan belas taun, calikna di Yerusalem,
marentahna tilu bulan. Jenengan ibuna
Nehusta binti Elnatan ti Yerusalem.
9 Kalakuan Yoyakin nirca ti PANGERAN cara
ramana.
10 Waktu anjeunna ngaheuyeuk, datang
perwira-perwira Raja Nebukadnesar
sabaladna ti Babul narajang Yerusalem;
Yerusalem dikepung.
11 Sabot baladna keur ngepung,
Nebukadnesar ku anjeun sumping ka
Yerusalem.
12 Raja Yoyakin katut ibuna, putra-putrana,
para kapala balad jeung para gegeden
karaton ahirna serah bongkokan ka urang
Babul. Dina taun kadalapan Nebukadnesar
jumeneng raja, Yoyakin ku Nebukadnesar
ditangkep, diasupkeun ka panjara.
13 Rajabrana Bait Allah jeung rajabrana
karaton kabeh diakut ka Babul. Kabeh
paparabotan emas anu dipidamel ku Raja
Suleman pikeun Bait Allah, ku Nebukadnesar
diruksak, bukti sakumaha timbalan
PANGERAN bareto.
14 Urang Yerusalem katut para pangagung
karajaan jeung para pamingpin, ku
Nebukadnesar diakut ka Babul dijieun

boyongan, kabehna aya sapuluh rebu urang. Jalma-jalma patukangan oge, ka panday-panday beusi kabeh dikerid. Anu dikarikeun di Yuda ngan jalma-jalma anu pangmariskinna.
15 Yoyakin oge ku Nebukadnesar diboyong ka Babul katut ibuna, garwa-garwana, mantri-mantrina jeung pamingpin-pamingpin lianna ti Yuda.
16 Jalma-jalma anu parenting ku Nebukadnesar kabeh dikerid ka Babul, kabehna aya tujuh rebu urang. Jalma-jalma patukangan, kaasup panday beusi, eta ge diakut kabehna aya sarebu urang, pangawakanana kabeh harade, surup jaradi prajurit.
17 Ari nagara Yuda ku Nebukadnesar sina dirajaan ku Matanya, kapiramana Yoyakin, anu jenenganana ku Nebukadnesar dilandi jadi Sidkia.
18 Sidkia mimiti jadi raja nagara Yuda dina yuswa dua puluh hiji taun, calikna di Yerusalem, marentahna sabelas taun. Jenengan ibuna Hamutal binti Yermia ti Libna.
19 Lampah Sidkia nirca ti PANGERAN sakumaha Raja Yoyakim.
20 PANGERAN kacida benduna, nepi ka urang Yerusalem jeung Yuda ku Mantenna disingkirkeun ti payuneuna-Na.

25 1 Sidkia baha ka Raja Nebukadnesar. Ku sabab eta dina tanggal sapuluh bulan

sapuluh taun kasalapan Sidkia ngarajaan,
Raja Nebukadnesar ti Babul nyandak baladna
nempuh Yerusalem. Baladna masanggrahan
di luareun nagara tuluy nyarieun benteng,
Yerusalem ditingker sakurilingna.
2 Ari ditingkerna nepi ka taun sawelas Sidkia
jadi raja.
3 Dina tanggal salapan bulan opat taun eta,
keur meujeuhna nagara geus teu boga pisan
dahareun,
4 kuta nagara bedah. Ari prajurit-
prajurit, sakitu ku balad Babul ditingker
sakurilingna teu burung barisa molos kalabur
sapeupeuting, jalanna ka kebon raja ngaliwat
gapura anu brasna ka jalan anu kahapit ku
dua kuta, terus kalabur ka Lebak Yordan.
5 Tapi diudag ku balad Babul. Raja Sidkia
kasusul di tanah lapang di wewengkon Yeriho,
ditaringgalkeun ku baladna.
6 Sidkia dicerek dibawa ka Ribla, dijogokeun
ka Raja Nebukadnesar. Ku Raja Nebukadnesar
dihukum.
7 Putra-putrana dipeuncitan sina disaksian
ku anjeunna. Sidkia ku Nebukadnesar dicokel
socana, tuluy dirante jeung dibawa ka Babul.
8 Dina tanggal tujuh bulan lima taun
kasalapan belas Raja Nebukadnesar
ngarajaan nagara Babul, Nebusaradan anu
pangkatna juru nasehat raja jeung panglima
perang, datang ka Yerusalem.

9 Bait Allah, karaton, kitu deui imah
jelema-jelema anu parenting di Yerusalem ku
manehna beak dihuru.
10 Ari kuta-kuta Yerusalem dibongkar ku
serdadu-serdaduna.
11 Rahayat anu kari keneh di eta nagara,
patukangan-patukangan sakarina, jeung
jalma-jalma anu geus barelot ka urang Babul,
ku Nebusaradan dikerid ka Babul.
12 Anu ditinggalkeun di Yuda ngan jelema-
jelema anu pangmariskinna, anu teu baroga
naon-naon, dititah digarawe di kebon-kebon
anggur jeung ngolah tanah.
13 Tihang-tihang tambaga, padati-padati
anu di Bait Allah, jeung tatalagaan tambaga,
ku urang Babul diruksak diparotongan,
tambagana diakut ka Babul.
14 Malah sodok-sodok, wadah-wadah lebu
paragi ngagosokan altar, pakakas paragi
ngurus lampu-lampu, wadah-wadah paragi
nandean getih sato kurban, parukuyan-
parukuyan katut paparabotan tina tambaga
paranti upacara ibadah, kabeh diakut.
15 Barang-barang tina emas atawa perak,
jeung pinggan-pinggan laleutik katut
piring-piring wadah ruhak teu dikarikeun,
kabeh diakut.
16 Barang-barang tina tambaga beunang
Raja Suleman ngadamel pikeun Bait Allah,
nya eta pilar anu dua, padati-padati, jeung

tatalagaan, lamun tambagana ditimbang geus
moal bisa katimbang ku loba-lobana.
17 Pilar anu dua tea ukuranana sarua,
masing-masing luhurna dalapan meter, dina
pucukna make mamakutaan tina tambaga
keneh anu jangkungna masing-masing
sameter tilu puluh senti, tur eta mamakutaan
teh masing-masing dihias sakurilingna ku
dadalimaan tina tambaga keneh.
18 Sanggeus kitu eta panglima Nebusaradan
teh nangkep Imam Agung Seraya, Sepanya
imam kadua, jeung tilu urang gegeden Bait
Allah.
19 Ari ti kota anu ditangkep teh nya eta hiji
kapala anu nyangking pasukan-pasukan,
lima urang juru nasehat raja anu araya
keneh di kota, hiji pangbantu panglima purah
ngasup-ngasupkeun rahayat jadi prajurit,
jeung genep puluh urang deui jalma-jalma
anu parenting.
20 Kabeh ku Nebusaradan dibawa ka raja
Babul anu keur calik di Ribla,
21 di wewengkon nagara Hamat. Eta
jelema-jelema ku raja Babul disiksa di dinya
tuluy kabeh dipaehan. Jadi urang Yuda
teh dieuweuhkeun ti tanahna, dikerid ka
pangboyongan.
22 Sanggeusing kitu Nebukadnesar raja
Babul ngangkat Gedalya bin Ahikam incu
Sapan jadi gupernur nagara Yuda, sina

nguruskeun jelema-jelema anu henteu diboyong ka Babul.
23 Barang hal eta kadarengeeun ku para perwira jeung para prajurit anu henteu taraluk ka urang Babul, seug maranehna narepungan Gedalya di Mispa. Eta perwira-perwira teh nya eta Ismail bin Netanya, Yohanan bin Kareah, Seraya bin Tanhumet ti Netopa, jeung Yaasanya ti Maaka.
24 Saur Gedalya ka maranehna, "Aranjeun teu kudu sieun ku ponggawa-ponggawa urang Babul, sing jarongjon di ieu tanah, kaula nanggung aranjeun salamet asal kersa kumawula ka raja Babul."
25 Tapi dina bulan katujuh taun eta, Ismail bin Netanya incu Elisama anu kaasup kulawarga raja, datang ka Mispa jeung baturna sapuluh urang, maehan Gedalya, kitu deui urang Israil jeung urang Babul anu harita keur araya di Gedalya, diparaehan.
26 Geus kitu sakabeh urang Israil, anu beunghar, anu miskin, nyalingkir ti dinya jeung panglima-panglima pasukan tea, kalabur ka Mesir, sabab sarieuneun dibales ku urang Babul.
27 Sanggeus raja Babul diganti ku Ewil Merodak, Yoyakin raja Yuda ku eta raja dikaluarkeun ti panjara, sabab karunyaeun. Dikaluarkeunana dina tanggal dua puluh tujuh bulan dua belas, nincak kana tilu puluh tujuh taunna Raja Yoyakin aya di pangboyongan.

28 Ewil Merodak kacida darehdehna ka
anjeunna, nepi ka maparin kalungguhan anu
mulya, leuwih mulya ti batan kalungguhan
anu dilelerkeun ka raja-raja boyongan lianna
anu papada diboyong ka Babul.
29 Anggoanana ti panjara disalin, sarta
saumur-umur tara towong tuang sameja
jeung raja,
30 tur kaperluan anjeunna sapopoe
salawasna dicukup.

1 Tawarikh

1 [1] Adam puputra Set. Set puputra Enos.
Enos puputra Kenan.
[2] Kenan puputra Mahalalel. Mahalalel puputra
Yared.
[3] Yared puputra Hanok. Hanok puputra
Metusalah. Metusalah puputra Lamek.
[4] Lamek puputra Enoh. Enoh puputra Sem,
Ham jeung Yapet.
[5] Yapet puputra Gomer, Magog, Madai,
Yawan, Tubal, Mesek jeung Tiras, anu
masing-masing jadi karuhun jalma-jalma anu
marake ngaran eta.
[6] Gomer nurunkeun urang Askenas, Ripat
jeung Togarma.
[7] Yawan nurunkeun urang Elisa, Sepanyol,
Siprus jeung Rodes.
[8] Ham puputra Kus, Mesir, Libia jeung
Kanaan, anu masing-masing jadi karuhun
jalma-jalma anu marake ngaran eta.
[9] Kus nurunkeun urang Seba, Hawila, Sabta,
Raama jeung Sabteka. Raama nurunkeun
urang Syeba jeung urang Dedan.
[10] (Kus puputra Namrud, jalma anu
pangheulana jadi tukang naluk-nalukkeun
dunya.)
[11] Mesir nurunkeun urang Lidia, Anam,
Lehab, Naptuh,

12 Patrus, Kasluh jeung urang Kreta anu
nurunkeun urang Pelisti.
13 Kanaan puputra Sidon, cikalna, jeung Het,
anu masing-masing jadi karuhun jalma-jalma
anu marake ngaran eta.
14 Jeung deui Kanaan teh jadi karuhun urang
Yebus, urang Emor, urang Girgas,
15 urang Hiwi, urang Arki, urang Sin,
16 urang Arwad, urang Semar jeung urang
Hamat.
17 Sem puputra Elam, Asur, Arpaksad, Lud,
Aram, Us, Hul, Geter jeung Mesek, anu
masing-masing jadi karuhun jalma-jalma anu
marake ngaran eta.
18 Arpaksad puputra Selah. Selah puputra
Eber.
19 Eber puputra dua urang, nu saurang
dingaranan Peleg, lantaran jaman eta
pangeusi dunya dipecah; nu saurang deui
Yoktan.
20 Yoktan nurunkeun urang Almodad, Selep,
Hasar Mawet, Yarah,
21 Hadoram, Usal, Dikla,
22 Ebal, Abimael, Syeba,
23 Opir, Hawila jeung Yobab.
24 Silsilah ti Sem nepi ka Abram nya eta:
Sem, Arpaksad, Selah,
25 Eber, Peleg, Rehu,
26 Serug, Nahor, Terah
27 jeung Abram atawa mashurna Ibrahim.
28 Ibrahim puputra dua, Ishak jeung Ismail.

29 Putra-putra Ismail jaradi lulugu dua belas
kaom, nya eta kaom Nebayot (ngalap ngaran
putra Ismail anu cikal), kaom Kedar, kaom
Adbel, kaom Mibsam,
30 kaom Misma, kaom Duma, kaom Masa,
kaom Hadad, kaom Tema,
31 kaom Yetur, kaom Napis jeung kaom
Kedma.
32 Ibrahim kagungan parekan, ngaranna
Ketura. Ti ieu parekan meunang putra-putra
lalaki, Yoksan, Medan, Midian, Isbak jeung
Suah. Yoksan puputra dua, Syeba jeung
Dedan.
33 Midian puputra lima: Epa, Eper, Hanok,
Abida jeung Eldaa.
34 Ishak putra Ibrahim puputra dua, Esau
jeung Yakub.
35 Esau puputra Elipas, Rehuel, Yehus, Yalam
jeung Korah.
36 Elipas jadi karuhun kaom Tman, kaom
Omar, kaom Sepi, kaom Gatam, kaom Kenas,
kaom Timna jeung kaom Amalek.
37 Rehuel jadi karuhun kaom Nahat, kaom
Serah, kaom Syama jeung kaom Misa.
38 (1:38-42) Pribumi tanah Edom kabeh
turunan putra-putra Seir anu ngaranna
masing-masing: Lotan, anu jadi karuhun bani
Hori jeung bani Homam. Saderek Lotan istri,
nya eta Timna. Sobal, karuhun bani Alwan,
bani Manahat, bani Ebal, bani Sepi, bani
Onam. Sibeon, puputra Aya jeung Ana. Ana

puputra Dison karuhun bani Hamran, bani Esban, bani Yitran, bani Keran. Eser, karuhun bani Bilhan, bani Saawan, bani Yakan. Disan, karuhun bani Us, bani Aran.
39 (1:38)
40 (1:38)
41 (1:38)
42 (1:38)
43 (1:43-50) Samemeh di Israil aya raja, di tanah Edom geus aya raja, gunta-ganti nurutkeun waktu masing-masing, nya eta: Bela bin Beor, ti Dinhaba. Yobab bin Serah, ti Bosra. Husam, ti wewengkon Tman. Hadad bin Bedad, anu ngelehkeun urang Midian di Moab, ti Awit. Samla, ti Masreka. Saul, ti Rehobot sisi walungan. Baal Hanan, bin Akbor. Hadad, ti Pahi, (garwana Mehetabel binti Matred putu Mesahab).
44 (1:43)
45 (1:43)
46 (1:43)
47 (1:43)
48 (1:43)
49 (1:43)
50 (1:43)
51 Urang Edom jadi sababaraha kaom nya eta: Kaom Timna, kaom Alwa, kaom Yetet,
52 kaom Oholibama, kaom Ela, kaom Pinon,
53 kaom Kenas, kaom Tman, kaom Mibsar,
54 kaom Magdiel jeung kaom Iram.

2 [1] Yakub puputra dua belas: Rubin, Simeon,
Lewi, Yuda, Isaskar, Sebulun,
[2] Dan, Yusup, Binyamin, Naptali, Gad, Aser.
[3] Yuda putrana lima, tilu ti garwana anu
jenengan Batsua urang Kanaan, nya eta Er,
Onan jeung Sela. Er, anu cikal, ku sabab
lampahna kacida gorengna, ku PANGERAN
dicabut nyawana.
[4] Dua urang deui putrana ti garwana anu
jenengan Tamar (tadina mantu), nya eta
Peres jeung Serah.
[5] Peres puputra dua nya eta Hesron jeung
Hamul.
[6] Serah saderekna puputra lima nya eta
Simri, Etan, Heman, Kalkol jeung Darda.
[7] Akan bin Karmi salah sahiji turunan
Serah nyokot barang larangan, nya eta
barang jarahan keur PANGERAN, nepi ka
ngabahlakeun ka urang Israil.
[8] Etan puputra Asarya.
[9] Hesron puputra Yerahmel, Ram jeung
Kaleb.
[10] Ari runtuyan ti Ram nepi ka Isai nya eta:
Ram, Aminadab, Nahson (pangnyongcolangna
di kaom Yuda),
[11] Salmon, Boas,
[12] Obed jeung Isai.
[13] Isai puputra tujuh, pareleanana: Eliab,
Abinadab, Syama,
[14] Netanel, Radai,
[15] Osem jeung Daud.

16 Putrana anu istri nya eta Seruya jeung
Abigail. Seruya binti Isai puputra tilu: Abisai,
Yoab, Asahel.
17 Abigail binti Isai carogean ka Yeter turunan
Ismail, puputra Amasa.
18 Kaleb bin Hesron nikah ka Asuba, puputra
Yeriot, awewe. Yeriot puputra tilu: Yeser,
Sobab jeung Ardon.
19 Asuba tilar dunya, Kaleb nikah deui ka
Eprat, tuluy puputra Hur.
20 Hur puputra Uri, ari incuna ngaranna
Besalel.
21 Dina yuswa genep puluh taun Hesron
nikah deui ka putra Mahir saderek Gilad, tuluy
puputra Segub.
22 Segub puputra Yair. Yair nyekel dua puluh
tilu kota di wewengkon Gilad.
23 Tapi wilayahna aya anu direbut ku dua raja
ti karajaan Gesur jeung Aram. Genep puluh
kota karebut kaasup desa Yair jeung Kenat
katut kota-kota laleutik anu dareukeutna.
Pribumi urang dinya kabeh turunan Mahir
bapana Gilad.
24 Sanggeus Hesron pupus, Kaleb putrana
nikah ka Eprat urut garwa ramana, puputra
Ashur anu ngadegkeun kota Tekoa.
25 Yerahmel, putra Hesron anu cikal puputra
lima: Ram cikalna, Buna, Oren, Osem jeung
Ahia.

26 (2:26-27) Ram puputra tilu: Maas, Yamin
jeung Eker. Ti Atara, garwana anu saurang
deui, Yerahmel puputra Onam.
27 (2:26)
28 Onam puputra dua: Samai jeung Yada.
Samai puputra dua: Nadab jeung Abisur.
29 Abisur nikah ka Abihail, puputra dua:
Ahban jeung Molid.
30 Nadab saderek Abisur puputra dua: Seled
jeung Apaim; Seled tilar dunya jeung teu
putraan.
31 Apaim puputra Yishi, Yishi puputra Sesan.
Sesan puputra Ahlai.
32 Yada saderek Samai puputra dua: Yeter
jeung Yonatan. Yeter tilar dunya jeung teu
putraan.
33 Yonatan puputra dua: Pelet jeung Sasa.
Sakitu kabehna turunan Yerahmel.
34 (2:34-35) Sesan putrana istri wungkul,
nu saurang ditikahkeun ka gandekna ngaran
Yarha urang Mesir, anakna hiji ngaran Atai.
35 (2:34)
36 Runtuyan ti Atai nepi ka Elisama nya eta:
Atai, Natan, Sabad,
37 Eplal, Obed,
38 Yehu, Asarya,
39 Heles, Elasa,
40 Sismai, Salum,
41 Yekamya, Elisama.

42 Putra Kaleb anu cikal, saderek Yerahmel,
nya eta Mesa. Mesa puputra Sip. Sip puputra
Maresa. Maresa puputra Hebron.
43 Hebron puputra opat: Korah, Tapua,
Rekem jeung Sema.
44 Sema puputra Raham, Raham puputra
Yorkam. Rekem saderek Sema puputra
Samai,
45 Samai puputra Maon, Maon puputra
Betsur.
46 Kaleb ti Epa parekanana puputra tilu:
Haran, Mosa jeung Gases. Haran oge
kagungan putra, ngaranna Gases.
47 (Aya hiji jalma jenengan Yahdai, puputra
Regem, Yotam, Gesan, Pelet, Epa jeung
Saap.)
48 Ti Maaka, parekanana anu kadua Kaleb
puputra Seber jeung Tirhana.
49 Saterusna ti parekan nu eta keneh Kaleb
puputra dua deui: Saap jeung Sewah;
Saap ngadegkeun kota Madmana, Sewah
ngadegkeun kota Makbena jeung Gibea. Putra
Kaleb anu istri nya eta Aksa.
50 Anu ieu oge turunan Kaleb keneh, nya
eta: Sobal, putra Hur (putra Kaleb anu cikal)
ti Eprat, garwana, anu ngadegkeun Kiryat
Yarim.
51 Putra Hur anu kadua nya eta Salma, anu
ngadegkeun kota Betlehem. Putra Hur anu
katilu nya eta Herep, anu ngadegkeun kota
Bet Gader.

52 Sobal anu ngadegkeun kota Kiryat Yarim
tea jadi karuhun urang Haru, anu ngeusian
saparo kota Menuhot,
53 oge jadi karuhun warga-warga anu
maratuh di Kiryat Yarim, nya eta urang Yitri,
urang Puti, urang Suma jeung urang Misra.
(Aya oge jalma-jalma ti eta warga-warga anu
maratuh di kota Sora jeung Estaol.)
54 Salma, anu ngadegkeun kota Betlehem
tea jadi karuhun urang Netopa, urang Atrot
Bet Yoab jeung urang Sori, nya eta salah
sahiji kaom ti dua kaom anu maratuhna di
Manahat.
55 (Aya anu maratuhna di kota Yabes, nya
eta: urang Tira, urang Simat jeung urang
Sukat, kabeh kaasup bangsa Keni anu
pacorok jodo jeung urang Rekab, tur kabeh
jalma-jalma ahli kana tulas-tulis jeung ahli
nyutat.)
3 1 (3:1-3) Berendelan putra-putra Daud
nurutkeun parelean yuswana masing-
masing, anu diowokeunana waktu anjeunna
ngarajaan di Hebron: Amnon, ibuna Ahinoam
ti Yisrel. Daniel, ibuna Abigail ti Karmel.
Absalom, ibuna Maaka putra Raja Talmai ti
Gesur. Adonia, ibuna Hagit. Sepaca, ibuna
Abital. Itream, ibuna Egla.
2 (3:1)
3 (3:1)
4 Genepanana diowokeun di Hebron, waktu
Daud ngarajaan di dinya anu lilana tujuh taun

genep bulan. Sanggeus anjeunna ngarajaan
di Yerusalem anu lilana tilu puluh tilu taun,
5 anjeunna puputra deui tur loba. Ti garwa
anu jenengan Batseba binti Amiel puputra
opat: Sima, Sobab, Natan jeung Suleman.
6 Salapan deui putrana nya eta: Yibhar,
Elisua, Elpelet,
7 Nogah, Nepeg, Yapia,
8 Elisama, Elyada jeung Elipelet.
9 Kajaba ti eta rea keneh putrana anu ti
parekan-parekan. Putrana nu istri, hiji, Tamar.
10 Runtuyan turunan Raja Suleman nya eta:
Rehabam, putrana. Rehabam puputra Abiam,
Abiam puputra Asa, Asa puputra Yosapat,
11 Yosapat puputra Yehoram, Yehoram
puputra Ahasia, Ahasia puputra Yoas,
12 Yoas puputra Amasia, Amasia puputra
Usia, Usia puputra Yotam,
13 Yotam puputra Ahas, Ahas puputra Hiskia,
Hiskia puputra Menase,
14 Menase puputra Amon, Amon puputra
Yosia.
15 Yosia puputra opat: Yohanan, Yoyakim,
Sidkia jeung Yoahas.
16 Yoyakim puputra dua: Yoyakin jeung
Sidkia.
17 Turunan Raja Yoyakin, raja anu diboyong
ku urang Babul tea, ieu berendelanana:
Yoyakin puputra tujuh: Sealtiel,
18 Malkiram, Pedaya, Senasar, Yekamya,
Hosama jeung Nedabya.

19 Pedaya puputra dua: Serubabel jeung
Simi. Serubabel puputra dua pameget hiji
istri; nu pameget: Mesulam jeung Hananya,
nu istri: Selomit.
20 Aya deui putrana lima urang: Hasuba,
Ohel, Berekya, Hasadya jeung Yusab Hesed.
21 Hananya puputra dua: Pelaca jeung
Yesaya. Yesaya puputra Repaya, Repaya
puputra Arnan, Arnan puputra Obaja, Obaja
puputra Sekanya.
22 Sekanya puputra hiji, Semaya, ari incuna
aya lima: Hatus, Yigal, Bariah, Narya jeung
Sapat.
23 Narya puputra tilu: Elyuenai, Hiskia jeung
Asrikam.
24 Elyuenai puputra tujuh: Hodawia, Elyasib,
Pelaya, Akub, Yohanan, Delaya jeung Anani.
4 1 Sawatara turunan Yuda nya eta: Peres,
Hesron, Karmi, Hur jeung Sobal.
2 Sobal puputra Raya, Raya puputra Yahat,
Yahat puputra Ahumai jeung Lahad, karuhun
jalma-jalma anu maratuh di Sora.
3 (4:3-4) Putra Kaleb anu cikal ti garwana
anu jenengan Eprat nya eta Hur. Turunan Hur
ngadegkeun kota Betlehem. Hur puputra tilu:
Etam, Penuel jeung Eser. Etam puputra tilu:
Yisrel, Yisma jeung Idbas, jeung hiji putra
istri nya eta Haslelponi. Penuel ngadegkeun
kota Gedor, ari Eser ngadegkeun Husa.
4 (4:3)

5 Ashur, anu ngadegkeun kota Tekoa istrina
dua, Hela jeung Naara.
6 Ti Naara puputra opat: Ahusam, Heper,
Temni jeung Ahastari.
7 Ti Hela puputra tilu: Seret, Yishar jeung
Etnan.
8 Kos puputra Anub jeung Sobeba, karuhun
jalma-jalma anu runday ti Aharhel bin Harum.
9 Yabes, jalma anu kacida diajenanana ku
saderek-saderekna. Dijenenganan Yabes
teh ku ibuna, sabab diowokeunana kacida
nyerina.
10 Yabes neneda ka Allah Israil, piunjukna,
"Gusti, abdi nyuhunkeun berkah sareng
tanah masing seueur. Mugi abdi diraksa tina
kacilakaan anu matak nyeri." Panedana ku
Allah dimakbul.
11 Kaleb, saderek Suha, puputra Mehir. Mehir
puputra Eston.
12 Eston puputra tilu: Bet Rapa, Paseah
jeung Tehina. Tehina ngadegkeun kota Nahas.
Turunan ieu jalma-jalma maratuhna di Reka.
13 Kenas, putrana dua, Otniel jeung Seraya.
Otniel putrana dua, Hatat jeung Monotai.
14 Monotai puputra Opra. Seraya puputra
Yoab anu ngadegkeun Lebak Patukangan,
tempat jalma-jalma anu arahli barang jieun.
15 Kaleb bin Yepune putrana tilu: Iru, Ela
jeung Naam. Ela puputra Kenas.
16 Yehalalel putrana opat: Sip, Sipa, Tirya
jeung Asarel.

17 (4:17-18) Esrah putrana opat: Yeter,
Mered, Eper jeung Yalon. Mered nikah ka
Bitia putra raja Mesir, puputra hiji istri dua
pameget. Nu istri Miryam, nu pameget
Samai jeung Yisbah. Yisbah ngadegkeun kota
Estemoa. Ti istrina anu ti kaom Yuda putrana
tilu: Yered, anu ngadegkeun kota Gedor;
Heber, anu ngadegkeun kota Soko; jeung
Yekutiel, anu ngadegkeun kota Sanoa.
18 (4:17)
19 Hodia, nikahna ka saderek Naham.
Turunanana jadi bani Garmi, anu maratuhna
di kota Kehila jeung kaom Maaka, anu
maratuhna di kota Estemoa.
20 Simon putrana opat: Amnon, Rina,
Benhanan jeung Tilon. Yishi, putrana dua:
Sohet jeung Bensohet.
21 Turunan Sela bin Yuda kaasup oge:
Er, anu ngadegkeun kota Leka; Lada, anu
ngadegkeun kota Maresa; aya oge anu
maratuh di kota Bet Asbea, pagaweanana
kana ninun lenen;
22 Yokim jeung jalma-jalma anu maratuh
di kota Koseba; Yoas jeung Sarap, anu
narikahna ka awewe urang Moab, anu
saterusna maratuh di Betlehem. (Ieu catetan
geus kacida kolotna.)
23 Ieu jalma-jalma jaradi tukang nyieunan
barang gagarabah pikeun kaperluan raja,
maratuhna di kota Netaim jeung Gedera.

24 Simeon putrana lima: Nemuel, Yamin,
Yarib, Serah, jeung Saul.
25 Saul puputra Salum, Salum puputra
Mibsam, Mibsam puputra Misma.
26 Runtuyan turunan ti Misma nya eta
Hamuel, Sakur, jeung Simi.
27 Simi puputra genep belas pameget genep
istri. Tapi putra wargi-wargina mah saeutik,
ku sabab eta kaom Simeon mah henteu
sakumaha ngalobaanana cara kaom Yuda.
28 Nepi ka jaman Raja Daud turunan Simeon
maratuhna teh di kota-kota Bersyeba,
Molada, Hasar Sual,
29 Bilha, Esem, Tolad,
30 Betuel, Hormah, Siklag,
31 Bet Markabot, Hasar Susim, Betbiri, jeung
Saaraim.
32 Aya oge anu di Etam, Ain, Rimon, Token,
jeung Asan,
33 jeung di desa-desa sakurilingeunana,
terus ngidul ngetan nepi ka Baalat, tetep
renggenek di dinya tur boga silsilah sorangan.
34 (4:34-38) Jalma-jalma anu jaradi lulugu
di kaomna masing-masing nya eta: Mesobab,
Yamlek, Yosa bin Amasia, Yol, Yehu bin
Yosibya bin Seraya bin Asiel, Elyuenai,
Yaakoba, Yesohaya, Asaya, Adiel, Yesimiel,
Benaya, Sisa bin Sipi bin Alon (turunan
Yedaya, Simri jeung Semaya). Ku sabab beuki
ngalobaan,
35 (1:34)

36 (1:34)
37 (1:34)
38 (1:34)
39 seug nyebar nyaliara meh nepi ka Gerar,
ngarangon domba di hiji lebak sabeulah ti
wetan deukeut Gerar.
40 Tuluy maranggih tanah sampalan montok,
nya lega, nya aman, nya genah. Tadina anu
maratuh di dinya teh urang Ham.
41 Jaman Hiskia ngarajaan di Yuda,
maranehna ngagempur Gerar, kemah-kemah
jeung pondok-pondok urang dinya dibukbak,
pangeusina sina nyaringkah, tempatna terus
diandih, sabab di dinya loba pisan tanah
sampalan pikeun ingon-ingonna.
42 Kaom Simeon aya anu terus ngetan ka
tanah Edom lima ratus urang, diluluguan
ku anak-anak Yishi: Pelaca, Narya, Repaya,
jeung Usiel.
43 Sesa-sesa urang Amalek anu di darinya
diparaehan, tempatna diandih nepi ka
ayeuna.
5 1 Ari Rubin, putra Yakub anu cikal, ku
sabab ngajinahan parekan ramana,
kacikalanana dicabut diselehkeun ka Yusup.
2 Parandene kitu ari kaom anu pangkawasana
mah kaom Yuda, nepi ka aya anu jadi gegedug
ngawasaan sakabeh kaom lianna.
3 Rubin putra Yakub anu cikal putrana opat:
Hanok, Palu, Hesron jeung Karmi.

4 (5:4-6) Ieu turunan Yol, masing-masing
nurutkeun jamanna: Senaya, Gog, Simei,
Mika, Raya, Baal jeung Bera. Bera, kapala
kaom Rubin ditangkep ku Tiglat Pileser raja
Asur, terus diboyong.
5 (5:4)
6 (5:4)
7 Urang kaom Rubin anu jaradi pamingpin
golongan masing-masing nya eta: Yiel,
Jakaria
8 jeung Bela bin Asas bin Sema; eta
pamingpin warga Yol. Ieu warga maratuhna
di Arur jeung di wewengkon anu pernahna ti
dinya ngaler nepi ka Nebo jeung Baal Meon.
9 Ka wetanna maratuhna di tanah Gilad
nepi ka sisi wetan gurun keusik anu tuluyna
ka Walungan Eprat. Ingon-ingonna kacida
lobana.
10 Jaman Raja Saul, kaom Rubin merangan
jeung ngelehkeun urang Hagri nepi ka beak,
tanahna nya eta wewengkon Gilad wetan
diandih.
11 Kaom Gad maratuhna kalereun kaom
Rubin, di tanah Basan terus ngetan nepi ka
Salka.
12 Anu maratuhna di Basan, golongan anu
pangpentingna dikapalaan ku Yol. Golongan
penting anu kadua dikapalaan ku Sapam.
Golongan-golongan sejenna dikapalaan ku
Yanai jeung Sapat.

13 Jelema-jelema sejenna ti kaom Gad, eta
kaasup ka tujuh golongan ieu: golongan
Mikael, golongan Mesulam, golongan Seba,
golongan Yorai, golongan Yakan, golongan
Siha, golongan Eber.
14 Asal tumurunna ti Abihail bin Huri. Ari
karuhunna lamun dijujut mundur nya eta:
Abihail, Huri, Yaroah, Gilad, Mikael, Yesisai,
Yahdo jeung Bus.
15 Ieu golongan-golongan dikapalaan ku Ahi
bin Abdiel bin Guni.
16 Maratuhna di Basan jeung Gilad, boh
di kota-kota, boh di pilemburan jeung di
tanah-tanah sampalan di Saron.
17 (Sajarah maranehna disusunna mimiti ti
jaman Raja Yotam ngarajaan nagara Yuda
jeung Raja Yarobam ngarajaan nagara Israil.)
18 Kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom
Menase Wetan boga 44.760 prajurit anu
geus asak latih, tabah ngagunakeun kepeng,
pedang jeung jamparing.
19 Seug merangan urang Hagri, nya eta
kaom Yetur, kaom Napis jeung kaom Nodab.
20 Perangna bari jeung percaya ka Allah, teu
tinggal ti nyambat pitulung Mantenna, tur
panyambatna ku Allah dimakbul, perangna
unggul bisa ngelehkeun urang Hagri jeung
anu ngabantuna.
21 Ti musuhna ngarampas 50.000 onta,
250.000 domba, jeung 2.000 kalde, jaba
tawanan perang 100.000 urang.

22 Musuh anu kasambut kacida lobana,
nya Allah anu ngersakeun kitu. Tempat
urut musuhna diandih, nepi ka maranehna
sorangan engkena aya anu ngaboyong.
23 Kaom Menase Wetan maratuhna di
wewengkon Basan terus ka kaler nepi ka
Baal Hermon, Senir, jeung Gunung Hermon,
lobana mangpirang-pirang.
24 Eper, Yishi, Eliel, Asriel, Yermia, Hodawia
jeung Yahdiel, jaradi pamingpin warga
masing-masing, kasohor prajurit-prajurit anu
garagah.
25 Tapi ka beh dieunakeun maranehna
jadi nirca, naringgalkeun Allah karuhunna,
ngabarakti ka aallahan-aallahan bangsa-
bangsa anu ku PANGERAN geus dieuweuhkeun
ti dinya.
26 Ku sabab kitu nagarana ku PANGERAN
disina dirurug ku Raja Pul ti Asur, anu
kawentarkeun Tiglat Pileser tea. Kaom Rubin,
kaom Gad jeung kaom Menase Wetan ku
Mantenna disina diboyong ti nagarana, sina
tetep renggenek di Halah, di Habor, di Hara,
jeung di sisi Walungan Gosan.
6 1 Lewi putrana tilu: Gerson, Kahat jeung
Merari.
2 Kahat putrana opat: Amram, Yishar, Hebron
jeung Usiel.
3 Amram putrana dua pameget hiji istri, nu
pameget Harun jeung Musa, nu istri Miryam.

Harun putrana opat: Nadab, Abihu, Elasar
jeung Itamar.
4 Turunan Elasar nurutkeun jamanna
masing-masing: Pinehas, Abisua,
5 Buki, Usi,
6 Serahya, Merayot,
7 Amarya, Ahitub,
8 Sadok, Ahimaas,
9 Asarya, Yohanan,
10 Asarya (anu manghuluan di Bait Allah anu
diadegkeun ku Raja Suleman di Yerusalem),
11 Amarya, Ahitub,
12 Sadok, Salum,
13 Hilkia, Asarya,
14 Seraya jeung Yosadak.
15 Jaman urang Yuda jeung urang Yerusalem
ku PANGERAN disina diboyong ku Raja
Nebukadnesar, Yosadak oge kaboyong.
16 Turunan Lewi anu tilu tea nya eta Gerson,
Kahat jeung Merari,
17 masing-masing puputra. Gerson puputra
Libni jeung Simei;
18 Kahat puputra Amram, Yishar, Hebron
jeung Usiel;
19 Merari puputra Mahli jeung Musi.
20 Turunan Gerson nya eta: Libni puputra
Yahat, Yahat puputra Sima,
21 Sima puputra Yoab, Yoab puputra Ido, Ido
puputra Serah, Serah puputra Yatrai.
22 Turunan Kahat nya eta: Aminadab puputra
Korah, Korah puputra Asir,

23 Asir puputra Elkana, Elkana puputra
Ebyasap, Ebyasap puputra Asir,
24 Asir puputra Tahat, Tahat puputra Uriel,
Uriel puputra Usia, Usia puputra Saul.
25 Elkana putrana dua: Amasai jeung Ahimot.
26 Turunan Ahimot nya eta: Elkana puputra
Sopai, Sopai puputra Nahat,
27 Nahat puputra Eliab, Eliab puputra
Yaroham, Yaroham puputra Elkana.
28 Samuel putrana dua: Yol cikalna jeung
Abia rayina.
29 Turunan Merari nya eta: Mahli puputra
Libni, Libni puputra Simei, Simei puputra Usa,
30 Usa puputra Sima, Sima puputra Hagia,
Hagia puputra Asaya.
31 Sanggeus Peti Perjangjian aya deui di
Yerusalem, Raja Daud ngangkat biduan-
biduan anu kudu nganyanyikeun lagu-lagu
pupujian di tempat ngabakti.
32 Jaman samemeh Raja Suleman
ngadegkeun Bait Allah, eta para biduan
ngajalankeun papancenna teh di Kemah
Tepangan PANGERAN, waktuna bagilir.
33 Anu diangkat kana eta papancen, garis
silsilahna kieu: Heman putra Yoel ti golongan
Kahat, pamingpin biduan giliran kahiji.
Silsilahna lamun dijujut mundur nepi ka
Yakub kieu: Heman putra Yoel, Yoel putra
Samuel,

34 Samuel putra Elkana, Elkana putra
Yeroham, Yeroham putra Eliel, Eliel putra
Toah,
35 Toah putra Sup, Sup putra Elkana, Elkana
putra Mahat, Mahat putra Amasai,
36 Amasai putra Elkana, Elkana putra Yoel,
Yoel putra Asarya, Asarya putra Sepanya,
37 Sepanya putra Tahat, Tahat putra Asir, Asir
putra Ebyasap, Ebyasap putra Korah,
38 Korah putra Yishar, Yishar putra Kahat,
Kahat putra Lewi, Lewi putra Yakub.
39 Asap, pamingpin biduan giliran kadua.
Silsilahna lamun dijujut mundur nepi ka Lewi
kieu: Asap putra Berekya, Berekya putra
Sima,
40 Sima putra Mikael, Mikael putra Baaseya,
Baaseya putra Malkia,
41 Malkia putra Etni, Etni putra Serah, Serah
putra Adaya,
42 Adaya putra Etan, Etan putra Sima, Sima
putra Simei,
43 Simei putra Yahat, Yahat putra Gerson,
Gerson putra Lewi.
44 Etan, ti golongan Merari, pamingpin
biduan giliran katilu. Silsilahna lamun dijujut
mundur nepi ka Lewi kieu: Etan putra Kisi,
Kisi putra Abdi, Abdi putra Maluk,
45 Maluk putra Hasabya, Hasabya putra
Amasia, Amasia putra Hilkia,
46 Hilkia putra Amsi, Amsi putra Bani, Bani
putra Semer,

47 Semer putra Mahli, Mahli putra Musi, Musi
putra Merari, Merari putra Lewi.
48 Turunan Lewi salian ti eta, kabeh
dibakukeun kana papancen-papancen anu
tumali jeung tempat ngabakti.
49 Harun saputra putuna dibakukeun kana
ngukus seuseungitan jeung ngaduruk kurban
dina altar, kana saniskara kawajiban di
Kamar Pangsucina, jeung purah ngurban
mangnebuskeun dosa urang Israil supaya
meunang panghampura ti Allah. Kawajiban-
kawajiban maranehna kabeh nurutkeun
katangtuan anu ti Musa, abdi Allah.
50 Parelean putra putu Harun kieu: Elasar
puputra Pinehas, Pinehas puputra Abisua,
51 Abisua puputra Buki, Buki puputra Usi, Usi
puputra Serahya,
52 Serahya puputra Merayot, Merayot
puputra Amarya, Amarya puputra Ahitub,
53 Ahitub puputra Sadok, Sadok puputra
Ahimaas.
54 Golongan Kahat anu tumurun ti Harun,
maratuhna di wewengkon beunang ngalotre
tea, anu elotna ragrag pangheulana sarta
beunangna ku kaom Lewi,
55 kaasup oge Hebron di wewengkon Yuda
katut tanah-tanah sampalan sakuriling eta,
56 iwal ti lahan-lahan jeung desa-desa
sakuriling nagara, sabab eta mah beunangna
ku Kaleb bin Yepune.

57 (6:57-59) Kota-kota anu ragrag ka
turunan Harun nya eta: Hebron kota suaka,
Yatir, kitu deui Libna, Estemoa, Hilen,
Debir, Asan jeung Bet Semes, kabeh katut
tanah-tanah sampalanana.
58 (6:57)
59 (6:57)
60 Ti wewengkon Binyamin maranehna
meunang kota Geba jeung sampalanana,
kota Alemet jeung sampalanana, kota Anatot
jeung sampalanana. Jadi tempat maratuhna
saanak incu teh kabehna tilu belas kota.
61 Golongan Kahat salian ti eta maratuhna di
wewengkon Menase Kulon, sapuluh kota anu
elotna ragrag ka maranehna, sakulawarga
sakota.
62 Golongan Gerson meunang tilu belas kota
di wewengkon Isaskar, Aser, Naptali, jeung
di Basan anu ayana di wewengkon Menase
Wetan, sakulawarga sakota.
63 Golongan Merari nya kitu keneh, meunang
dua belas kota di wewengkon Rubin, Gad
jeung Sebulun, sakulawarga sakota.
64 Ku jalan kitu kaom Lewi ti urang Israil
mareunang tempat pamatuhan katut
tanah-tanah sampalanana.
65 (Kota-kota di wewengkon Yuda,
Simeon jeung Binyamin anu ditataan bieu,
dibagikeunana kabeh ku jalan dilotre.)

66 Aya oge kulawarga-kulawarga ti golongan
Kahat anu dibarere kota jeung tanah-tanah
sampalan di wewengkon Epraim, nya eta:
67 kota Sekem, kota suaka anu ayana di
pagunungan Epraim, Geser,
68 Yokmeam, Bet Horon,
69 Ayalon jeung Gat Rimon.
70 Ti wewengkon Menase Kulon maranehna
dibere kota Aner jeung Bilam katut tanah
sampalanana sakurilingeun eta.
71 Kota-kota katut jeung tanah-tanah
sampalanana anu dibikeun ka kulawarga-
kulawarga bani Gerson nya eta: Di
wewengkon Menase Wetan: Golan di Basan
jeung Astarot.
72 Di wewengkon Isaskar: Kedes, Daberat,
73 Ramot jeung Anem.
74 Di wewengkon Aser: Masal, Abdon,
75 Hukok jeung Rehob.
76 Di wewengkon Naptali: Kedes di Galilea,
Hamon jeung Kiryat Yarim.
77 Kota-kota katut jeung tanah-tanah
sampalan anu dibikeun ka kulawarga-
kulawarga kaom Merari nya eta: Di
wewengkon Sebulun: Rimono jeung Tabor.
78 Di wewengkon Rubin wetaneun Walungan
Yordan peuntaseun Yeriho: padataran Beser,
Yahsa,
79 Kedemot jeung Mepaat.
80 Di wewengkon Gad: Ramot bilangan Gilad,
Mahanaim,

81 Hesbon jeung Yaser.

7 1 Isaskar putrana opat: Tola, Pua, Yasub
jeung Simron.
2 Tola putrana genep: Usi, Repaya, Yeriel,
Yahmai, Yibsam, jeung Semuel, kabeh jaradi
kapala kulawarga warga Tola jeung jaradi
prajurit anu kamashur. Keur jaman Raja Daud
jumlah cacah jiwana aya 22.600 urang.
3 Usi putrana hiji, Yisrahya. Yisrahya putrana
opat: Mikael, Obaja, Yoel jeung Yisia, kabeh
jaradi kapala kulawarga.
4 Anak rabina masing-masing kacida lobana,
nepi ka cacah jiwa turunanana sanggup
ngayakeun 36.000 urang prajurit.
5 Jalma-jalma kaom Isaskar anu pantes
jaradi prajurit nurutkeun catetan resmi aya
87.000 urang.
6 Binyamin putrana tilu: Bela, Beker jeung
Yediael.
7 Bela putrana lima: Esbon, Usi, Usiel,
Yerimot jeung Iri. Kabeh jaradi kapala
kulawarga kaomna, tur jaradi prajurit anu
garagah. Jalma-jalmana anu pantes jaradi
prajurit aya 22.034 urang.
8 Beker putrana salapan: Semira, Yoas,
Elieser, Elyunai, Omri, Yeremot, Abia, Anatot
jeung Alemet.
9 Nurutkeun catetan resmi, jalma-jalmana
anu pantes jaradi prajurit aya 20.200 urang.

10 Yediael putrana hiji, Bilhan. Bilhan putrana
tujuh: Yehus, Binyamin, Ehud, Kenaana,
Yetan, Tarsis jeung Ahisahar.
11 Kabeh jaradi kapala kulawarga kaomna
tur jaradi prajurit anu kamashur. Turunan
maranehna anu pantes jaradi prajurit aya
17.200 jelema.
12 Aya duaan deui, kaom eta keneh nya eta
Supim jeung Hupim, duanana putra Ir. Ari
Dan putrana hiji, nya eta Husim.
13 Naptali putrana opat: Yahsiel, Guni, Yeser
jeung Salum, kabeh incu Bilha.
14 Menase, ti awewe urang Aram parekanana,
puputra dua, Asriel jeung Makir. Makir puputra
Gilad.
15 Makir nikahkeun Hupim jeung Supim.
Dulur Makir anu awewe nya eta Maaka. Putra
Makir anu kadua Selopehad, ari Selopehad
putrana kabeh awewe.
16 Ti Maaka, bojona, Makir puputra dua:
Peres jeung Seres. Peres puputra dua: Ulam
jeung Rakem.
17 Ulam putrana hiji: Bedan. Sakitu turunan
Gilad bin Makir putu Menase.
18 Hamoleket, saderek Gilad anu istri puputra
tilu: Ishod, Abieser, jeung Mahla.
19 (Semida puputra opat: Ahyan, Sekem,
Likhi, jeung Aniam.)
20 Ari turunan Epraim nya eta: Sutelah
puputra Bered, Bered puputra Tahat, Tahat
puputra Elada, Elada puputra Tahat,

21 Tahat puputra Sabad, Sabad puputra
Sutelah. Kajaba ti Sutelah aya duaan deui
putra Epraim, nya eta Eser jeung Elad, tapi
duanana tiwas dipaehan ku urang Gat waktu
keur maraling ingon-ingon urang dinya.
22 Epraim prihatin sababaraha lilana, lipur-
lipur sanggeus dilayad ku saderek-saderekna.
23 Epraim manjingan deui garwana, seug
ieu nyiram, ngalahirkeun, putrana lalaki,
dingaranan Beria, pangeling-eling kana
kacilakaan anu tumiba ka rumah tanggana.
24 Aya putra Epraim anu istri nya eta Seera.
Seera ngadegkeun kota Bet Horon Girang,
Bet Horon Hilir, jeung Usen Seera.
25 Aya deui putra Epraim anu lalaki nya eta
Repah. Repah puputra Resep, Resep puputra
Telah, Telah puputra Tahan,
26 Tahan puputra Ladan, Ladan puputra
Amihud, Amihud puputra Elisama,
27 Elisama puputra Nun, Nun puputra Yosua.
28 Ari wewengkon pamatuhanana nya
eta Betel katut pilemburan-pilemburan
sakurilingna, ka wetanna nepi ka Naaran,
ka kulonna nepi ka Geser katut kabeh
pilemburan sakurilingna, kitu deui Sekem
jeung Aya katut kabeh pilemburanana.
29 Turunan Menase maratuhna di Bet San,
Taanak, Megido jeung Dor katut kabeh
pilemburanana. Nya di dinya maratuhna
turunan Yusup putra Yakub.

30 Turunan Aser nya eta: Aser putrana opat:
Yimna, Yiswa, Yiswi, Beria; anu istri: Serah.
31 Beria putrana dua: Heber jeung Malkiel.
(Malkiel ngadegkeun kota Birsait.)
32 Heber putrana tilu: Yaplet, Somer jeung
Hotam. Anu istri: Sua.
33 Yaplet putrana tilu: Pasak, Bimhal jeung
Aswat.
34 Somer putrana tilu: Rohga, Yehuba jeung
Aram.
35 Hotam putrana opat: Sopah, Yimna, Selsa
jeung Amal.
36 Putra-putra Sopah: Suah, Harneper, Sual,
Beri, Yimra,
37 Beser, Hod, Sama, Silsa, Yitram jeung
Bera.
38 Putra-putra Yeter: Yepune, Pispa, Ara.
39 Putra-putra Ula: Arah, Haniel jeung Risya.
40 Sakitu turunan Aser, kabeh jaradi
kapala-kapala kulawarga, kaceluk-pamuk,
jalma-jalma anu petingan. Anu parantes jadi
prajurit aya 26.000 urang.
8 1 Binyamin putrana lima, nya eta: Bela,
cikalna, Asbel, Ahrah,
2 Noha jeung Rapa.
3 Bela puputra Adar, Gera, Abihud,
4 Abisua, Naaman, Ahoah,
5 Gera, Sepupan, Huram.
6 (8:6-7) Ehud, puputra Naaman, Ahia, Gera,
kabeh jaradi kapala karuhun jalma-jalma anu
maratuh di Geba, anu tuluyna diboyong ka

Manahat. Waktu keur diboyongna dikapalaan
ku Gera, ramana Usa jeung Amihud.
7 (8:6)
8 (8:8-9) Saharaim mirak dua bojona, Husim
jeung Baara. Geus kitu pindah ka tanah Moab
sarta nikah di dinya ka Hodes, tuluy puputra
tujuh: Yobab, Sibya, Mesa, Malkam,
9 (8:8)
10 Yus, Sakis jeung Mirma, anu jaradi kapala
kulawargana masing-masing.
11 Memeh eta, ti Husim oge aya putrana dua
nya eta Ahitub jeung Elpaal.
12 Elpaal puputra tilu: Eber, Misham jeung
Semed. Semed ngadegkeun kota Ono jeung
Lod katut lembur-lembur sakurilingna.
13 Beria jeung Sema jaradi kapala warga anu
maratuh di kota Ayalon, sarta nyingkahkeun
jalma-jalma urang kota Gat.
14 Beria puputra Ahio, Sasak, Yeremot,
15 Sebaja, Arad, Eder,
16 Mikael, Yispa jeung Yoha.
17 Elpaal puputra: Sebaja, Mesulam, Hiski,
Heber,
18 Yismerai, Yisli jeung Yobab.
19 Simei puputra: Yakim, Sikri, Sabdi,
20 Elienai, Siltai, Eliel,
21 Adaya, Beraya jeung Simrat.
22 Sasak puputra: Yispan, Eber, Eliel,
23 Abdon, Sikri, Hanan,
24 Hananya, Elam, Antotia,
25 Yipdea jeung Penuel.

26 Yeroham puputra: Samserai, Seharya, Atalya,
27 Yaaresia, Elias jeung Sikri.
28 Kabeh jaradi kapala warga sakaruhunna-sakaruhunna, anu turunanana maratuhna di Yerusalem.
29 Yiel ngadegkeun kota Gibon sarta matuhna oge di dinya. Ngaran istrina Maaka.
30 Anjeunna puputra: Abdon cikalna, Sur, Kis, Baal, Ner, Nadab,
31 Gedor, Ahio, Seker
32 jeung Miklot. Miklot puputra Simea. Turunan maranehna caricingna di Yerusalem deukeut jeung pada baraya.
33 Ner puputra Kis, Kis puputra Raja Saul. Saul puputra opat: Yonatan, Malkisua, Abinadab jeung Esbaal.
34 Yonatan puputra Meribaal, Meribaal puputra Mika.
35 Mika puputra opat: Piton, Melek, Tarea jeung Ahas.
36 Ahas puputra Yoada, Yoada puputra tilu: Alemet, Asmawet jeung Simri. Simri puputra Mosa.
37 Mosa puputra Bina, Bina puputra Rapa, Rapa puputra Elasa, Elasa puputra Asel.
38 Asel puputra genep: Asrikam, Bokru, Ismail, Sarya, Obaja jeung Hanan.
39 Esek saderek Asel putrana tilu: Ulam, Yehus jeung Elipelet.

40 Putra-putra Ulam jaradi prajurit anu
kamashur, palinter mentang jamparing. Putra
putuna anu lalaki aya saratus lima puluh
urang. Kabeh kaasup kaom Binyamin.
9 1 Urang Israil kabeh enggeus didaptarkeun
nurutkeun sakumaha silsilah turunanana,
tur geus dicatet dina Kitab Raja-raja Israil. Ari
urang Yuda, tina sabab dosa-dosana enggeus
dihukum dibuang ka Babul.
2 Anu pangheulana marulang ka kota-kota
asalna nya eta urang Israil golongan rahayat
biasa, para imam, urang-urang Lewi, jeung
tukang-tukang digarawe di Bait Allah.
3 Jalma-jalma ti kaom-kaom Yuda, Binyamin,
Epraim, jeung Menase, maratuhna di
Yerusalem.
4 (9:4-6) Ti kaom Yuda anu maratuhna
di Yerusalem teh aya 690 kulawarga.
Turunan anu mencarna ti Peres bin Yuda
dikapalaanana ku Utai bin Amihud bin Omri.
Imri jeung Bani oge karuhun Utai keneh.
Turunan anu mencarna ti Selah bin Yuda
di kapalaan ku Asaya. Asaya jadi kapala
kulawargana. Turunan anu mencarna ti Serah
bin Yuda dikapalaanana ku Yehuel.
5 (9:4)
6 (9:4)
7 (9:7-8) Ti kaom Binyamin anu maratuhna
di Yerusalem teh nya eta: Salu bin Mesulam
bin Hodawia bin Hasenua. Yibneya bin

Yeroham. Ela bin Usi bin Mikri. Mesulam bin
Sepaca bin Rehuel bin Yibnia.
8 (9:7)
9 Nya maranehna anu ngapalaan jalma-
jalma ti kaom Binyamin anu maratuhna di
Yerusalem anu lobana 956 kulawarga.
10 (9:10-12) Para imam anu maratuhna di
Yerusalem nya eta: Yedaya, Yoyarib jeung
Yakin. Asarya bin Hilkia, kapala urusan Bait
Allah (karuhunna nya eta Mesulam, Sadok,
Merayot jeung Ahitub). Adaya bin Yeroham,
anu karuhunna nya eta Pashur jeung Malkia.
Maasai bin Adiel, anu karuhunna Yahsera,
Mesulam, Mesilemit jeung Imer.
11 (9:10)
12 (9:10)
13 Imam-imam anu jaradi kapala kulawarga
kabehna aya 1.760 urang. Aranjeunna geus
tarabah ngatur saniskara pagawean urusan
Bait Allah.
14 (9:14-16) Urang Lewi anu maratuh di
Yerusalem nya eta: Semaya bin Hasub, anu
karuhunna Asrikam jeung Hasabya ti kaom
Merari. Bakbakar, Heres jeung Galal. Matanya
bin Mika, anu karuhunna Sikri jeung Asap.
Obaja bin Semaya, anu karuhunna Galal
jeung Yedutun. Berekya bin Asa bin Elkana,
anu matuhna di desa urang Netopa.
15 (9:14)
16 (9:14)

17 Para pangawal Bait Allah anu maratuh
di Yerusalem nya eta: Salum, Akub, Talmon
jeung Ahiman. Salum jadi kapala pangawal.
18 Nepi ka mangsa harita jalma-jalma
golongan warga maranehna ditempatkeunana
teh di lawang Gapura Raja beulah wetan.
Tadina maranehna ngawalna teh di lawang-
lawang anu brasna ka pakemahan urang
Lewi.
19 Salum bin Kore incu Ebyasap jeung
jalma-jalma papada warga Korah, dibere
kawajiban ngajaga lawang Kemah Tepangan
PANGERAN, cara papancen karuhunna bareto
di pakemahan PANGERAN.
20 Putra Elasar, Pinehas anu hartina: Mugia
manehna disarengan ku PANGERAN kungsi
ngapalaan maranehna.
21 Jakaria bin Meselemya, eta oge ngajaga
lawang Kemah Tepangan PANGERAN.
22 Anu kapilih ngajaga lawang-lawang jeung
gapura-gapura teh kabehna aya 212 urang,
anu didaptarkeunana di sadesana-sadesana.
Eta papancen baretona dijalankeun ku para
karuhunna, diayakeunana ku Raja Daud
jeung Samuel, juru tingal tea.
23 Papancen ngajaga gapura-gapura Bait
Allah teh diteruskeunana ku maranehna
saturunanana.
24 Gapura-gapura teh masing-masing
nyanghareupna ka kaler, ka kidul, ka kulon,

ka wetan, sarta masing-masing aya kapala pangawalna saurang.
25 Anu ngajaraga di dinya dibantu ku
dudulurana anu maratuh di desa-desa,
ngabantuna kagiliran saminggu sewang.
26 Kapalana, anu kudu tanggung jawab aya
opatan, kabeh urang Lewi. Kajaba ti kitu
eta kapala-kapala jaga teh kudu ngurus
rohangan-rohangan Bait Allah katut ngurus
rajabranana.
27 Ku sabab kudu ngajaga Bait Allah
sarta unggal isuk kudu mukakeun gapura-
gapurana, maratuhna oge deukeut Bait
bae.
28 Papancen urang Lewi lianna, sawareh
ngarawatan parabot ngabakti; mun rek
dipake kitu deui sanggeusna, eta parabot
kudu diitung.
29 Sawareh deui kudu ngurus parabot
suci, ngurus tipung, anggur, minyak jetun,
wawangian, jeung bungbu-bungbu.
30 Tapi anu meunang ngaramu bungbu-
bungbu mah ngan golongan imam wungkul.
31 Matica, putra Salum anu cikal urang
Lewi golongan Korah, papancenna kudu
gurang-goreng keur kurbankeuneun.
32 Jalma-jalma golongan Kahat saban poe
Sabat kudu nyadiakeun roti suci teundeuneun
di Bait Allah.
33 Sawareh deui urang Lewi teh aya
anu kudu jaradi biduan di Bait Allah.

Pamingpin-pamingpin para biduan caricingna di sababaraha babagian Bait, jeung bebas tina papancen sejenna, sabab papancen eta mah kudu dijalankeun beurang peuting.
34 Anu ngaran-ngaranna ditataan di luhur bieu kabeh kapala kulawarga urang Lewi sakaruhunna-sakaruhunna masing-masing, jeung jaradi pamingpin pangeusi kota Yerusalem.
35 Yiel ngadegkeun kota Gibon, calikna oge di dinya jeung Maaka, istrina.
36 Putra-putrana nya eta: Abdon cikalna, Sur, Kis, Baal, Ner, Nadab,
37 Gedor, Ahio, Jakaria jeung Miklot.
38 Miklot puputra Simea. Turunan maranehna maratuhna di Yerusalem, deukeut jeung pada dulur anu sakaruhun.
39 Ner puputra Kis, Kis puputra Saul. Saul putrana opat: Yonatan, Malkisua, Abinadab jeung Esbaal.
40 Yonatan puputra Meribaal, Meribaal puputra Mika.
41 Mika putrana opat: Piton, Melek, Tarea jeung Ahas.
42 Ahas puputra Yara, Yara putrana tilu: Alemet, Asmawet jeung Simri. Simri puputra Mosa,
43 Mosa puputra Bina, Bina puputra Repaya, Repaya puputra Elasa, Elasa puputra Asel.
44 Asel putrana genep: Asrikam, Bokru, Ismail, Sarya, Obaja jeung Hanan.

10 [1] Urang Pelisti merangan ka urang
Israil di Gunung Gilboa. Balad Israil
loba pisan anu tiwas kasambut, anu harirup
keneh kalabur, kitu deui Raja Saul sapala
putra.
[2] Tapi ku urang Pelisti diudag terus ditarajang
deui sarta harita tilu putra Saul nya eta
Yonatan, Abinadab jeung Malkisua tariwas
kasambut musuh.
[3] Di sakurilingeun Saul perang kacida
ragotna, tur anjeunna keuna ku jamparing
musuh, tatu parna pisan.
[4] Anjeunna ngalahir ka budak ngora anu
mawa pakarangna, saurna, "Cabut pedang
maneh, tubleskeun ka kami, bisi kaayaan
kami kieu katarenjoeun manten ku itu urang
Pelisti umat brahala, tangtu aratoheun."
Tapi eta budak ngora teu daekeun, kacida
teu wanieunana. Ku sabab kitu Saul nyabut
pedang nyalira, bles nubles anjeun.
[5] Nenjo Saul geus pupus, bles deuih eta
budak ngora teh nubles maneh ku pedangna,
maot di dinya.
[6] Saul jeung tilu putrana parupus sapoe
reujeung, karajaanana tamat.
[7] Urang Israil anu maratuh di Lebak Yisrel
barang ngadarenge beja yen baladna kalabur
tur Saul jeung putra-putrana parupus, tuluy
bae kalabur ti pamatuhanana, urutna diandih
ku urang Pelisti.

8 Sanggeus perang enggeusan, urang Pelisti
ngalalasruk rek ngarangsadan mayit-mayit.
Layon Saul jeung tilu putrana kapanggih di
Gunung Gilboa.
9 Pakarangna dirangsadan, mastakana
diteukteuk. Urang Pelisti ngirimkeun
utusan-utusan ka sakuliah nagarana,
ngembar-ngembar beja anu sakitu
pikabungaheunana ka brahala-brahala jeung
ka bangsana.
10 Pakarang Saul ku maranehna disimpen
di salah sahiji imah pamujaanana, ari
mastakana digantungkeun di kuil Dewa
Dagon, sesembahanana.
11 Barang urang Yabes di wewengkon Gilad
ngadarenge beja kalakuan urang Pelisti kitu
ka Saul,
12 seug jalma anu garagah jeung warani
arindit nyarokot layon Saul jeung tilu putrana
dibawa ka Yabes, dimakamkeun di handapeun
hiji tangkal kiara. Geus kitu maranehna
paruasa meunang tujuh poe.
13 Nu matak Saul pupus teh ku lantaran geus
henteu satia ka PANGERAN. Henteu tumut
kana timbalan-timbalan PANGERAN, anggur
mundut pituduh ka arwah jelema anu geus
paeh,
14 lain mundut pituduh ka PANGERAN.
Eta sababna ku PANGERAN disina tiwas,
karajaanana ku Mantenna diselehkeun ka
Daud putra Isai.

11 [1] Geus kitu kabeh kaom Israil daratang
ka Daud di Hebron, sarta arunjukan
kieu, "Abdi sadaya sareng Gusti tunggal
sadaging sagetih.
[2] Kapungkur, nalika abdi sadaya dirajaan
keneh ku Saul, Gusti parantos ngapalaan
abdi sadaya dina peperangan. Kawuwuh
PANGERAN, Allah panutan Gusti, parantos
nangtoskeun yen Gusti bakal jadi pamingpin
sareng raja umat Mantenna."
[3] Sakabeh pamingpin Israil daratang ka Raja
Daud di Hebron, sarta anjeunna ngayakeun
perjangjian jeung maranehna, kalawan
PANGERAN saksina. Seug anjeunna ku
maranehna dilisahan dijenengkeun raja
nyangking Israil, sakumaha jangji PANGERAN
ka Samuel tea.
[4] Raja Daud jeung sakumna bangsa Israil
angkat merangan kota Yerusalem, anu
kasebutna Yebus. Anu maratuh di dinya nya
eta urang Yebus, asli urang dinyana.
[5] Ceuk urang Yebus ka Daud pamohalan
anjeunna bisa asup ka kota maranehna, ari
heug benteng maranehna nya eta benteng
Sion ku Daud karebut. Satuluyna Sion teh
kawentar jadi "Kota Daud".
[6] Saur Daud, "Sing saha anu pangheulana
bisa maehan urang Yebus, bakal diangkat
jadi panglima perang." Seug Yoab putra ibu
Seruya ngapalaan narajang, sarta anjeunna
jadi panglima.

7 Ku sabab eta benteng terus dilinggihan ku
Daud, tuluy bae kamashur jadi "Kota Daud".
8 Eta kota ku anjeunna diomean sakurilingna,
mimiti ti Milo wetaneun pasir nepi ka tepung
gelang. Sesana salian ti eta diomeanana
diteruskeun ku Yoab.
9 Daud beuki lila beuki nanjung, sabab
diaping ku PANGERAN, Allah Nu Maha
Kawasa.
10 Ieu daptar prajurit-prajurit Daud anu
kamashur. Babarengan jeung urang Israil
lianna maranehna ngabantu anjeunna jadi
raja, nekanan jangji PANGERAN sarta ngajaga
sangkan karajaan anjeunna tetep nanjeur.
11 Nu kahiji Yasobam ti golongan Hakmoni,
pamingpin "Tri Wirawan". Sakali prung tarung
kungsi bisa maehan tilu ratus musuh ku
tumbak.
12 Nu kadua ti eta tilu pahlawan teh, anu
kamashur nya eta Elasar bin Dodo ti golongan
Ahohi.
13 Sakali mangsa manehna ngabaturan Daud
ngayonan urang Pelisti di Pas Damim. Barang
geus aya di hiji kebon gandum, urang Israil
mimiti kalabur,
14 tapi manehna jeung bawahanana mah
tetep tagen ngayonan urang Pelisti di tengah
eta kebon, sarta ku PANGERAN disina unggul.
15 Dina hiji poe, sabot sababuhan urang
Pelisti keur mangkalan di Lebak Repaim,
aya tilu prajurit ti prajurit-prajurit anu

kamashurkeun "Si Tilu Puluh" arindit rek nepungan Daud di hiji karang deukeut guha Adulam.
16 Harita Betlehem keur diandih ku sapasukan urang Pelisti. Ari Daud keur aya di hiji pasir anu dibenteng,
17 sarta geus ngaraos sono ka lembur, seug bae ngalahir, "Hayang teuing kami dipangalakeun cai keur nginum ti sumur anu di deukeut lawang gapura Betlehem!"
18 Bral bae eta tilu prajurit teh arindit, tuluy norobos ka pangkalan urang Pelisti, pek nimba ti sumur, caina disanggakeun ka Daud. Tapi tinimbang dileueut, cai teh ku anjeunna dibahekeun kana taneuh, dibaktikeun ka PANGERAN,
19 sarta anjeunna miunjuk kieu, "Paliyas abdi nginum ieu cai, margi sasat nginum getih eta tilu jalmi anu parantos nandonkeun nyawana." Nu matak eta cai teh ku anjeunna teu dileueut. Kitu kagagahanana eta tilu prajurit teh.
20 Nu jadi kapala "Si Tilu Puluh" nya eta Abisai putra ibu Seruya, rayina Yoab. Abisai kungsi ngayonan tilu ratus urang Pelisti nepi ka paraeh kabeh ditumbakan. Abisai kamashur di antara nu tilu puluh teh.
21 Malah ti "Si Tilu Puluh" mah pangdihormatna, turug-turug jadi pamingpinna. Parandene kitu mashur keneh "Tri Wirawan" tea.

22 Benaya bin Yoyada, urang Kabsel, eta
oge prajurit kamashur. Loba kagagahanana,
kaasup tarungna ngalawan dua satria Moab
anu awakna baradag. Sarta sakali mangsa
keur turun salju manehna nurunan hiji
gorombang, tarung jeung hiji singa, singana
dipaehan.
23 Kungsi deuih niwaskeun hiji urang Mesir
anu awakna tangihgul, jangkungna leuwih
ti dua meter. Musuhna make tumbak gede
pisan, ari Benaya ngan make pepentung.
Tumbak urang Mesir teh dibetot, gejos dipake
maehan anu bogana.
24 Kitu kagagahan-kagagahan Benaya ti
antara "Si Tilu Puluh".
25 Ti "Si Tilu Puluh" mah manehna nonjol
pisan. Tapi mashur keneh "Tri Wirawan" tea.
Manehna ku Daud dijieun kapetengan pribadi.
26 (11:26-47) Prajurit-prajurit kamashur anu
lianna nya eta: Asahel, raina Yoab; Elhanan
bin Dodo, ti Betlehem; Samma, urang Harod;
Heles, urang Pelet; Ira bin Ikes, urang Tekoa;
Abieser, urang Anatot; Sibkai, urang Husa;
Ilai, urang Ahoh; Maharai, urang Netopa;
Heled bin Baana, urang Netopa; Itai bin
Ribai, urang Gibea wewengkon Binyamin;
Benaya, urang Piraton; Hurai, urang lebak
Gaas; Abiel, urang Arba; Asmawet, urang
Bahurum; Eliahba, urang Saalbon; Hasem,
urang Gison; Yonatan bin Sage, urang Harar;
Ahiam bin Sakar, urang Harar; Elipal bin Ur;

Heper, urang Mekera; Ahia, urang Pelon;
Hesro, urang Karmel; Naarai bin Esbai; Yoel,
saderek Natan; Mibhar bin Hagri; Selek,
urang Amon; Naharai, urang Berot, purah
mawa pakarang Yoab; Ira jeung Gareb, urang
Yatir; Uria, urang Het; Sabad bin Ahilai; Adina
bin Sisa, jalma penting ti kaom Rubin, boga
pasukan sorangan lobana tilu puluh prajurit;
Hanan bin Maaka; Yosapat, urang Matan;
Usia urang Astera; Sama jeung Yehiel, urang
Arur, duanana bin Hotam; Yediael jeung Yoha,
urang Tis, duanana bin Simri; Eliel, urang
Mahawa; Yeribai bin Elnaam jeung Yosawia
bin Elnaam; Itma, urang Moab; Eliel, Obed
jeung Yaasiel, urang Soba.
27 (11:26)
28 (11:26)
29 (11:26)
30 (11:26)
31 (11:26)
32 (11:26)
33 (11:26)
34 (11:26)
35 (11:26)
36 (11:26)
37 (11:26)
38 (11:26)
39 (11:26)
40 (11:26)
41 (11:26)
42 (11:26)

43 (11:26)
44 (11:26)
45 (11:26)
46 (11:26)
47 (11:26)
12 1 Basa Daud keur di Siklag nyingkahan
Raja Saul, loba pisan anu maturan,
prajurit-prajurit anu beunang diandelkeun tur
loba pangalamanana,
2 jalma-jalma ti golongan Saul, papada ti
kaom Binyamin. Kabeh palinter mentang
jamparing, palinter ngabandring boh ku
leungeun katuhu boh ku leungeun kenca.
3 (12:3-7) Pamingpinna Ahieser bin Semaa
jeung Yoas bin Semaa, urang Gibea.
Prajurit-prajuritna nya eta: Yesiel bin
Asmawet, Pelet bin Asmawet. Beraka jeung
Yehu, urang Anatot. Yismaya urang Gibon,
prajurit kamashur, salah sahiji pamingpin "Si
Tilu Puluh". Yermia, Yehasiel, Yohanan jeung
Yosabad, urang Gedera. Elusai, Yerimot,
Balya, Semarya jeung Sepaca, urang Harip.
Elkana, Yisia, Asarel, Yuser jeung Yasobam,
ti kaom Korah. Yula bin Yeroham, Sebaja bin
Yeroham, urang Gedor.
4 (12:3)
5 (12:3)
6 (12:3)
7 (12:3)
8 Ieu ngaran-ngaran prajurit mashur ti
kaom Gad jeung loba pangalamanana, anu

daratang ngahiji ka pasukan Daud basa
anjeunna keur aya di hiji gurun keusik anu
geus dibenteng. Kabeh arahli molahkeun
kepeng jeung tumbak, tur perongna perong
singa, sarta rarikat saperti mencek.
9 (12:9-13) Ngaran-ngaranna nurutkeun
parelean tingkatanana nya eta: Eser, Obaja,
Eliab, Mismana, Yermia, Atai, Eliel, Yohanan,
Elsabad, Yermia jeung Makbanai.
10 (12:9)
11 (12:9)
12 (12:9)
13 (12:9)
14 Ti antara eta urang Gad aya anu jadi
kapala sarebu prajurit, aya nu jaradi kapala
saratus prajurit.
15 Dina bulan kahiji dina hiji taun, maranehna
mareuntasan Walungan Yordan anu caina
keur limpas, narajang ka urang peuntas
di lebak-lebak wetaneun jeung kuloneun
eta walungan, datang ka anu ditarajangna
paburisat.
16 Sakali mangsa aya sapasukan urang
Binyamin jeung Yuda datang ka benteng anu
dicalikan ku Daud.
17 Daud nyampeurkeun sarta nyaur
kieu, "Upama maraneh ka darieu teh rek
ngabaturan jeung rek marantuan, atuh sukur,
bagea. Yap urang ngahiji! Sabalikna lamun
niat dengki rek ngalejokeun kami ka musuh,
najan kami taya maksud ngabinasa ge

maraneh mo burung tiwas ku Allah karuhun
urang anu maha uninga!"
18 Roh Allah tumerap ka Amasai, salah
saurang ti eta pasukan anu engkena
ngapalaan "Si Tilu Puluh", seug Amasai
ngagero, pokna, "Nun Daud putra Isai,
kuring sadaya kagungan anjeun! Mugia
anjeun katut anu ngabarantu lulus mulus!
Allah anu ngaping anjeun!" Eta pasukan ku
Daud dibageakeun, seug dijaradikeun opsir
baladna.
19 Ti kaom Menase ge aya prajurit-prajurit
anu mareuntas ka pihak Daud, waktu
anjeunna ngiring ka urang Pelisti anu rek
ngarurug ka Raja Saul. Tapi Daud mah
lain rek mantuan perang ka urang Pelisti,
katurug-turug raja-raja Pelisti arembungeun
kapiluan, dumeh sarieuneun bisi anjeunna
belot ka Saul urut gustina, anu matak Daud
mah disina mulih deui ka Siklag.
20 Prajurit-prajurit kaom Menase anu
bariluk ka Daud, anu daratangna waktu
anjeunna keur satengahing mulih ka Siklag,
nya eta: Adna, Yosabad, Yediael, Mikael,
Yosabad, Elihu, jeung Siletai. Di kaom Menase
maranehna masing-masing ngabawah sarebu
prajurit.
21 Maranehna tuluy ngabdi ka Daud, jaradi
opsir pasukan-pasukan anjeunna, kawantu
prajurit-prajurit anu kawentar. Ka dieunakeun

maranehna jaradi opsir angkatan perang
Israil.
22 Meh saban poe aya bae jalma-jalma anu
daratang milu ka pasukan Daud, atuh balad
Daud teh jadi kacida lobana.
23 (12:23-37) Waktu Daud geus aya di
Hebron, loba pisan prajurit anu arasup ka
balad anjeunna, kabeh arasak latih, arek
ngabarantuan anjeunna jadi raja ngagentos
Saul, sakumaha jangji PANGERAN. Jumlah
bilangan baladna: Ti kaom Yuda 6.800 urang
anu siap perang, pakarangna kepeng jeung
tumbak. Ti kaom Simeon 7.100 urang, geus
arasak latih. Ti kaom Lewi 4.600 urang. Ti
cangkingan Yoyada turunan Harun 3.700
urang. Ti kulawarga Sadok, nonoman gagah,
22 urang kapala. Ti kaom Binyamin (kaomna
Saul) 3.000 urang; kaom Binyamin lolobana
mah saratia keneh ka Saul. Ti kaom Epraim
20.800 urang, di kaomna kakoncara. Ti
kaom Menase Kulon 18.000 urang beunang
meting sina ngabarantu ngarajakeun Daud.
Ti kaom Isaskar 200 urang pamingpin katut
prajurit cangkinganana masing-masing;
ieu para pamingpin paraham ka nu kudu
dilampahkeun ku Israil, tur nyaraho kana
wanci mustari pikeun ngalampahkeunana. Ti
kaom Sebulun 50.000 urang, prajurit-prajurit
satia tur beunang diandelkeun, siap perang,
palinter molah sarupaning pakarang. Ti kaom
Naptali 1.000 urang pamingpin katut 37.000

prajuritna anu pakarangna kepeng jeung tumbak. Ti kaom Dan 28.600 urang anu geus arasak latih. Ti kaom Aser 40.000 urang anu geus siap tempur. Ti kaom-kaom wetaneun Walungan Yordan nya eta kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom Menase Wetan 120.000 urang, geus arasak latih molah sarupaning pakarang.
24 (12:23)
25 (12:23)
26 (12:23)
27 (12:23)
28 (12:23)
29 (12:23)
30 (12:23)
31 (12:23)
32 (12:23)
33 (12:23)
34 (12:23)
35 (12:23)
36 (12:23)
37 (12:23)
38 Eta prajurit-prajurit anu enggeus siap tempur maruru ka Hebron reujeung tekad seja ngarajakeun Daud sina nyangking sakuliah Israil. Malah urang Israil salian ti maranehna oge kabeh geus satujuan.
39 Sanggeus araya di Daud, maranehna ngaraso meunang tilu poe, balakecrakan beunang mawakeun batur-batur sanagarana.

40 Anu marawakeunana aya anu ti jauhna ti
beulah kaler, nya eta ti kaom Isaskar, Sebulun
jeung Naptali, mani merul daratang marawa
kalde, onta, bigal jeung sapi, ambaringkung
ku dahareun, tipung, buah kondang, kismis,
anggur jeung minyak jetun, malah marawa
sapi jeung domba peunciteun. Eta teh
netelakeun yen di sakuliah nagara rahayat
keur saruka hate.
13 1 Raja Daud barempag jeung opsir-
opsir nu nyangking sarebu prajurit
jeung nu saratus prajurit.
2 Sanggeus kitu anjeunna ngembarkeun
ka sakumna bangsa Israil, "Saupama
maraneh rempug, jeung saupama ieu maksud
sapagodos jeung pangersa PANGERAN Allah
urang, hayu urang nitahan para utusan
ka ditu ka dieu, ngondangan dulur-dulur
sabangsa anu tinggal, kitu deui para imam
jeung urang Lewi di desa-desana, sina ka
darieu.
3 Geus kitu urang nyokot Peti Perjangjian
Allah anu geus lila kateler-teler ti wates Raja
Saul."
4 Jalma rea nyatujuan, malah galumbira.
5 Gancangna Daud geus ngumpulkeun urang
Israil ti ditu ti dieu, ti kidul ti semet Walungan
Sihor wates Mesir, nepi ka semet jalan
anu bras ka Hamat di beulah kaler, diajak
mindahkeun Peti Perjangjian ti Kiryat Yarim
ka Yerusalem.

6 Sanggeus kitu Daud angkat jeung jalma
rea ka kota Baala, nya eta ka Kiryat Yarim
di wewengkon Yuda, seja nyandak Peti
Perjangjian Allah, anu ngagem jenengan
PANGERAN, anu ngasta luhureun mukarabin.
7 Seug Peti Perjangjian teh dikaluarkeun ti
imah Aminadab, dimuatkeun kana padati
anyar. Padatina diaping ku Usa jeung Ahio,
8 dipirig ku Daud ngigel jeung jalma rea,
tanda hormatna ka Allah, dibarung ku
ngarawih jeung narabeuh kacapi, terebang,
kecrek jeung tarompet.
9 Barang narepi ka hiji panggilingan di Kidon,
sapi anu narik padati teh tijalikeuh. Usa rikat
nyanggap Peti Perjangjian sieuneun eta Peti
tiguling.
10 Tapi PANGERAN jadi bendu ka Usa dumeh
nyabak eta peti, nepi ka Usa tiwas harita
keneh di payuneun PANGERAN.
11 Daud kacida ngangresna ningali Usa tiwas
ku bebendu PANGERAN, seug eta tempat
teh ku anjeunna disebut Peres Usa, nepi ka
ayeuna.
12 Daud jadi kacida sieuneunana ku Allah,
seug ngalahir, "Kudu kumaha dibawana ieu
Peti Perjangjian teh ku kami?"
13 Tungtungna eta peti teh ku Daud henteu
tulus dicandakna ka Yerusalem, ditunda di
imah Obed Edom, asli urang Gat.
14 Meunang tilu bulan ayana di dinya.
Sajeroning kitu, saeusi imah Obed Edom

jeung sagala pangabogana meunang berkah
ti PANGERAN.
14 [1] Raja Hiram ti nagara Tirus ngintunan
balok-balok kai kiputri ka Daud,
reujeung tukang-tukang kayu jeung tukang-
tukang tembokna, sina mangadegkeun
karaton.
[2] Ku sabab kitu kahartoseun ku Daud yen
anjeunna ku PANGERAN geus diteguhkeun
jadi raja nyangking Israil, sarta karajaanana
ku Mantenna dibeungharkeun pikeun
kabagjaan umat-Na.
[3] Sanggeus calik di Yerusalem Daud tambah
deui garwa, tambah deui putra istri pameget.
[4] Putra-putra anu diwedalkeunana di
Yerusalem nya eta: Samua, Sobab, Natan,
Suleman,
[5] Yibhar, Elisua, Elpelet,
[6] Nogah, Nepeg, Yapia,
[7] Elisama, Belyada jeung Elipelet.
[8] Barang urang Pelisti ngadarenge beja
yen Daud geus jadi raja nyangking sakuliah
nagara Israil, seug mepek balad rek nangkep
ka anjeunna. Ti dinya Daud budal jeung balad
arek ngayonan.
[9] Urang Pelisti geus araya di Lebak Repaim
jeung geus mimiti rarampog.
[10] Daud unjukan ka Allah, "Kumaha eta
urang Pelisti teh kedah dilawan? Kumaha
abdi tiasa unggul?" "Pek perangan!" waler

PANGERAN. "Ku Kami rek diselehkeun ka maneh."
11 Seug eta urang Pelisti teh ku Daud diperangan di Baal Perasim, dielehkeun. Anjeunna ngalahir kieu, "Allah geus ngersakeun aing bisa ngabedah balad musuh lir upama banjir." Nu matak eta tempat ku anjeunna dingaranan Baal Perasim.
12 Waktu urang Pelisti kalabur, brahala-brahalana kataringgaleun, ku Daud dipiwarang diduruk.
13 Tapi teu lila urang Pelisti teh murubul deui ka eta lebak jeung geus mimiti raranjah deui.
14 Daud unjukan deui ka Allah. Ari waleran Allah, "Narajangna ulah ti beulah dieu, kudu nguriling ka beulah ditu ti tukangeunana, ti lebah gumplukan tangkal baka.
15 Lamun geus aya sora pabuis di pucuk-pucuk tangkal baka, maneh kudu gancang narajang, sabab Kami bakal maju ti heula ngelehkeun balad Pelisti."
16 Sakumaha timbalan Allah ku Daud ditumutkeun, sarta anjeunna hasil iasa ngusir balad Pelisti ti semet Gibon meh nepi ka Geser.
17 Daud jadi kagurnita ka mana-mana, sarta bangsa-bangsa sejen ku PANGERAN disina sarieuneun ku anjeunna.

15 1 Keur anggoeunana Daud ngadamel gedong-gedong di Kota Daud. Tempat

keur Peti Perjangjian Allah oge ngadamel,
katut jeung kemahna.
2 Sanggeus kitu saurna, "Peti Perjangjian
teh digotongna ngan kudu ku urang Lewi,
sabab ngan maranehna anu ku PANGERAN
geus dipilih purah ngagotongna jeung purah
ngalalayananana teh, sapapanjangna."
3 Seug Daud marentah ngumpulkeun
sakumna bangsa Israil ka Yerusalem, rek
mindahkeun Peti Perjangjian ka tempat anu
geus disadiakeun ku anjeunna.
4 Jalma-jalma turunan Harun jeung urang
Lewi ku anjeunna diondang.
5 Urang Lewi anu datang ti golongan Kahat
120 urang, pamingpinna Uriel;
6 ti golongan Merari 220 urang, pamingpinna
Asaya;
7 ti golongan Gerson 130 urang, pamingpinna
Yoel;
8 ti golongan Elisapan 200 urang,
pamingpinna Semaya;
9 ti golongan Hebron 80 urang, pamingpinna
Eliel;
10 ti golongan Usiel 112 urang, pamingpinna
Aminadab.
11 Daud nyaur Imam Sadok, Imam Abyatar,
jeung pamingpin urang Lewi anu genepan
tadi, nya eta Uriel, Asaya, Yol, Semaya, Eliel,
jeung Aminadab,
12 saurna ka maranehna, "Sarampean
pamingpin golongan-golongan Lewi geura

susuci jeung sakumna urang Lewi, pikeun
mawa Peti Perjangjian GUSTI Allah Israil ka
dieu, ka tempat beunang kaula nyadiakeun.
13 Bareto eta Peti digarotongna lain ku
sarampean, nepi ka urang dihukum ku Gusti
PANGERAN, lantaran ngabakti ka Mantenna
teh henteu make tatakrama samistina."
14 Prak eta imam-imam jeung urang Lewi
susuci, supaya meunang mindahkeun Peti
Perjangjian GUSTI Allah Israil.
15 Sanggeus kitu Peti teh digotong ku
urang Lewi make rancatan, prakprakanana
sakumaha katangtuan ti PANGERAN anu
diandikakeun ka Musa tea.
16 Para pamingpin urang Lewi ku Daud
dipiwarang ngumpulkeun biduan-biduan
urang Lewi, pikeun ngawihkeun lagu-lagu
gumbira jeung pikeun narabeuh kacapi jeung
kecrek.
17 (15:17-21) Seug jalma-jalmana ku
maranehna dipilih ti warga-warga anu baroga
biduan, pikeun narabeuh kecrek tambaga.
Nu kapilih: Heman bin Yoel jeung dulurna,
Asap bin Berekya, jeung Etan bin Kusaya ti
kaom Merari, dibantu ku urang Lewi sejenna
anu kudu narabeuh kacapi sora luhur nya
eta: Jakaria, Yaasiel, Semiramot, Yehiel,
Uni, Eliab, Maaseya jeung Benaya. Pikeun
narabeuh kacapi sora gede, urang Lewi anu
kapilih: Matica, Elipelehu, Mikneya, Asasia,

jeung duaan deui: Obed Edom jeung Yehiel
tukang ngajaraga Bait Allah.
18 (15:17)
19 (15:17)
20 (15:17)
21 (15:17)
22 Kenanya ahli lalaguan, diangkat kudu
mingpin tukang nabeuh.
23 (15:23-24) Berekya, Elkana, Obed Edom
jeung Yehia dipilih kudu ngajaraga Peti
Perjangjian. Imam-imam Sebanya, Yosapat
jeung Elieser kapilih kudu nariup tarompet
heulaeun Peti Perjangjian.
24 (15:23)
25 Bral Daud angkat ka imah Obed Edom
diiring ku para pamingpin jeung para
panglima, arek nyandak Peti Perjangjian.
Kabeh kacida galumbirana.
26 Sangkan pasti aya pitulung PANGERAN
ka urang Lewi anu kudu ngagotong Peti tea,
maranehna ngurbankeun tujuh sapi jalu
jeung tujuh domba.
27 Daud, tukang-tukang nabeuh jeung
Kenanya pamingpinna sarta urang Lewi anu
ngagotong Peti Perjangjian, kabeh dijarubah
lenen lemes. Daud mah nganggo epod
ongkoh.
28 Peti Perjangjian digotong ka Yerusalem,
diiring ku sakumna bangsa Israil dipirig ku
surak ayeuh-ayeuhan pabaur jeung sora

tatabeuhan, tarompet, tarompet tanduk,
kecrek jeung kacapi anu ngalagu.
29 Barang gotongan Peti geus aya di dayeuh,
Mikal binti Saul nempo tina jandela, ret
ningali Raja Daud keur rerengkenekan jeung
ajrug-ajrugan nembongkeun kagumbiraan,
rey bae jadi asa cua ka anjeunna.
16 1 Peti Perjangjian diasupkeun ka jero
kemah anu disadiakeun ku Daud tea,
dipernahkeun. Tuluy ngahaturkeun kurban
beuleuman jeung kurban karapihan ka Allah.
2 Beres ngahaturkeun kurban-kurban, Daud
ngaberkahan jalma rea nyebut pajenengan
PANGERAN,
3 tuluy ngabagikeun kadaharan, unggal
jelema di Israil lalaki awewe dibaragi roti
sasiki, daging sakeureut jeung kismis.
4 Aya urang Lewi anu ku Daud diangkat
purah mingpin ibadah ka PANGERAN Allah
Israil hareupeun Peti Perjangjian, purah
nyanggakeun lagu jeung pupujian.
5 Asap pamingpinna, dibantu ku Jakaria.
Ari Yiel, Semiramot, Yehiel, Matica, Eliab,
Benaya, Obed Edom, jeung Yiel, purah
nabeuh kacapi, Asap purah nabeuh kecrek.
6 Ari Imam Benaya jeung Imam Yehasiel
dibakukeun niup tarompet hareupeun Peti
Perjangjian.
7 Asap sabatur-batur papada urang Lewi
mimiti poe eta dibakukeun ku Daud

purah nyanggakeun lagu-lagu pupujian ka PANGERAN.
8 Puji sukur ka PANGERAN, gurnitakeun
kaagungana-Na. Caritakeun ka bangsa-
bangsa sagala dadamelan Mantenna.
9 Sanggakeun puji ka PANGERAN,
gurnitakeun mujijat-Na nu araheng.
10 Sing saruka, urang jadi umat Mantenna.
Sing barungah nu ngarabdi ka Mantenna.
11 Deuheusan PANGERAN, sambat
pitulung-Na, jeung tong petot-petot ngabakti.
12 (16:12-13) Eh anak incu Yakub abdi-abdi
Allah, eh anak incu Israil petingan Allah!
Ingetkeun sagala mujijat Mantenna, jeung
kaadilana-Na ka urang!
13 (16:12)
14 PANGERAN Allah urang teh parentah-Na
keur sajagat buana.
15 Pacuan poho kana jangji Allah, jangji nu
henteu barobah,
16 jangji-Na anu kedal ka Ibrahim, anu
diikrarkeun ka Ishak.
17 PANGERAN kedal jangji ka Yakub anu
salawasna moal barobah.
18 "Kami ka maneh rek mere tanah Kanaan,
jadi tanah milik maneh," kitu pangandika-Na.
19 Harita di Kanaan teh umat Allah can
sabaraha tur ngumbara keneh,
20 ti nagara itu ka nagara ieu, ti karajaan itu
ka karajaan ieu.

21 Tapi maranehna ku Allah diraksa, urang
dinya dilarang ngaganggu, raja-rajana
diancam:
22 "Pacuan jail ka umat Kami, pacuan jahat
ka nabi-nabi Kami!"
23 Puji PANGERAN eh jagat buana!
Caritakeun saban poe beja hade: Kami geus
salamet ku Mantenna.
24 Kamulyaan Mantenna caturkeun ka kabeh
bangsa, dadamelan aragung-Na caturkeun ka
sarerea.
25 PANGERAN kalangkung agung, pujieun
kaliwat saking, Mantenna kudu dihormat
leuwih ti sakabeh nu dipiallah.
26 Bangsa sejen mah allahna teh aallahan,
ari PANGERAN mah nu ngadamel langit.
27 Mantenna dikubeng ku kamulyaan jeung
kaagungan, kakawasaan jeung kasukaan
ngeusian tempat linggih-Na.
28 Puji PANGERAN, eh manusa saeusi bumi!
Puji kamulyaan jeung kadigjayaan Mantenna.
29 Agungkeun jenengan PANGERAN nu
mulya, sanggakeun pangbakti, datangan
Bait-Na. Ana Mantenna ebreh pinton kasucian,
geuwat sarujud payuneun PANGERAN.
30 Eh jagat, sing gumeter di payuneun
Mantenna! Bumi pageuh dina tempatna,
hamo bisa dieserkeun.
31 Sing saruka eh bumi jeung langit!
Gurnitakeun ka bangsa-bangsa: PANGERAN
jumeneng Raja.

32 Sing gumuruh laut jeung saeusina! Sing
saruka tegalan jeung saeusina!
33 Tatangkalan di leuweung bakal sarurak,
lamun Mantenna geus rawuh rek marentah
jagat.
34 Kudu nganuhunkeun ka PANGERAN,
nuhun ku kasaeana-Na. Asih-Na langgeng
sapapanjangna.
35 Geura sasambat, "Nun Allah Gusti nu
jadi Jurusalamet, rahayukeun abdi sadaya,
hijikeun, sareng jait ti bangsa-bangsa,
sangkan abdi sadaya maruji sukur, sareng
ngamulyakeun pajenengan anu suci."
36 Puji PANGERAN, Allah Israil! Puji, ti
ayeuna nepi ka salalanggengna! Tutas eta
lagu pupujian, jalma rea ngucapkeun, "Amin,"
sarta ngamulyakeun ka PANGERAN.
37 Asap sabatur-batur papada urang Lewi ku
Daud ditetepkeun jadi purah ngajalankeun
tugas babakti di tempat panyimpenan
Peti Perjangjian, anu kudu dilampahkeun
unggal-unggal poe,
38 dibantu ku Obed Edom bin Yedutun
sabatur-batur anu genep puluh dalapan urang
tea. Hosa jeung Obed Edom dibakukeun
purah jaga lawang-lawang.
39 Imam Sadok jeung para imam lianna
dibakukeun purah ngajalankeun tugas babakti
ka PANGERAN di Gibon.
40 Unggal isuk jeung unggal sore kudu
nyanggakeun kurban beuleuman dina altar,

sakumaha anu dimistikeun dina Hukum anu
ku PANGERAN diturunkeun ka Israil.
41 Heman jeung Yedutun oge ditugaskeun di
dinya jeung babaturanana anu ngahaja dipilih
purah nyanggakeun pupujian ka PANGERAN,
nganuhunkeun kana kasaeana-Na.
42 Heman jeung Yedutun kudu ngatur
nu narabeuh tatabeuhan paragi ngiring
lagu-lagu pamuji sukur, tarompet, kecrek
jeung tatabeuhan lianna. Jalma-jalma kaom
Yedutun lianna dibakukeun purah jaraga
lawang-lawang.
43 Sanggeus kitu kakara jalma-jalma teh
baralik. Daud oge mulih nepangan eusi
bumina.
17 1 Raja Daud calikna geus di karaton.
Dina hiji poe anjeunna ngala Nabi
Natan, geus kitu ngalahir, "Tingali, kaula
parantos cicing di karaton tina kai kiputri,
ari Peti Perjangjian PANGERAN ngan di jero
kemah!"
2 Piunjuk Natan, "Atuh mangga pidamel
kumaha kersa, da Gusti teh disarengan ku
Allah."
3 Tapi dina peutingna Allah nimbalan ka
Natan, dawuhana-Na,
4 "Bejakeun ieu pangandika ka Daud abdi
Kami, kieu, Gedong keur panglinggihan Kami
dijieunna ulah ku maneh.

5 Ongkoh ti barang Kami ngajait urang Israil
ti Mesir, nepi ka kiwari oge cicing teh lain di
gedong, tapi di kemah jeung pipindahan.
6 Jeung sapanjang reureujeungan jeung
urang Israil, ka para pamingpin beunang Kami
ngangkat, Kami teu menta dipangnyieunkeun
gedong tina kai kiputri.
7 Jadi pangbejakeun ku maneh ka abdi Kami
Daud, kieu kituh timbalan Kami, PANGERAN
Nu Maha Kawasa, Maneh teh ku Kami
dipulung ti tegal, tina asal tukang ngajaga
domba diangkat jadi raja nyangking umat
Kami Israil.
8 Kami geus nulungan ka maneh ka mana
bae maneh indit. Unggal maneh maju tarung,
musuh maneh ku Kami dielehkeun. Maneh
ku Kami rek dijieun kamashur saperti para
pamingpin anu panggedena di dunya. Indit
ka mana bae maneh ku Kami diaping. Unggal
maneh indit ngarurug, musuh maneh ku Kami
dielehkeun.
9 (17:9-10) Sarta umat Kami Israil, ku
Kami geus dipangnyadiakeun tempat, geus
disina maratuh di dinya jeung moal aya
anu neungteuinganan deui. Enggeus sering
maranehna ditarajang ku bangsa-bangsa anu
barengis ti saprak arasup ka ieu tanah. Tapi
ti semet ayeuna mah moal deui. Kami jangji
rek ngelehkeun sakabeh musuh maneh, sarta
maneh rek dibere turunan.
10 (17:9)

11 Di mana maneh geus mulang ti dunya
ngahiji jeung karuhun-karuhun, aya anak
maneh saurang anu ku Kami rek dijieun raja,
sarta karajaanana ku Kami rek dikersakeun
sina nanjung.
12 Nya anak maneh anu eta anu bakal
mangnyieunkeun gedong pikeun Kami, sarta
karajaan turunanana moal aya kandegna
sapapanjangna.
13 Sarta Kami pijadieun Ramana, ari
manehna pijadieun putra Kami. Pangdeudeul
ti Kami ka manehna moal eureun-eureun,
moal dipegatkeun cara ka Saul anu ku
Kami digulingkeun sangkan maneh jadi raja
gantina.
14 Manehna baris dijenengkeun ku Kami sina
ngurus umat Kami jeung nyekel karajaan
Kami salalanggengna. Karajaan turunanana
moal aya kandegna."
15 Eta pangandika wahyu ti Allah ku Natan
dicarioskeun ka Daud.
16 Ti dinya Raja Daud lebet ka Kemah
Tepangan PANGERAN, brek mando tuluy
neneda, "Nun GUSTI Allah, sayaktosna abdi
sareng saeusi rorompok henteu layak nampi
sugri pangasih Gusti.
17 Ayeuna ku Gusti bade dipaparin deui
langkung ti nu parantos, sareng dipaparin
jangji perkawis pijagaeun pun anak. Abdi ku
Gusti dijadikeun saharkat sareng jalma anu
aragung, nun GUSTI Allah.

18 Kedah kumaha abdi nya nganuhunkeun!
Gusti langkung uninga abdi teh kumaha,
nanging dugi ka dipaparin kamulyaan sakieu,
padahal abdi teh mung gandek.
19 Eta sagala perkawis anu aragung, anu
parantos diuningakeun ti payun ka diri abdi,
estu parantos kitu pangersa sareng tujuan
Gusti.
20 Nun PANGERAN, Gusti teh teu aya
sasamina. Ti kapungkur keneh abdi sadaya
terang yen mung Gusti anu jumeneng Allah.
21 Di dunya teu aya bangsa anu sapertos
bangsa Israil, anu ku Gusti parantos dijait
tina harkat badega lajeng didamel umat
kagungan. Sugri padamelan Gusti anu sakitu
arahengna sareng aragungna parantos
kagurnita ka saalam dunya. Eta umat
kagungan teh ku Gusti dijait ti Mesir, sarta
saban maranehna maju, bangsa-bangsa
sanes ku Gusti disingkirkeun.
22 Urang Israil dipidamel jadi umat Gusti
salalanggengna, sareng Gusti, PANGERAN,
jadi Allah maranehna.
23 Nun Gusti PANGERAN, sugri jangji Gusti
hal diri sareng turunan abdi, kitu deui sugri
perkawis anu parantos diandikakeun tea,
mugi-mugi diyaktoskeun.
24 Gusti bakal tambih kamashur, moal petot-
petot disarebat ku jalmi-jalmi, PANGERAN
Nu Maha Kawasa jumeneng Allah Israil. Mugi

Gusti ngalanggengkeun karajaan turunan abdi.
25 Nun Allah panutan, abdi parantos kumawantun ngunjukkeun ieu panuhun ka pangersa Gusti, reh eta sugri perkawis ku Gusti parantos diwartoskeun ka jisim abdi, gandek Gusti, sareng Gusti parantos nimbalan yen turunan abdi bakal jarumeneng raja.
26 Gusti teh Allah, nun PANGERAN, anu parantos maparin ieu jangji anu sakieu ahengna.
27 Mugi berkahan turunan abdi, masing tetep aya dina aub-aub sih kurnia Gusti. Nun PANGERAN, Gusti parantos ngedalkeun berkah ka maranehna, eta berkah Gusti tinangtos bakal ngancik salalanggengna di maranehna."
18 1 Hiji mangsa Raja Daud merangan deui urang Pelisti. Urang Pelisti ditalukkeun. Kota Gat jeung desa-desa sakurilingna ku anjeunna dijabel.
2 Urang Moab oge ku anjeunna dielehkeun jadi bawahanana sarta kudu mayar upeti.
3 Sanggeus eta anjeunna ngelehkeun Raja Hadad Eser ti Soba, hiji nagara di tanah Siria deukeut wewengkon Hamat, lantaran Hadad Eser rek ngarebut wewengkon Eprat Girang.
4 Daud ngarebut sarebu kareta, tujuh rebu nu tarumpak kuda jeung dua puluh rebu prajurit badarat. Ari kudana dirampas

sacukupna pikeun narik saratus kareta,
sesana kabeh dibajegan sukuna.
5 Urang Siria ti Damsik ngirimkeun bala
bantuan rek nulungan ka Raja Hadad Eser,
tapi eta oge dielehkeun sarta baladna anu
tiwas ku anjeunna aya dua puluh dua rebu
urang.
6 Daud nempatkeun pos-pos tentara di
wewengkon maranehna, sarta maranehna
jadi tatalukan anjeunna, dikeunaan upeti. Di
mana-mana Daud ku PANGERAN dikersakeun
unggul bae.
7 Daud ngarampas kepeng-kepeng emas anu
diparake ku gegeden-gegeden Hadad Eser,
dicandak ka Yerusalem.
8 Ti Tibhat jeung Kun, nya eta dua nagara
anu dirajaan ku Hadad Eser, anjeunna
nyandak tambaga loba pisan. (Eta tambaga
keur jaman Raja Suleman engke dijieun
tatalagaan tambaga, pilar-pilar jeung
paparabotan tambaga pikeun kaperluan Bait
Allah.)
9 Perkara elehna Hadad Eser sabaladna
kadangu ku Raja Toi ti nagara Hamat.
10 Eta raja ngutus Yoram putrana ngintun
salam ka Daud, ngawilujengkeun ka anjeunna
geus iasa ngelehkeun Hadad Eser, sabab
Hadad Eser sering pisan merangan ka
anjeunna. Sajaba ti kitu Yoram nyanggakeun
kikintun, barang-barang tina emas, perak
jeung tambaga.

11 Eta barang-barang ku Raja Daud
disucikeun paranti babakti ka PANGERAN,
dihijikeun jeung emas perak beunang
ngajabel ti bangsa-bangsa anu dielehkeun
ku anjeunna, nya eta ti Edom, Moab, Amon,
Pelisti jeung Amalek.
12 Abisai putra ibu Seruya ngelehkeun urang
Edom di Lebak Uyah, maehan dalapan belas
rebu serdadu,
13 jeung di sakuliah Edom anjeunna
nempatkeun pangjagaan-pangjagaan, sarta
urang Edom dijadikeun patalukan Raja Daud.
Di mana-mana Daud ku PANGERAN didamel
unggul.
14 Daud ngereh sakuliah tanah Israil, sarta
anjeunna ngajagi pisan supaya iasa adil
palamarta ka rahayat.
15 Nu jadi panglima perangna nya eta Yoab
saderek Abisai. Nu jadi papatihna Yosapat bin
Ahilud.
16 Imam-imamna Sadok bin Ahitub jeung
Ahimelek bin Abyatar. Paniterana Seraya.
17 Kapetenganana Benaya bin Yoyada. Ari
putra-putra Daud mareunang kalungguhan
anu utama, ngabantu ka anjeunna.
19 1 Dina hiji mangsa raja Amon anu
jenenganana Nahas pupus, diganti ku
putrana, Hanun.
2 Saur Daud, "Kami rek nembongkeun ka
Hanun yen seja midulur, sabab Nahas ramana
hade ka kami." Daud ngintun utusan ka ditu,

pikeun nawiskeun bela sungkawa. Sanggeus utusan-utusan teh daratang ka Hanun,
3 para gegeden Amon arunjukan ka rajana,
"Naha leres Daud ngintun ieu utusan-utusan teh tawis mikatineungna ka tuang rama suwargi? Sayaktosna eta teh bade nalengteng nagara urang, ngarah gampil nempuh."
4 Eta utusan-utusan ku Hanun ditangkep, janggotna dikurudan, pakeanana diguntingan lebah biritna, tuluy sina baralik.
5 Atuh kacida areraeunana, nepi ka teu kadarugaeun terus balik. Sanggeus kadangu ku Raja Daud, maranehna dipiwarang narunggu heula di Yeriho, ngadarago janggotna jaradi deui.
6 Raja Hanun jeung urang Amon geus rumasa yen ngahaja ngamusuh ka Daud. Tuluy nyewa kareta perang jeung nu tarumpakna ti Mesopotami Girang, jeung ti Maaka jeung Soba dua kota di nagara Siria, dibayarna ku perak tilu puluh opat rebu kilo.
7 Kareta anu disewa lobana tilu puluh dua rebu, geus datang jeung balad raja nagara Maaka, masanggrahan deukeut Medeba. Urang Amon ge geus budal ti unggal kota, geus sadia perang.
8 Sanggeus Daud uningaeun tuluy nimbalan ka Yoab sina ngetrukkeun balad.
9 Urang Amon geus taki-taki di lawang kota Raba, ibukota Amon, ari raja-raja anu rek mantuanana geus saradia di luar kota.

10 Kajudi ku Yoab yen anjeunna rek digencet
ti hareup jeung ti tukang. Gancang meting
serdadu-serdadu Israil, rek dipake ngayonan
urang Siria.
11 Balad sesana dipercayakeun ka Abisai
rayina, sina ngayonan urang Amon.
12 Saur Yoab ka rayina, "Lamun Akang
kadeseh ku urang Siria, Rayi kudu buru-buru
mantuan. Upama Rayi kadeseh ku urang
Amon, ku Akang dibantu.
13 Sing teteg, hayu urang sakuat-kuat
ngabela bangsa jeung nagara Allah urang.
Mugia laksana pangersa PANGERAN."
14 Prung pasukan Yoab narajang, urang Siria
kalabur.
15 Nyaho urang Siria kalabur, urang Amon
oge kalabur ti Abisai, marubus deui ka
nagarana. Sanggeus kitu Yoab mulang ka
Yerusalem.
16 Sanggeus tetela yen kateter ku urang
Israil, urang Siria ngumpulkeun deui kakuatan
ti dayeuh-dayeuh nagarana anu di wetaneun
Walungan Eprat, dipingpin ku Sobak,
panglima perang Raja Hadad Eser ti Soba.
17 Daud geus uninga, seug mepek balad
Israil, tuluy meuntasan Walungan Yordan
muru ka balad urang Siria. Sanggeus campuh,
18 urang Siria kadeseh ku urang Israil. Tujuh
rebu urang Siria ti pasukan kareta jeung opat
puluh rebu serdadu leumpangna tiwas ku

Raja Daud sabaladna. Sobak panglima perang urang Siria oge tiwas.
19 Sanggeus tetela kasoran ku urang Israil, raja-raja anu kaereh ku Raja Hadad Eser marenta taluk ka Daud, tuluy jadi erehan anjeunna. Ti dinya mah urang Siria kapok ngabantu ka urang Amon.
20 1 Dina hiji mangsa waktu ganti taun, usum raja-raja budal perang, Yoab nyandak balad ngarurug ka tanah Amon. Raja Daud henteu ngiring, aya di Yerusalem. Kota Raba geus dikepung tuluy ditarajang diruksakkeun.
2 Arca batara Molek aallahan urang Amon anu make makuta emas beuratna aya kana tilu puluh opat kilona jeung make permata, permatana ku Daud dicandak, tuluy dipasangkeun kana makutana ku anjeun. Daud nyandak jarahan kacida lobana ti eta kota.
3 Jalma-jalmana ku anjeunna dipaksa digarawekeun, parabotna ragaji, pacul jeung kampak. Urang Amon di kota-kota sejenna oge dipaksa digarawekeun saperti kitu. Sanggeus kitu Daud sabaladna mulih ka Yerusalem.
4 Geus kitu aya perang deui jeung urang Pelisti di Geser. Harita Sibkai urang Husa maehan hiji raksasa ngaran Sipai, sarta urang Pelisti perangna eleh.

5 Waktu aya perang deui jeung urang Pelisti,
Elhanan bin Yair maehan Lahmi, raksasa
dulurna Goliat urang Gat tea, anu kandel
bahu tumbakna sarua jeung pihanean.
6 Aya deui perang di Gat. Di dinya aya hiji
raksasa turunan raksasa baheula, ramo
leungeun jeung ramo sukuna genep-genep.
7 Eta raksasa kacida nyapirakeunana ka
urang Israil. Seug dipaehan ku Yonatan bin
Syama rakana Daud.
8 Eta tilu raksasa anu dipaehan ku
Daud jeung abdi-abdina, kabeh turunan
raksasa-raksasa Gat.
21 1 Setan rek nyilakakeun urang Israil,
ngangsonan ka Daud sina ngayakeun
cacah jiwa.
2 Daud nimbalan ka Yoab jeung opsir-opsir
saurna, "Papay satanah Israil ti tungtung
nepi ka tungtung, itung cacah jiwana, hayang
nyaho sabaraha lobana."
3 Piunjuk Yoab, "Mugi urang Israil ku
PANGERAN dijadikeun saratus kalieun ti
ayeuna seueurna. Sadayana ge kagungan
Sang Raja. Ku naon Sang Raja mundut anu
matak jadi kalepatan sakumna bangsa?"
4 Tapi saur raja, teu meunang henteu Yoab
kudu ngajalankeun timbalanana. Bral Yoab
angkat ka sakuliah nagara Israil. Tuluy
mulang ka Yerusalem,
5 ngahaturkeun cacah jiwa ka Raja Daud.
Rahayat anu pantes keur angkatan perang,

di Israil aya 1.100.000 urang, di Yuda aya 470.000 urang.
6 Kaom Lewi jeung kaom Binyamin ku Yoab henteu diitung, sabab anjeunna henteu resepeun kana pamundut rajana.
7 Perkara Daud midamel kitu henteu sapagodos jeung pangersa Allah. Nu matak Israil ku Mantenna ditibanan hukuman.
8 Daud unjukan ka Allah, "Kalakuan abdi teh hiji dosa kalintang ageungna. Mugi Gusti ngahapunten eta kalakuan abdi anu teu puguh."
9 PANGERAN nimbalan ka Gad, jurutingal Daud,
10 "Bejakeun ka Daud, Kami mere tilu rupa piliheun. Rek milih nu mana, ku Kami rek diturut."
11 Gad marek ka Daud ngunjukkeun timbalan PANGERAN. Tuluy miunjuk, "Hoyong anu mana?
12 Bade milih paceklik tilu taun? Bade milih kakaburan tilu sasih nyingkahan balad musuh? Atanapi bade milih diamuk ku pedang PANGERAN tilu dinten, nya eta ku sasalad anu ngaruksak ieu tanah, anu disebarkeun ku malaikat Mantenna ka sakuliah Israil dugi ka rahayat maraot? Mana anu ku abdi kedah diunjukkeun ka PANGERAN?"
13 Waler Daud ka Gad, "Kaula kacida bingungna! Tapi tinimbang cilaka ku pada jalma, kaula mending pasrah ka PANGERAN.

Naon bae hukuman ti Mantenna kaula tarima,
da Mantenna mah sipat welas."
14 Ti dinya PANGERAN narajangkeun sasalad
ka urang Israil nepi ka aya 70.000 urang anu
tiwas.
15 Geus kitu Mantenna miwarang hiji
malaikat sina ngaruksak ka Yerusalem. Tapi
manah-Na kabujeng welas, tuluy nimbalan ka
eta malaikat, "Meugeus, cukup!" Reg malaikat
teh ngajanteng palebah panggilingan bogana
Arauna urang Yebus.
16 Breh eta malaikat teh katingalieun ku
Daud keur nangtung di awang-awang, mesat
pedang rek mimiti ngaruksak ka Yerusalem.
Brek Daud jeung para pamingpin anu harita
geus ngaranggo karung sarujud.
17 Daud tuluy sembahyang, "Nun Allah! Abdi
anu lepatna, parantos marentah ngayakeun
cacah jiwa. Rahayat mah naon lepatna?
Nun Gusti PANGERAN, mangga hukumanana
larapkeun ka jisim abdi sakulawarga, umat
Gusti mah masing rahayu."
18 Malaikat PANGERAN nimbalan ka Gad,
supaya Daud ngadegkeun hiji altar haturan
PANGERAN di panggilingan bogana Arauna.
19 Sanggeus ku Gad diunjukkeun, prak Daud
midamel sakumaha timbalan PANGERAN.
20 Ari Arauna jeung opat urang anakna harita
keur ngagiling gandum di panggilinganana,
ana breh arawaseun ka malaikat tea, anakna
lalumpatan nyarumput.

21 Ari Arauna barang nenjo aya Raja Daud
sumping buru-buru ninggalkeun panggilingan
tuluy sujud ka Daud.
22 Saur Daud ka manehna, "Kami hayang
meuli panggilingan maneh, rek diadegan altar
haturan PANGERAN supaya sasalad eureun.
Ku kami tangtu dibayar sahargana."
23 "Sumangga Gusti, candak bae," piunjuk
Arauna. "Mangga pidamel kumaha pangersa.
Sapi kurbankeuneun dina eta altar, ieu
nyanggakeun sareng pasangan-pasanganana
kangge suluhna, sareng ieu gandum kangge
kurban candak bae sadayana."
24 Saur raja, "Ulah kitu, ku kami rek
dibayar sakumaha pantesna. Rek ngurban
ka PANGERAN teh hayang beunang meuli,
embung beunang pamere."
25 Tuluy eta panggilingan teh ku anjeunna
digaleuh genep ratus uang emas.
26 Geus kitu anjeunna ngadamel altar di
dinya haturan PANGERAN, prak ngahaturkeun
kurban beuleuman jeung kurban karapihan.
Anjeunna sasambat ka PANGERAN sarta
dimakbul, gur seuneu ti awang-awang
ngaduruk kurban dina eta altar.
27 PANGERAN lajeng nimbalan sangkan
malaikat tea nyarungkeun pedangna, seug
malaikat teh nyarungkeun pedangna.
28 Daud geus waspaoseun yen panyambatna
ditampi ku PANGERAN, tuluy nyanggakeun

deui kurban dina eta altar di urut panggilingan Arauna.
29 Ari Kemah Tepangan PANGERAN beunang
ngadamel Musa di tanah gurun tea jeung
altarna paragi ngaduruk kurban, harita mah
masih keneh di tempat ibadah di Gibon.
30 Tapi Daud teu wantuneun angkat ngurban
ka ditu, sieuneun ku pedang malaikat
PANGERAN tea.
22 1 Geus kitu Daud sasauran, "Nya di
dieu pitempateunana Bait GUSTI Allah
teh. Nya di dieu pitempateunana altar paragi
urang Israil ngaduruk kurban-kurban teh."
2 Raja Daud marentah ngumpulkeun
jalma-jalma anu ngumbara di tanah Israil,
tuluy digarawekeun. Sawareh disina natah
batu-batu pikeun adegan Bait Allah.
3 Anjeunna geus sadia beusi pirang-pirang
lobana keur nyieun paku jeung engsel pikeun
panto kai. Tambaga oge sadia kacida lobana
nepi ka moal bisa ditimbang.
4 Ka urang Tirus jeung Sidon anjeunna
mundut balok-balok kai kiputri kacida lobana.
5 Panggalihna, "Bait Allah buatan anak
aing teh kudu aheng, kudu matak mashur
ka saalam dunya. Anak aing budak keneh
jeung can aya kanyahona, jadi ku aing
kudu dipangnyadiakeun bahan-bahanna." Nu
matak samemeh pupus teh Daud nyayagikeun
heula bahan-bahan adegan kacida lobana.

6 Suleman putrana disaur, ditimbalan
ngadamel gedong pikeun PANGERAN, Allah
Israil.
7 Kieu saur Daud ka putrana, "Anaking,
Ama teh hayang nyieun gedong pikeun
ngamulyakeun ka PANGERAN, Allah Ama.
8 Tapi PANGERAN teu masihkeun Ama
nyieun eta gedong keur Mantenna, sabab
timbalana-Na Ama teh geus loba teuing
maehan, sering teuing perang, loba teuing
ngocorkeun getih batur.
9 Tapi Mantenna jangji ka Ama, timbalana-
Na, Maneh bakal boga anak anu bakal jadi
raja jeung moal kasorang ku perang, ku Kami
rek dikertakeun, moal disina didatangan ku
musuh. Ari pingaraneunana Suleman, sabab
sapanjang dirajaan ku manehna, Israil ku
Kami rek disina aman santosa.
10 Nya manehna engke anu bakal nyieun
gedong pikeun Kami. Manehna pijadieun putra
Kami, Kami pijadieun Ramana. Turunanana
pijadieun raja Israil sapapanjangna."
11 Daud terus keneh sasauranana, "Mugia
PANGERAN, Allah hidep, nyarengan ka hidep,
Anaking! Mugia Mantenna ngalaksanakeun
jangji-Na sangkan hidep bisa ngadegkeun eta
gedong pikeun Mantenna.
12 Mugia hidep ku PANGERAN Allah hidep
dipaparin budi pangarti, wijaksana, supaya
bisa ngatur urang Israil luyu jeung Hukum
Mantenna.

13 Lamun hidep ngalakonan hukum-hukum
anu ku PANGERAN ditimbalkeun ka Musa
pikeun sakumna bangsa Israil, tangtu hasil
sapaneja. Sing teteg gede hate, ulah sieun
kitu sieun kieu.
14 Hal nyieun Bait Allah, bahanna Ama geus
kukumpul, emas aya saratus rebu talenta,
perak sajuta talenta, tambaga jeung beusi
pirang-pirang, kayu jeung batu geus loba tapi
ku hidep tambahan sing leuwih loba.
15 Nu baris migawena hidep moal kakurangan
jelema, tukang ngalian batu, tukang natah
batu, tukang kayu, kitu deui tukang
juan-jieun tina
16 emas, perak, tambaga jeung beusi. Prung
geura pigawe, mugia hidep disarengan ku
PANGERAN."
17 Daud tuluy nimbalan ka sakabeh
pamingpin Israil, dipiwarang ngabantu
Suleman.
18 Saurna, "Maraneh geus disarengan ku
PANGERAN, Allah maraneh, aman santosa
sakurilingna. Kami ku Mantenna dikersakeun
bisa ngelehkeun bangsa-bangsa pribumi ieu
tanah, sarta ayeuna eta teh jadi bawahan
maraneh, diereh ku PANGERAN.
19 Nu matak maraneh kudu kumawula ka
PANGERAN, Allah maraneh, terus jeung hate,
terus jeung nyawa. Geura prak Bait Allah teh
adegkeun. Tempatkeun engke di dinya Peti

Perjangjian PANGERAN jeung sagala parabot
suci paranti babakti ka Mantenna."
23 [1] Daud geus kacida sepuhna. Seug
anjeunna ngajenengkeun Suleman,
putrana, jadi raja Israil.
[2] Sanggeus kitu Raja Daud ngumpulkeun
para pamingpin Israil, para imam jeung
sakabeh urang Lewi.
[3] Urang Lewi ku anjeunna diitung lalakina ti
semet umur tilu puluh taun ka luhur, kabehna
aya tilu puluh dalapan rebu jelema.
[4] Dua puluh opat rebu urang ku raja dijieun
purah nyabak pagawean di Bait Allah, genep
rebu urang dijieun purah nyatet jeung mutus
sual pacengkadan,
[5] opat rebu urang purah jaga, jeung opat
rebu urang deui purah nyanggakeun lagu
pupujian ka PANGERAN make tatabeuhan
parantina, beunang nyadiakeun raja pikeun
kaperluan kitu.
[6] Nurutkeun golonganana masing-masing,
urang Lewi ku Daud dibagi tilu: Golongan
Gerson, golongan Kahat jeung golongan
Merari.
[7] Gerson putrana dua: Ladan jeung Simei.
[8] Ladan putrana tilu: Yehiel, Setam jeung
Yol,
[9] tiluanana jaradi kapala golongan turunan
Ladan. (Simei putrana tilu: Selomot, Hasiel
jeung Haran.)

10 (23:10-11) Simei putrana opat: Yahat
cikalna, nu kadua Sina, nu katilu Yehus,
nu kaopat Beria. Turunan Yehus jeung
Beria dijadikeun hiji golongan lantaran teu
sakumaha lobana.
11 (23:10)
12 Kahat putrana opat: Amram, Yishar,
Hebron jeung Usiel.
13 Putra cikalna, nya eta Amram, eta teh
ramana Harun jeung Musa. (Harun jeung
saturunanana kalungguhanana dibedakeun,
dibakukeun salawasna purah ngurus
parabot-parabot suci, purah ngukus ngabakti
ka PANGERAN, purah ngawulaan Mantenna
jeung purah ngaberkahan jalma rea nyebut
pajenengan PANGERAN.
14 Tapi putra-putra Musa piwarangan Allah,
eta mah digolongkeun ka urang Lewi.)
15 Musa putrana dua: Gersom jeung Elieser.
16 Putra-putra Gersom kapalana Sebuel.
17 Ari Elieser putrana ngan hiji nya eta
Rehabya. Turunan Rehabya loba.
18 Putra Kahat nu kadua, Yishar, putrana hiji
nya eta Selomit, jadi kapala warga.
19 Putra Kahat nu katilu, Hebron, putrana
opat: Yeria, Amarya, Yehasiel jeung
Yekamam.
20 Putra Kahat nu kaopat, Usiel, putrana dua
nya eta Mika jeung Yisia.
21 Merari putrana dua: Mahli jeung Musi.
Mahli putrana dua: Elasar jeung Kis.

22 Elasar nepi ka tilar dunya teu kagungan
putra lalaki, putrana awewe kabeh anu
narikahna ka dulur misanna, putra-putra Kis.
23 Musi putra Merari anu kadua putrana tilu:
Mahli, Eder jeung Yeremot.
24 Sakitu turunan Lewi, anu ngaran-
ngaranna didaptarkeun nurutkeun warga
jeung kulawargana masing-masing. Tiap
jelema turunan maranehna ti semet umur
dua puluh taun ka luhur mareunang gawe di
Bait PANGERAN.
25 Saur Daud, "GUSTI Allah Israil geus
maparin reureuh ka umat-Na, tur Mantenna
bakal aya sapapanjangna di Yerusalem.
26 Jadi ayeuna mah urang Lewi geus teu
kudu ngagogotong deui Kemah Tepangan
jeung paparabotan paranti ngabakti."
27 Ku tarekahna Daud anu panganggeusan,
urang Lewi anu umurna ti semet dua puluh
taun kabeh didaptar pikeun nyarekel gawe.
28 Ari papancenna nya eta: ngabantu para
imam turunan Harun ngajalankeun kawajiban
babakti di Bait Allah, ngurus palataran-
palataran jeung rohangan-rohangan Bait
Allah, bari ngajaga supaya barang-barang
suci tetep suci kaayaanana;
29 nyadiakeun roti haturkeuneun ka Allah,
ngurus tipung sasajen, kueh-kueh anu teu
make ragi, gorengan-gorengan, ngurus
tipung anu diadonan ku minyak jetun;

nimbang jeung naker anu baris dibaktikeun di Bait Allah;
30 nyanggakeun lagu-lagu pupujian jeung
ngamulyakeun ka PANGERAN saban isuk
saban sore,
31 saban nyanggakeun kurban anu dibeuleum
ka PANGERAN unggal-unggal poe Sabat,
unggal pananggalan jeung unggal aya
pesta lian ti eta. Eta pagawean-pagawean
dijalankeunana ku urang Lewi unggal-unggal
waktu sarta kabeh aya aturanana. Urang Lewi
dibakukeun purah ngabakti ka PANGERAN
salalawasna.
32 Maranehna dibarere kawajiban ngurus
jeung ngarawatan Kemah Tepangan
PANGERAN jeung Bait Allah, jeung ngabantu
baraya-barayana nya eta imam-imam turunan
Harun ngajalankeun kawajiban ibadah di Bait
Allah.
24 1 Ieu rombongan jalma-jalma anu
kaasup turunan Harun. Harun putrana
opat: Nadab, Abihu, Elasar, jeung Itamar.
2 Nadab jeung Abihu tilar dunya miheulaan
ramana jeung teu aya turunanana. Elasar
jeung Itamar jaradi imam.
3 Jalma-jalma turunan Harun ku Raja Daud
dijieun sababaraha rombongan nurutkeun
kawajibanana masing-masing. Dina ngaturna
anjeunna dibantu ku Sadok turunan Elasar,
jeung ku Ahimelek turunan Itamar.

4 Turunan Elasar dibagi genep belas
rombongan, turunan Itamar dibagi dalapan
rombongan. Pangna dibagi kitu, lantaran
lalaki anu jaradi kapala kulawarga dina
turunan Elasar leuwih loba.
5 Ari ditangtukeunana ku lotre, lantaran
anu jaradi pagawe Bait Allah jeung jaradi
pamingpin karohanian teh ti turunan Elasar
ongkoh, ti turunan Itamar ongkoh.
6 Turunan Elasar jeung turunan Itamar
bagilir narik elot, tuluy ngaran maranehna
didaptarkeun ku Semaya bin Netanel, urang
Lewi anu jadi sekretaris, disaksian ku raja,
para ponggawa raja, Imam Sadok, Ahimelek
bin Abyatar, para kapala kulawarga imam
jeung ku kulawarga-kulawarga urang Lewi.
7 (24:7-18) Kulawarga-kulawarga anu
dua puluh opat rombongan tea parelean
nurutkeun ragragna elot kieu: 1. Yoyarib;
2. Yedaya; 3. Harim; 4. Sorim; 5. Malkia;
6. Miamin; 7. Hakos; 8. Abia; 9. Yesua; 10.
Sekanya; 11. Elyasib; 12. Yakim; 13. Hupa;
14. Yesebab; 15. Bilga; 16. Imer; 17. Hesir;
18. Hapises; 19. Petahya; 20. Yeheskel; 21.
Yakin; 22. Gamul; 23. Delaya; 24. Maasia.
8 (24:7)
9 (24:7)
10 (24:7)
11 (24:7)
12 (24:7)
13 (24:7)

14 (24:7)
15 (24:7)
16 (24:7)
17 (24:7)
18 (24:7)
19 Eta jelema-jelema didaptarna nurutkeun
jabatanana pikeun asup ka Bait Allah
nekanan kawajiban anu ditetepkeun ku
Harun karuhunna, pikeun ngalakonan
papakon-papakon GUSTI Allah Israil.
20 Kapala-kapala kulawarga turunan Lewi
salian ti eta: Yehdeya bin Subael, turunan
Amram;
21 Yisia, turunan Rebaya;
22 Yahat bin Selomit, turunan Yishar,
23 Putra-putra Hebron: Kahiji Yeria, kadua
Amarya, katilu Yehasiel, kaopat Yekamam;
24 Semir bin Mika, turunan Usiel;
25 Jakaria bin Yisia, turunan Usiel saderek
Mika;
26 Mahli, Musi jeung Yaasia, turunan Merari.
27 Yaasia putrana tilu: Soham, Sakur jeung
Ibri.
28 (24:28-29) Mahli putrana dua: Elasar
jeung Kis. Elasar teu aya putrana. Kis putrana
hiji: Yerahmel.
29 (24:28)
30 Musi putrana tilu: Mahli, Eder jeung
Yeremot. Eta kabeh kulawarga-kulawarga
urang Lewi.

31 Maranehna oge tiap kapala kulawarga
jeung salah sahiji dulurna anu ngoraan
narik elot cara baraya-barayana, para imam
turunan Harun tea, disaksian ku Raja Daud,
ku Sadok, ku Ahimelek, ku para kapala
kulawarga imam jeung ku sakabeh urang
Lewi.
25 1 Kajaba ti eta, Raja Daud jeung para
pamingpin urang Lewi ngangkat warga
Asap, warga Heman jeung warga Yedutun,
pikeun mingpin ibadah. Papancenna nya
eta ngucapkeun wahyu ti Allah dipirig ku
nabeuh kacapi jeung kecrek. Jalma-jalma
anu diangkat pikeun mingpin ibadah katut
kawajiban tiap rombongan nya eta:
2 Putra Asap opatan: Sakur, Yusup, Netanya
jeung Asarela, purah ngucapkeun sabda Allah
upama geus ditimbalan ku raja. Diaturna ku
Asap.
3 Putra Yedutun genepan: Gedalya, Seri,
Yesaya, Simei, Hasabya jeung Matica, purah
ngucapkeun sabda Allah dipirig ku sora
kacapi, jeung purah nyanggakeun pupujian
jeung lagu panarima ka PANGERAN. Diaturna
ku ramana.
4 Putra Heman opat belas urang: Bukya,
Matanya, Usiel, Sebuel, Yerimot, Hananya,
Hanani, Elyata, Gidalti, Romamti Eser,
Yosbekasa, Maloti, Hotir jeung Mahasiot.
5 Heman, juru peleng raja, pangna kagungan
putra pameget nepi ka opat belas, malah

jeung putra istri tilu, ku karana berkah kurnia Allah anu geus ngajangjikeun baris ngangkat darajat anjeunna.
6 Putra-putra nu pameget kabeh narabeuh kacapi jeung kecrek ngabarengan aturan ibadah di Bait Allah. Asap, Yedutun jeung Heman, aya dibawah parentah raja.
7 Eta dua puluh opat urang kabeh geus arahli dina papancenna. Jalma-jalma urang Lewi purah ngalagu oge kabeh geus palinter. Jumlah kabeh dua ratus dalapan puluh dalapan urang.
8 Ari giliran waktuna, nu kolot, nu ngora, nu geus palinter, jeung nu kakara bisa, kabeh dilotre.
9 (25:9-31) Anu dua ratus dalapan puluh dalapan urang tea dibagi nurutkeun kulawarga masing-masing jadi dua puluh opat rombongan dua belas dua belas, unggal rombongan aya pamingpinna. Parelean ngajalankeun kawajibanana nurutkeun undian kieu: 1. Yusup, ti kulawarga Asap; 2. Gedalya; 3. Sakur; 4. Seri; 5. Netanya; 6. Bukya; 7. Asarela; 8. Yesaya; 9. Matanya; 10. Simei; 11. Usiel; 12. Hasabya; 13. Sebuel; 14. Matica; 15. Yerimot; 16. Hananya; 17. Yosbekasa; 18. Hanani; 19. Maloti; 20. Elyata; 21. Hotir; 22. Gidalti; 23. Mahasiot; 24. Romamti Eser.
10 (25:9)
11 (25:9)

12 (25:9)
13 (25:9)
14 (25:9)
15 (25:9)
16 (25:9)
17 (25:9)
18 (25:9)
19 (25:9)
20 (25:9)
21 (25:9)
22 (25:9)
23 (25:9)
24 (25:9)
25 (25:9)
26 (25:9)
27 (25:9)
28 (25:9)
29 (25:9)
30 (25:9)
31 (25:9)
26 1 Urang Lewi tukang jaraga Bait Allah,
ti golongan Korah: Meselemya bin
Kore, kaasup turunan Asap.
2 Putrana tujuh: Kahiji Jakaria, kadua
Yediael, katilu Sebaja, kaopat Yatniel,
3 kalima Elam, kagenep Yohanan, katujuh
Elyunai.
4 Obed Edom, ku Allah dikurniaan dalapan
putra: Kahiji Semaya, kadua Yosabad, katilu
Yoah, kaopat Sakar, kalima Netanel,

5 kagenep Amiel, katujuh Isaskar, kadalapan
Pehuletai.
6 (26:6-7) Semaya putra Obed Edom
anu cikal putrana genep: Otni, Repael,
Obed, Elsabad, Elihu jeung Semakya,
jalma-jalma penting di kalangan
golonganana, gede kamampuhna. Anu
bakatna pangnyongcolangna Elihu jeung
Semakya.
7 (26:6)
8 Ti kulawarga Obed Edom dilengkepan ku
genep puluh dua urang, jelema-jelema anu
kacida carakepna pikeun ieu pagawean.
9 Ti kulawarga Meselemya dilengkepan ku
dalapan belas urang, jelema-jelema anu
carakep.
10 Ti kulawarga Merari nya eta Hosa, anu
anakna opat lalaki, nya eta: Simri (lain cikal,
tapi ku ramana dijadikeun pamingpin),
11 Hilkia, Tebalya jeung Jakaria. Ti kulawarga
Hosa anu jaradi pangawal Bait Allah teh
kabehna tilu belas urang.
12 Tukang jaraga Bait Allah teh dijieun
sababaraha rombongan nurutkeun bilangan
kulawarga, kawajibanana nyabak pagawean
di Bait Allah ongkoh cara urang Lewi umumna.
13 Saban kulawarga, boh anu bilanganana
loba, boh anu saeutik, narik elot pikeun
nganyahokeun kudu ngajaga lawang anu
mana.

14 Selemya kabagian lawang wetan. Jakaria,
putrana anu hade nasehat, kabagian lawang
kaler.
15 Obed Edom kabagian lawang kidul,
ari putra-putrana kabagian ngajaga
gudang-gudang.
16 Supim jeung Hosa kabagian lawang kulon
jeung Gapura Saleket di lebah tanjakan.
Giliran jagana diatur patuturut.
17 Anu jaga di beulah wetan sapoena
genepan, anu di beulah kaler opatan, anu
di beulah kidul opatan. Ari gudang-gudang
barang, eta oge anu ngajagana opatan, hiji
gudang dijaga ku duaan.
18 Anu jaga deukeut papiliun beulah kulon
sisi jalan opatan, di papiliunna duaan.
19 Eta bagian jagaan-jagaan golongan Korah
jeung golongan Merari.
20 Urang Lewi lianna ngajaga rajabrana Bait
Allah jeung gudang-gudang barang hadiah
anu geus dibaktikeun ka Allah.
21 Ladan, salah saurang anak Gerson,
ngarundaykeun sababaraha rombongan
kulawarga, kaasup oge kulawarga Yehiel,
anakna.
22 Anak Ladan anu dua deui, nya eta
Setam jeung Yol, dibere kawajiban ngajaga
rajabrana Bait Allah jeung gudang-gudang
barang.
23 Turunan Amram, Yishar, Hebron jeung
Usiel, eta oge aya kawajibanana.

24 Anu jadi kapala nu ngajaraga rajabrana
Bait Allah nya eta Sebuel ti golongan Gersom
bin Musa,
25 wargi keneh ka Selomit rerehan ti Elieser
saderek Gersom, jujutanana: Elieser puputra
Rehabya, Rehabya puputra Yesia, Yesia
puputra Yoram, Yoram puputra Sikri, Sikri
puputra Selomit.
26 Selomit sakulawarga kabagian ngajaga
barang-barang hadiah anu ku Raja Daud, ku
kapala-kapala kulawarga, ku para pamingpin
rombongan warga-warga jeung ku para
panglima geus dibaktikeun ka Allah,
27 nya eta sabagian tina barang jarahan
perang, anu disucikeun pikeun digunakeun di
jero Bait Allah.
28 Selomit sakulawarga kudu ngajaga sagala
rupa barang anu geus disucikeun pikeun
pakeeun di Bait Allah, kitu deui barang-barang
pangbakti ti Nabi Samuel, ti Raja Saul, ti
Abner bin Ner jeung ti Yoab bin Seruya.
29 Urang Lewi ti turunan Yishar, Kenanya
sapala putra kapapancenan ngurus catetan-
catetan jeung nguruskeun sual panyerewedan
antara urang Israil.
30 Ti turunan Hebron, Hasabya katut sanak
barayana sarebu tujuh ratus urang jalma-
jalma anu aya kasebutna, kapapancenan
nguruskeun sual-sual kaagamaan jeung
urusan pamarentahan di Israil anu di
kuloneun Walungan Yordan.

31 Jalma-jalma turunan Hebron dipingpinna
ku Yeria. Waktu diayakeun pamariksaan
dina taun kaopat puluh Daud jumeneng
raja, kanyahoan yen di kulawarga-kulawarga
turunan Hebron loba prajurit anu garagah,
caricingna di Yaser, wewengkon Gilad.
32 Ti sanak baraya Yeria, Daud nyandak
dua rebu tujuh ratus jelema penting kapala-
kapala kulawarga, disina ngurus sual-sual
kaagamaan jeung urusan pamarentahan di
Israil wetaneun Walungan Yordan, nya eta di
wewengkon-wewengkon Rubin, Gad jeung
Menase Wetan.
27 1 Ieu daptar kapala-kapala kulawarga
Israil jeung kapala-kapala golongan,
jeung para perwira, anu ngurus pagawean
pikeun raja. Unggal taun saban-saban bulan
kudu aya dua puluh opat rebu jelema anu
digarawe anu dikapalaan ku hiji kapala.
2 (27:2-15) Kapala-kapala tiap bulanna nya
eta: Bulan kahiji: Yasobam bin Sabdiel, ti
golongan Peres kaasup kaom Yuda. Bulan
kadua: Dodai turunan Ahohi (pamingpin nu
kadua nya eta Miklot). Bulan katilu: Benaya
putra Imam Yoyada, pamingpin "Si Tilu Puluh"
tea. (Anjeunna diganti ku Amisabad, putrana,
kapala rombongan bulan ieu.) Bulan kaopat:
Asahel, rayi Yoab (anjeunna diganti ku Sebaja
putrana). Bulan kalima: Samhut, turunan
Yishar. Bulan kagenep: Ira bin Ikes, ti Tekoa.
Bulan katujuh: Heles, urang Epraim ti Pelon.

Bulan kadalapan: Sibkai ti Husa (warga Sera, kaasup kaom Yuda). Bulan kasalapan: Abieser urang Anatot wewengkon kaom Binyamin. Bulan kasapuluh: Maharai urang Netopa (ti golongan Sera). Bulan kasabelas: Benaya, urang Piraton wewengkon kaom Epraim. Bulan kadua belas: Heldai urang Netopa (turunan Otniel).
3 (27:2)
4 (27:2)
5 (27:2)
6 (27:2)
7 (27:2)
8 (27:2)
9 (27:2)
10 (27:2)
11 (27:2)
12 (27:2)
13 (27:2)
14 (27:2)
15 (27:2)
16 (27:16-22) Ieu daptar anu ngurus kaom-kaom Israil: Kaom Rubin, diurusna ku Elieser bin Sikri. Kaom Simeon, diurusna ku Sepaca bin Maaka. Kaom Lewi, diurusna ku Hasabya bin Kemuel. Kaom Harun, diurusna ku Sadok. Kaom Yuda, diurusna ku Elihu saderek Raja Daud. Kaom Isaskar, diurusna ku Omri bin Mikael. Kaom Sebulun, diurusna ku Ismaya bin Obaja. Kaom Naptali, diurusna ku Yeremot bin Asriel. Kaom Epraim, diurusna

ku Hosea bin Asasia. Kaom Menase Kulon, diurusna ku Yol bin Pedaya. Kaom Menase Wetan, diurusna ku Ido bin Jakaria. Kaom Binyamin, diurusna ku Yaasiel bin Abner. Kaom Dan, diurusna ku Asarel bin Yeroham.
17 (27:16)
18 (27:16)
19 (27:16)
20 (27:16)
21 (27:16)
22 (27:16)
23 Anu umurna tacan dua puluh taun ku Raja Daud henteu diitung, sabab aya timbalan PANGERAN yen urang Israil rek didamel mangpirang-pirang lobana lir bentang minuhan langit.
24 Basa dicacah jiwa ku Yoab putra ibu Seruya tea, diitungna teu dianggeuskeun, tur cacah jiwa harita ngalantarankeun urang Israil dihukum ku Allah. Jadi jumlah anu saenyana keur jaman Raja Daud henteu kacatet.
25 (27:25-31) Ieu daptar jalma-jalma anu ngurus milik karajaan: Asmawet bin Adiel ngurus gudang-gudang raja. Yonatan bin Usia ngurus gudang-gudang anu sumebar di tempat-tempat sejen. Esri bin Kelub ngurus gawe ngolah tanah. Simei ti Ramah ngurus lahan-lahan anggur. Sabdi ti Sepam ngurus gudang-gudang anggur inuman. Baal Hanan urang Geder ngurus kebon jetun jeung kebon

kondang di suku gunung beulah kulon. Yoas
ngurus minyak jetun. Sirtai urang Saron
ngurus ingon-ingon sapi di Sampalan Saron.
Sapat bin Adlai ngurus ingon-ingon sapi anu
di lebak-lebak. Obil bangsa Ismail ngurus
onta. Yehdeya urang Meronot ngurus kalde.
Yasis bangsa Hagri ngurus domba jeung
embe.
26 (27:25)
27 (27:25)
28 (27:25)
29 (27:25)
30 (27:25)
31 (27:25)
32 Yonatan, kapiramana Daud, juru pituah
anu binangkit jeung luhur panemuna, anu
ngadidik putra-putra raja, duaan jeung Yehiel
bin Hakmoni.
33 Ahitopel, jurupituah raja, Husai urang
Arki, sobat raja jeung jadi jurunasehatna.
34 Ahitopel pupus, diganti ku Abyatar jeung
Yoyada bin Benaya. Yoab panglima perang.
28 1 Raja Daud nimbalan sangkan sakabeh
pamingpin Israil kumpul di Yerusalem.
Gancangna para pamingpin kaom, para
pajabat anu ngurus gawe karajaan, para
pamingpin golongan, para pangurus rajakaya
jeung ingon-ingon kagungan raja sapala
putra, cindekna para gegeden karaton, para
perwira, jeung jalma-jalma anu parenting,
geus kumpul di Yerusalem.

2 Daud ngadeg, ngadawuh ka aranjeunna,
"Dulur-dulur para kanca sanagara,
rungukeun! Kami aya pasejaan hayang
nyieun gedong anu maneuh pikeun tempat
Peti Perjangjian, jojodog sampean PANGERAN
Allah urang. Kami geus tarapti sasadiaan
rek prak nyieun gedong keur kamulyaan
Mantenna,
3 tapi ku Mantenna henteu diwidian, lantaran
kami tukang perang jeung loba teuing
ngocorkeun getih batur.
4 Kami saturun-tumurun ku PANGERAN
Allah Israil dipilih pikeun ngatur Israil
sapapanjangna. Kaom anu ku Mantenna
dipilih pikeun jadi pamingpin nya eta kaom
Yuda. Ti kaom Yuda, anu kapilih ku Mantenna
teh kulawarga bapa kami, sarta ti lebah
kulawarga eta nya kami anu ku Mantenna
ditujul kudu jadi raja nyangking sakumna
bangsa Israil.
5 Kami ku PANGERAN dipaparin loba anak. Ti
sakabeh anak, Suleman ku Mantenna ditujul
kudu jadi raja ngarajaan Israil, karajaan
PANGERAN.
6 Timbalan PANGERAN ka kami, Nya
Suleman, anak maneh, anu bakal nyieun eta
gedong pikeun Kami. Suleman ku Kami geus
kapilih jadi anak, Kami teh Ramana.
7 Upama manehna terus enya-enya nurutna
kana sagala hukum jeung parentah-parentah

Kami saperti ayeuna, karajaanana ku Kami
baris ditetepkeun salalawasna.
8 Ku sabab kitu ayeuna di payuneun
Allah urang, jeung dina ieu pajemuhan
sakumna bangsa Israil anu jadi umat
PANGERAN, kami meredih ka maraneh,
rahayat kami, sing balener nya nurut kana
sagala timbalan PANGERAN Allah urang,
supaya bisa tetep ngamilik ieu tanah anu
sakieu hadena, wariskeuneun ka saanak incu
salalanggengna."
9 Ti dinya anjeunna sasauran ka Suleman,
"Anaking, pamenta Ama, hidep masing
madep ka Allah panutan bapa hidep, masing
cengeng kumureb ka Mantenna dibarengan
ku hate. Mantenna maha uninga kana sagala
usiking pikiran jeung angen-angen urang.
Asal hidep daek sumolondo tan wande ku
Mantenna diangken. Sabalikna lamun hidep
nukangan, tan wande ku Mantenna ditilar
salalawasna.
10 Sing nganyahokeun, hidep ku Mantenna
geus ditangtukeun kudu nyieun gedong suci,
Bait Allah keur Mantenna. Geura prak pigawe
sing junun."
11 Seug Daud ka Suleman maparin rancangan
adegan-adegan anu tumali jeung Bait Allah,
gudang-gudangna, rohangan-rohanganana,
Kamar Pangsucina paranti ngahampura dosa,
12 kitu deui rancangan-rancangan anu aya
keneh dina manahna hal palataran-palataran

Bait Allah katut kamar-kamar sakurilingna,
gudang-gudang panyimpenan paparabotan
Bait Allah jeung kamar rajabrana pangbakti
ka PANGERAN.
13 Lian ti eta Daud nerangkeun aturan
papancen para imam jeung urang Lewi hal
kawajibanana di Bait Allah jeung ngurus
parabot paragi ngabakti;
14 nerangkeun sakumaha kudu make perak
jeung emas pikeun nyieun paparabotan
paranti ngabakti,
15 pikeun nyieun lampu-lampu jeung
ajug-ajugna,
16 pikeun nyieun meja-meja perak, pikeun
nyieun tiap meja emas paragi ngambengkeun
roti sasajen ka Allah.
17 Kitu deui anjeunna mere pituduh,
sakumaha kudu make emas murni pikeun
nyieun garpuh-garpuh, bokor-bokor jeung
kendi-kendi, kudu sakumaha make perak
jeung emas pikeun nyieun piring-piring,
18 sakumaha kudu make emas murni
pikeun nyieun altar paragi meuleum dupa
jeung pikeun titihan paranti arca-arca
mukarabin anu jangjangna meber ngauban
Peti Perjangjian PANGERAN.
19 Saur Raja Daud, "Ieu rarancang anu
kudu dilaksanakeun teh datangna ka kami ti
PANGERAN ku manten."
20 Ngalahir deui Raja Daud ka Suleman
putrana, "Sing pangger, sing junun. Geura

prung pigawe, ulah digontot-gontot. GUSTI Allah anu ku Ama dikaulaan tan wande nyarengan ka hidep. Mantenna hamo nilarkeun, tangtu moal petot nyarengan nepi ka rengse sagala pagawean nyieun tempat pikeun ngabakti di eta Bait Allah kagungana-Na.
21 Papancen-papancen pikeun para imam jeung pikeun urang Lewi anu tumali jeung sagala pagawean di Bait Allah ku Ama enggeus diatur. Jalma-jalma patukangan anu kaahlianana rupa-rupa, anu geus saradia singkil ngabantu, kitu deui sakabeh jelema jeung para pamingpinna geura cangking, geura atur ku hidep."
29 1 Tutas eta, Raja Daud ngadawuh ka pajemuhan, "Suleman putra kami anu geus dipilih ku PANGERAN, umurna ngora keneh, tacan rea pangalaman. Ari pigaweeun sakitu rohakana, kawantu anu rek dijieun teh gedong keur GUSTI Allah, lain karaton keur manusa.
2 Pikeun kaperluan nyieunna kami geus sakedah polah kukumpul bahan-bahanna: emas, perak, tambaga, beusi, kayu, batu-batu permata, mutiara, batu lempengan jeung pirang-pirang batu marmer.
3 Samalah ku bawaning nyaah ka Bait Allah PANGERAN, kami pribadi nyumbangkeun perak jeung emas tina peperenian sorangan,

4 emas kolot tilu rebu talenta leuwih, perak
murni meh tujuh rebu talenta, keur papaes
tembok Bait Allah,
5 jeung keur bahan barang-barang perak
jieuneun tukang-tukang. Ayeuna, coba
saha anu rido mere derma nyumbangkeun
pangbaktina ka PANGERAN?"
6 Para kapala golongan, para pamingpin
kaom, para panglima jeung para pajabat
anu nyangking harta milik karajaan, kalawan
sukana masing-masing marere sumbangan
7 bahan-bahan pikeun kaperluan nyieun
Bait Allah. Barang-barang sumbanganana:
Emas lima rebu talenta leuwih, perak salaksa
talenta leuwih, tambaga meh salaksa dalapan
rebu talenta, beusi saketi talenta leuwih.
8 Sumbangan-sumbangan mangrupa
batu-batu permata diasupkeunana ka
perbendaharaan Bait Allah diurus ku Yehiel,
urang Lewi ti warga Gerson tea.
9 Jalma-jalma nyarumbangna ka
PANGERAN reujeung sukana sarta kacida
barungaheunana, dumeh barang-barang anu
disumbangkeun teh nepi ka sakitu lobana.
Komo Raja Daud mah liwat saking ngaraos
bagjana teh.
10 Di dinya keneh dina eta pajemuhan, Daud
muji sukur ka PANGERAN, piunjukna, "Nun
GUSTI, Allah Yakub karuhun abdi, mugi Gusti
dimulyakeun salalanggengna!

11 Kaagungan, kadigjayaan, kamulyaan,
kaagrengan, sareng kaluhungan, aya di
salira Gusti. Saniskara nu di langit sareng di
bumi, sadaya kagungan Gusti. Gusti teh Raja
pinunjul, jungjunan saalam dunya.
12 Kabeungharan, kamuktian, sadaya asal ti
Gusti, anu ngasta saniskara kalayan digjaya
sareng kawasa, anu iasa midamel sangkan
jalma jadi mulya sareng digjaya.
13 Nun Allah panutan, abdi-abdi muji sukur
sareng ngamulyakeun pajenengan Gusti nu
agung.
14 Parandene kitu, abdi sareng rahayat
rumaos teu tiasa ngahaturkeun naon-naon ka
Gusti, mung tiasa masrahkeun deui anu ku
Gusti parantos dipasihkeun, kawantos sagala
rupi oge asalna ti Gusti.
15 Gusti langkung uninga, hirup abdi sadaya
di payuneun Gusti teh ibarat numpang
ngumbara, sapertos karuhun abdi sadaya.
Umur abdi-abdi saibarat kalangkang
sakolebatan, teu tiasa sumingkir ti ajal pati.
16 Nun Gusti PANGERAN, abdi sadaya
parantos sami-sami nyanggakeun ieu
bahan-bahan kanggo ngadamel gedong,
kangge ngagungkeun pajenengan Gusti anu
suci. Nanging eta sadaya asalna teh paparin
ti Gusti, sadayana asal kagungan Gusti.
17 Abdi terang yen Gusti ngaji hate tiap
jalmi, sareng mikasuka ka jalmi anu sipatna
lempeng jujur. Abdi iklas nyanggakeun ieu

barang-barang ka Gusti. Ku abdi katingal
kumaha baringaheunana umat Gusti anu
karempel di dieu reh parantos tariasaeun
nyanggakeun pangbakti ka Gusti.
18 Nun GUSTI, Allah karuhun abdi, Ibrahim,
Ishak, sareng Yakub, mugi-mugi sipat
babakti maranehna anu sapertos kitu teh
dilanggengkeun, sina tetep ngakar dina hate
umat Gusti, mugi sing tetep maranehna satia
saumur-umur.
19 Mugi pun anak, Suleman, dipaparin hate
suhud sareng kadaek kana ngalakonan
sagala timbalan Gusti, sareng kanggo
ngadegkeun Bait kangge ngabakti ka Gusti,
anu bahan-bahanna ku abdi parantos
disadiakeun."
20 Sanggeus kitu Daud nimbalan ka
pajemuhan, "Sanggakeun puji ka PANGERAN
Allah maraneh!" Breng kabeh maruji ka
PANGERAN, Allah karuhunna, tuluy sarujud
nyanggakeun hormat ka PANGERAN jeung ka
raja.
21 Poe isukna maranehna mareuncit sato
dikurbankeun, dibaktikeun ka PANGERAN,
saterusna dibagikeun ka jalma rea sina
didalahar. Salian ti eta maranehna mareuncit
deui sarebu sapi jalu ngora, sarebu domba
jalu, jeung sarebu anak domba, diduruk
kabeh dina altar, ditambah ku ngurbankeun
anggur.

22 Poe eta sajeroning dahar nginum
di payuneun PANGERAN, jalma-jalma
pohara ngarasa bagjana. Dina poe eta
Suleman diembarkeun deui yen jadi
raja, tuluy dilisahan kalawan pajenengan
PANGERAN, jadi raja maranehna, sarta Sadok
dijenengkeun imam.
23 Sabada eta Suleman terus calik dina
tahta anu geus dikukuhkeun ku PANGERAN,
ngagentos ramana, Daud. Jadina raja lulus
mulus, hasil sagala panejana, katurut ku
sakumna bangsa Israil.
24 Para gegeden, sakumna balad, malah
putra-putra Daud sejenna kabeh ikrar seja
satia, tarima dibawah kawasa Raja Suleman.
25 Sakumna bangsa Israil ku PANGERAN
dikersakeun kataji ku Suleman, sarta
Suleman teh ku Mantenna dipaparin
kamulyaan anu punjul ti raja Israil nu mana
bae.
26 Daud putra Isai ngarajaanana nyangking
sanagara Israil teh
27 opat puluh taun, nya eta di Hebron tujuh
taun, di Yerusalem tilu puluh tilu taun.
28 Pupusna sanggeus yuswana kacida
sepuhna, mulya, kawasa, dipikaajrih.
Anjeunna diganti ku Suleman, putrana.
29 Carita Raja Daud ti awal nepi ka wekasan
kaungel dina carita tilu jurutingal: Samuel,
Natan jeung Gad,

30 anu ngadadarkeun hal ngarajaanana, hal
kakawasaanana, jeung hal-hal anu kasorang
ku anjeunna jeung ku urang Israil, kitu deui
ku karajaan-karajaan sakurilingeunana.

2 Tawarikh

1 [1] Suleman putra Raja Daud geus teguh
nyangkingna karajaan Israil, tur ku
PANGERAN Allahna diberkahan, dikersakeun
jadi kacida kawasana.
[2] Raja Suleman nimbalan ka sakabeh kapala
sarebu jeung kapala saratus jelema, ka para
gegeden, ka para kapala kulawarga jeung ka
salian ti eta,
[3] kudu ngiring anjeunna ka tempat ibadah
di Gibon. Anu matak kudu ka ditu teh
sabab Kemah Tepangan PANGERAN beunang
ngadegkeun Musa abdi Allah ayana di Gibon.
[4] (Tapi Peti Perjangjian mah aya di
Yerusalem, di jero kemah damelan Raja Daud
basa tas dipindahkeun ti Kiryat Yarim tea.)
[5] Altar tambaga beunang nyieun Besalel bin
Uri bin Hur oge ayana di Gibon, hareupeun
Kemah Tepangan PANGERAN. Raja Suleman
sapangiringna geus ngabakti ka PANGERAN di
Gibon.
[6] Raja ngabaktina hareupeun Kemah,
ngurbankeun sarebu sato peuncitan, diduruk
dina eta altar tambaga.
[7] Dina peutingna Allah nembongan ka
Suleman, mariksa kieu, "Maneh hayang
dibere naon ku Kami?"

8 Piunjuk Suleman, "Gusti sakitu asihna ka
Daud, pun bapa, teu petot-petot. Dupi abdi
ku Gusti dijadikeun raja gentosna.
9 Nun GUSTI Allah, mugi jangji Gusti ka
pun bapa tea diyaktoskeun. Abdi ku Gusti
dijadikeun raja, kedah ngurus jalmi anu
seueurna tanpa wilangan.
10 Ku margi kitu abdi nyuhunkeun dipaparin
kabijaksanaan sareng kaweruh kangge ngatur
maranehna. Upami teu kitu pimanaeun
abdi tiasa ngurus umat Gusti anu sakitu
seueurna?"
11 Dawuhan Allah ka Suleman, "Pamenta
maneh kacida merenahna. Lain menta
kamuktian atawa rajabrana, lain menta
supaya kamashur atawa supaya musuh-
musuh tumpur atawa menta panjang umur.
Maneh ku sabab dijieun raja umat Kami
menta kabijaksanaan jeung kaweruh supaya
bisa ngurus maranehna.
12 Heug, ku Kami dibere kabijaksanaan
jeung kaweruh. Malah rek ditambah ku
kabeungharan, dunya brana, tur bakal
kamashur leuwih ti raja-raja sejen, boh nu
saheulaeun, boh nu sapandeurieun."
13 Suleman jengkar ti tempat ibadah di
Gibon, ngantunkeun Kemah Tepangan
PANGERAN, mulih ka Yerusalem, tuluy
ngageugeuh Israil.
14 Anjeunna ngayakeun pasukan lobana
sarebu opat ratus kareta jeung dua welas

rebu urang pasukan kuda. Ditempatkeunana
aya nu di Yerusalem, aya nu di wewengkon-
wewengkon sejenna.
15 Jaman anjeunna marentah, perak jeung
emas teh di Yerusalem mah geus jadi biasa
saperti batu bae. Kai kiputri ge lobana
mangpirang-pirang cara kayu camara ilahar
nu aya di lamping-lamping pasir di Yuda.
16 Raja ngawasakeun para pagawena
ngirim-ngirimkeun kuda ti Mesir jeung ti
Kilikia,
17 kareta-kareta ti Mesir, disokongkeun ka
raja urang Het jeung ka raja urang Siria ku
jalan dijual, hiji kareta hargana genep ratus
uang perak, ari kuda sahijina saratus lima
puluh uang perak.
2 1 Raja Suleman geus gilig rek mimiti
ngadegkeun Bait Allah tempat ngabakti
ka PANGERAN. Ari anjeunna pribadi rek
ngadamel karaton.
2 Ti dinya anjeunna miwarang jelema
tujuh puluh rebu urang purah ngakutan
bahan-bahan, dalapan puluh rebu urang
purah ngali batu, jeung tilu rebu genep ratus
urang mandor.
3 Geus kitu anjeunna ngintun pamundut ka
Raja Hiram di nagara Tirus, saurna, "Mugi
Jeng Raja kersa ngintunan kai-kai kiputri
golondongan ka sim kuring, sapertos ka pun
bapa kapungkur, Raja Daud, nalika anjeunna
ngadamel karaton.

4 Sim kuring bade ngadamel Bait Allah
kangge ngagungkeun ka PANGERAN, Allah
sim kuring, nya eta gedong suci paranti
sim kuring sarawuh rahayat ngabakti ka
Mantenna ngahaturkeun kukus seuseungitan,
roti suci teu petot-petot, kurban beuleuman
unggal enjing sareng unggal sonten, unggal
dinten Sabat, unggal dinten Pesta Bulan
Anyar sareng dinten-dinten mulya sanesna,
ngamulyakeun PANGERAN Allah sim kuring
sadaya, kawajiban urang Israil sapapaosna,
numutkeun katangtosan ti Mantenna.
5 Maksad sim kuring eta Bait Allah teh bade
sing ageung, reh Allah sim kuring sadaya
agung-Na punjul ti allah-allah sanes.
6 Saleresna moal aya anu tiasa ngadamel Bait
Allah linggihaneun Allah, margi saleganing
langit oge keur Mantenna mah moal cekap.
Atuh pimanaeun sim kuring tiasa ngadamel
anu langkung punjul ti batan gedong paranti
ngukus seuseungitan ka Allah?
7 Sareng sim kuring mugi dikintun jalmi
saurang, anu ahli kana ngukir, kana ngadamel
barang-barang tina emas, perak, tambaga,
beusi, kitu deui ahli kana migawe lawon
bulao, lawon wungu sareng lawon beureum,
sina maturan juru-juru ukir urang Yuda
sareng urang Yerusalem kenging milih pun
bapa, Daud.
8 Nyuhunkeun dikintunan kai kiputri,
kijamuju, sareng candana ti Libanon, reh

sim kuring terang Sang Raja kagungan tukang-tukang nuar kai anu parantos ahli. Jalmi-jalmi sim kuring bade enggal-enggal dijurung ngabantu jalmi-jalmi Kangjeng Raja
9 nyayagikeun kai masing seueur, reh Bait Allah anu bade diadegkeun ku sim kuring teh bakal ageung sareng bakal agreng.
10 Sim kuring bade ngintun pibekeleun jalmi-jalmi ti dieu dua laksa pikul tarigu, dua laksa pikul gandum, dua laksa bat cianggur sareng dua laksa bat minyak jetun."
11 Raja Hiram ngawaleran ka Suleman ku surat, ungelna, "Rehing PANGERAN mikaasih umat-Na, nu mawi Rayi ku Mantenna didamel jadi rajana.
12 Sagala puji ka GUSTI Allah Israil anu ngadamel bumi sareng langit! Mantenna ka Raja Daud parantos maparin hiji putra anu binekas, sugih pangarti sareng binangkit, anu ayeuna keur tatahar seja ngadamel Bait kangge PANGERAN, kitu deui karaton keur salirana ku anjeun.
13 Akang nyanggakeun hiji jalmi ahli ukir anu pinter, wastana Huram.
14 Indungna kalebet kaom Dan, dupi bapana mah asli urang Tirus. Parantos tabah kana midamel barang-barang tina emas, perak, tambaga, beusi, batu, kai, migawe lawon bulao, wungu, beureum sareng lenen. Tiasaeun migawe ukiran kumaha bae numutkeun pesenan. Mangga gawekeun

nyarengan tukang-tukang ti Rayi sareng anu
ti tuang Rama, Raja Daud.
15 Tarigu, gandum, cianggur sareng minyak
jetun tea kintunkeun sakumaha pilahir.
16 Kai kiputri pamundut tangtos dikintunan,
bade nuaran ti pagunungan Libanon.
Dikintunkeunana bade jalan laut,
dibeungkeutan dirakitkeun, sina ngangkleung
dugi ka Yopa, ti dinya kantun ngakutan ka
Yerusalem."
17 Ti dinya Raja Suleman ngetang jalma-
jalma anu ngumbara di tanah Israil, cara
anu bareto dilampahkeun ku Daud ramana.
Kapendak aya 153.600 urang.
18 Tina sakitu, 70.000 urang dijieun purah
nanggungan bahan-bahan, 80.000 urang
purah meulahan batu di gunung-gunung,
3.600 urang dijieun mandor supaya pagawean
lancar.
3 1 Tempat pikeun adegan Bait Allah geus
aya beunang nyadiakeun Raja Daud
ramana Suleman. Nya eta di Yerusalem, di
Gunung Moria, tempat urut panggilingan
bogana Arauna urang Yebus tea. Raja
Suleman mimiti ngadamel rarancangna,
2 dina bulan kadua taun kaopat anjeunna
jumeneng raja.
3 Bait Allah anu diadegkeun ku Raja Suleman
panjangna dua puluh tujuh meter, rubakna
salapan meter.

4 Rohangan hareup rubakna sarubak Bait
Allah, salapan meter, luhurna lima puluh opat
meter, ti beulah jerona dilapis ku emas kolot.
5 Rohangan utamana dikeput ku papan
kiputri tuluy disaput ku emas kolot,
direkakeun tangkal-tangkal korma jeung
rarantean.
6 Bait Allah teh ku raja ditarapang ku
batu-batu permata anu arendah jeung ku
emas ti tanah Parwaim.
7 Bilik-bilikna, kaso-kasona, panto-panto
katut bangbarung-bangbarungna dilapis ku
emas. Ari tembok-tembokna diberean ukiran
mahluk-mahluk jangjangan.
8 Rohangan jero anu disebut Kamar
Pangsucina panjangna salapan meter rubakna
salapan meter, sarua jeung rubakna eta
gedong. Emas panyaput tembok-tembok
Kamar Pangsucina lobana genep ratus
talenta.
9 Paku-pakuna oge tina emas, lobana lima
puluh sekel. Tembok loteng-lotengna disaput
ku emas.
10 Raja miwarang ngadamel dua
mumukarabinan tina logam, tuluy
dilapis ku emas, diteundeun di Kamar
Pangsucina,
11 (3:11-13) ditangtungkeun pagigir-gigir
nyanghareup ka lawang, masing-masing
baroga jangjang, sarta tiap jangjang
panjangna dua meter dua puluh senti,

maleber. Tungtung jangjang beulah jero masing-masing paantel di tengah-tengah rohangan, tungtung jangjang beulah luar masing-masing antel kana tembok rohangan. Jadi meberna teh kira-kira salapan meter.
12 (3:11)
13 (3:11)
14 Eta Kamar Pangsucina make reregan lenen jeung lawon lianna, dicelep ku warna bulao, wungu jeung beureum, sarta diberean papaes anu direkakeun mukarabin.
15 Raja ngadamel dua pilar anu luhurna masing-masing lima belas satengah meter, diadegkeunana di hareupeun Bait Allah, sarta masing-masing make mamakutaan anu luhurna dua meter dua puluh senti.
16 Puncak pilar dipapaesan ku rarantean anu dianyamkeun jeung ku dadalimaan tina tambaga saratus siki.
17 Eta dua pilar ditangtungkeunana di gigireun gapura gedong, hiji di beulah kidul, dingaranan Yakin, hiji deui di beulah kaler, dingaranan Boas.
4 1 Jeung deui Raja Suleman ngadamel hiji altar tambaga ukuran salapan meter pasagi, luhurna opat satengah meter.
2 Jeung ngadamel tatalagaan tina tambaga, bangunna bunder, jerona dua meter dua puluh senti, gurat tengahna opat meter opat puluh senti, kurilingna tilu welas meter dua puluh senti.

3 Biwir luar eta tatalagaan sakurilingna
diberean papaes dua baris ngajajar, direka
sasapian-sasapian tina tambaga anu bahanna
asal tina tambaga anu dipake nyieun eta
tatalagaan.
4 Tatalagaanana disangga ku tonggong dua
welas sasapian tambaga anu nyalanghareup
ka beulah luar: ka kaler, ka kulon, ka kidul,
ka wetan, tilu-tilu.
5 Kandelna bak tatalagaan satampah,
biwirna jiga biwir lumur beukah ka luar jiga
kembang bakung. Ari pieusieunana kira-kira
genep puluh rebu liter.
6 Jolang oge nyieun sapuluh siki,
diteundeunna lima di sisi Bait Allah beulah
kidul, lima di sisi kaler, gunana pikeun
ngumbah babagian sato anu geus direcah
pikeun jadi kurban beuleuman. Ari cai
tina tatalagaan mah gunana paranti imam
beberesih.
7 (4:7-8) Ngadamel suku lampu tina
emas lobana sapuluh siki, luyu jeung sarat
anu baku. Ngadamel meja sapuluh siki,
dipasangna di rohangan utama di unggal
sisi lima-lima, jeung sukuna lima-lima. Oge
ngadamel pinggan emas saratus siki.
8 (4:7)
9 Ari para imam dipangnyieunkeun buruan
jero jeung buruan luar. Panto-panto di lawang
antara dua buruan tea dilapis ku tambaga.

10 Ari tatalagaan diteundeunna deukeut
pojok Bait Allah beulah kidul wetan.
11 (4:11-16) Kajaba ti anu tadi, Huram
nyieun katel-katel, sosodok-sosodok jeung
pinggan-pinggan. Sakur parabot anu ku Raja
Suleman dipiwarang dijieun pikeun kaperluan
Bait Allah, kabeh geus anggeus dijieun ku
Huram. Barang-barang anu dijieunna nya
eta: Dua tihang gede. Dua mamakutaan
anu jiga cangkir jebleh di puncak eta dua
tihang. Rante lilit papaes mamakutaan.
Opat ratus dadalimaan, anu dipasang dua
jajar, papaes mamakutaan. Sapuluh padati.
Sapuluh paso. Hiji tatalagaan. Dua belas
sasapian anu munggu tatalagaan. Katel-katel,
sosodok-sosodok jeung garpuh-garpuh. Eta
kabeh keur kaperluan Bait Allah anu dijieun
ku Huram pikeun Raja Suleman, kabeh tina
tambaga anu disangling.
12 (4:11)
13 (4:11)
14 (4:11)
15 (4:11)
16 (4:11)
17 Dipiwarang dicitakna ku raja di pangecoran
antara Sukot jeung Sereda di Lebak Yordan.
18 Kacida lobana barang-barang anu dijieun
tina tambaga teh, nepi ka teu aya anu bisa
naksir sabaraha lobana tambaga anu geus
kapake.

19 Raja Suleman ngadamel oge paparabotan
emas pikeun kaperluan Bait Allah: altar jeung
meja-meja paranti ngahaturkeun roti ka
Allah;
20 suku-suku lampu jeung lampu-lampuna
tina emas kolot, anu kudu dipasang
ngagenclang di hareupeun rohangan Kamar
Pangsucina luyu jeung sarat;
21 kembang-kembang tiruan, lampu-lampu,
capit-capit;
22 panetel-panetel paranti mareuman lampu,
bokor-bokor, pisin-pisin wadah seuseungitan,
jeung wadah-wadah ruhak. Kabeh dijieunna
tina emas kolot. Panto-panto Bait Allah beulah
luar kitu deui panto-panto anu ka rohangan
Kamar Pangsucina kabeh dilapis ku emas.
5 1 Sanggeus sagala rupa pagawean
pikeun Bait Allah tea rengse, sagala
barang-barang perak, emas, jeung salianna
anu ku Daud Ramana geus dibaktikeun ka
PANGERAN, ku Raja Suleman disimpen di Bait
Allah, di kamar panyimpenan.
2 Geus kitu, Raja Suleman nimbalan ka
sakabeh pamingpin kaom jeung kapala-
kapala golongan Israil, supaya karumpul di
Yerusalem, rek mindahkeun Peti Perjangjian
PANGERAN ti Sion, Kota Daud ka Bait Allah.
3 Sarerea geus karumpul dina mangsa Pesta
Saung Daun.
4 Sanggeus para kapala kabeh kumpul, Peti
Perjangjian teh diangkat ku urang Lewi,

5 terus digotong ka Bait Allah. Kemah
Tepangan PANGERAN oge katut unak-anikna
ku para imam jeung urang Lewi dipindahkeun
ka Bait Allah.
6 Ti dinya Raja Suleman katut sakumna
bangsa Israil kumpul di hareupeun Peti
Perjangjian, ngurbankeun domba jeung sapi
pirang-pirang, loba teuing mun diitung.
7 Sanggeus kitu Peti Perjangjian PANGERAN
teh ku para imam diasupkeun ka jero Bait
Allah, dipernahkeun di Kamar Pangsucina,
handapeun jangjang mumukarabinan,
8 sarta eta Peti katut rancatanana kaauban
ku jangjangna anu maleber.
9 Congo-congo rancatanana bisa katenjo ku
saha bae anu nangtungna lempeng hareupeun
Kamar Pangsucina, ari ti beulah sejen mah
henteu katembong. (Eta rancatan-rancatan
ayana di dinya tetep nepi ka kiwari.)
10 Eusi Peti Perjangjian taya naon-naonna
deui salian ti dua gebleg papan batu
sisimpenan Musa keur di Gunung Sinai, basa
PANGERAN ngadamel jangji ka urang Israil
dina perjalanan maranehna waktu budal ti
Mesir tea.
11 (5:11-14) Para imam ti sagala golongan
geus araya, kabeh geus beberesih. Para
pamaen musik urang Lewi oge jaronghok:
Asap, Heman, Yedutun, jeung para anggota
golonganana, marake pakean tina lawon
lenen, narangtung deukeut altar pongpok

wetan narabeuh kecrek jeung kacapi, dibarengan ku saratus dua puluh imam nariup tarompet. Breng nyaranyi ditarimbang ku sora tarompet, kecrek jeung tatabeuhan sejen, layeut awor kacida rasmina, maruji sukur ka PANGERAN, pokna, "Sagala puji ka PANGERAN, mulya manah-Na, mikaasih salalanggengna." Sabot para imam kalaluar ti jero Bait Allah, eta gedong ujug-ujug pinuh ku mega anu ngempray, dibarengan ku gebrayna cahaya kamulyaan PANGERAN anu matak serab, nepi ka para imam teu karuateun lila-lila ngabaraktina.
12 (5:11)
13 (5:11)
14 (5:11)

6 1 Raja Suleman neneda, "Nun PANGERAN, Gusti parantos kersa linggih di nu angkeub sareng poek.
2 Dupi ayeuna ku abdi parantos disayagian gedong anu agreng, linggihaneun Gusti sapapaosna."
3 Geus kitu raja malik mayun ka sakumna bangsa Israil anu kumpul, mundut berkah Allah keur maranehna.
4 Ti dinya ngadawuh kieu, "Sagala puji ka GUSTI Allah Israil! Mantenna pengkuh kana jangji anu dikedalkeun ka Daud rama kami anu kieu tea,
5 Ti semet ngabudalkeun umat Kami ti Mesir, nepi ka waktu ieu Kami tacan nyokot kota anu

mana bae oge di tanah Israil sangkan bisa nyieun gedong tempat Kami dibakti. Jeung tacan ngangkat jelema pikeun jadi lulugu umat Kami Israil.
6 Ayeuna Kami teh milih Yerusalem pikeun tempat Kami dibakti, sarta maneh, Daud, kudu jadi lulugu umat Kami."
7 Suleman neruskeun dawuhanana, "Daud rama kami bareto aya manah rek ngadamel gedong paranti ngabakti ka GUSTI Allah Israil.
8 Tapi dawuhan PANGERAN ka anjeunna, Niat maneh hayang nyieun gedong pikeun Kami teh hade pisan.
9 Sanajan kitu maneh mah ulah tulus nyieun eta. Gedong pikeun Kami teh sina dijieun ku anak maneh, anak sorangan.
10 Tah ayeuna PANGERAN geus ngabuktikeun eta jangji, reh kami geus ngadeg raja nyangking Israil ngaganti ama, geus anggeus nyieun ieu gedong tempat ngabakti ka GUSTI Allah Israil,
11 sarta Peti Perjangjian wadah papan batu anu ngamuat perjangjian anu ditimbalkeun ku PANGERAN ka urang Israil, ku kami geus disimpen di Bait Allah."
12 Sanggeus kitu Suleman nyaketan altar, ngadeg hareupeunana tuluy nadahkeun panangan, neneda hareupeun sarerea.
13 Di tengah-tengah buruan Bait Allah teh aya paimbaran tambaga anu diadegkeun ku

Suleman, ukuran dua meter dua puluh senti pasagi, luhurna sameter tilu puluh senti. Suleman mancat kana eta paimbaran, tuluy sideku jeung namprakkeun panangan ka langit, tembong ka sarerea.
14 Seug unjukan ka PANGERAN, "Nun GUSTI Allah Israil, di satungkebing langit satangkaraking jagat teu aya allah sapertos Gusti. Gusti pengkuh kana timbalan anu diikrarkeun ka ieu umat, sareng ngabuktoskeun kaasih ana maranehna leres-leres tumut ka Gusti.
15 Gusti tigin kana jangji ka Daud pun bapa. Dinten ieu dawuhan-dawuhan Gusti teh sadayana buktos.
16 Mugi jangji Gusti anu sanesna oge ka pun bapa, anu nyebatkeun yen upami turunan pun bapa leres-leres tumut kana Hukum Gusti sakumaha anjeunna, tangtos ti turunan anjeunna salamina baris aya anu nyepeng parentah, jadi raja di Israil. Nun GUSTI Allah Israil, mugi hal eta oge dilaksanakeun, ayeuna.
17 Nun GUSTI Allah Israil, saneskanten jangji Gusti ka Daud teh mugi buktos.
18 Nanging nun Allah, naha leres-leres Gusti teh iasa linggih di ieu bumi sareng jalmi awewe lalaki? Margi saleganing langit oge dilinggihan ku Gusti mah moal muat, komo ieu gedong kenging abdi, bade cekap kumaha?

19 Nun PANGERAN Allah panutan, abdi teh
abdi Gusti. Mugi ieu piunjuk abdi didangu,
mugi panuhun abdi dikabul.
20 Mugi ieu gedong teh diraksa siang wengi.
Gusti parantos jangji yen ieu tempat kangge
tempat ngabakti ka Gusti. Ku margi kitu,
samangsa-mangsa abdi neneda madep ka ieu
gedong mugi didangu.
21 Samangsa-mangsa abdi, kitu deui umat
Gusti, ngunjukkeun paneda madep ka ieu
tempat, mugi kersa ngadangukeun. Mugi
kersa ngamakbul sareng ngahapunten ka
abdi sadaya ti sawarga panglinggihan Gusti.
22 Manawi aya jalmi anu diterka gaduh dosa
ka batur dibantun kana altar Gusti di ieu
gedong sina sumpah yen teu rumasa,
23 nun PANGERAN, mugi didangukeun ti
sawarga, lereskeun perkawisna abdi-abdi
Gusti teh, anu lepatna mugi dihukum
luyu sareng layakna, anu teu lepat mugi
dibebaskeun.
24 Manawi umat Gusti, Israil, eleh ku
musuh lantaran gaduh dosa ka Gusti, seug
dumeuheus ka Gusti di ieu gedong, sareng
nyuhunkeun dihapunten kalayan pinuh
karumasaan,
25 mugi didangu ti sawarga. Mugi dosa-dosa
umat Gusti teh dihapunten, sareng mugi
maranehna diwangsulkeun deui ka ieu tanah
paparin Gusti ka maranehna sareng ka
karuhunna.

26 Manawi Gusti dugi ka teu nurunkeun
hujan lantaran umat Gusti gaduh dosa,
saupami maranehna tobat sareng madep ka
ieu gedong nyanggakeun panuhun kalayan
karumasaan,
27 nun PANGERAN, mugi dimakbul ti
sawarga, mugi dosa-dosa Israil umat Gusti
teh dihapunten, sareng tuduhan pilampaheun
anu samunasabahna. Salajengna nun
PANGERAN, paparinkeun hujan ka ieu tanah
anu ku Gusti parantos dijadikeun milik
maranehna sapapaosna.
28 Manawi ieu tanah katarajang tigerat
atanapi pagebug, atanapi upami
pepelakanana reksak boh ku hama
perang, boh ku hama beureum atanapi ku
simeut, atanapi upami umat Gusti ditarajang
ku musuh, atanapi upami maranehna aya anu
katarajang kasakit atanapi paudur,
29 mugi panyambat maranehna didangu.
Upami ti umat Gusti, Israil, aya anu
katarajang prihatin neneda ka Gusti bari
ngangkatkeun leungeun ka lebah ieu Gedong
Gusti,
30 mugi Gusti ti sawarga ngadangu
panyambatna sareng maparin hapunten.
Mung Gusti anu waspaos kana kereteging
hate manusa. Mugi satiap jalmi perkawisna
ku Gusti ditimbang sakumaha layakna,
31 dugi ka umat Gusti teh mikasieun sareng
tumut ka Gusti saumur-umur, di tanah anu

ku Gusti parantos dipaparinkeun ka karuhun abdi sadaya.
32 Manawi aya jalmi bangsa sanes di tanah anu tebih ti dieu nguping wartos yen Gusti kalintang agungna, kalintang kawasana, tur salamina sayagi midamel kumaha bae, seug upami manehna dongkap neneda di ieu gedong,
33 panedana mugi didangu. Mugi panyambat panuhunna dimakbul ti sawarga panglinggihan, supados jalmi-jalmi saalam dunya terang ka pajenengan Gusti sarta aranut sakumaha umat Gusti Israil. Sina tarerangeun yen ieu gedong kenging abdi teh estu tempat paranti ngabakti ka Gusti.
34 Manawi ieu umat kagungan ku Gusti ditimbalan budal merangan musuh, sanaos di mana bae upami nyambat ka Gusti madep ka ieu dayeuh anu ku Gusti parantos kapilih, madep ka ieu gedong kenging abdi,
35 mugi panyambatna didangu, dimakbul ti sawarga, perangna sing unggul.
36 Manawi ieu umat gaduh dosa ka Gusti kawantos taya jalmi anu henteu gaduh dosa seug upami Gusti bendu dugi ka maranehna diantep kasoran ku musuh sareng diboyong ka nagara sanes, sanaos sakumaha tebihna eta nagara,
37 mugi panyambat umat Gusti teh didangu. Manawi di dituna maranehna tarobat sareng sasambat ka Gusti, rarumasaeun kana

kalepatan sareng kadorakaanana, nun
PANGERAN, mugi panyambatna didangu.
38 Manawi di ditu teh maranehna leres-leres
tarobat sasambat ka Gusti ngiblat ka tanah
ieu anu ku Gusti dipaparinkeun ka karuhun
abdi sadaya, ngiblat ka ieu dayeuh anu ku
Gusti parantos kapilih, sareng ka ieu gedong
kenging abdi ngadegkeun keur salira Gusti,
39 mugi panyambatna didangu. Dangu
eta umat Gusti teh, pikawelas, hapunten
dosa-dosana ti sawarga panglinggihan.
40 Ayeuna nun Allah panutan, tingali abdi
sadaya, dangukeun panyambat abdi sadaya
anu diunjukkeun di dieu.
41 Sumangga geura ngadeg nun GUSTI Allah,
geura lebet ka ieu gedong sinarengan Peti
Perjangjian perlambang kakawasaan Gusti,
mangga geura linggih di dieu sapapaosna.
Mugi berkahan sagala gawe para imam Gusti.
Paparin umat Gusti kabagjaan tawis Gusti
teresna ka maranehna.
42 Nun GUSTI Allah, mugi raja anu
dijenengkeun ku Gusti teh ku Gusti ulah
ditampik. Masing emut yen Gusti teh mikaasih
ka Daud nu jadi abdi Gusti tea."
7 1 Tamat Raja Suleman neneda, seug aya
seuneu ragrag ti awang-awang, ngahuru
kurban-kurban anu geus dibaktikeun, sarta
cahaya kamulyaan PANGERAN ngagebray
minuhan Bait Allah.

2 Para imam teu bisa asup ka jero, wantu-
wantu Bait Allah teh pinuh ku cahaya anu
ngagebray.
3 Barang urang Israil narenjo seuneu ragrag
ti awang-awang jeung cahaya anu minuhan
Bait Allah, bruk sarujud nyaruuh kana lante,
ngabarakti ka Allah, maruji sukur kana
kamulyaan manah jeung sipat asih-Na anu
langgeng.
4 Suleman jeung jalma rea tuluy
nyanggakeun kurban-kurban ka PANGERAN.
5 Sato anu dikurbankeun aya 22.000 sapi
jeung 120.000 domba, dijieun kurban
panarima. Ku jalan kitu anjeunna jeung jalma
rea nyalametkeun eta Bait Allah.
6 Para imam narangtung di tempat anu
baku keur maranehna, ari di hareupeunana
narangtung urang Lewi, anu maruji
ka PANGERAN dipirig ku tatabeuhan
beunang nyayagikeun Raja Daud bareto,
nyaranggakeun kidung "Asih Mantenna
Salalanggengna!" sakumaha anu ku Daud
geus diwajibkeun ka maranehna. Para imam
nariup tarompet, jalma rea kabeh nangtung.
7 Suleman nyucikeun patengahan buruan
di latar tepas Bait Allah, sarta di dinya
anjeunna nyanggakeun kurban-kurban anu
dibeuleum sagemblengna, kurban gandum
jeung ngurbankeun gajih sato-sato kurban
karapihan. Nu matak anjeunna ngurbanna
di dinya lantaran lamun dina altar tambaga

tea mah moal muat, sabab kurbanna sakitu lobana.
8 Sanggeus kitu Raja Suleman jeung rahayat
Israil ngalampahkeun Pesta Saung Daun tujuh
poe lilana. Jalma kacida lobana, daratang ti
jauhna, nu ti kaler ti semet Hamat, nu ti kidul
ti semet wates tanah Mesir.
9 Di darinyana lilana tujuh poe pikeun
nyalametkeun altar, tujuh poe keur pestana.
Dina poe wekasanana ngayakeun upacara
panutup.
10 Dina poe isukna, nya eta tanggal
dua puluh tilu bulan katujuh, rahayat ku
Suleman dipiwarang baralik. Kacida ngarasa
bagjana ku sagala berkah PANGERAN anu
diganjarkeun ka Israil umat-Na, ka Daud,
jeung ka Suleman.
11 Sanggeus Raja Suleman beres ngadamel
Bait Allah jeung karaton sarta unak-anikna
geus lengkep sapuratina,
12 PANGERAN nembongan ka anjeunna ti
peuting sarta ngandika kieu, "Kami geus
ngadangu paneda maneh. Ieu gedong paranti
ngurban ku Kami ditarima.
13 Lamun Kami teu nurunkeun hujan, atawa
ngadatangkeun hama simeut ngaruksak
pepelakan, atawa ngadatangkeun pagebug
ka umat Kami,
14 upama maranehna sasambat ka Kami
sarta tarobat tina lampah dorakana, ku

Kami tangtu didangu ti sawarga, dosana
dihampura, tanahna disina cukul deui.
15 Ieu gedong bakal diraksa. Sakur paneda
anu disambatkeun di dieu tangtu ku Kami
didangu,
16 sabab ieu tempat ku Kami geus ditarima
jeung disucikeun pikeun salawasna jadi
tempat ngabakti ka Kami. Tangtu ku Kami
dijaga diraksa sapapanjangna.
17 Upama maneh suhud ngawula ka Kami
cara Daud, nurut kana hukum-hukum jeung
timbalan-timbalan Kami anu diandikakeun ka
maneh,
18 jangji Kami ka bapa maneh tea, nya
eta Israil salawasna bakal dirajaan ku anak
incuna, tan wande bukti.
19 Tapi upama maneh jeung rahayat
nyimpang tina hukum-hukum jeung
parentah-parentah anu diandikakeun ka
maneh sarta ngabakti ka allah-allah sejen,
20 tangtu disingkirkeun ti ieu tanah pamere
Kami, sarta ieu gedong paranti ibadah,
najan ku Kami geus disucikeun jadi tempat
ngabakti ka Kami ge bakal ditinggalkeun,
sina diseungseurikeun jeung dipupuas ku
jalma-jalma di mana mendi.
21 Ieu gedong ayeuna sakieu agrengna.
Tapi engke mah anu laliwat ka dieu bakal
hareraneun heug ngaromong kieu, Na ku
naon ieu tanah jeung gedong paranti ibadah
teh ku PANGERAN dikieu-kieu?

22 Dijawabna bakal kieu, Lantaranana
mah ku sabab maranehna naringgalkeun
PANGERAN Allahna anu nuyun karuhunna
budal ti Mesir, suhud sumujud jeung
ngabaktina ganti ka allah-allah sejen. Kitu
sababna nu matak maranehna ku PANGERAN
disina cilaka kieu."
8 1 Lilana Suleman ngadamel Bait Allah
jeung karaton anjeunna teh dua puluh
taun.
2 Sarta anjeunna ngomean deui kota-kota
anu asalna paparin ti Raja Hiram, tuluy sina
diareusian ku urang Israil.
3 Wewengkon Hamat jeung Soba ku
anjeunna dijabel,
4 kota Palmira di gurun keusik dibentengan.
Kota-kota di Hamat anu jadi puseur
gudang-gudang bekel diomean deui.
5 Aya deui kota-kota sejenna anu diomean
ku anjeunna nya eta: Bet Horon Girang,
Bet Horon Hilir (duanana aya bentengna,
lawangna bisa ditulakan),
6 Baalat, jeung kota-kota anu ku anjeunna
didamel tempat gudang-gudang bekel,
gudang-gudang kareta jeung tempat kuda.
Sagala pangreka manahna hal ngawangun
di Yerusalem, di Libanon jeung di sakuliah
wewengkon karajaanana ku anjeunna
dilaksanakeun.
7 (8:7-8) Urang Kanaan anu salamet tina
panggempur urang Israil waktu tanah

maranehna dijabel, ku Suleman diwajibkeun
gawe paksa, nya eta urang Het, urang Emor,
urang Pares, urang Hiwi jeung urang Yebus.
Turunan maranehna nepi ka ayeuna tetep
jaradi abid.
8 (8:7)
9 Urang Israil mah henteu disina gawe kitu,
tapi dijadikeun prajurit, satria, senapati
kareta jeung prajurit kuda.
10 Aya dua ratus lima puluh urang anu
dijadikeun kapala purah ngatur anu
digarawekeun dina rupa-rupa wawangunan.
11 Prameswarina, putra raja Mesir tea ku
Suleman dipangdamelkeun bumi sarta terus
dialihkeun ka dinya ti Kota Daud, sabab saur
Suleman, "Prameswari calikna ulah di karaton
Daud raja Israil, lantaran tiap tempat anu
dicicingan ku Peti Perjangjian teh suci."
12 Suleman ngadamel kurban haturan
PANGERAN dina altar damelanana tea di
hareupeun Bait Allah.
13 Nyanggakeun kurban-kurban beuleuman
nurutkeun kamistian anu kaungel dina Hukum
Musa, anu kudu dilampahkeun dina saban
poe anu dimulyakeun, dina poe Sabat, dina
poe Pesta Bulan Anyar, jeung dina poe pesta
taunan anu tilu rupa: Pesta Roti Teu Make
Ragi, Pesta Panen, jeung Pesta Saung Daun.
14 Anjeunna ngatur kawajiban para imam
sapopoena, ngatur kawajiban urang Lewi dina
ngabantu papancen para imam tea jeung

ngawihkeun kidung-kidung, nurutkeun aturan beunang Daud ramana. Ngatur para pangawal Bait Allah, ngatur rombongan-rombongan jagaan sapopoena di unggal gapura, sakumaha anu diparentahkeun ku Daud, abdi Allah tea.
15 Sagala aturan ti Daud pikeun para imam jeung urang Lewi ngeunaan tempat-tempat panyimpenan rajabrana jeung hal-hal lianna, kabeh dijalankeun taya anu kaliwat.
16 Sagala padamelan Suleman geus anggeus kalawan samakta, ti mimiti masang pademen Bait PANGERAN nepi ka kabeh lengkep sapuratina geus anggeus tur beres-roes.
17 Sanggeus kitu Suleman angkat ka Esion Geber jeung Elat, dua palabuan di basisir Teluk Akaba di tanah Edom.
18 Ku Raja Hiram dikintunan kapal-kapal katut para nangkodana jeung matros-matrosna anu geus rea pangalamanana. Ti dinya eta kapal-kapal teh balayar ka tanah Opir jeung nangkoda-nangkoda Suleman. Ana daratang deui ka Suleman nyerenkeun emas leuwih ti lima welas rebu kilo lobana.

9 1 Ratu nagri Syeba ngadangu warta hal kamashuran Raja Suleman, tuluy anjeunna ngadongdon ka Yerusalem seja ngajajal kapinteran Suleman ku sual-sual. Angkatna nyandak pangiring loba pisan, bari nyandak pirang-pirang onta dimomotan wawangian, permata-permata, jeung emas

kacida lobana. Sanggeus tepang jeung
Suleman, ratu ngasongkeun sual-sual anu
geus aya dina manahna.
2 Panyualna kabeh kawaler, keur Suleman
taya pisan sual anu henteu beunang.
3 Barang ratu nagri Syeba uninga kana
kapinteran Suleman, tur ningali karaton
beunang Suleman ngadegkeun,
4 ningali katuangan anu ditata dina mejana,
ningali patempatan para pajabatna, ningali
aturan gawe para ponggawa karaton katut
saragemna, ningali dangdanan abdi-abdi
anu ngalaladenan tuang, jeung ningali
kurban-kurban anu dijalankeun di Bait Allah,
ratu teh bati kataji jeung helok.
5 Ratu misaur ka raja, "Raja leres-leres
pinter binekas, cocog sareng wartos anu
kakuping di nagara sim kuring.
6 Sakawitna wartos teh ku sim kuring teu
dipercanten, nya teras dongkap nyaksian
sorangan. Geuning wartos anu dugi ka
sim kuring teh henteu paro-parona acan
tina sajembaring kapinteran Jeng Raja anu
saleresna. Jeng Raja estu langkung-langkung
pinter ti batan anu kacarioskeun.
7 Bagja temen rahayat anu kumawula
ka salira, anu teu petot-petot marek
sareng kasinugrahan tiasa ngupingkeun
pitutur-pitutur kabijaksanaan Jeng Raja!
8 Sagala puji ka PANGERAN, Allah Jeng Raja!
Mantenna parantos namplokkeun kaasih

ka salira dugi ka diangkat jadi raja ngasta
nagara kalayan pajenengan Mantenna. Tawis
Mantenna asih ka Israil umat-Na, sareng
mikahoyong sangkan umat-Na sumujud
ka Mantenna sapapaosna, salira teh ku
Mantenna dijenengkeun raja supados iasa
miara hukum sareng kaadilan."
9 Ratu ngahaturkeun cacandakanana ka
Raja Suleman: emas leuwih ti opat rebu kilo,
wawangian jeung permata-permata kacida
lobana. Wawangian hadiah ti ratu Syeba
ka Suleman kacida haradena, teu aya anu
ngungkulan.
10 (Abdi-abdi Raja Hiram jeung abdi-abdi
Suleman tea, kajaba ti mawa emas ti Opir teh
mawa kayu candana jeung permata-permata
ongkoh.
11 Kai candana tea ku Suleman dijieunan
tetecean-tetecean Bait Allah jeung karatonna,
sawareh dijieunan kacapi jeung gambus
paranti para pamaen musik. Di tanah Yuda
tadina tacan aya nu model kitu.)
12 Hadiah ti ratu Syeba ku Suleman dibales.
Jeung naon bae anu dipundut ku eta ratu ku
Suleman dipaparinkeun. Ti dinya ratu mulih
jeung pangiringna ka Syeba.
13 Unggal taun Raja Suleman meunang emas
lobana meh dua puluh tilu rebu kilo,
14 jaba pajeg ti para padagang jeung
para sudagar. Raja-raja Arab jeung para

gupernur wewengkon-wewengkon Israil oge nyaranggakeun perak jeung emas.
15 Suleman ngadamel kepeng anu galede
dua ratus siki, masing-masing dilakop ku
emas tujuh kilo, emasna diteupa.
16 Kepeng-kepeng anu leutikan oge
ngadamel tilu ratus siki, masing-masing
dilakop ku emas tilu kilo diteupa. Kabeh
ku anjeunna disimpen di hiji rohangan anu
disebutna Karaton Leuweung Libanon.
17 Jeung deui raja ngadamel hiji singgasana
gede, sabagian dilapisan ku gading, sabagian
dilapisan ku emas tulen,
18 make tetecean genep hambal jeung
diberean jojodog sampean anu dibulen ku
emas ngahiji kana singgasana. Kenca katuhu
singgasana make leungeun, gigireunana
masing-masing make sisingaan anu
narangtung.
19 Teteceanana oge make sisingaan dua
belas, unggal tungtung hambalan hiji
sisingaan. Di karajaan sejen tacan aya
singgasana anu model kitu.
20 Lumur-lumur kagungan Raja Suleman
kabeh tina emas, sagala rupa wawadahan
anu aya di Karaton Leuweung Libanon kabeh
tina emas tulen. Dina jaman Suleman perak
mah dianggap taya hargana.
21 Anjeunna kagungan kapal-kapal purah
lalautan, balayarna babarengan jeung
kapal-kapal Raja Hiram. Tilu taun sakali

kapal-kapalna mulang mawa emas, perak,
gading, lutung, jeung monyet.
22 Di saalam dunya taya hiji raja anu
ngungkulan kabeungharan jeung kapinteran
Raja Suleman.
23 Raja-raja sejen sarumping ka anjeunna
seja ngabarandungan kapinteranana anu
dikurniakeun ku Allah.
24 Unggal raja sumpingna jeung kikintunan,
barang-barang tina emas jeung perak, jubah,
pakarang, wawangian, kuda, jeung bigal. Kitu
bae unggal-unggal taun.
25 Jeung deui Suleman kagungan opat rebu
gedogan pikeun kuda jeung kareta, kagungan
pasukan kuda dua welas rebu urang.
Ditempatkeunana sawareh di Yerusalem,
sawareh deui dipencar di kota-kota sejenna.
26 Ti semet Walungan Eprat nepi ka tanah
Pelisti jeung wawatesan tanah Mesir, anjeunna
raja anu pangpunjulna.
27 Jaman anjeunna marentah, perak teh
di Yerusalem mah dianggap barang biasa,
disaruakeun jeung batu. Kayu kiputri oge
lobana mangpirang-pirang cara kayu-kayu
camara biasa anu di lamping-lamping pasir di
Yuda.
28 Ti Mesir jeung ti nagara-nagara sejenna
Suleman ngadatang-datangkeun kuda.
29 Carita Raja Suleman salian ti eta ti awal
nepi ka ahir, aya dina Kitab Carita Nabi Natan,
dina Kitab Piwejang Ahia urang Silo, jeung

dina Kitab Wahyu Nabi Ido anu ngamuat oge
carita hal pamarentahan Yarobam raja Israil.
30 Suleman ngarajaan sakuliah Israil lilana
opat puluh taun, calikna di Yerusalem.
31 Sanggeus pupus dimakamkeun di Kota
Daud, tuluy Rehabam putrana jadi raja
ngagentos anjeunna.
10 1 Rehabam angkat ka Sekem, sabab
keur didaragoan di ditu ku urang Israil
kaom-kaom kaler, rek dijenengkeun raja.
2 Barang Yarobam bin Nebat anu keur aya di
Mesir nyingkahan Raja Suleman, ngareungeu
beja kitu, gancang bae mulang.
3 Ku urang Israil kaom-kaom kaler anjeunna
diala, ti dinya bareng nepungan Rehabam,
tuluy mihatur kieu ka Rehabam,
4 "Tanggungan anu ku tuang rama
dikeunakeun ka kuring sadaya kacida
ngaripuhkeunana. Manawi anjeun kersa
maparin kaentengan malar hirup kuring
sadaya ulah ripuh teuing, kuring sadaya seja
satia jadi bawahan."
5 Waler Rehabam, "Kaula menta tempo tilu
poe rek nimbang-nimbang heula. Engke bae
ka darieu deui." Jalma-jalma terus budal.
6 Rehabam mundut pituah para sesepuh
urut jurunasehat Suleman, ramana. Saurna,
"Kumaha timbangan Bapa-bapa, jawab
kumaha eta jelema-jelema teh?"
7 Piunjuk para sesepuh, "Upami Jeng Putra
nembongkeun kahemanan, ngawaler ku nu

pigenaheun hatena, tangtos maranehna bakal satia kumawula ka Jeng Putra."
8 Tapi eta nasehat para sesepuh teh ku anjeunna teu ditolih, anggur nepangan juru-juru nasehat nu diangkat ku anjeunna, barudak anu saumur jeung anjeunna.
9 Saurna, "Cik pirempug aranjeun kumaha hadena kuring teh? Jawab kumaha eta jelema-jelema anu marenta kaentengan teh?"
10 Jawab maranehna, "Saurkeun kieu, Cinggir kami leuwih gede ti batan cangkeng ama kami.
11 Saurkeun deui kieu, Tanggungan maraneh ti ama kami memang beurat. Ku kami rek dijieun leuwih beurat. Maraneh ku ama kami disabet ku pecut, ku kami mah rek dibabukan ku pecut cucuk beusi!"
12 Sanggeus tilu poe tea, Yarobam jeung jalma loba ngadareuheus deui ka Raja Rehabam sakumaha pamundutna.
13 Tapi raja lain nurut kana pituah para sesepuh. Ngawalerna ge keras,
14 da nurutkeun timbangan anu ngarora. Saurna kieu, "Ama kami mere tanggungan beurat ka maraneh. Tanggungan ti kami mah bakal beuki beurat. Ama kami nyabet ka maraneh ku pecut, kami mah arek ngababukan ku pecut cucuk beusi!"
15 Jadi raja teh henteu malire kana pamenta eta jelema-jelema. Eta geus kitu dikersakeunana ku GUSTI Allah, sangkan

laksana pangandika-Na ka Yarobam bin Nebat
ku perantaraan Ahia jurupeleng ti Silo.
16 Barang geus tetela yen pamentana ka raja
teu dipalire, seug tinggorowok pokna, "Rorod
Daud saturunanana! Naon jasana ka urang?
Eh urang Israil, baralik! Keun Rehabam mah
sina kumaha karepna!" Jadi urang Israil teh
barontak.
17 Rehabam pada ninggalkeun, jadi raja
ge ngan keur rahayat di wewengkon Yuda
wungkul.
18 Anggeus kitu Rehabam miwarang
Adoniram anu keur ngamandoran jelema-
jelema anu gawe paksa, dipiwarang nepungan
urang Israil. Tapi tiwas pada ngabenturan ku
batu. Sanggeus uninga kitu, clak Rehabam
kana kareta, rurusuhan kabur ka Yerusalem.
19 Ti harita rahayat karajaan Israil kaler
ngalawan ka raja terah Daud.
11 1 Sasumpingna ka Yerusalem,
Rehabam ngumpulkeun prajurit anu
panghadena ti kaom Binyamin jeung kaom
Yuda, saratus dalapan puluh rebu urang, rek
merangan kaom-kaom Israil kaler, pikeun
ngarebut deui kakawasaanana.
2 Tapi aya timbalan PANGERAN ka Nabi
Semaya,
3 anu kudu ditepikeun ka Raja Rehabam
jeung rahayat kaom Yuda jeung Binyamin.
Dawuhana-Na,

4 "Ulah merangan ka Israil dulur sorangan.
Maraneh geura baralik bae. Kajadian
kieu geus pangersa Kami." Maranehna
narurut kana timbalan PANGERAN, teu tulus
merangan Yarobam.
5 Rehabam tetep calikna di Yerusalem.
Kota-kota di wewengkon Yuda jeung Binyamin
ku anjeunna dibentengan:
6 Betlehem, Etam, Tekoa,
7 Betsur, Soko, Adulam,
8 Gat, Maresa, Sip,
9 Adoraim, Lakis, Aseka,
10 Sora, Ayalon jeung Hebron.
11 Unggal benteng dicekel ku hiji panglima,
lengkep jeung bebekelanana, bahan
dahareun, minyak jetun, anggur,
12 kitu deui kepeng jeung tumbak. Ku jalan
kitu anjeunna tetep ngawasaan wewengkon
Yuda jeung Binyamin.
13 Ti sakabeh wewengkon Israil, para
imam jeung urang Lewi parindah ka Yuda,
wewengkon kidul.
14 Urang Lewi nepi ka cul sampalan cul
tanah, parindah ka Yuda jeung ka Yerusalem,
lantaran ku Yarobam anu geus jadi raja di
Israil jeung ku pigantieunana teu meunang
terus jaradi imam PANGERAN.
15 Malah-malah Yarobam geus ngangkat
imam-imam gantina, sina manghuluan di
tempat-tempat ngabakti ka brahala, kudu
ngabarakti ka jin-jin jeung ka arca-arca

anu dirupakeun sapi beunang anjeunna ngadamel.
16 Rahayat di unggal kaom Israil, anu
enya-enya sejana ngabakti ka PANGERAN
Allah Israil, marilu pindah jeung urang Lewi ka
Yerusalem, harayangeun tetep bisa ngurban
ka PANGERAN, Allah karuhunna.
17 Atuh karajaan Yuda jadi tambah reugreug
dibantu ku maranehna meunang tilu taun.
Hirup maranehna tetep sakumaha keur waktu
dirajaan ku Raja Daud jeung Raja Suleman.
18 Rehabam garwaan ka Mahalat binti
Yerimot bin Daud. Ibuna Mahalat nya eta
Abihail binti Eliab, putu Isai.
19 Kagungan putra pameget tilu: Yehus,
Semarya jeung Saham.
20 Garwaan deui ka Maaka binti Absalom,
puputra opat pameget: Abia, Atai, Sisa jeung
Selomit.
21 Geureuha Rehabam kabehna dalapan
welas, parekanana genep puluh. Ari putra-
putrana dua puluh dalapan pameget, genep
puluh istri. Ti saantero garwa jeung parekan,
Maaka anu pangdipikacintana,
22 sarta asihna ka putra anu jenengan
Abia leuwih ti ka putra-putra lianna, nepi
ka dicadangkeun baris jadi raja gegentos
anjeunna.
23 Kalawan wijaksana Rehabam maparin rasa
tanggung jawab ka putra-putra anu pameget.
Pala putrana dipencar di kota-kota anu

dibenteng di sakuliah wewengkon Yuda jeung
Binyamin, sagala kaperluanana disayagikeun
sacukupna, malah dipanglamarkeun
pigarwaeun loba pisan.
12 [1] Tacan lila Rehabam jadi raja
nyepeng kakawasaan, anjeunna
jeung rahayatna tuluy mengpar tina Hukum
PANGERAN.
[2] Dina taun kalima pamarentahan Raja
Rehabam, kateusatiaan maranehna ka
PANGERAN teh meunang hukuman. Raja
Sisak ti nagara Mesir ngarurug ka Yerusalem,
[3] pasukanana dua welas rebu kareta, genep
puluh rebu prajurit kuda, jeung prajurit
lianna lobana tanpa wilangan, campur jeung
pasukan-pasukan urang Libia, urang Sukit,
urang Sudan.
[4] Sanggeus ngarebut kota-kota Yuda anu
dibenteng tea, Raja Sisak terus maju nepi ka
Yerusalem.
[5] Nabi Semaya ngadeuheus ka Raja Rehabam
jeung ka para pamingpin urang Yuda anu
keur tumplek ka Yerusalem nyingkahan
Sisak. Anjeunna ngalahir, "Kieu timbalan
PANGERAN, Maraneh enggeus ninggalkeun
Kami. Ku sabab eta Kami ge rek ninggalkeun
ka maraneh, ku Kami rek diserenkeun ka
Sisak."
[6] Raja jeung para pamingpin rarumasaeun
kana dosana, sarta salaurna, "Parantos layak
pisan PANGERAN midamel kitu teh."

7 Ningali kaayaan kitu PANGERAN ngandika
ka Semaya, dawuhana-Na, "Ku sabab
maranehna rarumasaeun kana dosana, ku
Kami moal nepi ka dimusnakeun. Lamun
engke geus ditarajang ku Sisak, rek dibere
karahayuan saeutik. Yerusalem moal
sakumaha nandangan bebendu Kami.
8 Tapi teu meunang henteu, kudu eleh ku
Sisak, sina ngararasaeun bedana antara
ngawula ka Kami jeung ngawula ka raja-raja
alam dunya."
9 Sanggeus Sisak nepi ka Yerusalem, tuluy
ngajabelan raja brana nu aya di Bait Allah
jeung di karaton. Sagala rupana dikeduk, kitu
deui kepeng-kepeng emas dadamelan Raja
Suleman tea.
10 Ti dinya Rehabam ngadamel gantina
ku kepeng-kepeng tina tambaga, tuluy
dititipkeun ka para kapala kawal gapura
karaton.
11 Saban raja angkat ka Bait Allah eta
kepeng-kepeng ku para pangawal dibawa
ka Bait Allah, geus kitu diasupkeun deui ka
kamar jaga.
12 Ku sabab anjeunna ngangken dosa ka
PANGERAN, bebendu PANGERAN rada leler,
anjeunna henteu sakumaha dicilakakeunana,
kaayaan nagara Yuda oge hade.
13 Rehabam marentah di Yerusalem jadi raja
mekarkeun kakawasaanana. Mimiti jumeneng
dina yuswa opat puluh hiji taun, marentahna

tujuh welas taun, calikna di Yerusalem anu ku
PANGERAN dianggo ti saantero tanah Israil
paranti ngabakti ka Mantenna. Jenengan
ibuna Naama asal ti tanah Amon.
14 Rehabam teu kersa nuturkeun pangersa
PANGERAN, lampahna goreng.
15 Laku lampah Rehabam ti awal nepi ka
ahir, kitu deui hal pala putrana, kaungel dina
kitab-kitab Carita Nabi Semaya jeung Carita
Nabi Ido. Rehabam salawasna ngan perang
bae jeung Yarobam.
16 Sanggeus pupus dikurebkeun di makam
karajaan di Kota Daud. Ti dinya Abia putrana
ngaganti jadi raja.
13 1 Abia mimiti jadi raja nagara Yuda dina
taun kadalapan welas Raja Yarobam
ngarajaan Israil.
2 Ngarajaanana tilu taun, calikna di
Yerusalem. Jenengan ibuna Mikaya binti Uriel
asal ti kota Gibea. Antara Abia jeung Yarobam
pecah perang.
3 Balad Abia 400.000 prajurit ku Yarobam
diayonan ku 800.000 prajurit.
4 Eta dua pasukan balad amprok di
pagunungan Epraim. Raja Abia unggah
ka Gunung Semaraim, cumeluk ka
Yarobam jeung ka urang Israil. Cumelukna,
"Dengekeun ieu kami!
5 Na teu nyaraho PANGERAN Allah Israil
ngadamel perjangjian ka Daud, anu ungelna

karajaan Israil salawasna bakal dirajaan ku
anjeunna turun-tumurun?
6 Yarobam bin Nebat barontak ka Suleman,
rajana,
7 heug ngumpulkeun jalma-jalma
bangkawarah, ngadedetkeun pakarepanana
ka Rehabam putra Suleman. Harita Rehabam
teu bisa naon-naon, kawantu ngora keneh
pisan jeung can aya pangalaman.
8 Ayeuna maraneh aya karep ngalawan
kawibawaan karajaan anu ku PANGERAN geus
dipaparinkeun ka Daud turun-tumurun. Balad
maraneh kacida lobana, baroga sasapian
emas, allah maraneh beunang nyieun
Yarobam.
9 Imam-imam PANGERAN turunan Harun ku
maraneh diusir kabeh, kitu deui urang Lewi,
diganti ku imam-imam anu samodel jeung
imam-imam bangsa sejen. Sambarang jalma,
asal mawa sapi hiji atawa domba tujuh siki
bisa diangkat jadi imam, anu dikawulakeun
ka anu ku maraneh disebut jeung diaku allah.
10 Mungguh kami mah sarerea tetep sumeja
kumawula ka PANGERAN, Allah kami, moal
nepi ka ninggalkeun. Para imam turunan
Harun tetep-tetep nedunan papancen,
dibantu ku urang Lewi.
11 Unggal-unggal poe, isuk-isuk jeung
pasosore teu kendat ka Mantenna
ngahaturanan seuseungitan jeung sato
peuncitan anu dibeuleum weuteuh.

Maranehna tetep ngambengkeun roti dina
meja suci, unggal magrib nyeungeutan
lampu dina ajug emas. Naon bae timbalan
PANGERAN ku kami dilampahkeun, sabalikna
maraneh mah nyingkir ti Mantenna.
12 Pamingpin kami Allah ku manten, sarta
imam-imam Mantenna araya di dieu, kari
nariup tarompet ngahucuhkeun kami maju
jurit ngagempur maraneh. Eh urang Israil,
pacuan ngalawan ka PANGERAN Allah karuhun
maraneh! Pamohalan bisa meunang!"
13 Sabot kitu Yarobam nginditkeun sawatara
pasukan sina ngabongohan balad Yuda
ti tukang, pasukan-pasukan sejenna sina
ngambreg ti hareup.
14 Barang balad Yuda ngimpleng ka
sakuriling, geuning geus katingker. Seug
sasambat neda tulung ka PANGERAN. Para
imam nariup tarompet.
15 Ger balad Yuda ngagero tuluy narajang
musuh dijejeran ku Abia. Yarobam jeung
sabalad Israil dielehkeun ku Allah.
16 Balad Israil kabur ti balad Yuda, ku Allah
diserenkeun ka balad Yuda.
17 Balad Israil lebur diamuk ku Abia
sabaladna. Aya 500.000 urang serdadu Israil
anu panggagahna beak kasambut.
18 Urang Yuda bisa ngelehkeun urang
Israil, eta lantaran maranehna ngandel ka
PANGERAN, Allah karuhunna.

19 Balad Yarobam ku Abia hantem diberik.
Kota-kotana aya anu bisa diandih ku Abia,
nya eta Betel, Yesana jeung Epron, katut
desa-desa anu dareukeutna.
20 Sapanjang Abia jadi raja, Yarobam teu
bisa mulihkeun deui kakawasaanana, sarta
ahirna anjeunna tiwas digebug ku PANGERAN.
21 Sabalikna Abia kakawasaanana beuki
mekar. Garwa Abia opat welas, putrana dua
puluh dua pameget, genep welas istri.
22 Carita Abia salian ti eta, kasauranana
jeung lampahna kaungel dina Kitab Carita
Nabi Ido.
14 1 Raja Abia geus pupus, dikurebkeun
di makam karajaan di Kota Daud. Asa,
putrana ngagentos jadi raja. Dina cangkingan
Asa nagara teh kerta sapuluh taun lilana.
2 Lampah Asa sapagodos jeung pangersa
PANGERAN Allahna, bener jeung hade.
3 Altar-altar bangsa sejen jeung tempat-
tempat ngabakti ka brahala ku anjeunna
disingkir-singkirkeun, pilar-pilar karamatna
dirugrug-rugrugkeun, arca-arca Asera
diteukteukan.
4 Urang Yuda ditimbalan kudu
ngalampahkeun pangersa PANGERAN,
Allah karuhun maranehna, kudu nurut kana
papakon-papakon jeung timbalan-timbalan
Mantenna.
5 Tempat-tempat paranti ngabakti ka
brahala jeung altar-altar pangukusanana

dileungit-leungitkeun ti unggal kota nagara
Yuda. Ku sabab kitu karajaan teh dina
cangkingan anjeunna jadi kerta.
6 Dina pamarentahanana, kota-kota nagara
Yuda dibenteng, mangtaun-taun tara nyorang
perang, sabab anjeunna ku PANGERAN
dipaparin reureuh.
7 Dawuhan Asa ka urang Yuda, "Urang
ngabenteng kota-kota, make kuta jeung
munara-munarana, make lawang anu bisa
ditutup ditulakan. Urang bisa nyangking
ieu tanah lantaran geus ngalampahkeun
pangersa PANGERAN, Allah urang. Ku
Mantenna dijaga, reugreug ti unggal pihak."
Prak dipigawe reujeung lulus mulus.
8 Balad Asa 300.000 urang Yuda, pakarangna
kepeng jeung tumbak, 280.000 urang
Binyamin, pakarangna kepeng jeung panah,
kabeh garagah sarta asak latih.
9 Aya hiji jelema urang Sudan ngaranna
Serah, ngarurug ka nagara Yuda. Baladna
sajuta prajurit, tilu ratus kareta, geus
daratang ka Maresa.
10 Asa kaluar seja ngayonan. Itu ieu geus
pahareup-hareup di Lebak Sepata deukeut
Maresa.
11 Asa sasambat ka PANGERAN Allahna,
piunjukna, "Nun PANGERAN, Gusti mah
tangtos gampil bae mitulung ka balad alit
balad ageung oge. Tulungan abdi sadaya nun
Gusti PANGERAN, reh abdi sadaya percanten

ka Gusti, reh bade ngayonan balad anu sakitu
ageungna teh ngemban pajenengan Gusti,
nun PANGERAN, Allah abdi sadaya! Moal aya
anu unggul ngalawan ka Gusti."
12 Ti dinya balad urang Sudan ditarajang ku
Asa sabaladna, eleh tuluy kalabur,
13 diobrot ku Asa jeung pasukanana nepi
ka Gerar. Kacida lobana serdadu Sudan anu
tiwas, barisanana teu bisa tagen. Maranehna
dielehkeun ku PANGERAN jeung balad-Na.
Balad-balad meunang rampasan perang
kacida lobana.
14 Malah terus narajang jeung ngelehkeun
kota-kota sakuriling Gerar, wantu-wantu
pribumina geus kacida ngarasa gimirna
ku PANGERAN. Kota-kotana diranjah,
dunyabranana dijarah kacida lobana.
15 Sanggeus ngagempur eta terus
ngagempur pakampungan-pakampungan
tukang ngangon, ngarampasan domba jeung
onta loba pisan. Geus kitu kakara balad teh
mulang ka Yerusalem.
15 1 Roh Allah sumping ngauban ka
Asarya putra Oded.
2 Asarya ngadeuheus ka Raja Asa, tuluy
unjukan tarik, "Kangjeng Raja! Kitu deui
aranjeun urang Yuda jeung Binyamin,
reungeukeun! Sapanjang Kangjeng Raja
tumut ka PANGERAN, ku Mantenna tangtos
disarengan, ana Mantenna dipilari tangtos
Mantenna mendakan. Sawangsulna upami

Raja mungkur ti Mantenna, Mantenna oge
tangtos nilarkeun.
3 Urang Israil kantos lami pisan hirup tanpa
Allah nu sajati, tanpa imam anu ngawulang,
tanpa hukum.
4 Nanging barang katarajang mamala,
seug marulang ka PANGERAN, Allah Israil,
nareangan ka Mantenna sarta kapendak.
5 Jaman eta taya jalmi anu tiasa lunta aman,
margi sakuliah nagara nuju ribut sareng
pakucrut.
6 Bangsa-bangsa silih pencet, nagara-nagara
silih gencet, karana ku Allah diririweuh ku
rupa-rupa mamala.
7 Sing tagen, ulah salempang. Karana damel
Kangjeng Raja tinangtos aya pahlana."
8 Ngadangu piwejang Asarya putra Oded
kitu, Asa ngaraos teger. Geus kitu anjeunna
ngagempur arca-arca sesembahan di sakuliah
tanah Yuda jeung Binyamin, kitu deui di
kota-kota pagunungan Epraim anu dijabelan
ku anjeunna. Altar PANGERAN di buruan Bait
Allah diomean.
9 Jalma-jalma ti wewengkon Epraim, ti
wewengkon Menase, jeung ti wewengkon
Simeon loba anu sumolondo ka Asa, tuluy
tetep-tumetep di karajaan anjeunna,
lantaran nyarahoeun anjeunna disarengan
ku PANGERAN. Asa nimbalan kumpul ka
maranehna bareng jeung urang Yuda jeung
urang Binyamin,

10 seug maranehna karumpul di Yerusalem,
dina bulan katilu taun kalima welas Asa jadi
raja.
11 Dina poe eta maranehna ngurbankeun
sato-sato beunang ngajarah tea ka
PANGERAN, sapi tujuh ratus, domba tujuh
rebu.
12 Geus kitu samiuk ngucapkeun jangji
seja satia ngabakti ka PANGERAN, Allah
karuhunna, seja anut terus jeung ati sanubari.
13 Anu henteu ngabakti ka Mantenna saha
bae, kolot, ngora, lalaki, awewe, bakal
dipaehan.
14 Breng ngucapkeun ikrar ditarikkeun
kalawan nyebut jenengan PANGERAN yen
seja nohonan jangjina. Geus kitu ger surak
dipirig ku nu nariup tarompet.
15 Sanggeus ngucapkeun ikrar terusing ati
sanubari urang Yuda kabeh ngarasa bagja,
jadi raresep ngabakti ka PANGERAN. Ku
PANGERAN ditampi sarta ti unggal pihak
maranehna disina kerta.
16 Raja Asa mecat Maaka, eyang istri tina
kalungguhan ibu suri, sabab ngadamel arca
anu pikagirukeun, arca Asera. Arcana ku Asa
ditigas, dicacag tuluy diduruk di Lebak Kidron.
17 Ari tempat-tempat ngabakti ka brahala
ku Asa henteu kabeh digempurna. Tapi
sapanjang anjeunna jumeneng tetep sumujud
ka PANGERAN.

18 Barang-barang anu ku Abia, ramana,
enggeus dibaktikeun ka Allah kitu deui
barang-barang tina emas jeung perak anu
dibaktikeun ku anjeunna pribadi, disimpen di
Bait Allah.
19 Salila tilu puluh lima taun dina cangkingan
anjeunna, tara aya perang.
16 1 Dina taun katilu puluh genep Raja Asa
nyangking nagara Yuda, Raja Baasa ti
Israil ngarurug ka Yuda. Eta raja nohagaan
kota Ramah, megatkeun jalan kaluar asup ka
nagara Yuda.
2 Asa ngaluarkeun perak jeung emas ti Bait
Allah jeung ti karaton, dikirimkeun ka Raja
Benhadad, raja Siria anu calikna di Damsik.
Titip saur kieu,
3 "Kaula ngahaturkeun ieu perak sareng
emas. Urang silih bantu sapertos rama
urang kapungkur. Baasa raja Israil ulah
dibantu deui, sina ngundurkeun baladna ti
wewengkon kaula."
4 Pangajak Asa ku Benhadad ditarima. Eta
raja nginditkeun panglimana mawa balad
ngagempur kota-kota nagara Israil, ngarebut
Iyon, Dan, jeung Abel Bet Maaka, kitu deui
kota-kota di wewengkon Naptali tempat
gudang-gudang bekel.
5 Barang Raja Baasa ngadangu eta kajadian
seug nunda padamelanana nohagaan Ramah
tea.

6 Ti dinya Raja Asa ngumpulkeun rahayat
ti sakuliah Yuda, ditimbalan ngakutan batu
jeung kayu urut Baasa di Ramah, tuluy dipake
nohagaan kota Geba jeung Mispa.
7 Mangsa eta, Nabi Hanani ngadeuheus ka
Raja Asa, unjukan kieu, "Ku margi Gusti
mundut dibantu ka raja Siria, sanes muntang
ka PANGERAN Allah Jeng Raja, balad Israil
jadi luput ti Gusti.
8 Dupi balad katut pasukan karetana sareng
pasukan serdadu kuda urang Sudan sareng
urang Libia tea oge sanes sakitu ageungna?
Geuning ku PANGERAN diserenkeun, Gusti
anu unggul da muntang ka Mantenna.
9 PANGERAN teh teu weleh neuteup-neuteup
ngawaskeun ka saalam dunya, seja maparin
pitulung ka sing saha anu suhud hate ka
Mantenna. Eta damel Gusti kitu teh kalintang
bodona. Mana ti ngawitan wangkid ieu Gusti
moal kendat-kendat perang."
10 Rey bae Asa geregeteun, heug nabi teh
dirante. Ti wates harita Asa mimiti telenges
ka sawatara rahayatna.
11 Kajadian-kajadian dina jaman
pamarentahan Asa ti awal nepi ka
ahir, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda
jeung Israil.
12 Dina taun katilu puluh salapan jadina raja,
Asa katerap kasawat dina dampal sampean
parna pisan nepi ka jadi wuwudon. Tapi ti

batan mundut pitulung ka PANGERAN, anggur
dudukun.
13 Dua taun ti harita anjeunna pupus,
14 tuluy dikurebkeun di Kota Daud,
pajaratanana karang beunang natah
anjeunna keneh. Layonna diboborehan ku
bungbu-bungbu jeung minyak seungit, sarta
rahayat masang api unggun nandakeun
sungkawa katilar ku anjeunna.
17 1 Yosapat jadi raja ngagentos Asa,
ramana, sarta nohagaan kakuatan
keur ngayonan Israil.
2 Nempatkeun pasukan-pasukan di saban
kota benteng di Yuda jeung di pasisian
wewengkon Yuda, kitu deui di kota-kota
pagunungan di wewengkon Epraim anu geus
dijabel ku Asa bareto.
3 Yosapat diberkahan ku PANGERAN, sabab
nuturkeun tapak kalakuan ramana anu beh
ditu beh ditu, henteu ibadah ka Baal.
4 Sumujud ka Allah panutan ramana, tunduk
kana timbalan-timbalana-Na, henteu cara
kalakuan raja-raja Israil.
5 Yosapat nyangkingna karajaan Yuda
ditohagakeun ku PANGERAN, pada
ngahaturanan pangbakti ku rahayatna, jadi
kacida beungharna tur kacida diajenanana.
6 Anjeunna ngaraos bagja ngabdi ka
PANGERAN. Tempat-tempat ngabakti ka
brahala jeung arca-arca Asera nu aya di Yuda
ku anjeunna digempur.

7 Dina taun katilu jumenengna raja,
anjeunna ngutus Benhail, Obaja, Jakaria,
Netanel, jeung Mikaya, sina ngawuruk ka
urang Yuda.
8 Maranehna dibaturan ku salapan urang
Lewi, nya eta Semaya, Netanya, Sebaja,
Asahel, Semiramot, Yonatan, Adonia, Tobia,
jeung Tob Adonia. Aya imamna duaan, nya
eta Elisama jeung Yehoram.
9 Maranehna ngideran sakuliah karajaan
Yuda, mawa buku Hukum PANGERAN,
ngawuruk rahayat.
10 Karajaan-karajaan di sakurilingna ku
PANGERAN disina sarieuneun ka Raja Yosapat,
taya anu wanieun merangan.
11 Urang Pelisti mah sawareh aya anu
mawakeun perak kacida lobana jeung
rupa-rupa deui pangbakti ka Yosapat. Jeung
aya sababaraha urang Arab anu mere domba
7.700 siki jeung embe 7.700 siki.
12 Yosapat beuki lila beuki punjul bae. Di
sakuliah karajaan Yuda anjeunna ngadamel
benteng-benteng jeung tempat-tempat
13 panyimpenan bekel kacida lobana.
Di Yerusalem anjeunna nempatkeun
perwira-perwira penting,
14 diatur nurutkeun ahli karuhunna masing-
masing. Panglima anu nyangking pasukan ti
ahli karuhun Yuda nya eta Adna, ngabawah
300.000 prajurit.

15 Sahandapeunana, nu kadua, nya eta
Yohanan, ngabawah 280.000 prajurit;
16 nu katilu nya eta Amasia bin Sikri,
ngabawah 200.000 prajurit. (Amasia kalawan
sukana pribadi kumawula ka PANGERAN.)
17 Panglima ti pasukan ahli karuhun Binyamin
nya eta Elyada, satria gagah, ngabawah
200.000 prajurit anu pakarangna kepeng
jeung jamparing.
18 Sahandapeun eta, nu kadua nya eta
Yosabad, ngabawah 180.000 prajurit,
pakarangna kacida lengkepna.
19 Maranehna ngawula ka raja di Yerusalem.
Di kota-kota benteng lianna di sanagara Yuda
oge Yosapat nempatkeun pasukan-pasukan.
18 1 Sanggeus Raja Yosapat, raja nagara
Yuda, jadi mukti jeung kaajen,
anjeunna bebesanan jeung Raja Ahab, raja
Israil.
2 Sawatara taun ti harita anjeunna angkat
ka kota Samaria, natamu ka Ahab. Yosapat
sapangiringna ku Ahab dihormat-hormat,
dipangmeuncitkeun domba jeung sapi loba
pisan, tuluy curak-curak. Ti dinya Ahab ka
Yosapat nyoba-nyoba mundut dibantuan
ngarurug Ramot di Gilad.
3 Saurna, "Kumaha anjeun kersa mantuan
kaula merangan Ramot?" Waler Yosapat,
"Mangga, kaula sareng balad seja ngabantu,
sawaktos-waktos tangtos sayagi."

4 Saurna deui, "Nanging saena mah urang
tumaros heula ka PANGERAN."
5 Raja Ahab nyaur nabi-nabina sina kumpul,
aya opat ratus urang. Anjeunna mariksa,
"Meunang kami indit merangan Ramot?
Mangga rurug bae," jawabna, "ku Allah
tangtos diunggulkeun."
6 Tapi saur Yosapat, "Kumaha aya keneh
nabi sanesna anu baris mangnaroskeun ka
PANGERAN?"
7 Waler Ahab, "Aya saurang deui, Mika bin
Imla. Mung kaula teh ngewa, da eta mah
ka kaula tara ngawejangkeun anu baris
pisaeeun, mung anu arawon bae." "Ah teu
sae sasauran kitu," waler Yosapat.
8 Raja Ahab miwarang hiji ponggawa sina
ngangkir Mika sarta kudu kabawa harita.
9 Eta dua raja ngaranggo dangdanan
karajaan, tuluy caralik dina korsi karajaan
deukeut hiji pangirikan luareun lawang
Samaria. Ari nabi-nabi tea ngawarejang di
payuneunana.
10 Nu saurang, nu ngaran Sidkia bin Kenaana
nyieun tatandukan tina beusi, tuluy unjukan
ka Ahab, "Kieu timbalan PANGERAN, Gempur
ku maneh urang Siria ku ieu, tangtu tumpur!"
11 Nabi-nabi sejen oge ucapanana kawas
kitu. Ceuk maranehna, "Rurug Ramot,
tangtos Kangjeng Raja kenging, diunggulkeun
ku PANGERAN."

12 Ponggawa nu ngangkir Mika tea miunjuk
kieu ka Mika, "Nabi-nabi sadayana parantos
sami ngaramalkeunana, raja bakal unggul.
Bapa oge saena mah kitu."
13 Saur Mika, "Demi PANGERAN anu
jumeneng, anu bakal diucapkeun ku kami
ngan anu diandikakeun ku Allah kami!"
14 Sanggeus aya di payuneun raja, Mika ku
raja dipariksa, "Mika, meunang kami jeung
Raja Yosapat ngarurug ka Ramot?" Piunjuk
Mika, "Mangga rurug! Tangtos Gusti anu
kenging, diunggulkeun ku PANGERAN."
15 Tapi saur Ahab, "Lamun enya nyarita ka
kami mawa pajenengan PANGERAN, bejakeun
satarabasna bae. Lain geus sering kami nitah
kitu ka maneh?"
16 Piunjuk Mika, "Ku abdi katingal balad
Israil paburisat di pasir-pasir sapertos
domba teu aya nu ngurus. Dupi timbalan
PANGERAN, Eta jelema-jelema teh geus
teu barogaeun pamingpin, sina baralik bae
sangkan saralamet."
17 Saur Ahab ka Yosapat, "Tuh, ceuk kaula ge
ieu mah tara ngucapkeun pibagjaeun kaula,
ngan ngucapkeun picilakaeun bae!"
18 Mika miunjuk deui, "Dangukeun ieu
timbalan PANGERAN! Katingal ku abdi
PANGERAN keur linggih dina singgasana di
sawarga, dibanding ku para malaikat-Na.
19 PANGERAN mariksa, Saha anu bisa
ngawujuk ka Ahab, sina indit ngadon tiwas

di Ramot? Malaikat aya anu ngawarangsul,
nanging sanggem sawareh kieu, sanggem
sawarehna deui kitu.
20 Aya hiji roh marek ka payuneun
PANGERAN, unjukan kieu, Abdi tiasa
ngawujukna. Dawuhan PANGERAN, Cik,
kumaha?
21 Sanggem eta roh, Nabi-nabi Ahab bade
disina ngabarohong. Dawuhan PANGERAN,
Jung wujuk ka ditu. Ku maneh tangtu
beunang."
22 Piunjuk Mika deui, "Kitu pibakaleunana.
Nabi-nabi Gusti ku PANGERAN parantos disina
ngabarohong ka Gusti, sarta Mantenna ku
manten parantos nangtoskeun yen Gusti
bakal bobor karahayuan!"
23 Nabi Sidkia nyampeurkeun ka Mika, tuluy
nyabok bari ngomong kieu, "Ti iraha Roh
PANGERAN undur ti kami sarta ngandika ka
maneh?"
24 Waler Mika, "Engke oge maneh nyaho
lamun geus asup kamar bijil kamar neangan
panyumputan."
25 Raja Ahab nimbalan hiji tamtama, saurna,
"Tangkep Mika, bawa ka kota, serenkeun ka
gupernur Amon jeung ka Yoas putra raja,
26 sina dijebloskeun ka jero panjara, jeung
sungkeret dahar nginumna nepi ka kami
mulang deui salamet!"
27 Piunjuk Mika, "Upama Gusti iasa mulih
salamet, eta tandaning PANGERAN henteu

ngandika ku jalan abdi!" Saurna deui, "Kitu omongan kaula. Bandungan ku sarerea!"
28 Ahab raja Israil jeung Yosapat raja Yuda arangkat rek ngarurug ka Ramot di Gilad.
29 Saur Ahab ka Yosapat, "Kaula mah perang teh rek nyamar. Anjeun mah resmi bae nganggo anggoan karajaan." Nya tuluy raja Israil teh tarungna nyamar.
30 Raja Siria geus marentahkeun ka kapala-kapala pasukan kareta, yen anu kudu ditarajang teh ngan raja Israil, nu sejenna ulah.
31 Barang maranehna narenjoeun ka Raja Yosapat samarukna anjeunna teh raja Israil, tuluy bae ditarajang. Tapi Yosapat sasambat ngagero ka GUSTI Allah, seug ku Mantenna dirahayukeun, anu muru disina malundur deui.
32 Sanggeus kanyahoan yen anjeunna lain raja Israil, kapala-kapala pasukan kareta ngarudagna henteu dituluykeun.
33 Aya hiji serdadu Siria anu ngalepas jamparing sambarangan bae, tapi bet keuna ka Ahab pisan, nanceb kana sela-sela baju kerena. Raja Ahab ngagorowok ka kusir karetana, "Kami tatu! Balikkeun kareta urang bijil ti nu campuh!"
34 Sabot perang ragot keneh Raja Ahab tetep nagen dina karetana bari nyarande ngayonan urang Siria. Wanci surup panonpoe anjeunna lastari, pupus.

19 [1] Raja Yosapat, raja nagara Yuda
salamet, tuluy mulih ka karaton di
Yerusalem.
[2] Aya hiji nabi, Yehu bin Hanani, ngadeuheus
ka raja, miunjuk kieu, "Naha sae Gusti
ngabantu ka nu jarahat, sabilulungan sareng
anu mikageuleuh ka PANGERAN? Eta damel
Gusti teh ngalantarankeun PANGERAN bendu
ka Gusti.
[3] Untung sanaos kitu ge Gusti aya keneh
saena, parantos nyingkir-nyingkirkeun
arca-arca Asera sesembahan rahayat, sareng
parantos sateka-teka nuturkeun pangersa
Allah."
[4] Najan calikna di Yerusalem, Raja Yosapat
sok angger angkat-angkatan nepangan
rahayat, ngider ti Bersyeba ti tungtung kidul
nepi ka rarambu pagunungan Epraim di
tungtung kaler, ngawawadian rahayat supaya
marulang deui ka PANGERAN, Allah karuhun
maranehna.
[5] Di kota-kota Yuda anu dibenteng, anjeunna
ngangkat hakim-hakim
[6] kalawan timbalan kieu, "Masing ati-ati
nibankeun hukuman. Wewenang anu
dijalankeun ku maraneh teh lain ti manusa,
sategesna eta teh wewenang ti PANGERAN.
Lamun maraneh nibankeun hukuman,
Mantenna aya nungkulan.
[7] Masing sieun ku PANGERAN, ati-ati tata
peta, sabab PANGERAN Allah maraneh moal

ngantep ka anu curang atawa beurat sabeulah atawa daek nampa pangruruba."
8 Ari di Yerusalem, anu ku anjeunna diangkat jaradi hakim teh sawatara urang Lewi, sawatara imam, jeung sawatara jalma kokojo, purah nguruskeun jalma-jalma anu boga perkara ngalanggar Hukum PANGERAN, atawa memeres pacekcokan urang kota.
9 Maranehna ku anjeunna ditimbalan kieu, "Jalankeun kawajiban maraneh kalawan sieun ku PANGERAN, tuhu ka Mantenna dina sagala lampah.
10 Satiap aya dulur sabangsa ti mana bae ngunjukkeun perkara anu tumali jeung urusan getih, atawa palanggaran-palanggaran hukum jeung papakon-papakon anu salian ti eta, ati-ati papatahan pilampaheun dina nandangan cocoba, ulah nepi ka maranehna nyieun kasalahan atawa dosa ka PANGERAN. Lamun henteu kitu, boh maraneh boh eta dulur sabangsa, bakal kacida dibenduanana ku PANGERAN. Lampahkeun kitu, sangkan maraneh ulah nyieun kasalahan.
11 Anu wenang mere putusan ahir dina urusan agama, Imam Agung Amarya. Anu wenang mere putusan ahir dina perkara perdata, Sebaja bin Ismail, gupernur Yuda. Urang Lewi tanggung jawab ngurus sangkan putusan-putusan pangadilan tea jalan sakumaha mistina. Sing parengkuh.

Jalankeun ieu parentah. Mugia PANGERAN
nyarengan pihak nu bener!"
20 [1] Rada lila ti harita, aya balad urang
Moab jeung urang Amon bareng jeung
urang Mehunim, ngarurug ka Yuda.
[2] Aya sawatara utusan miunjuk ka Yosapat,
"Aya balad musuh ti Edom ageung pisan,
dongkapna ti peuntaseun Laut Paeh bade
ngarurug ka dieu. Ayeuna parantos meh
ngarebut Haseson Tamar." (Ngaran lalandian
En Gedi.)
[3] Yosapat gugup, tuluy sasambat ka
PANGERAN mundut pituduh. Geus kitu
marentah supaya sakuliah nagara puasa.
[4] Urang Yuda ti mana-mana daratang ka
Yerusalem arek menta pitulung PANGERAN,
[5] kumpul di Bait Allah di buruan anyar. Raja
Yosapat ngadeg mayun ka jalma rea
[6] tuluy neneda tarik, "Nun PANGERAN,
Allah karuhun abdi sadaya! Gusti ti sawarga
ngawasaan bangsa-bangsa saalam dunya.
Gusti kawasa sareng digjaya, moal aya anu
kiat ngalawan ka Gusti.
[7] Gusti teh Allah abdi sadaya. Nalika
Israil umat Gusti majeng ka ieu tanah,
bangsa-bangsa di dieu ku Gusti disapu,
sarta ieu tanah dipaparinkeun ka anak putu
Ibrahim, sahabat Gusti, jadi milikna anu
langgeng.

8 Maranehna parantos tetep-tumetep di
dieu, parantos ngadegkeun Bait Allah paranti
ngabakti ka Gusti. Parantos tarerangeun,
9 yen upami maranehna keuna ku hukuman
ditarajang ku bahla, ku perang, ku pagebug,
atanapi ku tigerat, kenging dumeuheus ka
dieu ka payuneun ieu Bait Allah paranti
ngabakti ka Gusti. Kenging sasambat ka
Gusti, ngunjukkeun papaitna, tur tangtos ku
Gusti dikabul dirahayukeun.
10 Ayeuna abdi sadaya dirurug ku urang
Amon, ku urang Moab, sareng ku urang
Edom. Padahal nalika karuhun abdi sadaya
budal ti Mesir teh henteu kantos nyorang
ka tanah-tanah maranehna, margi ku Gusti
dicegah. Karuhun abdi-abdi nganggo jalan
nguriling, dugi ka eta bangsa-bangsa teh teu
kantos digempur.
11 Nanging ayeuna pamalesna kieu, murubul
ka dieu niat ngabuburak abdi sadaya ti ieu
tanah paparin ti Gusti.
12 Nun Allah abdi sadaya! Mugi maranehna
dihukum, reh abdi sadaya hamo kiat
ngayonan balad sakitu ageungna, anu kantun
breg ngagempur ka abdi sadaya. Abdi sadaya
bingung kedah kumaha. Mung ngaharep
pitulung ti Gusti."
13 Urang Yuda jeung saanak bojona kabeh
kumpul narangtung di Bait Allah.
14 Geus kitu aya hiji urang Lewi golongan
Asap, di tengah pakumpulan dilinggihan

ku Roh PANGERAN. Ngaranna Yehasiel bin Jakaria, turunan Asap, rundayan Matanya, Yiel, jeung Benaya.
15 Yehasiel mihatur kieu, "Nun Kangjeng Raja, sareng aranjeun urang Yuda sareng urang Yerusalem, dawuhan PANGERAN urang henteu kedah kuncup atanapi gimir ku eta balad anu sakitu ageungna. Ieu perang teh gumantung ka Allah, sanes gumantung ka urang.
16 Enjing ayonan ana eta parantos daratang ka tanjakan Sis. Papag di tungtung lebak anu losna ka gurun caket Yeruel.
17 Dina hal ieu aranjeun henteu kudu turun campuh, daragoan bae bari ngajaranteng. Engke nyata aranjeun tangtu diunggulkeun ku PANGERAN. Eh urang Yuda, urang Yerusalem, ulah bingbang, ulah sieun. Maju jurit! PANGERAN anu nyarengan!"
18 Bruk Raja Yosapat sujud, rarayna antel kana taneuh. Bruk deui rahayat sarujud ngabarakti ka PANGERAN.
19 Urang Lewi golongan Kahat jeung Korah narangtung tuluy kabeh ngamulyakeun ka PANGERAN, Allah Israil.
20 Barang geus bray isuk, rahayat budal ka gurun deukeut Tekoa. Memeh jung Yosapat ngucapkeun heula amanat, saurna, "Eh urang Yuda jeung urang Yerusalem! Masing manteng ka PANGERAN, Allah maraneh,

tinangtu maraneh teteg. Sing percaya kana
ucapan nabi-nabi, tinangtu lulus."
21 Sanggeus maparin amanat ka rahayat,
raja nimbalan ka para biduan kudu marake
dangdanan paranti dina kajadian-kajadian
anu dikaramatkeun, tuluy sina baris, maraju
di pucuk barisan bari nyaranyi, "Mulyakeun
PANGERAN! Asih-Na langgeng!"
22 Barang breng maranehna maruji, balad
musuh anu rek ngarurug teh ku PANGERAN
dirusuhkeun.
23 Urang Amon jeung urang Moab jadi
ngagempur ka balad Edom mani tumpur
lebur, geus kitu dua pihakna campuh silih
tarajang mani ragot.
24 Barang urang Yuda narepi ka hiji munara
di gurun, ana narempo ka lebah musuh bet
geus tingjolopong taya nyawaan, mani teu
aya anu kaiwalkeun.
25 Ti dinya Yosapat sabaladna ngumpulkeun
barang-barang jarahan, sapi pirang-pirang,
bebekelan, papakean jeung barang-barang
lianna anu marahal. Bakating ku loba-lobana
ngumpulkeunana ge nepi ka tilu poe, kitu ge
teu kabawa kabeh.
26 Dina kaopat poena kumpul di Lebak
Beraka, ngucap sukur ka PANGERAN ku
sagala pitulung-Na, jeung eta sababna nu
matak eta lebak dingaranan Beraka.

27 Balad ku Yosapat dicandak mulih ka
Yerusalem, tas unggul jurit lantaran musuhna
dielehkeun ku PANGERAN.
28 Sacundukna ka dayeuh tuluy baris ka Bait
Allah dipirig ku kacapi jeung tarompet.
29 Bangsa-bangsa anu meunang warta hal
PANGERAN geus ngelehkeun musuh-musuh
Israil, kabeh gimir.
30 Ku hal eta Yosapat ngarajaanana
tengtrem, sarta ku PANGERAN disina aman ti
saban pihak.
31 Yosapat mimiti jadi raja dina yuswa tilu
puluh lima taun, ngarajaanana dua puluh lima
taun, calikna di Yerusalem. Ari ibuna nya eta
Asuba binti Silhi.
32 Sakumaha Asa, ramana, anjeunna
midamel anu sapagodos jeung pangersa
PANGERAN.
33 Ngan anjeunna henteu ngagempur
tempat-tempat ibadah ka brahala, jalma-
jalma ngabaraktina ka PANGERAN teh angger
bae kurang suhud.
34 Lampah Yosapat salian ti eta ti awal nepi
ka ahir kaungel dina Kitab Carita Yehu bin
Hanani, bagian tina Babad Raja-raja Israil.
35 Dina hiji mangsa Raja Yosapat sosobatan
jeung Raja Ahasia, raja Israil anu lampahna
doraka kabina-bina.
36 Di palabuan Esion Geber eta dua raja
ngadamel kapal-kapal pikeun ngambah laut.

37 Ku hal eta anjeunna diweweleh ku Elieser
bin Dodawa ti Maresa, "Ku margi Gusti
nyobat sareng Ahasia, eta damel Gusti
teh ku PANGERAN bakal direksak." Bukti,
kapal-kapalna teu kungsi balayar, kaburu
barejad.
21 1 Sanggeus pupus Yosapat dikurebkeun
di makam karajaan di Kota Daud.
Ti dinya Yehoram, putrana, jumeneng raja
ngagentos anjeunna.
2 Yehoram putra Raja Yosapat di nagara Yuda
saderekna genep: Asarya, Yehiel, Jakaria,
Asaryahu, Mikael jeung Sepaca.
3 Ku ramana dipaparin emas perak loba
pisan jeung barang-barang anu marulya
tuluy dipencar, masing-masing sina ngurus
hiji kota benteng di Yuda. Ari Yehoram putra
pangsepuhna ku Yosapat disina ngagentos
anjeunna.
4 Sanggeus ngarajaanana pageuh, Yehoram
maehan saderek-saderekna jeung sawatara
urang pajabat Israil.
5 Yehoram mimiti jadi raja dina yuswa tilu
puluh dua taun, ngarajaanana dalapan taun,
calikna di Yerusalem.
6 Lampahna jahat cara Raja Ahab jeung
raja-raja Israil lianna, da garwaanana ka
putra Ahab, pantes goreng kalakuanana di
payuneun PANGERAN.
7 Tapi PANGERAN teu kersaeun ngaruksak ka
turunan Daud, reh ka Daud geus ngadamel

perjangjian sarta ikrar yen turunan anjeunna
salawasna bakal aya anu jadi raja.
8 Waktu Yehoram ngarajaan, urang Edom
barontak ka Yuda nepi ka ngadegkeun
karajaan sorangan.
9 Yehoram jeung para senapatina mepek
pasukan kareta tuluy ngarurug ka Edom. Ku
balad Edom dikurung. Tapi dina peutingna
bisa norobos kepungan tuluy kalabur.
10 Ti harita Edom leupas ti Yuda. Dina
waktu eta keneh nagara Libna oge barontak,
sabab Yehoram mungkir ti PANGERAN, Allah
karuhunna.
11 Malah nepi ka ngadegkeun tempat-
tempat ngabakti ka brahala di tanah-tanah
pigunungan Yuda, ngalantarankeun urang
Yuda jeung urang Yerusalem doraka ka
PANGERAN.
12 Geus kitu Yehoram nampi surat ti Nabi
Elias, ungelna, "Anjeun bakal dihukum ku
PANGERAN, Allah karuhun anjeun. Reh
anjeun henteu nuturkeun lampah kasaean
tuang rama, Raja Yosapat, sareng tuang
eyang Raja Asa.
13 Anu ditulad ku anjeun kalakuan raja-raja
Israil, tur ngagoda ka urang Yuda sareng
urang Yerusalem sina malungkir ti Allah.
Sapertos kalakuan Ahab sareng raja-raja
gantina, anu ngalantarankeun Israil mungkir
ti Allah. Turug-turug anjeun maehan

saderek-saderek ku anjeun, anu leuwih
bageur ti batan anjeun.
14 Temahna, rahayat anjeun, putra-putra
anjeun, garwa-garwa anjeun, ku PANGERAN
bakal dihukum kacida beuratna. Sagala
kagungan anjeun bakal diruksak.
15 Anjeun pribadi bakal katerap kasakit
dina peujit, pohara nyerina, beuki lila beuki
parna."
16 PANGERAN lajeng ngangsonan hate urang
Pelisti jeung urang Arab, anu maratuhna
deukeut ka urang Sudan di sapanjang basisir,
sina merangan ka Yehoram.
17 Brul ngarurug ka Yuda, ngarampog
karaton Yuda, malah ngarampog garwa-
garwa jeung putra-putra raja, dijieun
tawanan. Ngan saurang putra raja anu henteu
kaboyong nya eta Ahasia, nu panganomna.
18 Geus kitu teh raja ku PANGERAN diterapan
kasawat di jero lambut kacida nyerina.
19 Meh dua taun kasawatna beuki parna
bae. Tungtungna raja teh pupus, sakaratna
matak watir. Sanggeus pupus ku rahayatna
henteu dipangnyieunkeun api unggun anu
nandakeun sungkawa katilar ku anjeunna,
teu cara karuhun-karuhunna.
20 Yehoram mimiti jumeneng raja dina yuswa
tilu puluh dua taun ngarajaanana dalapan
taun, calikna di Yerusalem. Waktu pupusna
jalma-jalma taya anu ngarasa prihatin.

Anjeunna dikurebkeun di Kota Daud, tapi lain
di makam karajaan.
22 1 Iwal ti Ahasia, nu panganomna,
putra-putra Raja Yehoram kabeh
dipaehan ku rampog bangsa Arab tea. Ahasia
ku urang Yerusalem tuluy dijenengkeun raja
ngagentos ramana.
2 (22:2-3) Ahasia mimiti jadi raja dina yuswa
dua puluh dua taun, ngarajaanana sataun,
calikna di Yerusalem. Lampahna cara lampah
ahli-ahli Ahab, da ku ibuna diwulang kana
kagorengan. Ibuna teh Atalya putra Raja
Ahab, putu Raja Omri, raja Israil.
3 (22:2)
4 Jadi lampahna teh doraka ka PANGERAN.
Heug sanggeus ramana pupus, juru-juru
nasehatna teh ti ahli-ahli Ahab, anu nasehat-
nasehatna ngalantarankeun anjeunna
cilaka.
5 Tumut ka juru-juru nasehatna tea anjeunna
mantuan Raja Yoram raja Israil, merangan
Raja Hasael ti Siria. Musuh jeung lawan
campuhna di Ramot bilangan Gilad. Dina eta
perang Yoram tatu ku musuhna,
6 tuluy gura-giru mulih ka Yisrel seja
nambaan tatuna. Ku Ahasia dilayad.
7 Angkatna Ahasia ka ditu ku PANGERAN
dianggo jalan kana picilakaeunana. Di dituna
anjeunna jeung Yoram kaluar nepangan
Yehu putu Nimsi, anu ku PANGERAN keur
dipiwarang numpes turunan Ahab.

8 Sajeroning keur nerapkeun eta hukuman,
Yehu pendak jeung rombongan kapala-kapala
urang Yuda jeung para kapiputra Ahasia anu
nganteur Ahasia ngalayad ka Yoram. Eta oge
ku Yehu dipaehan kabeh.
9 Ahasia anu geus kabur jeung nyumput
di Samaria diteangan. Sanggeus kapanggih
tuluy diserenkeun ka Yehu, seug ditelasan.
Tapi layon anjeunna mah dipendem, tina
ngajenan ka eyangna, Raja Yosapat, anu keur
jumenengna geus sateka-teka ngajalankeun
ibadah ka PANGERAN. Kulawarga Ahasia
kabeh tumpes, jadi teu aya anu jadi raja.
10 Barang Atalya, ibuna Raja Ahasia, uninga
yen putrana aya anu maehan, geuwat
marentah maehan sakabeh kulawargi raja
Yuda.
11 Tapi aya saurang putra Ahasia anu
salamet, nya eta Yoas. Barang putra-putra
raja teh geus rek ditumpes, Yoas kaburu
dipaling ku Yoseba, kapisaderek Ahasia, istri
Imam Yoyada, dibawa nyumput ka hiji kamar
di Bait Allah, saterusna ku Yoseba diasuh di
dinya. Yoas henteu milu katumpes ku Atalya
sabab kaburu disumputkeun.
12 Disumputkeunana nepi ka genep taun. Ari
Atalya geus jumeneng ratu.
23 1 Sanggeus ngantos meunang genep
taun, Imam Yoyada mutuskeun
yen geus waktuna kudu singkil. Anjeunna
ngabadamian lima senapati: Asarya bin

Yaroham, Ismail bin Yohanan, Asarya bin
Oded, Maaseya bin Adaya, jeung Elisapat bin
Sikri,
2 diutus ka sakuliah karajaan Yuda. Baralikna
deui dibarengan ku urang Lewi jeung ku
sakabeh para kapala warga.
3 Geus kitu karumpul di Bait Allah,
ngucapkeun ikrar satia ka Yoas, putra
raja. Yoyada misaur, "Ieu teh putrana raja
suwargi! Urang jenengkeun raja, sapagodos
jeung jangji PANGERAN yen turunan Daud
salawasna kudu aya anu jadi raja.
4 Jalanna kieu: Engke dina dinten Sabat,
waktu para imam sareng urang Lewi
ngajalankeun papancen, anu sapertilu kedah
ngajagi lawang-lawang gapura Bait Allah,
5 sapertilu deui ngajaga lawang-lawang
gapura karaton, sesana tempatkeun di
Gapura Pademen. Rahayat kedah kumpul di
buruan Bait Allah.
6 Ulah aya anu diidinan asup ka jero Bait
Allah, lian ti para imam sareng urang Lewi anu
eukeur mangku pancen, lantaran aranjeunna
mah parantos saruci. Anu sejen kudu di
luar bae, kudu tuhu kana papakon-papakon
PANGERAN.
7 Urang Lewi kedah sayaga ngalingkung
raja bari ngabar pedang. Mun raja angkat-
angkatan ka mana ge kedah terus dilingkung.
Sing saha anu maksa asup paehan."

8 Parentah Yoyada ku urang Lewi jeung ku
urang Yuda dijalankeun. Sakur anu jaraga
dina poe Sabat tea sanajan giliran jagana
geus beres oge henteu dibubarkeun. Nu
anggeus jaga, nu eukeur ngajaga keneh, ku
kapalana terus dicangking.
9 Para perwira ku Yoyada dipakarangan ku
tumbak jeung kepeng titilar Raja Daud anu
disimpen di Bait Allah.
10 Di hareupeun Bait Allah sakurilingna
dijaga ku jalma-jalma anu maresat pedang,
ngaraksa raja.
11 Ti dinya Yoas ku Yoyada dituyun kaluar,
tuluy dimakutaan jeung diserenan salinan
aturan martabat raja. Yoas dijenengkeun,
dilisahan ku Imam Yoyada jeung putra-
putrana. Jalma-jalma ragem ngabageakeun
ka rajana, "Wilujeng Raja!"
12 Earna anu ngabarageakeun raja kadangu
ku Atalya. Anjeunna muru ka Bait Allah anu
geus pinuh ku jelema.
13 Katingalieun raja anyar keur ngadeg
gigireun pilar paranti raja-raja, deukeut
lawang Bait Allah, dilingkung ku para perwira
jeung ku pasukan tarompet. Rahayat sarurak
ayeuh-ayeuhan dipirig ku sora tarompet,
sarta para biduan maruji bari narabeuh
kacapi, ngajejeran anu keur mestakeun raja.
Atalya nyoehkeun anggoanana, manahna
mentegeg. Tuluy ngagero, "Hianat! Hianat!"

14 Yoyada nyaur para perwira, ngajaga
supaya Atalya ulah nepi ka dipaehan di
lingkungan Bait Allah; parentahna, "Bawa
Atalya, kaluarkeun liwat barisan kawal! Anu
nyoba rek nulungan, paehan!"
15 Atalya dicerek dibawa deui ka karaton,
tuluy dipaehan di Gapura Kuda.
16 Imam Yoyada ngajak Raja Yoas jeung
rahayat ngucapkeun ikrar babarengan yen
seja jaradi umat PANGERAN.
17 Geus kitu jalma-jalma teh arindit ka
tempat pamujaan Baal. Eta pamujaan
dirugrugkeun, altar-altar jeung arca-arcana
dileburkeun, sarta Matan imam Baal dipaehan
hareupeun altar-altar.
18 Para imam jeung urang Lewi ku Yoyada
ditempatkeun di Bait Allah sina nyarekel
papancen di Bait Allah, ngajalankeun
kawajiban anu ti Raja Daud, ngurban ka
PANGERAN nedunan parentah Hukum Musa,
kitu deui papancen lianna, nya eta ngatur
pupujian jeung pesta-pesta.
19 Lawang-lawang Bait Allah ku Yoyada
diberean nu ngajaga, pikeun nyegah jelema
anu najis asup ka Bait Allah.
20 Ti dinya para perwira, para kekentong
rahayat, para pajabat jeung jalma rea ngarak
raja ti Bait Allah ka karaton, dijejeran ku
Yoyada. Sup raja ka karaton liwat Gapura
Utama, gek linggih dina singgasana.

21 Rahayat saruka bungah, nagara geus
tengtrem, sabab Atalya geus teu aya, geus
dipaehan.
24 1 Yoas mimiti jumeneng raja dina
yuswa tujuh taun, ngarajaanana opat
puluh taun, calikna di Yerusalem. Jenengan
ibuna Sibya asal ti Bersyeba.
2 Lampahna sapanjang Yoyada aya keneh
sapagodos jeung manah PANGERAN.
3 Ku Imam Yoyada dipangmilihkeun dua
garwa, tuluy puputra istri pameget.
4 Sanggeus ngarajaanana sawatara taun
lilana, Yoas aya kersana seja ngadangdanan
Bait Allah.
5 Seug nimbalan ka para imam jeung urang
Lewi, kudu ngider ka sakuliah karajaan,
ngumpulkeun duit ti rahayat pikeun ongkos
ngomean Bait Allah, anu geus biasa saban
sataun sakali diomean. Saurna kudu
diburu-burukeun. Tapi urang Lewi teh
kaleked.
6 Nu matak anjeunna mariksa ka Imam
Yoyada pamingpin maranehna, saurna, "Ku
naon urang Lewi ku Bapa henteu dipiwarang
mulung pajeg ti Yuda sareng Yerusalem?
Sanes parantos diwajibkeun ti jaman Musa
abdi Allah tea, yen rahayat kedah mayar cuke
keur ngomean Kemah Tepangan PANGERAN?"
7 (Harita Bait Allah teh geus ruksak ku
jelema-jelema piwarangan Atalya wanita
jahat tea, jeung parabot-parabotna beunang

nyucikeun tea loba anu dicarokotan dipake
ngabakti ka Baal.)
8 Urang Lewi ku raja dipiwarang nyieun peti
wadah duit anu kudu disimpen di gapura Bait
Allah.
9 Raja miwarang nguaran rahayat Yerusalem
jeung Yuda sina malayar cuke ka PANGERAN
cara keur jaman Musa abdi PANGERAN di
tanah gurun bareto.
10 Rahayat jeung para pamingpinna barungah
nampa eta uaran, tuluy ngarasupkeun duitna
kana eta peti.
11 Unggal poe eta peti ku urang Lewi
diserenkeun ka hiji pagawe raja sina
dipariksa. Lamun eta peti geus pinuh, duitna
dikaluarkeun ku sekretaris nagara jeung wakil
Imam Agung, peti kosongna disimpen deui
dina parantina. Kitu bae saterusna nepi ka
duit anu geus kumpul kacida lobana.
12 Duitna ku raja jeung Yoyada diserenkeun
ka nu ngapalaan digarawe ngomean Bait
Allah. Ku maranehna dipake mayar tukang-
tukang batu, tukang-tukang kayu, jeung
tukang-tukang beusi.
13 Anu digarawe soson-soson pisan ngomean
Bait Allah nepi ka anggeus, kaayaan Bait
Allah geus pulih ka asal.
14 Sanggeus anggeus, emas jeung perak
sesana diserenkeun ka raja jeung Yoyada,
tuluy dijieunan bokor jeung paparabotan
lianna pikeun kaperluan Bait Allah.

Kurban-kurban di Bait Allah teu petot-petot
dilampahkeun. Tapi kituna teh ngan
sapanjang Yoyada jumeneng keneh.
15 Ari Yoyada geus kacida sepuhna, sarta
sanggeus yuswana saratus tilu puluh taun
pupus,
16 dikurebkeun di makam karajaan di Kota
Daud, ngajenan kana sagala ihtiar anjeunna
pikeun rahayat Israil, pikeun Allah jeung
pikeun Bait Allah.
17 Sanggeus Yoyada teu aya, raja kabawa ku
pangwujuk para pamingpin Yuda.
18 Jalma-jalma mimiti nyarembah ka brahala
jeung ka arca Asera, tara ngabarakti deui
di Bait Allah PANGERAN, Allah karuhunna.
Temahna tina eta dosa PANGERAN bendu ka
urang Yuda jeung Yerusalem.
19 PANGERAN ngutus nabi-nabi sina
ngageuing supaya baralik deui ka Mantenna,
tapi maranehna teu narurut.
20 Jakaria, putra Imam Yoyada katerap
Roh PANGERAN, nangtung di tempat luhur
katembong ku sarerea, tuluy micatur bedas,
kieu, "Aya pamariksa ti GUSTI Allah, ku naon
aranjeun baraha kana timbalan Mantenna,
nyilakakeun diri sorangan? Aranjeun geus
belot ti Mantenna. Ku sabab kitu Mantenna
nilarkeun ka aranjeun!"
21 Raja Yoas kaangsonan ku nu sejen, bendu
ka Jakaria. Jakaria pada ngabenturan ku

batu di dinya keneh di buruan Bait Allah, ditimbalan ku raja.
22 Raja geus henteu nolih kana pangabdian
Yoyada, ramana Jakaria, anu satia ka
anjeunna, luas maehan ka Jakaria. Memeh
lastari Jakaria ngagero, "Kalakuan aranjeun
sing katingali ku PANGERAN, sing dibales!"
23 Dina taun eta waktu ganti musim, Yuda
jeung Yerusalem dirurug ku balad Siria. Para
pamingpinna tariwas, harta bandana dijarah,
diakut ka Damsik, kacida lobana.
24 Balad Siria anu ngarurug teh ngan saeutik,
tapi ku PANGERAN dihaja sina ngelehkeun
balad Yuda anu leuwih gede, sabab urang
Yuda geus belot ti Mantenna, GUSTI Allah
karuhunna. Nya harita terapna hukuman ka
Raja Yoas.
25 Anjeunna tatu ku musuh parna pisan.
Sanggeus musuh undur anjeunna ditelasan
dina pajuaran ku dua ponggawana anu males
pati lantaran anjeunna maehan putra Imam
Yoyada. Anjeunna dikurebkeun di Kota Daud,
tapi lain di makam karajaan.
26 (Jelema anu maehan anjeunna nya eta
Sabad, anak Simat awewe bangsa Amon,
jeung Yosabad, anak Simrit awewe bangsa
Moab.)
27 Ari hal putra-putra Yoas, hal ucapan-
ucapan ilahi ngeunaan Yoas, jeung hal
anjeunna ngomean Bait Allah, caritana aya

dina Tapsir Kitab Raja-raja. Putrana anu jenengan Amasia ngagentos jadi raja.

25 [1] Amasia mimiti jadi raja dina yuswa dua puluh lima taun, ngarajaanana dua puluh salapan taun, calikna di Yerusalem. Jenengan ibuna Yoadan urang Yerusalem.
[2] Anjeunna midamel anu sapagodos jeung manah PANGERAN, tapi bari ngaraos hoream.
[3] Sanggeus ngaraos tohaga anjeunna maehan dua ponggawa anu nelasan ramana.
[4] Tapi anak-anakna mah henteu milu ditumpes, sabab anjeunna tunduk kana timbalan PANGERAN dina Hukum Musa, anu ungelna: "Kolot teu meunang dipaehan ku karana kajahatan anak, anak teu meunang dipaehan ku karana kajahatan kolot. Anu kudu dipaehan teh jalmana, anu jahatna."
[5] Raja Amasia ngawangun pasukan balad ti kaom Yuda jeung kaom Binyamin, diatur nurutkeun golongan masing-masing, lengkep jeung perwira-perwirana, aya anu ngabawah sarebu prajurit, aya anu saratus. Kabehna aya 300.000 jelema anu umurna ti semet dua puluh taun ka luhur, dijieun pasukan-pasukan anu siap tempur tur parigel metakeun tumbak jeung kepeng.
[6] Jaba ti eta anjeunna nyewa 100.000 prajurit ti nagara Israil, dibayar ku perak kurang leuwih 3.400 kilogram.
[7] Aya nabi ngadeuheus ka raja, miunjuk kieu, "Gusti ulah nganggo prajurit-prajurit ti

Israil, margi jalmi-jalmi urang Karajaan Kaler
mah henteu disarengan ku PANGERAN.
8 Gusti ngagalih perang bakal langkung kiat
upami dibantu ku maranehna, padahal mung
Allah anu kawasa ngatur unggul asorna.
Upami keukeuh bade nganggo maranehna,
tangtos Sang Raja ku Allah bakal disina
kawon."
9 Raja mariksa ka nabi, "Nanging kumaha
perak anu parantos dibayarkeun?" Saur nabi,
"PANGERAN kawasa mulangkeun langkung ti
kitu!"
10 Ku sabab kitu eta pasukan sewaan teh
ku Amasia ditimbalan marulang deui. Seug
baralik, tapi kacida arambekeunana ka urang
Yuda.
11 Amasia ngagedurkeun sumanget, tuluy
mingpin baladna ka Lebak Uyah. Der perang,
hasil bisa maehan sapuluh rebu serdadu
Edom,
12 jeung ngaboyong sapuluh rebu urang
deui. Boyonganana digiring ka puncak hiji
cadas di Sela, tuluy ditinggang-tinggangkeun
ka handap datang ka parejet.
13 Sabot kitu serdadu-serdadu Israil anu
ku Amasia teu tulus diajak mantuan perang
tea, ngarurug kota-kota Yuda antara Samaria
jeung Bet Horon, maehan tilu rebu urang
dinya bari rarampas loba pisan.
14 Ari Amasia, mulihna tas ngelehkeun
urang Edom teh nyandak arca-arca brahala

musuh, seug ditangtung-tangtungkeun tuluy disembah, dikukusan.
15 PANGERAN bendu, tuluy ngutus hiji nabi
ka Amasia. Eta nabi miunjuk, "Ku naon Gusti
ngabakti ka aallahan batur, anu buktosna
teu tiasaeun nulungan para panganutna
digempur ku Gusti?"
16 Amasia gancang nempas, saurna, "Ti iraha
maneh ku kami diangkat jadi jurunasehat
raja? Repeh, bisi dipaehan ku kami!" Memeh
jep nabi teh ngawalon, "Parantos tetela
ayeuna, Gusti pinasti dihukum ku Allah, reh
parantos midamel kitu, sareng teu kersa
digeuing."
17 Amasia raja nagara Yuda geus rempug
jeung juru-juru nasehatna rek merangan
Israil. Tuluy ngajurung hiji utusan, nangtang
ka Yoas bin Yoahas bin Yehu, raja Israil.
18 Ku Yoas diwaler kieu ka Amasia, "Sakali
mangsa di Gunung Libanon, tangkal cucuk
ngirim pamenta ka tangkal kiputri, pokna,
Anak awewe andika ku kaula rek dipenta
keur pibojoeun anak kaula. Pareng aya sato
leuweung ngaliwat, tangkal cucuk rebah
kadupak.
19 Beu Amasia, ulah rasa maneh tas
ngelehkeun urang Edom. Ceuk kami mah
mending oge ngeunah-ngeunah cicing di
imah. Keur naon ngusik-ngusik pibalaieun,
anu bakal nyilakakeun andika jeung rahayat?"

20 Amasia teu kersa ngadangu. Dasar Amasia
kudu eleh dikersakeunana ku Allah, lantaran
geus ngabakti ka brahala-brahala urang
Edom.
21 Raja Yoas geus angkat rek merangan
Amasia raja Yuda, mokprok di Bet Semes
wewengkon Yuda.
22 Balad Yuda eleh, serdaduna kalabur ka
saimah-imahna.
23 Amasia ku Yoas ditangkep, dibawa ka
Yerusalem. Eta kota ku Yoas digempur, kutana
sapanjang meh dua ratus meter ti semet
Gapura Epraim nepi ka Gapura Juru rebah.
24 Emas jeung perak di jero Bait Allah,
paparabotan Bait Allah anu dijaga ku turunan
Obed Edom, kitu deui rajabrana karaton, ku
Yoas diakut kabeh ka Samaria, malah Yoas
nyandak sandera-sandera.
25 Sanggeus Yoas raja Israil pupus, Amasia
raja Yuda masih keneh aya yuswa lima welas
taun deui.
26 Lampah Amasia salian ti eta ti mimiti
marentah nepi ka tamat, kaungel dina Kitab
Babad Raja-raja Yuda jeung Israil.
27 Ti barang anjeunna belot ti PANGERAN
tea, di Yerusalem aya anu ngamusuh ka
anjeunna, nu matak anjeunna kabur ka Lakis.
Tapi ku musuhna disusul jeung ditelasan di
ditu.

28 Layonna dibawa ka Yerusalem kana kuda,
dikurebkeun di makam karajaan di Kota
Daud.
26 1 Geus kitu urang Yuda milih Usia,
putra Amasia anu yuswa genep welas
taun, dijenengkeun raja ngagentos ramana.
2 (Sanggeus Amasia ramana pupus, Usia
ngarebut deui kota Elat sarta diomean.)
3 Usia mimiti jumeneng raja dina yuswa
genep welas taun, ngarajaanana lima puluh
dua taun, calikna di Yerusalem. Jenengan
ibuna Yekolya urang Yerusalem.
4 Lampahna kawas lampah ramana,
sapagodos jeung manah PANGERAN.
5 Sapanjang aya keneh Jakaria,
jurunasehatna anu ibadah, anjeunna
ngabdi ka PANGERAN kalawan suhud, sarta
ku Allah diberkahan.
6 Hiji mangsa Usia angkat merangan urang
Pelisti. Kota Gat, Yamnia jeung Asdod,
kuta-kutana dirugrugkeun, tuluy ngadegkeun
kota-kota anu dibenteng deukeut Asdod
jeung di wewengkon lianna di Pelisti.
7 Anjeunna ku Allah dibantu ngelehkeun
urang Pelisti, urang Arab anu caricing di Gur
Baal, jeung urang Mehunim.
8 Urang Amon malayar upeti ka Usia.
Kakawasaanana beuki nambahan,
kamashuranana kauar-uar nepi ka Mesir.
9 Benteng-benteng Yerusalem ku anjeunna
ditohagaan, di luhur Gapura Juru jeung

Gapura Lebak kitu deui dina pepengkolanana diberean munara.
10 Di pategalan-pategalan oge ngadamelan munara jeung ngali sumur-sumur, kawantu loba pisan ingon-ingonna, boh di padataran luhur, boh di padataran handap di beulah kulon. Jeung ku sabab resepeun kana tatanen, anjeunna ngahatean rahayatna sina ngarebon anggur di pagunungan-pagunungan jeung marelakan tanah-tanah anu lendo.
11 Anjeunna kagungan balad gede anu siap maju jurit. Catetanana dicekel ku dua sekretaris anjeunna, Yiel jeung Maaseya, anu dikapalaan ku Hananya pangbantu raja.
12 Eta balad dicangking ku 2.600 perwira.
13 Prajuritna aya 307.000 urang anu palinter perang ngabela raja ti musuh-musuhna.
14 Ku Usia dipakarangan ku kepeng, tumbak, balakutak, baju kere, gondewa jeung jamparingna, jeung bandring.
15 Tukang-tukang cipta di Yerusalem dipiwarang nyieunan pakarang paranti mesat-mesatkeun jamparing, jeung paranti ngaguling-gulingkeun batu anu galede ti luhur munara jeung ti pepengkolan-pepengkolan kuta. Jenengan anjeunna kautarakeun ka mana mendi, kawasana liwat saking, sabab anjeunna kenging bantuan ti Allah.
16 Tapi sanggeusna jadi tohaga, Raja Usia jadi takabur, ngalantarankeun anjeunna cilaka. Anjeunna midamel peta anu ngalawan

ka PANGERAN Allahna, nya eta lebet ka Bait Allah seja ngukus ku anjeun dina altar.
17 Ku Imam Asarya disusul jeung dalapan puluh imam anu garagah,
18 rek dicegah. Saur aranjeunna, "Usia! Anjeun teu aya hak ngukus ka PANGERAN. Anu wenang ngan anu geus dibakukeun kana ngukus, nya eta imam-imam turunan Harun anu geus disucikeun. Gancang tinggalkeun ieu tempat anu suci. Anjeun geus nangtang ka GUSTI Allah. Anjeun moal meunang deui berkah-Na."
19 Usia geus ngadeg deukeut altar pangukusan di eta Bait Allah, geus nyepeng parukuyan. Anjeunna jadi bendu ka imam-imam. Dadak sakala harita keneh anjeunna katerap ku lepra dina taarna.
20 Asarya jeung imam-imam sejenna mencrong kana taar raja mani harookeun, tuluy maksa ngaluarkeun raja ti dinya. Raja gentak ka luar lantaran geus digebug ku PANGERAN.
21 Ti semet harita Raja Usia tetep najis ku tina kasawatna. Teu meunang lebet deui ka Bait Allah, nyingkur bae di bumina, misah, leupas tina sagala damel. Urusan nagara dipasrahkeun ka Yotam, putrana.
22 Sagala rupa ihtiar anjeunna sapanjang jumeneng raja diserat ku Nabi Yesaya putra Amos.

23 Sanggeus pupus, dikurebkeun di lahan
makam karajaan, tapi lain di makam paranti
raja-raja, da lepra tea. Yotam, putrana,
jumeneng raja ngagentos anjeunna.
27 1 Yotam mimiti jumeneng raja
dina yuswa dua puluh lima taun,
ngarajaanana genep welas taun, calikna di
Yerusalem. Jenengan ibuna Yerusa putra
Sadok.
2 Anjeunna midamel anu sapagodos jeung
manah PANGERAN, cara ramana. Ngan henteu
nurutan dosa anu dipidamel ku ramana,
anu ngukus ku anjeun di Bait Allah. Tapi ari
rahayat mah angger ngaralampahkeun dosa.
3 Nya Yotam anu ngadamel gapura anu
disebut Gapura Kaler, di Bait Allah. Kuta kota
Opel di wewengkon Yerusalem ku anjeunna
dipanjangan.
4 Di pagunungan-pagunungan Yuda
anjeunna ngadamel kota-kota. Di leuweung-
leuweung ngadamel benteng-benteng jeung
munara-munara.
5 Merangan jeung ngelehkeun raja Amon
sabaladna. Urang Amon salila tilu taun
dipaksa kudu mayar upeti unggal taun ku
perak 3.400 kilogram, jeung ku dua rupa
gandum masing-masing 1.000 ton.
6 Kakawasaan anjeunna terus nambahan
lantaran sumujud tur suhud ka PANGERAN
Allahna.

7 Kajadian-kajadian waktu anjeunna
ngarajaan, peperangan-peperangan jeung
siasat-siasatna, kabeh kaungel dina Kitab
Babad Raja-raja Israil jeung Yuda.
8 Waktu mimiti jumeneng raja, yuswana dua
puluh lima taun, ngarajaanana genep welas
taun, calikna di Yerusalem.
9 Sanggeus pupus dikurebkeun di Kota Daud.
Ahas, putrana, jadi raja ngagentos anjeunna.
28 1 Ahas mimiti jumeneng raja dina
yuswa dua puluh taun, ngarajaanana
genep welas taun, calikna di Yerusalem.
Lampahna teu cara lampah Raja Daud
karuhunna, henteu sapagodos jeung manah
PANGERAN,
2 nulad lampah raja-raja Israil. Ngadamelan
arca-arca Baal tina logam,
3 ngukus di Lebak Hinom, malah nepi
ka meuncit putrana ku anjeun, diduruk
dikurbankeun ka arca-arca sesembahanana,
kadorakaan anu biasana dilampahkeun
ku bangsa anu ku PANGERAN geus
disingkahkeun ti dinya, waktu urang Israil
mimiti daratang ka eta tanah.
4 Di tempat-tempat ngabakti ka brahala,
di pasir-pasir jeung di handapeun tangkal
anu ngararoyom Ahas nyembahkeun
kurban-kurban jeung kukus.
5 (28:5-6) Ku sabab Raja Ahas midamel
dosa, ku PANGERAN disina eleh ku raja nagara
Siria. Rahayat Yuda loba pisan anu diboyong

ka Damsik. Jeung ku PANGERAN disina eleh
ku Pekah bin Remalya raja Israil. Saratus
dua puluh rebu prajurit Yuda anu garagah
beak kasambut dina sapoe. PANGERAN, Allah
karuhunna anu ngersakeun kitu, sabab urang
Yuda geus mungkir ti Mantenna.
6 (28:5)
7 Aya hiji prajurit Israil ngaran Sikri, maehan
Maaseya putra Ahas, maehan Asrikam
kapala urusan karaton, jeung maehan Elkana
kapercayaan Raja Ahas.
8 Balad Israil geus teu ngingetkeun deui yen
urang Yuda teh dulurna, ngaboyong 200.000
urang awewe jeung barudak urang Yuda,
dikerid ka Samaria dijieun boyongan, jaba
barang-barang jarahan kacida lobana.
9 Di Samaria aya hiji nabi PANGERAN
jenenganana Oded, megat balad Israil anu
mawa boyongan urang Yuda, waktu eta balad
geus meh asup ka kota. Pok misaur kieu,
"Najan enya urang Yuda keur dibenduan
ku GUSTI Allah karuhun aranjeun nepi ka
disina eleh ku aranjeun, tapi Mantenna ge
waspaoseun yen aranjeun telenges, numpes
ka maranehna.
10 Urang Yuda jeung urang Yerusalem,
awewe, lalaki, ayeuna ku aranjeun rek dijieun
badega-badega. Na teu rumasa aranjeun oge
nyieun dosa ka PANGERAN, Allah aranjeun?
11 Reungeukeun kaula! Ieu boyongan teh,
nu lalaki, nu awewe, dulur-dulur aranjeun.

Pulangkeun! Lamun henteu, PANGERAN
tangtu bendu, nyiksa ka aranjeun."
12 Aya deui anu henteu satuju kana kalakuan
eta balad, opat kekentong Karajaan Kaler,
nya eta Asarya bin Yohanan, Berekya bin
Mesilemot, Yiskia bin Salum jeung Amasa bin
Hadlai.
13 Salaurna, "Ulah mawa boyongan ka dieu!
Urang teh geus nyieun dosa ka PANGERAN,
geus kacida matak benduna ka Mantenna nepi
ka urang disiksa. Kari-kari eta kadorakaan
teh ku aranjeun ditambahan ku ieu!"
14 Seug boyongan jeung barang-barang
jarahan teh ku eta balad dipasrahkeun ka nu
di darinya jeung ka para pamingpinna.
15 Ku anu opatan tea boyongan teh
dirawatan, dipakeanan ku papakean
tina barang jarahan, dibere tarumpah,
dibere dahar jeung nginum, raheut-
raheutna diulasan ku minyak jetun, tuluy
dialanteurkeun deui nepi ka Yeriho, kota
tangkal-tangkal korma di wewengkon Yuda.
Anu geus kacida lalungseeunana nepi ka
teu karuateun leumpang, ditarumpakkeun
kana kalde. Ti dinya urang Israil anu
ngalanteurkeunana baralik deui ka Samaria.
16 (28:16-17) Urang Edom mimiti ngabereg
deui ka nagara Yuda, baralikna ngagiring
boyongan loba pisan. Seug Raja Ahas mundut
bala bantuan ka Tiglat Pileser raja Asur.
17 (28:16)

18 Sabot kitu, kota-kota Yuda anu di
suku-suku gunung beulah kulon jeung di
wewengkon pakidulanana ditarajang ku urang
Pelisti. Kota-kotana loba anu karebut terus
diandih, nya eta Bet Semes, Ayalon, Gederot,
Soko, Timna jeung Gimso katut desa-desana.
19 Yuda ku PANGERAN disusuker, lantaran
Raja Ahas ngidek-ngidek hak rahayatna jeung
nganistakeun ka Mantenna.
20 Ari raja Asur ti batan nulung ka Ahas
anggur merangan, kacida ngarudetkeunana
ka anjeunna.
21 Ku sabab kitu Ahas nepi ka nyita emas ti
Bait Allah, ti karaton, jeung ti para pamingpin
rahayat, dianggo ngarurubaan ka raja Asur,
parandene kitu eta ge teu jadi pitulung.
22 Waktu kasusahanana meujeuhna muncak,
eta anu jenengan Ahas teh dorakana ka
PANGERAN beuki kacida,
23 ngurban ka arca-arca aallahan urang Siria,
bangsa anu geus ngelehkeunana. Da saurna,
"Raja-raja Siria ditulungan ku dewa-dewa
bangsana. Aing oge lamun ngurban ka eta
dewa-dewa tangtu ditulungan." Puguh dosana
anu eta anu ngalantarankeun anjeunna jeung
bangsana cilaka oge.
24 Malah anjeunna nyandakan paparabotan
Bait Allah, diancur-ancurkeun, sarta Bait Allah
terus ditutup, tuluy di sakuliah Yerusalem
anjeunna ngadegkeun altar-altar.

25 Di unggal kota jeung desa di Yuda,
anjeunna ngadeg-ngadegkeun tempat
ibadah ka brahala paranti ngukus ka
aallahan-aallahan bangsa batur. Lampahna
ngagebruskeun salira ku anjeun kana
bebendu PANGERAN, Allah karuhunna.
26 Kajadian-kajadian salian ti eta waktu
anjeunna jumeneng, ti awal nepi ka ahir,
kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda
jeung Israil.
27 Sanggeus pupus anjeunna dikurebkeun
di Yerusalem, tapi lain di makam paranti
raja-raja. Hiskia, putrana, jadi raja
gegentosna.
29 1 Hiskia mimiti jumeneng raja
dina yuswa dua puluh lima taun.
Ngarajaanana dua puluh salapan taun, calikna
di Yerusalem. Jenengan ibuna Abia, putra
Jakaria.
2 Lampah anjeunna saperti lampah Daud
karuhunna, sapagodos jeung manah
PANGERAN.
3 Dina bulan kahiji taun jumenengna, Raja
Hiskia muka deui lawang-lawang Bait Allah,
sakalian diomean.
4 Anjeunna ngumpulkeun imam jeung urang
Lewi di buruan Bait Allah beulah wetan,
5 tuluy ngadawuh, "Maraneh urang Lewi
geura susuci. Sucikeun ieu Bait Allah, gedong
PANGERAN Allah karuhun maraneh. Sagala
barang anu ngotoran ieu Bait Allah piceunan.

6 Karuhun urang geus barelot ti PANGERAN,
Allah urang. Mantenna ngaraos teu suka.
Maranehna geus malungkir ti Mantenna,
narukangan ka tempat panglinggihana-Na.
7 Lawang-lawang Bait Allah ditutup, lampu-
lampuna dipareuman, tara ngahaturkeun
kukus, tara ngahaturkeun kurban beuleuman
di ieu Bait Allah, gedong Allah Israil.
8 Nu matak PANGERAN teh bendu ka Yuda
jeung ka Yerusalem. Hukuman anu katarima
ku aranjeunna matak sieun sarerea. Maraneh
tangtu geus teu bireuk deui kana hal eta.
9 Karuhun urang tariwas di pangperangan,
anak bojo urang digiring dijaradikeun
boyongan.
10 Ayeuna kami seja nyieun ikrar ka
PANGERAN Allah Israil, mugia bendu-Na ka
urang ulah kateterasan.
11 Anaking kabeh! Ulah ngahahambur deui
waktu. Maraneh teh ku PANGERAN geus
dibakukeun purah ngukus ka Mantenna
jeung purah mingpin rahayat ngabarakti ka
Mantenna."
12 (29:12-14) Urang Lewi anu harita araya
di dinya nya eta: Mahat bin Amasai jeung
Yoel bin Asarya, ti golongan Kahat. Kis bin
Abdi jeung Asarya bin Yehalelel, ti golongan
Merari. Yoah bin Simna jeung Eden bin Yoah,
ti golongan Gerson. Simri jeung Yehiel, ti
golongan Elisapan. Jakaria jeung Matanya,
ti golongan Asap. Yehuel jeung Simei, ti

golongan Heman. Semaya jeung Usiel, ti
golongan Yedutun.
13 (29:12)
14 (29:12)
15 Maranehna ngumpulkeun urang
Lewi lianna, tuluy kabeh susuci.
Prak ngaralampahkeun timbalan raja,
ngaberesihan Bait Allah, nurutkeun papakon
Hukum PANGERAN.
16 Ari para imam arasup ka Bait Allah, seja
nyucikeun eta. Sagala barang anu matak najis
kana Bait Allah dikaluar-luarkeun, ditumpuk
di buruanana. Ti dinya terus diakutan ku
urang Lewi ka luareun kota, ka Lebak Kidron.
17 Eta pagawean dimimitian ti tanggal hiji
bulan kahiji, anggeusna dina tanggal dalapan,
kaasup jeung ngomean lawang asup ka
rohangan Bait Allah. Geus kitu disambung
deui dalapan poe nepi ka tanggal genep
welas, dipake tatahar geusan ngabakti di Bait
Allah.
18 Ti dinya urang Lewi ngunjukkeun
hasil gawena ka Raja Hiskia, piunjukna,
"Padamelan abdi sadaya parantos rengse.
Bait Allah sakurilingna parantos pulih deui,
suci deui, kitu keneh altar paranti ngaduruk
kurban, sareng meja paranti roti suci katut
paparabotanana.
19 Paparabotan anu ku Raja Ahas disingkah-
singkahkeun waktos anjeunna mungkir
ti Allah tea, ku abdi sadaya parantos

diwangsul-wangsulkeun sareng parantos
disanggakeun deui. Sadayana aya, caket altar
PANGERAN."
20 Raja Hiskia teu talangke ngumpulkeun
para kekentong, tuluy arangkat ka Bait Allah,
21 nyandak sapi tujuh siki, domba tujuh
siki, anak domba tujuh siki, jeung embe jalu
tujuh siki, kurbankeuneun pikeun nebus dosa
raja sakulawarga, dosa urang Yuda, jeung
pikeun nyucikeun Bait Allah. Raja nimbalan
ka para imam turunan Harun, sina mimiti
ngurbankeun eta sato-sato kana altar.
22 Para imam meuncitan pikurbaneun.
Mimitina sapi heula, tuluy domba, tuluy anak
domba. Getihna dikepret-kepret kana unggal
kurban dina altar.
23 Ahirna, imam-imam teh nyokot embe-
embe, dibawa ka payuneun raja jeung ka
jelema-jelema anu keur ngabarakti, tuluy raja
jeung jalma rea narumpangkeun leungeunna
ka eta embe-embe.
24 Tuluy embe-embe teh dipeuncitan ku para
imam, getihna dikepret-kepret kana altar,
jadi kurban pamupus dosa rahayat, karana
timbalan raja eta kurban-kurban beuleuman
jeung kurban pamupus dosa teh pikeun nebus
dosa sakumna bangsa Israil.
25 Raja ngajalankeun aturan-aturan anu ku
PANGERAN geus diandikakeun ka Daud ku
jalan Gad, nabi raja, jeung ku jalan Nabi
Natan. Anjeunna nempatkeun urang Lewi

di Bait Allah, purah narabeuh kacapi jeung kecrek,
26 tatabeuhan anu sok dipake dina jaman Daud. Para imam nyarekel tarompet, narangtung.
27 Raja Hiskia miwarang ngamimitian nyanggakeun kurban-kurban beuleuman. Prak dimimitian nyanggakeun, breng pakumpulan maruji ka PANGERAN, dipirig ku tarompet jeung tatabeuhan lianna.
28 Kabeh ngabarakti, maruji, tatabeuhan terus, nepi ka kurban-kurban beres disanggakeun.
29 Geus kitu Raja Hiskia sideku, kitu deui anu sejen, nyanggakeun hormat ka Allah.
30 Urang Lewi ku raja jeung ku para pamingpin bangsa dipiwarang nyanggakeun pupujian ka PANGERAN, tina pupujian karangan Daud jeung karangan Nabi Asap. Breng maruji bari sarideku dibarengan ku suka, ngabarakti ka Allah.
31 Raja Hiskia nimbalan ka pakumpulan, dawuhanana, "Ayeuna maraneh geus bareresih. Prak geura nyaranggakeun kurban panarima ka PANGERAN." Seug pakumpulan nyanggakeun kurban. Aya anu kalawan sukana pribadi marere sato pikurbaneun,
32 sapi tujuh puluh, domba saratus, anak domba dua ratus, kabeh pikeun kurban beuleuman kangge PANGERAN.

33 Aya oge anu marere keur peunciteun baris
dahareun sarerea, sapi genep ratus, domba
tilu rebu.
34 Ku sabab kakurangan imam anu kudu
meuncitan eta sato-sato sakitu lobana, seug
dibarantuan ku urang Lewi nepi ka anggeus.
Para imam lianna loba anu ngadadak susuci
supaya barisa mantuan. (Dina hal susuci diri,
urang Lewi leuwih tigin ti batan para imam.)
35 Kajaba ti kudu nyanggakeun kurban-
kurban anu dibeuleum weuteuh baris
dahareun jalma rea, para imam teh kudu
ngaduruk gajih sato-sato tea, jeung kudu
ngucuran kurban-kurban beuleuman ku
cianggur. Ku jalan kitu hal ngabakti di Bait
Allah teh mimiti diayakeun deui.
36 Raja Hiskia suka galih, jalma rea
bararungah, reh kalawan pitulung Allah eta
pagawean bisa gancang rengse.
30 1 Raja Hiskia nyebarkeun parentah ka
sakumna bangsa Israil jeung Yuda,
supaya daratang ka Bait Allah di Yerusalem,
pikeun nedunan Paska jeung ngahormat
ka PANGERAN, Allah Israil. Urang Epraim
jeung urang Menase mah malah diperlukeun
disuratan.
2 Raja, para pajabatna jeung pagempungan
di Yerusalem barempug. Paska teh
dilampahkeunana arek dina bulan kadua bae,
3 sabab teu kaburu dina waktuna, bulan
kahiji, lantaran para imam tacan kabeh susuci

diri, jeung jalma-jalma ge tacan loba anu kumpul di Yerusalem.
4 Raja geus satuju, kitu deui pagempungan,
5 tuluy ngondang sakumna bangsa Israil ti Dan di kaler nepi ka Bersyeba di kidul, diajak nedunan Hukum Musa, diajak babarengan ngalampahkeun Paska, ngarah eta Paska leuwih loba anu nungkulanana ti batan nu enggeus-enggeus.
6 Para utusan riab ka sakuliah Yuda jeung Yerusalem ngemban parentah raja jeung ponggawa-ponggawana, nyebarkeun surat ondangan anu kieu ungelna, "Eh urang Israil anu saralamet waktu ieu nagara dielehkeun ku urang Asur, geura marulang ka PANGERAN, Allah Ibrahim, Ishak jeung Yakub. Mantenna tangtu nyarengan deui.
7 Ulah kawas karuhun jeung urang Israil anu lianna, anu barelot ti PANGERAN Allahna, da aranjeun terang geuning maranehna disiksa ku Mantenna sakitu bangetna.
8 Ulah baredegong kawas eta. Sing nurut ka PANGERAN. Hiap daratang ka Bait Allah di Yerusalem, anu ku PANGERAN geus disucikeun salalanggengna. Geura ngabarakti ka Mantenna, sangkan henteu dibenduan deui.
9 Upama aranjeun marulang ka PANGERAN, baraya-baraya aranjeun anu dibaroyong teh tangtu bakal dipikarunya ku anu ngaboyongna nepi ka diparulangkeun deui. PANGERAN

Allah aranjeun teh sipat rahman sipat rahim,
tangtu kersaeun nampi ka aranjeun, di mana
aranjeun aranut deui ka Mantenna."
10 Saban kota wewengkon Epraim jeung
Menase, nepi ka tungtung kaler di wewengkon
kaom Sebulun, kabeh didatangan ku para
utusan. Tapi ngan ngadon disaleungseurikeun
jeung diparoyok ku urang dinya.
11 Parandene kitu teu burung aya sawatara
jalma kaom Aser, Menase jeung Sebulun, anu
daraekeun daratang ka Yerusalem.
12 Jeung deui urang Yuda ku Allah disina
sahate satujuan aranut kana pangersa-Na,
narurut kana parentah raja jeung para
ponggawana.
13 Dina bulan kadua, jalma-jalma ambreg ka
Yerusalem kacida lobana, seja ngalakonan
Pesta Roti Teu Make Ragi.
14 Altar-altar di Yerusalem anu sok diparake
ngurban jeung ngukus ku maranehna
disingkir-singkirkeun, dipiceun ka Lebak
Kidron.
15 Tuluy dina tanggal opat welasna mareuncit
anak domba pikeun kurban Paska. Para imam
jeung urang Lewi anu henteu susuci kacida
areraeunana, tuluy bae susuci ngabdikeun
diri ka PANGERAN,
16 tuluy merenahkeun maneh di Bait Allah,
dina parantina, sakumaha aturan dina Hukum
Musa abdi Allah tea. Getih sato-sato kurban

ku urang Lewi diasongkeun ka para imam
sina dikepret-kepret kana altar.
17 Loba pisan jelema anu henteu prak
sorangan meuncit anak domba pikeun Paska
lantaran henteu susuci. Anu matak ditalangan
ku urang Lewi dipangmeuncitkeun terus
disucikeun ka PANGERAN.
18 Sajaba ti eta anu henteu nyarucikeun diri
heula teh loba keneh, jalma-jalma ti kaom
Epraim, Menase, Isaskar jeung Sebulun, jadi
henteu sah marilu Paska. Anu matak ku Raja
Hiskia dipangnedakeun ka PANGERAN,
19 "Nun PANGERAN, Allah karuhun abdi
sadaya, mugi ieu jalmi-jalmi anu ngabarakti
ka Gusti kalayan hate anu suhud, ku Gusti
dihapunten sanaos maranehna teu acan
susuci diri."
20 Paneda Hiskia ku PANGERAN dikabul,
jelema-jelema teh ku Mantenna dihampura,
henteu aya sakara-kara.
21 Jalma-jalma karumpulna di Yerusalem
tujuh poe, ngalakonan Pesta Roti Teu Make
Ragi. Sajeroning kitu unggal-unggal poe
urang Lewi jeung para imam nyanggakeun
paneda ka PANGERAN kalawan suhud.
22 Urang Lewi ku raja dipuji kabinangkitanana
ngatur eta upacara ngabakti ka PANGERAN.
Sanggeus anu tujuh poe wekasan, anu
dieusi ku nyanggakeun kurban-kurban
beuleuman jeung pupujian ka PANGERAN
Allah karuhunna,

23 jalma-jalma kabeh rempug rek neruskeun
pesta tujuh poe deui. Seug nareruskeun
pesta, kacida aratoheunana.
24 Raja Hiskia nyumbangkeun sapi sarebu
jeung domba tujuh rebu, peunciteun
jeung dahareun sarerea. Para ponggawa
nyumbangkeun sapi sarebu jeung domba
sapuluh rebu. Para imam loba anu kudu terus
nyarucikeun diri.
25 Jalma-jalma barungah, urang Yuda, para
imam, urang Lewi, urang wewengkon kaler,
kitu deui jelema-jelema anu ngadon tetep di
Israil jeung Yuda.
26 Kota Yerusalem pinuh ku bagja, lantaran ti
jaman Raja Suleman putra Daud kakara aya
deui pesta anu rongkah kitu.
27 Para imam jeung urang Lewi nyarambat
berkah PANGERAN mangnedakeun jalma
rea. Panedana ku Allah dimakbul ti sawarga
panglinggihana-Na.
31 1 Sabada pesta wekasan, sakumna
bangsa Israil ngadatangan kota-kota
Yuda, ngancur-ngancurkeun tugu-tugu
brahala, nyacar arca-arca Asera, ngaburak-
barik tempat-tempat ngabakti ka brahala
jeung altar-altarna. Kabeh dieuweuhkeun
ti sakuliah Yuda, kitu deui ti wewengkon-
wewengkon Binyamin, Epraim, jeung Menase.
Geus kitu kakara maranehna baralik ka
tempatna masing-masing.

2 Para imam jeung urang Lewi ku Raja Hiskia
diatur deui, dijieun rombongan-rombongan.
Tiap rombongan boga papancen anu baku
keur rombonganana, kayaning: metakeun
kurban beuleuman, kurban karapihan,
ngabantu ngalaksanakeun kumpulan ibadah
di Bait Allah, nyanggakeun pupujian jeung
pangucap sukur di ditu di dieu di Bait Allah.
3 Raja Hiskia nyayagikeun sato-sato kurban
tina kagunganana ku anjeun, pikeun kurban
beuleuman isuk jeung sore, pikeun kurban
unggal poe Sabat, unggal poe Pesta Bulan
Anyar, jeung pikeun kaperluan poe-poe suci
salian ti eta anu dimistikeun ku Hukum
PANGERAN.
4 Jeung deui timbalan raja, urang Yerusalem
kudu marere derma ka para imam jeung
urang Lewi, sangkan maranehna jongjon
jeung suhud ngajaralankeun papancen-
papancen anu dimistikeun dina Hukum
PANGERAN.
5 Meunang parentah kitu urang Israil gancang
narurut. Para imam jeung urang Lewi pada
marawakeun, gandum panghadena, cianggur,
minyak jetun, madu jeung hasil bumi lianna,
jaba marawakeun perpuluhan tina sagala
kabogana.
6 Jalma-jalma anu caricing di kota-kota
Yuda, kabeh marere perpuluhan tina sapina
jeung dombana, jaba derma-derma lianna

kacida lobana, beunang misahkeun ti anu dibaktikeun ka PANGERAN Allahna.
7 Dina bulan anu katilu, sumbangan-sumbangan mimiti merul, kitu bae saterusna nepi ka opat bulan, datang ka ngunung-ngunung.
8 Raja Hiskia jeung para ponggawa ngarucap sukur ka PANGERAN, reh ningali barang-barang sumbangan sakitu lobana, sarta maruji ka urang Israil.
9 Raja cacarios ka para imam jeung urang Lewi perkara eta sumbangan.
10 Asarya, Imam Agung, turunan Sadok, unjukan kieu ka anjeunna, "Ti wangkid jalmi-jalmi ngawitan ngabarantun sumbangan ka Bait Allah, tedaeun abdi sadaya kalintang cekapna, tur sakitu seueurna keneh. Eta sadaya hibar berkahing PANGERAN ka umat-Na."
11 Ku timbalan raja maranehna nyieun gudang-gudang di lingkungan Bait Allah;
12 barang-barang sumbangan jeung perpuluhan teh disimpen di dinya supaya aman. Tuluy ku raja jeung Imam Agung Asarya dicangkingkeun ka hiji urang Lewi ngaran Konanya, dibantu ku adina anu ngaran Simei,
13 ngabawah sapuluh urang deui urang Lewi nya eta: Yehiel, Asasia, Nahat, Asahel, Yerimot, Yosabad, Eliel, Yismakya, Mahat jeung Benaya. Nohonan satimbalan raja

jeung Imam Agung Asarya, eta sakabehna ku
maranehna dilaksanakeun.
14 Kore bin Yimna, urang Lewi kapala
jaga lawang Bait Allah di Gapura Wetan,
dikawasakeun narimaan barang-barang
pangbakti ka PANGERAN jeung ngabagi-
bagikeunana.
15 Di kota-kota sejen tempat pamukiman
para imam, manehna boga pangbantu-
pangbantu anu saratia, urang Lewi keneh,
nya eta: Eden, Minyamin, Yesua, Semaya,
Amarya jeung Sekanya, purah ngabagikeun
bahan dahareun kalawan walatra ka papada
urang Lewi, nurutkeun kumaha papancenna,
16 lain nurutkeun golongan-golonganana.
Sakabeh lalaki anu umur tilu puluh taun
ka luhur, anu kagiliran tugas saban poe di
Bait Allah, eta oge dibarerena bagian teh
masing-masing ku karana papancenna.
17 Para imam diaturna nurutkeun
golonganana, ari urang Lewi anu umurna
dua puluh taun ka luhur diaturna nurutkeun
rombonganana.
18 Eta mah didaptarna jeung saanak
bojona katut sakur anu jadi tanggunganana,
lantaran kudu sayaga saban waktu pikeun
ngajalankeun tugas-tugas suci.
19 Di unggal kota jeung sampalanana
anu diajangkeun keur turunan Harun, aya
imam-imam anu dikawasakeun ngabagikeun
bahan dahareun ka sakabeh kulawarga imam

anu lalaki jeung ka sakur anu asup kana daptar golongan-golongan Lewi.
20 Di sakuliah Yuda, Raja Hiskia midamel anu sapagodos jeung manah PANGERAN Allahna.
21 Sagala ihtiarna pikeun kapentingan Bait Allah jeung pikeun ngalaksanakeun papakon PANGERAN, dijalankeunana kalawan manah anu suhud, satia, taat ka anu jadi Allahna, nu matak sagala damelna lulus.
32 1 Sanggeus kitu, sajeroning Raja Hiskia suhud junun kumawula ka PANGERAN, Yuda dirurug ku Raja Sanherib ti Asur. Kota-kota bentengna ku Sanherib dikepung, kuta-kutana dipiwarang dibobolkeun ku baladna.
2 Barang Hiskia uninga yen Sanherib arek terus ngarurug ka Yerusalem,
3 (32:3-4) anjeunna jeung para ponggawana mutuskeun rek ngurugan cinyusu-cinyusu luareun kota, supaya lamun balad Asur geus ngadeukeutan Yerusalem ulah maranggih cai. Seug cinyusu-cinyusu teh diarurugan ku jalma rea, dikapalaan ku para ponggawa, caina teu bijil deui.
4 (32:3)
5 Hahalang-hahalang kota ditohagaan, kuta-kuta diomean, jeung di luhurna diadegan munara-munara, malah kutana ditambah jadi dua lapis. Benteng-benteng di wewengkon Yerusalem heubeul oge diomean,

sarta anjeunna ngadamelan tumbak jeung kepeng loba pisan.
6 Urang kota ku anjeunna dipiwarang kumpul di alun-alun deukeut lawang kota, dikapalaan ku para perwira. Geus kitu ditimbalan kieu,
7 "Sing taleger, sing galede hate, ulah sieun ku raja Asur sabaladna. Urang teh dibanding ku kakuatan anu leuwih ti itu.
8 Kakuatan itu kakuatan manusa, kakuatan urang mah salira PANGERAN, Allah urang, anu bakal mitulung ka urang, mangmerangankeun." Ngadarenge panglelemu rajana kitu rahayat taleger hatena.
9 Geus kitu aya anu daratang ka Hiskia jeung urang Yuda di Yerusalem, para utusan Sanherib anu harita aya di Lakis sabalad-balad, nepikeun timbalan kieu,
10 "Kami Sanherib raja Asur arek nanya. Naon andelan maraneh mana caricing keneh di Yerusalem sakitu enggeus kakepung?
11 Carek Hiskia maraneh bakal luput ti kami, majar bakal disalametkeun ku PANGERAN Allah maraneh. Saenyana maraneh ku Hiskia rek disina paraeh langlayeuseun jeung halabhab,
12 da manehna geus ngaburak-barik kuil-kuil PANGERAN reujeung altar-altarna. Jeung carekna, urang Yuda jeung urang Yerusalem kudu muja jeung ngukus dina hiji altar bae.

13 Na acan nyaraho wewesen karuhun
kami jeung wewesen kami pribadi ka
bangsa-bangsa sejen? Karah aya dewa-dewa
bangsa-bangsa lian anu bisa nyalametkeun
umatna ti raja Asur?
14 Karah iraha aya dewa eta nagri-nagri
anu geus bisa ngajait nagrina ti kami? Jadi
pangira maraneh bakal disalametkeun ku
Allah maraneh teh naon dasarna?
15 Ulah beunang kawujuk atawa kabobodo
ku Hiskia! Omonganana ulah diandel! Taya hiji
dewa anu geus bisa ngarahayukeun umatna ti
leungeun raja Asur anu mana bae. Anu matak
sing percaya ka kami, allah maraneh oge
pamohalan bisaeun nulungan ka maraneh!"
16 Ucap-ucapan eta utusan-utusan bangsa
Asur anu ngaromongkeun ka GUSTI Allah
jeung ka Hiskia kaula PANGERAN kacida
garihalna.
17 Ungel surat raja Asur tea nganistakeun
ka PANGERAN, Allah Israil. Kekecapanana,
"Dewa-dewa nagri-nagri lian geus teu
barisaeun nulungan umatna tina kakawasaan
kami. Allahna Hiskia oge pamohalan bisaeun
nulungan umatna tina kakawasaan kami."
18 Eta utusan-utusan ngaromongna ku
basa Ibrani jeung dihaja ditarikkeun, dipake
ngageretak urang Yerusalem anu reuteum
dina luhur kuta, sina laleungit wawanen
ngarah eta kota leuwih babari direbutna.

19 Allahna Yerusalem ku musuh
diaromongkeun, disaruakeun jeung
dewa-dewa bangsa-bangsa sejen buatan
leungeun manusa.
20 Raja Hiskia jeung Nabi Yesaya putra Amos
sasambat tarik ka Allah, neda pitulung.
21 Ti dinya PANGERAN ngutus hiji malaikat,
anu terus niwaskeun serdadu-serdadu
jeung para senapati balad Asur. Raja Asur
gancang mulih ka nagarana bari nandang
wirang. Dina hiji poe sabot keur aya di kuil
dewana, anjeunna dipaehan ku pedang, ku
putra-putrana keneh.
22 Ku jalan kitu PANGERAN ngaluputkeun
Raja Hiskia jeung urang Yerusalem tina
kakawasaan Sanherib raja Asur, kitu deui
ti musuh-musuh lianna. Umat Mantenna
dikertakeun ti sakabeh nagri tatanggana.
23 Geus kitu jalma-jalma merul ka Yerusalem,
nyaranggakeun pangbakti ka PANGERAN
jeung ka Raja Hiskia. Ti semet harita Raja
Hiskia pada ngajenan ku sakabeh bangsa.
24 Dina hiji mangsa Raja Hiskia teu damang
datang ka meh pupus. Seug anjeunna
neneda, sarta ku PANGERAN dipaparin tanda
yen bakal damang.
25 Tapi Hiskia ngaraos henteu perlu kudu
muji sukur nganuhunkeun kana kasaean
PANGERAN ka anjeunna, manahna jadi
angkuh, anu ngalantarankeun Yuda jeung
Yerusalem nandangan bebendu Mantenna.

26 Tapi ahirna mah anjeunna rumaoseun
kana kaangkuhanana, kitu deui urang
Yerusalem ngararendahkeun maneh. Nu
matak sapanjang Hiskia jumeneng mah
maranehna henteu dikeunaan siksaan.
27 Raja Hiskia jadi kacida beungharna tur
pada mikaserab ku unggal jalma. Anjeunna
ngadamel tempat-tempat panyimpenan
pikeun nyimpen rajabranana, emas, perak,
permata-permata, wawangian, kepeng-
kepeng jeung rupa-rupa deui salian ti
eta.
28 Jeung ngadamel gudang-gudang keur
nyimpen kakayaan lianna, gandum, cianggur
jeung minyak jetun. Ngadamel kandang-
kandang keur sapi-sapina, ngadamel
karapyak keur domba-dombana.
29 Jaba ti nu geus aya, anjeunna ku
PANGERAN dipaparin deui domba jeung sapi,
kitu deui raja kaya lianna teu kira-kira lobana,
nepi ka iasa ngadamel kota-kota loba pisan.
30 Raja Hiskia mendet cai anu ngocor ti
cinyusu Gihon, dikocorkeun kana susukan
nembus torowongan anu brasna ka jeroeun
kuta Yerusalem. Hiskia lulus dina sagala
damelna.
31 Malah basa aya utusan-utusan Babul
anu rek marenta katerangan perkara tanda
ajaib tea di eta nagara, anjeunna ku Allah
diingkeun midamel sakersana, ngan diuji

bae wungkul sangkan kauninga saeusining manahna.
32 Sagala hal anu dipidamel ku Raja Hiskia
jeung hal suhudna ka PANGERAN, kaungel
dina Kitab Titingalian Nabi Yesaya putra
Amos, jeung dina Babad Raja-raja Yuda jeung
Israil.
33 Sanggeus pupus dikurebkeun di makam
karajaan beulah girang. Pupusna kacida
dihormat-hormatna ku urang Yuda jeung
urang Yerusalem. Geus kitu Menase putrana
jumeneng raja ngagentos anjeunna.
33 1 Menase mimiti jumeneng raja nagara
Yuda dina yuswa dua welas taun.
Ngarajaanana lima puluh lima taun, calikna di
Yerusalem.
2 Lampahna matak giruk, kawas lampah
bangsa-bangsa anu geus disingkahkeun
ku PANGERAN ti eta tanah waktu umat-Na
daratang ka dinya.
3 Anjeunna ngadegkeun deui tempat-tempat
ngabakti ka brahala anu ku Hiskia, ramana,
geus diburak-barik. Ngadamel altar-altar
paranti muja ka Baal, ngadamel arca-arca
Asera, jeung nyembah ka bentang-bentang.
4 Di Bait Allah ge, tempat anu ku PANGERAN
dipilih salalanggengna paranti ngabakti ka
Mantenna, ngadegkeun altar-altar brahala.
5 Buruan Bait Allah duanana diadegan
altar-altar paranti muja ka bentang-bentang.

6 Malah anjeunna meuncit putrana di Lebak
Hinom, diduruk dikurbankeun. Metakeun
elmu ngaramal, elmu sihir, jeung sok menta
nasehat ka tukang-tukang metangan jeung
tukang-tukang manggil arwah. Dorakana ka
PANGERAN teh nataku, matak bendu.
7 Bait Allah diteundeunan arca, teu tolih geus
aya timbalan Allah ka Daud jeung Suleman
yen: "Ieu tempat, di Yerusalem, di ieu Bait
Allah, ku Kami dipilih ti sakabeh wewengkon
dua welas kaom Israil, paranti ngabakti ka
Kami.
8 Saupama urang Israil narurut kana
timbalan-timbalan Kami, parengkuh kana
hukum anu ku Musa abdi Kami geus
diajangkeun ka maranehna, ku Kami moal
dibikeun aya anu nyingkahkeun ti ieu
tanah anu ku Kami geus diserenkeun ka
karuhunna."
9 Urang Yuda ku Menase disasabkeun, datang
ka jadi leuwih doraka ti batan bangsa-bangsa
anu ku PANGERAN geus disingkahkeun ti
tanah eta, waktu umat-Na mimiti daratang ka
dinya.
10 Menase jeung rahayatna ku PANGERAN
dielingan, tapi henteu narurut.
11 Nu matak Yuda teh ku PANGERAN diantep
dirurug ku balad Asur. Menase ku musuh
dicerek make kakait tuluy dirante, jeung
diboyong ka Babul.

12 Sanggeusna sangsara, anjeunna
ngarendahkeun salira sarta tobat ka
PANGERAN Allahna, sasambat ka Mantenna
mundut pitulung.
13 Panyambatna ku Allah ditampi, dimakbul,
tuluy dipulangkeun ka Yerusalem sarta
ngarajaan deui. Ayeuna Menase yakin yen
PANGERAN teh Allah.
14 Sanggeus kitu, kuta jajaran luar di
wetaneun Kota Daud ku Menase diluhuran,
mimiti ti hiji tempat di hiji lebak deukeut
cinyusu Gihon, terus ka kaler nepi ka Gapura
Lauk jeung wewengkon hiji kota anu disebut
Opel. Di unggal kota benteng di Yuda,
Menase nempatkeun pasukan-pasukan anu
masing-masing dibawah ku hiji perwira.
15 Aallahan-aallahan bangsa lian jeung
arca-arca anu bareto ku anjeunna ditempat-
tempatkeun di Bait Allah, kitu deui altar-altar
brahala di luhur pasir tempat Bait Allah
ngadeg, jeung anu di tempat-tempat sejen di
Yerusalem, ku anjeunna disingkir-singkirkeun
kabeh ka luareun kota, dipiceun.
16 Altar-altar paranti ngabakti ka PANGERAN
diomean, seug anjeunna nyanggakeun kurban
panarima jeung kurban pamuji sukur dina eta
altar. Urang Yuda ditimbalan ngabarakti ka
PANGERAN Allah Israil.
17 Jalma-jalma najan ngalurbanna masih
keneh di tempat-tempat sejen, tapi
ditujukeunana mah ka PANGERAN.

18 Sagala hal anu dijalankeun ku Menase,
hal sasambatna ka Allahna, hal amanat ilahi
anu ku nabi-nabi diunjukkeun ka anjeunna
kalawan nyebut jenengan PANGERAN Allah
Israil, kabeh kaungel dina Kitab Babad
Raja-raja Israil.
19 Ari hal paneda raja, hal waleran Allah kana
panedana, hal dosa-dosana, kadorakaanana
samemeh tobat, halna ngadegkeun tempat-
tempat ngabakti ka brahala, halna ngadamel
arca-arca Asera, halna ngadamel arca-arca
brahala jeung tuluy disembah, kabeh kaungel
dina Kitab Carita Para Nabi.
20 Menase pupus, dikurebkeun di lingkungan
karaton, sarta Amon putrana jadi raja
gegentosna.
21 Amon mimiti jadi raja nagara Yuda dina
yuswa dua puluh dua taun. Ngarajaanana dua
taun, calikna di Yerusalem.
22 Lampahna cara lampah Menase, ramana,
midamel dosa ka PANGERAN jeung nyembah
ka brahala-brahala anu bareto disembah ku
ramana.
23 Tur anjeunna mah henteu terus
ngarendahkeun anjeun cara ramana, sarta
dorakana leuwih-leuwih ti batan ramana.
24 Anjeunna ditelasan di karaton ku
ponggawa-ponggawana.
25 Tapi anu nelasanana oge kabeh dipaehan
ku urang Yuda, sarta urang Yuda tuluy

ngajenengkeun Yosia putrana ngagentos anjeunna.

34 [1] Yosia mimiti jumeneng raja Yuda dina yuswa dalapan taun. Ngarajaanana tilu puluh hiji taun, calikna di Yerusalem.
[2] Anjeunna midamel anu sapagodos jeung manah PANGERAN, nulad lampah Raja Daud karuhunna, sakuat-kuat ngalakonan sagala papakon Allah.
[3] Sanggeus jadi raja, dina taun kadalapanna, Yosia anu anom keneh pisan teh geus mimiti ngajalankeun ibadah ka Allah panutan Raja Daud karuhunna. Heuleut opat taun deui anjeunna mimiti ngagempur tempat-tempat ngabakti ka brahala, numpes arca-arca Asera jeung arca-arca brahala salian ti eta.
[4] Anjeunna metakeun jalma-jalmana ngaruksakkeun altar-altar paranti ngabakti ka Baal, ngancurkeun altar-altar parukuyanana sakurilingeun eta. Arca-arca Asera kitu deui arca-arca sesembahan lianna dibebekan nepi ka jadi tipung, tuluy diawurkeun ka kuburan jelema-jelema anu keur harirupna sok ngalurban di dinya.
[5] Tulang-taleng para imam brahala ku anjeunna diduruk dina altar-altar urut maranehna ngabakti. Ku jalan kitu Yuda jeung Yerusalem ku anjeunna disina beresih deui.
[6] Kota-kota jeung wewengkon-wewengkon tarikolot di tanah Menase, Epraim jeung

Simeon, terus nepi ka tanah Naptali di kaler,
eta oge ku anjeunna dikitukeun.
7 Altar-altar jeung arca-arca Asera di sakuliah
wewengkon Karajaan Kaler ku anjeunna
dilebur-leburkeun, brahala-brahalana
dibubukkeun nepi ka jadi lebu, altar-
altar parukuyanana diremuk-remukkeun.
Sanggeus kitu kakara anjeunna mulih deui ka
Yerusalem.
8 Dina taun kadalapan belas
pamarentahanana, sabada nyucikeun
tanah jeung Bait Allah ku jalan numpes
kabiasaan ibadah ka brahala, Raja Yosia
miwarang ngomean Bait Allah ka tilu jelema,
Sapan bin Asalya, Maaseya, gupernur
Yerusalem, jeung Yoah bin Yoahas, gegeden
luhur.
9 Duit anu dikumpulkeun di Bait Allah ku para
pangawal tea dipasrahkeun ka Imam Agung
Hilkia. (Eta duit teh beunang ngumpulkeun
ti urang Epraim, ti urang Menase jeung ti
urang Karajaan Kaler salian ti eta, kitu deui ti
urang Yuda, ti urang Binyamin jeung ti urang
Yerusalem.)
10 Tuluy ku Imam Agung Hilkia diserenkeun
ka anu tiluan tea anu kudu makihikeun
ngomean Bait Allah. Ku maranehna
diserenkeun
11 ka tukang-tukang kayu jeung tukang-
tukang ngadegkeun, sina dibalanjakeun
meuli kayu jeung batu keur ngomean

adegan-adegan anu bareto diraruksak ku raja-raja Yuda.
12 Anu migawe eta pagawean kabeh jelema jujur, dikapalaan ku opat urang Lewi: Yahat jeung Obaja ti golongan Merari, Jakaria jeung Mesulam ti golongan Kahat. (Urang Lewi teh palinter nabeuh.)
13 Urang Lewi salian ti eta gawena ngatur anu ngakutan bahan-bahan, jeung ngatur rupa-rupa pigaweeun kuli-kuli, nu sawareh deui purah nyatet-nyatetkeun atawa purah ngajaga.
14 Waktu nyandak duit ti kamar simpen, Hilkia mendakan kitab Hukum PANGERAN, anu ku Allah diserenkeun ka Musa tea.
15 Anjeunna sasauran ka Sapan, "Kaula nimu kitab Hukum PANGERAN ti Bait Allah," saurna bari kitabna diasongkeun ka Sapan.
16 Ku Sapan disanggakeun ka raja sarta piunjukna, "Sugri timbalan parantos dijalankeun.
17 Artos anu disimpen di Bait Allah parantos dibantun, diserenkeun ka anu didaramel sareng ka mandor-mandor."
18 Piunjukna deui, "Sareng abdi ngabantun ieu kitab ti Hilkia." Kitabna ku Sapan tuluy dibaca di payuneun raja.
19 Sanggeus ngadangu ungel eta kitab, raja mani ngagebeg terus nyosoeh raksukan.
20 Geuwat marentah ka Hilkia, Ahikam bin Sapan, Abdon bin Mikaya, Sapan sekretaris

nagara, jeung ka Asaya pangaping raja, timbalanana,
21 "Kami, kitu deui rahayat anu araya keneh
di Israil jeung Yuda buru-buru pangnaroskeun
ka PANGERAN hal ungel ieu kitab. Geuning
eta timbalan-timbalan PANGERAN teh geus
teu dilalampahkeun ku karuhun urang bareto,
kamistian-kamistian anu kaungel dina eta
kitab ku aranjeunna henteu dilakonan. Tangtu
urang dibenduan ku PANGERAN."
22 Kalawan timbalan raja, Hilkia jeung nu
sejenna arangkat ka Hulda, nabi istri anu
calikna di Yerusalem di babakan anyar rek
tumaros ka eta nabi. (Caroge eta nabi nya
eta Salum bin Tikwa putu Harhas, purah
ngurus jubah-jubah Bait Allah.) Perkarana ku
aranjeunna dicarioskeun ka eta nabi istri.
23 Aranjeunna ku eta nabi istri dijurung ka
raja deui pikeun ngunjukkeun
24 amanat ilahi ti PANGERAN anu kieu,
"Kanyahokeun, Kami rek ngadatangkeun
kacilakaan ka Yerusalem jeung rahayatna,
ngeunakeun panyapa-panyapa anu kaungel
dina kitab anu dibacakeun ka raja tea.
25 Jalma-jalma geus mariceun ka Kami, seug
ngalurban ka aallahan-aallahan bangsa sejen,
laku lampahna ngahudangkeun amarah Kami.
Amarah Kami ka Yerusalem geus ngagugudag
moal pareum-pareum.

26 Ari pikeun raja pribadi, kieu timbalan
Kami, GUSTI Allah Israil: Maneh geus nurut
kana ungel eta kitab,
27 sarta barang nyaho yen Kami ngancam
rek ngahukum Yerusalem jeung pribumina,
maneh tobat, ngarendahkeun diri di
payuneun Kami, nyosoeh pakean jeung
ceurik. Panyambat maneh ku Kami didangu.
28 Ku sabab eta, sapanjang maneh tacan
mulang ti dunya mah Kami moal waka prak
ngahukum Yerusalem. Ajal maneh mah ku
Kami rek dicandak dina kagenahan." Geus
kitu aranjeunna ngadareuheus deui ka Raja
Yosia rek ngunjukkeun eta amanat.
29 Sanggeus kitu, Raja Yosia miwarang
kumpul ka sakumna pamingpin Yuda jeung
Yerusalem,
30 ti dinya sarerea arindit ka Bait Allah
jeung anjeunna, dibarengan ku para imam
jeung urang Lewi kitu deui rahayat lianna,
anu beunghar, anu miskin. Seug raja ngaos
kitab perjangjian anu katimu ti Bait Allah tea
hareupeun sarerea nepi ka tamat.
31 Lajeng anjeunna ngadeg deukeut pilar
paranti raja-raja, ngucapkeun ikrar ka
PANGERAN yen sumeja anut ka Mantenna,
baris nohonan sagala papakon jeung
timbalana-Na terus jeung manah, tembus
kana lelembutan, baris ngalakonan hukum-
hukum anu aya dina eta perjangjian,
sakumaha ungel eta kitab.

32 Urang Binyamin jeung sakur anu araya
di Yerusalem diajak jangji yen seja nohonan
eta perjangjian. Prak urang Yerusalem
ngalampahkeun kamistian-kamistian eta
perjangjian anu ku maranehna geus
diikrarkeun ka Allah jungjunan karuhunna.
33 Ti dinya Raja Yosia numpes sakabeh arca
brahala pikagirukeun ti sakuliah wewengkon
anu asup ka wewengkon urang Israil, sarta
sapanjang jumenengna anjeunna ngudukeun
supaya rahayat ngabdi ka PANGERAN, Allah
karuhunna.
35 1 Yosia mestakeun Paska di Yerusalem
pikeun ngamulyakeun PANGERAN.
Dina tanggal opat welas bulan kahiji,
anjeunna miwarang peupeuncitan pikeun
kaperluan pesta.
2 Para imam ku anjeunna dipiwarang
ngalampahkeun kawajibanana di Bait Allah
bari dideudeul sumangetna sangkan saruhud.
3 Ka urang Lewi anu jaradi juru wulang
rahayat Israil, tur geus disarucikeun pikeun
PANGERAN, anjeunna marentah kieu,
"Tempatkeun Peti Perjangjian suci di Bait
Allah anu diadegkeun ku Raja Suleman
putra Raja Daud. Jadi maraneh teu kudu
ngagarotong deui eta peti ka ditu ka dieu.
Kawajiban maraneh ayeuna kudu kumawula
ka PANGERAN Allah maraneh, jeung Allah
umat-Na, urang Israil.

4 Geura areusian tempat anu geus
dibakukeun pikeun maraneh di Bait Allah,
nurutkeun jajaran golongan masing-masing,
sapagodos jeung kawajiban maraneh anu
geus dibakukeun ku Raja Daud jeung ku Raja
Suleman putrana.
5 Nyokot tempatna atur sing rapih, sing
matak babari ka anu rek ngabantu ka
unggal kapala kulawarga Israil bagianana
masing-masing.
6 Anak domba pikeun Paska jeung embe-
embe jalu kudu ku maraneh dipeuncitanana.
Pek geura susuci sangkan bisa terus
tatahar pikeun kurban-kurban, supaya
dulur-dulur maraneh sasama Israil bisa
naredunan papakon-papakon anu ku Allah
diparentahkeun ku jalan Musa tea."
7 Pikeun kapentingan rahayat anu
ngalakonan Paska, Raja Yosia nyumbangkeun
tilu puluh rebu domba, anak domba, jeung
anak embe, jeung tilu rebu sapi, tina
kagunganana ku anjeun.
8 Ponggawa-ponggawana oge nyarumbang
pikeun rahayat, pikeun para imam, jeung
pikeun urang Lewi. Ari para pajabat anu
ngatur urusan Bait Allah, nya eta Hilkia Imam
Agung, Jakaria, jeung Yehiel, nyumbang dua
rebu genep ratus anak domba jeung anak
embe pikeun para imam, jeung tilu ratus sapi
keur kurbankeuneun sapanjang pesta.

9 Para pamingpin urang Lewi, Konanya,
Semaya, jeung Netanel saderekna, Hasabya,
Yiel, jeung Yosabad, nyidekahan urang Lewi
lima rebu anak domba jeung anak embe,
jeung lima ratus sapi sina dikurbankeun.
10 Sanggeus sagala kaperluan pikeun Paska
geus tarapti, para imam jeung urang Lewi
merenahkeun maneh satempat-tempatna
luyu jeung pituduh ti raja.
11 Anak domba jeung anak embe geus
dipeuncitan, tuluy disisitan ku urang Lewi,
getihna ku para imam dikepret-kepret kana
altar.
12 Daging pikurbaneun dibagi-bagikeun
ka jalma rea nurutkeun jajaran kulawarga
masing-masing keur kurban beuleuman, sina
dikurbankeun sapagodos jeung papakon dina
Hukum Musa.
13 Eta kurban-kurban Paska ku urang Lewi
dipanggang sakumaha ceuk papakonna.
Daging pikeun kurban-kurban suci dimasakna
dikulub dina dalung, dina kancah, jeung dina
panci. Geus arasak buru-buru dibagikeun ka
jalma rea.
14 Geus kitu urang Lewi misahkeun daging
keur maranehna sorangan, keur para imam
turunan Harun, jeung keur para imam anu
digarawe nepi ka peuting nyanggakeun
kurban anu dibeuleum gembleng, jeung
ngaduruk gajih sato-sato kurban.

15 Urang Lewi anak putu Asap anu ahli
nabeuh geus tarapti di tempatna anu baku
sakumaha aturan ti Raja Daud: Asap,
Heman, jeung Yedutun jurupeleng raja. Para
pangawal lawang-lawang Bait Allah taya anu
ninggalkeun jagaanana, sabab daging Paska
keur maranehna geus disadiakeun ku urang
Lewi sejenna.
16 Sagala rupa anu kudu dilampahkeun
poe eta sakumaha anu diparentahkeun ku
Raja Yosia, nya eta ngabakti ka PANGERAN
nedunan Paska, jeung nyanggakeun
kurban-kurban beuleuman dina altar, geus
rengse.
17 Nepi ka tujuh poe lilana urang Israil anu
kumpul di dinya mestakeun Paska jeung
nedunan Pesta Roti Teu Make Ragi.
18 Ti jaman Nabi Samuel, kakara harita aya
anu mestakeun Paska sakitu rosana. Nya kitu
deui raja-raja anu ti hareula, tacan aya anu
mestakeun Paska kawas ieu anu diayakeun
ku Raja Yosia, para imam, urang Lewi, urang
Yuda, urang Israil, jeung urang Yerusalem,
19 anu diayakeunana dina taun kadalapan
welas pamarentahan Yosia.
20 Hiji mangsa sanggeus Raja Yosia midamel
eta sagala rupa pikeun Bait Allah, Raja Neko
ti nagara Mesir budal nyandak baladna arek
perang di Karkemis di sisi Walungan Eprat.
Yosia kaluar kersana rek ngahalang-halang.

21 Tapi Neko ngintun utusan nepikeun
timbalanana anu kieu, "Perang anu keur
dilakonan ku kaula ayeuna teu aya patalina
jeung sampean, raja Yuda. Kaula sanes rek
merangan sampean. Kaula mah rek merangan
musuh, tur geus ditimbalan ku Allah yen
kudu buru-buru. Allah aya di pihak kaula. Jadi
sampean ulah kagungan niat ngayonan kaula
bilih dicilakakeun ku Mantenna."
22 Tapi Yosia keukeuh bae rek merangan.
Timbalan Allah ku jalan Raja Neko ku
anjeunna teu dipalire. Seug nyamar terus
majeng perang di lapang Megido.
23 Dina eta perang anjeunna keuna ku
jamparing urang Mesir, seug nimbalan ka
abdi-abdina saurna, "Kami bawa ti dieu. Kami
tatu parna!"
24 Tuluy anjeunna dipayang tina karetana,
dipindahkeun kana kareta sejen anu geus
sadia di dinya, tuluy dibawa ka Yerusalem.
Tapi tuluy pupus. Seug dikurebkeun di makam
karajaan, diceungceurikan ku sakabeh urang
Yuda jeung urang Yerusalem.
25 Nabi Yermia ngadangding hiji kidung anu
ngagambarkeun kasungkawaanana katilar
ku Raja Yosia. Eta kidung jadi biasa sok
dilagukeun di Israil, ku awewe ku lalaki
ana pareng maranehna keur kasuat-suat ku
anjeunna. Eta kidung aya dina kumpulan
kidung-kidung kanalangsaan.

26 Sagala rupa anu dipidamel ku Yosia, hal
bumaktina ka PANGERAN, hal pengkuhna
kana Hukum PANGERAN
27 jeung riwayat anjeunna ti awal nepi ka
ahir, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil
jeung Yuda.
36 1 Urang Yuda milih Yoahas putra Yosia,
dilisahan jadi raja di Yerusalem.
2 Yoahas mimiti jadi raja Yuda dina yuswa
dua puluh tilu taun, calikna di Yerusalem,
ngarajaanana tilu bulan.
3 Anjeunna diboyong ka Mesir ku Raja Neko,
sarta nagara Yuda ku eta raja dikudukeun
mayar upeti 3.400 kilo perak jeung tilu puluh
opat kilo emas.
4 Neko ngangkat Elyakim saderek Yoahas
jadi raja Yuda, sarta jenenganana diganti jadi
Yoyakim. Ari Yoahas mah diboyong ku Neko
ka Mesir.
5 Yoyakim mimiti jadi raja Yuda dina yuswa
dua puluh lima taun. Ngarajaanana sawelas
taun, calikna di Yerusalem. Anjeunna midamel
dosa ka PANGERAN Allahna.
6 Hiji mangsa Yuda dirurug ku Raja
Nebukadnesar ti nagara Babul. Yoyakim
ditangkep, dirante terus diboyong ka Babul.
7 Rajabrana eusi Bait Allah oge aya anu
dijabel ku Nebukadnesar, dijadikeun eusi
karatonna di Babul.
8 Sagala rupa anu dipidamel ku Yoyakim,
kitu deui hal kadorakaan jeung kajahatanana

anu pikagirukeun, kaungel dina Kitab Babad
Raja-raja Israil jeung Yuda. Yoyakin, putrana,
jadi raja gegentosna.
9 Yoyakin mimiti jumeneng raja Yuda dina
yuswa dalapan welas taun. Ngarajaanana
tilu bulan sapuluh poe, calikna di Yerusalem.
Anjeunna oge midamel dosa ka PANGERAN.
10 Dina hiji musim sumping Nebukadnesar
ngaboyong Yoyakin ka Babul, sarta bari
ngajabel rajabrana eusi Bait Allah. Raja
Nebukadnesar ngangkat Sidkia kapiramana
Yoyakin, jadi raja Yuda jeung Yerusalem.
11 Sidkia mimiti jumeneng raja Yuda dina
yuswa dua puluh hiji taun. Ngarajaanana
sawelas taun, calikna di Yerusalem.
12 Anjeunna midamel dosa ka PANGERAN,
bujeng-bujeng rumaos waktu diunjukanan
ku Nabi Yermia anu ngunjukkeun timbalan
PANGERAN, teu kersa malire-malire acan.
13 Raja Nebukadnesar geus maksa Sidkia
sina sumpah demi Allah yen baris satia ka eta
raja. Tapi saterusna Sidkia baha, ngalawan ka
Nebukadnesar. Sarta Sidkia tetep neugtreug
teu kersaeun tobat ka PANGERAN, Allah Israil.
14 Turug-turug para pamingpin Yuda, para
imam jeung sakumna rahayat, lampahna teh
narurutan kadorakaan bangsa-bangsa anu
araya di sakurilingeunana, nyarembah ka
arca-arca, jadi maranehna teh nganistakeun
Bait Allah anu geus disucikeun ku PANGERAN
ku manten.

15 Ari PANGERAN, Allah karuhunna masih
keneh ngutus nabi-nabi sina ngageuing
umat-Na, reh hoyong nyalametkeun ka
maranehna kitu deui ka Bait Allah.
16 Tapi eta utusan-utusan Allah teh anggur
pada ngageuhgeuykeun, pangandika-
pangandika Mantenna henteu digugu,
nabi-nabi Mantenna disaleungseurikeun.
Bendu PANGERAN ka umat-Na geus teu
kaampeuh.
17 Mantenna tuluy ngadatangkeun raja Babul
ngagempur ka maranehna. Barudak ngora
urang Yuda, najan nu aya di Bait Allah,
diparaehan. Ka nu kolot ka nu ngora, ka lalaki
ka awewe, ka nu cageur ka nu gering, eta
raja teu aya pisan rasrasanana. Urang dinya
ku PANGERAN geus diserenkeun ka anjeunna.
18 Bait Allah ku raja Babul diranjah.
Rajabranana kitu deui harta banda raja jeung
ponggawa-ponggawa dijarah terus diakut ka
Babul.
19 Bait Allah jeung kota dihuru, jeung
karaton-karatonna katut barang-barangna
anu aralus. Kuta-kuta dirugrugkeun.
20 Jalma-jalma anu teu katumpes ku
Nebukadnesar diakut ka Babul, dijieun
abid-abid purah ngawulaan anjeunna jeung
turunan anjeunna nepi ka mangsa ngadegna
karajaan Persia.
21 Geus tinekanan sakumaha timbalan
PANGERAN ku jalan Nabi Yermia anu ungelna,

"Tujuh puluh taun ieu tanah bakal suwung,
sina ngarasa reureuhna Sabat anu geus tara
digarumatikeun."
22 Dina taun kahiji pamarentahan Kores,
raja Persia, PANGERAN ngabuktoskeun
pangandika anu diandikakeun ku jalan Nabi
Yermia tea. Mantenna ngusikkeun manah
Kores, sangkan Kores ngaluarkeun parentah
tinulis, anu dibacakeun tarik di sakuliah
karajaanana. Ungelna:
23 "Ieu parentah Kores, raja agung Persia.
PANGERAN, Allah sawarga, ngangkat
kami jadi raja, marentah saalam dunya.
Ku Mantenna geus dikawasakeun pikeun
ngawangun hiji gedong suci keur salira-Na
di Yerusalem, tanah Yuda. Maraneh kabeh
anu jadi umat Allah, dijurung laku ka daritu.
Bral, mugia disarengan ku PANGERAN Allah
maraneh."

Ezra

1 [1] Dina taun kahiji jaman Kores jadi
raja Persia, PANGERAN ngabuktoskeun
pangandika-Na anu ditepikeun ku Nabi
Yermia. Mantenna ngagerakkeun manah
Kores, sangkan ngaluarkeun parentah. Seug
eta parentah ditulis, diumumkeun di sakuliah
karajaan. Unina:
[2] "Ieu parentah Kores, raja nagara Persia.
PANGERAN, Allah satungkebing langit,
ngersakeun kami nyekel parentah ka sakuliah
dunya. Kami ku Mantenna dipaparin tanggung
jawab kudu ngadegkeun hiji Bait haturan
Mantenna di Yerusalem, wewengkon Yuda.
[3] Mugia Allah nyarengan ka maraneh umat-
Na. Maraneh kudu baralik ka Yerusalem, kudu
ngadegkeun deui Bait PANGERAN Allahna
Israil, Allah anu dibakti di Yerusalem.
[4] Saha-saha umat Mantenna di pangbuangan
butuh ku pitulung rek marulang, tatangga-
tatanggana kudu ngabantu, ngabahanan
perak jeung emas, bahan dahareun jeung
sato-sato momot, kitu deui barang-barang
pikeun baktikeuneun ka Bait Allah di
Yerusalem."
[5] Seug kapala-kapala warga kaom Yuda
jeung kaom Binyamin, para imam jeung kaom
Lewi, jeung sakur anu hatena digerakkeun

ku Allah, sasadiaan arek marulang, rek ngadegkeun deui Bait Allah di Yerusalem.
6 Tatangga-tatanggana ngabarantu, ngabahanan rupa-rupa paparabotan perak, emas, bahan dahareun, sato-sato momot, paparabotan lianna anu marahal, kitu deui barang-barang baktikeuneun ka Bait Allah.
7 Kores masrahkeun deui bokor-bokor jeung gelas-gelas anu ku Raja Nebukadnesar kungsi dijabel ti jero Bait Allah di Yerusalem dipake ngeusian pura dewa-dewana.
8 Dipasrahkeunana ku Kores ka Mitredat, bendahara karaton, anu nyatetkeun barang-barang anu rek dipulangkeun ka Sesbasar, gupernur di Yuda.
9 (1:9-10) Ieu daptarna: 30 bokor emas wadah pangbakti; 1.000 bokor perak wadah pangbakti; 29 bokor lianna; 30 pinggan emas; 410 pinggan perak; 1.000 paparabotan lianna.
10 (1:9)
11 Bokor-bokor emas jeung bokor-bokor perak jumlahna 5.400, katut paparabotan lianna anu dicandak ku Sesbasar waktu anjeunna jeung boyongan lianna mulang ti Babul ka Yerusalem.

2 1 Anu arindit ti propinsi Babul teh kacida lobana, marulang ka Yerusalem jeung Yuda, ka kota asalna masing-masing. Harirupna di pangbuangan di Babul teh ti jaman ditawan ku Raja Nebukadnesar.

2 Marulangna dipingpin ku Serubabel, Yesua,
Nehemia, Seraya, Rilaya, Mordekai, Bilsan,
Mispar, Bigwai, Rehum jeung Baana. Ieu
daptar golongan-golongan urang Israil jeung
jumlah tiap-tiap golonganana pangbuangan:
3 (2:3-20) Golongan Paros aya 2.172.
Golongan Sepaca aya 372. Golongan Arah
aya 775. Golongan Pahat Moab (turunan
Yesua jeung Yoab) aya 2.812. Golongan Elam
aya 1.254. Golongan Satu aya 945. Golongan
Sakai aya 760. Golongan Bani aya 642.
Golongan Bebai aya 623. Golongan Asgad
aya 1.222. Golongan Adonikam aya 666.
Golongan Bigwai aya 2.056. Golongan Adin
aya 454. Golongan Ater (anu katelah Hiskia)
aya 98. Golongan Besai aya 323. Golongan
Yora aya 112. Golongan Hashum aya 223.
Golongan Gibar aya 95.
4 (2:3)
5 (2:3)
6 (2:3)
7 (2:3)
8 (2:3)
9 (2:3)
10 (2:3)
11 (2:3)
12 (2:3)
13 (2:3)
14 (2:3)
15 (2:3)
16 (2:3)

17 (2:3)
18 (2:3)
19 (2:3)
20 (2:3)
21 (2:21-35) Daptar anu marulang ka tempat-tempat urut karuhunna: Urang Betlehem aya 123. Urang Netopa aya 56. Urang Anatot aya 128. Urang Asmawet aya 42. Urang Kiryat Yarim, Kepira jeung Berot aya 743. Urang Ramah jeung Geba aya 621. Urang Mikmas aya 122. Urang Betel jeung Ai aya 223. Urang Nebo aya 52. Urang Elam lianna aya 1.254. Urang Magbis aya 156. Urang Harim aya 320. Urang Lod, Hadid jeung Ono aya 725. Urang Yeriho aya 345. Urang Senaa aya 3.630.
22 (2:21)
23 (2:21)
24 (2:21)
25 (2:21)
26 (2:21)
27 (2:21)
28 (2:21)
29 (2:21)
30 (2:21)
31 (2:21)
32 (2:21)
33 (2:21)
34 (2:21)
35 (2:21)

36 (2:36-39) Nya ieu golongan-golongan
para imam anu marulang ti pangbuangan:
Golongan Yedaya (turunan Yesua) aya 973.
Golongan Imer aya 1.052. Golongan Pashur
aya 1.247. Golongan Harim aya 1.017.
37 (2:36)
38 (2:36)
39 (2:36)
40 (2:40-42) Nya ieu golongan-golongan
urang Lewi anu marulang ti pangbuangan:
Golongan Yesua jeung Kadmiel (turunan
Hodawia) aya 74. Pamaen musik di Bait Allah
(turunan Asap) aya 128. Tukang ngajaga Bait
Allah (turunan Salum, Ater, Talmon, Akub,
Hatita jeung Sobai) aya 139.
41 (2:40)
42 (2:40)
43 (2:43-54) Golongan-golongan para
pagawe Bait Allah anu marulang ti
pangbuangan nya eta: Golongan Siha,
golongan Hasupa, golongan Tabaot. Golongan
Keros, golongan Siaha, golongan Padon.
Golongan Lebana, golongan Hagaba,
golongan Akub. Golongan Hagab, golongan
Samlai, golongan Hanan. Golongan Gidel,
golongan Gahar, golongan Raya. Golongan
Resin, golongan Nekoda, golongan Gasam.
Golongan Usa, golongan Paseyah, golongan
Besai. Golongan Asna, golongan Mehunim,
golongan Nepusim. Golongan Bakbuk,
golongan Hakupa, golongan Harhur. Golongan

Baslut, golongan Mehida, golongan Harsa.
Golongan Barkos, golongan Sisera, golongan
Temah. Golongan Nesiah jeung golongan
Hatipa.
44 (2:43)
45 (2:43)
46 (2:43)
47 (2:43)
48 (2:43)
49 (2:43)
50 (2:43)
51 (2:43)
52 (2:43)
53 (2:43)
54 (2:43)
55 (2:55-57) Ieu golongan-golongan
gandek-gandek Suleman anu marulang ti
pangbuangan: Golongan Sotai, golongan
Hasoperet, golongan Peruda. Golongan Yaala,
golongan Darkon, golongan Gidel. Golongan
Sepaca, golongan Hatil, golongan Pokeret,
golongan Hasebaim jeung golongan Ami.
56 (2:55)
57 (2:55)
58 Jumlah turunan pagawe-pagawe Bait Allah
jeung gandek-gandek Suleman anu marulang
ti pangbuangan aya 392.
59 (2:59-60) Aya 652 anu kaasup ka
golongan-golongan Delaya, golongan Tobia,
jeung golongan Nekoda anu marulang ti
tempat-tempat: Tel Mela, Tel Harsa, Kerub,

Adan jeung Imer; tapi ngeunaan maranehna
henteu aya katerangan anu tetela yen kaasup
ka urang Israil.
60 (2:59)
61 (2:61-62) Di antara golongan-golongan
imam anu henteu bisaeun ngabuktikeun
karuhunna, nya eta: golongan Habaya,
golongan Hakos jeung golongan Barsilai.
(Karuhun golongan Barsilai nikahna ka hiji
awewe anakna Barsilai ti Gilad, terus make
ngaran golongan mitohana.) Ku sabab teu
barisa nembongkeun surat-surat lahirna,
maranehna dicoret tina kaimamanana.
62 (2:61)
63 Ku gupernur Yahudi diputuskeun yen
maranehna mah teu aya hak ngadahar tina
kurban suci samemeh aya imam anu ngadeg
nyekel Urim jeung Tumim.
64 (2:64-67) Jumlah anu marulang ti
pangbuangan aya 42.360 urang. Gandek-
gandek lalaki jeung awewe aya 7.337.
Pamaen musik, lalaki jeung awewe aya 200.
Kuda 736. Bigal 245. Onta 435. Kalde 6.720.
65 (2:64)
66 (2:64)
67 (2:64)
68 Sanggeus daratang ka Bait Allah di
Yerusalem, kapala-kapala golongan teh loba
anu suka rela mere pangbakti pikeun ongkos
ngadegkeun deui Bait Allah dina urutna.

69 Maranehna sakuat-kuat nyumbang
ngabantu sangkan Bait Allah bisa ngadeg.
Jumlah sumbangan kabehna: emas 500 kilo,
perak 2.800 kilo, pakean imam 100.
70 Ari para imam, urang Lewi, jeung sabagian
rahayat caricingna di Yerusalem jeung di
tempat-tempat anu dareukeut ka dinya.
Para pamaen musik, tukang ngajaga Bait
Allah jeung pagawe-pagawe Bait Allah
caricingna di tempat-tempat anu dareukeut
ka Yerusalem. Urang Israil lianna maratuhna
di tempat-tempat urut pamatuhan karuhunna
masing-masing.
3 1 Dina bulan katujuh sanggeus urang
Israil kabeh merenah di tempatna
masing-masing, tuluy kumpul di Yerusalem.
2 Seug Yesua bin Yosadak sakancana para
imam, Serubabel bin Sealtiel jeung wargi-
wargina, ngadegkeun altar pikeun Allahna
Israil, paranti ngaduruk kurban-kurban anu
kaungel dina Hukum Musa utusan Allah.
3 Saenyana eta anu kakara marulang ti
pangbuangan teh ngarasa risi ku pangeusi
tanah eta, tapi altar teh teu burung
diadegkeun dina urutna keneh. Kurban-
kurban anu biasa dilampahkeun saban isuk
jeung sore teh dijalankeun deui.
4 Pesta Saung Daun diayakeun deui
nurutkeun aturanana, kitu oge kurban-kurban
sapopoena.

5 Dipepekan ku kurban-kurban anu kudu
diduruk belegeran dina Pesta Bulan Anyar
sarta kumpulan-kumpulan ibadah bari derma
suka rela haturkeuneun ka PANGERAN.
6 Sanajan maranehna tacan prak ngadegkeun
deui Bait Allah, tapi dina tanggal hiji bulan
katujuh geus mimiti ngaduruk kurban-kurban
pikeun PANGERAN.
7 Tuluy maranehna ngumpulkeun duit,
nyararumbang pikeun mayar tukang-
tukang batu jeung tukang-tukang kayu.
Ngumpulkeun bahan dahareun, inuman jeung
minyak jetun, kirimkeuneun ka Tirus jeung
Sidon geusan ditukeurkeun kana kai kiputri
ti Libanon sarta kaina ti ditu dikirimkeun ka
Yopa make jalan laut. Eta kabeh kalawan
paidin Kores, raja Persia.
8 Dina bulan kadua taun kadua ti sabada
daratang ka Yerusalem, urang Israil
ngamimitian ngadegkeun deui Bait Allah.
Serubabel, Yosua jeung batur-baturna anu
sabangsa, urang Lewi, para imam, cindekna
sakur urut boyongan, kabeh marilu digawe
ngadegkeun. Jalma-jalma urang Lewi anu
umurna dua puluh taun ka luhur dititah
ngawaskeun eta pagawean.
9 Ari Yesua, urang Lewi tea, jeung anak-
anakna jeung dudulurana, kitu deui
Kadmiel jeung anak-anakna (kaom Hodawia),
milu ngawas, dibantu ku urang Lewi ti kaom
Henadad.

10 Dina rek degna masang pademen
Bait Allah, para imam darangdan pakean
kaimaman, seug ngaradeg nyarikep tarompet,
bareng jeung kaom Lewi golongan Asap anu
nyekel kekecrek. Tuluy maruji ka PANGERAN
nurutkeun aturan jaman Raja Daud.
11 Maranehna nganyanyikeun lagu paranti
ngagungkeun PANGERAN, sarta bagian
ulanganana dipindo, kieu: "PANGERAN teh
mulya manah, langgeng asih ka Israil."
Ger surak maratan jagat ngamulyakeun ka
PANGERAN, muji sukur rehna pademen Bait
Allah geus bisa mimiti dipasang.
12 Imam-imam anu geus sarepuh, jalma-
jalma urang Lewi, jeung para pamingpin
golongan anu geus kungsi naringal Bait Allah
anu ti heula, naringali pademen Bait Allah
anu ayeuna mimiti dipasang teh loba anu
nepi ka careurik jeung midangdam.
13 Sora nu ceurik jeung nu surak geus teu
bisa dibedakeun. Sora nu surak ayeuh-
ayeuhan campur jeung sora nu ceurik pating
jarerit, kadenge nepi ka jauhna.
4 1 Musuh-musuh urang Yuda jeung
Binyamin geus mareunang beja, yen
anu marulang ti pangbuangan teh keur
ngadegkeun deui Bait Allah, Allahna Israil.
2 Tuluy narepungan ka Serubabel jeung ka
kapala-kapala kaom, pok ngaromong, "Kuring
rek milu digawe mantuan ngadegkeun
Bait Allah. Kuring oge ngabakti teh ka

Allah anu ku aranjeun disembah. Ti barang
diinditkeun ku Esar Hadon raja Asur marukim
di tanah ieu, kuring geus biasa nyanggakeun
kurban-kurban ka Allah."
3 Diwalon ku Serubabel, Yesua jeung
kapala-kapala kaom, "Pikeun ngawangun
hiji gedong pikeun PANGERAN Allah kuring,
kuring nu perlu dibantuan ku aranjeun, rek
ku sorangan bae, sakumaha timbalan Kores
raja Persia."
4 Seug jelema-jelema urang dinya teh
nyingsieunan ka urang Yahudi, ngarerentag
sangkan eta gedong ulah jadi.
5 Malah nyarogok ka gegeden-gegeden
pamarentah Persia sangkan ngahalang-
halang. Kitu bae kaayaanana sapanjang Kores
jumeneng raja nepi ka digentosna ku Darius.
6 Keur mangsa Ahasweros anyaran
jumeneng raja, eta musuh nyuratan ka raja,
ngagogoreng urang Yahudi di Yuda jeung di
Yerusalem.
7 Ari keur mangsa Artahsasta jumeneng raja
Persia, anu ngirim surat ka raja teh Bislam,
Mitredat, Tabeel sapara kanca. Suratna make
basa Aram, lamun rek dibaca kudu disalin
heula.
8 Oge Gupernur Rehum jeung Simsai
sekretaris propinsi, ngirim surat ka
Artahsasta tina hal kaayaan Yerusalem,
suratna kieu:

9 "Serat abdi Gusti pun Rehum, gupernur,
pun Simsai, sekretaris propinsi sapara kanca,
para hakim sareng gegeden-gegeden anu
kawit ti Ereh, Babul, ti Susan tanah Elam,
10 sareng ti bangsa-bangsa sanesna anu ku
Asur Banipal anu agung tur kawasa dialihkeun
ka Samaria sareng ka tempat-tempat di Eprat
Kulon."
11 Eusina: "Kaunjuk hing pangersa Raja
Artahsasta, ti abdi-abdi di Eprat Kulon.
12 Unjuk uninga, bangsa Yahudi anu
marulang ti jajahan Gusti anu sanesna deui,
parantos maratuh di Yerusalem. Ayeuna nuju
ngadegkeun deui kota anu kapungkur kaceluk
jahat sareng bantahan. Parantos ngawitan
ngadegkeun kuta-kutana, moal lami deui oge
parantos.
13 Kangjeng Raja, upami eta kota ngadeg
deui sareng kuta-kutana parantos jadi,
maranehna moal daek malayar pajeg, matak
rugel ka salira Gusti.
14 Sarehing abdi-abdi teh kumawula ka
salira, moal rido ningal kajadian sarupi kitu.
Kitu purwana kumawantun ngunjukkeun ieu
pirempag.
15 Mugi Jeng Raja nimbalan marios serat-
serat titilar karuhun. Tangtos ku Gusti baris
kauninga yen eta kota teh tukang barontak.
Ti jaman karuhun-karuhunna keneh eta teh
mung wungkul nyesahkeun raja-raja sareng

para gupernur. Rahayatna sesah diatur. Kitu
margina eta kota kapungkur dibasmi.
16 Abdi-abdi yakin saupami eta kota ngadeg
deui sareng kuta-kutana parantos jadi,
tangtos propinsi-propinsi di Eprat Kulon
leupas ti panalingaan Jeng Raja."
17 Serat waleran ti raja: "Salam, Surat kami
ka gupernur Rehum, ka Simsai, sekretaris
propinsi jeung kanca-kancana nu marukim di
Samaria jeung Eprat Kulon.
18 Surat maraneh geus disalin sarta
dibacakeun ka kami.
19 Kami geus marentahkeun mariksa
surat-surat titinggal. Memang bener, ti
baheulana keneh Yerusalem sok barontak
bae ngalawan kana kakawasaan, pinuh ku
jelema-jelema tukang rusuh, tukang nyieun
kaributan.
20 Raja-raja anu nyarekel kawasa marentah
sakuliah jajahan Eprat Kulon, geus biasa
narik pajeg jeung upeti.
21 Ku sabab eta maraneh kudu ngaluarkeun
parentah, yen eta kota teu meunang
diteruskeun, nepi ka aya parentah deui ti
kami.
22 Gancang jalankeun, sangkan kapentingan
kami ulah kaancam."
23 Satarimana eta serat ti Artahsasta,
Rehum, Simsai jeung sakancana buru-buru
ka Yerusalem, ngalarang ka urang Yahudi
neruskeun nyieun eta kota.

24 Bait Allah geus teu dipigawe deui, katunda
nepi ka taun kadua Darius jumeneng raja di
nagara Persia.
5 1 Mangsa eta aya dua nabi, Hagai jeung
Jakaria bin Ido. Kalayan pajenengan Allah
Israil, aranjeunna mimiti ngageuing ka urang
Yahudi anu di Yuda jeung di Yerusalem.
2 Sanggeus panggeuingna kadangu ku
Serubabel bin Sealtiel jeung ku Yosua bin
Yosadak, prak bae aranjeunna mimiti deui
ngagarap Bait Allah di Yerusalem, dibantu ku
dua nabi tea.
3 Meh bareng harita keneh, Gupernur Tatenai
ti Eprat Kulon, Setar Bosnai katut para
gegeden kancana, sarumping ka Yerusalem,
mariksakeun, "Saha nu ngidinan ngadegkeun
deui ieu Bait Allah sakieu lengkepna?"
4 Saterusna aranjeunna mariksakeun
ngaran-ngaran anu marilu migawe eta Bait
Allah.
5 Tapi Allah merhatoskeun sarta
nangtayungan ka eta para pamingpin
urang Yahudi, nepi ka eta para pajabat Persia
teh mutus moal waka kua-kieu, rek ngirim
surat heula ka Raja Darius sarta ngadago
waleranana.
6 Eusi seratna kieu:
7 "Kaunjuk hing pangersa Raja Darius. Mugi
Kangjeng Raja wilujeng.
8 Unjuk uninga ka Kangjeng Raja, nalika
abdi-abdi mariksa ka propinsi Yuda, eta Bait

Allah kanggo Allah Nu Maha Agung tea nuju diawitan dipidamel deui. Tembokna tina geblegan-geblegan batu arageung sareng balok-balok kai, dipidamelna kalayan suhud, taliti ati-ati tur lulus-mulus.
9 Pamingpinna dipariksa, saha anu ngidinan eta Bait Allah diwangun deui tur sakitu lengkepna.
10 Ngaran-ngaran pamingpinna anu ngaluluguan eta padamelan oge dipariksa, supados kauninga ku Kangjeng Raja.
11 Dupi wangsulanana kieu, Sim kuring teh abdi-abdi Allah anu ngadamel langit sareng bumi. Ieu anu nuju diadegkeun deui teh Bait Allah anu kapungkur kantos aya di dieu, lengkep sapuratina, kenging ngadegkeun hiji raja Israil anu kawasa.
12 Nanging karuhun sim kuring aya kalepatan ka Allah sakumna langit dugi ka dibenduan, lajeng diselehkeun ka Raja Nebukadnesar ti Babul, raja turunan urang Kasdim. Bait Allah dibasmi, rahayat ditawan, diboyong ka Babul.
13 Dupi dina taun kahiji saparantos Raja Kores ngarajaan di Babul, Sang Raja ngaluarkeun timbalan supados Bait Allah teh diadegkeun deui.
14 Paparabotan Bait Allah tina emas sareng perak anu dijabel ku Raja Nebukadnesar sareng disimpen di kuil di Babul, ku Raja Kores diserenkeun deui ka Sesbasar, anu ku Sang Raja diangkat jadi gupernur Yuda.

15 Raja nimbalan ka anjeunna, supados eta
paparabotan teh diwangsulkeun ka Bait Allah
di Yerusalem, sareng Bait Allah teh dipiwarang
diadegkeun deui dina urutna kapungkur.
16 Lajeng Sesbasar sumping masang
pademenna. Rarangkana parantos diawitan
ti harita dugi ka ayeuna, nanging teu acan
rengse keneh.
17 Mugi Kangjeng Raja kersa marios serat-
serat karajaan, kangge milari buktos, yaktos
henteuna Raja Kores nimbalan ngadegkeun
deui eta Bait Allah di Yerusalem. Salajengna
abdi-abdi ngantos timbalan kumaha putusan
Kangjeng Raja tina ieu perkawis."
6 1 Raja Darius miwarang mariksa
surat-surat karajaan anu disimpen di
Babul.
2 Tapi surat anu dipilarian teh kapendakna di
Ekbatana, kota propinsi Madayin, nya eta hiji
gulungan anu eusina catetan, unina:
3 "Dina taun kahiji ngasta parentah,
Raja Kores nimbalan sangkan Bait Allah
di Yerusalem diadegkeun deui, pikeun
ngajalankeun kurban-kurban jeung kurban
anu diduruk. Eta Bait Allah luhurna kudu 27
meter, rubakna oge 27 meter.
4 Lapisan tembokanana kudu diatur tiap-tiap
tilu lapis batu diselang ku salapis kai.
Sagala ongkos-ongkosna baris dibayar tina
panghasilan nagara.

5 Paparabotan emas jeung perak ti Bait Allah
di Yerusalem anu ku Raja Nebukadnesar
dibawa ka Babul, kudu dipulangkeun ka
asalna."
6 Darius ngadamel serat waleran. Unina:
"Kahatur Tatenai, gupernur Eprat Kulon, Setar
Bosnai sapara kanca gegeden Eprat Kulon.
Maraneh ulah deukeut-deukeut ka eta Bait
Allah,
7 sarta pangwangunana ulah dihalang-
halang. Ingkeun gupernur Yuda jeung para
kokolot urang Yahudi sina ngadegkeun deui
eta Bait Allah dina urutna bareto.
8 Sarta reujeung ieu kami marentah maraneh
kudu ngabantu ngarojong eta pagawean.
Sagala ongkosna ku maraneh kudu dibayar
tina dana karajaan, tina tarikan pajeg di
daerah-daerah Eprat Kulon, sangkan eta
pagawean ulah katunda.
9 Teu meunang henteu, saban poe maraneh
kudu nedunan pamenta imam-imam di
Yerusalem, kayaning: anak sapi, domba,
anak domba, kurban durukeun haturan Allah
sakumna langit, tarigu, uyah, anggur, minyak
jetun.
10 Kudu cumpon sangkan maranehna bisa
nyanggakeun kurban ka Allah sakumna langit
sakumaha layakna, sarta mangnedakeun
berkah Allah pikeun kami jeung putra-putra
kami.

11 Saterusna parentah kami: Sing saha
anu mungpang kana ieu parentah, kudu
dipanggang awakna sing parat ku kai tina
tihang imahna, beunang nyeukeutan, sarta
imahna kudu dirubuhkeun dijieun tumpukan
runtah.
12 Mugia Allah, anu geus milih Yerusalem
jadi tempat pikeun ngabakti ka salira-Na,
nyingkahkeun raja-raja, atawa bangsa, anu
ngalawan kana ieu parentah kami, atawa anu
nyoba ngaruksak eta Bait Allah. Kami, Darius,
anu ngaluarkeun ieu parentah. Jalankeun
kabeh ieu parentah kami."
13 Sakumaha parentah raja tea, ku Gupernur
Tatenai jeung Setar Bosnai sakanca-kanca
gegeden, dijalankeun enya-enya.
14 Bait Allah dipigawena kacida lancarna,
diluluguan ku para kokolot urang Yahudi,
kalawan pangdorong Nabi Hagai jeung Nabi
Jakaria. Bait Allah geus anggeus, saluyu
jeung timbalan Allah Israil, saluyu jeung
parentah raja-raja Persia, Kores, Darius jeung
Artahsasta.
15 Bait Allah teh anggeusna dina tanggal tilu
bulan Adar, taun anu kagenep pamarentahan
Raja Darius.
16 Urang Israil, nya eta para imam, kaom
Lewi jeung sakabeh anu marulang ti
pangbuangan, pohara ngarasa bungahna.
Seug eta Bait Allah teh diistrenan.

17 Dina waktu ngistrenan, maranehna
nyanggakeun 100 sapi jalu, 200 domba jalu,
400 anak domba jalu, dikurbankeun jeung
12 embe jalu anu dipake kurban keur nebus
dosa, hiji embe pikeun tia-tiap kaom Israil.
18 Geus kitu ngatur para imam jeung kaom
Lewi anu kudu ngalalayanan di Bait Allah di
Yerusalem, saluyu jeung katangtuan anu aya
dina Kitab Musa.
19 Dina tanggal 14 bulan kahiji taun
hareupna, eta anu marulang ti pangbuangan
teh ngalampahkeun Pesta Paska.
20 Sakabeh imam jeung kaom Lewi
nyucikeun diri kalawan upacarana. Kaom Lewi
meuncitan sato pikeun kurban-kurban Paska,
pikeun dulur-dulurna anu geus marulang,
pikeun para imam, jeung pikeun maranehna
pribadi.
21 Sato-sato anu geus dikurbankeun
teh didalahar ku sakabeh urang Israil
anu marulang ti pangbuangan, oge ku
jelema-jelema urang tanah eta anu geus
naringgalkeun adat kapirna, anu daratang
marilu ngabakti ka GUSTI Allahna Israil.
22 Tujuh poe lilana maranehna mestakeun
Pesta Roti Teu Diragi. Kacida barungaheunana
reh PANGERAN geus ngalangsarkeun manah
raja Asur ka maranehna, nepi ka kersa
ngabantu pagaweanana ngawangun deui Bait
Allah pikeun Allah Israil.

7 [1] Heuleut mangtaun-taun ti harita,
sanggeus Artahsasta jadi raja Persia,
aya hiji jelema jenenganana Esra. Anjeunna
turunan Harun, Imam Agung tea. Jujutan ka
dituna kieu: Esra putra Seraya. Seraya putra
Asarya. Asarya putra Hilkia.
[2] Hilkia putra Salum. Salum putra Sadok.
Sadok putra Ahitub.
[3] Ahitub putra Amarya. Amarya putra Asarya.
Asarya putra Merayot.
[4] Merayot putra Serahya. Serahya putra Usi.
Usi putra Buki.
[5] Buki putra Abisua. Abisua putra Pinehas.
Pinehas putra Elasar. Elasar putra Harun.
[6] (7:6-7) Esra rea kauningana tina hal
papakon PANGERAN, Allah Israil, anu ku
Mantenna dipaparinkeun ka Musa tea. Ku
berkahing PANGERAN Allahna, sapanuhun
anjeunna ka raja, ku raja dikabul. Dina
taun anu katujuh pamarentahan Raja
Artahsasta, Esra ngantunkeun Babul, mulih
ka Yerusalem jeung hiji rombongan urang
Israil, di antarana aya imam-imam, kaom
Lewi, tukang mamaos, tukang jaga Bait Allah
jeung tukang digarawe di Bait Allah.
[7] (7:6)
[8] (7:8-9) Angkatna ti Babul tanggal hiji
bulan kahiji, sarta kalawan pangjaring Allah,
dina tanggal hiji bulan lima anjeunna geus
sumping ka Yerusalem.
[9] (7:8)

10 Manahna geus gilig seja ngulik jeung
ngalakonan Hukum PANGERAN, sarta
seja ngajarkeun eta hukum-hukum jeung
katangtuan-katangtuanana ka urang Israil.
11 Raja Artahsasta maparinkeun hiji piagem
ka Esra, imam tur ahli Hukum, anu pepek
kauningana tina sual hukum-hukum katut
timbalan-timbalan anu ku PANGERAN
dipaparinkeun ka urang Israil. Eta piagem
eusina kieu:
12 "Surat kami Artahsasta, raja sagala
raja. Kahatur Imam Esra, ahli Hukum Allah
sakumna langit.
13 Kami marentahkeun: Urang Israil nu
aya di sakuliah karajaan kami, imam-imam,
jeung kaom Lewi, anu harayang mulang ka
Yerusalem, ku kami diidinan marulang milu
jeung maneh.
14 Kami jeung anggota dewan pertimbangan
tujuhan, ngutus maneh ka Yerusalem jeung
Yuda pikeun ngadongdon hal Hukum Allah
maneh anu ku Mantenna dipercayakeun ka
maneh, ditarurut henteuna di ditu.
15 Bawa ku maneh emas jeung perak
ti kami jeung ti anggota-anggota dewan
pertimbangan, ku kami dibaktikeun ka Allah
Israil anu Bait-Na di Yerusalem.
16 Oge perak jeung emas beunang maneh
ngumpulkeun ti sakuliah Babul, katut
sumbangan-sumbangan pangbakti ti urang

Israil, ti imam-imamna, anu disumbangkeun
pikeun Bait Allah, Allahna di Yerusalem.
17 Duit balanjakeun masing ati-ati, beulikeun
sapi, domba, anak domba, tarigu jeung
anggur, kurbankeuneun dina altar Bait Allah
di Yerusalem.
18 Perak jeung emas anu sesana, pake kana
naon bae hadena ceuk pangrasa maneh jeung
dulur-dulur, asal cocog jeung pangersa Allah
maraneh.
19 Paparabotan anu dipasrahkeun ka maneh
pikeun kaperluan Bait Allah, baktikeun ka
Allah.
20 Naon-naon anu dipikabutuh pikeun Bait
Allah, baris dicumponan tina dana karajaan.
21 Ka sakabeh bendahara nagara di
wewengkon Eprat Kulon kami mere parentah,
sangkan sagala kaperluan anu baris
disodorkeun ku Imam Esra anu ahli dina
Hukum Allah sakumna langit, kudu gancang
dicumponan.
22 Kami ngawidian ngaluarkeun dana: perak
nepi ka wates 3.400 kilo, tarigu wates 10.000
kilo, anggur 2.000 liter, minyak jetun wates
2.000 liter jeung uyah sakumaha bae perluna.
23 Naon bae anu dipundut ku Allah sakumna
langit pikeun kaperluan Bait-Na ku maraneh
kudu dicumponan masing tigin, sangkan
Mantenna henteu ngabenduan ka kami atawa
ka raja-raja gaganti kami ka hareup.

24 Maraneh ku kami dilarang narik pajeg
ti imam-imam, ti kaom Lewi, ti tukang
mamaos, ti tukang-tukang jaga Bait Allah, ti
pagawe-pagawe Bait Allah, atawa ti saha bae
anu aya patalina jeung urusan kaperluan Bait
Allah.
25 Ari maneh, Esra, anu boga hikmah ti
Allah, maneh kalawan make eta hikmah
kudu ngajenengkeun pamong-pamong praja
jeung hakim-hakim, pikeun ngatur rahayat di
wewengkon Eprat Kulon anu ngalampahkeun
Hukum Allah maneh. Rahayat anu acan nyaho
kana eta Hukum, ajar ku maneh.
26 Sing saha anu baha kana timbalan-
timbalan Allah maneh, atawa kana
undang-undang karajaan, kudu buru-buru
dikeunaan hukuman, dipaehan, atawa
dibuang, atawa dijabel kakayaanana atawa
dibui."
27 Seug Esra sasauran, "Sagala puji ka
PANGERAN, Allahna karuhun. Ku karana
pangersa Gusti, Raja jadi sakitu ngajenanana
ka Bait PANGERAN di Yerusalem.
28 Nun Allah, ku karana sih kurnia Gusti,
Raja sareng dewan pertimbanganana katut
para gegedenna anu kawasa, jadi pohara
heman asihna ka abdi. Nun PANGERAN
Allah panutan, jisim abdi ku Gusti parantos
dipaparin wawanen dugi ka tiasa ngajak
mulang kapala-kapala kaom Israil."

8 [1] Para pamingpin golongan-golongan
anu bareng marulang jeung Esra ti
pangbuangan di Babul jaman Raja Artahsasta
marentah nya eta:
[2] (8:2-14) Gersom, ti golongan Pinehas.
Daniel, ti golongan Itamar. Hatus bin
Sekanya, ti golongan Daud. Jakaria, ti
golongan Paros jeung 150 urang kulawargana
(sajarah katurunanana kacatet). Elyunai bin
Serahya, ti golongan Pahat Moab jeung 200
urang kulawargana. Sekanya bin Yehasiel, ti
golongan Satu jeung 300 urang kulawargana.
Ebed bin Yonatan, ti golongan Adin jeung
50 urang kulawargana. Yesaya bin Atalya, ti
golongan Elam jeung 70 urang kulawargana.
Sebaya bin Mikael, ti golongan Sepaca jeung
80 urang kulawargana. Obaja bin Yehiel, ti
golongan Yoab jeung 218 urang kulawargana.
Selomit bin Yosipiya, ti golongan Bani jeung
160 urang kulawargana. Jakaria bin Bebai, ti
golongan Bebai jeung 28 urang kulawargana.
Yohanan bin Hakatan, ti golongan Asgad
jeung 110 urang kulawargana. Elipelet, Yehiel
jeung Semaya ti golongan Adonikam jeung
60 urang kulawargana (marulangna rada
pandeuri). Utay jeung Sakur ti golongan
Bigwai jeung 70 urang kulawargana.
[3] (8:2)
[4] (8:2)
[5] (8:2)
[6] (8:2)

7 (8:2)
8 (8:2)
9 (8:2)
10 (8:2)
11 (8:2)
12 (8:2)
13 (8:2)
14 (8:2)
15 Dulur-dulur teh ku sim kuring sina kumpul
di hiji walungan anu ngocor ka Ahawa. Di
dinya marondok heula meunang tilu poe. Di
antara dulur-dulur katilik aya imam-imam,
tapi teu katingal aya kaom Lewi.
16 Seug sim kuring menta tulung ka salapan
kokolot nya eta Elieser, Ariel, Semaya,
Elnatan, Yarib, Elnatan, Natan, Jakaria,
Mesulam, jeung dua urang guru nya eta
Yoyarib jeung Elnatan.
17 Ku sim kuring dijurung nepungan Ido
anu ngapalaan dulur-dulur di Kasipia. Ka
anjeunna sadudulur tukang digarawe di Bait
Allah, sim kuring menta jelema anu baris
baku ngalalayanan Allah di jero Bait Allah.
18 Ku berkahna Allah, aranjeunna ngirimkeun
Serebya, ti kaom Lewi anu pinter, ti golongan
Mahli, katut anakna dalapan belas urang
jeung dulur-dulurna.
19 Lian ti eta ngirimkeun Hasabya
jeung Yesaya ti golongan Merari jeung
baraya-barayana dua puluh urang.

20 Malah ditambah 220 urang tukang
digarawe di Bait Allah, anu karuhun-
karuhunna ku Raja Daud jeung para
gegedenna dibakukeun kana ngalaladenan
kaom Lewi. Ngaran-ngaranna kabeh aya
catetanana.
21 Di sisi Walungan Ahawa sim kuring ngajak
dulur-dulur paruasa jeung ngarendahkeun diri
di payuneun Allah, seja neneda ka Mantenna,
sangkan sim kuring jeung dulur-dulur katut
barudak kitu deui babawaan ditangtayungan
di jalan.
22 Arek nyuhunkeun dikawal ku hiji pasukan
kuda teh bisi di jalan diganggu musuh, sim
kuring isin ku raja, lantaran ka anjeunna geus
micatur yen Allah urang tangtu nyarengan
ka sakur anu ngandel ka Mantenna, sarta
tangtu ngahukum ka sakur anu mungkur ti
Mantenna.
23 Prak sim kuring jeung dulur-dulur
paruasa, sarta neneda ka Allah nyuhunkeun
ditangtayungan. Ku Mantenna dikabul.
24 Geus kitu sim kuring milih dua belas imam
kapala, nya eta Serebya, Hasabya jeung
sapuluh urang deui.
25 Ku sim kuring dipangnimbangkeun perak
jeung emas, jeung barang-barang lianna
kurnia ti raja, ti dewan pertimbangan raja, ti
para gegeden jeung ti sasama urang Israil,
anu maksudna keur baktikeuneun ka Bait

Allah. Sanggeus ditimbang dipasrahkeun ka aranjeunna.
26 (8:26-27) Ari barang-barangna nya eta:
Perak 25 ton; Barang-barang tina perak 100 siki; Emas 3.400 kilogram; Pinggan emas 20 siki, beuratna 8,4 kilogram; Pinggan tambaga anu kacida alusna 2 siki, ajenna sarua jeung pinggan-pinggan emas.
27 (8:26)
28 Ceuk sim kuring ka aranjeunna, "Aranjeun parantos suci di payuneun PANGERAN, Allah karuhun aranjeun. Kitu deui ieu barang-barang paparabotan tina perak sareng emas pangabakti ti sakur anu rarido, ieu oge suci di payuneun PANGERAN.
29 Jaga masing ati-ati nepi ka Bait Allah. Di ditu ditimbang di kamar imam, teras sanggakeun ka imam-imam kapala, ka urang Lewi, ka para sesepuh Israil di Yerusalem."
30 Seug eta perak, emas jeung paparabotan ku para imam jeung kaom Lewi ditarima, dibawa ka Bait Allah di Yerusalem.
31 Dina tanggal dua belas bulan kahiji, sim kuring jeung dulur-dulur ninggalkeun Walungan Ahawa, ngajugjug ka Yerusalem. Di jalan berekah disarengan ku Allah urang, diraksa ti musuh.
32 Sacundukna ka Yerusalem, ngareureuh heula tilu poe.
33 Dina poe kaopatna terus ka Bait Allah. Perak, emas jeung barang-barang teh

ditimbang di Bait Allah, tuluy dipasrahkeun ka Imam Meremot bin Uria, anjeunna disarengan ku Elasar putra Pinehas, jeung ku duaan ti kaom Lewi nya eta Yosabat bin Yesua jeung Noaja bin Binui.
34 Barang-barang kabeh geus diitung jeung ditimbang sarta dicatet-catetkeun taya nu kaliwat.
35 Geus kitu dulur-dulur nu kakara marulang teh ngaduruk kurban haturan Allah Israil. Sato-sato anu dikurbankeun nya eta: sapi 12, kurban ka sakumna urang Israil, domba jalu 96, anak domba 77, embe 12, pikeun kurban panebus dosana. Kabeh diduruk jadi kurban haturan PANGERAN.
36 Piagem ti raja disanggakeun ka para gupernur jeung para gegeden di Eprat Kulon, seug aranjeunna ngabantu ka bangsa urang, marere sokongan pikeun sagala kaperluan Bait Allah.
9 1 Sabada beres hal eta, sim kuring dibejaan ku sawatara kapala urang Israil, yen bangsa urang, kaasup imam-imam jeung kaom Lewi, geus teu marisahkeun maneh deui ti jelema-jelema anu caricing di kota-kota tatangga nya eta urang Amon, urang Moab, urang Mesir, atawa jeung urang Kanaan, urang Het, urang Pares, urang Yebus jeung urang Emor. Malah marigawe kalakuan anu dipigawe ku eta jelema-jelema, kalakuan anu pikagirukeun.

2 Urang Yahudi ngararawin awewe-awewe
bangsa eta. Ku sabab kitu, umat anu
disucikeun ku Allah teh katepaan kotor ku
bangsa lian. Komo kapala-kapala jeung
pamingpin-pamingpinna mah pangheulana
ngalanggar cegahan.
3 Sim kuring liwat saking mentegegna nepi
ka nyosoeh pakean jeung ngaramesan buuk
jeung janggot. Brek andiprek, nalangsa beak
karep,
4 ngaheruk nepi ka wanci nyanggakeun
kurban sore, digimbung ku dulur-dulur
anu ngarasa sieun ku timbalan Allah Israil
perkara dosana jelema-jelema anu marulang
ti pangbuangan.
5 Sanggeus wanci kurban sore, sim kuring
cengkat ti enggon andiprek, brek sideku bari
nadahkeun leungeun duanana, neneda ka
PANGERAN Allah panutan, masih keneh make
pakean anu tadi disosoeh.
6 Paneda sim kuring, "Nun Allah, jisim abdi
isin langkung-langkung ka payuneun Gusti,
dugi ka henteu werat tanggah, gaduh dosa
dugi ka ngurugan sirah, malah nyaruaan
luhurna langit.
7 Dosa abdi sadaya umat Gusti, ti jaman
karuhun dugi ka danget ieu pisan kalintang
ageungna. Ku dosa sorangan keneh, abdi
sadaya kitu deui raja-raja sareng imam-
imam, ragrag kana leungeun raja-raja bangsa
lian, ditumpes, diranjah, diboyong jaradi

tawanan jadi bangsa anu hina sakumaha anu karandapan ayeuna.
8 Nun PANGERAN Allah abdi sadaya,
abdi-abdi nembe pisan nampi sih kurnia
Gusti, dijait sapalih ti tempat tawanan,
dicandak ka ieu tempat anu suci kalayan
reugreugna. Asal tina jadi kuli paksa bangsa
batur, ayeuna dipaparin alam hirup anu anyar.
9 Waktos keur jadi bujang batur, abdi
sadaya ku Gusti henteu dikantun. Gusti
ngagerakkeun manah raja-raja Persia
dugi ka mikawelas ka abdi-abdi, maparin
kalaluasaan ngadegkeun deui Bait Gusti anu
parantos burak-barik, kalayan pinanggih
sareng kasantosaan di dieu, di Yuda sareng
Yerusalem.
10 Tina perkawis kadorakaan anu ayeuna,
kedah kumaha abdi nyanggemkeunana?
Abdi-abdi parantos ngarempak deui
timbalan-timbalan
11 anu ku Gusti ditimbalkeun ku perantaraan
nabi-nabi utusan Gusti. Padahal abdi-abdi
teh parantos diwawadian, yen tanah anu
bade dicicingan teh tempat najis, margi
jalmi-jalmi anu caricing di dinya, ti tungtung
dugi ka tungtungna deui kalotor kalakuanana,
doraka.
12 Parantos diwawadian ku nabi-nabi, yen
abdi-abdi teu kenging gaduh bojo ka urang
nagara ieu. Parantos diwawadian, yen upami
hayang gaduh ieu tanah turun-tumurun

salalamina, abdi-abdi teu kenging ngabantu atanapi mangusahakeun maranehanana sangkan sarenang hirupna.
13 Kadorakaan abdi-abdi parantos kenging hukumanana. Sanaos kitu nun Allah abdi sadaya, abdi-abdi terang yen upami dibanding sareng ageungna dosa sarawuh kadorakaanana mah, sayaktosna hukumanana teh teu sabaraha, tur abdi-abdi diwidian keneh hirup.
14 Jadi kedahna mah asa kacida teuing upami abdi-abdi dugi ka ngalalaworakeun kana timbalan-timbalan, tur dugi ka garaduh bojo ka jalma-jalma anu jarahat kitu! Margi upami dugi ka kitu teh tangtos Gusti bendu, tangtos abdi-abdi ku Gusti dibasmi, moal aya anu diwidian hirup.
15 Nun GUSTI, Allah Israil, Gusti sakalangkung leres, margi kersa keneh ngahirupan ka abdi sadaya. Ayeuna abdi-abdi nyanggakeun samudaya kadorakaan ka payuneun Gusti, rumaos henteu layak ngadeuheus ka payuneun Gusti."
10 1 Sabot Esra sideku neneda di buruan Bait Allah ngakukeun dosa-dosa bangsana bari nangis, urang Israil ngagimbung ka anjeunna loba pisan, lalaki, awewe, jeung barudak, marilu ceurik.
2 Pok Sekanya bin Yehiel ti warga Elam mihatur ka Esra, pihaturna, "Sim kuring sadaya parantos henteu iman ka Allah,

ngawin awewe bangsa sanes. Nanging aya keneh harepan kangge Israil.
3 Urang kedah ikrar ka Allah panutan yen seja mulangkeun eta sadaya awewe sareng anak-anakna. Sakur nasehat Bapa sareng anu alajrih kana timbalan-timbalan Allah sumeja ditumutkeun. Naon bae anu dipundut ku Hukum Allah sumeja diestokeun.
4 Ngalereskeunana teu bade ngalangkungan, Bapa anu kagungan hak ngalereskeunana, sim kuring sadaya sumeja ngiringan. Mangga jalankeun kumaha saena."
5 Jung Esra ngadeg, sarta imam-imam kapala, lulugu-lulugu kaom Lewi jeung sakabeh urang Israil disina sumpah, sangkan ngajalankeun pirempug anu disodorkeun ku Sekanya.
6 Ti dinya anjeunna ngantunkeun palataran Bait Allah, lebet ka pondok Yohanan bin Elyasib, ngawengi di dinya, teu tuang teu leueut awahing ku prihatin ku kadorakaan jelema-jelema anu marulang ti pangbuangan.
7 Ti dinya diembarkeun ka sakuliah Yerusalem jeung Yuda, yen anu marulang ti pangbuangan kudu kumpul kabeh di Yerusalem.
8 Kitu parentah para kapalana. Sing saha anu teu datang di jero wates tilu poe, sakabeh hartana baris dijabel sarta baris dicabut hakna jadi anggota jamaah.

9 Di jero tilu poe eta, dina tanggal dua puluh
bulan ka salapan, urang Yuda jeung urang
Binyamin kabeh geus aya di Yerusalem, tuluy
karumpul di buruan Bait Allah. Karumpul
bari marurungkut teu kuat ku tiisna hawa,
kawantu harita keur hujan gede pisan,
turug-turug bari mangsar-mingsir paur ku
gempungan anu sakitu pentingna.
10 Jung Imam Esra ngadeg sasauran. Kieu
saurna, "Maraneh geus nyieun kasalahan
jeung mawa kadorakaan ka Israil, karawin ka
awewe bangsa batur.
11 Geura araku eta dosa teh ka PANGERAN,
Allah karuhun maraneh, tembongkeun
kalakuan anu matak raos kana manah
Mantenna. Kudu ngajarauhkeun maneh
ti jelema-jelema deungeun di nagri ieu
anu henteu sabangsa jeung urang, jeung
singkahkeun awewe-awewe pamajikan
maraneh anu lain bangsa urang teh."
12 Jelema-jelema bareng ngajawab, "Sumeja
diestokeun!"
13 Tapi pokna deui, "Ieu kempelan sakieu
ageungna, sareng hujan sakieu ageungna.
Abdi-abdi parantos teu kiat di laluar. Tur ieu
perkawis teh moal rengse ku sadinten dua
dinten ku seueurna anu kabeulit ku ieu dosa.
14 Kitu nu mawi nyuhunkeun dipanglereskeun
bae ku pangurus masing-masing. Aranjeunna
sina ngarantosan di dieu di Yerusalem.
Salajengna, anu garaduh bojo ka awewe

bangsa batur sina ngadareuheus ka dieu
dina waktos anu ditangtoskeun, disarengan
ku pangurus sareng hakim ti tempatna
masing-masing. Mugi-mugi ieu jalan jadi
lantaran sirepna bebendu Allah tina ieu
perkara."
15 Anu karumpul teu aya anu ngabantah
kana ieu usul, iwal ti Yonatan bin Asahel
jeung Yahsea bin Tikwa anu disokong ku dua
urang Lewi, Mesulam jeung Sabetai.
16 Ku sabab ieu usul geus kasatujuan ku anu
marulang ti pangbuangan, seug Imam Esra
nangtoskeun jelema-jelema ti para pamingpin
golongan pikeun nguruskeun, sarta ngaran-
ngaranna dicatet. Dina tanggal hiji bulan
sapuluh pariksaan geus dimimitian.
17 Nguruskeun perkara jelema-jelema anu
rarabi ka awewe bangsa sejen teh lilana nepi
ka tilu bulan.
18 Ieu daptar ngaran anu karawin ka awewe
bangsa deungeun: Ti kalangan imam:
Ti golongan Yesua sadudulur, anak-anak
Yosadak: Maaseya, Elieser, Yarib jeung
Gedalya.
19 Geus jarangji sanggup nyerahkeun bojo
masing-masing, tuluy ngurbankeun hiji
domba jalu keur nebus dosa.
20 Ti golongan Imer: Hanani jeung Sebaya.
21 Ti golongan Harim: Maaseya, Elias,
Semaya, Yehiel jeung Usia.

22 Ti golongan Pashur: Elyuenai, Maaseya,
Ismail, Netanel, Yosabad jeung Elasa.
23 Urang Lewi: Yosabad, Simei, Kelaya
(katelahna Kelita), Petahya, Yuda jeung
Elieser.
24 Pamaen musik: Elyasib. Ti tukang jaga
Bait Allah: Salum, Telem jeung Uri.
25 Nu lianna: Ti golongan Paros: Ramya,
Yisia, Malkia, Miyamin, Elasar, Malkia jeung
Benaya.
26 Ti golongan Elam: Matanya, Jakaria,
Yehiel, Abdi, Yeremot jeung Elias.
27 Ti golongan Satu: Elyuenai, Elyasib,
Matanya, Yeremot, Sabad jeung Asisa.
28 Ti golongan Bebai: Yohanan, Hananya,
Sabai jeung Atlai.
29 Ti golongan Bani: Mesulam, Maluk, Adaya,
Yasub, Saal jeung Yeremot.
30 Ti golongan Pahat Moab: Adna, Kelal,
Benaya, Maaseya, Matanya, Besalel, Binui
jeung Menase.
31 (10:31-32) Ti golongan Harim: Elieser,
Yisea, Malkia, Semaya, Simeon, Binyamin,
Maluk jeung Semarya.
32 (10:31)
33 Ti golongan Hashum: Matenai, Matata,
Sabad, Elipelet, Yeremai, Menase jeung
Simei.
34 (10:34-37) Ti golongan Bani: Maadai,
Amram, Uel, Benaya, Bedeya, Keluhi, Pania,

Meremot, Elyasib, Matanya, Matenai, jeung
Yaasai.
35 (10:34)
36 (10:34)
37 (10:34)
38 (10:38-42) Ti golongan Binui: Simei,
Selemya, Natan, Adaya, Mahnadbai, Sasai,
Sarai, Asarel, Selemya, Semarya, Salum,
Amarya jeung Yusup.
39 (10:38)
40 (10:38)
41 (10:38)
42 (10:38)
43 Ti golongan Nebo: Yiel, Matica, Sabad,
Sebina, Yadai, Yoel jeung Benaya.
44 Sakitu kabehna anu baroga pamajikan
ka awewe bangsa deungeun. Pamajikan-
pamajikanana kabeh geus diserahkeun, sina
baralik ka asalna katut anak-anakna.

Nehemia

1 [1] Ieu laporan Nehemia bin Hakalya tina hal
anu dilampahkeun ku anjeunna. Mangsa
kadua puluh taun Artahsasta jadi raja Persia,
dina bulan Kislew, waktu sim kuring aya
keneh di ibukota Susan,
[2] dulur sim kuring anu ngaran Hanani ti tanah
Yuda, datang jeung baturna sababaraha
urang. Sim kuring nanyakeun kaayaan
Yerusalem jeung dulur-dulur sasama urang
Yahudi anu marulang ti pangbuangan di
Babul.
[3] Jawabna, dulur-dulur nu rahayu bisa
marulang ka lemah cai teh keur katarajang
susah gede, turug-turug dihina ku tatangga-
tatanggana bangsa-bangsa sejen. Tembok
kuta Yerusalem angger ancur, gapura-
gapurana ti barang tas aya nu ngahuru acan
diomean deui.
[4] Meunang beja kitu, brek sim kuring diuk
bari ceurik. Meunang sababaraha poe sim
kuring teu dahar-dahar acan, prihatin teu
leungit-leungit. Seug neneda ka Allah,
[5] "Nun GUSTI, Allah Sawarga! Gusti teh
agung sareng matak gimir! Gusti pengkuh
nyepeng perjangjian ka sugri anu nyaah
sareng ngestokeun timbalan-timbalan!

6 Tingali nun PANGERAN, sareng dangukeun
ieu paneda abdi siang sareng wengi tina
perkawis umat Gusti, bangsa Israil. Abdi
rumaos, urang Israil teh gaduh dosa ka
Gusti. Kitu deui karuhun-karuhun sareng abdi
pribadi oge gaduh dosa.
7 Doraka, ngabaha ka Gusti, teu tumut kana
timbalan. Henteu tigin kana papakon-papakon
anu ku Gusti ditetepkeun pikeun abdi sadaya
ku perantaraan Musa, abdi Gusti tea.
8 Tangtos Gusti emut, Gusti parantos
nimbalan kieu ka Musa, Maraneh Israil,
upama henteu satia ka Kami, tan wande
dipabalencarkeun ka bangsa-bangsa sejen.
9 Tapi upama tarobat sarta ngagugu kana
timbalan Kami, najan keur pabalencar nepi ka
tungtung jagat oge, tan wande dipulangkeun
ka tempat anu ku Kami geus dipilih geusan
ngabakti ka Kami.
10 Nun PANGERAN, eta teh sadayana
abdi-abdi Gusti, umat Gusti ku manten,
kenging Gusti ngajait ku pangawasa
sareng kadigjayaan anu langkung-langkung
agungna.
11 Mugi kersa ngadangu kana panyambat
abdi, sareng kana panyambat sugri anu
sumeja ngamulyakeun ka Gusti, mugi-mugi
abdi mendak kurnia ti raja, dikabulkeun
panuhun." Kitu paneda sim kuring. Harita sim
kuring teh jadi juruladen leueuteun prabu.

2 [1]Opat bulan ti harita, dina hiji poe
waktu Raja Artahsasta tuang, sim kuring
nyanggakeun leueuteun. Katingalieun sim
kuring nguyung tara-tara ti sasari.
[2]Seug anjeunna mariksa, "Nguyung-
nguyung teuing, ku naon? Da lain ari gering
mah. Tangtu keur boga kasusah." Sim kuring
mani ngagebeg,
[3]pok unjukan, "Mugi Kangjeng Raja wilujeng
sapapaosna. Kumaha jisim abdi bade
kiat nahan kasesah, reh lembur tempat
makam karuhun parantos bukrak-bakrek,
gapura-gapurana seep aya nu ngahuru."
[4]Prabu mariksa deui, "Cik, kumaha
kahayang maneh?" Bari sasambat ka Allah
Sawarga,
[5]sim kuring unjukan ka raja, "Madak
Gusti Sang Raja kersa ngabulkeun, abdi
nyuhunkeun diwidian mulang ka lembur,
ka tanah Yuda, tempat pasarean karuhun,
sumeja diwangun deui."
[6]Raja, anu harita digedeng ku prameswari,
nyaluyuan kana panuhun sim kuring. Jeung
mariksa rek sabaraha lilana indit teh, iraha
rek balik deui. Ku sim kuring diunjukkeun
pililaeunana.
[7]Sim kuring nyuhunkeun deui kurniana,
nyuhunkeun serat keur para gupernur di
Eprat Kulon, sangkan aranjeunna ngidinan
sim kuring ngajugjug tanah Yuda.

8 Oge nyuhunkeun serat keur ka Asap
kawasa leuweung karajaan, sangkan maparin
kai keur bahan panto-panto benteng Bait
Allah, pikeun kuta jeung pikeun piimaheun
sim kuring. Berkah ti Allah, sagala panuhun
sim kuring ku raja dikabul.
9 Raja miwarang sapasukan serdadu kuda
jeung sawatara perwirana, dipiwarang
maturan sim kuring ka Eprat Kulon. Serat
ti raja ku sim kuring disanggakeun ka
gegeden-gegeden di dinya.
10 Tapi Sanbalat, ti desa Bet Horon,
jeung Tobia, hiji pajabat ti propinsi Amon,
ngadarenge yen aya jelema datang rek
digawe pikeun kapentingan urang Israil teh
kacida arambekeunana.
11 Ti dinya sim kuring terus ka Yerusalem.
Geus tilu poe di dinya,
12 tapi pikarepeun sim kuring ka Yerusalem
anu geus diilhamkeun ku Allah, acan
diomongkeun ka sasaha. Tengah peuting
eta sim kuring kaluar, dianteur ku sawatara
urang. Sato keur tutumpakan ngan aya
hiji-hijina, kalde nu ditumpakan ku sim kuring
wungkul.
13 Kaluar ti kota teh peuting keneh, bijilna ti
Gapura Lebak di beulah kulon. Terus maju ka
kidul ka Gapura Jarian, ngaliwatan Pancuran
Naga, bari nengetan kuta anu geus arurug
jeung lawang-lawang anu geus lebur urut
ngahuru.

14 Nepi ka sisi kota beulah wetan, mengkol
ka kaler arek ka Gapura Pancuran jeung ka
Empang Raja. Tapi ku sabab jalanna pinuh ku
nu pagalituk, kalde teu manggih tincakeun.
15 Ku sabab kitu sim kuring terus mudun ka
Lebak Kidron bari nengetan kuta. Geus kitu
balik deui ka urut tadi, terus asup deui ka
jero kota ti Gapura Lebak.
16 Tas ti mana jeung tas naon sim kuring,
gegeden di dinya taya nu terangeun
saurang-urang acan. Nepi ka harita, sim
kuring acan nyarita naon-naon ka sasama
urang Yahudi oge, boh ka imam-imam, boh
ka para pamingpin jeung gegeden-gegeden,
atawa ka sing saha bae anu engkena baris
marilu ngabantu kana pagawean.
17 Nyarita-nyarita teh ayeuna. Kieu
carek sim kuring ka maranehna, "Pohara
pikangeneseunana kaayaan urang teh.
Yerusalem jadi bukrak-bakrek, gapura-
gapurana lebur! Urang jieun deui kuta teh,
sangkan urang lubar tina kaayaan hina."
18 Satuluyna sim kuring nyarita yen geus
meunang pangjaring jeung pitulung Allah.
Timbalan raja tea dicaritakeun ka maranehna.
Ku maranehna ditema kieu, "Hayu urang
geura prak mimitian!" Seug maranehna
tatan-tatan.
19 Eta paniatan kadengeeun ku Sanbalat
jeung Tobia, jeung ku hiji urang Arab
anu ngaranna Gesyem. Seug maranehna

nyeungseurikeun bari pokna, "Rek boga pamaksudan naon maraneh teh? Rek barontak ka raja?"
20 Dijawab ku sim kuring, "Ku pitulung Allah Sawarga, paniatan kuring pasti bukti. Kuring, abdi-abdi Mantenna, ayeuna rek mimiti barang gawe ngadegkeun. Sabalikna aranjeun teu boga hak atawa milik naon bae di Yerusalem, sarta dina adat istiadat ieu kota, aranjeun teu boga bagian."
3 1 Ieu laporan hal prak-prakan diomeanana kuta Yerusalem. Imam Agung Elyasib jeung sasama para imam ngadegkeun deui Gapura Domba, panto-pantona dipasang jeung dihususkeun pikeun PANGERAN. Kuta teh diomeanana jeung dihususkeunana nepi ka Munara Saratus jeung Munara Hananel.
2 Bagian saterusna dipigawe ku urang Yeriho, ditema ku bagian Sakur bin Imri.
3 Gapura Lauk dipigawe ku warga Senaah, balok-balok jeung panto-pantona diterapkeun, lengkep katut sarigsig-sarigsig jeung tulak-tulakna.
4 Ti dinya diteruskeun ku bagian Meremot bin Uria incu Hakos, disambung ku bagian Mesulam bin Berekya incu Mesesabel, diteruskeun ku bagian Sadok bin Baana.
5 Ti dinya diteruskeun ku urang Tekoa. Tapi pamingpin-pamingpin urang Tekoa mah dibere pagawean kasar ku mandor-mandorna teh nolak.

6 Gapura Yesyana dipigawe ku Yodaya bin
Paseah jeung Mesulam bin Besoja. Balok-
balok jeung panto-pantona diterapkeun,
lengkep katut sarigsig-sarigsig jeung
tulak-tulakna.
7 Ti dinya diteruskeun ku Melaca urang
Gibon, Yadon urang Meronot, jelema-jelema
ti Gibon jeung ti Mispa, nepi ka semet
panglinggihan gupernur Eprat Kulon.
8 Ti dinya diteruskeun ku Usiel bin Harhaya,
kamasan. Diteruskeun ku Hananya tukang
nyieun seuseungitan, nepi ka Kuta Lega.
9 Disambung ku Repaya bin Hur, kapala
saparo Distrik Yerusalem.
10 Diteruskeun ku Yedaya bin Harumap, anu
kabagian migawe bagian deukeut imahna
keneh. Ti dinya disambung ku Hatus bin
Hasabneya.
11 Diteruskeun ku Malkia bin Harim jeung
Hasub bin Pahat Moab, ditambah ku
ngawangun deui Munara Hawu.
12 Ti dinya disambung ku Salum bin Halohes,
kapala Distrik Yerusalem anu saparo deui,
dibarantuan ku putra-putrana anu istri.
13 Gapura Lebak dipigawe ku Hanun jeung
jelema-jelema urang Sanoa. Panto-pantona
dipasang, lengkep katut sarigsig-sarigsig
jeung tulak-tulakna, ditambahan ku ngomean
kutana sapanjang 440 meter nepi ka semet
Gapura Jarian.

14 Gapura Jarian dipigawena ku Malkia
bin Rehab, kapala Distrik Bet Kerem.
Panto-pantona dipasang, lengkep katut
sarigsig-sarigsig jeung tulak-tulakna.
15 Gapura Pancuran dipigawe ku Salum
bin Kolhose, kapala Distrik Mispa. Jalan
paranti asupna dihateupan, panto-pantona
dipasang, lengkep katut sarigsig-sarigsig
jeung tulak-tulakna. Kuta gigireun taman raja
oge, lebah Empang Sela, diomean nepi ka
semet tangga anu mudun ti Kota Daud.
16 Ti dinya disambung ku Nehemia bin
Asbuk, kapala Distrik saparo Bet Sur nepi ka
makam Daud, terus nepi ka semet empang
jeung tangsi.
17 Urang Lewi anu kabagian ngomean
sababaraha bagian kuta, nya eta: Rehum
bin Bani, ngomean sabagian. Diteruskeun
ku Hasabya, kapala Distrik saparo Kehila,
ngawakilan distrikna.
18 Ti dinya disambung ku Bawai bin Henadad,
kapala Distrik Kehila anu saparo deui.
19 Bagian anu di hareupeun gudang pakarang
nepi ka pojok anu mengkol, diomeanana ku
Eser bin Yesua, kapala di Mispa.
20 Ti dinya nepi ka semet lawang buruan
bumi Imam Agung Elyasib, diomeanana ku
Baruk bin Sabai.
21 Ti semet eta nepi ka tungtung bumina
Elyasib, diomeanana ku Meremot bin Uria
incu Hakos.

22 Para imam anu marilu ngomean kuta
nya eta: Para imam anu di sakurilingeun
Yerusalem.
23 Binyamin jeung Hasub ngomean bagian
anu di payuneun bumina. Ditema ku Asaria
bin Maaseya putu Ananya, ngomean bagian
anu di payuneun bumina.
24 Binui bin Henadad ngomeanana ti semet
bumi Asarya nepi ka pojok kuta.
25 (3:25-26) Palal bin Usai ngomeanana ti
semet pojok eta jeung ti tonggoheun munara
karaton, deukeut gardu jaga. Pedaya bin
Paros ngomeanana ti semet eta nepi ka
tungtung wetan deukeut Gapura Cai jeung
munara jaga Bait Allah, deukeut tempat anu
ngaran Opel, pamatuhan kuli-kuli Bait Allah.
26 (3:25)
27 Urang Tekoa kabagian ngawangun mimiti
ti bagian anu pahareup-hareup jeung munara
gede paranti jaga Bait Allah, nepi ka kuta
deukeut Opel.
28 Ti semet eta, ti semet Gapura Kuda ka
kaler, digarap ku sawatara urang imam,
bagian hareupeun imahna masing-masing.
29 Sadok bin Imer kabagian ngagarap anu di
hareupeun imahna. Bagian saterusna digarap
ku Semaya bin Sekanya, tukang jaga Gapura
Wetan.
30 Hananya bin Selemya jeung Hanun,
anak Salap anu kagenep, ngagarap bagian
saterusna, kadua kalina. Ditema ku Mesulam

bin Berekya, ngagarap anu di hareupeun imahna.
31 Ti semet eta ka dituna digarap ku Malkia, kamasan, nepi ka wawangunan anu diparake ku kuli-kuli Bait Allah jeung ku tukang-tukang dagang, semet Gapura Mipkad, palebah loteng kuta di juru anu nyanghareup ka beulah kaler jeung wetan.
32 Bagian anu panganggeusan, nya eta ti semet juru loteng tea nepi ka Gapura Domba, dipigawena ku kamasan-kamasan jeung tukang-tukang dagang.
4 1 Barang Sanbalat nyahoeun yen urang Yahudi geus mimiti nyieun kuta, hatena ngentab, seug bae ngahina.
2 Kieu ngomongna di hareupeun babaturanana jeung hareupeun balad Samaria, "Eta si Yahudi taya kabisa teh keur nyarieun naon? Arek ngadegkeun deui kotana meureun karepna mah! Naha samarukna eta pagawean teh rek bisa anggeus dina sapoe pedah geus mere kurban? Na bisa nyieun wawangunan tina batu ku bahan-bahan urut kaduruk?"
3 Ditempas ku Tobia di gigireunana, pokna, "Kuta naon siga kitu? Didobrak ku careuh ge rungkad!"
4 Sim kuring neneda, "Nun Allah, dangukeun eta anu moyok ka abdi-abdi! Mugi pamoyokna malindes ka dirina. Sing dirampog sagala

kagaduhna. Sing dibaroyong, dibarui di tanah batur.
5 Kadorakaanana ulah dipaparin ampun. Dosana ulah dihampura, parantos ngahina ka abdi-abdi anu keur digarawe."
6 Kuta diteruskeun diomean. Teu mangkuk lila luhurna geus meunang satengahna, kawantu anu digarawena karesit.
7 Sanbalat, Tobia, kitu deui urang Arab, urang Amon jeung urang Asdod mareunang beja, yen pagawean ngadegkeun deui kuta Yerusalem kacida lancarna, babagian-babagian anu rarungkad geus katutup. Maranehanana jadi arambekeun.
8 Tuluy barempug arek nempuh ka Yerusalem, rek disina kalangkabut.
9 Tapi sim kuring neneda ka Allah panutan, sarta beurang peuting nempatkeun jaga.
10 Urang Yuda nyieun lagu, seug dikarawihkeun: "Geus teu kuat ngakutan anu bareurat, loba keneh nu kudu diangkat. Naha sanggup poe ieu nuluykeun gawe?"
11 Musuh mah nyangkana urang teu terang nanaon, nyaho-nyaho lamun enggeus ditarajang diparaehan nepi ka pagawean bongkor.
12 Padahal beja paniatan maranehna kitu teh teu kendat katarima ti urang Yahudi anu caricingna campur jeung eta musuh.
13 Dulur-dulur ku sim kuring dibere pakarang, pedang, tumbak jeung jamparing,

tuluy ditempatkeun diatur nurutkeun warga masing-masing di tukangeun kuta anu can anggeus.
14 Tapi dulur-dulur teh bangun salempang. Ku sabab eta dulur-dulur jeung kapala-kapala sarta para pamingpinna, ku sim kuring diomongan, "Teu kudu dipikarisi eta musuh teh. Sing aringet kumaha gagahna, kumaha hebatna PANGERAN. Tarung masing teuneung, ngabela batur sabangsa, ngabela anak rabi, ngabela imah pangancikan."
15 Musuh teh tuluyna mah nyahoeun yen niat hasudna geus katohyan. Karasaeun yen paniatanana geus digagalkeun ku Allah. Geus kitu mah dulur-dulur teh neruskeun deui hanca migawe kuta.
16 Ti harita dulur-dulur teh diatur, sawareh digarawe, sawareh deui ngajaraga, marake baju kere, samakta ku pakarang, tumbak, kepeng, jamparing. Ari para pamingpin sakuat-kuat marantuan dulur-dulur
17 anu digarawe. Anu ngakutan bahan-bahan mah malah digarawena teh kapaksa ku sabeulah leungeun, lantaran nu sabeulah deui nyekel pakarang.
18 Anu marigawe kuta oge digarawena teh bari nyaroren pedang. Jeung aya saurang anu ngagondeng sim kuring, kawajibanana niup tarompet tangara.
19 Sim kuring ngomong ka dulur-dulur jeung ka kapala-kapala sarta pamingpin-

pamingpinna, "Ieu hanca ngembat sakieu panjangna, ti tungtung ka tungtung deui panjang pisan.
20 Ku margi eta upami aya tangara tarompet kedah enggal kempel ka sim kuring. Allah tangtos mantuan urang perang."
21 Saban poe, ti wanci balebat nepi wanci bijil deui bentang-bentang, dulur-dulur teh sawareh digarawe, sawareh ngajaraga bari nyarekel tumbak.
22 Nu keur digarawe ku sim kuring dipenta, yen sapanjang keur kitu mah, kabeh katut jeung juru-juru ladenna kudu mareuting di Yerusalem bae, sangkan ari ti peuting ngajaga kota, ti beurang digarawe.
23 Sim kuring, ti peuting oge tara cucul pakean, kitu deui babaturan, gandek-gandek jeung pangawal-pangawal sim kuring, bari teu lesot ti pakarang.
5 1 Dina hiji waktu, dulur-dulur lalaki awewe loba anu rarumahuh ku kalakuan dulur-dulurna urang Yahudi keneh.
2 Pokna, "Parabaneun rea, gandum geus teu boga, kudu kumaha nya hirup."
3 Aya nu rumahuhna kieu, "Lahan, kebon anggur, imah, kapaksa digadekeun sangkan teu nepi ka langlayeuseun."
4 Aya oge anu ngomong kieu, "Keur mayar pajeg tanah jeung kebon anggur ka nagara ge kapaksa kudu nginjeum.

5 Padahal urang jeung maranehna teh
tunggal keneh urang Yahudi. Barudak urang
sarua balageur cara anak-anakna. Tapi naha
ari barudak urang nepi ka jadi badegana.
Anak nu awewe kitu keneh, kajual ka
maranehna jadi badega. Urang geus teu
bisa naon-naon lantaran lahan jeung kebon
anggur geus leupas ka batur."
6 Nguping dulur-dulur rarumahuh, sim kuring
jadi jengkel
7 ka kapala-kapala jeung pamingpin-
pamingpinna. Sim kuring ihtiar. Maranehna
dielingan, "Aranjeun meres ka dulur
sorangan!" Sim kuring ngayakeun
gempungan rek ngabarempugkeun sual eta.
8 Ti dinya nyarita, "Sim kuring sarerea
geus satekah polah nebus dulur-dulur,
urang Yahudi, anu ngajarual maneh ka
bangsa batur. Ari aranjeun kalah ka ngahaja
sangkan dulur-dulur teh ngajarual maneh ka
aranjeun, papada urang Yahudi!" Maranehna
ngabaretem teu bisa ngajawab.
9 Sim kuring neruskeun, "Kalakuan kitu
teh salah! Cik sing sarieun ku Allah, sing
bener lampah, sangkan musuh urang anu teu
baroga agama nu bener teu manggih jalan
keur ngagogoreng ka urang.
10 Eta dulur-dulur ku sim kuring sabatur-
batur jeung ku nu digarawe di sim kuring
geus dibarere nginjeum duit jeung gandum.
Tapi urang bebaskeun bae teu kudu malayar.

11 Hutang-hutangna ka aranjeun oge,
boh duit boh gandum boh anggur atawa
minyak jetun, ku aranjeun ulah ditagih.
Lahan-lahanna, kebon anggurna, pelak
jetunna, imah-imahna, pulang-pulangkeun
deui poe ieu keneh!"
12 Maranehna ngajawab, "Ngiringan kana
pangersa. Sagala rupina bade dipulangkeun,
hutang-hutangna bade dibebaskeun." Sim
kuring manggil imam-imam. Kapala-kapala
tea sina sarumpah di hareupeun imam-imam
sangkan jangjina dilaksanakeun.
13 Geus kitu sim kuring ngudar beubeur tina
cangkeng seug dikebutkeun, bari ngucap
kieu, "Upama aranjeun henteu nekanan
jangji, baris dikebutkeun ku Allah. Imah
aranjeun saeusina baris dimusnakeun, moal
aya nu disesakeun." Anu karumpul bareng
nyebut, "Amin," dituluykeun ku muji ka
PANGERAN. Jangji kapala-kapala tea enya
dilaksanakeun.
14 Geus dua belas taun sim kuring jadi
gupernur tanah Yuda, nya eta ti taun
kadua puluh nepi ka taun katilu puluh dua
Artahsasta jumeneng raja, sim kuring can
kungsi ngasaan kadaharan anu pantes keur
gupernur. Baraya-baraya nya kitu keneh.
15 Gupernur-gupernur nu tihareula mah
digarawena teh sok ngabeungbeuratan
rahayat, saban poe mundut ka rahayat 40
uang perak, keur meuli kadaharan jeung

anggur. Pagawe-pagawena oge ka rahayat teh wani meres. Sim kuring mah jelema anu sieun ku Allah, palias kitu.
16 Jeung boro-boro mikirkeun hayang
boga tanah, katungkulkeun kana pagawean ngawangun deui kuta tea. Anu digarawe di sim kuring oge marilu marantuan digawe.
17 Dina waktu-waktu anu angger sim kuring geus biasa mere dahar ka saratus lima puluh urang Yahudi jeung kapala-kapalana, can kaitung semah-semah ti bangsa-bangsa tatangga anu nyaremah ka sim kuring.
18 Saban poe meuncit sapi hiji, domba pilihan genep, hayam pirang-pirang, sarta sapuluh poe sakali nyadiakeun anggur rupa-rupa. Kilang kitu sim kuring tara menta ditunjang sakumaha hak gupernur, lantaran terang rahayat teh beurat tanggunganana.
19 Nun Allah, ieu sagala rupi ihtiar jisim abdi enggoning nalang sareng nulung dulur-dulur, disanggakeun ka Gusti.

6 1 Sanbalat, Tobia, Gesyem jeung sakur anu ngamusuh ka urang mareunang beja, yen kuta geus anggeus, anu gararowongna kabeh geus katutup, kari masangkeun lawang-lawang jalan asupna.
2 Sanbalat jeung Gesyem ngirim utusan ka sim kuring, cenah sim kuring kudu nepungan di hiji kampung, di Lebak Ono. Eta teh akalna, arek nyilakakeun ka sim kuring.

3 Ku sim kuring dijawab, "Teu tiasa. Keur aya
padamelan penting, bilih katunda lantaran
nepangan aranjeun."
4 Mentana ditemonan teh geus opat kali,
sarta unggal-unggal ku sim kuring dijawabna
sarua.
5 Kalima kalina, utusanana teh mawa surat
teu make amplop.
6 Kieu suratna, "Kenging wartos ti Gesyem,
yen jalmi-jalmi anu disakuriling rame gehger
majar anjeun sareng urang Yahudi bade
barontak, eta margina anjeun ngomean
kuta. Sanggem Gesyem deui, anjeun bade
ngajenengkeun maneh jadi raja,
7 parantos ngajenengkeun nabi-nabi kangge
ngembarkeun di Yerusalem yen anjeun
jadi raja di tanah Yuda. Hal ieu tangtos
parantos kadangu ku Kangjeng Raja. Kitu nu
mawi perlu urang tepang ngabarempagkeun
perkawis eta."
8 Ku sim kuring dijawab, "Anu disaurkeun ku
anjeun taya hiji anu bukti. Jijieunan anjeun
bae."
9 Maranehna nyoba-nyoba nyingsieunan
ngarah pagawean bongkor. Sim kuring
neneda, "Nun Allah, mugi abdi-abdi dipaparin
kakuatan!"
10 Geus kitu sim kuring nganjang ka Semaya
bin Delaya incu Mehetabel, lantaran manehna
teu bisa ninggalkeun imah. Manehna
ngomongan ka sim kuring, "Bapa, urang

nyumput sareng abdi di Kamar Suci di Bait Allah, pantona urang tulakan, margi bade aya anu ka darieu seja nelasan ka Bapa. Boa wengi ieu ge darongkap."
11 Jawab sim kuring, "Bapa mah teu biasa manglumpatkeun jeung lain tukang nyumput. Naha ku nyumput di Bait Allah teh Bapa bisa salamet? Embung Bapa mah."
12 Sanggeus dipikiran, tetela eta omongan Semaya teh lain ti Allah, tapi ti Sanbalat jeung Tobia, anu geus nyogok ka manehna sina pura-pura pupulih kitu ka sim kuring.
13 Semaya ku maranehna disewa sina nyingsieunan sangkan kuring nyieun dosa, sangkan maranehna bisa ngaragragkeun ngaran sim kuring jeung ngarendahkeun martabat sim kuring.
14 Sim kuring neneda, "Nun Allah, emutkeun eta kalakuan Tobia sareng Sanbalat. Mugia maranehna dihukum ku Gusti. Sing emut oge ka awewe anu nami Nodiah, sareng ka nabi-nabi sanesna anu kapungkur nyobi-nyobi nyingsieunan ka abdi."
15 Sanggeus lima puluh dua poe, dina tanggal dua puluh lima bulan Elul, kuta teh geus anggeus pisan.
16 Barang bejana nepi ka musuh-musuh sakurilingeun, maranehna jadi kacida kaeraanana, lantaran geus katembong ku sarerea yen eta pagawean teh kalayan pitulung Allah bisa rengse.

17 Sajeroning kitu, pamingpin-pamingpin
urang Yahudi geus susuratan jeung Tobia.
18 Loba urang Yuda anu ngabatur ka Tobia,
dumeh mitohana urang Yahudi, nya eta
Sekanya bin Arah. Turug-turug Yohanan,
anakna, boga rabi ka anak Mesulam bin
Berekya.
19 Sanajan Tobia teu eureun-eureun
nyingsieunan sim kuring dina surat-suratna,
tapi ku eta jelema-jelema teh teu weleh
dialem di hareupeun sim kuring, sarta
saomong-omong sim kuring ku maranehna
sok ditepikeun ka Tobia.
7 1 Ayeuna kuta geus anggeus. Lawang-
lawangna geus dipasang. Tukang-tukang
jaga, para jurukawih, jeung urang Lewi lianna
geus nyarekel tugasna masing-masing.
2 Sim kuring ngangkat dua jelema pikeun
ngatur kota Yerusalem, nya eta Hanani dulur
sim kuring, jeung Hananya, kapala kawasa
leuweung. Hananya jelema pinter tur sieun
ku Allah, taya sasamana.
3 Ku sim kuring diomongan, yen lawang-
lawang kota Yerusalem lamun acan bray
isuk jeung panonpoe acan moncorong, ulah
waka dibuka. Jeung samemeh kawal-kawal
daratang ngajaga pabuburit, salawasna kudu
ditutup sarta dipalang. Jaba ti eta kudu
neundeun jelema ti kota Yerusalem, sawareh
sina ngarajaga di garduh-garduh. Sawareh

deui kudu ngaronda sabudeureun imahna masing-masing.
4 Yerusalem teh kota gede, tapi pangeusina acan sakumaha lobana, imah oge loba anu can dijieun.
5 Sim kuring kenging ilham ti Allah, kudu ngumpulkeun dulur-dulur jeung kapala-kapala sarta pamingpin-pamingpinna, kudu ditaliti sajarah karuhunna. Tina daptar anu marulang ti heula ti pangboyongan, nurutkeun catetanana kieu:
6 Loba pisan anu marulang ti pangbuangan di Babul teh, marulang ka Yerusalem jeung Yuda, ka lemburna masing-masing. Caricingna di ditu ti barang diboyong ku Raja Nebukadnesar.
7 Kapala-kapalana nya eta: Serubabel, Yosua, Nehemia, Asarya, Raamya, Nahamani, Mordekai, Bilsan, Misperet, Bigwai, Nehum jeung Baana.
8 (7:8-25) Ieu daptar golongan-golongan Israil, katut jumlah lobana anu marulang ti pangbuangan: Golongan Paros 2.172; Golongan Sepaca 372; Golongan Arah 652; Golongan Pahat Moab (turunan Yesua jeung Yoab) 2.818; Golongan Elam 1.254; Golongan Satu 845; Golongan Sakai 760; Golongan Binui 648; Golongan Bebai 628; Golongan Asgad 2.322; Golongan Adonikam 667; Golongan Bigwai 2.067; Golongan Adin 655; Golongan Ater (anu katelah Hiskia) 98;

Golongan Hashum 328; Golongan Besai 324;
Golongan Harip 112; Golongan Gibon 95.
9 (7:8)
10 (7:8)
11 (7:8)
12 (7:8)
13 (7:8)
14 (7:8)
15 (7:8)
16 (7:8)
17 (7:8)
18 (7:8)
19 (7:8)
20 (7:8)
21 (7:8)
22 (7:8)
23 (7:8)
24 (7:8)
25 (7:8)
26 (7:26-38) Anu marulang ka tempat-
tempat asal karuhunna: Urang Betlehem
jeung Netopa 188; Urang Anatot 128; Urang
Bet Asmawet 42; Urang Kiryat Yarim, Kepira
jeung Berot 743; Urang Ramah jeung Geba
621; Urang Mikmas 122; Urang Betel jeung
Ai 123; Urang Nebo lianna 52; Urang Elam
lianna 1.254; Urang Harim 320; Urang Yeriho
345; Urang Lod, Hadid jeung Ono 721; Urang
Senaa 3.930.
27 (7:26)
28 (7:26)

29 (7:26)
30 (7:26)
31 (7:26)
32 (7:26)
33 (7:26)
34 (7:26)
35 (7:26)
36 (7:26)
37 (7:26)
38 (7:26)
39 (7:39-42) Daptar golongan-golongan imam anu marulang ti pangbuangan: Golongan Yedaya (turunan Yesua) 973; Golongan Imer 1.052; Golongan Pashur 1.247; Golongan Harim 1.017.
40 (7:39)
41 (7:39)
42 (7:39)
43 (7:43-45) Golongan-golongan urang Lewi anu marulang ti pangbuangan: Golongan Yesua jeung Kadmiel (turunan Hodawia) 74; Golongan tukang-tukang musik Bait Allah (turunan Asap) 148; Golongan tukang-tukang jaga Bait Allah (turunan Salum, Ater, Talmon, Akub, Batita jeung Sobai) 138.
44 (7:43)
45 (7:43)
46 (7:46-56) Golongan kuli-kuli Bait Allah anu marulang ti pangbuangan: Siha, Hasupa, Tabaot, Keros, Sia, Padon, Lebana, Hagaba, Salmai, Hanan, Gidel, Gahar, Raya,

Resin, Nekoda, Gasam, Usa, Paseah, Besai,
Mehunim, Nepusim, Bakbuk, Hakupa, Harhur,
Baslit, Mehida, Harsa, Barkos, Sisera, Tema,
Nesia jeung Hatipa.
47 (7:46)
48 (7:46)
49 (7:46)
50 (7:46)
51 (7:46)
52 (7:46)
53 (7:46)
54 (7:46)
55 (7:46)
56 (7:46)
57 (7:57-59) Golongan abdi-abdina Suleman
anu marulang ti pangbuangan: Sotai,
Soperet, Perida, Yaala, Darkon, Gidel,
Sepaca, Hatil, Pokeret, Hasebaim jeung
Amon.
58 (7:57)
59 (7:57)
60 Jumlah turunan kuli-kuli Bait Allah jeung
golongan abdi-abdina Suleman anu marulang
ti pangbuangan aya 392.
61 (7:61-62) Anu kaasup ka golongan
Delaya, Tobia, jeung Nekoda aya 642.
Marulangna ti Tel Mela, Tel Harsa, Kerub,
Adon jeung Imer, tapi ieu mah teu bisa
dibuktikeun yen turunan Israil.
62 (7:61)

63 (7:63-64) Golongan-golongan imam anu teu bisa nembongkeun sajarah turunanana nya eta: Hobaya, Hakos jeung Barsilai. (Karuhun golongan Imam Barsilai nikahna ka awewe ti golongan Barsilai urang Gilad, tuluy make ngaran mitohana.) Ku lantaran teu bisa nerangkeun saha karuhunna, maranehna ditolak tina kaimaman.
64 (7:63)
65 Saur gupernur Yahudi maranehna mah teu meunang milu ngadahar tina kurban suci lamun can aya imam anu ngadeg nyepeng Urim jeung Tumim.
66 (7:66-69) Jumlah lobana anu marulang ti pangbuangan aya 42.360 jelema. Gandek-gandek lalaki jeung awewe aya 7.337 jelema. Para pamaen musik lalaki jeung awewe aya 245 jelema. Kuda 736; Bigal 245; Onta 435; Kalde 6.720.
67 (7:66)
68 (7:66)
69 (7:66)
70 (7:70-72) Barang-barang sumbangan pikeun ongkos ngomean Bait Allah: Ti gupernur: emas 8 kilo, pinggan paranti upacara 50, jubah imam 530; Ti kapala-kapala warga: emas 168 kilo, perak 1.250 kilo; Ti dulur-dulur lianna: emas 168 kilo, perak 140 kilo, jubah imam 67.
71 (7:70)
72 (7:70)

73 Imam-imam, urang Lewi, tukang-tukang
jaga Bait Allah, para pamaen musik, sajumlah
rahayat biasa, kuli-kuli Bait Allah kabeh
bangsa Israil caricingna di desa jeung di
dayeuh di tanah Yuda.
8 1 Nincak bulan katujuh, urang Israil
geus marerenah di satempat-tempatna.
Dina tanggal hiji bulan eta kabeh ka
Yerusalem, kumpul di alun-alun deukeut
Gapura Cai. Maranehna menta ka Imam Esra,
anu ahli kana Hukum anu ku PANGERAN
dipaparinkeun ka Musa pikeun urang Israil,
supaya eta Kitab Hukum teh dicandak.
2 Ku Esra kitab teh dicandak ka tempat
kumpul, ka dulur-dulur, lalaki, awewe, jeung
barudak anu geus aya pangartina.
3 Seug Hukum teh diaos di dinya, di
alun-alun deukeut gapura, ti isuk nepi ka
burit, didarengekeun kalawan saregep.
4 Esra ngaosna ngadeg dina panggung
beunang ngahaja nyieun keur eta kaperluan.
Ti tengeneunana digondeng ku Matica,
Sema, Anaya, Uria, Hilkia jeung Maaseya.
Ti kiwaeunana ku Pedaya, Misael, Malkia,
Hashum, Hasbadana, Jakaria jeung Mesulam.
5 Jelema-jelema panonna kabeh mencrong
ka Esra dina panggung anu luhur. Barang eta
kitab ku Esra dibuka, jalma-jalma teh jung
narangtung.
6 Pok Esra sasauran, "Mulyakeun PANGERAN,
Allah Nu Maha Agung!" Ditema ku jalma rea,

"Amin! Amin!" bari naradahkeun leungeun, tuluy sarujud ka PANGERAN.
7 Geus kitu carengkat deui, narangtung di satempat-tempatna. Ti dinya anu diaos teh diterangkeun maksudna ku urang Lewi, nya eta ku Yesua, Bani, Serebya, Yamin, Akub, Sabtai, Hodia, Maaseya, Kelita, Asarya, Yosabad, Hanan jeung Pelaya.
8 Mimitina disalin heula ku lisan sabagian-sabagian, tuluy diterangkeun pihartieunana sangkan kaharti ku hadirin.
9 Barang ngadarenge hal anu diparentahkeun ku eta Hukum, jelema-jelema teh mani pating hareruk terus careurik. Seug gupernur Nehemia, Imam Esra ahli Hukum, jeung urang Lewi anu nerangkeun eta Hukum sasauran ka maranehna, saurna, "Poe ieu teh suci pikeun PANGERAN Allah maraneh, ulah dipake sedih jeung ceurik.
10 Geura baralik, pesta masing suka. Dulur-dulur anu dahareunana jeung anggurna kurang kudu pada marere. Poe ieu suci pikeun PANGERAN, jadi ulah dipake nalangsa. Sing suka bungah ku karana PANGERAN sangkan kuat."
11 Urang Lewi tarurun tuluy ngalilipur, pokna ulah nalangsa dina poe anu sakieu sucina.
12 Bral jelema-jelema teh baralik, tuluy balakecrakan sukan-sukan, bari babagi ka nu sejen, bungah lantaran bisa ngaharti ka anu tadi dipangmacakeun.

13 Poe isukna, kapala-kapala warga,
dibarengan ku imam-imam jeung urang
Lewi ngadareuheus ka Esra, rek diajar
ngahartikeun Hukum PANGERAN.
14 Seug kanyahoan, yen dina eta Hukum
paparin ti Allah ku perantaraan Musa teh aya
katangtuan, yen salila Pesta Saung Daun,
urang Israil kudu caricing di saung-saung.
15 Ku sabab eta tuluy nyieun pangumuman,
diembarkeun ka sakuliah Yerusalem jeung
ka desa-desa katut lembur-lemburna. Unina,
"Kudu naranjak ka pasir-pasir, ngarala
pangpang-pangpang anu daunna gomplok,
kayaning: camara, jetun, caringin, palem,
keur nyieun saung, nedunan parentah anu
kaungel dina Kitab Hukum."
16 Seug jelema-jelema narutuhan dahan,
tuluy dijarieun saung. Aya nu di luhur imah
da hateup imahna teh papak, aya nu di
buruanana, aya nu di buruan Bait Allah anu
kakuriling ku tembokan, aya nu di alun-alun
deukeut ka Gapura Cai jeung Gapura Epraim.
17 Sakur anu marulang ti pangbuangan
kabeh nyaung-nyaung. Ti jaman Yosua putra
Nun, kakara harita adat anu kitu dijalankeun
deui. Jalma-jalma kabeh saruka ati.
18 Ti mimiti pesta nepi ka tutup, Hukum
Allah dibaca saban poe sabagian-sabagian.
Ari lilana pesta kitu teh tujuh poe. Dina poe
kadalapanna diayakeun upacara tutup pesta,
luyu jeung ungel Kitab Hukum tea.

9 [1] (9:1-2) Dina tanggal dua puluh opat
bulan eta keneh, urang Israil kumpul, arek
paruasa nyirikeun kaduhung ku dosa-dosana.
Masing-masing geus nyegah maneh tina
campur jeung bangsa batur. Mararake karung,
nareundeun lebu dina sirah, ciri prihatin. Deg
narangtung, rek ngakukeun dosana jeung
dosa karuhunna.
[2] (9:1)
[3] Tuluy dipangmacakeun Hukum PANGERAN
Allahna kurang leuwih tilu jam lilana,
dituluykeun ku ngakukeun dosa-dosa sarta
ngabakti ka PANGERAN Allahna, tilu jam deui
lilana.
[4] Di dinya aya panggung, dieusi ku urang
Lewi nya eta: Yesua, Bani, Kadmiel,
Sebanya, Buni, Serebya, Bani jeung Kenani,
narangtung neneda ka PANGERAN Allahna,
sorana ditarikkeun.
[5] Yesua, Kadmiel, Bani, Hasabneya, Serebya,
Hodia, Sebanya jeung Petahya, urang Lewi,
ngayakeun uaran nyambat sembahyang,
kieu nyambatna, "Geura narangtung, puji
PANGERAN Allah panutan; mulyakeun
salalanggengna. Puji jenengana-Na nu mulya,
ku saban jalma, najan puji ti manusa kurang
hargana."
[6] Breng urang Israil ngunjukkeun paneda,
kieu, "Nun PANGERAN, mung Gusti anu
jumeneng PANGERAN. Gusti nu ngadamel
sakuliah antariksa, nu ngadamel bentang-

bentang, Gusti ngadamel daratan, lautan saeusina, ngahirupan saniskara. Sadaya kakuatan langit ka Gusti sujud sumembah.
7 Nun GUSTI Allah, Gusti milih Abram, dicandak kaluar ti tanah Ur di Babul, namina digentos jadi Ibrahim.
8 Kauninga, anjeunna ka Gusti satia, Gusti ngadamel perjangjian sareng anjeunna. Gusti ngajangji, anjeunna bade dileler tanah urang Kanaan, tanah urang Het, tanah urang Emor, tanah urang Pares, tanah urang Yebus, tanah urang Girgas, baris jadi banjar karang pangancikan turunanana. Gusti ngabuktoskeun jangji kawantu Gusti teh tigin.
9 Karuhun abdi sangsara waktos di Mesir, Gusti waspaos. Gusti ngadangu panyambatna di Laut Beureum.
10 Gusti ngeunakeun mujijat-mujijat ka raja Mesir, ka para gegedenna, ka rahayatna, reh Gusti uninga umat Gusti ku eta dikaniaya. Gusti jadi kamashur dugi ka kiwari.
11 Gusti ngadamel jalan di dasar laut, umat dituyun nyorang taneuh anu tuhur. Nu ngarudagna mah tilelep di dinya, lir batu ngalelep di laut anu keur motah.
12 Umat ku Gusti diraksa di jalanna, siang ditungtun ku mega, wengi dicaangan ku tihang seuneu.
13 Di Gunung Sinai, Gusti lungsur ti sawarga, ka umat ngandika, maparin papakon sareng pangajaran-pangajaran sae.

14 Maranehna diwulang kedah kukuh kana
Sabat Gusti, sareng ku perantaraan Musa, ku
Gusti dipaparin papakon-papakon.
15 Ana maranehna lapar, dipaparin roti
ti sawarga. Ana maranehna hanaang,
dipaparin cai ngagolontor tina cadas. Ku Gusti
ditimbalan asup ka tanah anu dijangji ku
Gusti.
16 Nanging karuhun anggur adigung sareng
bantahan, henteu narurut kana timbalan.
17 Maranehna embung tunduk, lali ka
pitulung Gusti lali kana mujijat-mujijat
Gusti. Nalika keur arangkuhna, maranehna
milih kapala, sina nungtun wangsul deui ka
Mesir, ka urutna kumawula. Nanging Gusti,
Allah lautan hampura, sipat murah pinuh ku
kanyaah, tara enggal-enggal amarah. Welas
asih langkung-langkung, ka maranehna teu
kersa ngantun.
18 Maranehna nyieun arca, rupi sasapian,
diangkenna eta teh allah anu nuyun
maranehna ti Mesir. Sakitu ngahinana eta teh
ka Gusti, nun PANGERAN!
19 Najan kitu basa keur aya di gurun, ku
Gusti teu dikantunkeun, reh Gusti mah sipat
welas. Mega sareng tihang seuneu tea, ku
Gusti teu dicandak sirna, tetep nuduhan
jalanna, siangna sareng wengina.
20 Gusti anu mulya manah, nuduhan kedah
kumaha. Maparin manna keur tedaeunana,
maparin cai keur ngarinumna.

21 Di gurun keusik opat puluh taun lamina,
dicekapan sugri kaperluanana. Pakeanana
tara dugi ka rajet dampal sukuna teu dugi ka
marelepuh.
22 Dina perang ngayonan bangsa-bangsa,
ngarebut karajaan-karajaan sareng tanah-
tanah sabudeureunana, ku Gusti dipaparin
kaunggulan. Maranehna ngarebut tanah
Hesbon, anu digeugeuh ku Sihon. Ngarebut
tanah Basan, anu ku Og dirajaan.
23 Dipaparin seueur turunan, lir bentang
di langit tanpa wilangan. Diancikkeun dina
tanah beunangna ngarebut, tanah nu ku
Gusti dijangjikeun ka karuhunna.
24 Maranehna ngarebut tanah Kanaan, jalmi-
jalmi urang dinya ku Gusti kasoran. Umat
Gusti dipaparin kawasa, tiasa samemena ka
urang Kanaan sareng ka raja-rajana.
25 Umat Gusti ngarebut kota-kota anu
dibenteng, ngarebut tanah-tanah anu
salubur, imah-imah nu pinuh ku harta
banda, ngarebut bendungan-bendungan,
tangkal-tangkal jetun, tangkal-tangkal
bubuahan, kebon-kebon anggur. Sagala
pangabeukina kasorang, awakna lalingsig, ku
Gusti dipaparin rupi-rupi kasenangan.
26 Nanging eta umat Gusti teh barontak, ka
Gusti ngalawan. Hukum Gusti ditukangan.
Nabi-nabi nu ngemutan, nu ngajak tobat ka
Gusti, diparaehan. Salamina eta teh ngahina
bae ka Gusti.

27 Kitu nu mawi ku Gusti diselehkeun ka
musuhna, dijajah ku musuh-musuhna. Sabot
sangsara mah sasambat neda pitulung ka
Gusti. Panyambatna ku Gusti didangu ti
sawarga. Gusti anu maha welas, maparin para
pamingpin, anu ngaleupaskeun maranehna ti
musuh-musuhna.
28 Nanging ari parantos salamet mah prak
deui ngadamel dosa. Ku Gusti diselehkeun
deui ka musuhna. Nanging ana tararobat,
tur nyuhunkeun dirahayukeun, ku Gusti ti
sawarga tara teu didangu, ku Gusti dijait,
bawaning ku mikawelas.
29 Ku Gusti dipepelingan, kedah tumut kana
timbalan-timbalan. Nanging kalah ka adigung,
papakon-papakon Gusti ditolak. Padahal
tumut kana Hukum Gusti teh matak rahayu
jamuga hirup. Ari maranehna mah nolak,
kawantu adatna bedegong, wangkelang.
30 Ti taun ka taun Gusti teu weleh nyabaran,
teu weleh ngelingan. Gusti maparin ilham ka
nabi-nabi, sina maparin wawadi. Nanging nu
diwawadian anggur notorekkeun maneh, nu
mawi ku Gusti diselehkeun ka bangsa-bangsa
lian.
31 Nanging piwelas Gusti teu aya watesna,
maranehna teu dikantunkeun, teu
dimusnakeun. Gusti teh Allah anu sipat murah
sipat welas.
32 Nun Allah, nun Panutan, Gusti
sakalangkung agung! Langkung pikagimireun,

langkung kawasa! Nanging satia kana sagala jangji. Abdi-abdi ti jaman digencet ku raja-raja Asur, dugi ka ayeuna langkung-langkung nya sangsara! Raja-raja abdi, para kapala, para imam, nabi-nabi, para karuhun, dulur-dulur sadayana, ngarandapan sangsara. Mugi kaemut, abdi-abdi sakieu sangsarana!
33 Mugi ngahukum abdi-abdi kalayan adilna. Sanajan abdi-abdi parantos dosa, Gusti mah tetep satia.
34 Karuhun-karuhun abdi, raja-raja, para imam, para kapala, teu narohonan Hukum Gusti. Henteu ngagarugu kana timbalan sareng pangeling-ngeling ti Gusti.
35 Gusti ngaberkahan raja-raja nu marentah ka umat Gusti, di tanah anu nya lega nya subur. Nanging maranehna teu daraek eling tina dosana, ka Gusti henteu ngabakti.
36 Ayeuna abdi sadaya, di tanah sorangan jadi badega, nya di tanah anu sakieu suburna, paparin ti Gusti tea.
37 Hasil bumi asupna ka raja-raja, anu ku Gusti diwenangkeun ngajajah abdi sadaya, dumeh abdi-abdi gaduh dosa. Kalakuan raja-raja ka abdi-abdi sareng ka ingon-ingon kacida sakama-kamana, bati nalangsa kabina-bina!"
38 Ku lantaran eta sagala perkara, urang teh urang Israil, ayeuna nyieun ieu ikrar, tur ditulis jeung ditanda ku para pamingpin, ku urang Lewi, jeung ku para imam.

10 [1] Anu pangheulana nanda eta ikrar perjangjian nya eta gupernur Nehemia bin Hakalya, tuluy Sidkia. Nu sejenna:
[2] (10:2-8) Para imam: Seraya, Asarya, Yermia, Pashur, Amarya, Malkia, Hatus, Sebanya, Maluk, Harim, Meremot, Obaja, Daniel, Gineton, Baruk, Mesulam, Abiya, Miyamin, Maasia, Bilgai jeung Semaya.
[3] (10:2)
[4] (10:2)
[5] (10:2)
[6] (10:2)
[7] (10:2)
[8] (10:2)
[9] (10:9-13) Urang Lewi: Yesua bin Asanya, Binui, ti warga Henadad, Kadmiel, Sebanya, Hodia, Kelita, Pelaya, Hanan, Mika, Rehob, Hasabya, Sakur, Serebya, Sebanya, Hodia, Bani jeung Beninu.
[10] (10:9)
[11] (10:9)
[12] (10:9)
[13] (10:9)
[14] (10:14-27) Pamingpin-pamingpin: Paros, Pahat Moab, Elam, Satu, Bani, Buni, Asgad, Bebai, Adonia, Bigwai, Adin, Ater, Hiskia, Asur, Hodia, Hashum, Besai, Harip, Anatot, Nebai, Magpias, Mesulam, Hesir, Mesesabel, Sadok, Yadua, Pelaca, Hanan, Anaya, Hosea, Hananya, Hasub, Halohes, Pilha, Sobek,

Rehum, Hasabna, Maaseya, Ahia, Hanan,
Anan, Maluk, Harim jeung Baana.
15 (10:14)
16 (10:14)
17 (10:14)
18 (10:14)
19 (10:14)
20 (10:14)
21 (10:14)
22 (10:14)
23 (10:14)
24 (10:14)
25 (10:14)
26 (10:14)
27 (10:14)
28 Kaula kabeh, rahayat Israil, para imam,
urang Lewi, para pangawal Bait Allah, para
pamaen musik Bait Allah, kuli-kuli Bait
Allah, jeung lian-lianna, sakur anu tunduk
kana Hukum Allah, geus marisahkeun diri ti
jalma-jalma urang asing anu caricing di nagri
kaula kabeh, oge pamajikan jeung anak anu
geus aya pangartina.
29 Kaula kabeh, bareng jeung para
pamingpin, ngikrarkeun sumpah anu diancam
ku panyapa saupama ngalanggar eta sumpah,
yen: Kaula kabeh sumeja hirup nurutkeun
Hukum Allah, anu ku Allah dipaparinkeun
ku perantaraan abdi-Na, Musa. Kaula kabeh
sumeja tunduk kana sakabeh timbalan-
timbalan PANGERAN, Allah kaula kabeh.

Kaula kabeh nyekel sagala papakon-Na jeung sagala sarat-sarat-Na.
30 Kaula kabeh moal boga rabi ka bangsa sejen anu marukim di tanah kaula kabeh.
31 Kaula kabeh moal rek meuli gandum atawa naon bae anu ku bangsa sejen dijual dina poe Sabat, atawa dina poe-poe sejenna anu disucikeun. Tujuh taun sakali, hasil-hasil tanah moal dipiboga, pihutang-pihutang rek ditalangan.
32 Saban taun kaula kabeh baris iuran perak masing-masing lima gram, pikeun ngabantu ngabalanjaan Bait Allah.
33 Kaula kabeh baris nyadiakeun kaperluan-kaperluan geusan babakti di Bait Allah: Roti sasajen, gandum keur kurban poean, sato-sato keur kurban beuleuman, derma suci pikeun Sabat, pikeun Pesta Bulan Anyar, pikeun pesta-pesta lianna, derma-derma suci lianna, derma-derma panebus dosa Israil, jeung sagala rupa kaperluan Bait Allah.
34 Kaula kabeh, rahayat, para imam, urang Lewi, saban taun baris ngalotre golongan mana anu kudu nyadiakeun suluh, keur ngaduruk kurban-kurban sanggakeuneun ka PANGERAN, Allah kaula kabeh, luyu jeung ungel Hukum.
35 Kaula kabeh, saban taun ka Bait Allah baris nyanggakeun gandum panen cikal, jeung bubuahan anu asakna dina tangkal pangheulana.

36 Tiap-tiap anak cikal anu lalaki, baris
dideuheuskeun ka imam di Bait Allah,
disembahkeun ka Allah, luyu jeung nu
kaungel dina Hukum. Kitu oge anak sapi
cikalna, anak domba cikalna, anak embe
cikalna.
37 Kaula kabeh, pikeun para imam di Bait
Allah, baris ngahaturanan adonan tipung
tarigu tina panen cikal saban taun, anggur,
minyak jetun, jeung rupa-rupa bubuahan.
Ka urang Lewi, kaula kabeh baris mere
perpuluhan tina hasil tani desa-desa,
perpuluhan palawija.
38 Urang Lewi anu mupul perpuluhan kudu
dibarengan ku imam-imam turunan Harun.
Hasil pungutan perpuluhan tea ku urang Lewi
kudu disimpen sapersapuluhna di kamar
simpen di Bait Allah, pikeun kaperluan Bait
Allah.
39 Iuran-iuran rupa gandum, anggur jeung
minyak jetun, ku rahayat Israil jeung ku
urang Lewi kudu dibawa ka kamar simpen
tempat nyimpen paparabotan Bait Allah,
anu dipake ku para imam anu keur tugas,
ku pangawal-pangawal Bait Allah, jeung
ku para pamaen musik. Kaula kabeh moal
ngalalaworakeun ngarawat Bait Allah panutan
kaula kabeh.
11 1 Nu nyaricingan Yerusalem teh nya
eta para kapala. Nu salianna mah
dilotre heula, hiji kulawarga ti tiap sapuluh

kulawarga, pikeun nangtukeun saha anu kudu
cicing di Yerusalem, kota suci. Sasesana,
caricingna di kota-kota jeung di desa-desa
lianna.
2 Anu suka rela menta cicing di Yerusalem,
mani pada maruji ku sarerea.
3 Urang Israil, para imam, urang Lewi,
kuli-kuli Bait Allah, jeung turunan abdi-abdina
Suleman anu marukimna di kota-kota
jeung desa-desa lianna, caricingna teh di
tanah milikna masing-masing, satempatna-
satempatna. Kapala-kapala warga kota ti
propinsi Yuda anu caricing di Yerusalem, ieu
daptarna.
4 Anggota kaom Yuda: Ataya bin Usia incu
Jakaria. Karuhun-karuhun anu sejenna nya
eta Amarya, Sepaca, jeung Mahalalel turunan
Peres bin Yuda.
5 Maaseya bin Baruk incu Kolhose. Karuhun-
karuhunna anu sejenna nya eta Hasaya,
Adaya, Yoyarib, jeung Jakaria, turunan Sela
bin Yuda.
6 Ti turunan Peres, anu caricing di Yerusalem
aya 468 urang, jelema-jelema penting.
7 Anggota kaom Binyamin: Salu bin Mesulam
incu Yoed. Karuhun-karuhunna anu sejen nya
eta Pedaya, Kolaya, Maaseya, Itiel, jeung
Yesaya.
8 Gabai jeung Salai, baraya deukeutna Salu.
Urang Binyamin anu caricingna di Yerusalem
kabehna 928 urang,

9 dikapalaan ku Yoel bin Sikri, jeung Yuda bin
Hasenua, anu jadi wakil kawasa kota.
10 Para imam: Yedaya bin Yoyarib, jeung
Yakin.
11 Seraya bin Hilkia incu Mesulam. Karuhun-
karuhunna anu sejen nya eta Sadok, Merayot,
jeung Ahitub, anu jadi Imam Agung.
12 Ti ieu warga kabehna 822 urang, kabeh
baroga tugas di Bait Allah. Adaya bin Yerobam
incu Pelalya. Karuhun-karuhunna kaasup
Amsi, Jakaria, Pashur, jeung Malkia.
13 Ti ieu warga kabehna aya 242 urang,
kabeh kapala-kapala kulawarga. Amasai bin
Asarel incu Ahsai. Karuhun-karuhunna kaasup
oge Mesilemot, jeung Imer.
14 Ti ieu warga kabehna 128 urang, kabeh
jaradi perjurit petingan, dikapalaan ku
Sabdiel, hiji anggota kulawarga anu penting.
15 Urang Lewi: Semaya bin Hasub incu
Asrikam. Karuhun-karuhunna kaasup oge
Hasabya jeung Buni.
16 Sabetai jeung Yosabad, urang Lewi anu
penting, tugasna ngawaskeun pagawean di
luareun Bait Allah.
17 Matanya bin Mika incu Sabdi, turunan
Asap. Jadi pamingpin jurukawih Bait Allah
pikeun mirig doa sukur. Bakbukya, anu
ngabantu Matanya. Abda bin Samua incu
Galal, turunan Yedutun.
18 Urang Lewi anu caricing di kota suci
Yerusalem kabehna 284 urang.

19 Pangawal-pangawal Bait Allah: Akub,
Talmon jeung sakulawargana, 172 urang.
20 Urang Israil sasesana, para imam lianna
jeung urang Lewi, caricingna di kota-kota
jeung desa-desa lianna di Yuda, di tanah
milikna masing-masing.
21 Kuli-kuli Bait Allah caricingna di Opel, hiji
tempat di Yerusalem, pangawasna Siha jeung
Gispa.
22 Pangawas urang Lewi anu caricing di
Yerusalem nya eta Usi bin Bani incu Hasabya.
Karuhun-karuhunna kaasup oge Matanya
jeung Mika. Kaasup warga Asap, warga
tukang musik dina upacara-upacara di Bait
Allah.
23 Ngeunaan ieu golongan geus aya aturan
karajaan hal giliranana mingpin musik di Bait
Allah unggal-unggal poe.
24 Petahya bin Mesesabel ti golongan Sera
jeung kaom Yuda, ngawakilan bangsa Israil di
Gedong Pangadilan Nagri Persia.
25 Rahayat loba anu maratuhna di desa-desa
deukeut tanah pertanianana. Kaom Yuda di
Kiryat Arba, Dibon jeung Yekabsel jeung di
kampung-kampung anu dareukeut ka dinya.
26 Aya oge anu caricing di kota Yesua, kota
Moladah, kota Bet Pelet,
27 jeung kota Hasarsual, jeung di Bersyeba
sarta desa-desa di sakurilingeunana.
28 Di kota Siklag, di kota Mekona jeung di
desa-desana,

29 di kota Enrimon, di kota Sora, di kota
Yarmut,
30 di kota Sanoa, di kota Adulam, jeung
di desa-desa anu dareukeut ka dinya.
Maranehna maratuhna di Lakis jeung di
lahan-lahan deukeut eta, jeung di Aseka katut
di desa-desana. Tegesna, urang Yuda teh
maratuhna di wewengkon antara Bersyeba
di beulah kidul jeung Lebak Hinom di beulah
kaler.
31 Urang kaom Binyamin maratuhna di Geba,
Mikmas, Ai, Betel jeung di desa-desa anu
dareukeut ka dinya.
32 Di Anatot, Nob, Ananya,
33 Hasor, Ramah, Gitaim,
34 Hadid, Seboim, Nebalat,
35 Lod jeung Ono, jeung di Lebak
Patukangan.
36 Sawatara rombongan urang Lewi anu
tadina maratuh di daerah Yuda, dititah
maratuhna ngahiji jeung urang Binyamin.
12 1 Ieu daptar para imam jeung urang
Lewi, anu marulangna ti pangbuangan
dipingpin ku Serubabel bin Sealtiel, bareng
jeung Imam Agung Yesua:
2 (12:2-7) Para imam: Seraya, Yermia, Esra,
Amarya, Maluk, Hatus, Sekanya, Rehum,
Meremot, Ido, Ginetoi, Abiya, Miyamin,
Maaja, Bilgah, Semaya, Yoyarib, Yedaya,
Salu, Amok, Hilkia, jeung Yedaya. Eta teh
imam-imam kapala keur jaman Yosua.

3 (12:2)
4 (12:2)
5 (12:2)
6 (12:2)
7 (12:2)
8 Urang Lewi: Yesua, Binui, Kadmiel,
Serebya, Yuda jeung Matanya, anu
ngawihkeun kidung pangucap sukur.
9 Bakbukya, Uno, jeung sababaturanana,
para jurukawih anu papancenna nema
kidung.
10 Yosua ramana Yoyakim; Yoyakim ramana
Elyasib; Elyasib ramana Yoyada;
11 Yoyada ramana Yonatan; Yonatan ramana
Yadua.
12 (12:12-21) Ieu para imam anu jaradi
kapala golongan imam, waktu Yoyakim jadi
Imam Agung: Meraya, golongan Seraya.
Hananya, golongan Yermia. Mesulam,
golongan Esra. Yohanan, golongan Amarya.
Yonatan, golongan Maluki. Yusup, golongan
Sebanya. Adna, golongan Harim. Helkai,
golongan Merayot. Jakaria, golongan Ido.
Mesulam, golongan Gineton. Sikri, golongan
Abia. golongan Minyamin. Piltai, golongan
Moaja. Samua, golongan Bilgah. Yonatan,
golongan Semaya. Matnai, golongan Yoyarib.
Usi, golongan Yedaya. Kalai, golongan Salai.
Eber, golongan Amok. Hasabya, golongan
Hilkia. Netanel, golongan Yedaya.
13 (12:12)

14 (12:12)
15 (12:12)
16 (12:12)
17 (12:12)
18 (12:12)
19 (12:12)
20 (12:12)
21 (12:12)
22 Para kapala kulawarga urang Lewi jeung
kulawarga imam dicatetna dina keur jaman
Imam-imam Agung Elyasib, Yoyada, Yonatan,
jeung Yadua. Eta catetan, anggeusna dina
jaman Darius jadi raja di Persia.
23 Tapi ari para kapala kulawarga-kulawarga
urang Lewi mah kacatetna kalawan resmi teh
ngan nepi ka jaman Yonatan putu Elyasib.
24 Urang Lewi diatur jadi sababaraha
rombongan. Aya dua rombongan anu tugasna
ngawihkeun kidung paranti ngagungkeun
ka Allah jeung kidung pangucap sukur,
nurutkeun aturan ti Raja Daud abdi Allah.
Diaturna ku Hasabya, Serebya, Yesua, Binui,
Kadmiel.
25 Tukang ngajaraga Bait Allah aya nu
tugasna ngajaga kamar-kamar panyimpenan
anu di deukeut lawang-lawang asup ka Bait
Allah, nya eta Matanya, Bakbukya, Obaja,
Mesulam, Talmon, Akub.
26 Maranehna harirupna keur jaman Yoyakim
bin Yesua putu Yosadak, keur jaman Gupernur

Nehemia, jeung keur jaman Imam Esra, ahli Hukum tea.
27 Waktu kuta Yerusalem diresmikeun, kabeh urang Lewi didatangkeun ti satempat-tempatna, geusan ngaria-ria ku kidung-kidung pangucap sukur, bari narabeuh kecrek jeung kacapi.
28 Para jurukawih ti kulawarga-kulawarga urang Lewi, daratangna ti wewengkon-wewengkon sabudeureun Yerusalem, ti desa-desa sakurilingeun Netopa,
29 ti Bet Gilgal, Geba jeung Asmawet.
30 Ari para imam jeung urang Lewi ngajalankeun upacara nyucikeun, nyucikeun salira masing-masing, nyucikeun rahayat, nyucikeun lawang-lawang kuta, nyucikeun kuta.
31 Para pamingpin Yuda ku sim kuring dikumpulkeun di luhur kuta, terus dibagi jadi dua bagian gede pikeun ngurilingan kota ti dinya, bari nganyanyikeun pamuji sukur ka Allah. Rombongan kahiji ngurilingna di luhur kuta ka beulah katuhu, majuna ka Gapura Jarian.
32 Hosaya leumpangna tukangeun juru-juru kawih, dituturkeun ku saparo pamingpin-pamingpin Yuda.
33 (12:33-35) Disambung ku barisan imam anu nariup tarompet, nya eta: Asarya, Esra, Mesulam, Yuda, Binyamin, Semaya jeung Yermia. Ditukangeunana nya eta: Jakaria bin

Yonatan putu Semaya (karuhun-karuhunna
kaasup oge Matanya, Mikaya jeung Sakur,
warga Asap),
34 (12:33)
35 (12:33)
36 jeung rombongan anggota-anggota
lianna ti warga anjeunna, nya eta: Semaya,
Asarel, Milalai, Gilalai, Mayi, Netanel, Yuda
jeung Hanani, kabeh mawa tatabeuhan anu
sarua jeung tatabeuhan anu sok dianggo ku
Raja Daud abdi Allah tea. Arak-arakanana
diluluguan ku Esra ahli Hukum tea.
37 Sanggeus nepi ka Gapura Pancuran,
arak-arakan nanjak ka bagian anu brasna ka
Kota Daud, ngaliwatan karaton Daud, tuluy
malik ka Gapura Cai, sisi kota beulah wetan.
38 Rombongan kadua anu nganyanyikeun
pamuji sukur, ngurilingna di puncak kuta teh
ka beulah kenca, dituturkeun ku sim kuring
jeung saparona ti rahayat. Barisna ngaliwatan
Munara Anglo terus ka Kuta Rubak.
39 Ti dinya terus ngaliwatan Gapura Epraim,
Gapura Yesyana, Gapura Lauk, Munara
Hananel, jeung Munara Saratus, terus ka
Gapura Domba, eureunna di deukeut lawang
asup ka Bait Allah.
40 Di dieu, di palataran Bait Allah, dua
rombongan anu nganyanyikeun pamuji sukur
teh amprok. Dina rombongan para pamingpin
anu bareng jeung sim kuring,

41 aya imam-imam anu nariup tarompet, nya
eta: Elyakim, Maaseya, Minyamin, Mikaya,
Elyuenai, Jakaria jeung Hananya;
42 disambung ku: Maaseya, Semaya, Elasar,
Usi, Yohanan, Malkia, Elam jeung Eser. Para
jurukawih anu dipingpin ku Yesraya nyaranyi
tarik, nyilep sora-sora sejenna.
43 Kurban-kurban anu disanggakeun poe
eta kacida lobana. Dulur-dulur kabeh saruka
bungah lantaran meunang kabagjaan ti Allah.
Awewe-awewe jeung barudak oge marilu,
sorana mani ngaguruh kadenge ka nu jarauh.
44 Dina waktu eta, sababaraha jelema
ditugaskeun ngawas kamar-kamar
panyimpenan paranti nyimpen sumbangan-
sumbangan pikeun Bait Allah, kaasup
perpuluhan jeung hasil bumi cikalna, jeung
bubuahan nu geus arasak dina saban taun.
Eta para pangawas wajib ngumpulkeun
sumbangan-sumbangan tea ti lahan-lahan
sakurilingeun kota-kota, pikeun para imam
jeung urang Lewi, sakumaha nu diatur dina
Hukum. Urang Yuda kabeh ngarasa suka ka
eta para imam jeung urang Lewi,
45 sabab maranehna teh purah ngajalankeun
upacara-upacara nyucikeun jeung upacara-
upacara lianna anu diparentahkeun ku Allah.
Para pamaen musik jeung para pangawal Bait
Allah oge ngajaralankeun kawajibanana, luyu
jeung aturan-aturan anu ditangtukeun ku
Raja Daud jeung ku Suleman, putrana.

46 Ti baheula, ti jaman Raja Daud jeung ahli
musik Asap, para pamaen musik geus biasa
nganyanyikeun lagu-lagu pamuji sukur ka
Allah.
47 Keur jaman Serubabel kitu deui jaman
Nehemia, sakumna urang Israil saban poe
mere sokongan pikeun nyokong para pamaen
musik jeung para pangawal Bait Allah.
Rahayat mere pangbakti anu disucikeun ka
urang Lewi, ari urang Lewi mere ka para
imam bagian anu geus ditangtukeun.
13 1 Ti dinya dulur-dulur dipangmacakeun
Hukum Musa, tarik kadenge ku
sarerea. Macana nepi ka bagian anu unina
ngalarang umat Allah campur jeung urang
Amon atawa urang Moab.
2 Lantaranana, keur mangsa Israil kaluar
ti Mesir, keur di satengahing jalan, urang
Amon jeung urang Moab ti batan mawakeun
dahareun mawakeun cai, kalah ka ngongkos
Balhum sina nyapa ka Israil. Sukur,
panyapana ku Allah urang dirobah ngajadi
berkah.
3 Sanggeus ngadarenge ungel kitu, seug
urang Israil misahkeun bangsa asing ti
masarakatna.
4 Ari Imam Elyasib, anu ngawas kamar-
kamar sisimpenan Bait Allah, geus lila dalit
jeung Tobia.
5 Anjeunna ngidinan Tobia make hiji kamar
di Bait Allah, tur kamarna lega. Eta kamar

saenyana ngan wungkul pikeun nyimpen
bahan-bahan sasajen, gandum, seuseungitan,
parabot Bait Allah, paranti nyimpen kurban
perpuluhan keur para imam, paranti nyimpen
perpuluhan gandum, anggur jeung minyak
jetun, anu bakal dibagi-bagikeun ka urang
Lewi, para pamaen musik Bait Allah jeung ka
para pangawal Bait Allah.
6 Harita, nya eta dina taun katilu puluh dua
Artahsasta jadi raja di Babul, sim kuring
keur teu aya di Yerusalem, keur ka Babul
nyanggakeun laporan ka raja. Sanggeus
kawidian mulang,
7 tuluy mulang ka Yerusalem. Sim kuring
kacida ngajenghokna barang terang yen
Elyasib ngidinan Tobia make kamar di Bait
Allah.
8 Awahing ku napsu, barang-barang Tobia
ku sim kuring dibalang-balangkeun kabeh ka
luar.
9 Sim kuring tuluy marentah supaya
kamar-kamar teh diberesihan, disucikeun,
sarta parabot-parabot Bait Allah, gandum
kurbankeuneun, jeung seuseungitan,
disimpenan deui dina parantina.
10 Meunang deui beja, para pamaen musik
Bait Allah oge, kitu deui urang Lewi lianna,
geus arindit ti Yerusalem, marulang ka
tanah pertanianana masing-masing, lantaran
sumbangan-sumbangan ti dulur-dulur teh teu
cukup.

11 Para pamingpin ku sim kuring diweweleh,
lantaran ngantep Bait Allah dilalaworakeun
kitu. Urang Lewi jeung para pamaen musik
ku sim kuring dibawa deui ka Bait Allah, sina
ngajalankeun kawajibanana.
12 Urang Israil ngirimkeun deui
perpuluhanana ka kamar-kamar simpenan
Bait Allah: gandum, anggur jeung minyak
jetun.
13 Sim kuring ngangkat tilu jelema purah
nitenan kamar-kamar sisimpenan, nya eta:
Selemya, imam; Sadok, ahli Hukum; jeung
Pedaya, urang Lewi. Dibere pangbantu
saurang nya eta Hanan bin Sakur incu
Matanya. Sim kuring yakin maranehna baris
jalujur enggoning ngabagi-bagi sumbangan
ka sasama pagawe.
14 Nun Allah panutan, ieu sagala ihtiar abdi
kangge Bait Allah kagungan Gusti sareng
kangge babaktina, ku abdi disanggakeun ka
Gusti.
15 Hiji waktu katingal ku sim kuring, urang
Yuda mareres anggur dina poe Sabat. Aya
oge anu keur ngamuatan kalde ku gandum,
anggur, buah anggur, buah kondang, jeung
salianna, tuluy dibarawa ka Yerusalem.
Ku sim kuring dielingan ulah barang jual
naon-naon dina poe Sabat.
16 Aya sawatara urang asal ti Tirus anu
caricing di Yerusalem, dina poe Sabat teh

daragang lauk jeung rupa-rupa barang ka jero kota.
17 Pamingpin-pamingpin urang Yahudi ku sim kuring diseukseukan. Ceuk sim kuring, "Maraneh kacida dosana! Maraneh henteu nyucikeun Sabat.
18 Kapan pangna karuhun maraneh nepi ka dihukum oge ku Allah, waktu ieu kota bareto ditumpurkeun, lantaranana nya kitu pisan. Kari-kari ayeuna maraneh ngondang bebendu Allah ka Israil, ngotoran Sabat."
19 Ku sabab eta sim kuring ngaluarkeun parentah, sangkan dina unggal malem Sabat, ti barang reup magrib lawang kota kudu ditutup, teu meunang dibuka-buka nepi ka geus liwat Sabat. Sarta pagawe-pagawe sim kuring ditempatkeun sina ngawas lawang kota, supaya dina poe Sabat ulah nepi ka aya nu barang bawa ka jero kota.
20 Sakali-kalieun sok aya sudagar-sudagar barang, ngadon mareuting malem Jumaah deukeut kuta.
21 Ku sim kuring diomongan, "Taya gunana narungguan isuk di dinya. Lamun sakali-kali deui, awas!" Ti harita maranehna tara daratang deui dina poe Sabat.
22 Ari urang Lewi ku sim kuring diparentah kudu susuci, geus kitu dititah ngajaga lawang-lawang, sangkan Sabat tetep suci. Nun Allah, ihtiar abdi anu ieu oge ku abdi

disanggakeun ka Gusti. Nun Gusti nu maha asih, abdi nyuhunkeun diraksa.
23 Lian ti eta ku sim kuring kanyahoan yen loba urang Yahudi anu karawin ka awewe urang Asdod, urang Amon, jeung urang Moab.
24 Anak-anakna sawareh mah geus teu barisaeun basa sorangan, ngaromongna teh ku basa Asdod atawa basa-basa asing lianna.
25 Eta jelema-jelema ku sim kuring dicarekan, dimuga-muga masing kasapa, diteunggeulan, buukna dijenggut. Tuluy sina sarumpah demi Allah, yen boh maranehna, boh anak-anakna, moal deui-deui pacorok jodo jeung urang asing.
26 Ceuk sim kuring, "Anu ngalantarankeun Raja Suleman dosa oge kapan awewe bangsa asing. Kaagungan anjeunna mapakan raja-raja bangsa sejen, ku Allah dipikaasih, dijenengkeun raja ngarajaan sakumna Israil, tapi teu burung beunang ku dosa nu cara kitu.
27 Na rek nyarontoan kitu maraneh teh ka dulur-dulur nu sejen, sina marilu ngalawan ka Allah urang, kararawin ka awewe bangsa batur?"
28 Eta deui Yoyada, sakitu anak Elyasib, anak Imam Agung, aya anakna saurang anu kawin ka awewe anakna Sanbalat urang Bet Horon. Ku sabab eta Yoyada ku sim kuring dikaluarkeun ti Yerusalem.

29 Nun Allah, abdi nyanggakeun eta
dulur-dulur anu sakitu ngotoranana kana
jabatan kaimaman, sareng kana perjangjian
Gusti ka maranehna sareng ka urang Lewi.
30 Geus kitu dulur-dulur ku sim kuring
diberesihan tina sagala pangaruh nu asing.
Sim kuring ngayakeun aturan-aturan pikeun
para imam jeung urang Lewi, sangkan
hararideng kana kawajibanana.
31 Jeung sim kuring nyieun giliran nu ngarala
suluh, anu kudu aya dina waktuna pikeun
ngaduruk kurban-kurban; kitu deui rahayat
kudu marere sumbangan gandum tina
panen cikal, jeung bubuahan anu asakna
pangheulana. Nun Allah, mugi ieu sadaya
ku Gusti kaemutkeun, sareng nyuhunkeun
timbangan sakumaha layakna.

Ester

1 [1] (1:1-2) Raja Ahasweros, anu ngaraton
di Susan, ibukota Persia, ngasta
pamarentahan. Karajaanana ngawengku 127
propinsi, mimiti ti India nepi ka Sudan.
[2] (1:1)
[3] Dina katilu taunna jumeneng raja,
anjeunna ngayakeun pesta keur para pajabat
jeung gegeden-gegeden pamarentah. Para
panglima Persia jeung Media, kitu deui para
gupernur jeung para bangsawan ti saban
propinsi, araya dina eta pesta.
[4] Pesta nepi ka genep bulan, bari
nembongkeun kakayaan eusining karaton,
arendah, marulya, taya tandingna.
[5] Sarengsena eta, raja ngayakeun deui pesta
keur pangeusi kota Susan, nu baleunghar,
nu mariskin. Pestana campleng saminggu di
patamanan karaton.
[6] Palataran dihias ku hordeng-hordeng warna
bulao jeung bodas, make tali-tali tina kaen
lenen wungu, ditalikeun kana ali-ali perak
anu dipasang dina tihang-tihang marmer.
Katil emas jeung katil perak ditagenkeun di
palataran anu lantena ku ubin marmer bodas,
ubin beureum, giwang anu gilap jeung batu
pirus bulas.

7 Inuman diidangkeun dina cangkir emas
warna-warni taya anu sarupa, turug-turug
raja teu lebar ku anggur tina sisimpenan
pikeun karaton.
8 Ngarinumna teu diwates, sakumaha
parentah raja ka gandek-gandek karaton,
supaya anu paresta teh ngaraleueutna
sasukana.
9 Satengahing kitu prameswari ge, Ratu
Wasti, di lebet ngayakeun pesta. Ieu mah
keur kaom wanita.
10 Dina poe katujuhna pesta, ku perbawa
cianggur sang raja ngaraos gerah. Seug
nyaur gandek kadeuheus, tujuh lalaki kabiri,
ngaranna Mahuman, Bista, Harbona, Bigta,
Abagta, Setar jeung Karkas.
11 Ditimbalan ngangkir Ratu Wasti kalawan
saged nganggo makuta ratuna. Sang raja
palay nembongkeun prameswarina ka para
gegeden jeung tamu-tamu lianna, kawantu
geulisna kawanti-wanti.
12 Tapi ratu nolak pamundut raja. Atuh raja
bendu, manahna ngentab.
13 Sang raja geus biasa sok mundut
bongbolongan ka ahli-ahli tina perkara
undang-undang jeung tata cara. Ti dinya
anjeunna manggil juru-juru nasehatna nu
nyaho kudu kumaha nya pilampaheun.
14 Juru-juru nasehat anu pangseringna
disaur ku raja nya eta: Karsena, Setar,
Admata, Tarsis, Meres, Marsena jeung

Memukan, anu jaradi pajabat pangluhurna di karajaan Persia jeung Media.
15 Lahiran raja ka aranjeunna, "Kula, Raja Ahasweros, nitah gandek-gandek sangkan Ratu sina marek, Ratu teu nurut. Kumaha eta ceuk undang-undang?"
16 Memukan miunjuk ka raja jeung para pajabat, saurna, "Ratu Wasti sanes mung baha ka kersa Sang Raja, nanging ka para pajabat ongkoh, malah ka sadaya lalaki di ieu karajaan.
17 Margi saupami eta peta Ratu kauar-aer, tangtos unggal wanita nyapirakeun salakina. Margi tangtos bakal kieu nyaranggemna, Raja Ahasweros geuning timbalanana ku Ratu Wasti henteu didangu.
18 Perkawis eta, dinten ieu keneh oge tangtos ku bojo-bojo para pajabat Persia sareng Media dicarioskeun ka salakina masing-masing. Ahirna di mana-mana bojo-bojo baris moal hormat ka salaki, salaki-salaki baris ambek-ambekan ka bojo.
19 Manawi sapuk, Sang Raja sae ngadamel pangumuman karajaan, ngumumkeun yen Wasti teu meunang tembong deui di payuneun Raja. Hal eta utamina diserat dina undang-undang Persia sareng Media, tawis hamo barobah. Salajengna Ratu kedah dicopot tina karatuanana, gentos ku istri nu langkung utami.

20 Saparantos ieu pangumuman nyebar
di sakuliah karajaan anu lega upluk-aplak,
tangtos kaom wanita teh baris ngesto ka
salaki, boh beunghar, boh miskin."
21 Eta pihatur kaluyuan ku raja jeung ku
pajabat-pajabat. Pituah Memukan ku raja
dijalankeun.
22 Ngintunkeun serat-serat ka unggal
propinsi sakarajaanana nurutkeun tulisan
jeung basana masing-masing, unina: Nu
jadi kapala kulawarga teh nya eta salaki.
Saucap-ucapna kudu diestokeun.
2 1 Sanggeus benduna leler, raja ngejelengut
ngemut-ngemut talajakna Wasti jeung
kana putusan anjeunna hal Wasti tea.
2 Juru-juru nasehatna maparin
bongbolongan, "Saena Sang Raja
milarian deui piprameswarieun, seueur
parawan-parawan anu gareulis.
3 Sae upami di unggal propinsi di sakuliah
karajaan, Sang Raja ngangkat tukang
milarianana. Sakur-sakur anu gareulis kedah
dikintun ka Susan, kangge eusi tempat
selir-selir, dibawah panalingaan Hagai, anu
ngurus istri-istri kalangenan Raja. Salajengna
kedah dirawat kageulisanana.
4 Sang Raja kantun milih mana anu
pangkamanahna, kangge dijenengkeun
prameswari gegentos Wasti." Eta nasehat ku
raja kamanah sarta tuluy dilampahkeun.

5 Di ibu kota Susan aya hiji urang Yahudi,
ngaranna Mordekai, anak Yair ti kaom
Binyamin, turunan Kis jeung Simei.
6 Tadina asal kaboyong, bareng jeung
boyongan-boyongan anu lianna. Kaboyongna
keur jaman Raja Nebukadnesar jadi raja
Babul, ngaboyong Raja Yoyakin raja nagara
Yuda, ti Yerusalem.
7 Mordekai boga alo awewe ngaranna Ester,
ngaran Ibranina mah Hadasa. Ku sabab geus
teu indung teu bapa, ku Mordekai diaku anak.
Ester rupana geulis, pangawakanana hade.
8 Di antara parawan-parawan anu dibawa
ka Susan keur nedunan parentah anyar ti
raja tea, Ester ge kaasup. Dipernahkeun di
lingkungan karaton, ditalingakeun ku Hagai
purah ngurus selir-selir tea.
9 Hagai kacida katajina ku Ester, atuh
pohara mikanyaahna. Ngarawatna leuwih
enya-enya, taya waktu kapiceun dipake
ngurut jeung ngatur daharna. Kamarna
dibere nu pangalusna, malah dibere mojang
petingan ti karaton tujuh urang, purah
ngalalayanan.
10 Memeh eta Ester ku Mordekai geus
diomat-omatan ulah bebeja yen urang
Yahudi.
11 Unggal poe Mordekai sok ngalanglangan,
mundar-mandir di latar tempat selir-selir,
hayangeun nyaho Ester salamet henteuna,
jeung arek dikumahakeun.

12 Geusan ngarawat parawan-parawan tea
lilana sataun. Diurut ku minyak emur genep
bulan, ku minyak seuseungitan lianna genep
bulan. Anggeus eta, mojang-mojang teh
bagilir saurang-saurang dideuheuskeun ka
raja.
13 Dina jungna ka karaton, nyi parawan
meunang barang pake nu kumaha bae.
14 Asupna ka karaton kudu wanci burit,
kaluarna poe isukna, tuluy dibawa ka imah
nu hiji deui, tempat para selir raja, anu
dibawah panalingaan Saasgas, tukang
ngajaga selir-selir raja. Tara marek-marek
deui kajaba lamun raja mikapalay, kakara
disaur sanggeus disebut ngaranna.
15 Datang giliran Ester dideuheuskeun
ka raja. Ester, putra Abihail, alo Mordekai
anu terus diangken putra teh mani matak
bengong sarerea. Dangdosna henteu mundut
itu ieu, estu tumut sakumaha saur Hagai tea
bae nu ngurusna.
16 Ari dideuheuskeunana Ester ka Raja
Ahasweros di karaton teh, nya eta dina
katujuh taunna anjeunna jadi raja, dina bulan
Tebet, bulan nu kasapuluh.
17 Barang beh katingali, raja joljol kataji,
leuwih ti batan ku mojang-mojang sejenna.
Meunangna katresnan sang raja teh leuwih ti
anu lianna. Rap diterapan makuta, diangkat
jadi prameswari gegentos Wasti.

18 Tuluy raja ngayakeun pesta, mestakeun
Ester, ngondangan para gegeden jeung para
pajabat. Sakuliah karajaan dibebaskeun tina
pajeg, sarta raja ngabagi-bagikeun hadiah
anu marahal, sakumaha layakna hadiah ti
raja.
19 Harita Mordekai teh ku raja geus dipaparin
hiji jabatan.
20 Ari Ester tetep pageuh ngarasiahkeun
asal-usulna. Pesen Mordekai yen hal eta ulah
nepi ka aya nu nyaho teh diestokeun pisan,
ngestona ka Mordekai teh estu teu beda ti
keur alitna keneh.
21 Sajeroning Mordekai nyekel tugas di
karaton, aya dua ponggawa purah jaga
lawang kamar raja, nya eta Bigtan jeung
Teres. Maranehna pohara ngarasa tugenahna
ku Raja Ahasweros, nepi ka sakait rek nelasan
raja.
22 Ku Mordekai diwartoskeun ka Ratu Ester,
anu terus ngunjukkeun eta hal anu kapendak
ku Mordekai ka raja.
23 Barang eta hal dipariksa, tetela yen bener.
Seug jelemana duanana digantung. Eta
kajadian ku raja dipiwarang dicatet dina kitab
babad karajaan.
3 1 Hiji mangsa Raja Ahasweros ngangkat
hiji perdana mentri, jenenganana Haman,
putra Hamedata bangsa Agag.

2 Raja marentahkeun, sakabeh pajabat-
pajabat karaton kudu mendek jeung nyembah
ka Haman. Sarerea nurut, kajaba ti Mordekai.
3 Abdi-abdi karaton anu sejenna naranyakeun
ka anjeunna ku naon baha kana eta timbalan
raja.
4 Unggal poe maranehna ngomongan supaya
Mordekai daek nurut, tapi ku Mordekai teu
diwaro. Saurna, "Sim kuring bangsa Yahudi,
mustahil nyembah ka Haman." Lila-lila mah
diarunjukkeun ka Haman, panasaran kumaha
baris katarimana eta peta Mordekai teh.
5 Barang Haman sidik yen Mordekai teu
daek nyembah sarta mendek ka anjeunna,
manahna mani ngentab.
6 Komo sanggeus uningaeun yen Mordekai
urang Yahudi mah, geus hoyong bek bae
maehan. Tapi raraosanana asa cumah ari
ngan maehan Mordekai wungkul mah. Ku
sabab kitu anjeunna milari jalan sangkan
bisa numpes saayana urang Yahudi nu aya di
sakarajaan Persia.
7 Dina bulan Nisan, nya eta bulan anu mimiti,
nincak kadua belas taunna pamarentahan
Ahasweros, Haman miwarang ngalung dadu,
anu ku urang dinya disebut "Purim", rek
milari wanci nu mustari, poe jeung bulan
geusan ngajalankeun maksadna. Katimu,
piwaktueunana teh tanggal tilu belas, bulan
Adar, bulan anu kadua belas.

8 Haman unjukan ka raja, "Di sakuliah
karajaan Sang Raja, di unggal-unggal
propinsi, nyebar hiji bangsa. Adat istiadatna
benten ti rahayat umumna. Malah aya
langkungna, embung tunduk kana undang-
undang karajaan. Tangtos moal pisaeeun
upami ku Sang Raja diantep.
9 Madak sapuk, Sang Raja sae ngaluarkeun
parentah supados eta bangsa ditumpurkeun.
Saparantos ieu hal beres dijalankeun, abdi
gusti nanggel tiasa nyetorkeun 375 ton
perak kana kas karajaan, kanggo kaperluan
pamarentahan nagara."
10 Raja ngalaan lelepen, paranti ngecap jeung
ngesahkeun surat parentah, diserenkeun ka
Haman putra Hamedata bangsa Agag, musuh
urang Yahudi tea.
11 Sang raja nimbalan, "Eta bangsa, kitu
deui duitna, jadi milik maneh. Rek dikitu rek
dikieu, kumaha karep maneh."
12 Dina tanggal tilu belas bulan kahiji, Haman
nyaur para juruserat raja, ngadiktekeun
serat parentah, sakalian jeung nyalinna
kana basa-basa jeung tulisan anu diparake
di sakuliah karajaan, pikeun kapala-kapala
pamarentahan, gupernur-gupernur, bupati-
bupati. Dikaluarkeunana kalawan asmana
Raja Ahasweros, beunang ngecap ku lelepen
raja.
13 Eta surat parentah diiangkeun ka unggal
propinsi di sakuliah karajaan, dibarawa

ku jelema-jelema tukang lumpat. Unina:
Dina tanggal tilu belas bulan Adar, sakabeh
urang Yahudi, nu ngora, nu kolot, awewena,
barudakna kudu diparaehan, kudu tumpur
di jero sapoe. Paehan kabeh, tong aya rasa
karunya, sarta harta bandana rampas.
14 Eta parentah di unggal propinsi kudu
diembarkeun ka rahayat, supaya dina
waktuna kabeh geus sayaga.
15 Kalawan parentah raja, eta embaran
teh diumumkeun di ibukota Susan. Tukang-
tukang lumpat geus tingsalemprung mawa
eta maklumat ka propinsi-propinsi. Ari
Haman, sajeroning dayeuh Susan guyur ibur,
raos-raos calik ngaleueut jeung raja.
4 1 Barang Mordekai uninga, anjeunna nepi
ka nyosoek anggoan, teras disalin ku
anggoan tina karung, sarta ngawurkeun lebu
kana mastaka. Tuluy angkat di jero kota bari
nangis tarik awahing ku nalangsa
2 nepi ka lawang karaton. Anjeunna teu terus
lebet, sabab anu make pakean tina karung
mah euweuh anu diidinan asup.
3 Ari urang Yahudi di propinsi-propinsi anu
geus meunang eta sebaran ti raja pating
jarerit. Tuluy paruasa dibarung ku ceurik
jeung midangdam, loba nu tuluy marake
pakean tina karung, malah ngaredengna oge
ngagaloler bae dina kekebul.
4 Barang Ester diwartosan hal Mordekai kitu
ku dayang jeung gandek-gandek, pohara

tagiwurna. Geuwat Mordekai dikintunan pisalin sina gentos ulah nganggo baju karung. Tapi ku Mordekai teu ditampa.
5 Ester nyaur mantri Hatah, anu ku sang raja dibakukeun ngaladenan prameswari. Ku Ester dijurung nemonan Mordekai, sangkan nalengteng ku naon nu matak kikituan.
6 Mantri Hatah kaluar nemonan Mordekai di alun-alun hareupeun lawang karaton.
7 Sakumaha anu kajadian ku Mordekai dicarioskeun, kitu deui gedena duit anu ku Haman dijangjikeun baris disetorkeun kana kas karajaan, saupama sakabeh urang Yahudi geus diberesan.
8 Surat parentah ngagempur oge diumumkeun di Susan, salinanana diserenkeun ka mantri Hatah, bari mundut tulung sangkan diteruskeun ka Ester. Amanatna supaya Ester ngadeuheus ka raja, nyuhunkeun citeresna mugi raja aya sih piwelas ka bangsa Yahudi.
9 Pamundutna ku mantri Hatah ditepikeun.
10 Ti dinya Ester ngintun wartos kieu ka Mordekai,
11 "Mugi uninga, jalma anu lebet ka karaton seja ngadeuheus ka raja kalayan taya panyaur, boh lalaki boh awewe, hukumanana mung sarupi, nya dipaehan. Ieu parantos jadi undang-undang, sarta sadayana kawit ti mantri dugi ka rahayat biasa parantos tarerang. Teu aya anu tiasa sumingkir tina

ieu undang-undang, kajabi upami sang raja
nyodorkeun teteken emas, eta jalma moal
kantos dipaehan. Dupi abdi parantos sasasih
henteu disaur-saur."
12 Sanggeus eta kasauran Ester ditepikeun
ka Mordekai,
13 anjeunna ngintun waleran kieu, "Nyai ulah
nyangka baris langkung aman ti dulur-dulur
urang anu lianna dumeh aya di karaton raja.
14 Sanajan upamina, dina kaayaan sakieu
bahayana Nyai raos-raos bae, pitulung mah
moal teu dongkap ti langit. Bangsa Yahudi
tangtos katulungan, sawangsulna Nyai mah
baris tiwas, kitu deui wargi-wargi ti rama
baris mendak poe panungtungan. Ngan ceuk
emutan, boa nu matak Nyai nepi ka jadi Ratu
oge nya keur jadi cukang pisalameteun tina
bahaya kawas ayeuna!"
15 Ester ngintun deui waleran,
16 "Enggal tepangan sadaya urang Yahudi
anu araya di Susan. Wartoskeun kedah
paruasa muasaan abdi. Ulah dalahar nginum
salebet tilu dinten siang wengi. Abdi oge
sareng dayang-dayang sadaya tangtos puasa.
Saparantos eta abdi bade ngadeuheus ka raja,
sanaos baris ngalanggar undang-undang.
Saupami abdi dugi ka tiwas, abdi iklas
kabina-bina."
17 Bral Mordekai angkat, ngajalankeun
sagala pamundut Ester.

5 [1] Sanggeus saum tilu poe, Ester dangdos
ku anggoan karatuan, tuluy ngadeg
di latar padaleman, mayun ka kamar
singgasana. Kaleresan raja keur linggih dina
korsi karajaan, mayun ka lawang.
[2] Barang ningali aya Ratu Ester ngadeg di
buruan, anjeunna teu werat nampik, lajeng
nyodorkeun teteken emas. Enggal Ester
nyaketan, ceg nyepeng kana congo teteken.
[3] Raja mariksa, "Aya pikersaeun naon enung,
Ratu Ester? Saurkeun bae aya pamundut
mah. Tangtos dikabul najan mundut sabeulah
karajaan oge."
[4] Ester ngawaler, "Manawi sapuk ing
panggalih, abdi gusti nyembahkeun panuhun,
mugi Kangjeng Raja miwah Juragan Haman
engke wengi kersa linggih tuang leueut,
kenging abdi gusti nyayagikeun."
[5] Sang raja geuwat nimbalan nyaur Haman
sina gancang-gancang sumping, bade
dicandak linggih ka Ester. Bral raja jeung
Haman arangkat nedunan pangangkir Ester.
[6] Bari ngaleueut anggur, raja mariksa ka
Ester, timbalanana, "Mangga saurkeun, naon
nya pamundut tangtos dikabul. Naon nya
kahoyong tangtos buktos. Palay sabeulah
karajaan oge teu aya wagelanana."
[7] Ester ngawaler,
[8] "Manawi Kangjeng Raja kersa ngabulkeun
panuhun, mugi enjing kersa linggih deui
sareng Juragan Haman tuang leueut nu bade

disayagikeun ku abdi gusti. Menggahing
panuhun abdi enjing bade diunjukkeunana."
9 Samulihna Haman tina tuang, pohara
ngaraos bagjana, hegar manah. Tapi ana
ret ningali Mordekai anu keur aya di lawang
karaton, turug-turug taya pisan riuk-riukna
hormat waktu anjeunna ngalangkung, nyel
bae bendu.
10 Tapi nyabar-nyabar anjeun bae, terus
mulih ka bumi. Sasumpingna tuluy nyaur
rerencanganana ka bumi. Seres oge, garwana
disaur dicandak ngariung.
11 Gorolang sasauran muji anjeun, nyaurkeun
sakumaha beungharna, sakumaha gereyekna
putra-putra, sakumaha dijungjungna ku raja
nepi ka dibere pangkat nu mulya, sakumaha
pentingna anjeunna, leuwih punjul ti batan
pajabat-pajabat raja sejenna.
12 Jeung kieu deui saurna, "Malah bieu mah
tas diondang tuang ku Ratu Ester. Ngan kaula
bae jeung raja nu diondang teh. Isukan ge
diangkir deui.
13 Tapi ana geus nenjo si Mordekai, si Yahudi,
diuk di lawang karaton, les bae eta kabagjaan
teh leungit, asa taya hartina."
14 Ari walon garwa jeung rerencanganana,
"Atuh miwarang bae ngadamel
panggantungan anu luhurna dua puluh
dua meter. Enjing unjukkeun ka raja.
Gantung eta si Mordekai teh. Parantos kitu
mah angkat kana pangangkir tangtos kalayan

senang." Ku pangraos Haman, eta usul kacida hadena, tuluy bae ngadamel panggantungan.

6 [1] Dina peutingna raja teu iasa kulem. Seug miwarang dipangaoskeun kitab babad karajaan.
[2] Pareng mendak laporan hal Mordekai ngalaporkeun anu rek nelasan raja, anu diniatan ku Bigtan jeung Teres, dua mantri purah jaga lawang kamar raja tea.
[3] Raja mariksa, "Naon ganjaran ka Mordekai kana jasana?" Wangsul abdi-abdi, "Sumuhun, teu diganjar naon-naon."
[4] Raja mariksa, "Saha pagawe kami anu ayeuna aya di karaton?" Kabeneran harita Haman sumping rek unjukan perkara rek ngagantung Mordekai tea, tur panggantunganana geus sadia.
[5] Atuh wangsul abdi-abdi teh, "Sumuhun Juragan Haman, nuju ngantos timbalan." Timbalan raja, "Sina asup."
[6] Haman lebet, raja mariksa, "Aya jelema anu ku kami wajib dibere nugraha, rek dijungjung sina dihormat-hormat luar biasa. Cik, kudu kumaha alusna?" Haman ngagerentes manahna, "Naha saha deui anu pantes dibere nugraha sakitu agungna? Tangtu aing."
[7] (6:7-8) Anu matak ngawalerna teh, "Kedah dianteuran anggoan karajaan anu sok dianggo ku Raja, sareng kuda kagungan

Raja anu dipapaesan ku lambang-lambang karajaan.
8 (6:7)
9 Sina dangdos ku anggoan karajaan, didangdosanana ku hiji menak nu pangagungna, tumpakkeun kana kuda lajeng arak ngurilingan alun-alun nagara. Ti heulaeunana kedah aya menak anu ceceluk, Kieu diagung-agungna, jalma anu ku raja dipaparin nugraha!"
10 Timbalan raja ka Haman, "Geuwat atuh eta anggoan kitu deui kudana cokot, anteurkeun ku maneh. Ieu nugraha bikeun ka Mordekai, urang Yahudi tea. Sakur anu bieu ku maneh ditataan, lampahkeun kabeh ku maneh, ulah aya nu kaliwat. Tepungan jelemana di gapura karaton."
11 Tuluy Haman nyandak anggoan karajaan jeung kuda. Mordekai ku anjeunna didangdosan anggoan karajaan, terus tumpak kuda, diarak ngurilingan alun-alun nagara. Haman ceceluk heulaeun arak-arakan, "Kieu diagung-agungna, jalma anu ku raja dipaparin nugraha!"
12 Sabadana, Mordekai mah balik deui ka gapura karaton, ari Haman gura-giru mulih ka bumi, bari meungpeunan pameunteu awahing ku ngaraos wirang.
13 Pok wawartos ka garwa jeung rerencanganana. Ari ceuk garwa jeung rerencanganana anu palinter tea, "Atuh

anjeun ngawitan eleh ku Mordekai. Urang Yahudi manehna teh, sarta anjeun moal bisa ngelehkeun. Pasti manehna malah anu ngelehkeun anjeun."
14 Sabot keur salasauran kitu, daratang gandek-gandek karaton bangun gura-giru, mapag Haman kana pangangkir Ester.
7 1 Lajeng raja angkat jeung Haman, kadua kalina muru tuang ka Ester.
2 Sanggeusna ngaleueut anggur, raja mariksa ka Ester, "Ratu Ester bade mundut naon? Saurkeun bae, tangtos buktos. Masih sabeulah karajaan ge ku Engkang hamo burung diserenkeun."
3 Ratu Ester ngawaler, "Manawi Kangjeng Raja sapuk ngabulkeun ieu panuhun abdi nu hina, panuhun teh taya sanes mung nyuhunkeun ditangtayungan nyawa, diri miwah bangsa abdi.
4 Sayaktosna bangsa abdi nya kitu deui abdi, parantos aya nu ngajual bade dijagal. Saupami henteu matak bahla mah, saupami mung ukur dijual dijadikeun budak beulian, moal kantos diunjukkeun, bade disidem bae. Dupi ieu, abdi sadaya bade ditumpes, disina tumpur!"
5 Raja Ahasweros mariksa ka Ratu Ester, "Saha anu cucungah kitu teh? Di mana jelemana?"

6 Waler Ester, "Musuh abdi-abdi, anu jail
kaniaya, sumuhun ieu durjanana, Haman!"
Seblak Haman kabur pangacianana.
7 Sang raja lajeng ngajengkat awahing ku
wera, kaluar ti kamar ngabujeng taman
padaleman. Ari Haman terus ngajengjen, tina
geus kagungan pirasat pasti dihukum ku raja.
Niatna rek muntang ka Ester mundut dibela
nyawa.
8 Gebru meubeutkeun anjeun, nyuuh ka
Ester anu calik dina dipan, seja mundut
piwelasna. Sabot kitu raja lebet manten
ti taman. Ana ningali kitu, raja mani
ngahaok, "Si campelak! Rek ngagadabah ka
prameswari kami, hareupeun kami, tur di
padaleman pisan?" Tutas sang raja ngahaok,
jol abdi-abdi, ngarungkup mastaka Haman.
9 Nu saurang, nu ngaran Harbona unjukan,
"Sayaktosna Haman parantos ngadegkeun
panggantungan di bumina, luhurna dugi
ka dua puluh dua meter, bade ngagantung
Mordekai, anu kapungkur ngaboker rasiah
jalma-jalma anu niat nelasan Sang Raja."
Timbalan raja, "Gantung Haman di dinya!"
10 Gulawing Haman digantung, dina
panggantungan anu tadina dijieun keur
ngagantung Mordekai. Sanggeus kitu, kakara
bendu sang raja leler.
8 1 Dina poe eta keneh, sagala harta
kakayaan Haman, musuh urang Yahudi
tea, ku raja dipaparinkeun ka Ester. Ester

miunjuk ka raja, nguningakeun yen anjeunna teh kapiputra Mordekai. Atuh ti semet harita Mordekai diwidian marek ka payuneun raja.
2 Raja nyandak lelepen cap anu bareto diserenkeun ka Haman tea, tuluy dipasrahkeun ka Mordekai. Ari Mordekai ku Ester dikawasakeun ngurus harta kakayaan Haman.
3 Ester ngadeuheus deui ka raja, bari nangis ngarawu sampeanana, maksadna mundut ihtiar, sangkan usaha jahatna Haman bangsa Agag rek numpes urang Yahudi teh ulah kajadian.
4 Raja nyodorkeun teteken emas. Ester cengkat, pok miunjuk,
5 "Manawi sapuk, sareng manawi Kangjeng Raja kagungan hawatos ka diri abdi, sareng manawi kagalih, mugi Kangjeng Raja ngaluarkeun parentah ngabatalkeun embaran Haman, anu parantos dikaluarkeun ku eta putra Hamedata bangsa Agag, anu ungelna kedah numpes sakumna urang Yahudi di sakuliah karajaan.
6 Diri abdi kumaha nya pikiateun, saupami eta bahla dugi ka tumiba ka bangsa abdi, saupami dulur-dulur abdi gusti dugi ka tumpes?"
7 Dawuhan Raja Ahasweros ka Ratu Ester jeung ka Mordekai, "Sakumaha anu kauninga, Haman, anu boga niat numpes urang Yahudi,

ku kami geus digantung. Harta kakayaanana geus diselehkeun ka Ester.
8 Ngan, surat parentah anu dikaluarkeun kalawan asma raja tur dicap ku lelepen karajaan, eta mah henteu wenang dibatalkeun. Tapi coba bae ngadamel surat ka sakumna urang Yahudi, kecap-kecapna mah kumaha aranjeun. Tanda kalayan asma kami, sarta cap ku cingcin karajaan."
9 Harita geus tanggal dua puluh tilu bulan anu katilu, bulan Siwan, Mordekai nyaur para juruserat karaton, ngadiktekeun surat keur bangsa Yahudi, keur para gupernur, para bupati jeung pajabat-pajabat ti saratus dua puluh tujuh propinsi ti India nepi ka Sudan. Dikarangna dina basa jeung tulisan masing-masing propinsi. Anu keur urang Yahudi, nya dina basa jeung tulisan Yahudi.
10 Tret ditanda kalayan asma Raja Ahasweros sarta dicap ku lelepen karajaan. Geus kitu diiang-iangkeun, dibarawa ku iber-iber nu tarumpak kuda balap petingan ti istal karajaan.
11 Ungelna surat, kalayan restu sang raja, urang Yahudi kudu taki-taki, sabilulungan ngabela diri. Lamun didatangan ku jelema-jelema anu marawa pakarang, ti bangsa mana bae, di propinsi mana bae, kudu diayonan sakuat tanaga, tumpes katut saanak pamajikanana. Enggeus meunang

idin raja, basmi ulah aya nu kari, sarta harta kakayaanana rampas.
12 Ieu parentah jalankeun di sakuliah karajaan Persia, dina tanggal tilu belas bulan Adar, bulan nu kadua belas, poe nu tadina rek dipake numpes urang Yahudi.
13 Eta maklumat diundangkeun jadi undang-undang, diumumkeun ka satiap jalma di unggal kota jeung propinsi, sangkan urang Yahudi sayaga mapag ngayonan musuh, ngayakeun pangbales ana geus cunduk waktuna.
14 Raja marentahkeun sangkan eta maklumat dibarawa ku satria-satria anu tingbelesat negarkeun kuda karajaan sagancang-gancangna. Di Susan oge, di ibukota, eta maklumat teh diumumkeun ka bala rea.
15 Geus kitu Mordekai kaluar ti jero karaton, nganggo anggoan karajaan, warna biru jeung bodas, harudumna lenen wungu sarta nganggo makuta kancana. Ger jalma-jalma urang Susan sarurak ayeuh-ayeuhan sapaparat jalan.
16 Urang Yahudi galumbira, ngarasa longsong, pulih ati pulang bagja, nyeuseup hawa kaunggulan.
17 Di unggal kota jeung propinsi, sakur anu geus kahontal ku eta maklumat raja, poe eta teh ku urang Yahudi dijieun poe sukan-sukan, harajat bawaning ku ngarasa

bagja. Manahoreng, loba pisan jalma-jalma
ti bangsa sejen anu buru-buru arasup jadi
bangsa Yahudi, lantaran ngarasa gimir.
9 [1] Geus nincak tanggal tilu belas bulan
Adar, cunduk waktu, urang Yahudi
ngajalankeun parentah karajaan tea. Poe
eta musuh-musuh urang Yahudi geus
boga angkeuhan baris bisa ngaburak-barik
maranehna. Ari heug, urang Yahudi nu
unggul.
[2] Di unggal daerah Yahudi di sakuliah nagara,
urang Yahudi sayaga waspada, taki-taki
geusan narajang musuh anu wani-wani
ganggu. Di mana-mana jalma-jalma galalimir.
Dina derna narajang, taya nu tagen nadahan.
[3] Malah kanyataanana mah, pajabat-pajabat
pamarentah propinsi-propinsi, gupernur-
gupernur jeung para bupati, kitu deui
wawakil-wawakil karajaan bariluk milu
ngabantu urang Yahudi, lantaran inggis ku
Mordekai.
[4] Geus kagurnita, Mordekai jadi gede
kawasana di karaton, tur kawasana teh
wuwuh ngagedean.
[5] Atuh urang Yahudi babarieun pisan
ngabasmi musuhna. Pedangna muwak-mawik
dipake ngajagal, musuh gempar jaradi
babatang.
[6] Di ibukota Susan wungkul, nu dipaehan ku
urang Yahudi teh nepi ka aya 500 jelema.

7 Di antarana aya: Parsandata, Dalpon,
Aspata,
8 Porata, Adalia, Aridata,
9 Parmasta, Arisai, Aridai jeung Waisata.
10 Jumlahna sapuluh urang, sapuluhanana
anak-anak Haman bin Hamedata bangsa
Agag, musuh urang Yahudi tea. Tapi ari
kakayaanana mah teu diraranjah.
11 Dina poe eta keneh jumlah anu paraeh di
Susan teh dilaporkeun ka raja.
12 Raja sasauran ka Ratu Ester, "Di Susan
wungkul anu tumpes ku urang Yahudi aya 500
urang. Nu sapuluh anak-anakna Haman. Duka
kumaha di propinsi-propinsi, tada teuing bae!
Kumaha kahoyong Enung ayeuna? Saurkeun
bae, tangtos dikabul. Naon nya kahoyong
tangtos cumpon."
13 Ester ngawaler, "Manawi sapuk sareng
manah Kangjeng Raja, dinten enjing urang
Yahudi anu di Susan mugi diwidian neraskeun
hanca, sakumaha dinten ieu. Kajabi ti eta,
mayit anak-anak Haman, sapuluhanana
supados digantung."
14 Sang raja marentahkeun supaya eta
pamundut dijalankeun, sarta anjeunna
ngundangkeun maklumatna di Susan. Mayit
anak-anak Haman sapuluhanana digantung,
dijieun tongtonan.
15 Isukna, tanggal opat belas bulan Adar,
urang Yahudi di Susan ngamuk deui, maehan
300 urang leuwih warga kota. Tapi harita

oge maranehna henteu terus ngaranjah kana jaraheun.
16 Urang Yahudi anu di propinsi-propinsi
oge enggeus der narajang musuh, maehan
75.000 jelema, sakur anu ngarewaeun ka
maranehna. Di dieu oge maranehna henteu
kungsi ngaranjah jaraheun.
17 Ngamukna dina tanggal tilu belas wungkul.
Tanggal opat belas eureun tina ngundeur
nyawa musuhna, diganti ku suka-suka pesta.
18 Ari urang Yahudi anu di Susan mah nyieun
pestana teh tanggal lima belas, lantaran
ngaramukna teh dua poe, tanggal tilu belas
jeung opat belas, tanggal lima belas kakara
enggeusan.
19 Ku sabab kitu, urang Yahudi anu di
kota-kota leutik di pasisian, anu kotana
ngablag teu make bebenteng, nyieun pestana
teh tanggal opat belas bulan Adar, harajat
bari silih kirim kadaharan.
20 Ieu kajadian penting ku Mordekai dicatet.
Anjeunna ngintun-ngintunkeun serat ka
sakabeh urang Yahudi jauh deukeut di
sakuliah karajaan Persia.
21 Ungelna, netepkeun yen tanggal opat
belas jeung lima belas bulan Adar, saban taun
kudu dijadikeun hari raya.
22 Lantaran dina poe-poe eta urang
Yahudi geus bisa reureuh, geus ngahontal
kaunggulan ti musuhna. Bulan eta jadi bulan
bangbalikan, asal ceurik jadi seuri, asal

lewang jadi bungangang. Dina poe eta kudu
pesta kudu hajat, silih kirim kadaharan, bari
sidekah ka nu mariskin.
23 Eta parentah ti Mordekai digumatikeun,
sarta jadi adat kabiasaan.
24 Bareto Haman, musuh urang Yahudi, anak
Hamedata bangsa Agag, geus ngalung dadu
anu disebut "Purim", milih poe tumpesan
urang Yahudi tea, anu niatna mah rek
diperenan kabeh.
25 Tapi ku sabab Ester unjukan ka raja,
sarta raja ngaluarkeun parentah, niat Haman
nyilakakeun urang Yahudi teh meulit ka
dirina, nepi ka digantungna pisan katut ka
anak-anakna.
26 Ku sabab kitu, eta hari raya teh disebutna
"Purim", hartina dadu. Nyokot dasar tina
surat Mordekai tea, jeung tina kajadian anu
kaalaman.
27 Hal eta ku urang Yahudi dijieun wajib keur
dirina saturun-tumurun, katut keur sakabeh
jelema anu arasup Yahudi. Jadi eta poe anu
dua, unggal-unggal taun dijieun adat anu
ngabaku, dasarna parentah Mordekai dina
suratna tea.
28 Geus dimistikeun, yen eta hari raya Purim
anu lilana dua poe teh kudu digumatikeun di
unggal-unggal propinsi, unggal kota, boh ku
warga-warga Yahudi harita, boh ku turunan
engke, teu meunang pegat sapapanjangna.

29 Geus kitu, Ratu Ester, putra Abihail,
disarengan ku Mordekai ngintun serat
kalawan nganggo sagemblengna kawibawaan
anjeunna, ngukuhkeun parentah perkara
Purim, anu geus diparentahkeun ku Mordekai
dina seratna anu ti heula.
30 Eta serat ditujukeunana ka sakumna
urang Yahudi. Salinan eta serat dikirimkeun
ka 127 propinsi di sakuliah karajaan Persia,
diwuwuhan ku salam katineung, muga urang
Yahudi ginanjar bagja santosa.
31 Diparentahkeun, sangkan maranehna
jeung turunanana ngagumatikeun hari raya
Purim, sakumaha ngagumatikeun kamistian
ngajalankeun ibadah puasa jeung poe-poe
kasungkawaan. Parentahna ditawis ku
Mordekai jeung Ratu Ester.
32 Sarta eta parentah Ester anu netepkeun
hari raya Purim, diserat dina kitab.
10 1 Raja Ahasweros, ngeunakeun kerja
paksa ka rahayat anu di daerah-daerah
basisir karajaanana, kitu deui ka nu di
daerah-daerah padusunan.
2 Sagala padamelanana nu harebat sarta
gagah, kitu deui salengkepna riwayat
dijungjungna Mordekai kana pangkat anu
agung, diserat dina kitab babad raja-raja
Persia jeung Media.
3 Mordekai, urang Yahudi tea, jadi jalma
agung nu kadua ti Raja Ahasweros ku anjeun.
Dipupunjung diagung-agung, dipikaresep ku

sasama bangsa. Anjeunna geus barang damel pikeun kamaslahatan bangsana, kitu deui keur pirahayueun sakabeh turunanana.

Ayub

1 [1] Di tanah Us aya hiji jelema, Ayub
jenenganana. Jelema ibadah tuhu ka
Allah, temen lempeng hade manah, tata-titi
ati-ati, nyingkah tina lampah salah.
[2] Kagungan putra tujuh pameget, tilu istri.
[3] Kagungan ingon-ingon domba 7.000, onta
3.000, sapi 1.000, kalde 500. Bujangna
mangpirang-pirang. Pangbeungharna di tatar
Wetan mah.
[4] Ari putra-putrana nu pameget damelna
curak-curak pepestaan, bagilir di bumina
masing-masing silih ondang, tara lali ngajak
saderek-saderek nu istri.
[5] Ari Ayub saban-saban putrana entas
pesta, poe isukna pasti gugah subuh-subuh,
nyanggakeun kurban, mundut ampun keur
putra-putrana. Saban-saban kitu bae, sabab
ceuk emutanana bisi aya talajak anak anu
nincak dosa, teu kahaja, ngahina ka Allah.
[6] Hiji mangsa, waktu mahluk-mahluk surga
ngadeuheus ka payuneun PANGERAN, di
antarana Si Panggoda oge aya.
[7] Ku PANGERAN dipariksa, "Ari maneh
tas naon bae?" Jawab Si Panggoda, "Tas
luntang-lantung ngajajah jagat."
[8] Timbalan PANGERAN, "Nyaho maneh ka
abdi Kami nu ngaran Ayub? Di sajagat taya

deui nu satia jeung ibadahna cara manehna. Ka Kami estu gumusti, tata titi ati-ati, nyingkah tina lampah salah."
9 Si Panggoda ngajawab, "Kumaha lamun teu dibere naon-naon, daekeun gumusti?
10 Pan ku Anjeun sakitu dipukpruk-pukprukna sakulawarga, sagala pangabogana dijaga-jaga. Sagala pagaweanana diberkahan, tur dibere ingon-ingon sakitu reana, mani matak heurin sanagara.
11 Coba cabut sagala pangabogana, harita keneh ge pasti nyumpahan ka Anjeun."
12 Timbalan Allah ka Si Panggoda, "Heug, sagala pangabogana kawasaan ku maneh, asal ulah ganggu ka dirina." Leos Si Panggoda undur ti payuneun Allah.
13 Dina hiji poe, waktu putra-putra Ayub keur pesta di nu cikal,
14 torojol bujangna mawa beja ka Ayub, "Cilaka Juragan! Waktos bujang-bujang nuju ngawaruluku ku sapi, sareng kalde sadayana nuju nyaratuan di sampalan,
15 ujug-ujug diambreg ku urang Syeba. Ingon-ingon diranjah, bujang-bujang tiwas sadayana. Mung abdi anu salamet, ngawartosan ka Juragan."
16 Can anggeus ngomongna, torojol deui bujang mawa beja, "Tiwas Juragan! Domba seep, nu ngangonna sadayana tiwas, dibentar gelap. Mung abdi nu salamet, ngawartosan ka Juragan."

17 Ieu can anggeus nyarita, datang deui
bujang mawa beja, "Aduh Juragan! Onta
seep diranjah ku rampog-rampog ti Kasdim
dugi ka tilu bubuhan. Bujang-bujang tiwas
sadaya. Mung abdi anu salamet, ngawartosan
ka Juragan."
18 Ieu can anggeus nyarita, geus torojol
deui bae bujang mawa beja, "Tobat Juragan!
Putra-putra nuju pesta di nu cikal,
19 ana gelebug aya topan nebak ti leresan
gurun keusik. Gedong ambrug burak-barik,
nu di lalebet kitu deui putra-putra sadayana
tiwas. Mung abdi anu salamet, ngawartosan
ka Juragan."
20 Neut Ayub cengkat, seug nyosoeh
anggoanana awahing ku remuk nya manah.
Rambutna digundulan, bruk meubeutkeun
anjeun nyium taneuh.
21 Pok ngalahir, "Kami datang ka dunya
teu babawaan, mulang ge mo babawaan.
PANGERAN anu maparin, ku PANGERAN
deui dicandak. Mugi Pajenengana-Na tetep
dijungjung."
22 Katarajang cilaka sakitu parnana oge
imanna mah berekah, henteu nempuhkeun
ka Gusti Allah.
2 1 Waktu mahluk-mahluk surga
ngadeuheus deui ka payuneun
PANGERAN, Si Panggoda milu deui.

2 Ku PANGERAN dipariksa, "Maneh tas
ti mana?" Si Panggoda ngajawab, "Tas
luntang-lantung ngajajah jagat."
3 PANGERAN mariksa deui, "Geus nyaho lain,
ka abdi Kami Ayub tea? Di sajagat taya deui
nu satia jeung ibadahna cara manehna. Ka
Kami estu gumusti, tata-titi ati-ati, nyingkah
tina lampah salah. Mangkilang ku maneh
geus dijuligan teu puguh-puguh lantaran
Kami kaangsonan, tetep bae satuhu cara
sasari."
4 Si Panggoda ngajawab, "Jelema mah asal
keur ngabelaan nyawa, tara lebar ku banda.
5 Coba ragana terapan siksa, harita keneh ge
pasti nyumpahan ka Anjeun."
6 Ari pilahir PANGERAN, "Hade, ayeuna
manehna aya dina kakawasaan maneh, asal
ulah nepi ka paeh."
7 Leos Si Panggoda undur ti payuneun
PANGERAN, nerapkeun panyiksa ka Ayub,
sakujur salirana disina parecah pareurih
kabina-bina.
8 Seug Ayub ngalih calikna ka jarian, bari
ngerokan salira ku talawengkar.
9 Ku garwana diweweleh, "Bade satuhu
keneh bae ka Allah teh? Geura sumpahan
Allah teh, terus pek pupus!"
10 Ayub ngawaler, "Eum, ucap-ucapan teh
sambewara teuing! Pedah ku Allah keur
dipaparin lara, na make kudu aral? Geuning
ari berkah-Na mah ku urang bet ditampa?"

Iman Ayub berekah, najan nandang lara,
henteu nempuhkeun ka Allah.
11 Aya sobat Ayub tiluan, nya eta Elipas
urang Tman, Bildad urang Suah jeung Sopar
urang Naamah. Sanggeus ngadarangu beja
yen Ayub teu damang tur pohara larana tuluy
ngaralayad seja ngabeberah.
12 Barang breh, rada ti kaanggangan keneh
mah meh bae paranglingeun ka Ayub teh. Ari
gok ari segruk nararangis awahing ku henteu
tega ningalina, seug nyarosoeh anggoanana
bari tuluy ngarawu taneuh diawur-awur ka
awang-awang jeung kana mastaka.
13 Brek sarila dina taneuh ngarencangan
beurang peuting bari teu kecet-kecet nepi ka
saminggu, tina awahing ku watir ka Ayub anu
sakitu nandang larana.
3 1 Tungtungna Ayub nu mimiti buka soara,
nyumpahan poe wedalna, saurna,
2 (3:2-3) "Ya Allah, mugi lanat poe
wewedalan abdi, mugi lanat wengian abdi
dicipta.
3 (3:2)
4 Eta poe jadikeun poek, ya Allah. Tong
diemut-emut deui tong disinaran ku caang
deui.
5 Sina medem sing ngajumbleng, dingdingan
ku mendung hideung, ulah kasorot sang
surya.
6 Wengi eta dudut ti jero taun, tong
dietang-etang deui,

7 jieun wengi anu suwung, tuna tina
kabungahan.
8 Timbalkeun ka tukang tenung, nu tiasa
ngagendam ka Lewiatan, sina nyapa eta poe,
9 sina nyandet sinar bentang timur, sangkan
eta wengi ulah katumbu balebat.
10 Sing disapa eta wengi anu ngantep abdi
dijurukeun, nepi ka abdi ayeuna nandang
panyiksa.
11 Mun antep abdi teh kapungkur teu
dijurukeun, atanapi antepkeun burusut tuluy.
12 Keur naon abdi kapungkur dilalahun ku
indung? Keur naon kapungkur disusuan ku
anjeunna?
13 Mun harita teras maot, ayeuna kantun
genahna,
14 genah mondok, lir raja sareng pangagung,
anu nembe rengse ngadegkeun deui
karaton-karatonna jaman baheula.
15 Tibra mondok, lir para pangeran, nu tas
ngeusian gedongna ku emas perak,
16 henteu usik-usik, lir orok udul.
17 Di jero kubur mah, nu jahat eureun
ngajahat, nu cape gawe, reureuh tina
gawena.
18 Sakitan-sakitan ge di dinya mah ayem-
tengtrem, teu nguping anu sesentak reujeung
hahaok.
19 Di dinya mah mulya hina sami bae, budak
beulian ge bebas merdeka.

20 Kanggo naon Si Nalangsa dihirupan?
Kanggo naon Si Prihatin dicaangan?
21 Balik pepeh nunggu paeh, ajalna teu
datang-datang. Nu kitu mah sono keneh ka
kuburan batan kana pependeman.
22 Nu kitu mah nembe senang mun hos
paeh, rup ku padung rap ku lemah, nembe
genah.
23 Nu kitu mah hirupna ku Allah dikepung
sakurilingna, mangsa pikahareupeunana ku
Allah disamunikeun.
24 Mungguh abdi boro-boro bisa neda, balas
rumahuh, humarurung udah-aduh.
25 Nu dipikasieun nampeu, nu dipikahariwang
datang.
26 Hayang tengtrem teu tiasa, hayang genah
teu tiasa, lara teu aya sudana."
4 1 (4:1-2) Elipas: "Ki Sobat! Punten nya,
tong ngambek, kuring ayeuna seja
nyarita. Geus teu kuat ngabetem salila-lila.
2 (4:1)
3 Anjeun teh tukang wuwuruk, tukang
nyangkeh leungeun-leungeun nu ngaraplek,
4 purah ngeumbing nu tiguling, purah nuyun
nu ngudupruk, ngabeberah nu laleuseuh
jeung sarusah.
5 Ayeuna Ki Sobat pisan ngalaman katerap
lara, bet aral nandanganana.
6 Ongkoh Ki Sobat ibadah, taya cawadeun
nya lampah. Atuh tong aral subaha,
tarimakeun masing pasrah.

7 Kudu ngeunteung ka nu enggeus-enggeus,
na aya jalma ibadah nandang cilaka?
8 Ana kapanggih ku kuring, pangna jelema
meunang cilaka reujeung sangsara, lantaran
geus melak dosa, tandur binih kajahatan.
9 Atuh tangtu Allah bendu, tangtu narajang
lir topan, jalma nu kitu digempur.
10 Nu jarahat tinggalaur, tingharegem cara
singa, tapi jep ku Allah dibungkem nepi
ka jempling, sihungna beak dipingges-
pinggeskeun.
11 Lir singa taya mamangsan, maranehna
tarariwas, anak-anakna paburencay.
12 Kungsi kuring meunangkeun hiji harewos
pituah, pohara launna mehmehan henteu
kadenge.
13 Karasana asa eukeur ngimpi goreng
ngaganggu keur hees tibra.
14 Kuring mani ka ngeleper, gumeter, sakujur
awak ngadegdeg bawaning ku sieun.
15 Hiliwir aya angin kana beungeut, kuring
sumiak muringkak, sabulu-bulu muriding.
16 Breh teh ningali nu ngabelegedeg di
hareupeun, dihantem diawas-awas, weleh teu
nyaho eta teh naon. Ana ngong aya soara,
datangna ti alam jempling.
17 Pokna, Taya jalma nu bener payuneun
Allah. Taya jalma nu beresih di payuneun Nu
nyiptana.
18 Sadalah abdi-abdi Allah di sawarga,
ku Allah taya anu dipercaya. Malah para

malaikat, ku Mantenna kapendak aya
cacadna.
19 Kumaha pamikir Ki Sobat, na Mantenna
rek percaya ka mahluk nu asal tina taneuh
lempung, anu asal tina kebul, tur baris ajur
lebur lir dihakanan ku geget?
20 Manusa mah, isuk-isuk jagjag waringkas,
ari sorena kelepek paeh teu kanyahoan.
21 Sagala nu ngancik dina dirina, les musna
tanpa karana. Nepi ka paehna ge tetep
henteu nyaho naon-naon.
5 1 Ki Sobat! Aya kira-kirana nu bisa
ngajawab kana hal eta? Mangga calukan.
Atawa, aya kira-kirana malaikat nu bisa
dipentaan mangjawabkeun?
2 Aral ku diri, hayang paeh awahing ku
jengkel-jengkelna, eta mah nya bodo nya
tanpa guna.
3 Kuring geus manggih aya nu garejul
nararanjung, tapi harita keneh ge tempat
tinggalna ku kuring disapa.
4 Anak-anakna teu jaramuga, di pangadilan
teu aya nu ngabela.
5 Beubeunangan panenna, malah gandum
nu di rungkun ge bakal ledis ku nu kalaparan.
Kakayaanana dipikasirik ku nu aus kana harta.
Harta bandana wungkul keur teureuyeun
batur.
6 Piraku atuh kajahatan bijil ti jero taneuh,
piraku kasusah bijil ti jero bumi onaman.

7 Lain, lain ti dinya. Manusa cilaka teh ku
polahna keneh bae, cara silalatu mararetel
tina seuneu.
8 Mun kuring jadi anjeun, pasti nyaluuh ka
Allah, rek balaka sumeja sadaya-daya.
9 Sabab sugri damel-Na anu araheng ku
urang hamo kaharti, sagala mujijat-Na teu
aya wates wangenna.
10 Mantenna nurunkeun hujan, tanah-tanah
jeung tegalan disiram.
11 Ku Allah mah nu laip dijait, nu tagiwur
dililipur.
12 (5:12-13) Mantenna ngagagalkeun
rarancang jalma lalicik ngajiret anu palinter
ku rarancangna sorangan nepi ka sagala
usahana taya hasilna.
13 (5:12)
14 Pikeun anu kararitu, cacakan wanci
manceran, nepikeun ka talag-tolog lir ti
peuting.
15 Balikanan nu mariskin, ku Mantenna dijagi
ti baya pati, nu kakurangan, diraksa tina
paneungteuinganan.
16 Nu malarat, ku Mantenna dibeberah, anu
jarahat dibungkem, henteu bisa kecat-kecet.
17 Jalma anu dipeperih ku Allah mah bagja!
Anu matak ulah aral lamun disandangan lara.
18 Mun Mantenna ngaraheutan, Mantenna
keneh nu ngalandongan. Upama Mantenna
neunggeul, Mantenna keneh nu ngusapan.
19 Saban wanci urang dijagi tina balai,

20 usum kalaparan, moal paeh kalaparan,
usum perang moal paeh ku perang.
21 Ti nu linyok ti nu bohong, urang teh
diaping-aping, dijauhkeun tina sagala
bancang pakewuh.
22 Ancaman lapar, ancaman kakerasan, ku
urang diseungseurikeun; ku sato galak ge teu
sieun.
23 Waktu eukeur ngawuluku, taneuh riduh
euweuh batu, tur teu kudu hariwang ku sato
galak.
24 Ana keur reureuh di saung, senang teu
aya kabingung, ret nenjo ka ingon-ingon,
gede hate da aman taya bahaya.
25 Anak incu mani reuay, turunan geus teu
kabilang, tanding jukut di sampalan.
26 Hirup seubeuh panjang umur, nepikeun ka
aki-aki, mun pare mah tepi ka koneng, nepi
ka mangsa dipanen.
27 Tah kitu saderek Ayub, kitu pamanggih
ti kuring, beunang lila diajar tina luang anu
kaalaman. Pek nyanggakeun, mugi-mugi
katarima."
6 1 (6:1-2) Ayub: "Duka lara diri kuring,
mun ditimbang ku taraju,
2 (6:1)
3 beurat alah batan keusik sapanjang basisir.
Piraku henteu kamalum, lamun kuring tadi
kalepasan omong.
4 Awak katiir jamparing Allah Nu Maha
Kawasa, peurahna nyaksrak saluar awak. Diri

diambreg ku sagala pirentageun anu diatur
ku Allah.
5 Kalde, ari keur ngagabres jukut tara
hohoang, sapi, najan nyatuan jukut garing
tara emoh-emohan.
6 Tapi cik, saha nu beuki kadaharan anu
hambar teu diuyahan? Naon ngeunahna
endog bobodasna wungkul?
7 Dahareun jiga kitu, kuring mah henteu
hayang-hayang acan, didahar ge kalah ka
sebel.
8 Ku naon atuh pamenta kuring ku Allah
henteu dikabul? Ku naon atuh panyambat
kuring henteu didangu?
9 Kahayang teh bek bae kuring ku Mantenna
paehan.
10 Lamun bek mah ku Mantenna dipaehan,
meureun emprak awahing ku atoh-atohna,
keun bae nyerina mah moal dirasa. Da nyaho
Allah mah suci, sagala timbalana-Na ku
kuring hamo dilawan.
11 Naon nya tanaga nu matak kuring hirup
bae teh? Keur naon dihirupan ge, ari euweuh
arep-arepeunana deui mah?
12 Na diri kuring teh tina batu, awak kuring
teh tina tambaga?
13 Kuring geus teu daya teu upaya, tapi ka
saha nya menta tulung, ka ditu suwung ka
dieu suwung.

14 Waktu keur sangsara kieu, boh
ninggalkeun Allah, boh henteu, kuring teh
butuh sobat sajati.
15 Ari heug aranjeun mah, anu majar nyobat,
bet lain puntanganeun, jeg walungan keur
katiga mani ngoletrak.
16 Jeg walungan anu katutup ku es jeung
salju,
17 ari geus kapanasan bet ngadak-ngadak
saat, dasarna mani ngoletrak.
18 Kapilah bati kokolopokan neangan cai,
ubak-ubek di gurun keusik nepi ka paraeh
pating golepak.
19 Kapilah ti Syeba reujeung ti Tema,
gura-giru maruru eta walungan.
20 Ari datang les musna harepanana, nempo
walungan garing ngoletrak.
21 Tah aranjeun ka kuring ge jeg walungan
siga kitu, nenjo nasib kuring kieu teh
ngajenghok sieun.
22 Na kuring bieu ka anjeun teh pepentaan?
Atawa menta dipangnyogokkeun si Anu?
23 Atawa menta dibela sangkan rahayu, boh
ti musuh, boh ti jalma anu telenges?
24 Pek, kuring papatahan, tuduhkeun
naon kasalahanana, kuring rek cicing, rek
ngaregepkeun.
25 Omongan anu ihlas mah matak sugema.
Tapi eta anu keur diomongkeun ku anjeun teh
omong kosong.

26 Omongan kuring ku anjeun dianggap
angin, tapi ari kuring humandeuar bet
ditempas!
27 Balikanan anjeun, ka budak pahatu ge
tega ngalotrekeun nasibna ku ngalung dadu.
Malah ka sobat dalit ge tega meres keneh
bae, da hayang beunghar.
28 Bisi pajarkeun bohong, yeuh teuteup
beungeut kuring.
29 Geus kacida ngalanturna omongan anjeun
teh. Meujeuhna eureun tina micatur anu teu
bener. Ari ieu bet kuring nu disalahkeun,
padahal kuring nu bener.
30 Tapi kitu tea bae, ceuk pamikir anjeun
mah keukeuh kuring nu teu bener, keukeuh
nyangka yen kuring teu nyaho bener jeung
salah.
7 1 Hirup jalma lir prajurit nu dipaksa
perang, lir kuli beurat ku gawe,
2 lir budak beulian hayang manggih keur
ngiuhan, lir pagawe nunggu-nunggu buruhan.
3 Undur bulan cunduk bulan, diri samar
menyat deui. Beurang deui peuting deui, bati
peurih dina ati.
4 Ari geus dug arek hees, waktu teh
asa ngarayap, lelembutan sapeupeuting
kumalayang, hayang buru-buru isuk.
5 Awak digurumut ku bilatung, pinuh ku
budug, kulit bareulah pinuh ku nanah.

6 Poe-poe kuring nyerelek tanpa harepan,
nyerelekna leuwih gancang ti batan lepasna
toropong tinun.
7 Duh Gusti Allah, umur abdi mung napas
sarenghap, geus dikantun ku kabagjaan.
8 Ayeuna katingali ku Gusti, nanging moal
lami engke mah mun ku Gusti dipilari, abdi
teh parantos sirna.
9 (7:9-10) Jalmi mah ibarat mega, beuki
ipis beuki ipis, les bae ngiles, ana maot
moal balik-balik deui, musna tina ingetan
sobat-sobat kawawuhan.
10 (7:9)
11 Ku sabab eta kuring moal rek ngabetem,
lantaran pinuh ku kajengkel hate, pinuh ku
kapeurih ati, rek nyoara bae.
12 Na ku naon ku Gusti dugikeun ka
diawas-awaskeun teuing? Mani sapertos ka
mahluk sagara nu pikasieuneun bae!
13 Ku hayang tiasa reureuh bari ngahenen
ngagoler, hayang aya ubar nu bisa ngurangan
ieu kanyeri.
14 Ari ku Gusti kalah ka diudag-udag
ku impian nu garoreng, dibebegigan ku
titingalian pikasieuneun.
15 Langkung sae cekek bae atuh abdi teh,
paehan sakalian, tinimbang hirup dikieu-kieu.
16 Abdi pasrah, parantos bosen hirup.
Kantunkeun bae, da hirup ge taya hartosna.

17 Kangge naon manusa teh sakitu
ditalingakeunana, Gusti? Kangge naon
satincak-tincakna hantem bae diawaskeun?
18 Dilinglingan saban enjing, diuji satiap
menit.
19 Teu pisan dibere minge, henteu kaur
neureuy ciduh-ciduh acan.
20 Naha ngaraos rugi Juragan Sipir teh
ku dosa abdi? Ku naon abdi dijieun bahan
padamelan Gusti? Naha abdi teh kacida
ngarepotkeunana ka Gusti?
21 Naha leres dosa abdi teh parantos
teu pantes kenging hampura? Naha leres
kalepatan abdi moal dipaparin ampun?
Sakedap deui ge abdi teh bakal ngagoler dina
liang kubur, pamohalan ku Gusti kapendak
deui."
8 1 (8:1-2) Bildad: "Anggeus meureun
ayeuna mah, catur nu sakitu
ngagelebugna teh!
2 (8:1)
3 Allah mah hamo nyimpang tina kaadilan,
hamo salah ngalarapkeunana.
4 Nu dorakana ka Allah teh moal salah deui,
anak, nya tangtu dihukum, satimpal jeung
pamolahna.
5 Kari anjeun, matak naon lamun tobat, neda
ampun ka Allah Nu Maha Kawasa.
6 Asal bener Ki Sobat jujur beresih, piraku
Allah teu kersa mitulung. Rumah tangga Ki

Sobat tangtu dipulihkeun deui, minangka ganjaranana.
7 Harta banda nu geus musna kaitung taya hartina, lamun dibanding jeung nu engke, nu baris dipaparinkeun deui ku Allah.
8 Coba nyoreang heula ka anu barijaksana baheula, kana benerna pamanggih karuhun urang.
9 Hirup urang keur mah pondok, turug-turug urangna ge henteu terang naon-naon, urang teh jeg kalangkang dina beungeut taneuh.
10 Tapi tengetkeun ieu piwulang jalma-jalma bijaksana jaman baheula, regepkeun ieu nu rek dikedalkeunana,
11 Jukut walini piraku jadi, saupama taya cai, da anu kitu mah moal hirup lamun lain di nu ledok.
12 Ana cai enggeus garing, eta nu pangheulana perang, ngora-ngora keneh ge geus paeh, henteu kaburu diala.
13 Jalma-jalma anu teu baroga Allah ge kitu, cara jukut walini tea, moal teuing kana menyat deui, dumeh mopohokeun ka Allah.
14 Hirupna teh, lir nu nyukang dina benang, nete kana ramat lancah.
15 Naon kakuatanana ramat, na bisa disarandean? Naon kakuatanana benang, naha beunang dipuntangan?
16 Hirupna jelema jahat, lir areuy salaleger kasorot ku panonpoe, mani nyayang nyaliara sabudeur kebon,

17 akarna ngaranggeum batu, pageuh
nyangkerem kana batu cadas.
18 Tapi lamun geus dicabut, geus hamo kaciri
urut-urutna acan.
19 Ngan semet kitu kajayaan jelema jahat
mah, terus musna, urutna diandih ku nu lian.
20 Allah mah hamo nilarkeun jelema anu
satuhu, hamo nulung ka jelema anu jahat.
21 Ki Sobat ge tangtu ku Mantenna
dijungjung deui, bisa seuri deui, bisa surak
deui.
22 Balikanan anu ngewa ka Ki Sobat, tinangtu
nandang wiwirang. Pangancikan jalma jahat
mah tinangtu musna."
9 1 (9:1-2) Ayub: "Enya, kuring ge geus
nyaho. Piraku manusa bisa ngalawan
Allah?
2 (9:1)
3 Na aya nu bisa ngalawan ka Mantenna?
Mantenna iasa merekpek ku sarebu
pertanyaan, hiji ge moal aya nu kajawab ku
manusa.
4 Allah ieuh, nya pinter nya Maha Kawasa,
pamohalan jelema teh kuat ngalawan.
5 Ana Mantenna geus bendu sok tara
tatapasini deui, gunung-gunung digempur
sina rarugrug,
6 bumi digunjang-ganjing ku lini, paseuk-
paseuk jagat dicabutan.

7 Ku Allah mah panonpoe ge dipondah
teu bisa bijil, bentang-bentang henteu bisa
narembongan.
8 Mantenna mantengkeun langit, nyalira bae,
bari nincak kana tonggong mahluk sagara.
9 Di langit ngagantungkeun bentang:
Bentang Biruang, Bentang Orion, Bentang
Tujuh, Bentang Kidul.
10 Padamelana-Na nu araheng ku urang
henteu kaharti, mujijat-Na teu aya wates
wangenna.
11 Mantenna aya ngalangkung, tapi ku kuring
teu katenjo.
12 Ari enggeus mikapalay, naon ge dicandak,
taya anu bisa mapalangan, tara aya anu wani
tumaros, Keur damel naon?
13 Ana bendu sok kadalon-dalon (teu bisa
dipondah), musuh-musuhna, nu ngabantu
Rahab si mahluk sagara, nu ngalawan ka
Mantenna tea, diremukkeun.
14 Komo kuring, pimanaeun bisa manggih
piucapeun keur ngalawan ka Allah?
15 Sanajan kuring bener ge, mo bisa nempas,
kalah ka kapaksa menta dipikarunya, ku
Mantenna nu mutus perkara kuring.
16 Jeung sanajan ku Mantenna dibere tempo
keur ngomong, kuring mah teu percaya yen
kersaeun ngadangukeun.
17 Kalah ka teu puguh-puguh, kuring disina
dibuntang-banting ku angin topan.

18 Kuring teh teu meunang ngarenghap-
ngarenghap acan, sagala damel-Na ka kuring
wungkul ngagerihan ati.
19 Kudu maksakeun ngalawan? Ngalawan
ka Allah? Arek maksa ngagusur Mantenna
ka pangadilan? Saha nu sanggup maksa ka
Mantenna?
20 Najan kuring bener tur satemenna, ana
pok mah ngomong saucap-ucap teh bet
salah, saucap-ucap teh matak cilaka bae.
21 (9:21-22) Ayeuna mah, sanajan enya
bener ge paduli teuing, da kuringna enggeus
bosen hirup. Rek salah rek bener, ku Allah
manusa teh teu burung ditumpur.
22 (9:21)
23 Lamun anu bener tea ngadadak paeh,
Allah kalah ka gumujeng.
24 Dunya ku Allah geus diserenkeun ka nu
jarahat, hakim-hakim sina lolong. Lamun lain
ku Allah, ku saha deui?
25 Umur kuring ngabelesat siga anu balap
lumpat, sapoe ge teu kungsi panggih jeung
bagja.
26 Lajuna lir parahu balap, rikat alah batan
heulang nyamber hayam.
27 (9:27-28) Sakitu kanyeri dipopohokeun,
bari maksakeun diri ngahehegar maneh,
karasana kalah ka beuki kasiksa, tetela kuring
teh ku Allah tetep dianggap doraka.
28 (9:27)

29 Ku sabab tetep dianggap salah, keur naon
atuh nyusahkeun maneh oge?
30 Najan dihantem diseretu, diri kuring
pamohalan bisa beresih.
31 Ku Allah ge kalah ka dibalangkeun ka
jarian, papakean jarareblog matak gareuleuh.
32 Manasina Allah teh jelema, meureun bisa
ditembal dicental, meureun bisa dibawa ka
pangadilan, ngarah putus mana nu salah.
33 Kaya kieu mah kuring cekcok jeung Allah
teh teu aya nu bisa nyapih, moal aya nu bisa
mutus, saha nu salah, kuring atawa Allah.
34 Duh Allah, cik ulah kitu-kitu teuing! Nyiksa
teh mani pupuasan!
35 Teu sieun abdi mah ngomong kitu ge, da
ceuk rarasaan mah abdi teh bener!
10 1 Abdi parantos teu kiat hirup, wungkul
ngarasakeun kapeurih.
2 Atuh Gusti teh ulah mung nyalahkeun bae,
sebatkeun lantaranana nu matak ijid ka abdi.
3 Naon maksad Gusti dugi ka telenges
kitu? Naha ngahaja bae bade ngapeskeun
dadamelan ku Anjeun, bade ngayunkeun
pangreka jelema jahat?
4 Ari Gusti ningali perkara teh sami sareng
jalmi?
5 Ari yuswa Gusti sami sareng umur manusa?
6 Naha atuh dosa abdi dugi ka disusud-susud,
kalepatan abdi dugikeun ka dikorehan?

7 Gusti kena-kena uninga yen abdi mo aya
nu bisa nulung, najan bener ge tetep bae
disalahkeun.
8 Pedah abdi kenging Gusti ngawangun
sareng ngarakit, heug Gusti ngaraos wenang
ngaruksak deui.
9 Pedah abdi dipidamel tina taneuh porang,
bade diremukkeun dijadikeun deui lebu?
10 Gusti ka pun bapa maparin tanaga,
supados abdi tiasa yuga. Di jero kandungan
abdi ku Gusti dibayuan.
11 Raga abdi ku Gusti diwangun ku tulang,
dianyam ku urat sarap, tulang dibungkus ku
daging sareng kulit.
12 Lajeng dipaparin nyawa, didama-dama,
dijaga diraksa, dugi ka usik tiasa hirup.
13 Ayeuna mah abdi terang, sihoreng
sapanjang kitu teh cicing-cicing Gusti bade
nyilakakeun abdi.
14 Manahoreng abdi dijieun geusan intipeun,
teanganeun kasalahan, sangkan teu layak
kenging hampura.
15 Teu kaop lepat saeutik sok jebet
bae digitik. Sawangsulna ari bener, ukur
diapilainkeun. Mani seubeuh ku Gusti dihihina
dikakaya.
16 Teu kaop mun ningali abdi menyat, Gusti
mani kawas singa, sebrut ngudag buru-buru,
malah pinton kasaktian, ngarah abdi cilaka.
17 Tur Gusti mah tara kirang-kirang saksi
keur nuding ka abdi sangkan aya jalan geusan

bendu teterasan. Mun hoyong ngagitik deui,
Gusti tara kirang-kirang akal.
18 Naha atuh abdi kapungkur diantep lahir ka
dunya? Matak naon mun teras bae paehkeun,
memeh katingal ku pada jalma!
19 Langkung sae tina kandungan teh
antepkeun burusut tuluy ti batan diantep
hirup.
20 Parantos atuh abdi teh tinggalkeun, da
moal lami deui ge sakarat, samemeh hos
hayang bisa minge heula.
21 Moal datang ka teu hilang, moal mulang-
mulang deui, mulang ka alam nu poek
mongkleng,
22 alam nu peteng ngajumbleng turta
pakusut, cahaya ge di dinya mah angger-
angger poek."
11 1 (11:1-2) Sopar: "Moal diwalonan eta
obrolan Ayub teh? Seja dihaminan bae
catur anu sakitu panjangna teh?
2 (11:1)
3 Ayub, dikira eta kasauran teh mo aya
nu bisa ngabantah? Dikira nu lian baris
kapeupeuh mun anjeun baceo?
4 Anjeun ngarasa bener sorangan, ngarasa
beresih di payuneun Allah.
5 Teuing ku hayang, Allah ku manten kersa
ngawaler ka anjeun!
6 Muga-muga ka anjeun nerangkeun, yen
kapinteran teh rupa-rupa, tur rea anu teu
katepi ku uteuk manusa, ku jero-jerona. Mun

dibanding jeung gedena dosa anjeun, eta
hukuman ti Mantenna teh teu sabaraha.
7 Na sanggup anjeun neuleuman wawatesan
kaagungan jeung kakawasaan Allah?
8 Dalah langit nu ku urang teu kahontal, ku
Allah mah katepi kasungsi. Mantenna awas
ka alam kubur, urang mah henteu.
9 Kaagunganana ngungkulan legana jagat,
ngungkulan legana samudra.
10 Upama anjeun ku Mantenna didakwa sarta
didoja, saha anu bisa ngahalang-halang?
11 Allah mah teges, mana jalma anu taya
harga, awas kana sagala lampah jahatna.
12 Jalma bodo kakara bisa mimiti pinter,
engke lamun kalde jarah geus lindeuk ti
barang borojol.
13 Sing pasrah ka Allah, masing muntang ka
Mantenna.
14 Kadorakaan, kalulуputan, jauhkeun ti
rumah tangga,
15 sangkan teuneung sarta tanggah
ngalawan paneka dunya.
16 Lamun kitu sagala kasusah baris ngiles
tina ingetan. Mun caah mah geus eureun, mo
kainget-inget deui.
17 Nya hirup kari mencrangna, leuwih ti
batan srangenge wanci manceran, nu tadina
poek mongkleng, baris ngagebray lir cahya
pajar.

18 Moal teu ngarasa aman turta pinuh ku
harepan, ku Allah baris diraksa, dipaparin
katengtreman.
19 Teu kudu rempan sieun aya musuh, malah
loba nu baris marenta tulung.
20 Sabalikna nu jarahat bati culang-cileung
jeung tagiwur, teu maranggih panglumpatan,
nasibna kari sarupa, nya tiwas jadina."
12 1 (12:1-2) Ayub: "Atuh nu kitu mah
geus lumrah. Nu kawas kitu mah mun
jelemana paeh kanyahona oge paeh.
2 (12:1)
3 Kuring ge kanyaho teh loba, teu beda ti
anjeun, kalah ka kumaha ge moal eleh. Nu
dicaturkeun bieu ku anjeun, sarerea ge geus
nyaho.
4 Behna mah sobat-sobat ge bet
nyeungseurikeun. Tur kuring teh sakitu
benerna, teu boga salah. Tapi iraha-iraha ge
panyambat kuring ku Allah tangtu didangu.
5 Kena-kena keur sarenang, wani ngulinkeun
ka kuring, sasat ngalelepkeun nu titeuleum.
6 Tapi biasa, bangsat jeung jalma-jalma
nu teu baroga Allah mah, najan miallahna
teh ngan kana kakuatan sorangan, sok teu
burung hirupna sarenang.
7 Aranjeun mah ka bangsa manuk jeung
margasatwa ge, perlu keneh diajar.
8 Pek tatanya ka mahluk darat jeung laut
tina hal pangartina.

9 Kabeh ge nyarahoeun, yen maranehna
beunang ngadamel panangan Allah.
10 Memang Allah anu ngatur kahirupan
mahluk-Na, hirupna tiap manusa aya dina
kawasa Mantenna.
11 Ceuli teh gunana pikeun ngadengekeun
omongan, cara letah pikeun ngarasakeun
ngeunahna kadaharan.
12 (12:12-13) Jalma nu geus karolot baroga
hikmat, tapi Allah mah nya kagungan hikmat
nya kagungan kakawasaan, jalma anu geus
karolot baroga paham, ari Allah mah paham
kagungan, wewenang kagungan.
13 (12:12)
14 Nu diruag ku Allah taya nu bisa
ngadegkeun deui. Anu dikurung ku Allah,
taya anu bisa ngaleupaskeun.
15 Mun Mantenna nahan hujan, heug halodo.
Mun cai ku Mantenna dibedahkeun, ger caah.
16 Mantenna digjaya, salalawasna unggul.
Nu hianat, nu dihianat, duanana aya dina
kakawasaana-Na.
17 Kapinteran pangagung dirampas, para
pamingpin disina barodo.
18 Raja-raja dirorod didamel sakitan.
19 Imam-imam jeung nu ngasta kawasa
direndahkeun.
20 Jalma-jalma nu dipake pananggeuhan
dibungkem, pangarti jalma karolot dirorod.
21 Jalma nu ngasta kawasa dihina, para
pangagung dieuweuhkeun kakuatanana.

22 Tempat anu poek mongkleng ku Mantenna
sina caang.
23 Mantenna nu ngersakeun bangsa-bangsa
jembar digjaya, Mantenna keneh anu
ngapeskeunana.
24 Pamingpinna disina barodo. Sina kapaider
sararasab.
25 Gupuy-gapay di nu poek, tingjarigjeug
siga nu mabok.
13 1 (13:1-2) Eta omongan, saucap-
ucapna pikeun kuring mah teu aneh
deui. Lain ngan anjeun bae, kuring ge nyaho
taya kacekna.
2 (13:1)
3 Kuring kukulutus teh lain ka aranjeun, tapi
ka Allah, rek ngabela perkara kuring.
4 Aranjeun teh bodo, tapi pura-pura pinter,
nyeta-nyeta dukun lepus padahal taya
kamampuh.
5 Mending repeh, sugan bae disangka pinter!
6 Anggursi dengekeun, heug ngaraskeun ka
kuring.
7 Rek naon bohong pipinteranan? Kutan rek
ngabantu Allah ku bohong?
8 Arek sasanggupanan mantuan ka
Mantenna, arek ngabela perkara Mantenna di
pangadilan?
9 Lamun diri aranjeun ku Mantenna ditoong
ditempo, aya kira-kirana nu hade di dinya?
Dikira Allah iasa dibobodo kawas aranjeun
ngabobodo manusa?

10 Kereteg prasangka anu buni ge, mo
burung ku Mantenna diseukseukan,
11 kakawasaan Mantenna bakal nagiwurkeun
anjeun.
12 Papatah-papatah aranjeun lir kebul, taya
gunana. Pangbantah-pangbantah aranjeun
lembek kawas taneuh porang.
13 Jadi, mending repeh, kuring rek nyarita.
Balukarna mah kumaha engke.
14 Geus nekad, paeh hirup kumaha behna.
15 Rek dipaehkeun oge ku Allah mangga teh
teuing, da puguh geus taya pisan harepan.
Jadi matak naon mun balaka ngabela sagala
laku lampah ka Mantenna.
16 Malah ceuk rarasaan, wani kieu teh asa
matak salamet, da ari nu jahat mah piraku
wani kieu ka Allah.
17 Jadi, bandungan ieu omongan kuring.
18 Kuring geus tarapti, omongan enggeus
diatur, sabab yakin diri kuring bener.
19 Ya Allah, leres Gusti teh bade nuding ka
abdi? Upami leres, teu sawios abdi seja repeh
dugi ka paeh.
20 Nanging gaduh dua rupi panuhun. Upami
dikabul, abdi moal dugi ka nyumput ti kersa
Gusti.
21 Kahiji, abdi ulah hantem bae disiksa,
kadua, ulah dibegbregan bae ku kasieun.
22 Bilih bade Gusti heula nu nyual, mangga,
abdi nu ngawangsul. Bilih kedah abdi heula,
mangga, Gusti anu ngawaler.

23 Mangga sebatkeun bae, sakumaha
seueurna kalepatan sareng dosa abdi,
sebatkeun bae, naon kajahatanana.
24 Ku naon Gusti teh mungkur ti abdi, ku
naon abdi teh dianggap musuh?
25 Bade ngagebrag? Abdi mah ukur kalakay,
gampil diramesna, sakadar jarami garing,
gampil diririkesna.
26 Anu pait anu peuheur, breg ku Gusti
dibegbregkeun ka diri abdi, malah kasalahan
nu enggeus-enggeus ge begbregkeun
sakalian.
27 Suku dibangkol, dirante, unggal lengkah
diawaskeun, malah ka tapak-tapakna dugi ka
dilelekan.
28 Atuh tangtos bae abdi teh ngarempeyek
jeg kai bobo, jeg baju dihakanan geget dugi
ka karancang.
14 1 Ti barang lahir manusa teh lemah
teu aya daya, pondok umurna seueur
kasusahna,
2 enggal alum enggal murag cara kembang,
les musna cara kalangkang.
3 Kersa Gusti mandang saeutik mah ka abdi,
ya Allah? Atanapi abdi teh bade dijogokeun
ka pangadilan?
4 Manusa mah mo tiasa ngabijilkeun sipat
suci kawantos sipat kaayaanana najis.
5 Jumlah umurna, jumlah bulanna ku
Gusti parantos dipatok ti samemehna ti

sateuacanna parantos dipasti hamo bisa robah deui.
6 Tong ditingalikeun bae, mending antep sina nyorangan, sina ngararasakeun genah tina hirupna anu pinuh ku kacape.
7 Leuheung tangkal, dituar ge henteu lapur-lapur teuing, da osok sirungan deui,
8 najan akarna ngolotan, tunggulna paeh kaurugan taneuh,
9 ana kasaba ku cai mah pelentung kaluar sirung, semu hurip kawas pepetetan anyar.
10 Ari jalmi ana maot tuluy buntu, hirupna duka ka mana tuluyna.
11 Jeg walungan saat ngoletrak, eureun ngocorna, kawas talaga surud caina, tuluy garing,
12 kitu keneh jalma ana geus paeh moal hirup deui, nepi ka leungitna langit ge moal hudang-hudang, moal lilir-lilir pikeun saterusna.
13 Anggursi abdi sumputkeun, di ditu di alam nu paraeh, masing buni, ngantos bendu Gusti sirna, nepi ka cunduk waktuna abdi dipiemut deui.
14 Na tiasa jalmi nu parantos maot hirup deui? Abdi mung hayang enggal leupas tina ieu kalaraan, hayang rada senang ulah kawas ayeuna.
15 Supados samangsa-mangsa digentraan bisa enggal ngawangsul, tangtos ieu mahluk kagungan teh ku Gusti baris kamanah.

16 Najan saincak-incak angger diawaskeun
bae, nanging tangtos moal ditaliti deui
salahna,
17 da parantos dihampura, dilubarkeun tina
dosa, sugri kalululputan parantos dipupus.
18 Sakumaha gunung-gunung lalongsor
urug, cadas-cadas ngalaleser,
19 batu-batu lalegok kacurugan ku cai taneuh
palid ku hujan gede. Nya kitu pisan Gusti oge
ngabasmi pangharepan hirup manusa.
20 Manusa geus eleh ku Gusti, lajeng diusir
salalamina beungeutna diparieuskeun kana
pati
21 najan anakna marulya, manehna teu
terang-terang, atanapi lamun anakna
dihihina, manehna teu mendak beja,
22 wungkul ngarasakeun kanyeri anu keur
nyiksa ragana, bari hatena banget nalangsa."
15 1 (15:1-2) Elipas: "Omong kosong
Ayub, omong kosong!
2 (15:1)
3 Jelema pinter mah pamohalan nyarita kitu,
euweuh pisan eusina, teu bisa dipake ngabela
diri.
4 Omongan saperti kitu matak kapok jelema
sieun ku Allah, matak ngahalang-halang
jalma sasambat ka Mantenna.
5 Saban ucapan nyirikeun kereteg hate
nu goreng, mindingan kasalahan ku
nganggit-nganggit ucapan.

6 Teu dicela ku kuring ge anjeun teh geus
kacela ku omongan sorangan.
7 Dikira anjeun teh manusa nu pangheulana?
Na nyaksian waktu Allah ngadamel
gunung-gunung,
8 atawa geus kabeneran ngadenge
rancangan-rancangan Allah? Ngan anjeun
bae kitu nu boga kapinteran teh?
9 Anu anjeun nyaho, taya sarupa anu kuring
teu nyaho,
10 da kuring ge pinter, beunang guguru ti
nu geus caretuk dawuk, anu gumelarna ka
dunya beh ditueun bapa anjeun.
11 Allah ka anjeun geus maparin panglipur,
ku naon embung narima? Kuring nyarita teh
kalawan asma Mantenna tur sakecap-kecapna
sakieu leuleuyna.
12 Bet anjeun kalah ka napsu, ka kuring
nepikeun ka tibubuncelik.
13 Ka Allah nepikeun ka wani jengkel, wani
nyalahkeun.
14 Na aya manusa anu enya henteu boga
kasalahan, anu bener di payuneun Allah?
15 Dalah ka para malaikat-Na ge Allah teh
teu percanten, da eta ge keur Mantenna mah
taya nu beresih pikiranana.
16 Komo jalma sipat ruksak taya harga,
kawantu tuman notor kagorengan, mani
dileguk kawas cai.
17 Yeuh bandungan ieu kanyaho kuring anu
bener,

18 beunang guguru ti nu palinter. Tur
aranjeunna ge beunang guguru deui ti
sepuh-sepuhna, sarupa ge teu aya anu
henteu diajarkeun.
19 Di nagri aranjeunna taya pisan urang
asing, taya saurang nu baris nyasabkeun
aranjeunna ti Allah.
20 Mungguh jalma jahat tukang ngakaya
batur, saumur-umur hirupna ngan gegebegan,
21 soara pikasieuneun kadenge ku manehna,
eukeur jongjon ngeunah-ngeunah, ana
gerebeg teh digarong.
22 Turug-turug taya taksiran bisa nyingkiran
poek, sabab di mana-mana geus nyampak
gobang rek maehan.
23 Manuk nu bareuki daging geus
ngadaragoan, rek ngaharakanan bangkena.
Karasaeun yen dirina geus teu boga harepan,
24 balaina geus ngajega, megat rek
ngarogahala, cara lakuning raja perkasa.
25 Tah kitu nasib jelema anu ngamang-
ngamang peureup ka Allah teh, nantang ka
Anu Maha Kawasa.
26 (15:26-27) Jalma kitu gede hulu,
ku bedegong-bedegongna ka Allah ge
wani ngudag, nangtang tarung bari
ngacung-ngacung tameng.
27 (15:26)
28 Eta teh sok ngajabelan kota-kota
ngarampasan imah-imah batur anu

ditinggalkeun kabur. Tapi eta kota-kota jeung imah-imah teh baris tumpur ku perang.
29 Beungharna moal bisa lila sagala pangabogana moal aya nu awet umurna, malah kalangkang dirina ge bakal musna.
30 Pamohalan ucul tina pepeteng, kaayaanana lir tangkal anu dahan-dahanna geus garareheng ku seuneu, sarta kembangna beak murudul ku angin.
31 Lamun ngandelkeun kagorengan, lantaran gejul, ganjaranana ge kagorengan deui.
32 Hirupna ngararas samemeh mangsa, lir dahan geus ngarangrangan moal bisa seger deui.
33 Lir tangkal anggur anu buahna geus beak samemeh asak, lir tangkal jetun nu marurag kembangna.
34 Jalma jahat mah moal boga turunan, imah meunang nyieun tina panyogok mah bakal beak kaduruk.
35 Kitu temahna tukang julig tukang nyieun kagorengan mah, anu angen-angenna pinuh ku hasud."

16 1 (16:1-2) Ayub: "Pamanggih kitu mah kuring ge mindeng ngadenge. Bororaah jadi pangbeberah, kalah ka ngagerihan hate.
2 (16:1)
3 Rek hayoh bae nyorocos nepi ka kiamat? Moal beak-beak piomongeun?

4 Mun seug anjeun jadi kuring sarta kuring
jadi anjeun, kuring oge bisa ngomong kitu,
malah bari rek manggut-manggut nandakeun
luhur panemu, piraku anjeun teu palid ku
omongan kuring,
5 nu dieusi bongbolongan jeung
pangbeberah, ngalelemu ku kecap-kecap anu
garenah.
6 Ieu kanyeri henteu bisa kabangbrangkeun
mun dibawa repeh. Dalah dikumaha.
7 Ya Allah, awak abdi ku Gusti disasaak, anak
tumpes ku Gusti sina paraeh.
8 Sihoreng Gusti teh musuh, tega nganiaya
ka abdi dugi ka ngajangjawing kieu kantun
kulit sareng tulang. Ku batur mah dipajarkeun
cingcirining gede dosa.
9 Ku Allah disasaak, anggahota awak
pasiksak. Socana ka kuring mani hurung
awahing ku cua.
10 Ku jalma dijarebian, dirogrog
ditampilingan,
11 ku Allah diserenkeun ka jalma-jalma
doraka.
12 Eukeur jongjon hirup ngahenang-hening,
ku Allah ujug-ujug dicekek, digaley,
dibantingkeun, seug dijieun bubulanan purah
nadahan panarajang-Na,
13 nadahan panah-Na ti unggal juru, mani
rancleb kana awak, teu watir-watireun,

14 ceplok deui, ceplok deui, awak geus pinuh
ku raheut. Narajang-Na jeg serdadu geus
edan awahing ku ijid-ijidna.
15 Barang pake ge karung, kawantu eukeur
prihatin, andiprek dina kebul nyirikeun asor.
16 Beungeut asak balas ceurik balilihan,
panon carindul tingguliweng semu geuneuk.
17 Padahal mah kuring teh iraha kejem ka
batur. Jadi kuring sasambat teh kalawan
satemenna.
18 Cik bumi, tong ngilungan lampah nu jahat
ka kuring! Ulah nyicingkeun panyeluk kuring
menta kaadilan!
19 Sina kadangu ku nu di sawarga, nu baris
tandang melaan kuring.
20 Babaturan maroyokan kuring bati bisa
cipanonan, bari lumengis ka Allah.
21 Hayang teh aya nu melaan kuring di
payuneun Allah kawas nu melaan sobatna.
22 Taun-taun umur kuring geus laliwat,
kuring nyorang jalan taya pigeusaneun
malikan deui.
17 1 Hirup kuring geus meh tutup, napas
geus meh beak tinggal kuburan nu
geus ngajogo.
2 Geus kawangwang, pisakumahaeun
bangetna bala rea moyokna.
3 Kitu Gusti, ari sabalakana mah. Tampi
atuh pihatur abdi teh, da ku pada jalma mah
henteu dianggap,

4 kawantu maranehna ku Gusti dihaja, sina
lalepat nimbangna perkawis abdi. Matak naon
upami ayeuna ulah sina karitu bae.
5 Aya paribasa: Anu nepi ka tega ka sobat
pedah aya piuntungeun, anu keuna ku
wawalesna teh anakna.
6 Eta paribasa ku maranehna dilarapkeun ka
abdi, geus bae anu ngadararenge kitu teh ka
darieu, ngadon nyariduhan kana beungeut.
7 Panon celong asa lolong balas ceurik
balilihan, suku leungeun kantun sagede-gede
elekan.
8 Anu arumangkeuh jujur mani tingraranjug,
mani nuding-nuding magar abdi jalma
murtad.
9 Anu baroga rasa yen dirina mah mulya
beresih, pok deui, pok deui nyebut yakin yen
panudingna kitu teh bener.
10 Padahal lamun seug maranehna daratang
sareng narangtung di dieu, saurang ge ku
abdi moal kapendak aya anu bijaksana.
11 Umur abdi meh lastari, harepan parantos
musna, kahayang teu aya nu laksana.
12 Nanging ku ieu sobat-sobat, peuting
dipajarkeun beurang, majar teh sakeudeung
deui ge caang, ongkoh sidik abdi teh ripuh,
nuju poek samagaha.
13 Ayeuna mah parantos teu aya kahayang,
lian ti hayang enggal-enggal meuntas ka
alam kubur, hayang enggal-enggal ngagojod
di alam poek,

14 seja ngabapa kana astana, ngindung
midulur ka cacing-cacing anu baris
ngahakanan ieu jisim.
15 Lebah mana ayana harepan pikeun abdi,
sarupa mah? Cik saha anu ningal, sarupa
mah?
16 Ari parantos pindah ka alam kubur mah,
parantos teu aya harepan nanaon deui."
18 1 (18:1-2) Bildad: "Ayub! Kuring mah
heran, bet anjeun anu keur kitu make
teu bisa repeh. Cik eureun ngomong teh,
dengekeun batur.
2 (18:1)
3 Na dikira batur teh bodo kawas kebo?
4 Geuning eta kalah ka ripuh da ambek-
ambekan bae. Naha kitu keur kapentingan
anjeun jagat kudu runtag, gunung kudu urug?
5 Cahaya jalma jahat mah bakal dipareuman
terus, moal diseungeut deui, moal
dihurungkeun deui,
6 lampu di jero kemahna baris disina poek.
7 Ngalengkahna memang teteg, tapi terus
titajong, bluk bae labuh jadi korban polahna
sorangan.
8 Leumpang nyampeurkeun jiret, sukuna
kasarimped
9 keuneungna kajepit ku tataheunan teu
bisaeun deui incah.
10 Dina taneuh lebah nu buni aya jiret, dina
jajalaneunana aya nu masangan pitapak.

11 Balai ngintip sakurilingna, nutur-nutur
lengkahna.
12 Urut beunghar jadi kalaparan, mana
dikikintil ku balai.
13 Awak digulung ku kasakit anu mateni,
nepi ka leungeun jeung sukuna buruk.
14 Seug ditongtak ti imah tempat senangna,
disered ka hareupeun Malakalmaot.
15 Ari imahna diandih batur, saha bae nu
daekeun, kitu ge sanggeus disemprotan heula
ku walirang, dibasmi heula kuman-kumanna.
16 Mun tangkal mah akarna paeh, dahanna
gararing.
17 Ulah boro ku anu jauh, ku nu di imahna
ge geus tara disebut-sebut, geus tara
diinget-inget.
18 Geus dibuang ti dunyana nu harirup,
disuntrungkeun ti nu caang ka nu poek.
19 Heug teu boga anak, euweuh keur
nuluykeun turunan.
20 Sakur anu ngadarenge nasibna, ti wetan
nepi ka kulon ukur bati kukurayeun, sieun
ngalaman nu kawas kitu.
21 Kitu bagianana jalma doraka mah. Jalma
anu teu ngandel ka Allah mah kabeh oge kitu
wawalesna."
19 1 (19:1-2) Ayub: "Aeh-aeh, moal
eureun-eureun nganyenyeri ka kuring
teh?
2 (19:1)

3 Bet hayoh bae nyarekan mani laklak dasar,
euweuh kaera!
4 Barina ge mun enya tea mah kuring teh
salah, cik naon ngarugikeunana ka anjeun?
5 Make ngarasa leuwih bener batan kuring,
mani pok deui, pok deui, majar pang kuring
lara kieu teh cingcirining gede dosa.
6 Na teu kaerong yen ieu teh dihaja ku Gusti
Allah, geusan mancing-mancing kasalahan
kuring?
7 Mantenna enggeus kaniaya ka kuring,
kuring malik teu suka. Tapi omongan kuring
euweuh nu nganggap. Menta kaadilan kitu
keneh euweuh nu nolih.
8 Sagala tarekah taya nu laju, dihalang-
halang bae ku Allah, sina poekkeun teu bisa
mikir, nepi ka teu bisa deui ihtiar.
9 Harta banda ku Mantenna dirampas, harkat
reujeung darajat digejretkeun,
10 harepan-harepan dirabut, kuringna
digaley diteundeut-teundeut, lur diantep
gering nangtung, sina paeh.
11 Na aya bendu pohara teuing, mani kacida
gemeseuna-Na, kuring dianggap musuh
gerot-Na,
12 mun nu perang tea mah Mantenna mani
ngirimkeun balad, pasanggrahan kuring
dikepung, ditingker sakurilingna.
13 Dulur-dulur sina naringgalkeun, nu
warawuh geus arembungeun deui wawuh,

14 sanak baraya jeung sobat-sobat teu nyaho
ka marana.
15 Nu bareto osok larbek ngararanjang
geus teu aringet-inget deui. Ku lanjang-
lanjang purah babantu nepi ka dianggap si
manyang-munyung.
16 Nyalukan badega teu nembalan-nembalan
acan, dipentaan tulung ambleng.
17 Pamajikan nepi ka mengek irung, baueun
ku ambekan kuring. Dulur-dulur pet ku hinis
arembungeun deukeut-deukeut acan.
18 Barudak ari nenjo kuring teh tingcirihil
ngeak-ngeak.
19 Sobat medok narenjona bangun
rek arongkek, malah jalma-jalma anu
pangdipikanyaahna ge tega nonggongan.
20 Kulit mani tingulawir, siga geus kari
nyangsang kana tulang. Cindekna kuring teh
teu samar deui tereh paturay jeung hirup.
21 Ku Allah diteundeut-teundeutkeun nepi
ka gepeng. Anu matak cik, da aranjeun mah
sobat, sing baroga rasrasan!
22 Bet kalah ka pipilueun ka Allah nyiksa
kuring, nganyenyeri teh teu seubeuh-
seubeuh.
23 Hayang teh ieu omongan kuring aya nu
nyatetkeun, tiap kecapna ditulis dijieun buku.
24 Atawa ditatah dina batu, diukir di dinya,
ngarah awet saumur-umur henteu kapupus.

25 Ayeuna mah keun bae, da engke ahirna
mah tangtu aya nu baris ngabelaan kuring
teh, ti sawarga.
26 Najan kulit beak ruksak ku panyakit,
sapanjang boga keneh awak mah kuring mo
weleh tumeuteup ka Allah.
27 baris katenjo ku panon pribadi, tur
ku Mantenna ge moal diapilainkeun deui.
Ngadenge omongan ti aranjeun, hate nepi ka
ngalenyap. Da ceuk aranjeun,
28 Kumaha akalna sangkan manehna
nyerieun hate? Seug aranjeun nyarieun ekol
keur nyeklek-nyeklekkeun.
29 Tapi ati-ati, sing sayaga nadah pedang-
pedang ti Allah, nu baris ngabudalkeun
bebendu-Na, ka nu geus nyarieun dosa.
Engke kakara ku aranjeun kanyahoan, yen
aya Hakimna nu baris ngahukum."
20 1 (20:1-2) Sopar: "Beu, nepi ka kituna
Ki Ayub! Kapaksa ieu mah kudu
ditimpalan.
2 (20:1)
3 Make ngancam sagala. Tapi kuring nyaho
kudu kumaha nakisna.
4 Anjeun tangtu nyaho, ti jaman baheula, ti
barang di dunya aya manusa,
5 acan aya jalma jahat nu lana hirup jamuga.
6 Memang nu karitu oge osok naranjung
laluhur, malah ceuk babasanna nepi ka
maratan langit, sirahna nyundulan mega.

7 Tapi mo teu buyar lir kekebul. Nu kungsi
wawuh jeung eta kari heranna nu aya,
pamikirna na ka mana lesna eta jelema!
8 Teu beda ti impian atawa tetenjoan riwan
ti peuting, leungit tanpa lebih, ilang tanpa
karana, moal tembong-tembong deui,
9 musna ti tempat matuhna.
10 Kakayaan beunangna rarampas ti nu
malarat kudu digantian ku anak-anakna.
11 Urut buta tulang buta daging, bet kudu
gancang-gancang mulang ka jero taneuh.
12 (20:12-13) Kajahatanana karasaeun
ngeunahna, ngadaharna dikemut lila dina
sungutna, ngarah lila ngarasakeunana.
13 (20:12)
14 Ari geus nepi ka jero beuteung bet molelel,
pait teu beda ti racun.
15 Tungtungna kakayaan beunangna rerebut
teh kautahkeun deui, dirampas deui ku Allah,
nu geus di jero beuteungna ge diudal.
16 Nu diteureuyna teh lir racun. Tangtu si
jahat teh bakal paeh kawas nu dipacok ku
oray matih.
17 Moal bisa terus hirup, moal nenjo
walungan minyak jetun, moal nenjo susukan
anu limpas ku susu jeung madu.
18 Beubeunangan usahana bakal
dipulangkeun ka batur, manehna mah
moal ngasaan nimat kakayaanana.

19 Kawantu beunang meres, beunang
ngarangsadan ti nu malarat, imahna ge
meunang ngajabel ti batur.
20 Ku sarakah-sarakahna nepi ka euweuh
kaseubeuhanana.
21 Daharna tara nyesakeun. Datang
mangsana kamuktianana leungit.
22 Keur meumeujeuhna maju, beredeg
ditempuh ku sagala bancang pakewuh.
23 Keun sina jembluk heula, da moal teu
dihukum ku Allah. Moal teu bendu Allah teh
ka dinya.
24 Tur moal bisa sumingkir, luput tina pedang
beusi, moal teu ngudupung beunang ku
gondewa tambaga.
25 Awakna parat ku jamparing, congo
panah ngagurilap, cer bae getihna mancer,
jajantungna ngajeletot.
26 Kakayaan beunangna ngadama-dama
ledis sapisan, dirina saanak pamajikan
tingjarungkel tutung kaduruk, duka seuneu ti
mana da lain beunang manusa.
27 Dosana ku langit didingding-dingding, ku
bumi dituding-tuding.
28 Kamuktianana dibasmi, beak palid ku
bebendu Allah.
29 Tuh kitu bagianana jalma jahat mah. Kitu
dipastikeunana ku Allah."

21 1 (21:1-2) Ayub: "Ayeuna bagian kuring
anu ngomong, ku didarengekeun ge
kuring teh geus atoh.

2 (21:1)
3 Barandungan heula nepi ka kuring anggeus
nyarita. Ari geus anggeus onaman, rek
dipoyok lakar daek ge heug bae.
4 Kuring kukulutus teh lain ka pada manusa,
tur nu matak nepi ka teu sabar ge aya
sababna.
5 Lamun daraek mah ngaraskeun, nempo
kaayaan kuring kieu teh piraku henteu
ngahelas, boro-boro loba omong.
6 Kuring teh ana ras ka nu enggeus
karandapan, mani rampohpoy jeung
gegebegan.
7 Na atuh ari nu jarahat, ku naon ku Allah
diantep bae, hirupna sarenang, umurna ge
nepikeun ka karolot,
8 barisa nyaraksian anak incuna galede!
9 Rumah tanggana ku Allah tara didatangan
ku balai, jararauh tina pancabaya.
10 Ingon-ingonna baranahan, ngajaruruna
lungsur-langsar.
11 Barudakna jarongjon arulin tingalajret,
kawas anak domba kumincir,
12 arigel-igelan ngigelan kacapi jeung suling.
13 Jararahat, tapi hirupna marulus, ajalna
lalangsar teu kudu kasiksa heula.
14 Nu jarahat nyarita ka Allah menta
dijauhan da teu harayangeun nyaho kana
maksad-maksad Mantenna kana hirup
maranehna.

15 Majar teh taya perluna ibadah, nanaonan
make kudu neneda ka Allah sagala.
16 Pangrasana lamun usahana hasil, majar
teh muklis beunang ku ihtiarna sorangan.
Kuring mah paliyas boga pipikiran kitu!
17 Na enya eta teh, majar nu jahat mah
hirupna poekkeun bae? Coba, iraha aya nu
jahat meunang balai? Na enya Allah sok
bendu, nu jahat teh disiksa,
18 dibasmi kawas jarami? Atawa disina beak
lir kekebul kaanginkeun?
19 Carek aranjeun, lamun bapa nyieun dosa,
anak anu cilakana, nandangan siksa ti Allah.
Ceuk kuring mah anu kudu disiksa mah nya
anu boga dosana, keun sina ngarasa wawales
tina dosana tea.
20 Geus pantesna mun anu dihukum teh anu
boga salahna, nu kudu nandangan bebendu ti
Allah Nu Maha Kawasa.
21 Na bisa, jelema paeh malire kana bagja
cilakana anak?
22 Na mampuh jelema teh ngajar ka Allah,
anu ngahakiman dalah ka mahluk-mahluk di
sawarga?
23 (21:23-24) Jelema teh sawareh mukti
saumur hirupna nepi ka paeh, tur paehna
bangun geus sugema, taya genah panasaran,
sarta mayitna dipulasara kalawan utama.
24 (21:23)

25 Sawareh deui jajauheun tina senang,
hirupna wungkul balangsak, paehna dibarung
kanalangsaan.
26 Tapi boh nu itu boh nu ieu sarua paeh,
sarua dikubur, pada-pada jadi hakaneun
cacing.
27 Nyaho kuring oge, aranjeun teh
ngadoakeun goreng,
28 nepi ka majar teh, Cik eta jelema jugala
nu jahat teh, mana ayeuna imahna?
29 Na aranjeun tara pangangguran ngobrol
jeung nu tas nyanyabaan? Na tacan
ngadarenge kumaha caritana?
30 Di mana-mana oge ari Allah bendu jeung
nyiksa teh, angger bae anu saralamet mah
anu jarahat.
31 Di mana aya anu osok tudang-tuding ka
nu jahat? Komo nepi ka menta sangkan nu
jahat dibales mah, bororaah aya!
32 Ana eta nu jahat teh geus waktuna
digotong ka astana, neang kuburanana nu
geus meunang ngemitan sagala,
33 anu nungkulan upacara nguburkeunana
ge mani rebuan. Taneuh panguruganana ge
diurugkeunana teh kacida hormatna, mani
lalaunan pisan.
34 Na ari aranjeun! Anu magar rek
ngalilipur, kalah ka ngawadul teu paruguh,
ngomongkeun anu papalingpang jeung
kanyataan."

22 [1] (22:1-2) Elipas: "Na aya jelema,
najan anu pangpinterna, anu baris
mangpaat ka Gusti Allah?
[2] (22:1)
[3] Upama anjeun bener ge tur hade gawe,
keur Mantenna mah naon piuntungeunana,
moal matak ngabantu.
[4] Mana ku Mantenna dilara-lara, diterapan
cocoba oge lain ku sabab anjeun ibadah,
[5] tapi ku sabab geus loba teuing dosa, geus
kacida dorakana.
[6] Ka dulur ge tega ngarampas gadeanana,
nepi ka ngarangsadan, nepi ka dulur teu boga
keur salin-salin acan.
[7] Ka nu mopo tara mere nginum-nginum
acan, ka nu kalaparan bororaah mere dahar.
[8] Kalah ka ngarampas tanah, dicokot
salegana, ngagunakeun kakawasaan jeung
kalungguhan.
[9] Ka nu geus raranda cadu ngabantu, ka nu
yatim tega ngarampog, tur neungteuinganan.
[10] Atuh pantes ayeuna anjeun dironom
bahla, ngadak-ngadak loba kasieun,
[11] poe jadi poek medem nepi ka anjeun teu
bisa nenjo, sarta kalimpudan caah.
[12] Allah teh jumeneng-Na di nu pangunculna,
di manggung, ka bentang-bentang anu sakitu
luhurna ge ningali-Na teh bari tungkul.
[13] Kari-kari ceuk anjeun, Uninga naon Gusti
Allah, da Mantenna mah di ditu, kahalangan
ku angkeub, mo iasa naon-naon.

14 Anjeun ngira, Mantenna moal ningalieun
waktu keur angkat dina pelengkung langit,
lantaran kahalangan ku mega.
15 Bet kitu pipikiran anjeun mah, dipake
nuturkeun jalan nu disorang ku nu jarahat.
16 Mungguh nu karitu tea, memeh tepi ka
mangsa ge geus palid manten ku caah.
17 Moal teu karitu jelema-jelema nu nolak
Allah mah, nu teu percaya yen Mantenna
kawasa ka manusa.
18 Padahal barisana mukti teh ku saha lamun
lain ku Gusti Allah. Kuring mah teu ngarti
kana pipikiran jelema jahat teh.
19 Nu matak pantes, mun aya nu jahat
meunang wawales teh. Jelema-jelema anu
balener jeung teu baroga salah mah kacida
aratoheunana.
20 Moal henteu, nu jarahat mah sagala
pangabogana baris dibasmi, sesana dihuru
nepi ka taya nu kari.
21 Anu matak, ayeuna mah sing nurut ka
Allah, sing sadrah, ulah ngamusuhan kitu,
sangkan ginanjar berkah-Na.
22 Turut piwulang-Na, imankeun timbalana-
Na, teundeun dina ati sanubari.
23 Kudu handap asor rendah hate, tobat
ka Allah, eureunan sagala dosa jeung
kadorakaan. Sing beresih rumah tangga teh
tina sagala masiat.
24 Emas-emasan piceunan, nu pangalusna
ge tong lebar alung-alungkeun ka leuwi.

25 Nu jadi emas perak urang, leuwih mulya
batan eta, tur taya wates wangenna, nya
Allah Nu Maha Kawasa.
26 Lamun kitu, batin anjeun moal weleh ngait
ka Allah, da karasa Mantenna teh sumber
kabagjaan anjeun.
27 Mun sasambat ku Mantenna tangtu
diwaler, sarta anjeun baris nekanan
panadaran.
28 Sagala usaha baris ngajadi, jalan hirup
ngabulungbung, caang sagala-galana.
29 Jalma anu rendah hate, tangtu diraksa
ku Allah, sabalikna ari adigung mah baris
digejretkeun.
30 Lamun hirup anjeun lempeng sarta
satemenna, sarta bener dina sagala tingkah
laku, tangtu ku Mantenna dirahayukeun."
23 1 (23:1-2) Ayub: "Kuring tetep teu
tarima, tetep tugenah ku Mantenna.
Kumaha teu rek ngarasula?
2 (23:1)
3 Atoh temen mun bisa manggihan
Mantenna, ngan teu nyaho kudu ka mana
neangna.
4 Mun geus aya di payuneuna-Na mah,
sagala hal kuring nu jadi kapanasaran, tangtu
diunjukkeun, ditembrakkeun.
5 Hayang nyaho rek ngadawuh kumaha, rek
kumaha ngawaler-Na.

6 Naha baris ngabantah tur nganggo sagala
kakawasaana-Na? Sageuy! Sageuy Mantenna
teu kersaeun nimbang.
7 Balaka bae kuring mah arek silih tempas
jeung Mantenna. Sageuy teu diangken, yen
kuring teh ti bareto nepi ka ayeuna henteu
salah naon-naon.
8 Hanjakal, Mantenna diteang ka wetan teu
nyampak, didongdon ka kulon kosong.
9 Diteang ka kaler henteu kawenehan, tuluy
disusul ka kidul, suwung, di dinya ge teu
katingal.
10 Parandene kitu, unggal kuring ngalengkah
ge kadangueun, jadi upama kuring diuji teh
tangtu kauninga lampah kuring teh beresih,
11 lantaran tigin nuturkeun tapak lacak-Na,
tara nyimpang-nyimpang,
12 salawasna nurut kana timbalana-Na,
taat kana pangersa-Na, tara mawa karep
sorangan.
13 Mantenna tara owah gingsir, moal aya nu
bisa ngarobah pamadegana-Na, moal aya nu
bisa mapalangan kana sagala kersa-Na.
14 Mantenna kagungan rarancang kacida
lobana, aya sarupa anu rek dilarapkeun ka diri
kuring, tur pasti ku Mantenna dilaksanakeun,
15 nepi ka kuring sumeblak aya di
payuneuna-Na, bawaning ku seber
kabina-bina.
16 (23:16-17) Wawanen kuring nepi ka
beak dipupul ku Nu Maha Kawasa. Nya ku

Mantenna kuring ngarasa gimir teh, lain
ku poek anu geus ngalolongkeun paningal
kuring.
17 (23:16)
24 1 Ku naon Allah teu ngayakeun waktu
keur ngahakiman, hiji poe kaadilan
keur sakur nu ngawula ka Mantenna?
2 Jalma-jalma nyorok wates lahan batur,
ngarah lahanna tambah lega, malingan
domba dicampurkeun jeung anuna.
3 Ka kalde-kalde para pahatu teu dikarikeun,
kitu keneh sapi milik para randa nu teu bisa
mayar hutang.
4 Hak-hakna kaum miskin ditararahan, nu
kokoro dibuburak.
5 Atuh nu mariskin teh lir kalde alas,
nareangan dahareun ka leuweung nu
kagaringan di mana-mana geus teu manggih
dahareun keur anak-anakna.
6 Jadi kapaksa kudu ngala ti lahan lain
bogana ngumpulkeun anggur nu aya di
kebon-kebon jalma jarahat tea.
7 Ari peuting hareesna di nu ngaliglag,
tingporongkol teu dibaju, teu disimbut,
8 lamun hujan di pagunungan, mani
kuyumus, marucicid tingsalindung tukangeun
batu.
9 Barudak anu geus teu baroga bapa,
dibadegakeun, disina kerja paksa, nu teu bisa
mayar hutang, anakna dirampas,

10 nu balangsak diurak, tur teu baju-baju
acan. Batur panen, kaum miskin mah
ngongkrong.
11 Rajeun ge digarawekeun, upamana meres
minyak jeung anggur geusan inumeun, tetep
bae tikorona mah gararing.
12 Di lembur patingharegung, nu taratu nu
sakarat, tapi kawas henteu didangu ku Allah.
13 Aya deuih, jalma-jalma nu ngamusuh
ka nu caang-caang, di nu caang teh kalah
ka samar polah, nu matak caang teh
disalingkiran.
14 Nu arek ngarogahala, arek maehan si
miskin, inditna teh poek keneh memeh caang.
Nu ngarampog, biasana peuting-peuting.
15 Nu rek lacur, inditna bada sareupna, bari
palungas-palengos sieun kawawuhan.
16 Nu ngabangsat, nu ngagangsir, salawasna
sok ti peuting, ti beurang mah ngadedempes
nyumputan caang.
17 Jadi ku nu karitu mah caang teh
dipikasieun. Sabalikna, ka nu poek-poek mah
resep, da pangrasana aman taya bahaya."
18 Sopar: "Jalma jahat bakal katarajang
caah, lahan bogana disapa ku Allah moal
bisaeun deui manehna melakan kebon
anggurna.
19 Lir salju musna ku panas jeung katiga nya
kitu jelema nu boga dosa musna ti dunya
enggon nu hirup.

20 Ku indungna sorangan ge geus teu
dipikainget, jasadna geus dihakanan ku
bilatung geus binasa lir tangkal anu geus
rubuh.
21 Kitu bagian si euweuh rasrasan. Si tukang
ngisat randa-randa, si tara nyaah ka nu
garabug.
22 Allah teh maha digjaya. Lamun Mantenna
geus meta, si kumawasa dibinasa, si jahat
dicabut nyawa.
23 Najan disabaran bae oge, tur diantep sina
rareugreug naranjung, tetep ku Allah diincer.
24 Sanggeus diingkeun sakeudeung,
sanggeus hasil panejana, kulapes layu
ngadadak, lir daun anu ngararas, lempes lir
ranggeuyan pare dipetik tina gagangna.
25 Pek, saha nu bisa ngabantah, nu rek
nyebut lain kitu? Bisa ngabuktikeun, lamun
eta henteu bener?"
25 1 (25:1-2) Bildad: "Allah kawasa liwat
saking, kabeh manusa kudu gimir
ku Mantenna. Karajaana-Na di sawarga ku
Mantenna disantosakeun.
2 (25:1)
3 Aya anu bisa ngitung lobana malaikat anu
ngawulaan Mantenna? Aya tempat anu teu
kasorot ku cahaya Allah?
4 Bisa manusa teh suci jeung murni dina
paningal Mantenna?

5 Cacakan bulan, ku Mantenna mah dianggap
teu caang. Bentang-bentang oge dianggapna
teu mencrang.
6 Komo manusa, si cacing, si insekta! Naon
sih ajen manusa di payuneun Allah?"
26 1 (26:1-2) Ayub: "Euleuh, mani
capetang kitu eta anjeun, ngabela
kuring anu nya lemah nya nandang lara!
2 (26:1)
3 Mani pertengtang mere bongbolongan ka
jelema pantar kuring anu sakieu bodona!
4 Cik, ka saha maksudna eta kasauran teh, ti
saha meunang ilhamna."
5 Bildad: "Arwah-arwah jelema nu geus
maraot tingdaregdeg cai sapangeusina
galumeter.
6 Tempat pangancikan nu maraot nonggerak
payuneun Allah, turub-turubna teu bisa
ngalingan paningali-Na.
7 Allah ngadingdingkeun langit di tungtung
kaler, ngagantungkeun bumi di awang-awang
nu suwung.
8 Mantenna minuhan mendung ku cai, tur
mendungna teu datang ka bedah.
9 Bulan purnama direueukan ku mega.
10 Caang dipisahkeun ti nu poek,
wawatesanana ngagulimeng tepung gelang
luhureun sagara.
11 Lamun tihang-tihang langit diinggeung-
inggeung, seug eta teh genjlong, gumeter
bawaning ketir.

12 Ku pangawasa Mantenna laut datang ka
tagiwur. Rahab si naga laut ge kasoran, tiwas
ku kawijaksanaan Mantenna.
13 Ku napas Mantenna bray langit lenglang,
panangana-Na newak naga laut nu keur
kabur, bek dipaehan.
14 Eta anu sakitu poharana teh, kakara
mangrupa kila-kilana bae tina kakawasaan
Mantenna, minangka harewos-harewos-Na
anu katepi ku ceuli urang. Geus komo
teuing kaagungan Mantenna sagemblengna,
pamohalan bisa kajugjugan."
27 1 (27:1-2) Ayub: "Kuring sumpah demi
jumenenging Allah Nu Maha Kawasa,
anu teu adil ka kuring, anu nganalangsakeun
hate kuring,
2 (27:1)
3 yen: Sapanjang Allah maparin keneh
ambekan,
4 paliyas ieu biwir ngucap goreng, ieu letah
moal dibikeun ngabohong.
5 Kana pamadegan aranjeun ge pamohalan
ngabenerkeun, sarta nepi ka paeh ge keukeuh
kuring teu rumasa boga salah.
6 Seja kukuh dina cecekelan yen kuring
bener, moal robah pipikiran yen yakin kitu.
7 Mugia teuing anu ngabararantah ngalawan
kuring sing nandangan hukumanana, tong
dibedakeun ti nu jahat, ti nu garoreng
lampahna.

8 Lamun nyawana ku Allah geus dicararabut,
cik eta anu marunapek teh rek kumaha!
9 Dina waktu maranehna katarajang papait,
naha panyambatna bakal didangu ku Allah?
10 Keun sina galandrung hararayang
meunang kabagjaan ti Allah, sina sasambat
ka Mantenna teu eureun-eureun.
11 Sugan aranjeun teh kudu dipapatahan
ku kuring, diwuruk hal agungna kawasaning
Allah, sangkan nyaraho kumaha rarancang
Mantenna Nu Maha Kawasa,
12 sanajan eta teh kateuteu-ari, da ku
aranjeun ge geus karasa. Na ku naon atuh
anggur ngocoblak taya hartina?"
13 Sopar: "Kieu hukuman ti Anu Maha
Kawasa ka nu doraka tur lalim:
14 Pek sing laloba anak, tapi anak-anakna
kabeh baris paraeh ku perang, incu-incuna
karurang dahar.
15 Nu barisa keneh hirup baris hus hos
ditekukan ku panyakit, ku randana ge moal
ieuh diceungceurikan.
16 Pek baroga perak mangpeti-peti,
papakean sababaraha lamari,
17 tapi perakna kapimilikna mah ku nu
jalujur, papakeanana dipakena mah ku
jalma-jalma anu balageur.
18 Imahna nangtungna moal lila-lila, cara
ramat lancah, atawa sasaungan tukang
tunggu kebon.

19 Basa reup mondok mah beunghar,
tapi panungtungan, da barang nyaring,
kasugihanana geus euweuh.
20 Jol balahi narajang, lir caah ngadadak,
wanci peuting dirina kapangpengkeun ku
angin ribut,
21 kabawa kabur ti imahna ku angin ti wetan.
22 Sabot roroesan hayang salamet, gebut ku
angin dibeubeutkeun taya kawatir.
23 Barang keur lumpat, hiuk katebak deui
ku angin, ngagelebug matak sieun, matak
binasa."
28 1 Aya tempat pangalian perak, aya
tempat paranti ngabesot emas.
2 Beusi dikali ti jero bumi, babatuan dilebur
diala tambagana.
3 Tempat poek pangpoekna ku manusa
dipariksa, jajantung bumi dikotektak ditaliti,
cadas-cadas di nu ngajumbleng ditalugaran.
4 Jauh ti tempat mahluk kumelip, di nu can
kungsi pisan katincak, manusa nyieun guha
pangalian, digarawe di dinya mencilkeun
maneh, guwang-gawing dina tambang, dina
sumur pangalian.
5 Bumi di luar ngabijilkeun bangsa dahareun,
di jerona dikorowek burak-barik.
6 Babatuanana aya batu nilemna, keusikna
aya anu ngandung emas.
7 Jajalaneun dina eta pangalian, dalah ku
heulang tara kalanglang, ku gagak tara
kateang,

8 malah maung atawa sato galak nu lianna,
taya hiji anu lumanto ka dinya.
9 Cadas sakumaha teuasna ditugar,
gunung-gunung dikali didungkar,
10 ditembus ku torowongan, breh kapanggih
babatuan anu marulya.
11 Sirah-sirah walungan oge dikali, eusi nu
asalna buni diangkat ka anu negla.
12 Tapi cik, di mana ayana ari sumber
kapinteran? Ka mana kudu nyukcrukna
sangkan kaulik?
13 Kapinteran mo kapanggih ti manusa, mo
kaulik aci-acining pangajina.
14 Ceuk dasar sagara, eta mah euweuh di
kami, ceuk dasar lautan, eta mah taya di
kami.
15 Hamo kabeuli ku emas perak,
16 hamo kabayar ku emas kolot reujeung
permata,
17 najan emas golondongan atawa emas
perhiasan, kitu deui kaca batu pangalusna,
mo bisa dipake nukeuran.
18 Kapinteran leuwih mahal batan mutiara, ti
batan kristal atawa mirah dalima,
19 teu kaimbang ku ratna campaka, teu
kaudag ku emas pangkolotna.
20 Di mana sumberna ari kapinteran? Ka
mana kudu nyukcrukna sangkan kaulik?
21 Gaib, kaalingan tina panon sugri nu
kumelip, dalah ku manuk tukang haliber teu
bisa tembong.

22 Jungkrang pati jeung maot ge, kana
kapinteran ukur ngadenge bejana.
23 Ngan Allah nyalira nu ngahartos kana
jalanna, nu uninga kana tempatna.
24 Kawantu Mantenna mah awas ka saampar
jagat, tingali ka sakolong langit.
25 Mangsa Mantenna mere tanaga ka angin,
bari matok legana lautan,
26 mangsa nangtoskeun iraha mangsana
hujan, bari nangtoskeun pijalaneun kilat
guludug,
27 eta kapinteran teh ku Mantenna ditilik,
seug diuji kamampuhanana, ti dinya
disahkeun jeung dipetakeun.
28 Pok Mantenna ngadawuh ka manusa,
"Hayang pinter kudu ajrih ka PANGERAN,
hayang boga pangarti, sing jauh ti
kagorengan."
29 1 Ayub sasauran deui,
2 "Kahayang mah hirup teh cara
bihara-bihari, waktu eukeur diraksa keneh ku
Allah,
3 basa ku Mantenna tara kendat disarengan,
nepi ka kuring tara poekeun, caang ku cahya
Mantenna.
4 Harita mah kuring teh jelema mukti,
kawantu dalit jeung Allah, rumah tangga
ditangtayungan.
5 Jeung Allah Nu Maha Kawasa teu
pisah-pisah, jeung anak riung mungpulung.

6 Tara towong nginum susu, loba sapi loba
embe, di kebon di tanah cadas tangkal jetun
tingarulang.
7 Ana sesepuh kota gempungan, kuring ge
milu nungkulan.
8 Lamun lar kuring ngaliwat, nu ngarora
nyararisi mere jalan, nu sarepuh ararajeg
ngahalormat.
9 Lamun kuring enggeus datang, pamingpin-
pamingpin nu keur cacarios ge liren heula
nyariosna,
10 dalah jalma pangpentingna ari datang
kuring mah jep jempe.
11 Ku nu nyaraho sorangan atawa ku nu
sakadar ngadenge, salampah-lampah kuring
dipuji, jadi senen kalemekan.
12 Lamun aya nu miskin ngalengis, gancang
ku kuring ditulung. Nu pahatu, nu teu boga
pamatuhan geuwat disambat.
13 Jalma-jalma anu dijait ku kuring, kacida
tumarimana, kitu deui randa-randa, ku kuring
disarenangkeun.
14 Dina sagala hal kuring teh lempeng jeung
jujur.
15 Keur nu lolong jadi minangka panonna,
keur nu gempor jadi minangka sukuna,
16 keur nu malarat jadi minangka bapana.
Semah anu eukeur susah ku kuring dibela.
17 Pangagung lalim ku kuring diwarah, nu
jadi korbanna dijait disina leupas.

18 Nu diharep salawasna hayang nanjung
panjang umur, mun paeh hayang di imah
ngarah utama sugema.
19 Harita kuring teh ibarat tangkal, nu akarna
juuh ku cai, dahan-dahan jeung daunna
cipruk ku ciibun.
20 Ku jelema diparuji, pakarepan tara gagal.
21 Lamun kuring mere luang, jalma-jalma
mani jempe, saregep ngabarandungan.
22 Lamun ngomong enggeus anggeus
euweuh nu wani nyambungan, tiap ucap
keunana nyerep, lir cihujan rembes ka jero
taneuh.
23 Nu ngadarengekeunana bangun pohara
resepeunana, lir patani narimakeun hujan.
24 Samangsa maranehna pegat
pangharepan, ku kuring sok diimutan,
timbul deui wawanenna mun kuring
nembongkeun budi marahmay.
25 Urusanana geuwat ku kuring ditangkes
tuluy diputus, jelemana dipetakeun, lir balad
keur ditata ku rajana. Jalma anu pegat
pangharepan dililipur nepi ka teger.
30 1 Na ari ayeuna, ku nu leuwih ngarora
ge diseungseurikeun. Bet inget ka
kolot-kolotna, kabeh jalma tanpa guna.
Leuheung keneh anjing kuring, aya-aya
gawena purah ngajaga domba.
2 Naon maranehna mah, jelema ge
ruruntukna, diarah tanagana bororaah, kacida
halengkerna.

3 Ku miskin-miskinna, ku lapar-laparna,
akar-akar garing ge disaregetan, ti peuting,
di tengah tegal gundil,
4 nyarabutan tutuwuhan tegal, diharakan ka
akar-akar tangkal nu euweuh rasana.
5 Ku itu ku ieu dibuburak, dieuah-euah
kawas ka bangsat.
6 Hareesna di nu nyangkeredong-
nyangkeredong, atawa ngalaliang dina
lamping karang,
7 tingsalegor kawas sato bae badis, bacacar
di handapeun rurungkunan.
8 Manusa piceuneun wungkul, teu paruguh
indung bapana, dibuburak ti jero lembur.
9 Eta nu karitu patut, ayeuna mah ka kuring
nyeungseurikeun mani nganggap bodor.
10 Bangun kacida sarebeleunana. Tapi ceuk
pangrasana mah sakitu teh bageur teuing, da
nepi ka nyariduhan kana beungeut.
11 Meureun meungpeung kuring ku Allah
dikieu-kieu, nya geus teu walakaya, nya geus
beak araheunana, maranehna sakama-kama
mupuas ka kuring.
12 Seug eta gorombolan teh narajang,
ngabeberik teu eureun-eureun,
13 maregatan arek mergasa, taya nu
ngahalang-halang.
14 Maranehna ambreg kana lombang
pertahanan kuring, ditenjragan nepi ka
runtuh.

15 Cindekna kuring teh eleh, sieunna
kabina-bina, beak wawanen kapupul bayu.
Asal mukti geus burindil, lir mega kasapu
angin.
16 Ayeuna mah kari nunggu-nunggu ajal taya
harepan kana menyat deui.
17 Ari peuting karasa satulang-tulang nyareri,
mani asa dikerikan teu eureun-eureun.
18 Sabot kitu, beuheung baju ku Allah
ditongtak, tuluy dipuril-puril,
19 terus kuring dibalangkeun ka nu jeblog,
taya bedana ti miceun runtah.
20 Ka Allah abdi ngagero, nanging teu diwaro.
Ka Gusti abdi jumerit, nanging teu ditolih.
21 Gusti bengis liwat saking, nyiksa
pupuasan.
22 Ku Gusti diapung-apung, atuh kabantun
ku angin, dibuntang-banting ku topan.
23 Teu sak deui, tangtos bade dicabut nya
umur, bade ditotogkeun ka kubur, pangbalikan
sarerea.
24 Na ku naon dugi ka nyiksa ka nu parantos
teu walakaya, anu parantos teu tiasa
naon-naon, kajabi ti neda dipikarunya.
25 Padahal abdi kapungkur, ka nu prihatin
sok ngiring sedih, ka nu tunggara ngiring
sungkawa.
26 Nu diteda, bagja katut jamugana, nu
katampi, papait sareng balai.

27 Awak bejad, dijejewet ku karisi jeung
kanyeri, nu kapeleng mung wungkul
pisangsaraeun.
28 Titingalan parantos paroek, gegerungan
menta tulung, sasambat ka nu araya, nanging
lapur taya anu ngalilipur.
29 Sora abdi matak ngarakacak hate kawas
sora babaungna ajag atawa jeritna manuk
onta di tempat sepi tur suwung.
30 Kulit jadi hideung, awak nyongkab
muriang.
31 Kapungkur mah sok nguping lalaguan
nu gumbira ayeuna mung bati lumengis
midangdam.
31 1 Kuring geus sumpah, jangji moal
pelang-pelong ka mojang bari dilamun.
2 Naon nu baris dipidamel ku Allah Nu Maha
Kawasa? Baris kumaha ngabalesna kana
kalakuan manusa?
3 Sial jeung cilaka pasti ku Mantenna
didatangkeun ka anu migawe dosa.
4 Allah pasti uningaeun sagala kalakuan
kuring, pasti ningalieun salengkah-lengkah
kuring.
5 Sumpah, kuring can kungsi boga lampah
goreng, tara pangangguran tupa-tipu.
6 Upama seug ku Allah ditimbang sing bener,
moal teu kauninga yen kuring putih beresih.
7 Lamun mengpar ti jalan nu bener, atawa
ulad-elod kana kagorengan, lamun ieu
leungeun lamokot ku masiat,

8 daek tumpur pibuateun, atawa kop
bahan pangan kuring beakkeun ku
deungeun-deungeun.
9 Lamun kuring mikabogoh pamajikan
batur, jejengkean taang-toong di tukangeun
pantona,
10 pamajikan kuring mangka mangejokeun
lalaki sejen, mangka hees jeung lalaki sejen.
11 Lamun enya kuring boga kalakuan nista
sarupa kitu dihukum pati ge kajeun.
12 Kalakuan kitu sasat seuneu ngagegedur,
seuneu naraka, nu baris malindes ngabasmi
naon bae nu aya di kuring.
13 Mun badega gegelendeng ka kuring, teu
burung didenge, ditimbang kumaha layakna.
14 Sabab lamun henteu kitu, na werat
kuring ngadeuheus ka Allah? Kumaha nya
pijawabeun lamun ku Mantenna dipariksa?
15 Lantaran boh kuring boh badega, tunggal
dadamelan Allah.
16 Lebah kuring, ka nu miskin tara teu
nolih, ka randa-randa anu sangsara tara teu
mirosea,
17 tara ngantep pahatu anu teu nyatu,
paliyas makmak-mekmek sosoranganan.
18 Saumur-umur, tuman nulungan nu
kararitu.
19 Lamun nenjo nu walurat henteu boga
baju-baju acan,
20 sok bae ku kuring mah dibere kaen
wol, beunang nyieun tina bulu domba nu

sorangan. Atuh mani bebeakan muji-mujina
ka kuring.
21 Lamun kuring kungsi nipu ka nu pahatu,
pedah ujub dibawa ka pangadilan ge moal teu
meunang,
22 masing pingges ieu leungeun duanana,
sing nepi ka sarengkleh ngaraplek.
23 Paliyas boga kalakuan kitu, sieun disiksa
ku Allah.
24 Kabeungharan teu dijieun pananggeuhan,
25 kamuktian teu dipake kaagulan.
26 Tara muja ka cahya surya, tara munjung
ka bulan purnama.
27 Tara pirajeunan muja ka anu karitu ku
cara nyium leungeun sorangan ciri yen muja
ka nu karitu.
28 Dosa nu sarupa kitu, manjing kana hukum
pati, sabab mungkir ti Nu Maha Kawasa.
29 Mun musuh nandang pakewuh, atawa
kagirijig ku balai, haram lamun kuring
bungah, paliyas kuring mupuas.
30 Komo nepi ka ngamuga-muga sing paeh
mah, paralun, dosa, kikituan teh, dosa!
31 Ka jalma anyar pinanggih tara asa-
asa ngaku, gandek-gandek kabeh oge
nyarahoeun, tabeat kuring teh kitu.
32 Nu keur nyaba kaburitan lebah imah
kuring, geuwat disambat, disimpangkeun, da
teu tega ngantep nepi ka hees di emper batur.
33 Batur mah ari boga dosa teh disidem,
kuring mah anggur balaka,

34 rek pada ngomongkeun kitu ngomongkeun
kieu, mangga teh teuing da rumasa, tinimbang
bungkem atawa ngaringkeb maneh, dumeh
sieun diera-era.
35 Naha moal aya nu percaya ka ieu omongan
kuring? Wani sumpah, kabeh ge eta teh enya,
Allah Nu Maha Kawasa saksina. Lamun eta
panuding-panuding lawan ka kuring ditulis,
nepi ka katenjo ku panon kuring,
36 rek disampaykeun dina taktak reujeung
agul, malah rek diterapkeun dina sirah lir
makuta.
37 Eta sagala kalakuan kuring teh arek
diunjukkeun ka Allah, tur ngunjukkeunana ge
tangtu tatag sarta ludeung.
38 Lamun aya lahan kuring nu beunang
ngagasab, beunang papaksa ti nu bogana anu
sah,
39 atawa ngala ngadahar beunang batur
melak, ari nu melakna kalaparan,
40 sing tibalik, mun jagong sing jadi jarong,
mun pare sing jadi eurih." Sakitu pokpokan
Ayub.

32 1 Anu tiluan balem bae teu kersaeun
ngawaler, lantaran Ayub ngaraos
kacida yakinna yen anjeunna bener.
2 Tapi kasauran aranjeunna teh aya anu
ngabandungan di dinya, nya eta Elihu putra
Barakel, urang Bus ti kaom Ram. Anjeunna
panas manahna ka Ayub anu neugtreug tur
sakitu suabanana ka Allah.

3 Ka sobat-sobat Ayub anu tiluan oge
jengkeleun pisan dumeh beunang kapeupeuh
ku Ayub, siga pisan dina eta perkara teh
memang Allah anu lepat.
4 Tadi, ku sabab rumaos panganomna,
nyabar-nyabar anjeun bae, ngadago seepna
kasauran anu geus sarepuh.
5 Barang anu tiluan tea teu ariasaeun
ngawaler, Elihu teu tahan deui,
6 pok bae misaur, "Sim kuring rumasa ngora
keneh, paralun kumawantun ka nu geus
sarepuh, teu wantun milu ngedalkeun kereteg
hate.
7 Ceuk emutan, keun Bapa-bapa bae anu
cacarios, kawantu sepuh-sepuh mah tangtos
luhung panemuna.
8 Nanging sanaos kitu, luhung teh kapan ku
kersaning Roh Allah Nu Maha Kawasa.
9 Jalmi jadina pinter atanapi terang kana
bebeneran teh sanes ku dumeh kakolotanana.
10 Ku kituna darangukeun, sim kuring seja
mihatur.
11 Waktos Bapa-bapa sasauran, sim kuring
anteng ngabandungan, seja mulungan
pituah-pituahna anu marunel.
12 Dibandungan ti awitna, Bapa-bapa sidik
gagal, kawon ku ucap-ucapan Ayub.
13 Atuh naon tawisna, majar Bapa-bapa
parantos seueur elmu panemu teh? Ku sabab
Bapa-bapa parantos kawon, tangtos mung
Allah nu iasa ngawaler ka Ayub.

14 Memang Ayub sasauranana teh ka
Bapa-bapa, lain ka sim kuring. Sim kuring
seja mangjawabkeun, tapi moal nganggo
jalan mamanahan Bapa-bapa.
15 Ayub! Aranjeunna parantos kawon, teu
ariasaeun deui ngawalon.
16 Ningal nu parantos bungkem, naha pantes
sim kuring cicing-cicing bae? Aranjeunna
kalah ka tingharuleng, seepeun pisaureun.
17 Kari sim kuring anu kedah nyarita, kedah
ngajawab, ngedalkeun kereteg hate.
18 Sim kuring geus meh teu kuat, hayang
buru-buru kedal, piomongeun parantos teu
bisa dipondah.
19 Lamun nepi ka teu bisa dikedalkeun,
tangtu mudal bedah sorangan, lir kirbat anu
pinuh ku anggur anyar.
20 Teu tahan, kudu dibudalkeun.
21 Tapi teu pisan-pisan rek mihak, moal
ngugung ka itu, moal ngugung ka ieu.
22 Ongkoh teu tiasa ngugung-ngugung teh,
malah mun nepi ka ngugung-ngugung, muga
ulah jamuga ti Allah.
33 1 Salajengna dangukeun ieu pihatur,
2 sim kuring sumeja ngedalkeun eusi
pikiran,
3 anu medal tina ati sanubari, sanes bohong
akon-akon.
4 Roh Allah geus nyiptakeun kuring sarta
maparin hirup ka kuring.

5 Bisi bade ngawaler, ari iasa mah mangga,
geura sayagi panakisna.
6 Diri sim kuring sareng salira Pa Ayub, estu
sami menggah di payuneun Allah, sami-sami
sipat taneuh sareng lebu.
7 Jadi Pa Ayub teu kedah risi-risi, da sim
kuring mah teu gaduh niat ngelehkeun.
8 Saur Pa Ayub tadi anu kakuping ku abdi:
9 Kuring teu boga salah. Teu boga
kalulуputan, taya dosa naon-naon.
10 Tapi Allah teu kurang-kurang alesan keur
nyilakakeun kuring, kuring teh dianggap
musuh,
11 suku diterapan rante, saincak saparipolah
mani haben diawaskeun.
12 Ceuk sim kuring mah, Pa Ayub, eta teh
lepat! Allah mah agungna ngungkulan umat
manusa.
13 Naha Pa Ayub nuding ka Allah, magar tara
malire kana udah-aduhna manusa?
14 Allah teh ngandikana ku rupi-rupi jalan,
ngan urangna tara daek nolih kana sagala
dawuhana-Na.
15 Ari ngandika-Na, sakapeung dina impian
atawa tetenjoan, sajeroning urang mondok.
16 Pangersa-Na sangkan dawuhana-Na
teh digugu, sangkan urang sieun kana
panggeuing Mantenna,
17 sangkan eureun tina migawe dosa, jeung
sangkan ulah ieu aing.

18 Allah mah tara kagungan niat nyilakakeun
jalma, malah jalma teh diaping tina ancaman
malakalmaot.
19 Osok soteh meperih, maparin pepeling,
jalma dipaparin gering, dipaparin kanyeri nu
teu puguh rasakeuneunana.
20 Keur gering mah tara hayang dahar-dahar
acan, kajeun kana pangabeuki weleh henteu
hayang bae.
21 Awak jadi ngajangjawing, tinggal tulang
tingtorelak,
22 bari nunggu-nunggu dawuh geusan iang
ka alam kubur.
23 Tapi boa teuing aya malaikat Allah ti anu
mangrebu-rebu, anu ngelingan ka eta nu
gering sangkan inget kana kawajibanana,
24 seug misaur bari pinuh ku kawelas, Mugi
eta jalmi dicageurkeun deui, ulah waka
sina asup kana jero kubur, tah ieu kangge
panebusna.
25 Seug nu gering teh neutneutan menyat,
tanagana pulih deui, bedas deui cara keur
ngora.
26 Panedana ku Allah didangu, hatena
bungah bisa deui muji ka Allah sagala
lampahna ku Allah diloyogkeun ka nu bener.
27 Seug balaka ka balarea, Kuring teh jalma
doraka, sagala kalakuan taya nu bener, tapi
ku Allah teu weleh ditulung, dicageurkeun.
28 Ku sih piwelas-Na kuring teu tulus asup ka
kubur, bisa keneh gumelar di alam dunya.

29 Kitu mungguing Allah mah, nulung deui,
nulung deui.
30 Jalma teh ku Mantenna diraksa hirupna,
sina bagja sina jamuga.
31 Ayeuna, mugi Pa Ayub kersa
ngabandungan deui pihatur sim kuring
salajengna.
32 Nanging bilih aya saurkeuneun mah
saurkeun bae, atuh ari Pa Ayub nu leres,
memang kitu utamina.
33 Sawangsulna upami henteu, mangga
bandungan, sim kuring sumeja mere
pepeling, tina hal kabijaksanaan.
34 1 (34:1-2) Bapa-bapa anu sugih
ku pangarti, jembar kauninga,
darangukeun ieu pihatur sim kuring,
2 (34:1)
3 sangkan tiasa ditimbang-timbang leres
henteuna, sapertos kadaharan, disebut
ngeunah henteuna teh saparantos diraosan.
4 Kasauran-kasauran Pa Ayub teh urang
puguhkeun leres henteuna.
5 Anjeunna keukeuh ngaraos teu kagungan
kalepatan, nanging ku Allah teu dipaparin
kaadilan.
6 Saurna ge, Na kuring kudu pura-pura
ngaku salah sanajan henteu? Diri jadi ruksak
kieu, padahal teu boga dosa.
7 Saha deui jalmi nu sapertos Pa Ayub, teu
aya semu-semuna ngajenan ka Allah?

8 Bet teu benten ti anu jarahat, sapamolah
sami sareng anu masiat.
9 Nepi ka wantun nyebatkeun, magar taya
pisan gunana jelema anut ka Allah teh.
10 Bapa-bapa nu palinter, dangukeun ieu sim
kuring Allah Nu Maha Kawasa pamohalan
kaliru.
11 Jalma diganjar satimpal reujeung gawena,
dibalesna numutkeun kumaha lampahna.
12 Allah Nu Maha Kawasa tara midamel
kaawonan, ka sasaha ge tara teu midamel nu
satemenna.
13 Naha Mantenna kengingna kawasa teh ti
jelema? Naha Mantenna nyangking jagat teh
dijenengkeun ku manusa?
14 Mun Mantenna nyabut deui napas
kahirupan,
15 sugri nu kumelip pinasti lastari, mulang
kana taneuh asalna.
16 Upami Bapa-bapa bijaksana, dangukeun
ieu pihatur sim kuring.
17 Naha leres Allah teh ceuceub kana
kaadilan? Naha Bapa-bapa bade ngalepatkeun
ka Allah Nu Maha Adil?
18 Allah ngahukum raja-raja sareng nu
nyarepeng kawasa, lamun aranjeunna tanpa
guna atanapi jarahat.
19 Mantenna moal mihak ka nu nyarepeng
kawasa, moal leuwih mentingkeun nu
beunghar ti batan nu miskin, da sadayana
oge sami ciptaan Mantenna.

20 Mun jalma geus dikersakeun, rek janari
tengah peuting sakedet netra hos maot. Ana
enggeus dikersakeun, jalma ngelepek harita
keneh. Nyabut nyawa pangagung oge Allah
mah gampileun bae.
21 Salengkah-lengkah manusa ku Mantenna
dititenan.
22 Dosa jalma kajeun di nu poek mongkleng,
ku Allah mah katingali nonggerak.
23 Mun Mantenna rek ngahukum, tara
mikabutuh waktu.
24 Mun Mantenna rek ngarorod pangagung
sangkan diganti ku nu sejen, Mantenna mah
henteu perlu papariksa deui,
25 sabab sagala-galana ku Mantenna geus
kauninga. Rek janari tengah peuting, ku
Mantenna tangtu ragrag tangtu remuk.
26 Sing saha nu jahat tangtu dihukum,
kasaksi ku balarea,
27 buruh tina wangkelangna ngabaha ka
Mantenna, ngamomorekeun timbalana-Na.
28 Panyambat jalma malarat nu jumerit ka
Mantenna, lantaran disangsara ku nu jarahat,
tangtu didangu.
29 Mun Mantenna ngersakeun nganggur,
moal aya nu bisa ngageureuh-geureuh.
Mun Mantenna nyumputan, jalma mo bisa
manggihan.
30 Bangsa-bangsa mo bisa kumamaha
sangkan leupas tina panggencet bangsa nu
teu percaya ka Allah.

31 Pa Ayub, kumaha kersa ngangken dosa ka
Allah, kersa jangji moal kitu-kitu deui?
32 Kumaha parantos nyuhunkeun sangkan
ku Allah dituduhkeun naon nya kalepatan?
Kumaha parantos kapok moal midamel deui
kalulуputan?
33 Rupina kahoyong Bapa mah Allah teh
kedah tumut kumaha Bapa, pangna teu satuju
kana pangersa-Na teh, sanes? Perkawis eta
kumaha Bapa, da sanes urusan sim kuring.
Cobi sebatkeun, kumaha mamanahan teh?
34 Ku emutan, sugri anu ngaruping ieu
pihatur, menggah nu sehat pikiran tur berbudi
mah tangtos ngahaminan kana pamendak
sim kuring,
35 yen kasauran Ayub teh kasauran jalma
sasar, sasaur-saurna henteu kalawan dipikir.
36 Upami kasauran-kasauranana tea
diemut-emut deui, baris nyata yen taya
bedana ti omongan jalma jahat.
37 Dosa-dosana tambah deui sarupi, nya
eta ngalawan ka Allah di hareupeun urang
anjeunna moyok ka Allah.
35 1 (35:1-2) Ngarasa bener di payuneun
Allah teh lepat kabina-bina.
2 (35:1)
3 Ari Bapa dugi ka nyebatkeun, naon gunana
kudu suci, naon untungna mun henteu
migawe dosa.

4 Kasauran Bapa, kitu deui kasauran
sobat-sobat Bapa, ku sim kuring rek dijawab
kieu:
5 Tingali ka awang-awang, sakumaha
luhurna mega?
6 Upama Bapa-bapa midamel dosa, naon
ngarugikeunana ka Allah? Upama Bapa-bapa
seueur kalululuputan, naon matakna ka
Mantenna?
7 Sawangsulna upama Bapa-bapa midamel
bener, na eta teh tiasa keur ngabantu ka Gusti
Allah? Allah teh moal butuheun ku urang.
8 Lampah urang boh hade boh goreng,
untung rugina keuna ka papada manusa
keneh.
9 Jalma upama digencet sok lumengis ka
batur hayang ditulung.
10 Ari ka Allah anu ngajadikeunana teu
inget-inget, tur Mantenna nu nguatkeun ana
maranehna nandang sangsara.
11 Teu inget-inget yen Allah geus maparin
akal budi ka maranehna, sangkan punjul
leuwih ti sato atawa manuk.
12 Atuh najan gegerungan butuh ku pitulung
oge, pamohalan ku Allah ditulung, lantaran
nya angkuh nya jahat,
13 sasambatna taya pedahna, pamohalan ku
Anu Maha Kawasa ditolih.
14 Bapa nyaurkeun majar teu ningali Allah.
Antos sing sabar, perkara Bapa teh geus aya
di Mantenna.

15 Bapa ngira Allah moal ngahukum. Bapa
ngira Allah kurang open kana dosa.
16 Taya pedahna Bapa ngocoblak deui ge, da
ucap-ucapan Bapa nyirikeun kurang wiwaha."
36 1 Saur Elihu deui,
2 "Sabar heula sakedap, dangukeun
deui pihatur sim kuring, kalayan pajenengan
Allah.
3 Pangarti sim kuring teh mahi, ayeuna rek
digunakeun, rek dipake nembongkeun yen
Allah anu ngajadikeun sim kuring teh estu
bener.
4 Sim kuring sanes rek ngabobodo. Ieu anu
dipayunan teh jalmi cekap bijaksana.
5 Allah teh maha perkasa! Tapi ka jalma teu
mandang rendah. Tur keur Mantenna mah
taya hal nu teu kahartos.
6 Mantenna tara ngantep jalma jahat
nanjung. Sabalikna anu sangsara mah dibela.
7 Anu balener dijaga diraksa, sina sajajar
jeung raja-raja, sina mulya salalawasna.
8 Jelema nu dirante, tur sangsara ku
pamolahna,
9 ku Mantenna dibere terang, yen kituna teh
ku karana dosana jeung adigungna.
10 Ti dinya digeuing dipepelingan sangkan
babalik pikir.
11 Anu narurut sarta ngabakti ka Allah,
hirupna mukti santosa.

12 Sabalikna mun ngabaha eta teh tetela
bodo, sabab tangtu cilaka tigebrus ka jero
kubur.
13 Mungguh nu henteu malire ka Allah,
angger bae murka, dihukum ge pamohalan
sasambat ka Allah.
14 Ngora-ngora keneh jiwana geus paeh,
ruksak ku laku hirupna nu nista.
15 Manusa ku Allah sok dipeperih, dipaparin
kasukeran, eta maksad-Na ngawulang
sangkan areling.
16 Bapa ge geus tangtu baris dijait, dipaparin
deui kabagjaan, hirup mo aya kakurang.
17 Hukuman anu keur karandapan, eta teh
balukarna tina lalampahan.
18 Atos-atos, najan lara ulah dugi ka sasar
ucap, ulah nepi ka ngaco ku beuratna sarat.
19 Menta tulung nepi ka jejeritan ge,
meak-meakkeun tanaga, moal aya tulungna.
20 Peuting tong diarep-arep datang, saat
pimusnaeunana bangsa-bangsa.
21 Atos-atos, ulah malikan deui dosa.
Kapan nu matak Bapa nandangan lara oge,
maksad-Na sangkan ulah dugi ka kitu.
22 Sing emut, Allah teh Maha Kawasa, Allah
teh Guru Nu Agung, guru urang sarerea.
23 Moal aya nu bisa nguah-ngieuh ka
Mantenna kudu kitu kudu kieu, atawa nyela
dadamelana-Na.
24 Sagala damel-Na salawasna layak
dimulyakeun. Bapa oge kudu ngamulyakeun.

25 Sagala tapak damel-Na eces ebreh
ka sarerea, tapi saurang ge moal aya nu
ngaharti.
26 Kaagungana-Na lain jugjug-jugjugeun,
kitu deui lawasna Mantenna jumeneng, lain
taksir-taksireun.
27 Nya Allah nu nyaabkeun cai tina beungeut
bumi, lajeng dikucurkeun deui ngajadi hujan.
28 Hujan ngucur tina mega mendung, jadi
rahmat ka sakabeh manusa.
29 Saurang taya terang jalanna mega
di awang-awang, kumaha jadina gelap
ngabeledag di langit, panglinggihan Allah.
30 Kilat sina patingburinyay di angkasa,
ari di dasar sagara angger-angger poek
ngajumbleng.
31 Kitu Mantenna ngayakeun jalan geusan
ngabayuan manusa, keur nyayagikeun
dahareunana kalawan taya kakurang.
32 Kilat ditewakan, digenggem, lajeng
ditimbalan sangkan nyamber titik tujuan.
33 Lamun gelap ngabeledag, ciciren topan
rek datang, dalah sasatoan oge nyaho yen
eta teh tandaning topan rek ngamuk.
37 1 Ari aya topan teh sim kuring mah
nepi ka sok ratug angen.
2 Sorana ngagelebug asal tina baham Allah.
Darangukeun! Eta teh gentra Mantenna.
3 Jorelat kilat meulah langit, ti tungtung
jagat ka tungtung jagat.

4 Beledag sorana, gelap ngampar handaruan,
eta teh gentraning Allah, bareng jeung kilat
patingburinyay.
5 Kalawan timbalan Allah, seug aya nu matak
helok, anu aheng henteu kahontal ku akal.
6 Kalawan timbalana-Na, salju murubut kana
taneuh, hujan gede abreg-abregan.
7 Pagawean manusa kabeh katunda, ku Allah
dipegat, sabab Mantenna rek mintonkeun
damel-Na anu rongkah.
8 Margasatwa marubus kana liang atawa
guhana.
9 Ti kidul datang angin topan, ti kaler datang
hawa anu kacida matak tirisna.
10 Cai karimpel katiup ku hawa napasing
Allah, tuluy padet ngajadi es.
11 Kerelep kilat ngaburinyay ti jero mega,
12 tingjorelat, jalanna nurutkeun timbalan
Allah, tunduk kana parentah-Na, sarapat-
serepet ka sakuliah jagat.
13 Allah nurunkeun hujan ka bumi, bisa
matak bahla, keur hukuman ka manusa, bisa
jadi rahmat, keur nandakeun kurnia-Na.
14 Lenyepkeun, bandungan, Pa Ayub!
Manahan eta padamelan Allah nu araheng
tea.
15 Kumaha Bapa uninga petaning Allah
midamel jeung nimbalan kilat sina
ngaburinyay ti jero mega?

16 Kumaha Bapa uninga kaajaiban
anu dipidamel ku Allah, sangkan mega
patingkalayang di awang-awang?
17 Moal, moal uninga. Ukur bisa ngarasa
panasna ngaheab, ana eta mega ngareueukan
bumi lantaran katebak angin ti kidul.
18 Sanggup Bapa mantuan Allah
mentangkeun langit, nepi ka kuatna lir
logam beunang ngecor?
19 Cik sim kuring papatahan, kumaha pokna
ari nyanggem ka Allah! Da pikiran urang teh
kosong molongpong, moal bisa gunem catur
jeung Mantenna.
20 Paliyas sim kuring mah nyuhunkeun widi
cumarita ka Mantenna, kuriak salah tuluy
katulah.
21 Ayeuna cahaya langit keur bengras, kacida
matak serabna kana panon langit lenglang
beresih, mega disapu ku bayu.
22 Breh ebreh di beulah kaler cahaya burahay
lir emas. Saestuna kamulyaan Allah teh
matak ajrih.
23 Sakitu rosana kawasaning Allah, ku urang
hamo kasungsi. Ka manusa sipat wijaksana
tur adil.
24 Pantes saban jalma mikagimir ka
Mantenna. Ka nu boga angkeuh pinter
Mantenna teu pisan nganggap."

38 1 Ti dinya PANGERAN ngadawuh ka
Ayub ti jero angin ribut, dawuhana-Na:

2 "Saha maneh, campelak kana hikmat Kami,
make ucap-ucap anu nya bodo nya kosong?
3 Maneh geura cengkat, masing cangker
sakumaha layakna lalaki. Sing sadia
pijawabeun, Kami seja barang tanya:
4 Geus aya maneh basa Kami ngadegkeun
jagat? Lamun enya nyaho, sebutkeun.
5 Saha anu nangtukeun legana? Saha anu
narik tali ukuranana? Eta kabeh, nyaho
maneh pijawabeunana?
6 Kana naon nyeblokna tihang-tihang anu
nanggeuy bumi? Saha nu masangkeun batu
juru alam dunya?
7 Poe eta wanci subuhna bentang-bentang
ragem ngarawih jeung mahluk-mahluk surga
sarurak bungah.
8 Saha nu ngabendung lawang-lawang
sagara basa eta ngagurudag gumelar ti jero
kandungan bumi?
9 Nya Kami. Seug sagara ku Kami disimbutan
ku angkeub mendung, dibedong ku mega nu
reueuk hideung.
10 Tuluy dibere ciri wawatesanana,
dikeureut keur geusan kandeg, lebah tulak
lawang-lawang,
11 bari ditimbalan, Geus, semet dieu, ulah
terus! Lebah dieu angkara ombak maneh
kudu eureun.
12 He Ayub, kungsi maneh dina salila hirup
nitah ka poe sina geura subuh?

13 Enggeus maneh nitah ka sang pajar, nitah
nyekel tungtung bumi, sina ngirabkeun umat
doraka anu nyamuni di nu baruni?
14 Ari enggeus bray beurang, gunung-
gunung jeung jungkrangna narembongan,
tingkarendu jiga lawon ngagunduk kawas anu
dicapkeun dina taneuh liket.
15 Cahya beurang keur umat nu jahat mah,
pohara matak serabna, geusan nyegah
maranehna tina papaksa.
16 Kungsi maneh nincak kana sirah laut,
atawa ngajajah dasar sagara?
17 Kungsi ka maneh aya nu ngebrehkeun
lawang-lawang, anu brasna ka alam kubur?
18 Boga maneh pangabisa geusan ngukur
legana jagat? Jawab, lamun enya nyaho!
19 Nyaho maneh, ti mana asalna caang?
Naon ari nu jadi sumbering poek?
20 Bisa maneh nuduhkeun ka dinya kudu
nepi ka mana majuna, atawa nitah sina
baralik deui ka urut inditna?
21 Tangtuna moal teu nyaho da geus sakitu
kolotna. Maneh teh lain dijurukeun samemeh
alam dunya digelarkeun?
22 Kungsi maneh ngalanglangan gudang
salju jeung hujan es?
23 Eta ku Kami dihaja disimpen, geusan
dikaluarkeun dina usum werit, dina usum
perang jeung usum jurit.

24 Kungsi maneh ngadongdon tempat bijilna
sang surya, atawa ka pangancikan gelebugna
angin ti wetan?
25 Saha nu nyieun wahangan keur nadah
cihujan? Saha nu naratas pijalaneun kilat
jeung guludug?
26 Saha nu nurunkeun hujan ka tempat
suwung taya jalmaan?
27 Saha nu nginuman tanah anu nya keri nya
garing, nepi ka jujukutan jararadi?
28 Ari hujan atawa ibun bogaeun bapa?
29 Saha indungna ari es jeung cai kimpel,
30 anu ngalantarankeun cai teuas kawas
batu, beungeut sagara jeger kimpel ngajadi
es?
31 Bisa maneh meungkeut Bentang Tujuh
jadi saranggeuy, atawa ngudaran panyimpay
Bentang Orion?
32 Bisa maneh ngabijilkeun bentang-
bentang, luyu jeung usum-usumna, atawa
ngangon bentang Biruang nu gede jeung nu
leutikna?
33 Nyaho maneh aturan tataning langit?
Bisa maneh nerapkeun pangaruhna mega ka
bumi?
34 Bisa maneh ngageroan mega sarta
marentah ka dinya, sangkan nurunkeun hujan
geusan nyiram awak maneh?
35 Bisa maneh nitah ka kilat sangkan
ngerelep, nepi ka kilat teh nyampoyong
barina ngomong, Ngiringan sakersa Juragan?

36 Saha anu ngabejaan manuk waliwis nepi
ka nyahoeun yen Walungan Nil baris banjir?
Saha anu ngabejaan cangehgar nepi ka
nyahoeun yen bakal hujan?
37 Ti antara nu pangpinterna, saha nu bisa
milang mega mendung, sarta nyolokan sina
bocor ngucurkeun hujan,
38 sangkan taneuh nu geus ngabata ngajadi
ledok?
39 Sanggup maneh mangmorokeun
mamangsan keur singa, jeung pikeun
anak-anakna nu kalaparan,
40 ana keur kapaksa kudu nararumpi dina
dungusna, atawa kudu dararepa dina guhana?
41 Saha nu maraban gagak lapar
kumalayang, sarta anak-anakna rarecet
patingarenggak ka Kami marenta parab?
39 1 Nyaho maneh kana waktuna embe
cadas anakan? Enggeus maneh
nyaksian uncal jarah ngajuru?
2 Bisa maneh ngitung bulanna nepi ka jejeg
waktuna anakan?
3 Nyaho maneh keur ngaheujeunna, nepi ka
borosot anakna bijil ka alam dunya?
4 Anakna ngagaledean di pileuweungan,
geus galede marisahkeun maneh ninggalkeun
indungna.
5 Ku saha diaburna kalde jarah? Ku saha
diumbarna sina ngencar bebas lepas?

6 Minangka kandangna ku Kami disadiaan
gurun keusik, sina ngumbar maneh di daerah
nu pangset taneuhna.
7 Hirupna jauh ti kota-kota, ti nu garandeng,
moal aya nu bisa ngadalian bari seug
digawekeun.
8 Nyatuanana di sampalan pagunungan,
sakarep-karep milihan dangdaunan nu
harejo.
9 Daekeun banteng mun ku maneh
digawekeun, atawa ari ti peuting
dikandangan?
10 Bisa ku maneh dikaluhan sina narik
wuluku, atawa sina ngagusur garu di sawah?
11 Bisa maneh make tanaga rongkahna sina
nalangan ngagawekeun anu bareurat?
12 Dina usum panen, na bisa ku maneh sina
ngakutan pare, atawa sina ngumpulkeun
gabah ti pangirikan?
13 Manuk onta kikiplikna mah gancang naker,
tapi euweuh manuk onta anu cara bango bisa
hiber.
14 Ana ngendog, endogna diantep ngagaloler
dina taneuh, sina kahaneutan ku ngelekebna
hawa tina taneuh.
15 Teu boga pisan kamelang bisi endogna
katincak, atawa kaidek ku sasatoan,
16 kawas lain ka endogna bae, mangsa bodo
masing usahana percumah oge.
17 Dihaja ku Kami sina sakitu bodona, teu
dibere temah wadi.

18 Tapi ana enggeus lumpat, kuda balap
katut jokina ge ku eta diseungseurikeun.
19 Naha beunang maneh, Ayub, nu matak
kuda sakitu gagahna? Naha maneh anu
ngararangkenan beuheungna ku susuri mani
ngerab?
20 Na ku maneh pangna eta bisa ngajleng
kawas simeut, jeung ana sesegor matak
sawan?
21 Cokorna mani kekeduk nyakaran taneuh,
bisa nyemprung muru medan perang,
daweung teuneung ulat gagah.
22 Sepi karisi euweuh kasieun, cadu mundur,
teu rempan ku congo pedang.
23 Pakarang pahlawan nu tarumpakna
tinggalenjreng disarada, tinggurilap katojo
sang surya.
24 Mun ngadenge teretetna sora tarompet,
bangun geus teu betah cicing, awakna
ngagidir bangun nguntup hayang geura
prung.
25 Saban teretet tarompet, seug bebenger,
samemeh der perang campuh, hawana
geus kaambeueun. Ceulina rancung,
resepeun ngadenge sosoakna para panglima
paparentah.
26 Ari manuk heulang, na ku maneh
diwarahna hiber, sina meberkeun jangjangna
ana eukeur nyuruwuk ka kidul?

27 Kitu deui rajawali, na kudu ngadenge
parentah maneh heula, sangkan nyayangna
di gunung anu laluhur?
28 Kapan nyayangna teh dina sela-sela cadas
pangluhurna, lebah penglutna anu lancip tur
netek.
29 Ti lebah dinya matana gular-giler,
ngawas-ngawas neangan mamangsan geusan
hakaneun.
30 Ana manggih bangke rob dironom,
anak-anakna nyarerotan getih.
40 1 (40:1-2) Ayub, maneh nangtang ka
Allah Nu Maha Kawasa. Bisa maneh
ngajawab pananya-pananya Kami, atawa rek
taluk?"
2 (40:1)
3 (40:3-4) Ayub: "Rumaos, nun Gusti,
omongan abdi sapertos omongan jelema
burung. Kumaha abdi nya kedah ngawangsul?
Abdi moal nyanggem nanaon deui,
4 (40:3)
5 parantos seueur teuing abdi nyanggem
teh."
6 PANGERAN ngadawuh deui, ti jero angin
ribut.
7 PANGERAN: "Geura cengkat masing
cangker, sakumaha layakna lalaki. Jawab
pertanyaan Kami.
8 Maneh teh rek ngabuktikeun yen Kami
teu adil? Rek nyalahkeun Kami, terus
ngabenerkeun diri sorangan?

9 Maneh teh naha sarua rongkah kawas
Kami? Bisa sora maneh ngageleger kawas
sora Kami?
10 Lamun bisa hempek atuh, Kami hayang
neuleu daweungna, hayang nenjo dangongna,
siga kumaha gandangna, siga kumaha
agungna.
11 Pek ka ditu tatandang hareupeun nu
galede hulu, coba hinakeun ku maneh,
budalkeun amarah ka darinya.
12 Coba perong sina ngeluk tingpurungkut,
terus leyek tah nu jarahat teh,
13 nepi ka marubuy kana taneuh, nyalalusruk
ka enggon anu paraeh.
14 Lamun sanggup, pasti ku Kami dipuji,
meureun Kami ngaku yen maneh teh pinunjul.
15 Coba awas-awas kuda Nil, boh eta boh
maneh, nya Kami anu nyieunna. Ari nyatuna
mah jukut, teu beda ti sapi.
16 Tapi awakna bedasna kabina-bina,
urat-uratna laliat.
17 Ana buntutna centang, mani nanjeur jeg
kai kiputri, urat pingpingna pating berehil.
18 Balung-balungna tarareuas jeg tambaga,
babajegna jeg ruji-ruji beusi.
19 Di antara mahluk-mahluk Kami, ngan eta
anu pohara matak helokna. Elehna ngan ku
Anu nyiptakeunana.
20 Jukut piparabeunana, sasat disodoran
ti gunung-gunung, tempat pangulinan sato
galak.

21 Gupakna handapeun tatangkalan anu
carucukan, sok nyelegon dina dapuran kaso
di sisi rawa,
22 diiuh-iuh ku tatangkalan nu carucukan
jeung tangkal bidara, anu rajeg sisi walungan.
23 Najan walungan ngocorna tarik teu
inggiseun. Cai neumbagan bangusna ge,
anteng-anteng bae.
24 Saha nu bisa nyolok matana nepi ka
lolong sangkan eta bisa kagusur? Saha nu
bisa ngabarengkos bangusna?
41 1 Bisa maneh newak Lewiatan, ditohok
atawa dieurad letahna tuluy dibedol?
2 Bisa maneh ngerong cungurna ku dadung
atawa ngait cacapekna ku ruruhit,
3 nepi ka eta lumengis menta dileupaskeun
deui, atawa ampun-ampunan menta karunya,
4 atawa ngikrarkeun akad sumpah yen seja
kumawula ka maneh saumur-umur?
5 Bisa eta teh ku maneh dicocoo kawas
manuk ingu, atawa dijieun tongtoneun
lanjang-lanjang maneh?
6 Na eta teh bisa ditatawarkeun ka
palika, atawa dijual ka tukang lauk
sakeleng-sakeleng?
7 Na teurak kulitna ditusuk ku trisula atawa
ditojos huluna ku tohok?
8 Pek pangangguran toel, sakali ge maneh
kapok, bangbaungeun saumur hirup, mo
poho-poho basa keur tarungna!

9 Kakara ku nenjona ge geus ngalumpuruk,
kabur manten pangacian.
10 Ana eta geus culanggeuk, dangongna
pikagimireun, bororaah aya nu wani
deukeut-deukeut.
11 Di sajagat hamo aya nu sanggup tarung
jeung eta, bari salamet teu paeh.
12 Urang tataan ku Kami wincikan
anggahotana, sakumaha gagahna, sakumaha
rongkah tanagana.
13 Kulit luarna pamohalan bisa kasebit,
pakarang pamohalan aya nu bisa
nyempalkeun.
14 Saha nu sanggup nyalawakkeun sungutna,
anu ranggeteng ku huntu, sareukeut matak
palaur?
15 Tonggongna jeg dilakop ku rebuan batok,
teuas alah batan batu, mani kekep parerekep,
16 pateteep raraket padedempet, nepikeun
ka hawa ge mo bisa seseleket.
17 Awahing ku kekep jeung rekep, pamohalan
aya kulitna nu bisa kabeset.
18 Beresinna mani ngaburinyay, matana
moncorong lir surya kakara medal.
19 Bangusna nyebrot hurung, cahayana
racleng patingburinyay.
20 Irungna gegebosan ngabijilkeun saab,
ngelun siga haseup pangdurukan jukut dina
pariuk.
21 Ambekanana ge mani kingkilaban,
sungutna mura-murakeun seuneu.

22 Pundukna istuning tangguh, tanggoh lain
meumeueusan, anu paamprok tangtu kasima.
23 Kulitna euweuh pisan uduh-uduhna,
tarareuas ngabaketrak kawas beusi.
24 Hatena teuas jeg batu, tara kaeunteupan
sieun, teuas padet kawas batu panggilingan.
25 Ana jung ngajurungkunung, jalma anu
panggagahna ge kasima, hareugeueun,
leungit tanagana.
26 Pedang nambag, tumbak nyoledat,
jamparing teu mahi, tohok moyodok, sagala
pakarang taya nu teurak.
27 Beusi dianggap jarami, tambaga dianggap
pangpung bobo.
28 Cadu lumpat ku dipanah, katimbul batu
asa katinggang kalakay.
29 Gada dianggap panggere, dilempag kalah
ka genaheun.
30 Sisitna rareges, reregean jiga pepecahan
beling, ana ngorondang, leutak ambacak
kacakar.
31 Laut dikubek digibeg-gibeg, mani ngagolak
lir keur ditaheur, tingburial tingberekbek jeg
minyak ngagolak dina kancah.
32 Alur urutna boborelakan, laut ngabudah
mani bodas saluluar.
33 Eta mahluk istuning euweuh kasieun, di
sajagat sepi tanding tuna lawan.
34 Sato anu panggagahna ge ku eta mah teu
dianggap, kawantu Lewiatan mah rajaning
sato galak."

42 [1] Ayub ngawangsul ka PANGERAN,
[2] "Yaktos, Gusti teh kawasa sagala
rupi, sakersa-kersa ngajadi.
[3] Leres satimbalan Gusti, abdi teh bodo
katotoloyoh, kumawantun nguji kapinteran
Gusti, ngomongkeun perkawis anu ku abdi
henteu kaharti, anu kaahenganana henteu
tiasa kajudi.
[4] Abdi ditimbalan ngaregepkeun ari Gusti
keur ngalahir, kangge ngawangsul pamariksa
Gusti.
[5] Kapungkur terang ka Gusti teh mung tina
carios batur nanging ayeuna mah terang ku
ningal sorangan.
[6] Ana emut kana ucapan sorangan, estu
kalintang isinna, seja nyanggakeun pertobat,
seja nyuksruk kana lebu."
[7] Sanggeus ngadawuh ka Ayub, PANGERAN
lajeng ngadawuh ka Elipas, dawuhana-Na,
"Kami keuheul liwat saking ka maneh jeung
ka sobat maneh nu duaan, lantaran maneh
teu bener medar sipat Kami, henteu cara
Ayub abdi Kami.
[8] Ku sabab eta, kudu nyokot sapi jalu
tujuh jeung domba jalu tujuh, kurbankeun
di dieu pikeun nebus kasalahan maraneh.
Menta dipangnedakeun ku Ayub, sabab ngan
paneda manehna anu arek didenge, sangkan
maraneh ku Kami ulah nepi ka dibales
satimpal jeung ucapan-ucapan anu sakitu

barurungna, teu bener ngomongkeun perkara
Kami, teu kawas Ayub."
9 Seug eta dawuhan teh ku Elipas,
Bildad jeung Sopar ditedunan. Ku Ayub
dipangnedakeun, sarta ku PANGERAN dikabul.
10 Ti dinya, sanggeus mangnedakeun tilu
sobatna tea, Ayub ku PANGERAN dipulihkeun,
tur dikersakeun mukti deui, malah nepi ka
dua tikeleun ti tadina.
11 Saderek-saderekna istri pameget, kitu
deui sobat-sobat heubeulna ngaralayad
bari nungkulan hajatna Ayub. Kabeh
narembongkeun bela sungkawana tina
hal sagala sangsara anu ditibankeun ku
PANGERAN ka anjeunna, sarta anjeunna pada
ngalilipur. Maranehna nyararumbang ka Ayub,
masing-masing ku duit sawatara jumlah
jeung ali emas hiji.
12 Ka tungtungnakeun hirup Ayub ku
PANGERAN dihujanan ku berkah leuwih ti asal
tadina. Pipiaraanana jumlahna teh: Domba
14.000, onta 6.000, kalde 1.000, sapi 2.000.
13 Sarta kagungan deui putra, tujuh pameget
tilu istri.
14 Putra istri nu kahiji jenenganana Jamimah,
nu kadua Kasiah, nu katilu Keren Hapuk.
15 Eta putra-putra istri, tiluanana geulisna
kawanti-wanti, sadunya taya nu nanding.
Tiluanana ku ramana dipaparin warisan cara
saderek-saderekna nu pameget.

16 Ti semet harita Ayub masih keneh
jumeneng 140 taun deui, iasa nyaksian
putu-putu jeung buyut.
17 Pupus-pupus sanggeus lambat-lambut nya
yuswa.

KITAB SUCI

Nya eta
Kitab Perjangjian Lawas sareng Perjangjian Anyar
Nganggo Basa Sunda Sadidinten

LEMBAGA ALKITAB INDONESIA
JAKARTA 1991

Alkitab Bahasa Sunda
The Bible in Today's Sundanese Version

ISBN 979-463-352-6
IBS 10;SUND;TSV-062P;16M-1991

© LAI

Lembaga Alkitab Indonesia
Jl. Salemba Raya 12, Telp. (021)-332890
Jakarta 10430

Cetakan pertama 1991

Dicetak oleh
Percetakan Lembaga Alkitab Indonesia